

# *КЪЭБАРЫШIУР* МАТТЭ КЪЫЗЭРИIОТАГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### Исус лъэпкъэу къызхэкIыгъэр

(Лука 3:23–38)

Мыр Исус Христосэу Даутэ ыкъор* ыкIи Ибрахьимэ
ыкъор* лъэпкъэу къызхэкIыгъэм итхылъ.
2 Ибрахьимэ Исхьакъ къыфэхъугъ;
Исхьакъ Якъубэ къыфэхъугъ; ащ Иудэрэ
ышхэмрэ къыфэхъугъэх;
3 Иудэ Фаресрэ Зарэрэ* къыфэхъугъэх; и тIумэ янэ

1:1 къэбарышIур – Исус Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур ары. Тхьэм пегъымбархэм агущыIэкIэ цIыфхэр къызэригъэгугъэгъэ Iофхэр Исус Христос Iофэу ышIагъэмкIэ ыгъэшъыпкъэжьхэзэ ыгъэхъугъэх, арэущтэуи цIыфхэр мыкIодхэу къызэригъэнэжьынхэ гъогу афишIыгъ.

1:1 Даутэ ыкъор ыкIи Ибрахьимэ ыкъо – ахэмэ алъэпкъ къытехъукIыгъэ лIыр ары.

1:3 Фаресрэ Зарэрэ – Иудэ ыкъоу зэтIуазэхэр ары. Еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 38:27–30.

Фамар ыцІагъ; Фарес Есром къыфэхъугъ; ащ
Арам къыфэхъугъ;
4 ащ Аминадав къыфэхъугъ; ащ Наасон къыфэхъугъ;
ащ Салмон къыфэхъугъ;
5 ащ Вооз къыфэхъугъ; Вооз янэ Рахав ыцІагъ;
Вооз Овид къыфэхъугъ; Овид янэ Руф ыцІагъ;
Овид Иессе къыфэхъугъ;
6 ащ пачъыхьэ Даутэ къыфэхъугъ.

Пачъыхьэу Даутэ Сэлмэн къыфэхъугъ; Сэлмэн янэ, Урие зыцІэм ишъузэу* щытыгъагъ.

7 Сэлмэн Ровоам къыфэхъугъ; ащ Авие къыфэхъугъ;
ащ Асэ къыфэхъугъ;
8 ащ Иосафат къыфэхъугъ; ащ Иорам къыфэхъугъ;
ащ Озие къыфэхъугъ;
9 ащ Иоафам къыфэхъугъ; ащ Ахаз къыфэхъугъ; ащ
Езекие къыфэхъугъ;
10 ащ Манассие къыфэхъугъ; ащ Амон къыфэхъугъ;
ащ Иосие къыфэхъугъ;
11 ащ Иоаким къыфэхъугъ. Израил цІыфхэр Вавилон
къэлэшхом лІыгъэкІэ защэхэ лъэхъанэм* ыдэжь
Иоаким Иехониерэ ышхэмрэ къыфэхъугъэх.
12 Израил цІыфхэр Вавилоным защэхэ ужым,*
Иехонием Салафиил къыфэхъугъ; ащ Зоровавел
къыфэхъугъ;
13 ащ Авиуд къыфэхъугъ; ащ Елиаким къыфэхъугъ;
ащ Азор къыфэхъугъ;
14 ащ Садок къыфэхъугъ; ащ Ахим къыфэхъугъ; ащ
Елиуд къыфэхъугъ;
15 ащ Елеазар къыфэхъугъ; ащ Матфан къыфэхъугъ;
ащ Якъубэ къыфэхъугъ;
16 ащ Юсыф къыфэхъугъ. Ар ХристоскІэ заджэхэрэ
Исус къызфэхъугъэ Мерэм илІэу щытыгъ.

---

1:6 Урие зыцІэм ишъуз – Вирсавид (Батшэбэ) ары. Еплъ Пегъымбар Самуел икъэбархэр зэрыт ятІонэрэ тхылъым (2 Царств) 12:24.

1:11 Вавилон къэлэшхом лІыгъэкІэ защэхэ лъэхъанэм – Исус къэхъуным ыпэкІэ 598-рэ илъэсым пачъыхьэ Невукаднессэр идзэлІхэм Джурт цІыфхэр лІыгъэкІэ Вавилоным аригъэщагъэх.

1:12 Израил цІыфхэр Вавилоным защэхэ ужым – Исус къэхъуным ыпэкІэ 538-рэ илъэсым Персие хэгъэгум и Кайсарэу Кир зыцІэм джуртхэм яхэгъэгу къагъэзэжьынэу фит ышІыжьыгъэх.

[17] Арэущтэу Ибрахьимэрэ пачъыхьэ Даутэрэ азыфару лIы
уж* пшIыкIуплI дэлъыгъ; пачъыхьэ Даутэрэ Израил цIыф-
хэр Вавилоным защэхэ лъэхъанэмрэ азыфару лIыуж пшIы-
кIупчI дэлъыгъ, Израил цIыфхэр Вавилон защэхэ лъэхъа-
нэмрэ Христос* къызыхъугъэ лъэхъанэмрэ азыфагу лIыуж
пшIыкIуплIи дэлъыгъ.

## Исус къызэрэхъугъэр

(Лука 2:1–7)

[18] Исус Христос икъэхъукIэ зэрэхъугъэр мары: Юсыф
Исус янэу Мерэм къыщэнэу ыгъэнэфэгъагъ*, ау зэрэ-
щэнхэм ыпэкIэ, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ илъэкIыныгъэкIэ
Мерэм сабый къызэрэфэхъущтыр нафэу къэхъугъ. [19] Юсы-
фэу Мерэм илI шъыпкъагъэ зиIэ лIэу щытыгъэти, цIыф-
мэ апашъхьэ Мерэм ынапэ щытырихынэу фэмыеу, шъэ-
фэу ытIупщыжьынэу тыриубытагъ.
[19] Ау Юсыф а Iофым егупшысэзэ, Зиусхьаным* имэлэIич-
пкIыхьапIэкIэ къыфэкIуагъ.
–Даутэ ыкъо* Юсыф!– къыIуагъ ащ. –Мерэмыр шъузэу
къэпщэнэу умыщын, сыда пIомэ ащ сабыеу къыфэхъу-
щтыр къызхэкIырэр Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ары. [21] Мерэм
къо къыфэхъущт, о ащ цIэу фэуусыщтри Исус*, сыда
пIомэ ащ ылъэпкъ ипсэкIодхэм ялъэкIыныгъэ къыIэкIи-
хыжьынышъ, мыкIодхэу къыгъэнэжьыщтых.
[22] А зэпстэури зыфэхъугъэр Зиусхьаным мы гущыIэ-

---

1:17 лIыуж – тымрэ ыкъомрэ азыфагу дэлъ уахътэр ары.

1:17 Христос – Мессихьыр ары. Пачъыхьэ Даутэ ылъэпкъ къытехъу-кIыгъэу, пегъымбархэм къызэраIуагъэм тетэу, Израил цIыфхэм шъхьафитныгъэрэ мамыр тетыгъомрэ аригъэгъотынхэу Тхьэм ахэр къызэригъэгугъэгъэ пщы лъапIэр ары.

1:18 Юсыф къыщэнэу ыгъэнэфэгъагъ – джурт хабзэм тетэу лIы горэм ыгъэнэфэгъэ пшъашъэр къыщэнэу фэмыемэ, къэзыщагъэ лIым ишъуз зэритIупщыжьырэ хабзэм тетэу ытIупщыжьын фае.

1:20 Зиусхьан – Тхьэмэтэшхор ары.

1:20 Даутэ ыкъо – Даутэ ылъэпкъ къытехъукIыгъэ лIыр ары.

1:21 Исус – а цIэм къыкIырэр «цIыфхэр мыкIодхэу Къэзыгъэнэжьырэр» ары.

хэу* пегъымбарым ыгу къырилъхьэхи къыригъэIуагъэхэр
къэшъыпкъэжьынхэр ары:
[23] –Мары, пшъашъэр лъэрмыхьэ хъунышъ, къо къыфэ-
хъущт. Ащ цIэу фаусыщтыр Еммануил. Ащ къи-
кIырэр: Тхьэр тигъусэ.
[24] Юсыф къызэущыжьым, Зиусхьаным имэлэIич къы-
зэрэриIуагъэм тетэу зекIуагъэ, Мерэми шъузэу ыщагъ.
[25] Ау ар ишъуз фэхъуным ыпэкIэ Мерэм апэрэ къор
къыфэхъугъ. Юсыф ащ цIэу фиусыгъэри Исус.

# ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

## Тхьэгурымагъохэр тыгъэ къыкъокIыпIэмкIэ къызэрикIыгъэхэр

Ирод пачъыхьэ* имафэхэм Иудей хэкум* щыщ Вифле-
ем къалэм* Исус къызэхъу ужым, тхьэгурымагъохэр*
тыгъэ къыкъокIыпIэмкIэ къикIыхи, къалэу Ерусалим
къэкIуагъэх.
[2] –Тыдэ щыIа джуртхэм япачъыхьэу къэхъугъэр?– къа-
Iуагъ. –Сыда пIомэ ащ ижъуагъо тыгъэ къыкъокIы-
пIэмкIэ тэ щытлъэгъугъэти, ар дгъэлъэпIэнэу тыкъэкIуагъ.
[3] Ирод пачъыхьэм ар зызэхехым къэгумэкIыгъ, Еруса-
лим зэкIэ дэс цIыфхэри ащ дэгумэкIыгъэх. [4] Арыти, Ирод

---

1:22–23 Зиусхьаным мы гущыIэхэу . . . – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 7:14.

2:1 Ирод пачъыхьэр – Ирод Иныр ары. Исус къэхъуным ыпэкIэ я 37–4 илъэсхэм къакIоцI Израил хэгъэгум зэкIэ ипачъыхьэу щытыгъ.

2:1 Иудей хэкур – Израил хэгъэгум ихэкухэм ащыщыгъ.

2:1 Вифлеем – Бэтлэхьэм ары. Ерусалим километрийкIэ пэчыжьэу, икъыблэ лъэныкъомкIэ ит.

2:1 тхьэгурымагъохэр – пкIыхьапIэхэм къарыкIхэрэмрэ жъуагъохэм яIофрэ апылъхэзэ, пачъыхьэ горэм е пщы горэм фэлажьэхэзэ, акъылэгъу фэхъугъэхэр ары.

цIыфхэм зэкIэ ядин пэщэшхохэри*, я Тэурат егъэджэкIо
пащэ* пстэури ыугъоихи яупчIыгъ:

–Тыда Христос* къызщыхъун фаер?

5 –Иудей хэкум щыщ Вифлеем ары,– къыраIуагъ ахэмэ,
–сыда пIомэ пегъымбарым мырэущтэу къытхыгъ:*

6 «О, Иудей хэкум щыщ Вифлеем. Иудэ лъэпкъым
ипащэхэм анахьи зыкIи уанахь цIыкIоп; сыда пIомэ
зы пащэ о къыпхэкIыщт.

А пащэм мэлахъом мэлхэр зэрищэхэрэм фэдэу,
слъэпкъ Израил ыщэщт».

7 Арэущтэу къызыраIом, Ирод тхьэгурымагъохэм шъэфэу
къяджи, жъуагъор къызыкъокIыгъэ охътэ дэдэр зэри-
гъэшIагъэ. 8 Ахэр Вифлеем ыгъакIохэзэ ариIуагъ:

–ШъукIохи, сабыим икъэбар дэгъоу къызэжъугъашI.
Ар къызыжъугъоткIэ, макъэ къысэжъугъэIу, сэри ар
згъэлъэпIэнэу сыкIощт.

9 Тхьэгурымагъохэр пачъыхьэм къариIуагъэм едэIухи
ежьагъэх. Тыгъэ къокIыпIэмкIэ щалъэгъугъэ жъу-
агъори ахэмэ апэ итэу кIозэ, сабыир зыдэщыIэ чIыпIэм
зынэсым, къышъхьэщыуцуагъ. 10 Жъуагъор залъэгъум,
лъэш дэдэу гушIуагъэх. 11 Унэм зехьэхэм, сабыири ащ
янэу Мерэми исхэу алъэгъугъэх. Залъэгъухэм, сабыим
ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ зыщырадзыхи, агъэлъэ-
пIагъ. Япхъуантэхэр зэтырахыхи, тынхэу дышъи, ла-
дэни*, смирни* сабыим ратыгъэх. 12 Ирод дэжь амы-
гъэзэжьынэу пкIыхьапIэкIэ Тхьэм къагуригъэIуагъэти,
нэмыкIрэ гъогукIэ яхэгъэгу кIожьыгъэх.

---

2:4 дин пэщэшхохэр – дин пэщэшхор, дин пэщэшхоу щытыгъэхэр, дин пэщэшхохэм яунагъохэм ащыщхэр ары.

2:4 Тэурат егъэджэкIо пащэхэр – Тэурат хабзэм итхэмрэ джуртхэм адрэ тхылъ лъапIэхэу яIэхэм арытхэмрэ цIыфхэм агурызыгъаIоу щытыгъэ пащэхэр ары.

2:4 Христос – еплъ 1:17.

2:5–6 пегъымбарым къытхыгъ – еплъ Пегъымбар Михэ тхылъэу ытхыгъэм 5:2; Пегъымбар Самуел икъэбархэр зэрыт ятIонэрэ тхылъым (2 Царств) 5:2.

2:11 ладан – мэ IэшIу зыпыурэ Iугъо лъапI.

2:11 смирнэ – мэ IэшIу зыпихырэ уц гор.

## Юсыфрэ Мерэмрэ сабыир ягъусэу Мысырым зэрэкIатхъужьыгъэр

[13] Тхьэгурымагъохэр зекIыжьхэм, Зиусхьаным имэлэIич
пкIыхьапIэкIэ Юсыф къыфэкIуагъ.

–Къэтэджи,– къыIуагъ, –сабыимрэ ащ янэрэ зыдащэхи, Мысырым кIэтхъужь. Макъи къыосэгъэIуфэ, ащ щыI, сыда пIомэ Ирод сабыир ыукIынэу лъы-хъущт.

[14] Арэущтэу Юсыф тэджи, сабыимрэ ащ янэрэ чэщым
зыдищэхи, Мысырым кIуагъэ. [15] Ирод олIэфэкIэ ар ащ
дэжьым щыпсэугъ. Арэущтэу зыфэхъугъэр Зиусхьаным мы гущыIэхэу* пегъымбарым къыригъэIуагъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары: «Мысырым къикIыжьынэу Скъо сыкъеджагъ».

## Ирод идзэлIхэм сабыйхэр зэраригъэукIыгъэхэр

[16] Тхьэгурымагъохэм къызэрагъэпцIагъэр Ирод зелъэгъум, лъэшэу къэгубжыгъ. Тхьэгурымагъохэм къырагъэшIэгъэ уахътэм тетэу, Вифлееми ащ зэкIэ иIэгъо –благъоми щыщ къэхъугъэкIэ сабыйхэр илъэситIу зыныбжьым нэс аукIынхэу идзэлIхэр ыгъэкIуагъэх. [17] Джащы-
гъум мы гущыIэхэу пегъымбар Иеремие къыIуагъэхэр*
къэшъыпкъэжьыгъэх:

[18] «Куохьао макъэ Рамэ къуаджэм* къыщыIугъ,
гъымэкъэшхорэ тхьаусыхэ мэкъэшхорэ ахэтэу.
Рахил зигъэсамбырыжьынэу фэмыеу, исабыйхэр
егъэежьых, сыда пIомэ ахэр щыIэжьыхэпышъ
ары».

---

2:15 Зиусхьаным мы гущыIэхэу... – еплъ Пегъымбар Осие тхылъэу ытхыгъэм 11:1.

2:17–18 пегъымбар Иеремие къыIуагъэхэр – еплъ Пегъымбар Иеремие тхылъэу ытхыгъэм 31:15.

2:18 Рамэ къуаджэр – Ерусалим километрийкIэ пэчыжьэу, итемыр лъэныкъомкIэ итыгъ. Темыр зыфаIорэр арапыбзэкIэ «шэмал», тыркубзэкIи «кузей» зэраIорэр ары.

### Юсыфрэ Мерэмрэ сабыир ягъусэу Мысырым къызэрикIыжьыгъэхэр

[19] Ирод зэлIэ ужым, Зиусхьаным имэлэIич пкIыхьапIэ-
кIэ Юсыф Мысырым къыщыфакIуи, [20] къыIуагъ:

–Къэтэджи, сабыимрэ ащ янэрэ зыдащэхи, Израил хэгъэгум кIожь, сыда пIомэ сабыим ыпсэ зыгъэгъунхэу ыуж итыгъэхэр лIагъэхэшъ ары.

[21] Арэущтэу Юсыф тэджи, сабыимрэ ащ янэрэ зыди-
щэхи, Израил хэгъэгум кIожьыгъэ. [22] Ау Ирод ичIыпIэ-
кIэ ащ ыкъо Архелай* Иудей хэкум ипачъыхьэ хъугъэу
Юсыф къэбар зызэхехым, ащ кIонкIэ щынагъэ. ПкIы-
хьапIэкIэ Тхьэм къызыгурегъэIо ужым, Галилей хэкум*
кIуи, [23] НазаретткIэ заджэхэрэ къалэм* дэтIысхьагъ. Арэу-
щтэу зыфэхъугъэр мы гущыIэхэу пегъымбархэм Исус
ехьылIагъэу къаIуагъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары: «Назарет щыщкIэ еджэщтых».

## *ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ*

### УмэхъэкIо Иуан Тхьэм игущыIэхэр зэригъэIущтыгъэхэр

(Марк 1:1–8; Лука 3:1–9, 15–17; Иуан 1:19–28)

А мафэхэм умэхъэкIо* Иуан къэлъагъуи, Иудей хэкум
ишъоф нэкI цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр щаригъэIу-
хэзэ, [2] мырэущтэу къыIощтыгъ:

---

2:22 Архелай – Ирод Иным ыкъохэм ащыщыгъ. Исус къэхъуным ыпэкIэ я 4–рэ илъэсым щегъэжьагъэу Исус къызэхъу нэужым я 6–рэ илъэсым нэсыфэ, хэкухэу Иудей, Самарие, Идумей япщэу щытыгъ.

2:22 Галилей хэкур – Израил хэгъэгум итемыр лъэныкъо ит. Архелай ышэу Ирод Антипэ зыцIэр а хэкум ипщэу щытыгъ.

2:23 НазаретткIэ заджэхэрэ къалэр – Галилей псыхъураем икъыблэ цыпэ километр 26–кIэ пэчыжьэу, итыгъэ къохьапIэ лъэныкъокIэ ит.

3:1 умэхъыныр – «ШъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожьи, зысэжъугъэумэхъ, Тхьэм ахэр къышъуфигъэгъунхэм пае», ыIоти, умэхъэкIо Иуан (Яхья) цIыфхэр псым чIигъаощтыгъэх (ыумэхъыщтыгъэх). Еплъ Марк

–ШъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожь, сыда пIомэ Тхьэу
уашъом щыIэм и Тетыгъошхо* къэблэгъагъэшъ ары.
3 Иуан ары пегъымбар Исайас мырэущтэу зыфиIуагъэр:*

«Шъоф нэкIым зы джэ макъэ горэ къыщэIу:
Зиусхьаным игъогу фэжъугъэпси,
игъогу лъагъохэр зэшъхьэ–зашъоу фэшъушIых».

4 Иуан мэхъшэцым хэшIыкIыгъэу щыгъын щыгъыгъ,
ыбги шъо бгырыпх илъыгъ. Гъомлапхъэу иIагъэр мацIэ-
хэмрэ шъоф шъоумрэ арыгъэ. 5 Джащыгъум Ерусалим
дэс цIыфхэри, Иудей хэкум зэкIэ ис цIыфхэри, Иордан
псыхъом иIэгъо–благъом зэкIэ ис цIыфхэри Иуан ыдэжь
кIощтыгъэх. 6 ПсэкIодэу ашIагъэхэр Тхьэм ыпашъхьэ
ралъхьахэти, Иордан псыхъом Иуан зыщырагъэумэхъы-
щтыгъ.

7 Зырагъэумэхъынэу фарисейхэмрэ* саддукейхэмрэ*
ащыщхэу бэу ыдэжь къакIохэу Иуан зелъэгъум, ахэмэ
ариIуагъ:

–Шъо, блэщылъфхэр*! Тхьэм игубжэу къэкIощтым шъу-
IэкIэкIынэу хэт шъушъхьэ къизылъхьагъэр? 8 Шъуипсэ-

---

1:4. Исус уашъом зыдэкIоежьыгъэм къыщегъэжьагъэу, цIыфхэм диным ехьылIагъэу тетыгъо зиIэ цIыф горэм зырагъэумэхъы – а цIыфым ахэр псым чIегъаох, е псы тIэкIу ашъхьэхэм атыреутхэ. Арэущтэу ИсускIэ шIошъхъуныгъэ яIэ зэрэхъугъэр къагъэлъагъо. Ащ нэмыкIэуи Исус лIи, лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэм пае, япсэкIодхэр къафэгъугъэхэу, мыкIодыжьын щыIэныгъэ яIэ зэрэхъугъэми шыхьат фэхъух.

3:2 Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо – Тхьэм мы дунаеми, мы дунаем ицIыфхэми тетыгъошхоуи лъэкIыныгъэшхоуи афыриIэр ары. Инджылыр Тхьэм и Тетыгъошхо зытегущыIэкIэ, зыфиIорэр загъорэ мы уахътэм Тхьэм тетыгъошхоу иIэр ары, загъори къэкIощт уахътэм тетыгъошхоу иIэщтыр ары, загъори Тхьэм ыдэжь мыкIодыжьын щыIэныгъэ щыуиIэныр ары.

3:3 пегъымбар Исайас зыфиIуагъэр – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 40:3. Пегъымбар Исайас, Исус къэхъуным ыпэкIэ 759–698-рэ илъэсхэм къакIоцI псэугъагъ.

3:7 фарисейхэр – джуртхэм ащыщхэу диным рылажьэрэ цIыф купэу щытыгъэх. Ахэр Тэурат хабзэм итхэмрэ ятэжъхэм къакIэныжьыгъэ хабзэхэмрэ агу етыгъэу апылъыщтыгъэх.

3:7 саддукейхэр – дин пащэхэм ащыщхэу, диным пылъхэу зы тхьамэтэ купэу щытыгъэх. Ахэмэ тхылъ лъапIэхэу алъытагъэхэр Тэурат хабзэм ит тхылъитфыр ары ныIэп.

3:7 блэщылъф – блэм къыхэкIырэ лъфыгъэр ары.

кIодхэм шъуафыкIэгъожьыным фэшъошэ IофышIу-
хэр жъугъэцакIэх. 9 «Ибрахьимэ тэ тятэ ары», шъугукIэ
шъуIонэу шъуфитэу шъумыгугъ, сыда пIомэ сэ шъосэIо,
Тхьэм мы мыжъохэм Ибрахьимэ пае бынхэр къахигъэхъу-
кIын ылъэкIыщт. 10 Ощыр чъыг лъапсэхэм атыраубытэ-
гъах. Арэущтэу сыдрэ чъыгэу шIугъэ къызпымыкIэрэр
раупкIынышъ, машIом падзэщт.

11 –ШъуипсэкIодхэм шъузэрафыкIэгъожьыгъэр къэжъу-
гъэлъэгъонэу сэ псымкIэ шъусэумэхъы, ау саужкIэ къэ-
кIощтым сэщ нахьи нахь лъэкIыныгъэшхо иI. Ащ ицуа-
къэхэр фэсхьынхэуи сифэшъуащэп. Ащ Тхьэм ЫIпсэ Лъа-
пIэрэ машIомрэкIэ шъо шъуиумэхъыщт. 12 Ащ ихьанцэ
ыIэ кIэлъ, ихьамэщи ыукъэбзыжьынышъ, икоци кон-
хэм аритэкъожьыщт, ау уарзэр мыкIосэжьын машIокIэ
ыгъэстыщт.

### Иуан Исус зэриумэхъыгъэр

(Марк 1:9–11; Лука 3:21–22)

13 Джащыгъум Исус Галилей хэкум къикIи, Иордан псы-
хъом къэкIуагъ Иуан зыригъэумэхъынэу. 14 Ау Иуан
ымыдэу, Исус мырэущтэу риIуагъ:

–О сэ сыуумэхъын фае. Сэ о усыумэхъынэу укъысфэ-
кIуа?

15 –Джы арэущтэу орэхъу,– ыIуи, Исус Иуан пэгъокI
ритыжьыгъ, –сыда пIомэ джаущтэу ары шъыпкъэгъэ
пстэури зэрэдгъэцэкIэн фаер.

Исус аущтэу къызыреIом, Иуан къезэгъи ыумэхъыгъ.

16 Исус Иуан зызэрэригъэумэхъэу, псым къыхэкIы-
жьыгъ. Псым къызыхэкIыжьым, уашъор зэIукIи, Тхьэм
ыпсэ ЛъапIэ тхьаркъом фэдэу ежьым къызэрэфехырэр
ылъэгъугъ. 17 ЕтIанэ уашъом зы макъэ къиIукIыгъ:

–Мары сэ шIу слъэгъурэ Скъо кIасэу сыгу зэIурэр.*

3:17 Мары сэ шIу слъэгъурэ Скъо кIасэу сыгу зэIурэр – еплъ Сэбур (Псалтыр) 2:7; Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 22:2; Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 42:1.

# ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

### Шэйтаныр Исус псэкIод ригъэшIэнэу ыуж зэритыгъэр

(Марк 1:12–13; Лука 4:1–13)

Джащыгъум Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ Исус шъоф нэкIым
ыщагъ. Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ Исус ащ дэжьым зыфи-
щагъэр шэйтаныр Исус псэкIод ригъэшIэнэу ыуж иты-
ныр ары. 2 Исус мэфэ тIокIитIурэ чэщ тIокIитIурэкIэ
зенэкIы ужым, къэмэлэкIагъ. 3 Шэйтанэу цIыфхэм псэ-
кIод язгъэшIэнэу ыуж итыр Исус къыбгъодахьи къы-
риIуагъ:

–О Тхьэм ури Къомэ, мы мыжъохэр хьалыгъу хъунхэу унашъо шIы.

4 –Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт,*– къыIожьыгъ
Исус,

–«Хьалыгъу закъор арэп цIыфыр зэрэпсэущтыр,
сыдрэ гущыIэу Тхьэм ыжэ къыдэкIырэр ары нахь».

5 Ащ нэужым шэйтаным Исус къэлэ лъапIэм зыдищи,
Тхьэм иунэшхо нахь лъэгапIэу иIэм тыригъэуцуи, 6 къы-
риIуагъ:

–О Тхьэм ури Къомэ, мыщ дэжьым зыщедзых; сыда пIомэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт:*

«Тхьэм имэлэIичхэм о къыохьылIагъэу унашъо
къафишIыщт,
о плъакъокIи мыжъом уемыутэкIыным пае,
аIэхэмкIэ уаIэтыщт».

7 –Мырэущтэуи Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт, *–ри-
Iожьыгъ Исус, –«Зиусхьанэу уи Тхьэ умыушэты».
8 ЕтIани шэйтаным Исус Iошъхьэ лъэгэ дэдэ горэм
дищаий, дунаем тет пачъыхьагъо пстэури, ахэмэ щытхъу-
шхоу яIэри къыригъэлъэгъуи, 9 къыриIуагъ:

---

4:4 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 8:3

4:6 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Сэбур (Псалтыр) 91:11–12 (урыс библиемкIэ 90:11–12).

4:7 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 6:16.

–ЧIыгум зебдзыхызэ сэ сыбгъэлъапIэмэ, ахэр зэкIэ къы-
остыщтых.
[10] –Сауж икI, шэйтан!– риIожьыгъ Исус. –Сыда пIомэ
Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт:* «Зиусхьанэу уи Тхьэ
бгъэлъапIэзэ, ежьым изакъоу уфэлэжьэн фае».
[11] Исус ар зыреIом, шэйтаныр ащ ыуж икIыжьыгъ,
мэлэIичхэри къыфехыхи, Исус фэIофтабгэхэу аублагъ.

## Исус иIоф Галилей хэкум зэрэщиублагъэр

(Марк 1:14–15; Лука 4:14–15)

[12] Иуан хьапсым чIадзагъэу* Исус къэбар зызэхехым,
Галилей хэкум кIожьыгъэ. [13] Назарет къалэм дэкIыжьи,
хэкухэу Завулонрэ Неффалимрэ* зыщIэхэм ащыщэу псы-
Iушъом Iут Капернаум къалэм кIуи, ащ дэтIысхьагъ.
[14] Исус арэущтэу зыфишIагъэр пегъымбар Исайас мы гу-
щыIэхэу къыIуагъэхэр* къэшъыпкъэжьынхэр ары:

[15] «Завулон хэкур, Неффалим хэкур, псы Iушъом Iут
хэкур, Иордан псыхъом иадрабгъу щыIэ хэкур,
хымэ лъэпкъхэм яхэкоу Галилей!» (Ахэмэ
атегущыIэу пегъымбарым мырэущтэу къыIуагъ:)
[16] «ЦIыфхэу шIункIыгъэм хэтхэм нэфынэшхо
алъэгъугъ;
лIэныгъэм ищынагъо хэку шIункIым ис цIыфхэми
нэфынэ къатридзагъ».

---

4:10 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 6:13.

4:12 Иуан хьапсым чIадзагъэу – Ирод Антипэу Галилей хэкумрэ Перей хэкумрэ япщ иунашъокIэ умэхъэкIо Иуан хьапсым чIадзагъ. Еплъ Маттэ 14:3–4.

4:13 хэкухэу Завулонрэ Неффалимрэ – Завулонрэ Неффалирэ Израил лъэпкъым щыщ лIэкъуитIоу (унэгъо лъэпкъитIоу) щытыгъэх. Ахэмэ яхэкухэр Галилей псыхъураем итыгъэ къохьэпIэ лъэныкъокIи итемыр лъэныкъокIи итыгъэх. Темыр зыфаIорэр арапыбзэкIэ «шэмал», тыркубзэкIи «кузей» зэраIорэр ары.

4:14–16 пегъымбар Исайас мы гущыIэхэу къыIуагъэхэр... – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 9:1–2.

[17] А лъэхъанэм къыщегъэжьагъэу Исус Тхьэм игущы-
Iэхэр цIыфхэм аригъэIухэу къыублагъ:

–ШъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожь, сыда пIомэ Тхьэу
уашъом щыIэм и Тетыгъошхо* къэблэгъагъэшъ ары.

## Исус пцэжъыяшэ нэбгыриплI игъогу рыкIонхэу къызэряджагъэр

(Марк 1:16–20; Лука 5:1–11)

[18] Исус Галилей псыхъураем* иIушъо рекIокIызэ, зэ-
къошитIу ылъэгъугъ. Ахэр Симонэу ПетрэкIэ заджэхэ-
рэмрэ ащ ыш Индрысрэ арыгъэ. Ахэмэ хъытыур псыхъу-
раем хадзэщтыгъэ, сыда пIомэ пцэжъыяшэхэу щытыгъэ-
хэти ары. [19] Исус ахэмэ ариIуагъ:

–Сауж шъукъырыкIу. Пцэжъые къэшъуубытыным пае,
ыуж шъузэритыгъэм фэдэу, цIыфхэр сэ сигъогу къытежъу-
гъэхьанхэм пае ауж шъузэрихьащтыр шъозгъэшIэщт.

[20] Ахэмэ а гущыIэхэр зэрэзэхахэу, яхъытыухэр къа-
бгынэхи, Исус ыуж ихьагъэх.

[21] Исус нахь чыжьэу кIозэ, ахэмэ анэмыкIэу зэкъоши-
тIоу Зеведей ыкъохэу Якъубэрэ Иуанрэ ылъэгъугъэх.
Ахэм ятэ Зеведей ягъусэу, къуашъом исхэу яхъытыухэр
агъэхьазырыщтыгъэх. Исус ахэми яджагъ. [22] Ахэмэ зэ-
ряджэу, къуашъори яти къабгынэхи, Исус ыуж ихьагъэх.

## Исус Галилей хэкум цIыф купышхом Тхьэм игущыIэхэр зэрэщаригъашIэщтыгъэхэр ыкIи зэрэщигъэхъужьыщтыгъэхэр

(Лука 6:17–19)

[23] Исус зэкIэ Галилей хэкур къыкIухьэзэ, синэгогухэм*
цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр щаригъашIэщтыгъэх, Тхьэм

---

4:17 Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо – еплъ 3:2.

4:18 Галилей псыхъураер – Галилей хэкум ит псыхъурай. ИкIыхьагъэ километрэ 21–рэ мэхъу, инахь шъомбгъуапIэр километрэ 13 мэхъу.

4:23 синэгогу – джуртмэ ятхьэлъэIупI ары.

и Тетыгъошхо ехьылIэгъэ къэбарышIури аригъэIущтыгъ,
цIыфхэм ащыщэуи хэтрэ сымаджи гъойщаий ыгъэ-
хъужьыщтыгъ. 24 Арышъ, Исус икъэбар Сирие хэкум*
тыдэкIи щыIугъ. Сымэджэ зэфэшъхьафи уз зэфэ-
шъхьафи зиIэ пстэури Исус къыфащэщтыгъэх; джына-
пцIэ зыхэсхэри, къытефэхэрэри, зыIэпкъ–лъэпкъ узым
зэкIиубытагъэхэри ыгъэхъужьыщтыгъэх. 25 Галилей хэ-
куми, КъэлипшI* зыцIэ хэкуми, Ерусалими, Иудей хэкуми,
Иордан псыхъом иадрабгъуи щыщхэр купышхохэу Исус
ыуж ихьащтыгъэх.

## ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

### Исус Iуашъхьэм тетэу Тхьэм игущыIэхэр зэригъэIугъэхэр

(Маттэ 5–7)

Исус цIыф купышхохэр зелъэгъухэм, Iуашъхьэм дэ-
кIуаий, тIысыгъэ. ЗэтIысым, игъогу рыкIохэрэр ежьым
къыбгъодахьэхи, 2 Исус ахэмэ Тхьэм игущыIэхэр аригъа-
шIэхэу ыублагъ:

### Сыхьатмафэ ежьагъэхэр

(Лука 6:20–23)

3 –Гурэ псэрэкIэ тхьамыкIэхэу щытхэр* сыхьатмафэ
ежьагъэх, сыда пIомэ
ахэр Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо* ыIэчIэгъ
чIэтых.

---

4:24 Сирие хэкур – Рим (Рум) къэралыгъошхом щыщ хэкоу щытыгъ. Израил хэгъэгур Сирие хэкум щыщыгъ.

4:25 КъэлипшI – ахэр хымэ къалэхэу щытыгъэх. Ахэм анахьыбэхэр Джалил псыхъураем икъыблэ тыгъэ къыкъокIыпIэ лъэныкъомкIэ итыгъэх.

5:3 гурэпсэрэкIэ тхьамыкIэхэу щытхэр – Тхьэр зэрящыкIагъэр зыдэзышIэжьхэрэр ары.

5:3 Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо – еплъ 3:2.

4 Гукъао зиIэхэр сыхьатмафэ ежьагъэх, сыда пIомэ
ахэмэ ягукъао Тхьэм ашъхьэщихыщт.
5 Зыгу пэгагъэ имылъхэр сыхьатмафэ ежьагъэх, сыда
пIомэ ахэмэ IэхьышIоу
къалъысыщтыр чIылъэр ары.
6 Шъыпкъагъэм фэзэщхэу, фалIэхэрэр сыхьатмафэ
ежьагъэх, сыда пIомэ
ахэмэ афырикъун шъыпкъагъэ агъотыжьыщт.
7 ГукIэгъу зыгу илъхэр сыхьатмафэ ежьагъэх,
сыда пIомэ ахэмэ
гукIэгъу агъотыжьыщт.
8 Зыгу къабзэхэр сыхьатмафэ ежьагъэх, сыда пIомэ
ахэмэ Тхьэр алъэгъущт.
9 ЗэшIуныгъэ цIыфмэ ахэзылъхьэхэрэр сыхьатмафэ
ежьагъэх, сыда пIомэ
ахэмэ Тхьэм ибынхэкIэ яджэщтых.
10 Шъыпкъагъэм пае цIыфхэу къин
зэрагъэщэчхэрэр сыхьатмафэ ежьагъэх,
сыда пIомэ ахэр Тхьэу уашъом щыIэм
и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэтых.

11 –Сэ сигъогу шъузэрэрыкIорэм пае, цIыфхэр къышъо-
хъонхэмэ, къин шъуагъэщэчмэ, къышъуфэмышъуашэу
Iэегъэ пстэури къышъуаIуалIэмэ, сыхьатмафэ шъуе-
жьагъ. 12 Шъутхъэжь, инэуи шъугушIу, сыда пIомэ Тхьэм
уашъом IэхьышIоу къыщышъуфигъэшъошэщтыр инышъ
ары. Арэущтэу шъо шъуапэкIи пегъымбархэм къин ара-
гъэщэчыщтыгъ.

## Щыгъумрэ нэфынэмрэ

(Марк 9:50; Лука 14:34–35)

13 –ЧIылъэм ищыгъур шъоры. Ау щыгъум ищыугъэ
хэкIымэ, сыдэущтэу ащ ищыугъэ хэплъхьажьыщта? Зы-
кIи ишIуагъэ къэкIожьыщтэп. Ар ратэкъужьынышъ,
цIыфмэ аулъэгущт.

14 –Дунаем инэфынэр шъоры. Iуашъхьэм тет къалэр
гъэбылъыгъэу хъушъурэп. 15 Зыми остыгъэ хигъанэу, ар
щэлъэ чIэгъым чIигъэуцорэп, итетыпIэ лъагэ тыре-
гъэуцо нахь. ЕтIанэ унэм ис пстэуми ащ инэфынэ анэсы.
16 Арышъ, цIыфмэ апашъхьэ шъуинэфынэ щэрэнэф,
шъуишIушIагъэхэр алъэгъунхэшъ, Шъуятэ лъапIэу уа-
шъом щыIэм щытхъу фашIыным пае.

## Тэурат хабзэм ехьылIагъ

[17] –Муса и Тэурат хабзэ* итхэмрэ пегъымбархэм атхы-
гъэ тхылъхэм* арытхэмрэ згъэкIодынхэу сыкъэкIуагъэу
шъумыгугъ. Ахэр згъэкIодынхэу арэп сыкъызфэкIуа-
гъэр, изгъэкъунхэу ары нахь. [18] Шъыпкъэр шъосэIо,
уашъомрэ чIылъэмрэ щэIэхэфэ, Мусэ и Тэурат хабзэ
итхэу хьарыфхэм анахь цIыкIуи зы уцупIи хэкIодыкIы-
щтэп, ащ ит пстэури къэшъыпкъэжьыфэ. [19] ЦIыфэу мы
унашъохэм анахь цIыкIухэм ащыщэу зыгорэм емыдэIоу,
адрэ цIыфхэри а унашъом емыдэIунхэу языгъашIэрэм Тхьэу
уашъом щыIэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэт цIыфхэм анахь
цIыкIу дэдэкIэ еджэщтых. Ау мы унашъохэр зыгъэца-
кIэу, цIыфмэ ахэр языгъашIэрэр Тхьэу уашъом щыIэм
и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэт цIыф инхэм ащыщкIэ еджэ-
щтых. [20] Шъыпкъэр шъосэIо, шъуишъыпкъагъэ Тэурат
егъэджэкIо пащэхэмрэ* фарисейхэмрэ* яшъыпкъагъэ
нахьи нахь ин мыхъумэ, Тхьэу уашъом щыIэм и Теты-
гъошхо ыIэчIэгъ шъучIэхьащтэп.

## Губжыным ехьылIагъ

[21] –Пэсэрэ цIыфхэм зэрараIуагъэр* шъо зэхэшъухыгъ:
«ЦIыф умыукI. ЦIыф зыукIырэр хьыкумышIэм* ыпашъ-
хьэ ращэщт». [22] Ау сэ шъосэIо, хэтми ежь ышы* фэ-
губжырэр хьыкумышIэм ыпашъхьэ ращэщт. Ежь ышы

---

5:17 Тэурат хабзэр – пегъымбар Мусэ тхылъитфэу ытхыгъэхэр ары. Тэурат хабзэр джуртхэм ятхылъ лъапIэхэм ащыщэу апэрэ Iахьэу мэхъу.

5:17 пегъымбархэм атхыгъэ тхылъхэр – джуртхэм ятхылъ лъапIэхэм ащыщхэу ятIонэрэ Iахьэу мэхъу.

5:20 Тэурат егъэджэкIо пащэхэр – еплъ 2:4.

5:20 фарисейхэр – еплъ 3:7.

5:21 цIыфхэм зэрараIуагъэр – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 20:13.

5:21 хьыкумышIэр – зы цIыф горэ хыеу е мысэу щытмэ, хабзэм иунашъо тетэу зэхэзыфырэр ары.

5:22 шыхэр – зы диным рылажьэхэрэр ары.

«О ушъхьэнэкI!» езыIорэр Тхьэмэтэ Хэсэшхом* ыпашъ-
хьэ ращэщт. Ау ышы «О удел!» езыIорэр джэхьнэмы
машIом кIоныр фэшъуашэу мысэ хъущт.
23 –Арышъ, Тхьэм ептынэу тыныр къурмэн шIыпIэм
зыпхьыкIэ, о пшы гукъанэ горэ къыпфыриIэу угу къэ-
кIыжьмэ, 24 уитын къурмэн шIыпIэм ыпашъхьэ къыщы-
гъани, ыпэрапшIэу кIуи, пшы ешIужь. ЕтIанэ къакIуи,
уитын тыжь.
25 –О уидэогъу псынкIэу ешIужь, уригъусэу гъогум
утетыфэ. Армырмэ хьыкумышIэм ыпашъхьэ урищэщт.
ХьыкумышIэми иIофшIакIо уIэкIилъхьащт, хьапсыми
учIадзэщт. 26 Шъыпкъэр осэIо, аужырэ чапычыр* оты-
жьыфэ, хьапсым укъычIэкIыжьыщтэп.

## Зинэ шIэным ехьылIагъ

27 –ЗэраIуагъэр* зэхэшъухыгъ: «Зинэ умышIэ». 28 Ау
сэ шъосэIо, хэти зы бзылъфыгъэ горэм енэцIэу еплъымэ,
ыгукIэ зинэ ышIэгъах. 29 Арышъ, о унэ джабгъу псэ-
кIод пшIэнэу удихьыхмэ, къитхъыжьи чIэдз. О ппкъы
зэкIэ джэхьнэмым хадзэным нахьи, о пIэпкъылъэпкъхэм
ащыщэу зы пшIокIодыныр оркIэ нахьышIу. 30 О пIэ
джабгъуи псэкIод пшIэнэу удихьыхмэ, пыупкIыжьи чIэдз.
О ппкъы зэкIэ джэхьнэмым кIоным нахьи, пIэпкъ–лъэпкъ-
хэм ащыщэу зы пшIокIодыныр оркIэ нахьышIу.

---

5:22 Тхьэмэтэ Хэсэшхор – дин Iофхэм яхьылIагъэу хьыкум зышIэу, анахь тетыгъо зиIэ хасэу джуртхэм яIагъэр ары. Тхьэмэтэ нэбгырэ 70–рэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщыгъэх. А хэсэшхом итхьаматэр дин пэщэшхор арыгъэ. Тхьэмэтэ Хэсэшхом загъорэ «СинедрионкIэ» еджэх.

5:26 чапыч – арапыбзэкIи тыркубзэкIи «хъурышэ» мэхъу.

5:27 зэраIуагъэр – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 20:14.

## Шъхьэгъусэ тIупщыжьыным ехьылIагъ

(Маттэ 19:9; Марк 10:11–12; Лука 16:18)

[31]–Пасэм мыри аIуагъ:* «Зишъуз зытIупщыжьырэм
къызэритIупщыжьырэ тхылъ рерэт». [32]Ау сэ шъосэIо,
ишъуз зинэ ымышIагъэу, хэтми зытIупщыжьырэм шъу-
зым зинэ ригъэшIагъэу мэхъу, (етIанэ шъузыр джыри
дэкIожьмэ). Ащ фэдэу хэтми лIы горэм къытIупщы-
жьыгъэ шъуз къэзыщэжьырэм зинэ ышIагъэу мэхъу.

## ТхьарыIоным ехьылIагъ

[33]–Джыри пэсэрэ цIыфхэм зэрараIуагъэр* шъо зэхэ-
шъухыгъ: «ЗыкIи пцIыкIэ тхьарыIо умышIы, ау Зиус-
хьаным фэпшIыгъэ тхьарыIохэр бгъэшъыпкъэжьынхэ
фае». [34]Ау сэ шъосэIо, шъо тхьарыIо зыкIи шъушIы
хъущтэп, уашъомкIи тхьарыIо шъумышIы, сыда пIомэ
уашъор Тхьэм итIысыпIэ лъапIэу щытышъ ары. [35]ЧIы-
лъэмкIи тхьарыIо шъумышIы, сыда пIомэ ар Тхьэм
ылъакъохэр зытет лъэгукIэтын лъапIэу щытышъ ары.
ИерусалимкIи тхьарыIо шъумышIы, сыда пIомэ ар
пачъыхьэшхом икъалэшъ ары. [36]О пшъхьэкIи тхьарыIо
умышIы, сыда пIомэ, зы шъхьац налъэ нэмыIэми,
шIуцIи фыжьи пшIын плъэкIыщтэп. [37]Ау шъуигущыIэ
«Ары» шъуIоу щытмэ, ар жъугъэцакIэ, шъуигущыIи
«Хьау, арэп» шъуIоу щытмэ, ари жъугъэцакIэ. Ащ
блэкIырэр шэйтаным иIоф щыщ.

## ЦIыф бзаджэм шъупэмыуцужь

(Лука 6:29–30)

[38]–Мыри зэраIуагъэр* зэхэшъухыгъ: «О унэ къеIэрэм
ынэ еIэжь, о пцэ къеорэм ыцэ еожь», [39]ау сэ шъо-

---

5:31 мыри аIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 24:1.

5:33 цIыфхэм зэрараIуагъэр – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:12, яплIэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 30:2, ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 23:21.

5:38 зэраIуагъэр – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 21:24.

сэIо, цIыф бзаджэм шъупэмыуцужь. Ау хэти о унэкIушъо
джабгъу къеорэм адрэ нэкIушъори фэгъаз. [40] Зыгорэ
уиджанэ пIихынэу къыодэонэу фаемэ, уищыгъын кIы-
Iутелъи къыфэгъан. [41] Лъэубэкъу мин дэпкIунэу уез-
гъэзырэм лъэубэкъу минитIу дэкIу. [42] О зыгорэкIэ къыо-
лъэIурэм ет, чIыфэ пIызыхынэу фаеми уакIыб фэмыгъаз.

## Шъуипыйхэр шIу шъулъэгъух

(Лука 6:27–28, 32–36)

[43] –ЗэраIуагъэр* зэхэшъухыгъ: «Уигъунэгъу шIу лъэ-
гъу, уипый уджэгъу». [44] Ау сэ шъосэIо, шъуипыйхэр
шIу шъулъэгъух, цIыфхэу къин шъозыгъэщычыхэрэм
Тхьэм шIукIэ шъуафелъэIу, [45] Шъуятэ лъапIэу уашъом
щыIэм ибынхэу шъухъуным пае. Ащ итыгъэ цIыф бзаджэ-
хэми цIыфышIухэми къафыкъуегъэкIы, шъыпкъагъэ зиIэ-
хэми зимыIэхэми ощх къафырегъэщхы. [46] ШIу шъузылъэ-
гъухэрэм язакъоу шIу шъулъэгъухэмэ, сыд фэдэ Iэхьы-
шIуа шъузщыгугъырэр? Хьакъулахь ахъщэр* хэзыххэрэм
а дэдэр арыба ашIэрэр? [47] Шъо шъушыхэм анэмыкI
зыми ыIапэ шъумыубытмэ, илыягъэу сыда шIугъэу шъу-
шIэрэр? Хымэ лъэпкъхэми а дэдэр ашIэба? [48] Арышъ,
Шъуятэ лъапIэу уашъом щыIэм ишъыпкъагъэ щыкIа-
гъэ зи имыIэу, ежьыр икъугъэу зэрэщытым фэдэу,
шъори зишъыпкъагъэ щыкIагъэ зи имыIэу, цIыф икъу-
гъэхэу шъущытын фае.

---

5:43 зэраIуагъэр – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:18. ГущыIэхэу «уипый уджэгъу» зыфаIохэрэр а тхылъым итхэп.

5:46 хьакъулахь ахъщэр – цIыфхэр къалэ горэм зыдахьэхэкIэ е зыдэкIхэкIэ, псэуалъэхэу, хьапщыпхэу, лэжьыгъэхэу яIэхэм Рим (Рум) къэралыгъошхом (хьыкумэтым) ахъщэу атырилъхьащтыгъэр ары. ЦIыфхэм, анахьэу дин тхьаматэхэм, хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэр зэрапэсыщтыгъэхэп, гъэнэфэгъэу дин унашъохэм ахэр ямыдэIоу зэрэщытыгъэхэм пае.

# ЯХЭНЭРЭШЪХЬ

## Сэдакъэм ехьылIагъ

–Шъо шIушIагъэр зышъушIэкIэ, цIыфхэм тагъэшIэгъощт шъуIоу, ахэмэ алъэгъоу зэрэшъумышIэнхэм шъуфэсакъ. Армырмэ шъуЯтэ лъапIэу уашъом щыIэм IэхьышIу къышъуфигъэшъошэщтэп.

[2]–Арышъ, сэдакъэ зыптыкIэ, цIыфхэм къэбар ямыгъашI, синэгогухэм* ачIэсхэу, урамхэми атетхэу нэпитIу
зиIэ цIыфхэм адрэ цIыфхэм къэбар зэрарагъашIэрэм фэдэу, ежьхэм зыщагъэтхъужьынхэм пае. Шъыпкъэр
шъосэIо, арэущтэу зышIэхэрэм яIахьэ агъотыгъах. [3]Ау о
сэдакъэ зыптыкIэ, о пIэ джабгъу Iофэу ышIырэр пIэ
сэмэгу ымышIэу орэхъу, [4]сэдакъэу о птыгъэр шъэфэу
къэнэным пае. Ащыгъум Уятэ лъапIэу цIыфхэм шъэфэу ашIэрэр зылъэгъурэм уиIэхьэшIу къыуитыщт.

## Тхьэм елъэIугъэным ехьылIагъ

(Лука 11:2–4)

[5]–Тхьэм шъуелъэIу хъумэ, нэпитIу зиIэ цIыфхэм зэрашIырэм фэдэу шъумышIы. ЦIыфхэм зарагъэлъэгъуным
пае, Тхьэм елъэIухэзэ, синэгогухэми урам къуапэхэми
къащыуцунхэр якIас. Шъыпкъэр шъосэIо, ахэмэ
яIахьэ агъотыгъах. [6]Ау о Тхьэм уелъэIу зыхъукIэ, уиунэ кIоцIы ихьажьи, пчъэр къыфэшIи, Уятэ лъапIэу
цIыфхэм амылъэгъурэм елъэIу. Ащыгъум Уятэ лъапIэу
цIыфхэм шъэфэу ашIэрэр зылъэгъурэм уиIэхьышIу къыуитыщт. [7]Тхьэм шъузелъэIукIэ, бащэ шъумыIо, хымэ
лъэпкъхэм зэрашIырэм фэдэу; сыда пIомэ ахэмэ гущыIабэ къаIомэ, ятхьэлъэIухэмэ Тхьэр къядэIунэу мэгугъэх.
[8]Арышъ, ахэмэ зэрашIырэм фэдэу шъумышIы; сыда
пIомэ шъо шъуелъэIуным ыпэкIэ шъуищыкIагъэр шъуЯтэ лъапIэм ешIэшъ ары.
[9]–Мырэущтэу Тхьэм шъуелъэIу:

6:2 синэгогур – еплъ 4:23.

«О Тятэ лъапIэу уашъом щыIэр!
ПцIэ цIыфхэм агъэлъапIэу орэхъу.
10 Уи Тетыгъошхо* къэрэкIу.
Узыфаер уашъом зэрэщыхъурэм фэдэу, чIылъэми щэрэхъу.
11 Хьалыгъоу тищыкIагъэр непэ къытэт.
12 Мыхъунэу тшIагъэхэр къытфэгъэгъух,
тэ мыхъун къытэзышIагъэхэм зэрафэдгъэгъурэм фэдэу.
13 Шэйтаным псэкIод тигъэшIэнэу фит умышIы,
ащи тыщыухъум.
МыкIодыжьын тетыгъошхори,
лъэкIыныгъэшхори, щытхъушхори
оуиех. Амин».

14 –ЦIыфмэ мыхъунэу ашIагъэхэр зафэжъугъэгъухэкIэ,
Шъуятэ лъапIэу уашъом щыIэм шъори мыхъунэу шъу-
шIагъэхэр къышъуфигъэгъущтых,– къыпигъэхъожьыгъ
Исус. 15 –Ау цIыфмэ мыхъунэу ашIагъэхэр шъо зафэ-
шъумыгъэгъухэкIэ, Шъуятэ лъапIи шъо мыхъунэу
шъушIагъэхэр къышъуфигъэгъущтхэп.

### НэкIыным ехьылIагъ

16 –Ащ фэдэу шъунэкIы зыхъукIэ, нэпитIу зиIэ цIыф-
хэм афэдэу зышъумыгъэнэшхъэй; сыда пIомэ зэрэнэкI-
хэрэр цIыфмэ арагъэлъэгъуным пае, ахэмэ анахэ зэха-
гъахьэ. Шъыпкъэр шъосэIо, ахэмэ яIахьэ агъотыгъах.
17,18 Ау о унэкIы зыхъукIэ, цIыфхэм ащ гу лъамытэу,
Уятэ лъапIэу цIыфхэм амылъэгъурэм изакъоу зэрэунэ-
кIырэм гу лъитэным пае, дэгъэ лъапIэ пшъхьэ щыф,
унэгуи тхьакIы. Ащыгъум Уятэ лъапIэу цIыфхэм шъэ-
фэу ашIэрэр зылъэгъурэм уиIэхьышIу къыуитыщт.

6:10 уи Тетыгъошхо – еплъ 3:2.

## Уашъом мылъкушхо щышъуугъой

(Лука 12:33–34)

[19] –ЧIылъэм мылъкушхо щышъумыугъой, сыда пIомэ
хъунэмрэ улъыинымрэ чIылъэм щыIэр щагъэкIоды,
тыгъуакIохэми чIылъэм щыIэхэр атIэкIых ыкIи аты-
гъух. [20] Ау уашъом мылъкушхо щышъуугъой. Хъунэми
улъыиными ащ дэжьым щагъэкIодырэп, тыгъуакIохэми
щатIэкIырэп ыкIи щатыгъурэп. [21] Сыда пIомэ о уимы-
лъкушхо зыдэщыIэм угуи щыIэщт.

## Пкъым иостыгъэ

(Лука 11:33–36)

[22] –Пкъым иостыгъэр нэр ары. Арышъ, о унэ псаумэ, о
ппкъи зэкIэ нэфынэщт. [23] Ау о унэ дэимэ, о ппкъи
зэкIэ шIункIыщт. Арышъ, о пхэлъ нэфынэр шIункIымэ,
а шIункIыгъэр сыдэу шIункIыгъэшху!

## Тхьэмрэ ахъщэмрэ

(Лука 16:13)

[24] –Зы цIыфыр тхьэмэтитIум афэлэжьэн ылъэкIыщтэп,
е зыр ыуджэгъунышъ, адрэр шIу ылъэгъущт, е зым
шъыпкъэу фыщытынышъ, адрэр зэрипэсыщтэп. Шъо
Тхьэми ахъщэми шъуафэлэжьэн шъулъэкIыщтэп.

## ГумэкIыным ехьылIагъ

(Лука 12:22–34)

[25] –Арышъ, шъосэIо, «Сыда тшхыщтыр, сыда тешъо-
щтыр?» шъуIоу, шъуищыIэныгъэ пае шъумыгумэкI. «Сы-
да тщыгъыщтыр?» шъуIоу, шъупкъы пайй шъумыгумэкI.
Гъомылэм нахьи щыIэныгъэр нахь лъапIэба, щыгъыным
нахьи пкъыр нахь лъапIэба? [26] Ошъогум щыбыбырэ бзыу-
хэм шъуяплъ. Ахэмэ чылапхъи апхъырэп, лэжьыгъи къа-
хыжьырэп, конхэм аратэкъожьырэп, ау щытми Шъуятэ
лъапIэу уашъом щыIэм ахэр егъашхэх. Шъо ахэмэ ана-
хьи бэкIэ шъуанахь лъапIэба? [27] ГумэкIынымкIэ хэта

шъо шъуащыщэу зищыIэныгъэ зы сыхьат закъокIэ
зезыгъэукIыхьан зылъэкIыщтыр?
28 –Щыгъыным пае сыда шъузкIэгумэкIырэр? Губгъо
къэгъагъэхэм якъэкIыкIэ шъуеплъ. Ахэр лажьэхэрэп,
ци аджырэп, 29 ау сэ шъосэIо, ежь пачъыхьэ Сэлмэн сыд
фэдизэу дахэу кIэракIэщтыгъэми, ахэмэ ащыщэу зыго-
рэм фэдэу фэпагъэу щытыгъэп. 30 А уцэу губгъом непэ
итэу, неущ хьакум радзэжьыщтыр Тхьэм арэущтэу зи-
гъэкIэракIэкIэ, ащ нахьи шъо бэкIэ нахь шъуигъэкIэ-
рэкIэнба, шъо шIошъхъуныгъэ зимакIэхэр? 31 Арышъ,
«Сыда тшхыщтыр?» е «Сыда тешъощтыр?» е «Сыда тщы-
гъыщтыр?» шъуIоу шъумыгумэкI. 32 Сыда пIомэ ащ фэдэ
Iоф пстэури ары дунаем тет лъэпкъхэр зылъыхъухэрэр.
А зэпстэури шъо зэрэшъуищыкIагъэр Шъуятэ лъапIэу уа-
шъом щыIэм ешIэ. 33 Ау ыпэрапшIэу Тхьэм и Тетыгъо-
шхо иIофхэмрэ Тхьэм ишъыпкъагъэрэ ауж шъуит, етIанэ
а Iоф пстэури къышъуIэкIэхьащтых. 34 Арышъ, неущырэ
мафэм шъуфэмыгумэкI. Неущырэ мафэр ежь ышъхьэ фэ-
гумэкIыжьыщт, сыда пIомэ зыфэгумэкIыжьын икъун Iоф
сыдрэ мафи иIэшъ ары.

## ЯБЛЭНЭРЭШЪХЬ

### Зыми хьыкум тешъумышIыхь

(Лука 6:37–38, 41–42)

–Зыми хьыкум тешъумышIыхь, Тхьэм хьыкум къы-
шъутыримышIыхьаным пае. 2 Сыда пIомэ шъо цIыфхэм
хьыкум зэратешъушIыхьарэм фэдэу, Тхьэм шъори
хьыкум къышъутыришIыхьащт, шъо шапхъэу зэрышъу-
шырэм фэдэ шапхъэкIи Тхьэм шъо къышъуфишы-
жьыщт.
3 –О унэ пкъэоу кIэлъым гу лъымытэу, пхъэцалэу
о пшы* ынэ кIэлъыр сыд пае плъэгъура? 4 Пкъэур о
унэ кIэлъ пэтызэ, сыдэущтэу пшы епIон плъэкIыра:

7:3 о пшы – еплъ 5:22.

«Пхъэцалэу о унэ кIэлъыр къычIэсэгъэх» пIоу? 5 О нэпитIу
зиIэр, ыпэрапшIэу пкъэоу о унэ кIэлъыр къыкIэхыжьи,
етIанэ пхъэцалэу пшы ынэ кIэлъыр къызэрэкIэпхыжьы-
щтыр нафэу плъэгъущт.

6 –Iофхэу шъо шъугухэмкIэ лъапIэу щытхэр хьэхэмэ
яшъумыт. Налмэс–налкъутэхэр къохэмэ апашъхьэ щи-
шъумыпхъыхь. Армырмэ ахэмэ ахэр аулъэгунхэшъ, зы-
къызэрагъэзэкIынышъ, шъори шъузэхацунтхъэжьыщт.

**Тхьэм шъуелъэIу, шъулъыхъу, къэлапчъэм шъутеу**

(Лука 11:9–13)

7 –ШъуелъэIуи, Тхьэм къышъуитыщт; шъулъыхъуи,
къэжъугъотыщт; къэлапчъэми шъутеуи, Тхьэм къы-
шъуфыIуихыщт; 8 сыда пIомэ хэтми Тхьэм елъэIурэр
зыкIэлъэIурэр иIэ хъущт, лъыхъурэми зылъыхъурэр
къыгъотыщт; къэлапчъэм теорэми Тхьэм къыфыIуи-
хыщт.

9 –Е цIыф къышъухэта, зыкъо хьалыгъу пае къелъэ-
Iумэ, мыжъо езытыщтыр? 10 Е пцэжъые пае къелъэIумэ,
блэ езытыщтыр? 11 Арэущтэу шъо шъубзаджэ пэтми,
шъуибынхэм шIу яшъутын шъулъэкIымэ, ащ нахьи
нахьыбэу Шъуятэ лъапIэу уашъом щыIэм ежьым
елъэIухэрэм IофышIухэр къаритыщтхэба? 12 Арэущтэу
цIыфхэр къыжъудэзекIонхэу шъо шъузэрэфаем фэдэу,
шъори ахэмэ сыдигъуи шъуадэзекIу. Джары Тэурат
хабзэм итхэми пегъымбархэм атхыгъэхэми къарыкIырэр.

**Къэлэпчъэ зэжъур**

(Лука 13:24)

13 –Къэлэпчъэ зэжъумкIэ шъудахь; сыда пIомэ кIоды-
пIэм икъэлапчъэ шъуамбгъо, ащ кIорэ гъогури гъо-
гушхошъ ары. А гъогум рыкIохэрэри бэ мэхъух. 14Ау щы-
Iэныгъэм икъэлапчъэ зэжъу, ащ кIорэ гъогури бгъузэ.
Ар къэзыгъотхэрэри макIэх.

## Чъыгыр зыфэдэр къыпыкІэрэмкІэ къэпшІэщт

(Лука 6:43–44)

15 –Пегъымбар нэпцІхэм шъуафэсакъ. Ахэмэ мэлышъо
щыгъын ащыгъэу, ау агухэмкІэ тыгъужъ цунтхъакІо-
хэм афэдэхэу шъуадэжь къэкІох. 16 Чъыгыр зыфэдэр
къыпыкІэрэмкІэ зэрэпшІэрэм фэдэу, а цІыфхэм Іофхэу
агъэцакІэхэрэмкІэ ахэр зыфэдэхэр къэшъушІэщтых.
Пырэжъые куандэм сэнашъхьэ къыпача, е шхъум ынджыр
къыпача? 17 Ащ фэдэу сыдрэ чъыгышІум шІу къыпэкІэ, ау
чъыг дэим дэй къыпэкІэ. 18 ЧъыгышІум дэй къыпыкІэн
ылъэкІыщтэп, чъыг дэими шІу къыпыкІэн ылъэкІыщтэп.
19 Сыдрэ чъыгэу шІу къызыпымыкІэрэр раупкІынышъ, ма-
шІом падзэщт. 20 Арышъ, а цІыфхэм Іофхэу агъэцакІэ-
хэрэмкІэ ахэр зыфэдэхэр къэшъушІэщтых.

## ЕгъашІэми шъо шъусшІэщтыгъэп

(Лука 13:25–27)

21 –Хэтрэ цІыфэу «Зиусхьан! Зиусхьан!» сызыгъэлъа-
пІэу къысэзыІорэр арэп Тхьэу уашъом щыІэм и Теты-
гъошхо* ыІэчІэгъ чІэхьащтыр, Сятэ лъапІэу уашъом
щыІэр зыфаер зыгъэцакІэрэр ары нахь. 22 А мафэм
цІыфыбэмэ мырэущтэу къысаІощт: «Зиусхьан! Зиусхьан!
Тхьэм ежь игущыІэхэр тэ тыгухэм къарилъхьэхэу, ахэр
о пцІэкІэ къатІощтыгъэхэба, джынапцІэхэри о пцІэкІэ
цІыфмэ ахэтфыщтыгъэхэба, Іодышхо гъэшІэгъон Іаджы-
хэри о пцІэкІэ тшІэщтыгъэхэба?» 23 Ау сэ ахэмэ
занкІэу ясІощт: «ЕгъашІэми шъо шъусшІэщтыгъэп.
СанэІу шъуикІ, шъо бзэджашІэхэр».

---

7:21 Тхьэу уашъом щыІэм и Тетыгъошхо – мыщ дэжьым ащ къикІырэр Тхьэм ицІыф лъапІэхэр игъусэхэу зыдэщыІэр ары.

### Унэ зышIырэ лIы Iушымрэ унэ зышIырэ лIы акъылынчъэмрэ

(Лука 6:47–49)

24 –Арышъ, хэти сэ сигущыIэхэр зэхэзыхэу, ахэри зы-
гъэцакIэрэр зыфэдэр лIы Iушэу зиунэ мыжъо пытэм
тезышIыхьагъэр ары. 25 Ощхыр къещхыгъ, псыхэри къи-
угъэх, жьыбгъэхэри къепщэхэзэ, а унэм тезэрэхьагъэх,
ау а унэр къызэхэуагъэп, сыда пIомэ мыжъом тыра-
шIыхьагъэти ары. 26 Ау хэти сигущыIэхэр зэхэзыхэу,
ахэри зымыгъэцакIэрэр зыфэдэр лIы акъылынчъэу,
зиунэ пшахъом тезышIыхьагъэр ары. 27 Ощхыр къе-
щхыгъ, псыхэри къиугъэх, жьыбгъэхэри къепщэхэзэ а
унэм тезэрэхьагъэх. А унэр къызэхэуагъ, къызызэхаоми,
Iае дэдэу къызэхэуагъ.

28 Исус мы гущыIэхэр къызеIохэм ыуж, цIыф купы-
шхохэм Iофхэр зэраригъашIэщтыгъэ шIыкIэр агъэшIэ-
гъуагъ, 29 сыда пIомэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ
фарисейхэмрэ афэмыдэу, тетыгъошхо иIэу, цIыфхэм
Iофхэр аригъашIэщтыгъэхэти ары.*

## ЯЕНЭРЭШЪХЬ

### Исус шъоджэ уз Iае зиIэ лIы горэ зэригъэхъужьыгъэр

(Марк 1:40–45; Лука 5:12–16)

Исус Iуашъхьэм къызехыжьым, цIыф купышхуабэхэр
ыуж итхэу кIощтыгъэх. 2 Ащ дэжьым шъоджэ уз Iае зиIэ
лIы горэ Исус къыбгъодахьи, лъэгонджэмышъхьэкIэ ыпа-
шъхьэ къитIысхьи къыIуагъ:
–О тхьаматэ, уфаемэ сыбгъэхъужьын плъэкIыщт.

---

7:29 тетыгъошхо иIэу, цIыфхэм Iофхэр аригъашIэщтыгъэхэти ары – Исус Тэурат егъэджэкIо пащэхэм афэдэу щытыгъэп. Ахэм пэсэрэ дин пащэ еджэгъэшхохэм ягущыIэхэмкIэ ежьхэм къаIуагъэхэр агъэшъыпкъэжьынхэм пылъыщтыгъэх.

[3] Исус ыIэ ыщэий, теIаби* къыIуагъ:
–Ары, сыфай, псаоу къэхъужь!
Ардэдэм шъоджэ узыр а лIым хэкIыжьи, къабзэу хъужьыгъэ. [4] Ащ дэжьым Исус а лIым риIуагъ:
–Фэсакъ, мыр зыми емыIотэжь, ау дин пащэм ыдэжь кIуи зегъэлъэгъу. ЕтIанэ пегъымбар Мусэ иунашъо тетэу къурмэн шIы. Ар узэрэхъужьыгъэмкIэ цIыфхэм апашъхьэ шыхьат щыхъущт.

## Исус дзэ пащэм иунэIут зэригъэхъужьыгъэр

(Лука 7:1–10; Иуан 4:43–54)

[5] ЕтIанэ Исус Капернаум къалэм* дэхьагъ. Зыдахьэм, дзэ пащэ горэ къыбгъодахьи къелъэIугъ:
[6] –О тхьаматэ, сиунэIут ыIэпкъ–лъэпкъ узым зэкIиубытагъэу, гугъушхо ыхьэу, унэм илъ.
[7] –Сэ сыкъэкIонышъ, ар згъэхъужьыщт,– Исус ащ риIуагъ.
[8] –О тхьаматэ, о сиунэ укъихьанэу сифэшъуашэп,– къыIожьыгъ дзэ пащэм, –ау зы гущыIэ закъо къаIуи, унашъо шIи, сиунэIут хъужьыщт. [9] Сыда пIомэ сэри лIы горэм иунашъо ыIэчIэгъ сычIэт, сэ сиунашъоми ыIэчIэгъ дзэлIхэр чIэтых. Зыгорэм «КIо» есIомэ, кIощт. Адрэми «КъакIо» есIомэ, къэкIощт. СиунэIути «Мыр шIэ» есIомэ, ышIэщт.
[10] Исус ар зызэхехым, ыгъэшIагъуи, игъусэхэм ариIуагъ:
–Шъыпкъэр шъосэIо, мыщ фэдэ шIошъхъуныгъэ зиIэ цIыф закъо Израил хэгъэгум изгъотагъэп. [11] Ау сэ шъосэIо, тыгъэ къыкъокIыпIэмкIи тыгъэ къохьапIэмкIи цIыфыбэхэр къикIынхэшъ, Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ яъусэхэу Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо иешхэ– ешъошхо чIыпIэхэр щаубытыщтых. [12] Ау мы пачъыхьагъом ицIыфхэр шIункIыгъэм икуупIэ хадзэщтых. Ащ дэжьым куохьауныгъэрэ цэ зэрэгъэшхыныгъэрэ щыхъущтых.

---

8:3 теIаби – шъоджэ уз Iае зиIэм утеIабэ хъущтыгъэп.

8:5 Капернаум къалэр – Галилей псыхъураем итемыр-тыгъэ къохьапIэ Iушъом Iут.

13 ЕтIанэ Исус дзэ пащэм риIуагъ:
–КIо, о пшIошъ зэрэхъугъэм фэдэу къыбдэхъущт.
А сыхьат дэдэм пащэм иунэIут хъужьыгъэ.

## Исус цIыфыбэхэр зэригъэхъужьыгъэхэр

(Марк 1:29–34; Лука 4:38–41)

14 ЕтIанэ Исус Петрэ иунэ ихьи, Петрэ ишIугуащэ плъы-
рстыркIэ сымаджэу, пIэм хэлъэу ылъэгъугъ. 15 Исус ащ
ыIапэ нэсыгъ, плъырстырыри хэкIыжьыгъ. ШIугуащэр къэ-
тэджыжьи, Исус къыхьакIэу ыублагъ.
16 Пчыхьашъхьэр къызэсым, джынапцIэ зыхэс цIыфы-
бэхэр Исус ыдэжь къащагъэх. Исус джынапцIэхэр зы
гущыIэкIэ цIыфмэ ахифыхи, сымэджэ пстэури ыгъэхъу-
жьыгъэх. 17 Арэущтэу зыфэхъугъэр пегъымбар Исайас мы
гущыIэхэу къыIуагъэхэр* къэшъыпкъэжьынхэр ары:
«Тэ тигъойщаехэр ттырихи,
тиузхэр ежьым зытырилъхьажьыгъэх».

## Исус игъогу рыкIоным къин щэчыныгъэу хэлъыр

(Лука 9:57–62)

18 ЦIыф купышхуабэхэу къеуцокIыгъэхэр Исус зелъэ-
гъухэм, игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ:
–НекIо псыхъураем иадрабгъу тызэпырыжъугъэкI.
19 Джащыгъум зы Тэурат егъэджэкIо пащэ* горэ Исус
къыбгъодахьи къыриIуагъ:
–Дин гъэсакIу, тыдэ укIоми, уауж сыкъырыкIощт.
20 –Баджэхэм исынхэу бы яI, ошъогу бзыухэми набгъо яI,
ау ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо* ышъхьэ зэрихьылIэжьын чIы-

---

8:17 пегъымбар Исайас мы гущыIэхэу къыIуагъэхэр... – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 53:4.

8:19 Тэурат егъэджэкIо пащэ – еплъ 2:4.

8:20 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – «ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо фэдэу уашъом

пIэ иIэп,– риIожьыгъ Иисус.

21 ЕтIанэ игъогу рыкIохэрэм ащыщэу нэмыкI зыгорэм
Исус къыриIуагъ:

–Тхьаматэ, ыпэрапшIэу сыкIонышъ, сятэ чIэслъхьа-
жьынэу фит сыкъэшI.

22 –ЛIагъэхэу щытхэм ежьхэм ялIагъэхэм яхьадэхэр чIа-
рэлъхьажьых, ау о сауж къырыкIу,– риIожьыгъ Исус.

## Исус жьыбгъэ щынэгъошхор зэригъэуцугъэр

(Маркъэ 4:35–41; Лукъэ 8:22–25)

23 Исус зы къуашъо горэм зетIысхьэм, игъогу рыкIохэ-
рэри ыуж итхэу къуашъом итIысхьагъэх. 24 ОшIэ-дэмы-
шIэу жьыбгъэ щынэгъошхо псыхъураем къыщыхъуи,
псыорхэр къуашъом къиохэу хъугъэ. Ау Исус чъыещты-
гъэ. 25 Джащыгъум ахэр Исус къыбгъодахьэхи, къагъэущи
аIуагъ:

–Зиусхьан, тымыкIодэу тыкъэгъэнэжь, тэкIоды.

26 –Сыда шъузкIэщынэрэр, шIошъхъуныгъэр зимакIэ-
хэр?– ариIуагъ Исус ахэмэ. ЕтIанэ къэтэджи, жьыбгъэ-
шхоми псыми ягыий, кIым-сым дэдэу къэхъугъ.

27 –Хэта мыр жьыбгъэшхори псыри зыгъэдаIорэр?– аIуагъ
цIыфхэмэ агъэшIагъоу.

## Исус джынапцIэ зыхэс нэбгыритIу зэригъэхъужьыгъэхэр

(Марк 5:1–20; Лука 8:26–39)

28 ЕтIанэ псыхъураем иадрабгъу ит хэкоу Гергесэ зыцIэ
къалэм епхыгъэм Исус зынэсым, джынапцIэ зыхэс нэбгы-
ритIу къэунэхэм къачIэкIыхи, къыпэгъокIыгъэх. А
гъогум зы цIыфи бламыгъэкIэу, лIы ябгэхэу щытыгъэх.

---

иошъуапщэхэм ахэтэу, зыгорэ къехыгъ», пегъымбар Данил къыIогъэгъэ гущыIэхэр Исус ежь ышъхьэ пае ыIожьыгъэх. ЦIыф Лъэпкъым Ыкъоу зиунэ уашъом щыIэу, уашъом къехыгъэр Исус ары (Иуан 3:13). Гъощагъэхэм алъыхъузэ, мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэм пае, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къэкIуагъ (Лука 19:10). ЦIыфыбэмэ апае шъхьэщэфыжьэу ыпсэ ытыным пае, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къэкIуагъ (Марк 10:45). ЛIагъэхэм къахэтэджыкIыжьын фэягъ (Маттэ 17:9). Ежь Ятэ ищытхъушхо иIэу, дунаем ицIыфхэм хьыкум атришIыхьаным пае, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо дунаем къэкIожьыщт (Маттэ 25:31).

29 –Тхьэм Ыкъу, сыда о уиIофэу къытхэлъыр? Игъо къэ-
мысэу къин тэбгъэщэчынэу укъэкIуагъа?– aIозэ къэкууа-
гъэх.
30 Ау ахэмэ апэчыжьэу къо Iэхъогъушхо щыхъущтыгъ.
31 Джащыгъум джынапцIэхэр Исус къелъэIугъэх:
–Мы лIыхэм тызахэпфыкIэ, мо къо Iэхъогъум тыгъа-
кIуи, къохэмэ апкъыхэм тахэгъахь.
32 –ШъукIу!– ариIуагъ Исус ахэмэ. Арэущтэу зеIом,
джынапцIэхэр лIыхэм ахэкIыжьхи, къохэм апкъыхэм ахэ-
хьагъэх. Къохэм апкъыхэм захахьэхэм, Iэхъогъур зэкIэ
Iошъхьэ нэпкъым къечъэхи, псыхъураем хэлъадэхи, псым
хэлIыхьагъэх. 33 Ау къуахъохэр хэхьажьхи, къалэм кIохи,
хъугъэ–шIэгъэ пстэури, джынапцIэ зыхэс лIитIум къащы-
шIыгъэри щаIотагъ. 34 Къэбарыр заIуатэм, къалэм дэс
цIыф пстэури Исус пэгъокIынхэу дэкIыгъэх. Исус залъэ-
гъум, яхэку ыбгынэнэу къелъэIугъэх.

## ЯБГЪОНЭРЭШЪХЬ

### Исус лIы горэу зыIэпкъ–лъэпкъ узым зэкIиубытагъэр зэригъэхъужьыгъэр

(Марк 2:1–12; Лука 5:17–26)

ЕтIанэ Исус къуашъо горэм итIысхьи, псыхъураем къы-
зэпырыкIыжьи, икъалэ къэкIожьыгъ. 2 Джащыгъум лIы
лIы горэу зыIэпкъ–лъэпкъ узым зэкIиубытагъэр пIуаблэм
телъэу Исус ыдэжь къахьыгъ. Исус ахэмэ яшIошъхъуныгъэ
зелъэгъум, лIэу зыIэпкъ–лъэпкъ узым зэкIиубытагъэм
риIуагъ:
–Угу умыгъэкIоды, сикIал! УипсэкIодхэр къыпфэгъугъэх.
3 Исус ар къызеIом, Тэурат егъэджэкIо пащэхэм ащы-
щэу заулэмэ агукIэ aIуагъ:
–Мы лIым Тхьэр егъэпцIы.
4 Исус ахэмэ агухэм арылъыр ешIэти къыIуагъ:
–Шъугухэм мыщ фэдэ гукъэкI бзаджэхэр сыда зыкIары-
лъыр? 5 Тара нахь псынкIагъор, «УипсэкIодхэр къыпфэ-
гъугъэх», пIоныр ара, хьауми «Къэтэджи, къэкIухь»,

пIоныр ара? 6 Ау къэшъушIэным пае, ЦIыф Лъэпкъым
Ыкъо* псэкIодхэр ыгъэгъунхэу дунаем тетыгъо зэрэщы-
риIэр, – джащыгъум Исус лIэу зыIэпкъ–лъэпкъ узым зэ-
кIиубытагъэм риIуагъ: –Къэтэджи, уипIуаблэ къашти,
шъуадэжь кIожь.
7 А лIыр къэтэджи, ядэжь кIожьыгъэ. 8 ЦIыф купышхохэм
ар залъэгъум, агъэшIэгъуагъ. Тхьэу цIыфхэм ащ фэдэ
тетыгъо къязытыгъэми щытхъу фашIыгъ.

## Исус игъогу рыкIонэу Маттэ къызэреджагъэр

(Марк 2:13–17; Лука 5:27–32)

9 Исус нахь чыжьэу кIозэ, хьакъулахь ахъщэр* зыщы-
хахырэ унэм Iусэу, Маттэ зыцIэ зы лIы горэ ылъэгъугъ.
–Сауж къырыкIу,– риIуагъ Исус. Маттэ къэтэджи, Исус
ыуж ихьагъ.
10 ЕтIанэ Исус Маттэ иунэ щышхэщтыгъ. Хьакъулахь
ахъщэр хэзыххэрэмрэ псэкIод зышIэхэрэмрэ бэ хъухэу
къэкIуагъэхэу, Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ адашхэщты-
гъэх. 11 Фарисейхэм* ар залъэгъум, Исус игъогу рыкIо-
хэрэм араIуагъ:
–Шъо шъуидин гъэсакIо хьакъулахь ахъщэр хэзыххэ-
рэмрэ псэкIод зышIэхэрэмрэ сыда зыкIадашхэрэр ыкIи
зыкIадешъорэр?
12 Ау Исус ар зызэхехым, къыIуагъ:
–Псаухэр арэп Iазэ зищыкIагъэхэр, сымаджэхэр ары
нахь. 13 ШъукIуи, мы гущыIэхэу Тхьэм къыIуагъэхэм*
къарыкIырэр къызэжъугъашI: «КъурмэншIыныр арэп
сызыфаер, гукIэгъур ары нахь». Сыда пIомэ шъыпкъагъэ
зиIэ цIыфхэм сяджэнэу арэп сыкъызфэкIуагъэр, псэкIод
зышIэхэрэр япсэкIодхэм афыкIэгъожьынхэм пае, сяджэ-
нэу ары нахь.

---

9:6 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ 8:20.

9:9 хьакъулахь ахъщэр – еплъ 5:46.

9:11 фарисейхэр – еплъ 3:7.

9:13 мы гущыIэхэу Тхьэм къыIуагъэхэр – еплъ Пегъымбар Осие тхылъэу ытхыгъэм 6:6.

## Джурт тхьаматэхэр нэкIыным ехьылIагъэу Исус къызэреупчIыгъэхэр

(Марк 2:18–22; Лука 5:33–39)

14 Джащыгъум Иуан игъогу рыкIохэрэр Исус ыдэжь къакIохи къыраIуагъ:

–Тэррэ фарисейхэмрэ бэрэ тэнэкIы*. О уигъогу рыкIохэрэм сыда зыкIамынэкIырэр?

15 –Шъаор ягъусэфэкIэ, шъаом игъусэхэр шъыгъон алъэкIына?– ариIожьыгъ Исус ахэмэ. –Ау шъаор затырахыщт мафэхэр къэкIощтых. А мафэхэр къызыкIохэкIэ, анэкIыщт.

16 –ШэкIыкIэм щыщ идэжьын щыгъыныжъым зыми тыридэрэп, сыда пIомэ шэкIыкIэм щыщ идэжьыным щыгъыныжъыр зэIитхъынышъ, гъуанэр нахь ин ышIыщт.
17 Джащ фэдэу, сэнэпс шIыгъакIэр шъонтыжъхэм арагъахъорэп. Арэущтэу ашIымэ, шъонтхэр къызэготхъынхэшъ, сэнэпсыр къичъыжьыщт, шъонтхэри кIодыщтых. Сэнэпс шIыгъакIэр шъонтыкIэх зэрарагъахъорэр. Ащыгъум тIури мыкIодхэу къэнэжьыщтых.

## Исус тхьаматэ горэм ыпхъоу лIагъэр къызэригъэтэджыжьыгъэр; Исус ищыгъын кIапэ къынэсыгъэ бзылъфыгъэр зэригъэхъужьыгъэр

(Марк 5:21–43; Лука 8:40–56)

18 Исус цIыфхэм а гущыIэхэр ариIохэзэ, тхьаматэ горэ къыбгъодахьи, лъэгонджэмышъхьэкIэ Исус ыпашъхьэ къитIысхьи къыIуагъ:

–Сэ спхъу джы дэдэм лIагъэ, ау о къакIори, пIэ телъхьи къэхъужьыщт.

19 Джащыгъум Исус къэтэджи, игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу а тхьаматэм ыдэжь кIуагъэ.

20 Зы бзылъфыгъэ горэ, илъэс пшIыкIутIу хъугъэу, лъыбэ къыкIэкIэу гуIэщтыгъэ. Ар Исус ыкIыбкIэ къекIуалIи, ищыгъын кIапэ къынэсыгъ; 21 сыда пIомэ ыгукIэ мыщ фэдэу ыIуагъэти ары: «Исус ищыгъыным сынэс нэмыIэми сыхъужьыщт».

9:14 тэнэкIы – агухэмкIэ фаехэу, ахэм тхьамафэ къэс мэфитIо анэкIыщтыгъ.

[22] Исус зыкъызэригъэзэкIи, бзылъфыгъэр къызелъэгъум, къыIуагъ:

–Угу умыгъэкIоды, сипшъашъ. УишIошъхъуныгъэ уигъэхъужьыгъ.

А сыхьат дэдэм къыщегъэжьагъэу а бзылъфыгъэр хъужьыгъэ.

[23] ЕтIанэ Исус тхьаматэм иунэ ихьи, къамыл сырынэхэм
япщэрэ цIыфхэри, цIыф купышхори бырсырхэу, хьада-
гъэ ашIэу зелъэгъум, [24] къыIуагъ:

–ШъуикIых, пшъэшъэжъыер лIагъэп, мэчъые нахь.

Исус ар къызеIом, къыдэхьащхыгъэх. [25] Исус цIыф ку-
пышхор зырегъэкIы ужым, пшъэшъэжъыем ыдэжь ихьи,
ыIэ ыубытыгъ. Зеубытым, пшъэшъэжъыер къэтэджыгъ.
[26] А къэхъугъэм икъэбар а хэкум зэкIэ ис цIыфхэм зэ-
лъашIэ хъугъэ.

**Исус лIы нэшъуитIу зэригъэхъужьыгъэр**

[27] Исус а чIыпIэм къызекIыжьым, лIы нэшъуитIу ыуж къихьагъэу къылъыджэщтыгъ:

–Даутэ Ыкъу,* гукIэгъу къытфэшI!

[28] ЕтIанэ Исус унэм зехьэм, а лIы нэшъуитIур къыбгъодэхьагъ. Исус ахэмэ ариIуагъ:

–Ар сэ сшIэн зэрэслъэкIыщтымкIэ шIошъхъуныгъэ шъуиIа?

–ШIошъхъуныгъэ тиI, о тхьаматэ,– къыраIожьыгъ ахэмэ.

[29] ЕтIанэ Исус ахэмэ анэхэм анэси къыIуагъ:

–Шъо шъушIошъ зэрэхъугъэм фэдэу, къыжъудэрэхъу.

[30] Исус арэущтэу къызеIом, ахэмэ анэхэр къэплъэжьыгъэх.

–Шъуфэсакъ, мыр зыми ешъумыIу,– ыIуагъ Исус ахэмэ
унэшъо пытэ афишIэу. [31] Ау ахэр унэм къызекIыжьхэм,
а къэбарыр хэкум зэкIэ изы ашIыгъ.

---

9:27 Даутэ Ыкъу – цIыфхэр мыкIодхэу Къэзыгъэнэжьырэр пачъыхьэ Даутэ иунэгъо лъэпкъы зэрэщыщым пае, джуртхэр ащ «Даутэ ЫкъокIэ» еджэх.

### Исус бзакоу, джынапцIэ зыхэс лIы горэ зэригъэхъужьыгъэр

[32]Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ унэм икIыжьхэ зэхъум,
бзакоу, джынапцIэ зыхэс лIы горэ цIыфхэм Исус ыдэжь
къащагъ. [33]Исус джынапцIэр а лIым хифи, лIэу бзакоу
щытыгъэр къэгущыIагъ. Ар залъэгъум, цIыф купышхом
ыгъэшIагъуи ыIуагъ:

–Мыщ фэдэ Iоф Израил хэгъэгум тэ ныбжьи щытлъэгъугъэп.

[34]Ау фарисейхэм аIуагъ:

–ДжынапцIэхэм япащэ илъэкIыныгъэ ары мы лIым джынапцIэхэр цIыфмэ зэрахифырэр.

### Исус цIыф купышхом ыгу зэрэфэгъугъэр

[35]Исус къэлэ пстэури, къоджэ пстэури къыкIухьащты-
гъэх. Синэгогухэм цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр щаригъа-
шIэщтыгъэх, Тхьэм и Тетыгъошхо ехьылIэгъэ къэбары-
шIури аригъэIущтыгъ, хэтрэ сымаджи гъойщаий ыгъэ-
хъужьыщтыгъ. [36]Мэлахъо зимыIэ мэл Iэхъогъум фэдэу
улэугъэхэу, заухъумэжьын амылъэкIэу цIыф купышхохэр
зелъэгъухэм, Исус ыгу афэгъугъ. [37]ЕтIанэ игъогу ры-
кIохэрэмэ ариIуагъ:

–Лэжьыгъэр бэ, ау лэжьакIохэр макIэх. [38]Арышъ, лэ-
жьыгъэр къахыжьыным пае, лэжьакIохэр къыгъэкIонхэу
лэжьыгъэр зием шъуелъэIу.

## ЯПШIЭНЭРЭШЪХЬ

### Апостол пшIыкIутIур

(Марк 3:13–19; Лука 6:12–16)

Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIумэ къяджи, ахэмэ джынэпцIэ Iаехэр цIыфмэ ахафынхэу тетыгъо аритыгъ, хэтрэ сымаджи гъойщаий агъэхъужьынэуи лъэкIыныгъэ аритыгъ.

[2] А апостол* пшIыкIутIумэ ацIэхэр мары: Апэу Симонэу
ПетрэкIэ заджэхэрэр; ащ ышэу Индрыс; Зеведей ыкъуитIоу
Якъубэрэ Иуанрэ; [3] Филипп, Варфоломей, Фомэ, Маттэу
хьакъулахь ахъщэр хэзыхыщтыгъэр, Алфей ыкъо Якъуб,
Фаддей; [4] Симонэу зихэгъэгу ыгу етыгъэу фэлажьэщты-
гъэр,* Иудэ Искариот; а Иудэр ары нэужым Исус тетыгъо
зиIэхэм аIэкIэзыгъэхьанэу щытыгъэр.

## Исус апостол нэбгырэ пшIыкIутIур Тхьэм фэлэжьэнхэу зэрэдигъэкIыгъэхэр

(Марк 6:7–13; Лука 9:1–6)

[5] А апостол пшIыкIутIур Исус зыдегъэкIхэм, мы уна-
шъор афишIыгъ:
–Хымэ лъэпкъхэм адэжь шъумыкIу, Самарие хэкум*
щыщ къалэ горэми шъудэмыхь. [6] Ащ нахьи Израил ицIы-
фэу мэл кIодыгъэхэм афэдэхэм адэжь шъукIу. [7] ШъукIуи,
«Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо* къэблэгъагъ», шъу-
Iуи, къэбар яжъугъэIу. [8] Сымаджэхэр жъугъэхъужьых,
лIагъэхэри къэжъугъэтэджыжьых, шъоджэ уз Iаер зиIэ-
хэри псаохэу, къабзэхэу жъугъэхъужьых, джынапцIэхэри
цIыфхэм ахэшъуфых. Уасэ хэмылъэу къышъуIэкIэхьагъ,
шъори уасэ хэмылъэу яшъутыжь. [9] Шъуибгырыпхыхэм
арылъэу дышъи, тыжьыни, гъоплъэ ахъщи зыдэшъу-
мышт. [10] Гъогум шъузытехьэкIэ, Iалъмэкъи, джэнитIуи,
цуакъи, бэщи зыдэшъумыштэх. Сыда пIомэ лэжьакIом
ишхын ифэшъуашэшъ ары.
[11] –Къалэми, къуаджэми, тыдэ шъудахьэми, къышъу-
фэшъуашэ цIыф горэм шъукIэупчI. А чIыпIэм шъукъе-

---

10:2 апостол – нэмыкI цIыф горэм ыцIэкIэ гущыIэнэуи Iоф ышIэнэуи фитыныгъэ зиIэр ары. Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIум «апостолхэкIэ» яджэх. Ахэр Исус илIыкIохэу тетыгъо зэритыгъэхэр ары.

10:4 Симонэу зихэгъэгу ыгу етыгъэу фэлажьэщтыгъэр – ар Фалестин хэгъэгум фэлажьэрэ цIыф куп горэм щыщыгъэнкIи мэхъу. Рим (Рум) къэралыгъошхом щыщхэу яхэгъэгу ашIозыубытыгъэхэм къатырахыжьыным а купым хэтхэр ыуж итыгъэх.

10:5 Самарие хэкур – Иудей хэкумрэ Галилей хэкумрэ азыфагу дэлъ хэкур арыгъэ. Джуртхэмрэ Самарие цIыфхэмрэ алъэпкъхэри, яхабзэхэри, ядинхэри зэфэшъхьафхэу зэрэщытыгъэхэм пае зэпыищтыгъэх.

10:7 Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо – еплъ 3:2.

кIыжьыфэ нэс, а цIыфым иунэ шъуис. [12]Унэм шъузихьэ-
кIэ, «Тхьэм шъо мы унэм исхэм гупсэфыныгъэ къы-
шъуерэт», шъуIуи, шIуфэс яшъух. [13]Унэм исхэр а шIуфэс
гущыIэм фэшъуашэхэмэ, Тхьэм гупсэфыныгъэ ахэмэ къа-
ритыщт, ау фэмышъуашэхэу къычIэкIымэ, гупсэфыны-
гъэр шъуадэжьы къерэгъэзэжь. [14]Ау зы унэ горэм исхэм,
е зы къалэ горэм дэсхэм ащыщэу зыми шъуримыгъэбла-
гъэмэ, е шъуигущыIэхэм ямыдэIумэ, а унэм шъукъызи-
кIыжькIэ, е а къалэм шъукъызыдэкIыжькIэ, шъулъа-
къохэм акIэрылъ сапэр акIэрыжъугъэтэкъужь. [15]Шъы-
пкъэр шъосэIо, ахърэт мафэм а къалэм къинэу ыщэчы-
щтым нахьи, къалэхэу Содомрэ Гоморрэрэ* къинэу ащэ-
чыщтыр нахь мэкIэщт.

## Сэ сигъогу шъузэрэрыкIорэм пае, цIыфхэм къин шъуагъэщэчыщт

(Марк 13:9–13; Лука 21:12–17)

[16]–Мары, мэлхэм шъуафэдэу тыгъужъхэм шъуахэсэ-
гъахьэ. Арышъ, блэхэм афэдэу Iушэу шъущыт, гъэпцIэ-
ныгъэ зыхэмылъ тхьаркъохэм афэдэуи шъущыт. [17]ЦIыф-
мэ шъуафэсакъ, сыда пIомэ тхьамэтэ хасэхэм апашъхьэ
шъуращэщт, ясинэгогухэми къамыщкIэ къащышъоощтых.
[18]Сэ сигъогу шъузэрэрыкIорэм пае, Iэшъхьэтетхэмрэ па-
чъыхьэхэмрэ апашъхьэ шъуращэщт. ШъузыращэкIэ, ахэ-
ми хымэ лъэпкъхэми апашъхьэ къэбарышIум шыхьат шъу-
фэхъунэу игъо шъуфифэщт. [19]ХьыкумышIэм* ыпа-
шъхьэ шъузыращэкIэ, «Сыда тIощтыр?» е «Сыдэущтэу тIо-
щта», шъуIоу шъумыгумэкI; сыда пIомэ шъуIон фаер
Тхьэм ЫпсэЛъапIэм ащ дэжьым шъугухэм къарилъхьащт.
[20]КъэгущыIэщтыр шъорэп, Шъуятэ лъапIэ Ыпсэ Лъа-
пIэу шъугухэм арылъыр ары нахь.

[21]–Шым ежь ышы, тым ежь ибын тетыгъо зиIэхэм ари-
гъэукIыным пае, аIэкIигъэхьащт. Бынхэри ятэ–янэхэм
апэуцущтых, тетыгъо зиIэхэми арагъэукIыщтых. [22]Шъо

---

10:15 къалэхэу Содомрэ Гоморрэрэ – ахэр Хы ЛIагъэм иIушъо Iутыгъэх. Ахэмэ адэс цIыфхэм ябзэджагъэ пае Тхьэм а къэлитIур машIокIэ ыгъэкIодыгъагъэх. Еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:24–28.

10:19 хьыкумышIэр – зы цIыф горэ хыеу е мысэу щытмэ, хабзэм иунашъо тетэу зэхэзыфырэр ары.

сэ сцIэ зэрэжъугъэлъапIэрэм пае, цIыф пстэуми шъуа-
уджэгъущт. Ау кIэухым нэсыфэ теубытэныгъэ зиIэр мы-
кIодэу Тхьэм къыгъэнэжьыщт. [23] Зы къалэм къин щы-
шъуагъэщэчмэ, нэмыкIрэ къалэ горэм кIэшъуIэжь. Сыда
пIомэ, шъыпкъэр шъосэIо, Израил хэгъэгум икъалэхэр
къэшъукIухьанхэу игъо шъуимыфэзэ, ЦIыф Лъэпкъым
Ыкъо* къэкIожьыщт.

[24] –ЕджакIор езыгъаджэрэм нахьи нахь инэп, Iофта-
бгэри итхьаматэ нахьи нахь инэп. [25] ЕджакIор езыгъа-
джэрэм фэдэ хъумэ, ащ ар фырикъущт, унэIутри итхьаматэ
фэдэ хъумэ, ащи ар фырикъущт. Унэр зием ВелзевулкIэ*
зеджэхэкIэ, унагъом исхэми ащ нахьи нахь Iае афаIонба?

**Шъузщыщынэн фаер**

(Лука 12:4–7)

[26] –Арышъ, ахэмэ шъуащымыщын, сыда пIомэ къэмы-
лъэгъожьынэу чIэухъумагъэу зи щыIэп, цIыфхэм къамы-
шIэнэуи гъэбылъыгъэу зи щыIэп. [27] Мэзахэм щышъуа-
сIорэр мэфэ нэфынэм къыщышъуIотэжь. ШъутхьакIумэхэм
къяIушъашъэхэу къышъуаIорэм икъэбар унашъхьэхэм
шъуатетэу цIыфхэм яжъугъэIу. [28] Псэр зыукIын зымы-
лъэкIэу, пкъыр зыукIыхэрэм шъуащымыщын. Ащ нахьи,
псэри пкъыри джэхьнэмым щызыгъэкIодышъущтым шъу-
щыщын. [29] Бзыу цIыкIуитIур зы чапычкIэ ащэрэба? Ау
щытми, Шъуятэ лъапIэ фэмыеу, ахэмэ ащыщэу зи чIыгум
къытефэщтэп. [30] Ау шъо шъушъхьэ тет шъхьац налъэ
пстэури лъытагъэ. [31] Арышъ, шъумыщын. Шъо бзыу-
бэхэм анахьи шъуанахь лъапI.

**Христос игъогу рыкIохэрэм узэращыщыр цIыфхэм ябгъэшIэныр**

(Лука 12:8–9)

[32] –Зыгорэм цIыфмэ апашъхьэ сэ сигъогу рыкIохэрэм
зэращыщыр щиIомэ, ар сигъогу рыкIохэрэм зэращыщыр

---

10:23 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ 8:20.

10:25 Велзевул – джынапцIэхэм япащэу шэйтаныр ары.

Сятэу уашъом щыIэм ыпашъхьэ сэри щысIощт. 33 Ау
хэтми сэ сигъогу рыкIохэрэм ащымыщэу цIыфмэ апашъ-
хьэ щызыIорэр, ар сигъогу рыкIохэрэм зэращымыщыр
Сятэу уашъом щыIэм ыпашъхьэ сэри щысIощт.

## Зэзэгъынығъэр чIылъэм къыфэсхьынэу арэп сыкъызфэкIуагъэр, сэшхор къыфэсхьынэу ары нахь

(Лука 12:51–53; 14:26–27)

34 –Зэзэгъыныгъэр чIылъэм къыфэсхьыным пае, сэ сы-
къэкIуагъэу шъумыгугъ. Зэзэгъыныгъэр къэсхьынэу арэп
сыкъызфэкIуагъэр, сэшхор къэсхьынэу ары нахь; 35 сыда
пIомэ сэ сыкъызфэкIуагъэр къор ятэ, пхъури янэ,
нысэри игуащэ пэзгъэуцужьынэу ары. 36 ЦIыфым ипый-
хэри ежь иунагъо исхэр ары.

37 –Хэтми сэ шIу сызэрилъэгъурэм нахьи, зятэ е зянэ
нахьышIоу зылъэгъурэр сфэшъуашэу щытэп. Ащ фэдэуи
хэтми сэ шIу сызэрилъэгъурэм нахьи, е зыкъо е зыпхъу
нахьышIоу зылъэгъурэр сфэшъуашэу щытэп. 38 Хэтми зи-
къащ къэзыштэу, сэ сауж къырымыкIорэр сфэшъуашэу
щытэп. 39 Хэтми зыпсэ мыкIодэу, къызэригъэнэжьыщтым
ыуж итым ыпсэ шIокIодыщт, ау хэтми сэщ пае зыпсэ зы-
шIокIодрэм ыпсэ мыкIодэу къыгъэнэжьыщт.

## IэхьышIу бгъотыныр

(Марк 9:41)

40 –Шъо шъуезыгъэблагъэрэм сэри сыригъэблэгъагъэу
мэхъу, сэ сезыгъэблагъэрэми сэ сыкъэзыгъэкIуагъэри
ригъэблэгъагъэу мэхъу. 41 Хэти зы пегъымбар горэ зэрэпе-
гъэмбарым пае езыгъэблагъэрэм пегъымбарым иIэхьы-
шIу къыгъотыжьыщт, хэти шъыпкъагъэ зиIэ цIыфыр ащ
ишъыпкъагъэ пае езыгъэблагъэрэми шъыпкъагъэ зиIэ
цIыфым иIэхьышIу къыгъотыжьыщт. 42 Хэти мы цIыф
цIыкIухэм ащыщэу зыгорэ сэ сигъогу зэрэрыкIорэм пае,
зы псы чъыIэ шъоныбжъэ нэмыIэми езыгъашъорэм, шъы-
пкъэр шъосэIо, ащ ифэшъошэ IэхьышIу шIокIодыщтэп.

# ЯПШIЫКIУЗЭНЭРЭШЪХЬ

Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIум унашъохэр зафешIыхэ ужым, а чIыпIэм икIи, джуртмэ якъалэхэм цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр щаригъэшIэнхэу ыкIи щаригъэIунхэу кIуагъэ.

## УмэхъэкIо* Иуан лIыкIохэр Исус ыдэжь зэригъэкIуагъэхэр
(Лука 7:18–35)

2 Иуан хьапсым чIэсэу* Христос Iофэу ышIагъэхэм
якъэбар зызэхехым, игъогу рыкIохэрэм ащыщэу нэбгыритIу ыгъакIуи, 3 ригъэупчIыгъ:

–Ора къэкIон фаер, хьауми нэмыкI горэм тыпэплъэн фая?

4 –Жъугъэзэжьи,– ариIожьыгъ Исус ахэмэ, –Iофэу зэхэшъухыхэрэмрэ шъулъэгъухэрэмрэ Иуан ешъуIотэжьых:
5 Нэшъухэр къэплъэжьых, лъащэхэр тэрэзэу мэзекIожьых, шъоджэ уз Iае зиIэхэр псаохэу, къабзэхэу мэхъужьых, дэгухэм зэхахыжьы, лIагъэхэр къэтэджыжьых, тхьамыкIэхэми къэбарышIур зэхахы.
6 Сэщ пае зыгу мыхъун къыизымыгъахьэрэр сыхьатмафэ ежьагъ.

7 Иуан игъогу рыкIохэрэр зежьэжьхэм, Исус цIыф купышхохэм Иуан ехьылIагъэу ариIоу ыублагъ:

–Шъоф нэкIым шъузыдэкIым, сыда шъулъэгъунэу шъузыфэягъэр? Жьыбгъэм ыгъэсысырэ къамыл шъулъэгъунэу арыгъа?
8 Армырмэ, сыда шъулъэгъунэу шъузыфэягъэр ащ дэжьым шъузыдэкIым? Щыгъын дахэхэр зыщыгъ зы лIы горэ арыгъа? Щыгъын дахэхэр зыщыгъхэр зэрысхэр пачъыхьэхэм яунэшхохэр ары.
9 Адэ, сыда шъулъэгъунэу шъузыфэягъэр ащ дэжьым шъузыдэкIым? Пегъымбара? Сэ шъосэIо, ар пегъымбар къодыеп, ар пегъэмбарым нахьи нахь ин.
10 Ар лIыкIоу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм* зикъэбар мырэущтэу

---

11:2 умэхъакIо – еплъ 3:1.

11:2 Иуан хьапсым чIэсэу – еплъ 14:3–4.

11:10 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытыр – еплъ Пегъымбар Малахие тхылъэу ытхыгъэм 3:1.

арытыр ары:

«Мары уапэрапшӀэу силӀыкӀо къэсэгъакӀо,
ащ уигъогу пфигъэпсыщт».

11 –Шъыпкъэр шъосэӀо, бзылъфыгъэхэм къакӀэхъуагъэ-
хэм ащыщэу умэхъэкӀо Иуан нахьи нахь ин щыӀэп. Арэу
щытми, Тхьэу уашъом щыӀэм и Тетыгъошхо ыӀэчӀэгъ
чӀэт цӀыфхэм ащыщэу анахь цӀыкӀури Иуан нахьи нахь
ин. 12 УмэхъэкӀо Иуан имафэхэм къащегъэжьагъэу джы
нэсы, цӀыфхэм Тхьэу уашъом щыӀэм и Тетыгъошхо ыӀэ-
чӀэгъ чӀэт цӀыфхэм къин арагъэщэчыгъ, бзэджашӀэхэми
а тетыгъошхор лӀыгъэкӀэ аубытынэу ыуж итых; 13 сыда
пӀомэ умэхъэкӀо Иуан имафэхэм нэсыфэ, пегъымбархэр
зэкӀэ пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ итхэмкӀи а теты-
гъошхор къызэрэкӀощтым къытегущыӀагъэх. 14 Ар шъу-
штэнэу шъуфаемэ, умэхъэкӀо Иуаныр къэкӀонэу щытыгъэ
пегъымбар Иляс* ары. 15 РыдэӀонэу тхьакӀумэ зиӀэм зэ-
херэх!

16 –Джырэ цӀыфхэр сыда зыфэзгъэдэщтыр? Урамым
тес кӀалэхэу мырэущтэу зыӀохэу, яныбджэгъумэ яджэ-
хэрэм афэдэх:

17 «Къамылым тышъуфепщагъэ пэтми, шъо шъу-
къэшъуагъэп;
тэ гъыбзэ орэд къышъуфэтӀуагъэ пэтми, шъо
шъугъыгъэп».

18 –Сыда пӀомэ Иуан къэкӀуагъ. Ар мэнэкӀы,
сэнэпси ешъорэп. «Ащ джынапцӀэ хэс», аӀо. 19 ЦӀыф
Лъэпкъым Ыкъо къэкӀуагъ. Ар машхэ ыкӀи ешъо, «Шхэн
ешъоныр зикӀасэу, хьакъулахь ахъщэр* хэзыххэрэмрэ
псэкӀод зышӀэхэрэмрэ яныбджэгъу», аӀо. Ау Тхьэм изэхэ-
шӀыкӀыныгъэшхо къыхэкӀыгъэ хъугъэ–шӀагъэхэм азэхэ-
шӀыкӀыныгъэшхор къагъэшъыпкъэжьы.

## Сыхьатмыгъо уежьагъ, Хоразин къалэ! Сыхьатмыгъо уежьагъ, Вифсайдэ къалэ!

(Лука 10:13–15)

20 Джащыгъум Исус къалэхэу ежь иӀофышхо гъэшӀэ-
гъонхэм анахьыбэхэр зыщишӀагъэхэм ягыеу ыублагъ,

11:14 къэкӀонэу щытыгъэ пегъымбар Иляс – еплъ Пегъымбар Малахие тхылъэу ытхыгъэм 4:5–6.

11:19 хьакъулахь ахъщэр – еплъ 5:46.

ахэр япсэкIодшIагъэхэм зэрафыкIэмыгъожьыгъэхэм пае.
21 –Сыхьатмыгъо уежьагъ, Хоразин къалэ! Сыхьатмыгъо
уежьагъ, Вифсайдэ къалэ! Сыда пIомэ шъуадэжь сэ
щысшIэгъэ Iофышхо гъэшIэгъонхэр къалэхэу Тиррэ
Сидонрэ* ащысшIагъэхэу щытыгъэмэ, бэшIагъэу шъыгъо-
ныгъэ щыгъын ащыгъэу, анэкIухэр яжьэкIэ цIэлагъэхэу
япсэкIодшIагъэхэм афыкIэгъожьыщтыгъэх.
22 Ау сэ шъо-
сэIо, ахърэт мафэм шъо къинэу шъущэчыщтым нахьи,
Тиррэ Сидонрэ къинэу ащэчыщтыр нахь мэкIэщт.
23 О
Капернаум къалэ, уашъом удэкIоена? Джэхьнэмым икуу-
пIэ нэсыфэ укIоцIырызыщт нахь,* сыда пIомэ уадэжь
щысшIэгъэ Iофышхо гъэшIэгъонхэр Содом къалэм* щы-
сшIагъэхэу щытыгъэмэ, ар джы нэсыфэ щытэу къэнэ-
щтыгъ.
24 Ау сэ шъосэIо, ахърэт мафэм къинэу о
пщэчыщтым нахьи, Содом къинэу ыщэчыщтыр нахь
мэкIэщт.

### Садэжь шъукъакIуи, гупсэфыныгъэ шъостыщт

(Лука 10:21–22)

25 Ащ дэжьым Исус игущыIэ лъигъэкIуатэу ыIуагъ:
–Сят, уашъоми чIылъэми я Зиусхьан мы Iофхэр цIыф
Iушхэмрэ цIыф губзыгъэхэмрэ ашIоушъэфыгъэу, сабый-
хэм зэрябгъэшIагъэмкIэ щытхъур пфэсэшIы.
26 Ары,
Сят, о ар арэущтэу пшIоигъуагъ.
27 –Сятэ щыIэ пстэури къысIэкIилъхьагъ. Къо лъапIэр
зыфэдэр Ты лъапIэм нэмыкI зыми ышIэрэп. Ты лъапIэр
зыфэдэри Къо лъапIэмрэ Къо лъапIэм ар зэригъэшIэнхэу
фэе цIыфхэмрэ анэмыкI зыми ышIэрэп.
28 –ЗэкIэ улэугъэхэу, хьылъэ онтэгъу зытелъхэр, садэжь
шъукъакIуи, гупсэфыныгъэ шъостыщт.
29 Сэ сибжьы*
зытешъулъхьи, сэ къасIорэр зэжъугъашIэ, сыда пIомэ
сэ сыгу шъабэ, пэгагъи зи илъэп. ЕтIанэ шъугухэмкIэ
гупсэфыныгъэ жъугъотыщт;
30 сыда пIомэ сэ сибжьы
щэчыгъошIоу, сихьылъи псынкIэу щытышъ ары.

---

11:21 къалэхэу Тиррэ Сидонрэ – ахэр хымэ къалэхэу Галилей хэкум итемыр лъэныкъокIэ хыIушъом Iутыгъэхэр ары.

11:23 О Капернаум къалэ . . . укIоцIырызыщт нахь – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 14:13,15.

11:23 Содом къалэр – еплъ 10:15.

11:29 бжьы – цухэр е псыцухэр кум зыкIашIэкIэ, апшъэ тыралъхьэрэ пхъэр ары.

# ЯПШIЫКIУТIОНЭРЭШЪХЬ

## Исус игъогу рыкIохэрэм шэмбэт мафэм коцышъхьэхэр къызэрэпачыгъэхэр

(Марк 2:23–28; Лука 6:1–5)

А лъэхъанэм Исус зы шэмбэт мафэ* горэм коц хьасэхэм ахэтэу кIощтыгъ. Игъогу рыкIохэрэр мэлакIэ лIагъэхэти, коцышъхьэхэр къыпачыхэзэ ашхыхэу аублагъ.
2 Фарисейхэм* ар залъэгъум, Исус къыраIуагъ:

–Еплъ, шэмбэт мафэм хабзэкIэ пшIэ мыхъущтыр* уигъогу рыкIохэрэм ашIэ.

3 –Даутэрэ игъусэхэмрэ мэлакIэ лIэхэ зэхъум, ащ ышIагъэм* шъуеджагъэба?– ариIожьыгъ Исус. 4 –Ар Тхьэм
иунэ ихьи, цIыфхэм Тхьэм ыпашъхьэ агъэтIылъыгъэ хьалыгъур* ежьыми игъусэхэми ашхыгъ. А хьалыгъур дин пащэхэм анэмыкI хабзэкIэ зыгорэм ышхы мыхъунэу щытыгъ, ау Даути игъусэхэми ашхыгъ. 5 Е дин
пащэхэр Тхьэм иунэшхо чIэтхэу, шэмбэт мафэм лажьэхэу, а мафэр амыгъэлъапIэ пэтми,* лажьэ ямыIэу къызэрэнэрэр Мусэ и Тэурат хабзэ зэритхагъэм шъуеджагъэба? 6 Ау сэ шъосэIо, Тхьэм иунэшхо нахьи нахь инэу
зыгорэ къышъухэт. 7 «КъурмэншIыныр арэп сызыфаер,
гукIэгъур ары нахь», ыIуи, Тхьэм къыIогъэ гущыIэхэм*

---

12:1 шэмбэт мафэр – джуртхэм ямэфэ лъапI ары. А мафэм хэти Iоф ышIэнэу фитэп.

12:2 фарисейхэр – еплъ 3:7.

12:2 пшIэ мыхъущтыр – Мусэ и Тэурат хабзэ иунашъо тетэу, шэмбэт мафэм лэжьыгъэ къэпхыныр мыхъунэу щытыгъ. Еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 34:21.

12:3–4 ащ ышIагъэр – еплъ Пегъымбар Самуел икъэбархэр зэрыт апэрэ тхылъым (1 Царств) 21:1–6.

12:4 цIыфхэм Тхьэм ыпашъхьэ агъэтIылъыгъэ хьалыгъур – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 24:5–9.

12:5 дин пащэхэр шэмбэт мафэм лажьэхэу, а мафэр амыгъэлъапIэ пэтми – ахэмэ Тхьэм къурмэн фашIызэ, Iоф ашIэщтыгъ. Еплъ Пегъымбар Мусэ яплIэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 28:9–10.

12:7 Тхьэм къыIогъэ гущыIэхэр – еплъ Пегъымбар Осие тхылъэу ытхыгъэм 6:6.

къарыкIырэр шъушIэщтгъэмэ, лажьэ зимыIэхэрэр
жъугъэмысэщтгъэхэп; [8] сыда пIомэ ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо*
шэмбэт мафэм итхьамат.

## Исус зыIэ лъэныкъор пыгъукIыгъэу щыт лIы горэ зэригъэхъужьыгъэр

(Марк 3:1–6; Лука 6:6–11)

[9] ЕтIанэ Исус а чIыпIэм икIи, ахэмэ ясинэгогу* чIэхьагъ.
[10] ЗыIэ лъэныкъор пыгъукIыгъэу щыт лIы горэ ащ дэ-
жьым чIэтыгъ. Арэущтэу зэхъум, Исус зэрагъэмысэн Iоф
горэ къагъотыным пае, мырэущтэу къеупчIыгъэх:

–Шэмбэт мафэм сымаджэр бгъэхъужьыныр хабзэкIэ
хъущта, мыхъущта?

[11] –Хэта шъуащыщэу мэлы закъоу иIэр шэмбэт ма-
фэм машэм зифэкIэ, къыубытыжьэу, къизымыхыжьы-
щтыр?– ариIуагъ Исус ахэмэ. [12] –ЦIыфыр мэлым нахьи
бэкIэ нахь лъапIэба? Арышъ, шэмбэт мафэм шIу пшIэ-
ныр хабзэкIэ хъущт.

[13] ЕтIанэ Исус а лIым риIуагъ:

–О пIэ къэщэй.

ЛIым ыIэ къыщэий, адрэ Iэм̆ фэдэу хъужьыгъэ.
[14] Джащыгъум фарисейхэр синэгогум чIэкIыжьхи, Исус
агъэкIодынэу гухэлъ ашIызэ, зэрагъэкIодыщт шIыкIэм-
кIэ зэупчIыжьыгъэх.

## Тхьэм ежьым фэлэжьэнэу къыхихыгъэр

Ау Исус ахэмэ ягухэлъ къызешIэм, а чIыпIэм икIы-
жьыгъ. [15] ЦIыфыбэхэр ыуж итхэу кIуагъэх, ахэмэ ахэт
сымаджэхэри зэкIэ ыгъэхъужьыгъэх. [16] Ау Исус ежьыр
хэт щыщми ахэмэ цIыфмэ къарамыгъэшIэнэу унашъо
пытэ афишIыгъ. [17] Арэущтэу зыфэхъугъэр пегъымбар

---

12:8 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ 8:20.

12:9 синэгогу – еплъ 4:23.

Исайас итхылъ итхэу, Тхьэм мы гущыӀэхэу* Христосым
ехьылӀагъэу къыӀуагъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары:
18 «Мыры къысфэлэжьэнэу къыхэсхыгъэр.
Ар сэ шӀу слъэгъоу, сикӀасэу сыгу зэӀурэр ары.
Сэ спсэ ащ ыгу ислъхьанышъ,
ащ шъыпкъагъэр хымэ лъэпкъхэм аригъэӀущт.
19 Ащ бырсыр макъэ къиӀэтыщтэп ыкӀи куощтэп.
Ащ ымакъэ урамхэми зыми щызэхихыщтэп.
20 Къамыл никъо зэпыкӀ* зэпикӀыжьыщтэп,
макӀэу блэрэ шъагъэри* ыгъэкӀосэщтэп,
шъыпкъагъэр тыригъэкӀоным нэсыфэ.
21 Лъэпкъхэр зыщыгугъыхэу зыпаплъэхэрэр ежьыр
ары».

## Исусрэ джынапцӀэхэм япащэу Велзевулырэ

(Марк 3:20–30; Лука 11:14–23; 12:10)

22 Ащ дэжьым нэшъоу ыкӀи бзакоу джынапцӀэ зыхэс
лӀы горэ цӀыфхэм Исус ыдэжь къащагъ. Къызащэм,
Исус лӀы бзакор гущыӀэшъоу ыкӀи ылъэгъушъоу ыгъэ-
хъужьыгъ. 23 ЦӀыф купышхохэм зэкӀэ лъэшэу агъэ-
шӀагъоу аӀуагъ:

–Мыр Даутэ Ыкъоу* Христос* арын фаеба?

24 Ау фарисеймэ ар зызэхахым, мырэущтэу аӀуагъ:

–Велзевулэу* джынапцӀэмэ япащэ илъэкӀыныгъэ ары
джынапцӀэхэр цӀыфхэм зэрахифырэр.

25 Ахэмэ ягухэлъхэр Исус ышӀэхэзэ ариӀуагъ:

–Сыд фэдэрэ пачъыхьагъор лъэныкъуитӀоу зигощымэ,
зэхэтэкъощт. Ащ фэдэуи сыд фэдэрэ къали, сыд фэдэрэ

---

12:17–21 Тхьэм мы гущыӀэхэу . . . – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 42:1–4.

12:20 Къамыл никъо зэпыкӀ . . . макӀэу блэрэ шъагъэр – заухъумэжьын зымылъэкӀэу, лъэкӀыныгъэ зимыӀэ цӀыфхэр ары.

12:23 Даутэ Ыкъо – еплъ 9:27.

12:23 Христос – еплъ 1:17.

12:24 Велзевул – еплъ 10:25.

уни лъэныкъуитIоу гощыгъэ хъумэ, щыIэжьын ылъэ-
кIыжьыщтэп. [26] Шэйтаными зы цIыф горэм шэйтаныр
хифымэ, ащыгъум ежь ышъхьэкIэ лъэныкъуитIоу зэ-
рэгъэхъугъэу мэхъу. Сыдэущтэу етIанэ ащ итетыгъо
щыIэжьын ылъэкIына? [27] Адэ, Велзевул илъэкIыныгъэ-
кIэ сэ джынапцIэхэр цIыфхэм ахэсэфыхэмэ, шъо шъу-
ицIыфхэм джынапцIэхэр цIыфхэм зэрахафырэр хэт илъэ-
кIыныгъэу хъура? Арышъ, ахэр шъо шъуихьыкумы-
шIэхэу* хъущтых. [28] Ау сэ джынапцIэхэр цIыфхэм зэра-
хэсфырэр Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ арышъ, Тхьэм и Теты-
гъошхо* къызэрэшъухэхьагъэр ары ащ къикIырэр.

[29] –Ащ фэдэу, кIуачIэ зиIэ лIы горэм иунэ ихьэу, ащ
ихьапщыпхэр къытыгъун хэта зылъэкIыщтыр, ыпэра-
пшIэу а лIэу кIуачIэ зиIэр зэкIоцIимыпхэмэ? Ау а лIыр
зэкIоцIипхэмэ, иунэ къыхъункIэн ылъэкIыщт.

[30] –Сэ симыгъусэр къыспэуцу, къыздэзымыугъуоирэми
ретэкъухьэ. [31] Арышъ, сэ шъосэIо, цIыфхэм сыдрэ
псэкIодэу ашIагъэри, сыд фэдэу Тхьэр агъапцIыгъэми
афэгъушъущтых, ау хэти Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ зыгъэ-
пцIырэм къыфэгъущтэп. [32] Хэти ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо
гущыIэ Iае фэзыIорэм фэгъущт, ау Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ
гущыIэ Iае фэзыIорэм мы дунаеми адрэ дунаеми къы-
щыфэгъущтэп.

## Чъыгыр зыфэдэр къыпыкIэрэмкIэ къэпшIэщт

(Лука 6:43–45)

[33] –Чъыгыр шIумэ, къыпыкIэрэри шIу; чъыгыр дэймэ,
къыпыкIэрэри дэи; сыда пIомэ чъыгыр зыфэдэр къы-
пыкIэрэмкIэ къэпшIэщт. [34] Шъо, блэщылъфыхэр, шъо
шъуибзэджагъэкIэ сыдэущтэу шIу къэшъуIон шъулъэ-
кIына? Сыда пIомэ жэм къыдэкIырэр гум илъыр ары.
[35] ЦIыфышIум ыгу илъ шIугъэм шIугъэ къыхехы, цIыф
бзаджэми ыгу илъ бзэджагъэм бзэджагъэ къыхехы.
[36] Сэ шъосэIо, цIыфхэм сыдрэ гущыIэу, пкIэ зимыIэу
къаIорэм ипэгъокI ахърэт мафэм Тхьэм ратыжьын фаеу
хъущт; [37] сыда пIомэ уигущыIэхэм яхьылIагъэу Тхьэм
уигъэхыещт, уигущыIэхэм яхьылIагъэуи уигъэмысэщт.

---

12:27 хьыкумышIэр – зы цIыф горэ хыеу е мысэу щытмэ, хабзэм иунашъо тетэу зэхэзыфырэр ары.

12:28 Тхьэм и Тетыгъошхо – еплъ 3:2.

## Зы нэшэнэ гъэшIэгъонышхо горэ уашъом къафыригъэхынэу фарисейхэр Исус къызэрелъэIугъэхэр

(Марк 8:11–12; Лука 11:29–32)

[38] Ащ дэжьым Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ фарисей-
хэмрэ ащыщхэм Исус къыраIуагъ:
–Дин гъэсакIу, зы нэшэнэ гъэшIэгъонышхо горэ
тэбгъэлъэгъунэу тыфай.
[39] –Джырэ цIыф бзаджэхэу Тхьэр зымышIэхэрэр нэ-
шэнэ гъэшIэгъонышхо фаех,– ариIожьыгъ Исус ахэмэ,
–ау пегъымбар Юныс инэшанэ нэмыкI Тхьэм ахэмэ
къаритыщтэп; [40] сыда пIомэ Юныс* пцэшхо джадэм
ыныбэ мэфищырэ чэщищырэ зэрилъыгъэм фэдэу, ЦIыф
Лъэпкъым ЫкъоI мэфищырэ чэщищырэ чIылъэм икуупIэ
чIэлъыщт. [41] Ниневие къалэм дэсыгъэ цIыфхэр ахърэт
мафэм къэтэджыжьынхэшъ, джырэ цIыфхэм къядэо-
щтых ыкIи къагъэмысэщтых, сыда пIомэ ахэмэ Тхьэм
игущыIэхэр Юныс аригъэIухэу зызэхаххэм, япсэкIод-
шIагъэхэм афыкIэгъожьыгъэх, ыкIи мары, пегъымбар
Юныс нахьи нахь инэу зыгорэ къышъухэт. [42] Джащ
фэдэу къыблэ хэгъэгум щыщэу бзылъфыгъэ пачъыхьэр*
ахърэт мафэм къэтэджыжьынышъ, джырэ цIыфхэм
къядэощт ыкIи къыгъэмысэщтых, сыда пIомэ а бзы-
лъфыгъэ пачъыхьэр пачъыхьэ Сэлмэн* изэхэшIыкIы-
ныгъэ едэIунэу чIылъэм икъуапэ къикIи къэкIуагъ, ыкIи
мары, пачъыхьэ Сэлмэн нахьи нахь инэу зыгорэ къы-
шъухэт.

## ДжынэпцIэ Iаем къызэригъэзэжьырэр

(Лука 11:24–26)

[43] –Зы джынэпцIэ Iае горэ цIыф горэм зыхэкIыкIэ,
псы зэрымыт шъоф нэкIым макIошъ, зыгъэпсэфыпIэ
горэм лъыхъоу къекIухьэ, ау ыгъотырэп. [44] Зыгъэпсэ-

---

12:40 Юныс– еплъ Пегъымбар Юныс икъэбар зэрыт тхылъым (Иона) 1:17.

12:42 бзылъфыгъэ пачъыхьэр – еплъ Пачъыхьэхэм якъэбархэр зэрыт апэрэ тхылъым (3 Царств) 10:1–10.

12:42 пачъыхьэ Сэлмэн – Сулиман ары.

фыпIэ ымыгъотэу, «Сызыхэсыгъэ цIыфэу сэ сиунэу щытыгъэм ыдэжь згъэзэжьыщт», еIо. Ащ ыдэжь къегъэзэжьышъ, унэр нэкIэу, пхъэнкIыгъэу, зэлъыIухыгъэу къегъотыжьы.
[45]Джащыгъум макIо, джынэпцIибл ежьым нахьи нахь бзаджэхэу къызыдещэхэшъ, унэм ехьэхэшъ, етIысхьэх. Аужыпкъэм а лIым иIоф ыпэрэм нахьи нахь дэи мэхъу. Джары джырэ цIыфхэм къяхъулIэщтыр.

## Исус янэрэ ышхэмрэ

(Марк 3:31–35; Лука 8:19–21)

[46]Исус а гущыIэхэр цIыф купышхохэм ариIохэзэ, ежь янэрэ ышхэмрэ къэкIуагъэхэу, къыдэгущыIэхэмэ ашIоигъоу щагум дэтыгъэх.
[47]Зыгорэм Исус къыриIуагъ:

–КъэдаIолъ, о уянэрэ пшыхэмрэ къэкIуагъэхэу, къыбдэгущыIэхэмэ ашIоигъоу щагум дэтых.

[48]–Хэта сянэри, хэта сшыхэри?– риIожьыгъ Исус а къезыIуагъэм.
[49]ЕтIанэ игъогу рыкIохэрэм Iапэ афишIи къыIуагъ:

–Мыхэр ары сэ сянэри сшыхэри;
[50]сыда пIомэ хэти сэ Сятэу уашъом щыIэр зыфаер зыгъэцакIэрэр ары сэ сшыри, сшыпхъури, сянэри.

# ЯПШIЫКIУЩЭНЭРЭШЪХЬ

## Чылапхъэр зыпхъырэм ехьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

(Марк 4:1–9; Лука 8:4–8)

А мэфэ дэдэм Исус унэм къикIи, псыхъурэе Iушъом IутIысхьагъ.
[2]ЦIыф купышхохэу ежь ыдэжь къыщызэрэугъоигъэхэр зэрэбагъэм пае, ежьыр зы къуашъо горэм итIысхьагъ. ЦIыфхэр зэкIэ псыхъураем Iутыгъ.
[3]ЕтIанэ Исус гъэсэныгъэ тхыдэхэмкIэ цIыфхэм Iофыбэхэр ариIуагъэх:

–Шъукъэдаlу. Зы лlы горэ чылапхъэ ыпхъынэу
дэкlыгъ. [4] Чылапхъэр ыпхъызэ, ащ щыщ тlэкlу гъогум тетэ-
къуагъ. Бзыухэр къэбыбыхи, ар ашыпыгъ. [5] Ау зы тlэ-
кlуи ятlэ макlэ зыхэлъ чlыгу мыжъуалъэм тетэкъуагъ.
Чlыгур куугъэпти, шlэх дэдэу къыхэкlыгъ, [6] ау тыгъэр
къызыдэкlуаем пыгъукlыгъ, лъапсэ куу зэрямыlагъэм
пайй, гъугъэх. [7] Нэмыкl тlэкlуи панэхэм ахэтэкъуагъ.
Панэхэр къэкlыхи, чылапхъэу къыхэкlыгъэхэр атхьала-
гъэх. [8] Ау етlани зы тlэкlу чlыгу дэгъум хэтэкъуагъ,
шъхьэхэри къапыкlагъэх. Зы шъхьэ налъэм коцишъэ
къикlагъ, адрэм тlокlищ, адрэми щэкl къикlагъ.
[9] Етlанэ Исус къыпигъэхъожьыгъ:
–Рыдэlонэу тхьакlумэ зиlэм зэхерэх.

## Исус цlыфхэм lофхэраригъашlэхэзэ, гъэсэныгъэ тхыдэхэр къызыкlафиlотэщтыгъэхэр

(Марк 4:10–12; Лука 8:9–10)

[10] Ащ нэужым игъогу рыкlохэрэр Исус къыбгъодахьэхи
къеупчlыгъэх:
–Цlыфхэм уадэгущыlэзэ, гъэсэныгъэ тхыдэхэр сыда зы-
кlафэпlуатэрэр?
[11] –Тхьэу уашъом щыlэм и Тетыгъошхо ишъэфхэр шъу-
шlэнхэу Тхьэм фитыныгъэ къышъуитыгъ, ау ахэмэ къа-
ритыгъэп,– ариlожьыгъ Исус ахэмэ. [12] –Тхьэм зиlэм
нахьыбэ къыритыщт, къелыжьынэуи бэ иlэщт, ау Тхьэм
зимыlэм иlэ тlэкlури lихыжьыщт. [13] Сэ цlыфхэм садэ-
гущыlэзэ, гъэсэныгъэ тхыдэхэр зыкlафэсlуатэрэр мары:
Ахэр еплъыхэ пэтми, алъэгъурэп,
даlохэ пэтми, зэхахырэп ыкlи къагурыlорэп.
[14] –lофэу ахэмэ къяхъулlэрэмкlэ Тхьэм ежь игущыlэхэу
пегъымбар Исайас ыгу къырилъхьэхи, къыригъэlуагъэ-
хэр* къэшъыпкъэжьыгъэх:
«Шъо егъашlэм зэхэшъухы зэпытыщт, ау къыжъу-
гурыlощтэп;
шъо егъашlэм шъулъэгъу зэпытыщт, ау гу лъы-

---

13:14–15 Тхьэм . . . пегъымбар Исайас . . . къыригъэlуагъэхэр –
еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 6:9–10. Пегъымбар Исайас,
Исус къэхъуным ыпэкlэ 759–698 илъэсхэм къакlоцl псэугъагъ.

шъутэщтэп.

[15] Сыда пIомэ мы цIыф лъэпкъым щыщхэм агухэм гулъытэ ямыIэ хъугъэ.
Ахэмэ атхьакIумэхэмкIэ жъажъэу зэхахы, анэхэри аупIыцIагъэх.
Арэущтэу щымытыгъэмэ, анэхэмкIэ алъэгъущтыгъ,
атхьакIумэхэмкIи зэхахыщтыгъ, агухэмкIи къагурыIощтыгъ,
садэжьи къагъэзэжьыгъэмэ, сэ ахэр згъэхъужьыщтгъэх».

[16] –Ау шъо шъунэхэри шъутхьакIумэхэри сыхьатмафэ ежьагъэх, ахэмэ ыкIи алъэгъу ыкIи зэхахы.
[17] Шъыпкъэр шъосэIо, пегъымбар Iаджи шъыпкъагъэ
зиIэ цIыф Iаджи шъо шъулъэгъурэр алъэгъумэ ашIоигъуагъ, ау алъэгъугъэп, шъо зэхэшъухырэри зэхахынэу ашIоигъуагъ, ау зэхахыгъэп.

**Чылапхъэр зыпхъырэм ехьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэм къикIырэр Исус игъогу рыкIохэрэм къызэрагуригъэIуагъэр**

(Марк 4:13–20; Лука 8:11–15)

[18] –Ащыгъум чылапхъэр зыпхъырэм ехьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэм къикIырэм шъукъедэIу:
[19] Тхьэм и Тетыгъошхо икъэбар зыгорэм зэхихэу, ау ар къызыгурымыIокIэ, Шэйтаныр къэкIошъ, чылэпхъэшIоу а цIыфым ыгу илъ хъугъэр рехыжьы. Мыр чылапхъэу гъогум тепхъагъэм фэд.
[20] Адрэ цIыфыри мыжъуабэ зэрылъ чIыгум тепхъэгъэ чылапхъэм фэд. А цIыфыр ары Тхьэм игущыIэхэр зэрэзэхиххэу, а гущыIэхэр гушIуагъокIэ зыштэрэр.
[21] Ау ащ ыгукIэ лъапсэ зэримыIэм пае, шIошъхъуныгъэм игъогу бэрэ тетыжьрэп. Тхьэм игущыIэхэм апаекIэ, е гузэжъогъу зэрэхафэу, е цIыфхэм ащ къин зэрэрагъэщэчэу, шIошъхъуныгъэм игъогу текIыжьы.
[22] ЕтIани зы цIыф панэхэм ахэпхъэгъэ чылапхъэм фэд. Ащ Тхьэм игущыIэхэр зэхехых, ау мы дунаем игугъухэмрэ баиныгъэм игъэпцIэныгъэрэ Тхьэм игущыIэхэу ыгу илъхэр атхьалэхэшъ, ащ зи шIугъэ къыпыкIырэп.
[23] ЕтIани нэмыкI зы цIыф чIыгу дэгъум хэпхъэгъэ чылапхъэм фэд. Ар ары Тхьэм игущыIэхэр зэхэзыхэу, зэхэзышIыкIырэр. Ащ шIугъэ къыпэкIы, е фэдишъэ, е фэдэ тIокIищ, е фэдэ щэкI.

## Уц шIоеу коцым ыгузэгу пый горэм щипхъыгъэм ехьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

24 Исус нэмыкI гъэсэныгъэ тхыди ахэмэ къафиIотагъ:

–Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо зыфэдэр лIэу
чылэпхъэшIу зихьасэ хэзыпхъагъэр ары. 25 Ау цIыфхэр
чъыехэзэ, ипый къакIуи, уц шIой коцым ыгузэгу
хипхъи IукIыжьыгъ. 26 А чылапхъэр къэкIэу, къыпы-
кIэнэу зыфежьэм, ащ игъусэу уц шIоири къыхэкIыгъ.

27 –Хьасэр зием ыдэжь илэжьакIохэр кIохи раIуагъ:
«Тхьаматэ, чылэпхъэшIу уихьасэ хэупхъагъэба? Адэ, мы
уц шIоир тыдэ къикIыгъа?»

28 –«Ар пый горэм ышIагъ», къариIожьыгъ тхьаматэм.
«Тэ тыкIонышъ, ар къыхэтчынэу уфая?» аIуи, лэжьа-
кIохэр тхьаматэм еупчIыгъэх.

29 –Ау ежьым къыIуагъ: «Хьау, ар хъущтэп, сыда пIомэ
уц шIоим игъусэу коцыри къыхэшъучынкIэ мэхъу. 30 ТIу-
ри зэгъусэу хыныгъом нэсыфэ къызэдэрэкI. Къахыжьын
зыхъукIэ, хынакIомэ сэ ясIощт: Уц шIойхэр ыпэрапшIэу
къыхэшъухи шъупхых, машIокIэ жъугъэстынхэм пае;
етIанэ коцыр къэшъухи, сиконхэм арышъутакъу».

## Горчицацэмрэ тэджэпсымрэ яхьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэхэр

(Марк 4:30–32; Лука 13:18–21)

31 Ащ нэмыкIэуи зы гъэсэныгъэ тхыдэ Исус ахэмэ къафи-
Iотагъ:

–Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо* зыфэдэр гор-
чицацэр* ары. А цэр зы лIы горэм ихьасэ щишIагъ.
32 Цэ пстэуми анахь цIыкIу пэтми, ар къызыкIырэ ужым,
зы илъэс зыныбжь къэкIыгъэ пстэуми анахь инэу щыт.
Ошъогу бзыухэри къэбыбыхэзэ, ащ икъутамэхэм ате-
сынхэу чъыгы мэхъу.

33 ЕтIанэ Исус нэмыкI гъэсэныгъэ тхыди къафиIотагъ:

–Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо зыфэдэр тэджэ-
псыри ары. Зы бзылъфыгъэ горэм тэджэпсыр къышти,

---

13:31 Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо – еплъ 3:2.

13:31 горчицэ – арапыбзэкIи тыркубзэкIи «хъардэл» ары.

хьаджыгъэ Iанлъищымкlэ зэхипшыхьагъ, зэрэщытэу къэ-
тэджыфэ.
[34] А зэпстэури Исус гъэсэныгъэ тхыдэхэмкlэ цlыф ку-
пышхохэмэ къафиlотагъ. Гъэсэныгъэ тхыдэ хэмытэу адэ-
гущыlэщтыгъэп. [35] Исус цlыфхэм адэгущыlэзэ, гъэсэныгъэ
тхыдэхэр зыфафиlотагъэр пегъымбарым мы гущыlэхэу
къыlуагъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары:

«Гъэсэныгъэ тхыдэхэр къэсlуатэхэу сыжэ къызэ-
тесхынышъ,
дунаер къызыхъугъэм щегъэжьагъэу
аушъэфыщтыгъэ lофхэр къэсlощтых».

## Уц шlоеу коцым ыгузэгу пыим щипхъыгъэм ехьылlэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэм къикlырэр Исус игъогу рыкlохэрэм къызэрагуригъэlуагъэр

[36] Ащ нэуж Исус цlыф купышхохэм къахэкlи, унэу
зэрысыгъэм ихьагъ. Игъогу рыкlохэрэр къыбгъодахьэхи
къыраlуагъ:
–Хьасэм къыхэкlэгъэ уц шlоим ехьылlэгъэ гъэсэныгъэ
тхыдэм къикlырэр къыдгурыгъаlу.
[37] –Чылэпхъэшlур зыпхъырэр Цlыф Лъэпкъым Ыкъу*
ары,– къыlожьыгъ Исус. [38] –Хьасэм къикlырэр дунаер
ары. Чылэпхъэшlуми къикlырэр Тхьэм и Тетыгъошхо
ыlэчlэгъ чlэт цlыфхэр ары. Уц шlоими къикlырэр шэй-
таным ицlыфхэр ары. [39] Етlанэ пыеу а уцыр коц гузэ-
гум хэзыпхъагъэм къикlырэр шэйтаныр ары. Хыны-
гъоми къикlырэр мы дунаем икlэух ары, хынакlохэми
къарыкlырэр мэлэlичхэр ары.
[40] –Уц шlоир къыхачэу, машlомкlэ зэрагъэстырэм
фэдэу ары зэрэхъущтыр мы дунаем икlэух дэжь: [41] Цlыф
Лъэпкъым Ыкъо имэлэlичхэр ыгъэкlонхэшъ, уц шlоир
лэжьыгъэм зэрэхачырэм фэдэу, цlыфхэм псэкlод языгъа-
шlэрэ цlыфхэри, нэмыкl цlыфхэу бзэджагъэ зышlэхэ-
рэри Тхьэм и Тетыгъошхо ыlэчlэгъ чlаукъэбзыкlыщтых.
[42] Мэлэlичхэм а цlыфхэр аугъоинхэшъ, мэшlошхом
ихьаку радзэщтых. Ащ дэжьым куохьауныгъэрэ цэ зэрэ-
гъэшхыныгъэрэ щыхъущтых. [43] Джащыгъум шъыпкъа-
гъэ зиlэ цlыфхэр тыгъэ нэбзыйхэм афэдэу, Ты лъапlэм

---

13:37 Цlыф Лъэпкъым Ыкъу – еплъ 8:20.

и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэтхэу къыщынэфыщтых. РыдэIонэу тхьакIумэ зиIэм зэхерэх.

**Гъэсэныгъэ тхыдищ**

44 –Ащ нэмыкIэуи Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо
зыфэдэр мылъкушхоу хьасэм щыгъэбылъыгъэу щыты-
гъэр ары. А мылъкушхор зы цIыф горэм къызегъотым,
ыгъэбылъыжьи, гушIозэ кIуи, иIэр зэкIэ ыщэжьи, а
хьасэр къыщэфыгъ.

45 –ЕтIанэ Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо зыфэдэр
налмэс–налкъутэ дэгъухэм алъыхъурэ сатыушIэр* ары.
46 Налмэс–налкъутэ лъапIэ зегъотым, кIуи иIэр зэкIэ
ыщэжьи, ар къыщэфыгъ.

47 –Джыри Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо зыфэдэр
хъытыоу хым хадзагъэу, пцэжъые зэмылIэужыгъуабэ
къэзыубытыгъэр ары. 48 Ащ изы зэхъум, пцэжъыяшэ-
хэм ар хыIушъом къытыралъэшъожьыгъ. ЕтIанэ ахэр
тIысхи, пцэжъые дэгъухэр щалъэхэм аралъхьэхи, пцэ-
жъые дэйхэри чIадзыжьыгъэх. 49 Джащ фэдэу ары зэрэ-
хъущтыр мы дунаем икIэух дэжь. МэлэIичхэр къехын-
хэшъ, шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм цIыф бзаджэхэр
къахащынхэшъ, 50 мэшIошхом ихьаку радзэщтых. Ащ
дэжьым куохьауныгъэрэ цэ зэрэгъэшхыныгъэрэ щыхъу-
щтых.

**МылъкукIэмрэ мылъкужъымрэ**

51 Ащ нэуж Исус игъогу рыкIохэрэмэ яупчIыгъ:

–А пстэури шъо шIоу къыжъугурыIуагъа?

–ШIоу къыдгурыIуагъэх, Зиусхьан,– аIуи, ахэмэ пэгъокI къатыжьыгъ.

52 –Ащ къыхэкIыкIэ хэтрэ Тэурат егъэджэкIо пащэу*
Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIахьэрэр
унэ зие горэм фэд,– ариIуагъ Исус ахэмэ. –Ащ мы-
лкъу гъэтIылъыпIэу иIэм мылъкукIи мылъкужъи къы-
чIехы.

---

13:45 сатыушIэр – щэн–щэфакIор ары.

13:52 Тэурат егъэджэкIо пащэ – еплъ 2:4.

### Назарет дэс цIыфхэм Исус зэрамыштагъэр

(Марк 6:1–6; Лука 4:16–30)

53 А гъэсэныгъэ тхыдэхэр якъыIотэн Исус къызе-
ухым, а чIыпIэм икIыжьыгъ. 54 Янэ икъалэ къэкIожьи,
ясинэгогу цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр щаригъашIэхэу
ыублагъ. ЦIыфхэм зэраригъашIэщтыгъэ шIыкIэр агъэ-
шIагъоу къаIуагъ:
–Мы лIым мыщ фэдиз зэхэшIыкIыныгъэшхо тыдэ къы-
рихыгъа? Мы лъэкIыныгъэ зыхэлъ Iофышхохэр тыдэ
къикIыгъэха? 55 ПхъашIэм ыкъор арыба мыр? Мыщ янэба
МерэмкIэ заджэхэрэр? Якъуб, Иосый, Симон, Иудэ
мы лIым ышхэба? 56 Ышыпхъухэри зэкIэ тэ къыт-
хэсхэба? Арэущтэу зыщыткIэ, мы лIым мы Iоф пстэури
тыдэ къырихыгъа?
57 Арэущтэу Исус пае агу мыхъун къырагъэхьагъ.
–Пегъымбарым лъытэныгъэ фэзымышIыхэрэр ежь янэ
икъалэ дэсхэмрэ ежь иунагъо щыщхэмрэ арых ныIэп,–
ариIуагъ Исус ахэмэ.
58 Ахэмэ шIошъхъуныгъэ зэрямыIэм пае, Исус Iофы-
шхо гъэшIэгъоныбэхэр ащ щищIагъэхэп.

## ЯПШIЫКIУПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

### УмэхъэкIо Иуан ышъхьэ зэрэпаупкIыгъэр

(Марк 6:14–29; Лука 9:7–9)

А мафэхэм пщэу Ирод* Исус икъэбар зэхихыгъэти,
2 Iофтабгэхэмэ ариIуагъ:
–Ар умэхъэкIо Иуан арын фае. Ар лIагъэхэм къа-
хэтэджыкIыжьыгъ, джари ащ фэдэ лъэкIыныгъэ зыхэлъ
Iофышхохэр ыIэ къызкIикIыхэрэр.
3,4 Ирод ар зыкIиIуагъэр мары: Ежьым ышэу Филипп
зыщIэр псаоу пэтми, Ирод а Филипп ишъузэу Иродиадэ

---

14:1 пщэу Ирод – Ирод Антипэ ары. Исус къэхъуным ыпэкIэ я 4–рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу Исус къызэхъу нэужым я 39–рэ илъэсым нэсы, ар Галилей хэкумрэ, Перей хэкумрэ япщэу щытыгъ.

зыцӀэр къыщэжьыгъ. Ащ къызэрищэжьыгъэм пае, Иуан
Ирод риӀощтыгъ: «О пшы ишъуз къэпщэжьыныр хабзэкӀэ
хъущтэп». Ащ нэужым Иродиадэ ихьатыркӀэ Ирод идзэ-
лӀхэм Иуан аригъэубыти, Ӏэхъу–лъэхъу тыраригъалъхьи,
хьапсым чӀаригъэдзагъ. [5] Ирод Иуан ыукӀынэу фэягъ,
ау цӀыфхэм ащыщынэщтыгъ, сыда пӀомэ ахэмэ Иуан
пегъымбаркӀэ алъытэщтыгъэти ары.

[6] Ау Ирод къызыхъугъэ мафэр загъэлъапӀэм, Иродиадэ
ыпхъу утыгум къиуцуи, къафашъуи, пщы Ирод ыгу еӀугъ.
[7] Ыгу еӀугъэти, пшъашъэм тхьарыӀо фишӀи ыӀуагъ:

–Сыд щыщми узыфаер остын.

[8] Янэ ыгъэӀушыгъэти, пшъашъэм къыӀуагъ:

–УмэхъэкӀо Иуан ышъхьэ лэгъэшхо горэм илъэу
къысэт.

[9,10] Пачъыхьэм ар зызэхехым, ыгу лъэшэу къеуагъ,
арышъхьакӀэ хьакӀэхэм апашъхьэ пшъашъэм тхьарыӀоу
фишӀыгъэм пае зыфаер ратынэу унашъо ышӀи, Иуан
ышъхьэ хьапсым къыщыпиупкӀынэу зы дзэлӀ горэ ыгъэ-
кӀуагъ. [11] Иуан ышъхьэ лэгъэшхом илъэу къахьи, пшъа-
шъэм ратыгъ, пшъашъэми янэ фихьыгъ. [12] ЕтӀанэ Иуан
игъогу рыкӀохэрэр къакӀохи, Иуан ихьадэ хьапсым чӀахы-
жьи, чӀалъхьажьыгъ. ЗычӀалъхьажьы ужым, кӀохи къэба-
рыр Исус фахьыгъ.

## Исус нэбгырэ минитф зэригъэшхагъэр

(Марк 6:30–44; Лука 9:10–17; Иуан 6:1–14)

[13] Исус а къэбарыр зызэхехым, цӀыфхэм ахэкӀи, къуа-
шъомкӀэ чӀыпӀэ Ӏудзыгъэ горэм изакъоу кӀуагъэ. Ау
цӀыф купышхохэм ар зызэхахым, къалэхэм къадэкӀыхи,
лъэсэу Исус лъыкӀуагъэх. [14] Исус къуашъом къикӀи, цӀыф
купышхор зелъэгъум, ыгу афэгъуи, сымаджэхэу ахэтхэр
ыгъэхъужьыгъэх.

[15] Пчыхьэ зэхъум, игъогу рыкӀохэрэр Исус къыбгъо-
дахьэхи къаӀуагъ:

–Мы чӀыпӀэр нэкӀы, мафэри хэкӀотэгъах. Къуа-
джэхэм кӀонхэшъ, гъомлапхъэ къызфащэфыжьыным пае,
цӀыф купышхохэр тӀупщыжьых.

[16] –Зыми кӀонхэу ящыкӀагъэп. Шъо ахэр жъугъашхэх,–
ариӀуагъ Исус ахэмэ.

[17] –Тэ хьалыгъуитфрэ пцэжъыитIурэ нахь зи тиIэп,– къыраIожьыгъ адрэхэм.

[18] –Мо сэ ахэр къысфэшъухьых,– къыIожьыгъ Исус.
[19] ЕтIанэ Исус цIыф купышхохэр уцым хэтIысхьанхэу
ариIуагъ. Хьалыгъуитфымрэ пцэжъыитIумрэ къыштэхи,
уашъом дэплъыий, Тхьэм щытхъу фишIыгъ. ЕтIанэ
хьалыгъухэр зэгуичыхи, игъогу рыкIохэрэм аритыгъэх;
ахэми цIыф купышхохэм афагощыгъэх. [20] ЦIыф пстэури
шхагъэх ыкIи загъэшхэкIыгъ. Ащ нэужым хьалыгъу такъырхэу къялыжьыгъэхэр мэтэ пшIыкIутIу арызэу ау-
гъоижьыгъэх. [21] Шхагъэхэр зэкIэ, бзылъфыгъэхэмрэ
сабыйхэмрэ хэмытхэу, нэбгырэ минитф фэдиз хъущтыгъэх.

## Исус псы кIыIум тетэу зэрэкIуагъэр

(Марк 6:45–52; Иуан 6:16–21)

[22] ЕтIанэ Исус цIыф купышхохэр ытIупщыжьыхэфэ,
игъогу рыкIохэрэр ежьым ыпэрапшIэу псыхъураем
иадрабгъу зэпырыкIынхэу къуашъом ригъэтIысхьагъэх.
[23] ЦIыф купышхохэр зетIупщыжьыхэ ужым, изакъоу
Тхьэм елъэIунэу Iуашъхьэм дэкIоягъ. Пчыхьашъхьэр
къызэсым, ащ дэжьым изакъоу къытенагъ. [24] Ау къуа-
шъор псыхъураем ыгузэгу нэсыгъагъ, жьыбгъэри къыпеоти, хыорхэм къуашъор къин хадзагъ.

[25] АтэкъэIогъум дэжь къуашъом исхэм алъэныкъокIэ
псы кIыIум тетэу Исус къэкIуагъ. [26] Исус псы кIыIум
тетэу къакIоу игъогу рыкIохэрэмэ залъэгъум, хьадэ джадэу аIуи, лъэшэу щтагъэхэу къэкууагъэх.

[27] Ау къызэкуохэм, Исус къариIуагъ:

–Шъугу шъумыгъэкIоды, сэры ар, шъумыщын.

[28] –Зиусхьан,* орымэ ар, псы кIыIум сытетэу, уадэжь сыкъэкIонэу къысаIу,– риIуагъ Петрэ Исус.

[29] –КъакIо,– къыIуагъ Исус.

Петр къуашъом икIи, псы кIыIум тетэу Исус ыдэжь
кIоу ыублагъ. [30] Ау жьыбгъэшхоу къепщэрэм гу зылъетэм, къэщтагъ. Псым чIэбэу зеублэм, къэкууагъ:

–Зиусхьан, сымытхьалэу сыкъэгъэнэжь.

---

14:28 Зиусхьан – Тхьэмэтэшхор ары.

31 Петрэ ар къызэриIоу, Исус ыIэ ыщэий, къыубыти
къыриIуагъ:
–О шIошъхъуныгъэ зимакIэр, сыда узкIехъырэхъы-
шагъэр?
32 ЕтIанэ а нэбгыритIур къуашъом адитIысхьажьхи,
жьыбгъэр уцужьыгъэ. 33 Зэуцужьым, къуашъом исхэр
лъэгонджэмышъхьэкIэ Исус ыпашъхьэ къитIысхьэхи
раIуагъ:
–Шъыпкъэу о Тхьэм ури Къоу ущыт.

### Исус Геннисарет хэкум сымаджэхэр зэрэщигъэхъужьыгъэхэр

(Марк 6:53–56)

34 Псыхъураем зызэпырэкIыхэм, Геннисарет хэкум нэсы-
гъэх. 35 А чIыпIэм ис цIыфхэмэ Исус къызашIэжьым,
а хэкум зэрэщытэу макъэ щагъэIуи, сымаджэхэр зэкIэ
Исус къыфахьыгъэх. 36 Зи мыхъуми, Исус ищыгъын кIа-
пэ нигъэсынхэу къелъэIугъэх, ищыгъын кIапэми нэсыгъэ
пстэури хъужьыгъэх.

## ЯПШIЫКIУТФЭНЭРЭШЪХЬ

### Тыжъхэм къакIэныжьыгъэ хабзэхэр

(Марк 7:1–23)

Джащыгъум Ерусалим къикIыгъэ фарисейхэмрэ Тэу-
рат егъэджэкIо пащэхэмрэ Исус ыдэжь къакIохи къеу-
пчIыгъэх:
2 –О уигъогу рыкIохэрэр тятэжъхэм къытфагъэнэгъэ
хабзэхэм сыда зыкIатекIыхэрэр? Сыда пIомэ ахэмэ аIэ-
хэр амытхьакIыхэу машхэх!
3 –Шъо шъуятэжъхэми яхабзэхэм шъуатетыным пае,
Тхьэм иунашъо сыда шъузыкIытекIырэр?– ариIожьыгъ

Исус. 4 –Сыда пIомэ Тхьэм ыIуагъ:* «Уятэрэ уянэрэ
лъытэнычгъэ афэшI», ыкIи «Хэти щэрэт зятэ е зянэ
Iэягъэкlэ тегущыIэрэр шъуукIын фае». 5,6 Ау шъо шъоIо:
«Зы цIыф горэм ежьым ятэ е янэ мырэущтэу риIомэ:
Сэ тынэу шъо шъостын слъэкIыщтгъэр джы Тхьэм пае
тын сшIыщт, ыIоу, ащыгъум ятэ–янэхэм лъытэнычгъэ
афимышIыми хъущт». Арэущтэу шъушIэзэ, шъуятэжъ-
хэм къышъуфагъэнэгъэ хабзэхэмкIэ Тхьэм игущыIэхэр
зы лъэныкъокIэ ешъогъэзых. 7 Шъо, нэпитIу зиIэхэр!
Пасэм пегъымбар Исайас шъыпкъэр къышъуиIолIагъ
мырэущтэу зеIом:*

8 «Мы цIыфхэм аIупэхэмкIэ сагъэлъапIэ,
ау агухэмкIэ спэчыжьэх.
9 Ахэмэ цIыфхэм Iофхэр арагъашIэхэзэ,
цIыфхэм яхабзэ Тхьэм иунашъо зэрэфагъадэрэм
пае,
сызэрагъэлъапIэрэр хьаулый».

10 Ащ нэужым Исус цIыф купышхомэ къяджи ари-
Iуагъ:

–ШъукъэдаIу ыкIи зыгурыжъугъаIу. 11 ЦIыфыр мы-
къабзэу зышIырэр ыжэ дахьэрэр арэп, ыжэ къыдэкIы-
рэр ары нахь.

12 Джащыгъум игъогу рыкIохэрэр Исус къыбгъодахьэхи
къеупчIыгъэх:

–Фарисейхэм* а къэпIуагъэхэр зызэхахым, агу мыхъун
къызэрэрагъэхьагъэр ошIа?

13 –Сыдрэ къэкIыгъэу Сятэу уашъом щыIэм чIым химы-
гъэтIысхьагъэр къыхэтхъыжьыгъэу хъущт,– ариIо-
жьыгъ Исус. 14 –Ахэмэ ауж шъуикI. Мы фарисейхэр
цIыф нэшъухэм япэрыт нэшъух. Зы нэшъум адрэ
нэшъур зэрищэн хъумэ, тIури машэм ифэщтых.

15 Арэущтэу зеIом, Петр Исус къыриIожьыгъ:

–А гъэсэнычгъэ тхыдэу къэпIотагъэм къикIырэр къыд-
гурыгъаIу.

16 –Джыри зи къыжъугурымыIоу ара?– къыIожьыгъ Исус

---

15:4 Тхьэм ыIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхы-
гъэм 20:12; 21:17.

15:7–9 пегъымбар Исайас зеIом – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу
ытхыгъэм 29:13.

15:12 фарисейхэр – еплъ 3:7.

[17] –Жэм дахьэрэ пстэури ныбэм зэрихьэу, пкъым къы-
зэрэхэкIыжьырэр къыжъугурыIорэба? [18] Ау жэм къыдэ-
кIыхэрэр гу кIоцIым къекIых. Ахэр ары цIыфыр мыкъа-
бзэу зышIыхэрэр; [19] сыда пIомэ гум къикIыхэрэр мыхэр
ары: гупшысэ бзаджэхэр, цIыф укIыныр, зинэ шIэныр,
тыгъоныр, цIыфхэм пцIы ателъхьаныр, Iэягъэкlэ цIыф-
хэм атегущыIэныр. [20] Ахэр ары цIыфыр мыкъабзэу зышIы-
хэрэр. Ау Iэ мытхьакIыгъэхэмкIэ шхэным цIыфыр мыкъа-
бзэу ышIырэп.

## Ханаан хэкум щыщ бзылъфыгъэм шIошъхъуныгъэу иIагъэр

(Марк 7:24–30)

[21] ЕтIанэ Исус а чIыпIэм икIи, къалэхэу Тиррэ Сидон-
рэ* яIэгъо–благъо кIуагъэ. [22] Джащыгъум а лъэныкъом
къикIыгъэу, Ханаан хэкум щыщэу зы бзылъфыгъэ горэ*
Исус ыдэжь къакIуи къэкууагъ:

–Тхьаматэу Даутэ Ыкъу,* гукIэгъу къысфэшI. Зы джы-
напцIэ горэм сэ спхъу Iаеу ригъэзыгъэу щыт.

[23] Ау Исус а бзылъфыгъэм зы гущыIи риIуагъэп, зы
пэгъокIи ритыжьыгъэп. Игъогу рыкIохэрэр Исус къы-
бгъодахьэхи къаIуагъ:

–Мыр куозэ, тауж итышъ, IугъэкI.

[24] –Израил цIыфхэу мэл кIодыгъэхэм афэдэхэр ары ны-
Iэп сыкъызфэкIуагъэхэр,– къыIожьыгъ Исус.

[25] Ау бзылъфыгъэр Исус къыбгъодахьи, лъэгонджэ-
мышъхьэкIэ ыпашъхьэ къитIысхьи къыIуагъ:

–О тхьаматэ, къыздэIэпыI!

[26] –Хьалыгъур сабыйхэм аIыпхэу хьэхэм ябгъэшхыныр
тэрэзэп,– пэгъокI ытыжьыгъ Исус.

[27] –Шъыпкъэ, тхьаматэ,– къыIожьыгъ бзылъфыгъэм,
–ау хьэхэми ятхьаматэхэм яIанэ къетэкъохырэ шкъойхэр
ашхых.

[28] –О бзылъфыгъ, шIошъхъуныгъэу уиIэр ины,– ри-

---

15:21 къалэхэу Тиррэ Сидонрэ – еплъ 11:21.

15:22 Ханаан хэкум щыщэу зы бзылъфыгъэ горэ – а бзылъфыгъэр мыджуртэу, Рим (Рум) къэралыгъошхом щыщ Сирие хэкум къыщыхъугъ. Еплъ Марк 7:26.

15:22 Даутэ Ыкъу – еплъ 9:27.

Iуагъ Исус. –О зэрэпшIоигъом тетэу къыбдэрэхъу.

А сыхьатым къыщегъэжьагъэу а бзылъфыгъэм ыпхъу хъужьыгъэ.

**Исус цIыфыбэхэр зэригъэхъужьыгъэхэр**

[29]Ащ нэужым Исус а чIыпIэм икIи, Галилей псыхъу-
раем рекIокIыгъ. Iуашъхьэм дэкIуаий, ащ дэжьым тетIыс-
хьагъ. [30]ЦIыф купышхуабэхэм цIыф лъащэри, Iащэри,
нэшъури, дэгури, нэмыкIрэ уз зиIэхэри къыздащэхи,
Исус ыдэжь къакIохи, сымаджэхэр ащ ылъакъохэм адэжь
щагъэтIылъыгъэх. ЗагъэтIылъхэм, Исус ахэр ыгъэхъу-
жьыгъэх. [31]Бзакохэр гущыIэхэу, Iащэхэр псаохэу, лъа-
щэхэр тэрэзэу зекIожьхэу, нэшъухэр къэплъэжьыгъэхэу
цIыфхэм залъэгъум, агъэшIэгъуи, Израил и Тхьэ щытхъу
фашIыгъ.

**Исус нэбгырэ миниплI зэригъэшхагъэхэр**

(Марк 8:1–10)

[32]Исус игъогу рыкIохэрэм къяджи къыIуагъ:

–Мы цIыфхэм сыгу ягъу, сыда пIомэ мэфищ хъугъэу
сигъусэх, ашхыни яIэп. МэлакIэ лIэхэу стIупщыжьынхэкIэ
сыфаеп. Гъогум щызэхэфэнхэкIи мэхъу.

[33]–Мыщ фэдиз цIыф купышхом афырикъун хьалыгъу
шъоф нэкIым тыдэ къитхын тлъэкIына?– аIуи, игъогу
рыкIохэрэм Исус къыраIуагъ.

[34]–Хьалыгъу тхьапша шъуиIэр?– ариIуагъ Исус ахэмэ.

–Хьалыгъуиблырэ пцэжъые тIэкIурэ тиI,– къаIожьыгъ
ахэмэ.

[35]Джащыгъум Исус цIыф купышхор чIыгум етIысэхын-
хэу унашъо афишIыгъ. [36]Хьалыгъуиблымрэ пцэжъые-
хэмрэ къыштэхи, Тхьэм щытхъу фишIыгъ. ЕтIанэ хьа-
лыгъухэр зэгуичыхи, игъогу рыкIохэрэм аритыгъэх.
Ахэми цIыфхэм афагощыгъэх. [37]ЦIыф пстэури шхагъэх
ыкIи загъэшхэкIыгъ. Ащ нэужым хьалыгъу такъырхэу къя-
лыжьыгъэхэр мэтибл арызэу аугъоижьыгъэх. [38]Шхагъэ-
хэр, бзылъфыгъэхэмрэ сабыйхэмрэ хэмытхэу, нэбгырэ

миниплI фэдиз хъущтыгъэх. [39] ЕтIанэ Исус цIыф купы-
шхор ытIупщыжьи, къуашъом итIысхьи, Магадан хэкум
кIуагъэ.

## ЯПШIЫКIУХЭНЭРЭШЪХЬ

### Зы нэшэнэ гъэшIэгъонышхо горэ уашъом къафыригъэхынэу фарисейхэр Исус къызэрелъэIугъэхэр

(Марк 8:11–13; Лука 11:29–32)

Фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ* Исус ыдэжь къакIохи,
ежьыр агъэунэфыным пае, зы нэшэнэ гъэшIэгъоныщхо
горэ уашъом къафыригъэхынэу къелъэIугъэх.
[2] Ау Исус ахэмэ ариIожьыгъ:
–Пчыхьашъхьэм мырэущтэу шъоIо: «Уашъор шэплъ-
ышъ, мафэр ошIу хъущт». [3] Пчэдыжьыми мырэущтэу
шъоIо: «Уашъом ошъуапщэр тиз ыкIи шэплъышъ, непэ
оешхо хъущт». Уашъом итеплъэ къыкIырэр къыжъугу-
рэIо, ау мы лъэхъанэм инэшанэхэм къарыкIырэр къы-
жъугурыIон шъулъэкIырэп. [4] Джырэ цIыф бзаджэхэу
Тхьэр зымышIэхэрэр нэшэнэ гъэшIэгъоныщхо фаех, ау
пегъымбар Юныс инэшанэ* нэмыкI Тхьэм ахэмэ къари-
тыщтэп.
Ар къызеIом, Исус ахэмэ ахэкIи IукIыжьыгъ.

### Фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ ятэджэпс

(Марк 8:14–21)

[5] ЕтIанэ псыхъураем иадрабгъу зызэпырэкIыжьхэм,
игъогу рыкIохэрэм хьалыгъу къыздахьынэу ащыгъу-
пшэгъагъ. [6] Исус ахэмэ арИуагъ:
–Шъуфэсакъ. Фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ ятэджэпсы
зыщышъуухъум.
[7] –Хьалыгъу тиIэпышъ ары ащ зыкIиIорэр,– зэраIозэ,
игъогу рыкIохэрэр а Iофым тегущыIагъэх.

---

16:1 Фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ – еплъ 3:7.

16:4 пегъымбар Юныс инэшанэ – еплъ 12:39–40.

8 Исус ахэмэ аIуагъэм гу лъити къыIуагъ:
–ШIошъхъуныгъэ зимакIэхэр, хьалыгъу зэрэшъуимы-
Iэм сыд пае шъутегущыIэра? 9 Джыри зи къыжъугуры-
мыIоу ара? Шъугу къэкIыжьырэба, хьалыгъуитфыр цIыф
минитфым зафызэгосэчым, хьалыгъу шкъойхэр арызэу сыд
фэдиз матэхэу шъуугъоижьыгъэхэр? 10 Хьалыгъуи-
блыри цIыф миниплIым зафызэгосэчым, хьалыгъу та-
къыр матэхэу сыд фэдиза арызэу шъуугъоижьыгъэхэр?
11 «Фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ ятэджэпс зыщышъу-
ухъум», сIуи зэсэIом, хьалыгъур арэп сэ зыфэсIогъа-
гъэр, ар сыдэущтэу къыжъугурымыIора?
12 Исус зыфиIогъагъэр хьалыгъу тэджэпсыр арыгъэп,
ау Фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ цIыфхэм Iофхэу ара-
гъашIэхэу щытыгъэхэр ары нахь. Ащ зыщаухъумэн зэрэ-
фаер Исус игъогу рыкIохэрэм джы къагурыIуагъ.

## «Оры Христосэу Тхьэм Ыкъор» ыIуи, Петр Исус зэрэриIуагъэр

(Марк 8:27–30; Лука 9:18–21)

13 ЕтIанэ Кайсарфилипие къалэм* иIэгъо–благъо Исус
къызэкIом, игъогу рыкIохэрэм яупчIыгъ:
–Сэ ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо* хэт сыщыщэу цIыфхэм
аIора?
14 –Зы купым о уумэхъэкIо Иуанэу аIо,– къаIожьыгъ
ахэмэ. –НэмыкIхэми о упегъымбар Илясэу* аIо. ЕтIанэ
адрэхэми о упегъымбар Иеремиеу е пегъымбархэмэ уащыщ
горэу аIо.
15 –Адэ шъори, сэ хэт сыщыщэу шъуIора?– яупчIыгъ
Исус ахэмэ.
16 –Оры Христосэу* щыIэныгъэр къыздикIырэ Тхьэм
Ыкъор,– къыIожьыгъ Симон Петр.

---

16:13 Кайсарфилипие къалэр – Галилей псыхъураем километрэ 40-кIэ пэчыжьэу, итемыр лъэныкъомкIэ итыгъ.

16:13 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ 8:20.

16:14 пегъымбар Иляс – ар чIылъэм къыгъэзэжьынышъ, Христос игъогу фигъэпсынэу джуртхэр паплъэхэу щытыгъэх. Еплъ Пегъымбар Малахие тхылъэу ытхыгъэм 4:5–6.

16:16 Христос – еплъ 1:17.

[17] –Сыхьатмафэ уежьагъ, о Юныс ыкъо Симон,– ыIуи,
Исус ащ риIожьыгъ. –Сыда пIомэ мыр зэхэозыгъэшIы-
кIыгъэр цIыфыр арэп, Сятэу уашъом щыIэр ары нахь.
[18] Сэ осэIо, о у Петрэ, мыжъом уфэд, сэ сичылыс о
къыптесшIыхьащт, лIэныгъэм ыкIуачIэхэри а чылысым
текIонхэ алъэкIыщтэп. [19] Тхьэу уашъом щыIэм и Теты-
гъошхо* иIункIыбзэхэр остыщтых; чIылъэм сыд щыщми
о фит умышIырэр уашъоми фиты щыхъущтэп; чIылъэм
сыд щыщми о фит пшIырэри уашъоми фиты щыхъущт.
[20] ЕтIанэ ежьыр зэрэ Христосыр зыми рамыIотэжьынэу
Исус игъогу рыкIохэрэм унашъо пытэ афишIыгъ.

## Исус ежьыр зэраукIыщтри, лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыщтри къызэриIуагъэр

(Марк 8:31–9:1; Лука 9:22–27)

[21] А лъэхъанэм къыщегъэжьагъэу Исус игъогу рыкIо-
хэрэм къагуригъаIоу ыублагъ:

–Сэ Ерусалим сыкIон фаеу щыт. Нахьыжъхэми*, дин
пэщэшхохэми, Тэурат егъэджэкIо пащэхэми* къиныбэ
сагъэщэчын ыкIи саукIын фаеу щыт, ящэнэрэ мафэми
лIагъэхэм сыкъахэтэджыкIыжьын фаеу щыт.

[22] Арэущтэу зеIом, Петрэ Исус зы лъэныкъокIэ Iуищи,
фимыдэу фежьагъ:

–Зиусхьан, Тхьэм ар ерэмыд. Ар зыкIи къыохъулIэ
хъущтэп.

[23] Исус Петрэ зыкъыфигъази риIуагъ:

–Сауж икI, шэйтан. Сэ сигъогукIэ пэрыохъу укъы-
сфэхъу, сыда пIомэ, о уигупшысакIэ Тхьэм игупшы-
сакIэу щытэп, цIыфым игупшысакIэу щыт нахь.

[24] Джащыгъум Исус игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ:

–Зыгорэ сэ сауж къырыкIонэу фаемэ, ежьыр зыфэе
Iофхэр къерэгъанэхи, лIэныгъэм икъащ къерэшти, сауж
къырэрэкIу; [25] сыда пIомэ хэти зыпсэ мыкIодэу къэ-
зыгъэнэжьынэу фаем ыпсэ шIокIодыщт, ау хэти сэщ пае

---

16:19 Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо– еплъ 3:2.

16:21 нахьыжъхэр – лъытэныгъэ зиIэ джурт дин тхьэмэтэ купэу щыты-
гъэх. Ахэмэ ащыщхэу заулэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщыгъэх.

16:21 дин пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ – еплъ 2:4.

зыпсэ зышIокIодрэм ыпсэ мыкIодэу къыгъэнэ-
жьыщт. 26 Дунаер зэкIэ зы цIыфым ие хъоу, ежьыр
кIодмэ, а цIыфым ишIуагъэу къэкIощтыр сыда? Хьауми
цIыфым ыпсэ пае уасэу сыда ытышъущтыр? 27 Сыда пIомэ
ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо имэлэIичхэр игъусэхэу ежь Ятэ
ищытхъушхо фэдэ щытхъушхо иIэу къэкIожьыщт. Ащы-
гъум хэти ышIагъэм фэшъуашэу ригъэгъотыжьыщт.
28 Шъыпкъэр шъосэIо, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо и Теты-
гъошхо иIэу къакIоу алъэгъуфэ, мыщ дэжьым щыт
цIыфхэм ащыщхэу заулэм лIэныгъэр алъэгъущтэп.

# ЯПШIЫКIУБЛЭНЭРЭШЪХЬ

## Исус итеплъэ зэрэзэрихъокIыгъэр

(Марк 9:2–13; Лука 9:28–36)

Мэфих зытешIэ ужым, Исус Петри, Якъуби, ащ ышы
Иуани зидищэхи, Iошъхьэ лъагэм язакъоу дищэягъэх.
2 Джащыгъум ахэмэ апашъхьэ Исус итеплъэ щызэ-
рихъокIыгъ. Ынэгу тыгъэм фэдэу къэлыдыгъ, ищыгъын-
хэри осым фэдэу фыжьыбзэу хъугъэх. 3 Зэплъэхэм,
пегъымбархэу Мусэрэ Илясрэ Исус къыдэгущыIэхэу ащ
игъогу рыкIорэ нэбгырищым къафэлъэгъуагъэх.
4 –Зиусхьан, мыщ дэжьым тызэрэщыIэр дэгъу,– ыIуи,
Петр Исус къыриIуагъ. –Уфаемэ, чэлищ мыщ дэжьым
щызгъэIэн, ощ пае зы, Мусэ пайй зы, Иляс пайй зы.
5 Петр гущыIэзэ, ошIэ–дэмышIэу ошъопщэ нэфынэ
къакIуи, ахэмэ къашъхьэщыхьагъ. Ошъуапщэм зы макъэ
горэ къыхэIукIыгъ:
–Мары сэ шIу слъэгъурэ Скъо кIасэу сыгу зэIурэр.*
Ащ ыIорэм шъуедэIу.
6 Ар зызэхахым, Исус игъогу рыкIохэрэр лъэшэу щта-
гъэхэу чIыгум бгъэгукIэ зырадзэхыгъ. 7 Ау Исус ахэмэ
абгъодахьи, IапэкIэ анэси къыIуагъ:
–Шъумыщын, шъукъэтэдж.
8 Къыздэплъыехэм, Исус нэмыкI зи алъэгъужьыгъэп.

---

17:5 Мары сэ шIу слъэгъурэ Скъо кIасэу сыгу зэIурэр – еплъ 3:17.

9 Ахэр Іуашъхьэм къехыжьхэзэ, Исус ахэмэ унашъо
афишІыгъ:
–ЦІыф Лъэпкъым Ыкъо* лІагъэхэм къахэтэджыкІы-
жьыфэ, шъулъэгъугъэр зыми ешъумыІотэжь.
10 Игъогу рыкІорэ нэбгырищыр Исус къеупчІыгъэх:
–Адэ, Тэурат егъэджэкІо пащэхэм, «ЫпэрапшІэу
пегъымбар Иляс къэкІон фае»,* сыда зыкІаІорэр?
11 –Шъыпкъэ, Иляс къэкІонышъ, Іоф пстэури тэрэзэу
зэтыригъэуцожьын фае,– ариІожьыгъ Исус. 12 –Ау сэ
шъосэІо, Иляс къэкІогъах, ари къашІэжьыгъэп, ау Іоф
бзэджагъэу ащ рашІэнхэу зыфэягъэхэр рашІагъэх. Ащ
фэдэу ахэмэ ЦІыф Лъэпкъым Ыкъуи къин рагъэщэ-
чыщт.
13 Джащыгъум Исус зыфиІогъагъэр умэхъэкІо Иуан арэу
Исус игъогу рыкІохэрэм къагурыІуагъ.

## Исус джынапцІэ зыхэс кІалэ горэ зэригъэхъужьыгъэр

(Марк 9:14–29; Лука 9:37–43а)

14 Ащ нэужым Исусрэ игъусищымрэ цІыф купышхом
адэжь къызагъэзэжьым, зы лІы горэ Исус къыбгъода-
хьи, ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкІэ къитІысхьи, 15 къы-
Іуагъ:
–Тхьаматэ, скъо гукІэгъу къыфэшІ, сыда пІомэ мэза-
кІэр къызихьэкІэ, лъэшэу къин ещэчы. Бэрэ машІом е
псым хэфэ. 16 О уигъогу рыкІохэрэм адэжь сщагъэ,
арышъхьакІэ, ахэмэ агъэхъужьын алъэкІыгъэп.
17 –Еоой, шІошъхъуныгъэ зимыІэхэу, джырэ цІыф
къуанчэхэр,– къыІожьыгъ Исус. –Сыд фэдизрэ сышъу-
хэтын фая? Сыд фэдизрэ шъусщыІэн фая? А кІалэр
къысфашъущ.
18 Къызыфащэм, Исус джынапцІэм егыигъ, джынапцІэ-
ри кІалэм хэкІыжьыгъ. А сыхьатым щегъэжьагъэу кІа-
лэр хъужьыгъэ.
19 ЕтІанэ Исусрэ игъогу рыкІохэрэмрэ язакъоу къы-
зэнэжьхэм, ахэр Исус къыбгъодахьэхи къеупчІыгъэх:

---

17:9 ЦІыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ 8:20.

17:10 ЫпэрапшІэу пегъымбар Иляс къэкІон фае – еплъ 16:14.

–Сыд пае а джынапцIэр тэ хэтфын тымылъэкIыгъа?
20 –Шъо шъуишIошъхъуныгъэ зэрэмакIэр арышъ ары,–
ариIожьыгъ Исус. –Шъыпкъэр шъосэIо, горчицацэм*
фэдизэу шIошъхъуныгъэ шъуиIэмэ, мы Iуашъхьэм, «IукIи
модэ кIо!» зешъуIокIэ, ар IукIынышъ кIощт. Ащыгъум
шъо къыжъудэмыхъун Iоф зи къэнэжьыщтэп.
21 –Мыщ фэдэ джынапцIэр тхьэлъэIумрэ нэкIынымрэ
афэшъхьафкIэ цIыфым хэпфышъущтэп,– къыпигъэхъо-
жьыгъ Исус.

## Исус ежьыр зэраукIыщтри, лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыщтри ятIонэрэу къызэриIуагъэр

(Марк 9:30–32; Лука 9:43–45)

22 Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ Галилей хэкум зыщы-
зэрэугъоижьхэм, Исус ариIуагъ:
–ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо цIыфхэм аIэкIэхьанышъ,
23 ахэмэ ежьыр аукIыщт, ящэнэрэ мафэми лIагъэхэм къа-
хэтэджыкIыжьыщт.
Исус ар зареIом, агу лъэшэу къеуагъ.

## Исусрэ Петрэрэ Тхьэм иунэшхо пае хьакъулахь ахъщэр зэратыгъэр

24 Капернаум къалэм къызэкIохэм, Тхьэм иунэшхо пае
хьакъулахь ахъщэу дидрахм зыцIэр* хэзыхыхэрэр Петрэ
ыдэжь къакIохи къаIуагъ:
–Тхьэм и унэшхо пае хьакъулахь ахъщэу дидрахмэр шъуи-
дин гъэсакIом ета?
25 –Ары, еты,– къыIожьыгъ Петрэ.
ЕтIанэ Петрэ унэм зехьэм, ар къэмыгущыIэу Исус ащ
дэгущыIагъ:
–О сыдэу ухаплъэра, Симон? Дунаем тет пачъыхьэмэ
хьакъулахьэу хьапщыпхэм атыралъхьэрэмрэ хьакъула-

---

17:20 горчицэ – арапыбзэкIи тыркубзэкIи «хъардэл» ары.

17:24 Тхьэм иунэшхо пае хьакъулахь ахъщэу (еплъ 5:46) дидрахм зыцIэр – хэтрэ зы джуртэу зыныбжь икъугъэм илъэс къэс лэжьакIом имэфэпкIитIум фэдиз ахъщэ Тхьэм иунэшхо пае ытын фаеу щытыгъ.

хьэу цIыфмэ атыралъхьарэмрэ хэта къызыIахырэр?
Ежьхэмэ акъохэр ара, хьауми нэмыкI цIыфхэр ара?
26 –НэмыкI цIыфхэр ары,– къыIожьыгъ Петр.
–Джащыгъум ежьхэм акъохэм хьакъулахь атыралъ-
хьарэп, арыба?– ыIуи, Исус ащ риIожьыгъ. 27 –Ау мы
цIыфхэм агу къетымыгъэоным пае, псыхъураем кIуи,
уипцэкъэнтф хадзи, апэрэ пцэжъыеу къыхэбдзырэр къа-
шти, ыжэ зэтехи, тыжьын ахъщэ дэбгъотэщт. Ар шти,
хьакъулахьэу сэщ паий ощ паий ят.

## ЯПШIЫКIОЕНЭРЭШЪХЬ

### Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэт цIыфхэм ащыщэу хэта анахь ин дэдэр?

(Марк 9:33–37; Лука 9:46–48)

А мафэхэм игъогу рыкIохэрэр Исус къыбгъодахьэхи
къеупчIыгъэх:
–Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэт
цIыфхэм ащыщэу хэта анахь ин дэдэр?
2 Исус сабый горэм къеджи, азыфагу дигъэуцуи, 3 къы-
Iуагъ:
–Шъыпкъэр шъосэIо, шъугухэм арылъыр зэшъухъо-
кIэу, сабыйхэм шъуафэдэу шъумыхъумэ, Тхьэу уашъом
щыIэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ шъучIэхьащтэп. 4 Арышъ,
мы сабыим фэдэу хэти зышъхьэ зыгъэцIыкIужьырэр
ары Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэт
цIыфхэм анахь ин дэдэр. 5 Хэти мыщ фэдэ сабыир сэ
сцIэкIэ къезыгъэблагъэрэм сэ сыригъэблэгъагъэу мэхъу.

### ЦIыфхэм псэкIод ашIэнэу дэзыхьыхырэ Iофхэр

(Марк 9:42–48; Лука 17:1–2)

6 –Ау мы цIыкIухэм ащыщэу сэркIэ шIошъхъуныгъэ
зиIэм псэкIод ышIэнэу хэти дэзыхьыхрэм ыпшъэтыкъ
мыжъо шъхьал кIэрашIэу, хы куупIэм хадзэу рагъэ-
тхьэлагъэмэ, ежьымкIэ нахьышIущтыгъ. 7 ЦIыфхэм псэ-

кIод ашIэнэу дэзыхьыхырэ Iофхэм апаекIэ дунаер сыхьат-
мыгъо ежьагъ. Шъыпкъэ, ащ фэдэ Iофхэр къэхъунхэ
фае, ау цIыфэу къызыпкъырыкIырэр сыхьатмыгъо
ежьагъ. [8] Е о пIэ орэхъу, е о плъакъо орэхъу псэкIод
пшIэнэу удихьыхмэ, пыупкIыжьи чIэдз. ИтIури е лъэ-
къуитIури уиIэхэу мыухыжьын машIом упадзэным нахьи,
уIащэу е улъащэу мыкIодыжьын щыIэныгъэ бгъотыныр
оркIэ нахьышIу. [9] Ащ фэдэуи, о унэ псэкIод пшIэнэу
удихьыхмэ, къитхъыжьи, чIэдз. УнитIу псаоу джэхьнэ-
мым имашIо упадзэным нахьи, зы нэ нахь уимыIэми,
мыкIодыжьын щыIэныгъэ бгъотыныр оркIэ нахьышIу.

[10] –Шъуфэсакъ, мы цIыкIухэм ащыщэу зыгори зэшъу-
мыпэсэу шъущымыт; сыда пIомэ сэ шъосэIо, мы цIы-
кIухэмэ ямэлэIичхэу уашъом щыIэхэм Сятэу уашъом
щыIэм ынэгу щалъэгъу зэпыт. [11] Сыда пIомэ ЦIыф
Лъэпкъым Ыкъо къызыфэкIуагъэр цIыф кIодыгъэм
лъыхъунышъ, мыкIодэу къыгъэнэжьыныр ары.

## Мэлэу кIодыгъэм ехьылIэгъэ гъэсэпэ тхыдэр

(Лука 15:3–7)

[12] –Шъо сыдэущтэу шъухаплъэра? Зы цIыф горэм мэли-
шъэ иIэу тIон. Ахэмэ ащыщэу зыр гъуащэмэ, адрэ тIо-
кIиплIырэ пшIыкIубгъурэр Iуашъхьэмэ къатыринэн-
хэшъ, кIонышъ, мэлэу гъощагъэм лъыхъущтба? [13] Шъы-
пкъэр шъосэIо, а мэлыр къызигъотыжькIэ, мэл тIокIи-
плIырэ пшIыкIубгъурэу ныбжьи мыгъощагъэхэм анахьи,
а мэлым нэхь щыгушIукIыщт. [14] Ащ фэдэу Шъуятэ лъа-
пIэу уашъом щыIэр мы цIыкIухэм ащыщэу зыгори кIо-
дынэу фаеп.

## Шэу псэкIод зышIэрэр

(Лука 17:3)

[15] –О пшы* оркIэ псэкIод ышIэмэ, ыдэжь кIуи, ар
зэрэпсэкIодыр шъуизакъо зыхъукIэ гурыгъаIу. Къы-
зыодэIукIэ, ащыгъум о пшы къыпфэнэщт. [16] Ау къызыо-
мыдэIукIэ, зы нэбгырэ е нэбгыритIу пшы ыдэжь зыдащ.

---

18:15 шы – еплъ 5:22.

Ащыгъум «шыхьатитIумэ е шыхьатищымэ къаIорэмкIэ*
сыдрэ гущыIи гъэшъыпкъагъэу хъущт». 17 Ахэмэ ядэIу-
нэу ымыдэмэ, чылыс зэIукIэм щыщхэм апашъхьэ Iофыр
илъхь. Чылыс зэIукIэми едэIунэу ымыдэмэ, хымэ лъэпкъ-
хэм ащыщэу зыгорэм фэдэу, е хьакъулахь ахъщэр хэзы-
хырэм* фэдэу оркIэ орэхъу.

18 –Шъыпкъэр шъосэIо, чIылъэм сыд щыщми шъо фит
шъумышIырэр уашъоми фиты щыхъущтэп; чIылъэм сыд
щыщми шъо фит шъушIырэри уашъоми фиты
щыхъущт.*

19 –Джыри шъосэIо, чIылъэм шъуащыщэу нэбгыритIу
шъузэгурыIоу, сыд щыщкIи шъуелъэIумэ, Сятэу уашъом
щыIэм ар къышъуфишIэщт. 20 Сыда пIомэ сэ сцIэкIэ
нэбгыритIу е нэбгырищ зызэрэугъоихэкIэ, сэри ахэмэ
сахэт.

**ГукIэгъу зыхэмылъ унэIутым ехьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр**

21 Джащыгъум Петр Исус къыбгъодахьи къеупчIыгъ:
–Зиусхьан, сэ сшы сэркIэ псэкIод ышIэмэ, тхьапшырэ
фэзгъэгъун фая? ГъогогъуиблыМ нэса?

22 –Сэ осэIо, гъогогъуибл къодыеп, гъогогъуиблыр тIо-
кIищырэ пшIырэкIэ штагъэу нахь,– риIожьыгъ Исус.

23 –Арышъ, Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо зыфэ-
дэр пачъыхьэу зиунэIутмэ ателъ чIыфэр зылъытэнэу
фэягъэр ары. 24 Ылъытэнэу зыфежьэм, талант* минипшI
чIыфэ зытелъэу зыгорэ къыфащагъ. 25 Ау къыритыжьы-
нэу амал иIэпти, ари, ащ ишъузи, ибынхэри, иIэр зэкIэ
ащэхэзэ, чIыфэр ригъэпщыныжьынэу пачъыхьэм уна-
шъо ышIыгъ.

---

18:16 шыхьатитIумэ е шыхьатищымэ къаIорэмкIэ . . . – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:15.

18:17 хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэр – еплъ 5:46.

18:18 Еплъ 16:19.

18:24 талант – зы талант динар минихым фэдиз мэхъу. Зы динар лэжьакIом имэфапкIэщтыгъ.

26 –Джащыгъум а унэIутым лъэгонджэмышъхьэкIэ пачъы-
хьэм ыпашъхьэ зыщыридзыхи риIуагъ: «Семыгъээ. ЗэкIэ
остыжьыщт». 27 Пачъыхьэм ыгу унэIутым егъуи, чIыфэр
фигъэгъуи ытIупщыжьыгъ.

28 –А унэIутыр зыIокIыжьым, адрэ унэIутмэ ащыщэу
динаришъэ чIыфэ зытелъым IукIи, «Сэ сичIыфэу пте-
лъыр къысэтыжь», ыIуи ытхьалэу ыублагъ.

29 –Джащыгъум адрэ унэIутым ащ ыпашъхьэ зыщыри-
дзыхи, елъэIузэ къыIуагъ: «Семыгъээ, остыжьыщт».

30 –Ау мыдрэм ымыдэу, кIуи, хьапсым чIаригъэдзагъ,
чIыфэр къыретыжьыфэ. 31 Адрэ унэIутхэу ар зылъэгъу-
гъэмэ лъэшэу агу къеуагъэти, тхьаматэм ыдэжь кIохи,
къэхъугъэр зэкIэ раIотэжьыгъ.

32 –Тхьаматэм а унэIутыр къаригъащи риIуагъ: «Унэ-
Iут бзадж, укъысэлъэIугъэти, сичIыфэу птелъыгъэр зэ-
кIэ пфэзгъэгъугъ. 33 Сэ о гукIэгъу къызэрэпфэсшIыгъэм
фэдэу, ори адрэ унэIутым гукIэгъу фэпшIын фэягъэба?»
34 Тхьаматэр лъэшэу къэгубжыгъэ, ичIыфэу телъыри зэкIэ
къыретыжьыфэ, аIыгъынэу а унэIутыр хьапс ухъумакIо-
хэмэ аритыгъ.

35 (ЕтIанэ Исус къыпигъэхъожьыгъ:) –Шъуащыщэу хэти
ыгукIэ ышы фэзымыгъэгъурэм сэ Сятэу уашъом щыIэр
ащ фэдэу къыдэзекIощт.

# ЯПШIЫКIУБГЪОНЭРЭШЪХЬ

## Шъхьэгъусэ тIупщыжьыным ехьылIагъ

(Марк 10:1–12)

Исус а гущыIэхэр къызеIохэм ыуж, Галилей хэкум икIи,
Иудей хэкоу Иордан псыхъом иадрабгъу щыIэм кIуа-
гъэ. 2 ЦIыф купышхохэри ыуж итхэу кIуагъэх, ахэмэ
ясымаджэхэри а чIыпIэм щигъэхъужьыгъэх.

3 Джащыгъум фарисей заулэ Исус къыбгъодахьэхи,
хагъэукъоным пае къеупчIыгъэх:

–Сыд фэдэ шхьаусыгъом къыхэкIыкIэ лIым ишъуз ытIу-
пщыжьыныр хабзэкIэ хъущта?

4 –Тхьэу щыIэр зэкIэ къэзыгъэхъугъэм ублапIэм дэжь

цIыфхэр «хъулъфыгъэрэ бзылъфыгъэрэ къыгъэхъугъэх», ыIоу, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэм* шъуяджагъэба?– пэгъокI ытыжьыгъ Исус. [5] –«Ащ къыхэкIыкIэ лIыр ятэ–янэхэм ахэкIынышъ, ишъуз гъусэ фэхъунышъ, итIур зыпкъы хъущтых», ыIоу, Тхьэм зэриIуагъэм* шъуеджагъэба? [6] Арэущтэу ахэр зыпкъыых нахь, пкъитIоу хъужьхэрэп. Арышъ, а тIоу Тхьэм гъусэ зэфишIыгъэхэр цIыфым зэгуигъэкIыжьы хъущтэп.

[7] –Адэ, «Зы лIы горэм зэритIупщыжьырэ тхылъ ишъуз ритымэ, шъузыр ытIупщыжьы хъущт», ыIуи, пегъдмбар Мусэ сыд пае унашъо къышIыгъа,*– къыраIуагъ фарисейхэм Исус.

[8] –Шъуигуркъагъэ* пае шъуишъузхэр шъутIупщыжьынхэу пегъымбар Мусэ фит шъуишIыгъ,– ариIожьыгъ Исус. –Ау ублапIэм дэжь арэущтэу щытыгъэп. [9] Ау сэ шъосэIо, ишъуз зинэ ымышIагъэу хэтми зытIупщыжьэу, нэмыкI бзылъфыгъэ къэзыщэжьырэм зинэ ышIагъэу мэхъу. Ащ фэдэу хэтми лIы горэм ытIупщыжьыгъэ шъуз къэзыщэжьырэм зинэ ышIагъэу мэхъу.

[10] –ЛIымрэ шъузымрэ зэрэзэфыщытыр арэу щытмэ, ащыгъум къэмыщэныр нахьышIу,– аIуи, игъогу рыкIохэрэмэ Исус къыраIуагъ.

[11] –Сэ къэсIуагъэр хэти ыштэн ылъэкIыщтэп,– ариIожьыгъ Исус. –Ар зыштэн зылъэкIхэрэр Тхьэм лъэкIыныгъэ къызэритыгъэхэр ары ныIэп; [12] сыда пIомэ цIыфхэм ащыщхэу зы куп янэмэ къызэралъфэу къащэни дэкIони амылъэкIынэу къэхъухэшъ, къащэни дэкIони алъэкIырэп. НэмыкIхэми къащэн амылъэкIынэу цIыфхэм ашIыгъэх. ЕтIанэ нэмыкIхэми Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэтынхэм пае, ежьхэм къащэни дэкIони адэрэп. Ар зыштэн зылъэкIырэм ерэштэ.

---

19:4 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 1:27.

19:5 Тхьэм зэриIуагъэр – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 2:24.

19:7 пегъымбар Мусэ унашъо къышIыгъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 24:1.

19:8 гуркъагъэ – къаигъагъэкIэ къыбгурыIонэу умыдэныр, пIуагъэми утемыкIыныр ары.

## Исусрэ сабыйхэмрэ

(Марк 10:13–16; Лука 18:15–17)

13 Джащыгъум цIыфхэм сабыйхэр Исус къыфащагъэх,
Тхьэм ынэшIу къащифэным пае, Исус ыIэхэр атырилъ-
хьанхэуи Тхьэм афелъэIунэуи. Ау Исус игъогу рыкIо-
хэрэм афадагъэп. 14 Ау Исус къыIуагъ:

–Сабыйхэр мо садэжь къэрэкIох, зи яшъумыIоу, сыда пIомэ ащ фэдэхэр Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэтых.

15 ЕтIанэ Исус ыIэхэр ахэмэ атрилъхьагъэх. Ащ нэ-
ужым а чIыпIэм икIыжьыгъ.

## КIэлэ баир

(Марк 10:17–31; Лука 18:18–30)

16 Зы лIы горэ Исус къыбгъодахьи къыIуагъ:

–Дин гъэсакIу, мыкIодыжьын щыIэныгъэ згъотыным пае, сыд дэгъоу сшIэщтыр?

17 –ДэгъумкIэ сыд пае укъысэупчIыра?– риIожьыгъ
Исус а лIым. –Тхьэм нэмыкI дэгъу зи щыIэп. МыкIо-
дыжьын щыIэныгъэ бгъотынэу уфаемэ, Тхьэм иуна-
шъохэр гъэцакIэх.

18 –Сыд унашъоха?*– къыриIожьыгъ адрэм Исус.

–«ЦIыф умыукIы, зинэ умышIэ, умытыгъу, нэмыкI
цIыфхэм пцIы атемылъхь, 19 уятэрэ уянэрэ лъытэны-
гъэ афэшI, о пшъхьэ шIу зэрэплъэгъурэм фэдэу, уигъу-
нэгъури шIу лъэгъу»,– къыIожьыгъ Исус.

20 –СикIэлэгъу къыщегъэжьагъэу ахэр зэкIэ сэгъэца-
кIэх,– къыриIожьыгъ кIалэм Исус. –Сыда джыри сищы-
кIагъэр?

21 –Зишъыпкъагъэ щыкIагъэ зи зимыIэ цIыф икъугъэу
ухъунэу уфаемэ, кIуи, уимылъку щэжьи, ахъщэр тхьа-
мыкIэхэм ят,– риIожьыгъ Исус. –Джащыгъум мылъку-
шхо уашъом щыуиIэ хъущт. ЕтIанэ къакIуи, сауж къы-
рыкIу.

---

19:18–19 Сыд унашъоха – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 20:12–16 ыкIи ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:18.

22 КIалэм ар зызэхехым, ыгу къеоу IукIыжьыгъ, сыда
пIомэ мылъкушхо иIагъэти ары.

23 –Шъыпкъэр шъосэIо, Тхьэу уашъом щыIэм и Теты-
гъошхо ыIэчIэгъ чIэхьаныр баимкIэ къин,– ариIуагъ
Исус игъогу рыкIохэрэм. 24 –Джыри шъосэIо, баир
Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэхьаным нахьи, махъ-
шэр мэстанэм икIыныр нахь IэшIэх.

25 Исус къыIуагъэр игъогу рыкIохэрэм зызэхахым,
ар лъэшэу агъэшIагъоу къеупчIыгъэх:

–Арэущтэу щытмэ, ежьым зимыгъэкIодэу, хэта зыкъэ-
зыгъэнэжьын зылъэкIыщтыр?

26 Исус ахэмэ яплъи ариIуагъ:

–ЦIыфхэм ежьхэм замыгъэкIодэу, зыкъагъэнэжьын
алъэкIырэп, ау Тхьэм ымылъэкIын Iоф зи щыIэп.

27 –Мо къэдаIолъ, тэ тиIэгъэ пстэури къэдгъани, о
уауж тыкъырыкIуагъ,– къыриIуагъ Петр Исус.
–Сыда ащыгъум IэхьышIоу тэ къэдгъотыщтыр?

28 –Шъыпкъэр шъосэIо,– ариIуагъ Исус, –адрэ дунаем
ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо щытхъушхо иIэу итIысыпIэ лъа-
пIэ зытетIысхьэкIэ, шъо сауж къырыкIуагъэхэр тIы-
сыпIэ лъапIэ пшIыкIутIум шъуатетIысхьанышъ, мысэ-
хэмрэ хыехэмрэ зэхэжъудзыхэзэ, Израил иунэгъо лъэпкъ
пшIыкIутIумэ хьыкум атешъушIыхьащт. 29 Хэт щыщми
е зиунэхэр, е зышхэр, е зышыпхъухэр, е зятэ, е зянэ, е
зибынхэр, е чIыгухэр сэщ пае къэзыгъэнагъэм фэдишъэу
къыгъотыщт, мыкIодыжьын щыIэныгъи IэхьышIоу
къылъысыщт. 30 Ау апэ итхэм ащыщхэу бэхэр ауж къи-
нэщтых, ауж итхэри апэу хъущтых.

# ЯТIОКIЭНЭРЭШЪХЬ

## СэнэшъхьашIэхэм* яхьылIэгъэ гъэсэпэ тхыдэр

–Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо* зыфэдэр мары.
Зы сэнэшъхьэ хатэ зие горэм пчэдыжьым жьэу лэжьа-
кIохэр исэнэшъхьэ хатэм щигъэлэжьэнхэм пае алъыхъунэу
дэкIыгъ. 2 ЛэжьакIохэр къызегъотхэм, адэгущыIи, мафэм
динар зырыз аритынэу зэгурыIохи, Iоф ашIэнэу исэнэ-
шъхьэ хатэ ыгъэкIуагъэх.

3 –Пчэдыжьым сыхьатыр бгъум дэжь* сэнэшъхьэ хатэр
зиер дэкIи, ахэмэ анэмыкIхэу Iоф зимыIэ лIыхэр бэдзэ-
рым дэжь Iутхэу ылъэгъугъэх. 4 Зелъэгъухэм мырэущтэу
ариIуагъ: «Шъори сисэнэшъхьэ хатэ шъукIу, къышъу-
тефэрэр шъостын». Арэущтэу зареIом, ахэри кIуагъэх.

5 –Щэджагъом дэжьи,* сыхьатыр щым дэжьи,* сэнэ-
шъхьэ хатэр зиер джыри дэкIи, ыпэрэм фэдэу ышIагъ.
6 ЫкIэм ыкIэжьым сыхьатыр тфым дэжь* дэкIи, нэмыкI-
хэри щытхэу зегъотхэм, ариIуагъ: «Мэфэ реным зи шъу-
мышIэу, мыщ дэжьым сыда шъузыкIыщытыр?»

7 –Адрэмэ къыраIожьыгъ: «Iоф тэзыгъэшIэн дгъоты-
гъэп».

–Арэущтэу къызаIом, сэнэшъхьэ хатэр зием ариIо-
жьыгъ: «Шъори шъукIуи, сисэнэшъхьэ хатэ шъущылажь.
Къышъутефэрэр къышъостын».

8 –Пчыхьашъхьэр къызэсым, сэнэшъхьэ хатэр зием
лэжьакIохэмэ япащэ риIуагъ: «ЛэжьакIохэм къяджи,

---

20:1 сэнэшъхьашIэхэр – сэнэшъхьэ хатэм щылажьэхэрэр ары.

20:1 Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо – еплъ 3:2.

20:3 пчэдыжьым сыхьатыр бгъум дэжь – гущыIэ–гущыIэу зэбдзэкIымэ, «ящэнэрэ сыхьатыр» мэхъу. Ащ къикIырэр пчэдыжьым сыхьатыр бгъур ары.

20:5 щэджагъом дэжь – гущыIэ–гущыIэу зэбдзэкIымэ, «яхэнэрэ сыхьатыр» мэхъу. Ащ къикIырэр щэджагъор ары.

20:5 сыхьатыр щым дэжь – гущыIэ–гущыIэу зэбдзэкIымэ, «ябгъонэрэ сыхьатыр» мэхъу. Ащ къикIырэр щэджэгъоужым сыхьатыр щыр ары.

20:6 сыхьатыр тфым дэжь – гущыIэ–гущыIэу зэбдзэкIымэ, «япшIыкIузэнэрэ сыхьатыр» мэхъу. Ащ къикIырэр щэджэгъоужым сыхьатыр тфыр ары.

ауж къэкIуагъэхэмкIэ къэубли, апэрэхэм анэсэу мэфа-
пкIэр ят».

[9] –Сыхьатыр тфым Iофыр зыублагъэхэр къызэкIохэм,
лэжьакIомэ япащэ динар зырыз аритыгъ. [10] ЕтIанэ
Iофыр апэу зыублагъэхэр къызэкIохэм, нахьыбэ ариты-
нэу гугъагъэх, ау ахэми динар зырыз аритыгъ. [11] Ахъщэр
заштэм, сэнэшъхьэ хатэр зием фэтхьаусыхагъэх. [12] «Тэ
мэфэ реным фэбэ Iаем тыхэтэу, къин тщэчызэ Iоф
тшIагъэ пэтми, мы лIыхэу ауж къэкIуагъэхэу, зы сыхьат
нахь Iоф зымышIагъэмэ тафэбгъэдагъ», къаIуагъ.

[13] –Ау сэнэшъхьэ хатэр зием ахэмэ ащыщэу зыгорэм
риIуагъ: «СиныбджэгъуМыхъун зи къыуасшIэрэп. Зы
динарба тызэрэзэгурыIуагъэр? [14] УимэфапкIэ шти, кIожь.
Мы лIэу ауж къэкIуагъэми о остыгъэм фэдиз естынэу
сыфай. [15] Сэ сызыфаер сиахъщэ есшIэн сыфитба? Хьауми
о ошъугъуа, сэ сыгу шIугъэ зэрилъым пае?»

[16] (ЕтIанэ Исус къыпигъэхъожьыгъ:) –Арэущтэу ауж
итхэр апэу хъущтых, апэ итхэри ауж къинэщтых; сыда
пIомэ, къеблэгъагъэхэр бэ, ау къыхэхыгъэу щытхэр
макIэх.

## Исус ежьыр зэраукIыщтри, лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыщтри ящэнэрэу къызэриIуагъэр

(Марк 10:32–34; Лука 18:31–34)

[17] ЕтIанэ Исус Ерусалим дэкIуаеу, гъогум зытетым,
игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIур зы лъэныкъокIэ
язакъоу Iуищыхи ариIуагъ:

[18] –Мары тэ джы Ерусалим тыдэкIуае. Ащ дэжьым
ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо* дин пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэ-
джэкIо пащэхэмрэ аIэкIэхьащт. Ахэмэ ежьым укI къы-
тыралъхьащт, [19] къыкIэнэкIэнхэуи, къамыщкIэ къеон-
хэуи, къащым раIулIынэуи хымэ лъэпкъхэм* аIэкIалъ-
хьащт; ящэнэрэ мафэми ежьыр лIагъэхэм къахэтэджы-
кIыжьыщт.

---

20:18 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ 8:20.

20:19 хымэ лъэпкъхэр – Рим (Рум) цIыфхэу тетыгъо зиIэхэр ары.

## Зеведей ыкъохэм янэ Исус Iофэу зыкIелъэIугъэр

(Марк 10:35–45)

20 Джащыгъум Зеведей ыкъохэм* янэ, ыкъохэри игъу-
сэхэу, Исус къыбгъодахьи, лъэгонджэмышъхьэкIэ ыпа-
шъхьэ къитIысхьи, зыгорэкIэ къелъэIунэу фэягъ.
21 –Сыда узыфаер?– риIуагъ Исус бзылъфыгъэм.
–О уитетыгъошхо къызысыкIэ, мы скъуитIу зыр
уиджабгъукIэ, адрэри уисэмэгубгъукIэ къэтIысынхэу
фит шIы,– къыриIожьыгъ бзылъфыгъэм.
22 –Шъо шъузыкIэлъэIурэр шъушIэрэп,– къыIожьыгъ
Исус. –Сэ сызэшъощт къиныгъэм ишъуалъэ итым шъо
шъуешъон шъулъэкIыщта, хьауми цIыфхэм Iаеу сызэрау-
мэхъыщт* шIыкIэм фэдэу, зяжъугъэумэхъын шъулъэ-
кIыщта?
–ТлъэкIыщт,– къыраIожьыгъ ахэмэ.
23 –Сэ сызэшъощт къиныгъэм ишъуалъэ итым шъори
шъуешъощт,– ариIуагъ Исус. –ЦIыфхэм сэ Iаеу сызэ-
раумэхъыщт шIыкIэм фэдэу, шъори шъуаумэхъыщт. Ау
сэ сиджабгъукIэ ыкIи сисэмэгубгъукIэ шъукъэтIы-
сынэу фит шъусшIын слъэкIыщтэп. А тIысыпIэхэр цIыф-
хэу Сятэ зыфигъэхьазырыгъэхэм яй.
24 Адрэ нэбгырипшIэу Исус игъогу рыкIохэрэм ар
зызэхахым, зэшитIумэ афэгубжыгъэх. 25 Ау Исус игъогу
рыкIохэрэм къяджагъ.
–Шъо шъошIэ,– ариIуагъ Исус, –мы дунаем тет пщыхэр
цIыфхэм апшъэ зэрэдэсхэрэр, тхьаматэхэм цIыфхэм
тетыгъо зэрафыряIэри шъошIэ. 26 Ау шъо шъуазыфагу
арэп зэрэщытын фаер. Шъуащыщэу ин хъунэу фаер
Iофтабгэу къышъуфэхъун фае. 27 Шъуащыщэу апэ иты-
нэу фаери пщылI къышъуфэхъун фае. 28 Ащ фэдэу ЦIыф
Лъэпкъым Ыкъо цIыфхэм яшIуагъэ ежьым зэригъэкIы-
жьыныр арэп къызфэкIуагъэр, ежьым ишIуагъэ цIыфхэм
аригъэкIыныр, цIыфыбэхэми апае ыпсэ шъхьэщэфы-
жьэу ытыныр ары нахь.

---

20:20 Зеведей ыкъохэр – апостолхэу Якъубэрэ Иуанрэ ары. Еплъ Марк 10:35.

20:22 умэхъыныр – еплъ 3:1.

### Исус лIы нэшъуитIур зэригъэхъужьыгъэхэр
(Маркъэ 10:46–52; Лукъэ 18:35–42)

29 Ащ нэуж Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ Ерихон къалэм* къызыдэкIыжьхэм, цIыф купышхо ыуж итэу кIо-
щтыгъ. 30 А чIыпIэм лIы нэшъуитIу гъогу напцэм Iусы-
гъэх. Ахэмэ Исус зэрэблэкIырэр зызэхахым, мэкъэ-
шхокIэ къаджэхэу къаублагъ:
–Тхьаматэу Даутэ Ыкъу*, гукIэгъу къытфэшI!
31 Ау цIыф купышхом хэтхэм амыдэу, «Щыжъугъэт!»
аIуи араIуагъ, ауми лIы нэшъуитIур джыри нахь мэкъэшхокIэ къэджагъэх:
–Тхьаматэу Даутэ Ыкъу, гукIэгъу къытфэшI!
32 Исус къызэтеуцуи, къяджи ариIуагъ:
–Сыда шъуфэсшIэнэу шъуузыфаер?
33 –Тхьаматэ, тынэхэр къэгъэплъэжьых,– къыраIожьыгъ ахэмэ.
34 Исус ыгу ахэмэ акIэгъуи, анэхэм атеIэбагъ. Ардэдэми ахэмэ анэхэр къэплъэжьыгъэх, Исуси ыуж ихьагъэх.

## ЯТIОКIЫРЭ ЗЫНЭРЭШЪХЬ

### Щытхъушхо иIэу, Исус Ерусалим зэрэдэхьагъэр
(Марк 11:1–11; Лука 19:28–38; Иуан 12:12–19)

Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ Ерусалим игъунэгъу хъугъэх. Елеон зыцIэ Iуашъхьэм* Iус Виффагие къуаджэм къызынэсхэм, Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщхэу нэбгыритIу апэ ыгъэкIуагъэх, 2 мырэущтэу ариIозэ:

---

20:29 Ерихон къалэр – Ерусалим итемыр тыгъэ къыкъокIыпIэ лъэныкъомкIэ, километрэ 24-кIэ пэчыжьэу, Иордан псыхъом итыгъэ къохьэпIэ лъэныкъокIэ ит.

20:30 Даутэ Ыкъу – еплъ 9:27.

21:1 Елеон зыцIэ Iуашъхьэр – Зейтун Iуашъхьэр ары. Ерусалим игъунэгъубзэу, итыгъэ къыкъокIыпIэ лъэныкъокIэ Кедрон къуладжэм иадрабгъу ит.

–ШъуапэкIэ ит къуаджэм шъудахь. Шъузэрэдахьэу щы-
дыбз горэ, ищыд къунан игъусэу, епхыгъэу шъуапэ къи-
фэщт. Ахэр къыкIэрышъутIэтыкIхи, къысфашъущэх. 3 Зы-
горэм зыгорэ къышъуиIомэ, «Тхьаматэр мыхэм афай»,
ешъуIуи, занкIэу къэшъущэнхэу фит шъуишIыщт.
4 Арэущтэу зыфэхъугъэр пегъымбарым мы гущыIэхэу
къыIуагъэхэр* къэшъыпкъэжьынхэр ары:

5 «Къалэу Сион* пхъум фэдэм ешъуIу:
Еплъ, гушъэбагъэ иIэу ыкIи щыдым тесэу,
уипачъыхьэ къыпфэкIо;
ар зытесыр щыдыбзым икъунан ары».

6 Игъогу рыкIохэрэр кIохи, Исус зэрариIуагъэм тетэу
ашIыгъ. 7 Щыдыбзымрэ щыд къунанымрэ къащэхи, ящы-
гъынхэр атыралъхьагъэх, щыгъынхэми акIыIу Исус те-
тIысхьагъ. 8 ЦIыф купышхомэ ящыгъынхэр гъогум тыра-
бгъоштыгъэх, нэмыкIхэми къутамэхэр чъыгымэ къа-
паупкIыхэти, гъогум тыралъхьэщтыгъэх. 9 ЦIыф купы-
шхохэу Исус ыпэ итхэу кIощтыгъэхэми, ыуж итхэу
кIощтыгъэхэми мэкъэшхокIэ аIощтыгъ:*

–Хьусаннэ*, Даутэ Ыкъо ыдэжь!
Зиусхьаным ыцIэкIэ къакIорэм щытхъушхор ий!
Хьусаннэ! Анахь Иным щытхъушхор ий!

10 ЕтIанэ Исус Ерусалим зыдахьэм, зэрэкъалэу къэбы-
рысыри, цIыфмэ къаIощтыгъ:
–Мыр хэта?
11 –Ар Исус ары, Галилей хэкум щыщ Назарет къалэм
къикIыгъэ пегъымбарыр,– къаIощтыгъэ цIыф купы-
шхохэм.

---

21:4–5 пегъымбарым мы гущыIэхэу къыIуагъэхэр – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 62:11; Пегъымбар Зэкъарие тхылъэу ытхыгъэм 9:9.

21:5 къалэу Сион – Ерусалим къалэр ары.

21:9 мэкъэшхокIэ аIощтыгъ – еплъ Сэбур (Псалтыр) 118:25–26 (урыс библиемкIэ 117:25–26).

21:9 Хьусаннэ – щытхъу гущыIэр ары.

## Исус щэн–щэфакIохэр Тхьэм иунэшхо къызэрэчIифыгъэхэр
(Марк 11:15–19; Лука 19:45–48; Иуан 2:13–22)

[12] Ащ нэужым Исус Тхьэм иунэшхо чIахьи, щэн–щэ-
факIохэу ащ чIэтхэр* зэкIэ къычIифыхэу ыублагъ; ахъщэ
зыхъожьхэрэм* яIанэхэмрэ тхъаркъо зыщэхэрэм япхъэнтIэ-
кIухэмрэ зэпыригъэзагъэх. [13] Исус ахэмэ ариIуагъ:
–Тхьэм къызэриIорэр игущыIэ тхыгъэхэм арыт,* «Сэ
сиунэ тхьэлъэIупIэу щытыщт», ау шъо «хъункIэкIо
гъэбылъыпIэм»* фэдэу шъошIы.
[14] Исус Тхьэм иунэшхо чIэтэу, нэшъухэмрэ лъащэхэмрэ
ыдэжь къакIохи, ежьым ащ дэжьым ахэр щигъэхъу-
жьыгъэх. [15] Ау дин пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэджэкIо
пащэхэмрэ* Исус ышIэгъэ Iоф гъэшIэгъонхэр залъэгъу-
хэм, сабыйхэр Тхьэм иунэшхо чIэтхэу, «Хьусаннэ Даутэ
Ыкъо* ыдэжь!» аIоу, къэзэрэджагъэхэри зызэхахым,
амыдэу, [16] Исус къыраIуагъ:
–Ахэмэ къаIохэрэр зэхэоха?
–Зэхэсэхы,– ариIожьыгъ Исус, –ау ныбжьи шъуеджа-
гъэба Даутэ мыщ фэдэу Тхьэм зэрэриIуагъэм:*
«Сабыйхэмрэ сабый быдзашъохэмрэ
аIупIэхэмкIэ щытхъу къызфябгъэшIыгъ».
[17] ЕтIанэ Исус ахэмэ ахэкIи, къалэм дэкIи, Вифа-
ние къуаджэм* кIуи, ащ чэщыр щырихыгъ.

---

21:12 щэн–щэфакIохэу ащ чIэтхэр – ахэмэ къурмэныпхъэ былымхэр Тхьэм иунэшхо ищагу щащэщтыгъэх.

21:12 ахъщэ зыхъожьхэрэр – Тхьэм иунэшхо пае хьакъулахь ахъщэр зытырэхэми, къурмэныпхъэ былымхэр къэзыщэфыхэрэми апае ахэмэ хымэ ахъщэхэр ахъожьыщтыгъэх.

21:13 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 56:7.

21:13 хъункIэкIо гъэбылъыпIэ – еплъ Пегъымбар Иеремие тхылъэу ытхыгъэм 7:11.

21:15 дин пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ – еплъ 2:4.

21:15 Даутэ Ыкъо – еплъ 9:27.

21:16 Тхьэм зэрэриIуагъэр – еплъ Сэбур (Псалтыр) 8:2 (урыс библиемкIэ 8:3).

21:17 Вифание къуаджэр – Ерусалим километрищкIэ пэчыжьэу, итыгъэ къыкъокIыпIэ лъэныкъокIэ ит.

## Исус ынджыр чъыгым зэребгыгъэр

(Марк 11:12–14, 20–24)

[18] Нэф къызэшъым, Ерусалим къэкIожьызэ, Исус
къэмэлэкIагъ. [19] Гъогум Iутэу ынджыр чъыг зелъэ-
гъум, ащ къыIухьагъ, ау тхьапэ нэмыкI зи пымытэу
зелъэгъум, мырэущтэу чъыгым риIуагъ:

–ЕгъашIэми о зи къыппымыкIэжьынэу орэхъу!

Ар къызэриIоу ынджыр чъыгыр гъугъэ. [20] Ар залъэ-
гъум, игъогу рыкIохэрэм агъэшIагъоу аIуагъ:

–Сыдэущтэу ынджыр чъыгыр ащ фэдэу псынкIэу
гъугъа?

[21] –Шъыпкъэр шъосэIо,– ариIуагъ Исус ахэмэ, –шъу-
гу щэч къиишъумыгъахьэу, шIошъхъуныгъэ шъуи-
Iэмэ, ынджыр чъыгым къехъулIагъэм имызакъоу шъу-
шIэн шъулъэкIыщт, мы Iуашъхьэми, «ЗыкъэIэти, хым
зыхадз», зешъуIокIэ, арэущтэу хъущт. [22] ШIошъхъуныгъэ
шъуиIэмэ, сыд щыщкIи шъуелъэIумэ, Тхьэм ар къы-
шъуфишIэщт.

## Джурт тхьаматэхэр Исус итетыгъо къезытыгъэмкIэ къызэреупчIыгъэхэр

(Марк 11:27–33; Лука 20:1–8)

[23] ЕтIанэ Исус Тхьэм иунэшхо чIахьи, цIыфхэм Тхьэм
игущыIэхэр аригъашIэхэу ыублагъ. Ахэмэ аригъашIэхэ
зэхъум, дин пэщэшхохэмрэ цIыфхэм янахьыжъхэмрэ
къыбгъодахьэхи къаIуагъ:

–Мы Iофхэр пшIэнхэу фитыныгъэр тыда къыздипхы-
гъэр? Ахэр пшIэнхэу тетыгъор хэта о къыозытыгъэр?

[24] –Сэри шъо зы Iоф горэкIэ сышъоупчIыщт,– ари-
Iожьыгъ Исус. –ПэгъокI къысэшъутыжьмэ, сэри шъо-
сIон мы Iофхэр сшIэнхэу фитыныгъэр къыздисхыгъэр.
[25] Иуан цIыфхэр ыумэхъынхэу* хэт къэзыгъэкIуа-
гъэр? ЦIыфхэр ара, хьауми Тхьэр ара?

–«Тхьэр ары Иуан къэзыгъэкIуагъэр», тIомэ, ежьым
къытиIожьыщт: «Адэ, сыд пае Иуан къыIуагъэхэр

---

21:25 умэхъыныр – еплъ 3:1.

шъушIошъ мыхъугъа?»– аIозэ, ахэр зэупчIыжьыгъэх.
26 –Ау «ЦIыфхэр ары Иуан къэзыгъэкIуагъэхэр», тIомэ,
цIыфхэм тащыщынэн фае, сыда пIомэ цIыф пстэуми Иуан
пегъымбарэу зэрэщытыгъэр алъытэшъ ары.
27 Арыти, –ТшIэрэп,– аIуи, Исус къыраIожьыгъ.
–Ащыгъум сэри шъосIощтэп мы Iофхэр сшIэнхэу
фитынығъэр къыздисхыгъэр,– ыIуи, Исус ахэмэ ариIожьыгъ.

**КъуитIумэ яхьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр**

28 ЕтIанэ Исус къыIуагъ:
–Сыдэущтэу шъо шъухаплъэра? ЛIы горэм къуитIу
иIагъ. А лIыр апэрэм бгъодахьи риIуагъ: «СикIал, кIуи,
непэ сисэнэшъхьэ хатэ щылажь».
29 –Ау ащ пэгъокI къыритыжьыгъ: «Сыфаеп», арышъхьакIэ ащ нэужым кIэгъожьи кIуагъэ.
30 –ЕтIанэ тыр адрэ кIалэми бгъодахьи, а дэдэр риIуагъ.
Ащ къыIожьыгъ: «СыкIощт, тхьаматэ», ау кIуагъэп.
31 –Хэта тIумэ язэу ятэ шIоигъор зыгъэцэкIагъэр?
–Апэрэр ары,– къыраIожьыгъ ахэмэ.
–Шъыпкъэр шъосэIо,– ариIуагъ Исус, –хьакъулахь
ахъщэр хэзыххэрэмрэ бзылъфыгъэ хэтакIохэмрэ шъо
шъуапэу Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэхьащтых.
32 Сыда пIомэ Иуан шъыпкъагъэм игъогу шъутыригъэхьанэу къэкIуагъ, ау шъо Иуан цыхьэ фэшъушIыгъэп,
арышъхьакIэ хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэмрэ бзылъфыгъэ хэтакIохэмрэ Иуан ыIуагъэр ашIошъ хъугъэ.
Шъо ахэмэ ашIошъ зэрэхъугъэр шъулъэгъугъэ пэтми,
шъукIэгъожьыгъэп, Иуани цыхьэ фэшъушIыгъэп.

**СэнэшъхьэшIэ бзаджэхэм яхьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр**
(Марк 12:1–12; Лука 20:9–19)

33 –НэмыкI гъэсэныгъэ тхыдэми шъукъедэIу. Унэ зие горэм сэнэшъхьэ хатэ ыгъэтIысхьагъ. Мыжъо чэукIэ къышIыхьи, сэнэшъхьэ фызалъэ хишIыхьи, унэ плъэпIэ лъаги
дишIыхьагъ. ЕтIанэ сэнэшъхьэшIэ* горэхэм хатэр аIэ-

21:33 сэнэшъхьашIэхэр – еплъ 20:1.

кIилъхьи, хымэ хэгъэгу горэм кIуагъэ. 34 ЕтIанэ сэнэ-
шъхьэ пычыжьыгъор къызэсым, исэнэшъхьэ Iахьэ къа-
Iахынэу сэнэшъхьашIэхэм адэжь унэIутхэр ыгъэкIуагъэх.
35 –Ау сэнэшъхьашIэхэм унэIутхэр къаубытхи, зыми къе-
уагъэх, адрэр къаукIыгъ, ящэнэрэми мыжъохэмкIэ ео-
хэзэ, къаукIыгъ. 36 Сэнэшъхьэ хатэр зием джыри зэ унэ-
Iутхэр ыгъэкIуагъэх, апэу ыгъэкIуагъэхэм анахьи нахьы-
бэжьэу. СэнэшъхьашIэхэм ахэми а дэдэр къарашIагъ.
37 ЫкIэм ыкIэжьым сэнэшъхьэ хатэр зием, «Сэ скъо лъы-
тэныгъэ къыфашIын», ыIуи, ыкъо ахэмэ адэжь ыгъэ-
кIуагъ.
38 –Ау сэнэшъхьашIэхэм сэнэшъхьэ хатэр зием ыкъо
залъэгъум, зэраIожьыгъ: «Мыры сэнэшъхьэ хатэр къы-
зыфэнэжьыщтыр. Ар тэжъугъэукIи, сэнэшъхьэ хатэр
тэ къытфэнэжьыщт». 39 Арэущтэу ари къаубыти, сэнэ-
шъхьэ хатэм къыдадзыжьи къаукIыгъ.
40 –Арышъ, сэнэшъхьэ хатэр зиер къызыкIожькIэ, а
сэнэшъхьашIэмэ сыд аришIэщтыр?– къыпигъэхъожьыгъ
Исус.
41 Зэхэзыхыгъэхэм Исус мырэущтэу къыраIуагъ:
–Сэнэшъхьэ хатэр зием а бзэджашIэхэр Iаеу ыгъэ-
кIодынхэшъ, нэмыкI сэнэшъхьашIэхэу сэнэшъхьэ пычы-
жьыгъор къызыскIэ, исэнэшъхьэ Iахьэ къезытыжьы-
щтхэм хатэр аIэкIилъхьащт.

## Унэ зышIыхэрэм зэрамыпэсэу чIадзыжьыгъэ мыжъор

42 ЕтIанэ Исус ариIуагъ:
–Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм* мырэущтэу зэрарытым
шъуеджагъэба:

«Унэ зышIыхэрэм зэрамыпэсэу чIадзыжьыгъэ
мыжъор
мыжъо лъэпсэ дэдэу унэм фэхъугъ.
Мыр Зиусхьаным иIэшIагъэ Iоф,
ари тэ гъэшIэгъонэу къытфэлъагъо»?

43 –Арышъ, шъосэIо,– къыпигъэхъожьыгъ Исус.
–Тхьэм и Тетыгъошхо* ыIэчIэгъ шъучIэхьаным ифиты-

21:42 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэр – еплъ Сэбур (Псалтыр) 118:22–23 (урыс библиемкIэ 117:22–23).

21:43 Тхьэм и Тетыгъошхо – еплъ 3:2.

ныгъэ шъо шъутырихынышъ, и Тетыгъошхо фэшъуашэу шIугъэ зыгъэцакIэрэ нэмыкI лъэпкъ горэм ритыщт.
44 Мы мыжъом тефэрэр зэпкъыриутыщт, ау зытефэрэр мыжъом ыщытIэщт.

45 Мы гъэсэпэ тхыдэхэр дин пэщэшхохэмрэ фарисейхэмрэ зызэхаххэм, ахэмэ яхьылIагъэу Исус ахэр къызэриIуатэхэрэр къагурыIуагъэти, 46 ежьыр къаубытынэу пылъыгъэх, ау цIыф купышхохэм ащыщынэщтыгъэх, сыда пIомэ ахэмэ Исус пегъымбаркIэ алъытэщтыгъэти ары.

## ЯТIОКIЫРЭ ТIУНЭРЭШЪХЬ

### Нысэщэ джэгушхом ехьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

(Лука 14:15–24)

Джыри зэ Исус гъэсэныгъэ тхыдэхэмкIэ цIыфхэм ариIуагъ:
2 –Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо* зыфэдэр мары.
Зы пачъыхьэ горэм ыкъо къыригъащи, нысэщэ джэгушхо фишIыгъ. 3 Къыригъэблэгъэнхэу зэриIогъэгъэ
цIыфхэм пачъыхьэм иунэIутхэр алъигъэкIуагъэх, ау къэкIонхэу фэягъэхэп.
4 –ЕтIанэ пачъыхьэм ахэмэ анэмыкI унэIутхэр ыгъакIохи, мырэущтэу ариIуагъ: «КъезгъэблэгъэнхэуIогъагъэхэм яшъуIу: Iанэр хьазыр, сицухэри сибылымхэу джэгушхом фэзгъэшхагъэхэри шIуязгъэбзыгъэх, зэкIэри хьазыр; джэгушхом шъукъеблагъ».
5 –Ау унэIутхэм къаIуагъэм а цIыфхэр ымыгъапэхэу зэбгырыфыгъэх, зыр ихьасэ кIуагъэ, адрэри иIоф ыуж ихьажьыгъ. 6 Адрэхэм пачъыхьэм иунэIутхэр аубытхи, лые арахызэ, къаукIыгъэх. 7 Пачъыхьэм ар зызэхехым, къэгубжи, идзэ ыгъакIуи, а цIыф укIакIохэр аригъэгъэкIодхи, якъали машIокIэ аригъэгъэстыгъ.
8 –ЕтIанэ пачъыхьэм иунэIутхэм ариIуагъ: «Джэгушхор ашIынэу хьазыр, ау къезгъэблэгъэнхэу зэсIогъэгъэ цIыфхэр къэкIонхэу яфэшъуашэп. 9 Арышъ, гъогу

---

22:2 Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо – еплъ 3:2.

зэхэкIыпIэхэм шъукIуи, хэт щыщ жъугъотми, джэ-
гушхом къежъугъэблагъ». [10]А унэIутхэр гъогухэм ате-
хьэхи, агъотыгъэхэр зэкIэ, цIыф дэгъуи цIыф бзаджи,
къырагъэблэгъагъ; арэущтэу джэгу зыщашIырэ унэм
изы хъугъэ.

[11]–Ау етIанэ пачъыхьэм хьакIэхэр зэригъэлъэгъунхэу
къызехьэм, нысащэм фэшъошэ щыгъын щымыгъэу лIы
горэ ылъэгъугъ. [12]Зелъэгъум, а лIым еупчIыгъ: «Си-
ныбджэгъу, мырэущтэу уфэпагъэу сыдэущтэу укъи-
хьагъа?» Ау адрэм зиушъэфыгъ.

[13]–Джащыгъум пачъыхьэм иунэIутмэ ариIуагъ:
«Iэхъу–лъэхъу а лIым тешъулъхьи, шIункIыгъэм икуу-
пIэ хашъудз. Ащ дэжьым куохьауныгъэрэ цэ зэрэгъэ-
шхыныгъэрэ щыхъущтых».

[14]–Сыда пIомэ къеблэгъагъэхэр бэ, ау къыхэхыгъэу
щытхэр макIэх,– къыпигъэхъожьыгъ Исус.

## Хьакъулахь ахъщэм ехьылIагъ

(Марк 12:13–17; Лука 20:20–26)

[15]Джащыгъум фарисейхэр* кIохи, Исус игущыIэ горэм
зэрэтыраубытэн шIыкIэмкIэ зэупчIыжьыгъэх. [16]Арэу-
щтэу фарисейхэм ежьхэм ягъогу рыкIохэрэр Исус ыдэжь
агъэкIуагъэх, пщэу Ирод ыуж рыкIохэрэр* ягъусэхэу.
Ахэмэ къаIуагъ:

–Дин гъэсакIу, шъыпкъагъэ зиIэ лIэу узэрэщытри,
шъыпкъагъэм тетэу Тхьэм игъогу цIыфхэм зэрябгъа-
шIэрэри тэшIэ. ЦIыфхэм аIорэми уигъапэрэп, сыда
пIомэ цIыфмэ ятеплъэ уемыплъэу, цIыф пстэури уизэ-
фэдэхэу щытых. [17]Арышъ, къытаIу, сыд фэдэу уха-
плъэра? Кайсарым* хьакъулахь ахъщэр* етты хъущта,
мыхъущта?

[18]Ау Исус ахэмэ ябзэджагъэ гу лъитагъэти къыIуагъ:

---

22:15 фарисейхэр – еплъ 3:7.

22:16 пщэу Ирод ыуж рыкIохэрэр – ахэр Рим (Рум) Iэшъхьэтетым фэмыехэу, пачъыхьэ Ирод Иным къытехъукIыгъэ цIыфхэм ащыщэу зыгорэ пщы афэхъунэу фэягъэх.

22:17 Кайсар – а лъэхъанэм, Исус къызэхъу нэужым 14–37 илъэсхэм къакIоцI, Тиверый зыцIэр Рим Кайсарэу щытыгъ.

22:17 хьакъулахь ахъщэр – еплъ 5:46.

–Сыд пае сыхэжъугъэукъонэу шъупылъа, шъо нэпитIу
зиIэхэр? 19 Мо хьакъулахь ахъщэр сэжъугъэлъэгъу.

Арэущтэу динар ахъщэ Исус къыфахьыгъ.

20 –Хэта зисурэт мыщ итыри, хэта зыцIэ мыщ тетха-
гъэри?– ариIуагъ Исус.

21 –Кайсарыр ары,– къаIуагъ ахэмэ.

–Ащыгъум Кайсарым иер Кайсарым ешъутыжь, Тхьэм
иери Тхьэм ешъутыжь,– ариIуагъ Исус.

22 Ар зызэхахым ахэмэ агъэшIэгъозэ, Исус къагъани
IукIыжьыгъэх.

## Саддукейхэр лIагъэхэм якъэтэджыжьын ехьылIагъэу Исус къызэреупчIыгъэхэр

(Марк 12:18–27; Лука 20:27–40)

23 А мэфэ дэдэм саддукейхэу* лIагъэхэр къызэрэтэджы-
жьыщтхэр зышIошъ мыхъухэрэм ащыщхэу заулэ Исус
къыбгъодахьэхи къеупчIыгъэх:

24 –Дин гъэсакIу, пегъымбар Мусэ ыIуагъ:* «Зы лIы
горэм бын имыIэу лIэмэ, а лIым унагъор фишIыным
пае, ышы шъузабэр къыщэжьын фае». 25 Тэ зэкъошибл
къытхэтыгъ. Ахэмэ ащыщэу апэрэм шъуз къыщагъэу
дунаем ехыжьыгъ. Бын иIагъэпти, шъузыр ышы къы-
фигъэнагъ. 26 Ащ фэдэуи ятIонэрэми, ящэнэрэми, яблэ-
нэрэм нэс ар къяхъулIагъ. 27 Зэпстэуми ауж дэдэу
шъузыри дунаем ехыжьыгъ. 28 Джы лIагъэхэр къызы-
тэджыжьхэкIэ, мы зэкъошиблымэ ащыщэу хэта зишъузы-
щтыр ар? ЗэкIэми шъузэу яIагъэба?

29 –Шъухэукъо,– ариIожьыгъ Исус ахэмэ. –ШъузкIы-
хэукъорэр Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэмрэ Тхьэм илъэкIы-
ныгъэшхомрэ зэрэшъумышIэхэрэр ары. 30 ЛIагъэхэр къы-
зытэджыжьхэкIэ, шъуз къащэжьыщтэп, лIыми дэкIо-
жьыщтхэп, уашъом щыIэ мэлэIичхэм афэдэхэу щытыщтых
нахь. 31 Ау шъыпкъэу лIагъэхэр къэтэджыжьыщтха,
шъуIоу шъукъэупчIымэ, мы гущыIэхэу Тхьэм ыIуагъэ-
хэм* шъуяджагъэба: 32 «Сэры Ибрахьими, Исхьакъи,

---

22:23 саддукейхэр – еплъ 3:7.

22:24 пегъымбар Мусэ ыIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 25:5–6.

22:31–32 мы гущыIэхэу Тхьэм ыIуагъэхэр – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 3:2–6.

Якъуби я Тхьэр»? Ащ къикIырэр Тхьэр псэухэмрэ лIа-
гъэхэу зыфаIохэрэмрэ я Тхьэу зэрэщытыр ары.
33 ЦIыф купышхохэм ар зызэхахым, Исус Iофхэу ари-
гъашIэхэрэр агъэшIэгъуагъэх.

### Тхьэм иунашъохэм ащыщэу анахь ин дэдэр

(Марк 12:28–34; Лука 10:25–28)

34 Исус саддукеймэ ажэхэр аригъэубытыгъэхэу фари-
сеймэ зызэхахым, зэрэугъоигъэх. 35 Ахэмэ ащыщэу зы
Тэурат егъэджэкIо пащэ горэ Исус ыгъэунэфыным пае
къеупчIыгъ:
36 –Дин гъэсакIу, Тхьэм иунашъохэм ащыщэу анахь ин
дэдэр* тары?
37 –«ЗэкIэ о угурэ упсэрэкIи, зэкIэ уизэхэшIыкIыны-
гъэкIи о Зиусхьанэу уи Тхьэ шIу лъэгъу»,– риIожьыгъ
Исус. 38 –Анахь ин дэдэу, апэрэ унашъор джары. 39 ЯтIо-
нэрэ унашъори* ащ фэд: «О пшъхьэ шIу зэрэплъэгъурэм
фэдэу, уигъунэгъуи шIу лъэгъу». 40 Мы унэшъуитIум
пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ итхэмрэ зэкIэ адрэ
пегъымбархэм аIуагъэхэмрэ зэкIэ къырагъэубытых.

### Христос хэта зыкъор?

(Марк 12:35–37; Лука 20:41–44)

41 Фарисейхэр къызызэрэугъоихэм, Исус ахэм яупчIыгъ:
42 –Христос сыда ешъуIуалIэрэр? Хэты ыкъу ар?
–Даутэ ыкъу ар,– къыраIожьыгъ фарисеймэ.
43 –Арэущтэу щытмэ, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ Даутэ ыгу
къырилъхьи, Христос ехьылIагъэу «Си Зиусхьан»
ыIозэ, къызэрэригъэIуагъэр сыдэущтэу хъугъа?– ари-
Iожьыгъ Исус. –Даутэ ыIуагъэба:*
44 «Тхьэу Зиусхьаным сэ си Зиусхьан къыриIуагъ:

---

22:36–37 Тхьэм иунашъохэм ащыщэу анахь ин дэдэр – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 6:5.

22:39 ятIонэрэ унашъор – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:18.

22:43–44 Даутэ ыIуагъэба – еплъ Сэбур (Псалтыр) 110:1 (урыс библиемкIэ 109:1).

О уипыйхэр плъэкъо чIэгъ къычIэсэгъэуцохэфэ,
сэ сиджабгъукIэ къызготIысхь»?

45 Ежь Даутэ Христос «си ЗиусхьанкIэ» еджэ,– къы-
пигъэхъожьыгъ Исус. –Арэу зыхъукIэ, сыдэущтэу Хри-
стос Даутэ ыкъоу хъура?

46 Зыми Исус зы гущыIэ къыриIожьын ылъэкIыгъэп.
А мафэм къыщегъэжагъэу ащ нэмыкIыкIэ Исус къеупчIы-
жьынэу хэти тегушхуагъэп.

## ЯТIОКIЫРЭ ЩЫНЭРЭШЪХЬ

### Исус Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ фарисейхэмрэ ямысагъэ къызэригъэлъэгъуагъэр

(Марк 12:38–40; Лука 11:37–52; 20:45–47)

Джащыгъум Исус цIыф купышхохэмрэ игъогу
рыкIохэрэмрэ ариIуагъ:

2 –Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ фарисейхэмрэ пегъым-
бар Мусэ итIысыпIэ лъапIэ тетIысхьагъэх.
3 Арышъ,
зэкIэ шъушIэн фаеу ыкIи жъугъэцэкIэн фаеу ахэмэ
къышъуаIорэр жъугъэцакIэ, арышъхьакIэ ашIэрэр шъу-
мышIэ, сыда пIомэ ахэмэ аIо нахь, агъэцакIэрэп.
4 Хьылъэу зехьэгъуаехэр зэкIоцIапхэзэ, цIыфхэм атамэ-
хэм атыралъхьэ, ау ежьхэр цIыфхэм адэIэпыIэнхэу зы
Iэхъуамби агъэхъыерэп.

5 –Ахэмэ яшIушIэгъэ пстэури цIыфхэм арагъэлъэгъу-
ным пае ашIэ. Ахэмэ янэмаз къэмлэнэжьыехэр*
агъэшъуамбгъох, яшъошэ кIыхьэхэм якIапэхэри агъэ-
кIыхьэх.
6 Ешхэ–ешъошхохэм адэжьи синэгогухэм цIыф-
хэр защызэIукIэхэкIи, тхьэмэтэ тIысыпIэхэр аубытын-
хэри шIу алъэгъу.
7 ЗэIукIэхэми ежьхэм аIэхэм цIыф-
хэр ащарагъэбэунхэри, «дин гъэсакIокIэ» зэрагъэджэн-
хэри якIас.

---

23:5 янэмаз къэмлэнэжьыехэр – къэмлэнэжьыехэу (шъом хэшIы-
кIыгъэ дэлъхьапIэ цIыкIужьыехэр) ятхылъ лъапIэхэм арытхэм ащы-
щхэр зыдэлъхэр джуртхэм шъо кIапсэкIэ анатIэхэмрэ аIапшъэхэмрэ
аращэкIых. Еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм
6:8; 11:18.

8 –Ау шъо «дин гъэсакIокIэ» зэшъумыгъаджэх, сыда пIо-
мэ дин гъэсакIоу шъуиIэ закъор Христос ары, шъо зэ-
кIэри шъузэкъошых. 9 ШъуятэкIэ зыми чIылъэм шъуще-
мыдж, сыда пIомэ шъо шъуятэу шъуиIэ закъор уашъом
щыIэ Шъуятэ лъапIэр ары. 10 Ащ фэдэуи «ушъыякIокIэ»
зэшъумыгъаджэх, сыда пIомэ ушъыякIоу шъуиIэ закъор
Христос* ары. 11 Шъо шъуащыщэу анахь ин дэдэр Iоф-
табгэу къышъуфэхъун фае. 12 Сыда пIомэ хэти ежь ышъ-
хьэ зыгъэиныжьырэр Тхьэм ыгъэцIыкIущт, хэти ежь ышъ-
хьэ зыгъэцIыкIужьырэри Тхьэм ыгъэиныщт.

13 –Сыхьатмыгъо шъуежьагъ, Тэурат егъэджэкIо пащэ-
хэри,* фарисейхэри,* шъо нэпитIу зиIэхэр! Тхьэу уа-
шъом щыIэм и Тетыгъошхо* икъэлапчъэ цIыфмэ апа-
шъхьэ щэшъогъэпытэ. Шъо а тетыгъошхом ыIэчIэгъ
шъучIахьэрэп, чIэхьанхэу фаехэри чIэхьанхэу фит шъу-
шIыхэрэп. 14 Сыхьатмыгъо шъуежьагъ, Тэурат егъэджэ-
кIо пащэхэри, фарисейхэри, шъо нэпитIу зиIэхэр!
Шъузабэхэм яунэхэр къатешъохых, цIыфмэ зыкъяжъу-
гъэгъэшIэгъоным паий, тхьэлъэIухэр шъогъэкIыхьэх.
Ащ пае Тхьэм инэу шъуигъэпщыныжьыщт.

15 –Сыхьатмыгъо шъуежьагъ, Тэурат егъэджэкIо пащэ-
хэри, фарисейхэри, шъо нэпитIу зиIэхэр! Шъо чIыгуми
хыми къащышъокIухьэ, зы цIыф закъо шъуидин къи-
жъугъэхьаным пае. Ар къызэжъудэхъукIэ, шъощ нахьи
фэдитIукIэ нахь Iаеу, джэхьнэм бынэу ар шъогъэхъу.

16 –Сыхьатмыгъо шъуежьагъ, шъо пэщэ нэшъухэу
мырэущтэу зыIохэрэр: «Тхьэм иунэшхо ыцIэкIэ зыго-
рэм тхьэ ыIомэ, ащ зи къикIырэп, ау Тхьэм иунэшхо
идышъэ ыцIэкIэ зыгорэм тхьэ ыIомэ, тхьарыIуагъэу
мэхъу». 17 Шъо акъыл зимыIэхэу цIыф нэшъухэр! Тара
нахь лъапIэр: дышъэр ара, хьауми Тхьэм иунэшхоу ды-
шъэр лъапIэу зышIырэр ара? 18 Мырэущтэуи шъоIо:
«Къурмэн шIыпIэм ыцIэкIэ зыгорэм тхьэ ыIомэ, ащ
зи къикIырэп, ау къурмэныпхъэу къурмэншIыпIэм телъым
ыцIэкIэ зыгорэм тхьэ ыIомэ, тхьарыIуагъэу мэхъу».

---

23:10 Христос – еплъ 1:17.

23:13 Тэурат егъэджэкIо пащэхэр – еплъ 2:4.

23:13 фарисейхэр – еплъ 3:7.

23:13 Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо – еплъ 3:2.

19 Шъо цIыф нэшъухэр! Тара нахь лъапIэр, къурмэны-
пхъэр ара, хьауми къурмэншIыпIэу къурмэныпхъэр лъа-
пIэу зышIырэр ара? 20 Арышъ, къурмэншIыпIэм ыцIэкIэ
тхьэ зыIорэм къурмэншIыпIэм ыцIэкIи, ащ телъ пстэумэ
ацIэкIи тхьэ ыIуагъэу мэхъу. 21 Джащ фэд Тхьэм иунэ-
шхо ыцIэкIэ тхьэ зыIорэми Тхьэм иунэшхо ыцIэкIи,
ащ чIэсым ыцIэкIи тхьэ ыIуагъэу мэхъу. 22 Уашъом
ыцIэкIэ тхьэ зыIорэми Тхьэм итIысыпIэ лъапIэ ыцIэ-
кIи, ащ тесым ыцIэкIи тхьэ ыIуагъэу мэхъу.

23 –Сыхьатмыгъо шъуежьагъ, Тэурат егъэджэкIо пащэ-
хэри, фарисейхэри, шъо нэпитIу зиIэхэр! Хатэм къы-
дэкIагъэхэм анахь пыутэхэм ащыщэу зы пшIанэр Тхьэм
пае шъоты, ау Тэурат хабзэм итхэу, нахь Iофхэу жъу-
гъэцэкIэн фаехэу, зэфагъэр, гукIэгъуныгъэр, Тхьэм
фэшъыпкъэныгъэр къэшъогъанэх. Ахэр ары жъу-
гъэцэкIэн фаехэр, адрэ Iофхэри къэшъумыгъанэхэу.
24 Шъо пэщэ нэшъухэр! Шъузашъорэм аргъоир хэшъу-
хызэ, махъшэу хэлъыр шъодыры.

25 –Сыхьатмыгъо шъуежьагъ, Тэурат егъэджэкIо пащэ-
хэри, фарисейхэри, шъо нэпитIу зиIэхэр! Шъо шъуи-
шъуалъэхэмрэ шъуилагъэхэмрэ акIыбхэр шъогъэкъа-
бзэх, ау акIоцIхэм нэйпсыягъэрэ зымыщыIэныгъэрэ
нахь зи арылъхэп. 26 О фарисей нэшъур! ЫпэрапшIэу
шъуалъэмрэ лагъэмрэ акIоцI гъэкъабзэ, джащыгъум
акIыбхэри къабзэу хъущтых.

27 –Сыхьатмыгъо шъуежьагъ, Тэурат егъэджэкIо пащэ-
хэри, фарисейхэри, шъо нэпитIу зиIэхэр. Шъо фыжьэу
зыкIыIу гъэлагъэ къэунэхэм шъуафэд. Ахэр дахэу къэлъа
гъох, арышъхьакIэ акIоцIыкIэ хьэдэкъупшъхьэрэ сыдрэ зы
шIоигъэрэ ачIизых. 28 Ащ фэдэу шъори шъуитеплъэкIэ
шъыпкъагъэр зиIэ цIыфхэм шъуафэдэу цIыфхэм шъукъа
фэлъагъо, ау шъукIоцIыкIэ нэпитIугъэрэ бзэджагъэрэ шъу
кIоцIизых.

29 –Сыхьатмыгъо шъуежьагъ, Тэурат егъэджэкIо пащэ-
хэри, фарисейхэри, шъо нэпитIу зиIэхэр! Пегъымбархэм
апае къэунэхэр шъогъэуцух, шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм
якъэнэтIэхэсхэри шъогъэкIэракIэх. 30 Ау щытми, «Тятэ-
жъхэм ямафэхэм тэ тыщыIагъэмэ, ахэмэ пегъымбармэ
алъ загъачъэм, гъусэ тафэхъущтгъэп», шъоIо. 31 Джау-
щтэу шъоIозэ, пегъымбархэр зыукIыгъэмэ акъохэу шъу-
зэрэщытыр шъор–шъорэу къэшъоушыхьатыжьы. 32 Дэгъуба
ащыгъум, шъуятэжъхэм къаублэгъэ Iофыр ижъугъэкъужь.

33 –Шъо блэхэр! Шъо блэщылъфэхэр*! Джэхьнэмым
шъукIонэу Тхьэм къышъутырилъхьащтым сыдэущтэу
шъуIэкIэкIын? 34 Ащ пае мары пегъымбархэри, зэхэ-
шIыкIыныгъэ зиIэ цIыфхэри, дин гъэсакIохэри сэ къы-
шъуфэсэгъакIох. Ахэмэ ащыщэу зы купыр къащым
ешъуIулIынышъ, шъуукIыщтых; адрэ купми шъуисинэ-
гогухэм къамыщкIэ шъущяощт, зы къалэм дэшъуфы-
хэзэ адрэ къалэм шъуфыщтых. 35 Арэущтэу дунаем щагъэ-
чъэгъэ лъы хыер зэкIэ шъо къышъутефэщт, шъыпкъа-
гъэ зиIэу пегъымбар Авел ылъ щегъэжьагъэу пегъым-
бар Зэкъариеу Варахый ыкъо ылъ къыхиубытэу. Пегъым-
бар Зэкъариер ары Тхьэм иунэшхорэ къурмэн шIы-
пIэмрэ азыфагу щышъуукIыгъагъэр. 36 Шъыпкъэр шъо-
сэIо, мы мыхъомышIэ Iоф пстэуми ямысагъэ джырэ
цIыфхэм къатефэщт.

### Ей Ерусалим!

(Лука 13:34–35)

37 –Ей Ерусалим, Ерусалим! УицIыфхэм пегъымбархэр
аукIых, Тхьэм илIыкIохэми мыжъохэмкIэ яохэзэ аукIых.
Бзыум ищырхэр ытамэмэ ачIэгъ зэрэщычIиугъуаехэрэм
фэдэу, сыд фэдизрэ уибынхэр зэсыугъоилIэнхэу сэ сыфэ-
ягъ, ау шъо шъуфэягъэп. 38 Мо зэ шъуеплъ, Тхьэр
шъуикъалэ нэшIукIэ къеплъыжьыщтэп. 39 Сэ шъосэIо,
«Зиусхьаным ыцIэкIэ къэкIорэм щытхъушхор ий!» зы-
щышъуIощт мафэм нэсыфэ, сышъулъэгъужьыщтэп.

## ЯТIОКIЫРЭ ПЛIЫНЭРЭШЪХЬ

### Исус Тхьэм иунэшхо зэрэзэхакъутэщтыр къызэриIуагъэр

(Марк 13:1–2; Лука 21:5–6)

Исус Тхьэм иунэшхо къычIэкIыжьи, IукIыжьы зэхъум,
Тхьэм иунэшхо хэт унэхэр Исус рагъэлъэгъунэу игъогу
рыкIохэрэр къыбгъодэхьагъэх.

---

23:33 блэщылъф – блэм къыхэкIырэ лъфыгъэр ары.

2 –Мы пстэури шъолъэгъуа?– ариӀуагъ Исус ахэмэ.
–Шъыпкъэр шъосэӀо, мыжъуитӀу къызэтемынэжьэу,
пстэури къызэхэтэкъощтых.

### Къиныбэ щэчыныгъэм иублапӀ

(Марк 13:3–13; Лука 21:7–19)

3 Ащ ыужым Исус Елеон зыцӀэ Іуашъхьэм* тесэу,
игъогу рыкӀохэрэм язакъоу къыбгъодахьэхи къеупчӀыгъэх:

–КъытаӀу, о зыфэпӀогъэ Іофхэр сыдигъо къэхъущтых,
о дунаем укъызэрэкӀожьыщтымрэ дунаем икӀэух къызэрэкӀощтымрэ янэшанэхэри сыд фэдэха?

4 –Зыми шъукъызэримыгъэпцӀэщтым шъуфэсакъ,–
ариӀожьыгъ Исус. 5 –Сыда пӀомэ сэ сцӀэкӀэ зэджэжьхэу, «Сэры Христос*», аӀоу, цӀыфхэу къэкӀощтхэр бэу
хъущтых, цӀыфыбэхэри агъэпцӀэщтых. 6 Благъэми чыжьэми зэо къэбар зэхэшъухыщт, ау шъо шъущынэнэу
ищыкӀагъэп. А Іофхэр къэхъунхэ фае, ау дунаем
икӀэух къэсыгъэу щытыгоп. 7 Зы лъэпкъыр адрэ лъэпкъым, зы пачъыхьагъори адрэ пачъыхьагъом езэонэу
къэтэджыщт. Гъаблэхэри къэхъущтых, чӀыпӀэ–чӀыпӀэхэмкӀи чӀыгур инэу щысысыщт. 8 А Іофхэр зэкӀэ къиныбэ щэчыныгъэм иублапӀэ ныӀэп.

9 –ЦӀыфхэм шъо къин шъуагъэщэчыным пае, тетыгъо
зиӀэхэм шъуаӀэкӀагъэхьанышъ, шъуарагъэукӀыщт, сэ
сцӀэ зэрэжъугъэлъапӀэрэм пайй, лъэпкъ пстэуми шъуаужэгъущт. 10 Джащыгъум цӀыфыбэ шӀошъхъуныгъэм
игъогу текӀыщтых; зым адрэр тетыгъо зиӀэхэм аригъэубытыщт, зым адрэри ыуджэгъущт. 11 Пегъымбар
нэпцӀыбэхэр къэлъэгъощтых, цӀыфыбэхэри къагъэпцӀэщтых. 12 Бзэджагъэм къызэрэхэхъощтым къыхэкӀэу,
цӀыфыбэмэ яшӀулъэгъуныгъэ чъыӀэу хъущт. 13 Ау кӀэухым нэсыфэ теубытэныгъэ зиӀэр мыкӀодэу Тхьэм къыгъэнэжьыщт. 14 Ау сэ къысфэлажьэрэ цӀыфхэм Тхьэм
и Тетыгъошхо ехьылӀэгъэ къэбарышӀур чӀылъэм тыдэкӀи
щагъэӀун фаеу щыт, цӀыф лъэпкъ пстэуми апашъхьэ
шыхьатхэу щыхъунхэм пае. Ащ нэужым дунаем икӀэух
къэсыщт.

---

24:3 Елеон зыцӀэ Іуашъхьэр – еплъ 21:1.

24:5 Христос – еплъ 1:17.

### Гузэжъогъушхор

(Марк 13:14–23; Лука 21:20–24)

15 –Арышъ, «Зэхэзыкъутэрэ ГущыкIыгъоу»* пегъымбар Данил зытегущыIагъэр чIыпIэ лъапIэм щытэу зышъулъэгъукIэ, (еджэрэм къыгурэрэIу), 16 ащыгъум
Иудей хэкум ис цIыфхэр Iуашъхьэхэм ярэкIолIэжьых.
17 Унашъхьэм тетыри къызехыкIэ, зыгорэ зыдихьынэу
унэм ерэмыхьажь. 18 Губгъом итыми ищыгъын кIыIутелъ
зыдихьынэу къерэмыгъэзэжь. 19 А мафэхэм бзылъфыгъэ
лъэрмыхьэхэмрэ сабый быдзашъо зиIэхэмрэ сыхьатмыгъо ежьэщтых. 20 Шъузхэхьажьыщт мафэр кIымафэм е
шэмбэт мафэм темыфэнэу Тхьэм шъуелъэIу; 21 сыда
пIомэ гузэжъогъушхо а мафэхэм хъущт. Ащ фэдэ гузэжъогъушхо дунаер къызыхъугъэм щегъэжьагъэу джырэ нэсыфэ щыIагъэп ыкIи щыIэжьыщтэп. 22 А мафэхэр нахь макIэ мыхъугъэхэмэ, зы цIыфи мыкIодэу къэнэжьыщтгъэп. Ау ежьым къыхихыгъэ цIыфхэм яхьатыркIэ Тхьэм а мафэхэр нахь макIэ ышIыщтых. 23 А мафэхэм «Мары Христос мыщ дэжьым щыI», ыIоу, е «Христос модэ щыI», ыIоу зыгорэм къышъуиIомэ, шъушIошъ шъумыгъэхъу; 24 сыда пIомэ Христос нэпцIхэмрэ пегъымбар нэпцIхэмрэ къэлъэгъощтых. Ахэмэ нэшэнэ гъэшIэгъоныщхохэри, Iофышхо гъэшIэгъонхэри къагъэлъэгъощтых, алъэкIымэ, Тхьэм къыхихыгъэ цIыфхэри агъэпцIэнхэм пае. 25 Джары а Iофхэр къэхъунхэм ыпэ якъэбар шъосIуагъэ.

26 –Арышъ, «Мары, Христос шъоф нэкIым щыI», къызышъуаIокIэ, ащ дэжьым шъумыкIу. «Мары, Христос ыкIоцIырэ унэм щыI», аIоми, шъушIошъ шъумыгъэхъу;
27 сыда пIомэ, тыгъэ къыкъокIыпIэм къыщытэджырэ
пчыкIэм* тыгъэ къохьапIэм нэсы дунаер зэригъэнэ-

---

24:15 «Зэхэзыкъутэрэ ГущыкIыгъор» – Исус «Зэхэзыкъутэрэ ГущыкIыгъор» зыфиIогъэ гущыIэхэр пегъымбар Данил икъэбар зэрыт тхылъым 9:27; 11:31; 12:11 итых. Пегъымбар Данил зытегущыIагъэр къурмэншIыпIэу пачъыхьэ Антиок Епифан тхьэ нэпцIхэм апае Тхьэм иунэшхо щигъэуцугъагъэр ары. Ар къызыхъугъэр Исус къэхъуным ыпэ 167–рэ илъэсыр ары. Ау Исус «Зэхэзыкъутэрэ ГущыкIыгъом» зытегущыIэм, зыфиIуагъэр Тхьэм ищынагъо зыгу имылъэу, бзэджэ дэдэ цIыф гъэнэфагъэ горэу ары. Дунаем иаужырэ мафэхэм а цIыфыр къэлъэгъон фаеу щыт.

24:27 пчыкIэ – шыблэм инэфынэ ары.

фырэм фэдэу, мафэу ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къызы-
кIожьыщтри хъущт. [28] ШъушIэрэба, хьэйуан псэхалIэр
зыдэщыIэм бгъэжъхэри зэрэщызэрэугъоищтхэр.

## ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо дунаем къызэрэкIожьыщтыр

(Марк 13:24–27; Лука 21:25–28)

[29] –А гузэжъогъушхо мафэмэ ауж ошIэ–дэмышIэу
тыгъэр ушIункIыжьыщт, мазэри къэнэфыжьыщтэп.
Жъуагъохэри уашъом къефэхыщтых, уашъом щыIэ
кIуачIэхэри хъыещтых. [30] Джащыгъум ЦIыф Лъэпкъым
Ыкъо инэшанэ уашъом къыщылъэгъощт, дунаем тет
лъэпкъ пстэури гъыхэу абгъэгу еожьыщтых. ЦIыф
Лъэпкъым Ыкъо ошъуапщэхэм ахэтэу, лъэкIыныгъэ-
шхорэ щытхъушхорэ иIэхэу, къакIоу алъэгъущт.
[31] ЕтIанэ бжъэмыешхом ымакъэ чан къэIунышъ, ЦIыф
Лъэпкъым Ыкъо имэлэIичхэр ыгъэкIощтых, дунай лъэ-
ныкъуиплIым, зы ошъо чапэм къыщегъэжьагъэу адрэ
ошъо чапэм нэс, ицIыфхэу къыхихыгъэхэр къахищы-
хэзэ, ежьым къыфаугъоижьынхэу.

## Ынджыр чъыгым шъыпкъагъэу къыдгуригъаIорэр

(Марк 13:28–31; Лука 21:29–33)

[32] –Ынджыр чъыгым къехъулIэрэмкIэ Iоф горэ зэжъу-
гъашIэ: Икъутамэхэм псы къахахьэу, итхьапэхэр къы-
пыкIэхэ зыхъукIэ, гъэмафэр къызэрэблагъэр шъошIэ. [33] Ащ
фэдэу шъори мы Iофхэр зэкIэ зышъулъэгъухэкIэ, ЦIыф
Лъэпкъым Ыкъо гъунэгъоу, къэлапчъэм дэжь зэрэщытыр
шъушIэ. [34] Шъыпкъэр шъосэIо, мы Iофхэр зэкIэ къэ-
хъунхэм ыпэкIэ, мы лъэпкъыр кIодыщтэп. [35] Уашъомрэ
чIылъэмрэ кIодыжьыщтых, ау сэ сигущыIэхэр кIодыжьы-
щтхэп.

## А мафэри а сыхьатри къызысыщтыр зыми ышIэрэп

(Марк 13:32–37; Лука 17:26–30, 34–36)

[36] –Ау а мафэри а сыхьатри къызысыщтыр зыми
ышIэрэп. Уашъохэм ащыIэ мэлэIичхэм ашIэрэп, Тхьэм

Ыкъоми ышIэрэп. Ты лъапIэм изакъоу ары ныIэп зышIэрэр.
[37] Пегъыбар Нухьэ имафэхэм адэжь Iофхэр зэрэщытыгъэхэм фэдэу, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо дунаем къызыкIожьыщтым ыдэжь Iофхэр щытыщтых.
[38] Сыда пIомэ псы къиугъэшхор* къэмыкIуагъэу, а мафэхэм цIыфхэр шхэщтыгъэх ыкIи ешъощтыгъэх, къащэщтыгъэх ыкIи дакIощтыгъэх, Нухьэ къухьэм зитIысхьэгъэ мафэм нэсыфэкIэ.
[39] Къэхъущтыр амышIэу псы къиугъэшхор къакIуи, ахэр зэкIэ ыхьыгъэх ыкIи ытхьалагъэх. Ащ фэдэу ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо дунаем къызыкIожьыщтым ыдэжь Iофхэр щытыщтых.
[40] Ащ дэжьым нэбгыритIу губгъом итыщтых, язырэр мэлэIичхэм уашъом дахьыещт, адрэр къагъэнэщт.
[41] БзылъфыгъитIу зы шъхьалым щыхьаджэщт, язырэр мэлэIичхэм уашъом дахьыещт, адрэр къагъэнэщт.

[42] –Арышъ, шъумычъыеу шъусакъ, сыда пIомэ Зиусхьаныр дунаем къызыкIожьыщт, мафэр шъушIэрэпышъ ары.
[43] Ау мыр зэжъугъашIэ: унэр зием тыгъуакIор къызыкIощт сыхьатыр ышIэщтыгъэмэ, чъыещтгъэп, иуни къыригъахьэу илъыр рыригъэтыгъукIыщтгъэп.
[44] Арышъ, шъори шъухьазырын фае, сыда пIомэ ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къэкIожьынэу шъузымыгугъэрэ сыхьат горэм дунаем къэкIожьыщт.

## Узщыгугъышъун унэIут е узщымыгугъышъун унэIут

(Лука 12:41–48)

[45] –Хэта адэ зэхэшIыкIыныгъэ зиIэу, зыщыгугъышъунэу унэIутэу тхьаматэм адрэ унэIутхэу иIэхэм пащэу афишIыгъэр, игъом ашхын аритынэу?
[46] А унэIутыр сыхьатмафэ ежьагъ, итхьаматэ къэкIожьыгъэу, арэущтэу ышIэу къызигъотыжькIэ.
[47] Шъыпкъэр шъосэIо, тхьаматэм имылъку зэкIэ а унэIутым ыIэ рилъхьащт.
[48] Ау а унэIутым бзэджагъэ зэрихьэзэ, «Ситхьаматэ шIэхэу къэкIожьыщтэп», ыгукIэ ыIоу,
[49] адрэ унэIутхэм яоу ыкIи ешъуакIомэ адашхэу ыкIи адешъоу зиублэкIэ,
[50] а унэIутыр зымыгугъэрэ мафэ горэм ыкIи зыщимышIэрэ сыхьат горэм итхьаматэ къэкIожьыщт.
[51] А унэIутыр

---

24:38–39 псы къиугъэшхор – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу 6:13–7:24.

укIыкIаеу ыукIыщт, нэпитIу зиIэхэм къиныгъэ зыщадищэчыщт чIыпIэми ыгъэкIощт. Ащ дэжьым куохьауныгъэрэ цэ зэрэгъэшхыныгъэрэ щыхъущтых.

## ЯТIОКIЫРЭ ТФЫНЭРЭШЪХЬ

### ПшъэшъипшIымэ яхьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

–А мафэм Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо* зыфэ-
дэу щытыщтыр мары. ПшъэшъипшIмэ яостыгъэхэр
аштэхи, шъаом пэгъокIынхэу дэкIыгъэх. 2 Ахэмэ ащы-
щэу тфым акъыл ямыIэу щытыгъэх, тфыр Iушхэу
щытыгъэх. 3 Акъыл зимыIэ пшъашъэхэм яостыгъэхэр
заштэхэм, дагъэ зыдаштагъэп. 4 Пшъэшъэ Iушхэм яосты-
гъэмэ ягъусэу, дагъэ зэрыт дагъалъэхэри зыдаштагъэх.
5 Шъаор къызэгужъом, пшъэшъэ пстэури шъхьаукъэхи
хэчъыягъэх.

6 –Ау чэщныкъом дэжь зы макъэ горэ къэIугъ: «Мары
шъаор къакIо! ШъукъыпэгъокI!»

7 –Джащыгъум а пшъашъэхэр зэкIэ къэтэджыхи, яосты-
гъэхэр агъэхьазырыгъэх. 8 Акъыл зимыIэ пшъашъэхэр
пшъэшъэ Iушхэм ялъэIугъэх: «Шъуидагъэ щыщ къытэ-
шъут, сыда пIомэ, тиостыгъэхэр мэкIуасэх».

9 –Ау пшъэшъэ Iушхэм къаIожьыгъ: «Шъори тэри ар
тфырикъухэнэп. Дагъэ зыщэрэмэ адэжь шъукIоу къы-
зфэшъущэфымэ нахьышIу».

10 –Къащэфынэу ахэр зэкIохэм, шъаор къэкIуагъ,
хьазырэу щытыгъэ пшъэшъитфыри игъусэхэу джэгу
зыщашIырэ унэм ихьэхи, къэлапчъэри къыфашIыжьыгъ.

11 –Ащ нэуж адрэ пшъашъэхэри къэкIожьхи, мырэу-
щтэу аIуагъ: «Титхьаматэу титхьаматэ! Къэлапчъэр
къытфэIух!»

12 –Ау ащ къыIожьыгъ: «Шъыпкъэр шъосэIо, шъо
хэтми шъузщыщыр сшIэрэп».

13 –Арышъ, шъумычъыеу шъусакъ,– къыпигъэ-
хъожьыгъ Исус, –сыда пIомэ ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо
дунаем къызыкIожьыщт мафэри сыхьатри шъушIэрэпышъ
ары.

---

25:1 Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо – еплъ 3:2.

## Талант зыцӀэ ахъщэхэм яхьылӀэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

(Лука 19:11–27)

14 –Джыри Тхьэу уашъом щыӀэм и Тетыгъошхо къызэ-
рэкӀощтыр зыфэдэр мары. Зы лӀы горэ хымэ хэгъэгу
горэм кӀонэу зэхъум, иунэӀутмэ къяджи, имылъку аӀэ-
кӀилъхьагъ. 15 Зым талантитф* ритыгъ, нэмыкӀми талан-
титӀу ритыгъ, етӀанэ нэмыкӀми зы талант ритыгъ. Хэти
лъэкӀыныгъэу иӀэм фэшъуашэу рити, гъогум техьагъ.
16 Талантитф зэритыгъэр занкӀэу кӀуи, ахэр ыгъэлажьэхи,
джыри талантитф къыхьыжьыгъ. 17 Джащ фэдэу талан-
титӀу зэритыгъэми джыри талантитӀу къыхьыжьыгъ.
18 Ау тхьаматэм зы талант зэритыгъэр кӀуи, ар чӀы-
гум чӀитӀи, итхьаматэ иахъщэ ыгъэбылъыгъ.

19 –Бэ тешӀагъэу а унэӀутмэ ятхьаматэ къэкӀожьыгъ,
иунэӀутхэм ахъщэр зэрагъэлэжьагъэмкӀи яупчӀынэу
ыублагъ. 20 Талантитф зэритыгъагъэр тхьаматэм бгъо-
дахьи, адрэ талантитфэу къыхьыгъэхэр къыфихьыхи
къыӀуагъ: «Тхьаматэ, талантитф къысӀэкӀэплъхьагъ.
Мары, ахэмкӀэ джыри талантитф къэсхьыжьыгъ».

21 –Тхьаматэм ащ риӀуагъ: «Дэгъоу пшӀагъэ. О сып-
щыгугъышъунэу уунэӀут дэгъу! Іоф макӀэхэмкӀэ сызщы-
гугъышъунэу лӀэу узэрэщытыгъэм пае, Іофыбэхэр къы-
пӀэкӀэслъхьащтых. КъакӀуи, уитхьаматэ игушӀуагъо къы-
хахь!»

22 –Джаущтэу талантитӀу зэритыгъагъэри тхьаматэм
бгъодахьи къыӀуагъ: «Тхьаматэ, талантитӀу къысӀэкӀэ-
плъхьагъ. Мары, ахэмкӀэ джыри талантитӀу къэсхьы-
жьыгъ».

23 –Тхьаматэм ащ риӀуагъ: «Дэгъоу пшӀагъэ. О сып-
щыгугъышъунэу уунэӀут дэгъу! Іоф макӀэхэмкӀэ сыз-
щыгугъышъунэу лӀэу узэрэщытыгъэм пае, Іофыбэхэр
къыпӀэкӀэслъхьащтых. КъакӀуи, уитхьаматэ игушӀуагъо
къыхахь!»

24 –ЕтӀанэ зы талант зэритыгъагъэри тхьаматэм бгъо-
дахьи къыӀуагъ: «Тхьаматэ, о узэрэлӀы пхъашэр сшӀэ-
щтыгъэ, чылапхъэ зыхэмыпхъагъэм лэжьыгъэр къы-
щыохыжьы, зыхэмысагъэми къыщыоугъоижьы. 25 Сыщы-
нэти сыкӀуи, уиталант чӀыгум чӀэзгъэбылъхьагъ. Мары,
оуиер осэтыжьы».

---

25:15 талант – еплъ 18:24.

26 –Тхьаматэм ащ риIуагъ: «О уунэIут бзадж ыкIи уунэ-
Iут фэмыф! О пшIэщтыгъэ сэ чылапхъэр зыхэсымыпхъа-
гъэм лэжьыгъэ къызэрэщысхыжьырэри, зыхэсымыса-
гъэм къызэрэщысыугъоижьырэри. 27 Арэущтэу зыхъукIэ,
сэ сиахъщэ банкым ептын фэягъэба? Ащыгъум къызы-
сэгъэзэжьым, сиахъщэ хэхъуагъэу къычIэсхыжьыщтыгъ».
28 –«Мы лIым италант Iышъухи, талантипшI зиIэм
ешъут. 29 Сыда пIомэ Тхьэм хэт щыщми зиIэм нахьыбэ
къыритыщт, къелыжьынэуи бэ иIэщт. Ау Тхьэм зимыIэм
иIэ тIэкIури Iихыжьыщт. 30 Ау мы унэIутэу пкIэ зимы-
Iэр шIункIыгъэм икуупIэ хэшъудз. Ащ дэжьым куохьау-
ныгъэрэ цэ зэрэгъэшхыныгъэрэ щыхъущтых».

Ар къызеIо ужым, Исус мэкъэшхокIэ къыIуагъ:

–РыдэIонэу тхьакIумэ зиIэм зэхерэх.

## ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо цIыф лъэпкъхэм хьыкум зэратыришIыхьащтыр

31 –ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо* щытхушхо иIэу, имэлэIич
пстэури игъусэхэу дунаем къызыкIожькIэ, итIысыпIэ лъа-
пIэу щытхъушхо зиIэм тетIысхьащт. 32 Лъэпкъ пстэури
ежьым ыпашъхьэ къыщызэрэугъоищтых, мэлахъом мэл-
хэмрэ пчэнхэмрэ зэрэзэхидзыхэрэм фэдэуи, цIыфхэр зэ-
хидзыщтых. 33 Мэлхэр иджабгъукIэ пчэнхэр исэмэгу-
бгъукIэ ыгъэуцущтых.
34 –Джащыгъум Пачъыхьэм иджабгъумкIэ щытхэм
ариIощт: «Сэ Сятэ лъапIэ ынэшIу зыщифагъэхэр, шъу-
къакIуи, Тхьэм дунаер къызигъэхъугъэм къыщегъэжьагъэу
къышъуфигъэхьазырыгъэ тетыгъор шъуиIэхьышIоу шъу-
убыты. 35 Сыда пIомэ мэлакIэ сызэлIэм, сыжъугъэ-
шхагъ; псыфалIэ сызэлIэми, псы сежъугъэшъуагъ; хы-
мэу сызыщэтыми, сыкъежъугъэблэгъагъ, 36 зыщыслъэн
зысемыIэми, сышъуфэпагъ; сызэсымаджэми шъукъы-
слъыплъагъ; хьапсым сызычIэсыми, садэжь шъукъэ-
кIуагъ».
37 –Джащыгъум шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм къыраIо-
жьыщт: «Зиусхьан, сыдигъо мэлакIэ улIэу утлъэгъуи узы-
дгъэшхагъэр, е псыфалIэ улIэу псы узедгъэшъуагъэр?

25:31 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ 8:20.

38 Сыдигъуа хымэу утлъэгъуи узедгъэблэгъагъэр, е зыщы-
плъэн уимыIэу узытфэпагъэр? 39 Усымаджэу е хьапсым
учIэсэу сыдигъуа утлъэгъуи, уадэжь тыкъызыкIуагъэр?»
40 –Пачъыхьэм ахэмэ пэгъокI аритыщт: «Шъыпкъэр
шъосэIо. Сэ сшы* анахь цIыкIу дэдэхэм ащыщэу зыгорэм
фэшъушIагъэр сэ къысфэшъушIагъэу мэхъу».
41 –ЕтIанэ Пачъыхьэм исэмэгубгъукIэ щытхэм ари-
Iощт: «Садэжь шъуIукI, шъо Тхьэм ынае зыщифа-
гъэхэр. Шэйтанымрэ ащ имэлэIичхэмрэ Тхьэм афигъэ-
хьазырыгъэ мыкIосэжьын машIом шъукIу. 42 Сыда пIомэ
мэлакIэ сызэлIэм, сыжъугъэшхагъэп; псыфалIэ сызэ-
лIэми, псы сежъугъэшъуагъэп; 43 хымэу сызыщэтыми,
сыкъежъугъэблэгъагъэп, зыщыслъэн зысемыIэми, сы-
шъуфэпагъэп; сызэсымаджэми, хьапсым сызычIэсми,
шъукъыслъыплъагъэп».
44 –Джащыгъум ахэми Пачъыхьэм къыраIожьыщт:
«Зиусхьан, мэлакIэ улIэу, е псыфалIэ улIэу, е ухымэу, е
зыщыплъэн уимыIэу, е усымаджэу, е хьапсым учIэсэу сы-
дигъо утлъэгъуи, тишIуагъэ отымыгъэкIэу сыдигъуа укъы-
зыдгъэнагъэр?»
45 –Джащыгъум Пачъыхьэм пэгъокI аритыщт: «Шъы-
пкъэр шъосэIо, мы цIыкIу дэдэмэ ащыщэу зыгорэм фэ-
шъумышIагъэр сэ къысфэшъумышIагъэу мэхъу».
46 –Арэущтэу ахэмэ мыухыжьын къин ащэчынэу IукIы-
жьыщтых, ау шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм мыкIодыжьын
щыIэныгъэ къалъысынэу IукIыжьыщтых.

## ЯТIОКIЫРЭ ХЫНЭРЭШЪХЬ

### Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщ тхьаматэхэм Исус тхьагъэпцIыгъэкIэ аукIынэу гухэлъ зэрашIыгъэр

(Марк 14:1–2; Лука 22:1–2; Иуан 11:45–53)

Исус а гущыIэ пстэури къызеIохэ ужым, игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ:

---

25:40 шыхэр – еплъ 5:22.

[2] –Пасхъэ зыцIэ мэфэкI мэфэшхор* къэсыным мэфитIу
зэриIэр шъо шъошIэ. ЦIыф Лъэпкъым Ыкъуи къащым
раIулIынэу тетыгъо зиIэхэм аIэкIэхьащт.
[3] Джащыгъум дин пэщэшхохэри, Тэурат егъэджэкIо па
щэхэри*, цIыфмэ янахьыжъхэри дин пэщэшхоу* Кайафэ
зыцIэм иунэшхо къыщызэIукIагъэх. [4] Ахэмэ Исус тхьа-
гъэпцIыгъэкIэ аубытынышъ, аукIынэу гухэлъ ашIыгъ.
[5] –Ау цIыфхэм бырсырышхо амышIыным пае, мэфэкI
мэфэшхом тефэу орэмыхъу,– аIуагъ ахэмэ.

## Зы бзылъфыгъэ горэм Вифание къуаджэм дагъэу осэшхо зиIэр Исус зэрэщифагъэр

(Марк 14:3–9; Иуан 12:1–8)

[6] ЕтIанэ Исус Вифание къуаджэм щыIэу, Симонэу
шъоджэ уз Iае зиIагъэм иунэ щыIагъ. [7] Исус ащ
дэжьым зыщэIэм, зы бзылъфыгъэ горэ унэм къихьагъ.
А бзылъфыгъэм алавастэр зыцIэ мыжъом хэшIыкIыгъэу
зы апч ыIыгъыгъ. А апчым осэшхо зиIэ дагъэу мэ
IэшIу зыпихырэр итыгъ. Исус Iанэм пэсэу, бзылъфы-
гъэр къыбгъодахьи, Исусым ышъхьэ дагъэр тырикIагъ.
[8] Исус игъогу рыкIохэрэм ар залъэгъум, агу римыхьэу
мырэущтэу аIуагъ:
–Сыд пае мы дагъэу осэшхо зиIэр хьаулыеу ыгъэ-
кIодыгъа? [9] Ар осэшIукIэ ащагъэмэ, тхьамыкIэхэм
ахъщэр афагощын алъэкIыщтыгъ.
[10] Ау Исус ащ гу лъити ариIуагъ:
–Сыд пае бзылъфыгъэр жъугъэукIытэра? Сыда пIомэ

---

26:2 Пасхъэ зыцIэ мэфэкI мэфэшхор – Пасхъэ зыцIэ мэфэкI мэфэшхомрэ Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхо мафэхэмрэ зэдагъэлъапIэхэзэ, Тхьэм Мысырым (Египет) къызэрэригъэкIыжьыгъагъэхэр джуртхэм агъэлъапIэ. Пасхъэ мэфэкI мэфэшхор Нисан зыцIэ мазэм и 14–м тефэ (яплIэнэрэ мазэм иапэрэ мафэм пэгъунэгъу), Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхо мафэхэр Нисан и 15–22 мафэхэм къакIоцI агъэлъапIэх. А мафэхэм тэджэпс тхьацум халъхьэрэп.

26:3 дин пэщэшхохэр – еплъ 2:4.

26:3 нахьыжъхэр – еплъ 16:21.

26:3 дин пэщэшхор – дин пащэхэм ятхьаматэуи Тхьэмэтэ Хэсэшхом итхьаматэуи щытыгъ.

ащ шIугъэ горэ къысфишIагъ. 11 ТхьамыкIэхэр къы-
шъухэт зэпытых, ау сэ сышъухэт зэпытыщтэп. 12 А
бзылъфыгъэм мы дагъэр сэ спкъы къызытырекIэм,
сызэрэчIалъхьажьыным сыфиухьазырыгъ. 13 Шъыпкъэр
шъосэIо, сэ къысфэлажьэрэ цIыфхэм чIылъэм зэкIэ
къэбарышIур* тыдэ щагъэIуми, мы бзылъфыгъэм ышIа-
гъэр къаIотэжьыщт, цIыфхэм а бзылъфыгъэр шIукIэ агу
къагъэкIыжьыным пае.

## Иудэ зыцIэм Исус дин пэщэшхохэм аIэкIигъэхьанэу зэрадиштагъэр

(Марк 14:10–11; Лука 22:3–6)

14 Джащыгъум Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIы-
кIутIумэ ащыщэу, Иудэ ИскариоткIэ заджэхэрэр дин пэ-
щэшхохэмэ адэжь кIуи, 15 къыIуагъ:

–Исус къышъуIэкIэзгъахьэмэ, сыда къысфэшъушIэщтыр?

Ахэмэ тыжьын ахъщэ щэкI къыратынэу къагъэгу-
гъагъ. 16 Ащ щегъэжьагъэу Исус ахэмэ аIэкIигъэхьаным
пае, Iэрыфэгъу уахътэ Иудэ паплъэу ыублагъ.

## Исус Пасхъэ пчыхьэшъхьашхэр игъогу рыкIохэрэм зэрадишIыгъэр

(Марк 14:12–21; Лука 22:7–14, 21–23; Иуан 13:21–30)

17 Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхо
мафэхэм* яапэрэ мафэм дэжь игъогу рыкIохэрэр Исус
къыбгъодахьэхи къеупчIыгъэх:

–Пасхъэ пчыхьэшъхьашхэр щыпшIынэу тыдэ щыдгъэ-
хьазырынэу уфая?

18 –Къалэм шъудахь,– къыIожьыгъ Исус. –ЛIы гъэнэ-
фагъэ горэм дэжь шъукIуи, ешъуIу: «Дин гъэсакIом
еIо: Сэ сигъо къэблэгъагъ. Сэррэ сигъогу рыкIохэ-
рэмрэ Пэсхъэ пчыхьэшъхьашхэр уиунэ щытшIыщт».

---

26:13 къэбарышIур – Исус Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур ары. Тхьэм пегъымбархэм ягущыIэкIэ цIыфхэр къызэригъэгугъэгъэ Iофхэр Исус Христос Iофэу ышIагъэмкIэ къыгъэшъыпкъэжьыгъэх, арэущтэуи цIыфхэр мыкIодхэу къызэригъэнэжьынхэ гъогу афишIыгъ.

26:17 Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхо мафэхэр – еплъ 26:2, Пасхъэ зыцIэ мэфэкI мэфэшхом.

19 Исус зэрариIуагъэм тетэу, игъогу рыкIохэрэм ашIи,
Пасхъэ пчыхьэшъхьашхэр агъэхьазырыгъ.
20 Пчыхьашъхьэр къызэсым, Исус игъогу рыкIорэ нэбгы-
рэ пшIыкIутIур игъусэхэу Iанэм пэтIысхьагъ. 21 Ахэр шхэ-
хэ зэхъум, Исус къыIуагъ:
–Шъыпкъэр шъосэIо, шъуащыщ горэм тетыгъо зиIэхэм
саIэкIигъэхьащт.
22 Ахэмэ лъэшэу агу къеуагъ. Зыр зым ыуж итэу къы-
раIонэу фежьагъэх:
–Зиусхьан, сэрэп ар, арыба?
23 –Мы апсым сигъусэу зыIэкIэ хьалыгъу къыхэзы-
гъаорэр ары тетыгъо зиIэхэм саIэкIэзыгъэхьащтыр,–
пэгъокI ытыжьыгъ Исус. 24 –Шъыпкъэ, ЦIыф Лъэпкъым
Ыкъо* дунаем ехыжьыщт, ежьым ехьылIагъэу Тхьэм
игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу. Ау ЦIыф Лъэ-
пкъым Ыкъо тетыгъо зиIэхэм аIэкIэзыгъахьэрэр сы-
хьатмыгъо ежьагъ. А цIыфыр къэмыхъугъэмэ, ежьым-
кIэ нахьышIущтыгъ.
25 Иудэу Исус тетыгъо зиIэхэм аIэкIэзыгъэхьанэу щы-
тыгъэм къыIуагъ:
–Равви*, сэрэп ар, арыба?
–Оры, къызэрэпIорэм фэдэу,*– Исус ащ риIуагъ.

## Зиусхьаным ипчыхьэшъхьашх

(Марк 14:22–26; Лука 22:15–20; 1 Кор. 11:23–25)

26 Ахэр шхэхэ зэхъум, Исус хьалыгъур къыштагъ,
Тхьэм щытхъу фишIи, зэгуичи, игъогу рыкIохэрэм
арити къыIуагъ:
–Ма, шъушхы, мы хьалыгъур сэ спкъы ары.
27 ЕтIани зы шъуалъэ къышти, Тхьэм щытхъу фишIи,
арити къыIуагъ:
–Шъо зэкIэри мыщ итым щыщ шъуешъу. 28 Мы сэнэ-
псыр сэ слъэу Тхьэм ежьымрэ ицIыфхэмрэ азыфагу

---

26:24 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ 8:20.

26:25 Равви – дин гъэсакIор ары.

26:25 –Оры, къызэрэпIорэм фэдэу,– е –О пшъхьэкIэ къэпIуагъ.

дилъхьэгъэ зэзэгъыныгъэр зыгъэшъыпкъэжьырэр* ары.
ЦӀыфыбэхэм яшӀуагъэ къэкӀонэу, лъэу сэ къыскӀэ-
кӀыщтыр ары, япсэкӀодхэр афэгъунхэм пае. 29 Сэ шъо-
сэӀо, джы щегъэжьагъэу Сятэ и Тетыгъошхо къызы-
кӀощтым нэсыфэ, сэнэшъхьэ къутамэм ипс сешъожьы-
щтэп. А мафэм кӀэу сэ сыкъыжъудешъожьыщт.
30 ЕтӀанэ Исусрэ игъогу рыкӀохэрэмрэ тхьэщытхъу
орэд къызаӀо ужым, унэм икӀыхи, Елеон Ӏуашъхьэм
кӀуагъэх.

### «Сэ сыкъэмышӀэу къэпӀощт», Исус Петрэ зэрэриӀуагъэр

(Марк 14:27–31; Лука 22:31–34; Иуан 13:36–38)

31 Ащ дэжьым Исус игъогу рыкӀохэрэм ариӀуагъ:
–Нычэпэ шъо пстэуми сизакъоу утыгум сыкъишъу-
нэщт, сыда пӀомэ Тхьэм къызэриӀорэр игущыӀэ тхыгъэхэм
арыт:* «Сэ мэлахъор сыукӀыщт, мэлы Ӏэхъогъури
зэбгырыкӀыжьыщт». 32 Ау лӀагъэхэм сыкъызахэтэджы-
кӀыжьыкӀэ, шъуапэ рапшӀэу Галилей хэкум сыкӀощт.
33 –Пстэуми утыгум укъыранэми, сэ ныбжьи укъисы-
нэщтэп, – къыриӀуагъ Петрэ Исус.
34 –Шъыпкъэр осэӀо,– риӀожьыгъ Исус Петрэ, –мы ны-
чэпэ дэдэм атакъэр Ӏоным ыпэкӀэ, сэ сыкъэмышӀэу гъого-
гъуищэ къэпӀощт.
35 –Сэ о сыбдэлӀэн фаеу щытми, усымышӀэу сӀо-
щтэп,– къыриӀожьыгъ Петрэ Исус. Ащ фэдэу къабзэу
Исус игъогу рыкӀорэ адрэ лӀы пстэуми къаӀуагъ.

---

26:28 Сэ слъэу . . . зэзэгъыныгъэр зыгъэшъыпкъэжьырэр – пэсэрэ зэзэгъыныгъэу Тхьэм ежьымрэ ылъэпкърэ азыфагу дилъхьагъэр зыгъэшъыпкъэжьыгъагъэр къурмэныпхъэм ылъ арыгъэ. А лъыр цӀыфхэм атыраутхэгъагъ. Еплъ Пегъымбар Мусэ ятӀонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 24:7–8. Ащ фэдэу зэзэгъыныгъакӀэу Тхьэм ежьырэ ицӀыфхэмрэ азыфагу дилъхьагъэр зыгъэшъыпкъэжьыгъэр Исус ылъэу къащым щыкӀэкӀыгъэр ары. А зэзэгъыныгъэм зэритым фэдэу, цӀыф горэм ИсускӀэ шӀошъхъуныгъэ иӀэ хъумэ, мыкӀодэу Тхьэм ар къыгъэнэжьыщт.

26:31 Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Зэкъарие тхылъэу ытхыгъэм 13:7.

## Исус Гефсимание хатэм Тхьэм зэрэщелъэІугъэр

(Марк 14:32–42; Лука 22:39–46)

36 Ащ нэуж Гефсимание* зыцІэ чІыпІэ горэм Исус игъогу рыкІохэрэр игъусэхэу кІуагъэ.

–Мо шъуетІысэх, сэ модэ сыкІоу, Тхьэм селъэІуфэ,– ыІуи, Исус ахэмэ ариІуагъ. 37 ЕтІанэ Петрэрэ Зеведей
ыкъуитІурэ зыдищэхи, ыгу къеоу, гумэкІэу ыублагъ.
38 Джащыгъум ахэмэ ариІуагъ:

–СылІэрэм фэдэу инэу сыгу хэкІы. Шъумычъыеу шъусакъэу мо садэжь шъущыІ.

39 ЕтІанэ зы тІэкІу ІукІоти, чІыгум бгъэгукІэ зыридзыхи, Тхьэм елъэІузэ къыІуагъ:

–Сэ Сят, амал иІэмэ, мы къин щэчыныгъэм ишъуалъэ сэ сІых. Ау сэ сызыфаер мыхъоу, о узыфаер орэхъу.

40 Ащ ыужым Исус игъогу рыкІорэ нэбгырищымэ адэжь къыгъэзэжьи, чъыехэу къыгъотыжьыгъэх.

–Арэущтэу зы сыхьат закъокІэ шъусигъусэу шъумычъыеу, шъусакъын шъулъэкІыгъэп, ара?– ыІуи, Исус
Петрэ риІуагъ. 41 –Шъумычъыеу шъусакъ, псэкІодшІэным
шъудимыхьыхынэуи Тхьэм шъуелъэІу. Гур фай, ау пкъым ылъэкІырэп.

42 ЕтІанэ Исус ятІонэрэу ІукІыжьи, Тхьэм елъэІузэ къыІуагъ:

–Сэ Сят, мы къин щэчыныгъэм ишъуалъэ сІыпхынэу мыхъунэу щытмэ, о узыфаер орэхъу.

43 Джыри зэ Исус къызегъэзэжьым, а нэбгырищыр чъыехэу къыгъотыжьыгъэх, сыда пІомэ анапІэхэр онтэгъоу
хъугъэхэти ары. 44 Джыри зэ ахэр къыгъанэхи, ІукІи,
а гущыІэ дэдэхэмкІэ ящэнэрэу Тхьэм елъэІугъ.

45 ЕтІанэ Исус игъогу рыкІохэрэм адэжь къыгъэзэжьи ариІуагъ:

–Зыжъугъэпсэфызэ джыри шъочъыя? Мары, сыхьатыр къэблэгъагъ. ЦІыф Лъэпкъым Ыкъо псэкІод зышІэрэ
цІыфхэм аІэкІэхьащт. 46 Шъукъэтэдж! НекІо, мары ахэмэ саІэкІэзыгъэхьащтыр къэблэгъагъ!

---

26:36 Гефсимание – Елеон (Зейтун) Іуашъхьэм итыгъэ къохьапІэ егъэзыхыгъом щыт хатэ гор.

### Исус зэраубытыгъэр
(Марк 14:43–50; Лука 22:47–53; Иуан 18:3–12)

47 Исус джыри гущыIэзэ, игъогу рыкIорэ нэбгырэ
пшIыкIутIумэ ащыщэу Иудэу Исус тетыгъо зиIэхэм
аIэкIэзыгъэхьанэу щытыгъэр къэкIуагъ. Сэшхохэмрэ
умэхэмрэ аIыгъхэу, цIыф купышхо игъусагъ. Дин пэщэ-
шхохэмрэ цIыфмэ янахьыжъхэмрэ ары ахэр къэзыгъэ-
кIогъагъэхэр.
48 –Сэ сызэбэупщтыр ары зыфасIорэр. Ар шъуубыт,–
ыIуи, Иудэм Исус зэраIэкIигъэхьащт шIыкIэр игъусэхэм
ариIогъагъ. 49 Иудэ зэрэнэсэу Исус екIуалIи,
–Опсэу, Равви!– ыIуи, Исус ебэугъ.
50 –Ныбджэгъу, сыда укъызкIэкIуагъэр?– ыIуи, Исус
ащ риIуагъ.
Джащыгъум адрэхэр Исус къекIуалIэхи аубытыгъ.
51 ОшIэ–дэмышIэу Исус игъусэхэм ащыщэу зыгорэм исэ-
шхо къырихи, дин пэщэшхом иунэIут еуи, ытхьакIумэ
лъэныкъо гуиупкIыгъ.
52 Джащыгъум Исус ащ риIуагъ:
–О уисэшхо сапIэм илъхьажь, сыда пIомэ сэшхом еIэрэ
пстэури сэшхом екIодылIэжьыщтых. 53 Хьаури Сятэ се-
мылъэIушъункIэ огугъа? СелъэIумэ, ащ джы дэдэм мэлэ-
Iич дзэ пшIыкIутIум ехъоу къысфигъэкIощт. 54 Ау етIанэ
сыдэущтэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр къэшъы-
пкъэжьыщтха? Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытба, мырэу-
щтэу зэрэхъун фаер?
55 А сыхьатым Исус а цIыф купышхом риIуагъ:
–ХъункIакIо горэ шъуубытыщтым фэдэу, сэшхохэмрэ
умэхэмрэ шъуIыгъхэу шъукъыспэгъокIыгъа? Мафэ къэ-
си Тхьэм иунэшхо цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр щязгъа-
шIэхэзэ сычIэсыгъ, арышъхьакIэ сышъуубытыгъэп. 56 Ау
мыр зэкIэ зыфэхъугъэр пегъымбармэ атхыгъэхэр къэ-
шъыпкъэжьынхэр ары.
Джащыгъум Исус игъогу рыкIорэ пстэуми ежьыр уты-
гум къырани хэхьажьыгъэх.

---

26:59 Тхьэмэтэ Хэсэшхор – еплъ 5:22.

### Исус Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ зэрэращагъэр
(Марк 14:53–65; Лука 22:54–55; Иуан 18:13–14, 19–24)

57 Исус заубыты ужым, дин пэщэшхоу Кайафэ зыцIэм
ыдэжь ащагъ. Ащ дэжьым Тэурат егъэджэкIо пащэ-
хэмрэ нахьыжъхэмрэ къыщызэIукIагъэх. 58 Петри чыжьэ-
кIэ Исус ыуж итэу, дин пэщэшхом ищагу нэсыфэ къы-
кIэлъыкIуагъ. КIэухэу Исус фэхъущтыр ылъэгъуным
пае, Петрэ щагум дахьи, ухъумакIохэм ахэтIысхьагъ.
59 Дин пэщэшхохэри, нахьыжъхэри, Тхьэмэтэ Хэсэ-
шхом* щыщхэу адрэ тхьэмэтэ пстэури Исус укI ты-
ралъхьаным пае, шыхьатныгъэ нэпцI лъыхъущтыгъэх.
60 Шыхьат нэпцIыбэхэр къэтэджыхи, Iаджи Исус ты-
ралъхьагъэ пэтми, зыфаер къагъотыгъэп.
Ау ыкIэм ыкIэжьым шыхьат нэпцIитIу къэтэджыхи,
61 мырэущтэу къаIуагъ:
–Мы лIым ыIощтыгъэ: «Тхьэм иунэшхо зэхэскъу-
тэнышъ, мэфищкIэ зэтезгъэуцожьын слъэкIыщт».
62 ЕтIанэ дин пэщэшхор къэтэджыгъ.
–Сыд мы лIыхэм о къыптралъхьарэр? Сыда зи къы-
зкIэмыIорэр?– къыриIуагъ ащ Исус. 63 Ау Исус зи къы-
Iуагъэп.
–ЩыIэнygъэр къыздикIырэ Тхьэм ыцIэкIэ сыолъэIу,
къытаIу, ора Христосэу Тхьэм Ыкъо?– къыриIуагъ дин
пэщэшхом Исус.
64 –Ары, къызэрэпIорэм фэдэу,*– риIуагъ Исус. –Ау
сэ шъосэIо, джы щегъэжьагъэу лъэкIыныгъэшхор зиIэ
Тхьэм иджабгъукIэ госэу, ошъуапщэхэми ахэтэу, ЦIыф
Лъэпкъым Ыкъо къакIоу шъулъэгъущт.
65 Джащыгъум дин пэщэшхом ищыгъынхэр къызэгу-
итхъыгъэх.*
–Тхьэр ыгъэпцIыгъ,– къыIуагъ ащ. –Сыда нэмыкI
шыхьат зэрэтищыкIэгъэжьыр? Джары, Тхьэр зэригъэпцIы-
гъэр шъо зэхэшъухыгъ. 66 Сыдэущтэу шъухаплъэра?
–УкI ифэшъуаш,– пэгъокI къэтыжьыгъ ахэмэ.
67 Джащыгъум Исус ынэгу кIэужъунтхи, бжымкIэ

---

26:64 –Ары, къызэрэпIорэм фэдэу,– е –О пшъхьэкIэ къэпIуагъ.

26:65 ищыгъынхэр къызэгуитхъыгъэх – гущыкIыгъэшхомрэ щынэгъошхомрэ къахэкIыкIэ, дин пэщэшхом ищыгъынхэр къызэгуитхъыгъэх.

еуагъэх. НэмыкIхэри ынэпашъо еохэзэ, 68 раIуагъ:
–Христос, упегъымбармэ, хэтми къыоуагъэм ыцIэ къаIо!

### Петрэ Исус ымышIэу къызэриIуагъэр

(Марк 14:66–72; Лука 22:54–62; Иуан 18:15–18, 25–27)

69 Джащыгъум Петрэ щагум дэсыгъ. Зы унэIут пшъашъэ горэ къекIуалIи къыIуагъ:
–Ори а Исусэу Галилей щыщым уригъусагъ.
70 –Хьау, зыфапIорэр сшIэрэп,– къыщиIуагъ Петрэ зэкIэмэ апашъхьэ.
71 ЕтIанэ Петрэ щагум идэкIыпIэ Iухьэу фежьагъ.
Джащыгъум нэмыкI унэIут пшъашъэ горэм ар къылъэгъуи, ащ дэжьым щытхэм ариIуагъ:
–Мы лIыри Назарет щыщ Исус игъусагъ.
72 Джыри зэ Петрэ, –А лIыр сшIэрэп,– ыIуи, тхьэ
ыIуагъ.
73 Зы тIэкIу тешIагъэу, ащ дэжьым щытхэм Петрэ къыбгъодахьэхи къыраIуагъ:
–Шъыпкъэу ори ахэмэ уащыщ, сыда пIомэ уигущыIакIэ ар нафэ къешIы.
74 –Тхьэр сэгъэпцIы, къасIорэр мышъыпкъэмэ, а лIыр сшIэрэп,– ыIуи, Петрэ тхьарыIо ышIэу ыублагъ.
Ардэдэм атакъэр къэIуагъ. 75 Джащыгъум Исус къыриIогъэгъэ гущыIэхэр Петрэ ыгу къэкIыжьыгъэх:
–Атакъэр Iоным ыпэкIэ, сэ сыкъэмышIэу гъогогъуищэ къэпIощт.
Ар ыгу къызэкIыжьым, Петрэ щагум дэкIи, лъэшэу гъыгъэ.

# ЯТIОКIЫРЭ БЛЫНЭРЭШЪХЬ

## Исус Iэшъхьэтетэу Пилат ыпашъхьэ зэрэращагъэр

(Марк 15:1–5; Лука 23:1–5; Иуан 18:28–38)

Нэф къызэшъым, дин пэщэшхо пстэумрэ цIыфмэ янахьыжъхэмрэ зэдеусэхи, Исус укI тыралъхьанэу аухэсыгъ.
2 Исус Iэхъу тыралъхьи, Iуащи, Iэшъхьэтетэу Понтый
Пилат* IэкIалъхьагъ.

## Иудэ зэрэлIагъэр

(Апостол. 1:18–19)

3 Иудэу Исус ахэмэ аIэкIэзыгъэхьагъэм Исус укI зэрэтыралъхьагъэр зелъэгъум, кIэгъожьи, ратыгъэ тыжьын ахъщэ щэкIыр дин пэщэшхохэмрэ нахьыжъхэмрэ афихьыжьхи,
4 ариIуагъ:

–Лъы хыер къызэрэшъуIэкIэзгъэхьагъэмкIэ псэкIод сшIагъэ.

–Ащ тэ тиIоф хэлъэп, о уиIоф нахь,– къыраIуагъ ахэмэ.

5 Джащыгъум Иудэ а тыжьын ахъщэхэр Тхьэм иунэшхо кIоцIым щыритэкъухи, чIэкIыжьыгъ. ЕтIанэ кIуи, зитхьалэжьыгъ.

6 Дин пэщэшхохэм тыжьын ахъщэхэр аштэжьхи къаIуагъ:

–Мыхэр Тхьэм пае ахъщэр зыдэлъ пхъуантэм хабзэкIэ даплъэхьэ хъущтэп, сыда пIомэ ар лъыуасэшъ ары.

7 Ащыгъум зэупчIыжьхи, хымэхэр чIалъхьажьынхэу къошынышIэм ихьасэ а ахъщэмкIэ къащэфынэу аухэсыгъ.
8 Арэущтэу непэ нэсы а хьасэм «Лъыуасэ ХьасэкIэ» еджэх.
9 Джащыгъум пегъымбар Иеремие мы гущыIэхэу къыIуагъэхэр* къэшъыпкъэжьыгъэх:

---

27:2 Пилат – Рим (Рум) цIыфхэм ащыщэу, Понтый Пилат, Исус къызэхъу нэужым 26–36 илъэсхэм къакIоцI, хэкухэу Иудей, Самарие, Идумей яIэшъхьэтетэу щытыгъ.

27:9–10 пегъымбар Иеремие мы гущыIэхэу къыIуагъэхэр – еплъ Пегъымбар Зэкъарие тхылъэу ытхыгъэм 11:12–13; Пегъымбар Иеремие тхылъэу ытхыгъэм 32:6–10.

«Шъхьэуасэу Израил цIыфхэм ежьым пае агъэнэфэгъэ тыжьын ахъщэ щэкIыр ашти, [10] ахэмкIэ къошыныш|Iэм ихьасэ къащэфыгъ, Зиусхьаным унашъо къызэрэсфишIыгъэм тетэу».

## Iэшъхьэтет Пилат Исус зэреупчIыгъэр

(Марк 15:2–5; Лука 23:3–5; Иуан 18:33–38)

11 Джащыгъум Исус Iэшъхьэтетэу Пилат ыпашъхьэ иуцуагъ.

–О джуртмэ уряпачъыхьа?– ыIуи, Iэшъхьэтетыр Исус къеупчIыгъ.

–Ары, къызэрэпIорэм фэдэу,*– къыIожьыгъ Исус.

12 Ау дин пэщэшхохэмрэ нахьыжъхэмрэ Исус загъэмысэм, Исус зи къыIуагъэп. 13 Джащыгъум Пилат Исус къыриIуагъ:

–Къыптыралъхьарэр зыфэдизыр зэхэпхырэба?

14 Ау Исус зы гущыIи къыIожьыгъэп. Зи къызэримыIожьыгъэм пае, Iэшъхьэтет Пилат лъэшэу ыгъэшIэгъуагъ.

## Исус укI зэрэтыралъхьагъэр

(Марк 15:6–15; Лука 23:13–25; Иуан 18:39–19:16)

15 Пасхъэ зыцIэ мэфэкI мэфэшхор* къэсымэ, цIыфхэр зыкIэлъэIурэ хьапсчIэс горэ шъхьафитэу къафитIупщыжьыныр Iэшъхьэтет Пилат ихабзэу щытыгъ. 16 А мафэхэм Вараввэ ыцIэу, зы хьапсчIэс цIэрыIо горэ ахэмэ яIагъ.
17 Арыти, ахэр къызызэIукIэхэм, Пилат яупчIыгъ:

–Хэта шъхьафитэу къышъуфэстIупщыжьынэу шъузфаер? Варавва, хьаури ХристоскIэ заджэхэрэ Исус ара?

18 Пилат арэущтэу зыкIяупчIыгъэр шъугъоным къыхэкIэу ахэмэ Исус къызэрэIэкIалъхьагъэр ешIэти ары.

19 Пилат унэшъошI тIысыпIэм тесызэ, ишъуз лIыкIохэр къыфигъакIохи къырарыгъэIуагъ:

---

27:11 –Ары, къызэрэпIорэм фэдэу,– е –О пшъхьэкIэ къэоIо.

27:15 Пасхъэ зыцIэ мэфэкI мэфэшхор – еплъ 26:2.

–Мы лІэу шъыпкъагъэ зиІэм мыхъун горэ епшІэкъон,
сыда пІомэ нычэпэ пкІыхьапІэ Іае слъэгъуи, мы лІым пае
къин сщэчыгъэ.
20 Ау Пилат Вараввэ шъхьафитэу къырагъэтІупщыжьы-
нэуи, Исус рагъэгъэкІодынэуи дин пэщэшхохэмрэ нахьы-
жъхэмрэ цІыф купышхохэм араІуагъ.
21 –ТІумэ язэу хэта шъхьафитэу къышъуфэстІупщыжьы-
нэу шъузыфаер?– ыІуи, Іэшъхьэтетэу Пилат джыри зэ
цІыфмэ ариІуагъ.
–Вараввэ ары,– къаІуагъ ахэмэ.
22 –Адэ, ХристоскІэ заджэхэрэ Исус сыд есшІэщт?–
ариІуагъ Пилат.
–Къащым теІулІ!– къаІуагъ зэкІэ ахэмэ.
23 –Сыда ащ бзэджагъэу ышІагъэр?– къыІуагъ Пилат.
Ау ахэр нахь инэу къэзэрэгъэкууагъэх:
–Къащым теІулІ!
24 Пилат зи хишІыхьан ымылъэкІэу, цІыфхэр нахь къы-
зэрэбырсырыхэрэр зелъэгъум, псы къышти, цІыфхэм
апашъхьэ ыІэхэр щитхьакІыжьхи къыІуагъ:
–Мы лІэу шъыпкъагъэ зиІэм ылъ сэ къыстефэрэп.
Ар шъо шъупшъэ илъ!
25 –Ащ ылъ тэри тибынхэми къыттерэф!– къаІуагъ
зэкІэ цІыфхэм.
26 Джащыгъум Пилат Вараввэ шъхьафитэу афитІупщы-
жьыгъ. ЕтІанэ дзэлІхэр Исус къамыщкІэ ригъаохи, къа-
щым тыраІулІэнэу аІэкІилъхьагъ.

## ДзэлІхэр Исус зэрэкІэнэкІагъэхэр

(Марк 15:16–20; Иуан 19:2–3)

27 Джащыгъум Іэшъхьэтет Пилат идзэлІхэм Исус пре-
торием* зыцІэ унэшхом ыкІоцІ чІащагъ, адрэ къэнэгъэ
дзэлІ купышхори Исус бгъу пстэумкІэ къыкІэлъырытхэу
щызэхаугъоягъэх. 28 ЕтІанэ дзэлІхэм Исус ищыгъынхэр
къыщахыхи, плъыжь чІапцІэу зы шъошэ кІыхьэ щалъагъ.
29 Панэм хэшІыкІыгъэ пачъыхьэ танджэ фабли, ышъхьэ
тыралъхьи, ыІэ джабгъуи бэщ цІыкІу ІэкІалъхьагъ. Ащ
нэужым лъэгонджэмышъхьэкІэ ыпашъхьэ къитІысхьэхи,

27:27 Преторие – Іэшъхьэтетэу Пилатым иунэшхо ары.

кӀэнакӀэхэзэ «Опсэу, джуртмэ япачъыхь!» къыраӀуагъ.
[30]ЕтӀанэ теужъунтхагъэх, бэщкӀэ ышъхьэ еощтыгъэх.
[31]Ахэр Исус зыкӀэнакӀэхэ ужым, шъошэ кӀыхьэр щахыжьи,
ежь ищыгъынхэр щалъэжьыгъэх. ЕтӀанэ къащым тыраӀу-
лӀэнэу преторием ращыжьыгъ.

## Исус къащым зэрэтыраӀулӀагъэр

(Марк 15:21–32; Лука 23:26–43; Иуан 19:17–27)

[32]Къалэм къыдэкӀыхэзэ, Симон ыцӀэу, Кириние къа-
лэм* щыщэу зы лӀы горэм ӀукӀагъэх. ЗыӀокӀэхэм, Исус
икъащ ыхьынэу Симон рагъэзыгъ. [33]Исус къызащэм,
Голгофэ зыфаӀорэ чӀыпӀэм нэсыгъэх (Голгофэ къикӀы-
рэр «Шъхьэпкъ ЧӀыпӀэр» ары). [34]Ащ дэжьым зынэсхэм,
сэнэпсрэ зэзыпс дыджырэ зэхэшӀыхьагъэу зэфагощыгъэх.
[36]ЕтӀанэ ащ дэжьым тӀысхи, Исус аухъумэщтыгъэх. [37]Исус
къащым зыкӀытыраӀулӀагъэр зы пхъэмбгъу горэм тетха-
гъэу, ежь ышъхьагъкӀэ къащым тыраӀулӀагъэу щытыгъ:
«Мыр джуртхэм я Пачъыхьэу Исус ары». [38]А чӀыпӀэм
хъункӀэкӀуитӀу, зыр иджабгъукӀэ адрэр исэмэгубгъу-
кӀэ, Исус игъусэхэу къащхэм атыраӀулӀагъэх. [39]Къыблэ-
кӀырэ цӀыфхэм Исус къехъоныхэзэ ашъхьэхэр агъэсысхэу,
[40]мырэущтэу аӀуагъ:

–О Тхьэм иунэшхо зэхэзыкъутэу, мэфищкӀэ зэтезы-
гъэуцожьыщтыр, умыкӀодэу зыкъэгъэнэжь! О Тхьэм ури
Къомэ, къащым къехыжь!

[41]Ащ фэдэу дин пэщэшхохэми, Тэурат егъэджэкӀо
пащэхэми, нахьыжъхэми Исус кӀэнакӀэхэу къаӀуагъ:

[42]–НэмыкӀ цӀыфхэр мыкӀодхэу къыгъэнэжьыгъэх, ау
ежь зыкъигъэнэжьышъурэп. Ежьыр Израил ипачъыхьэу
щытмэ, къащым къерэхыжьи, ежьымкӀэ шӀошъхъуныгъэ
тиӀэ хъущт. [43]Ежьыр Тхьэм щэгугъы. Тхьэр ежьым къы-
фаеу щытмэ, мыкӀодэу къерэгъэнэжь. Сыда пӀомэ «Сэ
Тхьэм сыри Къу», ыӀощтыгъэ.

[44]Ащ фэдэу Исус игъусэхэу къащхэм араӀулӀыгъэ хъун-
кӀакӀохэри ежьым къехъоныщтыгъэх.

---

27:32 Кириние къалэр – Ливие хэгъэгоу Африкэм итемыр лъэныкъом итым икъэлэшхоу щытыгъ.

## Исус зэрэлIагъэр

(Марк 15:33–41; Лука 23:44–49; Иуан 19:28–30)

45 Щэджагъом* щегъэжьагъэу а хэгъэгум тыдэкIи шIункI
къыщыхъугъ, сыхьатыр щым* нэсы. 46 Сыхьатыр щым
дэжь Исус мэкъэшхокIэ джагъэ:

–Или, Или! Лама савахфани?* (Ащ къикIырэр: –О Ситхь, о Ситхь! Сыд пае утыгум сизакъоу сыкъиунагъа?)

47 А чIыпIэм щытхэмэ ащыщхэм ар зызэхахым, аIуагъ:

–Пегъымбар Иляс еджэ.

48 Ащ лъыпытэу ахэмэ ащыщэу зыгорэ Iулъади, кIышъо
зэраIотырэр къыштагъ. Сэнэпс шIоIугъэр хиз ышIи, бэщ
горэм пилъхьи, Исус кIигъэшъунэу фищэигъ.

49 –Зэ, пегъымбар Иляс къакIоу, мыкIодэу къыгъэнэжьмэ, тежъугъэплъ,– къаIуагъ адрэхэм.

50 Ау Исус джыри зэ мэкъэшхокIэ джи, ыпсэ ытыгъ.

51 Джащыгъум Тхьэм иунэшхо ипэIухъо ыпшъхьэкIэ
къыщегъэжьагъэу ыхэ нэсыфэ тIоу къызэготхъыгъ. ЧIыгури къэсысыгъ, мыжъохэри зэгоутыгъэх. 52 Къэунэхэри
зэIукIыхи, Тхьэм ицIыф лъапIэхэу лIагъэхэу щытхэм
ащыщхэу бэ къэтэджыжьыгъэх. 53 Ахэр къэунэхэм къачIэкIыжьыгъэх, Исус лIагъэмэ къызахэтэджыкIыжьы ужыми,
къэлэ лъапIэу Ерусалим дахьэхи, бэмэ зыкъарагъэлъэгъугъ.

54 Дзэ пащэми ащ игъусэхэу Исус зыухъумэщтыгъэхэми
чIыгур къызэрэсысырэри зэкIэ хъугъэ–шIагъэри залъэгъум, лъэшэу щтагъэхэу аIуагъ:

–Шъыпкъэ дэдэу мыр Тхьэм Ыкъоу щытыгъ.

55 ЧыжьэкIэ къаплъэхэу, бзылъфыгъэ Iаджи ащ дэжьым
щытыгъэх. Ахэр Исус IэпыIэгъу фэхъухэзэ, игъусэхэу
Галилей къикIыгъагъэх. 56 Мыхэр ахэмэ ахэтыгъэх: Маг-

---

27:45 щэджагъом – гущыIэ–гущыIэу зэбдзэкIымэ, «яхэнэрэ сыхьатыр» мэхъу. Ащ къикIырэр щэджагъор ары.

27:45 сыхьатыр щым – гущыIэ–гущыIэу зэбдзэкIымэ, «ябгъонэрэ сыхьатыр» мэхъу. Ащ къикIырэр щэджэгъоужым сыхьатыр щыр ары.

27:46 Или, Или, лама савахфани – еплъ Сэбур (Псалтыр) 22:1 (урыс библиемкIэ 21:1).

далэ къуаджэм* щыщ Мерэми, Зеведей ыкъохэм яни, нэмыкI Мерэми. Ар Якъубэрэ Иосыйрэ янэу щытыгъ.

### Исус ихьадэ къэунэм зэрэчIалъхьажьыгъэр
(Марк 15:42–47; Лука 23:50–56; Иуан 19:38–42)

57 Пчыхьашъхьэр къызэсым, Юсыф ыцIэу Аримафей
къуаджэм щыщэу, зы лIы бай горэ къэкIуагъ. Ари Исус
игъогу рыкIохэрэм ащыщыгъ. 58 Ар Пилат ыдэжь кIуи,
Исус ихьадэ кIэлъэIугъ. Джащыгъум хьадэр Юсыф ратыжьынэу Пилат унашъо ышIыгъ. 59 Юсыф хьадэр къышти,
чэфын къабзэ рищэкIи, 60 Iошъхьэ цакIэу аригъэкъутагъэм ежьым пае кIэу къыхаригъэшIыкIыгъэ къэунэм
чIилъхьажьыгъ. ЕтIанэ Юсыф къэунэ чIэхьапIэм мыжъошхо IуигъэукIораий IукIыжьыгъ. 61 Магдалэ къуаджэм
щыщ Мерэмрэ адрэ Мерэмрэ ащ дэжьым щыIагъэх, къэунэм пэIусхэу.

### Къэунэм иухъумакIохэр

62 ЯтIонэрэ мафэу бэрэскэшхом къыкIэлъыкIорэ мафэм дин пэщэшхохэмрэ фарисейхэмрэ зэрэугъоихи, Iэшъхьэтет Пилат ыдэжь кIуагъэх.
63 –Тхьаматэ, а пцIыусым псау пэтэу, «Мэфищ нэужым лIагъэхэм сыкъахэтэджыкIыжьыщт», ыIуи, зэриIогъагъэр тыгу къэкIыжьыгъ,– къаIуагъ ахэмэ. 64 –Арышъ,
ухъумакIохэр ящэнэрэ мафэм нэсыфэ къэунэм фэсакъыхэзэ, аухъумэнэу унашъо шIы. Армырмэ игъогу рыкIохэрэр къэкIонхэшъ, ихьадэ атыгъунышъ, цIыфмэ араIощт: «ЛIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ». А аужырэ пцIыр апэрэ пцIым нахьи нахь дэеу хъущт.
65 –УхъумакIохэр шъосэтых, шъукIуи, шъо зэрэшъулъэкIэу къэунэр къэшъуухъум,– ариIуагъ Пилат.
66 Ахэр кIохи, къэунэм ухъумакIохэр Iуагъэуцуагъэх, мыжъоми мыхъур тырадзагъ.

---

27:56 Магдалэ къуаджэр – Галилей псыхъураем итыгъэ къохьапIэ лъэныкъомкIэ ит.

# ЯТIОКIЫРЭ ИНЭРЭШЪХЬ

## Исус лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэр

(Марк 16:1–8; Лука 24:1–12; Иуан 20:1–10)

Шэмбэтыр блэкIыгъэу, тхьамафэм иапэрэ мафэм нэф
къызэшъым, Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэмрэ адрэ
Мерэмрэ къэунэм еплъынхэу кIуагъэх.
2 ОшIэ–дэмышIэу чIыгур лъэшэу къэсысыгъ, сыда пIо-
мэ Зиусхьаным имэлэIич уашъом къехи, къэунэм Iухьи,
мыжъошхор IуигъэукIорэикIыжьи, мыжъошхом тетIыс-
хьагъ. 3 Ащ итеплъэ пчыкIэм* фэдэу щытыгъ, ищыгъын-
хэри осым фэдэу фыжьыбзэу щытыгъэх. 4 УхъумакIохэр
ащ зэрэщыщынэхэрэм пае кIэзэзыщтыгъэх, хьадашъуи яIэ
хъугъэ.
5 –Шъумыщын,– ариIуагъ мэлэIичым бзылъфыгъэмэ.
–Исусэу къащым раIулIыгъэм шъузэрэлъыхъурэр сэ сэ-
шIэ. 6 Ар мыщ дэжьым щыIэжьэп. ЗэриIуагъэм тетэу,
ар лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ. ШъукъакIуи, шъуеплъ,
мары Зиусхьаныр зыдэщылъыгъэ чIыпIэр. 7 Джы шъо псын-
кIэу шъукIуи, игъогу рыкIохэрэм яшъуIу: «Исус лIагъэхэм
къахэтэджыкIыжьыгъ. Шъо шъуапэ рапшIэу ар Галилей
кIощт. Ащ дэжьым ар щышъулъэгъужьыщт». Джары, къэ-
барыр сэ шъосIуагъэ.
8 Арэущтэу бзылъфыгъэхэр къэунэм IукIыжьхи, агу
изыгъэу гушIогъошхуи яIэу, макъэ арагъэIунэу Исус
игъогу рыкIохэрэм адэжь чъэхэу фежьагъэх. 9 Игъогу
рыкIохэрэм макъэ арагъэIунэу а бзылъфыгъэхэр кIохэ-
зэ, ошIэ–дэмышIэу Исус къаIукIи къариIуагъ:
–Шъопсэу.
Мыдрэхэр Исус ечъалIэхи, ыпашъхьэ лъэгонджэмышъ-
хьэкIэ итIысхьэхи, ылъакъохэр аубытыгъэх. 10 Джащыгъум
Исус ариIуагъ:
–Шъумыщын. ШъукIохи, сшыхэр* Галилей кIонхэу
макъэ яжъугъэIу. Ащ сэри сыщалъэгъущт.

---

28:3 пчыкIэ – шыблэм инэфынэ ары.

28:10 шыхэр – еплъ 5:22.

## Дин пэщэшхохэмэ ухъумакIохэр къуалъхьэкIэ зэращэфыгъэхэр

[11] Бзылъфыгъэхэр кIохэ зэхъум, ухъумакIохэм ащыщ-
хэр къалэу Ерусалим дахьэхи, дин пэщэшхохэм адэжь
кIохи, зэкIэ хъугъэр араIотагъ. [12] Дин пэщэшхохэр, нахьы-
жъхэр ягъусэхэу, зэрэугъоихи, зэупчIыжьыгъэх. Ахъща-
бэ ухъумакIохэмэ арати, [13] араIуагъ:
–«Чэщым тэ тызыхэчъыем, Исус игъогу рыкIохэрэр
къакIохи, ихьадэ атыгъугъ», шъуIон фае. [14] А къэбарыр
Iэшъхьэтетым зызэхихыкIэ, дгъэсамбырынышъ, шъори
зи къышъуимыIонэу тшIыщт.
[15] Арэущтэу ухъумакIохэм ахъщэр аштi, араIуагъэм
тетэу зекIуагъэх. Непэ къэсыфэ а къэбарыр джуртмэ
зэрахьэу ахэлъ.

## Исус игъогу рыкIохэрэм Iофэу ашIэнэу апшъэ рилъхьагъэр

(Марк 16:14–18; Лука 24:36–49; Иуан 20:19–23; Апостол. 1:6–8)

[16] Ащ нэужым Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIу-
зыр Галилей кIохи, ежь зыфиIогъэгъэ Iуашъхьэм дэ-
кIоягъэх. [17] ЕтIанэ Исус залъэгъум, лъэгонджэмышъхьэ-
кIэ ыпашъхьэ итIысхьагъэх; ау зышIошъ мыхъурэ заулэ
ахэмэ ахэтыгъэх. [18] Исус игъогу рыкIохэрэм къабгъода-
хьи ариIуагъ:
–Уашъоми чIылъэми тетыгъошхор зэкIэ щысиIэу сIэ
илъ. [19] Арышъ, шъукIохи лъэпкъ пстэури сигъогу къы-
тежъугъахьэх. Ты лъапIэми, Ыкъуи, Тхьэм Ыпсэ Лъа-
пIи ацIэкIэ шъуумэхъыхи*, [20] унашъохэу шъосIуагъэхэр
зэкIэ агъэцэкIэнхэу яшъуIу. ШъыпкъэмкIэ, дунаем икIэух
нэсы сэ ренэу сышъуигъусэщт. Амин.

---

28:19 умэхъыныр – еплъ 3:1.



# *КЪЭБАРЫШIУР МАРК КЪЫЗЭРИIОТАГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### УмэхъэкIо Иуан Тхьэм игущыIэхэр зэригъэIущтыгъэхэр

(Маттэ 3:1–12; Лука 3:1–9, 15–17; Иуан 1:19–28)

Тхьэм Ыкъоу Исус Христос ехьылIэгъэ къэбары-
шIур мырэущтэу къеублэ.
2 Тхьэм мыщ фэдэу къызэриIорэр пегъымбархэм ятхы-
лъхэм арыт:

«Мары уапэ рапшIэу сэ силIыкIо къэсэгъакIо;
ащ уигъогу къыпфигъэпсыщт.
3 Ащ иджэ макъэ ары* мыщ фэдэу ыIозэ,
шъоф нэкIым къыщыIурэр:
Зиусхьаным игъогу фэжъугъэпси,
игъогу лъагъохэр зэшъхьэ–зашъоу фэшъушIых».

---

1:3 Ащ иджэ макъэ ары – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 40:3.

4 Тхьэм къызэриIуагъэм тетэу, умэхъэкIо* Иуан шъоф
нэкIым къыщылъагъуи,* цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр ари-
гъэIухэзэ, мырэущтэу къыIощтыгъ:

–ШъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожьи, зысэжъугъэ-
умэхъ, Тхьэм ахэр къышъуфигъэгъунхэм пае.

5 Иудей хэкум* зэкIэ ис цIыфхэри, Ерусалим дэс цIыф
пстэури Иуан ыдэжь кIощтыгъэх. ПсэкIодхэу ашIагъэ-
хэр Тхьэм ыпашъхьэ ралъхьэхэти, Иордан псыхъом Иуан
зыщырагъэумэхъыщтыгъ. 6 Иуан махъшэцым хэшIыкIы-
гъэу щыгъын щыгъыгъ, ыбги шъобгырыпх илъыгъ, ма-
цIи шъоф шъоуи ышхыщтыгъ. 7 Тхьэм игущыIэхэр цIыфхэм
аригъэIухэзэ къыIощтыгъ:

–Сэщ нахьи нахь лъэкIыныгъэшхо иIэу зыгорэ саужкIэ
къэкIощт. Зезгъэзыхэу ащ ицокъэлъэпсхэр фэстIэтэн-
хэуи сифэшъуашэп. 8 Сэ псымкIэ шъусыумэхъыгъ, ау ащ
Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэкIэ шъуиумэхъыщт.

### Иуан Исус зэриумэхъыгъэр

(Маттэ 3:13–17; Лука 3:21–22)

9 А мафэхэм Галилей хэкум* щыщ Назарет къалэм* Исус
къыдэкIи, Иордан псыхъом Иуан зыщыригъэумэ-
хъыгъ. 10 Исус псым къыхэкIыжьы пэтэу, уашъор зэгочи,
Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ тхьаркъом фэдэу ежьым къызэрэфе-
хырэр ылъэгъугъ. 11 УашъомIи зы макъэ къиIукIыгъ:

–Сэ шIу слъэгъурэ Скъо кIасэу сыгу зэIурэр оры.*

---

1:4 умэхъакIо – еплъ Маттэ 3:1.

1:4 Иуан шъоф нэкIым къыщылъагъуи – умэхъэкIо Иуан (Яхья) иIоф зыублагъэр Исус къызэхъу нэужым 27–рэ илъэсым игъунэгъу ары. Еплъ Лука 3:1–3.

1:5 Иудей хэкур – еплъ Маттэ 2:1.

1:9 Галилей хэкур –еплъ Маттэ 2:22.

1:9 Назарет къалэр – еплъ Маттэ 2:23.

1:11 Сэ шIу слъэгъурэ Скъо кIасэу сыгу зэIурэр оры – еплъ Сэбур (Псалтыр) 2:7; Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 22:2; Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 42:1.

## Шэйтаныр Исус псэкIод ригъэшIэнэу ыуж зэритыгъэр

(Маттэ 4:1–11; Лука 4:1–13)

[12] Ащ лъыпытэу Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ Исус шъоф нэ-
кIым ыщагъ. [13] Шэйтаныр Исус псэкIод ригъэшIэнэу ыуж
итэу, Исус мэфэ тIокIитIурэ шъоф нэкIым итыгъ. ХьакIэ-
къуакIэхэм ахэтыгъ. МэлэIичхэри фэIофтабгэщтыгъэх.

## Исус иIоф Галилей хэкум зэрэщиублагъэр

(Маттэ 4:12–17; Лука 4:14–15)

[14] УмэхъэкIо Иуан хьапсым зычIадзэ ужым,* Исус Гали-
лей хэкум кIуи, Тхьэм и Тетыгъошхо ехьылIэгъэ къэбары-
шIур щигъэIоу ыублагъ.
[15] –Мафэр къэсыгъ, Тхьэм и Тетыгъошхуи* къэблэгъагъ.
ШъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожьи, къэбарышIур шъу-
шIошъ жъугъэхъу,– ыIощтыгъ.

## Исус пцэжъыяшэ нэбгыриплI игъогу рыкIонхэу къызэряджагъэр

(Маттэ 4:18–22; Лука 5:1–11)

[16] Исус Галилей псыхъураем* иIушъо рекIокIызэ, Си-
монрэ ащ ышэу Индрысрэ хъытыур псым хадзэу ылъэгъу-
гъэх, сыда пIомэ пцэжъыяшэхэу щытыгъэхэти ары. [17] Исус
ахэмэ ариIуагъ:
–Сауж шъукъырыкIу. Пцэжъые къэшъуубытыным пае,
ыуж шъузэритыгъэм фэдэу, цIыфхэр сэ сигъогу къы-

---

1:14 Иуан хьапсым зычIадзэ ужым – еплъ Маттэ 4:12.

1:15 Тхьэм и Тетыгъошхо – Тхьэм мы дунаеми, мы дунаем ицIыфхэми тетыгъошхоуи лъэкIыныгъэшхоуи афыриIэр ары. Инджылыр Тхьэм и Тетыгъошхо зытегущыIэкIэ, зыфиIорэр загъорэ мы уахътэм Тхьэм тетыгъошхоу иIэр ары, загъори къэкIощт уахътэм Тхьэм тетыгъошхоу иIэщтыр ары, загъори Тхьэм ыдэжь мыкIодыжьын щыIэныгъэ щыуиIэныр ары.

1:16 Галилей псыхъураер – еплъ Маттэ 4:18.

тежъугъэхьанхэм пае, ауж шъузэрихьащтыр шъозгъэшӀэщт.

18 Ахэмэ а гущыӀэхэр зэрэзэхахэу, хъытыухэр къабгынэхи, Исус ыуж ихьагъэх.

19 Исус ащ тӀэкӀу ӀукӀотыгъэу, Зеведей ыкъохэу Якъубэрэ Иуанрэ къуашъом исхэу, яхъытыухэр агъэхьазырхэу
ылъэгъугъэх. 20 Ащ лъыпытэу Исус ахэми яджагъ. Ятэу Зеведеирэ илэжьакӀохэмрэ къуашъом исхэу къабгынэхи Исус ыуж ихьагъэх.

## Исус лӀы горэм джынэпцӀэ Ӏае зэрэхифыгъэр

(Лука 4:31–37)

21 ЕтӀанэ Капернаум къалэм* дэхьагъэх. Шэмбэт мафэр* къызэсым, Исус синэгогум* чӀахьи, цӀыфхэм Тхьэм игущыӀэхэр аригъашӀэхэу ыублагъ. 22 ЦӀыфхэм Исус Ӏофхэр
зэраригъашӀэщтыгъэ шӀыкӀэр агъэшӀэгъуагъ, сыда пӀомэ Тэурат егъэджэкӀо пащэхэм* афэмыдэу, тетыгъошхо иӀэу, Тхьэм игъогу цӀыфхэм аригъашӀэщтыгъэти ары.
23 ОшӀэ-дэмышӀэу джынэпцӀэ Ӏае зыхэс лӀы горэ синэгогум къыщылъагъуи къахэкууагъ:

24 –Сыд уиӀофэу къытхэлъыр, Назарет щыщ Исус? ТыбгъэкӀодынэу укъэкӀуагъа? О хэтми узщыщыр сэшӀэ: Тхьэм ыдэжь къикӀыгъэ ЛъапӀэр оры.

25 –Щыгъэт, мы лӀым къыхэкӀыжь!– къыӀуагъ Исус
джынапцӀэм егыеу. 26 ДжынэпцӀэ Ӏаем лӀыр къыгъэкӀэзэзи, мэкъэшхокӀэ къэкууи лӀым хэкӀыжьыгъ.

27 ЦӀыфхэм ар залъэгъум, пстэуми лъэшэу агъэшӀагъуи зэраӀожьыгъ:

–Сыда мыр? ӀофыкӀэхэр цӀыфхэм арегъашӀэх. Тетыгъошхуи иӀэу, джынэпцӀэ Ӏаехэми унашъо афишӀызэ, егъэдаӀох.

---

1:21 Капернаум къалэр – Галилей псыхъураем итемыр тыгъэ къохьапӀэ Ӏушъом Ӏут. Темыр зыфаӀорэр арапыбзэкӀэ «шэмал», тыркубзэкӀи «кузей» ары.

1:21 шэмбэт мафэр – еплъ Маттэ 12:1.

1:21 синэгогу – еплъ Маттэ 2:4.

1:22 Тэурат егъэджэкӀо пащэхэр – еплъ Маттэ 2:4.

[28] Арэущтэу Галилей хэкум зэкIэ Исус икъэбар псынкIэу тыдэкIи щыIугъ.

## Исус цIыфыбэхэр зэригъэхъужьыгъэхэр

(Маттэ 8:14–17; Лука 4:38–41)

[29] ЕтIанэ ахэр синэгогум къызэрэчIэкIыжьхэу, Якъубэрэ Иуанрэ ягъусэхэу, Симонрэ Индрысрэ яунэ кIуагъэх.
[30] Симон ишIугуащэ плъырстыркIэ сымаджэу пIэм хэлъыгъ. Ар зэрэсымаджэр занкIэу Исус къыраIуагъ. [31] Исус
ащ ыдэжь кIуи, ыIэ ыубыти, къыгъэтIысыгъ. ШIугуащэм плъырстырыр хэкIыжьи, къэтэджыжьи, ахэр къыхьакIэхэу ыублагъ.

[32] Пчыхьашъхьэм тыгъэр зыкъохьажьы ужым, сымаджэхэмрэ джынапцIэ зыхэсхэмрэ зэкIэ Исус къыфащагъэх. [33] Къалэм дэс пстэури пчъэIупэм къыщызэIукIагъэх.
[34] Ащ дэжьым Исус уз зэмылIэужыгъуабэ зиIэ сымаджэ Iаджи ыгъэхъужьыгъэх, джынэпцIабэхэри цIыфхэм ахифыгъэх, ау джынапцIэхэр къэгущыIэнхэу фит ышIыгъэхэп, сыда пIомэ ахэмэ ар зэрэ–Христосыр ашIэщтыгъэти арыгъэ.

## Исус Галилей хэкур къыкIухьэзэ, Тхьэм игущыIэхэр цIыфхэм зэраригъэIущтыгъэхэр

(Лука 4:42–44)

[35] Пчэдыжьым жьы дэдэу Исус къэтэджи, къалэм дэкIи,
чIыпIэ Iудзыгъэ горэм кIуи, Тхьэм щелъэIугъ. [6] Симонрэ игъусэхэмрэ Исус лъыхъунхэу дэкIыгъэх. [37] Къызагъотыжьым раIуагъ:

–ЗэкIэ цIыфхэр къыплъэхъух.

[38] –Гъунэгъу къуаджэхэми къалэхэми тыжъугъакIу, ахэми Тхьэм игущыIэхэр цIыфхэм щязгъэIунхэм пае,– къариIожьыгъ Исус, –сыда пIомэ джары сэ сыкъызфэкIуагъэр.

[39] Арэущтэу Галилей хэкур зэкIэ къыкIухьэзэ, ясинэгогухэм цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр щаригъэIущтыгъэх, джынапцIэхэри цIыфхэм ахифыщтыгъэх.

### Исус шъоджэ уз Iае зиIэ лIы горэ зэригъэхъужьыгъэр
(Маттэ 8:1–4; Лука 5:12–16)

40 Шъоджэ уз Iае зиIэ лIы горэ Исус ыдэжь къакIуи, лъэгонджэмышъхьэкIэ къэтIыси къелъэIугъ:

–Уфаемэ, сыбгъэхъужьын плъэкIыщт.

41 Исус ыгу егъугъ, ыIэ ыщэий, теIаби* ыIуагъ:

–Ары, сыфай, псаоу хъужь!

42 Ардэдэм шъоджэ узыр а лIым хэкIыжьи, къабзэу хъужьыгъэ.

43 Ащ лъыпытэу Исус ар ытIупщыжьэу, фигъэпытэу риIуагъ:

44 –Фэсакъ, мыр зыми емыIотэжь, ау дин пащэм ыдэжь кIуи зегъэлъэгъу. Узэрэхъужьыгъэм пае, пегъымбар Мусэ иунашъо тетэу къурмэн шIы. Ар узэрэхъужьыгъэмкIэ цIыфхэм апашъхьэ шыхьат щыхъущт.

45 Ау а лIыр IукIыжьи, къехъулIэгъэ пстэури ыIуатэзэ къэбарыр цIыфхэм ариIоу ыублагъ. Арыти, цIыфхэм къалъэгъоу Исус зы къалэ горэми дэхьан ымылъэкIыжьы хъугъэ, ау чIыпIэ Iудзыгъэхэм ащыIагъ. Ау щытми, тыдэкIи къикIыхэу цIыфхэр ыдэжь къэкIощтыгъэх.

## ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

### Исус лIы горэу зыIэпкъ-лъэпкъ узым зэкIиубытагъэр зэригъэхъужьыгъэр
(Маттэ 9:1–8; Лука 5:17–26)

Мафэ заулэ тешIагъэу Исус Капернаум къалэм къызегъэзэжьым, иунэ къызэрэкIожьыгъэр цIыфмэ зэхахыгъ.
2 Зызэхахым, цIыфхэу къэзэрэугъоигъэхэр зэрэбагъэм пае, унэпчъэIупэми хэуцуапIэ имыIэжьэу хъугъэ, Исуси Тхьэм игущыIэхэр аригъэIухэу ыублагъ. 3 Джащыгъум цIыф куп къэкIуагъ; ахэмэ ащыщэу нэбгыриплIым лIы горэу зыIэпкъ-лъэпкъ узым зэкIиубытагъэр къыздахьыгъ.
4 ЦIыфхэр зэрэбагъэм къыхэкIыкIэ, сымаджэр Исус

1:41 теIаби – еплъ Маттэ 8:3.

рахьылIэн алъэкIыгъэп. ЗамылъэкIым, унашъхьэм дахьыий, Исус зыдэщыIэм дэжь унашъхьэм щыщ тырахи, сымаджэр пIуаблэм телъэу ратIупщэхыгъ. [5] Исус ахэмэ яшIошъхъуныгъэ зелъэгъум, лIэу зыIэпкъ–лъэпкъ узым зэкIиубытагъэм риIуагъ:

–СикIал, уипсэкIодхэр къыпфэгъугъэх.

[6] Тэурат егъэджэкIо пащэхэу ащ щысыгъэхэм ащыщхэм агухэмкIэ аIуагъ:

[7] –Сыд пае мы лIыр мырэущтэу гущыIэра? Ащ Тхьэр егъэпцIыба? Тхьэм нэмыкIэу, хэта псэкIодхэр зыгъэгъун зылъэкIырэр?

[8] Ардэдэм Исус ыгукIэ ахэмэ агухэм арылъыр ешIэти ариIуагъ:

–Сыд пае ащ фэдэ Iофхэр шъо шъугухэмкIэ шъуIора? [9] Тара нахь псынкIагъор, лIэу зыIэпкъ–лъэпкъ узым зэкIиубытагъэу щытым «УипсэкIодхэр къыпфэгъугъэх», епIоныр ара, хьауми «Тэджи, уипIуаблэ къашти къэкIухь», епIоныр ара? [10] Ау къэшъушIэным пае, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо* псэкIодхэр ыгъэгъунхэу дунаим тетыгъо зэрэщыриIэр,– джащыгъум Исус лIэу зыIэпкъ–лъэпкъ узым зэкIиубытагъэу щытым риIуагъ: [11] –Сэ осэIо, къэтэджи, уипIуаблэ къашти, шъуадэжь кIожь!

[12] Ар дэдэм лIыр къэтэджи, ипIуаблэ къышти, цIыф пстэуми алъэгъоу унэм икIыжьыгъ. Ар пстэуми инэу агъэшIагъозэ, Тхьэм щытхъу фашIэу аIуагъ:

–Мыщ фэдэ Iоф тэ ныбжьи тлъэгъугъэп.

## Исус игъогу рыкIонэу Левый къызэреджагъэр

(Маттэ 9:9–13; Лука 5:27–32)

[13] Исус джыри Галилей псыхъурэе Iушъом Iухьажьыгъ. ЦIыф купышхо ыдэжь къэкIуагъэ, Исуси Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэхэу ыублагъ. [14] ЕтIанэ нахь чыжьэу кIозэ, хьакъулахь ахъщэр* зыщыхахырэ унэм Iусэу, Алфей ыкъо Левый ылъэгъугъ.

–Сауж къырыкIу,– риIуагъ Исус. Левый къэтэджи, Исус ыуж ихьагъ.

---

2:10 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ Маттэ 8:20.

2:14 хьакъулахь ахъщэр – еплъ Маттэ 5:46.

[15] ЕтIанэ Исус Левый иунэ щышхэщтыгъ. Хьакъулахь
ахъщэр хэзыххэрэмрэ псэкIод зышIэхэрэмрэ бэ хъухэу,
Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ адашхэщтыгъэх; сыда
пIомэ Исус ыуж итэу къэкIуагъэхэр бэ мэхъухэти ары.
[16] Тэурат егъэджэкIо пащэхэу фарисейхэм* ащыщхэм Исус
хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэмрэ псэкIод зышIэхэрэмрэ
адашхэу залъэгъум, Исус игъогу рыкIохэрэм араIуагъ:

–Хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэмрэ псэкIод зышIэхэрэмрэ сыда ар зыкIадашхэрэр ыкIи зыкIадешъорэр?

[17] Исус ар зызэхехым, ариIуагъ:

–Псаухэр арэп Iазэ зищыкIагъэхэр, сымаджэхэр ары нахь. Шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм сяджэнэу арэп сыкъызфэкIуагъэр, псэкIод зышIэхэрэр япсэкIодхэм афыкIэгъожьынхэм пае, сяджэнэу ары нахь.

## Джурт тхьаматэхэр нэкIыным ехьылIагъэу Исус къызэреупчIыгъэхэр

(Маттэ 9:14–17; Лука 5:33–39)

[18] УмэхъэкIо Иуан игъогу рыкIохэрэмрэ фарисейхэмрэ
анэкIыщтыгъ*. ЦIыф заулэ къакIохи, Исус къыраIуагъ:

–Иуан игъогу рыкIохэрэмрэ фарисейхэмэ ягъогу рыкIохэрэмрэ анэкIы. О уигъогу рыкIохэрэм сыд зыкIамынэкIырэр?

[19] –Шъаор ягъусэфэкIэ, шъаом игъусэхэр нэкIын алъэ-
кIына? Хьау, шъаор ягъусэфэкIэ, нэкIынхэ алъэкIыщтэп,–
ариIожьыгъ Исус ахэмэ. [20] –Ау шъаор затырахыщт ма-
фэхэр къэкIощтых. А мафэр къызыкIокIэ, нэкIыщтых.
[21] –ШэкIыкIэм щыщ идэжьын щыгъыныжъым зыми ты-
ридэрэп. Арэущтэу ышIымэ, шэкIыкIэм щыщ идэжьыным
щыгъыныжъыр зэIитхъынышъ, гъуанэр нахь ин
ышIыщт. [22] Джащ фэдэу, зыми сэнэпс шIыгъакIэр шъо-
нтыжъхэм аригъахъорэп. Арэущтэу ышIымэ, сэнэпсым
шъонтхэр къызэгуитхъынхэшъ, сэнэпсыри къичъыщт,
шъонтхэри кIодыщтых. Ау сэнэпс шIыгъакIэр шъонты-
кIэхэм арагъэхъон фае.

---

2:16 фарисейхэр – еплъ Маттэ 3:7.

2:18 анэкIыщтыгъ – агухэмкIэ фаехэу, фарисейхэм тхьамафэ къэс мэфитIум анэкIыщтыгъ.

### Исус игъогу рыкIохэрэм шэмбэт мафэм коцышъхьэхэр къызэрэпачыгъэхэр

(Маттэ 12:1–8; Лука 6:1–5)

23 Шэмбэт мафэ горэм Исус коц хьасэхэм ахэтэу
кIощтыгъ. Игъогу рыкIохэрэр кIохэзэ, коцышъхьэхэр
къыпачыхэу аублагъ. 24 Фарисейхэм Исус къыраIуагъ:
–Еплъ, ахэмэ шэмбэт мафэм хабзэкIэ пшIэ мыхъу-
щтыр* сыд пае ашIэра?
25 –Даутэрэ игъусэхэмрэ къин хэтхэу, мэлакIэ лIэхэ зэ-
хъум, ащ ышIагъэм зыкIи шъуеджагъэба?– ариIожьыгъ
Исус. 26 –Авиафар зыцIэ дин пэщэшхом* имафэхэм Даутэ
Тхьэм иунэ ихьи, цIыфхэм Тхьэм ыпашъхьэ агъэтIылъы-
гъэ хьалыгъур* ышхыгъ. А хьалыгъур дин пащэхэм
анэмыкI хабзэкIэ зыгорэм ышхы мыхъунэу щытыгъ, ау
Даутэ ышхыгъ игъусэхэми аригъэшхыгъ.
27 ЕтIанэ Исус ариIуагъ:
–Тхьэм шэмбэт мафэр цIыфым пае къыгъэхъугъэ нахь,
цIыфыр шэмбэт мафэм пае къыгъэхъугъэп. 28 Арышъ,
ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо шэмбэт мафэм итхьамат.

## ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

### Исус зыIэ лъэныкъо пыгъукIыгъэу щыт лIы горэ зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 12:9–14; Лука 6:6–11)

Джыри зэ Исус синэгогум чIэхьажьыгъ. ЗыIэ лъэныкъо
пыгъукIыгъэу щыт лIы горэ ащ дэжьым чIэтыгъ. 2 Шэмбэт
мафэм тефэу Исус а лIыр ыгъэхъужьыщтмэ, фарисейхэр
еплъакIощтыгъэх, зэрагъэмысэн Iоф горэ къагъотыным

---

2:24 пшIэ мыхъущтыр – пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ иунашъо тетэу шэмбэт мафэм лэжьыгъэ къэпхыныр мыхъунэу щытыгъ. Еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 34:21.

2:26 дин пэщэшхор – еплъ Маттэ 26:3.

2:26 цIыфхэм Тхьэм ыпашъхьэ агъэтIылъыгъэ хьалыгъур – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 24:5–9.

пае. 3 Исус лІэу зыІэ лъэныкъо пыгъукІыгъэм риІуагъ:
–Къэтэджи, мо утыгум къихь.
4 ЕтІанэ ахэмэ ариІуагъ:
–Шэмбэт мафэм шІугъэ пшІэныр ара, хьауми бзэджагъэ пшІэныр ара хабзэкІэ хъущтыр, псэ мыкІодэу къэбгъэнэжьыныр ара, хьауми бгъэкІодыныр ара?
Ау ахэмэ заушъэфыгъ.
5 Ахэмэ ягуркъагъэ* Исус ыгу къеуи, губжыгъэу ахаплъи, лІым риІуагъ:
–О пІэ къэщэй.
ЛІым ыІэ къыщэий, адрэ Іэм фэдэу хъужьыгъ.
6 Джащыгъум фарисейхэр синэгогум чІэкІыжьхи, ежьхэмрэ пачъыхьэ Ирод ыуж рыкІохэрэмрэ* Исус агъэкІодынэу гухэлъ ашІызэ, зэрагъэкІодыщт шІыкІэмкІэ зэупчІыжьыщтыгъэх.

## ЦІыф купышхор Исус зэрэкІэлъыкІуагъэр

7 Исус игъогу рыкІохэрэр игъусэхэу а чІыпІэм икІыжьи,
Галилей псыхъураем кІуагъэ. Галилей хэкум щыщ цІыфыбэхэр Исус ыуж ихьагъэх. 8 Исус ышІэгъэ Іоф пстэури зэхахыгъэти, Иудей хэкуми, Ерусалими, Идумей хэкуми, Иордан псыхъом иадрабгъу щыІэ хэкуми, къалэхэу Тиррэ Сидонрэ* алъэныкъоми цІыфыбэхэр къарыкІыхи,
Исус ыдэжь къэкІуагъэх. 9 Ащ дэжьым цІыф купышхор
тезэрэмыгъэбэнэнхэм пае, Исус игъогу рыкІохэрэм зы къуашъо ежьым хьазырэу фыщагъэтынэу ариІуагъ. 10 Сыда пІомэ Исус цІыфыбэхэр ыгъэхъужьхэу щытыгъэти, уз зиІэ пстэури нэсынхэу зытырадзэщтыгъ. 11 Джынэпцэ Іаехэми Исус залъэгъукІэ ыпашъхьэ зырадзыхти куощтыгъэх: «О Тхьэм ури Къу». 12 Ау Исус ежьыр хэт щыщми цІыфхэм къарамыгъэшІэнэу джынапцІэхэм ишъыпкъэу афигъэпытэщтыгъ.

---

3:5 гуркъагъэ – къайгъагъэкІэ къыбгурыІонэу умыдэныр, пІуагъэми утемыкІыныр ары.

3:6 пачъыхьэ Ирод ыуж рыкІохэрэр – еплъ Маттэ 22:16.

3:8 къалэхэу Тиррэ Сидонрэ – еплъ Маттэ 11:21.

## Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIур зэригъэнэфагъэхэр

(Маттэ 10:1–4; Лука 6:12–16)

[13] Исус Iуашъхьэм дэкIуаий, ежь зыфаехэм къяджи,
ахэр ыдэжь къэкIуагъэх. [14] Нэбгырэ пшIыкIутIу игъу-
сэнхэуи, Тхьэм игущыIэхэр цIыфхэм арагъэIунхэм пае,
ыгъэкIонхэуи ыгъэнэфагъэх. [15] Ащ нэмыкIэу, сымаджэ-
хэр агъэхъужьынхэуи, джынапцIэхэр цIыфхэм ахафын-
хэуи тетыгъо аритыгъ. [16] Исус нэбгырэ пшIыкIутIоу
ыгъэнэфагъэхэр мыхэр арых: Симонэу Исус ятIонэрэ
цIэу Петрэ зыфиусыгъэр; [17] Зеведей ыкъуитIоу Якъубэрэ
Иуанрэ (ахэмэ ятIонэрэ цIэу Воанергес фиусыгъэх; Воа-
нергес къикIырэр «Шыблэм ыкъохэр» ары); [18] ЕтIанэ
Индрыс, Филипп, Варфоломей, Маттэ, Фомэ, Алфей ыкъо
Якъубэ, Фаддей, Симонэу зихэгъэгу ыгу етыгъэу фэлажьэ-
щтыгъэр,* [19] Иудэ Искариот. А Иудэ ары нэужым Исус
тетыгъо зиIэхэм аIэкIэзыгъэхьанэу щытыгъэр.

## Исусрэ джынапцIэхэм япащэу Велзевулрэ

(Маттэ 12:22–32; Лука 11:14–23; 12:10)

[20] ЕтIанэ Исус унэм кIожьыгъэ. Ежьыррэ игъогу ры-
кIохэрэмрэ шхэгъу амыгъотэу, джыри зэ цIыф купы-
шхо къэзэрэугъоигъ. [21] Исус иунэкъощхэм ежьым къы-
зэригъэзэжьыгъэр зызэхахым, «Ащ зишIэжьырэп», аIо-
ти, къащэжьынэу лъыкIуагъэх.

[22] Тэурат егъэджэкIо пащэхэу Ерусалим къикIыгъэхэу
къэкIуагъэхэм Исус ехьылIагъэу аIощтыгъ:

–Велзевул* ащ хэс, Велзевулэу джынапцIэхэм япащэ
илъэкIыныгъэ ары джынапцIэхэр цIыфхэм зэрахифы-
рэр.

[23] Арыти, Исус ахэмэ къяджи, гъэсэныгъэ тхыдэхэмкIэ
ариIуагъ:

–Шэйтаным сыдэущтэу шэйтаныр цIыф горэм хифын
ылъэкIына? [24] Зы пачъыхьагъом лъэныкъуитIоу зигощымэ,

---

3:18 Симонэу зихэгъэгу ыгу етыгъэу фэлажьэщтыгъэр – еплъ Маттэ 10:4.

3:22 Велзевул – еплъ Маттэ 10:25.

щыIэжьын ылъэкIыщтэп. [25] Ащ фэдэу зы унэри лъэныкъуи-
тIоу гощыгъэ хъумэ, щыIэжьын ылъэкIыщтэп. [26] Шэйтанри
къэтэджэу, ежь ышъхьэ пэуцужьэу, лъэныкъуитIоу зэрэ-
гъэхъумэ, ар щыIэжьын ылъэкIыщтэп, икIодыжьыгъо
къэсыгъэ нахь. [27] Зыми кIуачIэ зиIэ лIы горэм иунэ ихьэу,
ихьапщыпхэр къырихын ылъэкIыщтэп ыпэ рапшIэу а лIэу
кIуачIэ зиIэр зэкIоцIимыпхэмэ. Ау а лIыр зэкIоцIипхэмэ,
иунэ къытIэкIын ылъэкIыщт. [28] Шъыпкъэр шъосэIо,
цIыфхэм япсэкIод пстэури сыд фэдизэу Тхьэр агъэпцIми,
къафэгъушъущтых. [29] Ау хэти Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ зыгъэ-
пцIырэм егъашIэми къыфэгъущтэп, мыкIодыжьын псэкIод-
кIэ мысэ хъугъэ нахь.

[30] Исус ар зыкIиIуагъэр, «ДжынэпцIэ Iае хэс», аIоу,
ахэмэ ежьым ехьылIагъэу аIуагъэти ары.

## Исус янэрэ ышхэмрэ

(Маттэ 12:46–50; Лука 8:19–21)

[31] Джащыгъум Исус янэрэ ышхэмрэ къэкIуагъэх. Ща-
гум дэтхэу, Исус къеджэнэу зыгорэ агъэкIуагъ.
[32] ЦIыф купышхоу Исус къетIысэкIыгъэхэм къыраIуагъ:

–О уяни, пшыхэри, пшыпхъухэри щагум дэтхэу
къыпкIэупчIэх.

[33] –Хэта сяни сшыхэри?– ариIожьыгъ Исус ахэмэ.

[34] ЕтIанэ къетIысэкIыгъэхэм ахаплъи къыIуагъ:

–Мыхэр ары сэ сянэри сшыхэри. [35] Хэти Тхьэр зы-
фаер зыгъэцакIэрэр ары сэ сшыри, сшыпхъури, сянэри.

# ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

## Чылапхъэр зыпхъырэм ехьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

(Маттэ 13:1–9; Лука 8:4–8)

Исус джыри зэ псыхъурае Iушъом цIыфхэм Тхьэм игу-
щыIэхэр щаригъашIэхэу ыублагъ. ЦIыфхэу Исус ыдэжь
къыщызэрэугъоигъэхэр зэрэбагъэм пае, ежьыр псым
тет къуашъо горэм дэкIуаий, итIысхьагъ. ЗэкIэ цIыф

купышхор псым игъунэгъоу Іушъом Іутыгъ. 2 Гъэсэныгъэ
тхыдэхэмкІэ цІыфхэм Іофыбэр аригъэшІагъ. ЦІыфхэм ари-
гъашІэзэ, мыщ фэдэу ариІуагъ:
3 –ШъукъэдаІу. ЛІы горэм чылапхъэ ыпхъынэу дэкІыгъ.
4 Чылапхъэр ыпхъызэ, ащ щыщ тІэкІу гъогум тетэ-
къуагъ. Бзыухэр къэбыбыхи, ар ашыпыгъ. 5 Зы тІэкІуи
ятІэ макІэ зыхэлъ чІыгу мыжъуалъэм тетэкъуагъ. ЧІы-
гур куугъэпти, шІэх дэдэу къыхэкІыгъ, 6 ау тыгъэр къы-
зыдэкІуаем пыгъукІыгъ, лъэпсэ кууу зэрямыІагъэм пайй,
гъугъэх. 7 НэмыкІ тІэкІуи панэхэм ахэтэкъуагъ. Па-
нэхэр къэкІыхи, чылапхъэу къыхэкІыгъэхэр атхьалэхи,
зи къапагъэкІагъэп. 8 ЕтІани зы тІэкІу чІыгу дэгъум
хэтэкъуагъ. Ахэр къэкІыхи, къыдэкІуаехи, шъхьэхэр къа-
пыкІагъэх. Зы шъхьэ налъэм коцыцэ щэкІ къыпыкІагъ,
адрэм тІокІищ, адрэми коцыцишъэ къыпыкІагъ.
9 ЕтІанэ Исус къыпигъэхъожьыгъ:
–РыдэІонэу тхьакІумэ зиІэм зэхерэх.

**Исус цІыфхэм Іофхэр аригъашІэхэзэ, гъэсэныгъэ тхыдэхэр къызыкІафиІотэщтыгъэхэр**

(Маттэ 13:10–17; Лука 8:9–10)

10 ЦІыфхэр зэбгырыкІыжьхи, Исус изакъоу къызэнэ-
жьым, игъогу рыкІорэ нэбгырэ пшІыкІутІумрэ игъусэхэм-
рэ гъэсэныгъэ тхыдэхэм яхьылІагъэу къеупчІыгъэх.
11 –Тхьэм и Тетыгъошхо ишъэфхэр шъуушІэнхэу Тхьэм
фитыныгъэ къышъуитыгъ,– ариІуагъ Исус, –ау нэмыкІ
цІыфхэм гъэсэныгъэ тхыдэхэмкІэ Іоф пстэури алъэІэсы.
12 Арэущтэу*

«ахэр анэхэмкІэ еплъыхэ пэтми, зи алъэгъущтэп,
атхьакІумэхэмкІэ даІохэ пэтми, зи къагурыІощтэп.
Армырмэ Тхьэм ыдэжь къагъэзэжьыщтыгъ,
ащи япсэкІодхэр афигъэгъущтгъэх».

---

4:12 Арэущтэу . . . – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 6:9–10.

## Чылапхъэр зыпхъырэм ехьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэм къикIырэр Исус игъогу рыкIохэрэм къызэрагуригъэIуагъэр

(Маттэ 13:18–23; Лука 8:11–15)

[13] Ащ ыужым Исус ахэмэ ариIуагъ:
–Мы гъэсэныгъэ тхыдэр къыжъугурымыIоу, адрэ гъэ-
сэныгъэ тхыдэ пстэури сыдэущтэу къыжъугурыIощта?
[14] Зыпхъырэм Тхьэм игущыIэхэр епхъых. [15] ЦIыфхэм
ащыщэу зы купыр чылапхъэу гъогум тепхъагъэм фэд.
Тхьэм игущыIэхэр зэрэзэхаххэу, шэйтаныр къэкIошъ,
гущыIэхэу агухэм арылъ хъугъэхэр рехыжьых.
[16] –Адрэ цIыф купыр чIыгу мыжъуалъэм тепхъэгъэ
чылапхъэм фэд. Тхьэм игущыIэхэр зэрэзэхаххэу, а
гущыIэхэр гушIуагъокIэ аштэх. [17] Ау ахэмэ агухэмкIэ лъа-
псэ зэрямыIэм пае, шIошъхъуныгъэм игъогу бэрэ теты-
жьхэрэп. Тхьэм игущыIэхэм апаекIэ, е гузэжъогъу
зэрэхафэхэу, е цIыфхэм ахэмэ къин зэрарагъэщэчэу,
шIошъхъуныгъэм игъогу текIыжьых. [18] ЕтIанэ зы цIыф
купыр панэхэм ахэпхъэгъэ чылапхъэм фэд. Ахэмэ
Тхьэм игущыIэхэр зэхахых, [19] ау мы дунаем игугъухэри,
баиныгъэм игъэпцIэныгъэри, нэмыкI Iоф мыхъомы-
шIэхэм акIэхъопсэныри агухэм ехьэхэшъ, Тхьэм игущы-
Iэхэу агухэм арылъхэр атхьалэхэшъ, а цIыфхэми шIу-
гъэ къапыкIырэп. [20] ЕтIани нэмыкI цIыф куп чIыгу дэ-
гъум хэпхъэгъэ чылапхъэм фэд. Ахэмэ Тхьэм игущы-
Iэхэр зэхахыхэшъ, а гущыIэхэр аштэх, ахэми шIугъэ къа-
пэкIы, е фэдэ щэкI, е фэдэ тIокIищ, е фэдишъэ.

## Щэлъэ чIэгъым чIэт остыгъэр

[21] Ащ ыужым Исус ариIуагъ:
–Зыгорэм остыгъэр къыхьэу, щэлъэ чIэгъым е пIэ-
кIор чIэгъым ар чIегъэуцуа? Остыгъэм итетыпIэ лъагэ
тырегъэуцо нахь. [22] Сыда пIомэ сыд щыщми гъэбылъы-
гъэр къэлъэгъожьыщт, сыд щыщми чIэухъумагъэри
къэнэфэжьыщт. [23] РыдэIонэу тхьакIумэ зиIэм зэхерэх.
[24] Исус етIанэ ариIуагъ:
–Зэхэшъухырэм тэрэзэу гу лъышъут. Шъо шапхъэу
зэрэшъушырэм фэдэ шапхъэкIэ Тхьэм шъо къышъу-
фишыжьыщт, нахьыбэуи къышъуфыхигъэхъощт. Тхьэм

25 зиІэм нахьыбэ къыритыщт, ау Тхьэм зимыІэм иІэ тІэкІури
Іихыжьыщт.

### Чылапхъэу къэкІырэм ехьылІэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

26 Исус мыри къыІуагъ:
–Тхьэм и Тетыгъошхо зыфэдэр мары. ЛІы горэм чыла-
пхъэр чІыгум хепхъэ. 27 Чэщым мэчъые, мафэми къэ-
ущы, чылапхъэр къэкІы, къыдэкІуае, ау ар зэрэхъурэр
ащ ышІэрэп. 28 ЧІыгум ежь–ежьырэу къыхэкІы, ыпэ
рапшІэу пкъыр къыхэкІы, етІанэ ар мэшъхьалъэ, етІанэ
мэтІыргъо. 29 Шъхьэналъэхэр зытІыргъохэкІэ, хыныгъор
къэсыгъэшъ, ахыжьы.

### Горчицацэм ехьылІэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

(Маттэ 13:31–32; Лука 13:18–19)

30 –Тхьэм и Тетыгъошхо сыдым фэдгъэдэн?– къыІуагъ
Исус. –Хьауми сыд гъэсэныгъэ тхыдэкІэ ар зыфэдэр
къэтІон? 31 Ар зыфэдэр горчицацэр* ары. ЧІыгум хэ-
фэфэ, дунаим тет цэ пстэуми анахь цІыкІу. 32 Ау
чІыгум зыхафэкІэ, къэкІышъ, зы илъэс зыныбжь къэ-
кІыгъэ пстэуми анахьи нахь инэу мэхъу. Ижьауи къо-
лэбзыухэр чІэсынхэ алъэкІынэу къутэмэ инхэри къыго-
кІэх.
33 Ащ фэдэ гъэсэныгъэ тхыдабэхэмкІэ цІыфхэм зэ-
хашІыкІын зэралъэкІыщтым тетэу, Исус Тхьэм игущы-
Іэхэр ариІощтыгъэх. 34 Гъэсэныгъэ тхыдэ хэмытэу цІыф-
хэм адэгущыІэщтыгъэп. Ау игъогу рыкІохэрэр яза-
къоу къызэнэжьхэкІэ, пстэури зэхаригъэшІыкІыщтыгъ.

### Исус жьыбгъэ щынэгъошхор зэригъэуцугъэр

(Маттэ 8:23–27; Лука 8:22–25)

35 А мэфэ дэдэм пчъыхьэр къызэсым, Исус игъогу
рыкІохэрэм ариІуагъ:

---

4:31 горчицэ – арапыбзэкІи тыркубзэкІи «хъардэл» ары.

–НекIо, псыхъураем иадрабгъу тызэпырыжъугъэкI.
36 Игъогу рыкIохэрэр цIыф купышхом къыхэкIыхи,
Исус къуашъоу зэрысым къыдитIысхьэхи ежьагъэх.
НэмыкI къуашъохэри игъусагъэх. 37 Жьыбгъэ щынэгъо-
шхо къэхъуи, къуашъом псыорхэр къиохэу, псыр изы хъоу
фежьагъ. 38 Исус ышъхьэ шъхьантэм телъэу, къошъо
кIоцIым ыкIэкIэ щычъыещтыгъ. Ахэмэ къагъэущи ра-
Iуагъ:
–Дин гъэсакIу, тызэрэкIодырэм уигъэгумэкIырэба?
39 Исус къэтэджи, жьыбгъэшхом егыий, псым риIуагъ:
–Самбыр! Щыгъэт!
Жьыбгъэр уцужьи, кIым–сым дэдэу къэхъугъ. 40 ЕтIанэ
игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ:
–Сыд пае ащ фэдизэу шъущтэрэ? ШIошъхъуныгъэ
джыри шъуимыIэу ара?
41 –Хэт мыр, жьыбгъэшхори псыри зыгъэдаIорэр?–
зэраIожьыгъ ахэмэ щтагъэхэу.

## ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

### Исус джынапцIэ зыхэс лIы горэ зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 8:28–34; Лука 8:26–39)

Галилей псыхъураем иадрабгъу ит хэкоу Гадарэ зыцIэ
къалэм епхыгъэм нэсыгъэх. 2 Исус къуашъом къызэри-
кIэу, джынэпцIэ Iае зыхэс лIы горэ къэунэхэм алъэны-
къокIэ къикIи къыпэгъокIыгъ. 3 А лIыр къэунэхэм ахэ-
сыгъ. ГъучI Iэхъурэ лъэхэъурэкIэ зыми ыпхын ылъэкIы-
щтыгъэп. 4 Сыда пIомэ гъучI Iэхъу–лъэхъу бэрэ ты-
ралъхьэщтыгъ, ау Iэхъур ээпичыщтыгъ, лъэхъури зэ-
пиутыщтыгъ. Арэущтэу зыми а лIыр ыгъэуцун ылъэкIы-
щтыгъэп. 5 Чэщи мафи къэунэхэмрэ Iуашъхьэхэмрэ ахэт
зэпытыщтыгъ, куомэ–кIыизэ мыжъохэмкIэ зэожьы-
щтыгъ.

6 ЧыжьэкIэ а лIым Исус зелъэгъум, къачъи лъэгъон-
джэмышъхьэкIэ ыпашъхьэ къитIысхьагъ. 7 МэкъэшхокIэ
къэкуозэ къыIуагъ:
–Исус, Тхьэу анахь Иным Ыкъу, сыда уиIофэу къы-
схэлъыр? Тхьэм ыцIэкIэ сыолъэIу, къин сэмыгъэлъэгъу!

8 А лIым арэущтэу зыкIиIуагъэр, Исус джынапцIэм,
«О джынэпцIэ Iае, мы лIым хэкIыжь!» риIуагъэти ары.

9 –Сыда о пцIэр?– еупчIыгъ Исус а лIым.

–Сэ сцIэр дзэ,– пэгъокI къытыжьыгъ ащ, –сыда
пIомэ бэ тэхъушъ ары.

10 ЕтIанэ Исус ахэр а хэкум римыфынхэу лъэшэу къелъэIугъэх.

11 А чIыпIэ дэдэм зы къо Iэхъогъушхо Iошъхьэ нэпкъым
щыхъущтыгъ. 12 Джащыгъум джынэпцIэ Iаехэр Исус къелъэIугъэх:

–Къохэм адэжь тыгъакIуи, ахэмэ апкъыхэм тахэгъахь.

13 Исус ахэр фит ышIыгъэх. ДжынэпцIэ Iаехэр лIым
хэкIыжьхи, къохэм апкъыхэм ахэхьагъэх. Къо Iэхъогъур
Iошъхьэ нэпкъым къечъэхи, псыхъураем хэлъадэхи,
псым ытхьалагъэх. Ахэр минитIу фэдиз хъущтыгъэх.

14 Къуахъохэр хэхьажьхи, къалэмрэ къуаджэхэмрэ хъугъэ–шIагъэр щаIотэжьыгъ, цIыфхэри хъугъэр зэрагъэлъэгъунэу къэкIуагъэх.
15 Ахэр Исус ыдэжь къызэкIохэм,
джынэпцIабэхэр къызхэкIыжьыгъэ лIыр фэпагъэу,
иакъыл къыгъотыжьыгъэу, ащ дэжьым щысэу алъэгъугъ. Ар залъэгъум, къэщтагъэх.
16 Джащыгъум
къэхъугъэр зылъэгъугъэ цIыфхэм джынапцIэхэр зыхэсыгъэ лIымрэ къохэмрэ къяхъулIагъэр цIыфхэм араIотэжьыгъ.
17 ЦIыфхэм ар зызэхахым, Исус яхэку
ыбгынэнэу къелъэIугъэх.

18 Исус къуашъом итIысхьажьы зэхъум, джынапцIэхэр
къызхэкIыжьыгъэ лIыр ащ къелъэIугъ:

–Гъусэ сызыфэшI.

19 –О уибынхэм адэжь уиунэ кIожьи, Зиусхьаным къыпфишIэгъэ шIугъэшхомрэ гукIэгъу къызэрэпфишIыгъэмрэ яIотэжь,– риIуагъ Исус ар фимыдэу.
20 Арэущтэу
ар кIуи, Исус къыфишIагъэр КъэлипшI* зыцIэ хэкум
щиIуатэу ыублагъ, цIыфхэми зэкIэ агъэшIэгъуагъ.

---

5:20 КъэлипшI – еплъ Маттэ 4:25.

## Исус Иаир зыцӀэм ыпхъоу лӀагъэр къызэригъэтэджыжьыгъэр; Исус ищыгъын къынэсыгъэ бзылъфыгъэр зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 9:18–26; Лука 8:40–56)

21 Исус къуашъомкӀэ Галилей псыхъураем иадрабгъу
зызэпырэкӀыжьым, цӀыф купышхо ежьым ыдэжь къы-
щызэрэугъоигъ. Исус псы Іушъом Іутэу, 22 Иаир зыцӀэ
синэгогу пащэ горэ къэкӀуагъ. Ащ Исус зелъэгъум,
ылъакъохэм адэжь зыкъыщыридзыхи, 23 лъэшэу къелъэ-
Іугъ:

–Сэ спхъу цӀыкӀу малӀэ пэт. Хъужьынышъ, псаоу къэ-
нэжьыным пае, къакӀуи, пӀэхэр телъхьэх.

24 Джащыгъум Исус а лӀым игъусэу кӀуагъэ. ЦӀыф
купышхо Исус тезэрэгъэбанэхэу игъусэхэу кӀощты-
гъэх. 25 А цӀыфхэм зы бзылъфыгъэ горэ ахэтыгъ.
Илъэс пшӀыкӀутӀу хъугъэу, бэрэ ащ лъы къыкӀэкӀэу
гуӀэщтыгъ. 26 Іэзэ Іаджи еплъыгъагъэх, къиныби рагъэ-
щэчыгъагъ. Бзылъфыгъэм иӀэ пстэури ахэмэ атыригъэ-
кӀодэгъагъ, ау нахь Іае хъущтыгъэ нахь, ишӀуагъэ къэ-
кӀуагъэп. 27 Ащ Исус икъэбар зэхихыгъэти, цӀыф купы-
шхом хэтэу Исус ыкӀыбкӀэ къакӀуи, ищыгъын къы-
нэсыгъ; 28 сыда пӀомэ а бзылъфыгъэм мыщ фэдэу ыгу-
кӀэ ыӀуагъэти ары: «Исус ищыгъынхэм санэс нэмыӀэми,
сыхъужьыщт». 29 Ардэдэм лъыкӀэкӀыныр уцужьыгъэ, зэ-
рэхъужьыгъэри ыпкъыкӀэ зэхишӀагъ.

30 Исус ыгукӀэ кӀуачӀэ зэрэхэкӀыгъэм занкӀэу гу лъи-
тагъ. ЦӀыф купышхом хэтэу зыкъызэригъэзэкӀи ари-
Іуагъ:

–Хэта сищыгъынхэм къанэсыгъэр?

31 –ЦӀыф купышхор къыптезэрэгъэбанэхэу плъэгъузэ,
етӀани, «Хэта къызнэсыгъэр?» оӀуа?– къыраӀуагъ
игъогу рыкӀохэрэм.

32 Ау Исус ар зышӀагъэр ылъэгъуным пае, зиплъыхьэ-
щтыгъ. 33 Джащыгъум бзылъфыгъэм къехъулӀагъэр
ешӀэти, щтагъэу, кӀэзэзэу къыӀухьи, Исус ыпашъхьэ
зыкъыщыридзыхи, шъыпкъэр зэкӀэ къыриӀуагъ.

34 –Сипшъашъ,– риӀуагъ Исус, –уишӀошъхъуныгъэ уи-
гъэхъужьыгъ. Гъогу маф, гупсэфыныгъэ уиӀэу опсэу. Узы-
нчъэу ухъужьыгъ.

35 Исус гущыӀэзэ, лӀы заулэ синэгогу пащэм иунэ

къикIыгъэхэу, къакIохи, Иаир къыраIуагъ:

–Ппхъу дунаем ехыжьыгъ. Дин гъэсакIом сыд пае
джыри къин ебгъэлъэгъужьыра?

36 Ау Исус ахэмэ къаIуагъэр зэрэзэхихэу, синэгогу
пащэм риIуагъ:

–Умыщын, шIошъхъуныгъэ зигъаIэ къодый.

37 ЕтIанэ Петри, Якъуби, ащ ышы Иуани нэмыкI зи
зыдимыщэу, Исус гъогум техьажьыгъ. 38 Синэгогу пащэм
иунэ къызэкIохэм, Исус цIыфхэр бырсырхэу, хьадагъэ
ашIэу, пыхьэхэу ылъэгъугъэх. 39 Исус унэм къызехьэм,
ариIуагъ:

–Сыд пае бырсыр къэшъуIэтэу, хьадагъэ шъушIыра?
Пшъэшъэжъыер лIагъэп, мэчъые нахь.

40 Исус ар къызеIом, къыдэхьащхыгъэх. Ау Исус зэ-
пстэури унэм къыригъэкIыхи, пшъэшъэжъыем ятэ–янэм-
рэ игъусищрэ зыдищэхи, пшъэшъэжъыер зэрылъ унэм
ихьагъ. 41 ЕтIанэ пшъэшъэжъыем ыIэ къыубыти ри-
Iуагъ:

–Талифэ кум! (Ащ къикIырэр, –Сипшъэшъэжъый, сэ
осэIо, къэтэдж!)

42 Пшъэшъэжъыер ардэдэм къэтэджыжьи, унэ кIоцIыр
къыкIухьагъ. Ар илъэс пшIыкIутIум итыгъ. Ар залъэ-
гъум, лъэшэу агъэшIэгъуагъ. 43 Ау Исус хъугъэр зыми
рамыIотэжьынэу унэшъо пытэ афишIыгъ. ЕтIанэ пшъэ-
шъэжъыер агъэшхэнэу ариIуагъ.

# ЯХЭНЭРЭШЪХЬ

## Назарет дэс цIыфхэм Исус зэрамыштагъэр

(Маттэ 13:53–58; Лука 4:16–30)

Исус, игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу, а чIыпIэм икIы-
жьи, янэ икъалэ кIожьыгъэ. 2 Шэмбэт мафэр къызэсым,
синэгогум цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр щаригъашIэхэу
ыублагъ. Ежьым едэIугъэ цIыфыбэхэм агъэшIагъоу къа-
Iуагъ:

–Мы лIым къыIохэрэр тыдэ къырихыгъэха? Сыдэу зэ-
хэшIыкIыныгъэшхо Тхьэм ащ къыритыгъа! Сыдэу Iо-

фышхо гъэшIэгъонха ащ ыIэ къикIыхэрэр! 3 Мерэм
ыкъоу пхъашIэр арыба мыр, Якъубэ, Иосый, Иудэ,
Симон ашыр? Ышыпхъухэри тэ къытхэсхэба?

Арэущтэу Исус пае агу мыхъун къырагъэхьагъ.

4 –Пегъымбарым лъытэныгъэ фэзымышIыхэрэр ежь
янэ икъалэ дэсхэр, ежь иблагъэхэр, ежь иунагъо щыщ-
хэр ары ныIэп,– ариIуагъ Исус ахэмэ.

5 Исус сымэджэ заулэм ыIэхэр атырилъхьэхэу зэри-
гъэхъужьыгъэхэм нэмыкI а чIыпIэм Iофышхо гъэшIэ-
гъон зи щишIагъэп. 6 Ахэмэ яшIошъмыхъуныгъи ыгъэ-
шIэгъуагъ.

## Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIур Тхьэм фэлэжьэнхэу зэрэдигъэкIыгъэхэр

(Маттэ 10:1, 5–15; Лука 9:1–6)

ЕтIанэ цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэхэзэ,
игъунэгъу къуаджэхэр къыкIухьащтыгъэх. 7 Джащыгъум
Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIумэ къяджи, тIу-
рытIоу дигъэкIыхэу ыублагъ. ДжынэпцIэ Iаехэр цIыф-
хэм ахафынхэу тетыгъо аритыгъ. 8 Мы унашъор афи-
шIыгъ:

–Гъогум шъузытехьэкIэ, зы бэщ нэмыкI зи зыдэшъу-
мышт. Хьалыгъуи, Iалъмэкъи, бгырыпхым илъ ахъщи
зыдэшъумыштэх. 9 Ау цокъэ къызэрыкIохэр зыщы-
шъулъэх. ДжэнитIуи зыщышъумылъ.

10–ХьакIэу зы унэ горэм шъуихьэмэ, а чIыпIэм шъу-
къыдэкIыжьыфэ нэс, а унэм шъуис,– къыпигъэхъо-
жьыгъ Исус. 11 –Зы чIыпIэ горэм шъущырамыгъэбла-
гъэмэ е къыщышъомыдэIухэмэ, а чIыпIэм шъукъы-
зикIыжькIэ, мыхъунэу ашIагъэмкIэ ахэмэ апашъхьэ
шыхьат щыхъуным пае, шъуицуакъэхэм акIэрылъ сапэр
акIэрыжъугъэтэкъужь. Шъыпкъэр шъосэIо, ахърэт
мафэм а къалэм къинэу ыщэчыщтым нахьи, Содомрэ
Гоморрэрэ къинэу ащэчыщтыр нахь мэкIэщт.

12 Арэущтэу а нэбгырэ пшIыкIутIур гъогум техьэхи,
«ШъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожь», цIыфхэм араIозэ,
агъэIоу аублагъ. 13 ДжынэпцIабэхэр цIыфмэ ахафыщты-
гъэх, сымаджэ Iаджи дагъэ щафэзэ агъэхъужьыщтыгъэх.

**УмэхъэкӀо Иуан ышъхьэ зэрэпаупкӀыгъэр**
(Маттэ 14:1–12; Лука 9:7–9)

[14] Исус цӀэрыӀоу хъугъэти, икъэбар пачъыхьэу Ирод* зэхихыгъ. Зызэхехым, мырэущтэу ыӀуагъ:

–Мыр умэхъэкӀоу Иуан ары. Ар лӀагъэхэм къахэтэджыкӀыжьыгъ, джары ащ фэдэ лъэкӀыныгъэ зыхэлъ Ӏофышхохэр ыӀэ къызкӀикӀыхэрэр.

[15] –Ар пегъымбар Иляс* ары,– аӀощтыгъ нэмыкӀ цӀыфхэм.

–Ар пегъымбар гор, пэсэрэ пегъымбархэм афэдэу,– аӀощтыгъ етӀани нэмыкӀхэми.

[16] Ау Ирод ахэмэ ягущыӀэхэр зызэхеххэм, ыӀуагъ:

–Иуанэу зышъхьэ пязгъэупкӀыгъэр лӀагъэхэм къахэтэджыкӀыжьыгъ.

[17] Ирод ар зыкӀиӀуагъэр мыры: Ежьым ышэу Филипп
зыцӀэр псаоу пэтми, Ирод а Филипп ишъузэу Иродиадэ зыцӀэр къыщэжьыгъ. [18] Ащ къызэрищэжьыгъэм
пае, Иуан Ирод риӀощтыгъ: «О пшы ишъуз къэпщэжьыныр хабзэкӀэ хъущтэп». [19] Ащ пае Иродиадэ Иуан
гужъ фыриӀэу хъугъэ. Иродиадэ ихьатыркӀэ Ирод идзэлӀхэм Иуан аригъэубыти, хьапсым чӀаригъэдзагъ. Иродиадэ Иуан аригъэукӀынэу фэягъ, ау ар къыдэхъугъэп.
[20] Сыда пӀомэ Иуан шъыпкъагъэ зиӀэ цӀыф лъапӀэу
зэрэщытыр Ирод ышӀэщтыгъэти, щыщынэщтыгъ ыкӀи ыухъумэщтыгъ. Иуан къыӀохэрэм зядэӀукӀэ, инэу гумэкӀыщтыгъ, ау щытми игуапэу едэӀущтыгъ.

[21] Зы мафэ горэм Иродиадэ Ӏофэу зылъыхъущтыгъэр къыфифагъ. Ирод къызыхъугъэ мафэр ыгъэлъэпӀэнэу икъулыкъушӀэхэм, идзэ ипэщэшхохэм, Галилей хэкум итхьаматэхэм ешхэ-ешъошхо афишӀи къыригъэблэгъагъэх. [22] Джащыгъум Иродиадэ ыпхъу унэм къихьи
къафэшъуагъ. Иродрэ ихьакӀэхэмрэ агу рихьыгъ.

–УзыфаемкӀи къысэлъэӀуи, укъызэрысэлъэӀурэр къыпфэсшӀэщт,– риӀуагъ пачъыхьэм пшъашъэм. [23] ТхьарыӀуи фишӀыгъ:

---

6:14 пачъыхьэ Ирод – еплъ Маттэ 14:1.

6:15 пегъымбар Иляс – еплъ Маттэ 16:14.

–Сыд щыщми узыфаер остын, сипачъыхьагъу ынықъо нэс.

24 Пшъашъэр унэм икӀыжьи, янэ еупчӀыжьыгъ:

–СыдкӀэ селъэӀущта?

–УмэхъэкӀо Иуан ышъхьэкӀэ елъэӀу,– къыриӀожьыгъ янэ.

25 Пшъашъэр псынкӀэу унэм къилъэдэжьи, пачъыхьэм къыриӀуагъ:

–Джыдэдэм умэхъэкӀо Иуан ышъхьэ зы лэгъэшхо горэм илъэу къысэт.

26 Пачъыхьэм ар зызэхехым, ыгу лъэшэу къеуагъ, арышъхьакӀэ хьакӀэхэм апашъхьэ пшъашъэм тхьарыӀоу фишӀыгъэм пае игущыӀэ епцӀыжьынэу фэягъэп. 27 Арыти, ардэдэм зы дзэлӀ горэ Иуан ышъхьэ къыхьынэу унашъо фишӀи ыгъэкӀуагъ. 28 Ар кӀуи, Иуан ышъхьэ хьапсым щыпиупкӀи, лэгъэшхом илъэу къыхьи, пшъашъэм къыритыгъ. Пшъашъэм янэ ритыжьыгъ. 29 Иуан игъогу рыкӀохэрэм хъугъэ–шӀагъэр зызэхахым, къакӀохи, Иуан ихьадэ хьапсым чӀахыжьи, къэунэм чӀалъхьажьыгъ.

## Исус нэбгырэ минитф зэригъэшхагъэр

(Маттэ 14:13–21; Лука 9:10–17; Иуан 6:1–4)

30 Апостолхэр* Исус ыдэжь къыщызэрэугъоихи, Ӏофэу ашӀэгъэ пстэумрэ цӀыфхэмаригъэшӀэгъэ Ӏоф пстэумрэ раӀотэжьыгъэх. 31 КъэкӀо–накӀохэр зэрэбагъэм пае, Исусрэ игъогу рыкӀохэрэмрэ шхэгъуи фифэжьыщтыгъэхэпти, Исус ахэмэ ариӀуагъ:

–ЧӀыпӀэ Ӏудзыгъэ горэм тизакъоу тыкӀонышъ, зыжъугъэпсэфыщт.

32 Арыти, къуашъом исхэу Ӏудзыгъэ чӀыпӀэ горэм язакъоу кӀуагъэх. 33 ЦӀыфхэм ахэр къуашъом исхэу, ӀукӀыхэу алъэгъугъ, бэми къашӀэжьыгъэх. ЦӀыфхэр къэлэ пстэуми лъэсэу къадэчъыхи, Исусрэ игъогу рыкӀохэрэмрэ къуашъомкӀэ зыдэкӀощтыгъэ чӀыпӀэм нэмысхэ рапшӀэу ахэр нэсхи, къэзэрэугъоигъэх. 34 Исус къуашъом къикӀи, цӀыф купышхор зелъэгъум, а цӀыфхэр мэлахъо зимыӀэ мэл Ӏэхъогъум фэдэхэу щыты-

---

6:30 апостолхэр – еплъ Маттэ 10:2.

гъэхэти, ыгу ягъуи, Іофыбэхэр аригъашІэхэу ыублагъ.
35 Мафэр зыхэкІуатэм, игъогу рыкІохэрэр Исус къыбгъо-
дахьэхи къаІуагъ:

–Мы чІыпІэр нэкІы, мафэри хэкІотэгъах. 36 Чы-
лэ–къоджэ гъунэгъухэм кІонхэшъ, гъомлапхъэ къызфа-
щэфыжьыным пае, цІыфхэр тІупщыжьых; сыда пІомэ,
ашхын зи яІэп.

37 –Шъо ахэр жъугъашхэх,– ариІуагъ Исус ахэмэ.

–ТыкІонышъ, динар* шъитІум ауасэ хьалыгъу къэт-
щэфына, мы цІыфхэм ядгъэшхынэу?– къыраІожьыгъ
адрэхэм.

38 –Хьалыгъу тхьапша шъуиІэр?– ариІуагъ Исус. –Шъу-
кІуи къызэжъугъашІ.

КъызэрагъашІи къаІуагъ:

–ХьалыгъуитфырэпцэжъыитІурэ тиІ.

39 ЕтІанэ Исус цІыф пстэури куп–купэу уц шхъуантІэм
хагъэтІысхьанхэу игъогу рыкІохэрэм унашъо афишІыгъ.
40 ЕтІанэ цІыфхэр шъэрышъэу, шъэныкъо–шъэныкъоу
куп–купэу тІысыгъэх. 41 ЕтІанэ Исус хьалыгъуитфымрэ
пцэжъыитІумрэ къыштэхи, уашъом дэплъыий, Тхьэм
щытхъу фишІыгъ. ЕтІанэ хьалыгъухэр зэгуичыхи, цІыф-
мэ апашъхьэ ралъхьанхэу игъогу рыкІохэрэм ариты-
гъэх. ПцэжъыитІури ахэмэ зэкІэми афигощыгъ. 42 ЦІыф
пстэури шхагъэх ыкІи загъэшхэкІыгъ. 43 Ащ нэужым
къялыжьыгъэ хьалыгъу такъырхэмрэ пцэжъыехэмрэ мэтэ
пшІыкІутІу арызэу аугъоижьыгъэх. 44 Шхагъэхэр лІы
минитф хъущтыгъэх.

## Исус псы кІыІум тетэу зэрэкІуагъэр

(Маттэ 14:22–33; Иуан 6:16–21)

45 Исус цІыф купышхор етІупщыжьыфэ, игъогу ры-
кІохэрэр ежьым ыпэ рапшІэу псыхъураем иадрабгъу ит
Вифсайдэ къалэм зэпырыкІынхэу къуашъом ригъэтІыс-
хьагъэх. 46 Исус цІыфхэр зетІупщыжьыхэ ужым, Тхьэм
елъэІунэу Іуашъхьэм дэкІоягъ.
47 Пчыхьэр къызэсым, къуашъор псыхъурэе гу-
зэгум нэсыгъагъ, Исуси изакъоу чІыгум къытенагъ.

---

6:37 динар – еплъ Маттэ 18:24.

[48] Къуашъом исхэм жьыбгъэр къапеоти, ахэмэ ерагъэу
къошъо бэщхэмкIэ афэу Исус ылъэгъугъэх. АтэкъэIо-
гъум дэжь къуашъом исхэм алъэныкъокIэ псы кIыIум
тетэу, Исус къэкIуагъ. Ахэмэ аблэкIы пэтыгъ. [49] Исус
псы кIыIум тетэу къакIоу залъэгъум, хьадэджадэу ашIо-
шIи, къэкууагъэх, [50] сыда пIомэ зэпстэуми ар алъэгъуи,
лъэшэу щтагъэхэти ары.

Ардэдэм Исус къадэгущыIагъ:

–Шъугу шъумыгъэкIоды, сэры ар, шъумыщын.

[51] ЕтIанэ ахэмэ къуашъом адитIысхьи, жьыбгъэр уцу-
жьыгъэ. Лъэш дэдэу агъэшIэгъуагъ, [52] сыда пIомэ Iофы-
шхо гъэшIэгъонэу Исус хьалыгъухэмкIэ ышIэгъагъэр
къагурымыIоу, гуркъэхэу* щытыгъэхэти ары.

## Исус Геннисарет хэкум сымаджэхэр зэрэщигъэхъужьыгъэхэр

(Маттэ 14:34–36)

[53] Псыхъураем зызэпырэкIыхэм, Геннисарет хэкум
нэсхи, гъурзыр щырадзыхыгъ. [54] Къуашъом къызэрикIы-
хэу, цIыфхэм Исус къашIэжьыгъ. [55] ЦIыфхэм а хэкур
зэкIэ къачъыхьэу, сымаджэхэр пIуаблэхэм акIоцIылъхэу
Исус зыдэщыIэу зыфаIорэ чIыпIэм къахьэу къаублагъ.
[56] Къуаджэми, къалэми, чылэми Исус тыдэ кIуагъэми
сымаджэхэр а чIыпIэхэм ягузэгупIэхэм ащагъэтIылъти,
зи мыхъуми ищыгъын кIапэм нигъэсынхэу къелъэIущты-
гъэх, Исус ищыгъын кIапэми нэсыгъэ пстэури хъужьы-
щтыгъэх.

# ЯБЛЭНЭРЭШЪХЬ

## Тыжъхэм къакIэныжьыгъэ хабзэхэр

(Маттэ 15:1–20)

Фарисейхэри Ерусалим къикIыгъэ Тэурат егъэджэкIо
пащэхэм ащыщхэри Исус ыдэжь къыщызэрэугъоигъэх.

---

6:52 гуркъэхэу – еплъ 3:5.

[2] Ахэмэ Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщхэр Iэ мыкъа-
бзэхэмкIэ, ащ къикIырэр аIэхэр амытхьакIыхэу, шхэхэу
алъэгъугъ. [3] Сыда пIомэ фарисейхэмрэ адрэ джурт
пстэумрэ ятэжъхэм къакIэныжьыгъэ хабзэхэм атетхэу,
аIэхэр амытхьакIыгъэхэу шхэхэрэп. [4] Бэдзэрым къикIы-
жьхэмэ, замыгъэкъэбзэжьыгъэу шхэхэрэп. А хабзэхэм
анэмыкIэу, ятэжъхэм къакIэныжьыгъэ хэбзабэхэр зэ-
рахьэ, гущыIэм пае, шъуалъэхэми, къумгъанхэми, лэ-
гъупхэми ятхьакIынхэр.

[5] Арыти, фарисейхэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ
Исус къеупчIыгъэх:

–О уигъогу рыкIохэрэр тятэжъхэм къытфагъэнэгъэ
хабзэхэм атемытхэу, Iэ шIоихэмкIэ сыд пае шхэхэра?

[6] –Пегъымбар Исайас шъо нэпитIу зиIэхэм шъыпкъэр
къышъуиIолIагъ,– ариIожьыгъ Исус. –Мыщ фэдэу
итхылъ ит:*

«Мы цIыфхэм аIупэхэмкIэ сагъэлъапIэ,
ау агухэмкIэ спэчыжьэх.
[7] Ахэм цIыфхэм Iофхэр арагъашIэхэзэ,
цIыфхэм яхабзэ Тхьэм иунашъо зэрэфагъадэрэм пае,
сэ сызэрагъэлъапIэрэр хьаулый».

[8] –Тхьэм иунашъо къэжъугъэнагъэу, цIыфхэм къакIэ-
ныжьыгъэ хабзэхэм шъуатет.

[9] –Шъуятэжъхэм къакIэныжьыгъэ хабзэхэр жъугъэцэ-
кIэнхэм пае, Тхьэм иунашъо зы лъэныкъокIэ ешъогъэ-
зы,– къыпигъэхъожьыгъ Исус. [10] –Сыда пIомэ пегъымбар
Мусэ ыIуагъ:* «Уятэрэ уянэрэ лъытэныгъэ афэшI»,
ыкIи «Хэти щэрэт зятэ е зянэ IэягъэкIэ тегущыIэрэр
шъуукIын фае». [11,12] Ау шъо шъоIо: «Зы цIыф горэм
ежьым ятэ е янэ мырэущтэу риIомэ: Сэ тынэу шъо
шъостын слъэкIыщтгъэр джы корбан сшIыщт, ыIоу, (ащ
къикIырэр Тхьэм пае тын сшIыщт), ащыгъум а цIыфым
ятэ е янэ зи фимышIэнэу фит». [13] Арэущтэу шъушIы-
зэ, шъуятэжъхэм яхабзэхэу шъо шъукъохэм къафэ-
жъугъанэхэрэмкIэ Тхьэм игущыIэхэр зы лъэныкъокIэ
ешъогъэзых. Ащ фэдэ Iаджи шъошIэ.

---

7:6–7 Пегъымбар Исайас . . . итхылъ ит – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 29:13.

7:10 пегъымбар Мусэ ыIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 20:12; 21:17.

[14] Исус цIыф купышхом джыри зэ къяджи ариIуагъ:
–Шъо пстэури шъукъысэдэIу, къасIорэри зыгурыжъу-
гъаIу. [15] ЦIыфыр мыкъабзэу зышIын зылъэкIырэр шхы-
нэу ышхырэр арэп, ыгу къикIыхэрэр ары нахь. [16] Рыдэ-
Iонэу тхьакIумэ зиIэм зэхерэх.
[17] Исус цIыф купышхом хэкIыжьи, унэм зехьажьым,
игъогу рыкIохэрэр а гъэсэныгъэ къэбарым ехьылIагъэу
къеупчIыгъэх.
[18] –Шъори зи къыжъугурымыIоу ара?– ариIожьыгъ Исус.
–ЦIыфым шхынэу ышхырэм ежьыр мыкъабзэу ышIын
зэримылъэкIырэр къыжъугурыIорэба? [19] Сыда пIомэ
цIыфым шхынэу ышхырэр ыгу ихьэрэп, ыныбэ ехьэ нахь,
етIани пкъым хэкIыжьы. (А гущыIэхэмкIэ Исус шхын
пстэури хьалэлэу ыIуагъ.)
[20] –ЦIыфым ыгу къикIырэр ары мыкъабзэу зышIырэр,–
къыпигъэхъожьыгъ Исус. [21] –Сыда пIомэ цIыфым ыкIо-
цIырэ ыгурэ ары мыхэр къызэрыкIыхэрэр: гупшысэ бза-
джэхэр, зинэ шIэныр, тыгъоныр, цIыф укIыныр, [22] нэй-
псыеныр, бзэджагъэр, тхьагъэпцIыгъэр, мыхъомышIэ псэу-
кIэр, шъугъоныр, цIыфхэм IэягъэкIэ атегущыIэныр, пэ-
гагъэр, делагъэр. [23] А бзэджэгъэ пстэури гу кIоцIым
къекIыхэшъ, цIыфыр мыкъабзэу ашIы.

## Сирофиникие хэкум щыщ бзылъфыгъэм шIошъхъуныгъэу иIагъэр

(Маттэ 15:21–28)

[24] ЕтIанэ Исус а чIыпIэм икIи, къалэхэу Тиррэ Сидонрэ
яIэгъо–благъо кIуагъэ. Зы унэ горэм зехьэм, ащ дэжьым
ежьыр зэрэщыIэр зыми ышIэнэу фэягъэп, ау ар гъэбэ-
лъыгъэу хъугъэп. [25] Зы бзылъфыгъэу джынапцIэ зыхэс
пхъу зиIэм Исус къызэрэкIуагъэр зэрэзэхихэу къакIуи,
ылъакъохэм адэжь зыщыридзыхыгъ. [26] А бзылъфыгъэр
Сирофиникие хэкум щыщыгъ, ыбзи урымыбзагъ*. Ып-
хъу джынапцIэр хифынэу Исус къелъэIугъ.
[27] –Ыпэ рапшIэу сабыйхэм загъэгъэшхэкI,– риIуагъ
Исус а бзылъфыгъэм, –сыда пIомэ сабыйхэм хьалы-
гъур аIыпхэу, хьэхэм ябгъэшхыныр тэрэзэп.

---

7:26 урымыбзэр – иунаныбзэр ары.

[28] –Шъыпкъэ, тхьаматэ,– къыриIожьыгъ бзылъфыгъэм,
–ау сабыйхэм къаIэпытэкъурэ хьалыгъу шкъойхэр Iэнэ
чIэгъым чIэс хьэхэми ашхых.
[29] –А гущыIэр къызэрэпIуагъэм пае, джынапцIэр о
ппхъу хэкIыжьыгъ,– риIуагъ Исус. –О уиунэ кIожь.
[30] Бзылъфыгъэр унэм къызэкIожьым, джынапцIэр хэ-
кIыжьыгъэу, ыпхъу пIэм хэлъэу къыгъотыжьыгъ.

## Исус дэгоу ыкIи гущыIэгъуаеу щыт лIы горэ зэригъэхъужьыгъэр

[31] Ащ ыужым Исус къалэхэу Тиррэ Сидонрэ* яIэ-
гъо–благъо къикIыжьи, КъэлипшI* зыцIэ хэкум кIоцIы-
рыкIи, Галилей псыхъураем къэкIожьыгъ. [32] Джащыгъум
дэгоу ыкIи гущыIэгъуаеу щыт лIы горэ цIыфхэм Исус
къыфащи, ыIэ тырилъхьанэу къелъэIугъэх.
[33] Исус а лIыр цIыфхэм зы лъэныкъокIэ ахищи, яза-
къоу къызэнэжьхэм, ыIэхъуамбэхэр лIым ытхьакIумэхэм
ариIухи, ужъунтхи, лIым ыбзэгу теIэбагъ. [34] ЕтIанэ уашъом
дэплъыий, куоу хэщэтыкIи, а лIым риIуагъ: «Еффатэ!»
(Еффатэм къикIырэр, «ПтхьакIумэхэм зыкъызэIуахы-
жьыщт!») [35] Ардэдэм лIым ытхьакIумэхэм зэхахэу хъу-
жьыгъэх, ыбзэгуи къытIупщыжьи, къабзэу къэгущыIэу
ыублагъ.
[36] Исус цIыфхэм ар зыми рамыIотэжьынэу унашъо афи-
шIыгъ. Ау сыд фэдизэу унашъо афишIыгъэми, а Iофыр
нахьыбэу агъэIущтыгъ. [37] ЦIыфхэм хъугъэ–шIагъэр ин
дэдэу агъэшIагъозэ аIощтыгъ:
–ЗэкIэри дэгъоу ышIагъ. Дэгухэм зэхахэу егъэхъу-
жьых, бзакохэри къегъэгущыIэх.

---

7:31 къалэхэу Тиррэ Сидонрэ – еплъ Маттэ 11:21.

7:31 КъэлипшI – еплъ Маттэ 4:25.

# ЯЕНЭРЭШЪХЬ

## Исус нэбгырэ миниплI зэригъэшхагъэр

(Маттэ 15:32–39)

А мафэхэм джыри зэ цIыф купышхо къэзэрэугъоигъ.
Ахэмэ ашхын зи яIагъэпти, Исус игъогу рыкIохэрэм
къяджи ариIуагъ:
2 –ЦIыф купышхом сыгу ягъу, сыда пIомэ мэфищ
хъугъэу сигъус, ышхыни иIэп. 3 МэлакIэ лIэхэу цIыф-
хэр стIупщыжьхэмэ, гъогум щызэхэфэщтых, сыда пIомэ
чыжьэу къикIыгъэхэр ахэмэ ахэтых.
4 –Мы шъоф нэкIым ахэмэ афырикъун хьалыгъу зы-
горэм тыдэ къихын ылъэкIына?– аIуи, игъогу ры-
кIохэрэм Исус къыраIожьыгъ.
5 –Хьалыгъу тхьапша шъуиIэр?– яупчIыгъ Исус ахэмэ.
–Хьалыгъуибл тиI,– къаIожьыгъ ахэмэ.
6 Джащыгъум Исус цIыф купышхор чIыгум етIысэхын-
хэу унашъо ышIыгъ. Хьалыгъуиблыр къыштэхи, Тхьэм
щытхъу фишIыгъ. ЕтIанэ хьалыгъухэр зэгуичыхи, цIыф
купышхом ыпашъхьэ ралъхьанхэу игъогу рыкIохэрэм
аритыгъэх. Ахэми арэущтэу ашIыгъ. 7 Пцэжъые цIыкIу
заули яIагъ. Ахэмэ апаий Исус Тхьэм щытхъу фишIи,
ахэри цIыфмэ апашъхьэ ралъхьанхэу игъогу рыкIохэрэм
ариIуагъ. 8 ЦIыфхэр шхагъэх ыкIи загъэшхэкIыгъ. Ащ
нэужым хьалыгъу такъырхэу къялыжьыгъэхэр мэтибл ар
ызэу аугъоижьыгъэх. 9 Шхагъэхэр нэбгырэ миниплIы фэдиз
хъущтыгъэх. ЕтIанэ Исус цIыфхэр ытIупщыжьыгъэх.
10 ЦIыфхэр зетIупщыжьыхэ ужым, игъогу рыкIохэрэр игъу-
сэхэу къуашъом итIысхьи, къуаджэу Далмануфэ иIэгъо-
благъо кIуагъэ.

## Зы нэшэнэ гъэшIэгъонышхо горэ уашъом къафыригъэхынэу фарисейхэр Исус къызэрелъэIугъэхэр

(Маттэ 16:1–4; Лука 11:29–32)

11 Фарисейхэр Исус ыдэжь къакIохи, гущыIэкIэ къены-
къокъухэу къаублагъ. Ежьыр агъэунэфыным пае, зы нэ-

шэнэ гъэшIэгъонышхо горэ уашъом къафыригъэхынэу
фэягъэх. [12] Исус ыгукIэ куоу хэщэтыкIи къыIуагъ:

–Джырэ цIыфхэр нэшэнэ гъэшIэгъонышхо сыд пае кIэупчIэхэра? Шъыпкъэр шъосэIо, Тхьэм джырэ цIыфхэм нэшэнэ гъэшIэгъонышхо зи къаритыщтэп.

[13] ЕтIанэ Исус ахэр къыгъанэхи, къуашъом итIысхьи, псыхъураем иадрабгъу зэпырыкIыжьыгъ.

## Фарисейхэм ятэджэпсырэ пачъыхьэ Ирод итэджэпсырэ

(Маттэ 16:5–12)

[14] Исус игъогу рыкIохэрэм икъун хьалыгъу къыздахьынэу
ащыгъупшэгъагъ. Къуашъом илъэу, зы хьалыгъу закъо нэмыкI зи къыздахьыгъэп. [15] Исус ахэмэ афигъэпытэу ариIуагъ:

–Шъуфэсакъ, фарисейхэм ятэджэпсырэ пачъыхьэ Ирод итэджэпсырэ защышъуухъум.

[16] –Хьалыгъу тиIэпышъ ары ащ зыкIиIорэр,– зэраIоу, игъогу рыкIохэрэр а Iофым тегущыIагъэх.

[17] Исус ахэмэ аIорэм гу лъити ариIуагъ:

–Хьалыгъу зэрэшъуимыIэм сыд пае шъутегущыIэрэ? Джыри зи зэхэшъумышIыкIэу ыкIи къыжъугурымыIоу ара? Ащ фэдизэу шъугуркъэу* шъущыта? [18] Нэ шъуиIэ
пэтми, шъумылъэгъоу ара? ТхьакIумэ шъуиIэ пэтми, зэхэшъумыхэу ара? [19] Шъугу къэкIыжьырэба, хьалыгъуитфыр цIыф минитфым зафызэгосэчым, хьалыгъу такъыр матэхэу сыд фэдиза арызэу шъуугъоижьыгъэхэр?

–Мэтэ пшIыкIутIу,– къыраIожьыгъ ахэмэ.

[20] –ХьалыгъуиблыриI цIыф миниплIым зафызэгосэчым, хьалыгъу такъыр матэхэу сыд фэдиза арызэу шъуугъоижьыгъэхэр?

–Мэтибл,– къыраIожьыгъ ахэмэ.

[21] –Джыри зи къыжъугурымыIоу ара?– ариIуагъ Исус ахэмэ.

---

8:17 гуркъэ – еплъ 3:5.

## Исус Вифсайдэ къуаджэм щыщэу лIы нэшъу горэ зэригъэхъужьыгъэр

22 ЕтIанэ Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ Вифсайдэ къу-
аджэм* къэкIуагъэх. ЦIыфхэм лIы нэшъу горэ Исус
къыфащи, теIэбэнэу елъэIугъэх. 23 Исус нэшъум
ыIэ ыубыти, къуаджэм дищыгъ. ЕтIанэ нэшъум ынэхэм
акIэужъунтхи, ыIэхэр нэшъум тырилъхьэхи еупчIыгъ:
–Зыгорэ олъэгъуа?
24 Нэшъум ышъхьэ къыIэти къыIуагъ:
–ЦIыфхэм къакIухьэу сэлъэгъух. Ахэр чъыгхэм афэ-
дэх.
25 ЕтIанэ Исус ыIэхэр джыри зэ нэшъум ынитIумэ
атырилъхьажьыгъэх. Ащ дэжьым лIым тэрэзэу ылъэ-
гъоу хъугъэ. Ар хъужьи, пстэури нафэу ылъэгъоу
хъужьыгъэ. 26 Ащ нэужым Исус а лIым риIуагъ:
–Къуаджэм удэмыхь, зыми зи емыIу.
ЕтIанэ ядэжь ыгъэкIожьыгъ.

## «Оры Христосыр», ыIуи, Петрэ Исус зэрэриIуагъэр

(Маттэ 16:13–20; Лука 9:18–21)

27 Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ Кайсарфилипие къа-
лэм* иIэгъо–благъо икъуаджэхэм алъэныкъомкIэ кIуа-
гъэх. КIохэзэ, Исус игъогу рыкIохэрэм яупчIыгъ:
–ЦIыфхэм сэ хэт сыщыщэу аIора?
28 –Зы купым о уумэхъэкIо Иуанэу аIо,– къыраIо-
жьыгъ ахэмэ. –НэмыкIхэми о упегъымбар Илясэу* аIо.
ЕтIанэ адрэхэми о пегъымбархэмэ уащыщ горэу аIо.
29 –Адэ шъори, сэ хэт сыщыщэу шъуIора?– яупчIыгъ
Исус ахэмэ.
–Оры Христосыр*,– ыIуи, Петрэ Исус къыриIожьыгъ.

---

8:22 Вифсайдэ къуаджэр – Вифсайдэ къуаджэр Иулиас зыцIэ къуаджэу Галилей псыхъураем итемыр тыгъэ къыкъокIыпIэ Iушъом Iутыгъэр арыщтын.

8:27 Кайсарфилипие къалэр – Галилей псыхъураем километрэ 40–кIэ пэчыжьэу, итемыр лъэныкъомкIэ итыгъ.

8:28 пегъэмбар Иляс – еплъ Маттэ 16:14.

8:29 Христос – еплъ Маттэ 1:17.

[30] Ащ дэжьым Исус ар зыми рамыIотэжьынэу ахэмэ афигъэпытагъ.

## Исус ежьыр зэраукIыщтри, лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыщтри къызэриIуагъэр

(Маттэ 16:21–28; Лука 9:22–27)

[31] Джащыгъум Исус игъогу рыкIохэрэм мырэущтэу
аригъашIэу ыублагъ:

–ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо* къиныбэ ыщэчын фаеу щыт. Нахьыжъхэми*, дин пэщэшхохэми*, Тэурат егъэджэкIо пащэхэми* ежьыр зэрамыпэсын ыкIи аукIын фаеу щыт, мэфищ нэужми лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьын фаеу щыт.

[32] Исус мы Iофхэр шъхьаихыгъэу къыIуагъэх. Джащы-
гъум Петрэ Исус зы лъэныкъокIэ Iуищи, фимыдэу ыу-
благъ.

[33] Ау Исус зыкъызэригъэзэкIи, игъогу рыкIохэрэм
яплъи, Петрэ егыигъ:

–Сауж икI, шэйтан! О уигупшысакIэ Тхьэм игупшысакIэу щытэп, цIыфым игупшысакIэу щыт нахь.

[34] ЕтIанэ Исус цIыф купышхомрэ игъогу рыкIохэрэм-
рэ къяджи ариIуагъ:

–Зыгорэ сэ сауж къырыкIонэу фаемэ, ежьыр зыфэе
Iофхэр къерэгъанэхи, лIэныгъэм икъащ къерэшти, сауж
къырэрэкIу; [35] сыда пIомэ хэти зыпсэ мыкIодэу къэзы-
гъэнэжьынэу фаем ыпсэ шIокIодыщт, ау хэти сэщ пае-
рэ къэбарышIум* паерэ зыпсэ зышIокIодрэм ыпсэ мы-
кIодэу къыгъэнэжьыщт. [36] Дунаер зэкIэ зы цIыфым ие
хъоу, ежьыр кIодмэ, ишIуагъэу къэкIощтыр сыда? [37] ЦIы-

---

8:31 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ Маттэ 8:20.

8:31 нахьыжъхэр – еплъ Маттэ 16:21.

8:31 дин пэщэшхохэр – еплъ Маттэ 2:4.

8:31 Тэурат егъэджэкIо пащэхэр – еплъ Маттэ 2:4.

8:35 къэбарышIур – Исус Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур ары. Тхьэм пегъымбархэм ягущыIэкIэ цIыфхэр къызэригъэгугъэгъэ Iофхэр Исус Христос Iофэу ышIагъэмкIэ къыыгъэшъыпкъэжьхэзэ ыгъэхъугъэх, арэущтэуи цIыфхэр мыкIодхэу къызэригъэнэжьыщтхэ гъогу афишIыгъ.

фым ыпсэ пае уасэу сыд ытышъущтыр? 38 Джырэ цIыф-
хэу Тхьэр зымышIэхэу, псэкIод зышIэхэрэм ащыщэу хэти
сэррэ сэ сигущыIэхэмрэ къыттеукIытыхьэрэм, сэ ЦIыф
Лъэпкъым Ыкъуи а цIыфым сытеукIытыхьажьыщт, мэ-
лэIич лъапIэхэр сигъусэхэу сэ Сятэ ищытхъушхо фэдэ
щытхъушхо сиIэу сыкъызыкIожькIэ.

## ЯБГЪОНЭРЭШЪХЬ

–Шъыпкъэр шъосэIо,– ариIуагъ Исус ахэмэ, –Тхьэм и Тетыгъошхо* лъэкIыныгъэшхокIэ къэкIуагъэу алъэгъуфэ, мыщ дэжьым щыт цIыфхэм ащыщхэу заулэм лIэныгъэр алъэгъущтэп.

### Исус итеплъэ зэрэзэрихъокIыгъэр

(Маттэ 17:1–13; Лука 9:28–36)

2 Мэфих зытешIэ ужым, Исус Петри, Якъуби, Иуани
зыдищэхи, зы Iошъхьэ лъагэ горэм язакъоу дищэя-
гъэх. Джащыгъум ахэмэ апашъхьэ Исус итеплъэ щызэри-
хъокIыгъ. 3 Дунаим тет гыкIакIо горэм щыгъынхэр
фыжьэу зэригыкIышъущтхэм нахьи, Исус ищыгъынхэр
нахь фыжьыбзэу, къэлыдэу хъугъэх. 4 Ащ дэжьым пе-
гъымбархэу Илясрэ Мусэрэ ахэм къафэлъэгъуагъэх,
ахэри Исус къыдэгущыIэхэу щытыгъэх.

5 –Равви, мыщ дэжьым тызэрэщыIэр дэгъу,– ыIуи,
Петрэ Исус къыриIуагъ. –Чэлищ щыдгъэIэн, ощ пае зы,
Мусэ пайий зы, Иляс пайий зы.

6 Петрэ ыIон ышIагъэп; сыда пIомэ ахэр щтагъэхэти
ары.

7 Джащыгъум зы ошъуапщэ къакIуи къашъхьэщы-
хьагъ. Ошъуапщэм зы макъэ горэ къыхэIукIыгъ:

–Мары сэ шIу слъэгъурэ Скъо кIасэр. Ащ ыIорэм
шъуедэIу.*

---

9:1 Тхьэм и Тетыгъошхо – еплъ 1:15.

9:7 Мары сэ шIу слъэгъурэ Скъо кIасэр. Ащ ыIорэм шъуедэIу! – еплъ Сэбур (Псалтыр) 2:7; Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 22:2 ыкIи ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 18:15.

8 ОшIэ–дэмышIэу, зызэплъэкIыжьхэм, ахэмэ ягъусэу
Исус нэмыкI зи алъэгъужьыгъэп.

9 Ахэр Iуашъхьэм къехыжьхэзэ, ежьырэу ЦIыф Лъэ-
пкъым Ыкъо лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыфэ, алъэгъу-
гъэр зыми рамыIотэжьынэу Исус унашъо афишIыгъ. 10 А
гущыIэхэр агу раубытагъэх, «ЛIагъэхэм къахэтэджы-
кIыжьынэу Исус зыфиIуагъэм къыригъэкIыгъэр сыда?»
аIозэ зэупчIыжьыгъэх.

11 Ахэр Исус къеупчIыгъэх:

–Тэурат егъэджэкIо пащэхэм ыпэ рапшIэу пегъымбар
Иляс къэкIон фаеу аIоу, сыда зыкIаIорэр?

12 –Шъыпкъэ, ыпэ рапшIэу Иляс къэкIонышъ, Iоф
пстэури тэрэзэу зэтыригъэуцожьын фае,– ариIожьыгъ
Исус, –ау Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,
ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къиныбэ ыщэчын фаеу щыт,
цIыфхэми зэрамыпэсын фаеу щыт. 13 Ау сэ шъосэIо,
Иляс къэкIогъах,* Iоф бзэджагъэу ежьым рашIэнхэу
зыфэягъэхэри рашIагъэх, ежьым ехьылIагъэу Тхьэм игу-
щыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу.

## Исус джынапцIэ зыхэс кIалэ горэ зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 17:14–20; Лука 9:37–43а)

14 Исусрэ игъусищрэ адрэ нэбгырэхэу игъогу ры-
кIохэрэм адэжь къызагъэзэжьым, цIыф купышхом ахэр
къауцухьагъэхэу, Тэурат егъэджэкIо пэщэ куп ахэмэ
къянэкъокъухэу алъэгъугъэх. 15 Исус къызалъэгъум,
цIыф купышхом зэкIэ агъэшIагъуи, къыбгъодэлъадэхи,
шIуфэс къырахыгъ.

16 –Сыдым ехьылIагъэу ахэмэ шъуянэкъокъура?–
яупчIыгъ Исус игъогу рыкIохэрэм.

17 ЦIыф купышхом хэтэу зыгорэм къыриIуагъ:

–Дин гъэсакIу, джынапцIэу сэ сикIалэ бзако зышIы-
рэр хэсти, къыпфэсщагъ. 18 ДжынапцIэр кIалэм къыха-
хьэ къэс, чIыгум къытыредзэ. ЫIупс къыIутIэтIэу, ыцэ-
хэр зэригъэшхыхэу зэтекъэ. О уигъогу рыкIохэрэм

---

9:13 Иляс къэкIогъах – Исус зыфиIуагъэр умэхъэкIоу Иуан (Яхьяр) ары. Иуан Христос игъогу ыгъэпсынэу Тхьэм къызэригъэгугъэгъэ пегъымбар Иляс ары. Еплъ Маттэ 16:14.

джынапцIэр хафынэу сялъэIугъ, арышъхьакIэ ахэмэ ар
хафын алъэкIыгъэп.
19 –Еоой, шъо джырэ цIыфхэу шIошъхъуныгъэ зимы-
Iэхэр,– ариIожьыгъ Исус. –Сыд фэдизрэ сышъухэтын
фая? Сыд фэдизрэ шъусщыIэн фая? А кIалэр къысфа-
шъущ.
20 Ахэмэ кIалэр Исус къыфащагъ. Ау джынапцIэм
Исус зэрилъэгъоу, кIалэр къыгъэкIэзэзыгъ. КIалэр чIы-
гум къытефи, Iупсыр къыIутIэтIэу укIорэигъэ.
21 –Сыд фэдиз хъугъэу мыщ фэдэу щыта?– еупчIыгъ
Исус кIалэм ятэ.
–ИцIыкIугъэ къыщегъэжьагъэу арэущтэу щыт,– къы-
Iожьыгъ ятэ. 22 –ДжынапцIэм ар ыгъэкIодыным пае,
машIоми псыми бэрэ ахидзэщтыгъ. Зыгорэ пшIэн плъэ-
кIымэ, гукIэгъу къытфэшIи къыддэIэпыI.
23 –«Зыгорэ пшIэн плъэкIымэ», оIо,– риIуагъ Исус а
лIым. –ШIошъхъуныгъэ зиIэм сыдрэ Iофи ышIэн елъэ-
кIы.
24 Ардэдэм кIалэм ятэ къэкууагъ:
–Сэ сшIошъ мэхъу, сишIошъмыхъуныгъэ сытекIонэу
къыздэIэпыI, тхьаматэ.
25 Исус цIыф купышхо къэзэрэугъоигъэу зелъэгъум,
джынэпцIэ Iаем егыий риIуагъ:
–О, цIыфхэр бзакоу ыкIи дэгоу зышIырэ джынапцI,
унашъо къыпфэсэшIы, мы кIалэм хэкIыжьи, ныбжьи
укъыхэмыхьажь.
26 ДжынэпцIэ Iаер къыхэкуукIи, кIалэр лъэшэу къы-
гъэкIэзэзи хэкIыжьыгъ. КIалэр хьадэм фэдэу хъугъэ.
Арыти, а цIыфхэм ащыщыбэхэм, «Ар лIагъэ»
аIуагъ. 27 Ау Исус кIалэм ыIэ къыубыти, ылъакъохэм
атыригъэуцуагъ, кIалэри къэтэджыжьыгъ.
28 Ащ ыужым Исус унэ горэм зехьэм, игъогу рыкIохэрэм
язакъоу къызынэжьхэм, къеупчIыгъэх:
–Сыд пае а джынапцIэр тэ хэтфын тымылъэкIыгъа?
29 –Мыщ фэдэ лъэпкъыр тхьэлъэIунымрэ нэкIынымрэ
афэшъхьафкIэ цIыфым хэпфышъущтэп,– ариIожьыгъ Исус.

### Исус ежьыр зэраукIыщтри, лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыщтри ятIонэрэу къызэриIуагъэр
(Маттэ 17:22–23; Лука 9:43б–45)

30 Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ а чIыпIэм икIыхи,
Галилей хэкум кIоцIырыкIыгъэх. Ахэр зыдэщыIэхэр Исус
зыми къышIэнэу фэягъэп, 31 сыда пIомэ игъогу рыкIо-
хэрэм Iофхэр аригъашIэщтыгъэхэти ары. Ахэмэ мырэу-
щтэу ариIуагъ:
–ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо цIыфхэм аIэкIэхьанышъ,
ахэмэ ежьыр аукIыщт, ау заукIы ужым, мэфищ те-
шIагъэу лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыщт.
32 Ау игъогу рыкIохэрэм а гущыIэхэм къарыкIырэр
къагурыIуагъэп, ежьым къеупчIынхэуи щынэщтыгъэх.

### Хэта анахь ин дэдэр?
(Маттэ 18:1–5; Лука 9:46–48)

33 Капернаум къалэм къэкIожьыгъэх. Унэм зехьэхэм,
Исус игъогу рыкIохэрэм яупчIыгъ:
–Гъогум шъузытетым, сыда шъузытегущыIагъэр?
34 Ау ахэмэ заушъэфыгъ, сыда пIомэ ахэр гъогум зы-
тетхэм, «Тэ тщыщэу хэт анахь ин дэдэр», аIоти зэнэ-
къокъущтыгъэх.
35 Исус тIыси, игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIум
къяджи ариIуагъ:
–Зыгорэ апэ итынэу фаемэ, ар ауж дэдэу хъун фае, пстэу-
ми Iофтабгэуи афэхъун фае.
36 Зы сабый горэм ыIэ къыубыти, агузэгу ригъэуцуи,
IаплI рищэкIи ариIуагъ:
37 –Хэти мыщ фэдэ сабыир сэ сцIэкIэ къезыгъэбла-
гъэрэм сэ сыригъэблэгъагъэу мэхъу; хэти сэ сезыгъэ-
благъэрэми сэ сизакъоу арэп ригъэблагъэрэр, сэ сыкъэ-
зыгъэкIуагъэри ары.

### Къытпэмыуцурэр тигъус
(Лука 9:49–50)

38 –Дин гъэсакIу, лIы горэм о пцIэкIэ джынапцIэхэр
цIыфхэм ахифхэу тлъэгъугъэ,– ыIуи, Иуан Ису къы-

риIуагъ. –Ар тэ зэрэтщымыщым пае зэтетIэжьэнэу
тыпылъыгъ.

39 –Зэтешъумыlажь ар,– къыIуагъ Исус, –сыда пIомэ
сэ сцIэкIэ Iофышхо гъэшIэгъон зышIэрэр ащ лъыпытэу
IэягъэкIэ къыстегущыIэн ылъэкIыщтэп. 40 Сыда пIомэ
тэ къытпэмыуцурэр тигъусэшъ ары. 41 Шъыпкъэр шъо-
сэIо, Христос игъогу шъузэрэрыкIорэм пае, зы псы
шъуалъэ шъуезыгъашъорэм ифэшъошэ Iэхьыш Iу шIо-
кIодыщтэп.

## ЦIыфхэм псэкIод ашIэнэу дэзыхьыхырэ Iофхэр

(Маттэ 18:6–9; Лука 17:1–2)

42 –Мы цIыкIухэм ащыщэу сэркIэ шIошъхъуныгъэ
зиIэм псэкIод ышIэнэу хэти дэзыхьыхрэм ыпшъэтыкъ
мыжъо шъхьал кIэрашIэу, хым хадзагъэмэ, ежьымкIэ
нахьышIущтыгъ. 43,44 О пIэ псэкIод пшIэнэу удихьыхмэ,
пыупкIыжь. УIитIу псаоу джэхьнэмэу цIыфылыр зышхы-
щтэу, хьамлыухэр зыщымылIэжьыщтэу, зимашIуи мы-
кIосэжьыщтым* укIоным нахьи, уIащэу мыкIодыжьын
щыIэныгъэ бгъотыныр оркIэ нахьышIу. 45,46 О плъакъуи
псэкIод пшIэнэу удихьыхмэ, пыупкIыжь. ПлъэкъуитIу
псаоу джэхьнэмэу цIыфылыр зышхыщтэу, хьамлыухэр
зыщымылIэжьыщтэу, зимашIуи мыкIосэжьыщтым упа-
дзэным нахьи, улъащэу мыкIодыжьын щыIэныгъэ бгъо-
тыныр оркIэ нахьышIу. 47,48 Ащ фэдэуи, о унэ псэкIод
пшIэнэу удихьыхмэ, къитхъыжь. УнитIу псаоу джэхь-
нэмэу цIыфылыр зышхыщтэу, хьамлыухэр зыщымылIэ-
жьыщтэу, зимашIуи мыкIосэжьыщтым упадзэным нахьи,
зы нэ нахь уимыIэми, Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ
учIэхьаныр оркIэ нахьышIу. 49 Тхьэм хэтрэ цIыфи
машIокIэ ыщыущт, сыдрэ къурмэныпхъэри щыгъукIэ
ащыущт.

50 –Щыгъур дэгъу. Ау щыгъум ищыугъэ хэкIымэ, сы-
дэущтэу ищыугъэ хэшъулъхьажьыщт? Щыугъэ зыхэжъу-
гъэлъ, шъузэгурыIоуи шъузэдэпсэу.

---

9:43 хьамлыухэр зыщымылIэжьыщтэу, зимашIуи мыкIосэжьыщтыр – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 66:24.

# ЯПШIЭНЭРЭШЪХЬ

## Шъхъэгъусэ тIупщыжьыным ехьылIагъ
(Маттэ 19:1–12)

Исус а лъэныкъом икIыжьи, Иудей хэкоу Иордан псыхъом иадрабгъу щыIэм кIуагъэ. Джыри зэ цIыф купышхохэр ыдэжь къыщызэрэугъоигъэх, зэрихабзэуи Исус ахэмэ Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэхэу ыублагъ.

2 Джащыгъум фарисей заулэ Исус къыбгъодахьэхи, ежьыр хагъэукъоным пае, къеупчIыгъэх:

–ЛIым ишъуз ытIупщыжьыныр хабзэкIэ хъущта?

3 –Пегъымбар Мусэ унашъоу сыда къышъуфишIыгъэр?– ариIожьыгъ Исус ахэмэ.

4 –ЛIы горэм ишъуз зэритIупщыжьырэ тхылъ ытхымэ, шъузыр ытIупщыжьынэу пегъымбар Мусэ фит ышIыгъ*,– къаIожьыгъ ахэмэ.

5 –Шъуигуркъагъэ* пае пегъымбар Мусэ а унашъор
къышъуфитхыгъ,– ариIожьыгъ Исус ахэмэ. 6 –Ау убла-
пIэм дэжь Тхьэм щыIэр зэкIэ къызегъэхъум, цIыфхэр
«хъулъфыгъэрэ бзылъфыгъэрэ къыгъэхъугъэх»*. 7 «Ащ
къыхэкIыкIэ* лIыр ятэ–янэхэм ахэкIынышъ, ишъуз
гъусэ фэхъунышъ, 8 итIур зыпкъы хъущтых». Арэу-
щтэу ахэр зыпкъых нахь, пкъитIоу хъужьхэрэп. 9 Арышъ,
а тIоу Тхьэм гъусэ зэфишIыгъэхэр цIыфым зэгуигъэ-
кIыжьы хъущтэп.

10 ЕтIанэ унэм исхэу, игъогу рыкIохэрэр а IофымкIэ
Исус къеупчIыгъэх. 11 Исус ариIуагъ:

–Хэтми зишъуз зытIупщыжьэу, нэмыкI бзылъфыгъэ
къэзыщэжьырэм апэрэ шъузымкIэ зинэ ышIагъэу
мэхъу. 12 Шъузыри илI гокIыжьэу нэмыкI лIы горэм
дэкIожьмэ, ащи зинэ ышIагъэу мэхъу.

---

10:4 Мусэ фит ышIыгъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 24:1.

10:5 гуркъагъэ – еплъ 3:5.

10:6 хъулъфыгъэрэ бзылъфыгъэрэ къыгъэхъугъэх – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 1:27.

10:7–8 Ащ къыхэкIыкIэ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 2:24.

## Исусрэ сабыйхэмрэ

(Маттэ 19:13–15; Лука 18:15–17)

13 ЕтIанэ цIыфхэм сабыйхэр Исус къыфащагъэх, Тхьэм
ынэшIу ахэмэ къащифэным пае, Исус ахэмэ атеIэбэнэу.
Ау Исус игъогу рыкIохэрэм афадагъэп. 14 Исус ащ гу зы-
лъетэм, ыгу ябгъэу ариIуагъ:

–Сабыйхэр садэжь къэрэкIох, зи яшъумыIоу, сыда
пIомэ ащ фэдэхэр Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэ-
тых. 15 Шъыпкъэр шъосэIо, сабыим Тхьэм и Тетыгъошхо
зэридэрэм фэдэу, хэтми Тхьэм и Тетыгъошхо зымыдэрэр
а Тетыгъошхом ыIэчIэгъ чIэхьащтэп.

16 ЕтIанэ Исус сабыйхэм IаплI арищэкIи, ыIэхэр аты-
рилъхьэхи, Тхьэм ынэшIу къащифэнэу афелъэIугъ.

## ЛIы баир

(Маттэ 19:16–30; Лука 18:18–30)

17 Исус гъогум зытехьажьым, зы лIы горэ ыдэжь
къачъи, лъэгонджэмышъхьэкIэ ыпашъхьэ къитIысхьи къе-
упчIыгъ:

–Дин гъэсэкIо дэгъу, мыкIодыжьын щыIэныгъэ
IэхьышIоу къыслъысыным пае, сыда сшIэщтыр?

18 –Сыда дэгъукIэ укъызкIысаджэрэр?– риIожьыгъ Исус
а лIым. –Тхьэм нэмыкIэу зи дэгъу щыIэп. 19 Тхьэм иуна-
шъохэр ошIэх: «ЦIыф умыукI, зинэ умышIэ, умытыгъу,
нэмыкI цIыфхэм пщIы атемылъхь, цIыфхэм яIэр гъэ-
пцIэныгъэкIэ къатемых, уятэрэ уянэрэ лъытэныгъэ
афэшI».

20 –Дин гъэсакIу,– къыриIожьыгъ а лIым Исус, –си-
кIэлэгъу къыщегъэжьагъэу ахэр зэкIэ сэгъэцакIэх.

21 Джащыгъум Исус а лIым еплъи, ыгу еIуи риIожьыгъ:

–Зы уищыкIагъ. КIуи, уиIэ пстэури щэжьи, ахъщэр
тхьамыкIэхэм ят. Джащыгъум уашъом мылъкушхо щы-
уиIэ хъущт. ЕтIанэ къащыр къашти, къакIуи, сауж
къырыкIу.

22 Ар Исус къызеIом, лIым ынэгу къызэIахьи, ыгу
къеоу IукIыжьыгъ, сыда пIомэ мылъкушхо иIагъэти
ары.

23 Исус зиплъыхьи, игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ:

–Мылъку зиӀэхэмкӀэ Тхьэм и Тетыгъошхо ыӀэчӀэгъ
чӀэхьанхэу сыдэу къин!

24 Исус игъогу рыкӀохэрэм а гущыӀэхэр зызэхаххэм,
лъэшэу агъэшӀэгъуагъ. Ау Исус джыри зэ ариӀуагъ:

–Синыбджэгъухэр, мылъкум щыгугъыхэрэмкӀэ Тхьэм
и Тетыгъошхо ыӀэчӀэгъ чӀэхьанхэр сыдэу къин! 25 Баир
Тхьэм и Тетыгъошхо ыӀэчӀэгъ чӀэхьаным нахьи, ма-
хъшэр мэстанэм икӀыныр нахь ӀэшӀэх.

26 Исус игъогу рыкӀохэрэм ар нахьыбэу агъэшӀагъуи
зэраӀожьыгъ:

–Арэущтэу щытмэ, ежьым зимыгъэкӀодэу, хэт зыкъэ-
зыгъэнэжьын зылъэкӀыщтыр?

27 Исус ахэмэ яплъи къыӀуагъ:

–ЦӀыфхэм ежьхэм замыгъэкӀодэу зыкъагъэнэжьын алъэ-
кӀырэп, ау Тхьэм елъэкӀы; сыда пӀомэ Тхьэм ымылъэ-
кӀын Ӏоф зи щыӀэп.

28 –Мо къэдаӀолъ, тэ тиӀэгъэ пстэури къэдгъани, о
уауж тыкъырыкӀуагъ,– ыӀуи, Петрэ Исус риӀоу ыублагъ.

29,30 –Шъыпкъэр шъосэӀо,– къыӀуагъ Исус, –хэт щыщми
е зиунэ, е зышхэр, е зышыпхъухэр, е зянэ, е зятэ, е зишъуз,
е зибынхэр, е зичӀыгухэр сэщ паерэ къэбарышӀум* паерэ
къэзыгъэнагъэу, джы мы дунаем унэхэр, шыхэр,
шыпхъухэр, ныхэр, бынхэр, чӀыгухэрэ фэдишъэу щы-
зымыгъотыжьыщт цӀыф зи щыӀэп, а цӀыфыми къи-
ныбэ рагъэщэчыщт. Адрэ дунаеми мыкӀодыжьын щы-
Ӏэныгъэ щыриӀэ хъущт. 31 Ау апэ итхэм ащыщхэу бэхэр
ауж къинэщтых, ауж итхэри апэу хъущтых.

## Исус ежьыр зэраукӀыщтри, лӀагъэхэм къызэрахэтэджыкӀыжьыщтри ящэнэрэу къызэриӀуагъэр

(Маттэ 20:17–19; Лука 18:31–34)

32 Ерусалим дэкӀуаехэу гъогум зытетхэм, игъогу ры-
кӀохэрэм апэ итэу Исус кӀуагъэ. Ахэмэ агъэшӀагъоу,
щынагъо агухэм арылъэу, ыуж итхэу кӀощтыгъэх. Исус
джыри зэ игъогу рыкӀорэ нэбгырэ пшӀыкӀутӀур зы лъэ-

---

10:29–30 къэбарышӀур – еплъ 8:35.

нықъоқӀэ Ӏуищыхи, ежьым къехъулӀэщтыр ариӀоу
ыублагъ.
[33] –Мары, тэ джы ЕрусалимкӀэ тыдэкӀуае,– ыӀуагъ. –Ащ
дэжьым ЦӀыф Лъэпкъым Ыкъо дин пэщэшхохэмрэ Тэу-
рат егъэджэкӀо пащэхэмрэ аӀэкӀэхьащт. Ахэмэ ежьым
укӀ къытыралъхьащт, хымэ лъэпкъхэми* аӀэкӀалъхьащт.
[34] Ахэр къыкӀэнэкӀэщтых, къытеужъунтхэщтых, къа-
мыщкӀэ къеощтых ыкӀи аукӀыщт. Мэфищ нэужми ежьыр
лӀагъэхэм къахэтэджыкӀыжьыщт.

## Якъубэрэ Иуанрэ Ӏофэу Исус зыкӀелъэӀугъэхэр

(Маттэ 20:20–28)

[35] Зеведей ыкъохэу, Якъубэрэ Иуанрэ Исус къыбгъо-
дахьэхи къыраӀуагъ:
–Дин гъэсакӀу, тэ тыкъызэрэолъэӀущтыр къытфэ-
пшӀэнэу тыфай.
[36] –Сыда къышъуфэсшӀэнэу шъузыфаер?– ариӀуагъ
Исус.
[37] –О уищытхъушхо къызыскӀэ, зыр уиджабгъукӀэ адрэр
уисэмэгубгъукӀэ тыкъэтӀысынэу фит тыкъэшӀ,– къыра-
Ӏожьыгъ ахэмэ.
[38] –Шъо шъузыкӀэлъэӀурэр шъушӀэрэп,– ариӀуагъ Исус.
–Сэ сызэшъощт къиныгъэм ишъуалъэ итым шъо шъуе-
шъон шъулъэкӀыщта, хьауми цӀыфхэм Ӏаеу сызэраумэ-
хъыщт шӀыкӀэм фэдэу, зяжъугъэумэхъын шъулъэкӀы-
щта?
[39] –ТлъэкӀыщт,– къыраӀожьыгъ ахэмэ.
–Сэ сызэшъощт къиныгъэм ишъуалъэ итым шъори
шъуешъощт,– ариӀуагъ Исус. –ЦӀыфхэм сэ Ӏаеу сы-
зэраумэхъыщт шӀыкӀэм фэдэу, шъори шъуаумэхъыщт.
[40] Ау сэ сиджабгъукӀэ е сисэмэгубгъукӀэ шъукъэтӀы-
сынэу фит шъусшӀын слъэкӀыщтэп. А тӀысыпӀэхэр
цӀыфхэу Тхьэм зыфигъэхьазырыгъэхэм яй.
[41] Адрэ нэбгырипшӀэу Исус игъогу рыкӀохэрэм ар зы-
зэхахым, Якъубрээ Иуанрэ афэгубжыгъэх. [42] Ащ дэжьым
Исус игъогу рыкӀохэрэм къяджагъ.
–Шъо шъошӀэ,– ариӀуагъ Исус, –мы дунаем пщы-

---

10:33 хымэ лъэпкъхэр – мыщ дэжьым ащ къикӀырэр Рим (Рум)
и цӀыфхэу тетыгъо зиӀэхэр ары.

кIэ щызаджэхэрэр цIыфхэм апшъэ зэрэдэсхэрэри, ятхьа-
матэхэм цIыфхэм тетыгъо зэряфыряIэри шъошIэ. 43 Шъо
шъуазыфагу арэп зэрэщытын фаер. Шъуащыщэу ин хъу-
нэу фаер Iофтабгэу къышъуфэхъун фае. 44 Шъуащыщэу
апэ итынэу фаери пстэуми пщылI афэхъун фае. 45 Сы-
да пIомэ ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо* цIыфхэм яшIуагъэ
ежьым зэригъэкIыжьыныр арэп къызфэкIуагъэр, ежьым
ишIуагъэ цIыфхэм аригъэкIыныр, цIыфыбэхэми апае
ыпсэ шъхьэщэфыжьэу ытыныр ары нахь.

## Исус Вартимей зыцIэ нэшъур зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 20:29–34; Лука 18:35–43)

46 Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ Ерихон къалэм* къэ-
кIуагъэх. ЦIыф купышхо ягъусэу ахэр къалэм зыдэкIы-
жьхэм, Тимей ыкъоу Вартимей зыцIэу, зы лъэIокIо
нэшъу горэ гъогу напцэм Iусыгъ. 47 Назарет щыщ
Исус зэрэблэкIырэр зызэхехым, мэкъэшхокIэ къэ-
джагъ:

–Даутэ Ыкъо* Исус, гукIэгъу къысфэшI!

48 ЦIыфыбэхэм амыдэу «Щыгъэт!» раIуагъ. Ау ар джыри
нахь мэкъэшхокIэ къэджагъ:

–Даутэ Ыкъу, гукIэгъу къысфэшI!

49 Исус къызэтеуцуи къыIуагъ:

–Мо шъукъедж.

–Умыщын, къэтэдж, ежьыр къыоджэ,– аIуи, нэшъум
къеджагъэх. 50 Нэшъум ищыгъын кIыIутелъ зытыридзы-
жьи, къызщылъэти Исус ыдэжь къэкIуагъ.

51 –Сыда къыпфэсшIэнэу узыфаер?– риIуагъ Исус
а лIым.

–Равви, сынэхэр къэгъэплъэжьых,– къыриIуагъ
нэшъум.

52 –КIожь,– риIуагъ Исус. –О уишIошъхъуныгъэ уи-
гъэхъужьыгъ.

Ардэдэм нэшъум ынэхэр къэплъэжьыгъэх, Исуси
ыуж итэу гъогум техьагъ.

---

10:45 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ Маттэ 8:20.

10:46 Ерихон къалэр – еплъ Маттэ 20:29.

10:47 Даутэ Ыкъо – еплъ Маттэ 9:27.

# ЯПШЫКІУЗЭНЭРЭШЪХЬ

## Щытхъушхо иІэу, Исус Ерусалим зэрэдэхьагъэр

(Маттэ 21:1–11; Лука 19:28–40; Иуан 12:12–19)

Исусрэ игъогу рыкІохэрэмрэ Ерусалим игъунэгъу
хъугъэх. Елеон Іуашъхьэм* Іус къуаджэхэу Виффагиерэ
Вифаниерэ къызынэсхэм, Исус игъогу рыкІохэрэм ащыщ-
хэу нэбгыритІу апэ ыгъэкІуагъэх, [2] мырэущтэу ариІозэ:

–ШъуапэкІэ ит къуаджэм шъудахь. Шъузэрэдахьэу, щыд
къунанэу зы цІыф горэ ныбжьи зытемытІысхьагъэр
епхыгъэу шъуапэ къифэщт. Ар къыкІэрышъутІэтыкІи,
мо къашъущэ. [3] «Сыда шъушІэрэр?» ыІоу, зыгорэ къы-
шъоупчІымэ, «Зиусхьаныр ащ фай», ешъуІуи, занкІэу
къэшъущэнэу фит шъуишІыщт.

[4] Ахэр кІохи, урамым тетэу къэлапчъэ горэм епхы-
гъэу, щыд къунан горэ къагъоти, къыкІэратІэтыкІыгъ.
[5] А чІыпІэм щытхэм ащыщхэм къараІуагъ:

–Сыд пае а щыд къунаныр къыкІэрышъутІэтыкІыра?

[6] Исус зэриІуагъэм фэдэу пэгъокІ аратыжьи, адрэхэм
щыд къунаныр ащэнэу фит къашІыгъэх. [7] Щыд къунаныр
Исус ыдэжь къащи, ящыгъынхэр тыралъхьагъэх. ЕтІанэ
Исус щыд къунаным тетІысхьагъ. [8] ЦІыфыбэхэм ящы-
гъынхэр гъогум тыраубгъощтыгъэх, нэмыкІхэми чъыг
къутамэхэр хатэхэм къащыпаупкІыхэти, гъогум тыра-
лъхьэщтыгъэх. [9] ЦІыфхэу Исус ыпэ итхэу кІощтыгъэ-
хэми, ыуж итхэу кІощтыгъэхэми мэкъэшхокІэ аІощтыгъ:

–Хьусаннэ!* Зиусхьаным ыцІэкІэ къакІорэм щы-
тхъушхор ий!
[10] Тятэшхоу Даутэ и Тетыгъоу къэкІощтым щытхъу-
шхор ий!
Хьусаннэ! Анахь Иным щытхъушхор ий!*

[11] Исус Ерусалим дахьи, Тхьэм иунэшхо чІэхьагъ.
Зэпстэури къызеплъыхьэм ыуж, мафэр хэкІотагъэти,
къалэм дэкІи, игъогу рыкІорэ нэбгырэ пшІыкІутІур
игъусэхэу Вифание къуаджэм кІуагъэ.

---

11:1 Елеон Іуашъхьэр – еплъ Маттэ 21:1.

11:9 Хьусаннэ – щытхъу гущыІэ ары.

11:9–10 Еплъ Сэбур (Псалтыр) 118:25–26 (урыс библиемкІэ 117:25–26).

## Исус ынджыр чъыгым зэребгъыгъэр
(Маттэ 21:18–19)

12 ЯтIонэрэ мафэм Вифанием зыдэкIыжьхэм, Исус
къэмэлэкIагъ. 13 Тхьапэхэр зыпыт ынджыр чъыг чыжьэ-
кIэ зелъэгъум, зыгорэ пытмэ еплъынэу кIуагъэ. Чъыгым
зынэсым, тхьапэ нэмыкI зи пымытэу къычIэкIыгъ, сыда
пIомэ ынджырым игъо щытыгъэпти ары. 14 Арэущтэу
зэхъум, Исус чъыгым риIуагъ:

–Непэ щегъэжьагъэу о къыппыкIэу егъашIэми зыми
зи ерэмышх.

Игъогу рыкIохэрэм Исус къыIуагъэр зэхахыгъ.

## Исус щэн–щэфакIохэр Тхьэм иунэшхо къызэрэчIифыгъэхэр
(Маттэ 21:12–17; Лука 19:45–48; Иуан 2:13–22)

15 ЕтIанэ Ерусалим нэсыгъэх. Исус Тхьэм иунэшхо
чIахьи, щэн–щэфакIохэу ащ чIэтхэр* къычIифыхэу ыу-
благъ. Ахъщэ зыхъожьхэрэм* яIанэхэмрэ, тхьаркъо зыщэ-
хэрэм япхъэнтIэкIухэмрэ зэпыригъэзагъэх. 16 Тхьэм иунэшхо
кIоцIыкIэ зыми зи щызэпырихынэу ыдагъэп. 17 ЦIыфхэм
шъыпкъэр аригъашIэзэ, мыщ фэдэу ариIуагъ:

–Тхьэм къызэриIорэр игущыIэ тхыгъэхэм арытба:* «Сэ
сиунэ лъэпкъ пстэуми тхьэлъэIупIэу афэхъущт?» Ау
шъо «хъункIэкIо гъэбылъыпIэм»* фэдэу шъушIыгъэ.

18 Дин пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ
Исус къыIуагъэхэр зызэхаххэм, ежьыр зэрагъэкIодыщт
шIыкIэм лъыхъухэу аублагъ; сыда пIомэ Исус Iофхэу
аригъашIэщтыгъэхэр цIыф купышхом ыгъэшIагъохэти,
дин пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ Исус
щыщынэщтыгъэх.

19 ЕтIанэ пчыхьэр къызэсым, Исусрэ игъогу рыкIохэ-
рэмрэ къалэм дэкIыжьыгъэх.

---

11:15 щэн–щэфакIохэу ащ чIэтхэр – еплъ Маттэ 21:12.

11:15 ахъщэ зыхъожьхэрэр – еплъ Маттэ 21:12.

11:17 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытба? – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 56:7.

11:17 хъункIэкIо гъэбылъыпIэ – еплъ Пегъымбар Иеремие тхылъэу ытхыгъэм 7:11.

## Ынджыр чъыгэу гъугъэр
(Маттэ 21:20–22)

[20]Пчэдыжьым ынджыр чъыгым къызыблэкIыжьхэм,
ылъапсэ нэсэу ар зэрэгъугъэр алъэгъугъ. [21]Петрэ ащ
дэжьым Исус ыIогъагъэр ыгу къэкIыжьи къыриIуагъ:
–Равви, еплъ, ынджыр чъыгэу узэбгыгъэр гъугъэ!
[22]–ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ шъугухэм арыжъу-
гъэлъ,– ариIожьыгъ Исус ахэмэ. [23]–Шъыпкъэр шъо-
сэIо, зыгорэм ыгу щэч къыримыгъахьэу, къыIорэр хъун-
кIэ шIошъхъуныгъэ иIэу, мы Iуашъхьэм, «ЗыкъэIэти
хым зыхадз», зиIокIэ, ар къыдэхъущт. [24]Арышъ, шъо-
сэIо, сыд щыщкIи Тхьэм шъуелъэIумэ, Тхьэм ар къы-
зэрэшъуфишIэщтымкIэ шIошъхъуныгъэ шъугухэм ары-
жъугъэлъи, къышъуфишIэщт. [25]Тхьэм шъузелъэIукIи,
гукъанэ зыгорэм фышъуиIэмэ фэжъугъэгъу, Шъуятэ
лъапIэу уашъом щыIэм шъо мыхъунхэу шъушIагъэхэр
къышъуфигъэгъунхэм пае. [26]Ау шъо ащ фэшъумы-
гъэгъумэ, Шъуятэ лъапIэу уашъом щыIэм шъо мы-
хъунхэу шъушIагъэхэри къышъуфигъэгъущтхэп.

## Джурт тхьаматэхэр Исус итетыгъо къезытыгъэмкIэ къызэреупчIыгъэхэр
(Маттэ 21:23–27; Лука 20:1–8)

[27]Джыри зэ Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ Еруса-
лим къэкIожьыгъэх. Исус Тхьэм иунэшхо къыкIухьэзэ,
дин пэщэшхохэмри, Тэурат егъэджэкIо пащэхэри, на-
хьыжъхэри къыбгъодахьэхи, [28]къыраIуагъ:
–Мы Iофхэр пшIэнхэу фитыныгъэр тыда къыздипхы-
гъэр, е ахэр пшIэнхэу тетыгъор хэта о къыозытыгъэр?
[29]–Сэри шъо зы Iоф горэкIэ сышъоупчIыщт,– ариIу-
агъ Исус. –ПэгъокI къысэшъутыжьмэ, сэри шъосIон
мы Iофхэр сшIэнхэу фитыныгъэр къыздисхыгъэр. [30]Иуан
цIыфхэр ыумэхъынхэу хэта къэзыгъэкIуагъэр? ЦIыфхэр
ара, хьауми Тхьэр ара? ПэгъокI къысэшъут.
[31]–«Тхьэр ары Иуан къэзыгъэкIуагъэр», тIомэ, ежьым
къытиIожьышт: «Адэ, сыд пае Иуан къыIуагъэхэр шъу-
шIошъ мыхъугъэха?»– аIозэ, ахэр зэупчIыжьыгъэх.
[32]–«ЦIыфхэр ары Иуан къэзыгъэкIуагъэхэр», етIожьы-

на?– ау ахэр цӀыфхэм ащыщынэщтыгъэх; сыда пӀомэ цӀыф пстэуми Иуан шъыпкъэу пегъымбарэу зэрэщытыгъэр алъытэщтыгъэти ары.
33 Арыти,

–ТшӀэрэп,– аӀуи, Исус къыраӀожьыгъ.

–Ащыгъум сэри шъосӀощтэп мы Іофхэр сшӀэнхэу фитыныгъэр къыздисхыгъэр,– ариӀожьыгъ Исус ахэмэ.

## ЯПШЪЫКӀУТӀОНЭРЭШЪХЬ

### СэнэшъхьэшӀэ бзаджэхэм яхьылӀэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

(Маттэ 21:33–46; Лука 20:9–19)

Исус гъэсэныгъэ тхыдэхэмкӀэ цӀыфхэм адэгущыӀэу ыублагъ:

–ЛӀы горэм сэнэшъхьэ хатэ ыгъэтӀысхьагъ. Мыжъо чэукӀэ къышӀыхьи, сэнэшъхьэ фызалъэ ышӀи, унэ плъэпӀэ лъаги дишӀыхьагъ. ЕтӀанэ сэнэшъхьашӀэ* горэхэм хатэр аӀэкӀилъхьи, хымэ хэгъэгу горэм кӀуагъэ.
2 Сэнэшъхьэ пычыжьыгъор къызэсым, исэнэшъхьэ Іахьэ къаӀихынэу унэӀут горэ сэнэшъхьашӀэхэм адэжь ыгъэкӀуагъ.
3 Ау ахэмэ унэӀутыр къаубыти, къеохи, ІэнэкӀэу къатӀупщыжьыгъ.
4 ЕтӀанэ сэнэшъхьэ хатэр зием нэмыкӀ унэӀут горэ сэнэшъхьашӀэхэм адэжь ыгъэкӀуагъ. Ащи ышъхьэ къеохи, лые къырахыгъ.
5 ЕтӀанэ нэмыкӀ унэӀут горэ ыгъэкӀуагъ; ар къаукӀыгъ; нэмыкӀ унэӀутыбэхэри ыгъэкӀуагъэх; зы купым къеуагъэх, адрэ купыри къаукӀыгъ.

6 –ШӀу ылъэгъурэ ыкъо закъо къыфэнагъ. «Скъо лъытэныгъэ къыфашӀын», ыӀуи, ауж дэдэу ар сэнэшъхьашӀэхэм адэжь ыгъэкӀуагъ.

7 –Ау сэнэшъхьашӀэхэм зэраӀожьыгъ: «Мыры сэнэшъхьэ хатэр къызыфэнэжьыщтыр. Ар тэжъугъэукӀи, сэнэшъхьэ хатэр тэ къытфэнэжьыщт».
8 Арэущтэу сэнэшъхьэ хатэр зием ыкъо къаубыти, къаукӀи, сэнэшъхьэ хатэм къыдадзыжьыгъ.

9 –Сэнэшъхьэ хатэр зием сыда ышӀэщтыр?– къыпигъэхъожьыгъ Исус. –Ар къэкӀонышъ, сэнэшъхьашӀэхэр ыгъэ-

12:1 сэнэшъхьашӀэхэр – сэнэшъхьэ хатэм щылажьэхэрэр ары.

кIодынхэшъ, сэнэшъхьэ хатэр нэмыкIхэм аIэкIилъхьащт.
[10] Мы гущыIэхэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэм*
шъуяджагъэба:

«Унэ зышIыхэрэм зэрамыпэсэу чIадзыжьыгъэ
мыжъор
мыжъо лъэпсэ дэдэу унэм фэхъугъ.
[11] Мыр Зиусхьаным иIэшIагъэ Iоф,
ари тэ гъэшIэгъонэу къытфэлъагъо»?

[12] Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ дин пэщэшхохэмрэ мы
гъэсэныгъэ тхыдэр ежьхэм яхьылIагъэу Исус къызэриIо-
тагъэр къагурыIуагъэти, Исус къаубытынэу пылъыгъэх,
ау цIыф купышхом щыщынэщтыгъэхэти, ыуж икIыжьхи
IукIыжьыгъэх.

## Хьакъулахь ахъщэм ехьылIагъ

(Маттэ 22:15–22; Лука 20:20–26)

[13] Ащ нэужым Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ дин пащэ-
хэмрэ гущыIэ горэм тыраубытэным пае, фарисейхэм
ащыщхэри пачъыхьэ Ирод ыуж рыкIохэрэм ащыщхэри
Исус ыдэжь агъэкIуагъэх. [14] Ахэр Исус ыдэжь къакIохи
къыраIуагъ:

–Дин гъэсакIу, шъыпкъагъэ зиIэ лIэу узэрэщытри,
цIыфхэм аIорэм узэримыгъапэрэри тэшIэ, сыда пIомэ
цIыфхэм ятеплъэ уемыплъэу, цIыф пстэури уизэфэдэхэу
щытых, шъыпкъагъэми тетэу, Тхьэм игъогу цIыфхэм
яогъашIэ. Кайсарым* хьакъулахь ахъщэр* етты хъущта,
мыхъущта? Еттына, еттымытына?

[15] Ау Исус ахэмэ янэпитIугъэ гу лъитагъэти ариIуагъ:

–Сыд пае сыхэжъугъэукъонэу шъупылъа? Зы динар*
ахъщэ къысфэшъухьи сэжъугъэлъэгъу.

[16] Зы динар къыфахьыгъ.

---

12:10–11 мы гущыIэхэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэм – еплъ Сэбур (Псалтыр) 118:22–23 (урыс библиемкIэ 117:22–23).

12:14 Кайсар – еплъ Маттэ 22:17.

12:14 хьакъулахь ахъщэр – еплъ Маттэ 5:46.

12:15 динар – еплъ Маттэ 18:24.

–Хэта зисурэт мыщ итыри, хэта зыцӀэр мыщ тетхагъэри?–ариӀуагъ Исус.

–Кайсарыр ары,– къаӀуагъ ахэмэ.

17 –Ащыгъум Кайсарым иер Кайсарым ешъутыжь, Тхьэм иери Тхьэм ешъутыжь,– ариӀуагъ Исус.

Ахэмэ ежьыр бэу агъэшӀэгъуагъ.

## Саддукейхэр лӀагъэхэм якъэтэджыжьын ехьылӀагъэу Исус къызэреупчӀыгъэхэр

(Маттэ 22:23–33; Лука 20:27–40)

18 Саддукейхэу* лӀагъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэр зышӀошъ мыхъухэрэм ащыщхэу заулэ Исус ыдэжь къакӀохи къеупчӀыгъэх:

19 –Дин гъэсакӀу, пегъымбар Мусэ мырэущтэу къытфитхыгъ:* «ЛӀы горэм ышы лӀэу, бын имыӀэу шъуз къыкӀэнмэ, ышы унагъо фишӀыным пае, а лӀым шъузабэр
къыщэжьын фае». 20 Зэкъошибл щыӀагъ. Ахэм ащыщэу
апэрэм шъуз къыщагъ, ау бын къыкӀэмынэу дунаем ехыжьыгъ.
21 ЯтӀонэрэми а шъузыр къыщэжьыгъ. Ащи бын
къыкӀэмынэу дунаем ехыжьыгъ, ящэнэрэри ащ фэдагъ.
22 Блыми а шъузыр къащэжьыгъ, ау бын къакӀэныгъэп.
Зэпстэуми ауж дэдэу шъузыри дунаем ехыжьыгъ. 23 ЛӀа-
гъэхэр къызытэджыжьхэкӀэ, хэта зишъузыщтыр ар? Сыда пӀомэ блыми шъузэу яӀагъэшъ ары,

24 –Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэмрэ Тхьэм илъэкӀыныгъэшхомрэ зэрэшъумышӀэхэрэр арыба шъузкӀыхэукъорэр?–
ариӀожьыгъ Исус ахэмэ. 25 –Сыда пӀомэ лӀагъэхэр къызытэджыжьхэкӀэ, шъуз къащэжьыщтэп, лӀыми дэкӀожьыщтхэп, уашъом щыӀэ мэлэӀичхэм афэдэхэу щытыщтых
нахь. 26 Ау лӀагъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэр пегъымбар Мусэ итхылъ зэритым шъуеджагъэба? Пэнэ куандэм икъэбар зэрыт чӀыпӀэм ыдэжь ит Тхьэр пегъымбар Мусэ къыдэгущыӀэу мырэущтэу къызэриӀуагъэр:* «Сэры Ибра-

---

12:18 Саддукейхэр – еплъ Маттэ 3:7.

12:19 пегъымбар Мусэ мырэущтэу къытфитхыгъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 25:5–6.

12:26 Тхьэр Мусэ къыдэгущыӀэу... къызэриӀуагъэр – еплъ Пегъымбар Мусэ ятӀонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 3:2–6.

хьими, Исхьакъи, Якъуби я Тхьэр». [27] Ащ къикIырэр Тхьэр псаухэмрэ лIагъэхэу зыфаIохэрэмрэ я Тхьэу зэрэщытыр ары. Шъо инэу шъухэукъо.

### Тхьэм иунашъохэм ащыщэу анахь ин дэдэр

(Маттэ 22:34–40; Лука 10:25–28)

[28] Тэурат егъэджэкIо пащэхэм ащыщэу зыгорэм Исусрэ саддукейхэмрэ зэнэкъокъухэу зэхихыгъ, Исус дэгъоу пэгъокI къызэрарityгъэри ешIэти, къыбгъодахьи къеупчIыгъ:

–Тхьэм иунашъо пстэуми ащыщэу анахь ин дэдэр тара?

[29] –Анахь ин дэдэр* мыры: «ШъукъэдаIу, Израил цIыфхэр, Зиусхьанэу ти Тхьэ ары зизакъоу Зиусхьаныр; [30] зэкIэ о угурэ упсэрэкIи, зэкIэ уизэхэшIыкIыныгъэкIи, зэкIэ пкIуачIэкIи Зиусхьанэу уи Тхьэ шIу лъэгъу». [31] ЯтIонэрэ унашъор* мыры: «О пшъхьэ шIу зэрэплъэгъурэм фэдэу, уигъунэгъуи шIу лъэгъу». Мы унэшъуитIум анахьи унашъо нахь ин щыIэп,– къыIожьыгъ Исус.

[32] –Дэгъоу, дин гъэсакIу,– ыIуи, Тэурат егъэджэкIо пащэм Исус къыриIожьыгъ, –Тхьэр зэрэзакъор, ащ нэмыкIэу Тхьэ зэрэщымыIэри шъыпкъэу къэпIуагъ. [33] ЗэкIэ о угурэ упсэрэкIи, зэкIэ уизэхэшIыкIыныгъэкIи, зэкIэ пкIуачIэкIи ар шIу плъэгъуныр, о пшъхьи шIу зэрэплъэгъурэм фэдэу, уигъунэгъуи шIу плъэгъуныр, Тхьэм пае агъэстырэ къурмэныпхъэ пстэумрэ тын пстэумрэ анахьи бэкIэ нахь лъапI.

[34] Исус Тэурат егъэджэкIо пащэм губзыгъэу пэгъокI къызэритыгъэр зелъэгъум, риIуагъ:

–О Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ учIэхьанэу упэчыжьэп.

Ащ къыщегъэжьагъэу ащ нэмыкIыкIэ Исус къеупчIыжьынэу хэти тегушхуагъэп.

---

12:29–30 Анахь ин дэдэр – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 6:4–5.

12:31 ЯтIонэрэ унашъор – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:18.

## Христос хэта зыкъор?

(Маттэ 22:41–46; Лука 20:41–44)

35 Исус Тхьэм иунэшхо чIэтэу, цIыфхэм Тхьэм игущы-
Iэхэр аригъашIэхэзэ къыIуагъ:
–Тэурат егъэджэкIо пащэхэм Христос Даутэ ыкъоу
сыдэущтэу аIонэу хъугъа? 36 Сыда пIомэ Тхьэм ЫIпсэ
ЛъапIэ ежь Даутэ ыгу къырилъхьи, мырэущтэу къыри-
гъэIуагъэба:*

«Тхьэу Зиусхьаным сэ си Зиусхьан къыриIуагъ:
О уипыихэр плъэкъо чIэгъ къычIэсэгъэуцохэфэ,
сэ сиджабгъукIэ къызготIысхь»?

37 –Ежь Даутэ Христос «си ЗиусхьанкIэ» еджэ,– къы-
пигъэхъожьыгъ Исус. –Арэу зыхъукIэ, сыдэущтэу Хри-
стос Даутэ ыкъоу хъура?
ЦIыф купышхор игуапэу Исус едэIущтыгъ.

## Исус Тэурат егъэджэкIо пащэхэм ямысагъэ къызэригъэлъэгъуагъэр

(Маттэ 23:1–36; Лука 20:45–47)

38 Исус цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэхэзэ къы-
Iуагъ:
–Тэурат егъэджэкIо пащэхэм шъуафэсакъ. Ахэмэ шъошэ
кIыхьэхэр ащыгъхэу къакIухьаныр якIас. ЗэIукIэхэми
ежьхэм аIэхэм цIыфхэр щарагъэбэунхэри, 39 синэгогухэм
цIыфхэр зыщызэIукIэхэкIи, ешхэ-ешъошхохэм адэжьи
тхьэмэтэ тIысыпIэхэр аубытынхэри якIас. 40 Шъузабэхэм
яунэхэри къатырахых. ЦIыфхэм зыкъарагъэгъэшIэгъо-
ным пае, тхьэлъэIухэр агъэкIыхьэх. Тхьэм ахэмэ яфэ-
шъуашэ инэу аригъэпщыныжьыщт.

## Шъузабэм ахъщэу Тхьэм пае ытыгъэр

(Лука 21:1–4)

41 ЦIыфхэм Тхьэм тын фашIэу, ахъщэхэр зыдалъхьэрэ
пхъуантэхэм апашъхьэ Исус тIысыгъэу, ахъщэхэр зэрэдалъ-

---

12:36 Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ Даутэ... къыригъэIуагъэба? – еплъ Сэбур (Псалтыр) 110:1 (урыс библиемкIэ 109:1).

хьахэрэм еплъыщтыгъ. ЦIыф баибэхэм ахъщэ бэу далъ-
хьагъ. 42 Зы шъузэбэ тхьамыкIэ горэ къакIуи, гъоплъэ
ахъщитIу пхъуантэм дилъхьагъ. Ар зы чапыч* фэдиз
мэхъу.

43 Джащыгъум Исус игъогу рыкIохэрэм къяджи ари-
Iуагъ:

–Шъыпкъэр шъосэIо, мы шъузэбэ тхьамыкIэм изакъоу
адрэ дэзылъхьэгъэ цIыф пстэуми анахьи нахьыбэ дилъ-
хьагъ; 44 сыда пIомэ ахэмэ ахъщэу къялыжьыгъэм щыщ
далъхьагъэти ары, ау а шъузабэм зэкIэ дилъхьагъ – зэрэ-
псэунэу макIэ тIэкIоу иIэр зэкIэ ары.

## ЯПШIЫКIУЩЭНЭРЭШЪХЬ

### Исус Тхьэм иунэшхо зэрэзэхакъутэщтыр къызэриIуагъэр

(Маттэ 24:1–2; Лука 21:5–6)

Исус Тхьэм иунэшхо къычIэкIыжьызэ, игъогу рыкIо-
хэрэм ащыщэу зыгорэм къыриIуагъ:

–Еплъ, дин гъэсакIу! Мыхэр сыдэу мыжъо джадэха!
Мыхэр сыдэу унэ гъэшIэгъонха!

2 –Мы унэшхохэр олъэгъуха?– ыIуи, Исус ащ риIо-
жьыгъ. –МыжъуитIу къызэтемынэжьэу пстэури къызэ-
хэтэкъощтых.

### Къиныбэ щэчыныгъэм иублапI

(Маттэ 24:3–14; Лука 21:7–19)

3 Ащ ыужым Исус Тхьэм иунэшхо фэзанкIэу Елеон Iуа-
шъхьэм тесэу, Петри, Якъуби, Иуани, Индрыси яза-
къоу къызэнэжьхэм, къеупчIыгъэх:

4 –КъытаIу, о зыфэпIогъэ Iофхэр сыдигъо къэхъущтых,
ахэр зэкIэ къызэрэхъущтхэм янэшанэри сыда?

5 –Зыми шъукъызэримыгъэпцIэщтым шъуфэсакъ,– ыIуи,

---

12:42 чапыч – арапыбзэкIи тыркубзэкIи «хъурышэ» мэхъу.

Исус ахэмэ ариIоу ыублагъ. 6–Сэ сцIэкIэ зэджэжьхэу,
«Сэры Христос», аIоу, цIыфхэу къэкIощтхэр бэу хъу-
щтых, цIыфыбэхэри агъэпцIэщтых. 7 Ау благъэми чыжьэ-
ми зэо къэбар зызэхэшъухыкIэ, шъумыщын. А Iофхэр
къэхъунхэ фае, ау дунаем икIэух къэсыгъэу щытыгоп.
8 Зы лъэпкъыр адрэ лъэпкъым, зы пачъыхьагъори адрэ
пачъыхьагъом езэонэу къэтэджыщт. ЧIыпIэ–чIыпIэхэм-
кIи чIыгур инэу щысысыщт, гъаблэхэри къэхъущтых. А
Iофхэр къиныбэ щэчыныгъэм иублапI.

9–Ау шъо шъузыфэсакъыжь. Тхьамэтэ хасэхэм апа-
шъхьэ шъуращэщт, синэгогухэми къамыщкIэ къащы-
шъоощтых. Сэ сигъогу шъузэрэрыкIорэм пае, Iэшъхьэ-
тетхэмрэ пачъыхьэхэмрэ апашъхьэ къэбарышIум* шыхьат
шъуфэхъунэу шъукъиуцощт. 10 Ау ыпэ рапшIэу сэ къыс-
фэлажьэрэ цIыфхэм къэбарышIур лъэпкъ пстэуми ара-
гъэIун фаеу щыт. 11 ХьыкумышIэм* ыпашъхьэ шъуращэнэу
шъузаубыткIэ, «Сыда тIощтыр?» шъуIоу, ыпэ рапшIэу шъу-
мыгумэкI. А сыхьат дэдэм гущыIэхэу Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ
шъугухэм къарилъхьэхэрэр къашъуIох; сыда пIомэ шъо-
рэп къэгущыIэщтыр, Тхьэм ЫIпсэ ЛъапI ары нахь.

12–Шым ежь ышы, тым ежь ибын тетыгъо зиIэхэм ари-
гъэукIыным пае, аIэкIигъэхьащт. Бынхэри ятэ–янэхэм
апэуцущтых, тетыгъо зиIэхэми арагъэукIыщтых. 13 Шъо
сэ сцIэ зэрэжъугъэлъапIэрэм пае, цIыф пстэуми шъуа-
уджэгъущт. Ау кIэухым нэсыфэ теубытэныгъэ зиIэр
мыкIодэу Тхьэм къыгъэнэжьыщт.

## Гузэжъогъушхор

(Маттэ 24:15–28; Лука 21:20–24)

14–Ау «Зэхэзыкъутэрэ ГущыкIыгъоу»* пегъымбар Да-
нил зытегущыIагъэр зыдэщымытын фэе чIыпIэм щытэу
зышъулъэгъукIэ, (еджэрэм къыгурэрэIу), ащыгъум Иудей
хэкум ис цIыфхэр Iуашъхьэхэм ярэкIолIэжьых. 15 Уна-
шъхьэм тетыри къызехыкIэ, зыгорэ зыдихьынэу унэм
ерэмыхьажь. 16 Губгъом итыми ищыгъын кIыIутелъ зы-

---

13:9 къэбарышIур – еплъ 8:35

13:11 хьыкумышIэр – еплъ Маттэ 5:21.

13:14 «Зэхэзыкъутэрэ ГущыкIыгъор» – еплъ Маттэ 24:15.

дихьынэу къерэмыгъэзэжь. 17 А мафэхэм бзылъфыгъэ
лъэрмыхьэхэмрэ сабый быдзашъо зиIэхэмрэ сыхьатмы-
гъо ежьэщтых. 18 Мы Iофхэр кIымафэм темыфэнхэу Тхьэм
шъуелъэIу; 19 сыда пIомэ а мафэхэм гузэжъогъушхо ду-
наем щыхъущт. Ащ фэдэ гузэжъогъушхо Тхьэм дунаер
къызигъэхъугъэм щегъэжьагъэу джырэ нэсыфэ щыIа-
гъэп ыкIи щыIэжьыщтэп. 20 Зиусхьаным а мафэхэр нахь
макIэ ымышIыгъэхэмэ, зы цIыфи мыкIодэу къэнэжьыщт-
гъэп. Ау ежьым къыхихыгъэ цIыфхэм яхьатыркIэ Зиус-
хьаным а мафэхэр нахь макIэ ышIыгъэх. 21 А мафэхэм
«Мары, Христос* мыщ дэжьым щыI», ыIоу, е «Христос
модэ щыI», ыIоу зыгорэм къышъуиIомэ, шъушIошъ шъу-
мыгъэхъу. 22 Христос нэпцIхэмрэ пегъымбар нэпцIхэмрэ
къэлъэгъощтых. Ахэмэ нэшэнэ гъэшIэгъонышхохэри Iо-
фышхо гъэшIэгъонхэри къагъэлъэгъощтых, алъэкIымэ,
Тхьэм къыхихыгъэ цIыфхэр агъэпцIэнхэм пае. 23 Ау шъо
шъузыфэсакъыжь, а Iоф пстэури къэхъунхэм ыпэкIэ ахэмэ
якъэбар къышъосIуагъ.

## ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо дунаем къызэрэкIожьыщтыр

(Маттэ 24:29–31; Лука 21:25–28)

24 –Ау а мафэхэм гузэжъогъушхом ыуж тыгъэр ушIун-
кIыжьыщт, мазэри къэнэфыжьыщтэп. 25 Жъуагъохэри уа-
шъом къефэхыщтых, уашъом щыIэ кIуачIэхэри хъые-
щтых. 26 Джащыгъум ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо ошъуапщэ-
хэм ахэтэу, лъэкIыныгъэшхорэ щытхъушхорэ иIэхэу,
къакIоу цIыфхэм алъэгъущт. 27 Джащыгъум ЦIыф Лъэ-
пкъым Ыкъо мэлэIичхэр ыгъэкIощтых, дунай лъэны-
къуиплIым зы ошъо чапэм къыщегъэжьагъэу адрэ ошъо
чапэм нэс, ежь ицIыфхэу къыхихыгъэхэр къыхищыхэзэ,
ежьым къыфаугъоижьынхэу.

## Ынджыр чъыгым шъыпкъагъэу къыдгуригъаIорэр

(Маттэ 24:32–35; Лука 21:29–33)

28 –Ынджыр чъыгым къехъулIэрэмкIэ Iоф горэ зэжъу-
гъашIэ: икъутамэхэм псы къахахьэу, ытхьапэхэр къыпы-
кIэхэ зыхъукIэ, гъэмафэр къызэрэблагъэр шъошIэ.

[29] Ащ фэдэу шъори, мы Iофхэр къэхъухэу зышъулъэгъу-
кIэ, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо гъунэгъоу, къэлапчъэм дэжь
зэрэщытыр шъушIэ. [30] Шъыпкъэр шъосэIо, мы Iофхэр
зэкIэ къэхъунхэм ыпэкIэ, мы лъэпкъыр кIодыщтэп. [31] Уа-
шъомрэ чIылъэмрэ кIодыжьыщтых, ау сэ сигущыIэхэр
кIодыжьыщтхэп.

### А мафэри а сыхьатри къызысыщтыр зыми ышIэрэп

(Маттэ 24:36–44)

[32] –Ау а мафэр е а сыхьатыр къызысыщтыр зыми ышIэ-
рэп. Уашъом щыIэ мэлэIичхэми ашIэрэп, Тхьэм Ыкъуи
ышIэрэп. Ты лъапIэ изакъоу ары ныIэп ар зышIэрэр. [33] Шъу-
зыфэсакъыжь! Шъумычъыеу шъусакъ, Тхьэми шъуелъэ-
Iу; сыда пIомэ а сыхьатыр къызыкIощтыр шъушIэрэпышъ
ары! [34] Ар зыфэдэр мары: лIы горэм чыжьэу къыкIу-
хьанэу иунэ екIы. Хэти ежь иIоф ышIэнэу иунэIутхэм
иунэ аIэкIелъхьэ, къэлапчъэм Iут ухъумакIори мычъыеу
сакъынэу унашъо фешIы. [35] Арышъ, шъори шъумычъыеу
шъусакъ; сыда пIомэ, пчыхьэшъхьапэр арыми, чэщны-
къор арыми, атэкъэIогъур арыми, пчэдыжь нэфшъагъор
арыми, унэр зиер къызыкIожьыщтыр шъушIэрэпышъ
ары! [36] Ар шъумышIахэу къызыкIожькIэ, шъучъыеу шъу-
пэмыплъэу зыкъешъумыгъэгъот. [37] Шъо къышъуасIорэр
зэпстэуми ясэIо: шъумычъыеу шъусакъ!

## ЯПШIЫКIУПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

### Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщ тхьаматэхэм Исус тхьагъэпцIыгъэкIэ аукIынэу гухэлъ зэрашIыгъэр

(Маттэ 26:1–5; Лука 22:1–2; Иуан 11:45–53)

Пасхъэ зыцIэ мэфэкI мэфэшхомрэ Хьалыгъу Мыгъэ-
тэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхо мафэхэмрэ* къэсын-

---

14:1 Пасхъэ зыцIэ мэфэкI мэфэшхомрэ Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхо мафэхэмрэ – еплъ Маттэ 26:2.

хэкIэ мэфитIу къэнэжьыгъ. Дин пэщэшхохэмрэ Тэурат
егъэджэкIо пащэхэмрэ Исус аукIыным пае, тхьагъэпцIы-
гъэкIэ зэраубытыщт шIыкIэм лъыхъущтыгъэх. 2Сыда
пIомэ ахэмэ аIуагъ:

–ЦIыфхэм бырсырышхо амышIыным пае, мэфэкI мэ-
фэшхом тефэу орэмыхъу.

## Зы бзылъфыгъэ горэм Вифание къуаджэм дагъэу осэшхо зиIэр Исус зэрэщифагъэр

(Маттэ 26:6–13; Иуан 12:1–8)

3ЕтIанэ Исус Вифание къуаджэм щыIэу, Симонэу шъо-
джэ уз Iае зиIагъэм иунэ Iанэм пэсэу щышхэщтыгъ.
Шхэзэ, бзылъфыгъэ горэ унэм къихьагъ. А бзылъфы-
гъэм алавастэр зыцIэ мыжъом хэшIыкIыгъэу, апч
ыIыгъыгъ. Нард зыцIэ къэкIыгъэм идагъэ къабзэу ыкIи
осэшхо зиIэу, мэ IэшIу зыпихырэр а апчым итыгъ. Бзылъ-
фыгъэм апчыр ыкъути, Исус ышъхьэ дагъэр тырикIагъ.
4Ар залъэгъум, зы куп губжи, мыщ фэдэу зэриIо-
жьыгъ:

–Мы дагъэу осэшхо зиIэр хьаулыеу сыд пае ыгъэкIо-
дыгъа? 5А дагъэр ащагъэмэ, динар шъищ нахьи нахьыбэ
къыхьыщтыгъ, тхьамыкIэхэми афагощын алъэкIыщтыгъ.

Арэущтэу аIозэ, бзылъфыгъэм щыхьагъэх.

6–Ыуж шъуикI,– къыIуагъ Исус. –Сыд пае бзылъфы-
гъэр жъугъэукIытэра? Ащ шIугъэ къысфишIагъ. 7Тхьа-
мыкIэхэр къышъухэт зэпытых, сыдигъо шъуфаеми шIугъэ
афэшъушIэн шъулъэкIыщт, ау сэ сышъухэт зэпытыщтэп.
8Мы бзылъфыгъэм ылъэкIыгъэр ышIагъ. Ащ сэ спкъы
дагъэ щифи, сызэрэчIалъхьажьыным сыфиухьазырыгъ.
9Шъыпкъэр шъосэIо, сэ къысфэлажьэрэ цIыфхэм чIы-
лъэм зэкIэ къэбарышIур* тыдэ щагъэIуми, мы бзылъфы-
гъэм ышIагъэр къаIотэжьыщт, цIыфхэм шIукIэ а бзы-
лъфыгъэр агу къагъэкIыжьыным пае.

---

14:9 къэбарышIур – еплъ 8:35.

## Иудэ зыцIэм Исус дин пэщэшхохэм аIэкIигъэхьанэу зэрадиштагъэр

(Маттэ 26:14–16; Лука 22:3–6)

10 Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIум ащыщэу
Иудэ Искариот зыцIэр дин пэщэшхохэм адэжь кIуагъэ,
Исус аIэкIигъэхьаным пае. 11 Ахэмэ ар зызэхахым, гушIуагъэх, ахъщи Иудэ къыратынэу къагъэгугъагъ. Арэущтэу Иудэ Исус ахэмэ аIэкIигъэхьаным пае, Iэрыфэгъу уахътэ паплъэу ыублагъ.

## Исус Пасхъэ пчыхьэшъхьашхэр игъогу рыкIохэрэм зэрадишIыгъэр

(Маттэ 26:17–25; Лука 22:7–14, 21–23; Иуан 13:21–30)

12 Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхо
мафэхэм ащыщэу апэрэ мафэу Пасхъэ шъынэр зыщышIуабзыщтыгъэм дэжь игъогу рыкIохэрэм Исус къыраIуагъ:

–Пасхъэ пчыхьэшъхьашхэр щыпшIынэу тыдэ тыкIонышъ, щыдгъэхьазырынэу уфая?

13 Арэущтэу Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщэу нэбгыритIу къалэм ыгъэкIуагъэх, мырэущтэу ариIуагъэу:

–Къалэм шъудахьи, зы лIы горэм псы къошын ыхьэу, ащ дэжьым къыщышъуIукIэщт. А лIым ыуж шъуитэу
шъукIу. 14 А лIыр зэрыхьэрэ унэр зием ешъуIу: «Дин гъэсакIом еIо: Сэррэ сигъогу рыкIохэрэмрэ Пасхъэ пчыхьэшъхьашхэр зыщытшIыщт хьакIэщыр тыдэ щыIа?»
15 Джащыгъум гъэкIэрэкIагъэу, тегъэпсыхьагъэу хьэкIэщышхо лъагэ горэ шъуигъэлъэгъущт. Ащ дэжьым зэкIэри къыщытфэжъугъэхьазыр.

16 Исус игъогу рыкIохэрэр дэкIыхи, къалэм дэхьагъэх.
Исус зэрариIуагъэм тетэу пстэури къагъоти, Пасхъэ пчыхьэшъхьашхэр агъэхьазырыгъ.

17 Пчыхьашъхьэр къызэсым, Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ
пшIыкIутIур игъусэхэу къэкIуагъ. 18 Ахэр Iанэм пэсхэу шхэхэ зэхъум, Исус къыIуагъ:

–Шъыпкъэр шъосэIо, шъо сэ къыздашхэхэрэм шъуащыщ горэм тетыгъо зиIэхэм саIэкIигъэхьащт.

19 Ахэмэ агу къеуагъ. Зым зыр ыуж итэу къыраIонэу
фежьагъэх:

–Ар сэрэп, арыба?
20 –Шъо пшIыкIутIум шъуащыщэу мы апсым сигъу-
сэу хьалыгъу къыхэзыгъаорэр ары тетыгъо зиIэхэм са-
IэкIэзыгъэхьащтыр,– ариIуагъ Исус. 21 –Шъыпкъэ, ЦIыф
Лъэпкъым Ыкъо дунаем ехыжьыщт, ежьым ехьылIагъэу
Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу. Ау ЦIыф
Лъэпкъым Ыкъо тетыгъо зиIэхэм аIэкIэзыгъахьэрэр сы-
хьатмыгъо ежьагъ! А цIыфыр къэмыхъугъэмэ, ежьымкIэ
нахьышIущтыгъ.

## Зиусхьаным ипчыхьэшъхьашх

(Маттэ 26:26–30; Лука 22:15–20; 1. Кор. 11:23–25)

22 Ахэр шхэхэ зэхъум, Исус хьалыгъур къыштагъ, Тхьэм
щытхъу фишIи, зэгуичи, ахэм арити къыIуагъ:
–Ма, шъушхы, мы хьалыгъур сэ спкъы ары.
23 ЕтIанэ зы шъуалъэ къышти, Тхьэм щытхъу фишIи
аритыгъ. Ахэр зэкIэ ащ итым щыщ ешъуагъэх.
24 –Мы сэнэпсыр сэ слъэу Тхьэм ежьымрэ ицIыфхэмрэ
азыфагу дилъхьэгъэ зэзэгъыныгъэр къэзыгъэшъыпкъэ-
жьырэр* ары,– ариIуагъ Исус. –ЦIыфыбэхэм яшIуагъэ къа-
кIонэу, лъэу сэ къыскIэкIыщтыр ары. 25 Шъыпкъэр шъо-
сэIо, Тхьэм и Тетыгъошхо къызыкIощтым нэсыфэ, сэнэ-
шъхьэ къутамэм ипс сешъожьыщтэп. А мафэм кIэу
сешъожьыщт.
26 ЕтIанэ Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ тхьэщытхъу
орэд къызаIо ужым, унэм икIыхи, Елеон Iуашъхьэм
кIуагъэх.

## «Сэ сыкъэмышIэу къэпIощт», Исус Петрэ зэрэриIуагъэр

(Маттэ 26:31–35; Лука 22:31–34; Иуан 13:36–38)

27 –Шъо пстэуми сизакъоу утыгум сыкъишъунэщт,– ари-
Iуагъ Исус игъогу рыкIохэрэм, –сыда пIомэ Тхьэм
къызэриIорэр игущыIэ тхыгъэхэм арыт:* «Сэ мэлахъор

---

14:24 Сэ слъэу... зэзэгъыныгъэр къэзыгъэшъыпкъэжьырэр – еплъ Маттэ 26:28.

14:27 Тхьэм... игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Зэкъарие тхылъэу ытхыгъэм 13:7.

сыукIыщт, мэлхэри зэбгырыкIыжьыщтых». 28 Ау лIагъэ-
хэм сыкъызахэтэджыкIыжьыкIэ, шъуапэ рапшIэу Галилей
хэкум сыкIощт.

29 –Пстэуми утыгум укъыранэми, сэ укъисынэщтэп,–
къыриIуагъ Петрэ Исус.

30 –Шъыпкъэр осэIо,– риIожьыгъ Исус Петрэ, –мы ны-
чэпэ дэдэм атакъэр тIо Iоным ыпэкIэ, гъогогъуищэ сэ
сыкъэмышIэу къэпIощт.

31 –Сэ сыбдэлIэн фаеу щытми, усымышIэу сIощтэп,–
теубытагъэу къыIуагъ Петрэ. Ащ фэдэ къабзэу Исус игъо-
гу рыкIорэ адрэ лIы пстэуми къаIуагъ.

## Исус Гефсимание хатэм Тхьэм зэрэщелъэIугъэр

(Маттэ 26:36–46; Лука 22:39–46)

32 Ащ нэужым Гефсимание* зыцIэу чIыпIэ горэм нэ-
сыгъэх.

–Мо шъуетIысэх, сэ Тхьэм селъэIуфэ,– ыIуи, Исус игъо-
гу рыкIохэрэм ариIуагъ. 33 Исус етIанэ Петри, Якъуби,
Иуани зыдищэхи, ыгу къеоу, гумэкIэу ыублагъ.

34 –СылIэрэм фэдэу инэу сыгу хэкIы,– ариIуагъ. –Шъу-
мычъыеу шъусакъэу мо шъущыI.

35 ЕтIанэ зы тIэкIу IукIоти, чIыгум зыридзыхи, амал
иIэмэ, къин щэчыныгъэм исыхьат блигъэкIынэу Тхьэм
елъэIугъ.

36 –Аввэу* сэ Сят, о умылъэкIын Iоф зи щыIэп,– ыIуагъ.
–Мы къин щэчыныгъэм ишъуалъэ сэ сIых. Ау сэ сызыфаер
мыхъоу, о узыфаер орэхъу.

37 Ащ ыужым Исус игъогу рыкIорэ нэбгырищымэ адэжь
къыгъэзэжьи, чъыехэу къыгъотыжьыгъэх.

–Симон очъыя?– ыIуи, Исус Петрэ риIуагъ. –Зы сыхьат
закъокIэ умычъыеу усакъын плъэкIыгъэп, ара? 38 Шъу-
мычъыеу шъусакъ, псэкIодшIэным шъудимыхьыхынэуи
Тхьэм шъуелъэIу. Гур фай, ау пкъым ылъэкIырэп.

39 Исус етIанэ IукIыжьи, а гущыIэ дэдэхэмкIэ Тхьэм
елъэIугъ. 40 Джыри зэ къызегъэзэжьым, а нэбгырищыр

---

14:32 Гефсимание – еплъ Маттэ 26:36.

14:36 Аввэ – «ты» ары.

чъыехэу къыгъотыжьыгъэх, сыда пIомэ анапIэхэр онтэ-
гъоу хъугъэхэти ары. Ахэмэ Исус къыраIожьыщтыр
ашIагъэп.

41 Исус ящэнэрэу къызегъэзэжьым, ахэмэ ариIуагъ:

–Зыжъугъэпсэфызэ джыри шъочъыя? Икъун! Сыхьатыр
къэсыгъ. Мары, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо псэкIод зышIэрэ
цIыфхэм аIэкIэхьащт. 42 Шъукъэтэдж! НекIо, мары ахэмэ
саIэкIэзыгъэхьащтыр къэблэгъагъ.

## Исус зэраубытыгъэр

(Маттэ 26:47–56; Лука 22:47–53; Иуан 18:3–12)

43 Ардэдэм Исус джыри гущыIэзэ, игъогу рыкIорэ нэб-
гырэ пшIыкIутIум ащыщэу Иудэу Исус тетыгъо зиIэхэм
аIэкIэзыгъэхьанэу щытыгъэр къэкIуагъ. Сэшхохэмрэ умэ-
хэмрэ аIыгъхэу, цIыф купышхо игъусагъ. Дин пэщэшхо-
хэри, Тэурат егъэджэкIо пащэхэри, нахьыжъхэри ары
ахэр къэзыгъэкIогъагъэхэр.

44 –Сэ сызэбэущтыр ары зыфасIорэр,– ыIуи, Иудэ Исус
зэраIэкIигъэхьащт шIыкIэр игъусэхэм ариIогъагъ. –Ар
шъуубыти, шъуфэсакъызэ Iушъущ.

45 Иудэ зэрэнэсэу Исус екIуалIи, –Равви!– ыIуи, Исус
ебэугъ. 46 Арэущтэу Исус аубытыгъ. 47 Ащ дэжьым щыт-
хэм ащыщэу зым исэшхо къырихи, дин пэщэшхом иунэIут
еуи, ытхьакIумэ лъэныкъо гуиупкIыгъ.

48 –ХъункIакIо горэ шъуубытыщтым фэдэу, сэшхохэмрэ
умэхэмрэ шъуIыгъхэу шъукъыспэгъокIыгъа?– ариIуагъ
Исус ахэмэ. 49 –Мафэ къэси Тхьэм иунэшхо цIыфхэм Тхьэм
игущыIэхэр щязгъашIэхэу сышъухэтыгъ, арышъхьакIэ сы-
шъуубытыгъэп. Ау мыр зыфэхъугъэр Тхьэм игущыIэ тхы-
гъэхэм арытхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары.

50 Джащыгъум Исус игъогу рыкIорэ пстэуми ежьыр уты-
гум къырани хэхьажьыгъэх.

## КIалэу хэхьажьыгъэр

51 Зы кIалэ горэ чэсэй фыжь ыпкъ ещэкIыгъэу, Исус
игъусэхэм ахэтыгъ. А кIалэр къаубытэу аублагъ, 52 ары-

шъхьакӀэ кӀалэм чэсэй фыжьыр ахэмэ къаӀэкӀини, пцӀанэу
аӀэкӀэкӀи хэхьажьыгъ.

### Исус Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ зэрэращагъэр

(Маттэ 26:57–68; Лука 22:54–55, 63–71; Иуан 18:13–14, 19–24)

53 Исус дин пэщэшхом ыдэжь ащагъ, адрэ дин пэщэшхо-
хэри, нахьыжъхэри, Тэурат егъэджэкӀо пащэхэри зэкӀэ
ащ дэжьым къыщызэӀукӀагъэх. 54 Петри чыжьэкӀэ Исус
ыуж итэу, дин пэщэшхом ищагу нэсыфэ къыкӀэлъыкӀо-
гъагъ. Ащ дэжьым машӀом зыщыригъэоу, ухъумакӀохэм
ахэсыгъ.
55 Дин пэщэшхохэмрэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом* щыщхэу адрэ
тхьаматэ пстэумрэ Исус укӀ тыралъхьаным пае, шыхьат
лъыхъущтыгъэх, ау зи къагъотыгъэп. 56 Шыхьат нэпцӀы-
бэхэм Исус пцӀы Ӏаджи тыралъхьагъ, арышъхьакӀэ къа-
Ӏуагъэхэр зэтефагъэхэп.
57 Арэущтэу зэхъум, шыхьат нэпцӀ куп къэтэджи, мыр
Исус тырилъхьагъ:
58 –Мы лӀым мыщ фэдэу къыӀоу зэхэтхыгъэ: «Тхьэм
иунэшхоу цӀыфхэм аӀэкӀэ ашӀыгъэр сэ зэхэскъутэнышъ,
цӀыфхэм аӀэкӀэ амышӀыгъэу нэмыкӀ унэшхо мэфищкӀэ
зэтезгъэуцожьыщт».
59 Ау а шыхьатхэми Исус тыралъхьагъэхэр зэтефагъэ-
хэп.
60 ЕтӀанэ дин пэщэшхор къэтэджи, утыгум къиуцуагъ.
–Сыд мы лӀыхэм о къыптралъхьэрэр?– еупчӀыгъ ар
Исус. –Сыда зи къызкӀэмыӀорэр?
61 Исус зиушъэфэу, зи къыӀуагъэп.
–Ора Христосэу щытхъушхор зиӀэ Тхьэм Ыкъо? –джыри
зэ дин пэщэшхор еупчӀыгъ.
62 –Сэры,– къыӀуагъ Исус,– лъэкӀыныгъэшхор зиӀэ
Тхьэм иджабгъукӀи госэу, ошъуапщэми ахэтэу, ЦӀыф
Лъэпкъым Ыкъо къакӀоу шъулъэгъущт.
63 Джащыгъум дин пэщэшхом ищыгъынхэр къызэгуи-
тхъыгъэх*.

---

14:55 Тхьэмэтэ Хэсэшхор – еплъ Маттэ 5:22.

14:63 ищыгъынхэр къызэгуитхъыгъэх– еплъ Маттэ 26:65.

–Сыда нэмыкI шыхьат зэрэтищыкIэгъэжьыр?– къыIуагъ
ащ. 64 –Тхьэр зэригъэпцIыгъэр шъо зэхэшъухыгъ. Сыдэу-
щтэу шъухаплъэра?

Ахэмэ зэкIэмэ Исус укI ифэшъуашэу къаIуагъ. 65 Зы
купыр Исус теужъунтхэхэу аублагъ. ЫнэкIуи рахъуи,
бжымкIэ еуагъэх.

–Упегъымбармэ, хэтми къыоуагъэм ыцIэ къаIо!– раIуагъ.
УхъумакIохэри Исус енэпэшъоуагъэх.

## Петрэ Исус ымышIэу къызэриIуагъэр

(Маттэ 26:69–75; Лука 22:56–62; Иуан 18:15–18; 25–27)

66 Петрэ ыхэкIэ щагум зыдэтым, дин пэщэшхом иунэIут
пшъашъэхэм ащыщ къэкIуагъ. 67 Петрэ машIом зыщыри-
гъэоу зелъэгъум, еплъи риIуагъ:

–Ори а Исусэу Назарет щыщым уригъусагъ.

68 –Хьау, о зыфапIорэр сэ сшIэрэп ыкIи зэхэсшIы-
кIырэп,– ыIуагъ Петр. ЕтIанэ щагум дэкIи, идэхьапIэ
дэхьагъ. Атакъэр къэIуагъ.

69 УнэIут пшъашъэм Петрэ ащ дэжьым щытэу зелъэгъум,
а чIыпIэм щытхэм джыри зэ ариIожьэу ыублагъ:

–Мыр ахэмэ ащыщ.

70 –Хьау, сэ ахэмэ сащыщэп,– джыри зэ ыIуагъ Петрэ.

Зы тIэкIу тешIагъэу ащ дэжьым щытхэм джыри зэ Петрэ
къыраIожьыгъ:

–Шъыпкъэу ори ахэмэ уащыщ; сыда пIомэ Галилей
хэкум ущыщба? ЯгущыIакIэкIэ укъэгущыIэ.

71 –Тхьэр сэгъэпцIы къасIорэр мышъыпкъэмэ, а лIэу
зыфашъуIорэр сшIэрэп,– ыIуи, Петрэ тхьарыIо ышIэу
ыублагъ.

72 Ардэдэм ятIонэрэу атакъэр къэIуагъ. Джащыгъум
Исус къыриIогъэгъэ гущыIэхэр Петрэ ыгу къэкIыжьы-
гъэх:

–Атакъэр тIо Iоным ыпэкIэ, гъогогъуищэ сэ сыкъэмы-
шIэу къэпIощт.

Ар ыгу къызэкIыжьым, Петрэ къэгъыгъ.

# ЯПШІЫКІУТФЭНЭРЭШЪХЬ

## Исус Іэшъхьэтетэу Пилат ыпашъхьэ зэрэращагъэр

(Маттэ 27:1–2, 11–14; Лука 23:1–5; Иуан 18:28–38)

Нэф къызэрышъэу, нахьыжъхэри, Тэурат егъэджэкІо пащэхэри, адрэ тхьаматэхэу Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщхэри ягъусэхэу, дин пэщэшхохэмэ хасэ ашІыгъ. Исус Іэхъу тыралъхьи, Іуащи, Іэшъхьэтетэу Пилат* ІэкІалъхьагъ.

2 –О джуртхэм уряпачъыхьа?– ыІуи, Пилат Исус къеупчІыгъ.

–Ары, къызэрэпІорэм фэдэу,*– риІожьыгъ Исус.

3 Дин пэщэшхохэм ІэджыкІи Исус агъэмысэщтыгъ. 4 Пилат джыри зэ Исус къеупчІыгъ:

–Сыда зи къызкІэмыІорэр? КъыптыралъхьэрэрЗыфэдизыр плъэгъурэба?

5 Ау Исус зи къыІожьыгъэп. Зи къызэримыІожьыгъэм пае, Пилат ыгъэшІэгъуагъ.

## Исус укІ зэрэтыралъхьагъэр

(Маттэ 27:15–26; Лука 23:13–25; Иуан 18:39–19:16)

6 Пасхъэ мэфэкІ мэфэшхо къэсымэ, цІыфхэр зыкІэлъэІурэ хьапсчІэс горэ шъхьафитэу къафитІупщыжьыныр Пилат ихабзэу щытыгъ. 7 А мафэхэм нэбгырэ заулэу цІыфхэр къэзыгъэбырсыгъэхэу, лІы горэ зыукІыгъэхэр хьапсым чІэсыгъэх. Вараввэ зыцІэу зы лІы горэ ахэмэ ахэтыгъ.
8 ЦІыфхэр купышхоу Пилат ыдэжь къэкІохи, ихабзэ фэдэу къафишІэнэу къелъэІугъэх.

9 –Джуртхэм япачъыхьэ шъхьафитэу къышъуфэстІупщыжьынэу шъуфая?– ариІожьыгъ Пилат. 10 Пилат аущтэу зыкІяупчІыгъэр шъугъоным къыхэкІэу, дин пащэхэм Исус къызэрэІэкІалъхьагъэр къыгурыІуагъэти ары. 11 Ау
Пилат Вараввэ шъхьафитэу къырагъэтІупщыжьыным пае,

---

15:1 Пилат – еплъ Маттэ 27:2.

15:2 –Ары, къызэрэпІорэм фэдэу,– е –О пшъхьэкІэ къэоІо.

дин пэщэшхохэм цIыф купышхор зэкIагъэплъыхьагъэх.
12 –Адэ, джуртхэм япачъыхьэу зыфашъуIорэм сыда
есшIэщтыр?– джыри зэ ариIуагъ Пилат.
13 –Къащым теIулI!– къэкууагъэх ахэр.
14 –Сыд ащ бзэджагъэу ышIагъэр?– ариIуагъ Пилат.

Ау ахэр нахь инэу къэзэрэгъэкууагъэх:
–Къащым теIулI!
15 Джащыгъум Пилат цIыф купышхор ыгъэрэзэнхэу
фэягъэти, Вараввэ шъхьафитэу къафитIупщыжьыгъ. ЕтIанэ
дзэлIхэр Исус къамыщкIэ ригъаохи, къащым тыраIулIэнэу
аIэкIилъхьагъ.

## ДзэлIхэр Исус зэрэкIэнэкIагъэхэр

(Маттэ 27:27–31; Иуан 19:2–3)

16 ДзэлIхэм преторие* зыщIэ унэшхом Исус чIащи,
адрэ къэнагъэ дзэлI купышхор ащ щызэхаугъоягъэх.
17 ЕтIанэ плъыжь чIапцIэу зы шъошэ кIыхьэ Исус щалъи,
панэ хэшIыкIыгъэу пачъыхьэ тандж фабли, ышъхьэ тыралъ-
хьагъ. 18 Шъхьащэ фашIэу аублагъ: «Опсэу, о джуртхэм
япачъыхь!» аIозэ. 19 ЕтIанэ бэщкIэ ышъхьэ еощтыгъэх,
теужъунтхэщтыгъэх ыкIи агъэлъапIэрэм фэдэу лъэгон-
джэмышъхьэкIэ ыпашъхьэ къытIысхьэщтыгъэх. 20 Ахэр
Исус зыкIэнакIэхэ ужым, шъошэ кIыхьэ плъыжь чIапцIэр
щахыжьи, ежь ищыгъынхэр щалъэжьыгъэх. ЕтIанэ къа-
щым тыраIулIэнэу преторием ращыжьыгъ.

## Исус къащым зэрэтыраIулIагъэр

(Маттэ 27:32–44; Лука 23:26–43; Иуан 19:17–27)

21 Кириние къалэм* щыщэу, Симон зыщIэу зы лIы горэ
щыIагъ. Ар Александррэ Руфрэ ятэу щытыгъ. Ар губгъом
къикIызэ блэкI пэтэу, Исус икъащ ыхьынэу рагъэзыгъ.
22 Голгофэ зыфаIорэ чIыпIэм Исус ащагъ, (Голгофэ къи-
кIырэр «Шъхьэпкъ ЧIыпIэр» ары). 23 Ащ дэжьым зынэс-

---

15:16 Преторие – еплъ Маттэ 27:27.

15:21 Кириние къалэр– еплъ Маттэ 27:32.

хэм, мур зыцӀэ мыстхъу горэ зыхэлъ сэнэпс Исус фащэигъ,
арышъхьакӀэ аӀихыгъэп. 24 ЕтӀанэ Исус къащым тыраӀу-
лӀагъ. Пхъэдз ашӀызэ, ищыгъынхэм ащыщэу хэти иӀахьэу
къылъысыщтыр зэфагощыгъ.

25 Исус къащым зытыраӀулӀэм, пчэдыжьым сыхьатыр бгъум
нэсыгъагъ. 26 Исус къащым зыкӀыраӀулӀыгъэр зы пхъэм-
бгъу горэм мырэущтэу тетхагъэу щытыгъ: «Джуртхэм
я Пачъыхь». 27 А чӀыпӀэм хъункӀэкӀуитӀу, зыр иджабгъу-
кӀэ адрэр исэмэгубгъукӀэ, Исус игъусэхэу къащхэм атыра-
ӀулӀагъэх. 28 Арэущтэу мы гущыӀэхэу Тхьэм игущыӀэ
тхыгъэхэм арытхэр* къэшъыпкъэжьыгъэх: «Хабзэм текӀы-
гъэхэм ащыщэу ежьыр алъытагъ». 29 КъыблэкӀырэ цӀыфхэр
Исус къехъонхэзэ, ашъхьэхэр агъэсысхэу, мырэущтэу
аӀуагъ:

–О Тхьэм иунэшхо зэхэзыкъутэу, мэфищкӀэ зэтезыгъэ-
уцожьыщтыр, 30 умыкӀодэу зыкъэгъэнэжьи, къащым къе-
хыжь!

31 Ащ фэдэу дин пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэджэкӀо па-
щэхэмрэ Исус кӀэнакӀэхэу зэраӀожьыгъ:

–НэмыкӀ цӀыфхэр мыкӀодэу къыгъэнэжьыгъэх, ау ежь
зыкъигъэнэжьышъурэп. 32 Христосэу Израил ипачъы-
хьэ джы къащым къерэхыжь. Ар тлъэгъумэ, шӀошъхъу-
ныгъэ тиӀэ хъущт.

Исус игъусэхэу къащхэм атыраӀулӀагъэхэри ежь къехъо-
ныщтыгъэх.

## Исус зэрэлӀагъэр

(Маттэ 27:45–56; Лука 23:44–49; Иуан 19:28–30)

33 Щэджагъом* щегъэжьагъэу сыхьатыр щым* нэс, а
хэгъэгум тыдэкӀи шӀункӀ къыщыхъугъ. 34 Сыхьатыр щым
дэжь Исус мэкъэшхокӀэ джагъэ:

–Элой, Элой! Лама савахфани? (Ащ къикӀырэр, «О
Ситхь, о Ситхь! Сыд пае утыгум сизакъоу сыкъиунагъ?»)

---

15:28 Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм арытхэр – еплъ Пегъымбар Исайас тхы-
лъэу ытхыгъэм 53:12.

15:33 щэджагъом – еплъ Маттэ 27:45.

15:34 сыхьатыр щым – еплъ Маттэ 27:45.

[35] А чIыпIэм щытхэм ащыщхэм ар зызэхахым, аIуагъ:
–ШъукъэдаIу, ар пегъымбар Иляс еджэ.
[36] Зыгорэ Iулъади, кIышъо зэраIотырэм сэнэпс шIоIу-
гъэр хиз ышIи, бэщ горэм пилъхьи, Исус кIигъэшъунэу
фищэигъ. ЕтIанэ ыIуагъ:
–Зэ, пегъымбар Иляс къакIоу къащым къыпихыжьмэ,
тежъугъэплъ.
[37] Ау Исус мэкъэшхокIэ джи, ыпсэ ытыгъ.
[38] Джащыгъум Тхьэм иунэшхо ипэIухъо ыпшъэкIэ къы-
щегъэжьагъэу ыхэ нэсыфэ тIоу къызэготхъыгъ.
[39] ДзэлIхэм япащэу Исус къыфэзанкIэу щытым Исус
мырэущтэу лIэу зелъэгъум, къыIуагъ:
–Шъыпкъэ дэдэу мы лIыр Тхьэм ЫкъIоу щытыгъ.
[40] ЧыжьэкIэ къаплъэхэу бзылъфыгъэхэри ащ дэжьым
щытыгъэх. Мыхэр ахэмэ ахэтыгъэх: Магдалэ къуаджэм*
щыщ Мерэми, Саломий, нэмыкI Мерэми. А Мерэм Якъубэ
нахьыкIэу зыфаIорэмрэ ышы Иосыирэ янэу щытыгъ.
[41] Исус Галилей хэкум зыщэIэм, ахэр игъусэщтыгъэх
ыкIи IэпыIэгъу фэхъущтыгъэх. Ахэмэ анэмыкIхэуи бзы-
лъфыгъэ Iаджи Исус игъусэхэу Ерусалим къэкIуагъэхэу
а чIыпIэм щытыгъэх.

**Исус ихьадэ къэунэм зэрэчIалъхьажьыгъэр**
(Маттэ 27:57–61; Лука 23:50–56; Иуан 19:38–42)

[42] Бэрэскэшхо мэфагъ, шэмбэт мафэм ыпэрэ мафэр ары.
Пчыхьэшъхьапэ хъугъэти, [43] Аримафей къуаджэм щыщ
Юсыфыр къэкIуагъ. А Юсыф Тхьэмэтэ Хэсэшхом
щыщэу, лъытэныгъэ зифэшъошэ тхьаматэу щытыгъ.
Тхьэм и Тетыгъошхо къэсыным паплъэу щытыгъ. Ащ
зигъэгушхуи, Пилат ыдэжь кIуи, Исус ихьадэ кIэлъэIугъ.
[44] Исус зэрэлIагъэр Пилат ыгъэшIэгъуагъ. ДзэлIхэм япа-
щэ къаригъащи еупчIыгъ:
–Исус бэшIагъа зылIагъэр?
[45] Дзэ пащэм Исус зэрэлIагъэр Пилат къызыреIом,
Юсыф Исус ихьадэ ыхьыжьынэу фит ышIыгъ. [46] Юсыф
чэфын къыщэфи, хьадэр къащым къыпихыжьи, чэфыныр
рищэкIи, Iошъхьэ цакIэу акъутагъэм къыхашIыкIыгъэ

15:40 Магдалэ къуаджэр – еплъ Маттэ 27:56.

къэунэм чIилъхьажьыгъ. ЕтIанэ къэунэ чIэхьапIэм зы
мыжъошхо IуигъэукIорэягъ. [47] Магдалэ къуаджэм щыщ
Мерэмрэ Иосый янэ Мерэмрэ Юсыф хьадэр зычIилъхьа-
жьыгъэр алъэгъугъ.

# ЯПШIЫКIУХЭНЭРЭШЪХЬ

## Исус лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэр

(Маттэ 28:1–8; Лука 24:1–12; Иуан 20:1–10)

Шэмбэтыр зыблэкIым, Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэ-
ми, Саломий, Якъубэ* янэ Мерэми къэунэм кIо-
хэу, Исус ихьадэ дагъэ щафэным пае, мэ IэшIу зыпихырэ
щыфэн дагъэхэр ащэфыгъэх. [2] Тхьамафэм иапэрэ мафэм*
жьы дэдэу, тыгъэр къыкъокIыгъэ къодыеу, къэунэм
кIонхэу гъогум техьагъэх.
[3] –Къэунэ чIэхьапIэм мыжъошхоу Iулъыр хэт тфыIуи-
гъэукIорэикIына?– зэраIожьыгъ ахэмэ.
[4] Зэплъэхэм, мыжъошхор, ар мыжъошхо ин дэдагъ, Iу-
гъэукIорэикIыгъэу алъэгъугъ. [5] Къэунэм зычIахьэхэм,
щыгъын фыжьы кIыхьэкIэ фэпагъэу, зы кIалэ горэ джа-
бгъу лъэныкъомкIэ щысэу алъэгъуи, агучIэ изыгъ.
[6] –ШъумыгумэкI,– къариIуагъ ащ ахэмэ. –Назарет щыщ
Исусэу къащым раIулIыгъэм шъузэрэлъыхъурэр сэшIэ.
Ар мыщ дэжьым щыIэжьэп. Ар лIагъэхэм къахэтэджы-
кIыжьыгъ! Мары чIыпIэу зычIалъхьажьыгъэр. [7] Ау шъо
шъукIуи, Петрэрэ адрэ лIыхэу Исус игъогу рыкIохэрэмрэ
яшъуIу: «Шъо шъуапэ рапшIэу ар Галилей кIощт. Къы-
зэрэшъуиIуагъэм тетэу ащ дэжьым щышъулъэгъужьыщт».
[8] Джащыгъум агучIэ изыгъэти, бзылъфыгъэхэр кIэзэз-
хэу къэунэм къычIэкIыжьхи, хэхьажьыгъэх. Зыми зи
раIуагъэп, сыда пIомэ джащ фэдизэу щынагъэхэти ары.

---

16:1 Якъубэ – еплъ 15:40.

16:2 Тхьамафэм иапэрэ мафэр – тхьаумэфэ мафэр ары.

## Исус Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэм зыкъызэрэригъэлъэгъугъэр

(Маттэ 28:9–10; Иуан 20:11–18)

[9]Тхьамафэм иапэрэ мафэм жьэу Исус лIагъэхэм къы-
захэтэджыкIыжьым, ыпэ рапшIэу Магдалэ къуаджэм
щыщ Мерэм зыкъыригъэлъэгъугъ. А Мерэм ары Исус джы-
нэпцIибл зыхифыгъагъэр. [10]Мерэм цIыфхэу Исус игъусэ-
гъагъэхэу, джы шъыгъохэу гъыщтыгъэхэм адэжь кIуи,
хъугъэ–шIагъэр ариIуагъ. [11]Исус зэрэпсаурэри Мерэм ар
зэрилъэгъугъэри зызэхахым, ашIошъ хъугъэп.

## Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщхэу нэбгыритIу зыкъызэраригъэлъэгъугъэр

(Лука 24:13–35)

[12]ЕтIанэ игъогу рыкIохэрэм ащыщхэу нэбгыритIу гу-
бгъомкIэ кIохэзэ, нэмыкI теплъэ иIэу, Исус зыкъаригъэ-
лъэгъугъ. [13]Ахэми агъэзэжьи, адрэ цIыфхэу Исус игъогу
рыкIохэрэм къэбарыр араIотэжьыгъ, ау ахэмэ ашIошъ
хъугъэп.

## Исус игъогу рыкIохэрэм Iофэу ашIэнэу апшъэ рилъхьагъэр

(Маттэ 28:16–20; Лука 24:36–49; Иуан 20:19–23; Апостол. 1:6–8)

[14]Ащ ыужым игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIузыр шхэ-
хэзэ, Исус зыкъаригъэлъэгъугъ. Ахэмэ яшIошъмыхъу-
ныгъэмрэ ягуркъагъэрэ* апаий, ежьыр лIагъэхэм къахэ-
тэджыкIыжьыгъэу зылъэгъугъэхэм къаIотагъэр ашIошъ
зэрэмыхъугъэм паий ягыигъ.
[15]–Дунаер зэкIэ къэшъукIухьи,– ариIуагъ Исус ахэмэ,
–цIыф пстэуми къэбарышIур* яжъугъэIу. [16]Хэти зы-
шIошъ хъоу, зыгорэм зезыгъэумэхъырэр* мыкIодэу Тхьэм
къыгъэнэжьыщт, ау хэти зышIошъ мыхъурэр Тхьэм ыгъэ-

---

16:14 гуркъагъэр – еплъ 3:5.

16:15 къэбарышIур – еплъ 8:35.

16:16 умэхъыныр – еплъ Маттэ 3:1.

мысэщт. 17 Мы нэшанэхэр шIошъхъуныгъэ зиIэ цIыфхэм
ягъусэщтых: Сэ сцIэкIэ цIыфхэм джынапцIэхэр ахафы-
щтых; амышIэрэ бзэхэмкIэ гущыIэщтых; 18 аIэхэмкIи блэ-
хэр къаштэщтых; лIэныгъэ къызхэкIын шъоным ешъохэми,
зи къаришIэщтэп; ахэмэ аIэхэр зытыралъхьэрэ сыма-
джэхэр хъужьыщтых.

## Исус уашъом зэрэдэкIоежьыгъэр

(Лука 24:50–53; Апостол. 1:9–11)

19 Зиусхьан Исус игъогу рыкIохэрэм къызадэгущыIэм
ыуж, Тхьэм ар уашъом дищэежьыгъ, Тхьэм иджабгъу-
кIи щысынэу готIысхьагъ. 20 Исус игъогу рыкIохэрэр
ежьагъэхэу, Тхьэм игущыIэхэр тыдэкIи щагъэIущтыгъэх.
Зиусхьаныр адэлажьэу, нэшэнэ гъэшIэгъонышхохэу ежь
игущыIэхэм гъусэу афишIэу щытыгъэхэмкIэ а гущыIэхэр
ыгъэшъыпкъэжьыщтыгъэх. Амин.



# *КЪЭБАРЫШIУР*
# *ЛУКА*
# *КЪЫЗЭРИIОТАГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### Мы тхылъыр зыкIэстхыгъэр

Хъугъэ–шIагъэхэу тапашъхьэ щыхъугъэхэм якъэбар-
хэр цIыфыбэмэ атхыжьынхэу пылъыгъэх. [2] Ахэмэ атхы-
гъэхэр цIыфхэу а Iофхэр ублапIэм щегъэжьагъэу нэ-
кIэ зылъэгъугъэхэрэмрэ Тхьэм игущыIэхэм афэлажьэхэ-
рэмрэ къызэрэтаIотэжьыгъэхэм атетэу ары. [3] Арэу-
щтэу сэри мы хъугъэ–шIэгъэ Iоф пстэуми яублапIэ
щегъэжьагъэу сыфэсакъыпэу зысэгъэунэфы ужым, о,
лъытэныгъэ зифэшъошэ Феофил*, зэкIэлъыкIоу пфэ-
стхынхэу тесыубытагъ, [4] о къыуагъэшIэгъэ Iофхэм яшъы-
пкъагъэ пшIэным пае.

---

1:3 Феофил – Лука мы тхылъыр зыфитхырэр ары, еплъ Апостол. 1:1. Феофил тхьаматэ горэу щытыгъ, Христос ехьылIэгъэ къэбарышIуми щыгъуазэу щытыгъ. Ащ нэмыкIэу Феофил икъэбар зи тиIэп.

## МэлэIич Гавриил умэхъэкIо Иуан къызэрэхъущтыр къызэриIуагъэр

[5] Иудей хэкум* ипачъыхьэ Ирод* имафэхэм Зэкъарие
зыцIэу зы дин пащэ горэ щыIагъ. Ар АвиекIэ заджэхэрэ
дин пэщэ купым хэтыгъ. Ишъхьэгъусэ Елизаветэ Хьа-
рун къытехъукIыгъэ цIыфхэм ащыщыгъ. [6] ТIуми Тхьэу
ЗиусхьанымкIэ шъыпкъагъэ яIэу, иунашъохэмрэ ихабзэ-
хэмрэ атетхэу, зэрагъэмысэн Iоф зи амышIэу псэущтыгъэх.
[7] Бын яIагъэп, сыда пIомэ Елизаветэ бын къыхэкIэу
щытыгъэп, тIури ныбжькIэ хэкIотагъэхэу щытыгъэх.
[8] Зэкъарие зыхэт дин пэщэ купыр Тхьэм иунэшхо щылэ-
жьэнэу игъо къызынэсым, Зэкъарие дин пащэу Тхьэм
ыпашъхьэ Iоф щишIэщтыгъ. [9] Дин пащэхэм яхабзэ тетэу
пхъэдз зашIым, Зиусхьаным иунэшхо кIоцI чIэхьанышъ,
мэ IэшIу зыпихырэ уцыр Тхьэм пае ыгъэстынэу Зэкъарие
къытефагъ. [10] Уцыр зыщагъэстын фэе сыхьатыр къызэсым,
Зэкъарие уцыр ыгъэстыфэкIэ, зэкIэ цIыфхэр Тхьэм иунэ-
шхо щагу Тхьэм щелъэIущтыгъэх.

[11] Джащыгъум уц гъэстыпIэм иджабгъукIэ щытэу, Зиус-
хьаным имэлэIич горэ Зэкъарие къыщыфэлъэгъуагъ.
[12] Зэкъарие ар зелъэгъум, къащти щынэгъэшхохэфагъ.
[13] Джащыгъум мэлэIичыр къыдэгущыIагъ:

–Укъэмыщт, Зэкъарие. УилъэIу Тхьэм къызэхихыгъ.
Уишъхьэгъусэ Елизаветэ къо къыфэхъущт, ащи Иуан
цIэу о фэуусыщт. [14] Ар гушIогъошхорэ тхъэгъошхорэ
къыпфэхъущт, ар къызэрэхъугъэм пае, цIыфыбэхэри
гушIощтых. [15] ЗиусхьанымкIэ лIышхоу щытыщт, сэ-
нэпсымрэ узыгъэутэшъон шъонымрэ яшъощтэп, янэ
ышъо зыхидзагъэм щегъэжьагъэуи Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ
инэу ыгу илъыщт. [16] Израил цIыфыбэхэри Зиусхьанэу
я Тхьэ игъогу къытыригъэхьажьыщтых. [17] Тхьэм Ыпсэ
ЛъапIэ пегъэмбарэу Илясым* ыгу зэрилъыгъэм фэдэу,
ащ ыгу илъэу, Иляс кIуачIэ зэриIагъэм фэдэуи кIуачIэ
иIэу, Зиусхьаныр къэкIоным ыпэкIэ, ар къэкIощт. Тыхэмрэ

---

1:5 Иудей хэкур – зэкIэ Палестинэ хэгъэгур ары.

1:5 Ирод – Ирод Иныр ары. Исус къэхъуным ыпэкIэ 37–4 илъэсхэм къакIоцI Израил хэгъэгум зэкIэ ипачъыхьэу щытыгъ.

1:17 Пегъымбар Иляс – еплъ Пегъымбар Малахие тхылъэу ытхыгъэм 4:5–6.

къохэмрэ агухэр шIу зэфишIыжьыщтых, Тхьэм емыдэIу-
хэрэри шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм ягъогу тыригъэхьащ-
тых. Арэущтэу Зиусхьаным фэшъошэ лъэпкъ хъунэу
ащ Израил лъэпкъыр ыгъэхьазырыщт.

18 –Ар зэрэшъыпкъэр сыдэущтэу сшIэщта?– ыIуи, Зэ-
къарие мэлэIичым риIуагъ. –Сэ лIыжъы сыхъугъ, си-
шъхьэгъуси ныбжькIэ хэкIотагъ.

19 –Тхьэм ыпашъхьэ ит мэлэIичэу Гавриил сэры,–
къыриIожьыгъ мэлэIичым. –Мы къэбарышIур осIоным
пае, сыкъыбдэгущыIэнэу Тхьэм сыкъигъэкIуагъ. 20 Джа-
ры, сэ къыосIуагъэр пшIошъ хъугъэпышъ, а зыфэсIогъэ
Iофхэр охъухэфэ, умыгущыIэшъоу, бзакоу ущытыщт.
Игъо къызысыкIэ, ахэр къэхъунхэ фае.

21 Ащ нэсыфэ Зэкъарие Тхьэм иунэшхо къызэрэчIэ-
мыкIыжьыгъэр цIыфхэм агъэшIагъоу ащ ежэщтыгъэх.
22 ЕтIанэ Зэкъарие Тхьэм иунэшхо къызычIэкIыжьым,
цIыфхэм къадэгущыIэн ылъэкIыгъэп. Джащыгъум
Тхьэм иунэшхо зыгорэ къызэрэщыфэлъэгъуагъэр зэха-
шIыкIыгъ. Зэкъарие зыфаер ыIэхэмкIэ къагуригъаIоу,
бзакоу къэнагъ.

23 Тхьэм иунэшхо Iофэу щишIэщтыгъэхэм ямафэхэр
зытекIыхэм, Зэкъарие иунэ ыгъэзэжьыгъ. 24 Бащэ те-
мышIэу ишъхьэгъусэ Елизаветэ ышъо сабый хидзагъ,
мэзитфыкIи цIыфмэ къахэхьагъэп. 25 «Зиусхьаным мыр
сэ къысфишIагъ», ыIуагъ ащ. «Мы мафэхэм ынэшIу
къысщифэу, цIыфхэмэ апашъхьэ симыгъуагъэ щысты-
рихыгъ».

## МэлэIичэу Гавриил Исус къызэрэхъущтыр Мерэм къызэрэриIуагъэр

26 Елизаветэ мэзихкIэ лъэрмыхьэу, Тхьэм имэлэIич
Гавриил Галилей хэкум* щыщэу, Назарет зыцIэ къалэ
горэм* къыгъэкIуагъ. 27 Ар къызфигъэкIуагъэр Мерэм

---

1:26 Галилей хэкур – Израил хэгъэгум итемыр лъэныкъо ит. Архелай ышэу Ирод Антипэ зыцIэр а хэкум ипщэу щытыгъ.

1:26 Назарет зыцIэ къалэр – Галилей псыхъураем икъыблэ цыпэм километр 26–кIэ пэчыжьэу, итыгъэ къохьэпIэ лъэныкъокIэ ит.

зыцӀэ пшъашъэ горэ ары. Юсыф зыцӀэ лӀэу пачъыхьэ
Даутэ къытехъукӀыгъэ цӀыфхэм ащыщым а Мерэм къы-
щэнэу ыгъэнэфагъэу щытыгъ. 28 Мерэм зыдэщыӀэм мэ-
лэӀичыр къакӀуи къыӀуагъ:

–ГушӀо, о Тхьэм ынэшӀу зыщифагъэр, Зиусхьаныр
уигъусэ!

29 МэлэӀичым къыӀуагъэм Мерэм лъэшэу къыгъэгу-
зэжъуагъ, а шӀуфэс гущыӀэу къыриӀуагъэм къикӀырэми
егупшысагъ.

30 –Укъэмыщт, Мерэм,– ыӀуи, мэлэӀичым ащ къы-
риӀуагъ, –Тхьэм ынэшӀу къыпщифагъ. 31 О пшъо сабый
хидзэнышъ, къо къыпфэхъущт. Ащ Исус* цӀэу о фэу-
усышт. 32 Ар цӀыфышхоу хъущт, анахь Иным ЫкъокӀи
еджэщтых. Ятэшхо пачъыхьэ Даутэ итӀысыпӀэ лъапӀэ
Зиусхьанэу Тхьэм ащ къыритыщт, 33 мыкӀодыжьын те-
тыгъуи Якъубэ ылъэпкъ фыриӀэщт. Итетыгъошхуи егъэ-
шӀэм кӀэух иӀэщтэп.

34 –Ар сыдэуштэу хъуна?– еупчӀыгъ Мерэм мэлэӀичым.
–Сэ пшъэшъэ дэмыкӀуагъэу сыщыт.

35 –Тхьэм ЫпсэЛъапӀэ къыпфехыщт, анахь Иным ыкӀуа-
чӀи уигъусэщт,– къыриӀожьыгъ мэлэӀичым. –Арышъ, кӀэ-
лэ лъапӀэу къэхъущтым Тхьэм ЫкъокӀэ еджэщтых. 36 Ма-
ры, уиблагъэ Елизаветэу бын къызхэмыкӀынэу зыфаӀо-
щтыгъэм ижъышъхьэм ышъо хидзагъэу, джы яхэнэрэ ма-
зэм ит; 37 сыда пӀомэ Тхьэм ымылъэкӀын Ӏоф зи щыӀэп.

38 –Мары, сэ Зиусхьаным сырипщылӀ,– къыӀуагъ Ме-
рэм. –О зэрэпӀуагъэм тетэу къыздэрэхъу.

ЕтӀанэ мэлэӀичым Мерэм къыгъани, ӀукӀыжьыгъ.

## Мерэм Елизаветэ ыдэжь зэрэкӀуагъэр

39 А мафэхэм Мерэм зигъэхьазыри, Ӏошъхьэ хэкум
щыщэу Иудэ зыцӀэ унэгъо лъэпкъыр зыдэс къуаджэ
горэм псынкӀэу кӀуагъэ. 40 А къуаджэм зынэсым, Мерэм
Зэкъарие иунэ ихьи, Елизаветэ шӀуфэс рихыгъ. 41 Ели-
заветэ Мерэм ишӀуфэс гущыӀэ зызэхехым, сабыеу ыныбэ

1:31 Исус – а цӀэм къикӀырэр «цӀыфхэр мыкӀодхэу Къэзыгъэнэжьырэр»
ары.

илъым зыкъигъэхъыягъ. Джащыгъум Тхьэм Ыпсэ Лъа-
пIэ Елизаветэ ыгу инэу илъ хъуи, 42 Елизаветэ мэкъэ-
шхокIэ къыIуагъ:

–Бзылъфыгъэ пстэумэ анахьи Тхьэм ынэшIу о нахь
къыпщифагъ, о пкъы къыхэкIыщт сабыими Тхьэм
ынэшIу къыщифагъ. 43 Сэ сыхэт, си Зиусхьан янэ
садэжь къэкIонэу? 44 О уишIуфэс гущыIэ сэ стхьакIумэ
зынэсым, сыныбэ илъ сабыим гушIуагъокIэ зыкъигъэ-
хъыягъ. 45 Зиусхьаным къыриIуагъэр къехъулIэнкIэ зы-
шIошъ хъугъэр сыхьатмафэ ежьагъ!

### Мерэм Зиусхьаным щытхъушхо зэрэфишIыгъэр

46 ЕтIанэ Мерэм къыIуагъ:

–Сэ спсэкIэ Зиусхьаным иинытъэ щытхъушхор
фэсэшIы,
47 сымыкIодэу сыкъэзыгъэнэжьырэ Тхьэм инэу сы-
щэгушIукIы,
48 сыда пIомэ Зиусхьаныр ипщылI тхьамыкIэ
нэшIукIэ къеплъыгъ.
Мары, джы щегъэжьагъэу лъэхъан пстэуми
яцIыфхэм
сэ сыхьатмафэ сежьагъэу аIощт,
49 сыда пIомэ ЛъэкIыныгъэшхо ЗиIэм
Iоф гъэшIэгъонхэр къысфишIагъэх.
Ежьым ыцIэр ары лъапIэр.
50 Тхьэм ежь ищынагъо зыгу илъ цIыфхэм гукIэгъу
афешIы,
ятэ щегъэжьагъэу ыкъо хиубытэу.
51 Iоф гъэшIэгъонхэр ыIэкIэ ыгъэхъагъэх,
пэгагъэ зыгу илъхэр зэбгырифыгъэх.
52 Тетыгъо зиехэм ятIысыпIэхэм къаридзыхыгъэх,
пэгагъэ зыгу имылъхэр къыIэтыгъэх.
53 ЩыкIагъэ зиIэхэм тынышIухэр аритыгъэх,
ау байхэр IэнэкIэу къыгъэнагъэх.
54,55 ИпщылIэу Израил лъэпкъым кIэлъэплъэ.
Тятэшхохэр къызэригъэгугъагъэхэм атетэу,
Ибрахьимрэ ащ къытехъукIыгъэ цIыфхэмрэ
гукIэгъу афишIынэу ыгу илъ зэпыт.

56 Елизаветэ дэжь Мерэм мэзищкIэ щыIагъ, етIанэ
ядэжь ыгъэзэжьыгъ.

## Умэхъэкlо Иуан къызэрэхъугъэр

[57] Елизаветэ илъфэгъу мафэ къэси, къо къыфэхъугъ.
[58] Елизаветэ игъунэгъухэмрэ иблагъэхэмрэ Зиусхьаным
гукlэгъушхо ащ къызэрэфишlыгъэр зызэхахым, Елизаветэ фэгушlуагъэх.

[59] Яенэрэ мафэм сабыир сунэт ашlынэу зэрэугъоихэ
зэхъум, цlэу ятэ Зэкъарие ыцlэ фаусынэу аублагъ.
[60] Ау сабыим янэ афидагъэп.

–Хьау, ащ Иуан ыцlэщт,– ыlуагъ.

[61] –О уиблагъэхэм зи ахэтэп ащ фэдэ цlэ зиlэр,–
къыраlожьыгъ ахэмэ.

[62] Ащ нэуж сабыим ятэ lэкlэ зэхырагъэшlыкlызэ,
цlэу фиусынэу зыфаемкlэ еупчlыгъэх. [63] Ащ пхъэмбгъу
парчэ горэ къахьынэу агуригъэlуагъ. Ар къызахьым, ащ тыритхагъ:

–Ащ ыцlэщтыр Иуан.

Ахэмэ зэкlэми ар агъэшlэгъуагъ. [64] Ардэдэм ыбзэ-
рэ–ыбзэгурэ къытlупщыжьхи, Тхьэм щытхъу фишlэу
къэгущыlэжьыгъ. [65] Гъунэгъухэу къегъэтlысыкlыгъэхэр
зэкlэ щынэгъошхом хэфагъэх, Иудей lошъхьэ хэкум
тыдэкlи а lофхэри зэкlэ зэлъашlэ хъугъэх. [66] А lоф-
хэр зэхэзыхыгъэ пстэуми ахэр агухэм ралъхьэхэу аlо-
щтыгъ:

–Мы сабыир сыд фэдэу хъущта?

Сыда пlомэ Зиусхьаным ынэшlу ащ щифагъ.

## Зэкъарие ыгу Тхьэм къырилъхьэгъэ гущыlэхэр къызэриlуагъэхэр

[67] Тхьэм Ыпсэ Лъапlэ сабыим ятэу Зэкъарие ыгу
инэу илъ хъуи, мы гущыlэхэр къыригъэlуагъэх:

[68] –Зиусхьанэу Израил и Тхьэ щытхъушхор ий,
сыда пlомэ ылъэпкъэу Израил нэшlукlэ къеплъи,
шъхьафитныгъэ къыритыгъ.
[69] Тхьэм ежьым фэлажьэрэ пачъыхьэ Даутэ
къытехъукlыгъэ цlыфхэм ащыщэу лъэкlыныгъэшхо зиlэу,
тымыкlодэу тыкъэзыгъэнэжьыщтыр къытфигъэ-

кIуагъ,
70 пасэм щегъэжьагъэу ипегъымбар лъапIэхэм агу-
хэм къарилъхьи,
къызэраригъэIуагъэм фэдэу.
71 Ащ типыйхэм тащиухъумэу, тымыкIодэу тыкъи-
гъэнэжьыщт,
тызыуджэгъухэрэми тыкъаIэкIихыжьыщт.
72 Арэущтэу Тхьэм тятэжъышхохэм гукIэгъушхо
къафешIы,
зэзэгъыныгъэ лъапIэу ежьымрэ тятэжъышхоу
Ибрахьимэрэ
азыфагу гущыIэ пытэкIэ дилъхьагъэри егъэцакIэ.
73 А гущыIэ пытэр мырыгъэ:
74 Тэ типыйхэм тыкъаIэкIихыжьыщт,
щынагъуи тыгухэм арымылъэу, ежьым тыфэлэ-
жьэнэу тигъэлъэкIыщт,
75 ежьым ыпашъхьэ тигъашIэкIэ
гукъэбзагъэрэ шъыпкъагъэрэ тиIэхэзэ.
76 ЕтIанэ Зэкъарие къыпигъэхъожьыгъ:
–О сикIал, анахь Иным урипегъымбарэу аIощт,
сыда пIомэ Зиусхьаным игъогу бгъэпсынэу
ежьым ыпэ укIощт.
77 О Зиусхьаным ылъэпкъ ебгъэшIэщт,
япсэкIодхэр зэрафигъэгъухэрэмкIэ
ахэр мыкIодхэу, Тхьэм къызэригъэнэжьхэрэр.
78 Ти Тхьэ гукIэгъуныгъэу иIэр ины.
Ежьыр къыкъокIырэ тыгъэм фэдэу уашъом къи-
кIэу къытфэкIощт,
79 лIэныгъэм ищынагъо хэтхэмрэ шIункIыгъэм хэт-
хэмрэ атепсэным паий,
мамырныгъэ гъогум тытыригъэхьаным паий.
80 Сабыим хахъуи, ыгуи ыпси хэхъуагъ. Израил цIыфмэ
апашъхьэ къызщихьащт мафэм нэс шъоф нэкIым щы-
Iагъ.

# ЯТIЮНЭРЭШЪХЬ

## Исус къызэрэхъугъэр

(Маттэ 1:18–25)

А мафэхэм Рим* къэралыгъошхом зэкIэ ис цIыф
пстэури алъытэнхэу ыкIи ацIэхэр атхынхэу Кайсар
Аугуст* зыцIэм унашъо къыдигъэкIыгъ. 2 Мыр апэ
дэдэу цIыфхэр зыщалъытагъэхэр ары. Ар къызыхъугъэр
Сирие хэкум* иIэшъхьэтетэу Квириный зыцIэм илъэхъан
ары. 3 Арыти, хэтрэ цIыфи ежь ыцIэ аригъэтхыным
пае, ятэ–янэхэр зыщыщ къалэм кIуагъэ.

4 Арэущтэу Юсыф пачъыхьэ Даутэ къытехъукIыгъэ
цIыфхэм зэращыщым пае, Галилей хэкум щыщэу Назарет
зыцIэ къалэм дэкIи, Иудей хэкум щыщэу Даутэ икъалэу
Вифлеем* зыцIэм дэкIоягъ. 5 Юсыф Мерэмэу къыщэнэу
ыгъэнэфагъэм игъусэу ежь ыцIэ аригъэтхыным пае,
Вифлеем дэкIоягъ. Мерэм ышъо сабый хидзагъ, 6 ыкIи ащ
дэжьым щыIэхэу, илъфэгъу мафэ къэсыгъ. 7 Джащы-
гъум Мерэм ыкъоу щыпэбыныр къыфэхъуи, хъэдэным
кIоцIищыхьагъ. ХьакIэщым ахэмэ апае чIыпIэ нэкI
иIэжьэпти, былымхэр зычIэт цощым ит Iус шхынлъэ
горэм дилъхьагъ.

## МэлэIичыр мэлэхъохэм къазэрэфэлъэгъуагъэр

8 А Iэгъо–благъом мэлэхъо заулэ ямэлхэм апэсхэу
чэщым губгъом итыгъэх. 9 Тхьэм имэлэIич горэ ахэмэ
къафэлъэгъуагъ. Зиусхьаным инэфынэ гъэшIэгъоны-
шхо мэлахъохэр къызеуцухьэм, ахэр лъэшэу къэ-
щтагъэх. 10 Ау мэлэIичым къариIуагъ:

---

2:1 Рим – Рум ары.

2:1 Аугуст – Кайсар Гай Октавиан цIэу зэреджагъэхэм ащыщ. Исус къэхъуным ыпэкIэ 27–рэ илъэсым щегъэжьагъэу Исус къызэхъу нэужым 14–рэ илъэсым нэсыфэ ар Рим и Кайсарэу щытыгъ.

2:2 Сирие хэкур – Сирие зыцIэ хэкур Рим къэралыгъошхом щыщ хэкоу щытыгъ. Израил хэгъэгур Сирие хэкум щыщыгъ.

2:4 икъалэу Вифлеем – Ерусалим километрийкIэ пэчыжьэу, икъыблэ лъэныкъокIэ щыт.

–Шъукъэмыщт, ау шъукъэдаIу! ЗэкIэ шъулъэпкъ пае
къэбар гушIогъошхо къышъосIощт: [11] Шъумыкlодэу Шъу-
къэзыгъэнэжьыщтыр Даутэ икъалэ* непэ къыщыхъугъ,
Зиусхьанэу Христос ары. [12] Мыр шъоркIэ нэшанэ хъущт:
Зы сабый горэ хъэдэным кIоцIыщыхьагъэу, Iус шхынлъэм
дэлъэу къэжъугъотыщт.

[13] ЕтIанэ ошIэ–дэмышIэу мэлэIичым ыдэжь уашъом
щыщэу мэлэIич купышхо къыщылъэгъуагъ. Тхьэм щыт-
хъушхо фашIэу мырэущтэу къаIуагъ:

[14] –Щытхъушхор уашъомкIэ Тхьэм ий,
чIылъэмкIэ цIыфхэу Тхьэр разэ зыфэхъухэрэм
гупсэфыныгъэр яй!

[15] МэлэIичхэр IукIыжьхи, уашъом зыдэкIоежьхэм, мэла-
хъохэм зэраIожьыгъ:

–Зиусхьаным зикъэбар къытфигъэIугъэ хъугъэ–шIа-
гъэр тлъэгъунэу Вифлеем тыжъугъакIу.

[16] Арыти, Вифлеем псынкIэу кIохи, Мерэми Юсыфи
Iус шхынлъэм дэлъ сабыйри къагъотыгъэх. [17] Ахэмэ
ахэр залъэгъухэм, мэлэIичым сабыим ехьылIагъэу къа-
риIуагъэхэр аIотэжьыгъэх. [18] Мэлахъохэм къаIуагъэхэр
зэхэзыхыгъэ цIыф пстэуми агъэшIэгъуагъэх. [19] Ау Мерэм
мы Iофхэр зэкIэ ыгу риубытэхи ягупшысагъ. [20] Мэла-
хъохэм зэхахыгъэ пстэумрэ алъэгъугъэ пстэумрэ апае
Тхьэр агъэлъапIэзэ, щытхъу фашIызэ, агъэзэжьыгъ. А
Iофхэр зэрэхъугъэхэр мэлэIичым ахэмэ къызэрариIуагъэм
тетэу ары.

## Юсыфрэ Мерэмрэ сабыеу Исус Зиусхьаным ыпашъхьэ зэрэрахьагъэр

[21] Мэфий тешIагъэу сабыир сунэт ашIын фаеу зэхъум,
Мерэм ышъо хидзэным ыпэкIэ, мэлэIичым ащ къызэрэри-
Iогъагъэм тетэу Исус фаусыгъ.

[22] Пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ иунашъо тетэу*
Юсыфрэ Мерэмрэ зызыщагъэкъэбзэжьын фэе мафэхэр
зыблэкIхэм, сабыир Зиусхьаным ыпашъхьэ рахьаным

---

2:11 Даутэ икъалэ – Вифлеем ары.

2:22 Пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ иунашъо тетэу – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 12:2–4.

пае, Ерусалим зыдахьыгъ, 23 мы унашъоу Зиусхьаным
ихабзэ итым тетэу:* «Хэтрэ хъулъфыгъэ щыпэбыныр
Зиусхьаным иеу щытын фае». 24 Ащ нэмыкIэуи Еру-
салим зыфэкIуагъэхэр Зиусхьаным ихабзэ иунашъо те-
тэу*, ежьхэр къабзэу хъунхэм пае, «губгъо тхьаркъо
цIыкIуитIу е тхьаркъо щыр цIыкIуитIу» къурмэныпхъэу
ахьыныр ары.

25 А мафэхэм Симеон зыцIэу зы лIы горэ Ерусалим
дэсыгъ. Ар шъыпкъагъэ зиIэу, Тхьэм ищынагъо зыгу
илъ лIэу щытыгъ. Израил игукъао Тхьэм тырихы-
жьыным ежэу щытыгъ. Тхьэм Ыпсэ ЛъапIи ыгу илъыгъ.
26 Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ Симеон зэхэригъэшIыкIыгъ, Зиус-
хьаным ыдэжь къикIынэу щытыгъэ Христос* ылъэгъуным
ыпэкIэ, лIэныгъэр зэримылъэгъущтыр. 27 Арэущтэу зы-
хъукIэ, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ Симеон Тхьэм иунэшхо чIи-
гъэхьагъ. Тэурат хабзэм иунашъо тетэу, сабыир Тхьэм
ыпашъхьэ рахьаным пае янэрэ ятэрэ сабыеу Исус Тхьэм
иунэшхо къызычIахьэм, 28 Симеон сабыир IаплIкIэ къы-
шти, мы гущыIэхэр ыIохэзэ, Тхьэм щытхъу фишIыгъ:

29 –Зиусхьан, сызэрэбгъэгугъагъэм тетэу, сэ о
пфэлажьэрэр гупсэфыныгъэ сыгу илъэу
джы дунаем серэхыжь;
30,31 сыда пIомэ цIыф лъэпкъ пстэуми апашъхьэ
о щыбгъэхьазырыгъэу,
цIыфхэр мыкIодхэу къэзыгъэнэжьыщтыр сэ сынэ-
хэмкIэ слъэгъугъэ.
32 Ар нэфынэу хымэ лъэпкъхэм* шъыпкъагъэр
языгъэшIэщтыр ары,
о плъэпкъ Израил щытхъушхо иIэ зыгъэхъущтри
ары.

---

2:23 Зиусхьаным ихабзэ итым тетэу – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 13:2.

2:24 Зиусхьаным ихабзэ иунашъо тетэу – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 12:8.

2:26 Христос – Мессихьыр ары. Пачъыхьэ Даутэ ылъэпкъ къытехъукIыгъэу, пегъэмбархэм къызэраIуагъэм тетэу, Израил цIыфхэм шъхьафитныгъэрэ мамыр тетыгъомрэ аригъэгъотынхэу Тхьэм ахэр къызэригъэгугъэгъэ пщы лъапIэр ары.

2:32 хымэ лъэпкъхэр – мыджуртхэр ары.

33 Юсыфрэ сабыим янэрэ Симеон сабыим ехьылIагъэу
къыIогъэ гущыIэхэр агъэшIэгъуагъэх. 34 ЕтIанэ ахэмэ
ынэшIу къащифэнэу Симеон Тхьэм афелъэIуи, сабыим
янэ Мерэм риIуагъ:

–Израил щыщ цIыфыбэхэр мы сабыим текIодэнхэм
пайй, цIыфыбэхэри мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэм пайй,
нэшанэу цIыфхэр къызпэуцущтыр хъуным пайй, Тхьэм
ар къыгъэкIуагъ. 35 Арэущтэу цIыфыбэмэ агухэм ары-
лъхэр нафэ къэхъущтых. Сэшхом фэдэу гукъэошхом
о угуи къыуIэщт.

36 Асир зыцIэ унагъом щыщэу, Фануил ыпхъоу Аннэ
ыцIэу зы пегъымбар бзылъфыгъэ горэ щыIагъ. Ыныбжь-
кIэ лъэшэу хэкIотагъэу щытыгъ. ЗыдэкIо ужым илъэси-
блэ илI игъусагъ. 37 ЕтIанэ лIыр лIи, бзылъфыгъэр
ыныбжь тIокIиплIырэ плIырэ охъуфэ шъузабэу щытыгъ.
Чэщи мафи Тхьэм иунэшхо къычIэмыкIэу, нэкIэу, Тхьэм
елъэIоу, чэщи мафи Тхьэм фэлажьэу щытыгъ. 38 А ныор
а сыхьат дэдэм Мерэмрэ Юсыфрэ абгъодахьи, Тхьэм
щытхъу фишIи, Тхьэм Ерусалим шъхьафитныгъэ къызэ-
рэритыщтым паплъэхэу щытыгъэ цIыфхэм сабыим игу-
гъу къафишIы зэпытыщтыгъ.

39 Мерэмрэ Юсыфрэ Зиусхьаным ихабзэ иунашъо тетэу,
зэкIэри загъэцакIэ ужым, Галилей хэкум щыщ якъалэу
Назарет агъэзэжьыгъ. 40 Сабыим хахъуи, ыгуи ыпсэ-
ми ахэхъуагъ, зэхэшIыкIыныгъэ иIэ хъугъэ, Тхьэм
ынэшIуи ащ къыщифэу щытыгъ.

## КIалэу Исус Тхьэм иунэшхо зэрэкIуагъэр

41 Илъэс къэс Исус янэ–ятэхэр Пасхъэ зыцIэ мэфэкI
мэфэшхом* дэжь Ерусалим кIощтыгъэх. 42 КIалэр илъэс
пшIыкIутIу зэхъум, хабзэм тетэу мэфэкI мэфэшхом
пае Ерусалим кIуагъэх. 43 МэфэкI мэфэшхо мафэхэр

---

2:41 Пасхъэ зыцIэ мэфэкI мэфэшхор – Пасхъэ зыцIэ мэфэкI мэфэшхомрэ Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхохэмрэ зэдагъэлъапIэхэзэ, Тхьэм Мысырым (Египет) къызэрэригъэкIыжьыгъагъэхэр джуртхэм агъэлъапIэ. Пасхъэ мэфэкI мэфэшхор Нисан зыцIэ мазэм и 14–м тефэ (яплIэнэрэ мазэм иапэрэ мафэ пэгъунэгъу). Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхохэм Нисан и 15–22 мафэхэм къакIоцI агъэлъапIэ. А мафэхэм тэджэпс тхьацум халъхьэрэп.

зыблэкIхэм, янэ–ятэхэм якъалэ къагъэзэжьы зэхъум,
ахэмэ амышIэу кIалэу Исус Ерусалим къыдэнагъ.
44 Адрэ ягъусэхэм ахэтэу гугъэхэу, янэ–ятэхэр зы мафэ
гъогум тетыгъэх. ЕтIанэ яблагъэхэмрэ яныбджэгъухэмрэ
адэжь кIалэм щылъыхъухэу аублагъ. 45 Къызамыгъоты-
жьым, лъыхъухэзэ, Ерусалим къагъэзэжьыгъ. 46 Мэфищ
ужым Тхьэм иунэшхо чIэсэу, дин гъэсакIохэмэ ахэ-
сэу, ахэмэ къаIорэм едэIоу ыкIи яупчIэу къагъоты-
жьыгъ. 47 КIалэм ыIорэм къедэIущтыгъэ пстэуми игу-
бзыгъагъэрэ ипэгъокIхэмрэ агъэшIагъощтыгъэх. 48 Янэ-
ятэхэм кIалэр залъэгъум, агъэшIэгъуагъ.

–А кIал, сыда къытэпшIагъэр?– къыриIуагъ янэ. –Уяти
сэри гумэкIыгъом тыхэтэу тыкъыплъэхъу.

49 –Сыд пае шъукъыслъыхъура?– ариIожьыгъ ежьым.
–Сэ Сятэ иунэшхо сычIэсын зэрэфаер шъушIэрэба?

50 Ау кIалэм гущыIэхэу къариIуагъэхэр къагуры-
Iуагъэхэп.

51 ЕтIанэ янэ–ятэхэм ягъусэу Исус Назарет ехыжьыгъ,
афэIорышIэуи щытыгъ. Янэ мы Iофхэр зэкIэ ыгу риубы-
тагъэх. 52 Исус хахъозэ, изэхэшIыкIыныгъи хахъозэ, Тхьэ-
ми цIыфхэми агу къеIугъ.

# ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

## УмэхъэкIо Иуан Тхьэм игущыIэхэр зэригъэIущтыгъэхэр

(Маттэ 3:1–12; Марк 1:1–8; Иуан 1:19–28)

Кайсар Тиверый* итетыгъо ипшIыкIутфэнэрэ илъэсыр арыгъэ; Понтый Пилат* зыцIэр Иудей хэкум иIэшъхьэтетэу щытыгъ; Ироди* Галилей хэкум ипщэу щытыгъ;

---

3:1 Тиверый – Исус къызэхъу нэужым я 14–37 илъэсхэм къакIоцI Рим (Рум) Кайсарэу щытыгъ.

3:1 Понтый Пилат – Рим цIыфхэм ащыщэу, Понтый Пилат, Исус къызэхъу нэужым я 26–36 илъэсхэм къакIоцI, хэкухэу Иудей, Самарие, Идумей яIэшъхьэтетэу щытыгъ.

3:1 Ирод – Ирод Антипэ ары. Исус къэхъуным ыпэкIэ я 4–рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу Исус къызэхъу нэужым я 39–рэ илъэсым нэсыфэ, ар Галилей хэкумрэ Перей хэкумрэ япщэу щытыгъ.

ышы Филипп* Итурей хэкумрэ Трахонит хэкумрэ япщэу щытыгъ. Лисание зыцIэр Авилиней хэкум ипщэу щытыгъ.
2 Аннэрэ Кайафэрэ* дин пэщэшхохэу* щытыгъэх. А мафэхэр ары Зэкъарие ыкъо Иуанэу шъоф нэкIым щыпсэущтыгъэм Тхьэм игущыIэхэр къызыфехыгъэхэр.
3 Иуан Иордан псыхъом иIэгъо-благъо зэкIэ къыкIухьэу, цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр аригъэIухэзэ, мырэущтэу къыIощтыгъ:

–ШъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожьи, зысэжъугъэумэхъ*, Тхьэм ахэр къышъуфигъэгъунхэм пае.

4 Мы Iофхэр зэкIэ хъугъэх, пегъымбар Исайас игущыIэхэр зэрыт тхылъым зэритым фэдэу,*

«Шъоф нэкIым зы джэ макъэ горэ къыщэIу:
Зиусхьаным игъогу фэжъугъэпси,
игъогу лъагъохэр зэшъхьэ-зэшъоу фэшъушIых.
5 Сыдрэ къуладжи сэищт, сыдрэ Iуашъхьи бги къефэхыщт.
Гъогу IонтIагъэхэр занкIэу хъущтых.
Зэшъхьэ-зашъоу щымыт гъогухэр зэшъхьэ-зашъоу хъущтых.
6 ЦIыфхэр мыкIодхэу Тхьэм къызэригъэнэжьхэрэр

---

3:1 Филипп – Исус къэхъуным ыпэкIэ 4-рэ илъэсым щегъэжьагъэу Исус къызэхъу нэужым я 34-рэ илъэсым нэсыфэ, Итурей хэкумрэ Трахонит хэкумрэ япщэу щытыгъ. Ахэр хэгъэгум итемыр тыгъэ къыкъокIыпIэ лъэныкъом итыгъэх.

3:2 Аннэрэ Кайафэрэ – Исус къызэхъу нэужым я 6–15 илъэсхэм къакIоцI Аннэ дин пэщэшхоу щытыгъ. Кайафэу Аннэ ыпхъум илI я 18–36 илъэсхэм къакIоцI дин пэщэшхоу щытыгъ.

3:2 дин пэщэшхор – дин пащэхэм ятхьаматэуи Тхьэмэтэ Хэсэшхом итхьаматэуи щытыгъ.

3:3 умэхъыныр – «ШъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожьи, зысэжъугъэумэхъ, Тхьэм ахэр къышъуфигъэгъунхэм пае», ыIоти, умэхъэкIо Иуан (Яхья) цIыфхэр псым чIигъаощтыгъэх (ыумэхъыщтыгъэх). Исус уашъом зыдэкIоежьыгъэм къыщегъэжьагъэу, цIыфхэм диным ехьылIагъэу тетыгъо зиIэ цIыф горэм зырагъэумэхъы – а цIыфым ахэр псым чIегъаох, е псы тIэкIу ашъхьэхэм атыреутхэ. Арэущтэу ИсускIэ шIошъхъуныгъэ яIэ зэрэхъугъэр къагъэлъагъо. Ащ нэмыкIэуи Исус лIи, лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэм пае япсэкIодхэр къафэгъугъэхэу, мыкIодыжьын щыIэныгъэ яIэ зэрэхъугъэми шыхьат фэхъух.

3:4–6 пегъымбар Исайас игущыIэхэр зэрыт тхылъым зэритым фэдэу – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 40:3–5.

цIыф пстэуми алъэгъущт».

[7] ЦIыф купышхохэм зырагъэумэхъынэу Иуан ыдэжь
къыдэкIыгъэх. Ежьым ахэмэ ариIуагъ:

–Шъо блэщылъфхэр!* Тхьэм игубжэу къэкIощтым
шъуIэкIэкIынэу хэта шъушъхьэ къизылъхьагъэр? [8] Шъуи-
псэкIодхэм шъуафыкIэгъожьыным фэшъошэ Iофы-
шIухэр жъугъэцакIэх. «Ибрахьим тэ тят ары», шъу-
гукIэ шъуIон шъуфитэу шъумыгугъ, сыда пIомэ сэ
шъосэIо, Тхьэм мы мыжъохэм Ибрахьимэ пае бынхэр къа-
хигъэхъукIынхэ ылъэкIыщт. [9] Ощыр чъыг лъапсэхэм аты-
раубытэгъах. Арэущтэу сыдрэ чъыгэу шIугъэ къызпы-
мыкIэрэр раупкIынышъ, машIом падзэщт.

[10] ЦIыф купышхохэр Иуан къеупчIыгъэх:

–Сыда адэ тэ тшIэщтыр?

[11] –Хэти джэнитIу зиIэм джанэ зимыIэм зыр рерэт,– ари-
Iожьыгъ ахэмэ. –Шхын зиIэми шхын зимыIэм рерэт.

[12] Хьакъулахь ахъщэр* хэзыххэрэми зырагъэумэхъы-
ным пае, Иуан ыдэжь къакIохи къеупчIыгъэх:

–Дин гъэсакIу, тэ сыда тшIэщтыр?

[13] –ЦIыфхэм къаIышъухын фаем нахьыбэ къаIышъу-
мых,– ариIожьыгъ ахэмэ.

[14] –Адэ, тэ сыда тшIэщтыр?– аIуи, дзэлIхэри Иуан къеуп-
чIыгъэх.

–Зыми егъэзыныгъэкIэ иахъщэ къытешъумых, зыми
пцIыкIэ шъуемыдау. Ахъщэ лэжьапкIэу къышъуатырэм
шъуезэгъ,– ариIожьыгъ ахэмэ.

[15] –Мы Иуан Христосэу* зыфаIорэр ары шъуIуа?–
аIоу, гугъапIэ яIэу цIыфхэр зэкIэ агухэмкIэ зэупчIы-
жьыщтыгъэх.

---

3:7 блэщылъф – блэм къыхэкIырэ лъфыгъэр ары.

3:12 хьакъулахь ахъщэр – цIыфхэр къалэ горэм дахьэхэ е дэкIыхэ зыхъукIэ, псэуалъэхэу, хьапщыпхэу, лэжьыгъэхэу яIэхэм Рим (Рум) къэралыгъошхом (хьыкумэтым) ахъщэу атырилъхьащтыгъэр ары. ЦIыфхэм, анахьэу дин тхьаматэхэм, хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэр зэрапэсыщтыгъэхэп, гъэнэфэгъэ дин унашъохэр къырамыдзэхэу зэрэщытыгъэхэм пае.

3:15 Христос – Мессихьыр ары. Пачъыхьэ Даутэ ылъэпкъ къытехъукIыгъэу, пегъымбархэм къызэраIуагъэм тетэу, Израил цIыфхэм шъхьафитныгъэрэ мамыр тетыгъорэ аригъэгъотынхэу Тхьэм ахэр къызэригъэгугъэгъэ пщы лъапIэр ары.

[16]–Сэ псымкIэ шъусэумэхъы, ау сэщ нахьи нахь лъэ-
кIыныгъэшхо иIэу зыгорэ къэкIощт,– ариIуагъ Иуан
ахэмэ зэкIэ. –Ащ ицокъэлъэпсхэр фэстIэтэнхэуи сифэ-
шъуашэп. Ащ Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэрэ машIомрэкIэ шъо
шъуиумэхъыщт. [17]Ащ ихьанцэ ыIэ кIэлъ, ихьамэщи ыу-
къэбзыжьынышъ, икоци иконхэм аритэкъожьыщт, ау
уарзэр мыкIосэжьын машIомкIэ ыгъэстыщт.
[18]Арэущтэу Иуан цIыфмэ нэмыкI Iофыбэхэр аригъа-
шIэхэзэ, къэбарышIур аригъэIущтыгъ.
[19]Пщы Ирод, ежь ышы* псаоу пэтми, а шым ишъузэу
Иродиадэ зыцIэр къызэрищэжьыгъэм пайий, ащ нэмыкI
бзэджагъэу ышIэгъэ пстэуми апаий, Иуан пщы Ирод егыигъ.
[20]Джащыгъум Ирод бзэджагъэу ышIэгъэ пстэуми ахигъа-
хъуи, идзэлIхэм Иуан хьапсым чIаригъэдзагъ.

## Иуан Исус зэриумэхъыгъэр

(Маттэ 3:13-17; Марк 1:9-11)

Иуан цIыф пстэури ыумэхъыхэ зэхъум, Исуси ыумэ-
хъыгъ. Исус Тхьэм зелъэIум, уашъор зэIукIи, [22]тхьар-
къом ыпкъ фэдэу пкъы иIэу, Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ Исус
къыфехыгъ. Уашъом зы макъэ горэ къиIукIыгъ:
–Оры сэ шIу слъэгъурэ Скъо кIасэр. Сэ сыгу о къыо-
Iугъ.*

## Исус лъэпкъэу къызхэкIыгъэр

(Маттэ 1:1–17)

[23]Исус иIоф зеублэм, илъэс щэкI ыныбжьыгъ. ЦIыфмэ
къызэрашIошIыгъэм фэдэу, ар Юсыф ыкъуагъ. Ар Илый
ыкъуагъ. [24]Ар Матфат ыкъуагъ. Ар Левый ыкъуагъ.
Ар Мелхый ыкъуагъ. Ар Ианнай ыкъуагъ. Ар Юсыф

---

3:19 ыш – ышы Филиппэу (еплъ Марк 6:17) Рим (Рум) къэлэшхом щы-
псэущтыгъэр ары.

3:22 Оры сэ шIу слъэгъурэ Скъо кIасэр. Сэ сыгу о къыоIугъ – еплъ
Сэбур (Псалтыр) 2:7; Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм
22:2; Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 42:1.

ыкъуагъ. 25 Ар Маттафый ыкъуагъ. Ар Амос ыкъуагъ.
Ар Наум ыкъуагъ. Ар Еслим ыкъуагъ. Ар Наггей
ыкъуагъ. 26 Ар Мааф ыкъуагъ. Ар Маттафый ыкъуагъ.
Ар Семей ыкъуагъ. Ар Юсыф ыкъуагъ. Ар Иудэ
ыкъуагъ. 27 Ар Иоаннан ыкъуагъ. Ар Рисай ыкъуагъ.
Ар Зоровавел ыкъуагъ. Ар Салафиил ыкъуагъ. Ар Ни-
рый ыкъуагъ. 28 Ар Мелхый ыкъуагъ. Ар Аддый ыкъуагъ.
Ар Косам ыкъуагъ. Ар Елмодам ыкъуагъ. Ар Ир
ыкъуагъ. 29 Ар Иосие ыкъуагъ. Ар Елиезер ыкъуагъ. Ар
Иорим ыкъуагъ. Ар Матфат ыкъуагъ. Ар Левый
ыкъуагъ. 30 Ар Симеон ыкъуагъ. Ар Иудэ ыкъуагъ. Ар
Юсыф ыкъуагъ. Ар Ионан ыкъуагъ. Ар Елиаким
ыкъуагъ. 31 Ар Мелеай ыкъуагъ. Ар Майнан ыкъуагъ.
Ар Маттафай ыкъуагъ. Ар Нафан ыкъуагъ. Ар Даутэ
ыкъуагъ. 32 Ар Иессе ыкъуагъ. Ар Овид ыкъуагъ. Ар
Вооз ыкъуагъ. Ар Сэлмон ыкъуагъ. Ар Наасон ыкъуагъ.
33 Ар Аминадав ыкъуагъ. Ар Арам ыкъуагъ. Ар Есром
ыкъуагъ. Ар Фарес ыкъуагъ. Ар Иудэ ыкъуагъ. 34 Ар
Якъубэ ыкъуагъ. Ар Исхьакъ ыкъуагъ. Ар Ибрахьимэ
ыкъуагъ. Ар Фаррэ ыкъуагъ. Ар Нахор ыкъуагъ. 35 Ар
Серух ыкъуагъ. Ар Рагав ыкъуагъ. Ар Фалек ыкъуагъ.
Ар Евер ыкъуагъ. Ар Салэ ыкъуагъ. 36 Ар Кайнан
ыкъуагъ. Ар Арфаксад ыкъуагъ. Ар Сим ыкъуагъ. Ар
Нухьэ ыкъуагъ. Ар Ламех ыкъуагъ. 37 Ар Мафусал
ыкъуагъ. Ар Енох ыкъуагъ. Ар Иаред ыкъуагъ. Ар
Малелеил ыкъуагъ. Ар Кайнан ыкъуагъ. 38 Ар Енос
ыкъуагъ. Ар Сиф ыкъуагъ. Ар Адэм ыкъуагъ. Ар Тхьэм
ий.

## ЯПЛІЭНЭРЭШЪХЬ

### Шэйтаныр Исус псэкIод ригъэшIэнэу ыуж зэритыгъэр

(Маттэ 4:1–11; Марк 1:12–13)

Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ инэу ыгу илъэу, Исус Иордан
псыхъом къыIукIыжьыгъ. 2 Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ ежьыр
шъоф нэкIым ыщагъ. А чIыпIэм шэйтаныр ежьым псэкIод
ригъэшIэнэу мэфэ тIокIитIурэ ыуж итыгъ. А мафэхэм
Исус зи ышхыгъэп, ахэри зытешIэхэ ужым къэмэлэкIагъ.

3 Джащыгъум шэйтаңым Исус къыриIуагъ:
–О Тхьэм ури Къомэ, мы мыжъор хьалыгъу хъунэу
унашъо фэшI.
4 –Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт,–* риIожьыгъ Исус,
–«Хьалыгъу закъор арэп цIыфыр зэрэпсэущтыр,
сыдрэ гущыIэу Тхьэм ыдэжь къикIырэр ары нахь».
5 ЕтIанэ шэйтаным Исус чIыпIэ лъагэ горэм дищаий,
зы нэплъэгъукIэ дунаим тет пачъыхьагъо пстэури къы-
ригъэлъэгъугъэх. 6 Ащ Исус къыриIуагъ:
–Мы пачъыхьагъохэм ятетыгъо пстэумрэ щытхъушхоу
яIэмрэ о остыщтых, сыда пIомэ сIэ илъых ыкIи сэ
сызфаем естынэу сыфит. 7 Лъэгонджэмышъхьэу укъэ-
тIысэу, сэ сыбгъэлъапIэмэ, ахэр зэкIэри оуие хъущтых.
8 –Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт,–* риIожьыгъ Исус,
–«Зиусхьанэу уи Тхьэ бгъэлъапIэзэ, ежьым изакъоу уфэ-
лэжьэн фае».
9 Ащ ыужым шэйтаным Исус Ерусалим ыщи, Тхьэм
иунэшхо нахь лъэгапIэу иIэм тыригъэуцуи къыриIуагъ:
–О Тхьэм ури Къомэ, мыщ дэжьым зыщедзых; 10,11 сыда
пIомэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт:*
«Тхьэм имэлэIичхэм укъаухъумэнэу унашъо
къафишIыщт,
о плъакъокIи мыжъом уемыутэкIыным пае,
аIэхэмкIэ уаIэтыщт».
12 –Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт,–* риIожьыгъ Исус,
–«Зиусхьанэу уи Тхьэ умыушэты».
13 ЕтIанэ шэйтаным Исус псэкIод зэригъэшIэн Iэмал пстэу-
ри зеухым, игъо къыфифэмэ къыгъэзэжьынэу IукIыжьыгъ.

---

4:4 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 8:3.

4:8 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 6:13.

4:10–11 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Сэбур (Псалтыр) 91:11–12 (урыс библиемкIэ 90:11–12).

4:12 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 6:16.

## Исус иIоф Галилей хэкум зэрэщиублагъэр

(Маттэ 4:12–17; Марк 1:14–15)

14 ЕтIанэ Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ илъэкIыныгъэкIэ Исус
Галилей хэкум ыгъэзэжьыгъ. Исус икъэбар а хэкум
зэкIэ щыIугъ. 15 ЦIыф пстэуми щытхъу къыфашIэу, Исус
ахэмэ ясинэгогухэм* Тхьэм игущыIэхэр щаригъашIэщтыгъэх.

## Назарет дэс цIыфхэм Исус зэрамыштагъэр

(Маттэ 13:53–58; Марк 6:1–6)

16 Исус зыщапIугъэ Назарет къалэм* къэкIуагъ. Зэрихабзэу шэмбэт мафэм* синэгогум чIэхьагъ. ЗычIахьэм,
Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм ащыщхэм афяджэнэу апашъхьэ
къиуцуагъ. 17 Пегъымбар Исайас итхылъ къыратыгъ. Тхылъыр къызэIуихи, мырэущтэу зэрытхэгъэ чIыпIэр къыгъотыгъ:*

18 «Зиусхьаным Ыпсэ ЛъапIэ сыгу илъ хъугъэ;
сыда пIомэ Тхьэм дэгъэ лъапIэр къысщифагъ.
КъызкIысщифагъэр тхьамыкIэхэм къэбарышIур
язгъэIуныр ары.
Зыгу кIодыгъэхэр згъэхъужьынхэуи,
хьапсчIэсхэр шъхьафит зэрэхъужьыщтхэр
язгъэIунэуи,
нэшъухэр къэзгъэплъэжьынхэуи,
къин зыщэчыхэрэр шъхьафит сшIыжьынхэуи
Тхьэм сыкъигъэкIуагъ.
19 Зиусхьаным ынэшIу цIыфхэм къазыщифэщт илъэсыр
къызэрэсыгъэм икъэбар язгъэIунэуи
сыкъигъэкIуагъ».

20 Исус етIанэ тхылъыр зэгуилъхьэжьи, синэгогу Iофы-
шIэм ритыжьи тIысыгъэ. Синэгогум чIэс цIыф пстэуми

---

4:15 синэгогу – джуртмэ ятхьэлъэIупIэ ары.

4:16 Назарет къалэр – еплъ 1:26.

4:16 шэмбэт мафэр – джуртхэм ямэфэ лъапI ары. А мафэм хэти Iоф ышIэн фитэп.

4:17–19 зэрытхэгъэ чIыпIэр къыгъотыгъ – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 61:1–2; 58:6.

анэхэр тырагъэкъагъэхэу ежьым еплъыщтыгъэх. 21 Исус
ахэмэ ариIоу ыублагъ:

–Зэхэшъухы пэтзэ, мы гущыIэхэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр непэ къэшъыпкъэжьыгъэх.

22 ЦIыфхэм агу инэу Исус еIугъ, игущыIэ дахэхэри
агъэшIэгъуагъэх. Ахэмэ къаIуагъ:

–Юсыф ыкъу арыба мыр?

23 –Щэч хэмылъэу, мы гущыIэжъыр къысэшъуIощт:
«Iазэ, зыгъэхъужь!»– ариIуагъ Исус. –Капернаум къалэм
Iофэу щыпшIагъэхэу зэхэтхыгъэхэр мы къалэу уянэ
икъалэ щышIэх.

24 Исус етIани къыпигъэхъожьыгъ:

–Шъыпкъэр шъосэIо, хэтрэ пегъымбар янэ икъалэ
щадэрэп. 25 Ау шъыпкъэр шъосэIо, пегъымбар Иляс*
имафэхэм илъэсищырэ мэзихырэ уашъом щыIэ Тхьэм
ощхыр къемыщхэу зыпеупкIым, хэкум тыдэкIи гъэблэшхуи зыщэхъум, Израил хэгъэгум шъузэбэ Iаджи исыгъэх.
26 Ау щытми, ахэмэ ащыщ горэм ыдэжь Тхьэм Иляс ыгъэкIуагъэп, Сидон къалэм иIэгъо–благъо щыщ Сарептэ къуаджэм дэс шъузабэ горэм ыдэжь ыгъэкIуагъэ нахь. 27 Ащ
фэдэуи, пегъымбар Елисей* имафэхэм шъоджэ уз Iаер зиIэ
цIыфыбэхэр Израил исыгъэх, ау Елисей ахэмэ ащыщэу зи
ыгъэхъужьыгъэп. Сирие хэкум щыщэу Неман зыцIэр ыгъэхъужьыгъэ нахь.

28 Ар зызэхахым, синэгогум чIэс цIыф пстэури лъэшэу
къэгубжыгъэх. 29 Къызщылъэтхи, Исус къалэм дафи,
къалэр зытет бгышъхьэм радзыхынэу ащагъ. 30 Ау Исус
ахэмэ азыфагу дэдэм кIоцIырыкIи IукIыжьыгъ.

## Исус лIы горэм джынэпцIэ Iае зэрэхифыгъэр

(Марк 1:21–28)

31 ЕтIанэ Исус Галилей хэкум щыщ Капернаум къалэм*
къехи, шэмбэт мафэм цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр ари-

---

4:25–26 пегъымбар Иляс – еплъ Пачъыхьэхэм якъэбархэр зэрыт апэрэ тхылъым (3–я Царств) 17:1.

4:27 пегъымбар Елисей – еплъ Пачъыхьэхэм якъэбархэр зэрыт ятIонэрэ тхылъым (4–я Царств) 5:1–4.

4:31 Капернаум къалэр – Галилей псыхъураем итемыр тыгъэ къохьэпIэ Iушъом Iут.

гъашІэхэу ыублагъ. 32 ЦІыфхэм Исус Іофхэр зэраригъа-
шІэщтыгъэ шІыкІэр лъэшэу агъэшІэгъуагъ, сыда пІомэ
тетыгъошхо иІэу, ахэмэ адэгущыІэщтыгъэти ары.
33 Синэгогум джынэпцІэ Іае зыхэс лІы горэ щыІагъ. Ар
мэкъэшхокІэ къахэкууагъ:
34 –Еоой! Сыд уиІофэу къытхэлъыр, Назарет щыщ
Исус? ТыбгъэкІодынэу укъэкІуагъа? О хэтми узщыщыр
сэшІэ: Тхьэм ыдэжь къикІыгъэ ЛъапІэр оры!
35 –Щыгъэт, мы лІым хэкІыжь!– къыІуагъ Исус джы-
напцІэм егыеу. ДжынапцІэм зэкІэмэ апашъхьэ лІыр
къыриути, зи римышІэу хэкІыжьыгъ.
36 ЗэкІэми лъэшэу агъэшІагъоу зэраІожьыщтыгъ:
–Мыр сыда? Тетыгъошхорэ лъэкІыныгъэшхорэ иІэу,
джынэпцІэ Іаехэм унашъо афишІызэ, цІыфхэм ахефых.
37 Джауштэу Исус икъэбар Іэгъо–блэгъо хэкум тыдэкІи
щыІугъ.

## Исус цІыфыбэхэр зэригъэхъужьыгъэхэр

(Маттэ 8:14–17; Марк 1:29–34)

38 Исус синэгогум къычІэкІыжьи, Симон иунэ ихьагъ.
Симон ишІугуащэ плъырстырым инэу ригъэзыгъэу пІэм
хэлъыгъ. Исус ар ыгъэхъужьынэу елъэІугъэх. 39 Исус
сымаджэм шъхьэщыуцуи, плъырстырым егыий, хигъэ-
кІыжьыгъ. Бзылъфыгъэр занкІэу къэтэджыжьи, ахэр
къыхьакІэхэу ыублагъ.
40 Тыгъэр къохьажьы зэхъум, уз зэфэшъхьаф зиІэ сы-
маджэхэр зэкІэри Исус къыфащэхэу цІыф пстэуми
аублагъ. Ахэмэ ащыщ пэпчъ ыІэ тырилъхьазэ, ыгъэ-
хъужьыщтыгъэх. 41 ДжынапцІэхэр цІыфыбэхэм къахэ-
кІыжьыщтыгъэх ыкІи къэкуощтыгъэх:
–Оры Христосэу Тхьэм Ыкъо!
Ар зэрэ–Христосыр ахэмэ ашІэщтыгъэти, Исус ягыйти,
къэгущыІэнхэу фит ышІыщтыгъэхэп.

### Исус Галилей хэкур къыкIухьэзэ, Тхьэм игущыIэхэр цIыфхэм зэраригъэIущтыгъэхэр

(Марк 1:35–39)

42 Нэф къызэшъым, Исус къалэм дэкIи, чIыпIэ Iудзыгъэ
горэм кIуагъэ. Ау цIыф купышхохэр ежьым лъыхъухи
къызагъотыжьым, адэжь къагъэнэнэу пылъыгъэх.
43 –НэмыкI къалэхэми Тхьэм и Тетыгъошхо* ехьылIэгъэ
къэбарышIур цIыфмэ щязгъэIун фае. Джары Тхьэм
сыкъызфигъэкIуагъэр,– ариIуагъ Исус.
44 Арэущтэу Галилей хэкум ит синэгогухэм Тхьэм игущыIэхэр цIыфмэ щаригъэIущтыгъэх.

## ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

### Исус апэрэ нэбгырищыр игъогу рыкIонхэу къызэряджагъэр

(Маттэ 4:18–22; Марк 1:16–20)

Мафэ горэм Исус Геннисарет зыцIэ псыхъураем* Iутэу,
Тхьэм игущыIэхэм ядэIунхэм пае, цIыф купышхохэр къэзэрэугъоихи тезэрэгъэбэнагъэх.
2 А чIыпIэм псы Iушъом къошъуитIу Iутэу Исус ылъэгъугъ. Пцэжъыяшэхэр
ахэмэ къарыкIыгъэхэу, яхъытыухэр агъэкъэбзэщтыгъэх.
3 А къуашъохэм язэу Симон ием Исус ихьи, тIэкIу
IукIотынэу Симон риIуи тIысыгъэ. ЕтIанэ къуашъом исэу,
цIыф купышхохэм Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэхэу
ыублагъ.
4 ЦIыфхэм зарегъашIэхэ ужым, Исус Симон риIуагъ:

---

4:43 Тхьэм и Тетыгъошхо – Тхьэм мы дунаеми, мы дунаем ицIыфхэми тетыгъошхоуи лъэкIыныгъэшхоуи афыриIэр ары. Инджылыр Тхьэм и Тетыгъошхо зытегущыIэкIэ, зыфиIорэр загъорэ мы уахътэм Тхьэм тетыгъошхоу иIэр ары, загъори къэкIощт уахътэм тетыгъошхоу иIэщтыр ары, загъори Тхьэм ыдэжь мыкIодыжьын щыIэныгъэ щыуиIэныр ары.

5:1 Геннисарет зыцIэ псыхъураер – Галилей псыхъураер ары. Галилей хэкум ит псыхъурай. ИкIыхьагъэ километрэ 21–рэ мэхъу, инахь шъомбгъуапIэр километрэ 13 мэхъу.

–КуупIэм хахьи, пцэжъые къэшъуубытыным пае, шъуихъытыухэр хажъудзэх.
[5] –Тхьаматэ, чэщы реным бэрэ тыулэугъ, ау зи къэтыубытыгъэп,– къыIожьыгъ Симон. –Ау о зэрэпIорэм тетэу, джыри зэ хъытыухэр сэ хэздзэжьыщтых.
[6] Хъытыухэр зыхадзэхэм, пцэжъыябэхэр къаубытыгъэти, яхъытыухэр зэготхъыхэу аублагъ. [7] Ягъусэхэу адрэ къуашъом исхэр къэкIонхэшъ, къадэIэпыIэнхэу Iэ афашIыгъ. Ахэр къакIохи, чIэбынкIэ щынагъоу къошъуитIумэ пцэжъые арызэу ашIыгъ.
[8] Симон Петрэ ар зелъэгъум, Исус ылъакъохэм адэжь зыщыридзыхи ыIуагъ:
–Сэ збгъодэкI, Зиусхьан! Сэ сыпсэкIодышIэ цIыф.
[9] Ар зыкIиIуагъэр пцэжъыехэу къаубытыгъэхэр зэрэбагъэм пае, ежьыми адрэ игъусэхэми агучIэ изыгъагъэти
ары. [10] Ащ фэдэу Зеведей ыкъуитIоу Якъуби Иуани
Симон дэлажьэщтыгъэхэми агучIэ изыгъагъ.
–Умыщын,– риIуагъ Исус Симон. –Пцэжъые къэуубытыным пае, ыуж узэритыгъэм фэдэу, джы къыщегъэжьагъэу цIыфхэр сэ сигъогу къытебгъэхьащтых.
[11] ЕтIанэ ахэмэ якъуашъохэр псым къыхалъэшъужьхи, зэпстэури къагъани, Исус ыуж ихьагъэх.

## Исус шъоджэ уз Iае зиIэ лIы горэ зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 8:1–4; Марк 1:40–45)

[12] Исус къалэ горэм щыIэу, лIы горэ шъоджэ уз Iаер ыпкъ хизэу къэкIуагъ. Ащ Исус зэрилъэгъугъэм тетэу, чIыгум бгъэгукIэ зыщыридзыхи елъэIугъ:
–Тхьаматэ, уфаемэ сыбгъэхъужьын плъэкIыщт.
[13] Исус ыIэ ыщэий, теIаби* къыIуагъ:
–Сыфай, псаоу хъужь!
Ардэдэм шъоджэ узыр а лIым хэкIыжьыгъ. [14] Исус
ащ фигъэпытэу риIуагъ:
–Мыр зыми емыIотэжь, ау дин пащэм ыдэжь кIуи, зегъэлъэгъу. Узэрэхъужьыгъэм пае, пегъымбар Мусэ иунашъо тетэу къурмэн шIы. Ар узэрэхъужьыгъэмкIэ цIыфхэм апашъхьэ шыхьат щыхъущт.

---

5:13 теIаби – шъоджэ уз Iае зиIэм утеIабэ хъущтыгъэп.

[15] Ау Исус икъэбар ыпэм нахьи нахьыбэу цIыфмэ
ахэхьагъэу хъугъэ. Арэущтэу цIыф купышхохэр Исус
къыIохэрэм къядэIунхэу, яузхэри рагъэгъэхъужьынхэу
ыдэжь къакIохэу хъугъэ. [16] Ау Исус цIыфмэ ахэкIызэ,
Iудзыгъэ чIыпIэхэм Тхьэм щелъэIуным пае, кIонэу ихаб-
зэу щытыгъ.

## Исус лIы горэу зыIэпкъ–лъэпкъ узым зэкIиубытагъэр зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 9:1–8; Марк 2:1–12)

[17] Зы мафэ горэм Исус цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр
аригъашIэщтыгъэх. Галилей хэкум щыщ къоджэ пстэуми,
Иудей хэкум щыщ къоджэ пстэуми, Ерусалими къа-
рыкIыгъэхэу, фарисейхэри* Тэурат егъэджэкIо пащэхэ-
ри* Исус къедэIущтыгъэ цIыфхэм ахэсыгъэх. Сымаджэ-
хэр ыгъэхъужьынхэу Зиусхьаным ыкIуачIэ Исус хэлъыгъ.
[18] Джащыгъум лIы горэу зыIэпкъ–лъэпкъ узым зэкIи-
убытагъэр пIуаблэм телъэу нэбгырэ заулэмэ къахьызэ,
Исус ыпашъхьэ ралъхьаным пае, унэм рахьанэу пылъыгъэх.
[19] Ау цIыфхэр зэрэбагъэм къыхэкIыкIэ сымаджэр унэм
рахьан алъэкIыгъэп. Арэущтэу зэхъум, унашъхьэм дэ-
кIуаехи, унашъхьэм щыщ тырахи, сымаджэр пIуаблэм
телъэу, цIыф пстэуми къалъэгъоу Исус ыпашъхьэ къыра-
тIупщэхыгъ.
[20] Ахэмэ яшIошъхъуныгъэ зелъэгъум, Исус а лIым
риIуагъ:

–УипсэкIодхэр къыпфэгъугъэх.

[21] Ар зеIом, Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ фарисей-
хэмрэ агухэмкIэ аIоу аублагъ:

–Хэта мыр? Тхьэр егъэпцIыба? Тхьэм нэмыкIэу, хэта
псэкIодхэр зыгъэгъун зылъэкIырэр?

[22] Ау Исус ахэмэ агухэм арылъыр ешIэти ариIуагъ:

–Сыд пае ащ фэдэ Iофхэр шъо шъугукIэ шъуIора?

---

5:17 фарисейхэр – джуртхэм ащыщхэу диным рыкIорэ цIыф купэу щытыгъэх. Ахэр Тэурат хабзэм итхэмрэ ятэжъхэм къакIэныжьыгъэ хабзэхэмрэ агу етыгъэу апылъыщтыгъэх.

5:17 Тэурат егъэджэкIо пащэхэр – Тэурат хабзэм итхэмрэ джуртхэм адрэ тхылъ лъапIэхэу яIэхэм арытхэмрэ цIыфхэм агурызыгъаIоу щытыгъэ пащэхэр ары.

[23] Тара нахь псынкIагъор, «УипсэкIодхэр къыпфэгъу-
гъэх», пIоныр ара, хьауми «Къэтэджи къэкIухь», пIоныр
ара? [24] Ау къэшъушIэныым пае, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо*
псэкIодхэр ыгъэгъунхэу дунаем тетыгъо зэрэщыриIэр,–
джащыгъум Исус лIэу зыIэпкъ–лъэпкъ узым зэкIиубы-
тагъэу щытым риIуагъ: –Сэ осэIо, къэтэджи, уипIуаблэ
къашти, шъуадэжь кIожь!

[25] Ардэдэм а лIыр ахэмэ апашъхьэ къыщытэджи, пIуаблэу
зытелъыгъэр зыдиштэжьи, Тхьэм щытхъу фишIызэ, ядэжь
кIожьыгъэ. [26] ЗэкIэми агучIэ изыгъэу Тхьэм щытхъу фа-
шIыщтыгъ. Щынагъэхэу къаIощтыгъ:

–Сыда гъэшIэгъоныщху тэ непэ тлъэгъугъэр!

## Исус игъогу рыкIонэу Левый къызэреджагъэр

(Маттэ 9:9–13; Марк 2:13–17)

[27] Ащ нэуж Исус къызыдэкIым, хьакъулахь ахъщэ зы-
щыхахырэ унэм Iусэу, хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэ лIы
горэу Левый зыцIэр ылъэгъугъ.

–Сауж къырыкIу,– риIуагъ Исус. [28] Левый къэтэджи,
зэкIэри къыгъани, Исус ыуж ихьагъ.

[29] ЕтIанэ Левый иунэ ешхэ–ешъошхо Исус щыфишIыгъ.
Хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэмрэ нэмыкI хьакIэхэмрэ
бэ хъухэу Iанэм пэсыгъэх. [30] Арэущтэу залъэгъум, фа-
рисейхэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ ар агу римыхьэу,
Исус игъогу рыкIохэрэм араIуагъ:

–Хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэмрэ псэкIод зышIэхэ-
рэмрэ сыда шъузкIадашхэрэр ыкIи шъузкIадешъорэр?

[31] –Псаухэр арэп Iазэ зищыкIагъэхэр, сымаджэхэр ары
нахь,– ариIожьыгъ Исус. [32] –Шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм
сяджэнэу арэп сыкъызфэкIуагъэр, псэкIод зышIэхэрэр
япсэкIодхэм афыкIэгъожьынхэм пае, сяджэнэу ары нахь.

---

5:24 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – «ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо фэдэу уашъом иошъуапщэхэм ахэтэу, зыгорэ къехыгъ», пегъымбар Данил къыIогъэгъэ гущыIэхэр Исус ежь ышъхьэ пае ыIожьыгъэх. ЦIыф Лъэпкъым Ыкъоу зиунэр уашъом щыIэу, уашъом къехыгъэр Исус ары (Иуан 3:13). Гъощагъэхэм алъыхъузэ, мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэм пае, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къэкIуагъ (Лука 19:10). ЦIыфыбэмэ апае шъхьэщэфыжьэу ыпсэ ытыным пае, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къэкIуагъ (Марк 10:45). ЛIагъэхэм къахэтэджыкIыжьын фэягъ (Маттэ 17:9). Ежь Ятэ ищытхъушхо иIэу, дунаем ицIыфхэм хьыкум атришIыхьаным пае, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо дунаем къэкIожьыщт (Маттэ 25:31).

## Джурт тхьаматэхэр нэкIыным ехьылIагъэу Исус къызэреупчIыгъэхэр

(Маттэ 9:14–17; Марк 2:18–22)

33 Фарисейхэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ Исус
къыраIуагъ:

–Иуан игъогу рыкIохэрэм бэрэ анэкIы* ыкIи Тхьэм
елъэIух, фарисейхэмэ ягъогу рыкIохэрэри ары, ау о
уигъогу рыкIохэрэр машхэх ыкIи ешъох.

34 –Шъаор ягъусэфэкIэ, шъаом игъусэхэр жъугъэнэ-
кIынха?– ариIожьыгъ Исус ахэмэ. 35 –Ау шъаор затырахыщт
мафэхэр къэкIощтых. А мафэхэр къызыкIохэкIэ, анэ-
кIыщт.

36 Джащыгъум зы гъэсэныгъэ къэбар ариIуагъ:

–Зыми идэжьын щыгъыныкIэм къыпитхъэу, щыгъы-
ныжъым тыридэрэп. Арэущтэу ышIымэ, щыгъыныкIэр
зэIитхъыжьынышъ, щыгъыныкIэм щыщэу идэжьыныр
щыгъыныжъым екIущтэп. 37 Джащ фэдэу зыми сэнэпс
шIыгъакIэр шъонтыжъхэм аригъахъорэп. Арэущтэу
ышIымэ, сэнэпс шIыгъакIэм шъонтхэр къызэгуитхъын-
хэшъ, сэнэпсри къичъыжьыщт, шъонтхэри кIодыщтых.
38 Ау сэнэпс шIыгъакIэр шъонтыкIэхэм арагъахъон фае.
Ащыгъум тIури мыкIодхэу къэнэжьыщтых. 39 Сэнэпсыжъ
ешъуагъэм сэнэпс шIыгъакIэм ыгу еIущтэп; сыда пIомэ
сэнэпсыжъыр нахь дэгъоу еIошъ ары.

# ЯХЭНЭРЭШЪХЬ

## Исус игъогу рыкIохэрэм шэмбэт мафэм коцышъхьэхэр къызэрэпачыгъэхэр

(Маттэ 12:1–8; Марк 2:23–28)

Шэмбэт мафэ горэм Исус коц хьасэхэм ахэтэу кIозэ,
игъогу рыкIохэрэм коцышъхьэхэр къыпачыхэзэ, IэгукIэ
аIотыхэзэ ашхыщтыгъэх. 2 Фарисей заулэмэ аIуагъ:

---

5:33 анэкIы – агухэмкIэ фаехэу, ахэр тхьамафэ къэс мэфитIо анэкIыщтыгъ.

–Шэмбэт мафэм хабзэкIэ пшIэ мыхъущтыр* сыд пае
шъушIэра?
3 –Даутэрэ игъусэхэмрэ мэлакIэ лIэхэ зэхъум, ащ ышIа-
гъэм шъуеджагъэба?– ариIожьыгъ Исус ахэмэ. 4 –Ар
Тхьэм иунэ ихьи, цIыфхэм Тхьэм ыпашъхьэ агъэтIылъы-
гъэ хьалыгъур* ышти ышхыгъ, игъусэхэми аригъэшхыгъ.
А хьалыгъур дин пащэхэм анэмыкI хабзэкIэ зыгорэм ышхы
мыхъунэу щытыгъ.
5 ЕтIанэ Исус ариIуагъ:
–ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо шэмбэт мафэм итхьамат.

## Исус зыIэ лъэныкъо пыгъукIыгъэу щыт лIы горэ зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 12:9–14; Марк 3:1–6)

6 НэмыкI шэмбэт мафэ горэм Исус синэгогум чIахьи,
цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэщтыгъэх. ЗыIэ джа-
бгъу пыгъукIыгъэу щыт лIы горэ ащ дэжьым чIэтыгъ.
7 Шэмбэт мафэм тефэу Исус а лIыр ыгъэхъужьыщтмэ,
Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ фарисейхэмрэ Исус еплъа-
кIощтыгъэх, зэрагъэмысэн Iоф горэ къагъотыным пае.
8 Ау Исус ахэмэ агухэм арылъыр ышIагъ, лIэу зыIэ
лъэныкъо пыгъукIыгъэми риIуагъ:
–Къэтэджи, мо утыгум къихь.
ЛIыр къэтэджи, утыгум къихьагъ. 9 ЕтIанэ Исус ахэмэ
ариIуагъ:
–Сэ сышъоупчIы. Шэмбэт мафэм шIугъэ пшIэныр ара,
хьауми бзэджагъэ пшIэныр ара хабзэкIэ хъущтыр, псэ
мыкIодэу къэбгъэнэжьыныр ара, хьауми бгъэкIодыныр
ара?
10 ЕтIанэ ахэмэ зэкIэмэ ахаплъи, а лIым
риIуагъ:
–О пIэ къэщэй.
ЛIым ыIэ къыщэий, адрэ Iэм фэдэу хъужьыгъ. 11 Ау ахэр

---

6:2 пшIэ мыхъущтыр – Мусэ и Тэурат хабзэ иунашъо тетэу, шэмбэт мафэм лэжьыгъэ къэпхыныр мыхъунэу щытыгъ. Еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 34:21.

6:4 цIыфхэм Тхьэм ыпашъхьэ агъэтIылъыгъэ хьалыгъур – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 24:5–9.

губжыным къызэкIигъаплъэхи, Исус рашIэщтымкIэ зэупчIыжьыщтыгъэх.

## Исус апостол нэбгырэ пшIыкIутIур къызэрэхихыгъэхэр

(Маттэ 10:1–4; Марк 3:13–19)

12 А мафэхэм Тхьэм елъэIуным пае, Исус Iуашъхьэм
дэкIоягъ. Тхьэм елъэIузэ, чэщыр зэкIэ ащ щигъэкIуагъ.
13 Нэф къызэрэшъэу, игъогу рыкIохэрэм къяджи, ахэмэ
ащыщэу нэбгырэ пшIыкIутIу къахихи, апостолхэкIэ*
яджагъ. А апостолхэр мыхэр арыгъэх: 14 Симонэу ятIонэрэ цIэу Петрэ зыфиусыгъэр; ащ ышэу Индрыс; етIанэ
Якъубэ, Иуан, Филипп, Варфоломей, 15 Маттэ, Фомэ, Алфей
ыкъо Якъубэ, Симонэу зихэгъэгу ыгу етыгъэу фэлажьэрэмкIэ* заджэхэрэр, 16 Якъубэ ыкъо Иудэ, Иудэ Искариот. А Иудэ Искариот ары нэужым тетыгъо зиIэхэм Исус
аIэкIэзыгъэхьанэу щытыгъэр.

## Исус цIыф купышхом Тхьэм игущыIэхэр зэраригъашIэщтыгъэхэри зэригъэхъужьыщтыгъэхэри

(Маттэ 4:23–25)

17 Ахэмэ ягъусэу Исус къехыжьи, чIыпIэ зэшъхьэ–зэшъу
горэм къыщыуцугъ. Игъогу рыкIохэрэм ащыщхэу зы
купышхо а чIыпIэм щытыгъ. Ахэмэ анэмыкIэуи цIыф
купышхо Иудей хэкум зэкIэ, Ерусалими, къалэхэу Тиррэ
Сидонрэ* яхыIушъохэми къарыкIыхи, ащ дэжьым къыщызэрэугъоигъэх. 18 Ахэр зэкIэ Исус гущыIэхэу къыIохэрэм ядэIунхэуи яузхэр рагъэгъэхъужьынхэуи къэкIогъагъэх. ДжынэпцIэ Iаехэмэ къин зэрагъэщэчырэ цIыф-

---

6:13 апостол – нэмыкI цIыф горэм ыщIэкIэ гущыIэнэуи Iоф ышIэнэуи фитыныгъэ зиIэр ары. Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIум «апостолхэкIэ» яджэх. Ахэр Исус илIыкIохэу тетыгъо зэритыгъэхэр ары.

6:15 Симонэу зихэгъэгу ыгу етыгъэу фэлажьэрэмкIэ заджэхэрэр – ар Палестинэ хэгъэгум фэлажьэрэ цIыф куп горэм щыщыгъэнкIи мэхъу. Рим (Рум) къэралыгъошхом щыщхэу яхэгъэгу ашIозыубытыгъэхэм къатырахыжьыным а купым хэтхэр ыуж итыгъэх.

6:17 къалэхэу Тиррэ Сидонрэ – ахэр хымэ къалэхэу Галилей хэкум итемыр лъэныкъомкIэ хыIушъом Iутыгъэхэр ары.

хэри Исус ыгъэхъужьыщтыгъэх. 19 Сымэджэ пстэури
ыгъэхъужьынхэу кIуачIэ ыпкъ къыхэкIэу зэрэщытыгъэм
пае, цIыфхэр зэкIэ зэрэнэсынхэм ыуж итыгъэх.

## Сыхьатмафэ ежьагъэхэри сыхьатмыгъо ежьагъэхэри
(Маттэ 5:1–12)

20 Исус игъогу рыкIохэрэм яплъи къыIуагъ:
–Сыхьатмафэ шъуежьагъ, шъо тхьамыкIэхэр,
сыда пIомэ Тхьэм и Тетыгъошхо*
ыIэчIэгъ шъучIэт.
21 Сыхьатмафэ шъуежьагъ, шъо джы мэлакIэ
лIэхэрэр, сыда пIомэ
шъо зыжъугъэшхэкIыжьыщт.
Сыхьатмафэ шъуежьагъ, шъо джы гъыхэрэр,
сыда пIомэ шъугушIожьыщт.
22 Сыхьатмафэ шъуежьагъ, ЦIыф Лъэпкъым
Ыкъо* игъогу шъузэрэрыкIорэм пае,
цIыфхэмэ шъуауджэгъумэ, шъузыхадзымэ,
къышъохъонхэмэ, шъуцIи Iае ашIымэ.
23 А мафэм шъугушIу, шъузэрэгушIорэм пае, шъудэ-
пкIай, сыда пIомэ Тхьэм уашъом IэхьышIоу къыщы-
шъуфигъэшъошэщтыр ины. А цIыфхэмэ ятэжъхэм
пегъэмбармэ арэущтэу арашIэщтыгъ.
24 Ау сыхьатмыгъо шъуежьагъ, шъо байхэр,
сыда пIомэ шъугу зыгъэтхъэн
Iофхэр жъугъотыгъахэх.
25 Сыхьатмыгъо шъуежьагъ, джы
зызыгъэшхэкIыгъэхэр,
сыда пIомэ мэлакIэ шъулIэжьыщт.
Сыхьатмыгъо шъуежьагъ, джы гушIохэрэр,
сыда пIомэ шъугъыщт
ыкIи шъупыхьажьыщт.

---

6:20 Тхьэм и Тетыгъошхо – Тхьэм мы дунаеми, мы дунаем ицIыфхэми тетыгъошхоуи лъэкIыныгъэшхоуи афыриIэр ары. Инджылыр Тхьэм и Тетыгъошхо зытегущыIэкIэ, зыфиIорэр загъорэ мы уахътэм Тхьэм тетыгъошхоу иIэр ары, загъори къэкIощт уахътэм Тхьэм тетыгъошхоу иIэщтыр ары, загъори Тхьэм ыдэжь мыкIодыжьын щыIэныгъэ щыуи-Iэныр ары.

6:22 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ 5:24.

26 Сыхьатмыгъо шъуежьагъ, зэкIэ цIыфхэр
къышъуущытхъухэмэ, сыда пIомэ
а цIыфхэм ятэжъхэм арэущтэу
пегъэмбар нэпцIхэм арашIэщтыгъ.

## Шъуипыйхэр шIу шъулъэгъух

(Маттэ 5:38–48; 7:12а)

27 –Ау шъо къысэдэIухэрэм шъосэIо. Шъуипыйхэр
шIу шъулъэгъух, шъузыуджэгъухэрэми шIу афашъушI.
28 Къышъобгыхэрэми Тхьэм ынэшIу къащифэнэу шъуа-
фелъэIу, IаекIэ къыжъудэзекIохэрэми шIукIэ Тхьэм
шъуафелъэIу. 29 О унэкIушъо лъэныкъо къеорэм адрэ
нэкIушъори фэгъаз. О уищыгъын кIыIутелъ птезыхы-
рэм джанэри къыфэгъан. 30 Хэтми зыгорэкIэ къыолъэ-
Iурэм ет, уихьапщыпхэр птезыхырэми къыуитыжьынэу
емыIу. 31 ЦIыфхэр шъо къыжъудэзекIонхэу шъузэрэфаем
фэдэу, шъори ахэмэ шъуадэзекIу.

32 –ШIу шъузылъэгъухэрэм язакъоу шIу шъулъэгъухэ-
мэ, шъоркIэ сыд фэдэ щытхъуа ащ хэлъыр? ПсэкIод
зышIэхэрэм ежьхэр шIу къэзылъэгъухэрэр шIу алъэ-
гъужьхэба? 33 ШIугъэ къышъуфэзышIэрэ цIыфхэм шIу
афашъушIэжьмэ, шъоркIэ сыд фэдэ щытхъуа ащ хэлъыр?
ПсэкIод зышIэхэрэм арыба ашIырэр? 34 Къышъуатыжьын-
кIэ шъузыщыгугъыхэрэм чIыфэ яшъутымэ, шъоркIэ сыд
фэдэ щытхъуа ащ хэлъыр? ПсэкIод зышIэхэрэм адрэ
псэкIод зышIэхэрэм чIыфэ араты, аратыгъэм фэдиз
къаIахыжьынэу щыгугъыхэу. 35 Ау шъуипыйхэр шIу шъу-
лъэгъух, шIу афашъушI, къышъуатыжьынкIэ шъущы-
мыгугъэу чIыфи яшъут. Арэущтэу зышъушIыкIэ, Тхьэм
IэхьышIоу къэшъуфигъэшъошэщтыр ины хъущт, анахь
Иным ибынхэуи шъущытышт; сыда пIомэ цIыфхэу шIу
зыфаIорэр къызыгурымыIохэрэмкIи цIыф бзаджэхэмкIи
Тхьэр шIу. 36 Шъуятэ лъапIэ гукIэгъу зэриIэм фэдэу,
шъори гукIэгъу зижъугъаI.

## Зыми хьыкум тешъумышIыхь

(Маттэ 7:1–5)

37 –Зыми хьыкум тешъумышIыхь, Тхьэми хьыкум къы-
шъутыришIыхьащтэп. Зы цIыфи шъумыгъэмыси, Тхьэми
шъуигъэмысэщтэп. ЦIыфхэм афэжъугъэгъу, Тхьэми

шъуигъэмысэщтэп. ЦӀыфхэм афэжъугъэгъу, Тхьэми
къышъуфигъэгъущт. 
38 ЦӀыфхэм яшъути, Тхьэм шъо
къышъуитыщт. Шъуишапхъэ гъэсысыгъэу, иубагъэу,
изэу къелыжьыгъэу Тхьэм къышъуфишӀэжьыщт; сыда
пӀомэ шъо шапхъэу зэрэшъушырэм фэдэ шапхъэкӀэ
Тхьэм шъо къышъуфишыжьыщт.

39 ЕтӀанэ Исус зы гущыӀэжъ горэ ариӀуагъ:

–Зы нэшъум адрэ нэшъур зэрищэн ылъэкӀына? ТӀури
машэм ифэнхэба? 
40 ЕджакӀор езыгъаджэрэм нахьи нахь
инэп, ау хэти зэкӀэ зэригъэшӀагъэ зыхъукӀэ, езыгъаджэрэм фэдэу мэхъу.

41 –О унэ пкъэоу кӀэлъым гу лъымытэу, пхъэцалэу
о пшы* ынэ кӀэлъыр сыд пае плъэгъура? 
42 О унэ пкъэоу
кӀэлъыр умылъэгъоу, сыдэущтэу пшы епӀон плъэкӀыра,
«Пхъэцалэу о унэ кӀэлъыр къычӀэсэгъэх, сшы?»
О нэпитӀу зиӀэр, ыпэ рапшӀэу пкъэоу о унэ кӀэлъыр
къыкӀэхыжьи, етӀанэ пхъэцалэу о пшы ынэ кӀэлъыр
къызэрэкӀэпхыжьыщтыр нафэу плъэгъущт.

## Чъыгыр зыфэдэр къыпыкӀэрэмкӀэ къэпшӀэщт

(Маттэ 7:17–20; 12:34б–35)

43 –ЧъыгышӀум дэй къыпыкӀэрэп, чъыг дэими шӀу къыпыкӀэрэп. 
44 Сыдрэ чъыги зыфэдэр къыпыкӀэрэмкӀэ
къэпшӀэщт. Пырэжъые куандэм ынджыр къыпачырэп,
шхъуми сэнашъхьэ къыпачырэп. 
45 ЦӀыфышӀум ыгу илъ
шӀугъэм шӀугъэ къыхехы, цӀыф бзаджэми ыгу илъ
бзэджагъэм бзэджагъэ къыхехы; сыда пӀомэ жэм къыдэкӀырэр гум илъыр ары.

## Унэ зышӀырэ лӀы Ӏушымрэ унэ зышӀырэ лӀы акъылынчъэмрэ

(Маттэ 7:24–27)

46 –Сыд пае «Зиусхьан! Зиусхьан!» шъуӀоу къысашъуӀора, сэ сӀорэр шъумыгъэцакӀэу? 
47 Хэти садэжь къакӀоу,
сигущыӀэхэр зэхэзыхэу, ахэри зыгъэцакӀэрэр зыфэдэр

6:41 о пшы – зы диным рыкӀохэрэр зэкъошхэу мэхъух.

шъозгъэшIэщт. [48] Ар зыфэдэр унэ зышIырэ лIэу чIыгур куоу къэзытIэу, унэ лъапсэр мыжъо пытэм тезышIыхьагъэр ары. Псышхор къызеум, псым иорхэр а унэм еуагъэх, ау а унэр пытэу зэрашIыгъэм пае, агъэхъыен алъэкIыгъэп. [49] Ау сигущыIэхэр зэхэзыхэу, ахэри зымыгъэцакIэрэр зыфэдэр лIэу зиунэ лъэпсэ пытэ имыIэу, чIыгушъхьэм тезышIыхьагъэр ары. Псым иорхэр а унэм къызэреохэу, къызэхэуагъ. А унэр къызызэхаоми, Iае дэдэу къызэхэуагъ.

## ЯБЛЭНЭРЭШЪХЬ

### Исус дзэ пащэм иунэIут зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 8:5–13; Иуан 4:43–54)

Исус а гущыIэхэм зэкIэ цIыфхэр зарегъэдэIухэ ужым,
Капернаум къалэм дэхьагъ. [2] Дзэ пащэ горэм шIу ылъэгъурэ унэIут горэ иIагъ. А унэIутыр лIэным нэсыгъэу сымаджэу щылъыгъ. [3] Дзэ пащэм Исус икъэбар зызэхехым, Исус къэкIонышъ, иунэIут ыгъэхъужьынэу джуртхэм янахьыжъхэм* ащыщхэу заулэ лъэIуакIоу ыдэжь ыгъэкIуагъэх. [4] Ахэр Исус ыдэжь къызэкIохэм, лъэшэу елъэIухэзэ раIуагъ:

–О ар ащ фэпшIэнэу ифэшъуаш, [5] сыда пIомэ тэ тлъэпкъ шIу елъэгъу, тисинэгогуи тфаригъэшIыгъ.

[6] Исус адишти адэкIуагъ.

Дзэ пащэм иунэ пэблагъэхэ зэхъум, дзэ пащэм иныбджэгъухэр Исус къыпигъэгъокIыхи къыраригъэIуагъ:

–Тхьаматэ, зымыгъэулэу, о сэ сиунэ укъихьанэу сифэшъуашэп. [7] Ар сифэмышъуашэу зэрэщытым пае, уадэжь сэ сшъхьэкIэ сыкъэкIонэуи зыфэзгъэшъошагъэп. Ау зы гущыIэ закъо къаIуи, унашъо шIи, сиунэIут хъужьыщт. [8] Сэри лIы горэм иунашъо ыIэчIэгъ сычIэт, сэ сиунашъуи ыIэчIэгъ дзэлIхэр чIэтых. Зыгорэм «КIо» есIомэ, кIощт. Адрэми «КъакIо» есIомэ, къэкIощт. СиунэIути «Мыр шIэ» есIомэ, ышIэщт.

---

7:3 нахьыжъхэр – лъытэныгъэ зиIэ джурт дин тхьаматэ купэу щытыгъэх. Ахэмэ ащыщхэу заулэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщыгъэх.

[9] Исус ар зызэхехым, а лIыр ыгъэшIэгъуагъ, ыуж ит
цIыф купышхоми зыфигъази ариIуагъ:
–Сэ шъосэIо, мыщ фэдэ шIошъхъуныгъэ зиIэ цIыф
горэ Израил хэгъэгуми изгъотагъэп.
[10] ЕтIанэ лIыкIохэм унэм агъэзэжьыгъ. Къызагъэзэ-
жьым, унэIутыр хъужьыгъэу къагъотыжьыгъ.

## Наин къалэм щыщ шъузабэм икIалэу лIагъэр Исус къызэригъэтэджыжьыгъэр

[11] Охътэ тIэкIу тешIагъэу Исус Наин зыцIэ къалэм
кIуагъэ. Игъогу рыкIохэрэри цIыф купышхори игъусэхэу
кIощтыгъэх. [12] Исус къэлапчъэм игъунэгъу зэхъум,
хьадэ горэ къыдахыщтыгъ. Ар шъузабэ горэм ыкъо
закъоу щытыгъ. ЦIыф купышхуи къалэм щыщэу шъуза-
бэм игъусагъ. [13] Зиусхьаным шъузабэр зелъэгъум, ыгу
егъуи мырэущтэу риIуагъ:
–Умыгъ, тян.
[14] ЕтIанэ пхъэмбаим бгъодахьи, ащ теIэбагъ. Хьадэр
зыхьыхэрэр къызэтеуцуагъэх. ЕтIанэ Исус къыIуагъ:
–А кIал, къэтэдж, осэIо!
[15] Ар зеIом, кIалэу лIагъэр къэтэджыжьи, къэгущыIэу
фежьагъ. Исуси ащ янэ ар ритыжьыгъ.
[16] Ахэмэ зэкIэми щынэгъошхо агу къихьагъ, Тхьэми
щытхъу фашIэу аIуагъ:
–Пегъымбарышхо къытхэкIыгъ. Тхьэр нэшIукIэ
ылъэпкъ къеплъыгъ.
[17] Исус ышIагъэм икъэбар зэкIэ Иудей хэкуми зэкIэ
Iэгъо–благъоми ащыIугъ.

## УмэхъакIо Иуан лIыкIохэр Исус ыдэжь зэригъэкIуагъэхэр

(Маттэ 11:2–19)

[18] Мы Iофхэр зэкIэ Иуан игъогу рыкIохэрэм ежьым
раIотэжьыгъэх. [19] Ахэмэ ащыщхэу нэбгыритIу Иуан къя-
джи, Зиусхьаным дэжь ыгъэкIуагъэх мырэущтэу еуп-
чIынхэу:
–Ора къэкIон фаер, хьауми нэмыкI горэм тыпэплъэн фая?
[20] А нэбгыритIур Исус ыдэжь къызэкIохэм, къаIуагъ:

–УмэхъэкIо Иуан тыкъыоупчIынэу уадэжь тыкъигъэ-
кIуагъ: «Ора къэкIон фаер, хьауми нэмыкI горэм ты-
пэплъэн фая?»
[21] А мафэхэм сымаджэ Iаджи, уз Iае зиIэ Iаджи, джы-
напцIэ зыхэс цIыф Iаджи Исус ыгъэхъужьыгъэх. Нэшъу
Iаджи къыгъэплъэжьыгъэх. [22] Исус ахэмэ ариIожьыгъ:
–Жъугъэзэжьи, Iофэу шъулъэгъугъэхэмрэ зэхэшъу-
хыгъэхэмрэ Иуан ешъуIотэжьых: Нэшъухэр къэплъэ-
жьых, лъащэхэр тэрэзэу мэзекIожьых, шъоджэ уз Iаер
зиIэхэр псаухэу, къабзэхэу мэхъужьых, дэгухэми зэхахы-
жьы, лIагъэхэр къэтэджыжьых, тхьамыкIэхэми къэба-
рышIур зэхахы. [23] Сэщ пае зыгу мыхъун къиызымыгъахьэ-
рэр сыхьатмафэ ежьагъ.
[24] Иуан илIыкIохэр зыIокIыжьхэм, Исус цIыф купы-
шхохэм Иуан ехьылIагъэу ариIоу ыублагъ:
–Шъоф нэкIым шъузыдэкIым, сыда шъулъэгъунэу
шъузыфэягъэр? Жьыбгъэм ыгъэсысырэ къамыл шъу-
лъэгъунэу арыгъа? [25] Армырмэ, сыда шъулъэгъунэу шъу-
зыфэягъэр ащ дэжьым шъузыдэкIым? Дахэу фэпагъэу
зы лIы гора? Дэхэ дэдэу фэпагъэхэу, псэукIэшIу
зиIэхэр зэрысхэр пачъыхьэхэм яунэшхохэр ары. [26] Адэ,
сыда шъулъэгъунэу шъузыфэягъэр ащ дэжьым шъузы-
дэкIым? Пегъымбара? Сэ шъосэIо, ар пегъымбар къодыеп,
ар пегъымбарым нахьи нахь ин. [27] Ар лIыкIоу зикъэбар
Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм мырэущтэу арытыр ары:*
«Мары, уапэ рапшIэу силIыкIо къэсэгъакIо,
ащ о уигъогу пфигъэпсыщт».
[28] –Сэ шъосэIо, бзылъфыгъэхэм къакIэхъуагъэхэм ащы-
щэу, умэхъэкIо Иуан нахьи нахь ин щыIэп. Ау щытми,
Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэт цIыфхэм ащыщэу
анахь цIыкIури Иуан нахьи нахь ин.
[29] Исус гущыIэхэу къыIуагъэхэм ядэIущтыгъэ цIыф
пстэуми, хьакъулахь ахъщэр* хэзыххэрэри ахэмэ ахэтхэу,
Тхьэм игущыIэхэр зафэу алъытагъэх. Ахэр арыгъэх Иуан

---

7:27 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытыр – еплъ Пегъымбар Малахие тхылъэу ытхыгъэм 3:1.

7:29 хьакъулахь ахъщэр – цIыфхэр къалэ горэм дахьэхэ е дэкIыхэ зыхъукIэ, псэуалъэхэу, хьапщыпхэу, лэжьыгъэхэу яIэхэм Рим (Рум) къэралыгъошхом (хьыкумэтым) ахъщэу атырилъхьащтыгъэр ары.

зезыгъэумэхъыгъэхэр. 30 Ау фарисейхэмрэ Тэурат егъэ-
джэкlо пащэхэмрэ ашlэн фаеу Тхьэр зыфаер адагъэп.
Ахэр арыгъэх Иуан зезымыгъэумэхъыгъэхэр.

31 –Джырэ цlыфхэр сыда зыфэзгъэдэщтыр?– къыlуагъ
Исус. –Сыд ахэр зыфэдэхэр? 32 Урамым тес кlалэхэу
мырэущтэу зыlохэу, зэджэжьхэрэм афэдэх:

«Къамылым тышъуфепщагъэ пэтми, шъо шъу-
къэшъуагъэп;
тэ гъыбзэ къышъуфэтlуагъэ пэтми, шъо
шъугъыгъэп».

33 –Сыда пlомэ умэхъэкlо Иуан къэкlуагъ. Ащ хьалы-
гъу ымышхэу щыт, сэнэпси емышъоу щыт. «Ащ джы-
напцlэ хэс», шъоlо. 34 Цlыф Лъэпкъым Ыкъо къэкlуагъ.
Ар машхэ ыкlи ешъо. «Шхэн–ешъоныр зикlасэу, хьа-
къулахь ахъщэр хэзыххэрэмрэ псэкlод зышlэхэрэмрэ
яныбджэгъу», шъоlо. 35 Арышъхьакlэ Тхьэм изэхэшlы-
кlыныгъэшхо зыдэгъэ пстэуми а зэхэшlыкlыныгъэшхор
къагъэшъыпкъэжьы.

## Исус псэкlодышlэ бзылъфыгъэ хэтакlо горэм ипсэкlодхэр зэрэфигъэгъугъэхэр

36 Фарисейхэм ащыщэу зыгорэм Исус ыгъэшхэнэу ри-
гъэблэгъагъ. Исус фарисеим иунэ ихьи, lанэм пэтlыс-
хьагъ. 37 Къалэм щыщэу зы псэкlодышlэ бзылъфыгъэ
хэтакlо горэм Исус фарисеим иунэ щышхэнэу зэреблэ-
гъагъэр къышlагъ. Алавастэр зыцlэ мыжъом хэшlыкlы-
гъэу, зы апч горэу осэшхо зиlэ дагъэ зэрытыр къы-
здихьи къэкlуагъ. 38 Исус ыкlыбкlэ къыбгъодахьи, лъэ-
шэу зэрэгъыгъэм пае, ынэпсыхэмкlэ Исус ылъакъохэр
ыгъэуцlынхэу къыублагъ. Етlанэ Исус ылъакъохэр ышъ-
хьацыкlэ ылъэкlыжьыгъэх, ылъакъохэм ябэугъ, осэшхо
зиlэ дагъэм щыщи ащифагъ.

39 Фарисеу Исус къезыгъэблэгъагъэм ар зелъэгъум, ыгу-
кlэ ыlуагъ:

–Мыр пегъымбарэу щытыгъэмэ, мы бзылъфыгъэу къы-
нэсырэр зыфэдэр, псэкlодышlэ бзылъфыгъэ хэтакlоу
зэрэщытыр ышlэщтыгъ.

---

Цlыфхэм, анахьэу дин тхьаматэхэм, хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэр зэрапэсыщтыгъэхэп, гъэнэфэгъэ дин унашъохэр къырамыдзэхэу зэрэщытыгъэхэм пае.

40 –Симон, сэ зыгорэ осIощт,– риIуагъ Исус а лIым.

–КъаIо, дин гъэсакIу,– къыIожьыгъ Симон.

41 –ЧIыфэ зытырэ лIы горэм ичIыфэ нэбгыритIум ате-
лъыгъ, зым динар* шъитф, адрэм шъэныкъо,– ыIуагъ
Исус. 42 –А чIыфэхэр къапщыныжьын замылъэкIым, тIу-
ми афигъэгъугъ. МитIум язэу хэта чIыфэ зытырэ лIыр
нахьышIоу зылъэгъущтыр?

43 –СызэрэгугъэрэмкIэ нахьыбэ зыфигъэгъугъэр ары,–
къыIожьыгъ Симон.

–КъэпшIагъ,– риIожьыгъ Исус.

44 ЕтIанэ Исус бзылъфыгъэм зыфигъази, Симон ри-
Iуагъ:

–Мы бзылъфыгъэр олъэгъуа? Сэ о уиунэ сыкъызехьэм,
слъакъохэр стхьакIынхэу псы къысэптыгъэп, ау мы
бзылъфыгъэм ынэпсыхэмкIэ слъакъохэр къыгъэуцIын-
хи, ышъхьацымкIэ ылъэкIыжьыгъэх. 45 О укъысэбэ-
угъэп, ау унэм сыкъызэрихьэу, мы бзылъфыгъэр слъа-
къомэ къябэуныр зэпигъэугъэп. 46 Сэ сшъхьэ дагъэ къы-
щыпфагъэп, ау ащ сэ слъакъохэм осэшхо зиIэ дагъэр
къащифагъ. 47 Арышъ, осэIо, шIулъэгъуныгъэшхо ащ
ыгу илъыгъэти, ащ ипсэкIодыбэхэр фэгъугъэх. Ау макIэ
зыфэгъугъэм ыгу шIулъэгъуныгъэ макIэ илъ.

48 ЕтIанэ Исус бзылъфыгъэм риIуагъ:

–УипсэкIодхэр пфэгъугъэх.

49 Джащыгъум адрэ хьакIэхэм агухэмкIэ аIоу аублагъ:

–Мы лIэу псэкIодхэри зыгъэгъурэр хэта?

50 Ау Исус бзылъфыгъэм риIуагъ:

–УишIошъхъуныгъэ умыкIодэу укъигъэнэжьыгъ. Гъогу
маф. Гупсэфыныгъэ уиIэу опсэу.

# ЯЕНЭРЭШЪХЬ

## Бзылъфыгъэхэу Исус игъусагъэхэр

Ащ ыужым Тхьэм и Тетыгъошхо* ехьылIэгъэ къэбары-
шIур ыгъэIузэ, Исус къалэхэмрэ къуаджэхэмрэ къыкIу-

---

7:41 динар – а уахътэм ар лэжьакIом имэфапкIэщтыгъ.

8:1 Тхьэм и Тетыгъошхо – еплъ 6:20.

хьащтыгъэх. Игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIур игъу-
сагъэх. [2]ДжынапцIэхэр зыхифыгъэхэу, зиузхэр ыгъэхъу-
жьыгъэхэу бзылъфыгъэ заули игъусагъэх: Магдалэ
къуаджэм щыщ Мерэмэу Исус джынэпцIибл зыхифыгъа-
гъэр, [3]етIанэ пщэу Ирод* иунэзехьэу Хузэ зыцIэм ишъ-
хьэгъусэ Иуаннэ, етIанэ Сусанни, ащ нэмыкIыбэхэри.
А бзылъфыгъэхэм ямылъкукIэ Исусрэ игъогу ры-
кIохэрэмрэ IэпыIэгъу афэхъущтыгъэх.

**Чылапхъэ зыпхъырэм ехьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр**

(Маттэ 13:1–9; Марк 4:1–9)

[4]Ащ нэужым цIыф купышхо къэзэрэугъоигъэу, тэдрэ
къуаджэм къикIыгъэ цIыфхэри Исус ыдэжь къызэкIохэм,
мы гъэсэныгъэ тхыдэр афиIотагъ:
[5]–Зы лIы горэ чылапхъэ ыпхъынэу дэкIыгъ. Чыла-
пхъэр ыпхъызэ, ащ щыщ тIэкIу гъогум тетэкъуагъ.
ЦIыфхэм ар лъэгукIэ аубагъ, ошъогу бзыухэми ашыпыгъ.
[6]ТIэкIуи чIыгу мыжъуалъэм тетэкъуагъ. Ахэр къызы-
хэкIыхэм, псы агъотыгъэпти, гъужьыгъэх. [7]НэмыкI тIэ-
кIуи панэхэм ахэтэкъуагъ. Панэхэр ахэмэ ягъусэхэу къэ-
кIыхи, чылапхъэу къыхэкIыгъэхэр атхьалагъэх. [8]ЕтIа-
ни зы тIэкIуи чIыгу дэгъум хэтэкъуагъ. Ахэр къэкIыхи,
шъхьэхэр къапыкIэхи, зы шъхьэ налъэм коцишъэ къикIагъ.
Ар Исус къызеIо нэужым, мэкъэшхокIэ къыIуагъ:
–РыдэIонэу тхьакIумэ зиIэм зэхерэх.

**Исус цIыфхэм IофхэраригъашIэхэзэ, гъэсэныгъэ тхыдэхэр къызыкIафиIотэщтыгъэхэр**

(Маттэ 13:10–17; Марк 4:10–12)

[9]Игъогу рыкIохэрэр Исус къеупчIыгъэх:
–Мы гъэсэныгъэ тхыдэм сыда къикIырэр?
[10]–Тхьэм и Тетыгъошхо ишъэфхэр шъушIэнхэу Тхьэм
фитыныгъэ къышъуитыгъ,– къыIуагъ Исус, –ау нэмыкI

---

8:3 пщэу Ирод – еплъ 3:1.

цӀыфхэм гъэсэныгъэ тхыдэхэмкӀэ садэгущыӀэ. Арэу-
щтэу*
«ахэр еплъыхэ пэтми, алъэгъущтэп,
даӀохэ пэтми, къагурыӀощтэп».

**Чылапхъэр зыпхъырэм ехьылӀэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэм къикӀырэр Исус игъогу рыкӀохэрэм къызэрагуригъэӀуагъэр**

(Маттэ 13:18–23; Марк 4:13–20)

11 –Гъэсэныгъэ тхыдэм къикӀырэр мыры: Чылапхъэр
Тхьэм игущыӀэу ары. 12 ЦӀыфхэм ащыщэу зы купыр
чылапхъэу гъогум тетэкъуагъэм фэд. Мыхэр ары Тхьэм
игущыӀэхэр зэхэзыххэрэр, ау етӀанэ шэйтаныр къэкӀошъ,
шӀошъхъуныгъэ аримыгъэгъотызэ, а гущыӀэхэр агухэм
арехыжьых, Тхьэм а цӀыфхэр къымыгъэнэжьынхэм пае.
13 Адрэ цӀыф купыр чӀыгу мыжъуалъэм тетэкъогъэ чы-
лапхъэм фэд. Мыхэр ары Тхьэм игущыӀэхэр зэрэзэхаххэу,
а гущыӀэхэр гушӀуагъокӀэ зыштэхэрэр, ау ахэмэ лъапсэ
яӀэп. ШӀошъхъуныгъэм игъогу бэрэ тетыжьхэрэп.
ЯшӀошъхъуныгъэ ишъыпкъагъэ гъэунэфыгъэу зыхъу-
кӀэ, шӀошъхъуныгъэм игъогу текӀыжьых. 14 ЕтӀанэ зы
цӀыф купыр панэхэм ахэтэкъогъэ чылапхъэм фэд. Мыхэр
ары Тхьэм игущыӀэхэр зэхэзыххэрэр, ау мы дунаим
игугъухэмкӀи, баиныгъэмкӀиэ, щыӀэныгъэм итхъагъохэм-
кӀи мэкӀэ–макӀэу зырагъэтхьалэ, ахэми шӀугъэ къа-
пыкӀырэп. 15 ЕтӀани нэмыкӀ цӀыф куп чӀыгу дэгъум
хэтэкъогъэ чылапхъэм фэд. Мыхэр ары шӀугъэрэ шъы-
пкъагъэрэ зыгу илъхэу, Тхьэм игущыӀэхэр зэхэзыххэу
зыубытхэрэр. Теубытэныгъэ яӀэу, шӀугъэ къапэкӀы.
Исус ар къызеӀо ужым, мэкъэшхокӀэ къыӀуагъ:
–РыдэӀонэу тхьакӀумэ зиӀэм зэхерэх.

**Щэлъэ чӀэгъым чӀэт остыгъэр**

(Марк 4:21–25)

16 –Зыми остыгъэ хигъанэу, щэлъэ чӀэгъым е пӀэкӀор
чӀэгъым чӀигъэуцорэп, ау унэм къихьахэрэм инэфынэ
алъэгъуным пае, итетыпӀэ лъагэ тырегъэуцо. 17 Сыда

8:10 Арэущтэу . . . – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 6:9–10.

пIомэ къэмылъэгъожьынэу гъэбылъыгъэу зи щыIэп,
цIыфхэм къамышIэнэуи къэмылъэгъожьынэуи чIэухъу-
магъэу зи щыIэп. [18] Арышъ, шъузэрэдэIощтым шъуфэ-
сакъ. Тхьэм хэт щыщми зиIэм нахьыбэ къыритыщт, ау
Тхьэм зи зимыIэм иIэу шIошIырэри Iихыжьыщт.

## Исус янэрэ ышхэмрэ

(Маттэ 12:46–50; Марк 3:31–35)

[19] Исус янэрэ ышхэмрэ ежьым ыдэжь къэкIуагъэх,
арышъхьакIэ цIыфхэр багъэхэти, екIолIэнхэ алъэкIы-
гъэп. [20] Джащыгъум Исус къэбар фахьыгъ:

–О уянэрэ пшыхэмрэ уалъэгъумэ ашIоигъоу щагум
дэтых.

[21] –Тхьэм игущыIэхэр зэхэзыххэу зыгъэцакIэхэрэр ары
сэ сянэри сшыхэри,– ариIожьыгъ Исус ахэмэ.

## Исус жьыбгъэ щынэгъошхор зэригъэуцугъэр

(Маттэ 8:23–27; Марк 4:35–41)

[22] Мафэ горэм игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу къуашъо
горэм Исус итIысхьи ариIуагъ:

–НекIо, псыхъураем иадрабгъу тызэпырыжъугъэкI.

Арэущтэу ежьагъэх. [23] Къуашъом исхэу кIохэзэ, Исус
хэчъыягъ. Псыхъураем жьыбгъэшхо къыщепщи, къуа-
шъом псыр изы къэхъоу фежьи, щынэгъошхо хэфагъэх.

[24] Джащыгъум Исус къыбгъодахьэхи, къагъэущи
аIуагъ:

–Зиусхьан, Зиусхьан, тэкIоды!

Исус къэтэджи, жьыбгъэшхоми псыорхэми ягыий, зэты-
ригъэуцуагъэх, кIым–сыми къэхъугъ. [25] ЕтIанэ ахэмэ ари-
Iуагъ:

–ШъуишIошъхъуныгъэ тыдэ щыIа?

–Хэта мыр? Жьыбгъэшхоми псыми унашъо афишIызэ
егъэдаIох,– щтагъэхэу, агъэшIагъоу зэупчIыжьыгъэх
ахэр.

## Исус джынэпцIабэхэр зыхэс лIы горэ зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 8:28–34; Марк 5:1–20)

26 Галилей хэкум къыпэIулъ хэкоу Гадарэ зыщIэ къалэм
епхыгъэм къуашъомкIэ нэсыгъэх. 27 Исус къуашъом икIи,
псы Iушъом зытехьэм, къалэм щыщэу джынапцIэхэр
зыхэс лIы горэ къачъэзэ къыпэгъокIыгъ. А лIым бэшIагъэу
щыгъын щыгъыжьыгъэп, унэ горэми исыжьыгъэп,
ау къэунэхэм ахэсыгъ. 28 Ащ Исус зелъэгъум, ыпашъхьэ
чIыгум зыкъыщыридзыхи, мэкъэшхокIэ къэкуозэ,
къыIуагъ:

–Исус, Тхьэу анахь Иным Ыкъу, сыда уиIофэу къысхэлъыр?
СыолъэIу, къин сэмыгъэлъэгъу.

29 Ар зыкIиIуагъэр джынэпцIэ Iаер лIым хэкIыжьынэу
Исус унашъо фишIыгъэти ары. ДжынапцIэхэр а лIым
бэрэ хахьэщтыгъэх. ЦIыфхэм гъучI Iэхъу–лъэхъу ащ
тыралъхьэти, аухъумэу аIыгъыщтыгъ. Ау Iэхъу–лъэхъухэр
зэпиутхэти, джынапцIэм а лIыр шъоф нэкIым
ригъэзыхьэщтыгъ.

30 –Сыда о пцIэр?– еупчIыгъ Исус а лIым.

–Сэ сцIэр дзэ,– къыIожьыгъ ащ. Ар зыкIиIуагъэр
джынэпцIабэхэр хэхьагъэхэу шытыгъэти ары.
31 ДжынапцIэхэр чIылъэм икуупIэу чIэ зимыIэм кIонхэу
унашъо афимышIынэу Исус къелъэIугъэх.

32 А чIыпIэ дэдэм къо Iэхъогъушхо Iошъхьэ нэпкъым
щыхъущтыгъ. А къохэм апкъыхэм ахэхьанхэу фит
къышIынхэу джынапцIэхэр Исус къелъэIугъэх. Исус ахэр
фит ышIыгъэх. 33 Ардэдэм джынапцIэхэр лIым хэкIыжьхи,
къохэм апкъыхэм ахэхьагъэх. Къо Iэхъогъур
Iошъхьэ нэпкъым къечъэхи, псыхъураем хэлъадэхи,
псым ытхьалагъэх.

34 Къуахъохэм хъугъэ–шIагъэр залъэгъум, хэхьажьхи,
къалэмрэ къуаджэхэмрэ хъугъэ–шIагъэр ащаIотагъ.
35 ЦIыфхэр хъугъэ–шIагъэр зэрагъэлъэгъунэу дэкIыгъэх.
Ахэр Исус ыдэжь къызэкIохэм, джынапцIэхэр къызхэкIыгъэ
лIыр фэпагъэу, иакъыл къыгъотыжьыгъэу
Исус ыдэжь щысэу алъэгъугъ. Ар залъэгъум, лъэшэу
къэщтагъэх. 36 Хъугъэр зылъэгъугъэ цIыфхэм джынапцIэхэр
зыхэсыгъэ лIыр Исус зэригъэхъужьыгъэр джы
араIотэжьыгъ. 37 Джащыгъум яхэку ыбгынэнэу Гадарэ
цIыф пстэури Исус къелъэIугъэх, сыда пIомэ ахэр

щынэгъошхо хэфагъэхэти ары. Арэущтэу ІукІыжьыным
пае, Исус къуашъом итІысхьагъ.
[38] Исус къуашъом итІысхьэ пэтызэ, джынапцІэхэр къыз-
хэкІыгъэ лІыр Исус къелъэІугъ:
–Гъусэу къызыфэшІ.
[39] –О уиунэ кІожьи, Тхьэм къыпфишІэгъэ шІугъэшхор
уицІыфхэм яІотэжь!– риІуагъ Исус а лІым. ЕтІанэ ытІуп-
щыжьыгъ. ЛІыр кІожьи, Исус къыфишІэгъэ шІугъэшхор
къалэм щиІотэжьыгъ.

### Исус Иаир зыцІэм ыпхъоу лІагъэр къызэригъэтэджыжьыгъэр; Исус ищыгъын кІапэ къынэсыгъэ бзылъфыгъэр зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 9:18–26; Марк 5:21–43)

[40] ЕтІанэ Исус къызегъэзэжьым, цІыф купышхор къы-
пэгъокІыгъ, сыда пІомэ зэкІэри ащ паплъэщтыгъэхэти
ары. [41] Иаир зыцІэ синэгогу пащэ горэ къакІуи, Исус
ылъакъохэм адэжь зыкъыщыридзыхи къелъэІугъ:
–Садэжь къакІо.
[42] Сыда пІомэ илъэс пшІыкІутІу фэдиз ыныбжьэу зы
пхъу закъо иІагъ. Ар лІэным нэсыгъэу сымаджэу щылъыгъ.
Арэущтэу Исус Иаир ыдэжь кІо зэхъум, цІыф купышхор
тезэрэгъэбэнагъ. [43] Ахэмэ зы бзылъфыгъэ горэ ахэ-
тыгъ. Илъэс пшІыкІутІу хъугъэу, ащ бэрэ лъы къыкІэ-
кІэу гуІэщтыгъэ. Ащ иІэр зэкІэ Іазэхэм атыригъэкІо-
дэгъагъ, ау зыми ыгъэхъужьын ылъэкІыщтыгъэп. [44] А
бзылъфыгъэр Исус ыкІыбкІэ къекІуалІи, ищыгъын
кІапэ къынэсыгъ. Ащ зэрэнэсэу илъыкІэкІын уцу-
жьыгъэ.
[45] –Хэта къызнэсыгъэр?– къыІуагъ Исус.
Зэпстэуми загъэхые зэхъум, Петр къыІуагъ:
–Тхьаматэ, цІыфхэм укъауцухьызэ, къыптебанэхэу
зэрэщытхэр плъэгъурэба?
[46] –Зыгорэ къызнэсыгъ,– къыІуагъ Исус. –Сыда пІомэ
кІуачІэ зэрэсхэкІыгъэр зэхэсшІагъэшъ ары.
[47] Ау бзылъфыгъэм ышІагъэр къызэрашІэщтыр зелъэ-
гъум, кІэзэзэу къыІухьи, Исус ыпашъхьэ зыкъыщыри-

дзыхи, цIыф пстэуми апашъхьэ къызкIынэсыгъэри, зан-
кIэу зэрэхъужьыгъэри къыIуагъ:
48 –Сипшъашъ, уишIошъхъуныгъэ уигъэхъужьыгъ,–
риIуагъ Исус. –Гъогу маф. Гупсэфыныгъэ уиIэу опсэу.
49 Исус гущыIэзэ, синэгогу пащэм иунэ зыгорэ къикIы-
гъэу, къакIуи къыIуагъ:

–О ппхъу дунаем ехыжьыгъ. Дин гъэсакIом къин джыри емыгъэлъэгъужь.

50 Ау Исус ар зызэхехым, Иаир риIуагъ:

–О умыщын. ШIошъхъуныгъэ зигъаIэ къодый. Ппхъу къэхъужьыщт.

51 Исус Иаир иунэ зынэсым, Петрэ, Иуан, Якъубэ, пшъэ-
шъэжъыем ятэ–янэ анэмыкI унэм зыдыригъэхьагъэп.
52 ЦIыф пстэуми хьадагъэ ашIызэ, абгъэгухэм яожьыщты-
гъэх. Ау Исус ыIуагъ:

–Хьадагъэ шъумышIы. Ар лIагъэп, мэчъые нахь.

53 Ау ахэмэ ар зэрэлIагъэр ашIэти, Исус къыдэхьащ-
хыгъэх. 54 Ау Исус пшъэшъэжъыем ыIэ къыубыти, мэ-
къэшхокIэ къыIуагъ:

–Сипшъэшъэжъый, къэтэдж!

55 Пшъэшъэжъыем ыпсэ къыпыхьажьи, ардэдэм къэ-
тэджыжьыгъ. Ар агъэшхэнэу Исус ариIуагъ. 56 Пшъэшъэ-
жъыем ятэ–янэхэм лъэшэу агъэшIэгъуагъ, ау Исус хъу-
гъэ–шIагъэр зыми рамыIотэжьынэу афигъэпытагъ.

## ЯБГЪОНЭРЭШЪХЬ

### Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIур Тхьэм фэлэжьэнхэу зэрэдигъэкIыгъэхэр

(Маттэ 10:5–15; Марк 6:7–13)

Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIур зэIуигъа-
кIэхи, цIыфмэ джынапцIэхэр ахафынхэуи, яузхэр агъэ-
хъужьынхэуи лъэкIыныгъэрэ тетыгъорэ аритыгъ. 2 Тхьэм
и Тетыгъошхо ехьылIэгъэ къэбарышIур агъэIунэуи, сы-
маджэхэр агъэхъужьынхэуи дигъэкIыгъэх. 3 Мырэущтэу
ариIуагъ:

–Гъогум шъузытехьэкIэ, зи зыдэшъумышт, бэщи, Iалъ-
мэкъи, хьалыгъуи, ахъщи зыдэшъумышт. ДжэнитIуи зы-
щышъумылъ. [4] ХьакIэу зы унэ горэм шъуихьэмэ, а чIыпIэм
шъукъикIыжьыфэ нэс, а унэм шъуис. [5] ЦIыфхэм шъу-
рамыгъэблагъэмэ, якъалэ шъукъызыдэкIыжькIэ, мыхъу-
нэу ашIагъэмкIэ ахэмэ апашъхьэ шыхьат щыхъуным пае,
шъулъакъохэм акIэрылъ сапэр акIэрыжъугъэтэкъужь.

[6] Арэущтэу Исус игъогу рыкIохэрэр ежьэхи, къуаджэ-
мэ адэхьэ–адэкIыхэу къэбарышIур щагъэIущтыгъ, тыдэ-
кIи сымаджэхэри щагъэхъужьыщтыгъэх.

## Пщы Ирод зэрэгумэкIыгъэр

(Маттэ 14:1–12; Марк 6:14–29)

[7] Пщы Ирод* Исус ышIэгъэ пстэуми якъэбар зэхихы-
гъэти, гумэкIи, зыфихьын ышIэщтыгъэп, сыда пIомэ
цIыф куп ыIощтыгъ:

–Пегъымбар Иуан лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ.

[8] –Пегъымбар Иляс* къэлъэгъуагъ,– аIощтыгъ етIанэ
нэмыкIхэми.

–Пэсэрэ пегъымбархэм ащыщэу горэ къэтэджыжьыгъ,–
аIощтыгъ адрэхэми. [9] Ау Ирод къыIуагъ:

–Иуан ышъхьэ дзэлIхэм пязгъэупкIыгъ. Адэ, мыщ фэдэ
къэбархэр зэраIуалIэрэ лIыр хэта?

Арэущтэу къыIозэ, Исус зэригъэлъэгъунэу ыуж итыгъ.

## Исус нэбгырэ минитф зэригъэшхагъэр

(Маттэ 14:13–21; Марк 6:30–44; Иуан 6:1–14)

[10] Апостолхэм* Исус ыдэжь къызагъэзэжьым, Iофхэу
ашIагъэхэр раIотэжьыгъэх. ЕтIанэ Исус цIыфхэм ахэкIи,
апостолхэр зыдищэхэзэ, язакъоу ВифсайдэкIэ заджэхэрэ
къалэм* кIуагъэх. [11] Ау цIыф купышхохэм ар къызашIэм,

---

9:7 пщы Ирод – еплъ 3:1.

9:8 пегъымбар Иляс – ар чIылъэм къыгъэзэжьынышъ, Христос игъогу фигъэпсынэу джуртхэр паплъэхэу щытыгъэх. Еплъ Пегъымбар Малахие тхылъэу ытхыгъэм 4:5–6.

9:10 апостолхэр – еплъ 6:13.

9:10 ВифсайдэкIэ заджэхэрэ къалэр – Галилей псыхъураем итемыр тыгъэ къыкъокIыпIэ Iушъо Iутыгъ.

Исус лъыкIуагъэх. Исус ахэмэ дахэкIэ къапэгъокIыгъ,
Тхьэм и Тетыгъошхо ехьылIагъэуи адэгущыIагъ, зэIэзэн
фаеу зищыкIагъэхэри ыгъэхъужьыгъэх.
12 Мафэр хэкIуатэу ыублагъ. Игъогу рыкIорэ нэбгырэ
пшIыкIутIур Исус къыбгъодахьэхи къыраIуагъ:
–Къоджэ–чIылэ гъунэгъухэм кIонхэшъ, гъолъыпIэрэ
гъомлапхъэрэ къагъотынхэм пае, цIыф купышхор тIу-
пщыжь; сыда пIомэ мы чIыпIэр Iудзыгъэшъ ары.
13 –Шъо ахэр жъугъашхэх,– ариIуагъ Исус ахэмэ.
–Тэ хьалыгъуитфырэ пцэжъыитIурэ нахь тиIэп,– къаIуагъ
ахэмэ, –хьауми мы цIыф пстэуми ашхын къафэтщэфынэу
тыкIона?
14 Ахэр лIы минитф фэдиз хъущтыгъэх.
ЕтIанэ Исус игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ:
–ЦIыфхэр шъэныкъо–шъэныкъоу, куп–купэу ежъугъэ-
тIысэхых.
15 Игъогу рыкIохэрэм арэущтэу ашIызэ, цIыф пстэури
рагъэтIысэхыгъэх. 16 ЕтIанэ Исус хьалыгъуитфымрэ пцэ-
жъыитIумрэ къыштэхи, уашъом дэплъыий, ахэмэ апае
Тхьэм щытхъу фишIыгъ. ЕтIанэ хьалыгъухэр зэгуичыхи,
цIыфмэ апашъхьэ ралъхьанхэу игъогу рыкIохэрэм ари-
тыгъэх. 17 ЦIыф пстэури шхагъэх ыкIи загъэшхэкIыгъ.
Ащ нэужым хьалыгъу такъырхэу къялыжьыгъэхэр мэтэ
пшIыкIутIу арызэу аугъоижьыгъэх.

## «Оры Тхьэм и Христос», ыIуи, Петр Исус зэрэриIуагъэр

(Маттэ 16:13–19; Марк 8:27–29)

18 Зы мафэ горэм чIыпIэ Iудзыгъэ горэм щыIэу, игъогу
рыкIохэрэр игъусэхэу Исус Тхьэм зелъэIу ужым, ахэмэ
яупчIыгъ:
–ЦIыф купышхохэм сэ хэт сыщыщэу аIора?
19 –Зы купым о уумэхъэкIо Иуанэу аIо,– къаIожьыгъ
ахэмэ. –НэмыкIхэми о упегъымбар Илясэу аIо. ЕтIанэ
адрэхэми пэсэрэ пегъымбархэм ащыщэу зыгорэ къэтэ-
джыжьыгъэу аIо.
20 –Адэ шъори, сэ хэт сыщыщэу шъуIора?– ариIуагъ
Исус.
–Оры Тхьэм и Христос,– къыIожьыгъ Петрэ.

## Исус ежьыр зэраукIыщтри, лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыщтри къызэриIуагъэр

(Маттэ 16:20–28; Марк 8:31–9:1)

21 Джащыгъум Исус ежьыр зэрэ–Христосыр зыми рамы-
Iотэжьынэу афигъэпытагъ.

22 –ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къиныбэ ыщэчын фаеу щыт,–
ыIуагъ. –Нахьыжъхэми*, дин пэщэшхохэми*, Тэурат
егъэджэкIо пащэхэми* ежьыр зэрамыпэсын ыкIи аукIын
фаеу щыт, ящэнэрэ мафэми лIагъэхэм къахэтэджыкIы-
жьын фаеу щыт.

23 –Зыгорэ сэ сауж къырыкIонэу фаемэ, ежьыр зыфэе
Iофхэр къерэгъанэхи, лIэныгъэм икъащ мафэ къэс къе-
рэшти, сауж къырэрэкIу,– ариIуагъ Исус ахэмэ зэкIэмэ.
24 –Сыда пIомэ хэти зыпсэ мыкIодэу къэзыгъэнэжьынэу
фаем ыпсэ шIокIодыщт, ау хэти сэщ пае зыпсэ зышIо-
кIодрэм ыпсэ мыкIодэу къыгъэнэжьыщт. 25 Дунаер зэкIэ
зы цIыфым ие хъоу, ежьыр кIодмэ, е ыпсэ зэрар фэ-
хъужьмэ, ишIуагъэу къэкIощтыр сыда? 26 Хэти сэррэ сэ
сигущыIэхэмрэ къыттеукIытыхьарэм сэ, ЦIыф Лъэпкъым
Ыкъуи, а цIыфым сытеукIытыхьажьыщт, Ты лъапIэмрэ
мэлэIич лъапIэхэмрэ ящытхъушхо фэдэ щытхъушхо сиIэу
сыкъызыкIожькIэ. 27 Шъыпкъэр шъосэIо, Тхьэм и Теты-
гъошхо алъэгъуфэ, мыщ дэжьым щыт цIыфхэм ащыщхэу
заулэм лIэныгъэр алъэгъущтэп.

## Исус итеплъэ зэрэзэрихъокIыгъэр

(Маттэ 17:1–8; Марк 9:2–8)

28 Исус а гущыIэхэр къызеIохэ ужым мэфий тешIагъэу,
Петри, Иуани, Якъуби зыдищэхи, Тхьэм елъэIунэу Iуашъ-
хьэм дэкIоягъ. 29 Тхьэм елъэIузэ, ынапэ итеплъэ зэри-
хъокIыгъ, ищыгъынхэри фыжьыбзэу, къэлыдэу хъугъэх.
30 Зэплъэхэм, нэбгыритIу Исус къыдэгущыIэу щытэу алъэ-

---

9:22 нахьыжъхэр – еплъ 7:3.

9:22 дин пэщэшхохэр – дин пэщэшхор, дин пэщэшхоу щытыгъэхэр, дин пэщэшхохэм яунагъохэм ащыщхэр ары.

9:22 Тэурат егъэджэкIо пащэхэр – еплъ 5:17.

гъугъ. Ахэр пегъымбар Мусэрэ Илясрэ арыгъэх. 31 Нэфынэ
гъэшIэгъонышхом къыхэлыдыкIыхэу къэлъэгъуагъэх,
Исус Ерусалим дунаем зэрэщехыжьын фаеми тегущыIагъэх.
32 Петрэрэ игъусэхэмрэ хэчъыягъэх, ау къызэущыжьхэм,
Исус нэфынэ гъэшIэгъонышхом хэтэу, къыхэлыдыкIэу
адрэ нэбгыритIур къыбгъодэтхэу алъэгъугъэх. 33 А нэ-
бгыритIур IукIыжьхэ зэхъум, Петрэ Исус риIуагъ:

–Тхьаматэ, мыщ дэжьым тызэрэщыIэр дэгъу. Чэлищ
щыдгъэIэн, ощ пае зы, Мусэ паий зы, Иляс паий зы.

Петрэ ыIорэр ымышIэу ащ фэдэу къыIуагъ.

34 Петр гущыIэзэ, ошъуапщэ къакIуи, ахэмэ къашъхьэ-
щыхьагъ. Ошъуапщэр къызашъхьэщэхьэм, Исус игъогу
рыкIохэрэр къэщтагъэх. 35 Ошъуапщэм зы макъэ горэ
къыхэIукIыгъ:

–Мары сэ шIу слъэгъурэ Скъо кIасэр. Ащ ыIорэм
шъуедэIу.*

36 А макъэр къызэIу ужым, Исус изакъоу къэнагъ. Ау
игъогу рыкIохэрэм алъэгъугъэр а мафэхэм зыми рамы-
Iуатэу аушъэфыгъ.

## Исус джынапцIэ зыхэс кIалэ горэ зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 17:14–18; Марк 9:14–27)

37 ЯтIонэрэ мафэм ахэр Iуашъхьэм къызехыжьхэм, цIыф
купышхо Исус къыпэгъокIыгъ. 38 ОшIэ-дэмышIэу а цIыф
купышхом зы лIы горэ къыхэкуукIыгъ:

–Дин гъэсакIу, сэ скъо усфеплъынэу сыолъэIу, а къо
закъор ары сиIэр. 39 ДжынапцIэ горэм кIалэр зэкIеубытэшъ,
ошIэ-дэмышIэу егъэкуо. КIалэм ыжэ Iупс къыIутIэтIэу,
джынапцIэм ар къегъэкIэзэзышъ, къинышхо римыгъахьэу
хэкIыжьырэп. 40 О уигъогу рыкIохэрэм джынапцIэр хафы-
нэу сялъэIугъ, арышъхьакIэ ахэмэ ар хафын алъэкIыгъэп.

41 –Еоой, шIошъхъуныгъэ зимыIэхэу, джырэ цIыф къуан-
чэхэр,– къыIожьыгъ Исус. –Сыд фэдизрэ сышъухэтын
ыкIи шъусщыIэн фая? О пкъо мо къащэ.

42 Ау кIалэр къакIозэ, джынэпцIэ Iаем ар чIыгум ты-

---

9:35 Мары сэ шIу слъэгъурэ Скъо кIасэр. Ащ ыIорэм шъуедэIу – еплъ Сэбур (Псалтыр) 2:7; Пегъымбар Мусэ япэрэ тхылъэу ытхыгъэм 22:2 ыкIи ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 18:15.

ридзи ыгъэкIэзэзыгъ. Исус джынэпцIэ Iаем егыий,
кIалэр ыгъэхъужьыгъ, яти ритыжьыгъ. 43 ЦIыф пстэуми
Тхьэм илъэкIыныгъэшхо лъэшэу агъэшIэгъуагъ.

## Исус ежьыр цIыфхэм зэраIэкIэхьащтыр ятIонэрэу къызэриIуагъэр

(Маттэ 17:22–23; Марк 9:30–32)

ЦIыф пстэуми Исус Iофхэу ышIагъэ пстэури агъэшIагъохэ зэхъум, игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ:

44 –Мы гущыIэхэр шъутхьакIумэхэм арыжъугъахь. ЦIыф
Лъэпкъым Ыкъо цIыфхэм аIэкIэхьащт.

45 Ау а гущыIэхэм къарыкIырэр къагурыIуагъэп. А гущыIэхэр къагурыIон амылъэкIынэу ахэмкIэ гъэбылъыгъэу щытыгъэх, а гущыIэхэм яхьылIагъэуи Исус къеупчIынхэу щынэщтыгъэх.

## Хэта анахь ин дэдэр?

(Маттэ 18:1–5; Марк 9:33–37)

46 Исус игъогу рыкIохэрэм, «Тэ тщыщэу хэта анахь иныр?»
аIоу, зэнэкъокъуныгъэ къахэхьагъ. 47 Исус ахэмэ агухэм
арылъыр ышIэзэ, зы сабый горэ къышти, ыбгъукIэ ыгъэуцуи ариIуагъ:

48 –Хэти мы сабыир сэ сцIэкIэ къезыгъэблагъэрэм сэ сыригъэблэгъагъэу мэхъу, хэти сэ сезыгъэблагъэрэми сэ сыкъэзыгъэкIуагъэри ригъэблэгъагъэу мэхъу, сыда пIомэ шъуащыщэу анахь цIыкIур ары анахь ин дэдэр.

## Къышъупэмыуцурэр шъуигъус

(Марк 9:38–40)

49 –Тхьаматэ, о пцIэкIэ лIы горэм джынапцIэхэр цIыфхэм ахифхэу тлъэгъугъэ,– къыIуагъ Иуан. –Ар тэ зэрэтщымыщым пае, зэтетIэжьэнэу тыпылъыгъ.

50 –Зэтешъумыгъажь ар,– къыриIожьыгъ Исус, –сыда пIомэ шъо къышъупэмыуцурэр шъуигъусэшъ ары.

## Самарие хэкум щыщ къуаджэ горэм дэсхэм Исус рагъэблэгъэнэу зэрамыдагъэр

[51] Тхьэм Исус уашъом зыдищэежьыщт мафэр къызэ-
благъэм, Исус Ерусалим кIонэу тыриубытагъ. [52] ЛIы-
кIохэр ыпэ рапшIэу ыгъэкIуагъэх. Ахэр кIохи, Самарие
хэкум* щыщэу зы къуаджэ горэм зыщыхьакIэн чIыпIэ
къыфагъэхьазырынэу дэхьагъэх. [53] Ау Исус Ерусалим зэ-
рэкIорэм пае, а къуаджэм дэс цIыфхэм рагъэблэгъэнэу
адагъэп. [54] Ар залъэгъум, Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщ-
хэу Якъубэрэ Иуанрэ къаIуагъ:

–Зиусхьан, уашъом машIо къехэу мы цIыфхэр ыгъэ-
стынхэу тIона?

[55] Ау Исус ахэмэ зафигъази, афимыдэу ариIуагъ:

–Хьау, ар хъущтэп; [56] сыда пIомэ ЦIыф Лъэпкъым
Ыкъо къызфэкIуагъэр цIыфхэр ыгъэкIодынхэу арэп,
мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэу ары нахь.

ЕтIанэ нэмыкI къуаджэ горэм кIуагъэх.

## Исус игъогу рыкIоным къин щэчыныгъэу хэлъыр

(Маттэ 8:19–22)

[57] Гъогум рыкIохэзэ, зыгорэм Исус къыриIуагъ:

–Тыдэ укIоми, уауж сыкъырыкIощт.

[58] –Баджэхэм исынхэу бы яI, ошъогу бзыухэми набгъо
яI, ау ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо* ышъхьэ зэрихьылIэжьын
чIыпIэ иIэп,– риIожьыгъ Исус.

[59] –Сауж къырыкIу,– риIуагъ Исус нэмыкI горэм.

–Тхьаматэ,– къыIожьыгъ адрэм, –ыпэ рапшIэу сыкIо-
нышъ, сятэ чIэслъхьажьынэу фит сыкъэшI.

[60] –ЛIагъэхэу щытхэм ежьхэм ялIагъэхэм яхьадэхэр чIа-
рэлъхьажьых,– риIожьыгъ Исус. –Ау о кIуи, Тхьэм и Те-
тыгъошхо ехьылIэгъэ къэбарышIур гъэIу.

[61] –Сэ уауж сыкъырыкIощт, тхьаматэ,– къыIуагъ нэмыкI
горэми. –Ау ыпэ рапшIэу сэ сибынхэм аIапэ сыубытыжьы-
нэу фит сыкъэшI.

---

9:52 Самарие хэкур – Иудей хэкумрэ Галилей хэкумрэ азыфагу дэлъ хэкур арыгъэ. Джуртхэмрэ Самарие цIыфхэмрэ яхабзэхэри ядинхэри зэрэзэфэшъхьафхэм пае, зэпыищтыгъэх.

9:58 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ 5:24.

62 –ПхъэIэшэкIыр* зыубытыгъэу къызэплъэкIыжьырэр
Тхьэм и Тетыгъошхо фэлэжьэнэу ифэшъуашэп,– ыIуи,
Исус ащ риIожьыгъ.

# ЯПШIЭНЭРЭШЪХЬ

## Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ тIокIищырэ пшIырэ Тхьэм фэлэжьэнхэу зэрэдигъэкIыгъэхэр

Ащ нэужым Зиусхьаным нэбгырэ тIокIищырэ пшIырэ
къыгъэлъагъохи, тэдрэ къалэуи тэдрэ чIыпIэуи ежьыр зы-
дэкIон фаем тIурытIоу ыпэрапшIэу ыгъэкIуагъэх. 2 Мырэу-
щтэу ариIуагъ:

–Лэжьыгъэр бэ, ау лэжьакIохэр макIэх. Арышъ, лэ-
жьыгъэр зием шъуелъэIу, лэжьыгъэр къахыжьыным пае,
лэжьакIохэр къыгъэкIонхэу. 3 ШъукIу! Мо шъукъэ-
даIу, шъынэхэм шъуафэдэу тыгъужъхэм шъуахэсэгъахьэ.
4 Ахъщалъи, Iалъмэкъи, цуакъи зыдэшъумыштэх. Гъо-
гум зыми шIуфэс щешъумых.

5 –ХьакIэу зы унэ горэм шъузихьэкIэ, ыпэ рапшIэу,
«Тхьэм шъо мы унэм исхэм гупсэфыныгъэ къышъуерэт»,
шъуIуи, шIуфэс яшъух. 6 А гупсэфыныгъэр зифэшъошэ
цIыф а унэм исмэ, Тхьэм гупсэфыныгъэр ащ къыритыщт.
Имысмэ, гупсэфыныгъэр шъо къышъуфэкIожьыщт. 7 А
унэм шъукъини, къышъуатырэри шъушхы ыкIи шъуе-
шъу, сыда пIомэ лэжьакIом илэжьапкIэ ыгъотынэу ифэ-
шъуашэшъ ары. Бысымыр зэшъухъокIэу, зы унэм шъу-
къикIэу, нэмыкI цIыфым иунэ шъуимыхь.

8 –Зы къалэ горэм шъудахьэу шъузырагъэблагъэкIэ,
ащ дэжьым къышъуатырэр шъушхы. 9 Сымаджэхэр ащ
дэжьым щыжъугъэхъужьых, мырэущтэуи яшъуIу: «Тхьэм
и Тетыгъошхо къышъупэблэгъагъ». 10 Ау зы къалэ горэм
шъудахьэу, ащ дэжьым шъущырамыгъэблагъэмэ, иурам-
хэм шъуатехьи, мырэущтэу шъуIо: 11 «ШъуикъалэT исапэу
тэ тлъакъохэм акIэрылъыр къышъутетэтэкъожьы; ау
щытми зэжъугъашIэ, Тхьэм и Тетыгъошхо къызэрэблэ-

---

9:62 пхъэIашэ – шыхэр е цухэр зыкIэшIагъэу чIыгу зэражъорэр ары.
ПхъэIэшэкI – пхъэIашэм ыкIэ IэубытыпIэу иIэр ары.

гъагъэр». [12] Сэ шъосэIо, ахърэт мафэм а къалэм къинэу
ыщэчыщтым нахьи, Содом къалэм* къинэу ыщэчыщтыр
нахь мэкIэщт.

## Сыхьатмыгъо уежьагъ, Хоразин къалэ! Сыхьатмыгъо уежьагъ, Вифсайдэ къалэ!

(Маттэ 11:20–24)

[13] –Сыхьатмыгъо уежьагъ, Хоразин къалэ! Сыхьатмы-
гъо уежьагъ, Вифсайдэ къалэ! Сыда пIомэ шъуадэжь
сэ щысшIэгъэ Iофышхо гъэшIэгъонхэр къалэхэу Тиррэ
Сидонрэ* ащысшIагъэхэу щытыгъэмэ, бэшIагъэу шъы-
гъоныгъэ щыгъын ащыгъхэу, анэгухэр яжьэкIэ цIэла-
гъэхэу япсэкIодшIагъэхэм афыкIэгъожьыщтгъэх. [14] Ау
ахърэт мафэм шъо къинэу шъущэчыщтым нахьи, Тиррэ
Сидонрэ къинэу ащэчыщтыр нахь мэкIэщт. [15] О Капер-
наум къалэ, уашъом удэкIоена? Джэхьнэмым икуупIэ
нэсыфэ упхырызыщт нахь.*
[16] –Шъо къышъодэIурэр, сэри къысэдэIу. Шъо шъузы-
мыдэрэм сэри сидэрэп, сэ сызымыдэрэми сэ сыкъэзы-
гъэкIуагъэри ыдэрэп.

## Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ тIокIищырэ пшIырэм къызэрагъэзэжьыгъэр

[17] Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ тIокIищырэ пшIырэмэ
гушIуагъокIэ къагъэзэжьи аIуагъ:
–Зиусхьан, о пцIэ къызытIокIэ, джынапцIэхэри тэ
тIэмычIэ илъ мэхъух.
[18] –Шъыпкъэ, пчыкIэм* фэдэу шэйтаныр уашъом къе-
фэхэу сэ слъэгъугъэ,– ариIуагъ Исус. [19] –Блэхэми скор-

---

10:12 Содом къалэр – Хы ЛIагъэм иIушъо Iутыгъ. Содом къалэм дэсхэм ябзэджагъэ пае, Тхьэм ар машIокIэ ыгъэкIодыгъагъ. Еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:24–28.

10:13 къалэхэу Тиррэ Сидонрэ – еплъ 6:17.

10:15 О Капернаум къалэ... упхырызыщт нахь – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 14:13,15.

10:18 пчыкIэ – шыблэм инэфынэ ары.

пионхэми* шъуатеуцонэуи, пыим ыкIуачIэ зэкIэ шъуте-
кIонэуи тетыгъо шъостыгъ; зыми иягъэ къышъокIыщтэп.
20 Ау джынапцIэхэр шъуIэмычIэ зэрилъхэм пае, шъумы-
гушIу, шъуцIэхэр уашъом итхылъ зэритхэм пае, шъугу-
шIо нахь.

## Исус зэрэгушIуагъэр

(Маттэ 11:25–27; 13:16–17)

21 А сыхьатым Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ инэу къыгъэгушIоу
Исус къыIуагъ:

–Сят, уашъоми чIылъэми я Зиусхьан, мы Iофхэр цIыф
Iушхэмрэ цIыф губзыгъэхэмрэ ашIоушъэфыгъэу, сабый-
хэм зэрябгъэшIагъэмкIэ щытхъу пфэсэшIы. Ары, Сят,
о ар арэущтэу пшIоигъуагъ.

22 ЕтIанэ Исус игъогу рыкIохэрэм зафигъази къыIуагъ:

–Сятэ щыIэ пстэури къысIэкIилъхьагъ. Къо лъапIэр
зыфэдэр Ты лъапIэм нэмыкI зыми ышIэрэп. Ты лъапIэр
зыфэдэри Къо лъапIэмрэ Къо лъапIэм зэригъэшIэнхэу
фэе цIыфхэмрэ анэмыкI зыми ышIэрэп.

23 Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ язакъоу къызэнэжь-
хэм, Исус ахэмэ зафигъази ариIуагъ:

–Шъо шъунэхэм алъэгъурэр зылъэгъурэ нэхэр сыхьат-
мафэ ежьагъэх! 24 Сыда пIомэ сэ шъосэIо, пегъымбар
Iаджи пачъыхьэ Iаджи шъо шъулъэгъурэр алъэгъунэу
ашIоигъуагъ, ау алъэгъугъэп, шъо зэхэшъухырэри зэха-
хынэу ашIоигъуагъ, ау зэхахыгъэп.

## Самарие хэкум щыщэу гукIэгъу зыхэлъ цIыфыр

25 Зы Тэурат егъэджэкIо пащэ горэ къэтэджи, Исус
ыгъэунэфыным пае, къыIуагъ:

–Дин гъэсакIу, мыкIодыжьын щыIэныгъэ IэхьышIоу
къыслъысыным пае, сыда сшIэщтыр?

26 –Тэурат хабзэм сыда итыр?– риIожьыгъ Исус. –Сыдэу-
щтэу укъеджэра?

27 –«ЗэкIэ о угурэ упсэрэкIи, зэкIэ пкIуачIэкIи, зэкIэ
уизэхэшIыкIыныгъэкIи Зиусхьанэу уи Тхьэ шIу лъэгъу,

10:19 скорпион – акърэб ары.

о пшъхьи шIу зэрэплъэгъурэм фэдэу, уигъунэгъури шIу
лъэгъу»,–* къыIожьыгъ адрэм.
28 –Шъыпкъэр къэпIуагъ,– риIуагъ Исус а лIым. –А
къэпIуагъэр гъэцакIи, мыкIодыжьын щыIэныгъэ бгъо-
тыщт.
29 Ау Тэурат егъэджэкIо пащэм зигъэхыенэу фэягъэти,
Исус риIуагъ:
–Хэта адэ сэ сигъунэгъу?
30 –Зы лIы горэ Ерусалим дэкIи, Ерихон къалэм* ехызэ,
хъункIакIомэ аIэкIэфагъ,– къыIожьыгъ Исус. –ХъункIа-
кIомэ ар ахъункIыгъ, ищыгъынхэри щахыгъ, Iаеу еохи,
ыпсэ пыт къодыеу къагъани, хэхьажьыгъэх. 31 А сыхьат
дэдэм зы дин пащэ горэ а гъогумкIэ ехынэу хъугъэ. А
лIыр зелъэгъум, гъогум иадрабгъумкIэ блэкIыгъ. 32 Ащ
фэдэу Левый зыщIэ унэгъо лъэпкъым* щыщэу зы дин
пащэ горэ а чIыпIэм нэси, а лIыр зелъэгъум, гъогум
иадрабгъумкIэ блэкIыгъ. 33 Ау Самарие хэкум щыщэу зы
лIы горэ а гъогум рыкIозэ, а лIым ыдэжь къэсыгъ. Ар
зелъэгъум, ыгу егъуи, 34 бгъодэхьагъ, иуIагъэхэм дагъэрэ
сэнэпсырэкIэ яIази ыпхыгъэх. ЕтIани а лIыр къыIэти,
ежьыр зытесыгъэ щыдым тырилъхьи, хьакIэщ горэм
рихьи, лъыплъагъ. 35 ЯтIонэрэ мафэм динаритIу ыджыбэ
къырихи, хьакIэщыр зием рити, къыIуагъ: «О мы лIым
лъыплъи, сыд фэдиз нахьыбэу тебгъэкIуадэми, къызы-
згъэзэжькIэ, остыжьыщт».
36 –Джы, о зэрэпшIошIырэмкIэ мы нэбгырищым ащыщэу
хъункIакIохэм аIэкIэфэгъэ лIым игъунэгъу фэдэу хэта
нахьышIоу дэзекIуагъэр?– къыпигъэхъожьыгъ Исус.
37 –ЛIэу гукIэгъу фэзышIыгъэр ары,– къыIуагъ Тэурат
егъэджэкIо пащэм.
–Ори кIуи, ащ фэдэу шIэ,– риIуагъ Исус.

---

10:27 ЗэкIэ о угурэ упсэрэкIи… шIу лъэгъу – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 6:5, ыкIи ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:18.

10:30 Ерихон къалэр – Ерусалим итемыр тыгъэ къыкъокIыпIэ лъэныкъокIэ, километрэ 24–кIэ пэчыжьэу, Иордан псыхъом итыгъэ къохьэпIэ лъэныкъокIэ ит.

10:32 Левый зыщIэ унэгъо лъэпкъыр –а унэгъо лъэпкъым щыщ пстэури дин пащэхэу щытхэзэ, Тхьэм иунэшхо щылажьэщтыгъэх. Еплъ Пегъымбар Мусэ яплIэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 3:1–13.

### Мерэмрэ Марфэрэ

38 ЕтIанэ Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ ягъогу рыкIо-
хэзэ, зы къуаджэ горэм зыдахьэхэм, Марфэ зыцIэу бзы-
лъфыгъэ горэм иунэ Исус ригъэблэгъагъ. 39 А бзы-
лъфыгъэм Мерэм ыцIэу зы шыпхъу иIагъ. А шыпхъур
Зиусхьаным игущыIэхэм ядэIоу, ылъакъохэм адэжь щы-
сыгъ. 40 Ау ыгъэхьэкIэнхэм иIофхэр Марфэ шIобаIо хъу-
гъэх. Арыти, ар Исус къыбгъодахьи къыриIуагъ:

–Зиусхьан, Iофхэр зэкIэ сэ сизакъоу сшIэнхэу сшыпхъу сыкъызэригъанэрэр пшIоемыкIуба? Ар къыздэIэпыIэнэу еIу!

41 –Ей Марфэу си Марф,– риIожьыгъ Зиусхьаным, –о
Iоф бащэмэ зябгъэгъэгумэкIэу зыогъалIэ. 42 Ау зы ныIэп
уищыкIагъэр. Мерэм Iэхьэ нахьышIур къыхихыгъ, а Iэ-
хьышIури ащ Iахыжьыщтэп.

## ЯПШIЫКIУЗЭНЭРЭШЪХЬ

### Тхьэм елъэIугъэным ехьылIагъ

(Маттэ 6:9–15; 7:7–11)

Зы чIыпIэ горэм Исус Тхьэм щелъэIущтыгъ. Тхьэм зелъэIу ужым, игъогу рыкIохэрэм ащыщэу зыгорэм ежьым къыриIуагъ:

–Зиусхьан, умэхъэкIо Иуан игъогу рыкIохэрэм Тхьэм узэрелъэIун фэе шIыкIэр зэраригъэшIагъэм фэдэу, ори тэ тэгъашIэ.

2 –Тхьэм шъуелъэIу зыхъукIэ, мырэущтэу шъуIо,– ари-
Iуагъ Исус.

«О Тятэ лъапIэу уашъом щыIэр!
ПцIэ цIыфхэм агъэлъапIэу орэхъу.
Уи Тетыгъошхо къэрэкIу.
Узыфаер уашъом зэрэщыхъурэм фэдэу, чIылъэми
щэрэхъу.
3 Хьалыгъоу тищыкIагъэр мафэ къэси къытэт.
4 Тэ типсэкIодхэр къытфэгъэгъух,
сыда пIомэ тэри хэти мыхъун къытэзышIэрэм
фэтэгъэгъу.
Шэйтаным псэкIод тигъэшIэнэу фит умышIы, ащи
тыщыухъум».

[5]–Шъо шъуащыщэу зыгорэм ныбджэгъу иIэу тIон,–
ариIуагъ Исус. –Чэщныкъом а ныбджэгъум иунэ ма-
кIошъ, реIо: «Синыбджэгъу, чIыфэу хьалыгъуищ къысэт,
[6]сыда пIомэ синыбджэгъу горэ гъогурыкIоу къысфэ-
кIуагъ. Езгъэшхын зи сиIэп».

[7]–Арэущтэу зеIом, унэм ис ныбджэгъум адрэм къыре-
Iожьы: «Сымыгъэулэу. Къэлапчъэр гъэпытагъэ, сиса-
быйхэри сигъусэхэу пIэм хэлъых. Сыкъэтэджэу зыгорэ
остын слъэкIыщтэп».

[8]–Сэ шъосэIо,– къыпигъэхъожьыгъ Исус, –зэриныб-
джэгъум пае, къэтэджэу хьалыгъур къыримытыщтми,
ыуж зэримыкIыжьырэм пае къэтэджынышъ, зыфаер зэ-
кIэ къыритыщт.

[9]–Арышъ, шъосэIо, шъуелъэIуи Тхьэм къышъуитыщт;
шъулъыхъуи къэжъугъотыщт; къэлапчъэми шъутеуи,
Тхьэм къышъуфыIуихыщт; [10]сыда пIомэ хэтми лъаIо-
рэм зыкIэлъэIурэр иIэ хъущт, лъыхъурэми зылъыхъурэр
къыгъотыщт; къэлапчъэм теорэми Тхьэм къыфыIуихыщт.

[11]–Ты къышъухэта, зыкъо хьалыгъу пае къелъэIумэ,
мыжъо езытыщтыр, е пцэжъые пае къелъэIумэ, блэ
езытыщтыр, [12]е кIэнкIэ пае къелъэIумэ, скорпион* езы-
тыщтыр? [13]Арэущтэу шъо шъубзаджэ пэтми, шъуибын-
хэм шIу зэряшъутыщтыр шъошIэ. Ащ нахьи нахьыбэу Ты
лъапIэу уашъом щыIэм ежьым елъэIухэрэм ежь Ыпсэ
ЛъапIэ къаритыщтба?

### Исусрэ джынапцIэхэм япащэу Велзевулрэ
(Маттэ 12:22–30; Марк 3:20–27)

[14]Исус лIы бзако горэм джынапцIэу ащ ыбзэ зыубы-
тырэр хифыгъ. ДжынапцIэр зыхэкIыжьым, бзакоу щыты-
гъэ лIыр къэгущыIагъ. ЦIыф купышхохэм агъэшIэгъуагъ.
[15]Ау ащыщхэу заулэмэ къаIуагъ:

–Велзевулэу джынапцIэхэм япащэ илъэкIыныгъэ ары
джынапцIэхэр цIыфхэм зэрахифырэр.

---
11:12 скорпион – акърэб ары.

16 НэмыкIхэми Исус агъэунэфыным пае, зы нэшэнэ гъэ-
шIэгъонышхо горэ уашъом къафыригъэхынэу фэягъэх.

17 Ау ахэмэ ягухэлъхэр Исус ышIэхэзэ ариIуагъ:

–Сыдрэ зы пачъыхьагъуи лъэныкъуитIоу зигощымэ, зэхэ-
тэкъощт, унэ гори лъэныкъуитIоу гощыгъэ хъумэ, къызэ-
хэощт. 18 Шэйтанри лъэныкъуитIоу зэрэгъэхъумэ, итеты-
гъо сыдэущтэу щыIэжьын ылъэкIына? Ар зыкIасIорэр Вел-
зевул илъэкIыныгъэкIэ сэ джынапцIэхэр цIыфхэм ахэсэфы-
хэу шъоIошъ ары. 19 Адэ, Велзевул илъэкIыныгъэкIэ сэ
джынапцIэхэр цIыфхэм ахэсэфыхэмэ, шъо шъуицIыфхэм
джынапцIэхэр зэрахафырэр хэт илъэкIыныгъэу хъура?
Арышъ, ахэр шъо шъуихьыкумышIэхэу хъущтых. 20 Ау сэ
джынапцIэхэр цIыфхэм зэрахэсфырэр Тхьэм ыIэхъуам-
бэшъ, Тхьэм и Тетыгъошхо къызэрэшъухэхьагъэр ары
ащ къикIырэр.

21 –КIуачIэ зиIэ лIы горэм IашэкIэ дэгъоу тегъэпсы-
хьагъэу, иунэ къыухъумэ зыхъукIэ, имылъкукIэ щынагъо
щыIэп. 22 Ау ащ нахьи нахь кIочIэшхо зиIэ лIы горэ ащ
къытебанэу къызытекIокIэ, Iашэу зыщыгугъыхэрэр къы-
тырихынхэшъ, ахэр зэкIэ ыгощыжьыщтых.

23 –Сэ симыгъусэр къыспэуцу, сэ къыздэзымыугъоирэми
ретэкъухьэ.

## **ДжынэпцIэ Iаем къызэригъэзэжьырэр**

(Маттэ 12:43–45)

24 –Зы джынэпцIэ Iае горэ цIыф горэм зыхэкIыкIэ, псы
зэрымыт шъоф нэкIым макIошъ, зыгъэпсэфыпIэ горэм
лъыхъоу къекIухьэ. ЗыгъэпсэфыпIэ ымыгъотэу, «Сызы-
хэсыгъэ лIэу сэ сиунэу щытыгъэм ыдэжь згъэзэжьыщт»,
еIо. 25 Ащ ыдэжь къегъэзэжьышъ, унэр пхъэнкIыгъэу,
зэлъыIухыгъэу къегъотыжьы. 26 Джащыгъум макIо, джы-
нэпцIибл ежьым нахьи нахь бзаджэхэу къыздещэхэшъ,
унэм ехьэхэшъ етIысхьэх. ЫкIэм ыкIэжьым а лIым иIоф
ыпэм нахьи нахь дэи мэхъу.

27 А гущыIэхэр Исус къыIохэзэ, цIыф купышхом хэтэу
зы бзылъфыгъэ горэм ымакъэ Iэтыгъэу къыриIуагъ:

–Ныбэу узэрылъыгъэри, бгъэу узкIэшъугъэри сыхьат-
мафэ ежьагъэх.

28 –Шъыпкъэ,– къыIуагъ Исус, –ау Тхьэм игущыIэхэр

зэхэзыхэу, ахэри зыгъэцакIэрэр ащ нахьи нахь сыхьат-
мафэ ежьагъэх.

## ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо цIыфхэм нэшанэ зэрафэхъурэр

(Маттэ 12:38–42; Марк 8:12)

29 ЦIыфхэр нахь купышхохэу Исус ыдэжь къыщызэрэ-
угъоихэ зэхъум, ащ къыIуагъ:
–Джырэ цIыфхэр бзаджэх. Ахэр нэшэнэ гъэшIэгъоны-
шхо фаех, ау пегъымбар Юныс* инэшанэ нэмыкI Тхьэм
ахэмэ къаритыщтэп, 30 сыда пIомэ Юныс Ниневие къалэм
дэсыгъэ цIыфхэм нэшанэ зэрафэхъугъэм фэдэу, ЦIыф
Лъэпкъым Ыкъо джырэ цIыфхэм нэшанэ афэхъущт. 31 Ау
сэ шъосэIо, къыблэ хэгъэгум щыщэу бзылъфыгъэ па-
чъыхьэр* ахърэт мафэм къэтэджынышъ, джырэ цIыфхэм
къядэощт ыкIи къыгъэмысэщтых, сыда пIомэ а бзылъ-
фыгъэ пачъыхьэр пачъыхьэ Сэлмэн* изэхэшIыкIыныгъэ
едэIунэу чIылъэм ыкъуапэ къикIи къэкIуагъ, ыкIи мары
пачъыхьэ Сэлмэн нахьи нахь инэу зыгорэ къышъухэт.
32 Ниневие къалэм дэсыгъэ цIыфхэр ахърэт мафэм къэ-
тэджынхэшъ, джырэ цIыфхэм къядэощтых ыкIи къагъэ-
мысэщтых, сыда пIомэ ахэмэ Тхьэм игущыIэхэр Юныс
аригъэIухэу зызэхаххэм, япсэкIодшIагъэхэм афыкIэгъо-
жьыгъэх, ыкIи мары Юныс нахьи нахь инэу зыгорэ къы-
шъухэт.

## Пкъым иостыгъ

(Маттэ 5:15; 6:22–23)

33 –Зыми остыгъэ хигъанэу, гъэбылъыгъэ къогъу горэм
ар къуигъэуцорэп е щэлъэ чIэгъым чIигъэуцорэп, унэм
къихьэхэрэм инэфынэ алъэгъуным пае, итетыпIэ лъагэ ты-
регъэуцо нахь. 34 Пкъым иостыгъэ нэр ары. Арышъ, о
унэ псаумэ, зэкIэ ппкъы нэфынэщт. Ау о унэ дэимэ,

---

11:29–30 пегъымбар Юныс – еплъ Пегъымбар Юныс икъэбар зэрыт тхы-
лъым (Иона) 3.

11:31 бзылъфыгъэ пачъыхьэр – еплъ Пачъыхьэхэм якъэбархэр зэрыт
апэрэ тхылъым (3 Царств) 10:1–10.

11:31 пачъыхьэ Сэлмэн – Сулиман ары.

зэкIэ о ппкъы шIункIыщт. [35] Арышъ, о пхэлъ нэфынэр
шIункIыгъэ мыхъуным фэсакъ. [36] Арэущтэу зэкIэ о ппкъы
шIункIыгъэ хэмылъэу нэфынэ хизмэ, зэкIэ о ппкъы нэфынэу хъущт, остыгъэ нэфынэм укъызэригъэнэфырэм
фэдэу.

## Исус Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ фарисейхэмрэ ямысагъэ къызэригъэлъэгъуагъэр

(Маттэ 23:1–36; Марк 12:38–40; Лука 20:45–47)

[37] Исус а гущыIэхэр къызеIохэ ужым, фарисей горэм
ежьыр ыгъэшхэнэу иунэ ригъэблэгъагъ. Исус ащ иунэ
ихьи, Iанэм пэтIысхьагъ. [38] Шхэным ыпэкIэ Исус ыIэхэр
зэримытхьакIыгъэхэр фарисеим зелъэгъум, ыгъэшIэгъуагъ.
[39] –Шъо фарисейхэм шъуишъуалъэхэмрэ шъуилагъэхэмрэ акIыбхэр шъогъэкъабзэх,– риIуагъ Зиусхьаным,
–ау нэйпсыягъэрэ бзэджагъэрэ нахь зи шъукIоцIылъэп.
[40] Шъо акъыл зимыIэхэр! Тхьэу кIыбыр къэзыгъэхъугъэм
кIоцIыри къыгъэхъугъэба? [41] Ау шъо шъуишъуалъэхэмрэ
шъуилагъэхэмрэ акIоцI илъыр тхьамыкIэхэм яшъогъэшхышъ, шъоркIэ зэкIэ къабзэу хъущт.

[42] –Ау сыхьатмыгъо шъуежьагъ, шъо фарисейхэр! Хатэм къыдэкIагъэхэм анахь пыутыхэм ащыщэу зы пшIанэр
Тхьэм пае шъоты, ау зэфагъэмрэ Тхьэр шIу зэрэшъулъэгъурэмрэ къэшъогъанэх. Ахэр ары жъугъэцэкIэн фаехэр,
адрэ Iофхэри къэшъумыгъанэхэу.

[43] –Сыхьатмыгъо шъуежьагъ, шъо фарисейхэр! Синэгогухэм тхьамэтэ тIысыпIэхэр ащышъуубытынхэри, зэIукIэхэм цIыфхэр шъуIэхэм щяжъугъэбэунхэри шIу шъолъэгъу.

[44] –Сыхьатмыгъо шъуежьагъ, шъо Тэурат егъэджэкIо
пащэхэри, Фарисейхэри, шъо нэпитIу зиIэхэр, сыда пIомэ
хэкIодэжьыгъэ къэхэмэ шъо шъуафэд. ЦIыфхэм гу лъамытэу, ахэмэ акIыIу рэкIох.

[45] Тэурат егъэджэкIо пащэхэм ащыщэу зыгорэм Исус
къыриIуагъ:

–Дин гъэсакIу, арэущтэу пIомэ, тэри укъытэхъоны.

[46] –Шъо Тэурат егъэджэкIо пащэхэри, сыхьатмыгъо шъуежьагъ,– къыIожьыгъ Исус, –сыда пIомэ хьылъэ зехьэгъуаехэр цIыфхэм атешъолъхьэх, ау ахэмэ шъуадэIэпыIэнэу зы Iэхъуамби жъугъэхъыерэп.

47 –Сыхьатмыгъо шъуежьагъ! Пегъымбархэу шъо шъуя-
тэжъхэм аукIыгъагъэхэм апае къэунэхэр шъогъэуцухэшъ,
48 шъуятэжъхэм ашIэгъагъэхэм шъори зэрадежъугъаштэ-
рэр къэшъоушыхьаты; сыда пIомэ шъуятэжъхэр арыба пе-
гъымбархэр зыукIыгъагъэхэр, шъорыба къэунэхэр афэ-
зыгъэуцухэрэр? 49 Ащ пае Тхьэм изэхэшIыкIыныгъэшхо-
кIэ къыIуагъ: «Пегъымбархэри апостолхэри ахэмэ афэз-
гъэкIощтых. Ахэмэ ащыщэу зы купыр къаукIыщт, зы
купыми къин рагъэщэчыщт». 50,51 Арышъ шъосэIо, пе-
гъымбар Авел ылъ щегъэжьагъэу пегъымбар Зэкъарие
ылъ къыхиубытэу, зэкIэ пегъымбархэм ялъыуасэ джырэ
цIыфхэм Тхьэм аригъэпщыныжьыщт. Пегъымбар Зэкъа-
рие ары къурмэн шIыпIэмрэ Тхьэм иунэшхорэ азыфагу
щагъэкIодыгъагъэр. Шъыпкъэр шъосэIо, ахэмэ зэкIэ
ялъыуасэ джырэ цIыфхэм Тхьэм аригъэпщыныжьыщт.

52 –Сыхьатмыгъо шъуежьагъ, Тэурат егъэджэкIо пащэ-
хэр, сыда пIомэ шIэныгъэм иIункIыбзэ шъо шъуштагъэ.
Ау шIэныгъэм иунэ шъо шъуихьагъэп, ихьанхэу фэягъэ-
хэри ихьанхэу фит шъушIыгъэхэп.

53,54 Ащ дэжьым Исус зыIокIыжьым, Тэурат егъэджэкIо
пащэхэмрэ фарисейхэмрэ ежьыр хагъэукъоным фаехэу,
Iоф горэм хаубытэным ешакIохэу, IофыбэхэмкIэ еупчIы-
хэзэ рагъэзэу аублагъ.

## ЯПШЫКIУТIОНЭРЭШЪХЬ

### НэпитIугъэм шъуфэсакъ

Джащыгъум цIыфхэм хэуцуапIэ амыгъотыжьэу, купы-
шхо мин пчъагъэкIэ къызызэIокIэхэм, Исус апэу игъогу
рыкIохэрэм ариIоу къыублагъ:

–Фарисейхэм ятэджэпсэу янэпитIугъэ шъуфэсакъ.
2 Къэмылъэгъожьынэу чIэухъумагъэу зи щыIэп, цIыфхэм
къамышIэнэуи гъэбылъыгъэу зи щыIэп. 3 Ащ къыхэкIы-
кIэ, мэзахэм щышъуIуагъэр мэфэ нэфынэм цIыфхэм зэ-
хахыжьыщт, унэ кIоцIым шъущыIушъашъэу тхьакIумэм
ишъуIуагъэри унашъхьэхэм атетхэу къыщаIотэжьыщт.

## Шъузщыщынэн фаер
(Маттэ 10:28–31)

4 –Ау сэ шъосэIо, синыбджэгъухэр, пкъыр зыукIхэу ащ
нэужым ащ ехъу зи зышIэн зымылъэкIхэрэм шъуащымы-
щын. 5 Ау шъо шъузщыщынэн фаер сэ шъозгъэлъэгъущт:
ЗиукIырэ ужым, джэхьнэмым хэзыдзэжьынэу тетыгъо зиIэр
ары шъузщыщынэн фаер. Ары, шъосэIо, ащ шъущыщын.
6 Бзыу цIыкIуитфыр чапычитIукIэ* ащэрэба? Ау щытми,
ахэмэ ащыщэу зи щымыгъупшэжьэу Тхьэм ыгу илъ. 7 Ау
шъо шъушъхьэ тет шъхьац налъэ пстэури лъытагъэ.
Шъумыщын, бзыубэхэм анахьи шъо шъуанахь лъапI.

## Христос игъогу рыкIохэрэм узэращыщыр цIыфхэм ябгъэшIэныр
(Маттэ 10:32–33; 12:32; 10:19–20)

8 –Сэ шъосэIо, сэ ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо* сигъогу ры-
кIохэрэм зэращыщыр цIыфхэм апашъхьэ хэтми къыщызы-
Iорэр, сэри ар сигъогу рыкIохэрэм зэращыщыр Тхьэм
имэлэIичхэм апашъхьэ къыщысIощт. 9 Ау хэтми сэ сигъогу
рыкIохэрэм ащымыщэу цIыфхэм апашъхьэ щызыIорэр,
сэри ар сигъогу рыкIохэрэм зэращымыщыр Тхьэм имэлэ-
Iичхэм апашъхьэ щысIощт. 10 Хэтми ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо
гущыIэ Iае фэзыIорэм фэгъущт, ау Тхьэм ЫпсэЛъапIэ
зыгъэпцIырэм фэгъущтэп.
11 –Синэгогухэм шъузаратыкIэ, хэку пащэхэмрэ теты-
гъор зиIэхэмрэ апашъхьэ шъузыращэкIэ, «Сыдэущтэу
зыдгъэхыен?» шъуIоу, ыкIи «Сыда тIощтыр?» шъуIоу шъу-
мыгумэкI; 12 сыда пIомэ къэшъуIон фаер а сыхьатым
Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ шъуигъэшIэшт.

## ЛIы баеу акъыл зимыIэм ехьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

13 ЦIыф купышхом хэтэу лIы горэ Исус къелъэIугъ:
–Дин гъэсакIу, тэ тятэ къыкIэныжьыгъэ мылъкур сэ

12:6 чапыч – арапыбзэкIи тыркубзэкIи «хъурышэ» мэхъу.

12:8 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ 5:24.

сшы къыздегъэгощ.
[14] –Шъузэрэгощыщт шIыкIэр къышъосIонэу хэта сызы-
гъэуцугъэр?– риIожьыгъ Исус. [15] ЕтIанэ цIыфмэ ариIуагъ:
–Шъуфэсакъ! Сыд фэдэ нэйпсыягъэ къызыхэшъумы-
гъаф, сыда пIомэ цIыфым сыд фэдиз мылъку иIэми,ар
ищыIэныгъэ епхыгъэпышъ ары.
[16] ЕтIанэ Исус зы гъэсэныгъэ тхыдэ афиIотагъ:
–ЛIы бай горэм ичIыгу лэжьыгъабэ къыхэкIыгъ.
[17] Арэущтэу зэхъум, ышъхьэ фиIожьэу къыублагъ: «Сыда
сшIэщтыр? Сэ силэжьыгъэхэр зэрыслъхьан зи сиIэп».
[18] –ЕтIанэ къыIуагъ: «Мырэущтэу сшIэщт. Сикъакъыр-
хэр скъутэнхэшъ, нахь инхэу сшIыжьынхэшъ, сигъа-
жъорэ симылъкурэ зэкIэ ахэмэ арыслъхьащт. [19] ЕтIанэ
сэ зэсIожьыщт: Илъэсыбэ пфырикъун Iаджи уиI. Зыгъэ-
псэф, шхэ, ешъу, зыгъатхъ!»
[20] –Ау Тхьэм къыриIуагъ: «О акъыл зимыIэ цIыф! Мы
чэщ дэдэм о ппсэ хэсхыжьыщт. Мы бгъэтIылъыгъэхэр
хэт къызыфэнэжьыщтыр?»
[21] –Ежь ышъхьэ пае мылъушхо зыугъоеу, ау Тхьэм
ыдэжькIэ мылъушхо зимыIэм джары къехъулIэщтыр.

**ГумэкIыным ехьылIагъ**

(Маттэ 6:25–34, 19–21)

[22] –Арышъ шъосэIо,– ариIуагъ Исус игъогу рыкIохэ-
рэм, –«Сыда тшхыщтыр?» шъуIоу, шъуищыIэныгъэ пае
шъумыгумэкI. «Сыда тщыгъыщтыр?» шъуIоу, шъупкъы
пайй шъумыгумэкI. [23] ЩыIэныгъэр гъомылэм нахьи нахь
лъапI, пкъыри щыгъыным нахьи нахь лъапI. [24] Къуалэхэм
шъуяплъ: Ахэмэ чылапхъи апхъырэп, лэжьыгъи къахыжьы-
рэп. Конхэри къакъырхэри яIэхэп, ау щытми Тхьэм
къареты. Шъо бзыухэм анахьи бэкIэ шъуанахь лъапI!
[25] ГумэкIынымкIэ хэта шъо шъуащыщэу зы Iэнтэгъу
фэдиз нэмыIэми икIыхьагъэ хэзыгъэхъон зылъэкIы-
щтыр? [26] Ащ фэдэу мэкIэ тIэкIур зышъумылъэкIыкIэ,
адрэ къэнагъэ пстэуми апае сыда шъузкIэгумэкIырэр?
[27] –Къэгъагъэхэм якъэкIыкIэ шъуеплъ. Ахэр лажьэхэ-
рэп, ци аджырэп, ау сэ шъосэIо, ежь пачъыхьэу Сэлмэн*

---

12:27 пачъыхьэ Сэлмэн – Сулиман ары. Илъэхъан ыдэжь ар пачъы-хьэ пстэуми анахьи нахь баеу щытыгъ. Еплъ Пачъыхьэхэм якъэбархэр зэрыт апэрэ тхылъым (3–я Царств) 10:23.

сыд фэдизэу дахэу кIэракIэщтыгъэми, ахэмэ ащыщэу
зыгорэми фэдэу гъэкIэрэкIагъэу щытыгъэп. [28] А уцэу
губгъом непэ итэу неущ хьакум радзэжьыщтыр Тхьэм
арэущтэу зигъэкIэракIэкIэ, ащ нахьи бэкIэ нахьыбэу
шъо шъуигъэкIэрэкIэщт, шъо шIошъхъуныгъэ зимакIэ-
хэр! [29] Шъо шъушхыщтымрэ шъузэшъощтымрэ ауж
шъуимыт ыкIи шъуафэмыгумэкI. [30] Сыда пIомэ ащ фэдэ
Iоф пстэури ары дунаем тет лъэпкъхэр зылъыхъухэрэр.
Ахэр зэрэшъуищыкIагъэр Шъуятэ лъапIэ ешIэ. [31] Ау
ыпэ рапшIэу Тхьэм и Тетыгъошхо иIофхэм ауж шъуит,
етIанэ адрэ къэнэгъэ Iофхэри къышъуIэкIэхьащтых.
[32] –Шъумыщын, шъо куп тIэкIур, сыда пIомэ Шъуятэ
лъапIэ и Тетыгъошхо къызыскIэ, тетыгъо къышъуиты-
нэу игуап. [33] Шъуихьапщыпхэр шъущэхи, ахъщэр тхьа-
мыкIэхэм яшъут. Жъы мыхъужьын ахъщалъэхэр зы-
фэшъушIых, нахь макIэ мыхъужьын мылъкушхо уашъом
щызэжъугъэгъот. Ащ дэжьым тыгъуакIо горэ а мылъку-
шхом щекIолIэшъущтэп, хъунэхэми ашхыщтэп. [34] Сыда
пIомэ шъуимылъкушхо зыдэщыIэм шъугухэри щыIэщтых.

**Шъумычъыеу шъусакъ!**

(Маттэ 24:45–51)

[35] –Шъо шъуицыякIэхэр дэупкIагъэхэу, шъуиостыгъэ-
хэри хэгъэнагъэхэу хьазырэу шъущыт. [36] ЦIыфхэу зи-
тхьаматэ нысащэм къикIыжьыным паплъэхэу, къэлап-
чъэм къызэрэтеоу фыIузыхынэу хьазырэу щытхэм афэ-
дэу шъущыт. [37] Тхьаматэр къызыкIожьыкIэ, унэIутхэу
мычъыехэу ыкIи сакъыхэу къыгъотыжьхэрэр сыхьат-
мафэ ежьагъэх, Шъыпкъэр шъосэIо, ицыякIэ диупкIэ-
нышъ, Iанэм пигъэтIысхьащтых, ежьыри къэкIонышъ,
ашъхьэщытыщт. [38] Чэщныкъом дэжь е нэфшъэгъо атэ-
къэIогъум дэжь тхьаматэр къэкIожьыгъэу, а унэIутхэр
мычъыехэу ыкIи сакъыхэу къызигъотыжьхэкIэ, ахэр сы-
хьатмафэ ежьагъэх. [39] Ау мыр зэжъугъашIэ: Унэр зием
тыгъуакIор къызыкIощт сыхьатыр ышIэщтыгъэмэ, чъы-
ещтгъэп, иуни къыригъахьэу илъыр рыригъэтыгъукIы-
щтгъэп. [40] Шъори шъухьазырын фае, сыда пIомэ ЦIыф
Лъэпкъым Ыкъо къэкIожьынэу шъузымыгугъэрэ сыхьат
горэм дунаем къэкIожьыщтышъ ары.
[41] –Зиусхьан,– къыIуагъ Петрэ, –мы гъэсэныгъэ тхы-

дэр тэщ пае къэпІуагъа, хьауми цІыф пстэуми апае
къэпІуагъа?
42 –Хэта адэ, зэхэшІыкІыныгъэ зиІэу, зыщыгугъышъу-
нэу унэзехьэу тхьаматэм унэІутхэу иІэхэм пащэ афишІы-
щтыр игъом яшхын аритынэу?– къыІуагъ Зиусхьаным.
43 –А унэІутыр сыхьатмафэ ежьагъ, итхьаматэ къэкІожьы-
гъэу, арэущтэу ышІэу къызигъотыжькІэ. 44 Шъыпкъэр
шъосэІо, тхьаматэм имылъку зэкІэ а унэІутым ыІэ рилъ-
хьащт. 45 Ау а унэІутым «Сэ ситхьаматэ шІэхэу къэ-
кІожьыщтэп», ыгукІэ ыІоу, адрэ унэІутхэм, бзылъфыгъи
хъулъфыгъи, яоу ыкІи ешхэу, ешъоу, уташъоу зиублэкІэ,
46 а унэІутыр зымыгугъэрэ мафэ горэм ыкІи зыщимы-
шІэрэ сыхьат горэм итхьаматэ къэкІожьыщт. А унэІутыр
укІыкІаеу ыукІыщт, шІошъхъуныгъэ зимыІэхэм къины-
гъэ зыщадищэчын чІыпІэми ыгъэкІощт.
47 –Ау итхьаматэ зыфаер ышІэщтыгъэ пэтми, унэІутэу
зызымыгъэхьазырыгъэм, е тхьаматэр зыфаер зымыгъэ-
цэкІагъэм утыныбэ къытефэщт. 48 Ау итхьаматэ зыфаер
зымышІэу, утын зифэшъуашэ зышІагъэм нахь утын макІэ
къытефэщт. Тхьэм бэ зэритыгъэм бэ ытыжьынкІи къы-
щыгугъыщт, бэ зыІэ рилъхьагъэми нахьыбэкІи къыщы-
гугъыщт.

## Зы унэм зэдисхэр зэрэзэмызэгъыщтхэр

(Маттэ 10:34–36)

49 –ЧІылъэм машІо есыдзыным пае, сэ сыкъэкІуагъ.
А машІор зэхэнагъэемэ, сыдэу сыгопэщтыгъ! 50 ЦІыфхэм
Іаеу сэ саумэхъын* фаеу щыт, ар охъуфэ инэуи сэгумэ-
кІы! 51 Зэзэгъыныгъэ чІылъэм къыфэсхьыным пае, сы-
къэкІуагъэу шъогугъа? Хьау, сэ шъосэІо, зэмызэгъы-
ныгъэ къэсхьынэу ары нахь, 52 сыда пІомэ джы щегъэ-
жьагъэу, зы унэм ис нэбгыритфыр лъэныкъуитІоу зэрэ-
гъэхъущт: щыр тІум пэуцущт, тІури щым пэуцущт. 53 Лъэ-
ныкъуитІоу зэрэгъэхъунхэшъ, тыр къом пэуцущт, къори
тым пэуцущт, ныр пхъум пэуцущт, пхъури ным пэуцущт,
гуащэри нысэм пэуцущт, нысэри гуащэм пэуцущт.

---

12:50 саумэхъын – еплъ 3:3.

### Мы лъэхъанэм инэшанэхэм къарыкIырэр зыгурыжъугъаIу
(Маттэ 16:2–3)

54 –Тыгъэ къохьапIэмкIэ ошъуапщэ къытехьэу шъулъэ-
гъумэ, «Ощх къещхыщт», занкIэу шъоIо, арэущтэуи
мэхъу,– ариIуагъ Исус цIыф купышхом. 55 –Къыблэ лъэ-
ныкъом къикIырэ жьыбгъэри къепщэ хъумэ, «Фабэ дэдэу
хъущт», шъоIо, арэущтэуи мэхъу. 56 Шъо нэпитIу зиIэ-
хэр! ЧIылъэмрэ уашъомрэ ятеплъэ къикIырэр къыжъугу-
рэIо, мы лъэхъанэм инэшанэхэм къарыкIырэр сыд пае
къыжъугурымыIора?

### О уидэогъу узэрешIужьыным ыуж ит
(Маттэ 5:25–26)

57 –Сыд пае шъо шъушIэн фаер шъор-шъорэу зэхэ-
шъумышIыкIыра? 58 ГущыIэм пае, о уидэогъу уригъусэу
хьыкумышIэм* ыдэжь узыкIокIэ, гъогум шъурыкIозэ, узэ-
решIужьыным ыуж ит. Армырмэ уидэогъу хьыкумышIэм
ыпашъхьэ уригъэуцощт, ащи хьапс ухъумакIом уIэкIи-
лъхьащт, хьапс ухъумакIоми хьапсым учIидзэщт. 59 Сэ
осэIо, аужырэ чапычыр отыжьыфэ, хьапсым укъычIэ-
кIыжьыщтэп.

## ЯПШIЫКIУЩЭНЭРЭШЪХЬ

### О уипсэкIодшIагъэхэм афыкIэгъожь е ор-орэу зыбгъэкIодыжьыгъэу мэхъу

А мафэхэм цIыф куп Исус ыдэжь къакIохи, Галилей цIыфхэу Iэшъхьэтет Пилат* ицIыфхэм аригъэукIыгъагъэхэм якъэбар къыфахьыгъ. А Галилей цIыфхэм алъырэ якъурмэныпхъэ ылъымрэ зэхэлъадэхэу, Пилат ицIыф-

12:58 хьыкумышIэр – зы цIыф горэ хыеу е мысэу щытмэ, хабзэм иунашъо тетэу зэхэзыфырэр ары.

13:1 Пилат – еплъ 3:1.

хэм ахэраригъэукIыгъагъэх. 2 Исус ыдэжь къэкIуагъэхэм
ариIожьыгъ:

–Мы Галилей цIыфхэр арэущтэу зэрэкIодыгъэхэм пае,
Джалилым щыщхэу адрэ цIыф пстэумэ анахьи нахь псэ-
кIодышIэхэу шъогугъа? 3 Хьау, арэущтэу щытэп, сэ шъо-
сэIо! Ау шъуипсэкIодшIагъэхэм шъуафыкIэмыгъожьмэ,
шъори зэкIэ ащ фэдэ къабзэу шъукIодыщт. 4 Хьаури Си-
лоам зыщIэ чIыпIэм ит унэ плъэпIэ лъагэр нэбгырэ пшIы-
кIуеу къызытеуи, чIиукIыхьагъэхэр адрэ цIыфхэу Иеруса-
лим дэс пстэуми анахьи нахь мысагъэхэкIэ шъогугъа?
5 Хьау, арэущтэу щытэп, сэ шъосэIо! Ау шъуипсэкIод-
шIагъэхэм шъуафыкIэмыгъожьмэ, шъори зэкIэ ащ фэдэ
къабзэу шъукIодыщт.

## Ынджыр чъыг гъугъэм ехьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

6 ЕтIанэ Исус мы гъэсэныгъэ тхыдэр къафиIотагъ:

–ЛIы горэм исэнэшъхьэ хатэ ынджыр чъыг хэтэу иIагъ.
Зыгорэ къыпыкIагъэмэ еплъынэу зэкIом, зи къыпы-
кIагъэу ыгъотыгъэп. 7 Джащыгъум сэнэшъхьашIэм ри-
Iуагъ: «Мары илъэсищ хъугъэу мы чъыгым зыгорэ къы-
пыкIэмэ сеплъынэу сыкъэкIо, ау зи пытэу згъотырэп.
Арышъ иупкIыжь, сыд пае чIыгум ыкIуачIэ хьаулыеу
хихыра?»

8 –СэнэшъхьашIэм къыриIожьыгъ: «Тхьаматэ, мы
илъэсым щигъэтыгу. Чъыгыр ихъурэягъэкIэ къэстIы-
хьанышъ, ебз тIэкIуи чIэстэкъон. 9 КъэкIорэгъэм къы-
пыкIэнкIи мэхъу. Джащыгъуми къызыпымыкIэкIэ, иупкIын
плъэкIын».

## Исус бзылъфыгъэ горэу зиузэнкIыжьын зымылъэкIэу, зытхыщIэ уфагъэу щытыр шэмбэт мафэм зэригъэхъужьыгъэр

10 Шэмбэт мафэм синэгогу горэм Исус цIыфхэм Тхьэм
игущыIэхэр щаригъашIэщтыгъэх. 11 Бзылъфыгъэ горэ
илъэс пшIыкIуй хъугъэу, зыгъэсымаджэрэ
джынапцIэ хэсэу ащ дэжьым щыIагъ. ЗиузэнкIыжьын
ымылъэкIэу, ытхыщIэ уфагъэу щытыгъ. 12 Исус ар зелъэ-
гъум, еджи риIуагъ:

–Ныгн, джы щегъэжьагъэу ухъужьыгъэу, шъхьафитэу
ухъугъ.
13 ЕтIанэ ыIэхэр а бзылъфыгъэм зытырелъхьэм, ардэдэм
ащ зиузэнкIыжьи хъужьыгъэ, Тхьэми щытхъу фишIыгъ.
14 Ау Исус шэмбэт мафэм сымаджэр зэригъэхъужьы-
гъэм пае, синэгогу пащэр губжи, цIыфмэ ариIуагъ:
–ЦIыфыр лэжьэн фаеу мэфих щыI. А мафэхэм зыжъу-
гъэхъужьынэу шъукъакIо нахь, шэмбэт мафэм шъукъэ-
мыкIу.
15 –Шъо нэпитIу зиIэхэр!– риIожьыгъ Зиусхьаным а па-
щэм. –Шъуащыщэу зыгорэ щыIа, зицу е зищыд
шэмбэт мафэми къыкIэзытIэтыкIэу, цощым къычIэзы-
щэу псы езымыгъашъорэ? 16 Арэу зыхъукIэ, мы бзылъ-
фыгъэу Ибрахьимэ къытехъукIыгъэ цIыфхэм ащыщэу,
илъэс пшIыкIуй хъугъэу шэйтаным ыпхыгъэр шэмбэт
мафэм шъхьафит сшIэу згъэхъужьын фэягъэба?
17 Исус ар къызеIом, къыпэгущыIэжьырэ цIыф пстэури
укIытэжьыгъэх, къэнэгъэ цIыфхэри Исус Iофышхо гъэ-
шIэгъонхэу ышIагъэ пстэуми апае гушIощтыгъэх.

## Горчицэцэмрэ тэджэпсымрэ яхьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэхэр

(Маттэ 13:31–33; Марк 4:30–32)

18 –Тхьэм и Тетыгъошхо* зыфэдэр сыда?– къыIуагъ Исус.
–Ар сыдым фэзгъэдэна? 19 Ар зыфэдэр горчицацэр* ары.
Ар лIы горэм къышти, ихатэ щишIагъ. Ар къэкIи,
чъыгы хъугъэ, ошъогу бзыухэри икъутамэхэм атесхэу
хъугъэ.
20 – Тхьэм и Тетыгъошхо сыдым фэзгъэдэна?– джыри зэ
къыIуагъ Исус. 21 –Ар зыфэдэр тэджэпсыр ары. Зы
бзылъфыгъэ горэм ар къышти, IэнлъищымкIэ хьаджыгъэ
зэхипшыхьагъ, зэпстэури къэтэджыфэ.

13:18 Тхьэм и Тетыгъошхо – еплъ 6:20.

13:19 горчицэ – арапыбзэкIи тыркубзэкIи «хъардэл» зыфаIорэр ары.

### Къэлэпчъэ зэжъур
(Маттэ 7:13–14, 21–23)

22 Исус къалэхэмрэ къуаджэхэмрэ къыкIухьэхэзэ, цIыф-
хэм Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэхэзэ, игъогу Ерусалим
фигъэзагъ. 23 Зыгорэ ежьым къеупчIыгъ:

–Тхьаматэ, мыкIодхэу, Тхьэм къыгъэнэжьыщт цIыф-
хэр макIэха?

24 –Къэлэпчъэ зэжъумкIэ шъузэрэдэхьащтым зэрэшъу-
лъэкIэу ыуж шъуит,– ариIожьыгъ Исус, –сыда пIомэ
сэ шъосэIо, цIыфыбэхэр дэхьанхэу ыуж итыщтых, ау
алъэкIыщтэп. 25 Унэ бысымыр къэтэджынышъ, къэла-
пчъэр зыщыфишIыжьыщт сыхьатыр къэсышт. ЕтIанэ,
«Тхьаматэ, къэлапчъэр къытфыIух», шъуIоу, кIыбым
шъудэтэу, къэлапчъэм шъукъытеонкIи мэхъу.

–Джащыгъум ащ къышъуиIожьыщт: «Шъо хэтми шъуз-
щыщыр сшIэрэп».

26 –ЕтIанэ шъуIоу шъуублэщт: «Тыуигъусэу тышхэ-
щтыгъ ыкIи тешъощтыгъ, тикъалэ иурамхэми Тхьэм
игущыIэхэр ащытэбгъашIэщтыгъэх».

27 –Ау ащ къышъуиIощт: «Шъо хэтми шъузщыщыр
сшIэрэп, санэIу шъуикI, зэкIэ шъо бзэджашIэхэр!»

28 –Ибрахьими, Исхьакъи, Якъуби, адрэ пегъымбар
пстэури Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэхьагъэхэу,
ау шъо а Тетыгъошхом ыIэчIэгъ шъукъычIафыгъэу
зышъулъэгъукIэ, куохьауныгъэрэ цэ зэрэгъэшхыны-
гъэрэ къэхъущтых. 29 ЦIыфхэр тыгъэ къыкъокIыпIэмкIи,
тыгъэ къохьапIэмкIи, темырымкIи, къыблэмкIи къи-
кIынхэшъ, Тхьэм и Тетыгъошхо иешхэ–ешъошхо чIы-
пIэхэр щаубытыщтых. 30 Джащыгъум ауж итхэм ащыщхэр
апэу хъущтых, апэ итхэм ащыщхэри ауж къинэщтых.

### Ей Ерусалим!
(Маттэ 23:37–39)

31 А сыхьат дэдэм фарисей* куп къакIуи, Исус къы-
риIуагъ:

---

13:31 фарисейхэр – еплъ 5:17.

–Мыщ дэжьым IукI. Армырмэ пщэу Ирод ицIыфхэм
уаригъэукIыщт.

32 –ШъукIуи,– ариIожьыгъ Исус, –а баджэм ешъуIу: «Сэ
непи неущи джынапцIэхэр цIыфхэм ахэсфыщтых, сымад-
жэхэри згъэхъужьыщтых, ящэнэрэ мафэми сиIоф сыу-
хыщт». 33 Ау щытми, непи, неущи, неущмыщкIи сигъогу
сырыкIон фаеу щыт, сыда пIомэ пегъымбарыр Ерусалим
нэмыкI чIыпIэ щылIэ хъущтэп.

34 –Ей Ерусалим, Ерусалим! УицIыфхэм пегъымбархэр
аукIых, Тхьэм илIыкIохэми мыжъокIэ яохэзэ аукIых.
Бзыум ищырхэр ытамэмэ ачIэгъ зэрэщычIиугъуаехэрэм
фэдэу, сыд фэдизрэ уибынхэр сэ зэсыугъоилIэнхэу сы-
фэягъ, ау шъо шъуфэягъэп. 35 Мо зэ шъуеплъ, Тхьэр
шъуикъалэ нэшIукIэ къеплъыжьыщтэп. Сэ шъосэIо,
«Зиусхьаным ыцIэкIэ къакIорэм щытхъушхор ий!» зыщы-
шъуIощт мафэм нэсыфэ, сышъулъэгъужьыщтэп.

# ЯПШIЫКIУПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

## Исус зэкIэбэгагъэу щыт лIы горэ шэмбэт мафэм зэригъэхъужьыгъэр

Шэмбэт мафэ горэм фарисейхэм ятхьаматэхэм ащы-
щэу зыгорэм иунэ щышхэнэу Исус зырегъэблагъэм,
цIыфхэр Исус еплъакIощтыгъэх. 2 ЗеплъакIохэм, зэкIэбэ-
гагъэу щыт лIы горэ Исус ыпашъхьэ къиуцуагъэу алъэ-
гъугъ. 3 Исус Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ фарисейхэмрэ
ариIуагъ:

–Шэмбэт мафэм сымаджэр бгъэхъужьыныр хабзэкIэ
хъущта, мыхъущта?

4 Ау ахэмэ заушъэфыгъ. Зызаушъэфым, Исус сымаджэм
теIаби, ыгъэхъужьыгъ. ЕтIанэ ытIупщыжьыгъ.

5 ЕтIанэ Исус ахэмэ яупчIыгъ:

–Шъуащыщэу зыгорэм ищыд е ицу шэмбэт мафэм псы-
нэм ифэмэ, а сыхьатым къырихыжьынба?

6 Ахэмэ пэгъокI къыратышъугъэп.

## ХьакӀэхэмрэ бысымымрэ зэрагъэшӀэн фае Ӏофхэр

7 ХьакӀэхэм тхьэмэтэ тӀысыпӀэхэр аубытхэу Исус гу
зылъетэм, мы гъэсэныгъэ тхыдэр къафиӀотагъ:
8 –Зыгорэм ешхэ–ешъошхо горэм уригъэблагъэмэ,
тхьэмэтэ тӀысыпӀэм умытӀыс, сыда пӀомэ ощ нахьи нахь
тхьаматэ горэ къыригъэблэгъагъэхэм ахэтынкӀи мэхъу.
9 Джащыгъум бысымэу ори ари шъукъезыгъэблэгъагъэр
къыббгъодэхьанышъ, къыуиӀощт: «Мы лӀым о уитӀысы-
пӀэ ет». Арэу зыхъурэм, о уукӀытэжьыгъэу, аужырэ
тӀысыпӀэр уубытын фаеу хъущт. 10 Ау узырагъэблагъэ-
кӀэ, аужырэ тӀысыпӀэм тӀыс. Джащыгъум бысымыр о
къыббгъодэхьанышъ, къыуиӀощт: «ТӀэкӀу дэкӀотай, си-
ныбджэгъу». Ар адрэ хьэкӀэ пстэуми апашъхьэ оркӀэ нахь
щытхъу мэхъу; 11 сыда пӀомэ хэти зышъхьэ зыгъэи-
ныжьырэр Тхьэм ыгъэцӀыкӀущт, ежь ышъхьэ зыгъэцӀы-
кӀужьырэри Тхьэм ыгъэиныщт.
12 ЕтӀанэ Исус ибысым риӀуагъ:
–Щэджэгъуашхэ е пчыхьэшъхьашхэ о зыпшӀыкӀэ, уи-
ныбджэгъухэр, е пшыхэр, е уиблагъэхэр, е уигъунэгъу
байхэр къемыгъэблагъэх. Ахэр къебгъэблагъэхэмэ, афэ-
пшӀагъэр къыпфашӀэжьынэу урагъэблэгъэжьэнкӀи мэхъу.
13 Ау ешхэ–ешъошхо зыпшӀыкӀэ, тхьамыкӀэхэр, сэкъат-
хэр, лъащэхэр, нэшъухэр къегъэблагъэх. 14 АфэпшӀагъэр
ахэмэ къыпфашӀэжьын зэрамылъэкӀырэм пае, сыхьатмафэ
уежьагъ. Шъыпкъагъэ зиӀэ цӀыфхэр къызытэджыжьхэкӀэ,
афэпшӀагъэр Тхьэм къыпфишӀэжьыщт.

## Ешхэ–ешъошхом ехьылӀэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

(Маттэ 22:1–10)

15 Исус игъусэхэу Ӏанэм пэсхэм ащыщэу зыгорэм мыр
зызэхехым, къыӀуагъ:
–Тхьэм и Тетыгъошхо къызыскӀэ, адрэ хьакӀэхэм ягъу-
сэу Ӏанэм пэсыщтыр сыхьатмафэ ежьагъ.
16 –Зы лӀы горэм ешхэ–ешъошхо ышӀыгъ,– риӀуагъ
Исус а лӀым, –цӀыфыбэхэри къыригъэблэгъэнхэу ари-
Ӏуагъ. 17 Ешхэ–ешъошхор зыщаублэщт сыхьатыр къызэ-
сым, зы унэӀут горэ къыригъэблэгъэнхэу зэриӀогъэгъэ

цIыфхэм адэжь мырэущтэу ариIонэу ыгъэкIуагъ: «Джы шъукъеблагъ, пстэури хьазыр».

[18]–Ау къафагъэгъунхэм пае, зэпстэури зэфэдэу лъаIохэу аублагъ. Апэрэм риIуагъ: «Сэ зы хьасэ къэсщэфыгъ, ар сыкIоу зэсымыгъэлъэгъумэ хъущтэп. Къысфэгъэгъу».

[19]–Адрэм къыIуагъ: «ЦуипшI къэсщэфыгъэшъ, язэрэщыт згъэунэфынэу сэкIо пэт. Къысфэгъэгъу».

[20]–Ящэнэрэми къыIуагъ: «Сэ шъуз къэсщагъэшъ, сыкъэкIон слъэкIыщтэп».

[21]–Джащыгъум унэIутым къыгъэзэжьи, хъугъэ–шIагъэр итхьаматэ къыриIожьыгъ. КъызыреIожьым, бысымыр къэгубжи, унэIутым риIуагъ: «ПсынкIэу къалэм иурамышхохэмрэ иурам цIыкIухэмрэ атехьи, тхьамыкIэхэр, сэкъатхэр, нэшъухэр, лъащэхэр мо къащэх».

[22]–УнэIутым къызегъэзэжьым, къыIуагъ: «Тхьаматэ, уиунашъо згъэцэкIагъэ, ау джыри тIысыпIэ нэкIхэр щыIэх».

[23]–Джащыгъум тхьаматэм унэIутым риIуагъ: «Гъогухэмрэ гъогу лъагъохэмрэ атехьи, сиунэ из хъуным пае, уапэ къифэрэ цIыфхэр къэкIонхэу шIы. [24]Сэ шъосэIо, а цIыфхэу сэ къезгъэблэгъэнхэу зэсIогъагъэхэм ащыщэу зи сиIанэ къыхэIэнэп».

–Сыда пIомэ кьеблэгъагъэхэр бэ, ау къыхэхыгъэу щытхэр макIэх,– къыпигъэхъожьыгъ Исус.

**Исус игъогу рыкIоным къын щэчыныгъэу хэлъыр**

(Маттэ 10:37–38)

[25]ЦIыф купышхохэр Исус игъусэхэу кIощтыгъэх. Исус зафигъази, ахэмэ ариIуагъ:

[26]–Хэт щыщми садэжь къакIоу, зянэ, зятэ, зишъуз, зибынхэр, зышхэр, зышыпхъухэр шIу зэрилъэгъухэрэм нахьи, зыпси шIу зэрилъэгъурэм нахьи, сэ нахьышIу сызымылъэгъурэр сигъогу рыкIохэрэм ащыщ хъун ылъэкIыщтэп. [27]Хэти зикъащ зезыхьэу, сэ сауж къырымыкIорэм сэ сигъогу рыкIохэрэм ащыщ хъун ылъэкIыщтэп.

[28]–Шъуащыщэу зыгорэм унэ плъэпIэ лъагэ ышIынэу

фае хъумэ, ыпэрапшIэу тIысэу, тефэщтым еплъэу, а
унэр зэрэригъэкъун ахъщэ иIэмэ, зэупчIыжьын фаеба?
29 Арэущтэу ымышIэмэ, лъапсэр ыгъэуцугъэу, ащ унэр
ыухын зимылъэкIыкIэ, ар къэзылъэгъурэ цIыф пстэури
къыдэхьащхыхэу, 30 мырэущтэу аIощт: «Мы лIым унэр
ышIэу ригъэжьагъ, ау фэухыгъэп».

31 –Ащ фэдэуи, зы пачъыхьэ горэм нэмыкI пачъыхьэ
горэм зао ришIылIэнэу ыгу хэлъмэ, ыпэ рапшIэу тIысы-
нышъ, дзэлI мин тIокI зиIэ пыеу къыфакIорэм ежьым
идзэлI минипшIыкIэ пэуцушъущтмэ, егупшысын фаеба?
32 Пэуцун ымылъэкIмэ, пыир чыжьэу щытэу, лIыкIохэр
фигъэкIонхэшъ, зэшIужьынхэу ригъэлъэIущтых. 33 Ащ
фэдэу шъуащыщэу хэти иIэ пстэури къэзымыгъанэрэр
сэ сигъогу рыкIохэрэм ащыщ хъун ылъэкIыщтэп.

### Щыугъэ зыхэмылъ щыгъур

(Маттэ 5:13; Марк 9:50)

34 –Щыгъур дэгъу. Ау щыгъум ищыугъэ хэкIымэ, сы-
дэущтэу ищыугъэ ащ хэплъэхьажьыщт? 35 Хьасэмрэ
ебзымрэкIэ нахьышIу хъущтэп, чIадзыжьы нахь.
–РыдэIонэу тхьакIумэ зиIэм зэхерэх.

## ЯПШIЫКIУТФЭНЭРЭШЪХЬ

### Мэлэу кIодыгъэм ехьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

(Маттэ 18:12–14)

ХьакъулахьI ахъщэр хэзыххэрэмрэ псэкIод зышIэхэ-
рэмрэ зэкIэ Исус едэIунхэу къекIолIагъэх. 2 Ау фарисей-
хэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ агу емыIоу аIуагъ:
–Мы лIым псэкIод зышIэрэ цIыфхэр гъусэ зыфешIых
ыкIи адэшхэ.
3 Арэущтэу къызаIом, Исус мы гъэсэныгъэ тхыдэр
ахэмэ афиIотагъ:
4 –Шъуащыщэу зыгорэм мэлишъэ иIэу тIон. Ахэмэ
ащыщэу зыр шIокIодмэ, адрэ тIокIиплIырэ пшIыкIу-

бгъурэр губгъом къыринэнхэшъ, кIодыгъэр къегъоты-
жьыфэ лъыхъонба? [5] Ар къызигъотыжькIэ, гушIоу къе-
Iэтышъ, ытамэ къытырелъхьэ. [6] Унэм къызыкIожькIэ,
иныбджэгъухэмрэ игъунэгъухэмрэ къяджэшъ, ареIо:
«Шъукъыздэгушlу, сэ симэлэу сшIокIодыгъэр къэзгъо-
тыжьыгъ». [7] Сэ шъосэIо, ащ фэдэу шъыпкъагъэ зиIэ
нэбгырэ тIокIиплIырэ пшIыкIубгъурэу псэкIод фыкIэ-
гъожьыныр зимыщыкIагъэхэм апае, гушIуагъоу уашъом
щыхъурэм нахьи, псэкIод зышIэрэ цIыф закъоу зипсэ-
кIодхэм афыкIэгъожьырэм пае, уашъом нахь гушIо-
гъошхо щыхъущт.

## Тыжьын ахъщэу кIодыгъэм ехьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

[8] –Ащ фэдэуи бзылъфыгъэ горэм тыжьын ахъщипшI
иIэу тIон. Ахэмэ ащыщэу зыр шIокIодмэ, остыгъэ
хигъанэу, ахъщэр къегъотыжьыфэ, фэсакъыпэу лъы-
хъузэ, унэр зэкIэ къыпхъэнкIынба? [9] Ар къызигъо-
тыжькIэ, иныбджэгъухэмрэ игъунэгъухэмрэ къяджэшъ,
ареIо: «Шъукъыздэгушlу, ахъщэу сшIокIодыгъэр къэз-
гъотыжьыгъ». [10] Сэ шъосэIо, ащ фэдэ къабзэу псэкIод
зышIэрэ цIыфэу кIэгъожьырэм Тхьэм имэлэIичхэр фэ-
гушIощтых.

## КIодыгъэ кIалэм ехьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

[11] –Зы лIы горэм къуитIу иIагъ,– къыIуагъ Исус.
[12] –Къо нахьыкIэм ятэ риIуагъ: «Сят, мылъкум щыщэу
къыстефэщт Iахьэр къысэт». Арыти, тым мылъкур
ахэмэ афигощыгъ.
[13] –Мэфэ заулэ зытешIэм, къо нахьыкIэм иIэр зэкIэ
зэкIиугъуаий, хымэ хэгъэгу горэм кIуагъэ. А хэгъэгум
мыхъомышIэ псэукIэкIэ имылъку щигъэкIодыгъ. [14] ЗэкI-
эри зегъэкIодым, гъэблэшхо а хэгъэгум къыщыхъуи,
щыкIэгъэшхо иIэ хъугъэ. [15] Арэущтэу зэхъум, а хэгъэ-
гум щыпсэурэ лIы горэм ыдэжь кIуи, Iоф къыIихыгъ.
А лIым икъохэр губгъом щигъэхъунхэу ыгъэкIуагъ.
[16] Къохэм яIус щыщ ыныбэ из ышIынэу ехъуапсэщтыгъ,
ау а Iусым щыщ хэти ащ къыритыгъэп.
[17] –КIалэм итхьамыкIагъо зыздешIэжьым, ышъхьэ фи-
Iожьыгъ: «Сэ сятэ илэжьакIохэр сыд фэдиз хъухэми,

шхын афырикъуни къялыжьыни яI, ау сэ мэлакIэм сиу-
кIэу мыщ дэжьым сыщыI! 18 Сятэ ыдэжь сыкIожьынышъ,
есIощт: Сят, уашъомкIи оркIи псэкIод сшIагъэ. 19 О сэ
скъо къысэпIонэу сифэшъуашэп. О уилэжьакIохэм ащы-
щэу зым фэдэу сэри сышт». 20 ЕтIанэ тэджи, ятэ ыдэжь
кIожьынэу ежьагъ.

–Ыкъо чыжьэкIэ къэкIожьэу ятэ къызелъэгъум, ыгу
егъуи, пэгъочъи, IаплI рищэкIи, ебэоу ыублагъ.

21 –Ыкъо ятэ риIуагъ: «Сят, уашъомкIи оркIи псэ-
кIод сшIагъэ. О сэ скъо къысэпIонэу сифэшъуашэп».

22 –Ау ятэ иунэIутхэм ариIуагъ: «Щыгъынхэм анахь
дэгъур псынкIэу къыфэшъухьи щышъулъ. Зы Iэлъыни
Iэрышъулъхь, цуакъэхэри щышъулъэх. 23 Тэнэ гъэшха-
гъэр къашъущи, шIошъубз. Тыжъугъашх ыкIи тыжъу-
гъэгушIу. 24 Мы сэ скъо лIагъэу щытыгъ, ау къэхъу-
жьыгъ, кIодыгъэу щытыгъ, ау къэдгъотыжьыгъ». Арэу-
щтэу ешхэ-ешъошхо ашIэу аублагъ.

25 –Ау тым ыкъо нахьыжъ губгъом итыгъ. Къэ-
кIожьэу унэм игъунэгъу къызэхъум, орэд макъэрэ Iэгу тео
макъэрэ зэхихыгъ. 26 УнэIутхэм ащыщэу зыгорэм еджи,
«Сыда къэхъугъэр?» ыIуи еупчIыгъ. 27 УнэIутым къыри-
Iуагъ: «ПшынахьыкIэ къэкIожьыгъ. Уятэ ар псаоу
зэригъотыжьыгъэм пае, тэнэ гъэшхагъэр шIуаригъэ-
бзыгъ».

28 –Къо нахьыжъым ар зызэхехым, къэгубжи, унэм
ихьажьынэу фэягъэп. Ау ятэ унэм къикIи, ихьажьынэу
къелъэIоу ыублагъ. 29 Къо нахьыжъым ятэ пэгъокI ри-
тыгъ: «КъэдаIу! Сэ мыщ фэдиз илъэс хъугъэу сыпфэ-
лажьэ, о уиунашъохэми зыкIи сатекIыгъэп. Сэ синыбджэ-
гъухэми ешхэ-ешъошхо афэсшIыным пае, зы чэцIи
къысэптыгъэп. 30 Ау джы о пкъо зыфапIоу уимылъку
бзылъфыгъэ хэтакIохэм атезыгъэкIодагъэр къэкIожьы-
гъэшъ, тэнэ гъэшхагъэр фышIуябгъэбзыгъ!»

31 –Ау тым къыриIуагъ: «Скъо, о сыдигъуи садэжь
ущыI, сиIэ пстэури оуий. 32 Ау тэ тыгушIон ыкIи тыт-
хъэжьын фаеба, мы пшынахьыкIэ лIагъэу щытыгъ, ау
къэхъужьыгъ, кIодыгъэу щытыгъ, ау къэдгъотыжьыгъ»?

## ЯПШІЫКІУХЭНЭРЭШЪХЬ

### ЛІы баим иунэзехьэ тхьагъэпцІым ехьылІэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

–ЛІы бай горэм унэзехьэ горэ иІагъ,– ариІуагъ Исус игъогу рыкІохэрэм. –«Мы лІым уимылъку пшІуегъэкІоды», аІуи, цІыфхэм лІы баим раІуагъ. [2] Арэущтэу лІы баир иунэзехьэ къеджи риІуагъ: «О къыохьылІагъэу сыд мы зэхэсхырэр? Симылъку зэрэзепхьэгъэ шІыкІэр сэгъэлъэгъу. Джы нэуж симылъку о зепхьэ хъущтэп».

[3] –Унэзехьэм ышъхьэ фиІожьыгъ: «Сыда сэ сшІэщтыр? Ситхьаматэ сиІоф сІехыжьы. ЧІыгур стІынэу кІуачІэ икъун сиІэп, сылъэІонэуи сэукІытэ. [4] СиІоф сІихыжьмэ, сшІэщтыр джы сэшІэ, цІыфхэм яунэхэм сырагъэблэгъэным пае».

[5] –Арэущтэу унэзехьэр цІыфхэу итхьаматэ ичІыфэ зытелъхэм зырызэу къяджи, ахэмэ ащыщэу апэрэм риІуагъ: «Ситхьаматэ ичІыфэу сыд фэдиза птелъыр?»

[6] –ЧІыфэр зытелъ лІым къыІуагъ: «Дэгъэ къошынишъэ стелъ».

–Адрэм риІожьыгъ: «Мары уичІыфэ тхылъ къэштэжьи, тІыси, псынкІэу шъэныкъо итх».

[7] –ЕтІанэ унэзехьэм нэмыкІ зыгорэми риІуагъ: «О чІыфэу сыд фэдиза птелъыр?»

–Ащ къыІуагъ: «Коц дзыуишъэ стелъ».

–Адрэм риІожьыгъ: «УичІыфэ тхылъ къэштэжьи, тІокІиплІ итх».

[8] –Арэущтэу зэхъум, тхьаматэр иунэзехьэ тхьагъэпцІым щытхъужьыгъ, ІушыгъэкІэ зэрэзекІуагъэм пае, сыда пІомэ, мы дунаем ицІыфхэр ежьхэр зэрэзэдэзекІохэрэмкІэ нэфынэ шъыпкъэм щызекІорэ цІыфхэм анахьи нахь Іушых. [9] Ау сэ шъосэІо, дунэе мылъкумкІэ ныбджэгъухэр зэжъугъэгъотых, а мылъкур зышъуухыкІэ, мыкІодыжьын псэупІэм шъурагъэблэгъэным пае.

[10] –Іоф макІэхэмкІэ узщыгугъышъунэу щыт цІыфым ІофыбэхэмкІи ущыгугъышъущт, Іоф макІэхэмкІи узщыгугъышъунэу щымыт цІыфым ІофыбэхэмкІи ущыгугъышъущтэп. [11] Арэущтэу зыхъукІэ, дунэе мылъкур зешъухьанэу зыщыгугъышъунхэ цІыфхэу шъущымыты-

гъэмэ, ащыгъум мылъку шъыпкъэр хэт шъо шъуIэ къи-
зылъхьащтыр? [12] НэмыкIхэм ямылъкукIэ зыщыгугъы-
шъунхэ цIыфхэу шъущымытыгъэмэ, шъо шъуимылъку
зешъухьанэу хэта къышъозытыщтыр?

[13] –Зы унэIутыр тхьэмэтитIум афэлэжьэн ылъэкIы-
щтэп; сыда пIомэ, е зыр ыуджэгъуныштъ, адрэр шIу
ылъэгъущт, е зым шъыпкъэу фыщытыныштъ, адрэр зэ-
рипэсыщтэп. Шъо Тхьэми ахъщэми шъуафэлэжьэн шъу-
лъэкIыщтэп.

## Тэурат хабзэмрэ Тхьэм и Тетыгъошхорэ
(Маттэ 11:12–13)

[14] Ахъщэр шIу дэдэу зылъэгъурэ фарисейхэм ар зэкIэ
зызэхахым, Исус дэхьащхыгъэх. [15] Ау Исус ахэмэ ари-
Iуагъ:

–Шъорыба, шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм зафэзыгъа-
дэхэу, цIыфмэ апашъхьэ зафэу зыщызыгъэлъагъохэрэр, ау
Тхьэм шъо шъугухэм арылъыр ешIэ; сыда пIомэ цIыф-
мэ агъэлъапIэрэ Iофхэр Тхьэм ыдэжькIэ лъэшэу пыутых.

[16] –Пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ итхэмрэ пегъым-
бархэм атхыгъэхэм арытхэмрэ Тхьэм фэлажьэрэ цIыфхэм
агъэIугъэх, умэхъэкIо Иуан имафэхэм анэсыфэ. Ащ къы-
щегъэжьагъэу Тхьэм и Тетыгъошхо ехьылIэгъэ къэбары-
шIур агъэIу, хэти а Тетыгъошхом ыIэчIэгъ чIэхьаным
гузэжъогъукIи ыуж ит. [17] Ау пегъымбар Мусэ и Тэурат
хабзэ ит хьарыфхэм анахь цIыкIур хэкIодыкIыным
нахьи, уашъори чIылъэри нахь кIодыжьыщтых.

## Шъхьэгъусэ тIупщыжьыным ехьылIагъ
(Маттэ 5:32; 19:9; Марк 10:11,12)

[18] –Хэтми зишъуз зытIупщыжьэу, нэмыкI бзылъфыгъэ
къэзыщэжьырэм зинэ ышIагъэу мэхъу. Ащ фэдэу хэтми
лIы горэм ытIупщыжьыгъэ шъуз къэзыщэжьырэм зинэ
ышIагъэу мэхъу.

## ЛIы баимрэ Лазарырэ

19 –ЛIы бай горэ щыIагъ. Ар щыгъынхэм анахь лъа-
пIэхэмкIэ фэпагъэу, мафэ къэси ешхэ–ешъошхо ышIы-
щтыгъ. 20 ЛIы баим икъэлапчъэ дэжь зы лIы тхьамы-
кIэ горэ, Лазар ыцIэу, ыкIышъо бэгухэр тетхэу щы-
лъыгъ. 21 А лIы тхьамыкIэм лIы баем иIанэ къетэкъо-
хыгъэхэмкIэ имэлэкIалIэ ыгъэуцунэу шIоигъуагъ. Хьэ-
хэри къекIуалIэхэти, ибэгухэр абзэихьащтыгъэх.

22 –ЛIы тхьамыкIэр дунаем ехыжьыгъ, мэлэIичхэми ар
Ибрахьимэ ыдэжь ахьыгъ. ЛIы баири дунаем ехыжьи, чIа-
лъхьажьыгъ. 23 А лIы баир гугъушхо хэтэу, лIагъэхэм
ячIыпIэ щыIэу къыдэплъыий, Лазари бгъодэсэу, Ибра-
хьимэ ылъэгъугъ. 24 Ар зелъэгъум джагъэ: «Тятэ Ибра-
хьимэ, гукIэгъу къысфэшIи, Лазар къысфэгъакIуи, ащ
ыIэхъомбапэ псым херэгъауи, сыбзэгу ерэгъэучъыI,
сыда пIомэ мы машIом сыхэтэу къинышхо сэлъэгъу».

25 –Ау Ибрахьимэ къыIуагъ: «СикIал, угу къэгъэкIыжь,
дунаем узытетым, уиIэхьышIу щыбгъотэу зэрэщытыгъэр,
ау Лазар ащ фэдэу къин ыхьэу зэрэщытыгъэр. Ау джы
ащ ыгу зыгъэрэзэн Iофхэр егъотыжьых, о къинышхом
ухэт. 26 Ащ нэмыкIэуи шъоррэ тэррэ тазыфагу тIуакIэ
дэлъ, мыщ дэжьым къикIыхэу шъуадэжь кIонхэу фаехэр
мыкIошъунхэм пае. Ащ фэдэу шъуадэжь къикIэу тадэжь
зи къэкIошъурэп».

27 –Арэущтэу зеIом, лIы баим къыIуагъ: «Ащыгъум тят,
сыолъэIу, сятэ иунэ Лазар гъакIо, 28 сыда пIомэ сэ шитф
сиI. Мы къинышхо щэчыпIэм ахэри къэмыкIонхэм
пае, фэсакъынхэу агурерэгъаIу».

29 –Ау Ибрахьимэ къыриIожьыгъ: «Пегъымбар Мусэ
ытхыгъэмрэ адрэ пегъымбархэм атхыгъэхэмрэ яIэх,
ахэмэ ярэдэIух».

30 –Ау лIы баим къыIуагъ: «Хьау, тятэ Ибрахьимэ, ау
лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэу зыгорэм ыгъэзэжьмэ,
ахэмэ япсэкIодхэм афыкIэгъожьыщтых».

31 –Ибрахьимэ къыриIожьыгъ: «Пегъымбар Мусэмрэ
адрэ пегъымбархэмрэ ямыдэIухэмэ, зыгорэ лIагъэхэм къа-
хэтэджыкIыжьыщтми, ашIошъ хъущтэп».

# ЯПШІЫКІУБЛЭНЭРЭШЪХЬ

## ЦІыфхэм псэкІод ашІэнэу дэзыхьыхырэ Іофхэм, псэкІод гъэгъуным, шІошъхъуныгъэм, ІорышІэным яхьылІагъ

(Маттэ 18:6–7, 21–22; Марк 9:42)

–ЦІыфхэм псэкІод ашІэнэу дэзыхьыхырэ Іофхэр къэхъунхэ фае, ау а Іофхэр къызпкъырыкІырэ цІыфыр сыхьатмыгъо ежьагъ,– ариІуагъ Исус игъогу рыкІохэрэм.
2 –А цІыфым мы цІыкІухэм ащыщэу зыгорэм псэкІод ышІэнэу дихьыхыным нахьи, мыжъо шъхьал ежьым ыпшъэтыкъ кІэрашІэу хым хадзагъэмэ, ежьымкІэ нахьышІущтыгъ.
3 Арышъ, шъузфэсакъыжь.

–О пшы* псэкІод ышІэмэ, ар зэрэпсэкІодыр еІожь, ыкІи ар кІэгъожьмэ, фэгъэгъу.
4 Зы мафэм ыкІоцІы гъогогъуиблэ оркІэ псэкІод ышІэмэ, къыгъэзэжьэу, «СыкІэгъожьыгъ», ыІомэ, фэгъэгъужь.

5 –ШІошъхъуныгъэу тиІэм къытфыхэгъахъу!– аІуи, апостолхэм* Зиусхьаным къыраІуагъ.

6 –Горчицацэм* фэдизэу шІошъхъуныгъэ шъуиІэу, мы ынджыр чъыгым, «Зыкъыхэтхъыжьи, хым зыщыхэшІэжь», ешъуІомэ, къышъодэІущт,– къыІуагъ Зиусхьаным.

7 –Шъуащыщэу зыгорэм унэІутэу иІэр жъоу е мэлхэр ыгъэхъухэу тІон. А унэІутыр губгъом къызикІыжькІэ, «ПсынкІэу къакІуи, Іанэм къыпытІысхь», риІона?
8 Ар хэгъэкІыри, риІощтыр мыры: «Пчыхьэшъхьашхэ къысфэгъэхьазыри, уицыякІэ дэупкІи, сэшхэфэ, сешъофэ, къысшъхьащыт. Ащ нэужым о ушхэни уешъони уфит».
9 УнэІутым унашъоу фэпшІыгъэр зэригъэцэкІагъэм пае, щытхъу фэпшІыщта? Сыгугъэрэп.
10 Ащ фэдэу шъори унашъоу Тхьэм къышъуфишІыгъэр зыжъугъэцэкІэрэ ужым, мырэущтэу шъуІон фае: «Тэ тыунэІут ныІэп. Тэ тшІагъэр тшІэн фаеу щытыр ары ныІэп».

---

17:3 О пшы – шыхэр зы диным рыкІохэрэр ары.

17:5 апостолхэр – еплъ 6:13.,

17:6 горчицэ – арапыбзэкІи тыркубзэкІи «хъардэл» зыфаІорэр ары.

## Исус шъоджэ уз Іаер зиІэ лІы нэбгырипшІ зэригъэхъужьыгъэхэр

[11] Исус Ерусалим кІозэ, Самарие хэкумрэ Галилей хэкумрэ
азыфагу кІоцІырыкІыщтыгъ. [12] Къуаджэ горэм дахьэ
пэтызэ, шъоджэ уз Іаер зиІэ лІы нэбгырипшІ къыІукІагъэх.
Чыжьэу къэуцухи, [13] мэкъэшхокІэ къэджагъэх:
–Исус, тхьаматэ, гукІэгъу къытфэшІ!
[14] Ахэр зелъэгъухэм, Исус къыІуагъ:
–ШъукІуи, дин пащэхэм зяжъугъэлъэгъу.
Ахэр гъогум рыкІохэзэ, къабзэу хъужьыгъэх.
[15] Ахэмэ ащыщэу зым зэрэхъужьыгъэр зелъэгъум, мэ-
къэшхокІэ Тхьэм щытхъу фишІэу къыгъэзэжьыгъ. [16] Исус
ылъакъохэм адэжь бгъэгукІэ зыкъыщыридзыхи, щытхъу
фишІыгъ. А лІыр Самарие хэкум* щыщыгъ.
[17] –НэбгырипшІыр къабзэу хъужьыгъэхэба?– къыІуагъ
Исус. –Адрэ нэбгырибгъур тыдэ къэнагъэха? [18] Мы лІы
хымэ закъом нэмыкІ къыгъэзэжьэу, Тхьэм щытхъу фи-
шІынэу зи къахэкІыгъэп, ара?
[19] ЕтІанэ Исус а лІым риІуагъ:
–Тэджи кІожь, уишІошъхъуныгъэ уигъэхъужьыгъ.

## Тхьэм и Тетыгъошхо къызэрэкІощтыр

(Маттэ 24:23–28, 37–41)

[20] –Тхьэм и Тетыгъошхо сыдигъо къэкІощта?– аІуи, фари-
сейхэр Исус къызеупчІыхэм, ащ ариІожьыгъ:
–Тхьэм и Тетыгъошхо нэрылъэгъоу къэкІощтэп, [21] цІыф-
хэми, «Мары, ар мыщ дэжьым щыІ», е «Муары, модэ щыІ»,
аІощтэп. Сыда пІомэ Тхьэм и Тетыгъошхо шъо къы-
шъухэт.*
[22] ЕтІанэ Исус игъогу рыкІохэрэм ариІуагъ:
–ЦІыф Лъэпкъым Ыкъо* имафэхэм ащыщэу зы мафэ
закъо нэмыІэми шъулъэгъу зышъушІоигъо мафэхэр къэ-
кІощтых, ау ар шъулъэгъущтэп. [23] «Мары, ЦІыф Лъэ-

---

17:16 Самарие хэкур – еплъ 9:52.

17:21 Тхьэм и Тетыгъошхо шъо къышъухэт – е шъо шъугухэм арылъ. Еплъ 6:20.

17:22 ЦІыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ 5:34.

пкъым Ыкъо мыщ дэжьым щыI», е «Муары, модэ щыI»,
къышъуаIощт, ау ащ дэжьым шъумыкIу, а цIыфхэми
шъуакIэлъымычъ; [24] сыда пIомэ зы ошъокъуапэм къыще-
гъэжьагъэу адрэ ошъокъуапэм нэс пчыкIэм* дунаер зэри-
гъэнэфырэм фэдэу, ежьыр къызыкIожьыщт мафэм ыдэжь
ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къэлъэгъожьыщт. [25] Ау ыпэ ра-
пшIэу къиныбэ ыщэчын фаеу щыт, джырэ цIыфхэми
ежьыр зэрамыпэсын фаеу щыт.

[26] –Пегъымбар Нухьэ имафэхэм адэжь Iофхэр зэрэщыты-
гъэхэм фэдэу, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо дунаем къызыкIо-
жьыным ыпэрэ мафэхэм адэжь Iофхэр щытыщтых.
[27] ЦIыфхэр шхэщтыгъэх ыкIи ешъощтыгъэх, къащэщтыгъ
ыкIи дакIощтыгъэх, Нухьэ къухьэм зитIысхьэгъэ ма-
фэм нэсыфэкIэ. ЕтIанэ псы къиугъэшхор* къакIуи, ахэр
зэкIэ ыгъэкIодыгъэх.

[28] –Пегъэмбар Лут* имафэхэм адэжь Iофхэри ащ фэдэу
щытыгъэх: ЦIыфхэр шхэщтыгъэх ыкIи ешъощтыгъэх,
щэщтыгъэх ыкIи щафэщтыгъэх, чIыгуми хапхъэщты-
гъэх, унэхэри ашIыщтыгъэх. [29] Ау Лут Содом къалэм зы-
дэкIыгъэ мафэм машIорэ тхъомзашхъорэ уашъом къы-
щещхыхи, ахэр зэкIэ ыгъэкIодыгъэх.

[30] –ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къызылъэгъожьыщт мафэм
ыдэжьи Iофхэр ащ фэдэ къабзэу щытыщтых. [31] А мафэм
унашъхьэм тетыр ихьапщыпхэу унэм илъхэр зыдихьын-
хэу унэм ерэмыхьажь. Губгъом итыми унэм къерэмыгъэ-
зэжь. [32] Лут ишъуз* къехъулIагъэр шъугу къэжъугъэ-
кIыжь. [33] Хэтми зыпсэ мыкIодэу къызэригъэнэжьыщтым
ыуж итым ыпсэ шIокIодыщт, ау хэти зыпсэ зышIокIоды-
рэм ыпсэ мыкIодэу къыгъэнэжьыщт. [34] Сэ шъосэIо, а чэ-
щым нэбгыритIу зы пIэм хэлъыщтых. Язырэр мэлэIичхэм
уашъом дахьыещт, адрэри къагъэнэщт. [35] БзылъфыгъитIу
зэдэхьаджэщтых, язырэр мэлэIичхэм уашъом дахьыещт,
адрэри къагъэнэщт. [36] НэбгыритIури губгъом итыщтых,

17:24 пчыкIэ – шыблэм инэфын ары.

17:27 псы къиугъэшхор – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 7:6–23.

17:28–29 пегъымбар Лут – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:15–25.

17:32 Лут ишъуз – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:26.

язырэр мэлэIичхэм уашъом дахьыещт, адрэри къагъэнэщт.
[37] –Тыда ар зыщыхъущтыр, Зиусхьан?– къыраIуагъ Исус.
–Хьайуан псэхалIэр зыдэщыIэм бгъэжъхэри щызэрэ-
угъоищтых,– ариIожьыгъ Исус.

## ЯПЩIЫКIОЕНЭРЭШЪХЬ

### Шъузабэмрэ шъыпкъагъэ зимыIэ хьыкумышIэмрэ яхьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

ЕтIанэ игъогу рыкIохэрэм агу амыгъэкIодэу, Тхьэм
елъэIухэ зэпытыным пае, Исус зы гъэсэныгъэ тхыдэ
къафиIотагъ. [2] Мыщ фэдэу къыIуагъ:
–Тхьэми щымыщынэу, цIыфхэми ащымыукIытэу, хьы-
кумышIэ* горэ къалэ горэм дэсыгъ. [3] А къэлэ дэдэм зы
шъузабэ гори дэсыгъ. «Сидэогъу сифэшъуашэр къысе-
гъэт», ыIозэ, хьыкумышIэм ыдэжь къэкIо зэпытыщтыгъ.
[4] –Бэрэ хьыкумышIэм шъузабэр зыкIэлъэIурэр фида-
гъэп. ЕтIанэ ежь зэриIожьыгъ: «Тхьэм сыщымыщынэми,
цIыфхэм сащымыукIытэми, [5] сэ сшъхьэ ымыгъэуз зэпы-
тыным пае, мы шъузабэм ифэшъуашэ езгъэгъотын.
Армырмэ къысфэчъэ зэпытызэ зысигъэгъэпсэфыщтэп».
[6] ЕтIанэ Зиусхьаным ыIуагъ:
–Шъыпкъагъэ зимыIэ хьыкумышIэм ыIорэр зэхэшъо-
ха? [7] Тхьэм ежь къыхихыгъэ цIыфхэу чэщи мафи лъэшэу
къелъэIухэрэм яфэшъуашэ аригъэгъотынба? Яфэшъуа-
шэ аригъэгъотыным бэрэ ригъэжэщтха? [8] Сэ шъосэIо,
ахэмэ яфэшъуашэ псынкIэу аригъэгъотыщт. Ау ЦIыф
Лъэпкъым Ыкъо мы дунаем къызыкIожькIэ, шIошъхъу-
ныгъэ зиIэхэр щигъотыщтха?

### Фарисеимрэ хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэ лIымрэ яхьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр

[9] Ащ нэмыкIэуи ежьхэм шъыпкъагъэ яIэу зыщыгу-
гъыжьхэу, нэмыкIхэр зэзымыпэсырэ цIыф заулэм Исус

---

18:2 хьыкумышIэр – зы цIыф горэ хыеу е мысэу щытмэ, хабзэм иуна-
шъо тетэу зэхэзыфырэр ары.

мы гъэсэныгъэ тхыдэр къафиIотагъ:
[10]–НэбгыритIу Тхьэм елъэIунхэу Тхьэм иунэшхо кIуа-
гъэх. Зыр фарисейхэм ащыщыгъ, адрэр хьакъулахь
ахъщэр хэзыххэрэм ащыщыгъ. [11]Фарисеир ащ дэжьым
щытэу, ыгукIэ мырэущтэу Тхьэм елъэIущтыгъ: «Адрэ
цIыфхэу хъункIакIохэми, бзэджашIэхэми, зинэ зышIэ-
хэрэми, модэ щыт хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэми сэ
сызэрафэмыдэм пае, щытхъу пфэсэшIы, Ситхь. [12]Сэ тхьа-
мафэ къэс мэфитIо сэнэкIы*, федэу згъотырэм ипшIанэ
Тхьэм пае сэты».
[13]–Ау хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэр чыжьэу къэуцу-
гъэу, ынэхэмкIэ уашъом дэплъыенэу фэмыеу, ыбгъэгу
еозэ Тхьэм елъэIущтыгъ: «Ситхь, сэ, псэкIод зышIэрэ
цIыфым, гукIэгъу къысфэшI».
[14]–Сэ шъосэIо, адрэ лIым фэмыдэу мы лIым Тхьэм-
кIэ шъыпкъагъэ иIэу 1дэжь кIожьыгъэ. Сыда пIомэ
хэти зышъхьэ зыгъэиныжьырэр Тхьэм ыгъэцIыкIущт,
ежь ышъхьэ зыгъэцIыкIужьырэри Тхьэм ыгъэиныщт.

## Исусэ сабыйхэмрэ

(Маттэ 19:13–15; Марк 10:13–16)

[15]ЕтIанэ цIыфхэм сабыйхэр Исус къыфащагъэх, Тхьэм
ынэшIу къащифэным пае, Исус ахэмэ атеIэбэнэу. Ау
игъогу рыкIохэрэм ар залъэгъум, афадагъэп. [16]Ау Исус
сабыйхэм къяджи къыIуагъ:
–Сабыйхэр садэжь къэрэкIох; зи яшъумыIоу, сыда пIо-
мэ ащ фэдэхэр Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэтых.
[17]Шъыпкъэр шъосэIо, сабыим Тхьэм и Тетыгъошхо зэри-
дэрэм фэдэу, хэтми Тхьэм и Тетыгъошхо зымыдэрэр а
Тетыгъошхом ыIэчIэгъ чIэхьащтэп.

## Тхьэмэтэ баир

(Маттэ 19:16–30; Марк 10:17–31)

[18]Зы тхьаматэ горэ Исус къеупчIыгъ:
–Дин гъэсэкIо дэгъу, мыкIодыжьын щыIэныгъэ Iэхьы-

---

18:12 сэнэкIы – агухэмкIэ фаехэу, фарисейхэм тхьамафэ къэс мэфитIо анэкIыщтыгъ.

шIу къыслъысыным пае, сыда сшIэн фаер?
19 –Сыда дэгъукIэ укъызкIысаджэрэр?– риIожьыгъ Исус
а лIым. –Тхьэм нэмыкIэу зи дэгъу щыIэп. 20 Тхьэм иуна-
шъохэр* ошIэх: «Зинэ умышIэ, цIыф умыукI, умытыгъу,
нэмыкI цIыфхэм пцIы атемылъхь, уятэрэ уянэрэ лъытэ-
ныгъэ афэшI».
21 –СикIэлэгъу къыщегъэжьагъэу ахэр зэкIэ сэгъэца-
кIэх,– риIожьыгъ адрэм.
22 Ар Исус зызэхехым, риIуагъ:
–Джыри зы уищыкIагъ. УиIэр зэкIэ щэжьи, ахъщэр
тхьамыкIэхэм ят. Джащыгъум уашъом мылъкушхо щы-
уиIэ хъущт. ЕтIанэ сауж къырыкIу.
23 Адрэм ар зызэхехым, ыгу лъэшэу къеуагъ, сыда пIо-
мэ мылъкушхо иIагъэти ары. 24 Ау Исус ащ ыгу къызэре-
орэр зелъэгъум, къыIуагъ:
–Мылъку зиIэхэмкIэ Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэ-
хьанхэу сыдэу къин! 25 Баир Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ
чIэхьаным нахьи, махъшэр мэстанэм икIыныр нахь IэшIэх.
26 Ар зэхэзыхыгъэ цIыфхэм къаIуагъ:
–Арэущтэу щытмэ, ежьым зимыгъэкIодэу, хэта зыкъэ-
зыгъэнэжьын зылъэкIыщтыр?
27 –ЦIыфмэ ашIэн амылъэкIырэр Тхьэм ышIэн елъэ-
кIы,– къыIуагъ Исус.
28 –Мо къэдаIолъ!– къыIуагъ Петрэ. –Тэ тиIэгъэ пстэури
къэдгъани, о уауж тыкъырыкIуагъ.
29 –Шъыпкъэр шъосэIо,– ариIожьыгъ Исус, –хэт щыщ-
ми е зиунэ, е зятэ–янэхэр, е зышхэр, е зышыпхъухэр, е
зишъуз, е зибынхэр Тхьэм и Тетыгъошхо пае къэзыгъэна-
гъэу, 30 иIагъэм нахьи бэкIэ нахьыбэ мы дунаем щызы-
мыгъотыжьыщт цIыф зи щыIэп, адрэ дунаеми мыкIоды-
жьын щыIэныгъэ щыриIэ хъущт.

## Исус ежьыр зэраукIыщтри, лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыщтри ящэнэрэу къызэриIуагъэр

(Маттэ 20:17–19; Марк 10:32–34)

31 Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIур зы лъэны-
къокIэ Iуищыхи ариIуагъ:

---

18:20 Тхьэм иунашъохэр – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 20:12–16.

–Мары, тэ джы Ерусалим тыдэкIуае. ЦIыф Лъэпкъым
Ыкъо ехьылIагъэу пегъымбархэм атхыгъэ пстэури къе-
хъулIэхэзэ, къэшъыпкъэжьыщтых. 32 Ащ къикIырэр ежьыр
хымэ лъэпкъхэм* аIэкIэхьащт. Ахэри къыкIэнэкIэщтых,
къехъоныщтых ыкIи къытеужъунтхэщтых. 33 ЕтIанэ къа-
мыщкIэ къеощтых ыкIи аукIыщт, ящэнэрэ мафэми ежьыр
лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыщт.

34 Ау игъогу рыкIохэрэм а гущыIэхэу ариIуагъэхэм
ащыщэу зи къагурыIуагъэп. А гущыIэхэм къарыкIырэр
ахэмкIэ шъэфэу щытыгъэх, Исус ахэмэ къаригъэкIыгъэ-
ри къагурыIуагъэп.

## Исус зы лъэIокIо нэшъу горэ зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 20:29–34; Марк 10:46–52)

35 Исус Ерихон къалэм* кIозэ игъунэгъоу зэхъум, нэшъу
горэ лъэIуакIоу гъогу напцэм Iусыгъ. 36 ЦIыф купышхо
блэкIэу зызэхехым, ар къэупчIагъ:

–Сыда мыр?

37 –Назарет щыщ Исус мыщ дэжьым блэкIы,– къы-
раIуагъ цIыфхэм.

38 Ар къызаIом, нэшъур мэкъэшхокIэ къэджагъ:

–Даутэ Ыкъо* Исус, гукIэгъу къысфэшI!

39 Апэ ит цIыфхэм амыдэу, «Щыгъэт!» аIуи къыраIуагъ.
Ау ар джыри нахь мэкъэшхокIи къэджагъ:

–Даутэ Ыкъу, гукIэгъу къысфэшI!

40 Исус къызэтеуцуи, ежьым ыдэжь а лIыр къаригъэ-
щагъ. Нэшъур игъунэгъоу къызэкIом, еупчIыгъ:

41 –Сыда къыпфэсшIэнэу узыфаер?

–Тхьаматэ, сынэхэр къэгъэплъэжьых,– къыIожьыгъ
нэшъум.

---

18:32 хымэ лъэпкъхэр – Рим (Рум) цIыфхэу тетыгъо зиIэхэр ары.

18:35 Ерихон къалэр – Ерусалим итемыр тыгъэ къыкъокIыпIэ лъэны-
къокIэ, километрэ 24–кIэ пэчыжьэу, Иордан псыхъом итыгъэ къо-
хьэпIэ лъэныкъокIэ ит.

18:38 Даутэ Ыкъо – цIыфхэр мыкIодхэу Къэзыгъэнэжьырэр пачъыхьэ
Даут иунэгъо лъэпкъы зэрэщыщым пае джуртхэр ащ «Даутэ Ыкъо-
кIэ» еджэх.

42 –Унэхэр къэплъэжьыщтых,– къыриIуагъ Исус. –Уи-
шIошъхъуныгъэ уигъэхъужьыгъ.

43 Ардэдэм нэшъум ынэхэр къэплъэжьыгъэх, Тхьэми
щытхъу фишIызэ, Исус ыуж ихьагъ. ЦIыф пстэуми ар
залъэгъум, ахэми Тхьэм щытхъу фашIыгъ.

## ЯПШIЫКIУБГЪОНЭРЭШЪХЬ

### Исусрэ Закхейрэ

Ащ нэужым Исус Ерихон къалэм дэхьагъэу ащ кIоцIы-
рыкIыщтыгъ. 2 Закхей зыцIэу зы лIы горэ ащ дэсыгъ.
Ар хьакъулахь ахъщэр хэзыххэрэм япащэхэм ащыщыгъ,
цIыф баеуи щытыгъ. 3 Исус хэтми зыщыщыр зэригъэ-
лъэгъумэ шIоигъуагъ, арышъхьакIэ ежьыр лIы мылъагэу
щытыти, цIыф купышхом хэтэу зи ылъэгъун ылъэкIы-
щтыгъэп. 4 Арыти, цIыфхэм апэ ишъи, ынджыр чъыг
горэм дэпшыягъ, Исус ылъэгъуным пае, сыда пIомэ
Исус а гъогумкIэ блэкIын фэягъ.

5 Исус а чIыпIэм зынэсым, дэплъыий, Закхей риIуагъ:

–Закхей, псынкIэу къех, непэ уадэжь себлэгъэн фае.

6 Закхей псынкIэу къехыжьи, игуапэу иунэ Исус ригъэ-
блэгъагъ. 7 ЦIыф пстэуми ар залъэгъум, агу емыIоу
аIуагъ:

–ПсэкIод зышIэрэм ыдэжь хьакIэу ихьагъ.

8 Закхей къэтэджи, Зиусхьан Исус къыриIуагъ:

–Мо къэдаIолъ, Зиусхьан! Симылъку ызыныкъо тхьа-
мыкIэхэм ястыщт. Зы Iоф горэмкIэ цIыф горэ згъэпцIа-
гъэмэ, фэдиплI ар фэспщыныжьыщт.

9 –ЦIыфхэр мыкIодхэу къэзыгъэнэжьырэр непэ мы уна-
гъом ыдэжь къэкIуагъ,– риIуагъ Исус Закхей, –сыда
пIомэ мы лIыри Ибрахьимэ къытехъукIыгъэ цIыфхэм
ащыщ. 10 Сыда пIомэ ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къызфэ-
кIуагъэр цIыфхэу кIодыгъэхэм алъыхъуныштъ, мыкIодхэу
къыгъэнэжьынхэр ары.

### Минэ зыцIэ ахъщэхэм яхьылIэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр
(Маттэ 25:14–30)

11 ЦIыфхэр Исус гущыIэхэу къыIохэрэм ядэIухэ зэхъум,
мы гъэсэныгъэ тхыдэр къыпигъэхъуагъ; сыда пIомэ
Исус Ерусалим игъунэгъоу щытыгъ, Тхьэм и Тетыгъошхо
ардэдэм къэлъэгъонэуи цIыфхэр гугъэщтыгъэх. 12 Арэу-
щтэу зэхъум, Исус къыIуагъ:

–Зы пщы горэ зы хэгъэгу чыжьэ горэм кIонэу щытыгъ,
ежь ихэгъэгу пае пачъыхьэ заригъэшIынышъ, етIанэ къы-
гъэзэжьыным пае. 13 ДэкIыным ыпэкIэ, иунэIутхэм ащыщхэу
нэбгыришI къяджи, минэ* зыцIэ ахъщэ зырыз арити
ариIуагъ: «Къэсэгъэзэжьыфэ, мы ахъщэмкIэ къэшъу-
щэф ыкIи шъущэ».

14 –Ау мы пщым ихэгъэгу щыщ цIыфхэм ежьыр ауджэ-
гъущтыгъэти, «Мы лIыр пачъыхьэ къытфэхъунэу ты-
фаеп», аIоу арагъэIонэу лIыкIохэр пщым ыужкIэ а хэ-
гъэгум агъэкIуагъэх.

15 –Ащж пае къэмынэу а пщыр пачъыхьэу агъэнэфагъ.
ЕтIанэ пщым къызегъэзэжьым, унэIутхэу ахъщэхэр зэри-
тыгъагъэхэм къяджагъ. Ахэмэ ащыщэу хэти ищэн–щэфэн
IофкIэ ыгъэхъагъэхэр зэригъашIэмэ шIоигъуагъ.

16 –Апэрэ унэIутыр къакIуи къыIуагъ: «Тхьаматэ, къы-
сэптыгъэ минэ ахъщэмкIэ фэдипшI къэзгъэхъагъ».

17 –Тхьаматэм ащ риIуагъ: «Дэгъоу пшIагъэ, сиунэIут
дэгъу! Iоф макIэхэмкIэ сызщыгугъышъунэу лIэу узэрэ-
щытыгъэм пае, къэлипшI къыпIэкIэслъхьащт».

18 –ЯтIонэрэ унэIутыр къакIуи къыIуагъ: «Тхьаматэ,
къысэптыгъэ минэ ахъщэмкIэ фэдитф къэзгъэхъагъ».

19 –Тхьаматэм ащ риIуагъ: «Къэлитф о къыпIэкIэслъ-
хьащт».

20 –Ящэнэрэ унэIутри къакIуи къыIуагъ: «Тхьаматэ,
мары о уиминэ ахъщэ. Хъэдэн горэм кIоцIысщыхьи, щыз-
згъэлъыгъ. 21 ЛIы пхъашэу узэрэщытым пае, сыкъы-
пщыщынагъ. УмыгъэтIылъыгъэр къэоштэжьы, чIыгум
о хэмыпхъагъэри къэохыжьы».

22 –Итхьаматэ ащ риIуагъ: «О уигущыIэхэмкIэ узгъэмы-
сэщт, о унэIут бзадж! О пшIэщтыгъ сэ лIы пхъашэу сы-

19:13 минэ – дышъэ ахъщэу лэжьакIом мэзищкIэ лэжьапкIэу ратыщтыгъэр ары.

зэрэщытри, сымыгъэтIылъыгъэр къызэрэсштэжьырэри, чIыгум хэсымыпхъагъэр къызэрэсхыжьырэри. [23] Сиахъщэ банкым сыда о зыкIимылъхьагъэр? Ащыгъум къызысэгъэзэжьым, сиахъщэ хэхъуагъэу къычIэсхыжьыщтыгъ».

[24] –ЕтIанэ тхьаматэм къыбгъодэтхэм ариIуагъ: «Мы лIым минэ ахъщэр Iышъухи, минэ ахъщипшI зиIэм ешъут».

[25] –Ахэмэ раIуагъ: «Тхьаматэ, минэ ахъщипшI ащ иIахэба?»

[26] –Тхьаматэм къыIожьыгъ: «Сэ шъосэIо, Тхьэм хэт щыщми зиIэм нахьыбэ къыритыщт, ау Тхьэм зи зимыIэм иIэ тIэкIури Iихыжьыщт. [27] Ау джы сэ сипыйхэу пачъыхьэ сафэхъунэу фэмыягъэхэр къашъущэхи, сапашъхьэ щышъуукIых».

## Щытхъушхо иIэу, Исус Ерусалим зэрэдэхьагъэр

(Маттэ 21:1–11; Марк 11:1–11; Иуан 12:12–19)

[28] Исус а гущыIэхэр къызеIохэм ыуж, Ерусалим дэкIоенэу игъогу техьажьыгъ. [29] Елеон зыщIэ Iуашъхьэм Iус къуаджэхэу Виффагиерэ Вифаниерэ зыщIэхэм Исус ягъунэгъу зэхъум, игъогу рыкIохэрэм ащыщхэу нэбгыритIу ыпэкIэ ыгъэкIуагъэх, [30] мырэущтэу ариIозэ:

–ШъуапэкIэ ит къуаджэм шъудахь. Шъузэрэдахьэу щыд къунанэу зы цIыф ныбжьи зытемытIысхьагъэр епхыгъэу шъуапэ къифэщт. Ар къыкIэрышъутIэтыкIи, мо къашъущэ. [31] «Сыд ар къызыкIыкIэрышъутIэтыкIырэр?» ыIоу, зыгорэ къышъоупчIымэ, мырэущтэу ешъуIу: «Зиусхьаныр ащ фай».

[32] А лIыкIуитIур кIохи, Исус зэрариIуагъэм тетэу зэкIэ къагъотыгъ. [33] Щыд къунаныр къызыкIэратIэтыкIым, ар зиехэм къараIуагъ:

–Сыда щыд къунаныр зыкIыкIэрышъутIэтыкIырэр?

[34] –Зиусхьаныр ащ фай,– къаIуагъ ахэмэ.

[35] ЕтIанэ щыд къунаныр Исус дэжь къащи, ящыгъынхэр тыралъхьахи, Исус тырагъэтIысхьагъ. [36] Исус щыд къунаным тесэу кIо зэхъу́м, цIыфхэм ящыгъынхэр гъогум фытыраубгъощтыгъэх.

[37] Ерусалим игъунэгъоу гъогур Елеон Iуашъхьэм къызщехырэ чIыпIэм Исус зынэсым, Iофышхо гъэшIэгъонхэу алъэгъугъэ пстэуми апае гушIохэу, мэкъэшхокIэ Тхьэм

щытхъу фашIэу, игъогу рыкIорэ куп пстэуми аIоу ау-
благъ:

38 –Зиусхьаным ыцIэкIэ къакIорэ пачъыхьэм щы-
тхъушхор ий!
Мамырныгъэ уашъом щыI! Анахь Иным
щытхъушхор ий!*

39 ЦIыф купышхом хэтэу фарисей заулэмэ Исус къыра-
Iуагъ:

–Дин гъэсакIу, уигъогу рыкIохэрэм щагъэтынэу яIу!

40 –Сэ шъосэIо,– къыIожьыгъ Исус, –ахэмэ щагъэтмэ,
мыжъохэр къэкуощтых.

41 Исус Ерусалим нахь игъунэгъу къэси, къалэр зелъэ-
гъум, ащ фэгъызэ къыIуагъ:

42 –О мамырныгъэ къыпфэзыхьыщт Iофхэр непэ пшIа-
гъоет, ау джы о унэхэм ахэр ашIогъэбылъыгъэу щытых;
43 сыда пIомэ, уипыйхэм пытапIэхэмкIэ укъызыщауцу-
хьащт мафэхэр къыпфэкIощтых. Ахэмэ о укъаухъу-
рэищт, тэдрэ лъэныкъокIи къыптезэрэгъэбэнэщтых.
44 Уипыйхэм ори уибынхэу къыбдыдэсхэри шъуагъэкIо-
дыщт, мыжъуитIу зэтелъэуи къагъэнэщтэп, умыкIодэу
Тхьэм укъызигъэнэжьын уахътэр къызэрэпфифагъэр
къызэрэбгурымыIуагъэм пае.

### Исус щэн–щэфакIохэр Тхьэм иунэшхо къызэрэчIифыгъэхэр

(Маттэ 21:12–17; Марк 11:15–19; Иуан 2:13–22)

45 ЕтIанэ Исус Тхьэм иунэшхо чIахьи, щэн–щэфакIо-
хэр* къычIифхэу ыублагъ. 46 Ахэмэ ариIуагъ:

–Тхьэм къызэриIорэр игущыIэ тхыгъэхэм арыт:* «Сэ
сиунэ тхьэлъэIупIэу щытыщт». Ау шъо «хъункIэкIо
гъэбылъыпIэм»* фэдэу шъушIыгъэ.

---

19:38 Еплъ Сэбур (Псалтыр) 118:25–26 (урыс библиемкIэ 117:25–26).

19:45 щэн–щэфакIохэр – ахэмэ къурмэныпхъэ былымхэр Тхьэм иунэшхо ищагу щащэщтыгъэх.

19:46 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 56:7.

19:46 хъункIэкIо гъэбылъыпIэ – еплъ Пегъымбар Иеремие тхылъэу ытхыгъэм 7:11.

47 Мафэ къэси Тхьэм иунэшхо чIэтэу, Исус цIыфхэм
Тхьэм игущыIэхэраригъашIэщтыгъэх. Арышъхьак Iэ дин
пэщэшхохэм, Тэурат егъэджэкIо пащэхэм, адрэ тхьа-
матэхэу цIыфмэ яIэхэм Исус зэрагъэкIодыщт шIыкIэм
лъыхъухэу аублагъ, 48 ау цIыф пстэуми ягуапэу Исус
едэIущтыгъэхэти, мыхъунэу рашIэнэу зи агъотыгъэп.

## ЯТIОКIЭНЭРЭШЪХЬ

### Джурт тхьаматэхэр Исус итетыгъо къезытыгъэмкIэ къызэреупчIыгъэхэр

(Маттэ 21:23–27; Марк 11:27–33)

Мафэ горэм Тхьэм иунэшхо чIэтэу, Исус цIыфхэм
Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэхэзэ, къэбарышIур аригъэ-
Iущтыгъэ. Джащыгъум дин пэщэшхохэмрэ Тэурат егъэ-
джэкIо пащэхэмрэ нахьыжъхэр ягъусэхэу къыбгъода-
хьэхи къеупчIыгъэх:
2 –КъытаIу, мы Iофхэр пшIэнхэу фитыныгъэр тыда
къыздипхыгъэр, е ахэр пшIэнхэу тетыгъор хэта о къыо-
зытыгъэр?
3 –Сэри шъо зы Iоф горэкIэ сышъоупчIыщт,– ариIо-
жьыгъ Исус. –ПэгъокI къысэшъут. 4 Иуан цIыфхэр ыумэ-
хъынхэу хэта къэзыгъэкIуагъэр, цIыфхэр ара, хьауми
Тхьэр ара?
5 –«Тхьэр ары Иуан къэзыгъэкIуагъэр», тIомэ, «Адэ,
сыд пае Иуан къыIуагъэхэр шъушIошъ мыхъугъэха?» къы-
Iожьыщт,– аIозэ, ахэр зэупчIыжьыгъэх. 6 –Ау «ЦIыфхэр
ары къэзыгъэкIуагъэхэр», тIомэ, цIыф пстэури мыжъо-
хэмкIэ къытаохэзэ, таукIыщт, сыда пIомэ Иуан пе-
гъымбарэу зэрэщытыгъэр ашIошъ мэхъу.
7 Арыти, –Иуан къэзыгъэкIуагъэр тшIэрэп,– къаIуагъ.
8 –Ащыгъум сэри шъосIощтэп, мы Iофхэр сшIэнхэу фи-
тыныгъэр къыздисхыгъэр,– ариIожьыгъ Исус..

**СэнэшъхьэшІэ бзаджэхэм яхьылІэгъэ гъэсэныгъэ тхыдэр**
(Маттэ 21:33–46; Марк 12:1–12)

9 ЕтІанэ Исус цІыфхэм мы гъэсэныгъэ тхыдэр афиІуатэу ыублагъ:

–ЛІы горэм сэнэшъхьэ хатэ ыгъэтІысхьи, сэнэшъхьашІэ* горэхэм аІэкІилъхьагъ. Ащ нэужым хымэ хэгъэгу горэм бэрэ къэтынэу кІуагъэ.
10 Сэнэшъхьэ пычыжьыгъор къызэсым, исэнэшъхьэ Іахьэ къыратыжьынэу сэнэшъхьашІэхэм адэжь зы унэІут горэ ыгъэкІуагъ. Ау сэнэшъхьашІэхэр унэІутым къеохи, ІэнэкІэу къатІупщыжьыгъ.
11 Хатэр зием етІани зы унэІут горэ ыгъэкІуагъ, ау ащи къеохи, лые къырахи, ІэнэкІэу къатІупщыжьыгъ.
12 ЕтІани ящэнэрэ унэІут горэ ыгъэкІуагъ. Ари къэуІи, къыдафыжьыгъ.

13 –Джащыгъум сэнэшъхьэ хатэр зием къыІуагъ: «Сыда сшІэщтыр? Сэ шІу слъэгъурэ скъо кІасэр згъэкІон. Ащ лъытэныгъэ къыфашІынкІи мэхъу».

14 –Ау сэнэшъхьашІэхэм хатэр зием ыкъо залъэгъум, зэупчІыжьхи зэраІожьыгъ: «Мыры сэнэшъхьэ хатэр къызыфэнэжьыщтыр. Ар тэжъугъэукІи, сэнэшъхьэ хатэр тэ къытфэнэжьыщт».
15 Арэущтэу сэнэшъхьэ хатэм къыдадзыжьи къаукІыгъ.

–Сэнэшъхьэ хатэр зием сыда ахэмэ аришІэщтыр?– къыпигъэхъожьыгъ Исус.
16 –Ар къэкІонышъ, сэнэшъхьашІэхэр ыгъэкІодынхэшъ, сэнэшъхьэ хатэр нэмыкІхэм аІэкІилъхьащт.

–Тхьэм ерэмыд!– къаІуагъ цІыфхэм ар зызэхахым.

17 Ау Исус ахэмэ яплъи къыІуагъ:

–Ащыгъум мы гущыІэхэу Тхьэм игущыІэ тхыгъэхэм арытхэм* сыда къарыкІырэр:

«Унэ зышІыхэрэм зэрамыпэсэу чІадзыжьыгъэ мыжъор
мыжъо лъэпсэ дэдэу унэм фэхъугъ»?

18 –А мыжъом тефэрэр къызэпкъыриутыщт, ау зытефэрэр мыжъом ыщытІэщт.

---

20:9 сэнэшъхьашІэхэр – сэнэшъхьэ хатэм щылажьэхэрэр ары.

20:17 Тхьэм игущыІэ тхыгъэхэм арытхэр – еплъ Сэбур (Псалтыр) 118:22 (урыс библиемкІэ 117:22).

[19] Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ дин пэщэшхохэмрэ
Исус мы гъэсэныгъэ тхыдэр ежьхэм яхьылIагъэу къызэ-
риIотагъэр къагурыIуагъэти, а сыхьат дэдэм Исус къа-
убытынэу пылъыгъэх, ау цIыфхэм ащыщынэщтыгъэх.

## Хьакъулахь ахъщэм ехьылIагъ

(Маттэ 22:15–22; Марк 12:13–17)

[20] Арыти, Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ дин пэщэшхо-
хэмрэ Исус еплъакIощтыгъэх, къуалъхьэкIи ащэфыгъэ-
хэу, шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм афэдэу тхьагъэпцIыгъэ-
кIэ зызышIырэ цIыф куп фагъэкIуагъэх. Исус хэкум
ипщэу тетыгъор зиIэм ыIэ IэкIагъэхьаным пае, зы гу-
щыIэ горэм тыраубытэнэу гугъэщтыгъэх. [21] Ахэр Исус
къеупчIыгъэх:

–Дин гъэсакIу, о шъыпкъагъэр къызэрэпIорэри, цIыф-
хэм шъыпкъагъэр зэрябгъашIэрэри тэшIэ. ЦIыфхэм яте-
плъэ уемыплъэу, цIыф пстэури уизэфэдэхэу щытых,
шъыпкъагъэм тетэуи Тхьэм игъогу цIыфхэм яогъашIэ.
[22] Кайсарым* хьакъулахь ахъщэр етты хъущта, мыхъу-
щта?

[23] Ау Исус ахэмэ ятхьагъэпцIыгъэ гу лъитагъэти ари-
Iуагъ:

–Сыд пае сыхэжъугъэукъонэу шъупылъа? [24] Зы динар*
ахъщэ сэжъугъэлъэгъу. Хэта зисурэт мыщ итыри, хэта зы-
цIэ мыщ тетхагъэри?

–Кайсарыр ары,– къаIуагъ ахэмэ.

[25] –Ащыгъум Кайсарым иер Кайсарым ешъутыжь,
Тхьэм иери Тхьэм ешъутыжь,– ариIуагъ Исус.

[26] Арэущтэу цIыфхэм апашъхьэ гущыIэ горэм щытыра-
убытэнэу алъэкIыгъэп, пэгъокIэу Исус аритыгъэри агъэ-
шIагъозэ заушъэфыгъ.

---

20:22 Кайсар – а лъэхъанэм, Исус къызэхъу нэужым я 14–37 илъэсхэм къа-
кIоцI, Тиверый зыцIэр Рим Кайсарэу щытыгъ.

20:24 динар – ар лэжьакIом имэфапкIэщтыгъ.

## Саддукейхэр лIагъэхэм якъэтэджыжьын ехьылIагъэу Исус къызэреупчIыгъэхэр

(Маттэ 22:23–33; Марк 12:18–27)

27 Саддукейхэу* лIагъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэр зы-
шIошъ мыхъухэрэм ащыщхэу заулэ Исус къыбгъодахьэхи
къеупчIыгъэх:

28 –Дин гъэсакIу, пегъымбар Мусэ мырэущтэу къытфи-
тхыгъ:* «ЛIы горэм ышы лIэу, бын имыIэу шъуз къы-
кIэнмэ, ышы унагъо фишIыным пае, а лIым шъузабэр къы-
щэжьын фае». 29 Джы зэкъошибл щыIагъ. Ахэмэ ащыщэу
апэрэм шъуз къыщагъ, ау бын къыкIэмынэу дунаем ехы-
жьыгъ. 30 ЯтIонэрэми а шъузыр къыщэжьыгъ. Ащи бын
къыкIэмынэу дунаем ехыжьыгъ. 31 Ящэнэрэми а шъузыр
къыщэжьыгъ. Ащ фэдэуи яблэнэрэм нэс бын къакIэмы-
нэу зэкIэри дунаем ехыжьыгъэх. 32 Зэпстэуми ауж дэдэу
шъузыри дунаем ехыжьыгъ. 33 Джы лIагъэхэр къызытэ-
джыжьхэкIэ, хэта зишъузыщтыр ар? Сыда пIомэ блыми
шъузэу яIагъэшъ ары.

34 –Джырэ цIыфхэм къащэх ыкIи дэкIох,– ариIожьыгъ
Исус ахэмэ. 35 –Ау лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьынхэшъ,
адрэ дунаем щыпсэунхэу зифэшъуашэхэм шъуз къащэ-
жьыщтэп, лIыми дэкIожьыщтхэп. 36 Ахэр мэлэIичхэм афэ-
дэх, лIэн алъэкIыжьыщтэп ыкIи лIагъэхэм къахэтэджы-
кIыжьыгъэхэшъ, Тхьэм ибынхэу щытых. 37 Ау лIагъэхэр
къызэрэтэджыжьыщтхэр пегъымбар Мусэми нафэу къы-
гъэлъэгъуагъ. Сыда пIомэ пэнэ куандэм икъэбар* Тэурат
хабзэм зэрыт чIыпIэм ыдэжь ит пегъымбар Мусэ Тхьэу
Зиусхьаным «Ибрахьими, Исхьакъи, Якъуби я Тхьэ-
кIэ» зэреджэрэр. 38 Ащ къикIырэр Тхьэр псэухэмрэ лIа-
гъэхэу зыфаIохэрэмрэ я Тхьэу зэрэщытыр ары; сыда
пIомэ ежьым ыдэжькIэ пстэури псэух.

39 Исус ар къызеIом, Тэурат егъэджэкIо пащэхэм
ащыщхэу заулэмэ къаIуагъ:

---

20:27 Саддукейхэр – дин пащэхэм ащыщхэу, диным пылъхэу зы тхьаматэ купэу щытыгъэх. Ахэмэ тхылъ лъапIэхэу алъытагъэхэр Тэурат хабзэм ит тхылъитфыр ары ныIэп.

20:28 Пегъымбар Мусэ мырэущтэу къытфитхыгъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 25:5–6.

20:37 пэнэ куандэм икъэбар – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 3:2–6.

–Дин гъэсакӀу, дэгъоу къэпӀуагъ.
40 ЕтӀанэ ащ нэмыкӀыкӀэ Исус къеупчӀыжьынэу хэти
тегушхуагъэп.

## Христос хэта зыкъор?

(Маттэ 22:41–46; Марк 12:35–37)

41 Ащ дэжьым Исус ахэмэ ариӀуагъ:
–Христос* Даутэ ыкъоу сыдэущтэу аӀонэу хъугъа?
42,43 Сыда пӀомэ ежь Даутэ мыщ фэдэу къызэриӀуагъэр Сэ-
бурым итба:*

«Тхьэу Зиусхьаным сэ си Зиусхьан къыриӀуагъ:
О уипыйхэр лъэгукӀэтын пфэсшӀыхэфэ,
сэ сиджабгъукӀэ къызготӀысхь»?

44 –Ежь Даутэ Христос «Си ЗиусхьанкӀэ» еджэ,–
къыпигъэхъожьыгъ Исус. –Арэу зыхъукӀэ, сыдэущтэу
Христос Даутэ Ыкъоу хъура?

## Исус Тэурат егъэджэкӀо пащэхэм ямысагъэ къызэригъэлъэгъуагъэр

(Маттэ 23:1–36; Марк 12:38–40; Лука 11:37–54)

45 ЦӀыф пстэури Исус къедэӀухэ зэхъум, игъогу рыкӀо-
хэрэм ариӀуагъ:
46 –Тэурат егъэджэкӀо пащэхэм шъуафэсакъ. Ахэмэ
шъошэ кӀыхьэхэр ащыгъхэу къакӀухьаныр якӀас.
ЗэӀукӀэхэми ежьхэм аӀэхэм цӀыфхэр ащырагъэбэунхэр
шӀу алъэгъу. Синэгогухэм цӀыфхэр защызэӀукӀэхэкӀи,
ешхэ–ешъошхохэм адэжьи тхьэмэтэ тӀысыпӀэхэр ау-
бытынхэри шӀу алъэгъу. 47 Шъузабэхэм яунэхэри къа-
тырахых. ЦӀыфхэм зыкъарагъэгъэшӀэгъоным пае, ятхьэ-
лъэӀухэр агъэкӀыхьэх. Тхьэм ахэмэ яфэшъуашэ инэу
аригъэпщыныжьыщт.

---

20:41 Христос – еплъ 2:26.

20:42–43 Сэбурым итба – еплъ Сэбур (Псалтыр) 110:1 (урыс библиемкӀэ 109:1).

# ЯТIОКIЫРЭ ЗЫНЭРЭШЪХЬ

## Шъузабэм ахъщэу Тхьэм пае ытыгъэр

(Марк 12:41–44)

Исус Тхьэм иунэшхо чIэтэу зэплъэм, цIыф байхэм
Тхьэм тын фашIэу, ахъщэхэр пхъуантэхэм адалъхьэхэу
ылъэгъугъ. 2 Яплъыы зэхъум, шъузэбэ тхьамыкIэ горэм
гъоплъэ ахъщитIу пхъуантэм дилъхьэу ылъэгъугъ.
3 –Шъыпкъэр шъосэIо,– къыIуагъ, –мы шъузэбэ тхьа-
мыкIэм адрэ пстэуми анахьи нахьыбэ дилъхьагъ; 4 сыда
пIомэ ахэмэ ахъщэу къялыжьыгъэм щыщ далъхьагъэти
ары, ау а шъузабэм зэрыпсэунэу мэкIэ тIэкIоу иIэр зэкIэ
дилъхьагъ.

## Тхьэм иунэшхо зэрэзэхакъутэщтыр Исус къызэриIуагъэр

(Маттэ 24:1–2; Марк 13:1–2)

5 Тхьэм иунэшхо мыжъо дахэхэмкIи тынхэу цIыфхэм
Тхьэм фашIыгъэхэмкIи дахэу гъэкIэрэкIагъэу зэрэщы-
тым зыгорэхэр зытегущыIэхэм, Исус къыIуагъ:
6 –Мыщ дэжьым щышъулъэгъурэр мыжъуитIу къызэ-
темынэжьэу, пстэури къызызэхэтэкъощт мафэхэр къэ-
сыщтых.
7 –Дин гъэсакIу, о зыфэпIогъэ Iофхэр сыдигъо къэхъу-
щтха, ахэр къызэрэхъущтхэм янэшанэхэри сыдха?– къе-
упчIыгъэх ахэр.

## Нэшанэхэмрэ къиныбэ щэчыныгъэмрэ

(Маттэ 24:3–14; Марк 13:3–13)

8 –ЦIыфхэм шъукъызэрамыгъэпцIэщтым шъуфэсакъ,–
къыIожьыгъ Исус. –Сыда пIомэ сэ сцIэкIэ зэджэжьхэу,
«Сэры Христос», аIоу ыкIи «Мафэр къэблэгъагъ», аIоу
цIыфхэу къэкIощтхэр бэу хъущтых. Ахэмэ ауж шъуи-
мыхь. 9 Заохэм якъэбархэмрэ цIыфхэм пачъыхьагъухэм
ягъэпсыкIэ акъутэжьынэу къызэрэтаджэхэрэм якъэбар-
хэмрэ зызэхэшъухыкIэ, шъукъэмыщт. А Iофхэр къэхъун-
хэ фае, ау дунаем икIэух занкIэу къэсыщтэп.

[10] –Зы лъэпкъыр адрэ лъэпкъым, зы пачъыхьагъури
адрэ пачъыхьагъум еээонэу къэтэджыщт,– етӀанэ ари-
Ӏуагъ Исус. [11] –ЧӀыпӀэ-чӀыпӀэхэмкӀи чӀыгур ин дэдэу
щысысыщт, зэпахырэ узхэри гъаблэхэри къэхъущтых. Уа-
шъомкӀи щынэгъошхо нэшанэхэр къикӀыщтых.

[12] –Ау мы Ӏоф пстэури къэхъунхэм ыпэкӀэ, сэ сцӀэ
зэрэжъугъэлъапӀэрэм пае, цӀыфхэм шъуаубытыщт, къини
шъуагъэщэчыщт. Синэгогухэм шъуаратыщт, хьапсхэми
шъуачӀадзэщт, пачъыхьэхэмрэ Ӏэшъхьэтетхэмрэ апашъхьи
шъуращэщт. [13] Джащыгъум ахэмэ апашъхьэ къэбары-
шӀум шыхьат шъуфэхъущт. [14] Ау мыр шъугухэм арыжъу-
гъэлъ: Зыжъугъэхыеу яшъуӀощтыр ыпэ рапшӀэу жъугъэ-
хьазырыным шъупымылъ; [15] сыда пӀомэ къышъонэкъокъу-
хэрэр къышъупэмыуцужьышъунхэу ыкӀи къышъупэмыгу-
щыӀэжьышъунхэу гущыӀэхэри зэхэшӀыкӀыныгъэри къы-
шъостыщтых. [16] Шъуянэ-шъуятэхэми, шъушыхэми, шъуи-
благъэхэми, шъуиныбджэгъухэми тетыгъо зиӀэхэм шъуа-
ӀэкӀагъэхьащт, шъуащыщэу зы купи аукӀыщт. [17] Шъо сэ
сцӀэ зэрэжъугъэлъапӀэрэм пае, цӀыф пстэуми шъуауджэ-
гъущт. [18] Ау зы шъхьац налъи шъо шъушъхьэхэм ахэкӀо-
дыкӀыщтэп. [19] Теубытэныгъэ шъуиӀэмэ, шъупсэхэр мыкӀод-
хэу къэжъугъэнэжьыщтых.

## **Ерусалим зэракъутэщтыр Исус къызэриӀуагъэр**
(Маттэ 24:15–21; Марк 13:14–19)

[20] –Ерусалим дзэхэм къауцухьагъэу зышъулъэгъукӀэ,
икъутэжьыгъо къызэрэблэгъагъэр шъушӀэщт. [21] Ащы-
гъум Иудей хэкум ис цӀыфхэр Ӏуашъхьэхэм ярэкӀолӀэ-
жьых, къалэм дэсхэри дэрэкӀыжьых, губгъом итхэри къа-
лэм дэрэмыхьажьых. [22] Сыда пӀомэ Тхьэм игущыӀэ тхы-
гъэхэм арыт пстэури къэшъыпкъэжьынхэм пае, цӀыфхэм
ашӀагъэхэр Тхьэм зыщаригъэпщыныжьын мафэхэр мырых.
[23] А мафэхэм бзылъфыгъэ лъэрмыхьэхэмрэ быдзэшъо са-
бый зиӀэхэмрэ сыхьатмыгъо ежьэщтых. Мы хэгъэгум
ицӀыфхэр къиныишхо хэфэщтых, Тхьэри мы лъэпкъым
лъэшэу къыфэгубжыщт. [24] Ахэмэ ащыщхэр сэшхокӀэ аукӀы-
щтых, адрэхэри гъэрэу къаубытыгъэхэу лъэпкъ пстэуми
адэжь ащэщтых. Хымэ лъэпкъхэм ялъэхъан ыухыфэ, ах-
эмэЕрусалим лъэгукӀэ аутэщт.

### ЦӀыф Лъэпкъым Ыкъо дунаем къызэрэкӀожьыщтыр
(Маттэ 24:29–31; Марк 13:24–27)

[25] –Нэшэнэ гъэшӀэгъонышхохэр тыгъэм, мазэм ыкӀи
жъуагъохэм къащылъэгъощтых. ЧӀылъэм тет цӀыф лъэ-
пкъхэм ашӀэщтыр амышӀэу агу кӀодыщт. Хыри лъэшэу
къыдэуаеу ибырсыр мэкъэшхо къэӀущт. [26] Дунаем
къыщыхъущтхэм паплъэхэу, цӀыфхэр щынагъом хэтхэу
мэхыщтых, сыда пӀомэ уашъом щыӀэ кӀуачӀэхэр хъые-
щтыхэшъ ары. [27] Джащыгъум ЦӀыф Лъэпкъым Ыкъо
ошъуапщэм хэтэу, лъэкӀыныгъэшхорэ щытхъушхорэ иӀэ-
хэу къакӀоу цӀыфхэм алъэгъущт. [28] А Ӏофхэр къэхъухэу
заублэкӀэ, шъукъэтэджи, шъушъхьэхэр къэшъуӀэтых,
сыда пӀомэ Тхьэм къиным шъузщыхихыжьыщт мафэр къэ-
блэгъагъэшъ ары.

### Ынджыр чъыгым шъыпкъагъэу къыдгуригъаӀорэр
(Маттэ 24:32–35; Марк 13:28–31)

[29] ЕтӀанэ Исус зы гъэсэныгъэ къэбар горэ ариӀуагъ:
–Ынджыр чъыгымрэ адрэ чъыг пстэумрэ шъуяплъ.
[30] Чъыгхэр къэтӀэмхэу зыфежьэхэкӀэ, гъэмафэр къызэрэ-
благъэр зыми къышъуимыӀоу шъошӀэба? [31] Ащ фэдэу шъо-
ри мы Ӏофхэр къэхъухэу зышъулъэгъухэкӀэ, Тхьэм и Те-
тыгъошхо благъэ къызэрэхъугъэр шъушӀэ.
[32] –Шъыпкъэр шъосэӀо, мы Ӏофхэр зэкӀэ къэхъунхэм
ыпэ, мы лъэпкъыр кӀодыщтэп. [33] Уашъомрэ чӀылъэмрэ
кӀодыжьыщтых, ау сэ сигущыӀэхэр кӀодыжьыщтхэп.

### Сыдигъуи шъусакъ!

[34] –Ешхэ–ешъонымкӀи, утэшъонымкӀи, мы дунаим игу-
гъухэмкӀи шъушъхьэхэр зэӀышъумыгъэхьанхэу шъу-
зыфэсакъыжь. Армырмэ шъумышӀахэу а мафэр къы-
шъутеошт. [35] Сыда пӀомэ а мафэр чӀылъэшъхьашъом тет
цӀыф пстэуми хъытыум фэдэу къафэкӀощт. [36] Сыдигъуи
шъусакъ, къэхъущт пстэуми шъуахэкӀыным пайй, кӀуа-
чӀэ жъугъотынышъ, ЦӀыф Лъэпкъым Ыкъо ыпашъхьэ
шъузэрихьащтымкӀэ Тхьэм шъуелъэӀу зэпыт.

37 Мафэ къэс Исус Тхьэм иунэшхо чIэтэу, цIыфхэм
Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэщтыгъэх, ау чэщ къэхъу къэс,
къалэм дэкIыти, Елеон зыцIэ Iуашъхьэм чэщыр щырихы-
щтыгъ. 38 Жьэу пчэдыжь къэс Исус едэIунхэу цIыф пстэу-
ри Тхьэм иунэшхо къэкIощтыгъэх.

## ЯТIОКIЫРЭ ТIУНЭРЭШЪХЬ

### Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщ тхьаматэхэм Исус тхьагъэпцIыгъэкIэ аукIынэу гухэлъ зэрашIыгъэр

(Маттэ 26:1–5, 14–16; Марк 14:1–2, 10–11; Иуан 11:45–53)

Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэшхо мафэхэу
ПасхъэкIэ заджэхэрэр* къэблэгъагъэх. 2 Дин пэщэшхо-
хэмрэ Тэурат егъэджэкIо пащэхэмрэ Исус цIыфхэм амы-
шIэу зэрагъэкIодыщт шIыкIэм лъыхъущтыгъэх, сыда
пIомэ ахэр цIыфхэм ащыщынэщтыгъэхэти ары. 3 Джащы-
гъум Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIумэ ащыщэу
ИскариоткIэ заджэхэрэ Иудэ ыгу шэйтаныр ихьагъ. 4 ЕтIа-
нэ Иудэ дин пэщэшхохэмрэ Тхьэм иунэшхо иухъумакIохэм
япащэхэмрэ адэжь кIуи, Исус зэраIэкIигъэхьащт шIыкIэм-
кIэ адэгущыIагъ. 5 Ахэр гушIуагъэх, ахъщи ратынэу къа-
гъэгугъагъ. 6 Арэущтэу Иудэ адишти, цIыф купышхохэм
амышIэу Исус аIэкIигъэхьаным пае, Iэрыфэгъу уахътэ па-
плъэу ыублагъ.

### Исус игъогу рыкIохэрэм Пасхъэ шхыхьэшъхьашхэр зэрагъэхьазырыгъэр

(Маттэ 26:17–25; Марк 14:12–21; Иуан 13:21–30)

7 Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхо
мафэхэм ащыщэу Пасхъэ шъынэр зыщышIуаубзын фэе
мафэр къэсыгъ. 8 Арэущтэу зэхъум, Исус Петрэрэ
Иуанрэ ыгъэкIуагъэх, мырэущтэу ариIуагъэу:

---

22:1 Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхо мафэхэу
ПасхъэкIэ заджэхэрэр – еплъ 2:41.

–ШъукӀуи, Пасхъэ пчыхьэшъхьашхэр тшӀыным пае жъугъэхьазыр.

[9] –Тыдэ щыдгъэхьазырынэу уфая?– къыраӀожьыгъ ахэмэ.

[10] –ШъукъэдаӀу!– ариӀуагъ Исус. –Къалэм шъузэрэдахьэу, зы лӀы горэм псы къошын ыхьэу къышъуӀукӀэщт.
А лӀым ыуж шъуитэу унэу зэрыхьэрэм шъори шъуихьи,
[11] унэр зием ешъуӀу: «Дин гъэсакӀом къыуеӀо: Сэррэ сигъогу рыкӀохэрэмрэ Пасхъэ пчыхьэшъхьашхэр зыщытшӀыщт хьакӀэщыр тыдэ щыӀа?»
[12] Джащыгъум гъэкӀэрэкӀагъэу зы хьэкӀэщышхо лъагэ горэ шъуигъэлъэгъущт.
Ащ дэжьым зэкӀэри щыжъугъэхьазыр.

[13] Ахэр етӀанэ кӀохи, Исус къызэрариӀуагъэм тетэу къагъоти, Пасхъэ пчыхьэшъхьашхэр агъэхьазырыгъ.

### Зиусхьаным ипчыхьэшъхьашхэ

(Маттэ 26:26–30; Марк 14:22–26; 1 Кор. 11:23–35)

[14] Сыхьатыр къызэсым, апостол нэбгырэ пшӀыкӀутӀур игъусэхэу Исус Ӏанэм пэтӀысхьагъ.

[15] –Къин сщэчыным ыпэкӀэ, мы Пасхъэ пчыхьэшъхьашхэр къыжъудэсшӀымэ лъэшэу сшӀоигъуагъ,– ариӀуагъ ахэмэ.
[16] –Сыда пӀомэ сэ шъосэӀо, Тхьэм и Тетыгъошхо къэсыгъэу, Пасхъэ мэфэкӀ мэфэшхом къикӀырэр шъыпкъэ къыщэхъуфэ, Пасхъэ пчыхьэшъхьашхэр сэ сшӀыжьыщтэп.

[17] ЕтӀанэ Исус зы шъуалъэ къышти, Тхьэм щытхъу фишӀи къыӀуагъ:

–Мыр къашъуушти, мыщ итым щыщ шъукъыздешъу;
[18] сыда пӀомэ сэ шъосэӀо, Тхьэм и Тетыгъошхо къэсыфэ, сэнэшъхьэ къутамэм ипс сешъожьыщтэп.

[19] ЕтӀанэ Исус хьалыгъур къыштагъ, Тхьэм щытхъу фишӀи, зэгуичи, ахэмэ арити къыӀуагъ:

–Мы хьалыгъур сэ спкъэу шъо сишӀуагъэ шъокӀынэу стыщтыр ары. Шъугу сыкъэжъугъэкӀыжьыным пае, шъушхы.

[20] Ащ фэдэу пчыхьэшъхьашхэ ужым шъуалъэр къышти къыӀуагъ:

–Мы шъуалъэм сэнэпсэу итым къикӀырэр зэзэгъынығъакӀэу Тхьэм ежьыррэ шъоррэ шъуазыфагу дилъхьарэр

ары. А зэзэгъыныгъакIэр къэзыгъэшъыпкъэжьырэр лъэу
шъо сишIуагъэ шъокIынэу сэ къыскIэкIыщтыр ары.*
21 Ау тетыгъо зиIэхэм сэ саIэкIэзыгъэхьащтыр сигъусэу
мы Iанэм пэс. 22 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо* Тхьэм зэриухы-
гъэм тетэу, дунаем ехыжьыщт. Ау тетыгъо зиIэхэм ар
аIэкIэзыгъахьэрэр сыхьатмыгъо ежьагъ.

23 Исус ар зеIом, игъогу рыкIохэрэр зэупчIыжьхэу
аублагъ:

–Тэ тщыщэу хэта ар зышIэнэу зыгу хэлъыр?

## Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщэу анахь инэу алъытэн фаемкIэ зэрэзэнэкъокъугъэхэр

24 Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщэу анахь инэу алъытэн
фаемкIэ зэнэкъокъухэу аублагъ.

25 –Дунаем тет пачъыхьэхэр цIыфхэм апшъэ дэсых,–
ариIуагъ Исус. –Тетыгъор зиIэхэми шIу зышIэхэрэмкIэ
цIыфхэр зэрагъаджэх. 26 Шъо шъуазыфагу арэп зэрэщы-
тын фаер. Ар мыхъоу, шъуазыфагу анахь иныр цIыкIум
фэдэу орэхъу, тхьаматэри шъхьагъэрытым фэдэу орэхъу.
27 Хьауми хэта анахь иныр, Iанэм пэсыр ара, шъхьагъэры-
тыр ара? Iанэм пэсыр арыба? Ау шъхьагъэрытым фэдэу сэ
сышъухэт. 28 Сэ къин сщэчэу сызыщэтым, сигъусагъэхэр
шъоры. 29 Сэ тетыгъо сиIэнэу Сятэ къызэрэситыгъэм фэ-
дэу, шъори тетыгъо шъуиIэнэу шъосэты. 30 Сэ си Теты-
гъошхо къызыскIэ, сиIанэ шъупэсэу шъушхэщт ыкIи
шъуешъощт, Израил иунэгъо лъэпкъ пшIыкIутIум хьы-
кум атешъушIыхьанэу пачъыхьэ тIысыпIэхэм шъуатетIыс-
хьащт.

---

22:20 А зэзэгъыныгъакIэр къэзыгъэшъыпкъэжьырэр лъэу шъо сишIуагъэ шъокIынэу сэ къыскIэкIыщтыр ары – пэсэрэ зэзэгъыныгъэу Тхьэм ежьымрэ ылъэпкъырэ азыфагу дилъхьагъэр къэзыгъэшъыпкъэжьыгъагъэр къурмэныпхъэм ылъ арыгъэ. А лъыр цIыфхэм атыраутхэгъагъ. Еплъ пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 24:7–8. Ащ фэдэу зэзэгъыныгъакIэу Тхьэм ежьыррэ ицIыфхэмрэ азыфагу дилъхьагъэр зыгъэшъыпкъэжьыгъэр Исус ылъэу къащым щыкIэкIыгъэр ары. А зэзэгъыныгъэм зэритым фэдэу, цIыф горэм ИсускIэ шIошъхъуныгъэ иIэ хъумэ, мыкIодэу Тхьэм ар къыгъэнэжьыщт.

22:22 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ 5:24.

**«Сэ сыкъэмышIэу къэпIощт», Исус Петрэ зэрэриIуагъэр**

(Маттэ 26:31–35; Марк 14:27–31; Иуан 13:36–38)

31 –Симон, Симон, къэдаIу. МэкъумэщышIэм коцымрэ
уарзэмрэ зэрэзэхидзыхэрэм фэдэу, шъуигъэунэфыным
пае, шэйтаным Тхьэм фитыныгъэ къыIихыгъ. 32 Ау шIо-
шъхъуныгъэм игъогу утемыкIынэу Тхьэм сыпфелъэIугъ.
О садэжь къызыбгъэзэжькIэ, пшыхэм* агухэр гъэпытэх.
33 –Зиусхьан, сэ о сыуигъусэу хьапсым сыкIощтми, лIэ-
ныгъэм сыIукIэщтми, сыфэхьазыр, – къыриIуагъ Симон
Петрэ Исус.
34 –Петрэ, сэ осэIо,– къыIожьыгъ Исус, –непэ атакъэр
Iоным ыпэкIэ, сэ сыкъэмышIэу гъогогъуищэ къэпIощт.

**Ахъщалъэр, Iалъмэкъыр, сэшхор**

35 –Ахъщалъи Iалъмэкъи шъумыIыгъхэу, цуакъэхэри
шъущымыгъхэу шъузыдэсэгъэкIым*, щыкIагъэ горэ
шъуиIагъа?– ариIуагъ Исус.
–Хьау, щыкIагъэ зи тиIагъэп,– къаIожьыгъ ахэмэ.
36 –Ау джы, ахъщалъи, Iалъмэкъи зиIэм зыдерэшт,–
ариIуагъ Исус. –Сэшхо зимыIэми ищыгъын кIыIутелъ
ерэщи, сэшхо къерэщэф. 37 Сэ шъосэIо, мы гущыIэхэу
Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр* сэ къысэхъулIэхэзэ,
къэшъыпкъэжьынхэ фае: «Хабзэм текIыгъэхэм ащыщэу
ежьыр алъытагъ». Сыда пIомэ сэ къысэхьылIагъэу Тхьэм
игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр къэхъу пэтхэшъ ары.
38 –Зиусхьан, мары сэшхуитIу тиI,– къаIуагъ ахэмэ.
–Ар икъущт,– ариIожьыгъ Исус.

---

22:32 о пшыхэр – зы диным рыкIохэрэр ары.

22:35 шъузыдэсэгъэкIым – еплъ 10:4.

22:37 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 53:12.

### Исус Елеон зыцӀэ Ӏуашъхьэм Тхьэм зэрэщелъэӀугъэр

(Маттэ 26:36–46; Марк 14:32–42)

39 Исус Ерусалим дэкӀи, ихабзэ тетэу Елеон Ӏуашъхьэм
дэкӀоягъ. Игъогу рыкӀохэрэри игъусагъэх. 40 ЗыдэкӀощт
чӀыпӀэм зынэсым, ариӀуагъ:

–ПсэкӀодшӀэным шъудимыхьыхынэу Тхьэм шъуелъэӀу.

41 ЕтӀанэ Исус зы мыжъо дзыгъом фэдизэу ахэмэ ахэ-
кӀи ӀукӀыгъ. ЛъэгонджэмышъхьэкӀэ тӀыси, Тхьэм
елъэӀугъ:

42 –Сэ Сят, уфаемэ мы къин щэчыныгъэм ишъуалъэ сэ
сӀых. Ау сэ сызыфаер мыхъоу, о узыфаер орэхъу.

43 Джащыгъум зы мэлэӀич горэ уашъом къехи, кӀуачӀэ
ригъэгъотыжьынэу къыфэлъэгъуагъ. 44 Исус гумэкӀы-
гъэшхом хэтэу, нахь лъэшэу Тхьэм елъэӀугъ. ИпкӀэнтӀэпс-
хэри лъы ткӀопсхэм афэдэу чӀыгум теткӀощтыгъэх.

45 Тхьэм зелъэӀум ыуж Исус къызэтэджыжьым, игъогу
рыкӀохэрэм адэжь зэкӀом, гумэкӀыгъэшхо зэряӀэм пае,
хэчъыягъэхэу къыгъотыжьыгъэх.

46 –Сыд пае шъучъыера?– ариӀуагъ Исус ахэмэ. –Шъу-
къэтэджи, псэкӀодшӀэным шъудимыхьыхынэу Тхьэм
шъуелъэӀу.

### Исус зэраубытыгъэр

(Маттэ 26:47–56; Марк 14:43–50; Иуан 18:3–12)

47 Исус гущыӀэзэ, игъогу рыкӀорэ нэбгырэ пшӀыкӀутӀум
ащыщэу Иудэ зыцӀэр апэ итэу цӀыф купышхо къэкӀуагъ.
Иудэ Исус ебэунэу къыбгъодэхьагъ.

48 –Иудэ, ЦӀыф Лъэпкъым Ыкъо укъызэребэурэмкӀэ
тетыгъо зиӀэхэм аӀэкӀэогъахьа?– риӀуагъ Исус.

49 Исус игъусэхэм къэхъущтым гу зылъатэм, къаӀуагъ:

–Зиусхьан, сэшхохэмкӀэ тахэона?

50 Исус игъусэхэм ащыщэу зыр дин пэщэшхом иунэӀу-
тым еуи, иджабгъу тхьакӀумэ гуиупкӀыгъ.

51 –Икъун! Ыуж икӀ!– къыӀуагъ Исус. ЕтӀанэ унэӀутым
ытхьакӀумэ теӀаби ыгъэхъужьыгъ.

52 Ащ нэужым Исус ежьыр зыубытынэу къэкӀогъэ дин
пэщэшхохэми, Тхьэм иунэшхо иухъумакӀохэм япащэ-
хэми, нахьыжъхэми ариӀуагъ:

–ХъункIакIо горэ шъуубытыщтым фэдэу, сэшхохэмрэ
умэхэмрэ шъуIыгъхэу шъукъэкIуагъа? [53]Мафэ къэси
Тхьэм иунэшхо сышъухэтыгъ, арышъхьакIэ сышъуубы-
тыгъэп. Ау джы игъо шъуфифагъ, мы сыхьатми шIункIы-
гъэ бзаджэм тетыгъор ие хъугъэ.

## Петрэ Исус ымышIэу къызэриIуагъэр

(Маттэ 26:57–58, 69–75; Марк 14:53–54, 66–72; Иуан 18:15–18, 25–27)

[54]Арэущтэу ахэмэ Исус аубыти, Iуащи, дин пэщэшхом
иунэ ращагъ. Петрэ чыжьэкIэ ауж итэу алъыкIуагъ. [55]Щагу
гузэгум машIор рашIыхьи къызетIысэкIыхэм, Петри ахэ-
тIысхьагъ. [56]Зы унэIут пшъашъэ горэм Петрэ машIом
пэсэу ылъэгъуи, къызеплъыпэм, къыIуагъ:

–Мыри Исус игъусагъ.

[57]–Хьау,– къыIуагъ Петрэ, –ар сшIэрэп, пшъашъ.

[58]Зы тIэкIу тешIагъэу нэмыкI горэми Петрэ къылъэгъуи
къыIуагъ:

–Ори ахэмэ уащыщ.

–Хьау, лIы, сэ ахэмэ сащыщэп, –къыIожьыгъ Петрэ.

[59]Зы сыхьат фэдиз тешIагъэу, етIани зыгорэм теубыта-
гъэу къыIуагъ:

–Щэч хэмылъэу мы лIыри ащ игъусагъ, сыда пIомэ ар
Галилей щыщ.

[60]–Хьау, лIы, а зыфапIорэр сшIэрэп,– къыIожьыгъ
Петрэ. КъэгущыIэзэ, ардэдэм атакъэр къэIуагъ. [61]Зиус-
хьаным зыкъызэригъэзэкIи, Петрэ еплъыгъ. Джащыгъум
Зиусхьаным къыриIогъэгъэ гущыIэхэр Петрэ ыгу къэкIы-
жьыгъэх:

–Непэ атакъэр Iоным ыпэкIэ, сэ сыкъэмышIэу гъогогъуи-
щэ къэпIощт.

[62]Ар ыгу къызэкIыжьым, Петрэ щагум дэкIи, лъэшэу
гъыгъэ.

## УхъумакIохэр Исус зэрэкIэнэкIагъэхэр

(Маттэ 26:67–68; Марк 14:65)

[63]Исус зыухъумэщтыгъэхэр ежьым кIэнакIэщтыгъэх
ыкIи еощтыгъэх.

64 Исус ынэхэр щапхэхи еупчIыгъэх:
–Упегъымбармэ, хэтми къыоуагъэм ыцIэ къаIо!– 65 Къе-
хъонхэзэ, нэмыкI Iаджи къыраIуагъ.

### Исус Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ зэрэращагъэр

(Маттэ 26:59–66; Марк 14:55–64; Иуан 18:19–24)

66 Нэф къызэшъым, цIыфмэ анахьыжъхэри, дин пэщэ-
шхохэри, Тэурат егъэджэкIо пащэхэри къызэIукIэхи,
Тхьэмэтэ Хэсэшхом* ыпашъхьэ Исус ращагъ.
67 –Христосыр орымэ, къытаIу,– къыраIуагъ.
–Сэ къышъуасIомэ, шъушIошъ хъущтэп,– ариIожьыгъ
Исус. 68 –Сэри сышъоупчIымэ, пэгъокI къысэшъутыщтэп
ыкIи сышъутIупщыжьыщтэп. 69 Ау джы щегъэжьагъэу
ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо лъэкIыныгъэшхо зиIэ Тхьэм
иджабгъукIэ госыщт.
70 –Ащыгъум о Тхьэм ури Къоу ара?– къаIуагъ ахэмэ
зэкIэмэ.
–Ары, шъо зэрэшъуIорэм фэдэу арэу сыщыт,–* ариIо-
жьыгъ Исус.
71 –Сыда нэмыкI шыхьат зэрэтищыкIэгъэжьыр?– къаIуагъ
ахэмэ. –Ежь ижэдэкIэу зэхэтхыгъэба?

## ЯТIОКIЫРЭ ЩЫНЭРЭШЪХЬ

### Исус Iэшъхьэтетэу Пилат ыпашъхьэ зэрэращагъэр

(Маттэ 27:1–2, 11–14; Марк 15:1–5; Иуан 18:28–38)

ЕтIанэ хасэм хэт пстэури къэтэджыжьхи, Исус Iэшъхьэ-
тетэу Пилат* ыдэжь ащагъ. 2 Исус агъэмысэу къа-

---

22:66 Тхьэмэтэ Хэсэшхор – дин Iофхэм яхьылIагъэу хьыкум зышIэу, анахь тетыгъо зиIэ хасэу джуртхэм яIагъэр ары. Тхьаматэ нэбгырэ 70–рэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщыгъэх. А хэсэшхом итхьаматэу дин пэщэшхор арыгъэ. Тхьэмэтэ Хэсэшхом загъорэ «СинедрионкIэ» еджэх.

22:70 –Ары, шъо зэрэшъуIорэм фэдэу арэу сыщыт,– е –Шъо шъушъхьэкIэ къэшъоIо, сэ арэу сызэрэщытыр.

23:1 Пилат – еплъ 3:1.

ублагъ, мырэущтэу аIоу:

–Мы лIым тэ тлъэпкъ къыгъэбырсырэу, Кайсарым хьакъулахь ахъщэр раримыгъэтэу, ежьыр Христос* пачъыхьэу зыфиIожьэу тыубытыгъэ.

3 –О джуртхэм уряпачъыхьа?– ыIуи, Пилат Исус къеупчIыгъ.

–Ары, къызэрэпIорэм фэдэу,–* риIожьыгъ Исус.

4 Джащыгъум Пилат дин пэщэшхохэмрэ цIыф купышхохэмрэ ариIуагъ:

–Мы лIыр зи зэрызгъэмысэн езгъотылIэрэп.

5 –Галилей хэкум къыщегъэжьагъэу мыщ дэжьым нэсыфэ, Иудей хэкум зэкIэ тыдэ укIоми, мы лIым цIыфхэм Iофхэу аригъашIэхэрэмкIэ къегъэбырсырых,– аIуи, ахэр ыуж имыкIыжьхэу къаIуагъ.

## Исус пщэу Ирод ыпашъхьэ зэрэращагъэр

6 Пилат Галилей гущыIэр зызэхехым, къэупчIагъ:

–Мы лIыр Галилей щыща?

7 Хэкоу Ирод* зипщым Исус зэрэщыщыр Пилат къызешIэм, Ирод ыдэжь Исус аригъэщагъ, сыда пIомэ а мафэхэм атефэу Ирод Ерусалим къэкIуагъэу щытти ары.

8 Ирод Исус зелъэгъум, лъэшэу гушIуагъэ, сыда пIомэ
Исус игугъу зэхихыгъэти, бэ шIагъэу зэригъэлъэгъумэ
шIоигъуагъэти ары. Исус зы нэшэнэ гъэшIэгъонышхо горэ къыригъэлъэгъунэу гугъэщтыгъэ. 9 Ар Исус бэкIэ
еупчIыгъ, ау Исус зи риIуагъэп. 10 Дин пэщэшхохэу ыкIи
Тэурат егъэджэкIо пащэхэу ащ дэжьым щытхэм Исус лъэшэу агъэмысэщтыгъ. 11 Иродрэ идзэлIхэмрэ агъэпыутэу
Исус дэзекIуагъэх ыкIи кIэнакIэщтыгъэх. ЕтIани Ирод
идзэлIхэм Исус шъошэ фыжькIэ пачъыхьэм фэдэу аригъэфапи, Пилат ыдэжь аригъэщэжьыгъ. 12 А мафэм Иродрэ Пилатрэ ныбджэгъу зэфэхъугъэх. Ащ ыпэкIэ зэпыйщтыгъэх.

---

23:2 Христос – еплъ 2:26.

23:3 –Ары, къызэрэпIорэм фэдэу,– е –О пшъхьэкIэ къэоIо.

23:7 Ирод – еплъ 3:1.

## Исус укI зэрэтыралъхьагъэр
(Маттэ 27:15–26; Марк 15:6–15; Иуан 18:39–19:16)

13 Iэшъхьэтетэу Пилат дин пэщэшхохэри, адрэ тхьа-
матэхэу Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщхэри, цIыфхэри къызэ-
Iуигъакiэхи, 14 ариIуагъ:
–Мы лIым цIыфхэр къыгъэбырсырхэу шъуIуи къысфэ-
шъущагъ. Джы шъо шъуапашъхьэ ащ сыщеупчIыгъ, ау зэ-
рыжъугъэмысэрэмкIэ лажьэ иIэу езгъотылIагъэп. 15 Пщы
Ироди мысэу ылъытагъэп, сыда пIомэ къытфаригъэщэ-
жьыгъ. ЗэрэшъулъэгъурэмкIэ, укI зифэшъошэ Iоф мы
лIым зи ышIагъэп. 16 Арышъ, къамыщкIэ езгъэонхэшъ,
стIупщыжьыщт.
17 Пасхъэ мэфэкI мэфэшхом пае хьапсчIэсхэм ащыщэу
зы нэбгырэ Пилат цIыфхэм шъхьафитэу къафитIупщыжьын
фаеу щытыгъ. 18 ЦIыфхэр зэкIэ къэзэрэгъэкуухэу ау-
благъ:
–Мыр Iущ, Вараввэ шъхьафитэу къытфэтIупщыжь.
19 А Вараввэу зыцIэм къэлэдэсхэр къызэригъэбырсы-
рыгъэхэм паий, цIыф горэ зэриукIыгъэм паий хьапсым
чIадзагъэу щытыгъ.
20 Пщэу Пилат Исус шъхьафитэу ытIупщыжьмэ шIои-
гъуагъэти, цIыфхэм джыри зэ зафигъази адэгущыIагъ.
21 Ау ахэр куо зэпытыгъэх:
–Къащым теIулI! Къащым теIулI!
22 –Сыда мы лIым бзэджагъэу ышIагъэр? УкI зифэшъо-
шэ Iоф зи ышIагъэу езгъотылIагъэп. Арышъ, къамыщкIэ
езгъэонхэшъ, стIупщыжьыщт,– ящэнэрэу ариIуагъ пщы
Пилат ахэмэ.
23 –Къащым теIулI!– аIозэ, мэкъэшхокIэ цIыфхэм зэпа-
мыгъэоу аIощтыгъ. Якуо макъэкIэ зыфаери къадэхъугъ.
24 Арэущтэу цIыфхэр зыфэягъэр Пилат къафишIэнэу
тыриубытагъ. 25 ЦIыфхэр къызэригъэбырсырыгъэхэмрэ
цIыф горэ зэриукIыгъэмрэ апае, хьапсым чIадзэ-
гъэгъэ Вараввэу цIыфхэр зыкIэлъэIугъэр шъхьафитэу
къафитIупщыжьыгъ. Ау Исус зыфаер рашIэн фит-
хэу ахэмэ аIэкIилъхьагъ.

## Исус къащым зэрэтыраIулIагъэр

(Маттэ 27:32–44; Марк 15:21–32; Иуан 19:17–27)

26 Исус къащым тыраIулIэнэу преторием зыращым, Симон
ыцIэу, Киринtermие къалэм* щыщэу зы лIы горэ губгъом къи-
кIыжьызэ IукIагъэх. Ар къаубыти, къащыр ытамэхэм
атыралъхьи, Исус ыуж итэу кIозэ, къащыр ыхьынэу
рагъэзыгъ. 27 ЦIыф купышхо Исус лъыкIощтыгъ. Зы-
бгъэгухэм яожьхэу, Исус зыгъэерэ бзылъфыгъэхэри ахэ-
тыгъэх. 28 Исус ахэмэ зафигъази ариIуагъ:

–Ерусалим ибзылъфыгъэхэр, сэщ пае шъумыгъ, шъо
шъушъхьэ паий, шъуибынхэм апаий шъугъ нахь; 29 сыда
пIомэ «Бзылъфыгъэхэу бын къызхэмыкIыгъэхэри, джы
ри мылъфагъэхэри, быдз езымыгъэшъуагъэхэри сыхьат-
мафэ ежьагъэх», зыщаIощт мафэхэр къэсыщтых. 30 Ащы-
гъум къушъхьэхэм, «Шъукъыттеф!»* Iуашъхьэхэми, «Ты-
къэшъуухъум!» араIоу хъущт. 31 Сыда пIомэ чъыгыр
тIэмыгъэ зыхъукIэ, цIыфхэм мыщ фэдэ Iофхэр зашIэхэ-
кIэ, чъыгыр гъужьыгъэ зыхъукIэ, ащ нахьи нахь
бзэджагъэхэр ашIэщтба?

32 БзэджэшIитIу Исус игъусэхэу къащхэм атыраIулIэнэу
дащыгъэх. 33 «Шъхьэпкъ» зыфаIорэ чIыпIэм зынэсхэм,
ащ дэжьым Исус къащым щытыраIулIагъ. БзэджэшIитIур,
зыр иджабгъукIэ адрэр исэмэгубгъукIэ, Исус игъусэхэу
къащхэм атыраIулIагъэх.

34 –Сэ Сятэ, къафэгъэгъу!– къыIуагъ Исус. –Мы цIыф-
хэм ашIэрэр къагурыIорэп.

ДзэлIхэми пхъэдз ашIызэ, Исус ищыгъынхэр зэфаго-
щыгъэх. 35 ЦIыфхэу ащ дэжьым щытхэр хъурэм еплъы-
щтыгъэх. Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщ тхьаматэхэри Исус
кIэнакIэхэу къаIуагъ:

–НэмыкI цIыфхэр мыкIодхэу къыгъэнэжьыгъэх. Тхьэм
къыхихыгъэ Христос ежьыр арымэ, мыкIодэу зыкъе-
рэгъэнэжь.

36 ДзэлIхэри Исус кIэнакIэхэу къыбгъодахьэхи, сэнэпс
шIоIугъэ къыфащэизэ, 37 къыраIуагъ:

---

23:26 Кириние къалэр – Ливие хэгъэгоу Африкэм итемыр лъэныкъом итым икъэлэшхоу щытыгъ.

23:30 къушъхьэхэм, «Шъукъыттеф!» – еплъ Пегъымбар Осие тхылъэу ытхыгъэм 10:8.

–О джуртхэм уряпачъыхьэмэ, умыкӀодэу зыкъэгъэнэжь.

38 Зы пхъэмбгъу горэм урымыбзэкӀи*, латинабзэкӀи,
джуртыбзэкӀи тетхагъэу, Исус ышъхьагъкӀэ къащым
тыраӀулӀагъэу щытыгъ: «Джуртхэм я Пачъыхьэр мыры».

39 БзэджашӀэхэу ащ дэжьым тыраӀулӀагъэхэм ащыщэу
зыр Исус къехъони къыӀуагъ:

–Орыба Христосыр? Ори тэри тымыкӀодэу тыкъэгъэнэжь!

40 Ау адрэр ащ егыеу къыӀуагъ:

–Тхьэм ущыщынэрэба? Хьыкумэу мы лӀым тырашӀыхьагъэр ори къыптрашӀыхьагъэба?
41 ЗэфагъэкӀэ тэ тагъэпщыныжьы, сыда пӀомэ бзэджагъэу тшӀагъэхэм
яфэшъуашэ тагъэгъотыжьы. Ау мы лӀым мыхъун зи ышӀагъэп.

42 ЕтӀанэ къыӀуагъ: –Исус, уи Тетыгъошхо къызыскӀэ,
угу сыкъэгъэкӀыжь.

43 –Шъыпкъэр осэӀо, непэ джэнэтым ущысигъусэщт,–
ыӀуи, Исус ащ риӀожьыгъ.

## Исус зэрэлӀагъэр

(Маттэ 27:45–56; Марк 15:33–41; Иуан 19:28–30)

44 Щэджагъо хъугъагъэ, а хэгъэгуми тыдэкӀи шӀункӀ
къыщыхъугъ, сыхьатыр щым нэс,
45 сыда пӀомэ тыгъэр
ушӀункӀыгъэти ары. Тхьэм иунэшхо ипэӀухъо тӀоу къызэготхъыгъ.

46 –Сят, спсэ о къыпӀэкӀэсэлъхьэ,–* мэкъэшхокӀэ къыӀуагъ Исус. А гущыӀэхэр къызеӀохэ ужым, ыпсэ ытыгъ.

47 ДзэлӀхэм япащэ хъугъэр зелъэгъум, Тхьэм щытхъу
фишӀи къыӀуагъ:

–Шъыпкъэ дэдэу мы лӀыр шъыпкъагъэ зиӀэ лӀэу щытыгъ.

48 А зэкӀэри зырагъэлъэгъунэу къызэрэугъоигъэ цӀыф
купышхо пстэуми хъугъэр залъэгъум ыуж, абгъэгухэм
яожьхэзэ, яунэхэм кӀожьыгъэх.
49 Исус иныбджэгъу пстэури, бзылъфыгъэхэу ежьым игъусэхэу Галилей къикӀыгъа-

23:38 урымыбзэр – иунаныбзэр ары.

23:46 спсэ къыпӀэкӀэсэлъхьэ – еплъ Сэбур (Псалтыр) 31:6 (урыс библиемкӀэ 30:6).

гъэхэри ахэмэ ахэтхэу, чыжьэкIэ уцугъэхэу мы хъугъэ-
шIагъэхэм яплъыщтыгъэх.

### Исус ихьадэ къэунэм зэрэчIалъхьажьыгъэр
(Маттэ 27:57–61; Марк 15:42–47; Иуан 19:38–42)

50 Юсыф зыцIэу лIы горэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом* итхьа-
матэхэм ащыщыгъ. Ар шъыпкъагъэ зиIэ лIы дэгъоу
щытыгъ. 51 Тхьэмэтэ Хэсэшхом итхьаматэхэм ашIэнэу
аухэсыгъагъэр адиштэгъагъэп. А Юсыф Иудей хэкум
щыщ Аримафей зыцIэ къуаджэм щыщыгъ. Тхьэм и Теты-
гъошхо къэсыным паплъэу щытыгъ. 52 Ар пщэу Пилат
ыдэжь кIуи, Исус ихьадэ кIэлъэIугъ. 53 ЕтIанэ хьадэр къа-
щым къыпихыжьи, чэфын рищэкIи, Iошъхьэ цакIэу акъу-
тагъэм къыхашIыкIыгъэ къэунэу ыпэкIэ цIыф зи зы-
чIамылъхьажьыгъэм чIилъхьажьыгъ. 54 А мафэр бэрэ-
скэшхо мафэу щытыгъ, шэмбэт мафэри къэблэгъагъ.*
55 Бзылъфыгъэхэу Исус игъусэхэу Галилей къикIы-
гъагъэхэр Юсыф игъусэхэу кIохи, къэунэри Юсыф хьадэр
къэунэм зэрэчIилъхьажьырэри алъэгъугъ. 56 ЕтIанэ
унэм къызагъэзэжьым, мэIэшIу зыпихырэ щыфэн дагъэ-
хэмрэ осэшхо зиIэ дагъэхэмрэ агъэхьазырыгъэх. Хабзэм
тетэу етIанэ шэмбэт мафэм загъэпсэфыгъ.

## ЯТIОКIЫРЭ ПЛIЫНЭРЭШЪХЬ

### Исус лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэр
(Маттэ 28:1–10; Марк 16:1–8; Иуан 20:1–10)

Тхьамафэм иапэрэ мафэм нэф къызэшъым, бзылъфы-
гъэхэм осэшхо зиIэхэу, мэIэшIу зыпихырэ щыфэн дагъэ-
хэу агъэхьазырыгъэхэр зыдахьэхи, къэунэм кIуагъэх,
нэмыкI зыгорэхэри ягъусэхэу. 2 Зынэсхэм, мыжъошхор
къэунэм ичIэхьапIэ IугъэукIорэикIыгъэу къагъотыгъ.

---

23:50 Тхьэмэтэ Хэсэшхор – еплъ 22:66.

23:54 къэблэгъагъ – тыгъэр къызыкъуахьэкIэ, мафэр ыублагъ.

[3] Ау къэунэм зычIахьэхэм, Зиусхьанэу Исус ихьадэ
чIагъотыжьыгъэп. [4] Ар зыфахьын амышIэу щытхэзэ,
зэплъэхэм, щыгъын фыжьыбзэкIэ фэпагъэхэу лIитIу
амышIахэу апашъхьэ къиуцуагъэх. [5] Бзылъфыгъэхэр
къэщтагъэхэу ашъхъэхэр чIыгум зырагъэзыххэм, а лIитIу-
мэ къараIуагъ:

–ЛIагъэхэм адэжь псаум сыд пае шъущылъыхъура? [6] Ар
мыщ дэжьым щыIэжьэп, лIагъэхэм къахэтэджыкIы-
жьыгъ. Ар Галилей хэкум щыIэзэ, мырэущтэу къызэ-
рэшъуиIогъагъэр шъугу къэжъугъэкIыжь: [7] «ЦIыф Лъэ-
пкъым Ыкъо* псэкIод зышIэрэ цIыфхэм аIэкIэхьэн фаеу
щыт, къащыми раIулIынышъ, ящэнэрэ мафэм лIагъэхэм
къахэтэджыкIыжьын фаеу щыт».

[8] Ар къызаIом, Исус игущыIэхэр агу къэкIыжьыгъэх.

[9] Бзылъфыгъэхэр къэунэм къычIэкIыжьхи, Исус игъо-
гу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIузымрэ адрэ ягъусэгъэ пстэум-
рэ а зэкIэри араIотэжьыгъ. [10] Апостолхэм* ар языIотагъэ-
хэр мы бзылъфыгъэхэр арыгъэх: Магдалэ къуаджэм щыщ
Мерэми, Иуанни, Якъубэ янэ Мерэми, адрэ бзылъфыгъэ-
хэу ахэмэ ягъусагъэхэри. [11] Ау бзылъфыгъэхэм къаIуагъэ-
хэм зи къарымыкIэу апостолхэм къащыхъугъ, ашIошъи
хъугъэп. [12] Ау Петрэ тэджи, къэунэм чъагъэ. Зыриуфэхи,
къэунэм зычIэплъэм, чэфынхэм анэмыкI зи ылъэгъугъэп.
Хъугъэр ыгъэшIагъоу иунэ ыгъэзэжьыгъ.

## Еммаус къуаджэм кIорэ гъогур

(Марк 16:12–13)

[13] А мэфэ дэдэм Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщхэу нэ-
бгыритIу километрэ пшIыкIузкIэ Ерусалим пэчыжьэу щыт
Еммаус зыцIэ къуаджэм кIощтыгъэх. [14] КIохэзэ, хъу-
гъэ-шIагъэ пстэуми рыгущыIэщтыгъэх. [15] ЗэдэгущыIэ-
хэу зэупчIыжьхэу кIохэзэ, ежь Исус абгъодахьи, ягъусэу
кIуагъэ. [16] Ау ахэмэ анэхэм къащипхъуи, зэрэ-Исусыр
ашIэжьыгъэп.

---

24:7 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ 5:24.

24:10 апостолхэр – еплъ 6:13.

17 –Гъогум шъутетэу сыда шъузэрыгущыIэхэрэр, сыд
пайй шъунэшхъэйра?– ариIуагъ Исус.

18 –Мы мафэхэм Ерусалим къыщыхъугъэ Iофхэр ащ дэс-
хэм ащыщэу зымышIэрэ закъор орыщтын,– ыIуи, ахэмэ
ащыщэу Клеопэ зыцIэм Исус къыриIожьыгъ.

19 –Сыд Iофха?– яупчIыгъ Исус.

–Назарет щыщ Исус къехъулIагъэр ары,– къыраIуагъ
ахэмэ. –Ар Тхьэмрэ цIыф пстэумрэ адэжькIэ игущыIэхэм-
кIи Iофхэу ышIагъэхэмкIи лъэкIыныгъэшхо зиIэ пегъым-
барэу щытыгъ. 20 Дин пэщэшхохэмрэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом
итхьаматэхэмрэ Пилат укI тырырагъэлъхьаным пае, Пилат
ар IэкIагъахьи, къащым тырырагъэIулIагъ. 21 Израил
лъэпкъым шъхьафитныгъэ къезытыщтыр ежьыр арэу тэ
тыщыгугъыщтыгъ. 22 Ащ нэмыкIэу, а зэпстэури зыхъу-
гъэр непэ мэфищ мэхъу, тибзылъфыгъэхэм ащыщхэу зы-
горэхэми къэбар гъэшIэгъон къытфаIотагъ. Ахэр пчэды-
жьым жьэу къэунэм кIуагъэх, 23 ау Исус ихьадэ къагъоты-
жьыгъэп. Къызагъэзэжьым, мэлэIичитIу къафэлъагъуи,
Исус псаоу ахэмэ къараIуагъэу къаIотэжьыгъ. 24 Тэ тщыщ
зыгорэхэр етIанэ къэунэм кIохи, бзылъфыгъэхэм зэраIуа-
гъэм тетэу пстэури къагъотыгъ, ау Исус ышъхьэкIэ алъэ-
гъугъэп.

25 –Сыдэу къыжъугурыIогъуае, пегъымбархэм аIогъэ
пстэури шъушIошъ хъунэу сыдэу къин къышъуфэхъурэ!–
ариIуагъ Исус ахэмэ. 26 –Христос ищытхъушхо иIэ хъу-
ным нэсыфэ, мы къиныгъэхэр ыщэчынхэ фэягъэба?

27 ЕтIанэ Исус пегъымбар Мусэмрэ адрэ пегъымбар
пстэумрэ къащегъэжьагъэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэ пстэу-
ми ежьым ехьылIагъэу арытхэр зэхаригъэшIыкIыгъэх.

28 Къуаджэу зыдэкIощтыгъэхэм игъунэгъу зэхъухэм,
Исус къэмыуцоу блэкIырэм фэдагъ. 29 Ау ахэмэ ар амы-
гъакIоу къагъэуцуи къыраIуагъ:

–Мафэр хэкIотагъ, пчыхьашъхьи мэхъу пэт. Арышъ,
тигъусэу къанэ.

Ар къызаIом, Исус адишти, адэжь къэнагъ.

30 ЕтIанэ Исус ахэмэ ягъусэу шхэнэу Iанэм зыпэтIы-
схьэм, хьалыгъур къыштагъ, Тхьэм щытхъу фишIи, зэ-
гуичи аритыгъ. 31 Джащыгъум анэхэр къэплъэжьхи, зэрэ-
Исусыр къашIэжьыгъ. КъызашIэжьым, Исус кIодыжьи,
анэхэмкIэ алъэгъужьыгъэп.

32 –Гъогум тызытетым, Исус къыддэгущыIэу Тхьэм игу-

щыIэ тхыгъэхэм арытхэр къыдгуригъаIо зэхъум, игущы-
Iэхэмкlэ тызэригъэгушIуагъэм пае, тыгухэр машIом фэ-
дэу къызэкIигъанэщтыгъэба?– зэраIожьыгъ ахэмэ.
33 Ардэдэм ахэр къэтэджыжьхи, Ерусалим агъэзэ-
жьыгъ. Апостол пшIыкIузымрэ адрэ ягъусэхэмрэ зэрэ-
угъоигъэхэу къагъотыгъэх.
34 –Зиусхьаныр шъыпкъэ дэдэу лIагъэхэм къахэтэджы-
кIыжьыгъ, Симони зыкъыригъэлъэгъугъ,– аIуагъ апостол-
хэм. 35 Ежьхэми гъогум къыщахъулIагъэри, Исус хьалы-
гъур зызэгуечым, къызэрашIэжьыгъэри къаIотэжьыгъ.

**Исус игъогу рыкIохэрэм зыкъызэраригъэлъэгъугъэр**

(Маттэ 28:16–20; Марк 16:14–18; Иуан 20:19–23; Апостол. 1:6–8)

36 Ахэмэ мы Iофхэр къаIуатэхэзэ, ежь Исус азыфагу
къиуцуи къариIуагъ:
–Гупсэфыныгъэ шъуиIэу шъопсэу.
37 Ахэр къызэрэщтагъэхэм пае, агучIэ изыгъэу, хьадэ
джадэ алъэгъоу къашIошIыгъ.
38 –Сыд пае шъугумэкIыра?– къариIуагъ Исус. –Сыд
пае шъугу щэч къихьэра? 39 Сэ сIэхэмрэ слъакъохэмрэ
шъукъяплъ. Сэр дэдэр ары. ШъукъыстеIаби, шъуеплъ,
сыда пIомэ хьадэ джадэм шъори, лыри, къупшъхьэри
иIэхэп, сэ сиIэу зэрэшъулъэгъурэм фэдэу.
40 Мы гущыIэхэр къызеIохэм, ыIэхэмрэ ылъакъохэмрэ
аригъэлъэгъугъэх. 41 ГушIуагъом къыхэкIэу ашIошъ мы-
хъоу агъэшIагъо зэхъум, къариIуагъ:
–Мыщ дэжьым шхын горэ шъуиIа?
42 Пцэжъые гъэжъэгъэ ныкъо ратыгъ. 43 Ар къаIихи,
апашъхьэ щишхыгъ.
44 –Сызышъухэтым къышъуасIощтыгъэр мыры: пегъым-
бар Мусэ и Тэурат хабзи, адрэ пегъымбархэм ятхылъ-
хэми, Сэбурыми сэ къысэхьылIагъэу арыт пстэури къысэ-
хъулIэхэзэ, къэшъыпкъэжьынхэ фаех,– къариIуагъ Исус
ахэмэ.
45 ЕтIанэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр зэхаригъэ-
шIыкIыхэзэ, 46 къариIуагъ:
–Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт: Христос къин ыщэ-
чын фаеу щыт, етIани лIэнышъ, ящэнэрэ мафэм лIагъэ-

хэм къахэтэджыкIыжьын фаеу щыт. [47] Ерусалим щегъэ-
жьагъэу дунаем тет лъэпкъ пстэури къыхиубытэу, сэ къы-
сфэлажьэрэ цIыфхэм сэ Христос сцIэкIэ мы къэбарыр
агъэIущт: ШъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожьи, Тхьэм ахэр
къышъуфигъэгъущтых. [48] Шъо а Iоф пстэуми шъуряшы-
хьат. [49] ШъукъэдаIу, сэ Сятэ шъукъызэригъэгугъагъэр*
къышъуфезгъэхыщт. Ау уашъом къикIэу кIуачIэ къышъу-
фехыфэ, къалэу Ерусалим шъукъыдан.

## Исус уашъом зэрэдэкIоежьыгъэр

(Марк 16:19–20; Апостол. 1:9–11)

[50] ЕтIанэ Исус ахэр Ерусалим дищыхи, Вифание къуа-
джэм игъунэгъоу ыщэхи, ыIэхэр къыIэтхи, Тхьэм ынэшIу
къащифэнэу афелъэIугъ. [51] Тхьэм афелъэIузэ ахэкIи,
Тхьэм ар уашъом дищэяжьыгъ. [52] Арэущтэу зэхъум,
ежьым щытхъу фашIэу, лъэгонджэмышъхьэкIэ тIысыгъэх.
ЕтIанэ гушIогъошхом хэтхэу Ерусалим агъэзэжьыгъ.
[53] Тхьэм щытхъу фашIэу, Тхьэм иунэшхо щыIэ зэпы-
тыщтыгъэх. Амин.

---

24:49 Сэ Сятэ шъукъызэригъэгугъагъэр – Тхьэм ЫIпсэ ЛъапI ары. Еплъ Апостол. 1:4–5.



# *КЪЭБАРЫШIУР ИУАН КЪЫЗЭРИIОТАГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### ГущыIэр цIыфэу зэрэхъугъэр

УблапIэм ыдэжь ГущыIэр* щыIагъ. Ар Тхьэм ыдэжь
щыIагъ, а ГущыIэри Тхьэу арыгъэ. 2 УблапIэм щегъэжьа-
гъэу а ГущыIэр Тхьэм ыдэжь щыIагъ.
3 Тхьэм а ГущыIэм зэкIэри къыригъэгъэхъугъ. Тхьэм
къыгъэхъугъэ пстэумэ ащыщэу а ГущыIэм къыримы-
гъэгъэхъугъэ зи щыIэп. 4 МыкIодыжьын щыIэныгъэ а
ГущыIэм хэлъыгъ, а щыIэныгъэри цIыфхэм нэфынэ
афэхъугъ. 5 Нэфынэр шIункIыгъэм щэнэфы, шIункIыгъэ-
ри нэфынэм текIуагъэп.
6 Тхьэм къыгъэкIуагъэу, зы лIы горэ дунаем къыте-
хьагъ. Ащ ыцIагъэр Иуан. 7 ЦIыф пстэуми а нэфынэмкIэ

---

1:1 ГущыIэр – Тхьэм илъэкIыныгъэшхоу щыIэ пстэури къэзыгъэхъоу, цIыфхэр мыкIодхэу къэзыгъэнэжьырэри Тхьэм изэхэшIыкIыныгъэшхори а ГущыIэм хэлъых. А ГущыIэр цIыфэу хъугъэ, ар Христосыр ары.

шIошъхъуныгъэ яIэ хъуным пае, Иуан нэфынэм шыхьат
фэхъунэу шыхьатэу къэкIуагъ. 8 Ежьыр арэп нэфынагъэр,
ау нэфынэм шыхьат фэхъунэу Тхьэм ар къыгъэкIуагъ.
9 Нэфынэ шъыпкъэу цIыф пстэури къэзыгъэнэфырэр ду-
наем къытехьанэу щытыгъ.

10 А ГущыIэр дунаем къытехьагъ. Тхьэм а ГущыIэм ду-
наер зэкIэ къыригъэгъэхъугъ, ау щытми дунаем ицIыф-
хэм ар къашIэжьыгъэп. 11 Ежь ихэгъэгу къэкIуагъ, ау
ицIыфхэм* ежьыр аштагъэп. 12 Ау ежьыр зэкIэ зыштэгъэ
цIыфхэу ежьымкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр Тхьэм ибын
хъунхэу фитыныгъэ аритыгъ. 13 Ахэр Тхьэм ибын зэрэ-
хъугъэ шIыкIэр быныр къызэрыхъурэ шIыкIэм фэдэп. Ащ
къикIырэр ахэр Тхьэм ибын зэрэхъугъэхэр зы хъулъ-
фыгъэ зы бзылъфыгъэм зэрехъуапсэрэм фэдэп, е зы
лIы горэ бын зэрэфаем фэдэп, ау Тхьэм бын фэхъу-
ныр къызхэкIыгъэр Тхьэр ары.

14 А ГущыIэр цIыфэу хъугъэ ыкIи къытхэтыгъ. Ежьым
ищытхъушхуи тлъэгъугъэ. А щытхъушхор Ты лъапIэм
Ыкъо закъо ищытхъушху ары. НэшIу щыфэныгъэрэ шъы-
пкъагъэрэ ежьым ыгу илъыгъэх.

15 Иуан ежьым шыхьат фэхъугъ. МэкъэшхокIэ мырэу-
щтэу ыIуагъ:

–Мары зыфэсIуагъэр, «Сэ саужкIэ къэкIощтыр сэщ
нахьи нахь ин, сыда пIомэ сэ сыкъэхъуным ыпэкIэ, ар
щыIагъ».

16 Ежьым ишIугъэшхо щыщэу зы нэшIу щыфэныгъэр
адрэ нэшIу щыфэныгъэм къыкIэлъыкIоу къыднигъэ-
сыгъ. 17 Сыда пIомэ Тэурат хабзэр Тхьэм иунашъокIэ
къытфэзыгъэнагъэр пегъымбар Мусэ ары, ау нэшIу щы-
фэныгъэмрэ шъыпкъагъэмрэ къызпкъырыкIыгъэр Исус
Христос ары. 18 Тхьэр егъашIэми нэкIэ зыми ылъэ-
гъугъэп. Къо закъоу Ты лъапIэм ыдэжь щыIэм Тхьэр
зыфэдэр къытфигъэнэфагъ.

1:11 ихэгъэгу . . . ицIыфхэр – Израил хэгъэгури Израил цIыфхэри ары.

## УмэхъэкІо Иуан ишыхьатныгъ

(Маттэ 3:1–12; Марк 1:2–8; Лука 3:15–17)

19 Иуан Исус шыхьат зэрэфэхъугъэр мыры; Ерусалим
щыщ джуртхэм дин пащэхэри левитхэри* Иуан еупчІын-
хэу ыдэжь агъэкІуагъэх.
–Ухэта, о?– аІуи къызеупчІыхэм, 20 Иуан шъыпкъэр
ымыушъэфэу, нафэу къыІуагъ:
–Сэрэп Христосыр*.
21 –Адэ, ухэта о?– къеупчІыжьыгъэх ахэр. – Пегъымбар
Иляс* ора?
–Хьау,– ыІуагъ Иуан.
–Пегъымбарыр* ора?– къеупчІыжьыгъэх.
–Хьау,– ыІуагъ.
22 –Ухэта о, адэ?– къыраІуагъ. –ТыкъэзыгъэкІуагъэмэ
пэгъокІ яттыжьынэу къытаІу. Сыда о зэпІолІэжьырэр?
23 –Пегъымбар Исайас* мырэущтэу зыфиІогъэ макъэр
сэры: «Зиусхьаным игъогу занкІэу шъушІы, ыІозэ, шъоф
нэкІым зы джэ макъэ горэ къыщэІу»,– къыІуагъ Иуан.
24 А лІыкІохэр фарисейхэмэ* ащыщыгъэх. Ахэр Иуан
къеупчІыгъэх:
25 –Христос орымырмэ, Иляс орымырмэ, пегъым-

---

1:19 Левитхэр – Левый зыщІэ дин пэщэ унэгъо лъэпкъым щыщхэу Тхьэм иунэшхо щылажьэщтыгъэхэр ары.

1:20 Христос – Мессихьыр ары. Пачъыхьэ Даутэ ылъэпкъ къытехъукІыгъэу, пегъымбархэм къызэраІуагъэм тетэу, Израил цІыфхэм шъхьафитныгъэмрэ мамыр тетыгъомрэ аригъэгъотынхэу Тхьэм ахэр къызэригъэгугъэгъэ пщы лъапІэр ары.

1:21 пегъымбар Иляс – ар чІылъэм къыгъэзэжьынышъ, Христос игъогу фигъэпсынэу джуртхэр паплъэхэу щытыгъэх. Еплъ Пегъымбар Малахие тхылъэу ытхыгъэм 4:5–6.

1:21 пегъымбарыр – Христосыр дунаем къызэрэкІощтымкІэ цІыфхэм макъэ аригъэІунэу къэлъэгъон фэягъэ пегъымбарыр ары.

1:23 пегъымбар Исайас – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 40:3.

1:24 фарисейхэр – джуртхэм ащыщхэу диным рыкІорэ цІыф купэу щытыгъэх. Ахэр Тэурат хабзэм итхэмрэ ятэжъхэм къакІэныжьыгъэ хабзэхэмрэ агу етыгъэу апылъхэу щытыгъэх.

барыри орымырмэ, сыд пае ащыгъум цIыфхэр уумэхъы-
хэра*?
26 –Сэ псымкIэ цIыфхэр сэумэхъых,– ариIуагъ Иуан.
–Ау шъумышIэрэ горэ къышъухэт. 27 Ежьыр ары сауж-
кIэ къэкIощтыр. Ежьыр сэщ нахьи нахь ин. Ащ ицо-
къэлъэпсхэр фэстIэтэнхэуи сифэшъуашэп.
28 Ар зэкIэ зыщыхъугъэр Вифание къуаджэр ары, Иор-
дан псыхъом иадрабгъоу Иуан цIыфхэр зыщиумэхъы-
щтыгъэхэр.

## Тхьэм икъурмэныпхъэ шъынэр

29 ЯтIонэрэ мафэм Иуан Исус къакIоу зелъэгъум, къы-
Iуагъ:
–Мары Тхьэм икъурмэныпхъэ шъынэу дунаем ицIыфхэм
япсэкIодхэр атезыхыжьырэр. 30 Мары зыфэсIуагъэр: «ЛIэу
саужкIэ къэкIощтыр сэщ нахьи нахь ин, сыда пIомэ сэ сы-
къэхъуным ыпэкIэ ар щыIагъ». 31 Ар сэ сшIэщтыгъэп, ау
сэ цIыфхэр псымкIэ сыумэхъынхэу сыкъызкIэкIуагъэр ар
хэтми зыщыщыр Израил цIыфмэ язгъэшIэныр ары.
32 ЕтIанэ Иуан Исус шыхьат фэхъузэ къыIуагъ:
–Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэр тхьаркъом фэдэу уашъом къехи,
Исус къыфехи, къызэрэшъхьащытыр слъэгъугъ. 33 Ежьыр
сэ сшIэщтыгъэп, ау цIыфхэр псымкIэ сыумэ-
хъынхэу сыкъэзыгъэкIуагъэм къысиIуагъ: «Тхьэм Ыпсэ
ЛъапIэ къызфехэу, къызшъхьащыт цIыфыр ары Тхьэм
Ыпсэ ЛъапIэкIэ цIыфхэр зыумэхъыщтыр». 34 Арэущтэу
зэрэхъугъэр сэ слъэгъугъэ, ежьыр Тхьэм зэри–Къори
къэсэушыхьаты.

---

1:25 умэхъыныр – «ШъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожьи, зысэжъугъэ-
умэхъ, Тхьэм ахэр къышъуфигъэгъунхэм пае», ыIоти умэхъэкIо Иуан
(Яхья) цIыфхэр псым чIигъаощтыгъэх (ыумэхъыщтыгъэх). Еплъ
Марк 1:4. Исус уашъом зыдэкIоежьыгъэм къыщегъэжьагъэу, цIыф-
хэм диным ехьылIагъэу тетыгъо зиIэ цIыф горэм зырагъэумэхъы
– а цIыфым ахэр псым чIегъаох е псы тIэкIу ашъхьэхэм атыреутхэ.
Арэущтэу ИсускIэ шIошъхъуныгъэ яIэ зэрэхъугъэр къагъэлъагъо. Ащ
нэмыкIэуи Исус лIи, лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэм пае, япсэ-
кIодхэр къафэгъугъэхэу, мыкIодыжьын щыIэныгъэ яIэ зэрэхъугъэми
шыхьат фэхъух.

## Апэрэ лIыхэу Исус игъогу техьагъэхэр

35 ЯтIонэрэ мафэм Иуан игъогу рыкIорэ нэбгыритIу
игъусэхэу а чIыпIэм щыIагъ. 36 Ащ дэжьым Иуан Исус
зелъэгъум, къыIуагъ:

–Мары Тхьэм икъурмэныпхъэ шъынэр.

37 Иуан игъогу рыкIорэ нэбгыритIум ащ ар къыIоу
зызэхахым, Исус ыуж ихьагъэх. 38 Исус зыкъызэригъэзэ-
кIи, ахэр ежьым ыуж къихьагъэхэу зелъэгъум, ариIуагъ:

–Сыда шъузыфаер?

–Равви, тыдэ ущыпсэура?– къыраIожьыгъ ахэмэ. (Рав-
вим къикIырэр «Дин ГъэсакIор» ары.)

39 –ШъукъакIуи, шъулъэгъущт,– ариIуагъ Исус.

Арэущтэу ахэр къакIохи, Исус зыщыпсэурэр алъэ-
гъугъ, а мафэми Исус ыдэжь къэнагъэх. Сыхьатыр
плIым дэжьыгъ.*

40 Иуан Исус ехьылIагъэу ыIуагъэхэр зэхэзыхыгъэхэу,
Исус ыуж ихьэгъэ нэбгыритIумэ язырэр Симон Петрэ ышы
Индрыс арыгъэ.

41 Индрыс ыпэ рапшIэу ыш Симон къыгъоти риIуагъ:

–Мессихьыр къэдгъотыгъ. (Мессихьым къикIырэр
«Христос» ары.)

42 ЕтIанэ Индрыс Исус ыдэжь Симон къыщагъ. Исус
Симон зелъэгъум, къыриIуагъ:

–О у Симонэу Иуанэ урикъу. КифэкIэ къыоджэщтых
(Кифэм къикIырэр «Мыжъор» ары).

## Исус игъогу рыкIонхэу Филиппрэ Нафанаилрэ зэряджагъэр

43 ЯтIонэрэ мафэм Исус Джалил хэкум кIонэу тыри-
убытагъ. ЕтIанэ Исус Филипп IукIи риIуагъ:

–Сауж къырыкIу.

44 А Филипп Индрысрэ Петрэрэ зыщыщ Вифсайдэ
къалэм* щыщыгъ. 45 Филипп кIуи, Нафанаил къыгъоти
риIуагъ:

---

1:39 сыхьатыр плIым дэжьыгъ – гущыIэ-гущыIэу зэбдзэкIымэ, «япшIэнэрэ сыхьатыр» мэхъу. Ащ къикIырэр щэджагъоужыр сыхьатыр плIыр ары.

1:44 Вифсайдэ къалэр – Галилей псыхъураем итемыр тыгъэ къыкъокIыпIэ Iушъо Iутыгъ.

–Тэурат хабзэм итэу, пегъымбар Муси, адрэ пегъымбархэми зигугъу къашIыгъэр къэдгъотыгъ. Ар Юсыф ыкъоу Назарет къалэм* щыщ Исус ары.

46 –Назарет шIугъэ зыхэлъ горэ къыдэкIына?– къыриIожьыгъ Нафанаил.

–КъакIуи еплъ,– риIожьыгъ Филипп.

47 Исус Нафанаил къакIоу зелъэгъум, ащ ехьылIагъэу ыIуагъ:

–Мыр Израил лIы шъыпкъэу тхьагъэпцIыгъэ зи зыхэмылъыр ары.

48 –Тыдэ сыщыпшIэра?– ыIуи, Нафанаил Исус къыриIуагъ.

–Филипп къыоджэным ыпэкIэ, ынджыр чъыгым ычIэгъ учIэтэу услъэгъугъ,– риIожьыгъ Исус.

49 –Равви, о Тхьэм ури Къу, Израил урипачъыхь, – къыриIожьыгъ Нафанаил.

50 –Ынджыр чъыгым ычIэгъ учIэтэу услъэгъугъ, къызэрэосIуагъэм пае, пшIошъ хъугъэ,– риIуагъ Исус. –Ащ нахьи нахь гъэшIэгъонхэр плъэгъущтых.

51 ЕтIанэ Исус Нафанаил риIуагъ:

–Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, уашъор зэIухыгъэу, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо* ышъхьагъкIэ мэлэIичхэр* дэкIуаехэуи къехыхэуи шъулъэгъущт.

---

1:45 Назарет къалэр – Галилей псыхъураем икъыблэ цыпэм километрэ 26–кIэ пэчыжьэу, итыгъэ къохьэпIэ лъэныкъокIэ щыт.

1:51 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – «ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо фэдэу уашъом иошъуапщэхэм ахэтэу зыгорэ къехыгъ», пегъымбар Данил къыIогъэгъэ гущыIэхэр Исус ежь ышъхьэ пае ыIожьыгъэх. ЦIыф Лъэпкъым Ыкъоу зиунэ уашъом щыIэу, уашъом къехыгъэр Исус ары (Иуан 3:13). Гъощагъэхэм алъыхъузэ, мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэм пае, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къэкIуагъ (Лука 19:10). ЦIыфыбэмэ апае шъхьэщэфыжьэу ыпсэ ытыным пае, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къэкIуагъ (Марк 10:45). ЛIагъэхэм къахэтэджыкIыжьын фэягъ (Маттэ 17:9). Ежь Ятэ ищытхъушхо иIэу, дунаем ицIыфхэм хьыкум атыришIыхьаным пае, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо дунаем къэкIожьыщт (Маттэ 25:31).

1:51 мэлэIичхэр дэкIуаехэуи къехыхэуи – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 28:12.

# ЯТІОНЭРЭШЪХЬ

## Канэ къуаджэм нысащэу щыІагъэр

Ящэнэрэ мафэм Галилей хэкум* щыщэу Канэ къуаджэм*
нысащэ щыІагъ. Исус янэ а нысащэм щыІагъ. [2]Исуси
игъогу рыкІохэрэри а нысащэм рагъэблэгъагъэхэу щытыгъэх.

[3]Сэнэпсыр заухым, янэ Исус риІуагъ:

–Сэнэпс яІэжьэп.

[4]–О бзылъфыгъ, сыда сэ сиІофэу ащ хэлъыр? Сэ
сигъо къэсыгъэгоп,– къыриІожьыгъ Исус янэ.

[5]–Исус сыд къышъуиІоми, жъугъэцакІэ, – ариІуагъ
Исус янэ унэІутхэм.

[6]А чІыпІэм мыжъом хэшІыкІыгъэ къошыних Іутыгъэх,
джуртхэм ядин хабзэ тетэу загъэкъэбзэжьыным пае.
Къошын пэпчъ литрэ тІокІиплІ–шъэрэ тІокІырэ
фэдиз ифэщтыгъ.

[7]–Къошынхэм псы арызэу арыжъугъахъу, – ариІуагъ
Исус унэІутхэм. Арэущтэу ахэмэ къошынхэм арызыбзэу
рагъэхъуагъ. [8]Исус етІанэ ариІуагъ:

–Къошынхэм тІэкІу–тІэкІу къахэшъухи, хьатыякІом
фэшъухь.

Арэущтэуи ашІыгъ. [9]ХьатыякІор псэу сэнэпс хъугъэм
еІубыгъ. Сэнэпсыр къыздикІыгъэр ышІагъэп, ау унэІутхэу а псыр къошынхэм къахэзыхыгъэхэм ашІэщтыгъ.
Арэущтэу хьатыякІор шъаом къеджи, [10]риІуагъ:

–Ыпэ рапшІэу сэнэпс дэгъур Іанэм къытырагъэуцо.
ХьакІэхэр бэу зешъохэ ужым, сэнэпс нахь пыутыр Іанэм
къытырагъэуцожьы, ау о сэнэпс дэгъур джы нэс щыбгъэтыгъ.

[11]Исус инэшэнэ гъэшІэгъонышхохэм ащыщхэм апэрэр
мыр арыгъэ. А нэшэнэ гъэшІэгъонышхор Галилей хэкум
щыщэу Канэ къуаджэм щигъэлъэгъуагъ. Арэущтэу ищы-

---

2:1 Галилей хэкур – Израил хэгъэгум итемыр лъэныкъом ит. Архелай ышэу Ирод Антипэ зыцІэр а хэкум ипщэу щытыгъ.

2:1 Канэ къуаджэр – Назарет къалэм километрихкІэ пэчыжьэу, итемыр лъэныкъокІэ щыт.

тхъушхо къыгъэнэфагъ, игъогу рыкIохэрэм ежьымкIэ
шIошъхъуныгъэу яIэри нахь пытэ хъугъэ.
[12] Ащ нэуж яни, ышхэри, игъогу рыкIохэрэри игъусэ-
хэу Исус Капернаум къалэм* къехыгъ. Ащ дэжьым мэфэ
заулэрэ щыIагъэх.

## Исус щэн–щэфакIохэр Тхьэм иунэшхо къызэрэчIифыгъэхэр

(Маттэ 21:12–13; Марк 11:15–17; Лука 19:45–46)

[13] Джуртхэм ямэфэкI мэфэшхоу Пасхъэ зыцIэр* къэ-
блэгъагъ, Исуси Ерусалим дэкIоягъ. [14] Тхьэм иунэшхо
чIэхьагъ. ЗычIахьэм, цухэр, мэлхэр, тхьаркъохэр зы-
щэхэрэри* Iанэхэм апэсхэу ахъщэр зыхъожьхэрэри* ащ
дэжьым чIилъэгъуагъэх. [15] Джащыгъум къамыщ кIа-
псэм къыхишIыкIи, яозэ, Тхьэм иунэшхо чIэт пстэу-
ри, цухэри мэлхэри ягъусэхэу, къычIифыгъэх. Ахъщэ
зыхъожьхэрэми яIанэхэр зэпыригъэзагъэх, яахъщэхэри
ритэкъухьагъэх.
[16] –Мыхэр Iушъухых, Сятэ иунэ бэдзэр шъумышIы, –
ариIуагъ Исус тхьаркъохэр зыщэхэрэм.
[17] Арэущтэу зэхъум, «О уиунэ сызэрэфэгумэкIырэм си-
гъэлIэщт», зыфиIорэ гущыIэхэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэ-
хэм зэрарытхэр* Исус игъогу рыкIохэрэмэ агу къэкIы-
жьыгъ.

---

2:12 Капернаум къалэр – Галилей псыхъураем итемыр тыгъэ къохьэпIэ Iушъом Iут.

2:13 МэфэкI мэфэшхоу Пасхъэ зыцIэр – Пасхъэ зыцIэ мэфэкI мэфэшхомрэ Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхохэмрэ зэдагъэлъапIэхэзэ, Тхьэм Мысырым (Египет) къызэрэригъэкIыжьыгъагъэхэр джуртхэм агъэлъапIэ. Пасхъэ мэфэкI мэфэшхор Нисан зыцIэ мазэм и 14–м тефэ (яплIэнэрэ мазэм иапэрэ мафэ пэгъунэгъу). Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхохэр Нисани 15–22 мафэхэм къакIоцI агъэлъапIэх. А мафэхэм тэджэпс тхьацум халъхьэрэп.

2:14 цухэр, мэлхэр, тхьаркъохэр зыщэхэрэр – ахэмэ къурмэныпхъэ былымхэр Тхьэм иунэшхо ищагу щащэщтыгъэх.

2:14 ахъщэ зыхъожьхэрэр – Тхьэм иунэшхо пае хьакъулахь ахъщэр зытырэхэми къурмэныпхъэ былымхэр къэзыщэфыхэрэми апае ахэмэ хымэ ахъщэхэр ахъожьыщтыгъэх.

2:17 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытхэр – еплъ Сэбур (Псалтыр) 69:9 (урыс библиемкIэ 68:10).

18 Джащыгъум джуртхэм Исус къыраIожьыгъ:
–Мыр пшIэнэу фитыныгъэ зэрэуиIэмкIэ сыд фэдэ нэшэнэ гъэшIэгъонышхо тэбгъэлъэгъуна?
19 –Мы тхьэунэр зэхэшъукъути, сэ мэфищкIэ зэтезгъэуцожьыщт, – пэгъокI аритыжьыгъ Исус ахэмэ.
20 –Мы тхьэунэр илъэс тIокIитIурэ хырэкIэ зэтырагъэуцуагъ,– къаIуагъ джуртхэм. –О мэфищкIэ зэтебгъэуцожьышъущта?
21 Ау Исус тхьэунэу зыфиIуагъэр ежьым ыпкъ арыгъэ.
22 Исус лIагъэхэм къызахэтэджыкIыжьым ыуж, игъогу рыкIохэрэм а гущыIэхэу къыIогъагъэхэр агу къэкIыжьхи, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэмкIи Исус гущыIэхэу къыIуагъэхэмкIи шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.

### ЦIыф пстэуми агухэм арылъыр Исус ешIэ

23 Пасхъэ мэфэкI мэфэшхом Ерусалим Исус щыIэзэ,
нэшэнэ гъэшIэгъонышхохэу къыгъэлъэгъуагъэхэр алъэгъугъэхэти, цIыфыбэмэ ежьымкIэ шIошъхъуныгъэ яIэ
хъугъэ. 24 Ау Исус цIыфхэм цыхьэ афишIыгъэп, сыда
пIомэ ахэр зэкIэ ышIэщтыгъэхэти ары. 25 Зыгорэ цIыфхэм яхьылIагъэу шыхьат къыфэхъунэу Исус ищыкIагъэп, сыда пIомэ, цIыфхэм агухэм арылъыр ышIэщтыгъэти ары.

## ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

### ИкIэрыкIэу шъукъалъфыжьын фае

Никодим ыцIэу, фарисейхэм ащыщэу зы лIы горэ щыIагъ. Ар джурт тхьаматэхэм ащыщыгъ. 2 Ар Исус ыдэжь
чэщым къакIуи къыриIуагъ:
–Равви*, о Тхьэм ыдэжь къикIыгъэ дин гъэсакIоу узэрэщытыр тэшIэ; сыда пIомэ Тхьэр уигъусэу щымытмэ,

3:2 Равви – дин гъэсакIор ары.

нэшэнэ гъэшIэгъонышхохэу о къэбгъэлъагъохэрэр зыми къыгъэлъэгъон ылъэкIыщтэп.
[3] –Шъыпкъэ дэдэр осэIо, зы цIыф горэ икIэрыкIэу къамылъфыжьмэ, Тхьэм и Тетыгъошхо* ылъэгъун ылъэкIыщтэп,– риIожьыгъ Исус.
[4] –ЦIыфыр жъы хъумэ, сыдэущтэу къалъфыжьынэу хъущта?– къыриIожьыгъ Никодим. –Ежь янэ ыныбэ ихьажьынышъ, икIэрыкIэу къалъфыжьыщта?
[5] –Шъыпкъэ дэдэр осэIо,– пэгъокI ытыжьыгъ Исус, –псымрэ Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэрэ къахэкIэу цIыфыр икIэрыкIэу къамылъфыжьмэ, Тхьэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэхьан ылъэкIыщтэп.
[6] ЦIыфым къыфэхъурэр цIыфы, ау цIыфэу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ къыхэкIырэр Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ зыгу илъ цIыфыр ары.
[7] «ИкIэрыкIэу шъукъалъфыжьын фае», сIуи къызэрэосIуагъэр умыгъэшIагъо.
[8] Жьыбгъэр ежьыр зыфаемкIэ щепщэ. Ымакъэ зэхэохы, арышъхьакIэ къыздикIырэри зыдакIорэри пшIэрэп. Джары хэтрэ цIыфэу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ къыхэкIыгъэм иIоф зытетыр.
[9] –Ар сыдэущтэу хъура? – къеупчIыгъ Никодим Исус.
[10] –О Израил дин гъэсакIохэм уащыщ, ар умышIэу ара?– пэгъокI ритыжьыгъ Исус.
[11] –Шъыпкъэ дэдэр осэIо, тэ тшIэрэр ары тызэрыгущыIэрэр, тлъэгъугъэри ары шыхьат тызфэхъурэр, ау щытми, тэ тишыхьатныгъэ шъо жъудэрэп.
[12] Мы дунаем иIофхэм ягугъу къышъуфэсшIыгъ, ау шъо шъушIошъ хъугъэп. Уашъом иIофхэм ягугъу къышъуфэсшIымэ, сыдэущтэу шъушIошъ хъуна?
[13] ЦIыф зи уашъом дэкIоягъэп, ау ЦIыф Лъэпкъым Ыкъоу зиунэ уашъом щыIэр уашъом къехыгъ.
[14] Пегъымбар Мусэ* шъоф нэкIым блэр зэрэщиIэтыгъагъэм фэдэу, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъуи цIыфхэм къаIэтын фае,*

3:3 Тхьэм и Тетыгъошхо – Тхьэм мы дунаеми, мы дунаем ицIыфхэми тетыгъошхоуи лъэкIыныгъэшхоуи афыриIэр ары. Инджылыр Тхьэм и Тетыгъошхо зытегущыIэкIэ, зыфиIорэр загъорэ мы уахътэм Тхьэм тетыгъошхоу иIэр ары, загъори къэкIощт уахътэм тетыгъошхоу иIэщтыр ары, загъори Тхьэм ыдэжь мыкIодыжьын щыIэныгъэ щыIуиIэныр ары.

3:14 Пегъымбар Мусэ – еплъ Пегъымбар Мусэ яплIэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 21:4–9.

3:14 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъуи цIыфхэм къаIэтын фае – а гущыIэхэмкIэ Исус къыригъэкIыгъэр ежьыр къащым зэрэраIулIыщтри Тхьэм ыдэжь зэрэдэкIоежьыщтри ары. ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо Исус ары. Еплъ 1:51.

[15] ежьымкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ пстэуми мыкIодыжьын
щыIэныгъэ яIэ хъуным пае.
[16] –Сыда пIомэ Тхьэм дунаем ицIыфхэр ащ фэдизэу
шIу зэрилъэгъугъэхэм къыхэкIэу, ежь Ыкъо закъор
ытыгъ, хэти Тхьэм ЫкъокIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр мыкIо-
дэу къэнэжьыным ыкIи мыкIодыжьын щыIэныгъэ иIэ
хъуным пае.
[17] Тхьэм дунаем ицIыфхэр ыгъэмысэнхэр арэп ежь Ыкъо
дунаем къызфигъэкIуагъэр, ау Ыкъо дунаем ицIыфхэр мы-
кIодхэу къыригъэгъэнэжьынхэр ары нахь. [18] Тхьэм ежь
ЫкъокIэ хэти шIошъхъуныгъэ зиIэр ыгъэмысэщтэп, ау
хэти шIошъхъуныгъэ зимыIэр Тхьэм ыгъэмысэгъах, Ыкъо
закъомкIэ шIошъхъуныгъэ иIэ зэрэмыхъугъэм пае.
[19] Тхьэм цIыфхэр зыкIигъэмысэхэрэр мыры: Нэфынэр
дунаем къытехьагъ, ау цIыфхэм нэфынэм нахьи шIун-
кIыгъэр нахьышIу алъэгъугъ, сыда пIомэ Iофхэу ашIа-
гъэхэр бзэджагъэхэшъ ары. [20] Хэти бзэджагъэр зыгъэца-
кIэрэм нэфынэр еуджэгъу, Iофхэу ышIагъэхэри нафэ
къэмыхъунхэм пае, нэфынэм екIуалIэрэп. [21] Ау хэтми шъы-
пкъагъэр зыгъэцакIэрэр нэфынэм екIуалIэ, Iофхэу ышIа-
гъэхэр Тхьэр ыгу зэрилъым пае, зэригъэцэкIагъэхэр на-
фэ къэхъуным пае.

## УмэхъэкIо Иуан Исус зэрэтегущыIагъэр

[22] Ащ нэужым Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ Иудей
хэкум* кIуагъэх. Ахэмэ ягъусэу Исус а чIыпIэм къани,
цIыфхэр щиумэхъыщтыгъэх. [23] Къуаджэу Салим зыцIэм
пэгъунэгъу Енон зыцIэ чIыпIэу псы зыщыбагъэм Иуани
цIыфхэр щиумэхъыщтыгъэх. Ахэр Иуан ыдэжь къакIо-
хэти, зырагъэумэхъыщтыгъ. [24] А лъэхъанэм Иуан хьа-
псым чIадзагъэу* щытыгъэгоп. [25] Иуан игъогу рыкIохэ-
рэм ащыщхэмрэ зы джурт горэмрэ диным тетэу зызэрэ-
бгъэкъэбзэжьыщт IофымкIэ зэнэкъокъухэу фежьагъэх.
[26] Игъогу рыкIохэрэр Иуан ыдэжь къакIохи къыраIуагъ:
–Равви, еплъ Иордан псыхъом иадрабгъу о узигъусагъэ
лIэу шыхьат узыфэхъугъэм цIыфхэр еумэхъых, цIыф-
хэри зэкIэ ащ ыдэжь къэкIох.

3:22 Иудей хэкур – Израил хэгъэгум ихэкухэм ащыщыгъ.

3:24 хьапсым чIадзагъэу – еплъ Марк 6:17–18.

[27]–Тхьэм римыгъэлъэкIымэ, зыми зи ышIэн ылъэкIы-
щтэп,– къыIожьыгъ Иуан. [28]–«Христосыр сэрэп, ау
Христос ыпэ Тхьэм сыкъигъэкIуагъ», сIуи зэрэсIуа-
гъэмкIэ шъо шъусишыхьат. [29]Нысэр зиер шъаор ары.
Ау шъаом игъусэу ащ дэжьым щытэу, шъаом ымакъэ
зэхэзыхырэр щэгушIукIы. А гушIуагъоу икъугъэр сэ
сигушIуагъоуи хъугъэ. [30]Ежьыр нахь ин хъун фае, сэри
нахь цIыкIоу сыхъун фае.

## Уашъом къехырэр

[31]ЫпшъэкIэ къехырэр зэкIэмэ апшъэ щыI. Ау чIылъэм
щыщыр чIылъэм ий, чIылъэм щыщхэр зэрэгущыIэхэрэм
фэдэу мэгущыIэ. Уашъом къехырэр зэкIэмэ апшъэ щыI.
[32]Ащ Iофхэу ылъэгъугъэхэмрэ зэхихыгъэхэмрэ къеушы-
хьатыжьых, ау ащ ишыхьатныгъэ зыми ыдэрэп. [33]Ау ащ
ишыхьатныгъэ зыдагъэм Тхьэр зэрэшъыпкъэр ыдагъэу
мэхъу. [34]Сыда пIомэ Тхьэм къыгъэкIуагъэм Тхьэм игу-
щыIэхэр ары къыIохэрэр. А цIыфым ыгу Тхьэм ежь
Ыпсэ ЛъапIэ гъунэ имыIэу къырелъхьэ. [35]Ты лъапIэм
ежь Ыкъо шIу елъэгъу, зэпстэури ыIэ къырилъхьагъ.
[36]Тхьэм ЫкъокIэ шIошъхъуныгъэ зиIэм мыкIодыжьын
щыIэныгъэ иIэ хъугъэ, ау Ыкъо емыдэIурэм мыкIоды-
жьын щыIэныгъэ ылъэгъущтэп, Тхьэм игубж телъыщт
нахь.

# ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

## Исус Самарие бзылъфыгъэм зэрэдэгущыIагъэр

Иуан игъогу рыкIохэрэм анахьи Исус игъогу рыкIохэрэр
нахьыбэ хъухэу, Исус ахэр зэриумэхъыщтыгъэхэм икъэ-
бар фарисейхэм зэранэсыгъэр Исус къышIагъ. [2](Ау ахэр
зыумэхъыщтыгъэхэр Исус игъогу рыкIохэрэр арыгъэ,
ежь Исус арыгъэп.) [3]А къэбарыр Исус зызэхехым, Иудей
хэкум икIи, Галилей хэкум кIожьыгъэ.

[4] Арэущтэу Самарие хэкум* кIоцIырыкIын фаеу хъугъэ.
[5] Исус кIозэ, Самарие хэкум щыщ къалэу Сихар зыцIэм
нэсыгъ; а къалэр Якъубэ ыкъо Юсыф ритыгъэгъэ чIыгу
Iахьэм* пэгъунэгъугъ. [6] А чIыпIэм Якъубэ ипсынэ щытыгъ. Исус гъогууанэм ыгъэпшъыгъэти, псынэм ыдэжь тIысыгъэ. Сыхьатыр пшIыкIутIум дэжьыгъ.*

[7] Исус псынэм дэжь щысэу Самарие бзылъфыгъэ горэ псыхьэ къэкIуагъ.

–Псы тIэкIу сегъашъу,– ыIуи, Исус а бзылъфыгъэм
риIуагъ. [8] Джащыгъум Исус игъогу рыкIохэрэм гъомылэ къащэфынэу къалэм кIогъагъэх.

[9] –О джуртэу ущыт, сэ Самарие бзылъфыгъэу сыщыт,– къыриIуагъ Самарие бзылъфыгъэм Исус. –Сыдэущтэу псы уезгъэшъонэу укъысэлъэIушъура?– (Арэущтэу зыкIиIуагъэр джуртхэмрэ Самарие цIыфхэмрэ зэхахьэу щытыгъэхэпти ары.)

[10] –Тхьэм итын зыфэдэри, «Псы тIэкIу сегъашъу», о къыозыIорэр хэт зыщыщыри пшIэщтыгъэмэ, о ащ уелъэIущтыгъ, ащи о щыIэныгъэ къыозытыщт псым уригъашъощтыгъ,– пэгъокI ритыжьыгъ Исус.

[11] –Тхьаматэ,– къыриIожьыгъ бзылъфыгъэм, –псынэр куу, о псы къызэрипхыни уиIэп. Ащыгъум а псэу щыIэныгъэ къысэзытыщтыр тыда къыздипхыщтыр?
[12] Тятэжъышхоу Якъубэ ары мы псынэр къытфэзыгъэнагъэр.
Ежьыри ыкъохэри мы псым ешъощтыгъэх, ибылымхэри ригъашъощтыгъэх. Ащ нахьи унахь ина о?

[13] –Мы псым хэт ешъоми, псыфалIэ лIэжьыщт,– пэгъокI ритыжьыгъ Исус.
[14] –Ау сэ псэу естырэм ешъорэр
ныбжьи псыфалIэ лIэжьыщтэп. Сэ псэу естырэр цIыфым ыгу илъэу, псы къызэрычъ зэпытырэ псынэ фэхъужьыщт; а псыми мыкIодыжьын щыIэныгъэ иIэ ыгъэхъущт.

[15] –Тхьаматэ,– къыриIуагъ бзылъфыгъэм, –псыфалIи сымылIэжьынэу, псыхьи сыкъэмыкIожьынэу а псым щыщ къысэт.

---

4:4 Самарие хэкур – Иудей хэкумрэ Галилей хэкумрэ азыфагу дэлъ хэкур арыгъэ. Джуртхэмрэ Самарие цIыфхэмрэ яхабзэхэри ядинхэри зэрэзэфэшъхьафхэм пае, зэпыищтыгъэх.

4:5 чIыгу Iахьэр – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 48:22.

4:6 сыхьатыр пшIыкIутIум дэжьыгъ – гущыIэ-гущыIэу зэбдзэкIымэ, «яхэнэрэ сыхьатыр» мэхъу. Ащ къикIырэр щэджагъор ары.

[16] –КIуи, уилI къеджи, къэкIожь,– риIуагъ Исус.

[17] –Сэ лIы сиIэп,– къыриIожьыгъ бзылъфыгъэм.

–Тэрэз,– риIуагъ Исус бзылъфыгъэм. –ЛIы зэрэуимы-
Iэр шъыпкъэу къэпIуагъ. [18] ЛIитф уиIагъ, джы уиIэри о
уилIэу щытэп. А къэпIуагъэр шъыпкъэ.

[19] –Тхьаматэ, узэрэпегъымбар горэр къэсшIагъ,– къыри-
Iожьыгъ бзылъфыгъэм. [20] –Тэ тятэжъхэр мы Iуашъхьэм
Тхьэм щелъэIущтыгъэх, ау шъо джуртхэм шъоIо, Еру-
салим арэу Тхьэм узыщелъэIун фаер.

[21] –О бзылъфыгъ,– риIуагъ Исус, –пшIошъ гъэхъу, мы
Iуашъхьэми Ерусалими Ты лъапIэм шъузыщемылъэIун
мафэ къэкIощт. [22] Шъо Самарие цIыфхэм Тхьэу шъузэ-
лъэIурэр шъушIэрэп, ау тэ Тхьэу тызэлъэIурэр тэшIэ,
сыда пIомэ мы дунаем ицIыфхэр мыкIодхэу къэзыгъэ-
нэжьырэр джуртхэм ащыщ.

[23] Исус етIанэ ыIуагъ:

–Ты лъапIэм шъыпкъэу елъэIухэрэр агу етыгъэу,
шъыпкъагъэкIэ зыщелъэIурэ мафэр къэсыщт ыкIи къэ-
сыгъ. Ащ фэдэу елъэIухэрэр ары Ты лъапIэм икIасэхэр.
[24] Тхьэр псэ, ащ елъэIухэрэри Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ илъэ-
кIыныгъэкIи шъыпкъагъэкIи елъэIунхэ фае.

[25] –Мессихьэу ХристоскIэ заджэхэрэр къызэрэкIощтыр
сэшIэ,– къыриIожьыгъ бзылъфыгъэм. –Ар къызыкIо-
кIэ, Iоф пстэури къыдгуригъэIощт.

[26] –А зыфапIорэр сэры, джы къыбдэгущыIэрэр ары,–
риIуагъ Исус.

[27] Джащыгъум Исус игъогу рыкIохэрэр къэкIожьыгъэх.
Исус бзылъфыгъэ горэм дэгущыIэу залъэгъум агъэшIэ-
гъуагъ, арышъхьакIэ «Сыда узыфаер», е «Сыда ащ узкIы-
дэгущыIэрэр?» ыIоу, ахэмэ ащыщэу зыми къыIуагъэп.

[28] ЕтIанэ бзылъфыгъэм ипсы къошын къыгъани, къа-
лэм кIожьи, цIыфхэм ариIуагъ:

[29] –ШъукъакIу, модэ лIы горэм сэ сшIэгъэ пстэури
къысиIожьыгъ. Христосыр ары шъуIуа?

[30] Ахэр къалэм къыдэкIыхи, Исус ыдэжь къэкIуагъэх.

[31] Ахэр джыри къэмысыхэзэ, игъогу рыкIохэрэр
Исус къелъэIугъэх:

–Равви, шхэ.

[32] Ау Исус ариIуагъ:

–Шъо шъумышIэрэ шхын сиI.

33 Ащ къыхэкIэу игъогу рыкIохэрэм, –Зыгорэм шхын къыфихьыгъ шъуIуа?– аIуи, зыр адрэм еупчIыжьыгъ.

34 –Сэ сишхын сыкъэзыгъэкIуагъэр зыфаер згъэцэкIэнри, ащ иIоф сыухынри ары,– ариIуагъ Исус ахэмэ.
35 –Джыри мэзиплIкIэ хыныгъор къэсыщт, арыба шъуIорэр? Ау сэ шъосэIо, шъунапIэхэр къэшъуIэтхи, губгъо хьасэхэм шъуяплъ! Лэжьыгъэхэр ягъо къэхъуи, яхыныгъо къэсыгъ. 36 Джы лэжьыгъэр къэзыхыжьырэм ифэшъошэ Iахьэ егъотыжьы, джы мыкIодыжьын щыIэныгъэм пае лэжьыгъэр къехыжьы. Арэущтэу чылапхъэр зыпхъырэри лэжьыгъэр къэзыхыжьырэри зэдэгушIощтых.
37 Арэущтэу, «Зым чылапхъэр епхъы, адрэм лэжьыгъэр къехыжьы», зыфаIорэ гущыIэр шъыпкъэ хъугъэ. 38 Шъо шъуздэмыулэугъэ лэжьыгъэр къэшъухыжьынэу шъузгъэкIуагъ. А лэжьыгъэм нэмыкIхэр дэулэугъэх, шъо ахэмэ яIофи шъухэхьагъ.

39 А къалэм дэсхэу Самарие цIыфыбэми ИсускIэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ, а бзылъфыгъэр Исус шыхьат фэхъоу, «Сэ сшIэгъэ пстэури къысиIуагъ», зэриIуагъэм пае.
40 Арэущтэу Самарие цIыфхэр Исус ыдэжь къызэкIохэм, адэжь тIэкIурэ щыIэнэу Исус къелъэIугъэх. КъызелъэIухэм, Исус ахэмэ адэжь мэфитIукIэ къэнагъ. 41 Исус игущыIэхэр зызэхаххэм, ежьымкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъэхэр нахьи нахьыбэ хъугъэх.

42 –Джы о къэпIуагъэхэм язакъоу арэп шIошъхъуныгъэ тиIэ зыгъэхъугъэхэр,– раIуагъ ахэмэ бзылъфыгъэм. –Ау тэ ттхьакIумэхэмкIэ ежьым къыIохэрэр зэхэтхыгъ, дунаем ицIыфхэр мыкIодхэу къэзыгъэнэжьырэри шъыпкъэмкIэ ежьыр арэу зэрэщытыр къэтшIагъ.

## Исус пачъыхьэм фэлажьэрэ Iэшъхьэтетым ыкъо зэригъэхъужьыгъэр

(Маттэ 8:5–13; Лука 7:1–10)

43 А мэфитIум ыуж Исус а чIыпIэм икIи, Галилей хэкум кIуагъэ; 44 сыда пIомэ пегъымбарым янэ икъалэ дэсхэм лъытэныгъэ зэрэфамышIырэр ежь Исус къыушыхьатыгъагъ. 45 ЕтIанэ Галилей хэкум Исус къызэкIом, ащ ис цIыфхэм къырагъэблэгъагъ, сыда пIомэ мэфэкI мэфэшхом ахэр Ерусалим щыIагъэхэти, а мафэхэм Исус ащ дэжьым щишIэгъэ пстэури алъэгъугъагъэх.

46 Джарэущтэу Галилей хэкум щыщэу Канэ зыцӀэ къуа-
джэм Исус джыри къэкӀожьыгъ. А къуаджэр ары псыр
сэнэпс зыщишӀыгъагъэр. Пачъыхьэм фэлажьэрэ Ӏэшъ-
хьэтет* горэ Капернаум къалэм дэсыгъ. Ащ ыкъо сыма-
джэу щылъыгъ. 47 Исус Иудеим къикӀи, Галилей къы-
зэрэкӀуагъэр а Ӏэшъхьэтетым зызэхехым, Исус ыдэжь
къэкӀуагъ.

–КъыздакӀуи, сэ скъо сымаджэу лӀэныгъэм нэсыгъэр
сфэгъэхъужь,– ыӀуи къелъэӀугъ.

48 –Нэшэнэ гъэшӀэгъоныщхохэмрэ Ӏофышхо гъэшӀэ-
гъонхэмрэ шъумылъэгъухэмэ, шӀошъхъуныгъэ шъуиӀэ
хъущтэп,– риӀуагъ Исус.

49 –Тхьаматэ, сэ скъо мылӀэ рапшӀэу къакӀуи, ыдэжь ех,–
ыӀуи, пачъыхьэм фэлажьэрэ Ӏэшъхьэтетым Исус къыри-
Ӏожьыгъ.

50 –КӀожь, пкъо псэущт,– риӀуагъ Исус.

Исус риӀогъэ гущыӀэхэр а лӀым ышӀошъ хъуи кӀожьы-
гъэ. 51 Ӏэшъхьэтетыр гъогум тетэу зэкӀожьым, иунэӀутхэр
къыпэгъокӀыхи къыраӀуагъ:

–Пкъо псау.

52 –Сыхьатыр тхьапшым ыдэжь хъужьынэу къызиубла-
гъэр?– ыӀуи яупчӀыгъ.

–Тыгъуасэ щэджэгъоужым сыхьатыр зым дэжь* плъы-
рстырыр хэкӀыжьыгъ,– къыраӀожьыгъ ахэмэ.

53 Ар къызаӀом, кӀалэм ятэ къышӀагъ плъырстырыр
ыкъо зыхэкӀыжьыгъэр, «Пкъо псэущт», Исус къызщыри-
Ӏогъэгъэ сыхьат дэдэр ары. Джащыгъум ежьыми зэрэуна-
гъоуи шӀошъхъуныгъэ яӀэ хъугъэ.

54 Исус Иудеим къикӀи, Галилей къызэкӀом, джары
ятӀонэрэ нэшэнэ гъэшӀэгъонышхоу къыгъэлъэгъуагъэр.

---

4:46 Пачъыхьэм фэлажьэрэ Ӏэшъхьэтет – зыфэлажьэщтыгъэр Ирод Антипэу Галилей хэкумрэ Перей хэкумрэ япщ ары.

4:52 сыхьатыр зым дэжь – гущыӀэ-гущыӀэу зэбдзэкӀымэ, «яблэнэрэ сыхьатыр» мэхъу. Ащ къикӀырэр щэджэгъоужым сыхьатыр зыр ары.

# ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

## Псыхъурэе зыгъэпскIыпIэм дэжь Исус лIы горэ зэрэщигъэхъужьыгъэр

Ащ нэужым джурт мэфэкI мэфэшхо щыIагъ, Исуси
Ерусалим къэкIуагъ. 2 Ерусалим Мэл Къэлапчъэ зыцIэм
ыдэжь псыхъурэе зыгъэпскIыпIэ горэ, джуртыбзэкIэ
Вифездэ ыцIэу, дэт. Шъхьэ зытелъ пкъэу къэлэпчъыитф а
зыгъэпскIыпIэм иI. 3 А чIыпIэм сымаджэ Iаджи чIэлъы-
гъэх, нэшъуи, лъащи, зыIэпкъ–лъэпкъ узым зэкIиубы-
тагъи. Ахэр псым зыкъигъэхъыеным ежэщтыгъэх; 4 сыда
пIомэ Зиусхьаным имэлэIич загъорэ а зыгъэпскIыпIэм
хахьэти, псыр къыгъэхъыещтыгъ. Псыр къызыхъыекIэ,
апэу ащ хэхьагъэр сыд уз иIэми хъужьыщтыгъ. 5 Илъэс
щэкIырэ ирэ сымаджэу щытыгъэ лIы горэ а сымаджэхэм
ахэлъыгъ. 6 Исус ар щылъэу зелъэгъум, бэшIагъэу сымэ-
джагъэу ешIэти, еупчIыгъ:

–Ухъужьынэу уфая?

7 –Тхьаматэ,– къыриIожьыгъ сымаджэм, –псыр зыхъые-
кIэ, зыгъэпскIыпIэм сыхэзыгъэхьан гъусэ сиIэп. Сэ
сыкIо къэс, сапэ нэмыкI горэ псым хахьэ.

8 –Къэтэдж, уипIуаблэ къашти къэкIухь,– риIуагъ Исус.

9 Исус ар къызэреIоу, а лIыр хъужьыгъэ. ИпIуаблэ
къыштэжьи къыкIухьагъ.

Ар къызыхъугъэр шэмбэт мэфагъ*. 10 Арыти, джуртмэ
а лIэу хъужьыгъэм раIуагъ:

–Непэ шэмбэт маф, хабзэкIэ уипIуаблэ пштэжьыныр
хъущтэп.

11 –Сэ сызыгъэхъужьыгъэм «УипIуаблэ къашти къэ-
кIухь», ыIуи къысиIуагъ,– къариIожьыгъ а лIым ахэмэ.

12 –«УипIуаблэ къашти къэкIухь», къыозыIуагъэр хэт
щыщ?– аIуи еупчIыгъэх.

13 Ау лIэу хъужьыгъэм зыгъэхъужьыгъэр зыщы-
щыр ышIэщтыгъэп; сыда пIомэ а чIыпIэм цIыф купы-
шхо щыIагъэти, Исус IукIыжьыгъагъ.

---

5:9 шэмбэт мафэр – джуртхэм ямэфэ лъапI ары. А мафэм хэти Iоф ышIэн фитэп.

[14] Ащ нэужым Исус а лIым Тхьэм иунэшхо щыIукIи
риIуагъ:

–Джы дэгъоу ухъужьыгъ. Нахь Iае къыомыхъулIэным
пае, псэкIод умышIэжь.

[15] А лIыр IукIыжьи, джуртмэ адэжь кIуи, зыгъэхъу-
жьыгъэр зэрэ–Исусыр ариIотэжьыгъ. [16] Шэмбэт мафэм ащ
фэдэ Iофхэр зэришIэхэрэм пае, джуртхэм Исус къин
къырагъэщэчэу аублагъ, аукIынэуи ыуж къихьагъэх.

[17] –Джы къызынэсыгъэм сэ Сятэ Iоф ешIэ, сэри Iоф сэ-
шIэ,– ариIуагъ Исус ахэмэ.

[18] Ащ пае джуртхэм Исус аукIынэу нахьи нахь лъэшэу
ыуж итыгъэх. ЫIуж зыкIитыгъэхэр шэмбэт мафэм яхабзэ-
кIэ мыхъущтыр Исус зэришIагъэм имызакъоу, Тхьэм
зыфигъадэу, Тхьэр ежь Ятэу зэриIуагъэри ары.

## Къо лъапIэм тетыгъоу иIэр

[19] –Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо,– ариIуагъ Исус ахэмэ,
–ежь–ежьырэу Къо лъапIэм зи ыгъэцэкIэн ылъэкIыщтэп;
Ты лъапIэм ыгъэцакIэу ылъэгъурэм нэмыкI зи ыгъэцэ-
кIэн ылъэкIыщтэп. Ты лъапIэм сыд ыгъэцакIэми, Ыкъуи
ар егъэцакIэ. [20] Сыда пIомэ Ты лъапIэм ежь Ыкъо шIу
елъэгъу. Ежьым ыгъэцакIэрэ пстэури Ыкъо къырегъэ-
лъэгъу, жъугъэшIэгъоным паий, мы Iофхэм анахьи нахь
Iофышхохэр Ыкъо ригъэлъэгъущтых. [21] Арэущтэу лIагъэ-
хэр Ты лъапIэм къыгъэтэджыжьхэзэ къызэригъэпсэужьхэ-
рэм фэдэу, Ыкъуи ежь зыфэе цIыфхэр къегъэпсэужьых.
[22] Ты лъапIэм зыми хьыкум тыришIыхьарэп, ау хьыкум
шIын Iоф пстэури Ыкъо къыфигъэзагъ, [23] цIыф пстэуми
Ты лъапIэм лъытэныгъэ зэрэфашIырэм фэдэу, Ыкъуи
лъытэныгъэ фашIыным пае. Ыкъо лъытэныгъэ фэзымы-
шIырэм Ты лъапIэу ар къэзыгъэкIуагъэми лъытэныгъэ
фимышIэу мэхъу.

[24] –Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, сэ сигущыIэхэм ядэIоу,
сыкъэзыгъэкIуагъэмкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ хъурэм мы-
кIодыжьын щыIэныгъэ иIэ хъугъэ. Тхьэм ар ыгъэмысэ-
щтэп, ау ар лIэныгъэм IэкIэкIыжьи, щыIэныгъэм IэкIэ-
хьагъ. [25] Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, лIагъэмэ Тхьэм Ыкъо
ымакъэ зэхахынышъ, ежьым едэIухэрэм щыIэныгъэ зы-
щагъотыщт мафэр къэкIощт ыкIи къэкIогъах. [26] Сыда

пӀомэ Ты лъапӀэм цӀыфхэм щыӀэныгъэ зэраритырэм фэ-
дэу, ежь Ыкъуи цӀыфхэм щыӀэныгъэ аритынэу тетыгъо
къыритыгъ. [27] Сэ ЦӀыф Лъэпкъым Ыкъоу* сызэрэщытым
пае, цӀыфхэм хьыкум атесшӀыхьанэу Ты лъапӀэм тетыгъо
къыситыгъ.

[28] –Ар шъумыгъэшӀагъо, сыда пӀомэ къэхэмэ ачӀэлъ
пстэуми Тхьэм Ыкъо ымакъэ зэхахынышъ, къэхэм къы-
зщычӀэкӀыжьыщт мафэр къэкӀощт. [29] ШӀу зышӀагъэхэр
псэунхэу къэтэджыжьыщтых, е зышӀагъэхэми ямысагъэ
фэшъуашэу агъотыжьынэу къэтэджыжьыщтых. [30] Сэр–сэ-
рэу зи сшӀэн слъэкӀыщтэп, ау Тхьэм къыӀоу зэрэзэхэсхы-
рэм фэдэу, цӀыфмэ хьыкум атесэшӀыхьэ; хьыкумэу сэ
атесшӀыхьарэри зафэ, сыда пӀомэ сэ сызыфаем ыуж си-
мытэу, сэ сыкъэзыгъэкӀуагъэр зыфаер згъэцэкӀэным ыуж
сит.

## Шыхьатхэу Исус фэхъухэрэр

[31] –Сэр–сэрэу шыхьат сызфэхъужьмэ, сишыхьатныгъэ
хъунэу щытэп, [32] ау нэмыкӀ горэ шыхьат къысфэхъунэу
щыӀ. Ащ сэ къысэхьылӀагъэу къыушыхьатырэр зэрэ-
шъыпкъэр сэшӀэ.

[33] –Шъо лӀыкӀохэр Иуан фэжъугъэкӀуагъэх, ежьыри
шъыпкъагъэм шыхьат фэхъугъ. [34] Зы цӀыф горэ шыхьат
къысфэхъунэу сищыкӀагъэп, ау шъо шъумыкӀодэу Тхьэм
шъукъигъэнэжьыным пае, ар къэсэӀо. [35] Иуан остыгъэу
къэнэфырэм фэдагъ. Ащ инэфынэ тӀэкӀурэ шъурыгушӀо-
нэу шъуфэягъ.

[36] –Иуан шыхьатныгъэу къысфишӀыгъэм нахьи нахь
шыхьэтныгъэшхо сиӀ. Сэ згъэцэкӀэн фэе Ӏофхэу Ты лъа-
пӀэм спшъэ къырилъхьагъэхэр сэгъэцакӀэх. А Ӏофхэр
ары Ты лъапӀэм сыкъызэригъэкӀуагъэмкӀэ шыхьат къы-
сфэхъухэрэр. [37] Ты лъапӀэу сэ сыкъэзыгъэкӀуагъэр ежь
ышъхьэкӀэ шыхьат къысфэхъугъ. Ащ ымакъэ егъашӀэми
зэхэшъухыгъэп, ынапи шъулъэгъугъэп. [38] Ащ сыкъызэ-
ригъэкӀуагъэмкӀэ шӀошъхъуныгъэ зэрэшъуимыӀэм пае,
ащ игущыӀэхэр шъугухэм арылъ зэпытхэп. [39] Тхьэм игу-
щыӀэ тхыгъэхэм мыкӀодыжьын щыӀэныгъэ ахэжъугъо-
тэн шъуӀоу, лъэшэу шъуахэплъэ. Ахэр ары шыхьат

5:27 ЦӀыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ 1:51.

къысфэхъухэрэр. 40 Ау щытми, а щыІэныгъэр шъуиІэ
хъуным пае, садэжь шъукъэкІонэу шъуфаеп.
41 –ЦІыфхэр къысщытхъунхэу ыуж ситэп. 42 Ау шъо
шъусэшІэ: Тхьэм ишІулъэгъуныгъэ шъо шъугухэм ары-
лъэп. 43 Сэ Сятэ ыцІэкІэ сэ сыкъэкІуагъ, ау шъо сыжъу-
дэрэп; ау нэмыкІ горэ ежь ыцІэкІэ къакІомэ, ар жъудэщт.
44 Тхьэ закъом ыдэжь къикІырэ щытхъум ыуж шъуимы-
тэу, зыр адрэм шъущытхъоу шъущытмэ, сыдэущтэу
шІошъхъуныгъэ шъуиІэ хъуна?
45 –Ты лъапІэм ыпашъхьэ шъущызгъэмысэнкІэ шъумы-
гугъ. Шъо шъузыгъэмысэщтыр пегъымбар Мусэу шъузы-
щыгугъырэр ары. 46 МусэкІэ шІошъхъуныгъэ шъуиІагъэ-
мэ, сэркІи шІошъхъуныгъэ шъуиІэщтыгъ, сыда пІомэ
Мусэ зигугъу ышІыгъэр сэры. 47 Ащ ытхыгъэхэр шъу-
шІошъ зымыхъукІэ, сэ сІохэрэр сыдэущтэу шъушІошъы
хъуных?

## ЯХЭНЭРЭШЪХЬ

### Исус нэбгырэ минитф зэригъэшхагъэр

(Маттэ 14:13–21; Марк 6:30–44; Лука 9:10–17)

Ащ нэуж Галилей зыцІэ псыхъураем* (Тивериадэ зыцІэ
псыхъураер ары) Исус къуашъомкІэ* зэпырыкІыжьыгъ.
2 Сымаджэхэр ыгъэхъужьхэзэ, нэшэнэ гъэшІэгъонышхо-
хэу Исус къыгъэлъэгъуагъэхэр зэралъэгъугъэхэм пае,
цІыф купышхо ыуж итэу кІощтыгъ. 3 Исус Іуашъхьэм дэ-
кІоягъ, ащ дэжьыми тетІысхьагъ, игъогу рыкІохэрэр
игъусэхэу. 4 Джуртмэ ямэфэкІ мэфэшхоу Пасхъэ зыцІэр*
къэблэгъагъ.
5 Исус ынапІэхэр къыІэтхи, цІыфыбэхэр ыдэжь къакІо-
хэу зелъэгъум, игъогу рыкІохэрэм язэу Филипп зыцІэм
риІуагъ:

---

6:1 Галилей зыцІэ псыхъураер – Галилей хэкум ит псыхъурай. ИкІы-хьагъэ километрэ 21–рэ мэхъу, инахь шъомбгъуапІэр километрэ 13 мэхъу.

6:1 къуашъо – арапыбзэкІэ «къарибыр», тыркубзэкІи «сандал» зыфаІорэр ары.

6:4 Джуртхэм ямэфэкІ мэфэшхоу Пасхъэ зыцІэр – еплъ 2:13.

–Мы цIыфхэм ядгъэшхынэу хьалыгъу тыдэ къыщытщэфыщта?
[6] Исус ар зыкIиIуагъэр Филипп ыгъэунэфынэу ары; сыда
пIомэ ежьым ышIэн фаер ышIэщтыгъ.
[7] –Хэти тIэкIу ышхынэу динар* шъитIур хьалыгъу
уасэ афырикъущтэп,– ыIуи, Филипп Исус пэгъокI къыритыжьыгъ.
[8] Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщэу Симон Петрэ ышэу
Индрыс зыщIэм къыIуагъ:
[9] –Хьэ хьалыгъуитфырэ* пцэжъыитIурэ зыIыгъырэ кIэлэ
цIыкIу горэ къытхэт, ау мыщ фэдиз цIыфмэ ар сыдэущтэу афырикъуна?
[10] –ЦIыфхэр ежъугъэтIысэхых,– къыIуагъ Исус. А чIыпIэм уцыбэ щыIагъ. Арэущтэу лIыхэу зипчъагъэ минитф
фэдиз хъущтыгъэхэр етIысэхыгъэх. [11] ЕтIанэ Исус хьалыгъухэр къыштэхи, Тхьэм щытхъу фишIи, игъогу рыкIохэрэм аритыгъ. Ахэми цIыфхэу щысхэм афагощыгъ, пцэжъыехэми ащыщэу хэти зыфаем фэдизэу аратыгъ.
[12] ЗызагъэшхэкIыжьым, Исус игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ:
–Зи хэмыкIодыкIыным пае, къялыжьыгъэ хьалыгъу такъырхэр шъуугъоижьых.
[13] Арэущтэу ахэр аугъоижьыгъэх, хьэ хьалыгъуитфым
щыщэу шхагъэмэ къялыжьыгъэ такъырхэр мэтэ пшIыкIутIу арызэу аугъоижьыгъ.
[14] Нэшэнэ гъэшIэгъонышхоу Исус къыгъэлъэгъуагъэр
цIыфмэ залъэгъум, аIуагъ:
–Дунаем къэкIон фае пегъымбарыр* шъыпкъэу мырын фаеба?
[15] Ау цIыфхэр къэкIонхэшъ, ежьыр аубытынышъ, лIыгъэкIэ пачъыхьэ ашIынэу агу зэрэхэлъыр Исус ешIэти,
IукIыжьи, изакъоу Iуашъхьэм дэкIоежьыгъ.

---

6:7 динар – а уахътэм ар лэжьакIом имэфапкIэщтыгъ.

6:9 хьэ хьалыгъу – ар «арпэм» хэшIыкIыгъ.

6:14 пегъымбарыр – еплъ 1:21.

## Исус псы кIыIум тетэу зэрэкIуагъэр

(Маттэ 14:22–27; Марк 6:45–52)

[16] Пчыхьэр къызэсым, Исус игъогу рыкIохэрэр псыIу-
шъом ехыгъэх. [17] Ащ дэжьым къуашъом итIысхьэхи, псы-
хъураем зэпырыкIхэу КапернаумкIэ ежьагъэх. Мэзахэ
хъугъэхагъ, ау Исус ахэмэ адэжь джыри къэкIожьыгъа-
гъэгоп. [18] Псыхъураер ыгъэуалъэу жьыбгъэшхо къепщэ-
щтыгъ. [19] Стадие* тIокIырэ тфырэ–щэкI фэдиз къуашъор
зафым ыуж, псы кIыIум тетэу Исус къакIоу, къуашъом
пэгъунэгъоу къэхъоу алъэгъугъ. Ар залъэгъум, къэщта-
гъэх. [20] Ау Исус къариIуагъ:

–Сэры ар, шъумыщын!

[21] Джащыгъум Исус къуашъом къырагъэтIысхьанэу
фэягъэх, ардэдэми къуашъор зыдэкIощтыгъэ псыIушъом
нэсыгъ.

## Исусэу цIыфхэм щыIэныгъэ язытырэ хьалыгъур

[22] ЯтIонэрэ мафэм цIыф купышхоу псыхъураем иадра-
бгъу щытхэм Исус игъогу рыкIохэрэр зэрытIысхьэгъэгъэ
къуашъом нэмыкI къуашъо горэ ащ дэжьым Iутэу зэрэ-
щымытыгъагъэм гу лъатагъ. Исус а къуашъом игъогу
рыкIохэрэм адимытIысхьэгъагъэу, язакъоу ахэр зэрэIу-
кIыгъагъэхэми гу лъатагъ. [23] ЕтIанэ Зиусхьан Исус Тхьэм
щытхъу зыфешIым ыуж, цIыфмэ хьалыгъухэр зыщашхы-
гъэгъэ чIыпIэм пэгъунэгъоу, Тивериадэ къалэм* къикIы-
гъэхэу, нэмыкIрэ къуашъохэр къыIухьагъэх. [24] А цIыф
купышхом Исуси игъогу рыкIохэрэри а чIыпIэм щымыIэ-
жьхэу залъэгъум, ежьхэр къуашъохэм арытIысхьэхи, Исус
лъыхъухэу Капернаум къалэм* кIуагъэх.

[25] Исус псыхъураем иадрабгъу щыIэу къызагъотым,
къыраIуагъ:

–Равви, сыдигъо мыщ укъэкIуагъа?

[26] –Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо,– ариIуагъ Исус ахэмэ,

---

6:19 стадие – метр 192–рэ мэхъу.

6:23 Тивериадэ къалэр – Галилей псыхъураем итыгъэ къохьэпIэ Iушъом Iут.

6:24 Капернаум къалэр – еплъ 2:12.

–шъо нэшэнэ гъэшIэгъонышхохэр зэрэшъулъэгъугъэхэр
арэп шъукъызкIыслъыхъурэр, хьалыгъухэм ащыщ шъу-
шхи, зыжъугъэшхэкIыгъэти ары нахь. [27] Шхынэу кIоды-
рэм ыужы шъуимыт, шхынэу мыкIодэу цIыфмэ мыкIоды-
жьын щыIэныгъэ яIэ зыгъэхъурэм ыужы шъуит нахь. А
шхыныр ары ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къышъуитыщтыр;
сыда пIомэ Тхьэу Ты лъапIэм ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо
зэридэрэм имыхъур къытырилъхьагъ.

[28] Джащыгъум Исус къеупчIыгъэх:

–Адэ, Тхьэр зыфэе Iофхэр дгъэцэкIэнхэм пае, тэ сыда
тшIэн фаер?

[29] –Тхьэм къыгъэкIуагъэмкIэ шIошъхъуныгъэ шъуиIэ-
ныр ары Тхьэр зыфэе Iофыр,– ариIуагъ Исус ахэмэ.

[30] –Сыд фэдэ нэшэнэ гъэшIэгъонышхо тэбгъэлъэгъуна,
ар тлъэгъоу, оркIэ шIошъхъуныгъэ тиIэным пае? Сыда
пшIэщтыр?– къыраIожьыгъ ахэмэ. [31] –Тятэжъхэм шъоф
нэкIым мэнн зыщIэ шхыныр* щашхыщтыгъ, Тхьэм игу-
щыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,* «Уашъом къикIырэ
хьалыгъу ашхынэу Тхьэм къаритыгъ».

[32] –Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо,– ариIуагъ Исус, –пегъым-
бар Мусэ арэп уашъом къикIырэ хьалыгъур къышъо-
зытыгъагъэр, сэ Сятэ ары нахь уашъом къикIырэ хьа-
лыгъу шъыпкъэр къышъозытырэр; [33] сыда пIомэ уа-
шъом къехэу, дунаем ицIыфмэ щыIэныгъэ къязытырэр
ары Тхьэм ихьалыгъу.

[34] –А хьалыгъур къытэт зэпыт, тхьаматэ,– къыраIуагъ
ахэмэ.

[35] –ЦIыфмэ щыIэныгъэ язытырэ хьалыгъур сэры,– ари-
Iуагъ Исус. –Садэжь къакIорэр мэлэкIэжьыщтэп, сэркIэ
шIошъхъуныгъэ зиIэр егъашIэми псыфалIи лIэжьыщтэп.
[36] Ау къызэрэшъосIуагъэм фэдэу, сэ сышъулъэгъугъэ пэт-
ми, шIошъхъуныгъэ шъуиIэ хъурэп. [37] Ты лъапIэм къы-
ситырэ цIыф пстэури садэжь къэкIощтых, хэт щыщми
садэжь къакIорэри IузгъэкIыжьыщтэп. [38] Сыда пIомэ сэ
сызыфаер згъэцэкIэнэу арэп уашъом сыкъызфехыгъэр,

---

6:31 мэнн зыщIэ шхыныр щашхыштыгъ – Израил цIыфхэр Мысырым (Египет) къикIыжьхи, шъоф нэкIым къыщакIухьэу зыщэтым, шхынэу Тхьэм аригъэшхыщтыгъэр ары. Еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 16:4–15.

6:31 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Сэбур (Псалтыр) 78:24 (урыс библиемкIэ 77:24).

сэ сыкъэзыгъэкIуагъэр зыфаер згъэцэкIэнэу ары нахь.
39 Сэ Сятэу сыкъэзыгъэкIуагъэр зыфаер ежьым цIыфэу
сэ къыситыгъэхэмэ ащыщэу зи мыкIодынэу ары, ахърэт
мафэми а цIыфыр сэ къэзгъэтэджыжьыныр ары. 40 Шъы-
пкъэ, хэт щыщми Къо лъапIэр зылъэгъоу, ежьым-
кIэ шIошъхъуныгъэ зиIэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ иIэ
зэрэхъущтыр ары Сятэ зыфаер; ахърэт мафэми а цIыфыр
сэ къэзгъэтэджыжьыщт.

41 «Уашъом къехыгъэ хьалыгъур сэры», ыIуи, Исус зэ-
риIуагъэм пае, джуртхэм ар агу римыхьэу, 42 аIуагъ:

–Юсыф ыкъоу Исус арыба мыр? Ежь ятэрэ янэрэ
тэшIэ. «Уашъом сыкъехыгъ», ыIоу сыдэущтэу къыIон
ылъэкIыра?

43 –Сэ къэсIуагъэр сыда шъугу зыкIемыIурэр?– ариIуагъ
Исус. 44 –Ты лъапIэу сыкъэзыгъэкIуагъэм къысфимыщэ-
мэ, зы цIыфи садэжь къэкIон ылъэкIырэп. Садэжь къа-
кIорэри ахърэт мафэм сэ къэзгъэтэджыжьыщт. 45 Пе-
гъымбархэм мырэущтэу атхыгъ:* «Тхьэм зэкIэмэ ахэмэ
шъыпкъагъэр аригъэшIэщт». Хэт щыщми Ты лъапIэм
къыIохэрэм ядэIоу, ахэр зэзыгъашIэрэр садэжь къэкIощт.
46 Тхьэм щыщым нэмыкIэу Ты ЛъапIэр зыми ылъэгъу-
гъэп. Ежьыр ары Ты лъапIэр зылъэгъугъэр. 47 Шъыпкъэ
дэдэр шъосэIо, сэркIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ хъурэм мы-
кIодыжьын щыIэныгъэ иIэ хъугъэ. 48 ЦIыфмэ щыIэныгъэ
язытырэ хьалыгъур сэры. 49 Шъуятэжъхэм шъоф нэкIым
мэнн шхыныр щащхыщтыгъ, ау щытми лIагъэх. 50 Ау уа-
шъом къехыгъэ хьалыгъур мары. Зыгорэм ар ышхымэ
лIэжьыщтэп. 51 ЦIыфмэ щыIэныгъэ язытырэ хьалыгъоу
уашъом къехыгъэр сэры. А хьалыгъум щыщ зышхырэр
егъашIэми щыIэщт. Дунаем ицIыфхэм щыIэныгъэ яIэ
згъэхъуным пае, хьалыгъоу стыщтыр сэ спкъы ары.

52 –Мы лIым ыпкъ сыдэущтэу тигъэшхын ылъэкIыщт?–
аIуи, джуртхэр лъэшэу зэнэкъокъухэу аублагъ.

53 –Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо,– ариIуагъ Исус ахэмэ,
–ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо ыпкъ шъумышхэу, ылъи шъуе-
мышъомэ, щыIэныгъэ шъухэлъыщтэп. 54 Сэ спкъы
зышхэу, слъи ешъорэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ иIэ
хъугъэ, ахърэт мафэми сэ ар къэзгъэтэджыжьыщт.
55 Сыда пIомэ сэ спкъы шхын шъыпкъ, сэ слъи шъоны

---

6:45 пегъымбархэм атхыгъ – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 54:13.

шъыпкъэшъ ары. 56 Сэ спкъы зышхэу, слъи ешъорэм
ыгу силъ зэпытыщт, ежьыри сыгу илъ зэпытыщт. 57 ЩыIэ-
ныгъэ шъыпкъэ къыздикIырэ Ты лъапIэм сыкъигъакIуи,
ищыIэныгъэ ежьым ыдэжь къызэрикIырэм фэдэу, сэ
спкъы зышхырэм ищыIэныгъэ садэжь къикIыщт. 58 Мыры
уашъом къехыгъэ хьалыгъур. А хьалыгъур шъуятэжъхэм
ашхыщтыгъэ мэнн шхыным фэдэп. Ар ашхыщтыгъэ пэт-
ми лIагъэх, ау мы хьалыгъур зышхырэр егъашIэми щы-
Iэщт.

59 Исус Капернаум къалэм дэт синэгогум* чIэтэу, цIыф-
хэм Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэхэ зэхъум, а гущыIэхэр
къыIуагъэх.

## ГущыIэхэу цIыфхэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ яIэ зыгъэхъухэрэр

60 Исус къыIуагъэхэр зызэхаххэм, игъогу рыкIохэрэм
ащыщхэу бэмэ къаIуагъ:

–Мыщ къыIохэрэр сыдэу гущыIэ къинха! Хэт ахэмэ ядэ-
Iун зылъэкIырэр?

61 Исус къыIуагъэхэр ахэмэ агу зэремыIухэрэр ыгукIэ
ешIэти ариIуагъ:

–Сэ къэсIуагъэхэр шъугу рихьыхэрэп, ара? 62 Ау ЦIыф
Лъэпкъым Ыкъо ыпэкIэ зыдэщыIагъэм дэкIоежьэу шъу-
лъэгъумэ, сыда етIанэ шъуIощтыр? 63 Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ
ары цIыфхэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ къязытырэр. Сэ
спкъы шъозгъэшхынэу арэп зыфасIорэр. Ащ ишIуагъэ
къакIорэп. ГущыIэхэу къышъосIуагъэхэм Тхьэм Ыпсэ
ЛъапIи мыкIодыжьын щыIэныгъэри шъуиIэхэ къашIы.
64 Ау шIошъхъуныгъэ зимыIэхэр къышъухэтых.

Исус арэущтэу зыкIиIуагъэр ахэмэ ащыщхэу шIошъхъу-
ныгъэ зимыIэхэри, тетыгъо зиIэхэм ежьыр аIэкIэзыгъэ-
хьанэу щытыгъэри апэм щегъэжьагъэу ышIэщтыгъэти
ары. 65 ЕтIани Исус къыпигъэхъожьыгъ:

–Джары, «Ты лъапIэм римыгъэлъэкIмэ, зы цIыфи са-
дэжь къэкIон ылъэкIыщтэп,» сIуи зыкIэсIуагъэр.

66 Ащ щегъэжьагъэу Исус игъогу рыкIохэрэмэ ащыщ-
хэу бэ игъогу текIыжьхи, гокIыжьыгъэх.

---

6:59 синэгогу – джуртхэм ятхьэлъэIупIэ ары.

[67] Арэущтэу зэхъум, Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ
пшIыкIутIумэ ариIуагъ:

–Шъори шъузбгъодэкIыжьынэу шъуфая?

[68] –Зиусхьан, хэт ыдэжь тыкIона, адэ?– ыIуи, Симон Петрэ
Исус къыриIуагъ. –МыкIодыжьын щыIэныгъэ тиIэ зыгъэ-
хъурэ гущыIэхэр о уиIэх, [69] Христосэу щыIэныгъэ шъы-
пкъэ къыздикIырэ Тхьэм узэри–Къор тшIошъ хъугъэ ыкIи
тшIагъэ.

[70] –Шъо пшIыкIутIур сигъогу шъукъырыкIонэу шъукъыхэ-
схыгъэба? Ау щытми, шъуащыщэу зыр джынапцIэу щыт,–
ариIуагъ Исус ахэмэ. [71] Исус зыфиIуагъэр Симон Искариот
ыкъоу Иудэ ары. А Симон Искариотыр Исус игъогу ры-
кIорэ нэбгырэ пшIыкIутIумэ ащыщэу щытыгъэ пэтми,
нэужым Исус тетыгъо зиIэхэм аIэкIэзыгъэхьанэу щытыгъэр
ежьыр ары.

## ЯБЛЭНЭРЭШЪХЬ

### Исус ышхэм яшIошъмыхъуныгъ

Ащ нэужым Исус Галилей хэкум къыщикIухьэщтыгъ.
Джуртхэм ежьыр аукIынэу ыуж итыгъэхэти, Иудей хэ-
кум къыщикIухьанэу фэягъэп. [2] Джурт мэфэкI мэфэшхо
мафэхэу цIыфхэр чэлхэм зыщачIэсхэрэр* къэблэгъагъэх.

[3] Арыти, ышхэм Исус къыраIуагъ:

–Iофышхо гъэшIэгъонхэу пшIэхэрэр уигъогу рыкIохэ-
рэм алъэгъунхэм пае, мыщ дэжьым икIыжьи, Иудей хэ-
кум кIожь. [4] ЦIыфхэм зязыгъэшIэнэу фаем шъэфэу Iоф
ышIэрэп. Мы Iофышхо гъэшIэгъонхэр бгъэцакIэхэмэ,
дунаем ищIыфхэмэ зягъэлъэгъу.

[5] Сыда пIомэ Исус ыш дэдэхэми ежьымкIэ шIошъхъу-
ныгъэ яIэу щытыгъэп.

---

7:2 Джурт мэфэкI мэфэшхо мафэхэу цIыфхэр чэлхэм зыщачIэсхэрэр – Джуртхэр Мысырым къызекIыжьыхэ ужым, илъэс тIокIитIо шъоф нэкIыр къакIухьэу чэлхэм зэрачIэсыгъагъэхэр илъэс къэс мэфэ заулэрэ чэлхэм ачIэсхэу, агу къагъэкIыжьы. Еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 23:33–43.

6 Арыти, Исус ахэмэ ариIуагъ:
–ШъоркIэ сыдигъуи игъу, ау сэ сигъо къэсыгъэгоп.
7 Дунаем ицIыфхэм шъо шъуауджэгъун алъэкIыщтэп,
ау сэ сауджэгъу. Ахэмэ Iофхэу ашIэхэрэр зэрэбзаджэ-
хэмкIэ сэ шыхьат сызэрэхъурэр ары сызкIауджэгъурэр.
8 Шъо мэфэкI мэфэшхо мафэхэм апае Ерусалим шъу-
кIу. Сэ а мафэхэм апае сыкIощтгоп, сыда пIомэ сэ
сигъо къэсыгъэгопышъ ары.
9 Исус арэущтэу зареIом, Галилей хэкум къэнагъ.

## МэфэкI мэфэшхо мафэхэу цIыфхэр чэлхэм зыщачIэсхэрэр ыгъэмэфэкIэнхэм пае, Исус Ерусалим зэрэкIуагъэр

10 Ау Исус ышхэр мэфэкI мэфэшхохэм апае зекIохэм
ыуж, Исуси кIуагъэ, ау цIыфмэ амышIэу, къамылъэгъоу
кIуагъэ. 11 А мэфэкI мэфэшхо мафэхэм адэжь джуртхэм,
«Исус тыдэ щыIа?» аIозэ лъыхъущтыгъэх.
12 ЦIыф купышхохэм Исус игугъу бэрэ ашIэу зэIушъа-
шъэщтыгъэх. Ахэмэ ащыщхэу заулэмэ аIощтыгъ:
–Ар цIыф дэгъу.
–Хьау, ар цIыф дэгъоп, цIыфхэр гъогу занкIэм тырещых,–
аIощтыгъ адрэхэм.
13 Ау джуртхэмэ зэращыщынэщтыгъэхэм пае, цIыфмэ
апашъхьэ зыми Исус игугъу щишIыщтыгъэп.
14 А мэфэкI мэфэшхо мафэхэм азыныкъо зыблэкIым
ыуж, Исус Тхьэм иунэшхо чIахьи, цIыфхэм Тхьэм игущы-
Iэхэр аригъашIэхэу ыублагъ.
15 –Мы лIыр емыджагъэу, мыщ фэдиз шIэныгъэ тыдэ
къырихыгъа?– агъэшIагъозэ аIуагъ джуртхэм.
16 –ГущыIэхэу сэ цIыфхэм язгъашIэхэрэр сэ садэжь
къикIыхэрэп, сэ сыкъэзыгъэкIуагъэм ыдэжь къекIыхэ
нахь. 17 Тхьэр зыфаер зыгъэцэкIэнэу фаем гущыIэхэу сэ
цIыфхэм язгъашIэхэрэр Тхьэм ыдэжь къикIыхэми, сэ са-
дэжь къикIыхэми ышIэщт. 18 Ежьым ыцIэкIэ къэгущыIэ-
рэр ежь ышъхьэ ищытхъу ыуж ит, ау къэзыгъэкIуагъэм
ищытхъу ыуж итым шъыпкъагъэ иI, зи пхэнджи ащ хэ-
лъэп. 19 Пегъымбар Мусэ Тэурат хабзэр къышъуфигъэна-
гъэба? Ау щытми, Тэурат хабзэм итхэр зыгъэцакIэрэ
цIыф къышъухэтэп. Сыда сышъуукIынэу сауж шъузкIи-
тыр?– ариIуагъ Исус ахэмэ.

20 –ДжынапщIэ о пхэс,– къаIожьыгъ цIыфхэмэ. –Хэта о
узыукIынэу уауж итыр?
21 –Зы Iофышхо гъэшIэгъон закъо шэмбэт мафэм зэрэ-
сшIагъэм пае, шъо зэкIэми шъогъэшIагъо,– ариIо-
жьыгъ Исус ахэмэ. 22 –Шъуеплъ, пегъымбар Мусэ сунэт
шIыныр хабзэу къышъуфигъэнагъэшъ, (ау шъыпкъэмкIэ
сунэт шIыныр зыдэжь къикIыгъэр Мусэ арэп, тятэжъы-
шхохэр ары нахь), шъо шэмбэт мэфэ дэдэми цIыфыр сунэт
шъошIыба? 23 Джы, пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ ит
унашъоу сунэт шIыным ехьылIагъэм шъуемыдэIоу шъу-
мыхъуным пае, шэмбэт мэфэ дэдэми цIыфыр сунэт шъу-
шIынэу шъуфит. Арэущтэу зыхъукIэ, сыд пае шъукъыс-
фэгубжыра, зы лIы горэ шэмбэт мафэм зэрэзгъэхъу-
жьыгъапэм пае? 24 Iоф плъышъом шъуеплъэу хьыкум
шъумышIы, ау шъыпкъагъэм тетэу хьыкум шъушIы.

## Исус Христосыр арэу шъуIуа?

25 Джащыгъум Ерусалим щыщ цIыфхэм ащыщхэу заулэмэ
аIуагъ:
–АукIынэу зыуж итхэр мырба? 26 Шъуеплъ, цIыф
пстэуми апашъхьэ къызэрэщыгущыIэрэм, ау щытми зи
раIорэп. Тэ титхьаматэхэм ар зэрэ–Христосыр* зэрагъэ-
шIагъэ, шъуIуа? 27 Ау мыр зыщыщыр тэшIэ. Ау Христос
къызыкIокIэ, зыщыщыр зыми ышIэщтэп.
28 Джащыгъум Исус Тхьэм иунэшхо чIэтэу, цIыфхэм
Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэхэзэ, мэкъэшхокIэ къыIуагъ:
–Сэ сышъошIэ, сызыщыщыри шъошIэ. Сэр–сэрэу мыщ
дэжьым сыкъэкIуагъэп, сэ сыкъэзыгъэкIуагъэм шъы-
пкъагъэ иI. Ежьыр шъо шъушIэрэп, 29 ау сэ ежьыр сэшIэ,
сыда пIомэ сэ ежьым сыщыщ, ежьыри ары сыкъэзыгъэ-
кIуагъэр.
30 Исус ар зеIом, аубытынэу фежьагъэх, ау ежьыр зыща-
убытыщтым игъо къэсыгъэгопти, цIыф зи IэкIэ нэсы-
гъэп. 31 Ау цIыф купышхом щыщхэу бэмэ ежьымкIэ
шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.
–Христос къызыкIокIэ, мы лIым нахьи нахьыбэу нэ-

---

7:26 Христос – еплъ 1:20.

шэнэ гъэшӀэгъонышхохэр къыгъэлъэгъошъун, шъуӀуа?–
аӀощтыгъ ахэмэ.

### Фарисейхэмрэ дин пэщэшхохэмрэ Исус аубытынэу Ӏофтабгэхэр зэрагъэкӀуагъэхэр

32 ЦӀыф купышхор ащ фэдэу Исус ехьылӀагъэу Ӏушъа-
шъэхэу фарисейхэм* зызэхахым, ахэмрэ дин пэщэшхо-
хэмрэ* Исус аубытынэу Ӏофтабгэхэр агъэкӀуагъэх.
33 Ау Исус къыӀуагъ:
–Сэ зы тӀэкӀурэ сышъухэтыщт, етӀанэ сыкъэзыгъэ-
кӀуагъэм ыдэжь сыкӀожьыщт. 34 Шъукъыслъыхъужьыщт,
ау сыкъэжъугъотыжьыщтэп, сыздэщыӀэми шъукъэкӀон
шъулъэкӀыщтэп.
35 –Тыда ар дгъотын тымылъэкӀынэу зыдэкӀонэу ыгу
хэлъыр?– аӀуи, джуртхэм зэраӀожьыгъэ. –Тэ тицӀыф-
хэу урымхэм* ахэгощагъэхэу псэухэрэм адэжь кӀонышъ,
урымхэм Ӏофхэр аригъэшӀэщтых, шъуӀуа? 36 «Шъукъы-
слъыхъужьыщт, ау сыкъэжъугъотыжьыщтэп, сыздэщы-
Ӏэми шъукъэкӀон шъулъэкӀыщтэп», зыфиӀуагъэм сыда
шъуӀуа къыригъэкӀыгъэр?

### Псыхъохэу цӀыфхэм щыӀэныгъэ шъыпкъэ яӀэ зыгъэхъухэрэр

37 МэфэкӀ мэфэшхо мафэхэм ащыщэу аужырэ мафэу
анахь мэфэ лъапӀэм Исус къиуцуи, мэкъэшхокӀэ къыӀуагъ:
–ПсыфалӀэ лӀэрэр садэжь къэрэкӀуи ерэшъу. 38 Тхьэм
игущыӀэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «СэркӀэ шӀошъ-
хъуныгъэ зиӀэм псыхъохэу щыӀэныгъэ шъыпкъэ иӀэ зы-
гъэхъухэрэр ыгу къичъыщтых».
39 Исус зыфиӀуагъэр ежьымкӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэхэ-
мэ Тхьэм ежь Ыпсэ ЛъапӀэу агухэм къарилъхьащтыр ары.
Ащ нэсыфэ Тхьэм ежь Ыпсэ ЛъапӀэр шӀошъхъуныгъэ

---

7:32 фарисейхэр – еплъ 1:24.

7:32 дин пэщэшхохэр – дин пэщэшхор, дин пэщэшхоу щытыгъэхэр, дин пэщэшхохэм яунагъохэм ащыщхэр ары.

7:35 урымхэр – иунанхэр ары.

зиIэхэм агухэм къарилъхьэгъагъэгоп, сыда пIомэ Исус
ищытхъушхо джыри иIэ хъугъагъэгоп.

## Щыфхэр Исус ехьылIагъэу зэрэзэгурымыIуагъэхэр

[40] А гущыIэхэр зызэхаххэм, цIыф купышхом щыщ заулэмэ
аIощтыгъ:

–Шъыпкъэу мыры пегъымбарыр.

[41] –Джары Христосыр,– аIощтыгъ адрэхэм. Ау нэмыкIхэ-
ми аIощтыгъ:

–Христосыр Галилей хэкум щыщыщтэп, арыба? [42] Тхьэм
игущыIэ тхыгъэхэм арытба,* Христос Даутэ къытехъукIы-
гъэ цIыфхэм зэращыщыщтри, Даутэ зыщыщ къалэу Виф-
леем зыцIэм* зэрэщыщыщтри?

[43] Арэущтэу Исус ехьылIагъэу цIыфхэр куп–купэу зэрэ-
гъэхъугъэх. [44] Ахэмэ ащыщэу зы куп Исус ыубытынэу фэя-
гъэ, ау зыгори ащ IэкIэ нэсыгъэп.

## Тетыгъо зиIэхэм яшIошъмыхъуныгъ

[45] Арэущтэу а Iофтабгэхэр дин пэщэшхохэмрэ фарисей-
хэмрэ адэжь къэкIожьыгъэх. КъызэкIожьхэм, адрэхэм
яупчIыгъэх:

–Сыд пае Исус къыздэшъумыщагъа?

[46] –А лIыр къызэрэгущыIэрэм фэдэу, зы цIыф егъа-
шIэми гущыIагъэп,– аIуагъ Iофтабгэхэм.

[47] –Ащыгъум шъори шъудихьыхыгъэба?– араIожьыгъ
фарисейхэм. [48] –Тэ титхьаматэхэм ащыщэу зыгорэми,
фарисейхэм ащыщэу зыгорэми ежьымкIэ шIошъхъуны-
гъэ иIэ хъугъа? [49] Ау мы цIыф купышхоу пегъымбар Мусэ
и Тэурат хабзэ зымышIэрэм Тхьэм ынае къащифагъэу
щыт.

[50] Фарисейхэм ащыщэу Никодим зыцIэм (ежьыр ары
Исус ыдэжь чэщым къэкIогъагъэр) адрэмэ ариIуагъ:

---

7:42 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытба – еплъ Пегъымбар Михэ тхылъэу ытхыгъэм 5:2.

7:42 къалэу Вифлеем зыцIэр – Бэтлэхьэм ары. Ерусалим километрийкIэ пэчыжьэу, икъыблэ лъэныкъомкIэ ит.

51 –Ыпэ рапшIэу емыупчIэу, ышIэрэр тэрэзэу зэримы-
гъашIэу, тихабзэ цIыфым хьыкум тырешIыхьа?
52 –Ори Галилей хэкум ущыща?– къыраIуагъ Никодим.
–Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм ахаплъи, пегъымбар горэ Гали-
лей зэрэщымыщыр къэпшIэщт.
53 ЕтIанэ ахэр зэбгырыкIыжьхи, хэти ядэжь кIожьыгъэ.

## ЯЕНЭРЭШЪХЬ

### Бзылъфыгъэу зинэ зышIэ пэтэу аубытыгъэр

Исус Елеон зыцIэ Iуашъхьэм* кIуагъэ. 2 Нэф къызэ-
шъым, Тхьэм иунэшхо чIэхьажьыгъ, цIыфхэри зэкIэ
ежьым ыдэжь къэкIуагъэх. Исус тIыси, Тхьэм игущы-
Iэхэр аригъашIэхэу ыублагъ. 3 Ащ дэжьым зы бзылъфы-
гъэ горэу зинэ зышIэ пэтэу къаубытыгъэр Тэурат егъэ-
джэкIо пащэхэми* фарисейхэми Исус къыфащи, утыгум
къырагъэуцуи, 4 къыраIуагъ:
–Дин гъэсакIу, мы бзылъфыгъэр, зинэ ышIэ пэтэу, къа-
убытыгъ. 5 Мыщ фэдэхэм мыжъохэмкIэ тяозэ, тыукIын-
хэу Тэурат хабзэм зэритым фэдэу, пегъымбар Мусэ уна-
шъо къытфишIыгъ*. О сыда епIуалIэрэр?
6 Арэущтэу зыкIаIуагъэр Исус Iоф хагъэфэнышъ, зэра-
гъэмысэн горэ къагъотыныр ары.
Ау Исус зиуфи, IапэкIэ чIыгум зыгорэ тыритхагъ.
7 Зэпамыгъэоу къеупчIыхэ зэхъум, Исус зыкъиузэнкIы-
жьи ариIуагъ:
–Шъуащыщэу псэкIод зимыIэр апэу бзылъфыгъэм мы-
жъокIэ ерэу.
8 Ар зареIом, зиуфэжьи, чIыгум тыритхэу ыублэжьыгъ.

---

8:1 Елеон зыцIэ Iуашъхьэр – Зейтун Iуашъхьэр ары. Ерусалим игъунэгъубзэу, итыгъэ къыкъокIыпIэ лъэныкъомкIэ Кедрон къуладжэм иадрабгъу щыт.

8:3 Тэурат егъэджэкIо пащэхэр – Тэурат хабзэм итхэмрэ джуртхэм адрэ тхылъ лъапIэхэу яIэхэм арытхэмрэ цIыфхэм агурызыгъаIоу щытыгъэ пащэхэр ары.

8:5 пегъымбар Мусэ унашъо къытфишIыгъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 22:22.

9 Ар зызэхахым, агухэмкIэ загъэмысэжьэу, анахьыжъ-
хэр апэ итхэу, зым ыуж адрэр итэу, аужырэм нэс зэкIэ
IукIыжьыгъэх. Исус изакъоу къэнагъ, бзылъфыгъэри
утыгум къинагъ. 10 Исус зыкъиузэнкIыжьи, бзылъфы-
гъэм нэмыкI зи ылъэгъужьыгъэпти, ащ риIуагъ:
–О бзылъфыгъ, узыгъэмысэщтыгъэхэр тыдэ щыIэха?
Узыгъэмысэнэу цIыф зи къэнагъэп, ара?
11 –Хьау, Зиусхьан,– къыIуагъ бзылъфыгъэм, –цIыф зи
къэнагъэп.
–Сэри узгъэмысэрэп,– къыIуагъ Исус. –КIожь, джы
щегъэжьагъэу псэкIод умышIэжь.

## Исусэу мы дунаем инэфынэр

12 Исус джыри цIыфмэ адэгущыIи къыIуагъ:
–Дунаем инэфынэр сэры. Сэ сауж къырыкIорэр шIун-
кIыгъэм хэтэу зекIощтэп, щыIэныгъэм инэфынэ ыгъо-
тыщт нахь.
13 –О ор–орэу шыхьат узфэхъужьы,– къыраIуагъ фари-
сейхэм. –Арышъ, уишыхьатныгъэ хъунэу щытэп.
14 –Сэ шыхьат сызфэхъужьми, сишыхьатныгъэ хъунэу
щыт,– ариIожьыгъ Исус ахэмэ, –сыда пIомэ сэ сызщыщ-
ри сыздакIорэри сэшIэ. Ау шъо сызщыщри сыздакIорэри
шъушIэрэп. 15 Мы дунаем ицIыфхэм Iофхэм хьыкум зэра-
трашIыхьэрэм фэдэу хьыкум шъошIы. Сэ зыми хьыкум
тесшIыхьэрэп. 16 Ау зыгорэм хьыкум тесшIыхьэ хъумэ,
ащыгъум хьыкумэу тесшIыхьарэр шъыпкъэу щыт, сыда
пIомэ, сэ зизакъоп, Ты лъапIэу сыкъэзыгъэкIуагъэри си-
гъус. 17 НэбгыритIумэ къаушыхьатырэр шыхьатныгъэ
хъунэу зэрэщытыр шъо шъуи Тэурат хабзэ ит*. 18 Сэр–сэ-
рэу шыхьат сызфэхъужьы. Ты лъапIэу сыкъэзыгъэкIуа-
гъэри шыхьат къысфэхъу.
19 Арыти къеупчIыгъэх:
–Тыдэ щыIа уятэ?
–Сэри Сяти шъо тышъушIэрэп,– пэгъокI ытыжьыгъ
Исус. –Сэ сышъушIэщтыгъэмэ, Сяти шъушIэщтыгъэ.
20 Исус Тхьэм иунэшхо чIэтэу, цIыфхэм Тхьэм тын фа-

8:17 шъо шъуи Тэурат хабзэ ит – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхы-
лъэу ытхыгъэм 19:15.

шIэу ахъщэр зыдалъхьэрэ пхъуантэхэм адэжь щытэу, цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр аригъашIэхэ зэхъум, а гущыIэхэр къыIуагъэх. Зыми ар ыубытэу фежьагъэп, сыда пIомэ ежьыр зыщаубытыщтым игъо къэсыгъэгопти ары.

### Сэ сыздакIорэм шъо шъукъэкIон шъулъэкIыщтэп

[21] Исус джыри ахэмэ ариIуагъ:
–Сэ сышъухэкIыжьыщт, шъори шъукъыслъыхъужьыщт,
ау шъуипсэкIодхэр шъутелъхэу шъулIэжьыщт. Сэ сызда-
кIорэм шъо шъукъэкIон шъулъэкIыщтэп.
[22] –Ежь–ежьырэу зиукIыжьыщта?– аIуагъ джуртхэм.
–Ара, «Сэ сыздакIорэм шъо шъукъэкIон шъулъэкIы-
щтэп», зыкIиIорэр?
[23] –Шъо ыхэ шъущыщ, ау сэ ыпшъэ сыщыщ,– ариIуагъ
Исус. –Шъо мы дунаем шъущыщ, сэ мы дунаем сыщы-
щэп. [24] «ШъуипсэкIодхэр шъутелъхэу шъулIэжьыщт», шъо-
сIуагъэ. Шъыпкъэ, сэ хэтми сызщыщыр къызышъуасIо-
кIэ, шъушIошъ мыхъумэ, шъуипсэкIодхэр шъутелъхэу
шъулIэжьыщт.
[25] –О хэта узщыщыр адэ?– къыраIуагъ ахэмэ.
–Апэм щегъэжьагъэу сэ хэтми сызщыщыр къызэрэшъо-
сIуагъэм фэдэу сыщыт,– ариIожьыгъ Исус. [26] –Шъо къы-
шъохьылIагъэу сэ сIонэу ыкIи шъузэрызгъэмысэнэу Iа-
джи сиI, ау сэ сыкъэзыгъэкIуагъэр шъыпкъэ, ащ къыIо-
хэу зэхэсхыгъэхэр дунаем ицIыфмэ ясэIох.
[27] Исус Ты лъапIэм ехьылIагъэу къызэрадэгущыIэрэр
къагурыIуагъэп. [28] Арыти, Исус ариIуагъ:
–ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо зышъуIэтыкIэ,* сэ хэтми сы-
зщыщри сэр–сэрэуи зи сымыгъэцакIэу, Сятэ гущыIэхэу
сигъэшIагъэхэр къызэрэсIохэрэр къэшъушIэщт. [29] Сы-
къэзыгъэкIуагъэр сэ сигъусэ, сизакъоу сыкъигъэнагъэп,
сыда пIомэ ежьым игъоу ылъытэрэ Iофхэр сэ сыдигъуи
сэгъэцакIэхэшъ ары.
[30] Исус а гущыIэхэр къыIохэзэ, цIыфыбэмэ ежьымкIэ
шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.

---

8:28 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо зышъуIэтыкIэ – еплъ 3:14; 1:51.

## Шъыпкъагъэм шъхьафит шъуишӀыжьыщт

31 Исус джуртхэу шӀошъхъуныгъэ къыфызиӀэ хъугъэхэм
ариӀуагъ:
–Сэ сигущыӀэхэр шъугухэм арылъхэмэ, шъыпкъэу си-
гъогу рыкӀохэрэм шъуащыщ. 32 Джащыгъум шъыпкъа-
гъэр къэшъушӀэщт, шъыпкъагъэми шъхьафит шъуишӀы-
жьыщт.
33 –Тэ Ибрахьимэ къытехъукӀыгъэ цӀыфхэм тащыщ, егъа-
шӀэми зыми тырипщылӀыгъэп,– къыраӀожьыгъ ахэмэ.
–«Шъхьафит шъухъужьыщт» зыфапӀорэм сыда къибгъэ-
кӀырэр?
34 –Шъыпкъэ дэдэр шъосэӀо,– ариӀуагъ Исус. –Хэти псэ-
кӀод зышӀэрэр псэкӀодшӀэным пщылӀы фэхъужьы. 35 Ау
пщылӀыр унэм къинэжьы зэпытыщтэп. Ятэ ыкъу ары
унэм къинэжьы зэпытыщтыр. 36 Арышъ, Къо лъапӀэм
шъхьафит шъуишӀыжьмэ, шъхьафит шъыпкъэ шъухъу-
жьыщт. 37 Ибрахьимэ къытехъукӀыгъэ цӀыфхэм шъузэра-
щыщыр сэшӀэ, ау сигущыӀэхэр шъугухэм арылъхэрэ-
пышъ, сышъуукӀынэу сауж шъуит. 38 Сэ Сятэ дэжь щыс-
лъэгъугъэхэр ары къасӀохэрэр, шъори шъуятэ ыдэжь
щыжъулъэгъугъэ Ӏофхэр ары жъугъэцакӀэхэрэр.

## Шъуятэ шэйтаныр ары

39 –Тэ тятэр Ибрахьимэ ары,– аӀуи, джуртхэм Исус
къыраӀуагъ.
–Ибрахьимэ шъурибынхэу щытыгъэмэ, Ибрахьимэ иӀоф-
хэр жъугъэцэкӀэщтгъэх,– ариӀожьыгъ Исус. 40 –Ау джы
сышъуукӀынэу сауж шъуит, Тхьэм къыӀорэ шъыпкъагъэр
зэхэсхыгъэу къышъосӀуагъэ пэтми, сышъуукӀынэу сауж
шъуит. Ибрахьимэ ащ фэдэ Ӏофхэр ышӀэщтыгъэхэп.
41 Шъо шъуятэ Ӏофхэу ыгъэцакӀэхэрэр шъори шъогъэца-
кӀэх.
–ЗинэкӀэ тэ тыкъэхъугъэп,– къыраӀуагъ Исус. –Ты за-
къоу тиӀэр Тхьэр ары.
42 –Тхьэр шъуятэу щытыгъэмэ, сэ шӀу сышъулъэгъу-
щтыгъ,– ариӀуагъ Исус, –сыда пӀомэ сэ Тхьэм сыщыщэу
мыщ дэжьым сыкъэкӀуагъ. Сэр–сэрэу сыкъэкӀуагъэп,
ежьым сыкъигъэкӀуагъэ нахь. 43 Сэ къасӀохэрэр сыд пае

къыжъугурымыIохэра? Сэ къасIохэрэм шъуядэIун шъулъэ-
кIырэпышъ ары къызкIыжъугурымыIорэр. 44 Шъуятэ шэй-
таныр ары. Шъуятэ зыфаер ары шъо жъугъэцэкIэнэу
шъузыфаер. Апэм щегъэжьагъэу ар цIыф укIакIоу щыт,
шъыпкъагъэми тетэп, сыда пIомэ шъыпкъагъэ зи хэлъы-
пышъ ары. Ащ пцIы зиусыкIэ, ыгу илъыр къеIо, сыда
пIомэ ар пцIыусышъ, пцIыри къызхэкIырэр ежьырышъ
ары. 45 Ау сэ шъыпкъагъэр къызэрэсIорэм пае, къасIохэ-
рэр шъушIошъ хъурэп. 46 Сэ псэкIод сшIагъэу шъуащыщ
горэм къыушыхьатын ылъэкIына? Шъыпкъагъэр къэсэIо
пэтми, сыд пае къасIохэрэр шъушIошъ мыхъура? 47 Тхьэм
ибынхэр ежьым игущыIэхэм ядэIух, ау шъо Тхьэм игущы-
Iэхэм шъузкIямыдэIурэр Тхьэм ибынхэу шъущытэпышъ
ары.

## Ибрахьимэ къэхъуным ыпэкIэ сэ сыщыI

48 –Самарие цIыфхэм* уащыщ, джынапцIи о пхэс тэIо.
Тэ къатIорэр шъыпкъэба?– аIуи, джуртхэмэ Исус къыра-
Iожьыгъ.

49 –ДжынапцIэ сэ схэсэп,– ариIожьыгъ Исус. –Сэ
Сятэ лъытэныгъэ фэсэшIы, ау шъо шъукъысэхъоны.
50 Сэ сищытхъу ыуж ситэп, ау сищытхъу ыуж итэу, цIыф-
хэм хьыкум атезышIыхьэрэр щыI. 51 Шъыпкъэ дэдэр шъо-
сэIо, сэ сигущыIэхэр зыгъэцакIэрэм егъашIэми лIэны-
гъэр ылъэгъущтэп.

52 Исус ар зеIом, джуртхэмэ къыраIожьыгъ:

–ДжынапцIэр о зэрэпхэсыр джы тшIагъэ. Ибрахьимэ
лIагъэ, пегъымбархэри лIагъэх, ау о «Сэ сигущыIэхэр зы-
гъэцакIэрэр егъашIэми лIэжьыщтэп», оIо. 53 Тятэжъы-
шхо Ибрахьимэ нахьи унахь ина о? Ар лIагъэ, пегъымбар-
хэри лIагъэх. О ухэтэу зыплъытэжьыра?

54 –Сэ сыкъызщытхъужьмэ, сищытхъу зи уасэ иIэп,–
пэгъокI ытыжьыгъ Исус. –Ау сэ сищытхъу зышIырэр
Сятэу шъо шъуи Тхьэу зыфашъуIорэр ары. 55 Ар шъо
шъушIэрэп, ау сэ ар сэшIэ. Ар сымышIэу сIуагъэмэ, сэри
шъощ фэдэу пцIыусэу сыхъущтыгъ. Ау ар сэшIэ, игущы-

8:48 Самарие цIыфхэр – еплъ 4:4.

Iэхэри сэгъэцакIэх. 56 Шъуятэжъышхо Ибрахьимэ симафэ
зэрилъэгъущтымкIэ гушIощтыгъэ. Ар ылъэгъугъ ыкIи
гушIуагъэ.
57 –Илъэс шъэныкъо умыныбжьэу, ау щытми Ибрахьимэ
плъэгъугъэу оIо,– аIуи, джуртхэм Исус къыраIуагъ.
58 –Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо,– ариIуагъ Исус ахэмэ.
–Ибрахьимэ къэхъуным ыпэкIэ, сэ сыщыI.
59 Исус ар зареIом, аукIыным пае еонхэу мыжъохэр къаштагъэх. Ау Исус амылъэгъоу къахэкIыжьи, Тхьэм иунэшхо
къычIэкIыжьыгъ.

## ЯБГЪОНЭРЭШЪХЬ

### Исус нэшъоу къэхъугъэ лIы горэ зэригъэхъужьыгъэр

Исус къыкIухьэзэ, нэшъоу къэхъугъэ лIы горэ ылъэгъугъ.
2 Исус игъогу рыкIохэрэр ежьым къеупчIыгъэх:
–Равви, мы лIыр нэшъоу къэхъунэу хэта псэкIод зышIагъэр, ежьыр ара, ятэ–янэхэр ара?
3 –Мы лIыри ятэ–янэхэри арэп зилажьэр, ау нэшъоу къызкIэхъугъэр, ежьым къехъулIэрэмкIэ Тхьэм иIоф нафэу хъуныр ары,– пэгъокI ытыжьыгъ Исус.
4 –Мафэу щэтыфэ, сыкъэзыгъэкIуагъэм иIофхэр сэ згъэцэкIэнхэ фае. Чэщыр къэсыщт. Чэщыр къызысыкIэ, зыми зи ышIэн ылъэкIырэп.
5 Дунаем сытетыфэкIэ, дунаем инэфынэр сэры.
6 Исус ар къызеIом, чIыгум теужъунтхи, IупсымкIэ ятIэ зэхишIыхьи, а зэхишIыхьагъэр нэшъум ынэмэ ащифагъ.
7 –Силоам зыщIэ псыхъурэе зыгъэпскIыпIэм кIуи, зыщытхьакI,– ыIуи Исус нэшъум риIуагъ. (Силоам къикIырэр «АгъэкIуагъэр» ары.) Нэшъур кIуи, зитхьакIи, ылъэгъоу хъугъэу къэкIожьыгъ.
8 Гъунэгъухэми, ар нэшъоу зэрэщытыгъэр зылъэгъугъагъэхэми аIуагъ:
–ЛъэIуакIоу щысыщтыгъэр арыба мыр?
9 –Ары,– ыIуагъ зы купым.

–Хьау, арэп, ащ фэд ныIэп,– аIуагъ нэмыкIхэм.
–Сэры ар,– ыIуагъ ежьым.
10 –О унэхэр сыдэущтэу къаплъэхэу хъугъа?– къе-
упчIыгъэх ахэр.
11 –Исус зыцIэ лIым ятIэ зэхишIыхьи, а зэхишIыхьа-
гъэр сынэмэ къащифи, «Силоам зыцIэ псыхъурэе зы-
гъэпскIыпIэм кIуи, зыщытхьакI», къысиIуагъ. Арэущтэу
сыкIуи, зызысэтхьакIым, сынэхэр къаплъэхэу
хъугъэ,– къыIожьыгъ а лIым.
12 –Тыдэ щыIа ар?– къеупчIыгъэх ахэр.
–СшIэрэп,– къыIожьыгъ ащ.

## Исус Iофышхо гъэшIэгъонэу ышIагъэр фарисейхэм зэрагъэунэфыгъэр

13 Джащыгъум а лIэу нэшъоу щытыгъэр фарисейхэм
адэжь ащагъ. 14 Ау Исус ятIэ зэхишIыхьи, нэшъум ынэ-
хэр къызигъэплъэгъэ мафэр шэмбэт мэфагъ. 15 Арыти,
фарисейхэр а лIым къеупчIыгъэх:
–Сыдэущтэу унэхэр къаплъэхэу хъугъэ?
–ЯтIэ сынэхэм къатырилъхьи, зызысэтхьакIым, слъэ-
гъоу хъугъэ,– къыIожьыгъ а лIым.
16 –Мы лIыр Тхьэм ыдэжь къикIырэп,– аIуагъ фарисей-
хэм ащыщхэу заулэмэ, –сыда пIомэ шэмбэт мафэр ыгъэ-
лъапIэрэп*.
–ПсэкIодышIэ лIы горэм ащ фэдэ нэшэнэ гъэшIэгъоны-
шхохэр ышIэн ылъэкIына?– аIуагъ нэмыкIхэм. Арэу-
щтэу ахэр куп-купэу зэрэгъэхъугъэх.
17 –О унэхэр ары къыгъэплъагъэхэр. А лIым сыда епIуа-
лIэрэр?– джыри еупчIыжьыгъэх нэшъоу щытыгъэм.
–Ар зы пегъымбар гор,– пэгъокI ытыжьыгъ а лIым.
18 Ау щытми, а лIэу зынэхэр къаплъэхэу хъугъэм ятэ-
-янэхэр къарагъащэхэу яупчIыхэфэ, ар нэшъоу зэрэщы-
тыгъэри, ынэхэр къаплъэхэу зэрэхъугъэри джуртмэ
ашIошъ хъугъэп.

---

9:16 шэмбэт мафэр ыгъэлъапIэрэп – шэмбэт мафэм ятIэ зэхэпшIыхьэ хъущтэп. Джуртхэм ар IофшIэным фагъадэ.

19 –Шъо шъукъоу нэшъоу къэхъугъэу зыфашъуIорэр
ара мыр?– яупчIыгъэх ахэмэ. –Сыдэущтэу ылъэгъоу хъу-
гъа?

20 –Мыр тэ зэрэткъори, нэшъоу къызэрэхъугъэри тэ тэ-
шIэ,– къаIуагъ ятэ–янэмэ. 21 –Ау джы ылъэгъоу зэрэхъу-
гъэри, ынэхэр къэзыгъэплъагъэри тшIэрэп. Ежьым шъу-
еупчI, ежь ышъхьэкIэ пэгъокI къышъуитыжьынэу
ыныбжь икъугъ.

22 Ятэ–янэхэм арэущтэу къызкIаIуагъэр джуртхэм ащы-
щынэщтыгъэхэти ары; сыда пIомэ хэт щыщми Исус
зэрэ–Христосыр зыдагъэр синэгогум чIафынэу* джуртмэ
зэдаштагъэу щытыгъэти ары. 23 Джары, «Ыныбжь икъугъ,
ежьым шъуеупчI», аIуи, ятэ–янэхэмэ къызкIаIуагъэр.

24 Арыти, джуртхэр нэшъу щытыгъэм ятIонэрэу къе-
джэхи раIуагъ:

–Тхьэм щытхъу фэшI. Мы лIыр псэкIодышIэу зэрэщы-
тыр тэ тэшIэ.

25 –Ар лIы псэкIодышIэу щытмэ сшIэрэп,– къыIожьыгъ
нэшъоу щытыгъэм. –Ау мы зыр сэшIэ, сэ нэшъоу сыщы-
тыгъ, ау джы слъэгъоу хъугъэ.

26 –Сыд ащ къыуишIагъэр?– еупчIыгъэх ахэр. –Сыдэу-
щтэу унэхэр къыгъэплъагъэха?

27 –ШъосIогъахэ, ау шъукъедэIугъэп, сыд пае джыри зэ
зэхэшъухынэу шъуфая?– къариIуагъ нэшъоу щытыгъэм.
–Шъори ащ игъогу шъурыкIонэу шъуфая?

28 Арэущтэу къызареIом, ехъоныгъэх ыкIи раIуагъ:

–О мы лIым игъогу рыкIохэрэм уащыщ, ау тэ пегъымбар Мусэ игъогу рыкIохэрэм тащыщ. 29 Тхьэр пегъым-
бар Мусэ къызэрэдэгущыIагъэр тэшIэ, ау мы лIыр къыз-
дикIыгъэр тэ тшIэрэп.

30 –Ар къыздикIыгъэр зэрэшъумышIэрэр арыба гъэ-
шIэгъоныр, ау щытми ащ сынэхэр къыгъэплъагъэх,–
къариIуагъ а лIым. 31 –Тхьэр псэкIодышIэ цIыфхэм зэря-
мыдэIурэр тэшIэ, ау Тхьэм ищынагъо зыгу илъэу, Тхьэм
игъоу ылъытэрэ Iофхэр зыгъэцакIэрэр ары Тхьэр
зэдэIурэр. 32 Ау цIыф горэм нэшъоу къалъфыгъэр
къыгъэплъагъэу егъашIэми цIыфмэ зэхахыгъэп. 33 Мы

9:22 синэгогум чIафынэу – зы цIыф горэ синэгогум чIафымэ, Тхьэм ылъэпкъ щымыщэу алъытэ.

лIыр Тхьэм ыдэжь къимыкIыгъэмэ, ащ зи ыгъэцэкIэн
ылъэкIыщтгъэп.

[34]–О упсэкIодышIэ хъураеу укъалъфыгъ,– раIожьыгъ
ахэмэ. –О зыгорэ тэбгъэшIэщта?

ЕтIанэ синэгогум къычIафыгъ.

### Фарисейхэм янэшъугъ

[35] А лIыр синэгогум къызэрэчIафыгъэр Исус зэхихыгъ, ащ
нэужми ар зелъэгъум риIуагъ:

–Тхьэм ыКъокIэ шIошъхъуныгъэ уиIа?

[36]–Тхьаматэ,– пэгъокI къытыжьыгъ а лIым, –шIошъ-
хъуныгъэ сиIэным пае, хэта зыфапIорэр къысаIу!

[37]–Ар о плъэгъугъэ, сэ, джы къыбдэгущыIэрэр, ары,–
риIуагъ Исус.

[38]–ШIошъхъуныгъэ сиIэ хъугъэ, Зиусхьан,– ыIуи, а
лIыр Исус ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ итIысхьагъ.

[39]–Зымылъэгъухэрэм алъэгъу хъужьынэу, зылъэгъоу
зызышIошIыжьхэрэми амылъэгъужь хъуным пае, цIыф-
хэм хьыкум атесшIыхьанэу мы дунаем сэ сыкъы-
техьагъ,– къыIуагъ Исус.

[40] Фарисейхэм ащыщхэу Исус игъусагъэхэм Исус ар къы-
Iуагъэу зызэхахым, къеупчIыгъэх:

–Тэри тынэшъоу ара зыфапIорэр?

[41]–Шъунэшъугъэмэ, псэкIод шъуиIэщтгъэп, ау «Тэлъэ-
гъу» шъоIошъ, шъуипсэкIод къышъутенэжьы,– ариIо-
жьыгъ Исус.

## ЯПШIЭНЭРЭШЪХЬ

### Мэлэхъо дэгъур

–Шъыпкъэ дэдэр сэ шъосэIо, мэлэщым къэлапчъэмкIэ
дэмыхьэу, нэмыкI чIыпIэкIэ дэпшыеу дахьэрэр тыгъуа-
кIоу ыкIи хъункIакIоу щыт. [2] Ау къэлапчъэмкIэ дахьэ-
рэр мэлхэм ямэлахъо ары. [3] УхъумакIом мэлахъом къэла-
пчъэр къыфыIуехы, мэлхэри мэлахъом ымакъэ едэIух.

Мэлахъор ежь имэлхэм ацIэкIэ яджэ ыкIи къыдещых.
[4] Мэлахъом имэл пстэури къыздищхэкIэ, апэ итэу макIо.
Мэлхэри ыуж итхэу макIох, сыда пIомэ ымакъэ ашIэжьышъ
ары. [5] Ау зы хымэ горэм ыуж ихьащтхэп, кIатхъу-
жьы нахь, сыда пIомэ хымэ макъэр ашIэжьырэпышъ
ары.

[6] А гъэсэныгъэ тхыдэр Исус ариIуагъ. Ау ащ къикIырэр
ахэмэ къагурыIуагъэп.

[7] Арыти, Исус джыри къыIуагъ:

–Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, мэлэщым икъэлапчъэр сэры.
[8] СапэкIэ къэкIогъэ пстэури тыгъуакIох ыкIи хъункIа-
кIох, мэлхэри ахэмэ ядэIугъэхэп. [9] Къэлапчъэр сэры.
СэркIэ дахьэрэр мыкIодэу къэнэжьыщт, дэхьащт–къыдэ-
кIыжьыщт, хъупIи ыгъотыщт. [10] ТыгъуакIор къызфакIо-
рэр тыгъонэуи, ыукIынэуи, ыгъэкIодынэуи ары. Сэ сы-
къызфэкIуагъэр щыIэныгъэшхоу икъугъэр цIыфмэ ясты-
ныр ары.

[11] –Мэлэхъо дэгъур сэры. Мэлэхъо дэгъум ыпсэ мэлхэм
апае еты. [12] Мэлхэр зимыеу, ыпкIэкIэ лажьэрэр мэлахъоу
щытэп. Ащ тыгъужъыр къакIоу зилъэгъукIэ, мэлхэр
къегъанэхэшъ, кIетхъужьы. ЕтIанэ тыгъужъыр мэлхэм
къахэлъадэшъ, елIых ыкIи зэбгырефых. [13] А лIым зыкIы-
кIитхъужьырэр ыпкIэкIэ лажьэу, мэлхэм зэрафэмыгумэ-
кIырэр ары.

[14,15] –Мэлэхъо дэгъур сэры. Ты лъапIэм сыкъишIэу,
сэри Ты лъапIэр зэрэсшIэрэм фэдэу симэлхэр сэшIэх, мэл-
хэми сыкъашIэ. Сэ спси симэлхэм апае сэты. [16] Мы мэл
Iэхъогъум щымыщхэу нэмыкI мэлхэри сиIэх. Ахэри къэс-
щэнхэ фае, ахэри сымакъэ къедэIущтых. Арэущтэу зы
мэл Iэхъогъоуи зы мэлахъоуи хъущт. [17] Сэ спсэ къэсштэ-
жьынэу зэрэстырэр ары Ты лъапIэм шIу сызкIилъэгъу-
рэр. [18] Сэ спсэ зыми стырихырэп, сэр–сэрэу ар сэты. Ар
стынэуи къэсштэжьынэуи лъэкIыныгъэ сиI. А унашъор
сэ Сятэ къысфишIыгъ.

[19] А гущыIэхэм апае джуртхэр джыри зэ куп–купэу зэ-
рэгъэхъугъэх.

[20] –Ащ джынапцIэ хэс, ыIорэр ышIэжьырэп. Сыда ащ
шъузкIедэIурэр?– аIощтыгъэ ахэмэ ащыщхэу бэмэ.

[21] Ау нэмыкIхэм аIощтыгъ:

–А къыIохэрэр джынапцIэ зыхэс лIым игущыIэхэп.
ДжынапцIэм нэшъур къыгъэплъэн ылъэкIына?

## Джуртхэм Исус зэрамыштагъэр

22 ЕтIанэ Тхьэм иунэшхо ежьым фагъази, къызэрэратыжьыгъагъэм пае, мэфэкI мэфэшхо мафэхэу* Ерусалим щагъэмэфэкIыхэрэр къэсыгъэх. КIымэфагъ. 23 Исуси
Тхьэм иунэшхо чIэтэу, пачъыхьэ Сэлмэн ыцIэкIэ заджэхэрэ щагоу шъхьэ зытелъ пкъэу къэлапчъэхэр зиIэм къыщикIухьэщтыгъэ. 24 Джуртмэ Исус къауцухьи къеупчIыгъэх:

–Нафэу къытэмыIоу, сыд фэдизрэ джыри тэмыгъашIэу тыщыбгъэIэщта? Христосыр орымэ, занкIэу къытаIу.

25 –ШъосIуагъэба, ау шъо шъушIошъ хъурэп,– ариIожьыгъ Исус. –Сэ Сятэ ыцIэкIэ згъэцакIэрэ Iофхэр шыхьат къысфэхъух. 26 Ау шъо шъушIошъ хъурэп, сыда пIомэ зэрэшъосIуагъэм тетэу симэлхэм шъо шъуащыщэп.
27 Симэлхэр сымакъэ къедэIух. Сэ ахэр сэшIэх, ахэри сауж итхэу къэкIох. 28 Ахэмэ мыкIодыжьын щыIэныгъэ ясэты, егъашIэми кIодыжьыщтхэп. Зыми ахэр сIэкIихынхэ ылъэкIыщтэп. 29 Сэ Сятэу ахэр къысэзытыгъэр зэкIэмэ анахь ин. Зыми ахэр Сятэ IэкIихынхэ ылъэкIыщтэп. 30 Ты лъапIэмрэ сэррэ тыз.

31 Исус ар зареIом, джуртхэмэ ежьыр аукIыным пае, еонхэу мыжъохэр къаштагъэх. 32 Ау Исус ариIуагъ:

–Ты лъапIэм ыдэжь къикIыгъэу, Iофышхо гъэшIэгъон Iаджи шъозгъэлъэгъугъэ. Ахэмэ ащыщэу тара мыжъохэмкIэ шъукъысаозэ, сызтешъуукIыхьанэу шъузыфаер?

33 –Iофышхо гъэшIэгъон горэ о зэрэпшIагъэр арэп мыжъохэмкIэ тыкъыуаозэ, утыукIынэу тызыкIыфаер, ау о уцIыфэу «Сытхь» пIоу, Тхьэр зэрэбгъэпцIырэр ары,– къыраIожьыгъ джуртхэм.

34 –Шъо шъуи Тэурат хабзэ итба, Тхьэм мырэущтэу

---

10:22 Тхьэм иунэшхо ежьым фагъази, къызэрэратыжьыгъагъэм пае, мэфэкI мэфэшхо мафэхэр – Исус къэхъуным ыпэкIэ 167–рэ илъэсым Антиок Епифан зыцIэ пачъыхьэм тхьэ нэпцIхэм апае къурмэн шIыпIэ Тхьэм иунэшхо щигъэуцугъагъ. А пачъыхьэм Тхьэм иунэшхо арэущтэу зэриуцIэпIыгъагъэм пае, джуртхэм а унэшхор агъэкъэбзэжьи, Тхьэм ынэшIу ащ щифэнэу елъэIугъагъэх. Арэущтэу Тхьэм иунэшхо ежьым фагъази, къызэрэратыжьыгъагъэр агу къагъэкIыжьызэ, джуртхэм илъэс къэс мэфийкIэ а мэфэкI мэфэшхо мафэхэр агъэмэфэкIых. ДжуртыбзэкIэ а мэфэкI мэфэшхо мафэхэм зэряджэхэрэр «Ханукэ» ары.

зэриIуагъэр:* «Сэ сIуагъэ шъо тхьэхэу шъузэрэщы-
тыр?»– ариIожьыгъ Исус. –Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэри
укъуагъэхэу хъущтэп. [35] Арэущтэу ежь игущыIэхэр
цIыфхэу къызфэкIуагъэхэмэ «Шъо тхьэхэу шъущыт»,
ыIуи, Тхьэм ариIуагъ. [36] Арышъ, сэ Ты лъапIэм къы-
гъэнэфагъэу мы дунаем къыгъэкIуагъэм, «Сэ Тхьэм
сыри Къу», зэрэсIуагъэм пае, сыдэущтэу «О Тхьэр
огъэпцIы», къысэшъуIон шъулъэкIыра? [37] Сэ Сятэ иIоф-
хэр сымыгъэцакIэхэу щытмэ, сэркIэ шIошъхъуныгъэ
зишъумыгъаI. [38] Ау сэ Сятэ иIофхэр згъэцакIэхэу щыт-
мэ, сэркIэ шIошъхъуныгъэ шъуимыIэ пэтми, а Iоф-
хэмкIэ шIошъхъуныгъэ зижъугъаI. Ащыгъум сэ Ты
лъапIэм сыщыщэу ыгу сызэрилъ зэпытри, Ты лъа-
пIэри сэ къысщыщэу сыгу зэрилъ зэпытри къэшъу-
шIэщт ыкIи къыжъугурыIощт.

[39] Джыри зэ Исус аубытынэу фежьагъэх, арышъхьакIэ
ежьыр аIэпыкIыгъ.

[40] Ащ нэужым Исус Иордан зыщIэ псыхъом джыри зэпы-
рыкIыжьи, Иуан цIыфхэр зыщиумэхъыщтыгъэ чIыпIэм
кIуи, ащ дэжьым къэнагъ. [41] ЦIыфыбэхэри ыдэжь къэ-
кIуагъэх.

–Иуан зы нэшэнэ гъэшIэгъонышхуи къыгъэлъэгъуа-
гъэп, ау мы лIым ехьылIагъэу къыIуагъэхэр зэкIэ шъы-
пкъэх,– къаIуагъ ахэмэ.

[42] А чIыпIэми цIыфыбэмэ ИсускIэ шIошъхъуныгъэ яIэ
хъугъэ.

## ЯПШIЫКIУЗЭНЭРЭШЪХЬ

### Лазар зэрэлIагъэр

ЛIы горэ Лазар ыщIэу сымаджэу щытыгъ. Ар Ви-
фание къуаджэм* щыщыгъ. Мерэми ышыпхъу Марфи а

---

10:34 Тхьэм . . . зэриIуагъэр – еплъ Сэбур (Псалтыр) 82:6 (урыс библием-кIэ 81:6).

11:1 Вифание къуаджэр – Ерусалим километрищкIэ пэчыжьэу, итемыр тыгъэ къыкъокIыпIэ лъэныкъомкIэ щыт.

къуаджэм щыщыгъэх. [2] А Мерэм* ары осэшхо зиIэ да-
гъэр Зиусхьаным ылъакъохэм ащифи, ышъхьацкIэ зы-
лъэкIыжьыгъэр. Ащ ышы Лазар ары сымаджэу щытыгъэр.
[3] Арэущтэу зэхъум, зэшыпхъуитIум Исус лIыкIо фагъа-
кIуи рырагъэIуагъ:

–Зиусхьан, о шIу плъэгъурэр сымадж.

[4] Исус ар зызэхехым, къыIуагъ:

–А узыр лIэныгъэ къызхэкIырэ узэп, Тхьэм щытхъу-
шхо фэзышIыщт уз нахь. А узым къыхэкIыкIэ цIыфхэм
Тхьэм Ыкъо щытхъушхо фашIыщт.

[5] Исус, Марфи, Марфэ ышыпхъуи, Лазари шIу ылъэ-
гъущтыгъэх. [6] Лазар зэрэсымаджэр Исус зызэхехым, зы-
дэщыIэ чIыпIэм джыри мэфитIукIэ къэнагъ.

[7] Ащ нэуж игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ:

–Иудей хэкум* джыри тыжъугъэкIожь.

[8] –Равви, джуртхэр мыжъохэмкIэ къыоонхэу уаукIы-
нэу уауж зитыгъэр бэ шIагъап, джыри ащ окIожьа?–
къыраIуагъ игъогу рыкIохэрэмэ.

[9] –Мафэр сыхьат пшIыкIутIу мэхъуба?– къыIожьыгъ
Исус. –Мафэм зекIорэр лъэпаорэп, сыда пIомэ дунаем
инэфынэ елъэгъушъ ары. [10] Ау чэщым зекIорэр мэлъэ-
пао, сыда пIомэ нэфынэм хэтэпышъ ары.

[11] Исус а гущыIэхэр зареIохэ ужым, ариIуагъ:

–Тиныбджэгъу Лазар хэчъыягъ, ау къэзгъэушыжьынэу
сэкIо.

[12] –Зиусхьан, хэчъыягъэмэ хъужьыщт,– къыраIуагъ
игъогу рыкIохэрэм. [13] Ау Исус зыфиIуагъэр Лазар зэрэ-
лIагъэр ары, ау игъусэхэм къызэрагурыIуагъэр чъыен
къызэрыкIом Исус тегущыIэу ары.

[14] Джащыгъум Исус нафэу ариIуагъ:

–Лазар лIагъэ. [15] Ау шъощ пае сигуапэ ащ дэжьым сызэ-
рэщымыIагъэр, шIошъхъуныгъэ шъуиIэ хъуным пае. Ау
некIо ыдэжь тыжъугъакIу.

[16] Исус арэущтэу зареIом, Фомэу ТIуазэкIэ заджэхэрэм
адрэ нэбгырэхэу Исус игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ:

–НекIох, тэри Исус тыдэрэкIод.

---

11:2 А Мерэмыр – еплъ 12:1–8.

11:7 Иудей хэкур– еплъ 3:22.

## Исусэу лӀагъэхэр къэзыгъэтэджыжьэу, щыӀэныгъэ язытырэр

[17] ЕтӀанэ ащ дэжьым зынэсым, Лазар къэунэм зычӀалъ-
хьажьыгъэр мэфиплӀ зэрэхъугъэр Исус къышӀагъ. [18] Ви-
фание къуаджэр стадие* пшӀыкӀутфыкӀэ Ерусалим пэчы-
жьэу щыт. [19] Лазар зэрэлӀагъэм пае, джуртыбэ тхьаусха-
кӀо Марфэрэ Мерэмрэ къафэкӀуагъэх. [20] Марфэ Исус
къызэрэкӀорэр зызэхехым, ащ пэгъокӀыгъ, ау Мерэм унэм
къинагъ.

[21] –Зиусхьан,– ыӀуи, Марфэ Исус къыриӀуагъ. –О мыщ
ущыӀагъэемэ, сэ сшы лӀэщтыгъэп. [22] Ау о Тхьэм сыд щыщ-
кӀи уелъэӀумэ, джыри ар къызэрэпфишӀэщтыр сэшӀэ.

[23] –О пшы къэтэджыжьыщт,– риӀуагъ Исус.

[24] –Аужырэ мафэу лӀагъэхэр къэзыщытэджыжьы-
щтым ари къызэрэтэджыжьыщтыр сэшӀэ,– къыриӀо-
жьыгъ Марфэ.

[25] –ЛӀагъэхэр къэзыгъэтэджыжьэу, щыӀэныгъэр язы-
тырэр сэры; сэркӀэ шӀошъхъуныгъэ зиӀэр лӀэми щыӀэщт;
[26] хэти ащ фэдэ щыӀэныгъэ зиӀэ хъоу, сэркӀэ шӀошъхъу-
ныгъэ зиӀэр егъашӀэми лӀэжьыщтэп. Ар пшӀошъ мэ-
хъуа?– риӀуагъ Исус.

[27] –Ары, Зиусхьан,– къыриӀожьыгъ Марфэ. –Христо-
сэу* Тхьэм ЫкъоуI дунаем къэкӀон фэягъэр орэу зэрэщы-
тыр сшӀошъ мэхъу.

[28] Марфэ ар къызеӀом, ыгъэзэжьи, ышыпхъу Мерэм
къеджи, шъэфэу риӀуагъ:

–Дин гъэсакӀор къэкӀуагъэу къыоджэ.

[29] Мерэм ар зызэхехым, псынкӀэу къэтэджи, Исус
ыдэжь къэкӀуагъ. [30] Исус джыри къуаджэм дэхьэгъагъэ-
гоп, Марфэ зыщыӀукӀагъэм ыдэжь щытыгъ. [31] Джуртхэу
тхьаусхакӀо къэкӀуагъэхэр Мерэм игъусэхэу унэм исы-
гъэхэм Мерэм псынкӀэу тэджи, унэм икӀыгъэу залъэгъум,
къэунэм кӀонышъ, ащ дэжьым щыгъынэу ашӀошӀи, ыуж
ихьагъэх.

[32] Ау Мерэм Исус зыдэщыӀэм къакӀуи, Исус зелъэгъум,

---

11:18 стадие – метр 192–рэ мэхъу.

11:27 Христос – еплъ 1:20.

ылъакъохэм адэжь зыщыридзыхи къыриIуагъ:

–Зиусхьан, о мыщ ущыIагъэемэ, сэ сшы лIэщтыгъэп.

33 Исус Мерэм гъэу, ащ игъусэхэу къэкIогъэ джуртхэри гъыхэу зелъэгъухэм, ыгу къеуи, лъэшэу гумэкIыгъэ.

34 –Тыда хьадэр зыщычIэшъулъхьажьыгъэр?– къыIуагъ Исус.

–Зиусхьан, къакIуи, еплъ,– къыраIуагъ ахэмэ.

35 Джащыгъум Исус къэгъыгъ.

36 Ар залъэгъум, джуртмэ къаIуагъ:

–Ащ шIу зэрилъэгъущтыгъэм шъуеплъ!

37 –Мы лIэу нэшъум ынэхэр къэзыгъэплъагъэм а лIыр ымыгъэлIэн ылъэкIыщтыгъэба?– къаIуагъ ахэмэ ащыщхэу заулэмэ.

## Исус Лазар лIагъэхэм къызэрахигъэтэджыкIыжьыгъэр

38 Исус ыгу лъэшэу къыхаIэу, къэунэм кIуагъэ. Ар гъочIэгъэу щытыгъ, мыжъуи ащ Iуалъхьажьыгъэу щытыгъ.

39 –Мыжъор Iушъух,– къыIуагъ Исус.

–Зиусхьан,– ыIуи, лIагъэм ышыпхъу Марфэ Исус къыриIуагъ, –ар зылIагъэр мэфиплI мэхъу, мэ Iае къыпихы хъугъэ.

40 –ШIошъхъуныгъэ уиIэмэ, Тхьэм ищытхъушхо зэрэплъэгъущтыр къыосIуагъэба?– риIуагъ Исус.

41 Арэущтэу лIагъэр зычIэлъ гъочIэгъым Iулъ мыжъор Iуахыгъ. Исуси уашъом дэплъыий къыIуагъ:

–Сэ Сят! СилъэIу укъызэредэIугъэмкIэ щытхъу къыпфэсэшIы.
42 Сыдигъуи силъэIухэм укъызэрядэIурэр сэшIэ. О сыкъызэрэбгъэкIуагъэмкIэ мыщ дэжьым щыт цIыф купышхом шIошъхъуныгъэ яIэ хъуным пае, мы гущыIэхэр къэсIуагъэх.

43 Исус ар къызеIом ыуж, мэкъэшхокIэ къыIуагъ:

–Лазар, къычIэкI!

44 ЛIагъэм ыIэхэми ылъакъохэми чэфынхэр къящэкIыгъэхэу, ынэгуи шэкI фыжь ещэкIыгъэу къычIэкIыгъ.

–Чэфынхэу ещэкIыгъэхэр къытешъухыжьи, орэкIожь!– ариIуагъ Исус.

## Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщ тхьаматэхэм Исус тхьагъэпщIыгъэкIэ аукIынэу гухэлъ зэрашIыгъэр

(Маттэ 26:1–5; Марк 14:1–2; Лука 22:1–2)

45 Исус Iофышхо гъэшIэгъонэу ышIагъэр залъэгъум,
Мерэм ыдэжь къэкIогъэгъэ джуртхэм ащыщхэу бэмэ
ИсускIэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ. 46 Ау а джуртхэмэ
ащыщэу куп фарисеймэ адэжь кIохи, Исус ышIагъэр ара-
Iотэжьыгъ. 47 Дин пэщэшхохэмрэ фарисейхэмрэ хъугъэ-
шIагъэр зызэхахым, Тхьэмэтэ Хэсэшхом* щыщхэр зэIуа-
гъэкIагъэх.

–Сыда тшIэщтыр?– аIозэ зэхэупчIыхьажьыгъэх. –Мы
лIым нэшэнэ гъэшIэгъонышхоу Iаджи къегъэлъагъо.
48 Ащ тыпэмыуцоу къэдгъанэмэ, цIыф пстэуми ащкIэ
шIошъхъуныгъэ яIэ хъущт. Рим къэралыгъошхом щыщ-
хэу, мы хэгъэгур зыIэ илъхэр къэкIонхэшъ, Тхьэм иунэ-
шхуи ттырахынышъ, тэ тлъэпкъи агъэкIодыщт.

49 Джуртхэм ащыщэу, а илъэсым дин пэщэшхоу* щытэу
Кайафэ* зыцIэм адрэмэ ариIуагъ:

–Шъо зи шъушIахэрэп. 50 Тэ тлъэпкъ зэкIэ кIоды-
ным нахьи, лъэпкъым пае зы нэбгырэ закъо лIэмэ, тэр-
кIэ зэрэнахьышIур къыжъугурыIорэба?

51 Ар ежь–ежьырэу къыIуагъэп, ау а илъэсым дин пэщэ-
шхоу щытыгъэти, джурт лъэпкъым пае Исус ыпсэ зэри-
тыщтыр Тхьэм ащ ыгу къырилъхьи, къыригъэIуагъ.
52 Исус ыпсэ зыфитыщтыр джурт лъэпкъым пае закъор
армырэу, Тхьэм ибынхэу зэбгырыдзыгъэхэр зы хъунхэуи
зы чIыпIэ щиугъоижьынхэуи ары. 53 Арыти, а мафэм ще-
гъэжьагъэу Исус аукIынэу рахъухьагъ.

54 Ащ къыхэкIэу цIыфхэм алъэгъоу Исус джуртхэмэ
къахэхьажьыгъэп, ау а чIыпIэм икIи, шъоф нэкIым ылъэ-

---

11:47 Тхьэмэтэ Хэсэшхор – дин Iофхэм яхьылIагъэу хьыкум зышIэу, анахь тетыгъо зиIэ хасэу джуртхэм яIагъэр ары. Тхьаматэ нэбгырэ 70–рэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщыгъэх. А хэсэшхом итхьаматэу дин пэщэшхор арыгъэ. Тхьэмэтэ Хэсэшхом загъорэ «СинедрионкIэ» еджэх.

11:49 дин пэщэшхор – дин пащэхэм ятхьаматэуи Тхьэмэтэ Хэсэшхом итхьаматэуи щытыгъ.

11:49 Кайафэ – Аннэ ыпхъу илIэу щытыгъ. Исус къызэхъу нэужым я 18–36 –рэ илъэсхэм къакIоцI дин пэщэшхоу щытыгъ.

нықъокIэ ит къуаджэу Ефраим* зыцIэм кIуи, игъогу ры-
кIохэрэр игъусэхэу ащ дэжьым къэнагъ.
55 Джуртхэм ямэфэкI мэфэшхоу Пасхъэ зыцIэр къэблэ-
гъагъэти, диным къызэриIорэм тетэу, мэфэкI мэфэшхом
ыпэкIэ загъэкъэбзэжьынэу а хэкум щыщхэу цIыфыбэхэр
Ерусалим къэкIуагъэх. 56 Джащыгъум Исус лъыхъущты-
гъэх, Тхьэм иунэшхо чIэтхэуи зэхэупчIыхьажьыщтыгъэх:

–Сыда шъуIорэр шъо? МэфэкI мэфэшхом пае ар къэ-
кIонба?

57 Ау дин пэщэшхохэмрэ фарисейхэмрэ Исус аубыты-
ным пае, унашъо къыдагъэкIыгъагъ:

–Хэти Исус зыдэщыIэр зышIэрэм макъэ къытигъэIун фае.

## ЯПШIЫКIУТIОНЭРЭШЪХЬ

### Мерэм Вифание къуаджэм дагъэу осэшхо зиIэр Исус ылъакъохэм зэращифагъэр

(Маттэ 26:6–13; Марк 14:3–9)

МэфэкI мэфэшхоу Пасхъэ зыцIэр* къэсынкIэ мэфих
къэнагъэу, Исус Вифание къуаджэм къэкIуагъ. Лазарэу
Исус лIагъэхэм къахигъэтэджыкIыжьыгъэр ащ дэжьым
щыпсэущтыгъ. 2 Исус пчыхьэшъхьашхэ къыфагъэхьазы-
рыгъ, Марфи бысымгуащэу щытыгъ. Исус игъусэу Iанэм
пэсыгъэхэм Лазари ахэсыгъ. 3 Джащыгъум Мерэм нард зы-
цIэ къэкIыгъэм идагъэ къабзэу ыкIи осэшхо зиIэу, мэIэ-
шIу зыпихырэм щыщ зы апч къышти, Исус ылъакъохэм
ащифи, ышъхьацкIи ылъэкIыжьыгъэх. Дагъэм къыпи-
хырэ мэ IэшIур унэм изы хъугъэ.

4 Ау Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщэу Иудэ Симон
Искариотэу, Исус тетыгъо зиIэхэм аIэкIэзыгъэхьанэу
щытыгъэм къыIуагъ:

11:54 Ефраим къуаджэр – Ерусалим километрэ 24–кIэ пэчыжьэу, итемыр тыгъэ къыкъокIыпIэ лъэныкъомкIэ итыгъ. Темыр зыфаIорэр арапыбзэкIэ «шэмал», тыркубзэкIи «кузей» ары.

12:1 МэфэкI мэфэшхоу Пасхъэ зыцIэр – еплъ 2:13.

5 –Мы дагъэу осэшхо зиIэр динар* шъищкIэ тщэу тхьа-
мыкIэхэм сыда зыкIятымытыгъэр?

6 Иудэ ар зыкIиIуагъэр тхьамыкIэхэм ыгу афэгъукIэ
арэп, тыгъуакIоу щытыгъэти ары нахь. Ащ ахъщалъэр
ыIыгъыгъэти, ащ ахъщэу ралъхьэрэм хэтыгъухьэщтыгъ.

7 –А бзылъфыгъэм ыуж икI,– къыIуагъ Исус. –Сэ
сызщычIалъхьажьыщт мафэм пае мы дагъэр сфиухъу-
магъ. 8 Сыда пIомэ тхьамыкIэхэр шъо къышъухэт зэпы-
тых, ау сэ сышъухэт зэпытыщтэп.

9 ЦIыф купышхоу джуртхэм ащыщхэм Исус ащ дэжьым
зэрэщыIэр зэхахыгъэти къэкIуагъэх, ау къызфэкIуагъэ-
хэр Исус изакъоп, Лазарэу лIагъэхэм къахигъэтэджыкIы-
жьыгъэри зэрагъэлъэгъунэу арыгъэ. 10 Арэущтэу дин пэ-
щэшхохэм Лазари аукIынэу рахъухьагъ, 11 сыда пIомэ Ла-
зар пае джуртыбэхэр ятхьаматэхэм агокIыхи, ИсускIэ
шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.

### Щытхъушхо иIэу, Исус Ерусалим зэрэдэхьагъэр

(Маттэ 21:1–11; Марк 11:1–11; Лука 19:28–40)

12 ЯтIонэрэ мафэм мэфэкI мэфэшхом пае къэкIогъэ
цIыф купышхохэм Исус Ерусалим къызэрэкIорэр зэха-
хыгъ. 13 Зызэхахым, палмэ чъыгым* икъутамэхэр аштэхи,
Исус пэгъокIынхэу дэкIыгъэх, мэкъэшхокIэ къаIозэ:

–Хьусаннэ!* Израил ипачъыхьэу
Зиусхьаным ыцIэкIэ къакIорэм
щытхъушхор ий!

14 ЕтIанэ Исус зы щыд къунан къыгъоти, тетIысхьагъ,
Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,*

15 «Умыщын Сион къалэ.
Мары, уипачъыхьэ щыд къунаным* тесэу къэкIо».

---

12:5 динар – еплъ 6:7.

12:13 палмэ чъыгыр – хъурмэ чъыгыр ары.

12:13 Хьусаннэ – щытхъу гущыIэ ары.

12:14–15 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 40:9; Пегъымбар Зэкъарие тхылъэу ытхыгъэм 9:9.

12:15 щыд къунан – щыд курэр ары.

16 Исус игъогу рыкIохэрэм а хъугъэ–шIагъэм къикIы-
рэр къагурыIуагъэп, ау Исус щытхъушхо иIэ хъугъэу, уа-
шъом зыдэкIоежьым ыуж, Исус ехьылIагъэу Тхьэм игу-
щыIэ тхыгъэхэм а гущыIэхэр зэрарытхэри, а гущыIэхэм
атетэу цIыфхэр Исус зэрэдэзекIуагъэхэри агу къэкIы-
жьыгъ.
17 ЦIыфхэу купышхом хэтхэу Исус игъусагъэхэм адрэ
цIыфхэм араIуатэ зэпытыщтыгъ, Исус Лазар еджи, къэ-
унэм къычIигъэкIыжьи, лIагъэхэм къызэрахигъэтэджы-
кIыжьыгъэр. 18 А нэшэнэ гъэшIэгъонышхор къызэригъэ-
лъэгъуагъэр цIыфыбэмэ зэхахыгъэти, Исус пэгъокIын-
хэу дэкIыгъэх. 19 Ар залъэгъум, фарисеймэ зэраIожьыгъ:
–Шъуеплъ, ежьым зи ешъушIэн зэрэшъумылъэкIырэр
шъолъэгъу. Мары дунаем ицIыф пстэури ежьым ыуж
ехьэх.

**Исус ежьыр зэраукIыщтыр къызэриIуагъэр**

20 МэфэкI мэфэшхом Тхьэм щелъэIунхэу къэкIуагъэхэ-
мэ урым цIыф* заулэхэр ахэтыгъэх. 21 Ахэр Галилей хэ-
кум ит Вифсайдэ къалэм* щыщ Филипп ыдэжь кIохи елъэ-
Iугъэх:
–Тхьаматэ, Исус тлъэгъунэу тыфай.
22 Филиппи кIуи, Индрыс риIуагъ. ЕтIанэ Филиппрэ
Индрысрэ кIохи, Исус раIуагъ.
23 –ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо ищытхъушхо цIыфхэм
зыщалъэгъущт сыхьатыр къэсыгъ,– къариIуагъ Исус.
24 –Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, коцыцэр чIыгум хафэу мы-
лIэмэ, изакъоу къэнэжьы, ау чIыгум хафэу зылIэкIэ,
гъэбэжъушхо къыхьыщт. 25 Зыпсэ шIу зылъэгъурэм ыпсэ
шIокIодыщт, ау зыпсэ мы дунаем щызыуджэгъурэм сыди-
гъуи щыIэнэу къыгъэнэжьыщт. 26 Сэ къысфэлажьэрэр
сауж къырэрэкIу. Сэ сыздэщыIэми къысфэлажьэрэри
щыIэщт. Ты лъапIэм сэ къысфэлажьэрэм лъытэныгъэ
фишIыщт.
27 –Джы сэгумэкIы. Сыд сIона? Сэ Сятэ мы къиныгъэм
сыхэхыжь, есIона? Мы къиныгъэр сщэчынэу ары дунаем

---

12:20 урым цIыфхэр – иунан цIыфхэр ары.

12:21 Вифсайдэ къалэр – еплъ 1:44.

сыкъызфэкIуагъэр. [28] Сэ Сятэ о пцIэ ищытхъушхо цIыф-
хэм ягъэлъэгъу.

Исус ар зеIом, уашъом зы макъэ къиIукIыгъ:

–Сэ сцIэ ищытхъушхо цIыфхэм язгъэлъэгъугъ, джыри
зэ язгъэлъэгъужьыщт.

[29] ЦIыф купышхом хэт цIыфхэу ащ дэжьым щытхэм ар
зызэхахым, аIуагъ:

–Ар шыблэ гъогъо макъ.

–МэлэIич горэ ащ къыдэгущыIагъ,– аIуагъ нэмыкI-
хэмэ.

[30] –Мы макъэр сэщ пае къэIугъэп, шъощ пае нахь,–
къыIуагъ Исус. [31] –Джы Тхьэм дунаем ицIыфхэм хьыкум
атыришIыхьащт. Джы Тхьэм мы дунаем ипщ* тыридзыщт.
[32] Ау цIыфхэм сэ сыкъызаIэтыкIэ,* цIыф пстэури садэжь
къэсщэщтых.

[33] Ежьыр зэрэлIэщт шIыкIэр ахэмэ агуригъэIоным пае,
Исус а гущыIэхэр къыIуагъэх.

[34] –Христос егъашIэми зэрэщыIэщтыр Тэурат хабзэм
тигъэшIагъ,– къыраIуагъ цIыф купышхом. –ЦIыфхэм
ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо* къызэраIэтыщтыр къэоIо, ар
сыдэу хъура? ЦIыф Лъэпкъым Ыкъоу зыфапIорэр хэта?

[35] –Нэфынэр джыри зы тIэкIурэ къышъухэтыщт,– ари-
Iуагъ Исус ахэмэ. –ШIункIыгъэр къышъутемыоу нэфы-
нэр шъуиIэфэ шъукIу. ШIункIыгъэм хэтэу зекIорэм зы-
дакIорэр ышIэрэп. [36] Нэфынэм ибынхэу шъухъуным пае,
нэфынэр шъуиIэфэ, нэфынэмкIэ шIошъхъуныгъэ зижъу-
гъаI.

А гущыIэхэр Исус къызеIохэм ыуж, ахэмэ ахэкIи, амы-
лъэгъужьы хъугъэ.

## Джуртхэм яшIошъмыхъуныгъ

[37] Исус ащ фэдиз нэшэнэ гъэшIэгъонышхохэр ахэмэ
апашъхьэ къыщигъэлъэгъуагъэхэми, ежьымкIэ шIошъ-
хъуныгъэ яIэ хъугъэп. [38] Арэущтэу зыфэхъугъэр мы гу-

---

12:31 мы дунаем ипщ – шэйтаныр ары.

12:32 сыкъызаIэтыкIэ – еплъ 3:14.

12:34 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – еплъ 1:51.

щыIэхэу пегъымбар Исайас къыIуагъэхэр* къэшъыпкъэжьынхэр ары:

«Зиусхьан, къэбарэу дгъэIугъэр хэта зышIошъ хъугъэр?
Тхьэу Зиусхьаным ыкIочIэшхуи хэта нафэ зыфэхъугъэр?»

39 А гущыIэхэр шъыпкъэх. А цIыфхэм шIошъхъуныгъэ
яIэ хъун алъэкIыщтыгъэп, сыда пIомэ пегъымбар Исайас
итхылъ итэу нэмыкI чIыпIэм ыдэжь къызэриIуагъэм фэдэу,*

40 «Тхьэм ахэмэ анэхэр нэшъоу къыгъэхъугъэх,
агухэри гуркъэхэу къыгъэхъугъэх.
Арэущтэу анэхэмкIэ алъэгъурэп, агухэмкIи къагурыIорэп,
ыгъэхъужьынхэм паий, Тхьэм ыдэжь къагъэзэжьрэп».

41 Пегъымбар Исайас Исус щытхъушхоу иIэнэу щытыгъэр
зэрилъэгъугъэм пае, а гущыIэхэр къыIуагъэх. Зигугъу
ышIыгъэр Исус ары.

42 Ау щытми, джурт тхьаматэхэм ащыщхэу бэмэ Исус-
кIэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ, ау цIыфмэ апашъхьэ ар
къыщаIуагъэп, сыда пIомэ «Синэгогум тыкъычIафыщт»,
аIозэ, фарисейхэм ащыщынэщтыгъэхэти ары. 43 Сыда
пIомэ Тхьэм ищытхъу нахьи цIыфмэ ящытхъу нахьышIу
алъэгъущтыгъ.

44 ЕтIанэ Исус мэкъэшхокIэ къыIуагъ:

–СэркIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ хъурэм шIошъхъуныгъэ
зыфиIэ хъурэр сэ сизакъоу арэп, сэ сыкъэзыгъэкIуагъэм-
кIи шIошъхъуныгъэ иIэ мэхъу. 45 Сэ сызылъэгъурэм сэ
сыкъэзыгъэкIуагъэри елъэгъу. 46 СэркIэ шIошъхъуныгъэ
зиIэр шIункIыгъэм къыхэмынэным пае, нэфынэу дунаем
сыкъэкIуагъ.

47 –Сэ сигущыIэхэр зэхэзыххэу, ахэмэ ямыдэIурэр сэ
згъэмысэщтэп. Сыда пIомэ дунаем ицIыфхэр згъэмысэн-
хэу арэп сыкъызфэкIуагъэр, ахэр мыкIодхэу къэзгъэнэ-
жьынхэу ары нахь. 48 Сэ сызэзымыпэсэу сигущыIэхэри зы-

---

12:38 пегъымбар Исайас къыIуагъэхэр – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 53:1.

12:39–40 пегъымбар Исайас къызэриIуагъэм фэдэу – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 6:10.

мыдэрэм ежьыр зыгъэмысэн горэ иI. ГущыIэхэу къэсIуагъэхэм
ахърэт мафэм а цIыфыр агъэмысэщт. [49] Сыда пIомэ
сэр–сэрэу сигущыIэхэр къэсIуагъэхэп, ау Ты лъапIэу
сыкъэзыгъэкIуагъэм къэсIощтхэр унашъо къысфишIыгъ. [50] Ащ иунашъо цIыфхэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ яIэ зэригъэхъурэр сэшIэ. Арышъ, къасIохэрэр зэкIэ
Ты лъапIэм къызэриIуагъэм тетэу сэ къэсэIожьых.

## ЯПШIЫКIУЩЭНЭРЭШЪХЬ

### Исус игъогу рыкIохэрэм алъакъохэр зэритхьакIыгъэхэр

Пасхъэ зыцIэ мэфэкI мэфэшхор къэсынэу щытыгъ. Дунаем ехыжьынышъ, Ты лъапIэм ыдэжь зыщигъэзэжьыщт сыхьатыр къызэрэсыгъэр Исус ышIэщтыгъ. Ежь ицIыфхэу дунаем тетхэр шIу ылъэгъущтыгъэх, кIэухыми нэсыфэ шIу ылъэгъущтыгъэх.
[2] Пчыхьэшъхьашхэ ашIыщтыгъ. Исус тетыгъо зиIэхэм
аIэкIигъэхьанэу шэйтаным Симон Искариот ыкъоу Иудэ
ыгу рилъхьэгъах. [3] Исус ыIэ Ты лъапIэм зэкIэ къызэрэрилъхьагъэри, Тхьэм зэрэщыщри, Тхьэм ыдэжь зэригъэзэжьыщтри ышIэщтыгъ. [4] Арэущтэу Исус Iанэм пэкIи,
ищыгъын кIыIутелъ зыщихи, IэплъэкI къышти, ыбгы
къырищэкIыгъ. [5] ЕтIанэ лэджэным псы ригъахъуи,
игъогу рыкIохэрэм алъакъохэр афитхьакIыхэу, IэплъэкIэу ыбг ещэкIыгъэмкIи афилъэкIыжьхэу ыублагъ. [6] Исус
Симон Петрэ зыбгъодахьэм, Симон Петрэ ащ къыриIуагъ:

–Зиусхьан, э слъакъохэр о птхьакIыхэ хъуна?

[7] –Сэ сшIэрэр джы о къыбгурыIорэп, ау етIанэ къыбгурыIощт,– риIожьыгъ Исус.

[8] –Сэ слъакъохэр егъашIэми озгъэтхьакIынхэп,– къыриIуагъ Петрэ.

– ПфэсымытхьакIымэ, сигъогу рыкIохэрэм уащыщэп,– риIожьыгъ Исус.

[9] –О Зиусхьан, ащыгъум слъакъомэ ямызакъоу сIэхэри
сшъхьи сфэтхьакIых,– къыриIуагъ Симон Петрэ.

[10] –ЗызыгъэпскIыгъэм ылъакъохэр ары ныIэп ытхьакIынхэ фаер,– риIуагъ Исус, –сыда пIомэ ар зэкIэ къабзэ; шъори шъукъабз, ау шъо зэкIэ шъукъабзэп.

11 Исус «Шъо зэкIэ шъукъабзэп» зыкIиIуагъэр ежь тетыгъо зиIэхэм аIэкIэзыгъэхьанэу щытыгъэр зэрахэтыр ышIэщтыгъэти ары.

12 Исус ахэмэ алъакъохэр ытхьакIыхи, ищыгъынхэр зыщилъэжьхи зэтIысыжьым, яупчIыгъ:

–КъышъуфэсшIагъэр шъошIа? 13 Шъо «Дин ГъэсакIо-
кIэ» ыкIи «ЗиусхьанкIэ» шъукъысэджэ; шъуIорэр тэрэз,
аущтэуи сыщыт. 14 Сэ шъуи Зиусхьанэу ыкIи шъуи Гъэса-
кIоу сыщыт пэтми, шъо шъулъакъохэр къышъуфэстхьа-
кIыгъэх. Шъори шъулъакъохэр зэфэшъутхьакIыжьынхэ
фае. 15 ШъушIэн фаер шъозгъэлъэгъугъ, сэ къышъуфэ-
сшIагъэм фэдэу, шъори шъушIэным пае. 16 Шъыпкъэ дэ-
дэр шъосэIо, Iофтабгэр итхьаматэ нахьи нахь инэп; ащ
фэдэуи лIыкIор ежьыр зыгъэкIуагъэм нахьи нахь инэп.
17 Мы Iофхэр къыжъугурыIохэу, шъогъэцакIэхэмэ сы-
хьатмафэ шъуежьагъ.

18 –Ау шъо зэкIэми къышъохьылIагъэу ар сэ къасIорэп.
Сэ къыхэсхыгъэхэр сэшIэх, ау мы гущыIэхэу Тхьэм игу-
щыIэ тхыгъэхэм арытхэр* къэшъыпкъэжьынхэ фае: «Си-
хьалыгъу зышхыгъэм ылъэдакъэ къысфигъэзэжьи, пый
къысфэхъугъ».

19 –Ар къэхъуным ыпэкIэ, джы сэ шъосэIо, ар хъу зыхъу-
кIэ, сэ сызэрэ–ХристосымкIэ шIошъхъуныгъэ шъуиIэ хъу-
ным пае. 20 Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, сэ къэзгъакIорэр
къезыгъэблагъэрэм сэри сыригъэблэгъагъэу мэхъу, сэ
сезыгъэблагъэрэми сэ сыкъэзыгъэкIуагъэри ригъэблэ-
гъагъэу мэхъу.

## Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщэу зыгорэм ежьыр тетыгъо зиIэхэм зэраIэкIигъэхьащтыр къызэриIуагъэр

(Маттэ 26:20–25; Марк 14:17–21; Лука 22:21–23)

21 Исус а гущыIэхэр къызеIохэм ыуж, къэгумэкIи, къыушыхьатэу къыIуагъ:

–Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, шъуащыщэу зыгорэм тетыгъо зиIэхэм саIэкIигъэхьащт.

22 Ар къызеIом, Исус ахэмэ ащыщэу зыфиIорэр игъогу рыкIохэрэм амышIэу, зыр адрэм еплъыжьыщтыгъ.

---

13:18 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр – еплъ Сэбур (Псалтыр) 41:9 (урыс библиемкIэ 40:10).

[23] Игъогу рыкIохэрэм ащыщэу Исус анахьышIоу ылъэ-
гъурэр ежьым къыбгъодэсэу Iанэм пэсыгъ. [24] Симон Петрэ
а нэбгырэу Исус къыбгъодэсым Iэ фишIыгъ, Исус зы-
фиIорэмкIэ еупчIынэу.
[25] А лIым Исус ыбгъэгу зычIидзи, еупчIыгъ:
–Зиусхьан, хэта а зыфапIорэр?
[26] –Мы хьалыгъу Iулъхьэр апсым хэзгъэоныщъ, зэсты-
щтыр ары зыфасIорэр,– пэгъокI ытыжьыгъ Исус. ЕтIанэ
хьалыгъу Iулъхьэр апсым хигъауи, Симон Искариот ыкъо
Иудэ ритыгъ. [27] Иудэ а хьалыгъу Iулъхьэр зештэм, ыгу
Шэйтаныр къихьагъ.
–ПшIэнэу о угу илъыр шIэхэу шIэ!– ыIуи, Исус Иудэ
риIуагъ.
[28] Ау Исус ащ арэущтэу зыкIыриIуагъэр Iанэм пэсыгъэ-
мэ ащыщэу зыми къыгурыIуагъэп. [29] Иудэ ахэмэ яахъща-
лъэ ыIыгъыгъэти, е «Пасхъэ мэфэшхом пае тищыкIагъэр
къэщэф», е «ТхьамыкIэхэм зыгорэ ят», ыIозэ, Исус ащ
риIуагъэу заулэмэ къашIошIыгъ. [30] Иудэм хьалыгъу Iулъ-
хьэр Исус къызэрэIихэу, унэм икIыгъ. Чэщэу щытыгъ.

**УнэшъуакIэр**

[31] Иудэ унэм зекIым, Исус къыIуагъ:
–Джы цIыфхэм ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо ищытхъушхо
алъэгъунэу щыт, ащи Тхьэм ищытхъушхо аригъэлъэгъу-
нэу щыт. [32] Ащ Тхьэм ищытхъушхо цIыфхэм арегъэлъэ-
гъушъ, ежь Тхьэми ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо ищытхъушхо
цIыфхэм аригъэлъэгъущт. Бэ темышIэуи Тхьэм ащ ищы-
тхъушхо аригъэлъэгъущт.
[33] –Сибынхэр, сышъуигъусэнэу къэнэжьырэр бэп. Шъо
шъукъыслъыхъущт, ау «СыздакIорэм шъо шъукъэкIон
шъулъэкIыщтэп», сIуи, джуртмэ зэрясIуагъэм фэдэу,
джы шъори шъосэIо.
[34] –УнэшъуакIэ шъосэты: ШIу шъузэрэлъэгъу. Сэ шIу
шъузэрэслъэгъугъэм фэдэу, шъори шIу шъузэрэлъэгъу.
[35] Шъо шIу шъузэрэлъэгъумэ, шъо сигъогу шъузэрэры-
кIорэр цIыф пстэуми ашIэщт.

### «Сэ сыкъэмышIэу къэпIощт,» ыIуи, Исус Петрэ зэрэриIуагъэр

(Маттэ 26:31–35; Марк 14:27–31; Лука 22:31–34)

36 Симон Петрэ Исус къыриIуагъ:
–Зиусхьан, тыда уздакIорэр?
–Сэ сыздакIорэм джы укъыскIэлъыкIон плъэкIыщтэп,
ау етIанэ укъыскIэлъыкIощт,– риIожьыгъ Исус.
37 –Зиусхьан,– къыриIуагъ Петрэ. –Сыд джы сыкъыпкIэ-
лъыкIон зыкIэсымылъэкIырэр? Ощ пае сэ спсэ стыщт.
38 –Сэщ пае о упсэ птыщта?– пэгъокI ытыжьыгъ Исус.
–Шъыпкъэ дэдэр осэIо, атакъэр Iоным ыпэкIэ сэ сыкъэ-
мышIэу гъогогъуищэ къэпIощт!

## ЯПШIЫКIУПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

### Исусэу Ты лъапIэм ыдэжь кIорэ гъогур

–ШъумыгумэкI. ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ зижъугъаI,
сэркIи шIошъхъуныгъэ зижъугъаI. 2 Сэ Сятэ иунэшхо
унэхэу хэтхэр бэ; арэу щымытыгъэмэ, шъосIощтыгъэ:
«ЧIыпIэ къышъуфэзгъэхьазырынэу сыкIощт». 3 СыкIоу,
чIыпIэ къызышъуфэзгъэхьазыркIэ, сыкъэкIожьынышъ,
сэ сыздэщыIэм шъори шъущыIэнэу шъуздэсщэщт. 4 Сыз-
дакIорэм игъогу шъо шъошIэ.
5 –Зиусхьан,– къыриIуагъ Фомэ Исус, –уздакIорэр тшIэ-
рэп. Арышъ, уздакIорэм игъогу сыдэущтэу тшIэн тлъэ-
кIына?
6 –Гъогури, шъыпкъагъэри, щыIэныгъэри сэры,– ри-
Iожьыгъ Исус. –Сэ сигъогу рымыкIомэ, Ты лъапIэм
ыдэжь цIыф зи кIошъущтэп. 7 Сэ сышъошIэмэ, Сяти шъо-
шIэ. Джы щегъэжьагъэу Сятэ шъошIэ ыкIи шъулъэгъу-
гъэ.
8 –Зиусхьан,– ыIуи, Филипп Исус къыриIуагъ. –Ты лъа-
пIэр тэгъэлъэгъуи, ар тфырикъущт.
9 –Мыщ фэдизрэ сышъуигъусагъэу, джыри о сыкъэмы-
шIэу ара, Филипп?– риIуагъ Исус. –Сэ сызылъэгъугъэм
Ты лъапIэри ылъэгъугъ. Арышъ, о «Ты лъапIэр тэгъэ-

лъэгъу», сыдэущтэу пIошъура? [10]Сэ Ты лъапIэм сыщы-
щэу, ежь ыгу сызэрилъ зэпытри, Ты лъапIэри сэ къысщы-
щэу, сэ сыгу зэрилъ зэпытри пшIошъ хъурэба? ГущыIэхэу
къышъуасIохэрэр сэр–сэрэу къасIохэрэп. Ты лъапIэу
къысщыщэу, сэ сыгу илъ зэпытым иIофхэр егъэцакIэх.
[11]Сэ Ты лъапIэм сыщыщэу, ежь ыгу сызэрилъ зэпытри,
Ты лъапIэри сэ къысщыщэу, сэ сыгу зэрилъ зэпытри зы-
сIокIэ, шъушIошъ жъугъэхъу. Ар мыхъуми, Iофхэу сэ
згъэцакIэхэрэм апае шIошъхъуныгъэ зижъугъаI. [12]Шъы-
пкъэ дэдэр шъосэIо, сэркIэ шIошъхъуныгъэ зиIэм Iоф-
хэу сэ згъэцакIэхэрэр ыгъэцэкIэщтых, ахэмэ анахьи нахь
Iофышхохэри ыгъэцэкIэщтых, сыда пIомэ сэ Ты лъапIэм
ыдэжь сыкIожьыщт. [13]Сэ сцIэкIэ сыд щыщкIи Ты лъапIэм
шъуелъэIумэ, ар сэ къышъуфэсшIэщт, Ыкъо Ты лъапIэм
ищытхъушхо цIыфхэм аригъэлъэгъуным пае. [14]Сэ сцIэ-
кIэ сыд щыщкIи шъукъысэлъэIумэ, сэ ар къышъуфэ-
сшIэщт.

## Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ къафыригъэхынэу Исус игъогу рыкIохэрэр зэригъэгугъагъэхэр

[15]–Шъо сэ шIу сышъулъэгъумэ, сиунашъохэр жъугъэ-
цэкIэщтых. [16]Сэ Ты лъапIэм селъэIунышъ, ащ шъуи-
гукъао Шъушъхьэщызыхыжьын нэмыкI горэ къышъу-
фыригъэхыщт. Ар шъуигъусэ зэпытыщт. [17]Тхьэм Ыпсэ
ЛъапIэу цIыфхэм шъыпкъагъэр языгъашIэрэр ары. Ду-
наем ицIыфхэм ар зэрамылъэгъурэм ыкIи зэрамышIэ-
рэм пае, ар агу илъынэу адэн алъэкIырэп, ау шъо ар
шъошIэ, сыда пIомэ шъуигъусэшъ ыкIи шъугу илъ зэпы-
тышъ ары. [18]Шъыпкъэ, шъо ибэу шъукъэзгъэнэщтэп;
шъуадэжь сыкъэкIожьыщт. [19]ТIэкIу шIэмэ, дунаем
ицIыфхэм салъэгъужьыщтэп, ау шъо сышъулъэгъущт,
сыда пIомэ сэ сыщыIэшъ, шъори шъущыIэщт. [20]Ау Сятэ
ыгу сызэрилъ зэпытри, шъори сэ сыгу шъузэрилъ зэпыт-
ри, сэри шъо шъугухэм сызэрарылъ зэпытри а мафэм
шъо шъушIэщт. [21]Сиунашъохэр зиIэу, ахэр зыгъэцакIэ-
рэр ары сэ шIу сызылъэгъурэр. Сэ шIу сызылъэгъурэр
Сяти шIу къылъэгъущт. Сэри ар шIу слъэгъущт ыкIи
зыкъезгъэлъэгъущт.

[22]Джащыгъум Иудэ (Иудэ Искариот зыцIэр арэп) Исус
къыриIуагъ:

–Зиусхьан, дунаем ицIыфхэм о зямыгъэлъэгъоу, тэ
зыкъытэбгъэлъэгъунэу оIо, ар сыдэущтэу хъура?
[23] –Сэ шIу сызылъэгъурэм сигущыIэхэр ыгъэцэкIэ-
щтых,– риIожьыгъ Исус. –Сэ Сяти ар шIу къылъэгъущт,
а цIыфыми ыдэжь тэ тыкъэкIонышъ, ащ ыгу тилъыщт.
[24] ШIу сызымылъэгъурэм сигущыIэхэр ыгъэцакIэхэрэп.
ГущыIэхэу къасIохэу зэхэшъуххэрэр сэ сигущыIэхэу щыт-
хэп, Ты лъапIэу сыкъэзыгъэкIуагъэм игущыIэхэу щытхэ
нахь.
[25] –Сышъуигъусэфэ, а гущыIэхэр шъосIуагъэх. [26] Ау
шъуигукъао Шъушъхьэщызыхыжьрэр, Тхьэм Ыпсэ Лъа-
пIэ ары, сэ сцIэкIэ Ты лъапIэм къышъуфыригъэхыщт.
Ащ зэкIэ шъуигъэшIэщт, сэ къышъосIуагъэхэри зэкIэ
шъугу къыгъэкIыжьыщтых. [27] Гупсэфыныгъэ къышъу-
фэсэгъанэ, сигупсэфыныгъэ шъосэты. Гупсэфыныгъэу
сэ шъостырэр дунаем къышъуитын ылъэкIырэп. Шъумы-
гумэкI ыкIи шъумыщын.
[28] –«СышъухэкIыжьми, шъуадэжь сыкъэкIожьыщт»
сIуи, зэрэшъосIуагъэр зэхэшъухыгъэ. Сэ шIу сышъулъэ-
гъугъэмэ, «Ты лъапIэм ыдэжь сыкIожьыщт» сIуи, сэ зэрэ-
сIуагъэмкIэ шъугушIощтыгъ, сыда пIомэ Ты лъапIэр сэщ
нахьи нахь ин. [29] Мы Iофыр къэхъуным ыпэкIэ шъосIуагъэ,
ар хъу зыхъукIэ, шIошъхъуныгъэ шъуиIэ хъуным пае.
[30] Бащэрэ сыкъыжъудэгущыIэжьыщтэп, сыда пIомэ мы
дунаем ипщ* къакIо пэт. Ащ иIоф сэ къысхэлъэп. [31] Ау Ты
лъапIэр сэ шIу зэрэслъэгъурэри, унашъоу къысфишIы-
гъэхэр зэрэзгъэцакIэхэрэри дунаем ицIыфхэм ашIэн фае.
Шъукъэтэджи, мыщ тыIужъугъэкIыжь.

## ЯПШIЫКIУТФЭНЭРЭШЪХЬ

### Исусэу сэнэшъхьэ къулэ шъыпкъэр

–Сэнэшъхьэ къулэ шъыпкъэр сэры, сэнэшъхьашIэри
сэ Сятэ ары. [2] Сикъутамэхэм ащыщэу зи къызпымыкIэ-
рэр пеупкIы. Сыдрэ къутамэуи къызпыкIэрэр еукъэбзы,

14:30 Мы дунаем ипщ – шэйтаныр ары.

нахьыбэ къыпыкӀэным пае. [3]ГущыӀэхэу шъосӀуагъэхэм-
кӀэ шъо шъугухэр укъэбзыгъахэ. [4]Сэ шъугухэм сары-
жъугъэлъ зэпыт, шъори сыгу шъуилъ зэпытыщт. Къута-
мэр сэнэшъхьэ къулэм пымытмэ, зи къызэрэпымыкӀэ-
шъущтым фэдэу, шъори шъугухэм сарышъумыгъэлъ
зэпытмэ, шӀугъэ къышъупыкӀыщтэп.

[5]–Сэнэшъхьэ къулэр сэры, къутамэхэри шъоры. ЦӀыф
горэм ыгу сэ силъ зэпытэу, ежьыри сыгу илъ зэпытмэ,
а цӀыфым бэу шӀугъэ къыпыкӀыщт; сыда пӀомэ сэ сы-
шъуигъусэу щымытмэ, зи шъушӀэн шъулъэкӀыщтэп.
[6]ЦӀыф горэм ыгу симылъ зэпытмэ, къутамэм фэдэу ар
чӀадзыжьынышъ, гъужьыщт. Ащ фэдэ къутамэхэр ау-
гъоинхэшъ, машӀом падзэнхэшъ, агъэстыжьыщтых.
[7]Шъо шъугухэм сарылъ зэпытэу, сигущыӀэхэри шъугу-
хэм арылъ зэпытхэмэ, сыд шъузыфаемкӀэ Сятэ шъуелъэӀу,
ащыгъум шъузэрелъэӀурэри шъуиӀэ хъущт. [8]ЦӀыфмэ сэ
Сятэ щытхъушхо зэрэфяжъугъэшӀыщтыр шъо бэу шӀу-
гъэ къызэрэшъупыкӀырэр ары. Арэущтэу сигъогу шъузэ-
рэрыкӀорэр къэжъугъэлъэгъощт.

[9]–Ты лъапӀэм шӀу сызэрилъэгъугъэм фэдэу, сэри шъо
шӀу шъуслъэгъугъ. СишӀулъэгъуныгъэ зыхэшъумыгъэн.
[10]Сиунашъохэр зыжъугъэцакӀэхэкӀэ, сэ шъо шӀу шъу-
слъэгъу зэпытыщт, сэри Сятэ иунашъохэр зэрэзгъэцэ-
кӀагъэхэм пае, ащ сэ шӀу сызэрилъэгъу зэпытрэм фэдэу.
[11]А Ӏофхэр къызыфышъосӀуагъэхэр сигушӀуагъо шъугу-
хэм арылъынышъ, шъуигушӀуагъуи икъугъэу хъуныр
ары. [12]Мыры сиунашъо: Сэ шъо шӀу шъузэрэслъэгъу-
гъэм фэдэу, шъори шӀу шъузэрэлъэгъун фае. [13]ЦӀыфэу
ежь иныбджэгъухэм апае зыпсэ зытырэм ишӀулъэгъуны-
гъэ нахьи нахь шӀулъэгъуныгъэшхо щыӀэп. [14]Сиунашъо-
хэр шъогъэцакӀэхэмэ, шъори шъусиныбджэгъух. [15]Джы
шъо ӀофтабгэхэкӀэ сышъоджэжьрэп, сыда пӀомэ Ӏофтаб-
гэм ежь итхьаматэ игухэлъ ышӀэрэп. Сэ шъо синыбджэ-
гъухэкӀэ сышъоджагъ, сыда пӀомэ Сятэ къыӀохэу зэхэс-
хыгъэхэр зэкӀэ къышъуфэсӀотэжьыгъэх. [16]Шъо сэ сы-
къыхэшъухыгъэп, ау сэ шъо шъукъыхэсхыгъ. Шъо шъу-
кӀонышъ, шӀугъэ къышъупыкӀынышъ, а шӀугъэри къэ-
нэжьынэу згъэнэфагъэ. Джащыгъум сэ сцӀэкӀэ сыд щыщ-
кӀи Ты лъапӀэм шъуелъэӀумэ, ащ шъо къышъуфишӀэщт.
[17]ШӀу шъузэрэлъэгъуныр ары унашъоу къышъуфэсшӀы-
рэр.

## Дунаем ицIыфхэм Исус игъогу рыкIохэрэр зэрауджэгъухэрэр

18 –Дунаем ицIыфхэм шъуауджэгъоу щытмэ, шъо шъуа-
уджэгъуным ыпэкIэ, сэри сауджэгъугъэу зэрэщытыгъэр
зыщышъумыгъэгъупш. 19 Мы дунаем шъущыщыгъэмэ,
мы дунаем ицIыфхэм ежьхэм афэдэу шIу шъуалъэгъу-
щтыгъ. Джы зэрэщытымкIэ, мы дунаем шъущыщэп, ау
мы дунаем шъуиIахьэ хэмылъынэу шъо шъукъыхэсхыгъ.
Джары дунаем ицIыфхэм шъузыкIауджэгъурэр. 20 Сэ
къышъосIогъэ гущыIэхэр зыщышъумыгъэгъупшэх: Iоф-
табгэр итхьаматэ нахьи нахь инэп. Сэ къин сагъэщэ-
чыгъ, шъори къин шъуагъэщэчыщт. Сэ сигущыIэхэм
ядэIухэу щытыгъэхэмэ, шъо шъуигущыIэхэми ядэIу-
щтых. 21 Ау сэ сцIэ зэрэжъугъэлъапIэрэм пае, а бзэджа-
гъэ пстэури къышъуашIэщт, сыда пIомэ сэ сыкъэзыгъэ-
кIуагъэр ашIэрэпышъ ары. 22 Сэ сыкъакIуи, сигущыIэхэр
ясымыIуагъэхэмэ, псэкIод яIэщтгъэп, ау джы псэкIодхэу
ашIагъэхэм апае фэгъэгъу зи яIэп. 23 Сэ сызыуджэгъурэм
Сяти еуджэгъу. 24 Сэщ нэмыкI зыми ымышIэгъэ Iофы-
шхохэр ахэмэ апашъхьэ щысымышIагъэхэмэ, ахэмэ псэ-
кIод яIэщтгъэп. Ау джы а Iофышхохэу сэ сшIагъэхэр
алъэгъугъэхэ пэтми, сэри Сяти тыкъауджэгъу. 25 Ау арэу-
щтэу зыфэхъун фаер мы гущыIэхэу ахэмэ я Тэурат хабзэ
итхэр* къэшъыпкъэжьынхэр ары: «Сэ лажьэ симыIэ пэтми,
сауджэгъугъ».

26 –Ау Ты лъапIэм ыдэжь къикIэу шъуигукъао Шъу-
шъхьэщызыхыжьрэр къышъуфезгъэхыщт. Ар Ты лъа-
пIэм ыдэжь къикIэу, ащ Ыпсэ ЛъапIэу цIыфхэм шъы-
пкъагъэр языгъашIэрэр ары. Ар къызыкIокIэ, шыхьат
сэ къысфэхъущт. 27 Шъори шыхьат шъукъысфэхъущт,
сыда пIомэ апэм щегъэжьагъэу шъусигъусэу щытыгъэ-
ти ары.

---

15:25 яТэурат хабзэ итхэр – еплъ Сэбур (Псалтыр) 69:4 (урыс библием-
кIэ 68:5).

## ЯПШIЫКIУХЭНЭРЭЩЪХЬ

–А Iофхэр зэкIэ къызыфышъосIуагъэхэр сэ сигъогу
шъутемыкIынэу ары. 2 Синэгогухэм шъукъачIафыщт.
Ащ имызакъоу, хэт щыщми шъузыукIырэр Тхьэм фэла-
жьэкIэ зыгугъэщт мафэри къэсыщт. 3 Ты лъапIэри сэри
тызэрамышIагъэм пае, а Iофхэр ашIэщт. 4 Ау а Iофхэр
джы къызфышъосIуагъэхэр а мафэр къызыскIэ, ахэр
къызэрэшъосIуагъэхэр шъугу къэжъугъэкIыжьынхэу ары.
Сышъуигъусагъэти, нахьыпэкIэ ахэр сэ къышъуасIощты-
гъэхэп.

### Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ Iофхэу ыгъэцакIэхэрэр

5 –Джы сыкъэзыгъэкIуагъэм ыдэжь сыкIожьыщт. Ау
шъуащыщ гори «Тыдэ укIорэ?» ыIоу къысэупчIырэп.
6 Ау а Iофхэр зэрэшъосIуагъэхэм пае, шъугу мапэ.
7 Ау шъыпкъэр шъосэIо, сэ сызэрэшъухэкIырэр шъоркIэ
нахьышIу; сыда пIомэ сышъухэмыкIымэ, шъуигукъао
Шъушъхьэщызыхыжьрэр къышъуфэкIощтэп. СызыкIокIэ,
ар къышъуфезгъэхыщт. 8 Шъуигукъао Шъушъхьэщызыхы-
жьрэр къызыкIокIэ, псэкIодшIэныр зыфэдэри, шъыпкъа-
гъэр зыфэдэри, Тхьэм мы дунаем ицIыфхэм хьыкум
зэратыришIыхьащтри зэхаригъэшIыкIыщт: 9 сэркIэ шIошъ-
хъуныгъэ яIэ зэрэмыхъугъэр зэрэпсэкIодыр зэхаригъэ-
шIыкIыщт. 10 Шъыпкъагъэ зэрэсиIэри зэхаригъэшIы-
кIыщт, сыда пIомэ сэ Ты лъапIэм ыдэжь сыдэкIое-
жьынышъ, сышъулъэгъужьыщтэп. 11 Тхьэм ихьыкум
цIыфхэм атыришIыхьаныр зыфэдэри зэхаригъэшIыкIыщт,
сыда пIомэ Тхьэм мы дунаем ипщ* ыгъэмысэгъах.
12 –Джыри къышъосIонэу щыIэр бэ, ау джы шъо ар шъу-
щыIэн шъулъэкIыщтэп. 13 Ау Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэу цIыф-
хэм шъыпкъагъэр языгъашIэрэр къызыкIокIэ, шъыпкъа-
гъэр зэкIэ зэхэшъуигъэшIыкIыщт. Ежь–ежьырэу зи
къыIощтэп, Тхьэм къыIохэу зэхиххэрэр ары къыIощтхэр,
къэхъущт–къэшIэщтхэри къышъуигъэIущтых. 14 Ащ щы-
тхъушхо къысфишIыщт, сыда пIомэ Iофхэу шъуигъэ-
шIэщтхэр зэкIэ сэ садэжь къекIыхэшъ ары. 15 Ты лъапIэм

16:11 мы дунаем ипщ – шэйтаныр ары.

иIэр зэкIэ сэсый. Ары зыкIэсIуагъэр Тхьэм Ыпсэ Лъа-
пIэу цIыфхэм шъыпкъагъэр языгъашIэрэр Iофхэу сIохэ-
рэр къызэрэшъуигъэшIэжьыщтхэр.

## Исус игъогу рыкIохэрэм ягукъао текIынышъ, гушIуагъокIэ зэрэзэблихъущтыр

[16] –ТIэкIу шIэмэ, сышъулъэгъужьыщтэп, етIани тIэкIу
шIэмэ сышъулъэгъужьыщт; сыда пIомэ Ты лъапIэм
ыдэжь сыдэкIоежьыщтышъ ары.

[17] Исус ар зеIом, игъогу рыкIохэрэм ащыщхэу заулэмэ
зэраIожьыгъ:

–«ТIэкIу шIэмэ сышъулъэгъужьыщтэп, етIани тIэкIу
шIэмэ сышъулъэгъужьыщт», ыкIи «Ты лъапIэм ыдэжь
сыдэкIоежьыщт», зиIокIэ къыригъэкIырэр сыд шъуIуа?

[18] Арэущтэу ахэмэ аIо зэпытыщтыгъ:

–«ТIэкIу шIэмэ» зыфиIорэм къыригъэкIырэр тшIэрэп.

[19] Исус ахэр къеупчIыхэмэ зэрашIоигъор къышIи ари-
Iуагъ:

–«ТIэкIу шIэмэ сышъулъэгъужьыщтэп, етIани тIэкIу
шIэмэ сышъулъэгъужьыщт», сIуи, зыфэсIуагъэмкIэ шъу-
зэупчIыжьа? [20] Шъыпкъэ дэдэр шъосэIо, шъо шъугъыщт
ыкIи шъупыхьащт, ау дунаем ицIыфхэр гушIощтых. Шъо
шъугу къеощт, ау шъуигукъао текIынышъ, гушIуагъокIэ
зэблихъущт. [21] Бзылъфыгъэм сабый къыфэхъунэу зыхъу-
кIэ, къин ещэчы, сыда пIомэ къин зыщищэчын фае
игъор къэсыгъэшъ ары. Ау бын къызыфэхъукIэ, гушIо-
зэ къинэу ыщэчыгъэр щэгъупшэжьы, сыда пIомэ дунаем
зы цIыф къытехъуагъэшъ ары. [22] Ащ фэдэу шъори джы
гукъао шъуиI, ау сэ шъуслъэгъужьыщт. Джащыгъум
шъори шъугушIожьыщт, а гушIуагъори зыми шъутыри-
хыщтэп. [23] А мафэм зыкIи шъукъысэупчIыщтэп. Шъы-
пкъэ дэдэр шъосэIо, сэ сцIэкIэ Ты лъапIэм сыд щыщ-
кIи шъуелъэIумэ, ар къышъуфишIэщт. [24] Джы нэсы сэ
сцIэкIэ Сятэ зыкIи шъуелъэIугъэп. ШъуелъэIуи, шъузэ-
релъэIурэри шъуиIэ ыгъэхъущт, шъуигушIуагъо икъу-
гъэу хъуным пае.

25 –А Iофхэр гъэсэныгъэ тхыдэхэмкIэ шъосIуагъэх.
Ау гъэсэныгъэ тхыдэхэмкIэ сыкъызыжъудэмыгущыIэ-
жьын мафэр къэсыщт. А мафэр къызыскIэ, Ты лъа-
пIэм ехьылIагъэу нафэу шъосIощт. 26 А мафэм сэ
сцIэкIэ Ты лъапIэм шъуелъэIущт. Шъо къышъохьы-
лIагъэу Ты лъапIэм селъэIунэу шъуасIорэп; 27 сыда
пIомэ шъо сэ шIу сышъулъэгъугъэу, Тхьэм сызэрэ-
щыщымкIэ шIошъхъуныгъэ шъуиIэ зэрэхъугъэм пае,
ежь Ты лъапIэми шъо шIу шъуелъэгъу. 28 Ты лъа-
пIэм сыщыщэу сэ дунаем сыкъытехьагъ. Джыри зэ
дунаем сытекIыжьынышъ, Ты лъапIэм ыдэжь сыдэ-
кIоежьыщт.

29 –Джы гъэсэныгъэ тхыдэ хэмытэу, нафэу укъэгу-
щыIэ,– къаIуагъ Исус игъогу рыкIохэрэм. 30 –О зэкIэри
зэрэпшIэрэри, цIыф горэм ыгу илъыр пшIэным пае, а
цIыфыр къыоупчIыжьынэу щыкIагъэ зэрэуимыIэри джы
зэдгъэшIагъ. Ащ пае Тхьэм о узэрэщыщымкIэ шIошъхъу-
ныгъэ тиI.

31 –Джы шIошъхъуныгъэ шъуиIэ хъугъа?– ариIуагъ
Исус ахэмэ. 32 –Мары, шъо шъузэбгырыкIыжьэу, шъуа-
щыщэу хэти иунэ зигъэзэжьыщт игъор къэсы пэт ыкIи
къэсыгъах. Сэ сизакъоу утыгум сыкъишъунэщт, ау сэ
сизакъоп, сыда пIомэ, Ты лъапIэр сигъусэшъ ары.

33 –А Iофхэр сэ къызфышъосIуагъэхэр сэ шъугухэм сы-
зэрарылъым пае, гупсэфыныгъэ шъуиIэ хъуныр ары. Ду-
наем къин щышъущэчыщт, ау шъугу шъумыгъэкIоды: сэ
дунаем сытекIуагъ.

## ЯПШIЫКIУБЛЭНЭРЭШЪХЬ

### Исус Тхьэм зэрелъэIугъэр

А гущыIэхэр къызеIохэ ужым, Исус уашъом дэплъыий
къыIуагъ:

–Сэ Сят, игъор къэсыгъ. О пкъо ищытхъушхо цIыфхэм
ягъэлъэгъу, о пКъуи о уищытхъушхо цIыфхэм аригъэ-

лъэгъуным пае. [2] Сыда пIомэ цIыф пстэуми тетыгъо афы-
риIэнэу о Пкъо ыIэ ахэр иплъхьагъэх, о ащ ыIэ иплъ-
хьэгъэ цIыф пстэуми мыкIодыжьын щыIэныгъэ арииты-
ным пае. [3] ЦIыфхэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ яIэ зэрэхъу-
рэ гъогур о Тхьэ шъыпкъэ закъор узэрашIэщтри, о къэбгъэ-
кIогъэ Иисус Христос зэрашIэштри ары. [4] Сэ Iофэу згъэ-
цэкIэнэу спшъэ къиплъхьагъэр зэрэзгъэцэкIагъэмкIэ ду-
наем ицIыфхэм о уищытхъушхо язгъэлъэгъугъ. [5] Джы,
Сят, дунаер къэхъуным ыпэкIэ, уадэжь щысиIэгъэ щытхъу-
шхом фэдэ щытхъушхо уадэжь щысиIэ гъэхъу.

[6] –Дунаем яIахьэ хэмылъынэу сэ сIэ къиплъхьэгъэ
цIыфмэ о уязгъэшIагъ. Ахэр о уицIыфхэу щытыгъэх, сэ
сIэ къиплъхьагъэх, уигущыIэхэри агъэцэкIагъэх. [7] Сэ сIэ
къиплъхьагъэр зэкIэ уадэжь къызэрикIыгъэр ахэмэ джы
ашIэ; [8] сыда пIомэ о сIэ къиплъхьэгъэ гущыIэхэр сэ ахэмэ
аIэ ислъхьажьыгъэх. Ахэмэ а гущыIэхэр аштагъэх. Сэ о сы-
зэрэпщыщым ишъыпкъагъэ зэрагъэшIагъ, о сыкъызэрэ-
бгъэкIуагъэмкIи шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ. [9] Сэ ахэмэ
апае сыолъэIу. Дунаем ицIыфхэр арэп сыкъызфыолъэ-
Iурэр, о сэ сIэ къиплъхьэгъэ цIыфхэр ары нахь, сыда
пIомэ ахэр оуиех. [10] ЦIыфхэу сэ сIэ илъхэр зэкIэри оуи-
ех, уицIыфхэри зэкIэ сэсиех. Ахэми сищытхъушхо агъэ-
нафэ. [11] Сэ джы дунаем сытетыжьыщтэп, ау ахэр джыри
дунаем тетых. Сэ уадэжь сыкъэкIожьыщт. Сятэ лъапI, о
пцIэу къысэптыгъэм ыкIуачIэкIэ ахэр къэухъумэх, оррэ
сэррэ зы тызэрэхъурэм фэдэу, ахэри зы хъунхэм пае. [12] Сэ
ахэмэ сырягъусэу зыщэтым, о пцIэу къысэптыгъэм ыкIуа-
чIэкIэ ахэр къэсыухъумэщтыгъэх ыкIи сафэсакъы-
щтыгъ. КIодын фае цIыфым* нэмыкI ахэмэ ащыщэу зи
кIодыгъэп, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр къэшъы-
пкъэжьынхэм пае.

[13] –Ау джы уадэжь сыкъэкIожьыщт. Дунаем сытетыфэ,
мы гущыIэхэр къэсэIох, сигушIуагъо ахэмэ агухэм икъу-
гъэу арылъ хъуным пае. [14] О уигущыIэхэр ахэмэ аIэ ислъ-
хьажьыгъэх. Сэ мы дунаем сызэрэщымыщым фэдэу, ахэ-
ри мы дунаем зэрэщымыщхэм пае, мы дунаем ицIыфхэм
ахэр ауджэгъугъэх. [15] СыкъызэрэолъэIурэр ахэр шэйта-
ным о щыуухъумэнхэр ары, ахэр дунаем тепхыжьынхэр
арэп. [16] Сэ мы дунаем сызэрэщымыщым фэдэу, ахэри мы

---

17:12 кIодын фае цIыфыр – Иудэу Иисус тетыгъо зиIэхэм аIэкIэзыгъэхьа-
нэу щытыгъэр ары.

дунаем щыщхэп. 17 Ахэмэ шъыпкъагъэмкIэ зыкъыуатыжьынэу гъэхъу. О уигущыIэхэр ары шъыпкъагъэу щытхэр. 18 О дунаем сыкъызэрэбгъэкIуагъэм фэдэу, сэри ахэр дунаем згъэкIуагъэх. 19 Сэ ахэмэ яхьатыркIэ зыкъыосэты, ахэми шъыпкъэу зыкъыуатыгъэу хъуным пае.

20 –Ахэмэ язакъоу арэп сэ сыкъызфыолъэIурэр, ахэмэ ягущыIэхэмкIэ сэркIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ хъущт цIыфхэми сыкъафыолъэIу. 21 Ахэр зэкIэри зы орэхъух. О Сятэ сэ сыгу уилъ зэпытэу, сэри о угу сызэрилъ зэпытым фэдэу, тэ ахэми агухэм тарылъ зэпытынэу сыкъыолъэIу. Ащыгъум о сыкъызэрэбгъэкIуагъэмкIэ дунаем ицIыфмэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъущт. 22 О сэ щытхъушхо сиIэ зэрэбгъэхъугъэм фэдэу, сэри ахэмэ щытхъушхо яIэ згъэхъугъэ, тэ зы тызэрэщытым фэдэу, ахэри зы хъунхэм пае:
23 Сэ ахэмэ агухэм сарылъ зэпытэу, о сэ сыгу уилъ зэпытэу, шъыпкъэу зы орэхъух. Ащыгъум о сыкъызэрэбгъэкIуагъэри, сэ шIу сызэрэплъэгъугъэм фэдэу, ахэри шIу зэрэплъэгъугъэхэри дунаем ицIыфхэм ашIэщт.

24 –Сят, цIыфхэу о сIэ къиплъхьагъэхэр сэ сыздэщыIэм сигъусэхэу щыIэнхэу сэ сшIоигъу, сэ щытхъушхоу сиIэ бгъэхъугъэр алъэгъуным пае. А щытхъушхор сиIэ зыкIэбгъэхъугъэр дунаер къэхъуным ыпэкIэ, шIу сызэрэплъэгъугъэр ары.

25 –Сятэ заф, дунаем ицIыфхэм о уашIэрэп, ау сэ усэшIэ. СицIыфхэм о сыкъызэрэбгъэкIуагъэр ашIэ. 26 Сэ о ахэмэ уязгъэшIагъ ыкIи уязгъэшIэщт, шIулъэгъуныгъэу о къысфыуиIэр ахэми агухэм арылъ зэпытыным пайй, сэри ахэмэ агухэм сарылъ зэпытыным пайй.

# ЯПШIЫКIОЕНЭРЭШЪХЬ

## Исус зэраубытыгъэр

(Маттэ 26:47–56; Марк 14:43–50; Лука 22:47–53)

Исус а гущыIэхэр къызеIохэ ужым, дэкIи, игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу Кедрон зыцIэ къуладжэм зэпырыкIыгъ. Ащ дэжьым хатэ горэ Iутыгъ. Исусрэ игъогу рыкIохэрэмрэ а хатэм дэхьагъэх.

2 Иудэу Исус тетыгъо зиIэхэм аIэкIэзыгъэхьанэу щытыгъэм а чIыпIэр ышIэщтыгъ, сыда пIомэ Исусрэ

игъогу рыкIохэрэмрэ а чIыпIэм бэрэ щызэIукIэщтыгъэх.
[3] Джарэущтэу дзэлI купрэ ухъумэкIо купэу дин пэщэшхохэми фарисейхэми агъэкIуагъэмрэ Иудэ зыдищагъэх. Ахэмэ машIо зыпыгъэнэгъэ бэщхэри, остыгъэхэри, Iашэхэри аIыгъхэу къэкIуагъэх.
[4] Исус къехъулIэщтыр зэкIэ ешIэти, апэгъокIи яупчIыгъ:

–Хэта шъузлъыхъурэр?

[5] –Назарет щыщ Исус ары,– къыраIуагъ ахэмэ.

–Сэры ар,–ариIуагъ Исус. Иудэу Исус ахэмэ аIэкIэзыгъэхьанэу щытыгъэр ахэмэ ахэтыгъ.
[6] Исус, «Сэры ар», ыIуи зареIом, ахэр зэкIакIохи, чIыгум зытырадзагъ.
[7] –Хэта шъузлъыхъурэр?– ыIуи, Исус джыри зэ яупчIыгъ.

–Назарет щыщ Исус ары,– къыраIожьыгъ ахэмэ.

[8] –Сэры ар шъосIуагъэба?– ариIуагъ Исус. –Сэрымэ шъузлъыхъурэр, сигъусэхэмэ зи яшъумышIэу, орэкIожьых!
[9] Исус арэущтэу зыфиIуагъэр ежьым мы гущыIэхэу Ты лъапIэм риIогъагъэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары:

–О сIэ къиплъхьэгъэ цIыфхэм ащыщэу зи згъэкIодыгъэп.

[10] Симон Петрэ сэшхо зыдиIыгъыгъэти, ар къырихи, дин пэщэшхом* иунэIут еуи, иджабгъу тхьакIумэ гуиупкIыгъ. А унэIутым ыцIагъэр Малх.
[11] –Сэшхор сапIэм илъхьажь,– ыIуи, Исус Петрэ риIуагъ. –Ты лъапIэм къыситыгъэ къиныгъэм ишъуалъэ итым сешъон фаеба?

## Исус дин пэщэшхом ыпашъхьэ зэрэращагъэр

(Маттэ 26:57–58; Марк 14:53–54; Лука 22:54)

[12] ЕтIанэ дзэ пащэр ягъусэу дзэлI купымрэ джурт ухъумакIохэмрэ Исус аубыти, Iэхъу тыралъхьагъ.
[13] ЫIпэ ра-

---

18:10 дин пэщэшхор – еплъ 11:49.

пшIэу Аннэ* зыцIэм ыдэжь ащагъ. Аннэ а илъэсым идин
пэщэшхоу Кайафэ зыцIэм ишIупщэу щытыгъ.
14 А Кайафэ ары адрэ джуртхэм агурызыгъаIоу мырэущтэу язы-
Iогъагъэр: «Тэ тлъэпкъ зэкIэ лIэным нахьи, зы нэбгырэ
закъо лIэмэ нахьышIу».

## Петрэ Исус ымышIэу къызэриIуагъэр

(Маттэ 26:69–70; Марк 14:66–68; Лука 22:55–57)

15 Симон Петрэрэ Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщэу
нэмыкI зыгорэмрэ Исус кIэлъыкIощтыгъэх. А лIэу Исус
игъогу рыкIорэр дин пэщэшхом инэIуасэу щытыгъэти,
Исус игъусэу дин пэщэшхом ищагу дэхьагъ.
16 Ау Петр дэ-
мыхьэу, къэлэпчъэ кIыбым къэнагъ. Ащ нэужым Исус
игъогу рыкIорэ лIэу дин пэщэшхом инэIуасэу щытыр къы-
дэкIыжьи, пчъэIут пшъашъэм дэгущыIи, Петрэ щагум
дищагъ.
17 –Ори а лIым игъогу рыкIохэрэм уащыщба?– ыIуи,
пчъэIут пшъашъэм Петрэ къыриIуагъ.
–Хьау, сэ ахэмэ сащыщэп,– ыIуагъ Петрэ.
18 ЧъыIэу щытыгъэти, унэIутхэмрэ адрэ лIыхэмрэ шIо-
мыкI машIо ашIыгъэу, зырагъэоу щытыгъэх. Петри
ахэмэ задыригъэоу ахэтыгъ.

## Дин пэщэшхор Исус зэреупчIыгъэр

(Маттэ 26:59–66; Марк 14:55–64; Лука 22:66–71)

19 Джащыгъум дин пэщэшхор Исус къеупчIыгъ:
–О уигъогу рыкIохэрэр хэтха? Iофхэу цIыфхэм ябгъа-
шIэхэрэр сыдха?
20 –Шъэф хэмылъэу дунаем ицIыфмэ садэгущыIэ-
щтыгъ,– пэгъокI ритыжьыгъ Исус. –Синэгогуми, Тхьэм
иунэшхоми, джуртхэр зэкIэ зыщызэIукIэхэрэми, цIыф-
хэм Тхьэм игущыIэхэр щязгъашIэ зэпытыщтыгъ. Шъэ-
фэу зи сIуагъэп.
21 Сыда сэ укъызкIысэупчIырэр? Гущы-

---

18:13 Аннэ – Исус къызэхъу нэужым я 6–15 илъэсхэм къакIоцI Аннэ дин пэщэшхоу щытыгъ. Кайафэу Аннэ ыпхъу илI я 18–36 илъэсхэм къакIоцI дин пэщэшхоу щытыгъ.

Iэхэу ясIуагъэхэр зэхэзыхыгъэмэ яупчI. Ахэмэ гущыIэ-
хэу сэ сIуагъэхэр ашIэхэба?
22 Исус арэущтэу къызеIом, ухъумакIохэм ащыщэу пэ-
гъунэгъоу щытым Исус къенэпэшъуауи ыIуагъ:
–Дин пэщэшхом сыдэущтэу укъыдэгущыIэжьыра?
23 –Мыхъун къэсIуагъэмэ, ар къысэгъэлъэгъу,– ри-
Iуагъ Исус. –Ау шъыпкъэр къэсIуагъэмэ, сыд пае укъы-
саора?
24 Исус Iэхъу телъэу дин пэщэшхоу Кайафэ ыдэжь Аннэ
дзэлIхэм аригъэщэгъагъ.

## Петрэ Исус ымышIэу джыри зэ зэриIуагъэр

(Маттэ 26:71–75; Марк 14:69–72; Лука 22:58–62)

25 Ащ нэсыфэ Симон Петрэ машIом Iутэу зыригъэу-
щтыгъ.
–Ори а лIым игъогу рыкIохэрэм уащыщба?– къы-
раIуагъ адрэхэмэ.
–Хьау, сэ ахэмэ сащыщэп,– ыIуагъ Петрэ афемыуцолIэ-
жьэу.
26 Дин пэщэшхом иунэIутхэм ащыщэу зытхьакIумэ
Петрэ гуиупкIыгъэм иблагъэ горэм къыIуагъ:
–А лIым уригъусэу хатэм удэслъэгъуагъэба?
27 –Хьау, ар шъыпкъэп,– ыIуи, Петрэ джыри зэ еуцолIэ-
жьыгъэп. Ардэдэм атакъэр къэIуагъ.

## Исус Iэшъхьэтетэу Пилат ыпашъхьэ зэрэращагъэр

(Маттэ 27:1–2, 11–14; Марк 15:1–5; Лука 23:1–5)

28 Ащ нэуж Кайафэ иунэ Исус ращыжьи, Рим Iэшъхьэ-
тетым иунэшхоу преторие зыцIэм чIащагъ. Нэф шъыгъа-
гъэ. А джуртхэр преторием чIэхьагъэхэп, сыда пIомэ
Пасхъэ мэфэкI мэфэшхо пчыхьэшъхьашхэр ашIынэу фэя-
гъэхэти, мыкъабзэу зашIынэу фэягъэхэп*. 29 Арыти,

---

18:28 мыкъабзэу зашIынэу фэягъэхэп – джуртхэм ядин рымыкIорэ цIыф горэм иунэ зихьэхэкIэ, мыкъабзэу хъугъэхэу ашIошIы.

Іэшъхьэтетэу Пилат* зыцІэр преторием къычІэкІи ари-
Іуагъ:

–Мы лІыр сыда зэрыжъугъэмысэрэр?

30 –Мы лІым бзэджагъэ ышІагъэу щымытыгъэмэ, уа-
дэжь къатщэщтыгъэп,– къыраІожьыгъ ахэмэ.

31 –Шъо шъущэжьи, шъуихабзэ тетэу ышІагъэм фэшъу-
ашэу хьыкум тешъушІыхь!– ариІуагъ Пилат.

–Тэ зыгорэм укІ тетлъхьан тыфитэп,– аІуи, джурт-
мэ Пилат къыраІуагъ. 32 Арэущтэу зыфэхъугъэр Исус
лІакІэу фэхъущтыр* агуригъэІоным пае, къыІогъэгъэ
гущыІэхэр къэшъыпкъэжьынхэр ары.

33 Джащыгъум Пилат джыри преторием чІэхьажьи, Исус
къаригъащи риІуагъ:

–Джуртхэм уряпачъыхьа?

34 –Ар ор–орэу къэоІуа, хьауми нэмыкІхэр къыбдэгу-
щыІэхэзэ, сэ къысэхьылІагъэу ар аІуагъа?– къыІожьыгъ
Исус.

35 –Сэ сыджурта?– пэгъокІ къытыжьыгъ Пилат. –О
плъэпкъырэ дин пэщэшхохэмрэ укъысфащагъ. Сыда
пшІагъэр?

36 –Сипачъыхьагъу мы дунаем щыщэп,– пэгъокІ къы-
тыжьыгъ Исус. –Сипачъыхьагъу мы дунаем щыщыгъэмэ,
джуртхэм саІэкІэмыфэным пае, къысфэлажьэхэрэр
заощтгъэх. Ау сэ сипачъыхьагъу мы дунаем щыщэп.

37 – О упачъыхь ащыгъум?– ыІуи, Пилат Исус риІуагъ.

–Ары, къызэрэпІорэм фэдэу* сэ сыпачъыхь,– къыІо-
жьыгъ Исус. –Шъыпкъэ, сэ сыкъызфэхъугъэри, дунаем
сыкъызфытехьагъэри шъыпкъагъэр къэсыушыхьатыныр
ары. Хэтми шъыпкъагъэм ыуж итыр сэ сигущыІэ къедэ-
Іущт.

---

18:29 Пилат – Рим (Рум) цІыфхэм ащыщэу, Понтый Пйлат, Исус къызэ-
хъу нэужым я 26–36 илъэсхэм къакІоцІ, хэкухэу Иудей, Самарие, Иду-
мей яІэшъхьэтетэу щытыгъ.

18:32 лІакІэу фэхъущтыр – Рим (Рум) цІыфхэм къащхэм атыраІулІхэу, бзэ-
джашІэхэр агъалІэщтыгъэх. Еплъ 3:14. «ЦІыф Лъэпкъым Ыкъо аІэтын
фае», ыІуи, Исус зыфиІогъэ гущыІэхэм къаригъэкІыгъэр ежьыр къа-
щым зэрэраІулІыщтыр ары. Джуртхэм гъэлІакІэу яІагъэр мыжъо-
хэмкІэ еохэзэ, агъэлІэныр арыгъэ.

18:37 –Ары, къызэрэпІорэм фэдэу сэ сыпачъыхь,– е –О пшъхьэкІэ къэ-
оІо сэ сызэрэпачъыхьэр.

[38]–Шъыпкъагъэу зыфапIорэр сыда?– ыIуи, Пилат Исус
риIуагъ.

### Исус укI зэрэтыралъхьагъэр

(Маттэ 27:15–31; Марк 15:6–20; Лука 23:13–25)

Пилат ар къызэреIоу, джыри зэ джуртмэ адэжь дэкIы-
жьи ариIуагъ:

–Мы лIыр сэ зэрызгъэмысэн зи езгъотылIэрэп. [39]Ау
Пасхъэ мэфэкI мэфэшхо къэси, хьапсчIэс горэ шъхьа-
фитэу къышъуфэстIупщыжьыныр шъуихабзэ. Арышъ,
«Джуртхэм япачъыхьэу» зыфаIорэр шъхьафитэу къы-
шъуфэстIупщыжьынэу шъуфая?

[40]–Мы лIыр арэп тызыфаер, Вараввэ шъхьафитэу къы-
тфэтIупщыжь!– аIозэ къэзэрэгъэкууагъэх ахэр. Вараввэу
зыцIэр хъункIакIоу щытыгъ.

## ЯПШIЫКIУБГЪОНЭРЭШЪХЬ

Ащ нэужым Пилат дзэлIхэм Исус аригъэубыти, къа-
мыщкIэ ригъэуагъэх. [2]ДзэлIхэм панэм хэшIыкIыгъэу па-
чъыхьэ тандж абли, Исус ышъхьэ тыралъхьагъ. Плъыжь
чIапцIэу зы шъошэ кIыхьи щалъагъ. [3]ЕтIанэ къыбгъо-
дахьэхэти аIощтыгъ:

–Опсэу, джуртмэ япачъыхь!

ЕтIанэ енэпэшъоуагъэх.

[4]Пилат джыри зэ преторием къычIэкIыжьи, джуртмэ
ариIуагъ:

–Зэрызгъэмысэн зи зэресымыгъотылIэрэр шъушIэным
пае, мары, къышъуфэсэщы.

[5]Ащ нэуж Исус панэ танджыр ышъхьэ телъэу, шъошэ
кIыхьэ плъыжь чIапцIэр щыгъэу къычIэкIыгъ. Пилат
цIыфхэм ариIуагъ:

–Мары а цIыфыр.

[6]Ау дин пэщэшхохэмрэ ухъумакIохэмрэ Исус залъэ-
гъум, къэзэрэгъэкуощтыгъэх:

–Къащым теIулI! Къащым теIулI!

–Ар шъо шъущэжьи, къащым тешъуIулI,– ариIуагъ Пилат, –сыда пIомэ сэ зэрызгъэмысэн зи езгъотылIэрэп.

7 –Тэ хабзэ тиI,*– къыраIожьыгъ джуртхэм. –А хабзэу тиIэм тетэу ар лIэн фае, сыда пIомэ Тхьэм Ыкъоу зишIыгъэшъ ары.

8 Пилат а гущыIэхэр зызэхеххэм, лъэшэу къэщтагъ.
9 Джыри преторием чIэхьажьи, Исус риIуагъ:

–Тыдэ ущыща?

Исус пэгъокI зи ритыжьыгъэп.

10 –УкъыздэгущыIэрэп, ара?– ыIуи, Пилат Исус риIуагъ. –ПшIэрэба, шъхьафитэу устIупщыжьынэуи, къащым урязгъэIулIынэуи тетыгъо зэрэсиIэр.

11 –Ыпшъэ щыIэ Тхьэм къыуимытыгъэмэ, зи къысэпшIэнэу тетыгъо уиIэщтгъэп,– къыриIожьыгъ Исус. –Арэущтэу зэрэщытым пае, о сыкъыпIэкIэзыгъэхьагъэм нахьи нахьыбэу псэкIод иI.

12 Ащ щегъэжьагъэу Исус шъхьафитэу зэритIупщыжьыным Пилат ыуж итыгъ. АрышъхьакIэ джуртхэр къэзэрэгъэкуощтыгъэх:

–Ар шъхьафитэу птIупщыжьмэ, Кайсарым уриныбджэгъоп. Хэтми ежьым пачъыхьэ зызышIыжьырэр Кайсарым ипый.

13 Пилат а гущыIэхэр зызэхеххэм, Исус къычIищи, хьыкум тIысыпIэм тетIысхьагъ. А тIысыпIэр зыдэщыIэ чIыпIэм ыцIэ Лифосторотон, джуртыбзэкIи Гаввафэ ары.
14 А мафэр Пасхъэ зыцIэ мэфэкI мэфэшхом ыпэ бэрэскэшхо мэфагъ. Сыхьатыр пшIыкIутIум дэжьыгъ.*

–Мары шъуипачъыхьэ!– ариIуагъ Пилат джуртмэ.

15 –Iущ, Iущ, ар къащым теIулI,– къэзэрэгъэкуощтыгъэх ахэр.

–Шъуипачъыхьэ къащым тесIулIэна?– ариIожьыгъ Пилат.

–Кайсарым нэмыкI пачъыхьэ тиIэп,– аIожьыгъ дин пэщэшхохэмэ.

16 Арэущтэу къызыраIом, Пилат Исус къащым тыраIулIэнэу аIэкIилъхьагъ.

---

19:7 тэ хабзэ тиI – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 24:16.

19:14 сыхьатыр пшIыкIутIум дэжьыгъ – гущыIэ–гущыIэу зэбдзэкIымэ, «яхэнэрэ сыхьатыр» мэхъу. Ащ къикIырэр щэджагъор ары.

**Исус къащым зэрэтыраIулIагъэр**

(Маттэ 27:32–44; Марк 15:21–32; Лука 23:26–43)

ЕтIанэ Исус зыдащи, IукIыжьыгъэх. [17] Джарэущтэу
Исус икъащ ыхьэу, къалэм дэкIи, чIыпIэу «Шъхьапкъ
ЧIыпIэ» зыфаIорэм ащагъ. А чIыпIэр джуртыбзэкIэ
Голгофэ зыцIэр ары. [18] А чIыпIэм Исус къащым щыра-
IулIыгъ. НэбгыритIу игъусэуи, зыр зы бгъумкIэ адрэр
адрэбгъумкIэ, Исус азыфагу дэтэу къащхэм атыраIулIагъэх.
[19] Пилат пхъэмбгъу горэм «Назарет щыщ Исусэу джурт-
мэ я Пачъыхьэ» ыIоу, идзэлIхэм тырaригъатхи, къащым
тырaригъэгъэуцуагъ. Ар джуртыбзэкIи, урымыбзэкIи*, ла-
тинабзэкIи тетхагъэу щытыгъ. [20] Исус къащым зыщыра-
IулIыгъэ чIыпIэр къалэм игъунэгъути, джуртхэм ащыщ-
хэу ащ еджагъэхэр бэу щытыгъэх. [21] Ау джуртхэм ядин
пэщэшхохэм Пилат къыраIуагъ:

–«Джуртмэ я Пачъыхь» пIоу утемытх, ау Исус «Сэ
джуртхэмэ сыря Пачъыхь» ыIуи, зэриIощтыгъэр тетх.

[22] –Сэ тестхагъар тестхэгъах,– къыIожьыгъ Пилат.

[23] ДзэлIхэм Исус къащым зыраIулIым, ищыгъынхэр
аштэхи, хэтрэ дзэлIым Iахьэ фашIэу, IэхьиплIэу агощы-
гъэх. Джанэри аштагъ, арышъхьакIэ джанэр мыдыгъэу,
ыпшъэ щегъэжьагъэу ылъапэ нэсы шъагъэу, зы шэкIы-
шхоу щытыгъ.

[24] –Мыр зэготэшъумыгъэтхъэу, пхъэдз итэжъугъадзи,
зытефэрэм еттыщт,– зэраIожьыгъ ахэмэ.

Арэущтэу зыфэхъугъэр мы гущыIэхэу Исус ехьылIа-
гъэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр* къэшъыпкъэ-
жьынхэр ары:

–Сэ сищыгъынхэр зэфагощыгъэх, сиджанэ пае пхъэдз
ашIыгъ.

А гущыIэхэу тхыгъэхэм атетэу дзэлIмэ ашIагъ.

[25] Исус икъащ ыдэжь яни, янэ ышыпхъуи, Клеопэ зыцIэм
ишъхьэгъусэ Мерэми, Магдэлэ къуаджэм щыщ Мерэми
щытыгъэх. [26] Исус янэрэ игъогу рыкIохэрэм ащыщэу
ежьым анахьышIоу ылъэгъурэмрэ ащ дэжьым щытхэу
къызелъэгъухэм, янэ къыриIуагъ:

---

19:19 урымыбзэр – иунаныбзэр ары.

19:24 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр – еплъ Сэбур (Псалтыр) 22:18 (урыс библиемкIэ 21:19).

–О бзылъфыгъ, джы мары о пкъо!
27 ЕтIанэ а нэбгырэу игъогу рыкIорэм риIуагъ:
–Джы мары уянэ!
А сыхьатым къыщегъэжьагъэу а лIэу Исус игъогу ры-
кIорэм ежь иунэ Исус янэ щигъэпсэунэу ыщагъ.

## Исус зэрэлIагъэр

(Маттэ 27:45–56; Марк 15:33–41; Лука 23:44–49)

28 Ащ нэужым иIоф зэриухыгъэр Исус ешIэти, Тхьэм
игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр къэшъыпкъэжьынхэм пае
къыIуагъ:
–ПсыфалIэ сэлIэ.
29 Ащ дэжьым сэнэпс шIоIугъэ изэу зы апс горэ щы-
тыгъ. КIышъор зэраIотырэ горэ сэнэпс шIоIугъэм ха-
гъауи, хьисоп зыщIэ къамыл бэщым палъхьи, Исус ыжэ
рахьылIагъ. 30 Исус сэнэпс шIоIугъэм зыкIэшъу ужым,
ыIуагъ:
–СиIоф ухыгъэ.
ЕтIанэ ышъхьэ къыуфи, ыпсэ ытыгъ.
31 Бэрэскэшхо мэфагъ. А шэмбэтыр мэфэшхуагъ. Шэм-
бэт мафэм хьадэхэр къащхэм апамыгъэлъынхэм пае,
джуртхэр Пилат елъэIугъэх:
–Унашъо шIы. Къащхэм раIулIыгъэхэм алъэкIапIэхэр
зэпарэутхи*, хьадэхэр къащхэм къапарэхыжьых.
32 Джарэущтэу дзэлIхэр къакIохи, апэрэм ылъэкIапIэ-
хэр зэпаутыгъэх. ЕтIанэ адрэ нэбгырэу Исус игъусэу адрэ
къащым еIулIыгъэм ылъэкIапIэхэр зэпаутыгъэх. 33 Ары-
шъхьакIэ, Исус ыдэжь Iухьэхи, зэрэлIагъэр залъэгъум,
ащ ылъэкIапIэхэр зэпаутыгъэхэп. 34 Ау дзэлIмэ ащыщэу
зыгорэ Исус ычапэ пчыкIэ хэпыджагъ. Зэрэхэпыджэу,
лъи пси ащ къикIыгъэх. 35 Хъугъэр зылъэгъугъэм ар
къыушыхьатыгъ, къыушыхьатыгъэри шъыпкъэ. Ар зэ-
рэшъыпкъэр ащ ешIэ. Шъо шIошъхъуныгъэ шъуиIэныр
ары ащ къызкIиушыхьатырэр. 36 Мы Iофхэр зэкIэ аущтэу

---

19:31 алъэкIапIэхэр зэпарэутхи – къащхэм раIулIыгъэхэм алъэкIапIэхэр зыфызэпаутыщтыгъэхэр нахь псынкIэу лIэнхэр ары.

19:36 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр – еплъ Пегъымбар Мусэ яплIэ-

зыфэхъугъэхэр мы гущыӀэхэу Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм
арытхэр* къэшъыпкъэжьынхэр ары:

–Ащ ыкъупшъхьэхэм ащыщэу зи зэпыутыщтэп.

[37] Ащ нэмыкӀэуи Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм мырэущтэу
арыт:*

–Зыхэпыджагъэхэм еплъыщтых.

## Исус ихьадэ къэунэм зэрэчӀалъхьажьыгъэр

(Маттэ 27:57–61; Марк 15:42–47; Лука 23:50–56)

[38] Юсыф ыцӀэу, Аримафей къуаджэм* щыщэу, зы лӀы
горэ щыӀагъ. Ар Исус игъогу рыкӀохэрэм шъэфэу ащы-
щыгъ, сыда пӀомэ джуртмэ ащыщынэщтыгъэти ары.
Ар Пилат ыдэжь кӀуи елъэӀугъ:

–Исус ихьадэ къащым къыпысхыжьынэу фит сышӀ.

Пилат фит зешӀым, Юсыф кӀуи, Исус ихьадэ къащым
къыпихыжьыгъ.

[39] Юсыф игъусэу Никодими къэкӀуагъ. Никодим ары
Исус ыдэжь чэщым къэкӀогъагъэр. Ащ литришъэ фэдиз
зэхэгъэкӀухьагъэу, мэ ӀэшӀу зыпихырэ уцхэу смирнэрэ
алоерэ зыцӀэхэр къыздихьыгъэх. [40] ЕтӀанэ а нэбгыритӀумэ
Исус ихьадэ къащым къыпахыжьи, джуртмэ хьадэр зэрэчӀа-
лъхьажьырэ хабзэм тетэу, мэӀэшӀу зыпихырэ уцхэр игъу-
сэхэу, чэфынхэр хьадэм ращэкӀыгъэх. [41] Исус къащым
зыщыраӀулӀыгъэ чӀыпӀэм хатэ горэ щытыгъ. А хатэм
къэунакӀэу егъашӀэми зы хьадэ зычӀамылъхьажьыгъэр
дэтыгъ. [42] Джуртмэ шэмбэт мафэм пае зызыщагъэхьазы-
рырэ мафэу щытыгъэти, а къэунэри гъунэгъугъэти, Исус
ихьадэ ащ чӀалъхьажьыгъ.

---

нэрэ тхылъэу ытхыгъэм 9:12; Сэбур (Псалтыр) 34:20 (урыс библиемкӀэ 33:21).

19:37 Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Зэкъарие тхылъэу ытхыгъэм 12:10.

19:38 Аримафей къуаджэр – Ерусалим километрэ 35–кӀэ пэчыжьэу, итемыр тыгъэкъохьэпӀэ лъэныкъомкӀэ итыгъ.

# ЯТӀОКӀЭНЭРЭШЪХЬ

## Исус лӀагъэхэм къызэрахэтэджыкӀыжьыгъэр
(Маттэ 28:1–10; Марк 16:1–8; Лука 24:1–12)

Тхьамафэм иапэрэ мафэм*, пчэдыжьым жьэу джыри
мэзахэу, Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэм къэунэм кӀуа-
гъэ. ЗэкӀом, мыжъошхор къэунэм ӀугъэукӀорэикӀыгъэу
ылъэгъугъ. 2 Мерэм ащ фэдэу зелъэгъум, Симон Петрэрэ
игъогу рыкӀохэрэм ащыщэу Исус анахьышӀоу ылъэгъу-
рэмрэ адэжь чъи ариӀуагъ:

–Зиусхьаныр къэунэм чӀахыгъ, зыдахьыгъэри тшӀэ-
рэп.

3 Петрэрэ адрэ лӀэу Исус игъогу рыкӀорэмрэ унэм икӀы-
хи, къэунэмкӀэ ежьагъэх. 4 ТӀури зэгъусэхэу чъагъэх, ау
адрэ лӀэу Исус игъогу рыкӀорэр Петрэ нахьи нахь псынкӀэу
чъи, ыпэ къэунэм нэсыгъ. 5 Зиуфи, чӀаплъи, чэфынхэр
щылъхэу ылъэгъугъэх, ау къэунэм чӀэхьагъэп. 6 Ащ ыуж
итэу, Симон Петрэ къэси, къэунэм чӀэхьагъ. ЗычӀахьэм,
чэфынхэр ащ дэжьым щылъхэу ылъэгъугъэх, 7 ау чэфы-
нэу Исус ышъхьэ ещэкӀыгъагъэр адрэ чэфынхэм абгъо-
дэмылъэу, зэкӀоцӀыщыхьагъэу изакъоу зы чӀыпӀэм щы-
лъыгъ. 8 ЕтӀанэ адрэ лӀэу Исус игъогу рыкӀорэр ыпэ
къэсыгъагъэри къэунэм чӀэхьагъ. Ащи зэкӀэ ылъэгъуи,
ышӀошъ хъугъэ; 9 сыда пӀомэ Исус лӀагъэхэм къахэтэ-
джыкӀыжьын фаеу зэрэщытыр Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм
зэрарытым фэдэу, ахэмэ къагурыӀогъагъэгоп. 10 ЕтӀанэ а
лӀыхэу Исус игъогу рыкӀохэрэм адэжь агъэзэжьыгъ.

## Исус Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэм зыкъызэрэригъэлъэгъугъэр
(Марк 16:9–11)

11 Мерэм къэунэм ыдэжь щытэу гъыщтыгъ. Гъызэ къэ-
унэм чӀэплъэнэу зызеуфэм, 12 мэлэӀичӀитӀу фыжьыкӀэ фэ-
пагъэхэу, Исус ихьадэ зыдэщылъыгъагъэм ыдэжь, зыр
ышъхьэкӀэ адрэр ылъапэкӀэ, щысхэу ылъэгъугъэх.

---

20:1 Тхьамафэм иапэрэ мафэр – тхьаумафэ мафэр ары.

13 –О бзылъфыгъ! Сыда узкIэгъырэр?– аIуи, ахэмэ Мерэм къыраIуагъ.

–Си Зиусхьан ихьадэ чIахыгъ, зыдахьыгъэри сшIэрэп,– ариIожьыгъ Мерэм.

14 Ар къыIуагъэу зыкъызызэрегъэзэкIым, Исус щытэу ылъэгъугъ, ау ар зэрэ–Исусыр ышIагъэп.

15 –О бзылъфыгъ, сыда узкIэгъырэр?– къыриIуагъ Исус. –Хэта узлъыхъурэр?

Мерэм хатэм пэсырэ лIыр арэу къышIошIи риIуагъ:

–Тхьаматэ, орымэ ар чIэзыхыгъэр зыдэпхьыгъэр къысаIуи, сэ ар схьыжьыщт.

16 –Мерэм!– къыриIуагъ Исус.

Ар зеIом, Мерэм зыкъызэригъэзэкIи, джуртыбзэкIэ риIуагъ:

–Раввуни!– (Раввуним къикIырэр «Дин ГъэсакIор» ары.)

17 –Укъызнэмыс,– къыIуагъ Исус, –сыда пIомэ Ты лъапIэм ыдэжь джыри сыдэкIоежьыгъэгопышъ ары, ау сшыхэм* адэжь кIуи, ахэмэ яIу: «Сэ Сятэ шъори Шъуятэу, сэ си Тхьэу шъори шъуи Тхьэм ыдэжь сыдэкIоежьыщт».

18 Ар къызыреIом, Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэм Исус игъогу рыкIохэрэм адэжь кIуи, Зиусхьаныр зэрилъэгъугъэри мы гущыIэхэр къызэриIуагъэхэри ариIотэжьыгъ.

### Исус игъогу рыкIохэрэм зыкъызэраригъэлъэгъугъэр

(Маттэ 28:16–20; Марк 16:14–18; Лука 24:36–49)

19 А мэфэ дэдэм, тхьамафэм иапэрэ мафэу арыгъэ, пчыхьашъхьэм Исус игъогу рыкIохэрэр унэ горэм щызэIукIагъэх. Джуртмэ ащыщынэщтыгъэхэти, унэу зыщызэIукIагъэм ипчъэхэр агъэпытагъэх. Джащыгъум Исус адэжь къакIуи, пчэгум къиуцуи къариIуагъ:

–Гупсэфыныгъэ шъуиIэу шъопсэу!

20 Ар къызеIом, ыIэхэри ычапэри къаригъэлъэгъугъэх. Зиусхьаныр залъэгъум, игъогу рыкIохэрэр гушIуагъэх.

21 –Гупсэфыныгъэ шъуиIэу шъопсэу!– къариIуагъ Исус джыри зэ. –Ты лъапIэм сэ сыкъызэригъэкIуагъэм фэдэу, сэри шъусэгъакIо.

---

20:17 сшыхэр – зы диным рыкIохэрэр ары.

22 Ар къызеIо ужым, игъогу рыкIохэрэм япщи ариIуагъ:
–Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ шъугухэм арысэжъугъалъхь.
23 ПсэкIодхэр шъо зыфэжъугъэгъурэм фэгъущтых, зыфэшъумыгъэгъурэми фэгъущтхэп.

## «О уси Зиусхьан ыкIи уси Тхь», Фомэ Исус зэрэриIуагъэр

24 Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIумэ языу Фомэу ТIуазэкIэ заджэхэрэр Исус къызэкIом, адрэмэ ягъусагъэп.
25 Адрэ лIыхэу Исус игъогу рыкIохэрэм къыраIуагъ:
–Зиусхьаныр тлъэгъугъэ.
–ГъучIыIунэ опIэ гъуанэхэр Исус ыIэмэ атесымылъагъохэу, сэ сIэхъуамбэ а гъучIыIунэ уапIэ гъуанэхэм атесымылъхьэу, сэ сIи Исус ычапэ тесымылъхьэу сшIошъы хъущтэп,– ариIуагъ Фомэ ахэмэ.
26 Мэфий зытешIэм ыуж Исус игъогу рыкIохэрэр джыри унэм исыгъэх, Фоми ягъусагъ. Пчъэхэр агъэпытагъэхэ пэтми, Исус къакIуи, пчэгум къиуцуи къариIуагъ:
–Гупсэфыныгъэ шъуиIэу шъопсэу!
27 ЕтIанэ Исус Фомэ риIуагъ:
–О пIэхъуамбэ мо къытелъхь, сIэмэ къяплъ. ПIи къэщэий, сэ счапэ къытелъхь, пшIошъ мыхъоу ущымытэу, шIошъхъуныгъэ зигъаI.
28 –О уси Зиусхьан ыкIи уси Тхь!– Фомэ Исус риIуагъ.
29 –Сэ сыплъэгъугъэти, пшIошъ хъугъэ,– къыриIуагъ Исус. –Мы Iофхэр амылъэгъугъэхэ пэтми, шIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъэхэр сыхьатмафэ ежьагъэх.

## Мы тхылъыр зыфэттхыгъэр

30 Мы нэшэнэ гъэшIэгъонышхохэм анэмыкIэу Исус игъогу рыкIохэрэм апашъхьэ мы тхылъым имытхэу, нэшэнэ гъэшIэгъонышхо Iаджыхэри къыгъэлъэгъуагъэх.
31 Ау мы Iофхэр зыфэттхыгъэр Исусыр Христосэу Тхьэм Ыкъоу зэрэщытымкIэ шIошъхъуныгъэ шъуиIэ хъуныр ары, а шIошъхъуныгъэмкIи Исус ыцIэкIэ мыкIодыжьын щыIэныгъэ шъуиIэ хъуныр ары.

# ЯТIОКIЫРЭ ЗЫНЭРЭШЪХЬ

## Исус игъогу рыкIохэрэм ащыщхэу нэбгырибльмэ зыкъызэраригъэлъэгъугъэр

Ащ нэуж Тивериадэ зыцIэ псыхъураем* игъогу рыкIо-
хэрэм джыри зэ Исус зыкъаригъэлъэгъугъ. Ар зэрэхъу-
гъэр мары: 2 Симон Петрэрэ, Фомэу ТIуазэкIэ заджэхэ-
рэмрэ, Галилей хэкум ит Канэ къуаджэм щыщ Нафа-
наилрэ, Зеведей ыкъуитIурэ, нэмыкI нэбгыритIоу Исус
игъогу рыкIохэрэмрэ зэгъусагъэх.
3 –Пцэжъыяшэ сыкIощт,– ыIуи, Симон Петрэ адрэмэ
ариIуагъ.
–Тэри тыкъыбдэкIощт,– къыраIожьыгъ ахэмэ. ЕтIанэ
ежьэхи, къуашъом итIысхьэхи, кIуагъэх, а чэщым зи къа-
убытыгъэп.
4 Нэф къызэшъым, Исус псыIушъом Iутыгъ, ау ар зэ-
рэ–Исусыр игъогу рыкIохэрэм ашIэжьыгъэп.
5 –Ныбджэгъухэр,– ариIуагъ Исус, –пцэжъые къэшъу-
убытыгъа?
–Хьау, зи къэтыубытыгъэп,– къыраIожьыгъ ахэмэ.
6 –Къуашъом иджабгъу лъэныкъокIэ хъытыур хажъу-
дзи, къэшъуубытыщт,– ариIуагъ Исус. Ар къызеIом, хъы-
тыур хадзи, пцэжъыябэр хъытыум къызэрихьагъэм пае,
хъытыур къыхахыжьын алъэкIыгъэп.
7 Игъогу рыкIохэрэм ащыщэу Исус анахьышIоу ылъэ-
гъурэм Петр риIуагъ:
–Мыр Зиусхьаныр ары.
Симон Петрэ ар зэрэ–Зиусхьаныр зызэхехым, ищыгъын
кIыIутелъ зыщихыгъагъэти, ар къызэрищэкIыжьи, псым
зыхидзагъ. 8 Адрэ лIыхэу Исус игъогу рыкIохэрэм пцэ-
жъыехэр зэрылъ хъытыур къыздалъэшъузэ, къуашъом
исхэу къэсыгъэх, сыда пIомэ псыушъом пэчыжьэу щыты-
гъэхэп, Iэнтэгъу шъитIум фэдиз ныIэп зэрэпэчыжьагъэ-
хэр, 9 ПсыIушъом къэзынэсхэм, шIомыкI машIор
хэгъэнагъэу, ащ пцэжъые телъэу, хьалыгъуи бгъодэлъэу
алъэгъугъ.

---

21:1 Тивериадэ зыцIэ псыхъураер – Галилей псыхъураер ары.

[10]–Джы къэшъуубытыгъэ пцэжъыехэм ащыщ къэ-
шъухь,– ариIуагъ Исус.
[11]Симон Петрэ къуашъом ыдэжь кIуи, пцэжъые инхэр
зэрыз хъытыур Iушъом къытырилъэшъуагъ. Пцэжъые-
хэу хъытыум илъыгъэхэр шъэрэ шъэныкъорэ щырэ хъу-
щтыгъэ. Ащ фэдиз илъыгъэхэ пэтми, хъытыур зэIэ-
тхъыгъэп.
[12]–ШъукъакIуи, пчэдыжьышхэ шъушIы,– ариIуагъ Исус.
–О хэт ущыща?– ыIоу, игъогу рыкIохэрэм ащыщэу зи
Исус къеупчIынэу тегушхуагъэп. Ар зэрэ–Зиусхьаныр
ашIагъ. [13]Исус къакIуи, хьалыгъур къышти аритыгъ. Ащ
фэдэу пцэжъыехэри аритыгъ. [14]Исус лIагъэхэм къыза-
хэтэджыкIыжьы ужым, игъогу рыкIохэрэм зыкъызэра-
ригъэлъэгъугъэр мыр ящэнэрэу щытыгъ.

## Исус Петрэ зэрэдэгущыIагъэр

[15]Зэшхэхэм ыуж, Исус Симон Петрэ риIуагъ:
–Иуан ыкъо Симон, мыхэмэ сызэралъэгъурэм нахьи
нахьышIоу сыолъэгъуа?
–Ары, Зиусхьан,– къыриIожьыгъ Петрэ. –ШIу узэрэс-
лъэгъурэр о ошIэ.
–Сэ сишъынэхэр гъэхъух,– риIуагъ Исус.
[16]–Иуан ыкъо Симон, шIу сыолъэгъуа?– ыIуи, ятIонэ-
рэу Исус Петрэ риIуагъ.
–Ары, Зиусхьан,– къыриIожьыгъ Петрэ. –ШIу узэрэ-
слъэгъурэр о ошIэ.
–Сэ симэлхэм Iахъоу афэхъу,– риIуагъ Исус.
[17]–Иуан ыкъо Симон, шIу сыолъэгъуа?– ыIуи, ящэнэ-
рэу Исус Петрэ риIуагъ.
«ШIу сыолъэгъуа?» ыIуи, ящэнэрэу Исус зэреупчIы-
гъэм пае, Петрэ ыгу къеуи къыриIожьыгъ:
–Зиусхьан, зэкIэри о ошIэ, шIу узэрэслъэгъурэри ошIэ.
–Симэлхэр гъэхъух,– риIуагъ Исус. [18]–Шъыпкъэ дэдэр
осэIо, уикIэлэгъу ор–орэу убгы бгырыпх иплъхьэти, узы-
фаем укIощтыгъ. Ау жъы узыхъукIэ, о пIэхэр фэпщэй-
хэзэ, нэмыкI горэм бгырыпхыр убгы къырилъхьанышъ,
уздэкIонэу узыфэмыем уищэщт.

[19] Исус ащ фэдэу зыфыриIуагъэр лIакIэу Петрэ фэхъу-
щтэу*, Тхьэм щытхъушхо зэрыфишIыщт шIыкIыр гури-
гъэIоныр
арыгъэ. Исус ар зыреIом ыуж риIуагъ:
–Сэ сауж къырыкIу.

## Исусрэ игъогу рыкIохэрэм ащыщэу анахьышIоу ылъэгъурэмрэ

[20] Петрэ зыкъызызэрегъэзэкIым, игъогу рыкIохэрэм
ащыщэу Исус анахьышIоу ылъэгъурэр ауж итэу къакIоу
ылъэгъугъ. А лIыр ары пчыхьэшъхьашхэм дэжь Исус
къыбгъодэсэу Iэнэм пэсэу къезыIогъагъэр:
–Зиусхьан, хэт тетыгъо зиIэхэм уаIэкIэзыгъэхьащтыр?
[21] Петрэ а лIыр зелъэгъум, Исус къеупчIыгъ:
–Зиусхьан, мы лIыр сыдэу хъущт?
[22] –Сэ дунаем къэсэгъэзэжьыфэкIэ, ар щыIэнэу сыфае-
мэ, сыда уиIофэу ащ хэлъыр?– риIожьыгъ Исус. –О сауж
къырыкIу!
[23] Арэущтэу, «А лIэу Исус игъогу рыкIорэр лIэщтэп»,
зыIорэ къэбар шIошъхъуныгъэ зиIэ къошхэм ахэхьагъ.
АрышъхьакIэ, «Ар лIэщтэп», ыIоу Исус Петрэ къыриIо-
гъагъэп. Исус къыриIогъагъэр мары: «Сэ къэсэгъэзэжь-
фэкIэ, ар щыIэнэу сыфаемэ, сыд уиIофэу ащ хэлъыр?»
[24] А лIэу Исус игъогу рыкIорэр ары мы Iофхэр къэзы-
ушыхьатырэри ахэр зытхыгъэри. Ащ къыушыхьатырэр
зэрэшъыпкъэр тэ тэшIэ.
[25] Исус нэмыкI Iофыбэхэри ышIагъэх. СызэрэгугъэрэмкIэ, ахэр зэкIэри зырызэу тхыгъэхэмэ, тхыгъэн фаеу
тхылъхэр дунаем тефэщтгъэхэп. Амин.

---

21:19 лIакIэу Петрэ фэхъущтыр – Петрэ къащым тыраIулIэнышъ, агъэлIэныр ары; сыда пIомэ зыгорэ къащым зытыраIулIэрэм, кIапсэкIэ е бгырыпхкIэ ыIэхэр къащым тырапхэщтыгъэх.



# *АПОСТОЛХЭМ ІОФХЭУ АШІАГЪЭХЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### Тхьэм ежь ЫІпсэ ЛъапІэ апостолхэм къафыригъэхынэу къызэригъэгугъагъэхэр

[1,2] Феофил* лъапІ, апэм къыщегъэжьагъэу Тхьэм Исус
уашъом зыдищэежьыгъэ мафэм нэсыфэ, Исус ышІэгъэ
Іоф пстэури, цІыфхэм аригъэшІэгъэ Іоф пстэури апэрэ
тхылъэу* сэ стхыгъэм ит. Исус, Тхьэм ежьыр уашъом
дищэежьыным ыпэкІэ, къыхихыгъэ апостолхэм* Тхьэм
ЫІпсэ ЛъапІэ ыкІуачІэкІэ унашъохэр афишІыгъэх.
[3] Исус къин зещэчым ыуж, щэч хэмылъэу лІагъэхэм къы-
зэрахэтэджыкІыжьыгъэр бэрэ афигъэшъыпкъэжьэу ахэ-

---

1:1,2 Феофил – еплъ Лука 1:1.

1:1,2 апэрэ тхылъыр – «Лука КъэбарышІур КъызэриІотагъэр» зыфаІорэ тхылъыр ары. Еплъ Лука 1:1–4.

1:1,2 апостол – нэмыкІ цІыф горэм ыцІэкІэ гущыІэнэуи Іоф ышІэнэуи фитыныгъэ зиІэр ары. Исус игъогу рыкІорэ нэбгырэ пшІыкІутІум «апостолхэкІэ» яджэх. Ахэр Исус илІыкІохэу тетыгъо зэритыгъэхэр ары.

мэ заригъэлъэгъущтыгъ. Мэфэ тIокIитIум къыкIоцI апо-
столхэм бэрэ заригъэлъэгъущтыгъ, Тхьэм и Тетыгъошхо*
иIофхэм яхьылIагъэуи къадэгущыIэщтыгъ. [4] Исус ахэмэ
ягъусэ зэхъум, унашъо афишIыгъ:

–Ерусалим къалэм шъудэмыкI, ау сэ зигугъу къышъу-
фэсшIыгъэу, Ты лъапIэм шъукъызэригъэгугъагъэм* шъу-
паплъ; [5] сыда пIомэ Иуан псыкIэ цIыфхэр ыумэхъы-
щтыгъэх*, ау мэфэ заулэ зытешIэкIэ, Тхьэм ежь Ыпсэ
ЛъапIэкIэ шъуиумэхъыщт.

## Исус уашъом зэрэдэкIоежьыгъэр

[6] Зызэрэугъоихэм, апостолхэр Исус къеупчIыгъэх:

–Зиусхьан, Израил ипачъыхьагъу мы мафэхэм зэтебгъэ-
уцожьыщта?

[7] –Ты лъапIэм итетыгъошхокIэ уахътэхэуи лъэхъанэ-
хэуи ыгъэнэфагъэхэр шъушIэнхэ шъуфитэп,– ариIо-
жьыгъ Исус. [8] –Ау Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ къызышъуфе-
хыкIэ, лъэкIыныгъэ шъуиIэ хъунышъ, Ерусалими, Иудей
хэкуми зэкIэ, Самарие хэкуми зэкIэ, дунаем ыкъуапэ нэс
шыхьат шъукъыщысфэхъущт.

[9] Исус а гущыIэхэр къызеIохэм ыуж, ахэмэ алъэгъоу
Тхьэм ар уашъом дищэежьыгъ. Зы ошъуапщэ горэ Исус
къышъхьэщырыхьи, ежьыр амылъэгъужьы хъугъэ.

---

1:3 Тхьэм и Тетыгъошхо – Тхьэм мы дунаеми, мы дунаем ицIыфхэми тетыгъошхоуи лъэкIыныгъэшхоуи афыриIэр ары. Инджылыр Тхьэм и Тетыгъошхо зытегущыIэкIэ, зыфиIорэр загъорэ мы уахътэм Тхьэм тетыгъошхоу иIэр ары, загъори къэкIощт уахътэм Тхьэм тетыгъошхоу иIэщтыр ары, загъори Тхьэм ыдэжь мыкIодыжьын щыIэныгъэ щыуиIэныр ары.

1:4 Ты лъапIэм шъукъызэригъэгугъагъэр – Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ары. Еплъ Лука 24:49; Иуан 15:26.

1:5 умэхъыныр – «ШъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожьи, зысэжъугъэумэхъ, Тхьэм ахэр къышъуфигъэгъунхэм пае», ыIоти, умэхъэкIо Иуан (Яхья) цIыфхэр псым чIигъаощтыгъэх (ыумэхъыщтыгъэх). Еплъ Марк 1:4. Исус уашъом зыдэкIоежьыгъэм щегъэжьагъэу, цIыфхэм диным ехьылIагъэу тетыгъо зиIэ цIыф горэм зырагъэумэхъы – а цIыфым ахэр псым чIегъаох, е псы тIэкIу ашъхьэхэм атыреутхэ. Арэущтэу ИсускIэ шIошъхъуныгъэ яIэ зэрэхъугъэр къагъэлъагъо. Ащ нэмыкIэуи Исус лIи, лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэм пае япсэкIодхэр къафэгъугъэхэу, мыкIодыжьын щыIэныгъэ яIэ зэрэхъугъэми шыхьат фэхъух.

[10] Исус уашъом зыдэкIоежьым, апостолхэм анэхэр уа-
шъом тырагъэдыкъагъэхэу, ошIэ–дэмышIэу лIитIу шъошэ
фыжькIэ фэпагъэхэу* ахэмэ адэжь къэуцугъэх.
[11] –Шъо Галилей цIыфхэр,– къаIуагъ а лIитIумэ, –сыд
пае мыщ дэжьым шъущытэу уашъом шъудэплъыера? Мы
Исусэу Тхьэм уашъом дищэежьыгъэр уашъом дэкIоежьы-
гъэу зэрэшъулъэгъугъэм фэдэ къабзэу къехыжьыщт.

## Апостолхэм ежьхэм ащыщ хъунэу Иудэ ычIыпIэкIэ Матфый зэрэхахыгъэр

[12] Ащ нэужым апостолхэр Елеон Iуашъхьэм* ехыжьхи,
Ерусалим агъэзэжьыгъ. Елеон Iуашъхьэр Ерусалим игъу-
нэгъоу щыт, шэмбэт гъогум* икIыхьагъэ фэдизэу. [13] Къа-
лэм дэхьажьхи, ахэр зэрыс унэ лъагэм дэкIоежьыгъэх;
мыхэр арыгъэх: Петрэ, Иуан, Якъубэ, Индрыс; етIанэ
Филипп, Фомэ, Варфоломей, Маттэ; Алфей ыкъо Якъуб,
Симонэу зихэгъэгу ыгу етыгъэу фэлажьэщтыгъэр, Якъубэ
ыкъо Иудэ. [14] Бзылъфыгъэ заулэ, Исус янэу Мерэм, Исус
ышхэр ягъусэхэу, ахэмэ зэкIэ зэдаштэу Тхьэм елъэIу
зэпытыщтыгъэх.

[15] А мафэхэм ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ купэу нэбгы-
ришъэрэ тIокIырэ фэдиз хъущтыгъэм Петрэ къыхэуцуи
къыIуагъ:

[16] –Сшыхэр*, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт гущыIэ-
хэу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ пачъыхьэ Даутэ ыгу къырилъхьэ-
хи, Иудэ зыцIэм ехьылIагъэу къыригъэIуагъэхэр къэ-
къыпкъэжьынхэ фэягъэх. А Иудэ ары* Исус къэзыубыты-
гъэхэм гъогур языгъэлъэгъугъэр. [17] Ари тэ тщыщыгъ, мы
Iофыми тигъусэу рылажьэщтыгъ.

[18] Бзэджагъэу ышIагъэм пае пкIэу ратыгъэмкIэ* Иудэ
хьасэ къыщэфыгъ. А хьасэм бгъэгукIэ тефи, ыныбэ зэ-

---

1:10 лIитIу шъошэ фыжькIэ фэпагъэхэу – мэлэIичхэр ары.

1:12 Елеон Iуашъхьэр – Зейтун Iуашъхьэр ары. Ерусалим игъунэгъубзэу, итыгъэ къыкъокIыпIэ лъэныкъокIэ Кедрон къуладжэм иадрабгъу ит.

1:12 шэмбэт гъогу – зы километрэ фэдиз мэхъу. Джурт хабзэм иунашъо тетэу, шэмбэт мафэм зы километрэ нахьыбэ укIо хъущтэп.

1:16 сшыхэр – зы диным рыкIохэрэр ары.

1:16 А Иудэ ары . . . гъогур языгъэлъэгъугъэр – еплъ Лука 22:47.

гоути, икIэтIыйхэр зэкIэ къикIыгъэх. [19] Ерусалим дэс
цIыф пстэуми Иудэ къехъулIагъэм икъэбар зэхахыгъ,
абзэкIи а хьасэм АкелдамэкIэ еджэщтыгъэх. Ащ къикIы-
рэр «Лъыосэ Хьасэ».

[20] ЕтIанэ Петрэ къыпигъэхъожьыгъ:

–Сэбурым мыщ фэдэу ит:*

«Иунэ нэкI орэхъу. Зи ерэмыс».

Мыщ фэдэуи ит:

«Ащ ипшъэрылъ нэмыкI горэм ерэштэжьи, ычIыпIэ
ерэуцожь».

[21,22] –Арыти, Исус лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьы-
гъэр Иудэ ычIыпIэкIэ нэмыкI горэм къыддиушыхьатын
фае. А шыхьатыр Исус къытхахьэу, къытхэкIэу зыщы-
тыгъэ лъэхъанэм зэкIэ, Иуан Исус зиумэхъыгъэ мафэм
щегъэжьагъэу Тхьэм Исус уашъом дищэежьыфэ, тигъу-
сагъэхэм ащыщын фае.

[23] Арэущтэу нэбгыритIу агъэуцугъ: Юсыфэу ВарсавэкIэ
заджэхэрэмрэ (ащ Иусти раIуагъ) Матфыйрэ.

[24,25] ЕтIанэ Тхьэм елъэIухэзэ аIуагъ:

–Зиусхьан, о цIыф пстэуми агухэм арылъыр ошIэ. Мы
нэбгыритIумэ ащыщэу, апостолым иIоф ышIэнэу хэпхы-
гъэр къытэгъэлъэгъу; сыда пIомэ Иудэ а Iофыр къы-
гъани, ежь фэшъошэ чIыпIэ кIуагъэ.

[26] ЕтIанэ пхъэдз ашIи, пхъэдзыр Матфый тефагъ. Арэу-
щтэу апостол пшIыкIузымэ ягъусэу Матфыий апостолэу
хъугъэ.

## ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

### Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм къызэрафехыгъэр

Пэнтэкост зыцIэ мэфэкI мэфэшхор* къызэсым, шIошъ-
хъуныгъэ зиIэхэр зэкIэ зы чIыпIэм щытыгъэх. [2] ОшIэ–

1:18 пкIэу ратыгъэр – еплъ Лука 22:3–6.

1:20 Сэбурым ит – еплъ Сэбур (Псалтыр) 69:25; 109:8 (урыс библиемкIэ 68:26; 108:8).

2:1 Пэнтэкост зыцIэ мэфэкI мэфэшхор – коцхэр къызахыжьырэм

дэмышӀэу жьыбгъэшхоу къепщэрэм ибырсыр мэкъэшхо
фэдэ макъэ уашъом къехи, унэу зэрысхэм зэкӀэ мэкъэ-
шхор из хъугъэ. 3 МашӀом фэдэу бзэгухэр къафэлъэгъуа-
гъэх. А бзэгухэм загощи, ахэмэ ащыщэу хэтрэ зы цӀыфым
зы бзэгу къытенагъэу хъугъэ. 4 Тхьэм ЫпсэЛъапӀэ
зэкӀэми агухэм инэу арылъ хъуи, хымабзэхэмкӀэ къэгу-
щыӀэхэу аублагъ, Тхьэм Ыпсэ ЛъапӀэ къызэригъэгу-
щыӀагъэхэм фэдэу.

5 Дунаем сыдрэ лъэпкъи щыщхэу Тхьэм ищынагъо
зыгу илъ джуртхэр Ерусалим дэсыгъэх. 6 А бырсыр мэ-
къэшхор къызэхъум, зыфахьын амышӀэу, цӀыфыбэхэр
зэхэлъэдагъэх; сыда пӀомэ хэти ежь ыбзэкӀэ ахэр къэ-
гущыӀэхэу зэхахыгъэти ары. 7 Лъэшэу агъэшӀагъоу зэра-
Ӏожьыщтыгъ:

–Мы къэгущыӀэрэ лӀыхэр зэкӀэ Галилей хэкум щыщ-
хэба? 8 Ащыгъум тэ тщыщэу, хэти ежь ыбзэкӀэ ахэр
къэгущыӀэхэу зэхихын ылъэкӀэу сыдэущтэу хъура? 9 Пар-
фие хэгъэгум щыщхэми, Мидие хэгъэгум щыщхэми, Елам
хэгъэгум щыщхэми, Месопотамие хэгъэгум исхэми, хэку-
хэу Иудейрэ Каппадокиерэ арысхэми, хэкухэу Понтрэ
Асиерэ арысхэми, 10 хэкухэу Фригиерэ Памфилиерэ арыс-
хэми, Мысырымрэ Ливие хэгъэгум щыщ Киринние къалэм
пэгъунэгъу лъэныкъомрэ арысхэми, Рим къэлэшхом къи-
кӀыгъэхэми, 11 джуртхэми, прозелитхэми*, Крит хы-
гъэхъунэм* щыщхэми, арабхэми, тэ зэкӀэ тыбзэхэмкӀэ
Тхьэм Ӏофышхохэу ышӀагъэхэм якъэбар ахэмэ къаӀуатэу
зэхэтэхы.

12 ЦӀыф пстэуми агъэшӀагъоу, зыфахьын амышӀэу зэра-
Ӏожьыщтыгъ:

–Сыда щыщ мы къэхъугъэр?

13 Зыгорэхэри акӀэнакӀэхэу къаӀуагъ:

–Сэнэпс ӀэшӀум ыгъэутэшъуагъэх.

---

ыуж, джуртхэм илъэс къэс ятфэнэрэ мазэм щагъэмэфэкӀырэ мэфэкӀ мэфэшхор ары. Пасхъэ мэфэкӀ мэфэшхом ыуж, мэфэ шъэныкъозыблэкӀыхэкӀэ, Пэнтэкост мэфэкӀ мэфэшхор къэсы. «Пэнтэкостым» къикӀырэр «яшъэныкъорэр» ары.

2:11 прозелитыр – зидин зэблэзыхъугъэр ары.

2:11 хыгъэхъунэ – чӀыгу гъушъэу псы гузэгум итыр ары.

## Пэнтэкост мэфэкӀ мэфэшхом Петрэ цӀыф купышхом хэтхэм апашъхьэ къызэрэщыгущыӀагъэр

14 Джащыгъум Петрэ апостол пшӀыкӀузымэ ягъусэу къэ-
тэджи, ымакъэ къыӀэти, гущыӀэу къыублагъ.

–Сшы джуртхэмрэ, Ерусалим дэсхэмрэ, мыр зэжъугъа-
шӀэ, къасӀохэрэми шъукъядэӀу. 15 Шъо шъузэрэгугъэрэм
фэдэу мы лӀыхэр утэшъуагъэхэп, сыда пӀомэ пчэдыжьым
сыхьатыр бгъу* хъугъэ ныӀэп. 16 Ау мыщ дэжьым
къыщыхъугъэр пегъымбар Иоил* Іофэу мырэущтэу зыте-
гущыӀагъэр ары:

17 «Тхьэм мырэущтэу еӀо: Дунаем иаужырэ мафэхэм
сэ Спсэ ЛъапӀэ цӀыф пстэуми къафезгъэхыщт.
СигущыӀэхэр шъо шъукъохэмрэ шъупхъухэмрэ
агухэм къарыслъхьанхэшъ, къязгъэӀощтых.
ШъуикӀалэхэми Іофхэр къафэзгъэлъэгъощтых,
шъуинахьыжъхэми пкӀыхьапӀэхэр язгъэлъэгъущтых.
18 А мафэхэм къысфэлажьэрэ цӀыфхэм,
хъулъфыгъэми бзылъфыгъэми, сэ Спсэ ЛъапӀэ
къафезгъэхыщт,
сигущыӀэхэри ахэм агухэм
къарыслъхьанхэшъ,къязгъэӀощтых.
19 Уашъом Іофышхо гъэшӀэгъонхэр
къыщызгъэлъэгъощтых,
чӀылъэми нэшэнэ гъэшӀэгъонышхохэр
къыщызгъэлъэгъощтых,
лъы, машӀо, Іугъошхо къэхъущтых.
20 Зиусхьаным имэфэшхоу щытхъушхо зиӀэр къэкӀоным
ыпэкӀэ,
тыгъэри шӀункӀ къэхъущт, мазэри
лъым фэдэу хъущт.
21 Хэт щыщми Зиусхьаныр къыдэӀэпыӀэнэу елъэӀурэри
мыкӀодэу къэнэжьыщт».

22 Ащ нэужым Петрэ джыри ипсалъэ къыпидзэжьыгъ:
–Шъо, Израил лӀыхэр, мы гущыӀэхэм шъукъядэӀу:
Тхьэм Назарет щыщ Исус ежьым зэрэщыщыр шъор-
кӀэ къыгъэшъыпкъэжьыгъ. Тхьэм ар къызэригъэшъы-

2:15 пчэдыжьым сыхьатыр бгъу – гущыӀэ–гущыӀэу зэбдзэкӀымэ, «ящэнэрэ сыхьатыр» мэхъу. Ащ къикӀырэр пчэдыжьым сыхьатыр бгъур ары.

2:16–20 пегъымбар Иоил . . . зытегущыӀагъэр – еплъ Пегъымбар Иоил тхылъэу ытхыгъэм 2:28–32.

пкъэжьыгъэр Исус лъэкӏыныгъэ зыхэлъ Іофыпіхохэмрэ
Іофыпіхо гъэшІэгъонхэмрэ шъуадэжь зэрэщыригъэшІа-
гъэхэри, нэшэнэ гъэшІэгъоныпіхохэр зэрэщыригъэгъэ-
лъэгъуагъэхэри ары. 23 Тхьэм гухэлъэу ыухыгъэм тетэуи,
Тхьэм ар къэхъуным ыпэ къэхъунэу зэришІэщтыгъэм
фэдэуи, Исус къышъуІэкІэхьагъ. ЦІыф бзаджэхэм шъо
къащым ряжъугъэІулІи яжъугъэукІыгъ. 24 Ау Тхьэм ар
лІэныгъэм икъин щэчыныгъэм хищыжьыгъэу, лІагъэхэм
къахигъэтэджыкІыжьыгъ; сыда пІомэ лІэныгъэм ар ыІы-
гъынэу хъущтыгъэп. 25 Пегъымбар Даутэ Исус ехьылІагъэу
мырэущтэу къыІуагъ:*

«Зиусхьаныр сапашъхьэ итэу слъэгъу зэпытыгъ.
ЗыкІи симыгъэгумэкІыным пае, ар сиджабгъукІэ
къызгот.
26 Арыпіъ, сыгу мэгушІо, сыжэ–бзэгуи мэгушІо.
Спкъи гугъэпІэшІу иІэу псэфыжьыщт,
27 сыда пІомэ лІагъэхэм ядунае сэ спсэ
къыщыбгъэнэжьыщтэп.
Къыпфэлажьэрэ цІыф лъапІэм ихьадэ бгъэшъуіщтэп.
28 ЩыІэныгъэм ыдэжь кІорэ гъогухэр сэбгъэшІагъэх.
Уадэжь сэ сыщыбгъэгушІожьыщт».

29 –Сшыхэр, тятэжъыпіхо Даутэ ехьылІагъэу гушхоны-
гъэкІэ сыкъэгущыІэн сыфит. Ар дунаем ехыжьыгъагъ
ыкІи чІалъхьажьыгъагъ, непэ къэсыфэ икъэунэ тадэжь
щыІ. 30 Даутэ пегъымбарэу щытыгъ, ащи ышІэщтыгъ,
Христосэу* ежь Даутэ къытехъукІынэу щытыгъэ цІыфхэм
ащыщыр ежь Даутэ ипачъыхьэ тІысыпІэ тыригъэтІыс-
хьанэу Тхьэм гущыІэ пытэкІэ къызэригъэгугъагъэр*.
31 Арыпіъ, Даутэ къэхъущтыр ешІэти, Христос къыте-
гущыІэу* «Тхьэм ар лІагъэхэмэ ядунае къыщигъэнэжьы-
щтэп», ыкІи «ащ ихьадэ ыгъэшъущтэп» ыІуи къызеІом,

---

2:25–28 пегъымбар Даутэ . . . къыІуагъ – еплъ Сэбур (Псалтыр) 16:8–11 (урыс библиемкІэ 15:8–11).

2:30 Христос – Мессихьыр ары. Пачъыхьэ Даутэ ылъэпкъ къытехъукІыгъэу, пегъымбархэм къызэраІуагъэм тетэу, Израил шъхьафитныгъэрэ мамыр тетыгъорэ аригъэгъотынхэу Тхьэм Израил къызэригъэгугъэгъэ пщы лъапІэр ары.

2:30 Тхьэм гущыІэ пытэкІэ къызэригъэгугъагъэр – еплъ Сэбур (Псалтыр) 132:11 (урыс библиемкІэ 131:11).

2:31 Даутэ . . . Христосым къытегущыІэу – еплъ Сэбур (Псалтыр) 16:10 (урыс библиемкІэ 15:10).

зыфиӀуагъэр Христос лӀагъэхэм къахэтэджыкӀыжьынэу
зэрэщытыгъэр ары. 32 А Исус ары Тхьэм лӀагъэхэм
къахигъэтэджыкӀыжьыгъэр, а Іофыми тэ зэкӀэри тыри-
шыхьат. 33 Тхьэм Исус уашъом дищэежьи, иджабгъукӀэ
зыгуегъэтӀысхьэм ыуж, Ты лъапӀэм ежь Ыпсэ ЛъапӀэу
къызэригъэгугъагъэр къыритыгъ, зэрэшъулъэгъурэм
ыкӀи зэрэзэхэшъухырэм фэдэуи Исус Тхьэм Ыпсэ ЛъапӀэ
къытфыригъэхыгъ. 34 Сыда пӀомэ Даутэ уашъом дэкӀое-
жьыгъэп, ау мырэущтэу къыӀуагъ:*

«Тхьэу Зиусхьаным сэ си Зиусхьан къыриӀуагъ:
35 О уипыихэр лъэгукӀэтын пфэсшӀыхэфэ,
сэ сиджабгъукӀэ къызготӀысхь».

36 –Арышъ, Израил цӀыф пстэуми мыр яшъыпкъэу
арэшӀ: Мы Исусэу шъо къащым ешъуӀулӀыгъэр, Тхьэм
ыкӀи Зиусхьанэу ыкӀи Христосэу къыгъэхъугъ.

37 ЦӀыфхэм ар зызэхахым, агу хэуӀагъ. Ахэмэ Петрэрэ
адрэ апостолхэмрэ къараӀуагъ:

–Тшыхэр, сыда тэ тшӀэн фаер?

38 –ШъуипсэкӀодхэм шъуафыкӀэгъожьи, Исус Христос
ыцӀэкӀэ шъо пстэуми зытэжъугъэумэхъ*, Тхьэм шъуи-
псэкӀодхэр къышъуфигъэгъунхэм пае,– ариӀожьыгъ Петрэ.
–Ащыгъум Тхьэм итынэу ежь Ыпсэ ЛъапӀэ шъу-
гухэм къарилъхьащт. 39 Тхьэм ежь Ыпсэ ЛъапӀэ зыфы-
ригъэхынэу къыгъэгугъагъэхэр шъори, шъуибынхэри,
чыжьэу щыӀэ цӀыфхэри зэкӀэ – цӀыфхэу ежь ибын хъун-
хэу Зиусхьанэу ти Тхьэ зэкӀэ заджэхэрэр ары.

40 НэмыкӀ гущыӀабэкӀэ Петрэ ахэмэ афигъэпытэу ялъэ-
Ӏугъ:

–Мы лъэпкъ къуанчэм Тхьэм зыхежъугъэщыжьи, шъу-
мыкӀодэу зыкъежъугъэгъэнэжь.

41 Арэущтэу Петрэ игущыӀэхэр зыштагъэхэм зарагъэумэ-
хъыгъ. А мафэм шӀошъхъуныгъэ зиӀэхэм япчъагъэ
минищ фэдиз хэхъуагъ. 42 Емызэщхэу шӀошъхъуныгъэ
зиӀэ хъугъэ цӀыфхэм апостолхэм Тхьэм игущыӀэхэр зара-
гъэгъашӀэхэу зэпытыщтыгъэх, зэкъошхэм фэдэуи зэхэ-
тыгъэх, хьалыгъу зэгуачы зэпытыщтыгъ, Тхьэми елъэӀу
зэпытыщтыгъэх.

---

2:34–35 Даутэ . . . къыӀуагъ – еплъ Сэбур (Псалтыр) 110:1 (урыс библиемкӀэ 109:1).

2:38 умэхъыныр – еплъ 1:5.

2:42 хьалыгъу зэгуачы зэпытыщтыгъ – Исус лӀи, лӀагъэхэм къызэра-

### ШІошъхъуныгъэ зиІэхэм язэкъошныгъ

[43] Апостолхэм Іофышхо гъэшІэгъон Іаджыхэр ашІагъэ-
хэти, нэшэнэ гъэшІэгъонышхо Іаджыхэри къагъэлъэ-
гъуагъэхэти, цІыфхэм зэкІэ агухэм щынагъо арылъ хъу-
гъэ. [44] ШІошъхъуныгъэ зиІэхэр зэкІэ зэгъусагъэх, яІэри
зэкІэ язэфэдагъ. [45] Ямылъкухэмрэ яхьапщыпхэмрэ ащэхи,
къыкІэкІыгъэм щыщ хэти ищыкІагъэм фэдиз ратыгъ.
[46] Зыгу-зыпсэу мафэ къаси Тхьэм иунэшхо щызэІукІэ
зэпытыщтыгъэх. Яунэхэми хьалыгъур щызэгуачыщтыгъ,
гушІохэу агу шъыпкъэхэкІэ зэдашхэщтыгъэх. [47] Тхьэм
ищытхъу ашІыщтыгъ, цІыф пстэуми агуи яІущтыгъ.
Зиусхьаным цІыфхэу мыкІодхэу къыгъэнэжьхэрэмкІэ
шІошъхъуныгъэ зиІэхэм япчъагъэ мафэ къэси хигъа-
хъощтыгъ.

## ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

### Петрэрэ Иуанрэ Тхьэм иунэшхо икъэлапчъэ дэжь зылъакъохэм атеуцон зымылъэкІырэ лІы горэ зэрэщагъэхъужьыгъэр

Зы мафэ горэм щэджэгъоужым цІыфхэр Тхьэм зыще-
лъэІурэ сыхьат щым дэжь* Петрэрэ Иуанрэ Тхьэм иунэ-
шхо кІощтыгъэх. [2] Зы лІы горэ, къызыхъугъэм щегъэ-
жьагъэу ылъакъохэм атеуцон ымылъэкІэу, Тхьэм иунэ-
шхо икъэлапчъэхэм ащыщхэу «Къэлапчъэ дах» зыфаІо-
рэм къахьыщтыгъ. Ар мафэ къэси къахьыти, Тхьэм иунэ-
шхо чІахьэхэрэм сэдакъэкІэ ялъэІунэу а къэлапчъэм дэжь
агъэтІысыщтыгъ. [3] А лІым Петрэрэ Иуанрэ Тхьэм иунэ-
шхо чІахьэхэзэ зелъэгъухэм, ялъэІугъ:
–Сэдакъэ къысэшъут!

---

хэтэджыкІыжьыгъэр агу къагъэкІыжьызэ, ИсускІэ шІошъхъуныгъэ зиІэхэр зэдашхэх.

3:1 сыхьатыр щым дэжь – гущыІэ-гущыІэу зэбдзэкІымэ, «ябгъонэрэ сыхьатыр» мэхъу. Ащ къикІырэр щэджэгъоужым сыхьатыр щыр ары.

4 Петрэрэ Иуанрэ анэхэр а лIым тырагъэдыкъагъэхэу,
еплъыхэзэ, Петрэ къыIуагъ:

–Мо зэ къытэплъ!

5 Зыгорэ къыратынкIэ ащыгугъэу а лIыр афыдэплъыягъ.

6 –Дышъи тыжьыни сэ зи сиIэп,– къыIуагъ Петрэ, –ау
сиIэр осэты: Назарет къалэм щыщ Исус Христос ыцIэкIэ
унашъо пфэсэшIы, къэтэджи, къэкIухь!

7 ЕтIанэ Петрэ а лIым ыIэ джабгъу къыубыти къы-
гъэтэджыгъ. Ардэдэм а лIым ылъакъохэмрэ ылъэ-
гуанджэхэмрэ кIуачIэ къахэхьажьыгъ. 8 Ар къызщылъэ-
ти, ылъакъохэм атеуцожьи, къыкIухьэу ыублагъ. ЕтIанэ
Петрэрэ Иуанрэ ягъусэу Тхьэм иунэшхо чIахьи, къыкIу-
хьэу, дэпкIаезэ Тхьэм щытхъу фишIыгъ. 9 ЦIыф пстэуми
ар къыкIухьэу, Тхьэм щытхъу фишIэу алъэгъугъ. 10 За-
лъэгъум, Тхьэм иунэшхо «и Къэлапчъэ дах» зыфаIорэм
ыдэжь лъэIуакIоу щысыщтыгъэр арэу цIыфхэм къашIэ-
жьыгъ, агучIи изыгъэу а лIым къехъулIагъэр лъэшэу
агъэшIэгъуагъ.

## Петрэ цIыф купышхом ыпашъхьэ къызэрэщыгущыIагъэр

11 ЛIэу агъэхъужьыгъэр Петрэрэ Иуанрэ ауж имыкIэу,
цIыфхэм зэкIэ лъэшэу агъэшIагъоу пачъыхьэ Сэлмэн
ыцIэкIэ заджэхэрэ щагоу шъхьэ зытелъ пкъэу къэлапчъэ-
хэр зиIэм ыдэжь чъэхи, а нэбгырищым адэжь къыщы-
зэрэугъоигъэх. 12 Петрэ ар зелъэгъум, цIыфмэ ариIуагъ:

–Израил лIыхэр, сыд пае ар жъугъэшIагъора? Сыд пае
ащ фэдизэу тэ шъукъытэплъыра? Тэр–тэрэу лъэкIыны-
гъэшхо тиIэу, е Тхьэр инэу тэ тэгъэлъапIэшъ, мы лIым
зекIон едгъэлъэкIыгъэу шъогугъа? 13 Мы лIым къехъу-
лIагъэмкIэ Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ я Тхьэу тятэ-
жъышхохэм я Тхьэ цIыфхэм апашъхьэ Ыкъо Исус ищы-
тхъушхо къыщигъэлъэгъуагъ. Ар тетыгъо зиIэхэм шъо
аIэкIэжъугъэхьагъ. Iэшъхьэтет Пилат* ар шъхьафитэу
къытIупщыжьынэу тыриубытагъэ пэтми, ащ ыпашъхьэ
Исус щызэшъупэсыгъэп. 14 ЦIыф ЛъапIэу ыкIи Зафэр

---

3:13 Пилат – Рим (Рум) цIыфхэм ащыщэу, Понтый Пилат, Исус къызэхъу нэужым я 26–36 илъэсхэм къакIоцI хэкухэу Иудей, Самарие, Идумей яIэшъхьэтетэу щытыгъ.

зэшъупэсыгъэп, зы укIакIо горэ шъхьафитэу къышъуфи-
тIупщыжьынэуи Iэшъхьэтет Пилат шъуелъэIугъ. [15] Щы-
Iэныгъэ шъыпкъэр цIыфмэ язытырэр арэущтэу шъу-
укIыгъэ, ау Тхьэм ар лIагъэхэм къахигъэтэджыкIы-
жьыгъ. Тэри а Iофым тыришыхьат. [16] Мы лIэу шъу-
лъэгъурэм ыкIи шъушIэрэм Исус ыцIэ зэрэщыгугъы-
гъэм пае, кIуачIэ иIэ хъугъэ. Исус ыцIэрэ Исус
ыдэжь къикIырэ шIошъхъуныгъэмрэ ары шъо пстэуми
шъуапашъхьэ мы лIыр щызыгъэхъужьыпагъэр.

[17] —Ащ нэмыкIэу, сшыхэр, шъори шъуитхьаматэхэми
Исус ешъушIагъэр зэхэшъумышIыкIэу зэрэшъушIагъэр
сэшIэ. [18] Тхьэм пегъымбар пстэуми агухэм къарилъхьи,
къаригъэIуагъ, ежь и Христос къиныбэ ыщэчын фаеу
зэрэщытыщтыр, Тхьэм зэриухыгъэм тетэуи хъугъэ.
[19] Арыти, Тхьэм шъуипсэкIодхэр къышъуфигъэгъунхэм
пае, ахэмэ шъуафыкIэгъожьи, Тхьэм игъогу шъутехь.
[20] Ащыгъум шъугухэм зызыщагъэпсэфыжьын лъэхъанэхэр
Зиусхьаным ыдэжь къикIыщтых, Тхьэм Христосэу къышъу-
фигъэнэфэгъэ Исуси къыгъэкIожьыщт. [21] Тхьэм зэпстэури
тэрэзэу зэтригъэуцожьыфэ, Христос уашъом щыIэн фае,
Тхьэм ипегъымбар лъапIэхэм агухэм къарилъхьи, къызэра-
ригъэIуагъэм тетэу. [22] ГущыIэм пае, пегъымбар Мусэ къы-
Iуагъ:* «Зиусхьанэу шъуи Тхьэм шъушыхэм ащыщэу, сэ
сфэдэ пегъымбар горэ къыгъэкIощт. Ащ къышъуиIощт
пстэуми шъуядэIун фае. [23] А пегъымбарым къыIохэрэм
хэт щыщми ямыдэIурэр лъэпкъым хэкIынышъ, кIоды-
жьыщт».

[24] –Адрэ пегъымбар пстэуми, пегъымбар Самуел щегъэ-
жьагъэу ащ къыкIэлъыкIуагъэхэми, пегъымбархэу Тхьэм
игущыIэхэр зыгу къырилъхьэхи, къызэригъэIогъэ пстэу-
ми мы мафэхэм ягугъу ашIыщтыгъ. [25] Пегъымбархэм ажэ-
кIэ Тхьэм цIыфхэр къызэригъэгугъэгъэ Iофхэр зыгъот-
хэрэр шъоры, Тхьэм ежьыррэ шъуятэжъышхохэмрэ азы-
фагу дилъхьэгъэ зэзэгъыныгъэм иIэхьышIуи зыгъотхэ-
рэр шъоры, Тхьэм пегъымбар Ибрахьимэ зэрэриIуагъэм
тетэу, «О къыптехъукIыщт цIыфым дунаем ылъэпкъ
пстэуми сынэшIу щыфэныгъэр анигъэсынэу сшIыщт».
[26] Тхьэм ежь Ыкъуи къызегъэлъагъом, лъэпкъхэм апэу
ежь Ыкъо къызфигъэкIуагъэр шъоры, шъуащышу хэти

---

3:22 пегъымбар Мусэ къыIуагъ – еплъ Пегъэмбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 18:15,18.

шъуащыщэу хэти игъогу бзаджэ тырыригъэгъэкIэу, ынэшIу къыщыригъэфэным пае.

## ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

### Джурт тхьаматэхэм Петрэрэ Иуанрэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ зэрэращагъэхэр

Петрэрэ Иуанрэ цIыфхэм адэгущыIэхэзэ, дин пащэхэр,
Тхьэм иунэшхо иухъумакIохэм ятхьаматэ, саддукейхэр*
лъэшэу губжыгъэхэу итIум къабгъодэхьагъэх; 2 сыда пIомэ
Петрэрэ Иуанрэ цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр арагъашIэхэу,
Исус лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэм пае, лIагъэ-
хэр къызэрэтэджыжьыщтхэр агъэIущтыгъэти ары. 3 Арэу-
щтэу ахэмэ Петрэрэ Иуанрэ аубытхи, пчыхьашъхьэ хъу-
гъэти, ятIонэрэ мафэм нэсы хьапсым чIагъэсыгъэх. 4 Петрэ-
рэ Иуанрэ къэбарэу агъэIурэр зэхэзыхыгъэхэм ащыщхэу
бэмэ ИсускIэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ. Ахэмэ япчъа-
гъэ нэбгырэ минитф фэдиз хъугъэ.
5 ЯтIонэрэ мафэм джурт тхьаматэхэр, нахьыжъхэр*, Тэу-
рат егъэджэкIо пащэхэр* Ерусалим щызэIукIагъэх. 6 Дин
пэщэшхоу* Аннэ* зыцIэр ащ дэжьым щыIагъ, етIанэ
Кайафэ*, Иуан, Александр, нэмыкI лIыхэу дин пэщэшхом
иунагъо щыщхэр ащ дэжьым щыIагъэх. 7 Ахэмэ Петрэрэ

4:1 саддукейхэр – дин пащэхэм ащыщхэу, диным пылъхэу зы тхьамэтэ купэу щытыгъэх. Ахэмэ тхылъ лъапIэхэу алъытагъэхэр Тэурат хабзэм итхылъитф ары ныIэп.

4:5 нахьыжъхэр – лъытэныгъэ зиIэ джурт дин тхьаматэ купэу щытыгъэх. Ахэмэ ащыщхэу заулэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщыгъэх.

4:5 Тэурат егъэджэкIо пащэхэр – Тэурат хабзэм итхэмрэ джуртхэм адрэ тхылъ лъапIэхэу яIэхэм арытхэмрэ цIыфхэм агурызыгъаIоу щытыгъэ пащэхэр ары.

4:6 дин пэщэшхор – дин пащэхэм ятхьаматэуи Тхьэмэтэ Хэсэшхом итхьаматэуи щытыгъ.

4:6 Аннэ– Исус къызэхъу нэужым я 6–15 илъэсхэм къакIоцI дин пэщэшхоу щытыгъ.

4:6 Кайафэ – Аннэ ыпхъу илIэу щытыгъ, Исус къызэхъу нэужым я 18–36 илъэсхэм къакIоцI дин пэщэшхоу щытыгъ.

Иуанрэ утыгум къыращэхи яупчIыгъэх:
–Сыд фэдэ кIуачIэкIэ, е хэт ыцIэкIэ а лIыр хъужьыгъа?
8 Ар зэIом, Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ Петрэ ыгу инэу илъ хъуи
ариIуагъ:
–Шъо тэ тлъэпкъ итхьаматэхэри, нахьыжъхэри! 9 ЛIэу
зылъакъохэм атеуцон зымылъэкIэу щытыгъэм тэ шIоу
фэтшIагъэм иIоф шъухаплъэзэ, «Сыдэущтэу ар хъужьы-
гъа?» шъуIозэ, непэ шъукъытэупчIы. 10 Арышъ, шъо зэ-
пстэуми, Израил лъэпкъым зэкIэ мыр зэжъугъашIэ: Наза-
рет къалэм щыщ Исус Христос ыцIэ ыкIуачIэ ары мы лIыр
зыгъэхъужьыпагъэр, ащ паий ар шъуапашъхьэ ит. Исус
ары къащым тешъуIулIагъэр, ау Тхьэм ар лIагъэхэм
къахигъэтэджыкIыжьыгъ. 11 Ежьыр ары

«Унэ зышIыхэрэм зэрамыпэсэу чIадзыжьыгъэ
мыжъоу мыжъо лъэпсэ дэдэу унэм фэхъугъэр».*

12 –ЦIыфхэр мыкIодхэу къэзыгъэнэжьырэ закъор Исус
ары. Ащ ыцIэ нэмыкIэу, Тхьэм уашъом ычIэгъ чIэт цIыф-
хэм аритыгъэу зи щыIэп тымыкIодэу тыкъэзыгъэнэжьын
зылъэкIынэу.
13 Джурт тхьаматэхэм Петрэрэ Иуанрэ ягушхоныгъэ за-
лъэгъум, гъэсэныгъэ зимыIэ лIы къызэрыкIохэу зэрэ-
щытхэми гу зылъатэм, агъэшIэгъуагъ, Исус зэригъуса-
гъэхэри къашIэжьыгъ. 14 Ау а лIэу агъэхъужьыгъэр ахэмэ
ягъусэу ащ дэжьым щытэу алъэгъугъэти, ащ нахьыбэ араIо-
жьын алъэкIыгъэп. 15 Арэущтэу зэхъум, Синедрион* хасэ
унэм Петрэрэ Иуанрэ чIагъэкIыжьхи, ежьхэр зэупчIыжь-
хэу аублагъ. 16 ЗэупчIыжьхэзэ мырэущтэу зэраIожьыгъ:
–Мы лIитIум сыда ятшIэщтыр? Ерусалим дэс цIыф
пстэуми ахэмэ Iофышхо гъэшIэгъон зэрашIагъэр ашIэ.
«Iофышхо ашIагъэп», тэ тIо хъущтэп. 17 Ау хъугъэм
икъэбар ащ нахьи нахьыбэу цIыфмэ ахэмыхьаным пае,
«Исусым ыцIэкIэ зы цIыф горэм шъудэгущыIэмэ, къины-

---

4:11 Еплъ Сэбур (Псалтыр) 118:22 (урыс библиемкIэ 117:22).

4:15 Синедрион – Тхьэмэтэ Хэсэшхор ары. Дин Iофхэм яхьылIагъэу хьыкум зышIэу, анахь тетыгъошхо зиIэ хасэу джуртхэм яIагъэр ары. Тхьаматэ нэбгырэ 70–рэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщыгъэх. А хэсэшхом итхьаматэу дин пэщэшхор арыгъэ.

бэ шъодгъэщэчыщт», тIонышъ, мы лIыхэм афэдгъэпытэн
фае.

[18] ЕтIанэ Петрэрэ Иуанрэ хэсэ унэм къычIащэжьхи,
Исус ыцIэкIэ зи къамыIожьынэуи, цIыфхэм зи арамыгъэ-
шIэжьынэуи афагъэпытагъ. [19] Ау Петрэрэ Иуанрэ ахэмэ
араIожьыгъ:

–Тхьэм тедэIуным нахьи, шъо тышъодэIуныр Тхьэм-
кIэ тэрэза, мытэрэза, шъор–шъорэу хьыкум тешъу-
шIыхьан фае. [20] Ау тэ Iофхэу тлъэгъугъэхэмрэ зэхэ-
тхыгъэхэмрэ къэтымыIо хъущтэп.

[21] ЕтIанэ джурт тхьаматэхэм, «Шъукъытэмыдэ1умэ, къи-
ныбэ шъодгъэщэчыщт», аIуи, джыри зэ афагъэпыти къа-
тIупщыжьыгъэх. Ахэмэ къин арагъэщэчынэу ушъхьагъу
агъотыгъэп, сыда пIомэ а хъугъэ–шIагъэм пае, цIыф
пстэуми Тхьэм щытхъу фашIыщтЬыгъэти ары. [22] Мы Iофы-
шхо гъэшIэгъонымкIэ апостолхэм агъэхъужьыгъэ лIым
ыныбжь илъэс тIокIитIум ехъущтыгъ.

## ШIошъхъуныгъэ зиIэхэр Тхьэм зэрелъэIугъэхэр

[23] Петрэрэ Иуанрэ къызатIупщыжьхэм, ягъусэхэм
адэжь агъэзэжьи, дин пэщэшхохэмрэ нахьыжъхэмрэ къа-
раIуагъэр аIотэжьыгъ. [24] Ахэмэ ар зызэхахым, зэдаштэу
амакъэ инэу къаIэти, Тхьэм елъэIугъэх:

–Зиусхьан, уашъори, чIыри, хыри, ахэмэ ащыIэ пстэури
къэзыгъэхъугъэр оры. [25] Тятэжъышхо Даутэ ыжэкIэ о
укъэгущыIагъ. Ар о къыпфэлажьэу щытыгъ, о Ппсэ Лъа-
пIэ илъэкIыныгъэкIи мы гущыIэхэр ащ ебгъэIуагъэх:*

«Хымэ лъэпкъхэр сыда зыкIэгубжыхэрэр?
ЦIыфхэм пкIэ зимыIэ гухэлъхэри сыда зыфыряIэр?
[26] Дунаем ипачъыхьэхэм зыкъаIэтыгъ, пащэхэри
зэрэугъойхи,
Зиусхьанэу Тхьэмрэ ежь и Христосэу дагъэ зыщи-
фагъэмрэ
апэуцунхэу зэгурыIуагъэх».

[27] –А гущыIэхэр шъыпкъэх, сыда пIомэ пщы Иродрэ*

---

4:25–26 мы гущыIэхэр ащ ебгъэIуагъэх – еплъ Сэбур (Псалтыр) 2:1–2.

4:27 пщы Ирод – Ирод Антипэ ары. Исус къэхъуным ыпэкIэ я 4–рэ илъэсым щегъэжьагъэу Исус къызэхъу нэужым я 39–рэ илъэсым нэсы,

Iэшъхьэтет Понтый Пилатрэ хымэ лъэпкъхэмрэ Израил
цIыфхэмрэ ягъусэхэу, о Пкъо лъапIэ Исусэу дагъэ
зыщыпфагъэм пэуцунхэу мы къалэм щызэрэугъоигъэх. [28] О
пкIочIэшхокIи, уигухэлъ тетэуи хъун фэегъэ Iофхэу ыпэ-
кIэ бгъэнэфагъэхэр ахэмэ агъэцэкIагъэх. [29] Джы, Зиусхьан,
«ШъукъытэмыдэIумэ, къиныбэ шъодгъэщэчыщт», аIозэ,
ахэмэ къызэраIорэм еплъ, уигущыIэхэр гушхоныгъэ
пстэумкIи дгъэIунхэу тэ, къыпфэлажьэхэрэм, кIуачIэ къы-
тэт. [30] Арышъ, Пкъо лъапIэу Исус ыцIэкIэ сымаджэхэр
бгъэхъужьынхэуи, нэшэнэ гъэшIэгъонышхохэр къэбгъэ-
лъэгъонхэуи, Iофышхо гъэшIэгъонхэр пшIэнхэуи о пIэ
къэщэй.

[31] Тхьэм зелъэIухэ ужым, чIыпIэу зыщызэрэугъоигъэ-
хэр къэсысыгъ. Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ зэкIэмэ агухэм инэу
арылъ хъуи, гушхоныгъэкIэ Тхьэм игущыIэхэр агъэIоу
рагъэжьагъ.

## ШIошъхъуныгъэ зиIэхэм мылъкоу яIэр язэрэзэфэдагъэр

[32] ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр зэкIэ зыгу–зыпсэу
щытыгъэх. Зыми имылъку ехьылIагъэу «Мыр сэсый»
ыIуагъэп, ар зэкIэ язэфэдагъ. [33] Апостолхэр Исус лIа-
гъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэм лъэкIыныгъэшхо-
кIэ шыхьат фэхъугъэх, Тхьэм ынэшIуи зэкIэми инэу къа-
щифэу щытыгъ. [34] ЩыкIагъэ зиIэ цIыф зи ахэтыгъэп;
сыда пIомэ, е чIыгу, е унэ зиIэ пстэуми ахэр ащэжьхэти,
ахъщэу къыкIэкIыгъэр къахьыти, [35] апостолхэм апа-
шъхьэ ралъхьэщтыгъ. А ахъщэм щыщэу апостолхэм хэти
ищыкIагъэм фэдиз ратыщтыгъ.

[36] Кипр хыгъэхъунэм* щыщэу, Левый унэгъо лъэпкъым
щыщэу лIы горэ щыIагъ. А лIым Юсыф ыцIагъ. Апостол-
хэр ащ ВарнавэкIэ еджэщтыгъэх. (Варнавэ зыфаIорэ лIы-
цIэм къикIырэр «ЦIыфхэр Зыгъэгушхорэр» ары. [37] Ащ хьа-
сэу иIагъэр ыщи, ахъщэр къыхьи, апостолхэм апашъхьэ
къырилъхьагъ.

---

ар Галилей хэкумрэ, Перей хэкумрэ япщэу щытыгъ. Еплъ Лука 23:7–11.

4:36 хыгъэхъунэ – чIыгу гъушъэу псы гузэгум итыр ары.

# ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

## Ананыйрэ Сапфирэрэ якъэбар

Ананый ыцIэу, лIы горэ щыIагъ. Ежьымрэ ишъхьэгъусэу Сапфирэрэ мылъку горэ ащагъ. [2] Шъузым ышIэзэ, Ананый мылъкум ыуасэ щыщ ежьым пае зы тIэкIу хихи, къэнагъэр ыхьи, апостолхэм апашъхьэ рилъхьагъ.

[3] –Ананый,– къыIуагъ Петрэ, –Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ пцIы фэуусынэуи, чIыгум ыуасэ щыщ ощ пае хэпхынэуи шэйтаным угу къырилъхьанэу сыдэущтэу хъугъа? [4] ЧIыгур пщэным ыпэкIэ, оуиеу щытыгъэба? Зыощэм ыуж, ахъщэм узыфаер епшIэн плъэкIыщтыгъэба? Мыщ фэдэу пшIэнэу сыд пае угу иплъхьагъ? ПцIы зыфэуусыгъэр цIыфхэр арэп, Тхьэр ары нахь.

[5] Ананый а гущыIэхэр зызэхеххэм, зэхафи, ыпсэ хэкIыгъ. Хъугъэ–шIагъэр зэхэзыхыгъэхэр зэкIэ щынэгъошхом хэфагъэх. [6] КIэлэ ныбжьыкIэ куп къакIохи, ихьадэ чэфын ращэкIи, унэм рахыжьи, къэм чIалъхьажьыгъ.

[7] Сыхьэтищ фэдиз тешIагъэу, къэхъугъэр ымышIэу Ананый ишъхьэгъусэ унэм къихьагъ.

[8] –КъысаIу,– риIуагъ Петрэ, –чIыгур мыщ фэдиз ахъщэкIэ шъуущагъа?

–Ары, ащ фэдиз ахъщэр ары зэрытщагъэр,– къыIуагъ бзылъфыгъэм.

[9] –Сыд пае Зиусхьаным ЫIпсэ ЛъапIэ жъугъэунэфынэу шъузэрэгъэгугъэжьыгъа?– риIуагъ Петрэ. –Еплъ, уилI ихьадэ къэм чIэзылъхьажьыгъэхэр пчъэIупэм Iутых, о уихьади рахыжьыщт.

[10] Ардэдэм бзылъфыгъэр Петрэ ылъакъохэм адэжь щызэхафи, ыпсэ хэкIыгъ. КIэлэ ныбжьыкIэхэр къызехьэхэм, ари лIагъэу къагъотыгъ. Ихьадэ унэм рахыжьи, дахи, ишъхьэгъусэ бгъодэлъэу чIалъхьажьыгъ.

[11] Чылыс зэIукIэм щыщ пстэури хъугъэ–шIагъэхэр зэхэзыхыгъэ пстэури щынэгъошхом хэфагъэх.

## Апостолхэм нэшэнэ гъэшIэгъонышхо Iаджи зэрагъэлъэгъуагъэмрэ Iофышхо гъэшIэгъон Iаджи зэрашIагъэмрэ

[12] Апостолхэм цIыфхэм апашъхьэ нэшэнэ гъэшIэгъо-
нышхо Iаджи къыщагъэлъагъощтыгъ, Iофышхо гъэшIэ-
гъон Iаджи щашIэщтыгъ. ШIошъхъуныгъэ зиIэ пстэуми
зэдаштэу, пачъыхьэ Сэлмэн ыцIэкIэ заджэхэрэ щагоу
шъхьэ зытелъ пкъэу къэлапчъэхэр зиIэм щызэIукIэщты-
гъэх. [13] ЦIыфхэр шIошъхъуныгъэ зиIэхэм ахэхьанхэу за-
гъэгушхощтыгъэп, ау лъытэныгъэ афыряIэу щытыгъ.
[14] Ащ имызакъоу, цIыф нахьыбэ, хъулъфыгъэхэми, бзылъ-
фыгъэхэми, Зиусхьанымкэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъоу, аго-
хьэ зэпытыщтыгъэх. [15] Арышъ, Петрэ зыблэкIыкIэ, зи мы-
хъуми, иныбжьыкъу сымаджэхэм ащыщхэм къатыридзэ-
ным пае, цIыфхэм ясымаджэхэр пIэхэми пIуаблэхэми ате-
лъхэу къахьыхэти, урамхэм къатыралъхьащтыгъэх. [16] Еру-
салим игъунэгъу къалэхэми цIыфыбэхэр къарыкIыхэти,
ясымаджэхэмрэ джынэпцIэ Iаехэм рагъэзыгъэхэмрэ къа-
хьыщтыгъэх. Апостолхэм ахэр зэкIэ агъэхъужьыщтыгъэх.

## Джурт тхьаматэхэм апостолхэм къин зэрарагъэщэчыгъэр

[17] ЕтIанэ дин пэщэшхомрэ дин пэщэшхом игъусэ пстэу-
хэмрэ шъугъоныр агу къихьагъ. Дин пэщэшхом игъусэхэр
диным рыкIорэ цIыф купэу саддукей* купкIэ заджэхэрэм
щыщыгъэх. [18] Апостолхэр аубытхи, къалэм ихьапс чIа-
дзагъэх. [19] Ау чэщым Зиусхьаным имэлэIич хьапсым
ипчъэхэр Iуихыхи, ахэр къычIищыжьхи къыIуагъ:

[20] –ШъукIожьи, Тхьэм иунэшхо шъучIахьи, мы щыIэ-
ныгъэ лъапIэм икъэбар зэкIэ цIыфмэ яшъуIуат.

[21] Апостолхэр едэIухи, нэф къызэшъым, Тхьэм иунэшхо
чIахьэхи, а къэбарыр цIыфхэм арагъашIэу аублагъ.

Дин пэщэшхомрэ ащ игъусэхэмрэ къызэкIохэм, Тхьэмэтэ
Хэсэшхом* щыщхэм (Израил цIыфмэ янахьыжъхэр* ары)

---

5:17 саддукейхэр – еплъ 4:1.

5:21 Тхьэмэтэ Хэсэшхор – еплъ 4:15.

5:21 нахьыжъхэр – еплъ 4:5.

къяджэхи, апостолхэр къащэнхэм пае ухъумакIохэр хьа-
псым агъэкIуагъэх. 22 Ау ухъумакIохэр хьапсым зэкIохэм,
апостолхэр ащ чIэсхэу агъотыгъэхэп. Арыти, къагъэзэжьи
къаIуагъ:

23 –Хьапсыр пытэу гъэпытагъэу, ухъумакIохэри пчъэ-
хэм аIутхэу къэдгъотыгъ, ау пчъэхэр Iутхи, тызычIа-
хьэм, зи чIэдгъотагъэп.

24 Тхьэм иунэшхо иухъумакIохэм ятхьаматэмрэ дин пэ-
щэшхохэмрэ ар зызэхахым, зыфахьын ашIагъэп.

25 Джащыгъум зыгорэ къакIуи, къэбар ахэмэ къафи-
хьызэ ариIуагъ:

–Шъо хьапсым чIэжъудзэгъэгъэ цIыфхэр Тхьэм иунэ-
шхо чIэтхэу, цIыфхэм Iофхэр арагъашIэх.

26 Ар зареIом, илIыхэр игъусэхэу ухъумакIохэм ятхьа-
матэр кIуи, апостолхэр къащагъэх, ау лIыгъэкIэ къаща-
гъэхэп, сыда пIомэ цIыфхэр мыжъохэмкIэ яонхэшъ,
зэраукIынхэм щыщынэщтыгъэхэти ары.

27 Апостолхэр къащэхи, Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ
ращагъэх. Дин пэщэшхор яупчIэу ыубли, мырэущтэу
ыIуагъ:

28 –«Мы лIым ыцIэкIэ цIыфхэм зи яшъумыгъашI!»
тIуи, унэшъо пытэ къышъуфэтшIыгъэба? Ау шъо Iофхэу
цIыфхэм яжъугъэшIагъэхэр Ерусалим диз хъугъэ.
Джы мы лIым ылъ къыттежъугъэфэнэу шъугу хэлъ.

29 –ЦIыфхэм анахьи Тхьэм нахь тедэIун фае,– пэ-
гъокI къатыжьыгъ Петрэрэ адрэ апостолхэмрэ. 30 –Тя-
тэжъхэм я Тхьэ Исус лIагъэхэм къахигъэтэджыкIы-
жьыгъ. Ар шъо пкъэум ешъуIулIи, жъугъэлIагъэ. 31 Исус
Израил цIыфхэр япсэкIодхэм афыкIыригъэгъожьын-
хэшъ, къафэгъунхэм пае, Тхьэм Исус тхьаматэу ыкIи
цIыфхэр мыкIодхэу къэзыгъэнэжьынэу уашъом дищэе-
жьи, ежьым иджабгъукIэ зыгуигъэтIысхьагъ. 32 Тэри
Тхьэм Ыпсэ ЛъапIи мы Iоф пстэуми тыряшыхьат. Тхьэм
ежь Ыпсэ ЛъапIэ ежьым едэIурэ цIыфхэм агухэм къа-
релъхьэ.

33 Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщхэм ар зызэхахым, къызэкIэ-
плъыхьэхи, апостолхэр аукIынхэу фэягъэх. 34 Ау фарисей*

5:34 фарисейхэр – джуртхэм ащыщхэу, диным рыкIорэ цIыф купэу щытыгъэх. Ахэр Тэурат хабзэмрэ ятэжъхэм къакIэныжьыгъэ хабзэхэмрэ агу етыгъэу апылъыщтыгъэх.

горэ, Гамалил ыцIэу, цIыф пстэуми лъытэныгъэ зыфы-
ряIэ Тэурат егъэджэкIо пащэу щытыр Тхьэмэтэ Хэсэ-
шхом хэсэу къэтэджи, апостолхэр унэм тIэкIукIэ чIащын-
хэу унашъо ышIыгъ. [35] ЕтIанэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом
щысхэм ариIуагъ:

–Израил лIыхэр, мы лIыхэм яшъушIэщтымкIэ шъузфэ-
сакъыжь, [36] сыда пIомэ бэмышIэу Февдэ ыцIэу, зы лIы
горэ щыIагъ. Ежьыр лIы инэу цIыфхэм ашIуигъэшIэу,
нэбгырэ шъиплI фэдиз гъусэ къыфэхъугъэх, ау цIыфхэм
ар аукIыгъ, игъусэхэри зэбгырыкIыжьхи, кIодыжьыгъэх.
[37] Ащ къынэуж цIыфхэм япчъагъэ залъытэм, Иудэ зыцIэ
лIэу Галилей хэкум щыщыр къэтэджи, цIыф Iэджи гъусэ
къыфэхъугъ. ЦIыфхэм ари аукIыгъ, игъусэ пстэури зэбгы-
рыкIыжьыгъэх. [38] Джы мыр шъосэIо: Мы лIыхэм ауж
шъуикIыжьи, шъутIупщыжьых. Ахэмэ ягухэлри яIофи
къызхэкIырэр цIыфыр арымэ, кIодыжьыщт. [39] Ау яIоф
къызхэкIырэр Тхьэр арымэ, ахэр жъугъэуцунхэ шъулъэ-
кIыщтэп. Шъузфэсакъыжь, Тхьэм шъупэуцоу къычIэкIын-
кIи мэхъу.

[40] Арэущтэу Гамалил къыIуагъэхэм ядэIугъэх. ЕтIанэ
апостолхэм къяджэжьхи, къамыщкIэ яуагъэх. Ащ нэ-
ужым Исус ыцIэкIэ цIыфмэ зи арамыIонэу унашъо афашIи
атIупщыжьыгъэх.

[41] Арэущтэу Исус ыцIэкIэ лые къарахынэу Тхьэм
къызэрафигъэшъошагъэмкIэ щыгушIукIхэу, апостолхэр
Тхьэмэтэ Хэсэшхо унэм къычIэкIыжьыгъэх. [42] Мафэ
къэси Тхьэм иунэшхуи унэхэми цIыфхэм Тхьэм игу-
щыIэхэр щарагъашIэ зэпытыщтыгъэх, къэбарышIоу
Исусыр Христосэу зэрэщытри цIыфхэм арагъэIу зэпыты-
щтыгъэх.

## ЯХЭНЭРЭШЪХЬ

### Апостолхэм ежьхэм адэIэпыIэнхэу нэбгырибл зэрагъэнэфагъэхэр

А мафэхэм ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр нахьыбэ
хъухэ зэхъум, урымыбзэкIэ гущыIэрэ джуртхэм* джурт-

6:1 урымыбзэкIэ гущыIэрэ джуртхэр – Палестинэ хэгъэгум нэмыкI хэгъэгу горэм щыщыгъэх.

ыбзэкIэ гущыIэрэ джуртхэм* афэтхьаусыхэхэу аIуагъ:

–Мафэ къэси шхын зыжъугощыкIэ, тэ тишъузабэхэр пхъэтэпэмыхь шъошIы.

2 Арэущтэу зэхъум, апостол пшIыкIутIур ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ цIыфхэм зэкIэ къяджэхи къаIуагъ:

–Шхын дгощыным пае, Тхьэм игущыIэхэм цIыфхэр яты-
мыгъэдэIунхэр тэрэзэп. 3 Арэущтэу зэрэщытым пае, тшы-
хэр, цIыф пстэуми лъытэныгъэ зыфыряIэу, Тхьэм Ыпсэ
ЛъапIэ инэу зыгу илъхэу, зэхэшIыкIыныгъэ зиIэ нэбгы-
рибл шъуащыщэу къыхэшъух. Мы Iофыр ахэмэ апшъэ
итлъхьан. 4 Тэри Тхьэм телъэIунми, Тхьэм игущыIэхэр
цIыфмэ ядгъэIунхэми тыпылъ зэпытыщт.

5 Мы гущыIэхэр цIыфхэу зэIукIагъэхэм зэкIэ агу еIугъэх.
Арэущтэу Стефанэу шIошъхъуныгъэмрэ Тхьэм Ыпсэ Лъа-
пIэрэ инэу зыгу илъ лIы къыхахыгъ. Ащ нэмыкIэу Фи-
липп, Прохор, Никан, Тимон, Пармен, Николаеу Антио-
хие къалэм щыщэу, джуртэу хъугъэр къыхахыгъэх. 6 Ахэр
апостолхэм апашъхьэ щагъэуцугъэх. Апостолхэр Тхьэм
елъэIугъэх, аIэхэри ахэмэ ашъхьэхэм атралъхьагъэх*.

7 Арэущтэу Тхьэм игущыIэхэм а лъэныкъом инэу зыща-
убгъущтыгъ. ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм япчъагъэ
Ерусалим бэу щыхэхъуагъ. Дин пащэхэм ащыщ купы-
шхоми шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.

## Стефан зэраубытыгъэр

8 Стефан Тхьэм ынэшIу инэу къызщифагъэу, лъэкIы-
ныгъэшхо зиIэ лIэу щытыгъ. Ащ Iофышхо гъэшIэгъонхэр
ышIэщтыгъэх, нэшэнэ гъэшIэгъонышхохэри цIыфмэ
апашъхьэ къыщигъэлъагъощтыгъэх. 9 Шъхьафитныгъэ
зиIэ хъугъэхэу* зыфаIорэ лIыхэм ясинэгогу* щыщхэр

---

6:1 джуртыбзэкIэ гущыIэрэ джуртхэр – ахэр Палестинэ щыщыгъэх.

6:6 аIэхэр ахэмэ ашъхьэхэм атралъхьагъэх – арэущтэу зыфашIагъэр а Iофыр а лIыхэм апшъэ ралъхьанри, ахэмэ а Iофыр агъэцэкIэным пае, Тхьэм ынэшIу къащифэнри ары,

6:9 шъхьафитныгъэ зиIэ хъугъэхэр – джуртхэу пщылIхэу щытыгъэхэу, шъхьафитныгъэ зыгъотыжьыгъэхэр ары.

6:9 синэгогу – джуртхэм ятхьэлъэIупIэ ары.

(ахэр Киринне къалэм, Александрие къалэм, Киликие хэ-
кум, Асие хэкум щыщыгъэх) Стефан енэкъокъухэу ау-
благъ. 10 Ау Стефан изэхэшIыкIыныгъэ пайй, игущыIэ-
хэр Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ къызэрэригъэIуагъэхэм пайй
ежьым пэуцужьынхэ алъэкIыщтыгъэп.

11 Джащыгъум ахэмэ цIыф заулэмэ мырэущтэу арагъэ-
Iуагъ:

–Мы лIыр пегъымбар Мусэмрэ Тхьэмрэ яхъонэу зэхэ-
тхыгъ.

12 Арэущтэу заIом, цIыфхэри, нахьыжъхэри, Тэурат
егъэджэкIо пащэхэри зэкIагъэплъыхьагъэх. Ахэми Сте-
фан аубыти, Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ ращагъ.
13 Шыхьат нэпцIхэри къащагъэх. А шыхьатхэм мырэу-
щтэу аIуагъ:

–Мы лIыр мы чIыпIэ лъапIэмрэ Тэурат хабзэмрэ
яхъоны зэпыт. 14 Сыда пIомэ Назарет къалэм щыщ
Исус мы чIыпIэр зэхикъутэщт, пегъымбар Мусэ къытфи-
гъэнэгъэ хабзэхэри зэблихъущтых, мы лIым къыIоу тэ
зэхэтхыгъ.

15 Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщ пстэури Стефан езэрэгъэ-
плъыгъэх. Ащ ынапэ мэлэIич напэм фэдэу къащыхъугъ.

# ЯБЛЭНЭРЭШЪХЬ

## Стефан Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ къызэрэщыгущыIагъэр

ЕтIанэ дин пэщэшхор Стефан еупчIыгъ:

–Мы лIыхэм къаIохэрэр шъыпкъэха?

2 –Тшыхэри, тятэхэри, шъукъэдаIу!– къыIожьыгъ Сте-
фан. –Тятэжъышхо Ибрахьимэ Харан къалэм дэмытIыс-
хьэ рапшIэу, щытхъушхо зиIэ Тхьэр Месопотамие хэгъэ-
гум ащ къыщыфэлъэгъуагъ. 3 Тхьэм мырэущтэу къыри-
Iуагъ:*

---

7:3 Тхьэм . . . къыриIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 12:1.

«О уихэгъэгуи, уиблагъэхэми ахэкIи, сэ озгъэлъэгъущт хэгъэгум кIо!»

4 –Арэущтэу Ибрахьимэ Халдей хэгъэгум икIи, Харан
къалэм кIуи, дэтIысхьагъ. Ятэ зэлIэ ужым, мы хэгъэгоу
шъо шъузэрысым Тхьэм къыгъэкощи къэкIуагъ. 5 Мыщ
дэжьми Тхьэм Ибрахьимэ мылъку зи къыщыритыгъэп,
лъэкъо тегъэуцуапIэ фэдиз чIыгум щыщи къыритыгъэп.
Ау Ибрахьимэ а мафэхэм зи сабый имыIагъэ пэтми, мы
хэгъэгур ежьымрэ ежьым къытехъукIыщтхэмрэ хэгъэгу
афэхъунэу Тхьэм къыгъэгугъагъ. 6 Тхьэм мырэущтэу
къыIуагъ:* «О къыптехъукIыщтхэр илъэс шъиплIкIэ хымэ хэгъэгум щыпсэущтых, цIыфхэм ахэр агъэпщылIхэзэ,
лыехэри къарахыщтых. 7 Ау ахэр зыгъэпщылIырэ лъэпкъым сэ езгъэпщыныжьыщт. Ащ ыужым о къыптехъукIыщтхэр а хэгъэгум икIынхэшъ, кIонхэшъ, мы чIыпIэм
сыщагъэлъэпIэщт». 8 ЕтIанэ Тхьэм ежьымрэ Ибрахьимэрэ
азыфагу зэзэгъыныгъэ зэрэдилъхьагъэм итамыгъэу, Ибрахьимэ сунэтшIыныр* къыфигъэнагъ. ЕтIанэ Ибрахьимэ
Исхьакъ къыфэхъуи, яенэрэ мафэм сунэт ышIыгъ. Ащ
нэужым Исхьакъи къыщи, Якъубэ къыфэхъугъ. Якъуби
тэ тятэжъышхоу пшIыкIутIумэ ятэу афэхъугъ.

9 –Ау тятэжъышхохэр ежьхэм аш Юсыф ешъугъухэти,
пщылI фэдэу Мысырым ащэнэу лIы куп горэм ращагъ.
Ау Тхьэр Юсыф игъусагъ, 10 икъин пстэуми къахищыжьыгъ. Тхьэм Юсыф зэхэшIыкIыныгъэ къыритИ,
Мысырым ипачъыхьэ Фыраун ынэшIу къыщыригъэфагъ.
Фыраун Мысырыми ежь иунэшхоми Юсыф пащэу
афишIыгъ.

11 –Ащ нэужым гъэблэшхорэ тхамыкIэгъэшхорэ Мысыр
хэгъэгуми зэкIэ Ханаан хэгъэгуми къащыхъугъ. Тятэжъышхохэми шхын агъотыщтыгъэп. 12 Якъубэ Мысырым гъомлапхъэ щыIэу зызэхехым, апэу тятэжъхэр ащ дэжьым
ыгъэкIуагъэх. 13 Ышхэр Мысырым ятIонэрэу къызэкIохэм,
Юсыф зыкъаригъэшIэжьыгъ. Фыrauни Юсыф иунагъо
ышIэу хъугъэ. 14 ЕтIанэ Юсыф ышхэр ыгъакIохи,
ятэу Якъубэ къэбар фаригъэхьыгъ, зэкIэ иунэкъощхэр,
нэбгырэ тIокIищырэ пшIыкIутфырэ Мысырым къэкIон-

7:6–7 Тхьэм . . . къыIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 15:13–14.

7:8 сунэт – обрезание ары.

хэу. 15 Арэущтэу Якъубэ Мысырым кIуагъэ. Ащ ежьыри
тятэжъхэри щылIагъэх. 16 Ахэмэ яхьадэхэр Сихэм къалэм
ахьыжьхи, Ибрахьимэ тыжьын ахъщэкIэ Емор ыкъохэм
къащищэфыгъэ къэунэм чIалъхьажьыгъэх.

17 –Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэм игъэшъы-
пкъэжьыгъо къэсы зэхъум, тэ тлъэпкъ Мысырым нахьы-
бэ щыхъу зэпытыщтыгъ, 18 нэмыкI лIэу Юсыф зымышIэ-
щтыгъэр пэчъыхьэу хъуным нэсыфэ. 19 А пачъыхьэр ти-
цIыфхэм тхьагъэпцIыгъэкIэ адэзекIощтыгъ, тицIыфхэм
ясабыйхэри ымыгъэпсэунхэм пае, чIаригъэдзыжьхэу
тятэжъхэм лые арихыщтыгъ.

20 –А мафэхэм пегъымбар Мусэ къэхъугъ, Тхьэм ыдэжь-
кIи сабый дахэу щытыгъ. МэзищкIэ ятэ иунэ щаIыгъыгъ,
етIанэ губгъом къыщагъэнагъ. 21 Губгъом къызыщагъа-
нэм, Фыраун ыпхъу къыхьи, ыкъо фэдэ ыпIугъ. 22 Арэу-
щтэу Мысыр цIыфхэм зэхэшIыкIыныгъэу яIэгъэ пстэури
Мусэ рагъэшIагъ, Муси игущыIэхэмкIи ышIэгъэ Iофхэм-
кIи лъэкIыныгъэ зиIэ лIэу щытыгъ.

23 –Мусэ ыныбжь илъэс тIокIитIум зынэсым, ышхэу Из-
раил цIыфхэр зэригъэлъэгъунхэу рихъухьагъ. 24 Мысыр лIы
горэм Израил лIыхэм ащыщэу зыгорэм лые рихэу зе-
лъэгъум, IэпыIэгъу фэхъуи, лые къезыхырэм ышIэгъэ
Iофым ипэгъокI ригъэгъотызэ, еуи ыукIыгъ. 25 Мусэ
ышхэм зэхашIыкIынэу шIошIыгъ Тхьэм ежьым ахэр
къиным къызэрэхыригъэщыжьыщтхэр, ау ахэмэ зэхашIы-
кIыгъэп. 26 ЯтIонэрэ мафэм ышхэм ащыщхэу нэбгыритIу
зэзаохэу Мусэ зелъэгъум, зэригъэшIужьынхэм пае ари-
Iуагъ: «Шъо лIитIур, шъо шъузэкъош, сыд пае лые зэ-
шъухыра?»

27 –Ау ышы лые езыхырэр Мусэ еIункIи риIуагъ: «Хэта
о тхьаматэу укъытфэхъунэуи хьыкум къыттепшIыхьанэуи
укъэзыгъэлъэгъуагъэр? 28 Тыгъуасэ Мысыр лIыр зэрэу-
укIыгъэм фэдэу сыуукIынэу уфая?» 29 А гущыIэхэр Мусэ
зызэхеххэм, хэхьажьи, Мадиам хэгъэгум кIуи, итIысхьагъ.
Ащ къуитIу къыщыфэхъугъэх.

30 –Илъэс тIокIитIу зытешIэм, Синай къушъхьэм дэжь
шъоф нэкIым пэнэ куандэу машIо зыхэнагъэм*
хэтэу,мэлэIич горэ Мусэ къыщыфэлъэгъуагъ. 31 Мусэ

---

7:30–34 пэнэ куандэу машIо зыхэнагъэр – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 3:1–10.

ар зелъэгъум, ыгъэшIэгъуагъ. Нахь тэрэзэу еплъынэу
зекIуалIэм, Зиусхьаным ымакъэ къэIугъ: [32] «уятэжъы-
шхохэм я Тхьэу Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ я Тхьэр сэры».
Мусэ къэкIэзэзи, еплъынэу тегушхуагъэп.

[33] –ЕтIанэ Зиусхьаным къыриIуагъ: «О уицуакъэхэр
зыщыхых, сыда пIомэ узытет чIыпIэр чIыпIэ лъапIэшъ
ары. [34] Сэ слъэпкъ гузэжъогъу Мысырым зэрэщыхэтыр
слъэгъугъэ, ящэIу макъэхэри зэхэсхыгъэх. Ахэр къиным
къыхэсщыжьынхэу сыкъехыгъ. КIо, о Мысырым узгъэ-
кIожьыщт».

[35] (ЕтIанэ Стефан ипсалъэ джыри къыпидзэжьыгъ:)
–Ахэмэ, «Хэта о тхьаматэу укъытфэхъунэуи хьыкум къыт-
тепшIыхьанэуи укъэзыгъэлъэгъуагъэр?» аIоу, амыдэу зы-
фаIогъэгъэ Мусэ ары. А Мусэ дэдэр ары ахэмэ тхьаматэ
афэхъунэуи шъхьафит ышIынхэуи Тхьэм къыгъэкIуа-
гъэр, мэлэIичэу пэнэ куандэм хэтэу къыфэлъэгъуагъэм
иIэпыIэгъукIэ. [36] Муси ары Израил цIыфхэр Мысырым
къизыщыжьыгъэр, Мысырыми, Хы Плъыжьми, илъэс
тIокIитIо шъоф нэкIыми Iофышхо гъэшIэгъонхэр къащы-
зышIагъэр, нэшэнэ гъэшIэгъонышхохэри къащызыгъэлъэ-
гъуагъэр. [37] А Мусэ ары Израил цIыфхэм языIуагъэри:
«Шъушыхэм ащыщэу сэ сфэдэу пегъымбар горэ Зиусхьа-
нэу Тхьэм къышъуфигъэкIощт». [38] Мусэ ары тятэжъхэу
шъоф нэкIым щызэIукIэщтыгъэхэм ахэтыгъэр. Мусэ мэлэ-
Iичэу Синай къушъхьэм къыщыдэгущыIагъэм игъусагъ,
мыкIодыжьын гущыIэхэри тэ къытфигъэнэжьынхэу къы-
IэкIэхьагъэх.

[39] –Ау тятэжъхэр Мусэ едэIунхэу фаещтыгъэхэп. Мусэ
зэрамыпэсэу агухэмкIэ Мысырым зыфагъэзагъэ. [40] Ахэмэ
Хьарун раIуагъ:* «Тапэ итхэу ахьынхэу тхьэ сурэтхэр
тфэшIых! Мысырым тыкъизыщыжьыгъэ Мусэ къехъулIа-
гъэр тшIэрэп». [41] А мафэхэм шкIэ теплъэ иIэу тхьэ нэпцI
ашIи, къурмэн ащ фашIыгъ. Ахэмэ ежьхэм аIэкIэ ашIы-
гъэ тхьэ нэпцIым щыгушIукIхэу, ешхэ–ешъошхо ашIыгъ.
[42] Ау Тхьэм ыкIыб ахэмэ къафигъази, ахэмэ уашъом
ипкъыгъохэм тхьэпIалъэу ялъэIунхэу къыгъэнагъэх, пе-
гъымбархэм ятхылъ зэритым фэдэу:*

---

7:40 ахэмэ . . . раIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 32:1,23.

7:42–43 пегъымбархэм ятхылъ зэритым фэдэу – еплъ Пегъымбар Амос тхылъэу ытхыгъэм 5:25–27.

«Шъо Израил цIыфхэр, илъэс тIокIитIо шъоф
нэкIым шъузетым, къурмэныпхъэу шIошъубзы-
щтыгъэр сэра къызфэшъушIыщтыгъэр?
43 Хьау, къурмэн къызфэшъушIыщтыгъэр сэрэп,
ау къэшъухьыщтыгъэр шъуитхьэ нэпцIэу Молох*
зыцIэм итхьэлъэIупIэ щэтыри, шъуитхьэ нэ-
пцIэу Ремфан* ижъуагъо исурэти ары.
Мыхэр ары шъуялъэIунхэу тхьэ нэпцIхэу шъушIы-
гъэхэр. Арэущтэу зыхъукIэ,
Вавилон зыцIэ къэлэшхом нахьи нахь чыжьэу
шъуипыйхэм шъуязгъэщэщт».

44 –Тятэжъхэм шыхьатныгъэм итхьэлъэIупIэ чэтэнгъэ-
Iагъэр* шъоф нэкIым щыряIагъ. А чэтэнгъэIагъэр Тхьэм
Мусэ унашъо къызэрэфишIыгъагъэм фэдэу ашIыгъагъ,
чэтэнгъэIагъэм ышъо теплъэу Мусэ ылъэгъугъагъэм те-
тэу. 45 Ащ ыужым тэ тятэжъхэм а чэтэнгъэIагъэр къакIэ-
ныгъэу, къыздахьыгъ. Тхьэм ахэмэ апашъхьэ хымэ лъэ-
пкъхэр къырифыхэзэ, Исус Навин тятэжъхэм япащэу а
лъэпкъхэм яхэгъэгу къызатырахым, а чэтэнгъэIагъэр
къыздахьыгъ. ЕтIанэ пачъыхьэ Даутэ имафэхэм анэсы-
фэ, чэтэнгъэIагъэр а хэгъэгум къинагъ. 46 Тхьэм
ынэшIу Даутэ щифагъ. Даутэ Тхьэм елъэIугъ: «О Якъубэ
ури Тхь, унэшхо къыпфэсшIынэу фит сыкъэшI». 47 Ау
пачъыхьэ Сэлмэн ары Тхьэм унэшхор фэзышIыгъэр.

48 –Ау анахь Иныр цIыфхэм аIэкIэ ашIыгъэ унэхэмэ
арысэп. Зиусхьаным къызэриIорэр пегъымбарым итхылъ
зэритым фэдэу:*

49 «Уашъор ары сипачъыхьэ тIысыпIэ,
чIылъэри ары силъэгукIэтыныр.

---

7:43 Молох – Аммон лъэпкъым итхьэ нэпцI арыгъэ. Аммон лъэпкъыр Иордан псыхъом итыгъэ къыкъокIыпIэ лъэныкъокIэ щыпсэущтыгъ. гъэх.

7:43 Ремфан – пэсэрэ тхьэ нэпцIхэм ащыщэу, ошъопкъыгъоу Сатурн зыцIэм итхьэу алъытэщтыгъэр ары.

7:44 шыхьатныгъэм итхьэлъэIупIэ чэтэнгъэIагъэр – Израил цIыфхэм шъоф нэкIым къыщакIухьэ зэхъум, Тхьэм иунэ фэдэу зы чэтэнгъэIагъэ зыдахьыщтыгъ. А чэтэнгъэIагъэр Тхьэр зэрягъусэр шыхьат афэхъущтыгъ. Еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 36:8–38.

7:48–50 пегъымбарым итхылъ зэритым фэдэу – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 66:1–2.

Сыд фэдэ уна къысфэшъушIыщтыр?
Тыдэ щыIа зызщызгъэпсэфыщт чIыпIэр?
50 Мыхэр зэкIэ къэзыгъэшIыгъэр сэрыба?»
51 –Шъо цIыф къаигъэхэр! ШъугухэмкIи шъутхьакIу-
мэхэмкIи Тхьэр зымышIэрэ цIыфхэм шъуафэд. Шъо
шъуятэжъхэм шъуафэдэу, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ шъу-
пэуцу зэпыты. 52 Шъуятэжъхэм къин зэрамыгъэщэчыгъэ
пегъымбар горэ щыIагъа? Хьау, щыIагъэп. Шъыпкъа-
гъэр ЗиIэр дунаем къызэрэтехьащтыр къэзыгъэIухэрэри
аукIыгъэх. Шъори тетыгъо зиIэхэм ар аIэкIэшъугъахьи,
яжъугъэукIыгъ. 53 МэлэIичхэм Тэурат хабзэр къызыIэ-
кIалъхьагъэр шъоры, ау щытми Тэурат хабзэм итхэр
жъугъэцакIэрэп.

## Стефан мыжъокIэ еохэзэ зэраукIыгъэр

54 Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщхэм Стефан къыIорэр зы-
зэхахым, къызэкIэплъыхьагъэхэу, ацэхэр зэрагъэшхы-
щтыгъэх. 55 Ау Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ Стефан ыгу инэу
илъ хъуи, уашъом дэплъыий, Тхьэм ищытхъушхуи Исус
Тхьэм иджабгъукIэ готэуи ылъэгъугъ.

56 –Шъуеплъ,– къыIуагъ Стефан, –уашъохэр зэIухы-
гъэхэу, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо* Тхьэм иджабгъукIэ
готэу сэлъэгъу.

57 Джащыгъум ахэмэ атхьакIумэхэр IуапIохи, мэкъэ-
шхокIэ куохэу тезэрэгъэбэнагъэх. 58 ЕтIанэ Стефан къа-
лэм далъэшъуи, мыжъокIэ еохэзэ, аукIэу аублагъ. Шы-
хьатхэм ящыгъынхэр Саул* зыцIэу зы кIалэ горэм ылъа-
къохэм адэжь щагъэтIылъыгъэх.

---

7:56 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо – «ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо фэдэу уашъом иошъуапщэхэм ахэтэу, зыгорэ къехыгъ» пегъымбар Данил къыIогъэгъэ гущыIэхэр Исус ежь ышъхьэ пае ыIожьыгъэх. ЦIыф Лъэпкъым Ыкъоу зиунэ уашъом щыIэу, уашъом къехыгъэр Исус ары (Иуан 3:13). Гъощагъэхэм алъыхъузэ, мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэм пае, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къэкIуагъ (Лука 19:10). ЦIыфыбэмэ апае шъхьэщэфыжьэу ыпсэ ытыным пае, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къэкIуагъ (Марк 10:45). ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьын фэягъ (Маттэ 17:9). Ежь Ятэ ищытхъушхо иIэу, дунаем ицIыфхэм хьыкум атыришIыхьаным пае, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо дунаем къэкIожьыщт (Маттэ 25:31).

7:58 Саул – апостол Паул ыцIэ джуртыбзэкIэ Саул аIо.

59 АукIынэу мыжъомкIэ еохэ зэхъум, Стефан елъэIугъ:
–Зиусхьан Исус, спсэ хэх!
60 ЕтIанэ лъэгонджэмышъхьэкIэ тIыси, мэкъэшхокIэ
къэкууи къыIуагъ:
–Зиусхьан, мы псэкIодыр мы цIыфхэм апшъэ имылъхь!
Ар къыIуи, ыпсэ хэкIыгъ.

## ЯЕНЭРЭШЪХЬ

Саул Стефан зэраукIыгъэр игъоу ылъэгъугъ.

### Саул чылыс зэIукIэм щыщхэм къин зэраригъэщэчыщтыгъэр

А мэфэ дэдэм цIыфхэм чылыс зэIукIэм щыщхэу
Ерусалим дэсхэм лъэшэу къин арагъэщэчэу аублагъ.
Апостолхэм анэмыкIэу, шIошъхъуныгъэ зиIэ пстэури
Иудей хэкумрэ Самарие хэкумрэ ащызэбгырыкIыжьыгъэх.
2 Тхьэм ищынагъо зыгу илъ лIыхэм Стефан чIа-
лъхьажьи, хьэдэгъэшхо фашIыгъ. 3 Ау Саул чылыс
зэIукIэм щыщхэр ыгъэкIодынхэу ыуж итыгъ. Зы унэм
икIымэ, адрэ унэм ихьэзэ, илIыхэм хъулъфыгъэхэри
бзылъфыгъэхэри лIыгъэкIэ раригъэщыхэти, хьапсым
чIаригъадзэщтыгъэх.

### Филипп къэбарышIур Самарие хэкум зэрэщигъэIущтыгъэр

4 ЦIыфхэу зэбгырыкIыжьыгъагъэхэм къакIухьэзэ,
къэбарышIур* цIыфхэм арагъэIущтыгъ. 5 Филипп* Са-

8:4 къэбарышIур – Исус Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур ары. Тхьэм пегъымбархэм ажэкIэ цIыфхэр къызэригъэгугъэгъэ Iофхэр Исус Христос Iофэу ышIагъэмкIэ къыгъэшъыпкъэжьыгъэх, арэущтэуи цIыфхэр къызэригъэнэжьынхэ гъогу афишIыгъ.

8:5 Филипп – апостолхэм ежьхэм адэIэпыIэнхэу агъэнэфэгъэ лIиблым ащыщыгъ. Еплъ 6:5.

марие хэкум* щыщ къалэ горэм къакIуи, ащ дэс цIыф-
мэ Христос ехьылIэгъэ къэбарыр аригъэIугъ. 6 ЦIыф
купышхохэм Филипп къэгущыIэу зэхахэу, Iофышхо гъэ-
шIэгъонхэу ышIэщтыгъэхэри залъэгъухэм, къыIохэрэм
яшъыпкъэу ядэIущтыгъэх; 7 сыда пIомэ цIыфыбэхэм ахэс
джынэпцIэ Iаехэр кIыихэу ахэкIыщтыгъэх, зыIэпкъ-
лъэпкъ узым зэкIиубытэгъэ цIыфыбэхэри, цIыф лъащэ-
хэри Филипп ыгъэхъужьыщтыгъэх. 8 Арэущтэу а къалэм
ицIыфхэм гушIогъошхо яIэ хъугъэ.

9 Ау а къалэм Симон ыцIэу зы лIы горэ дэсыгъ.
Зы заулэрэ ушхъухьаныгъэм пылъыгъэу, ежьыр лIы
инэу ашIуигъэшIэу Самарие хэкум ис цIыфмэ ашIогъэ-
шIэгъоныщтыгъ.

10 –Мы лIыр Тхьэм илъэкIыныгъэшхоу «ЛъэкIыныгъэ
Инэу» зыфаIорэр ары,– аIозэ, цIыф пстэури, ини цIыкIуи,
Симон къыIохэрэм агу етыгъэу ядэIущтыгъэх. 11 Бэ-
шIагъэу иушхъухьаныгъэ ахэмэ инэу агъэшIагъоти,
яшъыпкъэу едэIущтыгъэх. 12 Ау Тхьэм и Тетыгъошхо*
ехьылIэгъэ къэбарышIумрэ Исус Христос ыцIэ ехьы-
лIэгъэ къэбарышIумрэ Филипп аригъэIухэу, цIыфхэм
шIошъхъуныгъэ яIэ хъу зэхъум, хъулъфыгъэхэми бзы-
лъфыгъэхэми Филипп зырагъэумэхъыгъ. 13 Ежь Симони
ИсускIэ шIошъхъуныгъэ иIэ хъуи, Филипп зыригъэу-
мэхъыгъэу, ыуж итэу кIощтыгъ. Филипп нэшэнэ гъэшIэ-
гъонышхохэу къыгъэлъагъощтыгъэхэри Iофышхо гъэ-
шIэгъонхэу ышIэщтыгъэхэри Симон зилъэгъухэкIэ,
ыгъэшIагъощтыгъэх.

14 Ерусалим дэс апостолхэм Самарие цIыфхэм Тхьэм
игущыIэхэр зэрадагъэхэр зызэхахым, Петрэрэ Иуанрэ
ахэмэ адэжь агъэкIуагъэх. 15 Петрэрэ Иуанрэ зынэсхэм,
Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм агухэм
арылъ хъунэу Тхьэм афелъэIугъэх; 16 сыда пIомэ Тхьэм
Ыпсэ ЛъапIэ ахэмэ ащыщэу зыми къыфехыгъагъэгоп,
Зиусхьанэу Исус ыцIэкIэ Филипп ахэр ыумэхъыгъагъэхэ
ныIэп. 17 Джащыгъум Петрэрэ Иуанрэ аIэхэр ахэмэ
атралъхьахи, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ а шIошъхъуныгъэ
зиIэхэм агухэм арылъ хъугъэ.

---

8:5 Самарие хэкур – Иудей хэкумрэ Галилей хэкумрэ азыфагу дэлъ хэкур арыгъэ. Джуртхэмрэ Самарие цIыфхэмрэ яхабзэхэри ядинхэри зэфэшъхьафхэу зэрэщытыгъэхэм пае, зэпыищтыгъэх.

8:12 Тхьэ и Тетыгъошхо – еплъ 1:3.

18 Апостолхэм аIэхэр затыралъхьэм, а цIыфхэм Тхъэм
ЫIпсэ ЛъапIэ агухэм арылъ зэрэхъугъэр Симон зелъэ-
гъум, апостолхэм ахъщэ къафихьи, мырэущтэу къыIуагъ:
19 –Сэ сIэхэр цIыф горэм теслъхьэхэмэ, Тхьэм Ыпсэ
ЛъапIэ ыгу илъ хъуным пае, сэри мы лъэкIыныгъэр
къысэшъут.
20 –Тхьэм итын ахъщэкIэ къэпщэфышъунэу пшIошIы-
гъэшъ, уиахъщи ори шъузэдэрэкIод,– риIуагъ Петрэ.
21 –Тхьэм ыдэжькIэ угу шъыпкъагъэ илъэпти, мы Iофым
ущыщэп ыкIи уиIахьи хэлъэп ыкIи. 22 Арышъ, мы
бзэджагъэу уиIэм фыкIэгъожьи, Тхьэм елъэIу. Мыхъун
гухэлъэу уиIэр Тхьэм къыпфигъэгъункIи мэхъу; 23 сыда
пIомэ шъугъоныр о угу инэу илъэу, бзэджагъэми узэ-
кIиубытагъэу сэлъэгъу.
24 –КъэшъуIуагъэхэм ащыщэу зи къысэмыхъулIэнэу
Тхьэм шъукъысфелъэIу,– къыIожьыгъ Симон.
25 Апостолхэр Зиусхьаным шыхьат фэхъухи, игущыIэхэр
къызагъэIухэ ужым, Самарие хэкум щыщ къоджабэмэ
къэбарышIур ащагъэIузэ, Ерусалим агъэзэжьыгъ.

### Филиппрэ Ефиопие хэгъэгум щыщ Iэшъхьэтетымрэ

26 –Тэджи, Ерусалим дэкIи, Газэ къалэм* кIорэ гъогум
щэджагъом дэжь техь!– ыIуи, Зиусхьаным имэлэIич
Филипп къыриIуагъ. Ар шъоф нэкIым кIорэ гъогоу щыт.
27 Арэущтэу Филипп тэджи, гъогум техьагъ. КIозэ, Ефио-
пие хэгъэгум щыщ лIы горэм IукIагъ. А лIыр Ефиопием
ибзылъфыгъэ пачъыхьэу Кандакие фэлажьэрэ Iэшъхьэтет-
хэм ащыщыгъ. Бзылъфыгъэ пачъыхьэм имылъку зэкIэ
ащ ыIэ илъыгъ. Ар Ерусалим Тхьэм щелъэIунэу къэ-
кIогъагъ. 28 Ихэгъэгу ыгъэзэжьынэу кум итIысхьагъэу,
пегъымбар Исайас ытхыгъэ тхылъым еджэщтыгъ.
29 –А кум екIуалIи, ащ готэу кIо!– ыIуи, Тхьэм Ыпсэ
ЛъапIэ Филипп къыриIуагъ.

---

8:26 Газэ къалэр – Ерусалим километрэ 85-кIэ пэчыжьэу, икъыблэ тыгъэ къохьапIэ лъэныкъомкIэ хы Iушъом Iут.

30 Филипп кум екIуалIи, а лIыр пегъымбар Исайас ытхыгъэ тхылъым еджэу зызэхехым, къыIуагъ:

–Узаджэрэм къикIырэр къыбгурэIуа?

31 –Зыгорэм зэхэсимыгъэшIыкIмэ, сыдэущтэу къызгурыIон слъэкIына?– къыIожьыгъ Iэшъхьэтетым. ЕтIанэ ар Филипп елъэIугъ:

–КъитIысхьи, къызготIысхь.

32 Iэшъхьэтетыр Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэу зэджагъэхэр мы гущыIэхэр ары:*

«Мэлым фэдэу шIуабзынэу ащагъ.
Зыупхъорэм ыпашъхьэ шъынэр зи ымыIоу
  зэрэщытым фэдэу,
ежьым ыжэ зэтырихыгъэп.
33 Ежьыр агъэпыутыгъ, зэфагъи хэмылъэу хьыкум
  тырашIыхьагъ.
А лъэхъанэм ицIыфхэм ябзэджагъэ зынэсыгъэр
хэт къэзыIон зылъэкIырэр?
Сыда пIомэ ыпсэ мы дунаем щыхахыгъ».

34 –Мыр къысэпIонкIэ сыолъэIу,– ыIуи, Iэшъхьэтетым Филипп къыриIуагъ. –Пегъымбарым зигугъу ышIырэр хэта? Ежьыр ара, нэмыкI цIыф гора?

35 Джащыгъум Филипп а гущыIэ дэдэхэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэмкIэ къыубли, Исус ехьылIэгъэ къэбарышIур Iэшъхьэтетым риIуагъ.

36 Гъогум рыкIохэзэ, псы горэм ыдэжь нэсыгъэх. Iэшъхьэтетым къыIуагъ:

–Мыщ псы щыI. Сэ сыуумэхъымэ*, хъунба?

37 –ЗэкIэ о угукIэ шIошъхъуныгъэ уиIэмэ, усыумэхъымэ хъущт,– риIуагъ Филипп.

–Исус Христос Тхьэм зэри–КъомкIэ шIошъхъуныгъэ сиI,– къыIожьыгъ Iэшъхьэтетым.

38 ЕтIанэ Iэшъхьэтетым кур зыфырэм ар къыригъэгъэуцуи, Iэшъхьэтетымрэ Филиппрэ псым хахьэхи,
Филипп адрэр ыумэхъыгъ. 39 Псым къызыхэкIыжьхэм,
Зиусхьаным Ыпсэ ЛъапIэ Филипп нэмыкI чIыпIэ горэм
ошIэ–дэмышIэу ыхьыгъ, Iэшъхьэтетми Филипп ылъэгъу-

8:32–33 мы гущыIэхэр ары – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 53:7–8.

8:36 умэхъыныр – еплъ 1:5.

жьыгъэп. ГушIуагъом хэтэу игъогу техьажьыгъ. [40] Ау
Филипп Азот къалэм* къыщылъэгъуагъ. Кесарие къа-
лэм* нэсы къыкIухьэзэ, къэбарышIур къэлэ пстэуми
ащигъэIущтыгъ.

## ЯБГЪОНЭРЭШЪХЬ

### Саул Исус игъогу зэрэтехьагъэр

(Апостол. 22:6–16; 26:12–18)

Саул ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм инэу афэгубжэу,
«Исус игъогу шъутемыкIымэ, шъутыукIыщт», ыIозэ ари-
Iо зэпытыщтыгъ. Дин пэщэшхом ыдэжь кIуи елъэIугъ:
[2] –Дамаск къалэм щыIэ синэгогухэм тхылъхэр афэт-
хыхи, къысэтых.

Саул ар зыфишIагъэр Исус игъогу тетхэм ащыщхэр
Дамаск къыщигъотхэмэ, хъулъфыгъэхэми бзылъфыгъэ-
хэми, илIыхэм ахэмэ Iэхъухэр атыраригъалъхьахэу Еру-
салим къыщэнхэр ары. [3] Саул гъогум рыкIозэ, Дамаск
игъунэгъу зэхъум, ошIэ-дэмышIэу нэфынэ уашъом къехи
къыуцухьагъ. [4] Саул чIыгум тефагъэу, макъэ горэм къы-
риIоу зэхихыгъ:

–Саул, Саул, сыд пае къин сэ сэбгъэщэчырэ?

[5] –О ухэта, Зиусхьан?– ыIуи, Саул къыIуагъ.

–Исусэу къин зэбгъэщэчырэр сэры,– къыIожьыгъ
адрэ макъэм. –Цур зием ибэщ кIыхьэ папцIэ цур
ылъакъокIэ къызэрешъутырырэм фэдэу ошIымэ, уиягъэ
зэогъэкIыжьы. [6] Ау къэтэджи, къалэм дахь. О пшIэн
фаер ащ дэжьым зыгорэм къыщыуиIощт.

[7] Саул игъусэхэм зы гущыIэ горэ къамыIоу, ащ дэжьым
щытхэу къэнагъэх. Макъэр зэхахыгъ, ау цIыф зи алъэ-
гъугъэп. [8] Саул чIыгум къытетэджыкIыджьыгъ, ау ынэхэр

---

8:40 Азот къалэр – Газэ къалэмрэ Иоппие къалэмрэ языфагу дэтэу, хыIушъом Iут.

8:40 Кесарие къалэр – Ерусалим километрэ 90–кIэ пэчыжьэу, итемыр тыгъэ къохьапIэ лъэныкъомкIэ хыIушъом Iутэу, Палестинэ хэгъэгум икъэлэшхоу щытыгъ. Рим (Рум) Iэшъхьэтетыр а къалэм дэсыгъ. Темыр зыфаIорэр арапыбзэкIэ «шэмал», тыркубзэкIи «кузей» зыфаIорэр ары.

къызызэтырехыжьхэм, ахэмэ зи амылъэгъужьэу къэнагъ. Арыти, Паул ыIэ аIыгъэу Дамаск дащагъ.
9 Саул мэфищым зи ымылъэгъоу щытыгъ, шхагъэп ыкIи ешъуагъэп ыкIи.

10 ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм ащыщэу Ананый Дамаск дэсыгъ. Зиусхьаныр ащ къыфэлъагъуи къеджагъ:

–Ананый!

–Сэры, Зиусхьан,– ыIуи, Ананый къыIожьыгъ.

11 –Тэджи, «Урам ЗэнкI» зыфаIорэ урамым тет Иудэ иунэ кIо,– ыIуи, Зиусхьаным Ананый къыриIуагъ. –Ащ дэжьым Саул ыцIэу Тарс къалэм щыщым кIэупчI, сыда пIомэ ар Тхьэм елъэIу.
12 Ынэхэри къыгъэплъэжьынхэм пае, Ананый зы лIы горэ ыдэжь къакIоу, ыIэхэр къытырилъхьахэу къыфэлъэгъуагъ.

13 –Зиусхьан,– къыIожьыгъ Ананый, –мы лIым уицIыф лъапIэхэу Ерусалим дэсхэм къинэу аригъэщэчыгъэхэр зыфэдизхэр цIыфыбэмэ къысаIуагъ.
14 Джы дин пэщэшхохэм фитыныгъэ къаIихыгъэу, илIыхэм о къыолъэIурэ цIыф пстэуми Iэхъухэр атырарилъэлъхьанхэм пае, мыщ дэжьым къэкIуагъ.

15 Ау Зиусхьаным Ананый къыриIуагъ:

–КIо! Хымэ лъэпкъхэми, пачъыхьэхэми, Израил цIыфхэми сэ сцIэ икъэбар анигъэсынэу мы лIыр сэ къыхэсхыгъ.
16 Сэ сцIэ пае къинэу ыщэчын фаер зыфэдизыр сэ сшъхьэкIэ езгъэлъэгъущт.

17 Арэущтэу Ананый а унэм кIуи ихьагъ. ЫIэхэр Саул ышъхьэ тырилъхьэхи къыIуагъ:

–Саул, сэ сшы, мыщ дэжьым укъакIо зэхъум, Зиусхьан Исусэу гъогум къыщыпфэлъэгъуагъэм сыкъигъэкIуагъ, о унэхэр къэплъэжьынхэм пайй, Тхьэм ЫпсэЛъапIэ инэу угу илъ хъуным пайй.

18 Ар къызеIом, пцэжъые шъомпIэ цIыкIухэм афэдэхэу Саул ынэхэм зыгорэхэр къакIэтэкъухи, ынэхэри къэплъэжьыгъэх. ЕтIанэ Саул къэтэджи, Ананый ар ыумэхъыгъ.
19 Ащ нэужым Саул шхагъэ, ыкIуачIи къыгъотыжьыгъ.

## Саул къэбарышIур Дамаск къалэм зэрэщигъэIущтыгъэр

ЕтIанэ ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэу Дамаск къалэм
дэсхэм адэжь Саул мафэ заулэрэ щыIагъ. [20] Исус Тхьэм
зэри–Къор синэгогухэм ардэдэм ащигъэIоу ыублагъ. [21] Ар
зэхэзыхыгъэ цIыфхэм зэкIэм агъэшIагъоу къаIощтыгъ:

–Мы лIыр арыба Исус елъэIурэ цIыфхэм Ерусалим
къин щязыгъэщэчыщтыгъэр? ИлIыхэм Исус елъэIухэрэм
Iэхъухэр атыраригъэлъхьанхэшъ, дин пэщэшхохэм адэжь
ыщэнхэу мыщ къэкIуагъэу щытба?

[22] Ау Саул нахь лъэкIыныгъэ иIэ хъугъэ. Исус зэрэ–
Христосыр* къыгъэшъыпкъэжьызэ, Дамаск дэс джуртхэмэ
ежьым къыраIожьыщтыр амышIэу къыгъэнагъэх.

## Саул джуртхэм зэраIэпыкIыгъэр

[23] Мафэ пчъагъэ зытешIэ ужым, Саул аукIынэу джурт-
хэм гухэлъ ашIыгъ. [24] Ау ахэмэ ягухэлъ Саул къышIагъ.
Ар аукIынэу чэщи мафи къэлапчъэмэ аIутхэу паплъэ-
щтыгъэх. [25] Ау шIошъхъуныгъэ зиIэхэм чэщым Саул зы-
дащи, къэлэ дэпкъым хэт гъуанэ горэмкIэ мэтэшхом
исэу дэпкъым ратIупщэхыгъ.

## Саул ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэу Ерусалим дэсхэм адэжь зэрэкIуагъэр

[26] Саул Ерусалим зынэсым, ИсускIэ шIошъхъуныгъэ
зиIэхэм ахэхьанэу пылъыгъ, ау ащ ИсускIэ шIошъхъу-
ныгъэ иIэ зэрэхъугъэр ахэмэ ашIошъ мыхъоу щыщы-
нэщтыгъэх. [27] Ау Варнавэ* Саул зыдищи, апостолхэм
адэжь кIуагъэ. Саул гъогум Зиусхьаныр зэрэщилъэгъу-
гъэри, Зиусхьаныр Саул къызэрэдэгущыIагъэри, Саул
етIанэ Исус ыцIэкIэ къэбарышIур гушхоныгъэкIэ Дамаск
зэрэщигъэIущтыгъэри Варнавэ ахэмэ ариIотэжьыгъ.
[28] Арэущтэу зэхъум, Саул ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ-
хэм ахахьэмэ, ахэкIыжьызэ, ахэмэ адэжь Ерусалим щы-
Iагъ, Зиусхьаным ыцIэкIи цIыфмэ къэбарышIур гушхоны-

---

9:22 Христос – еплъ 2:30.

9:27 Варнавэ – еплъ 4:36–37.

гъэкIэ аригъэIущтыгъ. 29 Урымыбзэкlэ гущыIэрэ джурт-
хэм* адэгущыIэщтыгъ ыкIи янэкъокъущтыгъ, ау ахэмэ
ар къаукIынэу пылъыгъэх. 30 Зэшыхэм* ар къызашIэм,
Саул Кесарие къалэм ращэхи, Тарс къалэм агъэкIуагъ.

31 Арэущтэу зэкIэ Иудей хэкум, зэкIэ Галилей хэкум,
зэкIэ Самарие хэкум арыс чылыс зэIукIэхэм мамыр-
ныгъэ яIэ хъугъэ. ШIошъхъуныгъэ зиIэхэм гурэ псэ-
рэкIэ нахь лъэкIыныгъэ агъотызэ, Зиусхьаным ищына-
гъо агухэм арылъэу, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ыгъэгушхохэу,
нахьыбэ хъугъэх.

## Петрэ Еней зэригъэхъужьыгъэр

32 Петрэ хэкур къыкIухьэ зэхъум, Тхьэм ицIыф лъапIэ-
хэу Лиддэ къалэм* дэсхэм адэжь кIуагъэ. 33 Ащ дэжьым
Еней ыцIэу лIы горэм щыIукIагъ. Илъэсий хъугъэу, ыIэ-
пкъ-лъэпкъ узым зэкIиубытагъэу ар пIэм хэлъыгъ.
34 –Еней, –риIуагъ Петрэ, –Исус Христос уегъэхъужьы.
Къэтэджи, уипIэ Iухыжь!

Ардэдэм Еней къэтэджыжьыгъ. 35 Лиддэ къалэм зэкIэ дэс-
хэми Сарон зыцIэ шъоф зэшъхьэ-зашъом* зэкIэ тесхэми
зэкIэ Еней залъэгъум, Зиусхьаным игъогу техьагъэх.

## Петрэ Тавифэ бзылъфыгъэр лIагъэхэм къызэрахигъэтэджыкIыжьыгъэр

36 Иоппие къалэм* ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ бзылъ-
фыгъэ горэ, Тавифэ ыцIэу, дэсыгъ. (Тавифэм къикIырэр

---

9:29 УрымыбзэкIэ гущыIэрэ джуртхэр – еплъ 6:1.

9:30 зэшыхэр – зы диным рыкIохэрэр ары.

9:30 Тарс къалэр – Паул а къалэм щыщыгъ. А къалэр Рим (Рум) къэралыгъошхом щыщэу, Киликие хэкум икъэлэшхоу щытыгъ.

9:32 Лиддэ къалэр – Ерусалим километрэ 32-кIэ пэчыжьэу, итемыр тыгъэ къохьэпIэ лъэныкъокIэ ит. Иоппие къалэми километрэ 15-кIэ пэчыжьэу щыт. Непэ а къалэм ыцIэ Лод.

9:35 Сарон зыцIэ шъоф зэшъхьэ-зашъор – Кесарие къалэм щегъэжьагъэу Иоппие къалэм нэс хыIушъом Iутэу зыщеушъобгъу. ИкIыхьагъэ километрэ 48-рэ мэхъу.

9:36 Иоппие къалэр – Лиддэ къалэм километрэ 15-кIэ пэчыжьэу, хыIушъом Iут. Непэ «Яфэ» раIо. Яфэ къалэр Тел Авив щыщ.

«Мэз Пчэныр» ары.) ШIубэ ышIэу, сэдакъэхэр ыты
зэпытыщтыгъ. 37 А мафэхэм ар сымаджэ хъуи лIагъэ.
Ар агъэпскIыжьи, унэ лъагэм ыкIоцI ралъхьагъ. 38 Лиддэ
къалэр Иоппие къалэм игъунэгъути, Петрэ ащ дэжьым
зэрэщыIэр ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм зызэхахым,
«Зымыгъэгужъоу, тадэжь къакIо!» Петрэ раIонэу лIыкIуитIу лъагъэкIуагъ.

39 Петрэ къэтэджи, къадэкIуагъ. Иоппие къалэм зынэсым, унэ лъагэм ращагъ. Шъузабэхэм зэкIэ Петрэ къауцухьи, Тавифэ ягъусэу зыщэтым, джанэхэуи щыгъынхэуи ышIыгъагъэхэр, гъыхэзэ къырагъэлъэгъугъэх.

40 Петрэ цIыфхэр зэкIэ унэм ригъэкIыхи, лъэгонджэмышъхьэкIэ тIыси, Тхьэм елъэIугъ. ЕтIанэ хьадэм зыфигъази къыIуагъ:

–Тавифэ, къэтэдж!

Тавифэ ынэхэр къызэтрихыхи, Петрэ зелъэгъум, къэтэджи къэтIысыгъ. 41 Петрэ ащ ыIэ ыубыти къыгъэтэджыгъ. ЕтIанэ Тхьэм ицIыф лъапIэхэмрэ шъузабэхэмрэ
къяджи, Тавифэ псаоу аритыжьыгъ. 42 А къэбарыр Иоппие къалэм дэсхэм зэкIэ зэлъашIэ хъугъэ, цIыфыбэхэми
ЗиусхьанымкIэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ. 43 ЕтIанэ Симон ыцIэу, шъуашIэ горэм ихьакIэу Петрэ мэфэ пчъагъэкIэ Иоппие къалэм къыдэнагъ.

## ЯПШIЭНЭРЭШЪХЬ

### Корнелый илIыкIохэм Петрэ къызэраригъэщагъэр

Корнелый зыцIэу зы лIы горэ Кесарие къалэм дэсыгъ.
Италие хэгъэгум щыщ дзэм хэтхэу, нэбгыришъэ хъурэ
купхэм япащэхэм ар ащыщыгъ. 2 Ежьми иунагъом зэ-
кIэми Тхьэр агъэлъапIэу щытыгъ*, Тхьэм ищынагъуи
агухэм арылъыгъ. Джуртхэм ахэт тхьамыкIэхэм сэда-

10:2 Тхьэр агъэлъапIэу щытыгъ – джурт лъэпкъым щымыщхэу ыкIи сунэт амышIыгъэхэу щытыгъэ пэтми, а хымэхэр синэгогум кIохэзэ, Тхьэр агъэлъапIэщтыгъ.

къэ бэу аритыщтыгъ, Тхьэм елъэIу зэпытыщтыгъ. [3] Щэ-
джэгъоужым сыхьатыр щым* пэгъунэгъу хъугъэу, Тхьэм
имэлэIич ащ къекIуалIи, «Корнелый!» ыIоу къеджэзэ
нафэу къыфэлъэгъуагъ.

[4] Корнелый къэщыни, ынэхэр тыригъэкъагъэхэу ри-
Iуагъ:

–Зиусхьан, сыда узыфаер?

–УитхьэлъэIухэри уисэдакъэхэри Тхьэм ыпашъхьэ
ихьагъэх, Тхьэми ахэр щымыгъупшэжьыгъэхэу ыгу
илъых,– къыриIожьыгъ мэлэIичым. [5] –ПетрэкIэ заджэ-
хэрэ Симон къыздащэнэу Иоппие къалэм лIыкIохэр
гъакIох. [6] Ар шъуашIэ Симонэу зиунэ хы Iушъом Iутым
ихьакIэу щыт.

[7] Ар къезыIогъэ мэлэIичыр зыIокIыжьым, Корнелый
иунэIутхэм ащыщхэу нэбгыритIурэ иIофтабгэ дзэлIхэм
ащыщэу Тхьэр зыгъэлъапIэрэмрэ къяджи, [8] хъугъэ–шIа-
гъэхэр зэкIэ афиIотэжьхи, Иоппие къалэм ыгъэкIуагъэх.

[9] ЯтIонэрэ мафэм ахэр гъогум рыкIохэзэ къалэм игъу-
нэгъу зэхъухэм, сыхьатыр пшIыкIутIум* пэгъунэгъу хъу-
гъэу, Петрэ Тхьэм елъэIунэу унашъхьэм дэкIоягъ. [10] Джа-
щыгъум мэлакIэ къэлIагъэти, зыгорэ ышхынэу фэягъ.
Шхыныр агъэхьазыры зэхъум, Тхьэм Петрэ зыгорэ къы-
фигъэлъэгъуагъ. [11] Уашъор зэIухыгъэу, шэкI фыжь иным
фэдэу зыгорэ къехэу ылъэгъугъ. Ар къопиплIымкIэ кIэ-
шIагъэу, чIыгум къырагъэлэлэхыгъэм фэдэу щытыгъ.
[12] Сыд фэдэрэ лъэпкъыгъуи щыщхэу лъэкъуиплIкIэ кIорэ
псэушъхьэхэр, ныбэкIэ цуахъорэ псэушъхьэхэр, ошъогу
бзыухэр а шэкI фыжьым кIоцIылъыгъэх. [13] ЕтIанэ зы макъэ
горэм Петрэ къыриIуагъ:

–Петрэ, къэтэдж. ШIобзи, шхэ.

[14] –Хьау, Зиусхьан,– къыIожьыгъ Петрэ, –ар хъухэщтэп.
Мышхыпхъи, хьэрами сэ егъашIэми сшхыгъэп.

[15] ЯтIонэрэу а макъэм Петрэ къыриIуагъ:

---

10:3 сыхьатыр щым – гущыIэ–гущыIэу зэбдзэкIымэ, «ябгъонэрэ сыхьа-
тыр» мэхъу. Ащ къикIырэр щэджэгъоужым сыхьатыр щыр ары.
Джуртхэр а сыхьатым Тхьэм елъэIух.

10:9 сыхьатыр пшIыкIутIум – гущыIэ–гущыIэу зэбдзэкIымэ, «яхэнэрэ
сыхьатыр» мэхъу. Ащ къикIырэр щэджагъор ары.

–Тхьэм къабзэу ыкIи шхыпхъэу зыфиIуагъэр о хьэра-
мэу умыIо.
16 Арэущтэу гъогогъуищэ хъугъэ. ЕтIанэ шэкI фыжьыр
уашъом дэкIоежьыгъ.
17 Къыфэлъэгъуагъэм къикIырэм Петрэ ыгукIэ егупшы-
сэзэ, Корнелый къыгъэкIогъэ лIыхэр Симон иунэ кIэ-
упчIэхэзэ, ар къагъотыгъэу къэлапчъэм Iутыгъэх.
18 –ПетрэкIэ заджэхэрэ Симон мы унэм иса?– аIоу,
къэупчIэхэзэ джагъэх.
19 Петрэ къыфэлъэгъуагъэм егупшысэзэ, Тхьэм ЫпсэЛъапIэ къыриIуагъ:
ЛъапIэ къыриIуагъ:
–Мары нэбгырищ къыплъэхъух. 20 Къэтэджи, унэм ех,
уемыгуеу ахэмэ адакIу; сыда пIомэ ахэр къэзыгъэ-
кIуагъэр сэры.
21 Петрэ ехи, лIыхэм ариIуагъ:
–Шъо шъузлъыхъурэр сэры. Iоф горэ шъуиIэу шъу-
къэкIуагъа?
22 –Тэ тыкъэзыгъэкIуагъэр дзэ пащэу Корнелый ары,–
къаIуагъ а лIыхэм. –Ар шъыпкъагъэ зиIэу, Тхьэм ищы-
нагъо зыгу илъэу, джурт лъэпкъым зэкIэ лъытэныгъэ
зыфыряIэ лIэу щыт. Ащ иунэ лIыкIохэм укъырaригъэ-
щэнышъ, къапIохэрэм ядэIунэу мэлэIич лъапIэ горэм
унашъо къыфишIыгъ.
23 Джащыгъум Петрэ ахэр къыригъэблагъэхи, ыхьэкIа-
гъэх.
ЯтIонэрэ мафэм Петрэ ахэмэ ягъусэу гъогум техьагъ.
Иоппие къалэм щыщ ышы* заули игъусагъэх.
24 Ащ къыкIэлъыкIорэ мафэм Кесарие къалэм нэсы-
гъэх. Корнелый иунэкъощхэри иблагъэхэри къыугъои-
гъэхэу, Петрэрэ игъусэхэмрэ апаплъэщтыгъэх. 25 Петрэ
унэм зехьэм, Корнелый ащ пэгъокIи, ылъакъохэм адэжь
зыщыридзыхи, лъэгонджэмышъхьэкIэ тIысыгъэ. 26 Ау
Петрэ Корнелый къыгъэтэджыжьи ыIуагъ:
–Къэтэдж, сэри сыцIыф ныIэп.
27 ЕтIанэ Петрэ Корнелый дэгущыIэзэ унэм зехьэм,
цIыфыбэхэр щызэрэугъоигъэхэу ылъэгъугъ.
28 –Джурт горэ хымэ лъэпкъым щыщхэм е ахэхьанэу
е яунэ ихьанэу тихабзэкIэ зэрэмыхъущтыр шъори шъо-

10:23 ышыхэр – еплъ 9:30.

шІэ,– аріІуагъ Петрэ ахэмэ. –Ау зы цІыф горэ е мыкъабзэу, е шІоеу сымылъытэн фаеу Тхьэм зэхысигъэшІыкІыгъ.
[29] Арыти, мы лІыкІохэм сыкъызяшъогъащэм,
зыми семынэгуеу сыкъэкІуагъ. Джы сышъоупчІы, Іоф горэ шъуиІэу сыкъяжъугъэщагъа?

[30] –МэфиплІкІэ узэкІэІэбэжьмэ мы сыхьатым, щэджэгъоужым сыхьатыр щым*, сиунэ Тхьэм сыщелъэІущтыгъ,– къыІожьыгъ Корнелый. –ОшІэ–дэмышІэу щыгъын фыжь лыдхэр щыгъхэу, зы лІы горэ сапашъхьэ къиуцуи,
[31] къыІуагъ: «Корнелый, Тхьэм уитхьэлъэІу зэхихыгъ,
уисэдакъэхэри щымыгъупшэжьыгъэхэу ыгу илъых. [32] Петрэкlэ заджэхэрэ Симон къыздащэнэу Иоппие къалэм лІыкІохэр гъакІох. Ар шъошІэ Симонэу зиунэ хыІушъом Іутым ихьакІэу щыт. Ар къэкІонышъ, къыбдэгущыІэщт».
[33] Арыти, занкІэу къыплъызгъэкІуагъэх. УкъызэрэкІуагъэр дэгъоу пшІагъэ. Джы тэ зэпстэури о къэпІонхэу, Зиусхьаным унашъо къыпфишІыгъэхэм тядэІунэу мыщ дэжьым Тхьэм ыпашъхьэ тит.

## Петрэ Корнелый иунэ къэбарышІур къызэрэщиІотагъэр

[34] ЕтІанэ Петрэ мырэущтэу къыІуатэ ыублагъ:
–Тхьэр цІыфхэм ятеплъэ емыплъэу, цІыф пстэури изэфэдэхэу зэрэщытыр шъыпкъэу зэзгъэшІагъ. [35] Сыд
фэдэрэ лъэпкъыми щыщэу, ежь ищынагъо зыгу илъэу шъыпкъагъэр зыгъэцакІэрэр Тхьэм ештэ. [36] КъэбарышІоу
Тхьэм Израил цІыфхэм анигъэсыгъэр шъо шъошІэ. Мырэущтэу зыІорэ къэбарышІур ары: Исус Христосэу цІыф пстэуми я Зиусхьан ары цІыфхэр Тхьэм езыгъэшІужьырэр. [37] Иуан ежьым зырагъэумэхъынэу цІыфхэм
заригъэІум ыуж, Галилей хэкум къыщегъэжьагъэу зэкІэ Иудей хэкум къыщыхъугъэхэр шъо шъошІэх. [38] Назарет
щыщ Исус икъэбар шъошІэ. Тхьэм ежь Ыпсэ ЛъапІэрэ лъэкІынығъэшхомрэ ащ къыфыригъэхыгъэх. Тхьэр ащ зэригъусагъэм пае, шІугъэ ышІэу, шэйтаным илъэкІынығъэкІэ ригъэзыгъэ цІыф пстэури ыгъэхъужьхэу къыкІухьащтыгъ.
[39] –А Исус джуртхэм яхэгъэгуи Ерусалими Іофхэу

---

10:30 сыхьатыр щым – еплъ 10:3.

щишIагъэхэм зэкIэ тэ тыряшыхьат. Ар пкъэум тыраIулIи
агъэлIагъ. [40] Ау ящэнэрэ мафэм Тхьэм ар лIагъэхэм къа-
хигъэтэджыкIыжьи, цIыфхэм ар аригъэлъэгъугъ. [41] Ау
Тхьэм ар зэригъэлъэгъугъэхэр цIыф пстэури арэп, Тхьэм
ыпэкIэ къыгъэнэфэгъэгъэ шыхьатхэр ары нахь. Исус
лIагъэхэм къызахэтэджыкIыжьым ыуж, тэ ежь игъусэу
дашхэхэу ыкIи дешъохэу щытыгъэхэр ары Тхьэм ар зэри-
гъэлъэгъугъэхэр. [42] Тхьэм игущыIэхэр цIыфмэ ядгъэIун-
хэуи, псаухэми, лIагъэхэми хьыкум атезышIыхьанэу
Тхьэм къыгъэнэфагъэр зэрэ–Исусыр къэтыушыхьаты-
нэуи, Тхьэм унашъо къытфишIыгъ. [43] Хэтми ИсускIэ
шIошъхъуныгъэ зиIэм ипсэкIодхэр Исус ыцIэкIэ зэрэ-
фэгъущтхэмкIэ пегъымбар пстэури Исус шыхьат фэхъух.

**Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ хымэ лъэпкъхэм ащыщхэм къызэрафехыгъэр**

[44] Петрэ а гущыIэхэр къыIохэзэ, ахэр зэхэзыхыгъэ пстэу-
ми Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ къафехыгъ. [45] Петрэ игъусэхэу
къэкIогъэгъэ шIошъхъуныгъэ зиIэ лIыхэу сунэт ашIыгъэ-
хэу щытыгъэхэм Тхьэм итынэу ежь Ыпсэ ЛъапIэ хымэ
лъэпкъхэм ащыщхэми къызэрафыригъэхыгъэр агъэшIэ-
гъуагъ; [46] сыда пIомэ а хымэхэм амышIэрэ бзэхэмкIэ
къэгущыIэхэу, Тхьэм щытхъу фашIэу зэхахыгъ.

Джащыгъум Петрэ къыIуагъ:

[47] –Мы цIыфхэу тэщ фэдэу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ зыгу
илъ хъугъэхэр псыкIэ тэ тыумэхъыхэмэ, зыгорэм ымыдэн
ылъэкIына?

[48] ЕтIанэ Исус Христос ыцIэкIэ ахэр аумэхъынхэу уна-
шъо ышIыгъ. ЕтIанэ мэфэ заулэрэ ахэмэ адэжь къэтынэу
Петрэ елъэIугъэх.

## ЯПШIЫКIУЗЭНЭРЭШЪХЬ

**Петрэ Ерусалим ичылыс зэIукIэм щыщхэм хъугъэ–шIагъэр къызэрариIотэжьыгъэр**

Хымэ лъэпкъхэм щыщхэми Тхьэм игущыIэхэр зэрашта-
гъэхэр апостолхэмрэ Иудей хэкум ис ышыхэмрэ зэха-

хыгъ. 2 Арэущтэу Петрэ Ерусалим зыдэкIуаем, сунэт ашIы-
гъэхэм Петрэ ышIагъэр амыдэу 3 ащ къыраIуагъ:

–О сунэт амышIыгъэхэм яунэ уихьи уадэшхагъ.

4 Джащыгъум Петрэ хъугъэ–шIагъэхэр зырызэу къагу-
ригъэIонэу ыублагъ:

5 –Иоппие къалэм сэ Тхьэм сыщелъэIущтыгъ. Джащы-
гъум Тхьэм сэ сызэшъхьэщифи, шэкI фыжь иным фэдэу
зыгорэ уашъом къехэу къысфэлъэгъуагъ. Ар къопи-
плIымкIэ кIэшIагъэу, уашъом къехэу, къырагъэлэлэхы-
гъэм фэдэу сапашъхьэ къэсыгъ. 6 ШэкI фыжьым сызе-
плъым, лъэкъуиплIкIэ кIорэ былымхэри, хьакIэ–къуакIэ-
хэри, ныбэкIэ цуахъорэ псэушъхьэхэри, ошъогу бзыухэри
слъэгъугъэх. 7 «Петрэ, къэтэдж. ШIобзи, шхэ», макъэ
горэм къысиIоу зэхэсхыгъ.

8 –«Хьау, Зиусхьан, ар хъухэщтэп, мышхыпхъи, хьэрами
егъашIэми зыIуслъхьагъэп», сIуи, пэгъокI естыжьыгъ.

9 –А макъэм ятIонэрэу уашъом къиIукIэу къыIожьыгъ:
«Тхьэм къабзэу ыкIи шхыпхъэу зыфиIуагъэхэр, о хьэра-
мэу умыIо». 10 Арэущтэу гъогогъуищэ хъугъэ. ЕтIанэ
зэкIэ уашъом дэкIоежьыгъ.

11 –Ардэдэм Кесарие къалэм къикIыхэу садэжь къагъэ-
кIогъэ нэбгырищ сэ сызэрыс унэм икъэлапчъэ къакIохи
къыIууцуагъэх. 12 Семынэгуеу ахэмэ садэкIонэу Тхьэм
Ыпсэ ЛъапIэ къысиIуагъ. Мы зэшы нэбгырихыри си-
гъусэхэу тэ тыкIохи, а лIым иунэ тихьагъ. 13 А лIым
къытиIотагъ мэлэIич горэ иунэ итэу мырэущтэу ыIозэ,
зэрэщилъэгъугъэр: «ПетрэкIэ заджэхэрэ Симон къызда-
щэнэу лIыкIохэр гъакIох. 14 Оррэ уиунагъорэ зэкIэ шъу-
мыкIодэу, шъукъэзыгъэнэжьыщт гущыIэхэр ащ къыуи-
Iощтых».

15 –Сэ сыкъэгущыIэу зысэублэм, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ
ахэмэ къафехыгъ, апэу тэри къызэрэтфехыгъагъэм фэ-
дэу. 16 «Иуан псыкIэ цIыфхэр ыумэхъыщтыгъэх, ау Тхьэм
ежь Ыпсэ ЛъапIэкIэ шъо шъуиумэхъыщт», ыIуи Зиусхьа-
ным къыIогъэгъэ гущыIэхэр* джащыгъум сыгу къэкIы-
жьыгъэх. 17 Зиусхьанэу Исус ХристоскIэ шIошъхъуныгъэ
тэ тиIэ зэхъум, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ тэ къызэрэтфыригъэ-
хыгъэм фэдэу, ахэми къафыригъэхыгъэу, сэ сыхэта,
Тхьэм сыпэуцужьынэу?

---

11:16 Зиусхьаным къыIогъэгъэ гущыIэхэр – еплъ 1:5.

[18] Ахэмэ мы Іофхэр зызэхаххэм, заушъэфыгъ. Тхьэм ищытхъу ашІэу къаІуагъ:

–Ащыгъум хымэ лъэпкъхэри япсэкІодхэм афыкІэгъожьынхэшъ, мыкІодыжьын щыІэныгъэ яІэ хъунэу Тхьэм игъо ылъытагъ.

## Антиохие къалэм чылыс зэІукІэ щыІэу зэрэхъугъэр

[19] Стефан мыжъокІэ еохэзэ, заукІым ыуж, ИсускІэ шІошъхъуныгъэ зиІэхэм къиныбэ зэрагъэщэчыщтыгъэхэм пае, ахэр зэбгырыкІыжьыгъэх. Исус ехьылІэгъэ къэбарышІур джуртхэм анэмыкІэу зыми рамыІуатэу, ахэр Финикие хэкум, Кипр зыцІэ хыгъэхъунэм*, Антиохие къалэм анэсы кІуагъэх.
[20] Ау ахэмэ ащыщхэу зы купэу Кипр хыгъэхъунэм щыщ лІыхэри, Кириние къалэм щыщ лІыхэри Антиохие къалэм* зэкІохэм, Зиусхьанэу Исус ехьылІэгъэ къэбарышІур урымхэми араІуатэщтыгъ.
[21] Зиусхьаныр ягъусагъ, цІыфыбэми шІошъхъуныгъэ яІэ хъоу, Зиусхьаным игъогу техьагъэх.

[22] Мы Іофхэм якъэбар Ерусалим щыІэ чылыс зэІукІэм щыщхэм анэсыгъ. Занэсым, Варнавэ Антиохием агъэкІуагъ.
[23] Варнавэ Антиохием кІуи, Тхьэм ынэшІу ахэмэ къызэращифагъэр зелъэгъум гушІуагъэ, агу етыгъэу, емызэщхэу Зиусхьаным фэшъыпкъэнхэуи афигъэпытагъ.
[24] Варнавэ цІыф дэгъоу щытыгъ. Тхьэм Ыпсэ ЛъапІи шІошъхъуныгъэри инэу ыгу илъыгъэх. Арэущтэу Зиусхьанымкlэ шІошъхъуныгъэ зиІэ цІыфхэм япчъагъэ инэу хэхъуагъ.

[25] ЕтІанэ Саул лъыхъунэу Варнавэ Тарс къалэм кІуагъэ. Ащ дэжьым Саул къызегъотым, Антиохием зыдищагъ.
[26] Зы илъэсым икІыхьагъэкІэ чылыс зэІукІэм щыщхэм ягъусэу зэрэугъоихэзэ, цІыф купышхом Тхьэм игущыІэхэр арагъашІэщтыгъэх. ИсускІэ шІошъхъуныгъэ зиІэхэм «ХристианхэкІэ» апэ дэдэу зыщяджагъэхэр Антиохие ары.

[27] А мафэхэм пегъымбар куп Ерусалим къикІыхи, Антиохие къэкІуагъэх.
[28] Ахэмэ ащыщэу Агав зыцІэр

---

11:19 хыгъэхъунэ – еплъ 4:36.

11:20 Антиохие къалэр – Рим (Рум) къэралыгъошхом щыщэу, Сирие хэкум икъэлэшхоу щытыгъ.

къэтэджи, зэкIэ дунаем гъэблэшхо къызэрэщыхъущтыр
Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ащ ыгу къырилъхьи къыригъэIуагъ.
Кайсар Клаудый* итетыгъоми арэущтэу хъугъэ. [29] Джащы-
гъум ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм, хэти зэрилъэ-
кIырэм фэшъуашэу, Иудей хэкум ис ашыхэм IэпыIэгъу
афэхъунхэу тыраубытагъ. [30] ШIошъхъуныгъэ зиIэхэм
арэущтэу ашIызэ, аугъоигъэ ахъщэр Варнавэрэ Саулрэ
аIэкIалъхьи, ахэми чылыс зэIукIэм инахьыжъхэм* афа-
рагъэхьыгъ.

## ЯПШIЫКIУТIОНЭРЭШЪХЬ

### Тетыгъо зиIэхэм Якъубэ зэраукIыгъэр ыкIи Петрэ хьапсым зэрэчIадзагъэр

А мафэхэм пачъыхьэ Ирод* идзэлIхэм чылыс зэIукIэм
щыщхэу цIыф заулэ аригъэубытхи, лые арарigъэхэу
ыублагъ. [2] Иуан ышэу Якъубэ* сэшхокIэ аригъэукIыгъ.
[3] Ар джуртхэм агу зэрэрихьырэр Ирод зелъэгъум, ащ
ыужкIэ идзэлIхэм Петри аригъэубытыгъ. Ар зыхъугъэр
Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхохэр*
ары. [4] Ирод Петрэ зарегъэубытым, хьапсым чIаригъа-

---

11:28 Клаудый – Исус къызэхъу нэужым я 41–54 илъэсхэм къакIоцI Рим (Рум) къэралыгъошхом и Кайсарэу щытыгъ. Гъэблэшхоу Агав зигугъу ышIыгъэр Исус къызэхъу нэужым я 46–рэ илъэсым къэхъугъ.

11:30 нахьыжъхэр – чылыс зэIукIэм Iофэу ышIэрэр зыпшъэ илъ тхьаматэхэр ары.

12:1 пачъыхьэ Ирод – Ирод Агриппэ Апэрэр ары. Исус къызэхъу нэужым я 41–44 илъэсхэм къакIоцI Израил хэгъэгум ипачъыхьэу щытыгъ. Ирод Агриппэ Апэрэр Ирод Иным ыкъо ыкъоу щытыгъ.

12:2 Якъубэ – Зеведей ыкъоу щытыгъ, Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIуми ащыщыгъ.

12:3–4 Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхохэр – Пасхъэ зыщIэ мэфэкI мэфэшхомрэ Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхохэмрэ зэдагъэлъапIэхэзэ, Тхьэм Мысырым (Египет) къызэрэригъэкIыжьыгъагъэхэр джуртхэм агъэлъапIэ. Пасхъэ мэфэкI мэфэшхор Нисан зыщIэ мазэм и 14–м тефэ (яплIэнэрэ мазэм иапэрэ мафэ пэгъунэгъу). Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхохэр Нисан и 15–22 мафэхэм къакIоцI агъэлъапIэх. А мафэхэм тэджэпс тхьацум халъхьэрэп.

дзи, дзэм щыщхэу нэбгырэ плIырыплIэу купиплI ар аухъумэнэу аIэкIилъхьагъ. ЕтIанэ Пасхъэ зыщIэ мэфэкI мэфэшхор зыблэкIыкIэ, хьыкумышIэм* ыпашъхьэ рищэнэу Ирод ыгу хэлъыгъ.

5 Арэущтэу Петрэ хьапсым чIадзагъэу щытыгъ, ау чылыс зэIукIэм щыщхэм яшъыпкъэу Тхьэм ащ фелъэIущтыгъэх.

**МэлэIич горэм Петрэ хьапсым къызэрэчIищыжьыгъэр**

6 Пачъыхьэ Ирод Петрэ хьыкумышIэм ыпашъхьэ зыщырищэщт мафэм ыпэрэ чэщым Петрэ IэхъуитIу телъэу, дзэлIитIум азыфагу дэлъэу щычъыещтыгъ. УхъумакIохэри пчъэм Iутхэу хьапсыр къаухъумэщтыгъ.
7 ОшIэ-дэмышIэу Зиусхьаным имэлэIич а унэм къыщылъагъуи, нэфынэшхо унэм къыщынэфыгъ. МэлэIичыр Петрэ ыбгъукIэ етIыргуи къыгъэущыгъ.

–ПсынкIэу тэдж!– ыIуагъ. Петрэ IэхъуитIоу телъхэр тезыгъэх.

8 –Зыфап, уицуакъэхэри зыщылъэх,– риIуагъ мэлэIичым Петрэ. Петрэ арэущтэу ышIыгъ. ЕтIанэ мэлэIичым риIуагъ:

–Уищыгъын кIыIутелъ зыщылъэжьи, сауж уитэу къакIо.

9 Арэущтэу Петрэ мэлэIичым ыуж итэу хьапсым къычIэкIыжьыгъ. Ау мэлэIичым ышIагъэхэр шъыпкъэмэ, мышъыпкъэмэ Петрэ ышIэщтыгъэп, зыгорэ къыфэлъагъоу къышIошIыгъ.
10 Апэрэ ухъумэкIо купми, ятIонэрэ ухъумэкIо купми къаблэкIхи, къэлэ дэхьапIэм Iут гъучI къэлапчъэм дэжь нэсыгъэх. Къэлапчъэр ежь-ежьырэу ахэмэ къафызэIукIыгъ. Къэлапчъэм дэкIхи, зы урамым икIыхьагъэкIэ зырэкIохэ ужым, ошIэ-дэмышIэу мэлэIичым Петрэ къыгъани IукIыжьыгъ.

11 Петрэ зыкъызешIэжьым, къыIуагъ:

–Зиусхьаным имэлэIич къыгъакIуи, Ирод ыIэ сыкъыIэкIихэу, джурт цIыфхэми къысэхъулIэнэу зыфаIорэ Iэягъэ пстэури симыгъэлъэгъузэ, сымыкIодэу сыкъызэ-

---

12:4 хьыкумышIэр –зы цIыф горэ хыеу е мысэу щытмэ, хабзэм иунашъо тетэу зэхэзыфырэр ары.

ригъэнэжьыгъэр джы шъыпкъэу къэсшIагъ.

12 Петрэ къехъулIагъэр къызешIэжьым, Иуанэу Марк-
кIэ заджэхэрэм янэу Мерэм иунэ кIуагъэ. ЦIыфыбэхэр
ащ дэжьым къыщызэрэугъоигъэхэу, Тхьэм елъэIущты-
гъэх. 13 Петрэ къэлапчъэм зытеом, ар къызэIуихынэу
Родэ зыцIэу унэIут пшъашъэ горэ къэкIуагъ. 14 Петрэ
ымакъэ къызешIэжьым, гушIуагъом хэтэу къэлапчъэр Iуи-
мыхэу унэм илъэдэжьи, Петрэ къэлапчъэм зэрэIутыр ад-
рэмэ ариIуагъ.

15 –КъапIорэр пшIэрэп,– къыраIожьыгъ ахэмэ. Ау
ыIуагъэм пшъашъэр текIыгъэп. Джащыгъум къаIуагъ:

–Ар Петрэ имэлэIичын фае.*

16 Ау Петрэ къэлапчъэм зэпымыоу теощтыгъэ. Къэла-
пчъэр Iуахи, Петрэ залъэгъум, лъэшэу агъэшIэгъуагъ.
17 Заушъэфынэу Петрэ Iэ афишIи, Зиусхьаным хьапсым
къызэрэчIищыжьыгъэр ахэмэ ариIотэжьыгъ. ЕтIанэ къы-
Iуагъ:

–Якъуби* адрэ тшыхэми хъугъэ–шIагъэр яжъугъашI.

Ар къызеIом, а унэм икIи, нэмыкI чIыпIэ горэм кIуагъэ.

18 Нэф къызэшъым, дзэлIхэр гузэжъогъушхо хэфагъэ-
хэу зэупчIыжьыгъэх:

–Петрэ сыда къехъулIагъэр?

19 Пачъыхьэ Ирод дзэлIхэр Петрэ лъигъэхъухи къыза-
мыгъотым, ухъумакIохэм тэрэзэу зяупчIым ыуж, дзэлIхэм
а ухъумакIохэр аригъэукIыгъэх. Пачъыхьэ Ирод етIанэ
Иудей хэкум икIи, Кесарие къалэм ехи, ащ дэжьым
къыдэнагъ.

## Пачъыхьэ Ирод зэрэлIагъэр

20 Пачъыхьэ Ирод Тир къалэм дэсхэмрэ Сидон къалэм*
дэсхэмрэ инэу афэгубжыгъэу щытыгъ. А къалэхэм адэс-
хэр зэгурыIохи, пачъыхьэм ыдэжь къэкIуагъэх. Пачъыхьэм
фэлажьэрэ Iэшъхьэтетэу Власт гурыIохи, пачъыхьэр

---

12:15 Ар Петрэ имэлэIичын фае – джуртхэм яшIошъхъуныгъэ тетэу, хэтрэ цIыфым мэлэIич горэ ухъумакIоу иI.

12:17 Якъубэ – Зиусхьанэу Исус ышхэм ащыщэу, Ерусалим щыIэ чылыс зэIукIэм итхьаматэхэм ащыщыгъ. Еплъ Гал. 1:19.

12:20 Тир къалэм . . . Сидон къалэм . . . – ахэр хымэ къалэхэу Галилей хэкум итемыр лъэныкъомкIэ хыIушъом Iутыгъэхэр ары.

къаригъэшIужьынэу елъэIугъэх. Сыда пIомэ пачъыхьэм
ихэгъэгу гъомлапхъэхэу къикIыхэрэр ары ахэр зэрыпсэу-
щтыгъэхэр.
21 Ирод ыгъэнэфэгъэ мафэм ипачъыхьэ щыгъынхэр
щыгъхэу, пачъыхьэ тIысыпIэм тетIысхьи, ахэмэ апашъ-
хьэ къыщыгущыIагъ.
22 –Мыр цIыф макъэп, Тхьэм ымакъэ нахь,– цIыфхэм
аIоти джэщтыгъэх. 23 Пачъыхьэ Ирод Тхьэм щытхъушхор
зэрэфимышIыгъэм пае, Тхьэм имэлэIич горэ ардэдэм
ащ къыригъаозэ, хьамылыухэм ар ашхызэ, ыпсэ хэкIыгъ.
24 Ау Тхьэм игущыIэхэр нахь цIыфыбэмэ анэсхэзэ, зы-
щаубгъуущтыгъ.
25 Варнавэрэ Саулрэ яIоф заухым, Ерусалим къыдэкIы-
жьхи, МарккIэ заджэхэрэ Иуан ягъусэу зыдащи, Антио-
хие къалэм агъэзэжьыгъ.

## ЯПШIЫКIУЩЭНЭРЭШЪХЬ

### Антиохием щыIэ чылыс зэIукIэм щыщхэм Варнавэрэ Саулрэ Тхьэм фэлэжьэнхэу зэрагъэнэфагъэхэр

Пегъымбархэри, дин гъэсакIохэри Антиохием щыIэ чы-
лыс зэIукIэм щыщхэм ахэтыгъэх: Варнавэ, «ШIуцIэкIэ»
заджэхэрэ Симон, Киринние къалэм щыщ Луцый, Ма-
наил (ар пщы Ирод* игъусэу апIугъагъ) ыкIи Саул.
2 Ахэр Тхьэм елъэIухэзэ, чэщи мафи анэкIы зэхъум,
Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ахэмэ къариIуагъ:
–Варнавэрэ Саулрэ сэ сыкъызфяджэгъэ Iофым пае
къысфыхэшъухых.
3 ЕтIанэ ахэмэ чэщи мафи занэкIы ужым, Тхьэм елъэ-
Iугъэх, аIэхэри ахэмэ ашъхьэхэр атралъхьэхи*, яIоф ашIэ-
нэу агъэкIуагъэх.

---

13:1 пщы Ирод – Ирод Антипэу Галилей хэкум ипщэу щытыгъэр ары. Еплъ Лука 3:1.

13:3 аIэхэр ахэмэ ашъхьэхэм атралъхьэхи – арэущтэу зыфашIагъэр а Iофыр а лIитIум апшъэ ралъхьанри, ахэмэ а Iофыр агъэцэкIэныр пае, Тхьэм ынэшIу къащифэнри ары.

**Апостолхэм Кипр хыгъэхъунэм Тхьэм игущыIэхэр зэрэщагъэIущтыгъэхэр**

[4] Варнавэрэ Саулрэ Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ыгъэкIуагъэхэу,
Селевкие къалэм* нэсыгъэх. Ащ дэжьым къухьэкIэ ще-
жьэхи, Кипр хыгъэхъунэм кIуагъэх. [5] Саламин къа-
лэм дэжь зынэсхэм, джуртхэм ясинэгогухэм Тхьэм игущы-
Iэхэр щагъэIущтыгъэх. Иуан ахэмэ IэпыIэгъу афэхъунэу
ягъусагъ.
[6] Хыгъэхъунэм икIыхьагъэкIэ Паф къалэм* нэс къызэ-
кIохэм, ушхъухьаныгъэ Iофым пылъ джурт пегъымбар
нэпцI горэм IукIагъэх. А лIым Варисус ыцIагъ. [7] Ар
хыгъэхъунэм иIэшъхьэтетэу* Сергый Паул игъусагъ.
Сергый Паул цIыф губзыгъэу щытыгъ. Ар Тхьэм игущы-
Iэхэм ядэIунэу фэягъэти, Варнавэрэ Саулрэ къаригъэ-
щагъэх. [8] Ау ушхъухьаныгъэ Iофым пылъэу Елимэ (Елимэ
къикIырэр «Ушхъухьаныгъэ Iофым Пылъыр» ары) Iэшъ-
хьэтетыр шIошъхъуныгъэм игъогу тыримыгъэхьаным ыуж-
итыгъэти, Варнавэрэ Саулрэ апэуцужьыщтыгъ. [9] Ау Сау-
лэу ПаулкIи заджэхэрэм* ыгу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ инэу илъ
хъуи, ынэхэр Елымэ тыригъэдыкъэхи къыIуагъ:
[10] –О шэйтаным урикъу, о зэкIэ шъыпкъагъэм урипый.
ТхьагъэпцIыгъэ пстэури бзэджэгъэ пстэури угу инэу
илъых. Тхьэм игъогу занкIэхэр къуанчэ пшIынхэу упы-
лъыным ыуж уикIыжьыщтба? [11] Джы Зиусхьаным ыIэ
къыптелъ. Заулэрэ тыгъэм инэфынэ умылъэгъоу, нэ-
шъоу ухъущт.
Ардэдэм пщагъори шIункIыри Елымэ къыфехыгъэх.
ЕтIанэ къыкIухьэзэ, къезыщэкIын цIыф горэм лъыхъу-

---

13:4 Селевкие къалэр – Антиохием километрэ 20–кIэ пэчыжьэу щытыгъ. А къалэм къухьэуцупIэ иIэу, хыIушъом Iутыгъ.

13:5 синэгогу – еплъ 6:9.

13:6 Паф къалэр – Кипр хыгъэхъунэм итыгъэ къохьэпIэ хыIушъо Iутэу, икъэлэшхоу щытыгъ. Хыгъэхъунэ – чIыгу гъушъэу псы гузэгум итыр ары.

13:7 Iэшъхьэтет – Кипр хыгъэхъунэр зыIэ илъэу, Рим (Рум) къэралыгъошхом фэлажьэрэ тхьаматэр ары.

13:9 Саулэу ПаулкIи заджэхэрэр – апостол Паулым ыцIэ джуртыбзэкIэ Саул мэхъу, римыбзэкIи Паул мэхъу.

щтыгъ. [12] Іэшъхьэтетым хъугъэ–шІагъэр зелъэгъум,
шІошъхъуныгъэ иІэ хъугъэ. Варнавэрэ Паулрэ Іофхэу
Зиусхьаным ехьылІагъэу къырагъашІэхэрэр ыгъэшІагъо-
щтыгъэх.

## Паулрэ Варнавэрэ Писидие хэкум щыщ Антиохие къалэм зэрэкІуагъэхэр

[13] ЕтІанэ Паулрэ игъусэхэмрэ Паф къалэм къухьэкІэ
щежьэхи, Памфилие хэкум щыщ Пергие къалэм кІуагъэх.
Ащ дэжьым Йуан ахэр къыгъанэхи, Ерусалим ыгъэзэ-
жьыгъ. [14] Адрэ нэбгыритІур Пергие къалэм блэкІхи, Писи-
дие хэкум щыщ Антиохие къалэм нэсыгъэх. Шэмбэт ма-
фэм* синэгогум чІахьэхи тІысыгъэх. [15] Тэурат хабзэм*
итхэмрэ пегъымбархэм атхыгъэ тхылъхэм* арытхэмрэ
ащыщхэу зыгорэхэм зяджэхэ ужым, синэгогу пащэхэм
зыгорэ агъакІуи арырагъэІуагъ:

–Тэ тшыхэр, мы цІыфхэр зэрыжъугъэгушхон гущыІэ-
хэр шъуиІэхэмэ, къашъуІох.

[16] Паул къэтэджи, Іэ афишІи къыІуагъ:

–Шъо Израил цІыфхэри, Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэ-
ри, шъукъэдаІу. [17] Израил лъэпкъым и Тхьэ тэ тятэжъхэр
къыхихыгъэх. Тэ тлъэпкъ Мысыр хэгъэгум зесым, лъэ-
пкъышхоу ышІи, лъэкІыныгъэшхокІэ ащ дэжьым къы-
рищыжьыгъэх. [18] ЕтІанэ илъэс тІокІитІо шъоф нэкІым
щигъашхэщтыгъэх. [19] Ханаан хэгъэгум щыпсэурэ лъэ-
пкъиблир ыгъэкІодхи, ахэмэ яхэгъэгу Израил лъэпкъым
иІахьэ хъунэу къыфигъэнэжьыгъ. [20] Ар зэкІэ илъэс шъи-
плІырэ шъэныкъорэм ыкІоцІым фэдиз хъугъэ.

–Ащ ыужым, хьыкумышІэхэр* Тхьэм ахэмэ аритыгъэх,
пегъымбар Самуел имафэхэм нэсыфэ. [21] ЕтІанэ пачъыхьэ
афигъэнэфэнэу Израил цІыфхэр Самуел елъэІугъэх. Вен-

---

13:14 шэмбэт мафэр – джуртхэм ямэфэ лъапІэ ары. А мафэм хэти Іоф ышІэн фитэп.

13:15 Тэурат хабзэр – пегъымбар Мусэ тхылъитфэу ытхыгъэхэр ары. Тэурат хабзэр джуртхэм ятхылъ лъапІэхэм ащыщэу апэрэ Іахьэу мэхъу.

13:15 пегъымбархэм атхыгъэ тхылъхэр – джуртхэм ятхылъ лъапІэхэм ащыщхэу ятІонэрэ Іахьэу мэхъу.

13:20 хьыкумышІэхэр – еплъ 12:4.

иамин иунэгъо лъэпкъ щыщэу, Кис ыкъо Саул пачъыхьэ афэхъунэу Тхьэм аритыгъ. ЕтIанэ илъэс тIокIитIурэ ар пачъыхьэу щытыгъ.
22 Тхьэм ар тыригъэкIыжьи,
Даутэ пачъыхьэу тыригъэхьагъ. Тхьэм Даутэ мырэущтэу шыхьат фэхъугъ:* «Иессэ ыкъоу Даутэ сыгу зэIурэ цIыфэу къэзгъотыгъ. Сэ сызыфаехэр зэкIэ ащ ыгъэцэкIэщтых».
23 Мы лIым къытехъукIыгъэ цIыфхэм ащыщэу, Израил цIыфхэр мыкIодхэу къэзыгъэнэжьырэр Исус ары, Тхьэм къафигъэкIуагъ, ятэжъхэр къызэригъэгугъэгъагъэхэм фэдэу.
24 Исус къэкIоным ыпэкIэ Иуан, «ШъуипсэдкIодхэм шъуафыкIэгъожьи, зысэжъугъэумэхъ», ыIоу, Израил цIыфхэм зэкIэ аригъэIугъ.
25 Иуан иIоф ыухызэ къыIуагъ:* «Сэ хэтэу сышъушIошIыра? Шъо шъузпаплъэрэр сэрэп. Шъо шъузпаплъэрэр саужкIэ къэкIощт, ащ ицокъэлъэпсхэр фэстIэтэныхэуи сифэшъуашэп».

26 (Паул джыри ипсалъэ къыпидзэжьыгъ:) –Сэ сшыхэу Ибрахьим къытехъукIыгъэ цIыфхэри, шъо къышъухэтхэу нэмыкI цIыфхэу Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэри, Тхьэм цIыфхэр мыкIодхэу къызэригъэнэжьхэрэм икъэбар къызнэсыгъэхэр тэры.
27 Ерусалим дэсхэмрэ ахэмэ ятхьаматэхэмрэ цIыфхэр мыкIодхэу къэзыгъэнэжьырэр зэрэ–Исусыр къашIэжьыгъэп. УкI ежьым къытралъхьагъ, ау арэущтэу пегъымбархэм ягущыIэхэу шэмбэт мафэ къэсми синэгогухэм щызаджэхэрэр къагъэшъыпкъэжьыгъэх.
28 УкI Исус зыкIытралъхьащт Iоф амыгъотыгъэ пэтми, Iэшъхьэтетэу Пилат* ар ыукIынэу елъэIущтыгъэх.
29 Исус ехьылIагъэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр зэкIэ ахэмэ загъэцакIэ ужым, Исус игъусэхэм ежь ихьадэ къащым къыпахыжьи, къэунэм чIалъхьажьыгъ.
30 Ау Тхьэм ар лIагъэхэм къахигъэтэджыкIыжьыгъ.
31 ЕтIанэ Исус ежь игъусэхэу Галилей хэкум къикIыгъэхэу, Ерусалим къэкIогъагъэхэм мафэ пчъагъэхэм акIоцI заригъэлъэгъуущтыгъ. Джы ахэр ары тэ тлъэпкъ ыпашъхьэ Исус шыхьат щыфэхъухэрэр.

---

13:22 Тхьэм Даутэ . . . шыхьат фэхъугъ – еплъ Сэбур (Псалтыр) 89:20 (урыс библиемкIэ 88:21); Пегъымбар Самуел икъэбар зэрыт апэрэ тхылъым (1–я Царств) 13:14.

13:25 Иуан . . . къыIуагъ – еплъ Лука 3:16.

13:28 Пилат – еплъ 3:13.

[32] –Джы мы къэбарышIур тэ къышъотэIо: Тхьэм Исус
лIагъэхэм къызэрахигъэтэджыкIыжьыгъэмкIэ тэ тя-
тэжъхэр къызэригъэгугъэгъэ Iофхэр къыгъэхъухэзэ, тэ
ахэмэ атехъукIыгъэ цIыфхэм къытфигъэшъыпкъэ-
жьыгъ. [33] Сэбурым итэу ятIонэрэ орэдым* Тхьэм Исус
къызэрэщыриIорэм фэдэу:

«Оры Скъор, непэ ты сыпфэхъугъ».

[34] Тхьэм Исус лIагъэхэм къызэрахигъэтэджыкIыжьы-
гъэр егъашIэми мылIэжьыным пае, мы гущыIэхэмкIэ
Тхьэм къыIуагъ:*

«СынэшIу щыфэныгъэ лъапIэр шъыпкъэмкIэ шъо
къышъулъызгъэсыщт, Даутэ зэрэзгъэгугъэгъа-
гъэм фэдэу».

[35] Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм ащыщэу нэмыкI чIыпIэм
ыдэжь зэритым фэдэу,*

«О къыпфэлажьэрэм ихьадэ бгъэшъущтэп».

[36] –Сыда пIомэ Тхьэм игухэлъ тетэу Даутэ имафэхэм
Тхьэм фэлажьэщтыгъ, етIанэ дунаем ехыжьыгъ. Ятэжъ-
хэм адэжь къэунэм чIалъхьажьи, ихьади шъугъэ. [37] Ау
Тхьэм лIагъэхэм къахигъэтэджыкIыжьыгъэр джыри зэ
лIэжьыгъэп, ихьади шъужьыгъэп. [38] Арышъ, сэ сшыхэр,
мыр зэжъугъашIэ, шъо шъуипсэкIодхэр Исус къызэрэ-
шъуфигъэгъухэрэм икъэбар къышъотэгъэIу. [39] Исус
ежьымкIэ хэти шIошъхъуныгъэ зиIэм ипсэкIод пстэури
тырехых, ау пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ псэкIод-
хэр къышъутырихын ылъэкIырэп. [40] Шъузфэсакъыжь,
пегъымбархэм мы гущыIэхэу къаIуагъэхэр* къышъорэ-
мыхъулIэх:

[41] «ШъукъэдаIу, шъо Тхьэм къыIуагъэхэм
нэмыплъ языххэрэр,
жъугъэшIагъуи шъукIод;
сыда пIомэ шъо шъуимафэхэм Iофышхо горэ
згъэцэкIэщт.

---

13:33 Сэбурым итэу ятIонэрэ орэдыр – еплъ Сэбур (Псалтыр) 2:7.

13:34 Тхьэм къыIуагъ – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 55:3.

13:35 нэмыкI чIыпIэм ыдэжь зэритым фэдэу – еплъ Сэбур (Псалтыр) 16:10 (урыс библиемкIэ 15:10).

13:40–41 пегъымбархэм мы гущыIэхэу къаIуагъэхэр – еплъ Пегъымбар Аввакум тхылъэу ытхыгъэм 1:5.

А Iофышхом икъэбар зыгорэм къышъуиIуагъэми,
шъо шъушIошъ хъущтгъэп».

42 Паулрэ Варнавэрэ синэгогум къычIэкIыжьхэзэ, къы-
кIэлъыкIорэ шэмбэт мафэм а Iофхэм атегущыIэжьын-
хэу цIыфхэр къялъэIугъэх. 43 ЗэIукIэр зызэбгырэкIы-
жьым, джуртхэм ащыщхэу бэхэри, хымэхэу джурт хъугъэ-
хэм ащыщхэу бэхэри Паулрэ Варнавэрэ ягъусэхэу кIощты-
гъэх. ИтIур ахэмэ адэгущыIэхи, Тхьэм ынэшIу
къызэращифэщтым ыуж ит зэпытынхэу афагъэпытагъ.

44 КъыкIэлъыкIорэ шэмбэт мафэм Тхьэм игущыIэхэм
ядэIунхэм пае, къалэм дэс цIыф пстэури къэнэгъэ шIагъо
щымыIэу зэрэугъоигъэх. 45 Ау джуртхэм цIыф купышхо-
хэр залъэгъухэм, шъугъоныр агу къихьи, ехъонхэзэ,
Паул къыIуагъэхэм апэуцужьыщтыгъэх.

46 Джащыгъум Паулрэ Варнавэрэ гушхоныгъэкIэ къа-
Iуагъ:

–Тхьэм игущыIэхэр ыпэ рапшIэу шъо къышъотIонхэ
фэягъ. Ау шъо Тхьэм игущыIэхэр щыжъугъэзыехэу,
арэущтэу мыкIодыжьын щыIэныгъэ шъуиIэ хъунэу
зыфэжъугъэшъуашэрэп. Арышъ, хымэ лъэпкъхэм ащыщ-
хэм тэ зафэтэгъазэ; 47 сыда пIомэ Тхьэм мырэу-
щтэу унашъо къытфишIыгъ:*

«Хымэ лъэпкъхэм нэфынэ уафэхъунэу узгъэуцугъ,
дунаем ыкъуапэхэм анэсыфэ, цIыфхэр мыкIодхэу
Тхьэм къыуигъэгъэнэжьынхэм пае».

48 Хымэ лъэпкъхэм ащыщхэм ар зызэхахым, гушIохи,
Зиусхьаным игущыIэхэм щытхъу афашIыгъ. МыкIоды-
жьын щыIэныгъэ яIэ хъунэу Тхьэм ыгъэнэфэгъэ цIыф
пстэуми шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.

49 Зиусхьаным игущыIэхэр а хэкум тыдэкIи цIыфхэм
анэсхэу хъугъэ. 50 Ау джуртхэм лъытэныгъэ зиIэ бзы-
лъфыгъэхэу Тхьэр зыгъэлъапIэхэрэмрэ къалэм итхьа-
матэхэмрэ къызэкIагъэплъыхьагъэх. ЕтIанэ цIыфхэр
Паулрэ Варнавэрэ атебэнэнхэу зэкIагъэблагъэх, яхэкуми
къарафыгъэх. 51 Паулрэ Варнавэрэ алъакъохэм акIэ-
рылъ сапэр цIыфхэм апашъхьэ щыкIэрагъэтэкъужьи,
Иконие къалэм кIуагъэх. 52 Ау ИсускIэ шIошъхъуныгъэ
зиIэхэм агухэм гушIуагъорэ Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэрэ инэу
арылъ хъугъэх.

---

13:47 Тхьэм унашъо къытфишIыгъ – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 49:6.

# ЯПШЫКIУПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

## Паулрэ Варнавэрэ Иконие къалэм Тхьэм игущыIэхэр зэрэщагъэIущтыгъэхэр

Иконие къалэм Паулрэ Варнавэрэ зынэсхэм, яхабзэ
тетэу, джуртхэм ясинэгогу чIэхьагъэх. Джуртхэмрэ
урымхэмрэ* ащыщхэу бэмэ шIошъхъуныгъэ яIэ агъэ-
хъузэ, адэгущыIагъэх. [2] Ау шIошъхъуныгъэ зиIэ хъунхэу
зымыдэрэ джуртхэм хымэ лъэпкъхэм ащыщхэр зэкIа-
гъэплъыхьахи, шыхэмэ къафагъэгубжыгъэх. [3] Паулрэ
Варнавэрэ Зиусхьаным икъэбар гушхоныгъэкIэ цIыфхэм
араIозэ, а къалэм бэрэ щыIагъэх. Зиусхьаными ынэшIу
щыфэныгъэм ехьылIэгъэ къэбарышIур* ыгъэшъыпкъэ-
жьызэ, нэшэнэ гъэшIэгъонышхохэр къагъэлъэгъонхэуи
Iофышхо гъэшIэгъонхэр ашIэнхэуи Паулрэ Варнавэрэ
лъэкIыныгъэ аритыгъ. [4] Ау къалэм ицIыфхэр лIэныкъуи-
тIоу зэрэгъэхъугъэх. Зы купыр джуртхэм агохьагъэх,
адрэ купри апостолхэм агохьагъэх. [5] ЕтIанэ хымэ лъэпкъ-
хэм ащыщхэри, джуртхэри, ахэмэ ятхьаматэхэри ягъу-
сэхэу зэгурыIохи, Паулрэ Варнавэрэ лые къарахынэуи
мыжъохэмкIэ къяохэзэ, къаукIынхэуи гухэлъ ашIыгъ.
[6] Паулрэ Варнавэрэ ахэмэ ягухэлъ къызашIэм, Ликаоние
хэкум щыщ къалэхэу Листрэрэ Дервиерэ ахэмэ яIэгъо-
благъо хэкумрэ кIатхъужьыгъ. [7] А чIыпIэхэми къэбары-
шIур щагъэIугъ.

## Паулрэ Варнавэрэ Листрэ къалэм Тхьэм игущыIэхэр зэрэщагъэIущтыгъэхэр

[8] Листрэ къалэм лIы сэкъат горэ дэсыгъ. Къызыхъу-
гъэм щегъэжьагъэу ылъакъохэм атеуцон ымылъэкIэу,
егъашIэми земыкIошъоу ащ дэжьым щысыгъ. [9] Паул
къэгущыIэ зэхъум, а лIыр едэIущтыгъ. Паул а лIым
зеплъым, хъужьынэу ащ шIошъхъуныгъэ иIэу зелъэгъум,
[10] мэкъэшхокIэ къыIуагъ:

---

14:1 урымхэр – иунанхэр ары.

14:3 къэбарышIур – еплъ 8:4.

–Зиусхьанэу Исус Христос ыцIэкIэ къыосэIо: Къэтэджи, плъакъохэм къатеуцу.

А лIыр къызщылъэти, къыкIухьэу ыублагъ.

11 Паул ышIагъэр цIыф купышхохэм залъэгъум, мэкъэшхокIэ Ликаоние хэкум ыбзэкIэ* къаIуагъ:

–Тхьэхэр цIыф плъышъоу къытфехыгъэх.

12 Варнавэ ЗевскIэ* еджагъэх, къэгущыIэрэр Паул
арыти, ащ ЕрмыйкIэ* еджагъэх. 13 Зевс иунэшхоу къалэм
тIэкIу дэдзыгъэу щытым идин пащэм цIыфхэм цухэр
къэлапчъэм къаригъащэхи, танджэхэри къаригъэхьыхи,
ежьыми цIыф купышхоми Варнавэрэ Паулрэ къурмэн
афашIынэу фэягъэх.

14 Ау апостолхэу Варнавэрэ Паулрэ ар зызэхахым, афамыдэу ящыгъынхэр зэIатхъыжьхи, цIыф купышхом ахэлъадэхи, куохэу къаIуагъ:

15 –Шъо лIы купыр, сыда мы шъушIэхэрэр? Шъо ты-
шъуфэдэу тэри тыцIыф. Мы тхьэ нэпцIхэу зишIуагъэ
къэмыкIощтхэм шъуакIыб афэжъугъэзэжьэу Тхьэ шъып-
къэу псаоу щытым зыфэжъугъэзэжьыным пае, къэба-
рышIур къышъуфэтэгъэIу. Тхьэр ары уашъори, чIыри,
хыри, ахэмэ ащыпсэурэ пстэури къэзыгъэхъугъэр. 16 Блэ-
кIыгъэ лъэхъанэхэм лъэпкъ пстэури зэрэфаехэу ежь
ягъогу рыкIонхэу фит ышIыгъагъэх. 17 Ау щытми, Тхьэм
шыхьат имыIэу зыкъигъэнагъэп: Уашъом къикIэу ощх
къышъуфыригъэщхызэ, игъом гъажъор къышъуфигъэ-
кIызэ, шхын шъуфимыгъэныкъозэ, шъуигъэгушIозэ шIу-
гъэ къышъуфишIагъ.

18 Паулрэ Варнавэрэ арэущтэу аIозэ, къурмэн зыфарамыгъэшIэу, цIыф купышхор ерагъэу зэтыраIэжьагъэх.

19 Ащ нэужым Антиохие къалэмрэ, Иконие къалэмрэ къарыкIхэу джурт куп къэкIуагъ. Апостолхэм гушхоныгъэкIэ Тхьэм игущыIэхэр агъэIухэзэ, а джуртхэм цIыфхэр апостолхэм агуагъэкIыгъэх, мырэущтэу аIозэ: «Мы лIыхэм шъыпкъэр къаIорэп, пцIы къаусы нахь».

---

14:11 Ликаоние хэкум ыбзэкIэ – Паулрэ Варнавэрэ Ликаоние хэкум ыбзэ къагурыIон алъэкIыгъэп. Рим (Рум) къэралыгъошхом тыдэкIэ зэрыщыгущыIэрэ бзэр урымыбзэр арыгъэ.

14:12 Зевс – урымхэм ятхьэу зыфаIохэрэм ащыщэу анахь иныр арыгъэ.

14:12 Ермый – урымхэм ятхьэу зыфаIохэрэм ащыщэу адрэ тхьэу зыфаIохэрэм яIофтабгэ арыгъэ.

ЕтIанэ а джуртхэм цIыф купышхор зэкIагъэплъыхьэхи, Паул мыжъокIэ къеохэзэ, къаукIынэу пылъыгъэх, лIагъэуи аIозэ, къалэм далъэшъугъ. [20] Ау етIанэ Паул игъусэхэм къауцухьи, Паул къэтэджи, къалэм дэхьажьыгъ. ЯтIонэрэ мафэм Варнавэ игъусэу Паул Дервие къалэм кIуагъэ.

## Паулрэ Варнавэрэ Сирие хэкум щыщ Антиохие къалэм зэрагъэзэжьыгъэр

[21] Паулрэ Варнавэрэ Дервие къалэми къэбарышIур щагъэIузэ, цIыфыбэхэр Исус игъогу зытырагъахьэхэ ужым, къалэхэу Листрэ, Иконие, Антиохие агъэзэжьыгъ. [22] А къалэхэм ИсускIэ шIошъхъунгъэ зиIэ хъугъэхэр щагъэгушхохи, шIошъхъуныгъэм игъогу темыкIынхэу афагъэпытэзэ араIуагъ:

–Тхьэм и Тетыгъошхо* ыIэчIэгъ къин тщэчызэ тычIэхьан фае.

[23] Паулрэ Варнавэрэ тэдрэ чылыс зэIукIэм нахьыжъхэр* фагъэнафэхи, Тхьэм елъэIухэзэ, чэщи мафи анэкIэу, ахэмэ Зиусхьанэу шIошъхъуныгъэ зыфыряIэ хъугъэм ынаIэ къатыригъэтынэу фагъэзагъэх. [24] Ащ нэужым Писидие хэкум кIоцIырыкIыхи, Памфилие хэкум нэсыгъэх. [25] Пергие къалэм Зиусхьаным игущыIэхэр къызыщагъэIухэ ужым, Атталие къалэм ехыгъэх.

[26] А къалэм къыдэкIыхи, къухьэкIэ Антиохие къалэм кIуагъэх. Антиохиер ары чылыс зэIукIэм щыщхэм Паулрэ Варнавэрэ джы агъэцэкIэгъэ Iофым пае, Тхьэм ынэшIу къащифэнэу зыщыфагъэзагъэр. [27] Паулрэ Варнавэрэ Антиохием зынэсхэм, чылыс зэIукIэм щыщхэр аугъоихи, Тхьэм ахэмэ аригъэгъэцэкIэгъэ Iоф пстэури къаIотэжьыгъэх, хымэ лъэпкъхэм ащыщхэми шIошъхъуныгъэ яIэ хъунэу Тхьэм пчъэр зэрафыIуихыгъэри къаIотэжьыгъ. [28] ЕтIанэ ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм адэжь бэрэ щыIэнхэу къэнагъэх.

---

14:22 Тхьэм и Тетыгъошхо – еплъ 1:3.

14:23 нахьыжъхэр – еплъ 11:30.

# ЯПШIЫКIУТФЭНЭРЭШЪХЬ

## Апостолхэмрэ* нахьыжъхэмрэ* Ерусалим зэIукIэ зэрэщашIыгъэр

Зы лIы горэхэр Иудей хэкум къикIыхи, Антиохием къакIохи, ашыхэмэ арагъашIэу аублагъ, мырэущтэу аIозэ:
–Пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ сунэт шъуашIын фаеу зэритым пае, сунэт шъуамышIымэ, шъумыкIодэу Тхьэм шъукъигъэнэжьыщтэп.
2 Паулрэ Варнавэрэ ахэмэ агурымыIохэу, лъэшэу янэ-
къокъугъэх. Арыти, Паулрэ Варнавэрэ цIыф заулэ ягъу-
сэхэу, мы Iофым ехьылIагъэу Ерусалим дэс апостол-
хэмрэ нахьыжъхэмрэ адэжь агъэкIонхэу ашыхэм тыра-
убытагъ. 3 Арэущтэу чылыс зэIукIэм щыщхэр Паулрэ
Варнавэрэ адэкIуатэхэзэ, гъогум тырагъэхьагъэх. Паулрэ
Варнавэрэ хэкухэу Финикиерэ Самариерэ кIоцIырыкIы-
гъэх. КIоцIырыкIыхэ зэхъум, хымэ лъэпкъхэм ащыщхэр
Тхьэм игъогу зэрэтехьагъэхэм икъэбар афаIотэжьызэ,
ашы пстэури инэу агъэгушIуагъэх. 4 Ерусалим зынэсхэм,
чылыс зэIукIэм щыщхэми, апостолхэми, нахьыжъхэми
ахэр рагъэблэгъагъэх. Тхьэм ахэмэ ашIэнхэу аригъэлъэ-
кIыгъэ Iоф пстэури араIотэжьыгъэх.
5 Ау шIошъхъуныгъэ зиIэ лIы горэхэу диным рыкIорэ
цIыф купэу фарисей* купкIэ заджэхэрэм ащыщхэр къэ-
тэджхи къаIуагъ:
–Хымэ лъэпкъхэм ащыщхэри сунэт шъушIынхэ фае, пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ итхэри яжъугъэгъэцэкIэнхэ фае.
6 А Iофым тегущыIэнхэу апостолхэри нахьыжъхэри
зэрэугъоигъэх. 7 Бэрэ зызэнэкъокъухэ ужым, Петрэ
къэтэджи, адрэхэм ариIуагъ:
–Сшыхэр, шъори шъошIэба, хымэ лъэпкъхэм ащыщхэм ЗиусхьанымкIэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъуным пае, къэбарышIур язгъэIунэу блэкIыгъэ мафэхэм Тхьэм шъо
сэ сыкъызэрэшъухихыгъэр? 8 Тхьэу цIыфхэм агухэм ары-
лъыр зышIэрэм ежь Ыпсэ ЛъапIэ тэ къызэрэтфыригъэ-

---

15:1 апостол – еплъ 1:2.

15:1 нахьыжъхэр – еплъ 11:30.

15:5 фарисейхэр – еплъ 5:34.

гъэхыгъэм фэдэу, хымэ лъэпкъхэм ащыщхэми къафы-
ригъэхызэ, ахэр зэридэхэрэр къыгъэлъэгъуагъ. [9] Тэррэ
ахэмрэ тазыфагу Тхьэм зэхэдз зи ышIыгъэп, сыда пIомэ
ахэми агухэр шIошъхъуныгъэмкIэ ыгъэкъэбзэжьыгъэх.
[10] Тэри тятэжъхэми тфэмыхьыгъэ къиныр ИсускIэ шIошъ-
хъуныгъэ зиIэхэм атешъулъхьэзэ, сыда Тхьэр жъугъэунэ-
фынэу ыуж шъузыкIитыр? [11] Ау ти Зиусхьанэу Исус
Христос ынэшIу щыфэныгъэм игъогукIэ тэ тымыкIодэу,
Тхьэм тыкъызэригъэнэжьырэр тшIошъ мэхъу, ынэшIу
щыфэныгъэ игъогукIэ хымэ лъэпкъхэм ащыщхэри
мыкIодхэу, Тхьэм къызэригъэнэжьыхэрэм фэдэу.
[12] ЗэIукIэгъэ цIыф пстэуми заушъэфи, хымэ лъэпкъхэм
адэжь Тхьэм Варнавэрэ Паулрэ нэшэнэ гъэшIэгъонышхо-
хэу къыщаригъэгъэлъэгъуагъэхэри, Iофышхо гъэшIэгъон-
хэу щаригъэшIагъэхэри къызаIотэжьхэм, ядэIугъэх.
[13] ЕтIанэ гущыIэныр заухым, Якъубэ* къэгущыIэу ыублагъ:
–Сшыхэр, къасIорэм шъукъедэIу. [14] Тхьэр лъэпкъэу
ежь ыцIэкIэ зэреджэщтыр къыхихыным пае, хымэ лъэ-
пкъхэм ащыщхэм яплъынэу апэу зэрэхъугъэр Симон зэ-
хэтигъэшIыкIыгъ. [15] Пегъымбархэм ягущыIэхэр Петрэ
къыIуагъэхэм атефэх. Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэра-
рытым фэдэу,*

[16] «ЕтIанэ къэзгъэзэжьынышъ,
пачъыхьэ Даутэ иунэу зэхэфагъэр
зэтезгъэуцожьыщт»,
Зиусхьаным еIо.
«Зэхэкъутагъэхэри сшIыжьынхэшъ,
а унэр зэтезгъэуцожьыщт,
[17] дунаем ицIыфхэу къэнагъэхэмрэ
сэ сицIыфхэу хъунхэу сызэджэгъэ хымэ лъэпкъ
пстэумрэ
Зиусхьаным лъыхъунхэм пае.
[18] Мырэущтэу зыIуагъэр
Зиусхьанэу мы Iофхэр бэшIагъэу цIыфмэ
языгъэшIагъэр ары».
[19] Якъубэ етIанэ къыпигъэхъожьыгъ:

---

15:13 Якъубэ – еплъ 12:17.

15:15–18 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Амос тхылъэу ытхыгъэм 9:11–12; Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 45:21.

–Арышъ, сэ сызэрэгугъэрэмкӀэ, хымэ лъэпкъхэм
ащыщхэу, Тхьэм игъогу техьэхэрэм къин атетлъхьэ
хъущтэп. [20] Ау цӀыфхэм тхьэ нэпцӀхэм афашӀыгъэ къур-
мэныпхъэм ыл, зинэ шӀэным, атхьалэгъэ псэушъхьэхэм*
ал, лъым* зыщадзыенэуи, ежьхэм къарамышӀэнэу
зыфэмыер нэмыкӀ цӀыфхэм арамышӀэнэуи тэ афэттхын
фае; [21] сыда пӀомэ пэсэрэ зэманхэм къащегъэжьагъэу
пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ итхэр къэлэ пстэуми щызы-
гъэӀухэрэри шэмбэт мафэ къэси ащ итхэм зыщяджэхэрэ
синэгогухэри щыӀэх.

## Апостолхэмрэ нахьыжъхэмрэ хымэ лъэпкъхэм ащыщхэу шӀошъхъуныгъэ зиӀэ хъугъэхэм тхылъэу афатхыгъэр

[22] Арэущтэу чылыс зэӀукӀэр зэрэщытэу ягъусэу апо-
столхэмрэ нахьыжъхэмрэ тыраубытагъ ежьхэм яцӀыфхэм
ащыщхэу лӀы заулэ хахынхэу, Паулрэ Варнавэрэ Антио-
хие адагъэкӀонхэм пае. Ашыхэм ятхьаматэхэм ащыщхэу
Иудэу ВарсавэкӀэ заджэхэрэмрэ Силэрэ хахыгъэх. [23] Мы-
рэущтэу тхылъ атхи аратыгъ:

«Тэ тышъушыхэу апостолхэри, нахьыжъхэри, шъо
хымэ лъэпкъхэм ащыщ шыхэу Антиохие къалэм
дэсхэми, Сирие хэкуми Киликие хэкуми
арысхэми, шӀуфэс къышъотэхыжьы.
[24] ЦӀыф заулэ тэ къытхэкӀыхи, «Сунэт шъуашӀын
фае, Мусэ и Тэурат хабзэ итхэми шъуядэӀун фае»,
аӀозэ, ягущыӀэхэмкӀэ шъузэӀагъэхьагъэуи
шъуагъэгумэкӀыгъэуи тэ зэхэтхыгъ, ау тэ ахэр
къэдгъэкӀуагъэхэп. [25] Арышъ, тэ тызэӀукӀагъ. ЛӀы
заулэ тэ къыхэтхынышъ, тэ шӀу тлъэгъурэ
Варнавэрэ Паулрэ ягъусэхэу
къышъуфэдгъэкӀонхэу тызэгурыӀуагъ. [26] ИтӀур
Зиусхьанэу Исус Христос ыцӀэ
фэлажьэхэзэ, апсэ еблэжьыгъэхэп. [27] Арэущтэу
Иудэрэ Силэрэ къышъуфэтэгъакӀох. Ахэми тэ
ттхыгъэр ажэкӀэ къыжъугурагъэӀощт. [28] Мы
унашъохэу шъузэдэӀун фаехэм анэмыкӀэу, зи

---

15:20 атхьалэгъэ псэушъхьэхэр – джурт хабзэм иунашъо тетэу, псэу-
шъхьэхэр шӀуабзы зыхъукӀэ, лъыр зэкӀэ кӀагъэчъын фае.

15:20 лъы – джурт хабзэм иунашъо тетэу, лъы зыхэлъ шхын пшхы
мыхъунэу щыт.

къышъутетымылъхьанэу Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIи
тэри игъоу тлъытагъэ: 29 ЦIыфхэм тхьэ
нэпцIхэм афашIыгъэ къурмэныпхъэм ыл,
лъым, атхьалэгъэ псэушъхьэхэм ал, зинэ
шIэным защыжъудзый. Шъо къышъуашIэнэу
шъузыфэмыери нэмыкI цIыфхэм яшъумышI. А
Iофхэм защыжъудзыемэ, дэгъур шъошIэ.
Шъотхъэжь».
30 Арэущтэу а лIыхэр гъогум тырагъэхьагъэх. Ахэр
Антиохие зынэсхэм, чылыс зэIукIэм щыщхэр аугъоихи,
тхылъыр аратыгъ. 31 Ахэр тхылъым зеджэхэм, къэбарэу
ащ итым ыгъэгушхохэзэ ыгъэгушIуагъэх. 32 Иудэрэ Си-
лэрэ, ежьхэр пегъымбархэу щытхэу, гущыIабэкIэ ашыхэм
агухэр агъэпытэхэзэ, агъэгушхуагъэх. 33 Ахэр зы тIэкIурэ
ащ дэжьым зыдэсхэ ужым, къэзыгъэкIуагъэхэм адэжь
агъэзэжьынэу ашыхэм гъогу мафэкIэ гъогум къытыра-
гъэхьажьыгъэх. 34 Ау Силэ Антиохие къыдэнэнэу тыри-
убытагъ, Иудэми Ерусалим ыгъэзэжьыгъ. 35 Паулрэ Вар-
навэрэ Антиохие къыдэнагъэх. НэмыкIыбэхэм ягъусэ-
хэу, цIыфхэм Зиусхьаным игущыIэхэр арагъашIэхэзэ,
къэбарышIури арагъэIузэ, Антиохие дэсыгъэх.

**Паулрэ Варнавэрэ зэрэзэгокIыгъэхэр**

36 Зы тIэкIу тешIагъэу Паул Варнавэ риIуагъ:
–Тхьэм игущыIэхэр зыщыдгъэIугъэ къэлэ пстэуми адэс
тшыхэм адэжь дгъэзэжьынышъ, зыфэдэхэр зэрэщытхэр
зэдгъэлъэгъунхэу тыгъэкIожь.
37 Варнавэ Иуан МарккIи заджэхэрэр ягъусэу зыди-
щэнэу фэягъ. 38 Ау Паул ар ягъусэу зыдищэнэу игъоу
ылъытагъэп; сыда пIомэ Иуан МарккIэ заджэхэрэр
Памфилие хэкум ахэмэ щагокIи, Iоф адишIэнэу адэкIо-
гъагъэп. 39 Паулрэ Варнавэрэ ащ фэдизэу зэрэзэнэкъо-
къугъэхэм пае, зэгокIыгъэх. Варнавэ Марк зыдищи, Кипр
хыгъэхъунэм* къухьэкIэ кIуагъэ. 40 Ау Паул гъусэ фэхъу-
нэу Силэ къыхихыгъ. Ашыхэм Тхьэм ынэшIу ахэмэ къащи-
фэнэу зыфагъазэ ужым, ахэр гъогум техьагъэх. 41 Чы-
лыс зэIукIэхэм ащыщхэр агъэгушхохэзэ, Сирие хэкумрэ
Киликие хэкумрэ къакIухьэщтыгъэх.

15:39 хыгъэхъунэ – еплъ 4:36.

# ЯПШIЫКIУХЭНЭРЭШЪХЬ

## Тимофей Паулрэ Силэрэ гъусэ зэрафэхъугъэр

Ащ нэужым Паул Дервие къалэм, етIанэ Листрэ къалэм
нэсыгъ. Тимофей зыцIэу ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ
лIы горэ а къалэм дэсыгъ. Ащ янэ шIошъхъуныгъэ
зиIэ джуртэу щытыгъ, яти урымэу щытыгъ. 2 Къалэхэу
Листрэрэ Икониерэ адэс ашыхэм а лIым лъытэныгъэ
фыряIэу щытыгъ. 3 Паул Тимофей зыдищэнэу фэягъ.
Джуртхэу а лъэныкъом исхэм апае Паул зыгорэм Тимофей
сунэт ригъэшIыгъ*; сыда пIомэ Тимофей ятэ
урымэу зэрэщытыр зэкIэми ашIэщтыгъэти ары. 4 Къалэхэр
къакIухьэхэу, Ерусалим дэс апостолхэмрэ нахьыжъхэмрэ
ашIыгъэ унашъохэм ядэIунхэм пае, шIошъхъуныгъэ
зиIэхэм а унашъохэр араIуагъэх. 5 Арэущтэу чылыс
зэIукIэхэм ащыщхэм нахь шIошъхъуныгъэшхо яIэ
хъузэ, мафэ къэси шIошъхъуныгъэ зиIэхэм япчъагъэ
хахъощтыгъ.

## Троадэ къалэм Тхьэм Паул зыгорэ къызэрэщыфигъэлъэгъуагъэр

6 Паулрэ игъусэхэмрэ Асие хэкум Тхьэм игущыIэхэр щагъэIунхэу
Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ фит ымышIыхэзэ, ахэр
Фригиерэ Галатиерэ яхэку зэпырыкIыжьыгъэх. 7 Мисие
хэкум зынэсхэм, Вифиние хэкум ихьанхэу пылъыгъэх,
ау Исус Ыпсэ ЛъапIэ ихьанхэу фит ышIыгъэхэп.
8 Арэущтэу Мисие хэкум кIоцIырыкIыхи, Троадэ
къалэм* ехыгъэх. 9 Чэщым Тхьэм Паул зыгорэ къыфигъэлъэгъуагъ.
Македоние хэкум* щыщэу зы лIы горэ
ащ дэжьым щытэу къелъэIугъ:

–Македонием къакIуи, IэпыIэгъу къытфэхъу.

10 Паул ар къызэрэфэлъагъоу, къэбарышIур а цIыфхэми
ядгъэIунэу Тхьэр къызэрэтэджагъэм тыщыгугъэу,
Македоние хэкум тыкIонэу зыдгъэхьазырыгъ*.

---

16:3 сунэт ригъэшIыгъ – Тимофей янэ джуртэу зэрэщытым пае, Тимофей джуртэу алъытэн фаеу щытыгъ. Ау ар сунэт амышIымэ, Паул синэгогухэм Тхьэм игущыIэхэр зыщигъэIухэрэм, щыдэлэжьэн ылъэкIыщтгъэп.

16:8 Троадэ къалэр – къухьэуцупIэ иIэу, Эгейскэ хым Iутэу (джырэ Тыркуим итыгъэ къохьэпIэ хыIушъор ары), Мисие хэкум щыщыгъ.

**Лидие зыщIэ бзылъфыгъэр Исус игъогу зэрэтехьагъэр**

[11] Арэущтэу Троадэ къалэм къухьэкIэ тыщежьи, занкIэу
Самофракие хыгъэхъунэм тыкIуи, ятIонэрэ мафэми Неа-
пол къалэм тынэсыгъ.[12] ЕтIанэ ащ дэжьыми тыдэкIи,
Филиппи къалэм тыкIуагъ. Ар Македоние хэкум щыщэу
а лъэныкъом икъэлэшхоу щытыгъ. А къалэр зыгъэуцу-
гъагъэр Рим къэралыгъошхом ицIыфхэр ары. А къалэм
мафэ заулэрэ тыдэсыгъ.
[13] Шэмбэт мафэм* къалэм тыдэкIи, псыхъом тыкIуагъ.
Ащ дэжьым цIыфхэр Тхьэм зыщелъэIурэ чIыпIэ щыдгъо-
тыщт тIуи, тытIыси, зэрэугъоигъэхэ бзылъфыгъэмэ та-
дэгущыIагъ. [14] Зы бзылъфыгъэ горэ, Лидие ыцIэу, къэ-
даIощтыгъ. Ар Фиатирэ къалэм щыщэу, шэкI плъыжь
чIапцIэ лъапIэр зыщэхэрэм ащыщыгъ. Ар Тхьэр зыгъэ-
лъэпIэрэ бзылъфыгъэу щытыгъ. Паул къыIохэрэм ыгу
етыгъэу ядэIунэу Зиусхьаным ащ ыгу зэIуихыгъ. [15] Ари
ащ иунэ исхэри тыумэхъыгъэх. Зытэумэхъхэм, бзылъ-
фыгъэр къытэлъэIуи къыIуагъ:
–ЗиусхьанымкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм сащыщэу
шъолъытэмэ, сиунэ шъуисынэу шъукъеблагъ.
Арэущтэу ыIозэ, тыкъигъэнагъ.

**Тетыгъо зиIэхэм Паулрэ Силэрэ Филиппи къалэм хьапсым зэрэщычIадзагъэхэр**

[16] Зы мафэ горэм цIыфхэр Тхьэм зыщелъэIурэ чIыпIэм
тыкIозэ, джынапцIэ зыхэсэу, къэхъущт–къэшIэщт Iоф-
хэр къэзыIон зылъэкIырэ унэIут пшъашъэ горэ къытIу-
кIагъ. Къэхъущт–къэшIэщтхэр къыIохэзэ, итхьаматэхэмэ
ахъщабэ къафигъахъэщтыгъ. [17] А пшъашъэр Паулрэ
тэррэ тауж имыкIэу, кууозэ мырэущтэу къыIощтыгъ:
–Мы лIыхэр Тхьэу анахь Иным илIыкIох. ШъумыкIо-
дэу, Тхьэм шъукъызэригъэнэжьырэ гъогур ахэмэ къы-
шъуагъэIу.

---

16:9 Македоние хэкур – Рим къэралыгъошхом щыщ хэкоу щытыгъ. А хэкур джырэ Грецием (Иунанистаным) итемыр Iахьэу щытыгъ. Македонием икъэлэшхоу щытыгъэр Фессалоникэ ары.

16:10 зыдгъэхьазырыгъ – Троадэ къалэм щегъэжьагъэу Филиппи къалэм нэсы мы тхылъыр зытхыгъэр Паул игъусагъ.

16:13 шэмбэт мафэр – еплъ 13:14.

18 Джарэущтэу мэфэ заулэрэ ышIагъ. ЕтIанэ Паул
губжи, зыкъызэригъэзэкIи, джынапцIэм риIуагъ:

–Исус Христос ыцIэкIэ мы пшъашъэм ухэкIынэу унашъо къыпфэсэшIы.

Ардэдэм джынапцIэр пшъашъэм хэкIыжьыгъ.

19 Ахъщэ къэкIуапIэу зыщыгугъыхэрэр зэрэщымыIэжьыр пшъашъэм итхьаматэхэм залъэгъум, Паулрэ Силэрэ аубытхи, къалэм изэхэхьапIэм тетыгъо зиIэхэм апашъхьэ
кIуачIэкIэ ралъэшъуагъэх. 20 Iэшъхьэтетхэм апашъхьэ
зыращэхэм, мырэущтэу къаIуагъ:

–Мы лIыхэр джуртых. Тикъалэ инэу зэIагъахьэ. 21 Тэ
Рим къэралыгъошхом ицIыфхэм хабзэхэу зетымыхьэпхъэнхэри тымышIапхъэхэри мы лIыхэм агъэIух.

22 ЦIыф купышхор ахэмэ ягъусэхэу Паулрэ Силэрэ атебэнагъэх. Iэшъхьэтетхэм Паулрэ Силэрэ ящыгъынхэр зэIатхъыжьхи, къамыщкIэ яонхэу дзэлIхэм унашъо
афашIыгъ. 23 Утыныбэ зарахы ужым, хьапсым чIадзагъэх.
Хьапс ухъумакIоми афэсакъыпэу ыухъумэнхэу унашъо
фашIыгъ. 24 Арэущтэу унашъо зыфашIым, ухъумакIом
ахэр хьапсым иунэ кIоцI дэдэм чIидзэхи, алъакъохэри пкъэум рипхыгъэх.

25 Чэщныкъом ыдэжь Паулрэ Силэрэ Тхьэм елъэIущтыгъэх, тхьэщытхъу орэдхэри къаIощтыгъэх. Адрэ хьапсчIэсхэри ахэмэ ядэIущтыгъэх. 26 ОшIэ–дэмышIэу хьапсым
ылъапсэхэр хъыехэзэ, чIыгур инэу къэсысыгъ. Ардэдэм
хьапсым ипчъэхэр зэкIэ къызэIукIыгъэх. ГъучI лъэхъухэу хьапсчIэсхэм ателъыгъэхэри зэкIэ атезыгъэх.
27 Хьапс ухъумакIор къэущи, хьапсым ипчъэхэр зэIухыгъэхэу зелъэгъум, хьапсчIэсхэр хэхьажьыгъэхэу ыIуи,
исэшхо къырихи, зиукIыжьэу ыублагъ. 28 Ау Паул мэкъэшхокIэ къэкууи къыIуагъ:

–Лые зэмыхыжь! Тэ зэкIэри мыщ тыщыI!

29 ЕтIанэ хьапс ухъумакIом зыгорэм остыгъэ нэфынэ
къыригъэхьи, хьапсым чIэлъади, Паулрэ Силэрэ апашъхьэ кIэзэзэу чIыгум зыщыридзыхыгъ. 30 ЕтIанэ хьапсым
ахэр къычIищыхи, мырэущтэу къыIуагъ:

–Шъо тхьаматэхэр, сымыкIодэу, Тхьэм сыкъигъэнэжьыным пае, сыда сшIэн фаер?

31 –Зиусхьан ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зигъаIи, ори уиунагъуи шъумыкIодэу Тхьэм шъукъигъэнэжьыщт,– къаIожьыгъ ахэмэ.

32 ЕтIанэ Паулрэ Силэрэ хьапс ухъумакIоми, ащ иунэ
ис пстэуми Зиусхьаным игущыIэхэр араIотагъэх. 33 Чэщым
а сыхьат дэдэм хьапс ухъумакIом Паулрэ Силэрэ унэ
горэм рищэхи, яуIагъэхэр афитхьакIыгъэх. Ащ лъы-
пытэу ежьми иунагъо пстэуми зырагъэумэхъыгъ. 34 Ащ
нэужым хьапс ухъумакIом ахэр ежь иунэ рищэхи, ыгъэ-
шхэнхэу Iанэ къафиштагъ. ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ яIэ
зэрэхъугъэм пае, ежьыри иунагъуи гушIуагъэх.

35 Нэф къызэшъым, Iэшъхьэтетхэм яIофтабгэхэм «Мы
лIыхэр тIупщыжьых», раIонэу хьапс ухъумакIом ыдэжь
агъэкIуагъэх. 36 Хьапс ухъумакIом а къэбарыр Паул
къыриIуагъ:

–Iэшъхьэтетхэм шъуатIупщыжьынэу яIофтабгэхэр
къагъэкIуагъэх. Арышъ, джы шъучIэкIыжь. Гъогу ма-
фэх.

37 –Тэ Рим цIыфхэм* тащыщ пэтми, хьыкумышIэм
ыпашъхьэ тырамыщэу, цIыфмэ алъэгъоу къамыщкIэ
къытаохи, хьапсым тычIадзагъ,– ариIожьыгъ Паул.
–Джы шъэфэу татIупщыжьына? Хьау, ар хъущтэп! Ежь-
хэр къэрэкIохи, тыкъычIарэщыжь!

38 Iофтабгэхэм а гущыIэхэр Iэшъхьэтетмэ араIотэжьы-
гъэх. Паулрэ Силэрэ Рим къэралыгъошхом ицIыфхэм
зэращыщхэр Iэшъхьэтетмэ зызэхахым, щынагъэх. 39 Ахэр
къакIохи, «Губгъэн къытфэшъумылъэгъу», аIуи къя-
лъэIугъэх. Хьапсым къычIащыжьхи, къалэм дэкIыжьын-
хэу къялъэIугъэх. 40 Паулрэ Силэрэ хьапсым къызычIэ-
кIыжьхэм, Лидие иунэ кIуагъэх. Ащ дэжьым ашыхэр
щалъэгъухи, агъэгушхуагъэх. ЕтIанэ къалэм дэкIыжьы-
гъэх.

## ЯПШIЫКIУБЛЭНЭРЭШЪХЬ

### Фессалоникэ къалэм ицIыфхэм Паулрэ игъусэхэмрэ къин зэрарагъэщэчыгъэр

Паулрэ игъусэхэмрэ Амфипол къалэмрэ Аполлоние
къалэмрэ къаблэкIхи, Фессалоникэ къалэм къэкIуагъэх.

---

16:37 Рим цIыфхэр – Рим (Рум) хабзэм тетэу Рим цIыфхэу тетыгъо зиIэхэм якъэралыгъошхо ицIыфхэр агъэпщынэнхэм пае, къамыщкIэ яохэ хъущтыгъэп.

джуртхэм а къалэм синэгогу щыряIагъ. 
2 Паул ихабзэ
тетэу ахэмэ адэжь синэгогум чIахьи, шэмбэт мэфищэу
Тхьэм игущыIэ тхыгъэмэ ащыщ къафеджэзэ янэкъокъугъ.
3 Христос* къин ыщэчынышъ, лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьын фаеу зэрэщытыгъэр зэхаригъэшIыкIызэ,
къафигъэшъыпкъэжьыгъ.

–Исусэу зикъэбар сэ къышъозгъэIурэр Христосэу щыт,– къыIуагъ. 
4 Джуртхэм ащыщхэу заулэмэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъуи, Паулрэ Силэрэ гъусэ афэхъугъэх.
Ащ нэмыкIэу Тхьэр зыгъэлъапIэрэ урымхэм ащыщхэу бэхэми, бзылъфыгъэ цIэрыIохэм ащыщхэу бэхэми шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.

5 Ау шIошъхъуныгъэ зиIэ мыхъугъэ джуртхэр мэшъугъохэти, цIыф зэхэхьапIэм хъулъфыгъэ дэихэр къыщагъотхи, цIыф купышхо аугъоий, къалэр къагъэбырсырыгъ.
ЕтIанэ Иасон иунэ Iулъадэхи, Паулрэ Силэрэ къыращынхэшъ, цIыфхэм апашъхьэ къыращэнхэу ауж итыгъэх. 
6 Ахэр замыгъотхэм, Иасонрэ къош заулэрэ къалэм итхьаматэхэм апашъхьэ ралъашъохи, куохэзэ, мырэущтэу къаIуагъ:

–Дунаер зэкIэ зэIэзыгъахьэрэ цIыфхэр мыщ дэжьыми къэкIуагъэх. 
7 Иасон ахэр иунэ ригъэблэгъагъэх. «НэмыкI пачъыхьэу Исус зыцIэр щыI», аIозэ, Кайсарым иунашъохэм апэуцожьых.

8 Ахэмэ арэущтэу аIозэ, а гущыIэхэр зэхэзыхыгъэ цIыф купышхомрэ къалэм итхьаматэхэмрэ къагъэбырсырыгъэх. 
9 Ащ нэужым къалэм итхьаматэхэм Иасонрэ игъусэхэмрэ шэсы ахъщэр арагъэгъэтIылъи атIупщыжьыгъэх.

**Верие къалэм ицIыфхэм ащыщхэу бэхэр Исус игъогу зэрэтехьагъэхэр**

10 Чэщ зэрэхъоу, ашыхэм Паулрэ Силэрэ Верие къалэм агъэкIуагъэх. Ахэр зынэсхэм, джуртхэм ясинэгогу чIэхьагъэх. 
11 Фессалоникэ къалэм дэсхэм анахьи Верие къалэм дэсхэм нахь шъыпкъагъэ яIагъ. Тхьэм игущыIэхэр ягуапэу аштагъэх. Паул къыIуагъэхэр Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэм атефэхэмэ алъэгъуным пае, мафэ къэси Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм ахэплъыхьэщтыгъэх. 
12 Джуртхэм

---

17:3 Христос – еплъ 2:30.

ащыщхэу бэхэми, лъытэныгъэ зиIэ урым бзылъфыгъэхэмрэ хъулъфыгъэхэмрэ ащыщхэу купхэми, шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.

13 Паул Верие къалэми Тхьэм игущыIэхэр щигъэIухэу зэрэщытыр Фессалоникэ щыщ джуртхэм къызашIэжьым, Верие къакIохи, цIыф купышхор зэкIагъэплъыхьагъэх ыкIи къагъэбырсырыгъэх. 14 Ардэдэм ышыхэм Паул хыIушъом агъэкIуагъ, ау Силэрэ Тимофейрэ Верие къалэм къыдэнагъэх. 15 Паул зыщэхэрэм Афинэ къалэм нэсы ащагъ. Силэрэ Тимофейрэ ыдэжь шIэхэу къэкIонхэу Паул зыщагъэхэм унашъо зафешIым ыуж, ахэмэ агъэзэжьыгъ.

## Паул Афинэ къалэм дэс цIыфхэм апашъхьэ къызэрэщыгущыIагъэр

16 Паул Афинэ къалэм Силэрэ Тимофейрэ щапаплъэзэ,
тхьэ нэпцI сурэтхэр къалэм дизэу зелъэгъум, ыгу
къеуагъ. 17 Арэущтэу Паул джуртхэмрэ Тхьэр зыгъэлъапIэхэрэмрэ синэгогум щянэкъокъущтыгъ, мафэ къэси зэхэхьапIэм цIыфхэу щызэIукIэхэрэм щянэкъокъущтыгъ. 18 Философхэу эпикурейхэмрэ* стоикхэмрэ*
зыщIэхэм ащыщхэу зы куп Паул къенэкъокъухэу аублагъ.

–Мы шъхьаубатэм сыда къыIонэу зыфаер?– аIуагъ зызаулэмэ.

–Мы лIым хыматхьэхэм якъэбар зэрехьэ,– аIуагъ адрэхэмэ. Арэущтэу зыкIаIуагъэр Паул Исус ехьылIэгъэ къэбарышIумрэ лIагъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэм* ехьылIэгъэ къэбарышIумрэ зэраригъэIущтыгъэхэр ары.

---

17:18 эпикурей философхэр – урым философэу Эпикурей зыщIэр Исус къэхъуным ыпэкIэ, я 270–рэ илъэсым дунаем ехыжьыгъ. Ащ зэриIуагъэмкIэ, щыIэныгъэмкIэ анахьышIоу щыIэр утхъэжьэу упсэуныр ары.

17:18 стоик философхэр – ахэмэ урым философэу Сено зыщIэм ыIогъагъэхэр цIыфхэм зэхаригъэшIыкIыщтыгъэх. (Сено зылIагъэр Исус къэхъуным ыпэкIэ я 265–рэ илъэсыр ары) Стоик философхэм зэра IуагъэмкIэ утхъэжьыныр зыфаIорэр къин плъэгъуми, шIу плъэгъуми, узыфаер къыбдэхъуми, къыбдэмыхъуми рэхьатэу гупсэфыныгъэкIэ ущыIэныр ары.

17:18 лIагъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэр – «Къэтэджыжьыныгъэ» зыфаIорэ гущыIэр урымыбзэкIэ къаIомэ, ар бзылъфыгъэ тхьэ горэм ыцIэу пхэнджэу къагурыIонкIи мэхъу.

[19] ЕтӀанэ а философхэм Ареопаг* Іуашъхьэм щызэӀукӀэрэ
хасэм ыдэжь Паул зыдащи къыраӀуагъ:

–ӀофыкӀэхэу о цӀыфхэм ябгъашӀэхэрэр зэхэтэбгъэ-
шӀыкӀынха? [20] Сыда пӀомэ гущыӀэ гъэшӀэгъонхэр тэ
ттхьакӀумэхэм о къареогъадзэх. Ахэмэ къарыкӀырэр
тшӀэмэ тшӀоигъу.

[21] Афинэ къалэм щыщ пстэуми, хымэхэу ащ дэсхэми
къэбарыкӀэхэр къаӀонхэмрэ ядэӀунхэмрэ нэмыкӀкӀэ мафэ-
хэр агъакӀощтыгъэхэп.

[22] ЕтӀанэ Паул Ареопаг Іуашъхьэм щызэӀукӀэрэ хасэм
ыпашъхьэ къиуцуи, мырэущтэу къыӀуагъ:

–Шъо Афинэ лӀыхэр! Лъэныкъо пстэумкӀэ шъо тхьэ
Іаджыхэр инэу жъугъэлъапӀэхэу сэлъэгъу; [23] сыда пӀомэ
сэ къэскӀухьэзэ, шъуитхьэлъэӀупӀэхэм сызяплъым,
мырэущтэу зытетхэгъэ къурмэншӀыпӀэ* горэ къэзгъо-
тыгъ: «ТымышӀэрэ Тхьэм пае». Арышъ, шъо шъумы-
шӀэрэ Тхьэу жъугъэлъапӀэрэм икъэбар ары сэ шъо
шъозгъэӀурэр.

[24] –Тхьэу дунаери дунаем тетхэри къэзыгъэхъугъэр
уашъоми чӀылъэми я Зиусхьанэу щыт. Ар цӀыфхэм
аӀэкӀэ ашӀыгъэ тхьэлъэӀупӀэ унэшхохэм арысэу щытэп.
[25] Ащ зыгорэ зэрищыкӀагъэм фэдэу, цӀыфмэ аӀэкӀэ
ӀэпыӀэгъу фэхъунхэу ищыкӀагъэп. Ежьыр ары псэ
зыхэт пстэури щызыгъаӀэхэрэри, жьы къязыгъащэрэри,
ящыкӀагъэ пстэури язытрэри. [26] Тхьэм зы цӀыф закъом
цӀыф лъэпкъ пстэури къыхигъэхъукӀыгъэх, дунаем ты-
дэкӀи щыпсэунхэм пае. Ятетыгъохэмрэ япсэупӀэхэмрэ
гъунэу афэхъущтхэр къыгъэнэфагъэх. [27] Тхьэм цӀыфхэр
къызфигъэхъугъэр ахэр ежьым лъыхъоу ыкӀи Ӏэбэ–лъа-
бэхэзэ, зыгорэущтэу къагъотыныр ары. Ау щытми, Тхьэр
тэ тщыщэу хэти пэчыжьэп, [28] «Ежьыр ары тызыгъэпсэу-
рэри, къэтэзыгъэкӀухьэрэри, тыщызыгъаӀэрэри», зыго-
рэм зэриӀуагъэм фэдэу*. «Тэ тырибын», шъо шъуитха-

---

17:19 Ареопаг – «Ареопаг» зыфаӀорэ гущыӀэм къикӀырэр «Арес иӀуа-
шъхьэ» ары. Урымхэм ятхьэу зыфаӀохэрэм ащыщхэу заом итхьэу Арес
арыгъэ. Афинэ къалэм дэсхэм яхасэ а Іуашъхьэм щызэӀукӀэщтыгъ.

17:23 къурмэншӀыпӀэ – урымхэм тхьабэ агъэлъапӀэщтыгъэ. Ау амышӀэрэ
тхьэ щыӀэмэ, ари агъэлъэпӀэным пае, амышӀэрэ тхьэхэм апае
къурмэншӀыпӀэхэр агъэуцугъэх.

17:28 зыгорэм зэриӀуагъэм фэдэу – Крит хыгъэхъунэм щыщ тхакӀо
Епименид арыгъэнкӀэ мэхъу.

кIохэм* ащыщэу зы куп къызэриIуагъэм фэдэу.
29 –Арышъ, Тхьэм тызэрибыным пае, цIыфхэм яIэпэIэ-
сагъэрэ яакъылыгъэрэкIэ ашIыгъэхэу дышъэм, тыжьы-
ным, мыжъом ахашIыкIыгъэ шъо теплъэхэм Тхьэ афэд-
гъадэ хъущтэп. 30 БлэкIыгъэ лъэхъанэхэм цIыфмэ шIэны-
гъэ ямыIэу зыщэтым, Тхьэр наекIэ ахэмэ къяплъыгъа-
гъэп, ау джы цIыф пстэури, тыдэ щыIэхэми, япсэкIод-
хэм афыкIэгъожьынхэу унашъо къафешIы; 31 сыда пIомэ
Тхьэм зы мафэ къыгъэнэфагъ. А мафэм Тхьэм ежьым
къыгъэнэфэгъэ лIым дунаем ицIыф пстэуми шъыпкъа-
гъэкIэ хьыкум атыригъэшIыхьащт. Ащ фэдэу зэрэхъу-
щтыр Тхьэм цIыф пстэуми къафигъэшъыпкъэжьыгъ а
лIыр лIагъэхэм къызэрахигъэтэджыкIыжьыгъэмкIэ.

32 ЛIагъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэм икъэбар Паул къы-
Iоу зызэхахым, зы куп Паул дэхьащхыгъ, ау адрэ купым
ыIуагъ:

–О зикъэбар къэпIуагъэм джыри тедэIунэу тыфай.

33 Арэущтэу Паул ахэмэ ахэкIыжьыгъ. 34 Ау цIыф
заули Паул гъусэ фэхъухи, шIошъхъуныгъэ яIэ хъугъэ.
Ареопаг Iуашъхьэм щызэIукIэрэ хасэм щыщ Дионисый,
етIанэ Дамар зыцIэу зы бзылъфыгъэ горэмрэ нэмыкI
купымрэ а шIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъэхэм ащыщыгъэх.

## ЯПШIЫКIОЕНЭРЭШЪХЬ

### Паул Коринф къалэм Тхьэм игущыIэхэр зэрэщигъэIущтыгъэхэр

Ащ нэужым Паул Афинэ къалэм дэкIыжьи, Коринф
къалэм кIуагъэ. 2 Паул а къалэм зы джурт горэ,
Акилэ ыцIэу, Понт хэкум къыщыхъугъэр къыщигъоти
IукIагъ. Ежьымрэ ишъхьэгъусэ Прискиллэмрэ Италие
хэгъэгум къикIыгъакIэхэу щытыгъэх; сыда пIомэ Кайсар
Клаудый* джуртхэр зэкIэ Рим къэлэшхом къыдэкIыжьын-

17:28 шъуитхакIохэр – е Арат зыцIэр е Клеант зыцIэр ары.

18:2 Клаудый – еплъ 11:28. Исус къызэхъу нэужым я 49–рэ илъэсым ыдэжь Клаудый джуртхэр Рим къэлэшхом къыдифыгъэх.

хэу унашъо афишIыгъагъ. Паул Акилэрэ Прискиллэрэ
адэжь кIуагъэ. [3] Ясэнэхьэтхэр зэфэдэу зэрэщытым пае,
Паул ахэмэ адэжь щыIэу адэлажьэщтыгъ. Ахэмэ ясэнэхьэт
чэтэгъэIэгъэшIыныр арыгъэ. [4] Шэмбэт мафэ къэсми Паул
къыIохэрэр джуртхэмрэ урымхэмрэ ашIошъ ыгъэхъуным
ыуж итэу, синэгогум щянэкъокъущтыгъ.

[5] Силэрэ Тимофейрэ Македоние хэкум къызекIыхэм,
Паул ыгу етыгъэу Тхьэм игущыIэхэр цIыфмэ ариIотэнхэм
пылъзэ, Исус зэрэ–Христосыр* джуртмэ апашъхьэ къыщи-
ушыхьатэу щытыгъ. [6] Ау джуртхэр Паул пэуцужьхи
зехъонхэм, ищыгъынхэр ахэмэ апашъхьэ щиутхыпкIыхи,
мырэущтэу ариIуагъ:

–Шъо шъулъы шъо шъушъхьэ къытерэфэжь! Сэ
лажьэ зи сиIэп. Джы щегъэжьагъэу хымэ лъэпкъхэм
зафэзгъэзэшт.

[7] Арэущтэу Паул синэгогум къычIэкIыжьи, Тхьэр зы-
гъэлъапIэрэ лIы горэу Иуст иунэ кIуагъэ. Ащ иунэ синэ-
гогум бгъодэтыгъ. [8] Синэгогум ипащэу Крисп, иунагъо
зэкIэ игъусэу, ЗиусхьанымкIэ шIошъхъуныгъэ иIэ хъугъэ.
Коринф къалэм дэсхэу Паул едэIухэрэм ащыщхэу цIыфы-
бэми шIошъхъуныгъэ яIэ хъуи зыра-
гъэумэхъыгъ.

[9] Зы чэщ горэм Зиусхьаныр Паул къыфэлъагъуи
къыриIуагъ:

–Умыщын, зымыушъэфэу, къэгущыIэ зэпыт, [10] сыда
пIомэ сэ сыуигъусэщт. О лые къыуихынэу зыми ыIэ
къыбнэсыщтэп. Сэ сицIыфхэм ащыщхэу бэ мы къалэм
дэсых.

[11] Арэущтэу Паул цIыфхэм Тхьэм игущыIэхэр аригъа-
шIэхэзэ, зы илъэсырэ ныкъорэ а къалэм дэсыгъ.

[12] Галлион* Ахаие хэкум иIэшъхьэтетэу хъу зэхъум,
джуртхэр зэгъусэ хъухи, Паул тебанэхи, хьыкумышIэм
ыпашъхьэ ращагъ.

[13] –Хабзэм иунашъо темытэу Тхьэр агъэлъэпIэнэу мы
лIым цIыфхэм арегъашIэ,– къаIуагъ ахэмэ.

---

18:5 Христос –, еплъ 2:30.

18:12 Галлион – Исус къызэхъу нэужым я 51–рэ илъэсым Галлион Рим (Рум) къэралыгъошхом щыщ Ахаие хэкум иIэшъхьэтетэу хъунэу агъэнэфагъ. Ахаие хэкур джырэ Грецием (Иунанистаным) икъыблэ Iахьэу щытыгъ. Коринф а хэкум икъэлэшхоу щытыгъ.

[14] Паул къэгущыIэнэу къызщыригъэжьэщтым, Галлион джуртхэм ариIуагъ:

–Шъо джуртхэр, мы лIым мыхъун горэ е бзэджагъэ горэ ышIагъэмэ, сэ сигуапэу сышъодэIущтыгъ. [15] Ау джы гущыIэхэмкIи, цIэхэмкIи, шъо шъуи Тэурат хабзэкIи шъузэрэзэнэкъокъурэм пае, шъор–шъорэу мы Iофым шъухаплъ. Сэ мы Iофым хьыкум тесшIыхьанэу сыфаеп.

[16] Ащ нэужым Галлион ахэр хьыкумышI унэм къычIигъэкIыжьыгъэх. [17] ЕтIанэ ахэмэ зэкIэ синэгогум ипащэу Сосфен аубыти, хьыкумышIы унэм ипчъэIупэ щеуагъэх. Ау Галлион ащ ыгъэгумэкIыгъэп.

**Паул Сирие хэкум щыщ Антиохие къалэм зэригъэзэжьыгъэр**

[18] Паул Коринф къалэм мэфэ пчъагъэр зыдэсым ыуж, ышыхэм аIапэ ыубытыжьи, Прискиллэрэ Акилэрэ игъусэхэу, Сирие хэкум кIонэу къухьэ горэм итIысхьагъ. Кенхрей къалэм* Паул ышъхьэ джашъоу щаригъэупсыгъ; сыда пIомэ тхьэрыIуагъэ ышIыгъагъэти ары*. [19] Ефес къалэм къызынэсхэм, Паул Прискиллэрэ Акилэрэ къыгъанэхи, синэгогум чIахьи, джуртхэм щянэкъокъугъ.
[20] Паул ахэмэ адэжь нахь баIорэ щыIэнэу къызелъэIухэм, ыдагъэп. [21] Ау ежьэжьынэу аIапэ зеубытыжьым, ыIуагъ:

–КъэкIощт мэфэкI мэфэшхом Ерусалим сыщыIэн фае, ау Тхьэм ыIомэ, шъуадэжь къэзгъэзэжьыщт.

ЕтIанэ Ефес къалэм къухьэкIэ щежьэжьыгъ.

[22] Кесарие къалэм зынэсым, Ерусалим дэкIоягъ. Чылыс зэIукIэм щыщхэм шIуфэс арихи, етIанэ Антиохие къалэм ехыгъ. [23] Зы тIэкIурэ Антиохием зыдэс нэужым, Паул гъогум техьажьи, ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ пстэуми агухэр ыгъэпытэхэзэ, зэкIэлъыкIоу Галатиерэ Фригиерэ яхэку къыкIухьагъ.

---

18:18 Кенхрей къалэр – Коринф къалэм епхыгъэу, къухьэуцупIэ иIэу, хыIушъом Iутыгъ.

18:18 тхьэIуагъэ ышIыгъагъэти ары – тхьэIуагъэ горэ зэрагъэцэкIагъэм инэшанэ фэдэу джуртхэм ашъхьэ джашъоу аупсы хабзэу яIагъ.

### Аполлос Тхьэм игущыIэхэр Ефес къалэм зэрэщигъэIущтыгъэхэр

[24] А мафэхэм Александрие къалэм щыщэу, Аполлос зыцIэу джурт горэ Ефес къэкIуагъ. Ар жашIоу щытыгъ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэмкIи шIэныгъэшхо
иIагъ. [25] Зиусхьаным игъогу икъэбар ежьыр рагъэшIагъэу
щытыгъ. Ыпсэ етыгъэу къэгущыIэзэ, шъыпкъагъэм тетэу Исус икъэбар цIыфхэм аригъашIэщтыгъ. Ау щытми, умэхъыныгъэу Иуан зытегущыIэщтыгъэм нэмыкI* умэхъыныгъэр зэрэщыIэр ышIэщтыгъэп. [26] Ар
гушхоныгъэкIэ синэгогум къыщыгущыIэу ригъэжьагъ. Прискиллэрэ Акилэрэ Аполлос къэгущыIэу зызэхахым, ар яунэ къащи, Зиусхьаным игъогу икъэбар нахь дэгъоу къыгурагъэIуагъ.
[27] Аполлос Ахаие хэкум кIонэу гухэлъ зешIым, ышыхэм а къалэм дэс шIошъхъуныгъэ зиIэхэм тхылъ афатхыгъ, «Аполлос къызыкIокIэ ежъугъэблагъ», аIозэ. Аполлос ащ дэжьым зынэсым, Тхьэм ынэшIу къызэращифагъэм пае, шIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъэхэм инэу адэIэпыIэщтыгъ. [28] Сыда пIомэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт-
хэмкIэ Исус зэрэ–Христосыр къафигъэшъыпкъэжьызэ, гущыIэ лъэшхэмкIэ цIыфхэм апашъхьэ джуртхэм щатекIуагъ.

## ЯПШIЫКIУБГЪОНЭРЭШЪХЬ

### Паул Тхьэм игущыIэхэр Ефес къалэм зэрэщигъэIущтыгъэхэр

Аполлос Коринф къалэм щыIэ зэхъум, Паул ыпшъэрэ хэкухэм акIоцIырыкIи, Ефес къалэм* нэсыгъ. Ащ дэжьым ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ нэбгырэ куп къыщигъотхи, мырэущтэу яупчIыгъ:
[2] –ШIошъхъуныгъэ шъуиIэ зэхъум, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ шъугухэм арылъ хъугъа?

---

18:25 умэхъыныгъэу Иуан зытегущыIэщтыгъэм нэмыкI – Аполлос Христианхэм цIыфхэр зыкIаумэхъыхэрэр ышIэщтыгъэп. Еплъ 19:2–5.

19:1 Ефес къалэр – Асие хэкоу Рим (Рум) къэралыгъошхом щыщым икъэлэшхоу щытыгъ.

–Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ щыIэуи тэ зэхэтхыгъэп,– къыра-
Iожьыгъ ахэмэ.
3 –Умэхъыныгъэу* шъузэраумэхъыгъэм къикIырэр сы-
да?– яупчIыгъ Паул.
–Умэхъыныгъэу Иуан зытегущыIэщтыгъэр ары,– къа-
Iожьыгъ ахэмэ.
4 –Иуан зипсэкIодхэм афыкIэгъожьыгъэхэр ыумэхъы-
щтыгъэх,– къыIуагъ Паул. –Иуан ежь ыужкIэ къэ-
кIощтымкIэ, Христос Исус ары, цIыфхэм шIошъхъу-
ныгъэ яIэн фаеу ариIуагъ.
5 Ар зызэхахым, Зиусхьанэу Исус ыцIэкIэ зарагъэ-
умэхъыгъ. 6 Паул ыIэхэр затрелъхьэм, Тхьэм Ыпсэ Лъа-
пIэ къафехи, амышIэрэ бзэхэмкIэ къэгущыIагъэх. Тхьэм
ежь игущыIэхэри ахэмэ агухэм къарилъхьэхэу ахэр къари-
гъэIуагъэх. 7 Ахэр нэбгырэ пшIыкIутIум фэдиз хъущты-
гъэх.
8 ЕтIанэ Паул синэгогум чIахьэти, цIыфхэм гушхо-
ныгъэкIэ янэкъокъузэ, ашIошъ ыгъэхъухэзэ, Тхьэм
и Тетыгъошхо* икъэбар мэзищэ ариIуатэщтыгъ. 9 Ау зы
куп къаигъагъэкIэ зекIуагъэ, цIыфхэм апашъхьэ Зиус-
хьаным игъогу IэягъэкIэ щытегущыIэу, шIошъхъуныгъэ
иIэ хъунэу ыдагъэп. Джащыгъум Паул ахэмэ къахэкIы-
жьи, ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр къахищыжьыгъэх,
мафэ къэси Тиранн иеджапIэ Тхьэм игущыIэхэр щи-
гъэIущтыгъэх. 10 Асие хэкум ис урымхэри джуртхэри
зэкIэ Зиусхьанэу Исус ехьылIэгъэ къэбарышIум ригъэ-
дэIухэзэ, Паул илъэситIо ыукъудыигъ.

## Скевэ ыкъохэм джынапцIэхэр цIыфхэм ахафышъухэмэ еплъыхэу зэрэщытыгъэхэр

11 Тхьэм Паул Iофышхо гъэшIэгъон дэдэхэр ышIэнхэу
ригъэлъэкIыщтыгъ. 12 Паул ыкIышъо нэсыгъэ Iэплъэ-
кIхэри кIыIутелъхэри сымаджэхэм атралъхьащтыгъэх.
ЗатралъхьахэкIэ, ахэр хъужьыщтыгъэх, ахэми ахэс джы-
напцIэхэри ахэкIыжьыщтыгъэх.
13 Ау джурт купэу цIыфхэм джынапцIэхэр ахэзыфыхэу

---

19:3 умэхъыныр – еплъ 1:5.

19:8 Тхьэм и Тетыгъошхо – еплъ 1:3.

къэзыкIухьэщтыгъэхэм Исус ыцIэ къаIозэ, джынапцIэхэр цIыфхэм ахафышъухэмэ еплъыщтыгъэх.

–Исусэу зикъэбар Паул къыгъэIурэм ыцIэкIэ мы цIыфым шъухэкIынэу унашъо къышъуфэсэшIы,– аIощтыгъ ахэмэ.

14 Джурт дин пэщэшхоу Скевэ ыкъуибли арэущтэу ашIыщтыгъ.

15 –Исус сэшIэ, Паул икъэбари зэхэсхыгъ, ау шъо
хэт шъущыщ? – пэгъокI аритыжьыгъ джынэпцIэ Iаем.
16 ЕтIанэ джынапцIэр зыхэс цIыфыр атебани, зэкIэми
атекIуагъ. Ахэмэ лыешхо зэрарихыгъэм пае, пцIанэхэу,
уIагъэхэу унэм ичъыжьыгъэх.

17 Мы къэбарыр Ефес дэс урымхэми джуртхэми зызэ-
хахым, зэкIэри щынэгъошхом хэфагъэх. Арэущтэу Зиус-
хьанэу Исус ыцIэ щытхъу фашIыщтыгъ. 18 ШIошъхъу-
ныгъэ зиIэ хъугъэхэм ащыщхэу бэ къакIохи, бзэджа-
гъэхэу ашIагъэхэр цIыфмэ зэхахызэ Тхьэм ыпашъхьэ
ралъхьагъэх. 19 Ушхъухьаныгъэм пылъ цIыф Iаджыми
ятхылъхэр къаугъоихи, цIыф пстэуми апашъхьэ щагъэ-
стыгъэх. А тхылъхэм ауасэхэр залъытэхэм, ты-
жьын ахъщэ* мин шъэныкъо хъугъэ. 20 Арэущтэу Зиу-
схьаным игущыIэхэр цIыф нахьыбэхэм анэсхэу, инэу
зыщаубгъущтыгъ.

## Ефес къалэм дэсхэм бырсырышхо зэрашIыгъэр

21 Мы Iофхэр зэкIэ къызэхъухэ ужым, Паул хэкухэу
Македониерэ* Ахаиерэ* акIоцIырыкIынышъ, Ерусалим
кIонэу ыгу риубытагъ.

–Ерусалим сызыкIорэ ужым, Рим къэлэшхоми сыкIон
фае,– ыIуагъ. 22 Паул иIэпыIэгъухэм ащыщхэу нэбгы-
ритIоу Тимофейрэ Ерастрэ Македоние хэкум кIонхэу
ыпэ ыгъэкIуагъэх. Ежьыр Асие хэкум зы тIэкIукIэ къэ-
нагъ.

23 А мафэхэм Зиусхьаным игъогу пае бырсырышхо
къэхъугъ; 24 сыда пIомэ Димитрый ыцIэу, зы тыжьынашIэ

---

19:19 тыжьын ахъщэ – зы тыжьын ахъщэр а уахътэм лэжьакIом имэфапкIэщтыгъ.

19:21 Македоние хэкур – еплъ 16:9.

19:21 Ахаие хэкур – еплъ 18:12.

горэ а къалэм дэсыгъ. Артемидэ* зыфаIорэ тхьэ нэпцI
бзылъфыгъэ горэм итхьэлъэIупIэ унэ цIыкIужьыехэу
тыжьыным къыхэшIыкIыгъэхэр ышIыхэзэ, тыжьынашIэмэ
федабэ а Димитрый къафихьыщтыгъэ. [25] Димитрый а
тыжьынашIэхэри ащ фэдэ IэшIагъэ Iоф зиIэхэри ыугъои-
хи мырэущтэу къыIуагъ:

–ЛIы куп, мы Iофым тибаиныгъэ къызэрэхэкIырэр
шъошIэ. [26] Мы Паул Ефес къалэм имызакъоу, Асие нахьы-
бэми, «ЦIыфхэм ашIыгъэ тхьэ шъо теплъэхэр тхьэ шъы-
пкъэхэу щытхэп», ыIозэ, цIыф купышхом ашIошъ ыгъэ-
хъузэ зэригъэгъоп;агъэхэр шъо шъолъэгъу ыкIи
зэхэшъохы. [27] Тэ тиIэшIэгъэ Iофыр цIыфхэм зэрэ-
зэрамыпэсыщтым изакъоу арэп щынагъор, ау Артемидэ
бзылъфыгъэ тхьэшхом итхьэлъэIупIэ унэшхоми пхъатэ
зэрэпамыхьыжьыщтри, Асие хэкуми зэкIэ дунаеми зэкIэ
щыдгъэлъапIэрэ Артемидэ ищытхъушхо зэрэкIодыжьы-
щтри ары щынагъор.

[28] Ар зызэхахым, лIы купышхор лъэшэу губжыхи
къэкуощтыгъэх:

–Ефес къалэм и Артемидэ лъэпIэ дэд.

[29] Бырсырышхо къалэм къыщыхъугъ. Македонием
щыщхэу Паул игъогу гъусэхэу Гайрэ Аристархрэ
аубытхи, зыдащэхэзэ, зэкIэ зэхэтхэу зэIукIапIэм илъэ-
дагъэх. [30] Паул цIыфмэ ахэхьанэу фэягъ, ау ИсускIэ
шIошъхъуныгъэ зиIэхэм фадагъэп. [31] Асие хэкум итхьама-
тэхэм ащыщхэу, Паул иблагъэу щытхэм макъэ рагъэIуи,
«ЗэIукIапIэм умыкIу», аIозэ елъэIугъэх.

[32] Джащыгъум зым зы ыIозэ, адрэми нэмыкI ыIозэ,
цIыфхэр зэрэгъэкуощтыгъэх; сыда пIомэ зэIукIэгъэ цIыф-
хэм бырсырышхо къахэхъухьагъэти ары. Нахьыбэми зыкIы-
зэIукIагъэхэр ашIэщтыгъэп. [33] Джуртмэ Александрэ цIыф
купышхом къыхырагъэщыжьи, цIыфхэм апашъхьэ къыра-
гъэуцуагъ. Александрэ ыIэ къыIэти, цIыфхэм апашъхьэ
къыщыгущыIэнэу фэягъ. [34] Ау Александрэ джуртэу зэрэ-
щытыр зашIэм, зы макъэкIэ сыхьэтитIукIэ зэкIэри куощты-
гъэх:

–Ефес къалэм и Артемидэ лъэпIэ дэд.

[35] Аужыпкъэм къалэм итхакIо цIыф купышхор ыгъэ-
самбыри къыIуагъ:

---

19:24 Артемидэ – урымыбзэкIэ Ефес къалэм итхьэ нэпцIым ыцIэ Артемидэ, римыбзэкIи ыцIэр Дианэ арыгъэ.

–Ефес лIыхэр! Бзылъфыгъэ тхьэшхоу Артемидэрэ ащ
ышъо теплъэу уашъом къефэхыгъэмрэ яухъумакIоу
Ефес къалэр зэрэщытыр зымышIэрэ цIыф щыIа? 36 Ефес
къалэр ахэмэ яухъумакIоу зэрэщытым щэч хэлъэпти,
шъо зыжъугъэсамбырынышъ, шъхьэпсынкIэу шъумызе-
кIу. 37 Мы лIыхэр тхьэлъэIупIэ унэшхохэм ямытыгъуагъэ-
хэу, титхьэу бзылъфыгъэм къемыхъоныгъэхэу, шъо
мыщ дэжьым къэшъуцщагъэх. 38 Димитрыйрэ ежь игъусэу
IэшIэгъэ Iоф зиIэхэмрэ цIыф горэм дэон Iоф фыряIэмэ,
Iэшъхьэтетхэр цIыфхэм ядэон Iофхэм зыщахаплъэрэ
мафэхэр щыIэх. Дэон Iоф азыфагу дэлъмэ, зэрэдаох. 39 Ащ
нэмыкIэу зыгорэм шъуфаемэ, къалэм дэсхэм яхасэу
хабзэм тетым а Iофыр зэшIуихын фае. 40 Iофхэу непэ
хъугъэхэм апае, «ЗыкъэшъоIэты», аIоу, Рим тетыгъо
зиIэхэм тагъэмысэнэу щынагъо щыI. Сыда пIомэ мы
бырсырышхор зэрэтшIыгъэм пае, къытфагъэгъунэу
ушъхьагъу тшIынэу зи тиIэп.

А гущыIэхэр къызеIохэ ужым, цIыфхэр зэбгыригъэ-
кIыжьыгъэх.

## ЯТIОКIЭНЭРЭШЪХЬ

### Паул Македоние хэкумрэ Греције хэгъэгумрэ зэрэкIуагъэр

Бырсырышхор зэуцужьым, Паул ИсускIэ шIошъхъу-
ныгъэ зиIэхэр къаригъащэхи ыгъэгушхуагъэх. ЕтIанэ
аIапэхэр ыубытыжьхи, Македоние хэкум кIонэу гъогум
техьагъ. 2 А лъэныкъохэр къыкIухьэхээ, шIошъхъу-
ныгъэ зиIэхэр гущыIабэкIэ ыгъэгушхохээ, Греције*
нэсыгъ. 3 Ащ дэжьым мэзищэ щыIагъ. Сирием къухьэкIэ
кIонэу фае зэхъум, джуртхэм гъэбылъыгъэкIэ аукIынэу
агу зэрэхэлъым пае, Македонием игъогукIэ ыгъэзэжьы-
нэу тыриубытагъ. 4 Мы лIыхэр Паул игъусагъэх: Верие
къалэм щыщэу Пирр ыкъо Сосипатер; Фессалоникэ къа-
лэм щыщхэу Аристархрэ Секундрэ; Дервие къалэм щыщэу
Гай; етIанэ Тимофей; етIанэ Асие хэкум щыщхэу Тихик-
рэ Трофимрэ. 5 Ахэр тэ* тапэ итхэу кIохи, Троадэ

---

20:2 Греције – Иунанистан ары.

20:5 тэ – мыщ дэжьым (еплъ 16:10) мы тхылъыр зытхыгъэр Паул игъусэу щыт, Рим (Рум) къэлэшхоми дэкIо. Еплъ 28:16.

къалэм къыщытпэплъагъэх. 6 Ау Хьалыгъу Мыгъэтэдж
зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхохэр зыблэкIыхэ* нэужым,
Филиппи къалэм къухьэкIэ тыщежьагъ. Троадэ къалэм
адрэмэ адэжь мэфитфыкIэ тынэсыгъ. Ащ дэжьыми мэфиблэ
тыщыIагъ.

## Троадэ къалэм Паул лIагъэхэм Евтих къызэрахигъэтэджыкIыжьыгъэр

7 Тхьамафэм иапэрэ мафэм хьалыгъу зэготчынэу* тызэ-
рэугъоигъ. Паул ятIонэрэ мафэм гъогум техьанэу ыгукIэ
риубытагъэу, шIошъхъуныгъэ зиIэхэм Тхьэм игущыIэхэр
ариIохэзэ, чэщныкъом нэсыфэ гущыIэныр ыукъудыигъ.
8 Тэ тызыщызэрэугъоирэ унэ Iэтыгъэм остыгъэ бэу къы-
щыблэщтыгъэх. 9 Евтих зыцIэу зы кIалэ горэ шъхьангъу-
пчъэм Iусэу, Паул гущыIэныр ымыухы зэхъум, куоу хэ-
чъыягъ. Хэчъыягъэти, щэу зэтет унэм къефэхи, укIыгъэу
къаштэжьыгъ. 10 Паул ехи, кIалэм зытыридзи, IаплI ри-
щэкIи къыIуагъ:

–Шъумыгумэк1. ЫIпсэ хэт!

11 Паул етIанэ къыдэкIоежьи, хьалыгъур зэгуичи, адрэ-
хэм ягъусэу ышхыгъ. Нэф ошъыфэ, ахэмэ бэрэ адэгу-
щыIи, гъогум техьагъ. 12 Агухэр инэу къаIэтыгъэу, кIалэр
ядэжь псаоу къащэжьыгъ.

## Паул Троадэ къалэм дэкIи, Милит къалэм зэрэкIуагъэр

13 Тэ ыпэкIэ къухьэм текIуалIи, титIысхьи, Асс къалэу
Паул зыщидгъэтIысхьащтым тежьагъ. Паул а къалэм
нэсы лъэсэу кIонэу ыгу хэлъти, Iофыр арэущтэу ыгъэ-
псыгъагъ. 14 ЕтIанэ Асс къалэм къызыщытIокIэжьым,
Паул къухьэм къидгъэтIысхьи, Митилинэ къалэм ты-
кIуагъ. 15 А къалэм тыщежьи, ятIонэрэ мафэм Хиос
хыгъэхъунэм фэзанкIэу тыуцугъ. Ыужырэ мафэм Самос
хыгъэхъунэм тыкIуагъ. Трогиллие къалэм тыщыуцуи,

---

20:6 Хьалыгъу Мыгъэтэдж зыщашхырэ мэфэкI мэфэшхо мафэхэр – еплъ 12:3.

20:7 хьалыгъу зэготчынэу – еплъ 2:42.

ыужырэ мафэм Милит къалэм тынэсыгъ.[16] Асие хэкум
уахътэр щимыгъэкIодыным пае, Паул Ефес къалэм
къыщымыуцоу, блэкIынэу тыриубытэгъагъ. Сыда пIомэ
амал иIэмэ, Пэнтэкост зыщIэ мэфэкI мэфэшхор* къэсы-
ным ыпэкIэ, Ерусалим нэсынэу гузажъоштыгъ.

## Ефес къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм инахьыжъхэм аужырэ къэбарэу Паул ариIуагъэр

[17] Милит къалэм тызыщэIэм, Паул Ефес щыIэ чылыс
зэIукIэм инахьыжъхэр* къаригъэщагъэх. [18] Ахэр къызэ-
кIохэм, Паул ариIуагъ:

–Апэрэ мафэм щегъэжьагъэу Асие хэкум сыкъызехьэм,
шъуадэжь щызгъэкIогъэ уахътэр зэкIэ сищыIакIэ зыфэ-
дагъэр шъо шъошIэ. [19] Пэгагъэ зи сыгу имылъэу, бэрэ
сыгъызэ, джуртхэм шъэфэу бзэджагъэхэу къысашIэнхэу
агу хэлъыгъэхэмкIэ къиныбэ сагъэщэчызэ, Зиусхьаным
сыфэлажьэщтыгъ. [20] ЗишIуагъэ къышъокIыщт къэбархэр
къышъосIонхэу зыкIи зыщысымыдзыеу, цIыфхэм апашъхьи
шъуиунэхэми къащышъозгъэIугъэх ыкIи къащышъозгъэ-
шIагъэх. [21] Джуртхэри урымхэри япсэкIодхэм афыкIэгъо-
жьынхэшъ, Тхьэм ыдэжь агъэзэжьынэуи, Зиусхьанэу Исус-
кIэ шIошъхъуныгъэ зырягъэIэнэуи афэзгъэпытэзэ язгъэ-
Iущтыгъ.

[22] –Джы къысэхъулIэщтыр сымышIэу, Тхьэм Ыпсэ Лъа-
пIэ седэIузэ, Ерусалим сэкIо. [23] Ау Iэхъу–лъэхъу-
хэри гузэжъогъухэри къызэрэспэIутхэр Тхьэм Ыпсэ Лъа-
пIэ сигъашIэзэ, къэлэ пстэуми къащеушыхьаты. [24] Спсэ
сэркIэ лъапIэу ыкIи уасэ иIэу слъытэрэп, ау Зиус-
хьан Исус Iофэу спшъэ къырилъхьагъэр згъэцэкIэн фаеу
щыт: Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэм ехьылIэгъэ къэбары-
шIур цIыфхэм язгъэIуныр ары.

[25] –Тхьэм и Тетыгъошхо* ехьылIэгъэ къэбарыр шъо-
згъэIузэ, шъо зэкIэми шъуадэжь къыщыскIухьэщтыгъ.
Шъуащыщэу зыми сынапэ зэримылъэгъужьыщтыр сэшIэ.
[26] Арышъ, зы цIыф ылъ спшъэ къызэрэдэмыфэщтыр
непэ шъыпкъэу къышъосэIо; [27] сыда пIомэ Тхьэр зыфэе

---

20:16 Пэнтэкост зыщIэ мэфэкI мэфэшхор – еплъ 2:1.

20:17 нахьыжъхэр – еплъ 11:30.

20:25 Тхьэм и Тетыгъошхо – еплъ 1:3.

пстэури шъозгъэIуным зыщыздзыягъэп. [28] Шъо шъузфэ-
сакъыжьи, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ шъо ухъумакIоу шъузы-
фигъэуцугъэ цIыф купым шъуфэсакъ. Мэлахъом мэлхэм
ынаIэ зэратригъэтырэм фэдэу, Зиусхьанми Тхьэми ячы-
лыс зэIукIэм щыщхэу, Исус илъыуасэкIэ къыщэфы-
гъэхэм шъунаIэ атежъугъэт. [29] Сыда пIомэ сэ дунаем
сызехыжьым ыуж, Iэхъогъум шъхьамысыщт тыгъужъ
мэхъаджэхэр къызэрэшъухэхьащтхэр сэ сэшIэ. [30] Шъо
ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэми цIыфхэр къышъухэ-
кIыщтых, зигъогу пхэнджы шъутезыгъэхьаным пае,
шъыпкъагъэр зэзыхъокIыным пылъхэр. [31] Арышъ, шъу-
мычъыеу шъусакъ! Сынэпс къехызэ, илъэсищым чэщи
мафи зэпымыоу шъуащыщэу хэти зэрэгурызгъэIуагъэр
зыщышъумыгъэгъупш.

[32] –Джы Тхьэми ынэшIу щыфэныгъэм ехьылIэгъэ гу-
щыIэхэми шъуафэсэгъазэ. А гущыIэхэм гурэ псэрэкIэ
кIуачIэ шъуагъэгъотын алъэкIы, Тхьэм ицIыфхэу ежьым
зыкъезытыгъэ пстэуми шъурягъусэу Iэхьышlу къышъу-
лъагъэIэсыни алъэкIы. [33] Зы цIыфым итыжьыни, идышъи,
ищыгъыни сянэцIыгъэп. [34] Сигъусэхэмрэ сэррэ тищыкIагъэ-
хэр сэ сIэхэмкIэ къызэрэзгъэхъагъэр шъо шъошIэ. [35] Мы-
рэущтэу тыулэузэ, лъэкIыныгъэ зимыIэхэм тадэIэпыIэн
зэрэфаер лъэныкъо пстэумкIи шъозгъэлъэгъугъэ. Ежь
Зиусхьан Исус гущыIэхэу къыIуагъэхэр зыщыдгъэгъупшэ-
жьынхэ фаеп: «КъыпIэкIэхьаным нахьи птыныр нахь сы-
хьатмаф».

[36] А гущыIэхэр къызеIохэ ужым, Паул лъэгонджэ-
мышъхьэкIэ тIыси, ахэмэ зэкIэм ягъусэу Тхьэм елъэIугъ.
[37] ЗэкIэри инэу гъыгъэх, Паул IаплIи ращэкIи ебэугъэх.
[38] Анахьыбэу агу къеуагъэр Паул ынапэ егъашIэми зэра-
мылъэгъужьыщтыр къызэриIуагъэр ары. ЕтIанэ къухьэм
нэс Паул дэкIотагъэх.

## ЯТIОКIЫРЭ ЗЫНЭРЭШЪХЬ

### Паул Ерусалим зэрэкIуагъэр

Ахэмэ тыкъызахэкIыжьым, къухьэмкIэ тежьи, занкIэу
Кос къалэм тыкIуагъ. ЯтIонэрэ мафэм Родос къалэм
тыкIуи, ащ тыщежьи, Патарэ къалэм тынэсыгъ. [2] Фи-

никие хэкум кIорэ къухьэ горэ къэдгъоти, титIысхьи,
тежьагъ. [3] Кипр хыгъэхъунэр къызэлъагъом, къухьэм
исэмэгубгъукIэ ар къэдгъанэзэ, Сирие хэкум тыкIуи,
Тир къалэм къухьэр щеуцолIагъ, сыда пIомэ а къалэм
къухьэр щаунэкIын фэягъ. [4] ИсускIэ шIошъхъуныгъэ
зиIэхэр а къалэм къыщыдгъотхи, мэфиблэ ахэмэ адэжь
тыкъэнагъ. Тхьэм ЫпсэЛъапIэ ахэмэ зэхаригъэшIы-
кIыгъэу, Ерусалим мыкIонэу Паул къыраIуагъ. [5] Ау а
къалэм тызэрэщыIэн фэе уахътэр зытешIэм, ащ тыдэ-
кIи, тигъогу тытехьажьыгъ. ШIошъхъуныгъэ зиIэхэр
зэкIэ, бзылъфыгъэхэри сабыйхэри ягъусэхэу, къалэм
къыддыдэкIыгъэх. ЕтIанэ хыIушъом лъэгонджэмышъ-
хьэкIэ тыщытIыси, Тхьэм телъэIугъ. [6] Зым адрэм ыIапэ
ыубытыжьи, къухьэм титIысхьажьыгъ, ахэми ядэжь агъэ-
зэжьыгъ.

[7] ЕтIанэ Тир къалэм тыщежьи, къухьэкIэ кIоныр
тыухызэ, Птолемаидэ къалэм тынэсыгъ. Ащ дэжьым
тшыхэм шIуфэс щятхи, зы мафэ ахэмэ адэжь тыщы-
Iагъ. [8] ЯтIонэрэ мафэм ащ тыдэкIыжьи, Кесарие
къалэм тыкIуагъ. А къалэм Филипп зыщIэу, Тхьэм
игущыIэхэр зыгъэIурэм иунэ тихьи, ащ ыдэжь тыкъэ-
нагъ. Ар нэбгыриблым* ащыщыгъ. [9] А Филипп дэмы-
кIуагъэхэу пхъуиплI иIагъ. Тхьэм ежь игущыIэхэр ахэмэ
агухэм къарилъхьахэу къаригъаIощтыгъэх.

[10] Мэфэ заулэрэ ащ дэжь тызыщэIэм, Агав* зыщIэу
зы пегъымбар горэ Иудей хэкум къикIи къэкIуагъ.
[11] Тадэжь къакIуи, Паул ибгырыпх къышти, ежь ыIэ-
хэри ылъакъохэри зэтырипхэхи къыIуагъ:

–Тхьэм ЫпсэЛъапIэ мырэущтэу къеIо: «джурт-
хэм мы бгырыпхыр зиер Ерусалим щызэтырапхэнышъ,
хымэ лъэпкъхэм* аIэкIалъхьащт».

[12] А гущыIэхэр зызэхэтэххэм, тэри а чIыпIэм щыпсэ-
урэ тшыхэри Ерусалим мыкIонэу Паул телъэIугъ.
[13] Джащыгъум Паул пэгъокI къытыжьыгъ:

–Сыда шъуушIэрэр? Шъугъызэ, сыда сыгу къызкIежъу-
гъаорэр? Си Зиусхьан Исус ыцIэ пае Ерусалим сыщы-
рапхыщтми, сыщылIэщтми сыфэхьазыр.

---

21:8 нэбгыриблыр – еплъ 6:1–6.

21:10 Агав – еплъ 11:28.

21:11 хымэ лъэпкъхэр – мыщ дэжьым ащ къикIырэр Рим (Рум) цIыфхэу тетыгъо зиIэхэр ары.

14 Паул къэдгъэнэнэу зытэмылъэкIым, «Тхьэм ыIуагъэр
орэхъу», тIуи зытыушъэфыгъ.
15 А мафэхэм ауж зыдгъэхьазыри, Ерусалим тыкIуагъ.
16 Кесарием щыщхэу, ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ цIыф
заулэ тигъусагъэх. Ахэмэ Мнасон зыцIэм иунэу тызыщы-
псэущтым тащагъ, Мнасон Кипр хыгъэхъунэм щыщыгъ,
ежьыри апэ дэдэу ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъэ-
хэм ащыщыгъ.

## Паул Якъубэ ыдэжь зэрэкIуагъэр

17 Ерусалим тызынэсым, тшыхэм ягуапэу тырагъэблэ-
гъагъ. 18 ЯтIонэрэ мафэм Паул тигъусэу Якъубэ*
ыдэжь тыкIуагъ. Нахьыжъхэр зэкIэ ащ дэжьым щы-
Iагъэх. 19 Паул ахэмэ шIуфэс арихи, иIофкIэ Тхьэм
хымэ лъэпкъхэм адэжь Iофхэу щишIагъэхэр зырызхэу
афиIотэжьыгъэх.
20 Паул ахэр къыIуатэхэу зызэхахым, ахэмэ Тхьэм
щытхъу фашIыгъ. ЕтIанэ Паул къыраIуагъ:
–О тшы, джуртхэм ащыщхэу мин пчъагъэхэм шIошъ-
хъуныгъэ яIэ зэрэхъугъэри, Мусэ и Тэурат хабзэ яшъы-
пкъэу зэрэпылъхэри олъэгъу. 21 Ясабыйхэр сунэт амы-
шIынхэуи яхабзэхэм атемытынхэуи пIоу, джуртхэу хымэ
лъэпкъхэм ахэсхэри зэкIэ пегъымбар Мусэ игъогу те-
кIынхэу о ябгъашIэу аIозэ цIыфхэм зэрахьэрэ къэбар
пхэнджыр а шIошъхъуныгъэ зиIэхэм зэхахыгъ. 22 Сыда
тшIэщтыр? ЦIыфхэр къэзэрэугъоищтых; сыда пIомэ
о укъызэрэкIуагъэр зэхахыщт. 23 Арышъ, тэ къызэрэ-
уатIорэм фэдэу зекIо. ТхьарыIо зышIыгъэ нэбгыриплI
тиI. 24 Ахэр зыдащэхи, ягъусэу Тэурат хабзэм иуна-
шъо тетэу зыгъэкъэбзэжьи, ашъхьэхэр ябгъэупсынхэм
пае* ахъщэ ят. Ар залъэгъукIэ, о къыохьылIагъэу
зэхахыгъэ къэбархэр шъыпкъэхэу зэрэщымытхэри, ор–
орэу Тэурат хабзэм утетэу, Тэурат хабзэм итхэр зэрэ-
бгъэцакIэхэрэри цIыф пстэуми ашIэщт. 25 Ау хымэ
лъэпкъхэм ащыщхэу ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ хъу-
гъэхэм тэ зэдэтштэгъэ Iофыр тхылъкIэ* зэрядгъэшIа-

---

21:18 Якъубэ – еплъ 12:17.

21:24 ашъхьэхэр ябгъэупсынхэм пае – еплъ 18:18.

21:25 тхылъкIэ – еплъ 15:23–29.

гъэм фэдэу, цIыфхэм тхьэ нэпцIхэм афашIыгъэ къурмэныпхъэм ыл, лъым, атхьалэгъэ псэушъхьэхэм ал, зинэ шIэным защадзыен фае.

[26] ЯтIонэрэ мафэм Паул а лIыхэр зыдищэхи, ягъусэу зигъэкъэбзэжьыгъ. ЕтIанэ Тхьэм иунэшхо чIахьи, ежьымрэ а лIыхэмрэ зызыщагъэкъэбзэжьырэ мафэхэр заухыщтри, якъурмэн зырыз дин пащэм зырагъэшIыщт мафэри дин пащэхэм ариIуагъ.

**Джуртхэр Тхьэм иунэшхо Паул зэрэщытебэнагъэхэр**

[27] А мэфиблыр зыщыблэкIыным, Асие хэкум щыщэу джурт заулэмэ Тхьэм иунэшхо Паул щалъэгъугъ. ЦIыф
купышхор зэкIэ зэкIагъэплъыхьи, Паул аубыти, [28] мырэущтэу кууагъэ:

–Шъо Израил лIыхэр шъукъыддэIэпыI! Тэ тлъэпкъыми, ти Тэурат хабзэми, мы чIыпIэ лъапIэми къапэуцунхэу тыдэкIи цIыфхэм зэкIэ щязыгъашIэрэ лIыр мыр ары. Ащ нэмыкIэу урымхэри Тхьэм иунэшхо чIигъахьэхэзэ*, мы чIыпIэ лъапIэр ыуцIэпIыгъ.

[29] Арэущтэу зыкIаIуагъэр ыпэкIэ Ефес къалэм щыщ Трофим Паул игъусэу къалэм щалъэгъугъагъэти ары. Паул ар чIэмыхьапхъэу Тхьэм иунэшхо чIигъэхьагъэу ашIошIыгъ.

[30] Къалэм дэс цIыф пстэури къэтэджхи, зэхэлъэдагъэх. Паул аубыти, Тхьэм иунэшхо къычIащыжьыгъ. Ардэдэми пчъэхэр агъэпытагъэх.
[31] Паул аукIынэу зыпэхьэхэм, Ерусалим зэкIэ зэрэзэIыхьагъэм икъэбар Рим дзэ пэщэшхом ыдэжь нэсыгъ.
[32] Дзэ пэщэшхом ардэдэм дзэлIхэри, дзэ пащэхэри зыдищэхи, цIыфхэм ахэлъэдагъ. ЦIыфхэм дзэ пэщэшхори дзэлIхэри залъэгъухэм, Паул еонхэм ыуж икIыжьыгъэх.

[33] Джащыгъум дзэ пэщэшхор къыIухьи, Паул дзэлIхэм аригъэубыти, гъучI IэхъуитIу тыралъхьанэу унашъо афишIыгъ. ЕтIанэ яупчIыгъ:

–Мыр хэта? Сыда ышIагъэр?

[34] ЦIыф купышхом хэтхэм ащыщэу зым зыр ыIозэ, адрэм нэмыкI ыIозэ зэрэгъэкуощтыгъэх. Бырсырышхом къыхэкIыкIэ дзэ пэщэшхом шъыпкъэр зэригъэшIэн

---

21:28 Урымхэр Тхьэм иунэшхо чIигъахьэхэзэ – хымэ горэ Тхьэм иунэшхо чIэт хымэхэм ящагу блэзыщэу, Тхьэм иунэшхо ыкIоцI изыщагъэр аукIын фаеу щытыгъ.

ылъэкIыгъэпти, Паул пытапIэм* дзэлIхэм аригъэщагъ.
[35] ДэкIояпIэм Паул зынэсым, цIыф купышхор къызэрэтебэнагъэхэм пае, дзэлIхэм ар IэкIэ ахьын фае хъугъэ.
[36] ЦIыф купышхом хэтхэу Паул къыкIэлъыкIощтыгъэхэр куощтыгъэх:

–УкIы ар.

## Паул цIыф купышхом хэтхэм апашъхьэ къызэрэщыгущыIагъэр

[37] ДзэлIхэм Паул пытапIэм ащэн фаеу зэхъум, Паул дзэ пэщэшхом риIуагъ:

–Зыгорэ къыосIонэу фит сыкъэпшIына?

–Урымыбзэ ошIа?– къыIожьыгъ ащ.
[38] –Мысырым щыщэу, бэмышIэу цIыфхэм зыкъязыгъэIэтыгъэу, укIэкIо миниплI* шъоф нэкIым изыщагъэр орыба?

[39] –Сэ сыджурт,– къыIожьыгъ Паул, –Киликие хэкум щыщэу, лъытэныгъэ зиIэ Тарс къалэм ицIыфхэм сащыщ. ЦIыфмэ апашъхьэ сыкъыщыгущыIэнэу фит сыкъэшI.

[40] Дзэ пэщэшхом фит къызешIым, Паул дэкIояпIэм теуцуи, ыIэ цIыфхэм афиIэтыгъ. ЗэкIэми зызаушъэфым, Паул джуртыбзэкIэ мырэущтэу къыIуагъ:

# ЯТIОКIЫРЭ ТIУНЭРЭШЪХЬ

–Тэ тшыхэри тятэхэри, зызгъэхыижьынэу къышъосIощтым шъукъедэIу.

[2] Ахэмэ Паул джуртыбзэкIэ адэгущыIэу зызэхахым, нахь заушъэфыгъ. ЕтIанэ Паул къыIуагъ:

[3] –Сэ сыджурт, Киликие хэкум щыщэу Тарс къалэм сыкъыщыхъугъ. Мы къалэу Ерусалим сыщапIугъ. Гамалил зыцIэм* ылъакъохэм адэжь сыщысэу, тятэжъхэм

---

21:34 пытапIэр – Антоние зыцIэ пытапIэр ары. Рим (Рум) дзэр ащ чIэсыгъ.

21:38 хъункIэкIо миниплI – апсэ емыблэжьхэу яхэгъэгу фэлажьэхэу, а хъункIэкIо миниплIым Рим (Рум) къэралыгъошхом щыщхэу а хэгъэгур ашIозыубытыгъэхэм ар къызэратрахыжьыным ыуж итыгъэх. Джурт тхакIо Юсеф зыцIэм зэритхыгъэм фэдэу, Исус къызэхъу нэуж я 54–рэ илъэсым а цIыфхэу яхэгъэгу фэлажьэхэрэм адрэ джуртхэм зыкъарагъэIэтыгъ.

22:3 Гамалил – еплъ 5:34.

я Тэурат хабзэ фэсакъыпэу сигъэшIагъэ. Непэ шъо пстэу-
ри Тхьэм шъузэрэфэлажьэрэм фэдэ къабзэу, сыгуи сыпси
етыгъэу Тхьэм сыфэлажьэ. 4 Зиусхьаным игъогу рыкIо-
хэрэм олIэхэфэкIэ, къин язгъэщэчыщтыгъ. СицIыфхэм
ахэмэ яхъулъфыгъэхэми ябзылъфыгъэхэми Iэхъу атырязгъ-
гъалъхьэти, хьапсым чIязгъадзэщтыгъэх. 5 Ар зэрэшъы-
пкъэр дин пэщэшхоми Тхьэмэтэ Хэсэшхом* щыщ пстэуми
къысфаушыхьатын алъэкIы. Ахэмэ Дамаск дэс джурт тшы-
хэм тхылъхэр афатхыххи къысатыгъэх. ЕтIанэ Дамаск сы-
кIонэу щытыгъ, а гъогум рыкIохэрэм Iэхъухэр ателъхэу
сицIыфхэм Ерусалим къязгъэщэнхэшъ, титхьаматэхэм ахэ-
мэ къин атырязгъэлъхьаным пае.

### Паул Зиусхьанэу Исус игъогу зэрэтехьагъэм икъэбар къызэриIотэжьыгъэр

(Апостол. 9:1–19; 26:12–18)

6 –Дамаск сыкIозэ, къалэм игъунэгъоу сызынэсым,
щэджагъом дэжь ошIэ–дэмышIэу зы нэфынэ уашъом
къехи, сыкъиуцухьагъ. 7 ЧIыгум сытефагъэу, зы макъэ го-
рэм къысиIоу зэхэсхыгъ:

–«Саул, Саул, сыд пае къин сэ сэбгъэщэчырэ?»

8 –«О ухэта, Зиусхьан?» сIуагъэ.

–«Назарет щыщ Исусэу къин зэбгъэщэчырэр сэры»,
къысиIожьыгъ ащ. 9 Сигъусэхэм нэфынэр алъэгъугъ,
ау сэ къыздэгущыIагъэм ымакъэ зэхахыгъэп.

10 –«Сыда сшIэщтыр, Зиусхьан?» сIуагъэ.

–«Къэтэджи, Дамаск кIо», къысиIожьыгъ Зиусхьаным.
«О пшIэнхэу Тхьэм къыпфигъэнэфагъэхэр зэкIэ ащ
дэжьым зыгорэм къыщыуиIощтых». 11 А нэфынэшхом
къыхэкIыкIэ сынэхэм зи амылъэгъужь зэрэхъугъэм
пае, сигъусэхэм сIэ аIыгъэу Дамаск сащагъ.

12 –Ананый зыцIэу, Тэурат хабзэм итхэм арыкIоу,
Тхьэм ищынагъо зыгу илъ лIы горэ Дамаск дэсыгъ.
Джурт пстэуми ащ лъытэныгъэ фыряIэу щытыгъ. 13 Ар
садэжь къакIуи, къызбгъодахьи къысиIуагъ:

–«Сшы Саул, о унэхэр къэплъэжьыщтых», къысиIуагъ.
Ардэдэм сынэхэр къэплъэжьхи, а лIыр сэ слъэгъугъэ.

---

22:5 Тхьэмэтэ Хэсэшхом – еплъ 4:15.

[14] –«Тхьэр зыфаер зэбгъэшIэнэу, Шъыпкъагъэр Зиер
плъэгъунэуи ащ ымакъэ зэхэпхынэуи тятэжъхэм я Тхьэ
укъигъэнэфагъ», къыIуагъ Ананый. [15] «Арышъ, о Iофхэу
плъэгъугъэхэмрэ зэхэпхыгъэхэмрэ цIыфхэм зэкIэ апа-
шъхьэ къыщыпIохэзэ, Шъыпкъагъэр Зием уришыхьа-
тыщт. [16] Джы сыда зызкIэбгъэгужъорэр? Къэтэджи, зысэ-
гъэумэхъи, Зиусхьаным елъэIуи, ащ уипсэкIодхэр угу
рырегъэукъэбзыкIыжьых».

## Зиусхьаным игущыIэхэр хымэ лъэпкъхэм аригъэIунхэу Паул зэригъэкIуагъэр

[17] –ЕтIанэ Ерусалим къэзгъэзэжьи, Тхьэм иунэшхо
сычIахьи, ащ сычIэтэу сызыщелъэIум, зыгорэ къысфэ-
лъэгъуагъ. [18] Исус сэ слъэгъуи, ащ къысиIуагъ:
–«ЗыгъэпсынкIи, шIэхэу Ерусалим дэкI, сыда пIомэ
шыхьатныгъэу къысфэпшIырэр адэщтэп».
[19] –«Зиусхьан», къэсIожьыгъ сэ, «оркIэ шIошъхъуны-
гъэ зиIэхэр сэ сицIыфхэм хьапсым чIязгъадзэхэу зэрэщы-
тыгъэри, синэгогухэм щязгъаохэу зэрэщытыгъэри мы
цIыфхэм ашIэ. [20] О уишыхьатэу Стефан* ылъ къызы-
кIагъэкIым, сэ ащ дэжьым сыщытыгъ. ЗэраукIыгъэри
афэздагъ, зыукIыгъэхэми ящыгъынхэр афэсыухъумагъэх».
[21] –«КIожь», къысиIуагъ Зиусхьаным. «Хымэ лъэпкъ-
хэм адэжь чыжьэу узгъэкIощт».

## Паулрэ Римыдзэ пэщэшхомрэ

[22] Паул мы гущыIэхэр къеIохэфэ нэс, цIыфхэр едэIу-
щтыгъэх. Джащыгъум мэкъэшхокIэ къэзэрэгъэкууагъэх:
–А лIыр дунаем техыжь. Псэунэу фэшъуашэп!
[23] Ахэр къэзэрэгъэкуохэзэ, ящыгъынхэр дадзыехэзэ,
сапэр датэкъуаещтыгъ. [24] Джащыгъум дзэ пэщэшхом
дзэлIхэм Паул пытапIэм аригъэщагъ. ЦIыфхэр Паул
пэуцухэзэ, арэущтэу зыкIэкуохэрэр зэригъэшIэным пае,
къамыщкIэ еохэзэ еупчIынхэу дзэ пэщэшхом дзэлIхэм
унашъо афишIыгъ. [25] КъамыщкIэ Паул еонхэм пае,
шъо кIапсэхэмкIэ зырапхым, Паул ащ дэжьым щыт
дзэ пащэм риIуагъ:

---

22:20 Стефан – еплъ 7:57–60.

–ХьыкумышIэм ыпашъхьэ ишъумыщэу, Рим цIыфхэм* ащыщэу зыгорэм къамыщкIэ шъуеонэу шъуихабзэкIэ хъущта?

[26] Дзэ пащэм ар зызэхехым, дзэ пэщэшхом ыдэжь кIуи, ар ригъэшIагъ.

–Сыда пшIэщтыр? Мы лIыр Рим цIыфхэм ащыщ,– риIуагъ ащ.

[27] Дзэ пэщэшхор Паул къыбгъодахьи къыриIуагъ:

–КъысаIу! О Рим цIыфхэм уащыща?

–Сащыщ,– къыIуагъ Паул.

[28] –Рим цIыфхэм сащыщ хъуным пае, ахъщабэ тезгъэкIодагъ,– къыIуагъ дзэ пэщэшхом.

–Сэ Рим цIыфэу сыкъэхъугъ,– къыIуагъ Паул.

[29] Паул еупчIынхэу щытыгъэхэр занкIэу зэкIэкIожьыгъэх. Дзэ пэщэшхом Паул Рим цIыфхэм зэращыщыр къызешIэм, дзэлIхэм Паул Iэхъу зэрэтраригъэлъхьагъэм пае, щынагъэ.

### Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ Паул зэрэращагъэр

[30] ЯтIонэрэ мафэм джуртхэм Паул зэрагъэмысагъэр дзэ пэщэшхом зэригъэшIэпэнэу фэягъэти, дзэлIхэм Паул къаригъэтIэтэжьи, дин пэщэшхохэри Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщ пстэури зэрэугъоинхэу унашъо ышIыгъ. ЕтIанэ Паул къыщи, апашъхьэ къыригъэуцуагъ.

## ЯТIОКIЫРЭ ЩЫНЭРЭШЪХЬ

Паул Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщхэм ахаплъи ариIуагъ:

–Сшыхэр, сэ непэ нэсы Тхьэм ыпашъхьэ гукъэбзагъэкIэ мыхъун зи зыдэсымышIэжьэу сыщыпсэугъ.

[2] Дин пэщэшхоу Ананый* Паул ыдэжь щытхэм ыжэ
еонхэу ариIуагъ. [3] Джащыгъум Паул ащ риIуагъ:

–Тхьэр къыоожьыщт. Дэпкъэу фыжьэу къэлъэгъоным пае, агъэлагъэм уфэд. Хабзэм тетэу хьыкум къыстепшIыхьанэу ущыс, ау щытми ор–орэу хабзэм утекIэу къысэогъаоха?

---

22:25 Рим цIыфхэр –еплъ 16:37.

23:2 Ананый – Исус къызэхъу нэужым я 47–59 илъэсхэм къакIоцI дин пэщэшхоу щытыгъ.

4 Ащ дэжьым щытхэм Паул къыраIуагъ:
–Тхьэм идин пэщэшхом уехъона?
5 –Сшыхэр, ар зэрэ дин пэщэшхор сшIэщтыгъэп,– къы-
Iуагъ Паул. –Сыда пIомэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм
арыт:* «О плъэпкъ итхьаматэ IэягъэкIэ утегущыIэ хъу-
щтэп».
6 Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщхэм ащыщэу зы куп садду-
кейхэу*, адрэ купыри фарисейхэу* Паул ышIэщтыгъэти,
Тхьэмэтэ Хэсэшхом хэтэу къыIуагъ:
–Сшыхэр, сэ сыфарисей, сяти фарисеу щытыгъ. ЛIа-
гъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэм сызэрэщыгугъырэм пае,
хьыкумышIэм ыпашъхьэ сыращагъ.
7 Арэущтэу къызеIом, фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ зэ-
щыхьанхэу аублагъ, лъэныкъуитIоуи зэрэгъэхъугъэх;
8 сыда пIомэ саддукейхэм «ЛIагъэхэр къэтэджыжьхэрэп,
мэлэIич щыIэп, псэ щыIэп», аIо, ау саддукейхэм афэ-
мыдэхэу фарисейхэм ахэмкIэ зэкIэ шIошъхъуныгъэ яI.
9 Джащыгъум Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщхэр мэкъэшхо-
кIэ къэзэрэгъэкуохи, фарисейхэм ащыщхэу Тэурат егъэ-
джэкIо пэщэ заулэ къэтэджыхи, адрэхэм янэкъокъухэу
къаIуагъ:
–Мы лIым мыхъун горэ етлъэгъулIэрэп. Псэ горэ е
мэлэIич горэ къыдэгущыIэгъэнкIи мэхъу. Тхьэм тыпэ-
рэмыуцу.
10 Лъэшэу зэрэзэщыхьагъэхэм пае, ахэмэ Паул зэпкъы-
ратхъынкIэ дзэ пэщэшхор щыни, Паул ахэмэ къахащы-
нышъ, пытапIэм* ащэнэу дзэлIхэм унашъо афишIыгъ.
11 ЯтIонэрэ чэщым Зиусхьаныр Паул къыфэлъагъуи
къыриIуагъ:
–Угу умыгъэкIоды! Ерусалим шыхьат укъыщызэрэсфэ-
хъугъэм фэдэу, Рим къэлэшхоми шыхьат укъыщысфэ-
хъун фае.

---

23:5 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 22:28.

23:6 саддукейхэр – еплъ 4:1.

23:6 фарисейхэр – еплъ 5:34.

23:10 пытапIэр – еплъ 21:34.

## Паул шъэфэу аукIынэу джуртхэм гухэлъ зэрашIыгъэр

[12] ЯтIонэрэ мафэм ипчэдыжь джурт заулэ зэгурыIуи,
тхьэ аIуагъ:
–Паул тэукIыфэ, тышхэщтэп ыкIи тешъощтэп.
[13] Тхьэ зыIуагъэхэр нэбгырэ тIокIитIум нахьыбэ хъущты-
гъэх. Ахэр дин пэщэшхохэмрэ нахьыжъхэмрэ адэжь кIо-
хи араIуагъ:
[14] –Паул тэукIыфэ, тымышхэнэу тхьэ тIуагъэ. [15] Арышъ,
«Паул иIоф нахь тэрэззэу тыхэплъэным пае, тадэжь
къащэ», шъуелъэIузэ шъоррэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом щыщ-
хэмрэ дзэ пэщэшхом макъэ ежъугъэIу. Паул мыщ дэжьым
къэмысызэ, тыукIынэу тыхьазыр.
[16] Ау Паул ышыпхъу ыкъо ахэмэ ягухэлъ къышIи,
пытапIэм кIуи, Паул а къэбарыр ригъэшIагъ.
[17] Паул дзэ пащэхэм ащыщэу зыгорэм къеджи риIуагъ:
–Дзэ пэщэшхом ыдэжь мы кIалэр щэ. Зыгорэ риIонэу
фай.
[18] Дзэ пащэм кIалэр зыдищи, дзэ пэщэшхом ыдэжь
кIуи риIуагъ:
–ТихьапсчIэсэу Паул зыцIэр къысаджи, мы кIалэм
зыгорэ къыуиIонэу фаешъ, уадэжь къэсщэнэу къысэ-
лъэIугъ.
[19] Дзэ пэщэшхом кIалэм ыIэ ыубыти, зы лъэныкъокIэ
Iуищи еупчIыгъ:
–КъысэпIонэу сыда узыфаер?
[20] –«Паул иIоф нахь тэрэззэу тыхэплъэным пае, неущ
Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ къащэ», аIоу, джуртхэр
къыолъэIунхэу зэгурыIуагъэх,– къыIожьыгъ кIалэм.
[21] –Ау ахэмэ уямыдэIу; сыда пIомэ ахэмэ ащыщхэу нэ-
бгырэ тIокIитIум нахьыбэ хъухэу, Паул аукIыным пае,
шъэфэу пэсых. Ахэмэ ар аукIыфэ, мышхэнхэуи емышъон-
хэуи тхьэ аIуагъ. Загъэхьазырыгъэу уиунашъо паплъэх
ныIэп.
[22] Дзэ пэщэшхом кIалэр ыгъэкIотэжьызэ къыриIуагъ:
–Мыр къызэрэсэпIуагъэр зыми емыIу!

## Паул Іэшъхьэтет Феликс ыдэжь зэращагъэр

23 ЕтІанэ дзэ пэщэшхор дзэ пащэхэм ащыщхэу нэбгы-
ритІу ыдэжь къяджи ариІуагъ:
–ДзэлІ нэбгырэ шъитІу, шыухэу нэбгырэ тІокІищырэ
пшІырэ, пчыхэр зыІыгъ дзэлІхэу нэбгырэ шъитІу
нычэпэ сыхьатыр бгъум Кесарие къалэм* кІонхэу жъу-
гъэхьазырых. 24 Шыхэри Паул фэжъугъэхьазырхи, шы
горэм тежъугъэтІысхьи, Іэшъхьэтет Феликс* ыдэжь
шъущэ.
25 Дзэ пэщэшхом мыщ фэдэ гущыІэхэр зэрыт тхылъыри
ытхыгъ:
26 «Сэ Клаудый Лисый, о лъытэныгъэшхо зиІэ
Іэшъхьэтет Феликс, шІуфэс осэхыжьы.
27 Мы лІыр джуртхэм аубыти, аукІынэу
фежьэгъагъэх, ау сидзэлІхэр сигъусэхэу сыкъакІуи,
къаІэпысхыжьыгъ, сыда пІомэ Рим цІыфхэм
зэращыщыр къэсшІагъэти ары. 28 Зэрагъэмысэрэр
зэзгъэшІэнэу сыфаеу, я Тхьэмэтэ Хэсэшхо
ыпашъхьэ дзэлІхэм къырязгъэщагъ. 29 Ахэмэ
зэрагъэмысэхэрэр яхабзэ епхыгъэхэ нахь, е укІ е
хьапс зифэшъошэ Іоф а лІым зи ымышІагъэу
къызээзгъэшІагъ. 30 Ау джуртхэм мы лІыр
шъэфэу аукІынэу агу зэрэхэлъыр зыгорэм
сигъэшІагъэти, дзэлІхэм уадэжь занкІэу
къязгъэщагъ. Къедаохэрэми зэрагъэмысэрэ Іофхэр
уапашъхьэ къыщаІонхэу макъэ язгъэІугъ.
Отхъэжь!»
31 Арэущтэу яунашъо тетэу дзэлІхэм Паул зыдащи,
чэщым Антипатридэ къалэм* нагъэсыгъ. 32 ДзэлІхэм ятІо-
нэрэ мафэм шыухэм Паул Кесарием ащэнэу къагъанэхи,
ежьхэм пытапІэм агъэзэжьыгъ. 33 Шыухэр Кесарие къа-
лэм зынэсхэм, Іэшъхьэтетым тхылъыр ратыгъ, Паули
ащ фагъэзагъ. 34 Іэшъхьэтетыр тхылъым еджи, Паул
зыщыщ хэкумкІэ къеучІыгъ. Киликие хэкум щыщэу
зызэхехым, къыІуагъ:

---

23:23 Кесарие къалэр – еплъ 8:40.

23:24 Феликс – Исус къызэхъу нэужым я 52–60 илъэсхэм къакІоцІ Иудей хэкум и Рим (Рум) Іэшъхьэтетэу щытыгъ.

23:31 Антипатридэ къалэр – Ерусалим километрэ 60–кІэ пэчыжьэу, итемыр тыгъэ къохьапІэ лъэныкъомкІэ итыгъ.

35 –Къыодаохэрэр къызысхэкIэ, тэрэзэу сыоупчIыщт.
Iэшъхьэтетым етIанэ Ирод пачъыхьэ унэшхоу претории зыцIэр ыгъэуцугъагъэм дзэлIхэм Паул щаухъумэнэу унашъо ышIыгъ.

## ЯТIОКIЫРЭ ПЛIЫНЭРЭШЪХЬ

### Iэшъхьэтет Феликс ыпашъхьэ джуртхэр Паул зэрэщедэуагъэхэр

Мэфитф нэужым дин пэщэшхо Ананый, нахьыжъхэм
ащыщэу купрэ очыл Тертуллрэ игъусэхэу, Кесарие къа-
лэм къехыгъ. Паул зэрагъэмысэхэрэр Iэшъхьэтетым
ыпашъ-
хьэ къыщаIотагъэх.
2 Паул къызыращэм, Тертулл ар къы-
гъэмысэу мырэущтэу къыIоу ыублагъ:
–Лъытэныгъэшхо зиIэ Феликс, о уитетыгъокIэ мамыр-
ныгъэшхо тиIэу тэпсэу; унаIи тебгъэтэзэ, мы хэгъэгур
нахь зэтегъэпсыхьагъэу хъугъэ.
3 Арышъ, сыдигъуи, тыдэ
тыщыIэми, щытхъу къыпфэтэшIы.
4 Бащэрэ усымыгъэ-
улэоу, уигуапэу укъытэдэIунэу сыкъыолъэIу.
5 –Сыда пIомэ къызэрэтшIагъэмкIэ мы лIыр емынэ
гор, дунаем тет джурт пстэуми зыкъарегъэIэты, диным
рыкIорэ цIыф купэу Назарет купкIэ заджэхэрэми*
ятхьаматэу щыт.
6 Тхьэм иунэшхуи мыкъабзэу ышIыным
пылъыгъ. Ар къэтыубыти, тэ тихабзэ тетэу хьыкум
тетшIыхьанэу тыфэягъ,
7 ау дзэ пэщэшхо Лисый
къакIуи, лIыгъэкIэ къыттырихыжьи, уадэжь дзэлIхэм
къаригъэщагъ.
8 ЕтIанэ Лисый тэ а лIым тыридэогъоу
уадэжь тыкъэкIонэу унашъо ышIыгъ. Ор–орэу ащ
уеупчIымэ, зэрыдгъэмысэхэрэм яшъыпкъагъэ зэбгъэ-
шIэн плъэкIыщт.
9 Очыл Тертулл а гущыIэхэу къыIуагъэхэр джуртхэм
шъыпкъэхэу аIозэ, ащ IэпыIэгъу фэхъугъэх.

### Iэшъхьэтет Феликс ыпашъхьэ Паул зызэрэщиухыижьыгъэр

10 Iэшъхьэтетым Паул Iэ зыфешIым, Паул къыIуагъ:
–Илъэсыбэ хъугъэу мы лъэпкъым ихьыкум Iоф о

---

24:5 диным рыкIорэ цIыф купэу Назарет купкIэ заджэхэрэр – зымышIэхэрэм христиан диныр джурт диным щыщэу ашIошIыщтыгъ.

пшъэ зэрилъыр сшIэзэ, зызгъэхыезэ, сиIоф сигуапэу
уапашъхьэ къисэлъхьэ. 11 Мэфэ пшIыкIутIум нахьыбэ
темышIагъэу Ерусалим Тхьэм сыщелъэIунэу сыкъызэрэ-
кIуагъэм ишъыпкъагъэ зэбгъэшIэн плъэкIыщт. 12 Тхьэм
иунэшхуи зы цIыф горэм сыщенэкъокъоу, синэгогуми,
къалэми цIыф купышхо щызгъэбырсырыхэуи щытыгъэп.
13 Сидэогъухэм сызэрагъэмысэрэ Iоф пстэуми ащыщэу
зи къагъэшъыпкъэжьын алъэкIыщтэп. 14 Ау тятэжъхэм
я Тхьэ сыфэлажьэзэ, мы цIыфхэм пхэнджэу зыфаIорэ
гъогум сызэрэрыкIорэм сеуцуалIэ. Тэурат хабзэм ит
пстэумкIи пегъымбархэм атхыгъэ тхылъхэм арыт пстэум-
кIи* шIошъхъуныгъэ сиI. 15 Шъыпкъагъэ зиIэхэмрэ зи-
мыIэхэмрэ Тхьэм къызэригъэтэджыжьынхэу мо щыт
лIыхэр Тхьэм зэрэщыгугъыхэрэм фэдэу, сэри Тхьэм
сыщэгугъы. 16 Арышъ, Тхьэми цIыфхэми апашъхьэ гу-
къэбзагъэкIэ мыхъун зи зыдэсымышIэжьэу сызэрэпсэуным
сыдигъуи ыуж сит.

17 –Илъэсыбэ Ерусалим сыщымыIагъэу, сэдакъэхэр сэ
слъэпкъ фэсхьынхэуи къурмэн сшIынэуи джыри зэ сы-
къэкIуагъ. 18 Арэущтэу сшIэ пэтызэ, Тэурат хабзэм иуна-
шъо тетэу зызгъэкъэбзэжьыгъэу, Тхьэм иунэшхо сычIэ-
тэу сыкъыщагъотыгъ. ЦIыф купышхоми сахэтыгъэп,
бырсыри щыIагъэп. 19 Ау Асие хэкум щыщ джурт куп
ащ дэжьым щыIагъэх. Ахэмэ сызэрагъэмысэн щыIэмэ,
джы уапашъхьэ къыщылъагъохэу ар къаIон фэягъ. 20 Е
мо щытхэм, сэ Тхьэмэтэ Хэсэшхом ыпашъхьэ сызы-
ращэм, бзэджагъэу сшIагъэу къагъотыгъэр къарэIу.
21 «ЛIагъэхэр къызэрэтэджыжьыщтхэмкIэ шIошъхъуны-
гъэ зэрэсиIэм пае, непэ хьыкумышIэм ыпашъхьэ сишъу-
щагъ», сIуи, мы цIыфхэм сахэтэу мэкъэшхокIэ къызэ-
рэсIогъагъэр арыщтын сызэрагъэмысэрэр.

22 Джащыгъум Феликсэу Зиусхьаным игъогу икъэбар
тэрэзэу зышIэщтыгъэм яIоф зыхэплъэн пIалъэр лъигъэ-
кIуатэзэ къыIуагъ:

–Дзэ пэщэшхо Лисый къызэрэкIоу, шъуиIоф хьыкум
тесшIыхьан.

23 ЕтIанэ Феликс дзэ пащэм унашъо фишIыгъ Паул
къин рамыгъэлъэгъузэ аухъумэнэу, игъусэхэри лъыплъэн-
хэу фит ышIынхэу.

---

24:14 Тэурат хабзэм ит пстэумкIи пегъымбархэм атхыгъэ тхылъхэм арыт пстэумкIи – еплъ 13:15.

### Паул Феликсрэ Друзиллэрэ зэрадэгущыIагъэр

24 Мэфэ заулэ тешIагъэу, Феликс ишъхьэгъусэ Друзил-
лэ* игъусэу къэкIуагъ. Друзиллэ джуртэу щытыгъ. Фе-
ликс ицIыфхэм Паул къаригъащи, Паул Христос Исус-
кIэ шIошъхъуныгъэм къызэрэтегущыIэрэм едэIущтыгъ.
25 Ау шъыпкъагъэм, зыщыIэныгъэм, къэкIощт ахърэт ма-
фэм Паул къызатегущыIэм, Феликс къащти къыIуагъ:

–ДжырэкIэ кIожь, игъо сыфифэмэ, етIанэ укъязгъэ-
щэжьын.

26 Паул ахъщэ къыритынкIэ гугъэщтыгъ. Арыти, бэрэ
къаригъащэзэ дэгущыIэщтыгъ.

27 ИлъэситIу зытешIэ ужым, Феликс ычIыпIэ Порцый
Фест* зыцIэр къихьагъ. Ау Феликс джуртхэм шIугъэ
горэ афишIэнэу фэягъэти, Паул хьапсым къычIигъэнагъ.

## ЯТIОКIЫРЭ ТФЫНЭРЭШЪХЬ

### «Кайсарым сиIоф хьыкум тырерэшIыхь», ыIуи, Паул Iэшъхьэтет Фест зэрелъэIугъэр

IэшъхьэтетэуФест зыцIэр хэкум* къызэкIом, мэфищ
тешIагъэу Кесарие къалэм* дэкIи, Ерусалим кIуагъэ.
2 Джащыгъум дин пэщэшхохэмрэ джуртхэм ятхьаматэ-
хэмрэ Паул едэонхэм пае, Фест ыдэжь къэкIуагъэх.
3 Ахэмэ яхьатыркIэ Фест дзэлIхэм Паул Ерусалим къа-
ригъэщэнэу ыуж имыкIхэу елъэIугъэх, сыда пIомэ Паул
гъогум рыкIозэ, шъэфэу ар аукIынэу агу хэлъыгъ.
4 Ау Фест ариIуагъ:

–Паул Кесарие хьапсым чIэс. Сэри бэ темышIэу ащ
дэжь сыкIощт. 5 А лIым бзэджагъэ горэ ышIагъэмэ,
шъуитхьаматэхэм ащыщэу зы куп сигъусэу къэрэкIуи
къерэдау.

---

24:24 Друзиллэ – Ирод Агриппэ ЯтIонэрэмрэ Вереникэрэ ащыпхъоу щытыгъ. Еплъ 25:13.

24:27 Порцый Фест – Исус къызэхъу нэужым я 60–62 илъэсхэм къакIоцI Иудей хэкум и Рим (Рум) Iэшъхьэтетэу щытыгъ.

25:1 хэку – Иудей хэкур ары.

25:1 Кесарие къалэр – еплъ 8:40.

[6] Фест е мэфий е мэфипшI нахьыбэ ахэмэ адэжь щы-
мыIагъэу, Кесарием ехыгъ. ЯтIонэрэ мафэм хьыкум ышIы-
нэу итIысыпIэ тетIысхьи, дзэлIхэм Паул къаригъэщагъ.
[7] Паул къызэлъагъом, Ерусалим къикIыгъэ джуртхэм къа-
уцухьи, бзэджэгъэшхо пчъагъэкIэ агъэмысэу аублагъ, ау
къаIуагъэхэр къагъэшъыпкъэжьынхэ алъэкIыгъэп.

[8] –Джуртхэм я Тэурат хабзэкIи, Тхьэм иунэшхокIи,
КайсарымкIи мыхъомышIагъэ зи сшIагъэп,– къыIуагъ
Паул зигъэхыижьэу.

[9] Фест джуртхэм шIугъэ горэ афишIэнэу фэягъэти,
Паул къыриIуагъ:

–Мы Iофым хьыкум тесшIыхьаным пае, Ерусалим укIо-
нэу уфая?

[10] –ХьыкумышIэу Кайсарым ихьыкум сиIоф тезышIы-
хьан фаем ыпашъхьэ сит,– къыIожьыгъ Паул. –О дэгъоу
зэрэпшIэрэм фэдэу сэ джуртхэм зи мыхъун ясшIагъэп.
[11] Ау укI зифэшъошэ мыхъун горэ сшIагъэу силажьэмэ,
укIым зыщыздзыенэу сыфаеп. Ау къызэрысэдаохэрэм
шъыпкъагъэ зи ахэмылъмэ, зыми ахэмэ саIэкIигъэхьан
ылъэкIыщтэп. Кайсарым сиIоф хьыкум тырерэшIыхь!*

[12] Фест иIэпыIэгъухэм задэгущыIэ ужым, къыIуагъ:

–Кайсарым сиIоф хьыкум тырерэшIыхь, пIуи къызэ-
рэпIуагъэм пае, Кайсарым ыдэжь укIощт!

**Фест Паул икъэбар пачъыхьэ Агриппэ зэрэриIуагъэр**

[13] Мэфэ заулэ зытешIэ ужым, пачъыхьэ Агриппэрэ*
ышыпхъу Вереникэрэ Фест шIуфэс къырахынэу Кеса-
рием къэкIуагъэх. [14] Ахэр мэфэ заулэрэ щыIагъэхэу,
Фест Паул иIоф пачъыхьэм ыпашъхьэ рилъхьи риIуагъ:

–Зы лIы горэ хьапсым чIэсэу Феликс къысфигъэнагъ.
[15] Сэ Ерусалим сызыщэIэм, дин пэщэшхохэмрэ Джуртхэм

---

25:11 Кайсарым сиIоф хьыкум тырерэшIыхь – Кайсарым Рим (Рум) цIыфхэм яIоф хьыкум тыришIыхьаным пае, зыфагъэзэжьынэу фитыныгъэ яIагъ. А лъэхъанэм Неро Кайсарэу щытыгъ. Ар Исус къызэхъу нэужым я 54–58 илъэсхэм къакIоцI Кайсарэу щытыгъ.

25:13 пачъыхьэ Агриппэ – Ирод Агриппэ ЯтIонэрэр Халхис хэгъэгоу Палестинэ хэгъэгум итемыр лъэныкъо итым ипачъыхьэу щытыгъ. Ежьырэ Вереникэрэ Ирод Агриппэ Апэрэм илъфыгъэхэу щытыгъэх. Еплъ 12:1.

янахьыжъхэмрэ садэжь къакIохи, а лIым едаохэу, мысагъэ теслъхьанэу къысэлъэIугъэх.

[16] –Ау сэ ахэмэ ясIожьыгъ: «Зы лIы горэ къедаохэрэм апашъхьэ къихьэу, зэрагъэмысэрэм ипэгъокI аритэу, зиухыижьынэу фитыныгъэ къырамытмэ, укI тыралъхьанэу Рим хабзэмкIэ хъущтэп».
[17] Ахэр садэжь къызэкIохэм, Iофыр сымыгъэгужъоу ятIонэрэ мафэм хьыкум тесшIыхьанэу ситIысыпIэ сытетIысхьи, а лIыр дзэлIхэм къязгъэщагъ.
[18] Къедаохэрэр къэтэджыгъэх. Iоф мыхъомышIагъэкIэ агъэмысэщт, сIуи, ау зэрагъэмысэн бзэджэшIагъэхэу сызэрэгугъагъэхэм ащыщкIэ агъэмысагъэп.
[19] Ау ежьхэм ядин ехьылIагъэу Iоф заулэхэмкIэ зэгурыIощтыгъэхэп. Исус зыцIэ лIы лIагъэу, Паул псаоу зыфиIуагъэмкIи зэгурыIощтыгъэхэп.
[20] Мыщ фэдэ Iофхэм хьыкум зэратесшIыхьащт шIыкIэр сшIагъэпти, а лIым сеупчIыгъ: «Ерусалим укIоу, ащ дэжьым хьыкум къыщыптесшIыхьанэу уфая?»
[21] Паул иIоф Кайсарым хьыкум тырешIыхьэфэ, хьапсым чIагъэсынэу къызэлъаIом, ар Кайсарым ыдэжь сэгъэкIофэ, хьапсым чIагъэсынэу унашъо сшIыгъэ.

[22] –Сэ сшъхьэкIэ а лIым къыIохэрэм сядэIунэу сыфай,– ыIуи, Агриппэ Фест къыриIуагъ.

–Неущ уезгъэдэIун,– къыIожьыгъ Фест.

[23] ЯтIонэрэ мафэм цIыфхэм лъытэныгъэшхо къафашIызэ, Агриппэрэ Вереникэрэ цIыфхэм хьыкум зыщатырашIыхьэрэ унэшхом къихьагъэх. Ахэмэ ягъусэхэу дзэ пэщэшхохэри къалэм итхьаматэхэри къихьагъэх. ЕтIанэ Фест унашъо ышIи, Паул къаащагъ.

[24] –Ори пачъыхьэ Агриппэ, шъори мыщ дэжьым тигъусэхэу щыIэ цIыф пстэури, мы лIым шъуеплъ!– къыIуагъ Фест. –Джурт пстэури Ерусалими мыщ дэжьыми садэжь къакIохи, агъэмысэзэ, «А лIыр нахьыбэрэ псэу хъущтэп», аIозэ зыфэкуощтыгъэхэр мы лIыр ары.
[25] УкI зифэшъошэ бзэджагъэ зи ымышIагъэу къэзгъотыгъ, ау ежьым «Кайсарым сиIоф хьыкум тырерэшIыхь», ыIуи лъэIуагъэти, Кайсарым ыдэжь згъэкIонэу тесыубытагъ.
[26] Ау гъэнэфэгъэ къэбар зи ежьым ехьылIагъэу Кайсарым фэстхынэу сиIэп. Арыти, шъо пстэуми шъуапашъхьэ къырязгъэщагъ, зэкIэми анахьэу оры, пачъыхьэ Агриппэ, тызеупчIы ужым, стхыщтыр сшIэным пае;
[27] сыда пIомэ зэрыдгъэмысэрэр ятымыгъашIэу, хьапсчIэс горэ афядгъэщэныр емыкIоу сэлъытэ.

# ЯТIОКIЫРЭ ХЫНЭРЭШЪХЬ

## Пачъыхьэ Агриппэ ыпашъхьэ Паул зызэрэщиухыижьыгъэр

Ащ нэужым Агриппэ Паул риIуагъ:
–Зыуухыижьэу укъэгущыIэнэу уфит.
Паул ыIэ къыIэти, зиухыижьэу къыIуагъ:
2 –Пачъыхьэ Агриппэ, джуртхэм сызэрагъэмысэрэ
Iоф пстэумкIи о уапашъхьэ зызэрэщысыухыижьырэр сэ
насыпышIуагъэу зыфэсэлъытэжьы. 3 Анахьэу, джуртхэм
яхабзэхэри зэрызэнэкъокъурэ Iоф пстэури дэгъоу зэрэ-
пшIэхэрэм паешъ ары. Арышъ, сэ къасIохэрэм уигуапэу
укъядэIункIэ сыолъэIу.
4 –СикIэлэгъу къыщегъэжьагъэу, сэ слъэпкъ сыхэтэу
Ерусалим сызэрэщыпсэурэр джурт пстэуми дэгъоу ашIэ.
5 Ахэмэ сызашIэрэр бэшIагъэ. Диным рылажьэрэ цIыф
купхэм ащыщэу анахь пытэу Фарисей* купкIэ заджэ-
хэрэм игъогу сырыкIоу зэрэщытыгъэр ахэр фаехэмэ,
къаушыхьатын алъэкIыщт. 6 Тхьэм тятэжъхэр къызэри-
гъэгугъэгъэхэ Iофым* сызэрэщыгугъырэм пае, джы хьы-
кумышIэм ыпашъхьэ сыкъыращагъ. 7 Тхьэм тятэжъхэр
къызэригъэгугъэгъэ дэдэр ары тэ тлъэпкъ иунэгъо
лъэпкъ пшIыкIутIур чэщи мафи агу етыгъэу, Тхьэм
фэлажьэхэзэ, къагъотынэу зыщыгугъыхэу зыпаплъэхэ-
рэр. О пачъыхь, сэри ащ сызэрэщыгугъырэр ары джурт-
хэр къызкIысэдаохэрэр. 8 Тхьэм лIагъэхэр къызэригъэтэ-
джыжьыщтхэр къэмыхъун Iофэу сыд пае шъулъытэрэ?
9 –ЗэрэслъэкIэу Назарет щыщ Исус ыцIэ сыпэуцу-
жьын фаеу сэри сшIошъ хъущтыгъэ. 10 Ерусалим арэу-
щтэу щысшIыщтыгъ. Дин пэщэшхохэм фитыныгъэ къа-
Iысхи, сицIыфхэм Тхьэм ицIыф лъапIэхэм ащыщхэу
бэхэр хьапсым чIязгъадзэщтыгъэх. Тетыгъо зиIэхэм
ахэмэ укI хьыкум затыралъхьэм, сэри ар игъоу слъыта-
гъэ. 11 Синэгогу пстэуми ахэмэ бэрэ къин щязгъэщэчы-
щтыгъ, Исус езгъэхъонынхэуи сыпылъыщтыгъ. Лъэшэу
сафэгубжэу, къин язгъэщэчынэу хымэ къалэхэми анэсы-
фэ сакIэлъыкIощтыгъ.

---

26:5 Фарисей – еплъ 5:34.

26:6 Тхьэм тятэжъхэр къызэригъэгугъэгъэхэ Iофыр – лIагъэхэр къы-
зэрэтэджыжьыщтхэр ары (еплъ 23:6; 24:15).

## Паул Зиусхьан Исус игъогу зэрэтехьагъэм икъэбар къызэриIотэжьыгъэр

(Апостол. 9:1–19; 22:6–16)

[12] –Арэущтэу дин пэщэшхохэм фитыныгъэ къаIысхы-
гъэу, пшъэрылъи къысатыгъэу, Дамаск сыкIонэу щы-
тыгъ. [13] Шэджагъом дэжь гъогум сырыкIозэ, тыгъэм
нахьи нахь лыдырэ нэфынэ горэ уашъом къехэу, си-
гъусэхэмрэ сэррэ тыкъиуцухьэу слъэгъугъэ, типачъыхь.
[14] Тэ зэкIэ чIыгум тытефи, джуртыбзэкIэ зы макъэ горэм
мырэущтэу къыIоу зэхэсхыгъ:

–«Саул, Саул, сыд пае къин сэ сэбгъэщэчыра? Цур
зием ибэщ кIыхьэ папцIэм цур ылъакъокIэ къызэре-
шъутырырэм фэдэу ошIымэ, уиягъэ зэогъэкIыжьы».

[15] –«О ухэта, Зиусхьан?» сIуагъэ.

–«Исусэу къин зэбгъэщэчырэр сэры», къыIожьыгъ
Зиусхьаным. [16] «Ау джы къэтэджи, о плъакъомэ къатеу-
цожь. Сэ къысфэлажьэрэ лIы ухъунэу, Iофхэу плъэ-
гъугъэхэмрэ озгъэлъэгъущтхэмрэ къэуушыхьатынхэуи
узгъэнэфагъ ыкIи зыозгъэлъэгъугъ. [17] О плъэпкъэрэ,
хымэхэу узфэзгъэкIощтхэмрэ укъаIэпысхыжьыщт. [18] Ахэр
шIункIыгъэм къыхэкIынхэшъ, нэфынэм зыкъыфагъэзэ-
ным пайй, шэйтаным итетыгъо ыIэчIэгъ къычIэкIын-
хэшъ, Тхьэм зыкъыфагъэзэным пайй, ахэмэ анэхэр къэ-
бгъэплъэжьынхэу адэжь усэгъакIо. Арэущтэу сэркIэ
шIошъхъуныгъэ зэряIэм пае, япсэкIодхэр афэгъущтых,
Тхьэм ицIыфхэу ежьым зыкъезытыгъэхэм IэхьышIоу
къалъысыщтри ахэми къалъысыщт».

## Паул джуртхэмрэ хымэ лъэпкъхэмрэ апашъхьэ Исус шыхьат зэрэщыфэхъугъэр

[19] –Арышъ, пачъыхьэ Агриппэ, уашъом щыщэу зыкъы-
сэзыгъэлъэгъугъэм сыпэуцужьыгъэп. [20] Апэу Дамаск къа-
лэм дэсхэм, етIанэ Ерусалим дэсхэми, Иудей хэкум зэкIэ
исхэми, хымэ лъэпкъхэм ащыщхэми язгъэIущтыгъ, япсэ-
кIодхэм афыкIэгъожьынхэшъ, Тхьэм игъогу техьанхэу
зэрэфаери, япсэкIодхэм зэрафыкIэгъожьыгъэм фэшъо-
шэ IофышIухэр агъэцэкIэнхэ зэрэфаери. [21] Джары джурт-
хэм Тхьэм иунэшхо сыщаубыти, саукIынэу зыкIыпылъы-
гъэхэр. [22] Ау непэ нэсыфэкIэ Тхьэр IэпыIэгъу къысфэ-

хъузэ, цIыкIуми инми апашъхьэ мыщ дэжьым сыщытэу
шъыпкъагъэм шыхьат сыфэхъу. Пегъымбархэмрэ пегъым-
бар Мусэрэ къэхъун фэе Iофхэу зыфаIуагъэхэм анэмы-
кIхэр къасIохэрэп; [23] Христос* къин ыщэчын фаеу
зэрэщытыгъэри, апэрэу лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьы-
гъэу, ежь ылъэпкърэ хымэ лъэпкъхэмрэ нэфынэм икъэ-
бар къаригъэIунэу зэрэщытыгъэри ары зыфасIохэрэр.

**Паул Агриппэ шIошъхъуныгъэ зыригъэIэнэу зэрелъэIугъэр**

[24] Паул арэущтэу зиухыижьы зэхъум, Фест мэкъэшхокIэ
къыIуагъ:

–Паул, удел о. УишIэныгъэшхо пшъхьэ зэригъэкIо-
кIыгъ.

[25] –Сэ сшъхьэ зэкIокIыгъэп, лъытэныгъэ зиIэ Фест,–
къыIожьыгъ Паул, –сэ къасIохэрэр гущыIэ шъыпкъэх
ыкIи гущыIэ губзыгъэх. [26] Пачъыхьэм мы Iофхэр ешIэх,
ащ ыпашъхьи гушхоныгъэкIэ сыкъыщэгущыIэ. Ащ гу-
зылъимытэгъэ Iоф а Iофхэм зэрахэмытым сицыхьэ телъ,
сыда пIомэ мы Iофхэр зэкIэ зы къогъу горэм къы
щыхъугъэхэп. [27] Пачъыхьэ Агриппэ, пегъымбархэм атхы-
гъэхэмкIэ шIошъхъуныгъэ уиIа? ШIошъхъуныгъэ зэ-
рэуиIэр сэшIэ.

[28] –Арэущтэу псынкIэу Христос игъогу сытебгъэхьанэу
огугъа?– ыIуи, Агриппэ Паул къыриIуагъ.

[29] –ПсынкIэми мыпсынкIэми о уимызакъоу, ау непэ
сэ къасIохэрэр зэхэзыхырэ пстэури сэ сфэдэ хъунхэу
Тхьэм селъэIу, ау Iэхъу–лъэхъу атерэмылъ,– къыIожьыгъ
Паул.

[30] Ащ нэужым пачъыхьэр, Iэшъхьэтетыр, Вереникэ, ахэ-
мэ ягъусэхэу щысхэр къэтэджыжьхи, унэм икIыжьыгъэх.
[31] Унэм зекIыжьхэм, зэраIожьыгъ:

–УкI е хьапс зифэшъошэ Iоф мы лIым зи ышIагъэп.

[32] ЕтIанэ Агриппэ Фест риIуагъ:

–Мы лIым иIоф Кайсарым хьыкум тыришIыхьанэу мы-
лъэIуагъэмэ, шъхьафитэу ттIупщыжьын тлъэкIыщтыгъэ.

---

26:23 Христос – еплъ 2:30.

# ЯТIОКIЫРЭ БЛЫНЭРЭШЪХЬ

## Рим къэлэшхом кIонэу Паул къухьэ горэм зэритIысхьагъэр

Италием къухьэкIэ тэ* тызэрэкIощтыр Iэшъхьэтет
Фест зытыреубытэм, Паули нэмыкIрэ хьапсчIэс купи
Кайсарым идзэ ыцIэкIэ заджэхэу, нэбгырэ шъих хъурэ
дзэлI купым ипащэхэм ащыщэу, Иулый зыцIэм ыIэ
рилъхьагъэх. 2 Адрамит къалэм щыщ къухьэу Асие хэ-
кум ихыIушъо Iут къалэхэм кIонэу щытыгъэм титIысхьи,
ащ тыщежьагъ. Аристарх зыцIэу Македоние хэкум ит
Фессалоникэ къалэм щыщыр тигъусагъ.

3 ЯтIонэрэ мафэм Сидон къалэм тыIухьагъ. Иулый
Паул нэшIукIэ къеплъи, Паул игъусэхэу ащ дэжьым
дэсхэм Паул ищыкIагъэхэр ратынхэм пае, ахэмэ адэжь
кIонэу фит ышIыгъ. 4 Ащ дэжьым тэ тыкъыщежьи,
жьыбгъэр къызэрэтпеорэм пае, Кипр хыгъэхъунэм ылъэ-
ныкъоу жьыбгъэ къызыщемыпщэрэм тыготэу тыкIуагъ.
5 Киликие хэкумрэ Памфилие хэкумрэ афэзанкIэу щыт
хым тызэпырыкIи, Ликие хэкум щыщэу Мирэ къалэм
тынэсыгъ. 6 Ащ дэжьым Александрие къалэм щыщэу,
Италием кIонэу къухьэ горэ дзэ пащэм къыщигъоти
тыригъэтIысхьагъ. 7 Мэфэ заулэрэ макIэ–макIэу тыкIозэ,
къинкIэ Книд къалэм фэзанкIэу тынэсыгъ. Жьыбгъэм
занкIэу тигъэкIуагъэпти, хым къыхэщэекIыгъэ чIыгу
къуапэу Салмонэ зыцIэм тыблэкIызэ, Крит хыгъэхъунэм
ылъэныкъоу жьыбгъэр къызыщемыпщэрэм тыготэу ты-
кIуагъ. 8 Хыгъунэм тыготэу къинкIэ тыкIозэ, Ласей къа-
лэм пэгъунэгъоу «КъухьэуцупIэшIухэр» зыфаIорэ чIы-
пIэм тынэсыгъ.

9 Охътабэ блэкIыгъагъ, къухьэкIи узекIоныр щынагъоу
хъугъагъэ, сыда пIомэ нэкI мафэри* блэкIыгъах. Ары-
ти, Паул лIыхэм агуригъаIозэ, 10 мырэущтэу ариIуагъ:

–Шъо, лIы купыр, сэ зэрэслъэгъурэмкIэ, тигъогу щы-
нагъо хэлъ, хьылъэхэмрэ къухьэмрэ ямызакъоу, тпсэ-
хэри тшIокIодынхэу щынагъо щыI.

---

27:1 тэ – еплъ 20:5.

27:9 нэкI мафэр – джуртхэм ямэфэкI мэфэшхоу «Иом Киппур» зыцIэр ары. Ар зытефэрэр ябгъонэрэ е япшIэнэрэ мазэр арыти, къухьэкIэ кIоныр щынагъоу хъугъэ. А мэфэкI мэфэшхом джуртхэм анэкIы.

[11] Ау дзэ пащэр Паул къыIуагъэхэм анахьи, къухьэм
итхьаматэми къухьэр зиеми къаIуагъэхэм нахь ядэIу-
щтыгъ. [12] КIымафэр ащ дэжьым щыдгъэкIонэу къухьэуцу-
пIэшIоу зэрэщымытыгъэм пае, а чIыпIэм тыкъыщежьэ-
жьынышъ, амал иIэмэ, Финик зыцIэ къухьэуцупIэм ты-
нэсынышъ, кIымафэр ащ щыдгъэкIонэу нахьыбэр зэгу-
рыIуагъэ. Финик зыцIэ къухьэуцупIэр Крит хыгъэхъунэм
икъухьэуцупIэхэм ащыщыгъ, къыблэ тыгъэ къохьэпIэ
лъэныкъокIи, темыр* тыгъэ къохьэпIэ лъэныкъокIи фэ-
гъэзагъэу щытыгъ.

## Хым жьыбгъэшхо зэрэщыхъугъэр

[13] КъыблэмкIэ къикIэу жьыбгъэ тIэкIу къепщэ зэхъум,
агу хэлъыр къадэхъугъэу ашIошIи, ежьэхи, Крит хы-
гъунэм готхэу кIощтыгъэх. [14] Ау бэ темышIэу, «Темыр
тыгъэ къыкъокIыпIэмкIэ къикIырэ жьыбгъэшхор» хы-
гъэхъунэм къикIи къапеуагъ. [15] Жьыбгъэшхом къухьэр
ыубытыгъ, къухьэри жьыбгъэшхом пэдгъэуцужьын ты-
мылъэкIызэ, ыуж тикIыжьи, жьыбгъэшхом къухьэр ри-
фыжьагъ. [16] Клаудэ зыцIэ хыгъэхъунэ цIыкIу горэм
ылъэныкъоу жьыбгъэ къызыщемыпщэрэм тыготэу ты-
кIуи, къинкIэ къухьэм икъуашъо мыкIодэу къэдгъэнэ-
жьыгъ. [17] Къуашъор къаIэти, къухьэм ыкIоцI къызыра-
гъэхы ужым, кIэпсэшхохэр къухьэм ычIэгъыкIэ чIащыхи,
жьыбгъэшхом зэпкъыримыутыным пае, къухьэм къы-
ращэкIыгъ. Къухьэр Сыртис зыцIэ чэнджыпIэм къы-
тенэнкIэ щынагъэхэти, чэтэнхэр къырагъэхыгъэх, арэу-
щтэу жьыбгъэшхом зырагъэфыщтыгъ. [18] ЯтIонэрэ мафэ-
ми жьыбгъэр щынэгъошхуагъэти, хьылъэхэр хым хадзэу
аублагъ. [19] Ящэнэрэ мафэм къухьэм иIэмэ–псымэхэм
ащыщхэр тэ тIэхэмкIэ хым хэтыдзэхэу тыублагъэ. [20] Мэфэ
заулэрэ тыгъи жъуагъуи къэмылъагъохэу, жьыбгъэшхор
зэпыугъэпти, тымыкIодэу тыкъэнэжьынэу гугъапIэ ти-
Iэжьыгъэп.

[21] ЛIыхэр мышхэхэу бэ зытешIэм, Паул ахэмэ апашъхьэ
къиуцуи къыIуагъ:

–Шъо, лIы купыр, сэ шъукъысэдэIоу Крит шъукъы-
щемыжьэгъагъэмэ, зэрар зи шъуиIэщтгъэп, зи жъугъэ-

---

27:12 темыр – арапыбзэкIэ «шэмал», тыркубзэкIи «кузей» ары.

кIодыщтгъэп. 22 Ау джы шъугу шъумыгъэкIоды, къы-
шъосэIо, сыда пIомэ шъуащыщэу зи кIодыщтэп. Къу-
хьэр ары ныIэп кIодыщтыр. 23 Тхьэу зибынхэм сащыщэу,
сызфэлажьэрэм имэлэIич нычэпэ къысфэлъагъуи, 24 къы-
Iуагъ: «Умыщын, Паул! Кайсарым ыпашъхьэ уиуцон
фае. Къухьэм исхэу къыбдакIохэрэ пстэури о уихьатыркIэ
Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэкIэ мыкIодхэу къыгъэнэжьы-
щтых». 25 Арышъ, шъо, лIы купыр, шъугу шъумыгъэ-
кIоды. Тхьэм сэ къызэрэсиIуагъэм фэдэу зэрэхъущтымкIэ
ежьым сыщэгугъы. 26 Ау жьыбгъэшхом зы хыгъэхъунэ
горэм тырифылIэн фае.

27 ЯпшIыкIуплIэнэрэ чэщым Адриэхым тыхэтэу жьы-
бгъэшхом къухьэр ыфызэ, чэщныкъом дэжь лIыхэм
чIыгу горэ гъунэгъу къызэрэхъугъэм гу лъатагъ. 28 Хым
икуугъэ зашым, IэплIэкIу тIокI хъугъэ. ТIэкIу джыри
тыкIохи, етIани куугъэр зашым, IэплIэкIу пшIыкIутф
хъугъэ. 29 Жьыбгъэшхом къухьэр мыжъошхохэм ашIуи-
гъэнэнкIэ щынагъэхэти, къухьэм ыкIэкIэ гъурзиплI ра-
дзыхыгъэу, нэф къэшъыным гузажъохэу паплъэщтыгъэх.
30 Шъэфэу хэхьажьынхэм пае къухьэр зыфыхэрэм ащ ыпэ-
кIэ гъурз заулэ радзыхырэм фэдэу зашIи, къуашъор хым
ратIупщэхыгъ. 31 Джащыгъум Паул дзэ пащэмрэ дзэ-
лIхэмрэ ариIуагъ:

–А лIыхэр къухьэм къимынэхэмэ, шъупсэхэр мыкIод-
хэу къэжъугъэнэжьынхэ шъулъэкIыщтэп.

32 Паул арэущтэу зареIом, дзэлIмэ къуашъом икIэпсэ-
шхохэр зэпаупкIыхи, къуашъор рагъэфэхыгъ.

33 Нэф зэшъым ыуж, Паул зэкIэри шхэнхэу ялъэIоу,
мырэущтэу къыIуагъ:

–Непэ мэфэ пшIыкIуплI мэхъу, шъо гузэжъогъум шъу-
хэтэу зи зышъумышхыгъэр. 34 Арышъ, шъушхэнэу лъэ-
шэу сышъолъэIу, шъумыкIодэу шъукъэнэжьыным пае, ар
шъуищыкIагъ. Шъуащыщэу зыми ышъхьац налъэ кIо-
дыщтэп.

35 Паул арэущтэу къызеIо ужым, хьалыгъу къышти,
зэкIэмэ апашъхьэ Тхьэм щытхъу щыфишIи, хьалыгъур
зэгуичи, ышхэу ыублагъ. 36 ЗэкIэми гу къызыIэпашIыхьа-
жьи, ахэри шхагъэх. 37 Тэ къухьэм ис пстэури нэбгырэ
шъитIурэ тIокIищырэ пшIыкIухырэ тыхъущтыгъ.

38 Ахэмэ зызагъэшхэкIыжьым, коц хьылъэхэр хым
хадзэхэзэ, къухьэр нахь псынкIэ ашIыгъ.

### Къухьэр зэрэзэхэкъутагъэр

[39] Нэф къызэшъым, хыIушъор ашIэжьыгъэп, ау пша-
хъо Iулъэу зы хытIуалэ* горэ алъэгъугъ. Амал иIэмэ,
ащ къухьэр рафылIэнэу тыраубытагъ. [40] Гъурзэхэм
якIэпсэшхохэр зэпаупкIыхи, хым къыхагъэнагъэх. Ардэ-
дэм къухьэр зыгъэIорышIэрэ хьанцэхэм якIэпсэшхохэри
атIэтагъэх. ЕтIанэ чэтэн цIыкIур жьыбгъэм щагъаIи,
хыIушъом фаузэнкIыгъ. [41] Ау къухьэр пшэхъолъэ чIыпIэ
горэм хахьи, пшахъом къытенагъ. Къухьэм ыпэкIэ мы-
хъыешъоу чэнджыпIэм тенагъ, хыор лъэшхэми къу-
хьэм ыкIэ зэпкъыраутэу аублагъ.

[42] ХьапсчIэсхэм ащыщэу зыгорэ есызэ хэмыхьажьыным
пае, дзэлIхэм ахэр аукIынхэ агу хэлъыгъ. [43] Дзэ пащэм
Паул мыкIодэу къыгъэнэжьынэу фэягъэти, дзэлIхэм ягу-
хэлъ аримыгъашIэу, есыкIэ зышIэхэрэм апэ псым зы-
хадзэнышъ, хыIушъом Iусыхьанхэу унашъо афишIыгъ.
[44] Къэнагъэхэри пхъэмбгъухэмрэ къухьэм щыщ къутафэ-
хэмрэ ателъхэу хыIушъом зынагъэсынэу ариIуагъ. Арэу-
щтэу зэкIэри хыIушъом нэсхи, псаухэу къэнэжьыгъэх.

## ЯТIОКIЫРЭ ИНЭРЭШЪХЬ

### Мелит хыгъэхъунэм Паул къыщехъулIагъэхэр

Тыпсаоу тыкъызэнэжьым, а хыгъэхъунэм МелиткIэ*
зэреджэхэрэр зэдгъэшIагъ. [2] Хыгъэхъунэм исхэр шIугъэ-
шхокIэ къытпэгъокIыгъэх. Ощхышхоу ыкIи чъыIэшхоу
зэрэщытым пае, машIо ашIи, тэ зэкIэ тырагъэблэгъагъ.
[3] Паул чы бэу ыугъои, машIом зытырелъхьэм, фэбагъэм
блэ горэ чыхэм къахигъэкIи, ыIэ къеуи, къыкIэрылэлэу
къыкIэрынагъ. [4] Хыгъэхъунэм исхэмэ блэр Паул ыIэ
къыпылэлэу залъэгъум, зэраIожьыгъ:

–Мы лIыр укIакIо горэу щытын фае; сыда пIомэ
хым псаоу къыхэкIыжьыгъэми, Тхьэм ишъыпкъагъэ ар
псэунэу фит ышIыгъэп.

[5] Ау Паул ыIэ ыгъэсыси, блэр машIом хидзи, блэм
иягъэ Паул къекIынэу хъугъэп.

---

27:39 хытIуалэ – псэу чIыгум къыхахьэрэр ары.

28:1 Мелит – Малтэ ары.

6 «А лIыр бэгыщт е ошIэ–дэмышIэу зэхэфэнышъ,
лIэщт», аIуагъ ахэмэ, ау бэрэ пэплъагъэхэу, Паул зи
къыщымышIыгъэу залъэгъум, ягупшысакIэ зэблахъуи,
«Мыр тхьэ гор», аIуагъ.
7 А чIыпIэм игъунэгъоу хыгъэхъунэм итхьаматэу Пу-
блый зыцIэм чIыгушхохэр щыриIагъэх. Ащ тыригъэ-
благъи, мэфищэ игуапэу тихьакIагъ. 8 Публый ятэ плъы-
рыстырымрэ ныбэузымрэ зыкIаубытагъэу пIэм сымаджэу
хэлъыгъ. Паул сымаджэм ыдэжь ихьи, Тхьэм фелъэIуи,
ыIэхэр тырилъхьэхи, ыгъэхъужьыгъ. 9 Арэущтэу зэхъум,
хыгъэхъунэм щыIэ нэмыкI сымаджэхэри Паул ыдэжь
къакIохи, Паул ахэри ыгъэхъужьыгъэх. 10 Гъогогъу пчъа-
гъэкIэ лъытэныгъэ къытфашIыгъ, тыкъызежьэжьыми,
тищыкIагъэхэр къытфахьыгъ.

## Паул Рим къэлэшхом зэрэнэсыгъэр

11 Мэзищ зытешIэм, Александрие къалэм щыщэу, «Тхьэ
ТIуазэхэр»* зыфаIорэ къухьэу, а хыгъэхъунэм кIымафэм
щыIагъэм титIысхьи, ащ тыкъыщежьагъ. 12 Сиракуз къа-
лэм тыIухьи, мэфищэ ащ тыщыIагъ. 13 Ащ тыкъыщежьи,
Ригие къалэм тынэсыгъ. Зы мафэм ыуж къыблэм къи-
кIырэ жьыбгъэр къепщэу ыубли, ятIонэрэ мафэм Пу-
теол къалэм тынэсыгъ. 14 Ащ тшы заулэ къыщыдгъотхи,
ахэмэ адэжь мэфиблэ тыщыIэнэу къытэлъэIухи тырагъэ-
блэгъагъ. Ащ нэужым Рим къэлэшхом тыкIонэу гъогум
тытехьажьыгъ. 15 Рим дэс тшыхэм тыкъызэрэкIощтыр зэхах-
ыгъагъэти, «Аппый ЗэхэхьапIэ»* зыцIэ къалэмрэ «Хьэ-
кIэщыпIищ»* зыцIэ къалэмрэ анэсы къытпэгъокIынхэу
къэкIуагъэх. Паул ахэр зелъэгъухэм, Тхьэм щытхъу фи-
шIи, гу къызыIэпишIыхьажьыгъ. 16 Рим тыкъызынэсым,
Рим тетыгъо зиIэхэм Паулрэ ежьым иухъумакIо дзэлIым-
рэ язакъоу дэсынхэу фит ашIыгъэх.

---

28:11 Тхьэ ТIуазэхэр – Зевс зыфаIорэ тхьэ нэпцIым ыкъоу тIуазэхэу, Касторрэ Поллуксрэ ары. Къухьэ зыфыхэрэм а тхьэ нэпцIитIур агъэ-лъапIэщтыгъэх.

28:15 «Аппый ЗэхэхьапIэ» зыцIэ къалэр – Рим къэлэшхом километрэ 70–кIэ пэчыжьэу, икъыблэ лъэныкъокIэ итыгъ.

28:15 «ХьэкIэщыпIищ» зыцIэ къалэр – Рим къэлэшхом километрэ 55–кIэ пэчыжьэу, икъыблэ лъэныкъомкIэ итыгъ.

**Паул Рим къэлэшхом къэбарышIур зэрэщигъэIущтыгъэр**

[17] Мэфищ нэужым Паул джуртхэм ятхьаматэхэр къа-
ригъэщагъэх. Ахэр къызызэрэугъоихэм, ариIуагъ:
–Сшыхэр, тэ тлъэпкъ мыхъун зи есымышIагъэу, тя-
тэжъхэм яхабзэхэми сатемыкIыгъэ пэтми, Ерусалим
сыщаубыти, Рим цIыфхэм саIэкIалъхьагъ. [18] Ахэр сэ сиIоф
зыхэплъэхэм ыуж, укI зифэшъошэ мыхъун зи къы-
сагъотылIагъэпти, сыкъатIупщыжьынэу фэягъэх. [19] Ау
джуртхэр Рим цIыфхэм сызэратIупщыжьыщтым зыпэуцу-
жьхэм, Кайсарым сиIоф хьыкум тыришIыхьанэу сылъэIон
фаеу хъугъэ. Ау сэ слъэпкъ седэоныр арэп арэущтэу
зыфэсшIагъэр. [20] Iофхэр арэущтэу зэрэщытхэр ары шъус-
лъэгъунэу ыкIи сыкъыжъудэгущыIэнэу шъукъызкIязгъэ-
щагъэр. Шъыпкъэ, Израил цIыфхэр зыщыгугъыхэу, зы-
паплъэхэрэм* пае Iэхъухэр стелъых.

[21] –О уикъэбар зэрыт тхылъ горэ Иудей хэкум къикIэу
къытфэкIуагъэп,– къыраIожыгъ ахэмэ. –Ащ дэжьым
къикIыхэу, мыщ дэжьым къэкIогъэ тшыхэми ощ пае
къэбар Iае горэ ыкIи къытфахьыгъэп ыкIи къытаIуагъэп.
[22] О уигупшысэхэр къапIохэзэ, тябгъэдэIумэ тшIоигъу;
сыда пIомэ цIыфхэр тыдэкIи а цIыф купэу диныим ры-
кIорэм* зэрэщыпэуцухэрэр тэ тэшIэ.

[23] Зы мафэ горэ агъэнафи, Паул зэрыс унэм цIыф
купышхо къэкIуагъ. Пчэдыжьым щегъэжьагъэу пчы-
хьашъхьэм нэсы Тхьэм и Тетыгъошхо* икъэбар Паул
агуригъаIозэ, а тетыгъошхом шыхьат фэхъугъ. Пегъым-
бар Мусэ и Тэурат хабзэ итхэмрэ пегъымбархэм атхыгъэ
тхылъхэм арытхэмрэ* ащыщхэм къяджэзэ, Паул Исус
ехьылIагъэу къыIохэрэр ашIошъ ыгъэхъуным пылъыгъ.
[24] Паул къыIуагъэхэр зы куп ышIошъ хъугъэ, нэмыкIхэми
ашIошъ хъугъэп.

[25] А джуртхэр зэгурымыIохэу зэбгырыкIыжьынхэм ыпэ-
кIэ, Паул мы гущыIэхэр къыIуагъэх:
–Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ пегъымбар Исайас шъуятэжъхэм
яхьылIагъэу шъыпкъагъэр къыригъэIуагъ:*

---

28:20 Израил цIыфхэр зыщыгугъыхэу, зыпаплъэхэрэр – Мессихь ары.

28:22 цIыф купэу диным рыкIорэр – еплъ 24:5.

28:23 Тхьэм и Тетыгъошхо – еплъ 1:3.

28:23 пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ итхэмрэ пегъымбархэм атхыгъэ тхылъхэм арытхэмрэ – еплъ 13:15.

26 «Мы лъэпкъым ыдэжь кIуи, мырэущтэу еIу:
Шъо егъашIэм зэхэшъухы зэпытыщт, ау
къыжъугурыIощтэп;
шъо егъашIэм шъулъэгъу зэпытыщт, ау гу
лъышъутэщтэп.
27 Сыда пIомэ мы цIыф лъэпкъым щыщхэм агухэм
гулъытэ ямыIэ хъугъэ.
Ахэмэ атхьакIумэхэмкIэ жъажъэу зэхахы, анэхэри
аупIыцIагъэх.
Арэущтэу щымытыгъэмэ, анэхэмкIэ алъэгъущтыгъ,
атхьакIумэхэмкIи зэхахыщтыгъ, агухэмкIи
къагурыIощтыгъ,
садэжьи къагъэзэжьыгъэмэ, сэ ахэр
згъэхъужьыщтыгъэх».
28 –Арышъ, цIыфхэр мыкIодхэу, Тхьэм къызэригъэнэ-
жьхэрэм икъэбар хымэ лъэпкъхэм Тхьэм къызэранигъэ-
сыгъэр шъо зэжъугъашIэ. Ахэри а къэбарым едэIущтых!
29 Паул а гущыIэхэр къызеIохэм, джуртхэр лъэшэу зэ-
цIацIэхэзэ, унэм икIыжьыгъэх.
30 Паул чырэкIэ ыубытыгъэ унэм илъэситIум щыпсаоу,
ыдэжь къакIорэ цIыф пстэури ригъэблагъэщтыгъэх. 31 Зы
цIыфи зыкIи къыпэмыуцоу, Тхьэм и Тетыгъошхо икъэбар
ыгъэIущтыгъ, Зиусхьанэу Исус Христос ехьылIагъэу
гушхоныгъэкIи цIыфхэм аригъашIэщтыгъ.

---

28:25–27 къыригъэIуагъ – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 6:9–10.



# *АПОСТОЛ ЯКЪУБЭ ТХЫЛЪЭУ ЫТХЫГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### ШIуфэс ехыныр

Сэ сы Якъубэ, Тхьэмрэ Зиусхьанэу Исус Христосрэ сафэлажьэ. Шъо дунаем итэкъухьагъэхэу щыпсэурэ унэгъо лъэпкъ пшIыкIутIум шIуфэс шъосэхыжьы.

### ШIошъхъуныгъэмрэ зэхэшIыкIыныгъэмрэ

2 Сшыхэр, шъуишIошъхъуныгъэ ишъыпкъагъэ зыгъэ-
унэфырэ къин зэфэшъхьафхэм шъуахафэмэ, шъугушIу,
3 сыда пIомэ мы къинхэм шъуишIошъхъуныгъэ ишъы-
пкъагъэ загъэунэфы ужым, а къинхэм теубытэныгъэ къа-
рыкIэу зэрэщытыр шъошIэ. 4 Теубытэныгъэми иIоф рерэ-
гъэкъу, лъэныкъо пстэумкIи зишъыпкъагъэ щыкIагъэ
зимыIэ цIыф икъугъэхэу шъухъуным пае. 5 Ау шъуащыщэу
зыгорэм изэхэшIыкIыныгъэ щыкIагъэ иIэмэ, Тхьэм ерэ-
лъэIу, ащи зэхэшIыкIыныгъэ къыритыщт. Сыда пIомэ
зыми емыгыеу, игуапэу Тхьэм зэкIэми аретышъ ары. 6 Ау

емыхъырэхъышэу, шIошъхъуныгъэкIэ ерэлъэIу, сыда
пIомэ Тхьэм ехъырэхъышэрэр хыорэу жьыбгъэм адыкIи
мыдыкIи ыфызэ, зэридзэрэм фэд. [7]Тхьэм зыгорэ къыритынкIэ
ащ фэдэ цIыфыр орэмыгугъэ. [8]Ар темыубытагъэу,
акъыл тIуанэ зиIэ цIыф, ышIэрэ пстэумкIи теубытэныгъэ
иIэп.

### ТхьамыкIагъомрэ баиныгъэмрэ

[9]Къош тхьамыкIэр Тхьэм ар зэриIэтыгъэмкIэ орэгушIо.
[10]Ау баир Тхьэм ар зэригъэцIыкIугъэмкIи орэгушIо, сыда
пIомэ уцым икъэгъагъэ фэдэу кIодыжьыщт. [11]Тыгъэр
къыкъокIы, къыдэкIуае, фэбэ дэдэ мэхъу. Фэбагъэми
уцыр егъэгъу. Уцым икъэгъагъэ къыпэтэкъушъ, идэхагъэ
мэкIодыжьы. Джащ фэдэу лIы баир иIофхэм апылъызэ
кIодыжьыщт.

### Къинхэу цIыфхэм яшъыпкъагъэ зыгъэунэфыхэрэмрэ Iофхэу цIыфхэм псэкIод ашIэнэу дэзыхьыххэрэмрэ

[12]ЦIыфэу зишъыпкъагъэ гъэунэфыгъэу хъу зыхъукIэ,
теубытэныгъэ зиIэр сыхьатмафэ ежьагъ, сыда пIомэ
ишъыпкъагъэ гъэунэфыгъэу зыхъурэ ужым, мыкIодыжьын
щыIэныгъэ танджэу ежьыр шIу зылъэгъухэрэр къызэригъэгугъагъэхэр
Тхьэм а цIыфым къыритыщт.

[13]ЦIыф горэ ишъыпкъагъэ зыгъэунэфырэ къиным хафэмэ,
«Тхьэр ары сызыгъэунэфэу сыдэзыхьыхрэр», ерэмыIу.
Бзэджагъэм Тхьэр зыIэпищэшъущтэп. Тхьэми зыми
бзэджагъэ ышIэнэу дихьыхыщтэп. [14]Хэти ежь ихъопсэныгъэ
Iаехэр ары зыIэпызыщэхэу ыкIи зыдэзыIыгъхэу
дэзыхьыххэрэр. [15]Хъопсэныгъэ Iаер лъэрмыхьэ хъумэ,
псэкIодшIэныр къелъфы; псэкIодшIэнри икъугъэу хъу
зыхъукIэ, лIэныгъэр къелъфы.

[16]Сшы лъапIэхэр, зыми зешъумыгъэгъапцI. [17]Сыдрэ
тын дэгъури тын шъыпкъэри уашъом ыдэжь къекIы,
уашъом щыIэ нэфынэхэм Ятэ лъапIэ ыдэжь къекIы.
ЗызэзыхъокIырэ жьаухэм афэдэу ащ зызэблихъужьырэп.
[18]Ежь фэягъэти шъыпкъагъэм игущыIэхэмкIэ ибынэу
тигъэхъугъ, ежьым къыгъэхъугъэ пстэуми ащыщхэу апэрэу
тыхъуным пае.

### Тхьэм игущыIэхэм уядэIунымрэ бгъэцэкIэнхэмрэ

[19] Сшы лъапIэхэр, мыр зэжъугъашIэ. Хэти дэIонымкIэ
псынкIэу орэхьазыр, ау шIэхэу орэмыгущыIэ, псынкIэуи
орэмыгубж. [20] Сыда пIомэ цIыфым игубжыныгъэ Тхьэм
ыдэжькIэ шъыпкъагъэр ыгъэцакIэрэп. [21] Арышъ, къы-
шъуханэрэ гу шIоигъэ пстэури бзэджагъэ пстэури хэшъу-
нэжьых. Тхьэм шъугухэм къарилъхьэгъэ гущыIэхэу шъу-
псэхэр мыкIодхэу къэзыгъэнэжьын зылъэкIыщтхэр гу-
шъэбагъэкIэ шъуубытых.

[22] Тхьэм игущыIэхэм шъуядэIу къодыекIэ хъущтэп, жъу-
гъэцэкIэнхэ фае. Армырмэ зышъогъэпцIэжьы. [23] Сыда
пIомэ а гущыIэхэм ядэIоу зымыгъэцакIэрэр зынапэу
гъунджэм къищырэм еплъырэ цIыфым фэд. [24] Ар зэплъы-
жьышъ, IокIыжьы, итеплъи зыфэдагъэр щэгъупшэжьы.
[25] Ау цIыфэу ышIэрэ пстэумкIэ сыхьатмафэ ежьагъэр
мыры: Тхьэм иунашъохэу щыкIагъэ зимыIэхэу ыкIи икъу-
гъэхэу, цIыфхэм шъхьафитныгъэ яIэ зыгъэхъухэрэм
дэгъоу ахэплъэрэ зэпытэу, Iофхэу зэдэIугъэхэри щымыгъу-
пшэжьэу зыгъэцакIэрэр ары.

[26] Тхьэм ищынагъо ыгу зэрилъыр зыгорэ шIошIэу, ау
ыбзэгу ымыубытмэ ащ зыкъегъэпцIэжьы, идини пкIэ
иIэп. [27] Ау Тхьэу Ты лъапIэм ыдэжькIэ Тхьэм ищынагъо
къабзэу, щыкIагъэ зимыIэр мыр ары: гузэжъогъум хэт-
хэу ибэхэмрэ шъузабэхэмрэ уакIэлъыплъэнри, лажьэ уи-
мыIэу мы дунаем ибзэджагъэ зыщыбдзыенри ары.

## ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

### ЦIыфхэм ятеплъэ шъуемыплъэу, цIыф пстэури шъуизэфэдэн фаех

Сшыхэр, ти Зиусхьанэу Исус Христосэу щытхъушхо зи-
IэмкIэ шIошъхъуныгъэ шъуиIэзэ, цIыфхэм ятеплъэ шъуе-
мыплъэу, цIыф пстэури шъуизэфэдэн фаех. [2] Дышъэ Iэ-
лъын ыIэхъуамбэ пылъэу, щыгъын лъапIэхэр щыгъхэу
зы лIы бай гори, щыгъыныжъхэр щыгъхэу зы лIы тхьа-
мыкIэ гори шъуизэIукIэ къыхэхьагъэу тIон. [3] Щыгъын
лъапIэхэр зыщыгъырэ лIым шъуеплъэу, «Мо, къебла-

гъи тIыс», ешъуIомэ, ау тхьамыкIэм, «Модэ щыт», шъу-
Iоу, е «Мо слъакъохэм адэжь къэтIыс», ешъуIомэ,
4 ащыгъум цIыф зэхэдзыныгъэ шъошIыба? ХьыкумышIэ-
хэу гупшысэ Iаехэр зиIэхэм афэдэу шъухъугъэба?

5 Сшы лъапIэхэр, шъукъэдаIу. Мы дунаем ицIыф тхьа-
мыкIэхэр арыба Тхьэм къыхихыгъэхэр, шIошъхъуны-
гъэмкIэ баиныгъэ шъыпкъэр агъотыжьыным пайй, Тхьэм
ежьыр шIу зылъэгъухэрэр къызэригъэгугъэгъэ тетыгъо-
шхомкIэ IэхьышIу къалъысыным пайй? 6 Ау шъо тхьамы-
кIэр зэшъупэсыгъэп. Байхэр арыба шъуезыгъэзыхэрэри,
хьыкумышIэхэм апашъхьэ шъуизыщэхэрэри? 7 Ахэр ары-
ба шъо къызэрышъуаджэхэрэ цIэу Исус Христос ыцIэ
лъапIэм IэягъэкIэ тегущыIэхэрэр?

8 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытэу,* типачъыхьэ иуна-
шъоу, «О пшъхьэ шIу зэрэплъэгъурэм фэдэу, уигъунэ-
гъуи шIу лъэгъу», ыIоу зыфиIорэр шъыпкъагъэкIэ
шъогъэцакIэмэ, дэгъоу шъошIэ. 9 Ау цIыфхэм ятеплъэ
шъуеплъэу, цIыф пстэури шъуизэфэдэхэу щымытхэмэ,
псэкIод шъошIэ, Тхьэм иунашъохэми шъуатекIыгъэу мы-
сэ шъохъу. 10 Зыгорэ Тхьэм иунашъохэм зэкIэм ядэIоу, ау
зы унэшъо закъом текIымэ, унашъо пстэуми атекIыгъэу
мысэ мэхъу. 11 Сыда пIомэ «Зинэ умышIэ», зыIуагъэм*
ыкIи «ЦIыф умыукIы» ыIуагъ. Арышъ, зинэ умышIэу
цIыф горэ уукIымэ, Тхьэм иунашъо утекIыгъэу мэхъу.

12 Арышъ, Тхьэм иунашъохэу цIыфхэм шъхьафитныгъэ
яIэ зыгъэхъушъухэрэм атетэу Тхьэм хьыкум зытыришIы-
хьащт цIыфхэм зэрафэшъуашэм фэдэу, шъугущыI ыкIи
шъузекIу. 13 Сыда пIомэ гукIэгъуныгъэ зыгу имылъым
Тхьэм гукIэгъуныгъэ фимышIэу хьыкум тыришIыхьащт.
Ау гукIэгъуныгъэр гъэмысэныгъэм текIощт.

## ШIошъхъуныгъэмрэ шIушIэнымрэ

14 Сшыхэр, зыгорэм шIугъэ ымышIэу, «ШIошъхъуны-
гъэ сиI», ыIомэ, сыда ащ ишIуагъэу къэкIощтыр? Ащ
фэдэ шIошъхъуныгъэм а цIыфыр мыкIодэу къыгъэнэ-

---

2:8 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытэу – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:18.

2:11 зыIуагъэм – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 20:13,14.

жьын ылъэкIына? [15] Шъу зы шы горэм е шъу зы шып-
хъу горэм щыгъыни, мафэм ышхыщт шхыни имыIэу
тIон. [16] «Гъогу мафэх, гупсэфыныгъэ шъуиIэу шъопсэу.
Зыжъугъэфаб ыкIи зыжъугъэшхэкI», ыIоу шъуащыщэу
зыгорэм ахэмэ ариIоу, ау ящыкIагъэр аримытымэ, сыда
ащ ишIуагъэу къэкIощтыр? [17] ШIошъхъуныгъэм иIоф ащ
фэдэу щыт. ШIу зымышIэрэм ишIошъхъуныгъэ лIагъэм
фэд.

[18] Ау зыгорэм къыIонкIи мэхъу:

–Зы цIыфым шIошъхъуныгъэ иI, адрэм шIушIагъэхэр
иIэх.

Ащ фэдэ цIыфым сэ есIон:

–ШIушIагъэхэр зимыгъусэ шIошъхъуныгъэу зыфапIорэр
сэгъэлъэгъу, шIоу сшIэхэрэмкIэ сишIошъхъуныгъэ озгъэ-
лъэгъущт.

[19] Зы Тхьэ нахь зэрэщымыIэмкIэ шIошъхъуныгъэ уиI.
Ар дэгъу. ДжынапцIэхэми ар ашIошъ мэхъу ыкIи мэкIэ-
зэзых. [20] О зэхэшIыкIыныгъэ зимыIэ цIыф, шIушIагъэхэр
зимыгъусэ шIошъхъуныгъэм ишIуагъэ къызэрэмыкIощтыр
къыбгурызгъэIонэу уфая? [21] Тятэжъышхо Ибрахьимэ* ыкъо
Исхьакъ къурмэншIыпIэм зытырелъхьэм, ышIагъэм пае
Тхьэм ежьым ыдэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу ылъыта-
гъэба! [22] Арэущтэу Ибрахьимэ ишIошъхъуныгъэрэ ишIу-
шIагъэхэмрэ зэрэзэгъусагъэхэр олъэгъу. Ибрахьимэ ишIу-
шIагъэхэр ары ишIошъхъуныгъэ изыгъэкъугъэхэр. [23] Мы
гущыIэхэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэри* къэшъы-
пкъэжьыгъэх: «Ибрахьимэ ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ иIэ
хъугъэ. Арыти, Тхьэм ежьым ыдэжькIэ ащ шъыпкъа-
гъэ иIэу ылъытагъ». Тхьэм иныбджэгъукIи Ибрахьимэ
еджэщтыгъэх. [24] Арэущтэу шъолъэгъуба, цIыфым шIошъ-
хъуныгъэ зэриIэм имызакъоу шIу зэришIэрэри ары Тхьэм
ежьым ыдэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу зыкIилъытэрэр?

[25] Ащ фэдэу бзылъфыгъэ хэтакIоу Раав* зыцIэм джурт
лIыкIохэр ригъэблагъэхи, нэпэмыкI гъогукIэ зыкIарегъэ-
тхъужьым, ышIагъэм пае Тхьэм ежьым ыдэжькIэ ащ

---

2:21 Ибрахьимэ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 22:1–14.

2:23 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 15:6.

2:25 Раав – еплъ Исус Навин икъэбар зэрыт тхылъым 2:1–21.

шъыпкъагъэ иIэу ылъытагъэба? [26] Арэущтэу псэ зимыIэ
пкъыр зэрэлIагъэм фэдэу, шIушIагъэхэр зимыгъусэ
шIошъхъуныгъэри лIагъэм фэд.

# ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

## Бзэгур уубытыныр

Сшыхэр, шъуащыщэу бэ гъэсакIоу орэмыхъу, сыда пIо-
мэ Тхьэм тэ гъэсакIохэм хьыкумэу къыттришIыхьащтыр
нахь хьыкумышхоу зэрэхъущтыр шъошIэ. [2] Тэ зэкIэми
Iаджыри псэкIод тэшIэ. ЦIыф горэм игущыIэхэмкIэ
псэкIод ымышIэмэ, зишъыпкъагъэ щыкIагъэ зимыIэ
цIыф икъугъэу щыт, ыпкъ зэкIэ ыгъэIорышIэн елъэкIы.
[3] Шыхэм шхоIур ажэмэ адэтэлъхьэ, дгъэIорышIэнхэм
пае. АщкIэ зэкIэ апкъ зетэщэ. [4] Къухьэхэми шъуяплъ.
Ахэр иных, жьыбгъэшхохэми афых. Ау щытми, къухьэр
зезыфэрэм къухьэм ыкIэ пыт хьанцэ цIыкIумкIэ зыды-
фаем егъазэ. [5] Ащ фэдэу бзэгури пкъым щыщэу зы пкъы-
гъо цIыкIу, ау бэ егъахъэ. Шъуеплъ, мэшIо цIыкIум
мэзышхор зэрэзэкIигъанэрэм. [6] Бзэгури зыгъэкIодырэ ма-
шIом фэд. Мы дунаем ибзэджагъэ ащ тиз. Тэ тпкъы
щыщхэм ащыщэу бзэгур ары пкъыр зэкIэ мыкъабзэу
зышIырэр, щыIэныгъэм ищэрэхъи* машIо хэзыгъанэ-
рэр. Джэхьнэмым имашIу ары ежь бзэгум машIо къы-
кIэзыдзагъэр.

[7] Сыдрэ хьакIэ–къуакIи, бзыуи, ныбэкIэ цуахъорэ псэу-
шъхьи, псым хэс псэушъхьи цIыфхэмэ агъэIасэх ыкIи
агъэIэсагъэх, [8] ау бзэгур зыми ыгъэIэсэн ылъэкIы-
рэп. Ар къэбгъэуцун умылъэкIэу бзаджэ гор, лIэныгъэ
къызхэкIырэ щынаутри хиз.

[9] БзэгумкIэ Тхьэу Ты лъапIэм щытхъу фэтэшIы, бзэгум-
кIи ежь фэдэнхэу Тхьэм къыгъэхъугъэ цIыфхэм тяхъоны.
[10] А жэ дэдэм щытхъури хъонэныри къыдэкIых. Арэущтэу
щытмэ хъущтэп, сшыхэр. [11] А зы псынэ дэдэм псы IэшIури
псы дыджыри къикIын ылъэкIына? [12] Сшыхэр, ынджыр

---

3:6 щыIэныгъэм ищэрэхъ – зы цIыф горэм ищыIэныгъэ зэкIэ ары.

чъыгым* зейтун* къыпыкIэн ылъэкIына? Е сэнэшъхьэ къулэм ынджыр къыпыкIэн ылъэкIына? Джащ фэдэу псынэ щыугъэм псы IэшIу къикIын ылъэкIыщтэп.

### ЗэхэшIыкIыныгъэу уашъом къикIырэр

[13] Шъо шъуащыщэу хэта зэхэшIыкIыныгъи гулъытэны-
гъи зиIэр? Ащ изекIокIэ дэгъукIэ гушъэбагъэу зэхэшIы-
кIыныгъэм къикIырэр иIэу, ишIушIагъэхэр къерэгъэлъа-
гъох. [14] Ау шъугъоныгъэ дыджымрэ зэщыхьаныгъэмрэ
шъугухэм арылъхэмэ, шъузыщымытхъужь, шъыпкъа-
гъэри шъумыгъэпцIы. [15] Ащ фэдэ зэхэшIыкIыныгъэр уа-
шъом къикIырэп, ар мы дунаем щыщ нахь. Тхьэм Ыпсэ
ЛъапIи хэлъэп, джынапцIэхэр хэлъхэ нахь. [16] Сыда пIо-
мэ шъугъоныгъэрэ зэщыхьаныгъэрэ зыдэщыIэм, Iофхэр
зэIыхьагъэхэу щэхъух, сыдрэ дэигъэри щыIэ мэхъу.
[17] Ау уашъом къикIырэ зэхэшIыкIыныгъэр ыпэ рапшIэу
къабзэ, етIанэ зэшIужьыныгъэ хэлъ, гушъабэ, IорышIэ,
гукIэгъу хэлъ зэпыт, шIу ешIэ зэпыт, зафэ, тхьагъэпцIы-
гъэри хэлъэп. [18] ЗэшIужьыныгъэ зышIэхэрэр ары шъып-
къагъэр къызхэкIырэ чылапхъэр гупсэфыныгъэкIэ цIыф-
хэм агухэм арызылъхьэхэрэр.

## ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

### Мы дунаем ныбджэгъу уфэхъуныр

ЗэпыиныгъэрэзэщыхьаныгъэрэтыдэкъикIыхэукъы-
шъухахьэхэра? Хъопсэныгъэ Iаехэу шъугухэм ащызаохэ-
рэр арыба къызхэкIыхэрэр? [2] Зыгорэм шъуфай, ау къы-
жъудэхъурэп. ШъоукIы ыкIи шъохъуапсэ, ау шъузыфаер
шъуIэкIахьэрэп. Шъузэщэхьэх ыкIи шъузэпый. Тхьэм къы-
шъуитынэу шъуелъэIурэпышъ, зи шъуиIэп. [3] Тхьэм шъу-
елъэIуми, зи къышъуитырэп, сыда пIомэ Iэягъэ шъугу-

3:12 ыджыр чъыгыр – «смоковницэ» ары.

3:12 зейтун – «маслинэ» ары.

хэм арылъэу, шъугухэр зыкIэхъопсырэ Iофхэм атежъу-
гъэкIодыныр ары Тхьэм шъузфелъэIурэр.
[4] Шъо зинэ зышIэхэрэм шъуафэд. Мы дунаем ныбджэ-
гъу шъуфэхъуным Тхьэм пый шъуфэхъуныр ары къи-
кIырэр, шъошIэба ар? Арэущтэу хэти дунаем ныбджэ-
гъу фэхъунэу фаер Тхьэм пый фэхъу. [5] Хьауми Тхьэм
игущыIэ тхыгъэхэм мырэущтэу зэрарытыр хьаулыеу
шъогугъа: «Тыгухэм арылъ псэр лъэшэу мэшъугъо?»
[6] Ау тыгухэм арылъым нахьи, Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэ
нахь ин. Арышъ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм мырэущтэу
арыт:*

«Тхьэр пэгагъэ зыгу илъ цIыфым пэуцужьы,
ау пэгагъэ зыгу имылъым ынэшIу къыщефэ».

[7] Арышъ, Тхьэм шъуфэIорышI. Шэйтаным шъупэуцуи,
шъуапашъхьэ икIынышъ, кIитхъужьыщт. [8] Тхьэм пэ-
гъунэгъу шъухъуи, ежьыри къышъупэгъунэгъу хъущт.
ШъуIэхэр жъугъэкъабзэх, шъо псэкIод зышIэхэрэм, шъу-
гухэр жъугъэкъабзэх, шъо теубытэныгъэ зимыIэхэу,
акъыл тIуанэхэр зиIэхэм. [9] Шъунэшхъэй, шъугъ, ыкIи
шъупыхь. ШъуидэхьашхыН гъынкIэ, шъуигушIуагъуи нэ-
шхъэигъэкIэ зэблэхъугъэу орэхъу. [10] Тхьэм ыпашъхьэ зы-
щыжъугъэцIыкIуи, ежьыми шъукъиIэтыщт.

## Тшы горэм хьыкум тепшIыхьаныр

[11] Сшыхэр, Iэягъэкlэ шъузэтемыгущыIэжь. ЦIыфэу
зыш Iэягъэкlэ тегущыIэу зыгъэмысэрэр Тхьэм иунашъо-
хэм Iэягъэкlэ атегущыIэ, ахэри егъэмысэх. Ау Тхьэм
иунашъохэр бгъэмысэхэмэ, ахэр умыгъэцэкIагъэхэу
мэхъу, хьыкум атепшIыхьагъэуи мэхъу. [12] ЦIыфхэм уна-
шъохэр афэзышIэу, хьыкум атезышIыхьэрэр зы закъоу
мэхъу, цIыфхэр мыкIодхэу къэзыгъэнэжьынэу ыкIи зыгъэ-
кIодынэу лъэкIыныгъэ ЗиIэр ары. Ау о хэт ущыщ, уи-
гъунэгъу бгъэмысэжьынэу?

---

4:6 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ ГущыIэжъхэу пачъыхьэ Сэлмэн ытхыгъэхэм (Притчи) 3:34.

### Узщымытхъужь

13 Джы шъукъэдаIу, шъо, мырэущтэу зыIохэрэр: «Непэ е
неущ мо къалэм е адрэ къалэм тыкIонышъ, зы илъэс
тыкъэтыщт, щэф–щэжьынымкIэ ахъщэ къэдгъэхъэщт».
14 Ау неущ хъущтыр шъушIэрэп. ШъуищыIэныгъэ сыд
фэда? Зы тIэкIурэ къэлъагъоу, етIанэ кIодыжьырэ па-
хъэм шъуфэд. 15 Ау арэущтэу шъумыIоу мырэущтэу
шъуIон фае: «Зиусхьаныр фаемэ, тыпсэущт, мыхэр е
мохэр тшIэщтых». 16 Ау джы зышъошIошIыжьы ыкIи
шъузыщэтхъужьы. Ащ фэдэ зыщытхъужьыныр зэкIэ
дэи. 17 Арышъ, шIугъэу ыгъэцэкIэн фаер гурыIо пэтми,
зымыгъэцакIэрэм псэкIод ешIэ.

## ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

### Шъо, байхэр, шъузфэсакъыжь

Шъо, цIыф байхэр, шъукъэдаIу. Насыпынчъагъэу къы-
шъулъыIэсыщтым пае шъугъ ыкIи шъупыхь. 2 Шъуимылъку
шъугъэ, хъунэхэми шъуищыгъынхэр ашхыгъэх. 3 Шъуи-
дышъи шъуитыжьыни улъыигъэх. Ахэмэ яулъыигъэ шы-
хьатэу къышъупэуцущт, шъупкъыри ыгъэкIодыщт, ма-
шIом зэригъэкIодырэм фэдэу. Мы дунаем иаужырэ мафэхэм
мылъку шъуугъоигъэ. 4 IофшIакIохэу шъуихьасэхэр зыхы-
жьыгъэхэу, лэжьапкIэ зэшъумытхэу къэжъугъэнагъэхэр
шъуагъэмысэзэ къэкуох. ХынакIохэм якуо макъэ Зиус-
хьан Сэваоф* ытхьакIумэхэм анэсыгъ. 5 Мы дунаем ахъща-
бэ зытежъугъэкIуадэу, зыжъугъэтхъэжьэу шъущыпсэугъ.
ШIуабзынэу агъэшхэгъэ былымым фэдэу,* шъузышIуа-
бзыщт мафэм пае псэкIодшIэнымкIэ зыжъугъэшхэкIыгъ.
6 Шъыпкъагъэ зиIэ цIыфыр жъугъэмыси, шъуукIыгъэ. Ар
шъо къышъупэуцужьыгъэп.

---

5:4 Сэваоф – лъэкIыныгъэшхор зэкIэ ЗиIэр ары.

5:5 шIуабзынэу агъэшхэгъэ былымым фэдэу – ащ фэдэу шъори псэкIодшIэнымкIэ зызэрэжъугъэшхэкIыгъэм пае, Тхьэм шъуигъэпщыныжьыщт.

## ЩыIагъэ зибгъэIэнымрэ тхьэлъэIунымрэ

[7] Арышъ, сшыхэр, Зиусхьаныр къэкIожьыфэ, щыIагъэ
зижъугъаI. МэкъумэщышIэм чIыгум хипхъэгъэ чылэп-
хъэ лъапIэр къэкIэу лэжьыгъэ охъуфэ, зэрэпаплъэрэм
шъуеплъ. Ыпэрэ ощхыри ыужырэ ощхыри къещхыфэ,
щыIагъэ иIэу пэплъэ. [8] Джащ фэдэу шъори щыIагъэри
гупытэныгъэри зижъугъаI, сыда пIомэ Зиусхьаныр ду-
наем къызыкIожьыщт мафэр къэблэгъагъ. [9] Сшыхэр,
шъузэфэмытхьаусых, Тхьэм шъуимыгъэмысэным пае.
ЦIыфхэм хьыкум АтезышIыхьэрэр пчъэIупэм Iут.

[10] Сшыхэр, Зиусхьаным ыцIэкIэ къэгущыIэгъэ пегъым-
бархэм щысэ атешъух. Къин ащэчы зэхъум, щыIагъэ
зырагъэIагъ. [11] Теубытэныгъэ зиIэхэр сыхьатмафэ ежьа-
гъэхэу тэIо. Пегъымбар Аюбэ* итеубытэныгъэ икъэбар
зэхэшъухыгъэ. Аужьыпкъэм Зиусхьаным ащ шIу къы-
зэрэригъэгъотыжьыгъэри шъошIэ, сыда пIомэ Зиусхьа-
ным гукIэгъуныгъэшхо иI ыкIи ыгу къытэгъу.

[12] Сшыхэр, зэкIэмэ апэу, тхьарыIо шъумышIы. Уашъом-
кIи, чIылъэмкIи, сыд щыщкIи тхьарыIо шъумышIы.
«Ары», шъуIоу щытмэ, жъугъэшъыпкъэжь, «Хьау, арэп»,
шъуIоу щытмэ, ари жъугъэшъыпкъэжь, Тхьэм шъуимы-
гъэмысэным пае.

[13] Шъуащыщэу зыгорэм къин ыщэчымэ, Тхьэм ерэ-
лъэIу. Зыгорэ гушIомэ, тхьэщытхъу орэдхэр къерэIох.
[14] Шъуащыщэу зыгорэ сымаджэмэ, чылыс зэIукIэм ина-
хьыжъхэм* къярэдж. Ахэмэ Зиусхьаным ыцIэкIэ дагъэ
щыфарэшIи ферэлъэIух, [15] шIошъхъуныгъи яIэу Тхьэм
елъэIухэмэ, сымаджэр хъужьыщт. Зиусхьаным ар къыгъэ-
тэджыжьыщт. ПсэкIод ышIагъэми, фэгъущт. [16] Арышъ,
Тхьэм шъуигъэхъужьыным пае, шъуипсэкIодхэр зым адрэм
ыпашъхьэ рерэлъхьэхи, Тхьэм шъузэфелъэIужь. Шъып-
къагъэ зиIэ цIыфым итхьэлъэIу лъэкIыныгъэ иI ыкIи
бэ егъахъэ.

[17] Пегъымбар Иляс* тэщ фэдэу цIыфэу щытыгъ. Ощх

---

5:11 Аюб – еплъ Аюбэ икъэбар зэрыт тхылъым (Иов) 2:10; 42:10.

5:14 чылыс зэIукIэм инахьыжъхэр – чылыс зэIукIэм фэлажьэрэ тхьама-
тэ горэхэр ары.

5:17–18 пегъымбар Иляс – еплъ Пачъыхьэхэм якъэбархэр зэрыт апэрэ
тхылъым (3–я Царств) 17:1; 18:42–45.

къемыщхыным пае, Тхьэм ишъыпкъэу елъэIуи, илъэси-
щырэ мэзихырэ чIыгум ощх къытещхагъэп. [18] ЕтIани
Тхьэм елъэIужьи, Тхьэм ощх къыригъэщхи, чIыгум хэлъ-
хэр къэкIыжьынхэу ежьагъэх.

[19] Сшыхэр, шъуащыщэу зыгорэ шъыпкъагъэм игъогу
текIы хъумэ, ар гъогу занкIэм тезыгъэхьажьырэм мыр
ерэшI: [20] ПсэкIодышIэ цIыфэу игъогу пхэнджым тетыр
хэтми гъогу занкIэм тезыгъэхьажьырэм адрэр лIэныгъэм
къыхищыжьынышъ, псэкIодыбэхэри къыфэгъущтых.



# *АПОСТОЛ ПЕТРЭ АПЭРЭ ТХЫЛЪЭУ ЫТХЫГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### ШIуфэс ехыныр

Сэ сы Петрэ, Исус Христос иапостолэу сыщыт. Шъо Тхьэм ицIыф лъапIэхэу зэбгырыкIыгъэхэу хэкухэу Понт, Галатие, Каппадокие, Асие, Вифиние ащыпсэухэрэм мы тхылъыр къышъуфэсэтхы. [2]Тхьэу Ты лъапIэм ыпэкIэ зэриухыгъэм тетэу, ибынхэм ащыщ шъухъунэу шъукъыхихыгъ, ежь ЫпсэЛъапIи шъугухэр егъэкъэбзэ зэпытых, Исус Христос нахьыбэрэ шъуедэIуным пайй, ащ ылъэу къащым щыкIэкIыгъэмкIэ къабзэ шъухъуным пайй. Тхьэм ынэшIу инэу къышъущерэфэ зэпыт, гупсэфыныгъэшхуи къышъуерэт зэпыт.

### МыкIодыжьын гугъапIэ

[3]Тхьэу ти Зиусхьанэу Исус Христос Ятэ щытхъушхор
ий! Исус лIагъэхэм къызэрахигъэтэджыкIыжьыгъэмкIэ

Тхьэм игукIэгъуныгъэшхокIэ икIэрыкIэу тыкъалъфыжьыгъэу
тигъэхъугъ. Арэущтэу мыкIодыжьын гугъапIэ тиIэ хъугъэ, [4] IэхьышIоу Тхьэм ицIыфхэм афигъэхьазырыгъэри
къытлъысыщт. А мыкIодыжьын IэхьышIоу щыкIагъэ
зимыIэу, зэрэщытэу къанэрэр Тхьэм уашъом къыщышъу
феухъумэ. [5] ШIошъхъуныгъэ зэрэшъуиIэм пае, Тхьэм
илъэкIыныгъэкIэ шъукъеухъумэ, шъумыкIодэу шъукъызэригъэнэжьыгъэр
дунаем иаужырэ мафэхэм нафэу къэхъуным пае. [6] Арышъ, зы тIэкIурэ къин зэфэшъхьаф зэрэшъущэчрэм
пае, джы шъугу къеон фаеми шъугушIу.
[7] А къинхэр зыфэшъущэчхэрэр шъуишIошъхъуныгъэ загъэунэфы
ужым, ишъыпкъагъэ нафэу хъуныр ары. Дышъэм
ишъыпкъагъэ машIомкIэ агъэунэфы пэтми, а
дышъэр кIодыжьыщт. ШъуишIошъхъуныгъэ а дышъэм
нахьи нахь лъапI. Арэущтэу Исус Христос къызыкIожьыщт
мафэм дэжь шъуишIошъхъуныгъэ ишъыпкъагъэ
пае, Тхьэм шъхьэкIэфыныгъи, щытхъуи, лъытэныгъи
къышъуфишIыщт. [8] Исус Христос шъумылъэгъугъэ пэтми,
шIу шъолъэгъу. Джы шъумылъэгъуми, ежьымкIэ шIошъхъуныгъэ
шъуиI, къэпIон умылъэкIынэу, щытхъушхо зыхэлъ
гушIогъошхуи шъугухэм арылъ. [9] Сыда пIомэ аужыпкъэм
шъуишIошъхъуныгъэкIэ шъумыкIодэу Тхьэм шъукъызэригъэнэжьыщтым
шъунэсы.

[10] Тхьэм ынэшIу къызэрэшъущифэщтым икъэбар зыгъэIугъэ
пегъымбархэм цIыфхэр мыкIодхэу Тхьэм къызэригъэнэжьыщтхэм
ехьылIэгъэ къэбар пстэуми ахаплъэщтыгъэх,
ахэри агъэунэфыщтыгъэх. [11] Христос
къинхэр ыщэчынхэшъ, ащ нэужым щытхъушхо иIэ зэрэхъущтыр
пегъымбархэм агухэм арылъ Христос Ыпсэ
ЛъапIэ къызеIом, уахътэу зытегущыIэрэри, Христос
къызэрэкIожьыщт шIыкIэри пегъымбархэм зэрагъэшIэнэу
ыуж итыгъэх. [12] Пегъымбархэр Iофхэу къызтегущыIэхэу
щытыгъэхэр ежьхэм яуахътэ къэмыхъухэзэ,
шъо шъуиуахътэ къызэрэхъущтхэр Тхьэм къагуригъэIогъагъ.
Тхьэм ежь Ыпсэ ЛъапIэу уашъом къафыригъэхыгъэм
илъэкIыныгъэкIэ къэбарышIур* шъозыгъэIугъэхэм
мы Iофхэм якъэбар джы къышъуаIотагъ. МэлэIичхэри
мы Iофхэм ахэплъыхьанхэу фаех.

1:12 къэбарышIур – Исус Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур ары.

## ГукъэбзагъэкӀэ шъузекӀу

13 Арышъ, шъуицыякӀэхэр дэупкӀагъэхэу, шъугухэмкӀэ
хьазырэу шъущыт. ЗыщыӀэныгъэ зижъугъаӀ. Исус Христос къызыкӀожьыщт мафэм дэжь Тхьэм ынэшӀу къызэрэшъущифэщтым шъуишъыпкъэу шъущыгугъэу шъупаплъ.
14 Шъыпкъагъэр зыфэдэр шъумышӀэу, шъуихъопсэныгъэ Ӏаехэм шъукъыращэкӀэу зэрэщытыгъэм фэдэу, джы сабый ӀорышӀэхэм афэдэу зыкъыряшъумыгъэщэкӀ.
15 Ау Тхьэу зибынхэм ащыщ шъухъунэу къышъоджагъэр
лъапӀэу зэрэщытым фэдэу, шъори шъугу лъапӀэу ыкӀи
шъугу къабзэу шъушӀэрэ пстэури шъушӀэ. 16 Сыда пӀомэ
Тхьэм къызэриӀорэр игущыӀэ тхыгъэхэм арыт:* «Сэ лъапӀэу сызэрэщытым пае, шъори лъапӀэу шъущытын фае».

17 Тхьэу цӀыфхэм ятеплъэ емыплъэу, цӀыф пстэури
зизэфэдэхэу щытэу, хэти ышӀагъэм тетэу шъыпкъагъэкӀэ хьыкум тезышӀыхьэрэм шъузелъэӀукӀэ, «О, Ты
лъапӀ», ешъоӀо. Арышъ, шъухымэу мы дунаем щыжъугъакӀорэ уахътэр Тхьэм ищынагъо шъугухэм арылъэу
щыжъугъакӀу. 18 Сыда пӀомэ зэрэшъушӀэрэм фэдэу,
шъуятэжъхэм къакӀэныжьыгъэ псэукӀэу пкӀэ зимыӀэм
шъухищыжьынэу Христос шъушъхьэ ыщэфыжьыгъ. Шъушъхьэ зэрищэфыжьыгъэр кӀодыжьын тыжьыныр е дышъэр арэп, 19 ежьым ылъэу уасэ зыфэпшӀынэу щымытыр ары нахь. Ежьыр щыкӀагъэ зимыӀэу, бжьыгъэ зытемылъ шъынэм фэд. 20 Дунаер къыгъэхъуным ыпэкӀэ,
Тхьэм Христос къыхихыгъ, ау джы дунаем икӀэух дэжь
шӀугъэ къыжъудигъэхъунэу Христос къэлъэгъуагъ.
21 Христос ТхьэмкӀэ шӀошъхъуныгъэ шъуиӀэ ыгъэхъугъ.
Тхьэр ары Христос лӀагъэхэм къахэзыгъэтэджыкӀыжьыгъэр, щытхъушхори къезытыгъэр. Ащ пае ТхьэмкӀэ
шӀошъхъуныгъэ шъуиӀэ хъугъэ, Тхьэми шъущэгугъы.

22 Шъыпкъагъэм шъузэредэӀугъэм пае, шъугухэр къабзэу
хъугъэх. Арэущтэу шъушыхэр пцӀы хэмылъэу шӀу
шъолъэгъух. Арышъ, гукъэбзагъэкӀэ шӀу шъузэрэлъэгъу зэпыт, 23 сыда пӀомэ икӀэрыкӀэу шъукъалъфыжьыгъэу шъущыт. ИкӀэрыкӀэу шъукъызэралъфыжьыгъэр

1:16 Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:2.

кIодыжьын чылапхъэп, мыкIодыжьын чылапхъэ нахь.
А чылапхъэу щыIэныгъэ къызхэкIэу, Тхьэм игущыIэу
егъашIэм зэрэщытэу къэнэжьыщтыр ары.
24 Сыда пIомэ
Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,*

«ЦIыф пстэури уцым фэдэх, зэкIэ ящытхъуи
уцым икъэгъагъэ фэд.
Уцыр мэгъужьы, къэгъагъэри мэкIодыжьы.
25 Ау Тхьэм игущыIэхэр мыкIодыжьхэу егъашIэм
къэнэх».

А гущыIэхэр ары Тхьэм фэлажьэрэ цIыфхэм къышъуагъэIугъэхэр.

## ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

### Лъэпкъ лъапIэр

Арышъ, бзэджэгъэ пстэури, тхьагъэпцIыгъэ пстэури,
нэпитIугъэри, шъугъоныгъэри, цIыфхэм Iэягъэкlэ шъуатегущыIэнри хэшъунэжьых.
2 Сабыеу къалъфыгъакIэхэр
янэ ибыдзыщэ зэрэкIэхъопсыхэрэм фэдэу, шъори Тхьэм
игущыIэхэу щэ къабзэм фэдэхэм шъуакIэхъопс ахэмкIэ
иныв шъухъоу, шъумыкIодэу Тхьэм шъукъигъэнэжьыным
пае.
3 Сыда пIомэ Зиусхьаныр зэрэшIур зэжъугъэшIагъэ.

4 Зиусхьаным пэгъунэгъу шъухъу. Ары щыIэныгъэ зиIэ
мыжъоу цIыфхэм зэрамыпэсэу чIадзыжьыгъэр, ау Тхьэм
ар къыхихыгъ, ежьымкIэ ащ осэшхо иI.*
5 Шъори щыIэныгъэ зиIэ мыжъохэм шъуафэдэу, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ зыдэщыIэ унэшхом щыщ шъухъу. Джарэущтэу дин
пэщэ лъапIэхэу шъухъущт, къурмэныпхъэхэу Исус Христос Iофэу ышIагъэм пае, Тхьэм ыгу зэIухэрэри гурэ
псэрэкIэ Тхьэм ешъухьылIэшъущтых.
6 Сыда пIомэ Тхьэм
къызэриIуагъэр игущыIэ тхыгъэхэм арыт:*

---

1:24 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 40:6–8.

2:4 Е Зиусхьан Исус пэгъунэгъу шъухъу. Ар унэ зышIыхэрэм зэрамыпэсыгъэ мыжъом фэд. Ау Тхьэу щыIэныгъэ зиIэ унэшхо зышIырэм осэшхо иIэу елъытэшъ, ар къыхихыгъ.

2:6 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 28:16.

«ШъукъэдаIу, сэ къыхэсхыгъэу,
мыжъо лъапсэу осэшхо зиIэр Сион къалэм
щысэгъэтIылъы.
А мыжъомкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр кIэгъожьы-
щтэп».
7 Шъо шIошъхъуныгъэ зиIэхэмкIэ а мыжъом* осэ-
шхо иI. Ау шIошъхъуныгъэ зимыIэхэмкIэ
«Унэ зышIыхэрэм зэрамыпэсэу чIадзыжьыгъэ
мыжъор
унэм мыжъо лъэпсэ дэдэу фэхъугъ»,
8 ащ нэмыкIэуи,
«ЦIыфхэр зыгъэлъэпаорэ мыжъоуи,
цIыфхэр чIыгум тезыгъафэрэ мыжъошхоуи*»
хъугъэ. Тхьэм игущыIэхэм зэрямыдэIухэрэм пае,
мэлъэпаох, Тхьэм ахэмэ зэрафигъэнэфагъэм фэдэу.
9 Ау шъо Тхьэм къыхихыгъэ унэгъо лъэпкъэу, Тхьэу
пачъыхьэм фэлажьэрэ дин пащэхэу, лъэпкъ лъапIэу,
Тхьэм ицIыфхэу шъущыт. Арэущтэу зыфэхъугъэр шIун-
кIыгъэм шъукъыхэкIыжьынышъ, нэфынэ гъэшIэгъоны-
шхом шъухэхьанэу къышъоджэгъэ Тхьэм иIоф гъэшIэ-
гъонхэр жъугъэIунхэр ары. 10 Пасэм Тхьэм ылъэпкъэу
шъущытыгъэп, джы Тхьэм шъурилъэпкъ. Пасэм Тхьэм
гукIэгъу къышъуфимышIэу щытыгъ, джы гукIэгъу къы-
шъуфешIы.

## Тхьэм фэлажьэрэ цIыфхэм яфэшъуашэу шъузекIу

11 СилъапIэхэр, шъо хымэхэу ыкIи мы дунаем хы-
мэхэсхэу щыпсэухэрэм, хъопсэныгъэ Iаехэу шъупсэ къы-
пэуцухэрэм защышъудзыенэу сышъолъэIу. 12 Тхьэр зы-
мышIэхэрэм апашъхьэ дахэу шъущызекIу. Сыда пIомэ
«Мы цIыфхэр бзэджашIэх», аIозэ, IэягъэкIэ къышъу-
тегущыIэхэми, шъуишIушIагъэхэр алъэгъунхэшъ, Тхьэр
ахэмэ зяплъыщт мафэм дэжь ахэми Тхьэм щытхъу
фашIыщт.
13 Зиусхьаным игъогу шъузэрэрыкIорэм пае, тетыгъо
зиIэ цIыф пстэуми шъуафэIорышI: зэкIэмкIи тетыгъо

2:7 мыжъор – Христосыр ары. Еплъ Сэбур (Псалтыр) 118:22 (урыс библиемкIэ 117:22).

2:8 Еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 8:14.

зиIэ пачъыхьэр арыми, ащ шъуфэIорышI, [14] бзэджашIэ-
хэмэ къин атезылъхьанэуи, шIу зышIэхэрэм ащыт-
хъунхэуи пачъыхьэм къыгъэкIогъэ Iэшъхьэтетхэр ары-
ми, ахэмэ шъуафэIорышI. [15] Сыда пIомэ шIу зэрэт-
шIэрэмкIэ гулъытэ зимыIэ цIыфхэу зи зымышIэхэрэм
ажэ ядгъэубытыныр ары Тхьэр зыфаер. [16] Шъхьафитны-
гъэкIэ шъузекIу, ау бзэджэшIэнымкIэ шъхьафитныгъэр
ушъхьагъу шъумышIы, ау Тхьэм фэлажьэрэ цIыфхэм
яфэшъуашэу шъузекIу. [17] ЦIыф пстэуми лъытэныгъэ
афэшъушI, шъуушыхэри шIу шъулъэгъух, Тхьэми шъущы-
щын, пачъыхьэми лъытэныгъэ фэшъушI.

## Христос къин зэрищэчыгъэм фэдэу, шъори къин шъущэчызэ, илъэужхэм шъуарыкIу

[18] Шъо, унэIутхэр, лъытэныгъэ пстэумкIи шъуитхьама-
тэхэм шъуафэIорышI, тхьэмэтэ шъабэу ыкIи шэнышIом
изакъоп, тхьэмэтэ пхъашэри ары. [19] Сыда пIомэ лажьэ
имыIэми, къин зырагъэщэчкIэ, Тхьэм егупшысэу ыгукIэ
щыIагъэ зиIэр ары Тхьэм ыгу зэIурэр. [20] Ау мыхъун
шъушIагъэу къызышъуаохэкIэ, шъугухэмкIэ щыIагъэ
зижъугъаIэмэ, шъоркIэ сыд фэдэ щытхъуа ащ хэлъыр?
Ау шIу шъушIэ пэтми, къин зышъуагъэщэчкIэ шъугу-
хэмкIэ щыIагъэ зижъугъэIэныр ары Тхьэм ыгу зэIурэр.
[21] Арэущтэу шъузекIонэу Тхьэр къышъоджагъ, сыда пIо-
мэ Христоси шъощ пае къин ыщэчыгъ, илъэужхэм шъуа-
рыкIонэу шъушIапхъэхэри шъуигъэлъэгъугъэх.

[22] «Ежьым псэкIод зи ышIагъэп,
узыгъэпцIэн гущыIи ыжэ зи къыдэкIыгъэп».*

[23] Къехъоныщтыгъэхэми, яхъоныжьыщтыгъэп. Къин
езыгъэщэчыщтыгъэ цIыфхэми, «Сэ къин шъозгъэщэчы-
жьыщт», ариIуагъэп, ау а Iофыр Тхьэу цIыфхэм хьы-
кум зэфагъэкIэ атезышIыхьэрэм фигъэзагъ. [24] Къащым
зыраIулIым, типсэкIодхэр къыттырихызэ, ахэмэ яфэшъо-
шэ къиныр ежь ыпкъ тырилъхьагъ, псэкIодым илъэкIы-
ныгъэ тэ тыкъыIэкIищыжьыгъэу, шъыпкъагъэм тыфэ-
псэуным пае. Ежь иуIагъэхэмкIэ шъуигъэхъужьыгъ.
[25] Сыда пIомэ шъо гъощэгъэ мэлхэм шъуафэдэу шъущы-
тыгъ, ау шъупсэхэм яухъумакIоу ыкIи шъуимэлахъо
ыдэжь джы шъукъэкIожьыгъ.

---

2:22 Еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 53:9.

# ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

## ЛIыхэмрэ шъузхэмрэ зэрэзэфыщытынхэ фаер

Шъо, шъузхэм, шъосэIо, шъуилIыхэм шъуафэIорышI.
Ар шъушIэмэ, ахэмэ ащыщхэр Тхьэм игущыIэхэм ямы-
дэIухэми, шъо, шъузхэм, зи шъумыIоу, шъуизекIуа-
кIэкIэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъущт, 2 гукъэбзагъэрэ Тхьэм
ищынагъорэкIэ шъузэрэзекIорэр залъэгъукIэ. 3 Дахэ шъу-
зышIырэр шъуитеплъэ арэу щэрэмыт, шъхьац блэн-
ри, дышъэкIэ зыжъугъэдэхэнри, щыгъын дахэхэри арэу
орэмыхъу, 4 ау цIыфхэм амылъэгъоу шъугухэм арылъэу,
гушъэбагъэмрэ гупсэфыныгъэмрэ къарыкIырэ дэхагъэу
мыкIодыжьыщтыр дахэ шъузышIырэр арэу орэхъу. Тхьэм-
кIэ ащ осэшхо иI. 5 Сыда пIомэ джары пасэм бзылъ-
фыгъэ лъапIэхэу Тхьэм щыгугъыхэу щытыгъэхэм зызэ-
рагъэдахэщтыгъэ шIыкIэр, ялIыхэми афэIорышIэщты-
гъэх. 6 Арэущтэу Сарэ* тхьаматэкIэ еджэу, Ибрахьимэ
едэIущтыгъ. ШIу шъушIэу зыми шъущымыщынэмэ, шъо-
ри Сарэ шъурибын.

7 Шъо, лIыхэм, шъосэIо, гурыIоныгъэкIэ шъуишъузхэм
шъуадэзекIу. Сыда пIомэ ахэмэ акIуачIэ шъо шъукIу-
ачIэ нахьи нахь макIэшъ ары. ЛъытэныгъэИ афэшъушI,
сыда пIомэ шъо шъуигъусэу Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэ-
кIэ ахэми IэхьэшIоу щыIэныгъэ къаретышъ ары. Арэу-
щтэу шъушIэмэ, шъуитхьэлъэIухэм зи къапэуцужьыщтэп.

## ШIу зэрашIэрэм пае, ХристоскIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм къин ащэчы

8 Аужыпкъэм шъо пстэури зыгу зыпсэу шъущыт. Зыр
зым фэгумэкIэу, шъузэкъошэу шъузэрэхъугъэм пае, шIу
шъузэрэлъэгъоу, гукIэгъу шъуиIэу, пэгагъэ шъугухэм
арымылъэу шъузекIу. 9 Бзэджагъэм бзэджагъэкIэ шъупэ-
мыгъокIыжь, хъуанэрэми хъонкIэ шъупэмыгъокIыжь. Ащ
ычIыпIэкIэ, «Тхьэм ынэшIу къышъуещерэф», яшъуIу; сыда
пIомэ ибынхэм ащыщ шъухъунэу Тхьэр къызфышъо-

---

3:6 Сарэ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 18:12.

джагъэр ынэшIу къызэрэшъущифэрэр Iэхьышloy къышъу-
лъысыныр ары. 10 Сыда пIомэ

«ЩыIэныгъэр шIу зылъэгъоу,
мэфэшIухэр зылъэгъун фэе цIыфым,
бзаджэ Iоным ыбзэгу щерэухъум,
ыIупэхэри тхьагъэпцIыгъэм щерэухъумэх.
11 Бзэджагъэм зыщерэдзыий, шIу ерэшI.
Зэзэгъыныгъэм игъогу лъыхъоу ыуж ерэт.
12 Сыда пIомэ Зиусхьаным ынаIэ
шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм атырегъэты.
ЫтхьакIумэхэри ахэмэ ятхьэлъэIухэм ядэIух.
Ау бзэджашIэхэм Зиусхьаным ыкIыб афегъазэ,
(дунаем тыригъэкIодыкIынхэм пае)».*

13 Шъуишъыпкъэу шIушIэным ыуж шъуитмэ, хэт зия-
гъэ къышъозыгъэкIын зылъэкIыщтыр? 14 Ау шъыпкъагъэм
пае къин шъущэчми, сыхьатмафэ шъуежьагъ. Арышъ,
цIыфхэм зяшъумыгъэгъащт ыкIи зыми зешъумыгъэгъэ-
гумэкI. 15 Зиусхьанэу Тхьэр шъугухэмкIэ жъугъэлъапIэ.
ГугъапIэу шъуиIэмкIэ хэт къышъоупчIыми, гушъэбагъэ-
кIи Тхьэм ищынагъокIи пэгъокI ешъутыжьынэу сыди-
гъуи хьазырэу шъущыт. 16 Мыхъун зи зыдэшъумышIэ-
жьэу шъугухэр къабзэу щыжъугъэтых, Христос зыгу
илъхэм яфэшъуашэу шъуизекIокIэ дэгъу ехъоныхэрэр
аIуагъэхэмкIэ укIытэжьынхэм пае. 17 Тхьэр арэущтэу
фаемэ, шIу зэрэшъушIэрэм пае, къин шъущэчыныр
нахьышIу, бзэджэшIэным пае къин шъущэчыным нахьи.
18 Сыда пIомэ Христос Тхьэм пэгъунэгъу тигъэхъуным
пае, типсэкIодхэм апае зэ къин ыщэчыгъ, джыри
зэ ахэмэ къин афимыщэчыжьынэу. Ежьым шъыпкъа-
гъэ иIэу, шъыпкъагъэ зимыIэхэмэ апае къин ыщэ-
чыгъ. ЦIыфхэм загъалIэм, лIэн фаеу щыт цIыфэу щы-
тыгъ. Тхьэм ар лIагъэхэм къызахегъэтэджыкIыжьым,
мылIэны псэу щытыгъ. 19 Ыпсэ илъэкIыныгъэкIэ чIы-
пIэ шIункIым* хэс псэхэм адэжь кIуи, Тхьэм икъэбар*
аригъэIугъ. 20 Ахэр арыгъэх Нухьэ* къухьэр ышIынэу

---

3:10–12 Еплъ Сэбур (Псалтыр) 34:12–16 (урыс библиемкIэ 33:13–17).

3:19 чIыпIэ шIункIыр – лIагъэхэм ядунай ары.

3:19 Тхьэм икъэбар – е къэбарэу ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр мыкIодхэу къызэрэнэжьыщтхэр ары, е къэбарэу Тхьэм цIыфхэм ябзэджагъэ зэраригъэпщыныжьыщтыр ары.

3:20 Нухьэ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 6:1–7:24.

зыпылъыгъэ мафэхэм Тхьэр щыIэгъэшхокIэ къапаплъэ-
щтыгъэми, ежьым емыдэIугъэхэр*. Къухьэм исхэу, нэ-
бгырий* хъухэу, цIыф заулэ псым щымыкIодхэу къэ-
нэжьыгъэх. 21 Ащ фэдэу, диным ехьылIагъэу тетыгъо
зиIэ цIыф горэм зызэрежъугъэумэхъырэмкIэ Исус Хри-
стос лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэм пае, шъу-
мыкIодэу Тхьэм джы шъукъегъэнэжьы. Зяжъугъэумэ-
хъыныр зыфасIорэр шъупкъыхэм шIоигъэр атешъуукъэ-
бзыкIыныр арэп, шъугухэмкIэ мыхъун зи зыдэшъумы-
шIэжьэу, Тхьэм шъуфэшъыпкъэнэу гущыIэ ешъутыныр
ары нахь. 22 Исус Христос уашъом дэкIоягъэу джы мэлэ-
Iичхэри, тетыгъорэ лъэкIыныгъэрэ зиIэхэри ежьым фэ-
IорышIэхэу Тхьэм иджабгъукIэ гос.

## ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

### ШIошъхъуныгъэ зимыIэхэм афэдэу шъумызекIу

Арышъ, Христос ыпкъыкIэ къин зэрищэчыгъэм пае,
шъори ежь игупшысакIэкIэ лъэкIыныгъэ зижъугъэIэн
фае, сыда пIомэ хэтми ыпкъыкIэ къин зыщэчыгъэм
псэкIодым иIоф хэлъыжьэп. 2 Арэущтэу мы дунаем
тыщыпсэунэу къытфэнэжьырэ мафэхэм цIыфхэр зыкIэ-
хъопсырэ Iофхэм атетэу тымызекIожьэу, Тхьэр зэрэ-
фаем тетэу тэзекIо. 3 Тхьэр зымышIэрэ цIыфхэр зе-
кIонхэу зэрякIасэм фэдэу, шъори пасэм шъузэрэзе-
кIощтыгъэр икъугъэба? МыхъомышIэ псэукIэм зешъу-
тызэ шъупсэущтыгъ, хъопсэныгъэ шIойхэми шъукъы-
ращэкIыщтыгъ, утэшъоныгъэми, ешхэ–ешъоныгъэми шъу-
шъхьарытIупщэу шъуапылъыщтыгъ. Тхьэ нэпцI гъэлъэ-
пIэныгъэ емыкIуми шъухэтыщтыгъ. 4 Ахэмэ ямыхъомы-
шIэ псэукIэу гъунэ зимыIэм джы гъусэ шъузэрэфэмы-
хъурэм пае, агъэшIагъо ыкIи къышъохъоных. 5 Ау
бэ темышIэу псаухэми лIагъэхэми хьыкум атезышIы-
хьащтым пэгъокI ратын фае. 6 Сыда пIомэ Христос

3:20 ежьым емыдэIугъэхэр – пегъымбар Нухь изэман щыпсэурэ цIыф-
хэу Тхьэм емыдэIухэу, Нухьэ къухьэр зешIым, ар зэришIырэр зымы-
дагъэхэр ары.

3:20 нэбгырий – пегъымбар Нухьэрэ, ащ ишъхьэгъусэрэ, Нухьэ
ыкъохэмрэ, ахэмэ яшъхьэгъусэхэмрэ ары.

лIагъэхэми* къэбарышIур* зыфаригъэIугъэр Тхьэм цIыф
пстэуми лIэныгъэм ихьыкум зэратыришIыхьэрэм фэдэу,
ахэр мы дунаем зытетхэм, лIэныгъэм ихьыкум атришIы-
хьагъэ пэтми, Тхьэр зэрэпсэурэм фэдэу, ахэри псэунхэр
ары.
7 Ау Iоф пстэуми якIэух къэблэгъагъ. Арышъ, Тхьэм
шъуелъэIушъуным пае, гурыIоныгъэри зыщыIэныгъэри
зижъугъаI. 8 ЗэкIэмэ апэу шъугу етыгъэу шIу шъузэрэ-
лъэгъу, сыда пIомэ шIулъэгъуныгъэм псэкIодыбэ егъэ-
гъу. 9 Шъумытхьаусыхэу шъузэрэгъэхьакI. 10 Тхьэм, ынэ-
шIу щыфэныгъэкIэ лъэкIыныгъэ зэфэшъхьафхэу шъуIэ
къырилъхьагъэхэм шIоу шъуарылажьэу, лъэкIыныгъэу
Тхьэм хэти ыIэ къырилъхьагъэмкIэ ишIуагъэ адрэхэм
арерэгъэкIыжь. 11 КъэгущыIэрэм Тхьэм ыдэжь къикIырэ
гущыIэхэр къерэIожьых. ЦIыфхэм зишIуагъэ языгъэ-
кIырэм Тхьэм лъэкIыныгъэу къыритырэмкIэ ишIуагъэ
арерэгъэкI. Ар шъушIэмэ, Исус Христос шъугухэм зэ-
рарылъым пае, шъушIэрэ пстэумкIи цIыфхэм Тхьэм
щытхъу фяжъугъэшIыщт. МыкIодыжьын щытхъушхори
лъэкIыныгъэшхори Тхьэм ий. Амин.

**Христос игъогу шъузэрэрыкIорэм пае, къин шъущэчыщт**

12 СилъапIэхэр, шъуишъыпкъагъэ зыгъэунэфырэ къи-
нышхоу шъущэчрэр* шъумыгъэшIагъо, къышъохъу-
лIэрэри гъэшIэгъонэу къышъущэрэмыхъу. 13 Ау Христос
къинхэу ыщэчыгъэхэмкIэ Iахьэ зэрэшъуиIэм пае шъу-
гушIу, сыда пIомэ Христос щытхъушхо иIэу къызы-
лъэгъощт мафэм ыдэжь гушIогъошхо шъуиIэщт.
14 Христос ыцIэ зэрэжъугъэлъапIэрэм пае, цIыфхэр
къышъохъонхэмэ, сыхьатмафэ шъуежьагъ, сыда пIомэ
Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэу щытхъушхо зиIэр шъуигъусэ.
15 Шъуащыщэу зыгорэм къин ыщэчы хъумэ, цIыф укIа-
кIоу, е тыгъуакIоу, е бзэджашIэу, е иIоф зыхэмылъым
пылъэу щытзэ, зыкIищэчрэр арэу орэмыхъу. 16 Ау
Христос игъогу зэрэрыкIорэм пае, зыгорэм къин ыщэчмэ
орэмыукIытэ, ау Христос игъогу рыкIохэрэм зэращы-

---

4:6 лIагъэхэми – еплъ 1 Петрэ 3:19.

4:6 къэбарышIур – еплъ 1 Петрэ 1:12.

4:12 шъуишъыпкъагъэ зыгъэунэфырэ къинышхоу шъущэчрэр Христос игъогу шъузэрэрыкIорэм пае къинэу шъущэчрэр ары.

щым пае, Тхьэм щытхъу ферэшI. 17 Сыда пIомэ Тхьэм ежь иунагъо хьыкум тыришIыхьанэу зиублэщт уахътэр къэсыгъ. ХьыкумшIыныр тэркIэ къеублэмэ, Тхьэм икъэбарышIу емыдэIухэрэм сыда къяхъулIэщтыр?»

18 «Шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэри ерагъэу мыкIодхэу
къэнэжьхэмэ,
Тхьэм ищынагъо зыгу имылъхэми псэкIод зышIэ-
хэрэми
сыда къяхъулIэщтыр?»*

19 Арышъ, Тхьэр зыфаем тетэу къин зыщэчхэрэм Тхьэу ахэр къэзыгъэхъугъэу узщыгугъышъуущтым ыIэ зырарэлъхьи, шIу арэшIэ зэпыт.

## ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

### Мэлахъом мэлхэм ынаIэ зэратригъэтырэм фэдэу, Тхьэм ицIыфхэм шъунаIэ атежъугъэт

Чылыс зэIукIэм инахьыжъхэу къышъухэтхэм сышъолъэIу. Сэри чылыс зэIукIэ горэм инахьыжъхэм сащыщ. Христос къинхэу ыщэчыгъэхэм сыряшыхьат, Христос ищытхъушхоу къэлъэгъонэу щытымкIи Iахьэ сиIэщт. СызэрэшъолъэIурэр мыры:
2 Мэлахъом мэлхэм ынаIэ зэратригъэтырэм фэдэу, шъори Тхьэм ицIыфхэу шъуадэжь щыIэхэм мэлахъо шъуафэхъуи, шъунаIэ атежъугъэт, егъэзыгъэ хэмылъэу, ау шъуигуапэу, Тхьэм ыгу зэреIурэм фэдэу. Мылъкум шъукIэмыхъопсэу, шъугу етыгъэу ахэмэ шъуафэлажь.
3 Ау шъуIэ илъ цIыфхэм лIыгъэкIэ тетыгъо афышъуиIэу шъуадемызекIу, ау шапхъэ шъуафэхъуным пае, шIу шъушIэ. 4 ЕтIанэ Христосэу апэрэ мэлахъор къызылъэгъожькIэ, текIоныгъэм итанджэу щытхъушхо зиIэу мыкIодыжьыщтыр къышъуитыщт.

5 Шъо, ныбжьыкIэхэри, нахьыжъхэм шъуафэIорышI. Пэгагъэ шъугухэм арымылъэу шъузэфыщыт, сыда пIомэ

«Тхьэр пэгагъэ зыгу илъ цIыфым пэуцу,
ау пэгагъэ зыгу имылъым ынэшIу къыщефэ».*

---

4:18 Еплъ ГущыIэжъхэу пачъыхьэ Сэлмэн ытхыгъэхэм (Притчи) 11:31.

5:5 Еплъ ГущыIэжъхэу пачъыхьэ Сэлмэн ытхыгъэхэм (Притчи) 3:34.

[6] Арышъ, лъэкIынычгъэ зиIэ Тхьэм ыпашъхьэ зыщы-
жъугъэцIыкIу, ежьым ыгъэнэфэгъэ уахътэр къызыскIэ,
шъукъиIэтыжьыным пае. [7] Шъуигумэкiыгъо пстэури Тхьэм
фэжъугъаз, сыда пIомэ ащ ынаIэ къышъутырегъэтышъ
ары.

[8] ЗыщыIэныгъэ зижъугъаI, шъумычъыеуи шъусакъ.
Гъуахъорэ аслъаным фэдэу, шъуипыеу шэйтаным зы-
горэ зэхицунтхъэным лъыхъузэ къекIухьэ. [9] ШIошъхъу-
ныгъэм игъогу шъукъызэкIэмыкIожьэу шъутетэу,
шэйтаным шъупэуцужь, сыда пIомэ шъушыхэм, дунаем
тыдэ щыIэхэми, ащ фэдэ къинхэр зэращэчхэрэр шъошIэ.

[10] НэшIу щыфэныгъэ пстэури зиIэ Тхьэм ищытхъу-
шхоу мыкIодыжьыщтымкIэ Iахьэ шъуиIэнэу къышъо-
джагъ, Христос Исус шъугухэм зэрарылъым пае. Зы
тIэкIурэ къин зышъущэчырэ ужым, ежь Тхьэм шъукъызэ-
тыригъэуцожьынышъ, шъугухэр ыгъэпытэнхэшъ, шIошъ-
хъуныгъэм игъогу шъукъызэкIэмыкIожьэу, пытэу шъуты-
ригъэтыщт. [11] МыкIодыжьын лъэкIыныгъэшхор Тхьэм ий.
Амин.

## Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр

[12] Сшы шъыпкъэу слъытэрэ Силуан* иIэпыIэгъукIэ
тIэкIу къышъуфэсэтхы. Зыфэстхырэр шъушIошъ згъэ-
хъунэуи, къыжъугурызгъэIонэуи, Тхьэм ынэшIу щы-
фэныгъэм ехьылIагъэу стхыгъэр зэрэшъыпкъэм шы-
хьат сыфэхъунэуи ары. Гъогу шъыпкъэм шъутемы-
кIэу, Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэм зыхэшъумыгъэн.

[13] Тхьэм шъукъызэрэхихыгъэм фэдэу, Вавилон* щыIэ
чылыс зэIукIэу Тхьэм къыхихыгъэм шIуфэс къышъу-
ехыжьы. Скъо Марки* шIуфэс къышъуехыжьы. [14] ШIу-
лъэгъуныгъэкIэ IаплI зэшъущэкIызэ, шIуфэс зэшъухыжь.

Шъо зэкIэ Христос зыгу илъхэм гупсэфыныгъэ Тхьэм
къышъуерэт. Амин.

---

5:12 Силуан – Паул дэлажьэу игъогогъухэм ащыщыгъэр арын фае. Еплъ Апостол. 15:22–18:5.

5:13 Вавилон – ащ къикIын фаер Рим (Рум) къэлэшхор ары. Еплъ Исус Христос апостол Иуан Iофхэу къыфигъэнэфагъэхэм 18.

5:13 Марк – Иуан МаркkIи заджэхэрэр арын фае. Еплъ Кол. 4:10. Ащыгъум «скъоу» къызэриIуагъэмкIэ Петрэ къыригъэкIыгъэр «сиIэ-пыIэгъу» ары.



# *АПОСТОЛ ПЕТРЭ ЯТIОНЭРЭ ТХЫЛЪЭУ ЫТХЫГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### ШIуфэс ехыныр

Сэ, Симон Петр, мы тхылъыр сэтхы. Исус Христос сыфэлажьэ, иапостолэуи сыщыт.

Ти Тхьэу тымыкIодэу тыкъэзыгъэнэжьырэ Исус Христос изэфагъэкIэ осэшхо зиIэ шIошъхъуныгъэу тиIэм фэдэ шIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъэ цIыфхэр ары мы тхылъыр зыфэстхыхэрэр.

2 Ти Тхьэмрэ ти Зиусхьанэу Исус Христосрэ нахьышIоу зэрэшъушIэхэрэмкIэ Тхьэм ынэшIу инэу къышъуещерэфэ зэпыт, гупсэфыныгъэшхуи къышъуерэт зэпыт.

### Тхьэм ибынхэм ащыщ шъухъунэу къызэрэшъоджагъэри шъукъызэрэхихыгъэри къэжъугъэшъыпкъэжьых

3 Тхьэм ищынагъо тыгухэм арылъэу тыпсэуным пае,
тищыкIагъэ пстэури Христос Тхьэм илъэкIыныгъэшхокIэ
къытитыгъ. Арэущтэу зыкIишIагъэр Тхьэу зищытхъу-

шхокIи зишIугъэшхокIи зибынхэм ащыщ тыхъунэу къы-
тэджагъэр зэрэтшIэрэр ары. [4] Арэущтэу Тхьэм тыкъызэ-
ригъэгугъэгъэ Iэхьышхохэу осэшхо зиIэхэр къытитыгъэх,
ахэмкIи дунаем тет хъопсэныгъэ Iаехэу цIыфхэр зыгъэ-
кIодхэрэм защышъудзыенышъ, Тхьэм ищытыкIэкIэ Iахьэ
шъуиIэным пае.

[5] Арышъ, шъуишIошъхъуныгъэ шIугъэри зэрэхэжъу-
гъэхъоным ыуж шъуит; шIугъэми шIэныгъэр хэжъу-
гъахъу; [6] шIэныгъэми зыщыIэныгъэ хэжъугъахъу; зы-
щыIэныгъэми теубытэныгъэ хэжъугъахъу; теубытэны-
гъэми Тхьэм ищынагъо хэжъугъахъу; [7] Тхьэм ищына-
гъоми зэкъошныгъэ хэжъугъахъу; зэкъошныгъэми шIу-
лъэгъуныгъэ хэжъугъахъу. [8] Мыхэр зэкIэ къышъухэлъ-
хэу ыкIи къышъухахъохэмэ, зи къэшъумыгъахъэу, шIу-
гъи къышъухэмыкIэу шъукъэнэщтэп, ти Зиусхьанэу Исус
Христоси нахьышIоу шъушIэщт. [9] Ау мы Iофхэр зы-
хэмылъ цIыфыр нэшъу, ынэхэри зэтепIуагъэх. А цIы-
фым ыгу ипсэкIодхэр Тхьэм зэрэригъэкъэбзыкIыжьы-
гъэхэр щыгъупшэжьыгъ.

[10] Арэущтэу зэрэщытым пае, сшыхэр, Тхьэм ибынхэм
ащыщ шъухъунэу къызэрэшъоджагъэри шъукъызэрэхи-
хыгъэри къэзэрэжъугъэшъыпкъэжьыным нахьыбэу ыуж
шъуит зэпыт. Арэущтэу шъушIымэ, Тхьэм игъогу егъа-
шIэми шъутекIыщтэп, [11] сыда пIомэ арэущтэу ти Зиус-
хьанэу тымыкIодэу тыкъэзыгъэнэжьырэ Исус Христос
и Тетыгъошхоу мыкIодыжьыщтым ыIэчIэгъ шъучIэхьанэу
фит шъухъущт.

[12] Арышъ, мы Iофхэр шъушIэ пэтми, шъыпкъагъэу
шъуиIэми пытэу шъутет пэтми, мыхэр зэкIэ шъугу
къэзгъэкIыжь зэпытыщтых. [13] Спкъы ичэтэнгъэIагъэ сы-
чIэтэу сэпсэуфэ, мы Iофхэр шъугу къызэрэзгъэкIы-
жьырэмкIэ шъукъэзгъэущыныр тэрэзэу сэлъытэ. [14] Бэ
темышIэу спсэ спкъы зэрэхэкIыжьыщтыр сэшIэ, ти Зиу-
схьанэу Исус Христос къызэрэзгуригъэIуагъэм фэдэу.
[15] Мы дунаем сызехыжьырэ ужми, мы Iофхэр сыдигъуи
шъугу къызэрэжъугъэкIыжьышъущтхэм джы сыпылъыщт.

### Апостолхэм къэбарэу къаIуагъэр шъыпкъэ

[16] Исус Христос лъэкIыныгъэшхоу иIэмрэ дунаем къы-
зэригъэзэжьыщтымрэ якъэбар къызышъотэгъэIум, тэ

Iушэу къэтыугупшысыгъэ тхыдэжъхэр къышъуфэтIотагъэ-
хэп, тынэхэмкIэ ежь ищытхъушхо тлъэгъугъэ нахь.
17 Сыда пIомэ «Мары сэ шIу слъэгъурэ Скъо кIасэу
сыгу зэIурэр»,* ыIоу, щытхъушхо зиIэ анахь Иным
ымакъэ къызынэсым, Тхьэу Ты лъапIэм лъытэныгъэ-
шхорэ щытхъушхорэ ащ фигъэшъошагъ. 18 А макъэу
уашъом къиIукIыгъэр тэ ттхьакIумэхэмкIэ зэхэтхыгъ,
сыда пIомэ тыригъусэу Iошъхьэ лъапIэм тытетыгъ.

19 Ащ нэмыкIэуи нахь цыхьэшIэгъухэуи пегъымбархэм
къаIуагъэхэр щыIэх. Нэф къэшъынышъ,* нэфылъ жъуа-
гъор* шъугу къыщыкъокIыфэ, ахэмэ къаIуагъэхэу, чIы-
пIэ мэзахэ горэм къыщынэфырэ остыгъэм фэдэхэм шъу-
афэсакъызэ шъуядэIумэ, шIу шъошIэ. 20 ЗэкIэмэ апэу
мыр шъушIэн фае: Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэу
пегъымбархэм къаIуагъэхэр зыми ежь–ежьырэу зэхи-
фынхэ ылъэкIыщтэп. 21 Пегъымбархэм ягущыIэхэр ежь–
ежьырэу къаIуагъэхэп, ау Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ а гущыIэ-
хэр пегъымбархэм агухэм къарилъхьэхи, къаригъэIуагъэх.

# ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

## Пегъымбар нэпцIхэмрэ дин гъэсэкIо нэпцIхэмрэ

(Иудэ 4–13)

Ау Тхьэм ылъэпкъ пегъымбар нэпцIхэри хэтыгъэх.
Ащ фэдэу дин гъэсэкIо нэпцIхэр шъори къышъухэ-
тыщтых. ЦIыфхэм гу лъамытэу ахэр зыгъэунэхъун
Iофхэр арагъашIэщтых. Зиусхьанэу ашъхьэ къэзыщэ-
фыжьыгъэри адэщтэп. Арэущтэу псынкIэу ежьхэм
загъэунэхъужьы. 2 Ахэмэ ямыхъомышIэ псэукIэ игъогу
цIыфыбэ техьащт, арэущтэуи шъыпкъагъэм игъогу
цIыфыбэ къырагъэхъоныщт. 3 ЯнэйпсыягъэкIэ гущыIэ нэ-
пцIхэр къаIохэзэ, шъуишIуагъэ зэрагъэкIыщт. Тхьэм
ахэр зигъэмысэхэрэр бэшIагъэ, Тхьэу ахэр зыгъэкIо-
дыщтри чъыерэп.

---

1:17 Мары сэ шIу слъэгъурэ Скъо кIасэу сыгу зэIурэр – еплъ Маттэ 17:1–8; Марк 9:2–8; Лука 9:28–36.

1:19 нэф къэшъыныр – Христос дунаем къызыкIожьыщт мафэр ары.

1:19 нэфылъ жъуагъор – Христос инэфынэ ары.

4 Сыда пIомэ Тхьэр мэлэIичхэу псэкIод зышIагъэ-
хэми ашъхьасыгъэп, ау Iэхъу–лъэхъухэр атрилъхьэхи,
цIыфхэм хьыкум зыщатыришIыхьащт ахърэт мафэм
нэсы, джэхьнэмым ишIункIыгъэ хэтынхэу фигъэзагъэх.
5 Тхьэр пасэми дунаем къышъхьасыгъэп, псы къиушхор*
Тхьэм ищынагъо зыгу имылъ цIыфхэм ядунай къызы-
тырегъаом. Ау пегъымбар Нухьэ шъыпкъагъэм игъогу
икъэбар зэригъэIущтыгъэм пае, нэбгырибл игъусэхэу
Тхьэм ар мыкIодэу къыгъэнэжьыгъ. 6 Къалэхэу Содомрэ
Гоморрэрэ* кIодынхэу ыгъэмысэхи, машIокIэ ыгъэстыхи,
яжьэу ыгъэхъугъэх. Арэущтэу ахэмэ къяхъулIагъэмкIэ
ежь ищынагъо зыгу имылъ цIыфхэм къяхъулIэщтыр
Тхьэм къыгъэлъэгъуагъ. 7 Шъыпкъагъэ зиIэ Лутэу* а
цIыфхэу Тхьэм иунашъохэм атекIыгъэхэм ямыхъомышIэ
псэукIэ къыхэкIыкIэ улэугъэр ахэмэ адэмыкIодэу Тхьэм
къыгъэнэжьыгъ, 8 сыда пIомэ мы лIэу шъыпкъагъэ зи-
Iэр адэпсэоу, хабзэ зыхэмылъ Iофхэу ашIэщтыгъэхэр
зелъэгъухэм ыкIи зызэхеххэм, ыгоу шъыпкъагъэ зиIэм
мафэ къэси къеощтыгъ. 9 Ащ фэдэу Тхьэм ищынагъо
зыгу илъхэм яшIошъхъуныгъэ гъэунэфыгъэу хъу зыхъу-
кIэ, зэрэхищыжьыщт шIыкIэр ешIэ. Шъыпкъагъэ зимы-
Iэхэми ябзэджагъэ аригъэпщыныжьызэ, ахърэт мафэм
нэсы къызэригъэнэщт шIыкIэри ешIэ ащ, 10 зэкIэми апэу
цIыфхэу зипсэкIодышIэ шэныжъым ихъопсэныгъэ мы-
къабзэхэм къыращэкIхэу, тетыгъо зиIэхэр зэзымыпэс-
хэрэр ары.

Дысыхэу, къаигъэхэу, уашъом щытхъушхо щызиIэхэми
яхъоныным щымыщынэхэу щытых. 11 МэлэIичхэм а
цIыфхэм анахьи нахь лъэкIыныгъи, нахь тетыгъуи яIэ
пэтми, Тхьэм ыпашъхьэ ахэмэ щяхъонхэрэп ыкIи щагъэ-
мысэхэрэп. 12 Ау мы цIыфхэр зыфэдэхэр акъыл зимыIэ
хьакIэ–къуакIэхэу зищытыкIэ къырищэкIхэу зэрэщы-
тым фэдэу, зекIохэрэр ары. А цIыфхэр аубытынхэм
ыкIи агъэкIодынхэм пае, къэхъугъэх. Зи зыхамышIы-
кIрэ Iофхэм яхъоных. НэмыкIрэ цIыфхэр зэрагъэунэ-
хъухэрэмкIэ ежьхэм загъэунэхъужьы.

---

2:5 псы къиушхор – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 6:1–7:24.

2:6 къалэхэу Содомрэ Гоморрэрэ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:24–25.

2:7 Лут – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:1–16,29.

[13] Бзэджагъэу ашIагъэм ифэшъуашэ агъотыжьыщт.
Мэфэ реным ахъщабэ зытырагъэкIодэжьэу загъэтхъэ-
жьынэу ягуап. КъызыжъудашхэкIэ, укIытагъохэу ыкIи
нэпэтеххэу щытхэзэ, шъукъызэрагъэпцIэрэмкIэ загъэ-
тхъэжьы. [14] Зинэ шIэным анэхэр фалIэхэу, псэкIод-
шIэнымкIэ загъэшхэкIын алъэкIырэп. Тхьэм игъогу
шъыпкъэу темытхэр зыIэпащэх. Агухэр нэйпсыягъэм
есагъэх – ахэмэ Тхьэм ынае къащифагъ. [15] Гъогу
занкIэм текIыхи, гъощагъэх. Восор ыкъоу Валаам*
игъогу техьагъэх. Ахъщэ къыгъэхъэным пае, бзэджагъэ
зышIэн зигуапэу щытыгъэр ары. [16] Ау бзэджагъэу ышIа-
гъэм пае, щыд горэ егыигъ. Щыдэу бзэ зимыIэр цIыф
макъэкIэ къэгущыIи, пегъэмбарым иделагъэ пэуцугъ.

[17] А цIыфхэр псынэ гъужьыгъэхэми жьыбгъэшхом зэ-
рифэрэ ошъуапщэхэми афэдэх. МыкIодыжьын шIункIы-
гъэм икуупIэ Тхьэм ахэмэ къафигъэнэфагъ. [18] Ахэмэ
пэгагъэ зыхэлъ гущыIэхэмрэ пкIэ зимыIэ гущыIэхэмрэ
къаIохэзэ, гъогу пхэнджым гъощагъэхэу тетхэм къаIэ-
пыкIыжьхэу зыублагъэ цIыфхэр зыIэпащэх. Ахэр зэры-
зыIэпащэхэрэ шIыкIэр мары: Iофхэу цIыфым ипсэкIоды-
шIэ шэныжъыр зыкIэхъопсыхэрэр агъэцэкIэнхэуи, мы-
хъомышIэ псэукIэм зыратынэуи агъэгушхох. [19] Шъхьа-
фитныгъэу зыфаIорэмкIи агъэгугъэх, ау ежьхэр кIоды-
ныгъэм ипщылIых, сыда пIомэ сыд щыщми тетыгъо
къыпфызиIэм ипщылI ухъугъ. [20] А цIыфхэм ти Зиус-
хьанэу ыкIи тымыкIодэу тыкъэзыгъэнэжьырэ Исус Хри-
стос зэрашIагъэмкIэ дунаем ибзэджэгъэ шIоим зы-
щадзыягъэу, ау етIанэ бзэджагъэм зырагъэубытыжьэу
тетыгъо афыриIэу хъужьмэ, кIэухым дэжь ахэмэ яIоф
ыпэм нахьи нахь Iае мэхъу. [21] Шъыпкъагъэм игъогу
ашIагъэу, етIанэ текIыжьхэу унэшъо лъапIэу апостол-
хэм къафагъэнагъэм акIыб фагъэзэным нахьи, Христос
икъэбарышIу игъогу амышIагъэмэ, ежьхэмкIэ нахьы-
шIущтыгъ. [22] ГущыIэжъ шъыпкъэм тетэу ахэмэ къяхъу-
лIагъ: «Хьэм* къыжыгъэм фегъэзэжьы», ыкIи «Къоу
агъэкъэбзэжьыгъэм шIоим зыхигъэукIорэинэу фегъэ-
зэжьы».

---

2:15 Валаам – еплъ Пегъымбар Мусэ яплIэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 22:4–35.

2:22 хьэ – еплъ ГущыIэжъхэу пачъыхьэ Сэлмэн ытхыгъэхэм (Притчи) 26:11.

# ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

## Зиусхьаным дунаем къыгъэззэжьынэу тыкъигъэгугъагъ

Мыры ятIонэрэ тхылъэу къышъуфэстхырэр, силъапIэ-
хэр. А тхылъитIумкIи мы Iофхэр шъугу къызэрэзгъэ-
кIыжьырэмкIэ шъыпкъэу къыжъугурызгъэIонэу сы-
пылъ. [2] Пегъымбар лъапIэхэм къаIогъэ гущыIэхэри,
ти Зиусхьанэу тымыкIодэу Тыкъэзыгъэнэжьырэм шъуи-
апостолхэм къаригъэIогъэ унашъори шъугу къэжъугъэ-
кIыжьынэу сыфай.

[3] ЗэкIэмэ апэу мыр шъушIэн фае: Мы дунаем иаужы-
пкъэрэ мафэхэм мыукIытэрэ кIэнэкIакIохэр къэтэджы-
щтых. Яхъопсэныгъэ Iаехэм къыращэкIыхэзэ, [4] мырэу-
щтэу аIощт: «Исус къыгъэззэжьынэу тыкъигъэгугъагъ.
Адэ, тыдэ щыIа? Сыда пIомэ тятэжъхэр дунаем ехыжьы-
гъэх, ау Тхьэм дунаер къызигъэхъугъэм щегъэжьагъэу
зэкIэ зэрэщытыгъэм фэдэу щыт». [5] Арэущтэу егупшы-
сэхэу, бэшIагъэу Тхьэм игущыIэкIэ уашъохэмрэ чIы-
лъэмрэ псым къыхигъэшIыкIыхэу, псымкIэ къызэригъэ-
хъугъэхэр ашIэрэп. [6] Псыри Тхьэм пэсэрэ дунаем къы-
тыригъауи, ыгъэкIодыгъагъ. [7] Ащ фэдэу джырэ уашъо-
хэмрэ джырэ чIылъэмрэ а гущыIэ дэдэмкIэ Тхьэм машIом
къыфигъэнэжьыгъэх. Тхьэм цIыфхэм хьыкум атришIы-
хьанышъ, ежь ищынагъо зыгу имылъхэр зыкIодыжьыщт
ахърэт мафэм нэсы ахэр къыгъэнэщтых.

[8] Мы шъыпкъэр шъоркIэ мынафэу щэрэмыт, силъапIэ-
хэр: Зиусхьаным ыдэжькIэ зы мафэр илъэс миным фэд,
илъэс минри зы мафэм фэд. [9] ЦIыф куп зэрэгугъэрэм
фэдэу, Зиусхьаным Iофхэу цIыфхэр къызэригъэгугъа-
гъэхэр ыгъэцэкIэнхэу ыгъэгужъоштэп. Ау Тхьэм щыIагъэ
къышъуфыриI, сыда пIомэ цIыф зи кIодынэу фэмыеу,
цIыф пстэуми япсэкIодхэм афыкIэгъожьынхэу фаешъ
ары.

[10] Ау Зиусхьаныр къызыкIожьыщт мафэр тыгъуакIом
фэдэу амышIахэу къэсыщт. А мафэм мэкъэшхо пыIу-
кIызэ, уашъохэр кIодыжьыщтых, мы дунаер къызхэшIы-
кIыгъэ пстэури машIокIэ стынхэшъ, кIодыжьыщтых.
ЧIылъэри ащ тет пстэури машIокIэ стыжьыщтых.

[11,12] ЗэкIэри арэущтэу зэрэкIодыжьыщтым пае, Тхьэм
имафэ шъупаплъэу, а мафэр нахь псынкIэу къызэрэсы-

щтым ыуж шъуитэу, гукъэбзагъэкIи Тхьэм ищынагъокIи шъупсэун фае. А мафэр къызыскIэ, уашъохэр машIокIэ кIодыжьыщтых. Дунаер къызхэшIыкIыгъэхэри фэбэгъэшхом ыгъэткIущтых.
[13] Ау Тхьэм тыкъызэригъэгугъагъэм тетэу, шъыпкъагъэ зыдэщыIэ ошъуакIэри чIылъакIэри щыIэ зэрэхъущтым тыщыгугъэу тыпэплъэ.

[14] Арышъ, силъапIэхэр, ахэмэ шъузэрапаплъэрэм пае, лажьэ зи шъуимыIэу, зыми шъузэригъэмысэн зи щымыIэу, гупсэфыныгъи шъуиIэу, Тхьэм ыпашъхьэ шъузэрихьащтым ыуж шъуит.
[15] ШъумыкIодэу шъукъигъэнэжьынэу игъо къышъуфыригъэфэныр ары Зиусхьаным щыIагъэ зыфиIэр, ар зыгурыжъугъаIу, тэ тшы Паулэу шIу тлъэгъурэм Тхьэм къыритыгъэ зэхэшIыкIыныгъэмкIэ къызэрэшъуфитхыгъэм фэдэу.
[16] Мы Iофхэм къатегущыIэзэ, итхылъ пстэуми арэущтэу арытэу ытхыгъ. Итхылъхэм гурыIогъуаехэри арытых. ЗэхэшIыкIыныгъэ зимыIэхэу, агухэмкIэ теубытэныгъэ зимыIэ цIыфхэм Паул итхылъхэр зэIагъахьэ, адрэ тхылъ лъапIэхэр зэрэзэIагъахьэхэрэм фэдэу. Арэущтэу зэрашIэрэмкIэ загъэкIодыжьы.

[17] Арышъ, силъапIэхэр, мыр шъушIэгъахэшъ, Тхьэм иунашъохэм атекIырэ цIыфхэм ягъогу пхэнджхэм шъузэрэдамыхьыхыними, шъыпкъагъэу шъузытетым шъузэрэтемыкIыжьыными шъуфэсакъ.
[18] Ти Зиусхьанэу тымыкIодэу Тыкъэзыгъэнэжьырэ Исус Христос ынэшIу къызэрэшъущифэ зэпытыними, ежьыр нахьышIоу зэрэшъушIэными ыуж шъуит. Джыри мыухыжьын мафэми нэсыфэ щытхъушхор ий. Амин.



# *АПОСТОЛ ИУАН АПЭРЭ ТХЫЛЪЭУ ЫТХЫГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### ГущыIэу щыIэныгъэ шъыпкъэ къытэзытырэр

УблапIэм къыщегъэжьагъэу щыIагъэу, тэ зэхэтхыгъэу,
тынэхэмкIи тлъэгъугъэу, тызэплъыгъэу, тIэхэмкIи ты-
зтеIэбагъэр – цIыфхэм щыIэныгъэ языгырэ ГущыIэр
ары, ежьыри ары зикъэбар къэтIуатэрэр. [2] А щы-
Iэныгъэр къэлъэгъуагъ. Ар тлъэгъугъэ, шыхьати ты-
фэхъугъ. А мыкIодыжьын щыIэныгъэу Ты лъапIэм
ыдэжь щыIагъэу, тэ къытфэлъэгъуагъэм икъэбар къы-
шъуфэтэIуатэ. [3] Гъусэ шъукъытфэхъуным пае, тэ тлъэ-
гъугъэу ыкIи зэхэтхыгъэм икъэбар къышъуфэтэIуатэ.
Гъусэныгъэ зыфытиIэхэр Ты лъапIэмрэ ежь Ыкъоу
Исус Христосрэ ары. [4] Мыр зыфэттхырэр шъуигу-
шIуагъо щыкIагъэ зи имыIэу, икъугъэу хъуныр ары.

### Тхьэр нэфынэу щыт

[5] Къэбарэу Тхьэм Ыкъо къытиIуагъэу тэ къышъодгъэ-
Iурэр мары: Тхьэр нэфынэу щыт, шIункIыгъи зи ежьым

хэлъэп. [6]Тхьэм тэ тыригъусэу тIо пэтми, етIани шIун-
кIыгъэм тыхэтэу тызекIомэ, пцIы тэусы, шъыпкъагъэ-
ри дгъэцакIэрэп. [7]Тхьэр нэфынэм зэрэхэтым фэдэу, нэ-
фынэм тыхэтэу тызекIомэ, гъусэныгъэ зэфытиI, Ыкъоу
Исус ылъэу къащым щыкIэкIыгъэми псэкIод пстэури ты-
гухэм арегъэкъэбзыкIыжьых.

[8]ПсэкIод зи тимыIэу тIомэ, зытэгъэпцIэжьы, шъы-
пкъагъи тыгухэм арылъэп. [9]Ау типсэкIодхэр Тхьэм
ыпашъхьэ итлъхьэхэмэ, ар шъыпкъэу ыкIи зафэу зэрэ-
щытым пае, типсэкIодхэр къытфигъэгъущтых, зэкIэ
къончагъэхэри тыгухэм аригъэкъэбзыкIыжьыщтых. [10]Тэ
псэкIод тымышIагъэу тIомэ, Тхьэр пцIыусэу тIуагъэу
мэхъу, игущыIэхэри тыгухэм арылъхэп.

## ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

### Христос Ты лъапIэм тэ къытфелъэIу

Шъо, сибынхэм афэдэхэр, псэкIод шъумышIэным пае,
мыр къышъуфэсэтхы. Ау зыгорэм псэкIод ышIэмэ, Ты
лъапIэм тэ къытфелъэIунэу зыгорэ тиI – ар шъы-
пкъагъэ зиIэ Исус Христос ары. [2]Къурмэныпхъэу
тэ типсэкIодхэр тфэзыпщыныжьырэр ежьыр ары, ау тэ
типсэкIодхэм язакъоп, дунаем ицIыф пстэуми япсэ-
кIодхэри ары.

[3]Тхьэр шъыпкъэу зэрэтшIэрэр тэзыгъашIэрэр иуна-
шъохэр зэрэдгъэцакIэхэрэр ары. [4]ЦIыф горэм, «Тхьэр
сэшIэ», еIо пэтми, Тхьэм иунашъохэр ымыгъэцакIэхэмэ,
ар пцIыус, шъыпкъагъи ащ хэлъэп. [5]Ау зыгорэм Тхьэм
игущыIэхэр ыгъэцакIэхэмэ, шъыпкъэу Тхьэм ишIу-
лъэгъуныгъэ щыкIагъэ зи имыIэу, икъугъэу а цIыфым
ыгу илъ. Тхьэр тыгухэм зэрарылъыр тэзыгъашIэрэр
мары: [6]«Тхьэр сыгу илъ» зыIорэр Исус зэрэзекIощты-
гъэм фэдэу зекIон фае.

### УнэшъуакIэр

[7]СилъапIэхэр, унэшъуакIэ горэп сэ къышъуфэстхырэр,
апэм къыщегъэжьагъэу шъуиIэгъэ унэшъожъыр ары
нахь. А унэшъожъыр къэбарэу зэхэшъухыгъэр ары.

[8] Ау щытми, унашъоу къышъуфэстхырэр унэшъуакI; а
унашъом ишъыпкъагъэ Христос шъо къышъуфигъэлъэ-
гъуагъ, сыда пIомэ шIункIыгъэр мэкIодыжьы, нэфынэ
шъыпкъэр къэлъэгъогъах.

[9] ЦIыф горэм «Сэ нэфынэм сыхэт», еIо пэтми, ышы*
ыуджэгъумэ, ар шIункIыгъэм джыри хэт. [10] Зыш шIу
зылъэгъурэр нэфынэм хэт, ащи псэкIод ышIэнэу зы-
гъэлъэпэон зи щыIэп. [11] Ау зыш зыуджэгъурэр шIун-
кIыгъэм хэт, шIункIыгъэми хэтэу мэзекIо, зыдакIорэри
ышIэрэп, сыда пIомэ шIункIыгъэм ынэхэр нэшъоу ыгъэ-
хъугъэхэшъ ары.

[12] Шъо, сибынхэм афэдэхэр, шъуипсэкIодхэр Христос
ыцIэкIэ къызэрэшъуфэгъугъэхэм пае, къышъуфэсэтхы.
[13] Шъо, тыхэр, ублапIэм къыщегъэжьагъэу ЩыIэр* зэрэ-
шъушIэрэм пае, къышъуфэсэтхы. Шъо, кIалэхэр, шэй-
таным шъузэрэтекIуагъэм пае, къышъуфэсэтхы. Шъо,
сабыйхэр, Ты лъапIэр зэрэшъушIэрэм пае, къышъуфэ-
сэтхы. [14] Шъо, тыхэр, ублапIэм къыщегъэжьагъэу ЩыIэр*
зэрэшъушIэрэм пае, къышъуфэсэтхы. Шъо, кIалэхэр,
лъэкIыныгъэ зэрэшъуиIэм пае, къышъуфэсэтхы. Тхьэм
игущыIэхэр шъугухэм арылъых, шэйтаными шъуте-
кIуагъ.

[15] Мы дунаери мы дунаем иIофхэри шIу шъумылъэгъух.
Мы дунаер шIу зылъэгъурэ цIыфым ыгу Ты лъапIэм
ишIулъэгъуныгъэ илъэп. [16] Сыда пIомэ мы дунаем иIоф-
хэу – цIыфхэм япсэкIодышIэ шэныжъ зыкIэхъопсырэ
Iофхэри, цIыфхэм анэхэр зыкIэхъопсырэ Iофхэри, цIыф-
хэр зэрыпэгэрэ Iофхэри – Ты лъапIэм ыдэжь къикIыхэ-
рэп, мы дунаер ары нахь къыздикIыхэрэр. [17] Мы ду-
наери, мы дунаем иIофхэу цIыфхэр зыкIэхъопсыхэрэри
мэкIодыжьых, ау Тхьэр зыфаер зыгъэцакIэрэ цIыфыр
егъашIэми щыIэщт.

## Антихристос

[18] Шъо, сибынхэм афэдэхэр, мыр аужырэ сыхьат дэдэр
ары. Антихристосыр* къызэрэкIощтыр зэрэзэхэшъухы-

---

2:9 ышы – зы диным рыкIохэрэр зэкъошхэу мэхъух.

2:13 ублапIэм къыщегъэжьагъэу ЩыIэр – Исус Христос ары.

2:18 Антихристос – Христос ипый ары.

гъэм фэдэу, джы Антихристос Iаджи къэкIуагъэ. Арэу-
щтэу аужырэ сыхьат дэдэр къызэрэсыгъэр тэшIэ. [19] А
цIыфхэр тэ тхэкIыгъэх, ау ахэр тэ тщыщыгъэхэп. Сыда
пIомэ ахэр тэ тщыщыгъэхэмэ, тадэжь къанэщтыгъэх.
Ау тэ тхэкIыгъэх, арэущтэуи ахэмэ ащыщэу зи тэ
зэрэтщымыщыр нафэ хъугъэ.

[20] Ау Христос Ыпсэ ЛъапIэ къышъуфыригъэхыгъ,
шъо зэкIэми шъыпкъагъэри шъошIэ. [21] Шъыпкъагъэр
шъумышIэу сIозэ арэп тхылъ къызкIышъуфэстхырэр,
ау шъошIэшъ ары. Шъыпкъагъэм зы пцIы къызэрэхэ-
мыкIыщтри шъошIэ. [22] Хэта адэ пцIы зыусырэр? Исус
зэрэ-Христосыр зымыдэрэр ары. Ащ фэдэ цIыфыр ары
Антихристосыр. Ты лъапIэри Къо лъапIэри ащ ыдэхэрэп.
[23] Хэти Къо лъапIэр зымыдэрэм ыгу Ты лъапIэри
илъэп. Къо лъапIэр зыдэрэм ыгу Ты лъапIэри илъ.

[24] Арышъ, апэм къыщегъэжьагъэу зэхэшъухыгъэр
шъугухэм арыжъугъэлъ зэпыт. Апэм къыщегъэжьагъэу
зэхэшъухыгъэр шъугухэм арылъ зэпытмэ, Къо лъапIэри
Ты лъапIэри шъугухэм арылъ зэпытыщтых. [25] Христос
тыкъызэригъэгугъагъэр мыкIодыжьын щыIэныгъэр ары.

[26] Тхьэм игъогу шъо шъутезыгъэкIынэу ыуж итхэм
яхьылIагъэу мы Iофхэр къышъуфэсэтхых. [27] Ау шъо
Христос ежь Ыпсэ ЛъапIэ къышъуфыригъэхыгъ, Ыпси
шъугухэм арылъ зэпыт, зыгорэми зыгорэ шъуигъэ-
шIэнэу шъуищыкIагъэп, сыда пIомэ Христос Ыпсэ
ЛъапIэ Iоф пстэуми яхьылIагъэу шъуегъашIэ. Ащ
шъыпкъагъэ иI, пцIы ащ зи хэлъэп. Ащ зэрэшъуигъэ-
шIагъэм фэдэу, Христос шъугухэм арыжъугъэлъ зэпыт.

## Тхьэм ибынхэр

[28] Арэущтэу, шъо, сибынхэм афэдэхэр, Христос дунаем
къызыкIожьыщт мафэр къэсыгъэу ежьыр къызылъа-
гъокIэ, ежь ыпашъхьэ гушхоныгъэ щытиIэу, тымыукIы-
тэжьыным пае, ежьыр шъугухэм арыжъугъэлъ зэпыт.

[29] Христос шъыпкъагъэр зэриIэр шъошIэшъ, хэти шъы-
пкъагъэр зыгъэцакIэрэри Тхьэм зэрибыныр шъошIэ.

## ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

Ты лъапIэм шIулъэгъуныгъэшхоу къытфыриIэм шъуе-
гупшыс, «Шъо шъусибын», еIо. Ежь ибынхэуи тыщыт.
Мы дунаем ицIыфхэм тызкIамышIэрэр Ты лъапIэр зэра-
мышIагъэр ары. 2 СилъапIэхэр, джы Тхьэм тырибын, тэ
тызфэдэ хъущтыр джыри нафэу щытэп. Ау ар нафэ хъу
зыхъукIэ, ежьым фэдэу тызэрэхъущтыр тэшIэ, сыда пIо-
мэ ежьыр зэрэщытыр тлъэгъущт. 3 Хэти Христос щыгу-
гъэу, арэущтэу зэрэхъущтыми щыгугъэу паплъэрэ цIы-
фым ыгу егъэкъабзэ, Христос ыгу къабзэу зэрэщытым
фэдэу.
4 Хэти псэкIод зышIэрэр Тхьэм иунашъо текIы,
сыда пIомэ псэкIодшIэныр унашъом текIыныр ары.
5 Ау Христос типсэкIодхэр ттырихынхэу къызэрэкIуагъэр
шъо шъошIэ. Ежьыми псэкIод зи хэлъэп. 6 Хэти
Христос зыгу илъ зэпытым псэкIод ышIэу щыт зэпы-
тыщтэп. Ау хэти псэкIод зышIэрэм Тхьэр шIошъхъуны-
гъэкIэ ылъэгъугъэп ыкIи ышIагъэп.
7 Шъо, сибынхэм афэдэхэр, зыми зыкъешъумыгъэ-
гъапцI. Шъыпкъагъэр зыгъэцакIэрэм шъыпкъагъэ иI,
Христос шъыпкъагъэр зэриIэм фэдэу. 8 ПсэкIод зышIэ-
рэр шэйтаным ибын, сыда пIомэ ублапIэм щегъэжьагъэу
шэйтаным псэкIод ешIэшъ ары. Тхьэм Ыкъо мы дунаем
къызфэкIуагъэр шэйтаным иIофхэр ыгъэкIодынхэу ары.
9 Хэти Тхьэм ибын хъугъэм псэкIод ышIэу щыт зэпы-
тыщтэп, сыда пIомэ Тхьэм ащ ыгу къырилъхьагъэр
ежь Ыпсэ ЛъапIэ ары, ари Тхьэм ибын ыгу илъ зэпы-
тыщт. Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ псэкIод ышIэн зэримылъэ-
кIырэм пае, Тхьэм ибын псэкIод ышIэу щыт зэпыты-
щтэп. 10 Тхьэм ибынхэри шэйтаным ибынхэри зэрэзэ-
хэбдзыщтхэр мары: Хэти шъыпкъагъэр зымыгъэца-
кIэрэр Тхьэм ибынхэм ащыщэп, ащ фэдэуи хэти зыш
шIу зымылъэгъурэр Тхьэм ибынхэм ащыщэп.

### ШIу шъузэрэлъэгъу

11 Апэм къыщегъэжьагъэу къэбарэу зэхэшъухыгъэр
мыры: ШIу шъузэрэлъэгъу. 12 Шэйтаным ибынхэм

---

3:12 Каин – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 4:3–8.

ащыщэу Каин* зыцIэу зыш зыукIыгъэм фэдэу шъумы-
хъу. Ышы сыда зыкIиукIыгъэр? Ежьым ышIагъэхэр бза-
джэхэу, ыш ышIагъэхэр шъыпкъэхэу щытыгъэхэти ары.
13 Сшыхэр, мы дунаем ицIыфхэм шъуауджэгъумэ шъумы-
гъэшIагъо. 14 Тшыхэр шIу зэрэтлъэгъухэрэм пае, лIэны-
гъэм тыIэкIэкIи, щыIэныгъэм тызэрэIэкIэхьагъэр тэшIэ.
Зыш шIу зымылъэгъурэр лIэныгъэм ыIэ илъ. 15 Хэти
зыш зыуджэгъурэр цIыф укIакIоу щыт. МыкIодыжьын
щыIэныгъэ цIыф укIакIом ыгу зэримылъыр шъо
шъошIэ.

16 ШIулъэгъуныгъэр зыфэдэр тэзыгъашIэрэр мыры:
Исус Христос ыпсэ тфитыгъ. Тэри тыпсэ тшыхэм
афэттын фае. 17 Зыгорэм дунаем имылъку иIэу, ау
щытми ыш щыкIагъэ иIэу зилъэгъукIэ, ыгу фигъэпы-
тэмэ, Тхьэм ишIулъэгъуныгъэ сыдэущтэу ыгу илъын?
18 Шъо, сибынхэм афэдэхэр, бзэмрэ гущыIэмрэ язакъо-
кIэ шIу тызэрэлъэгъумэ икъущтэп. ШIушIагъэхэмрэ
шъыпкъагъэмрэкIэ шIу тызэрэлъэгъун фае.

## Тхьэм ыпашъхьэ гушхоныгъэ щытиIэныр

19 ШIу тызэрэлъэгъуныр ары шъыпкъагъэм тызэрэте-
тыр тэзыгъашIэрэри, 20 тыгухэм тагъэмысэ къэсми,
Тхьэм ыпашъхьэ тыгухэр щызыгъэпсэфырэри. Сыда пIо-
мэ Тхьэр тыгухэм анахьи нахь ин ыкIи зэкIэри ешIэшъ
ары.

21 Арэущтэу силъапIэхэр, тыгухэм тамыгъэмысэмэ, гу-
шхоныгъэкIэ Тхьэм пэгъунэгъу тэхъу. 22 Тхьэм иуна-
шъохэри, ежьым Iофхэу игъоу ылъытэхэрэри зэрэдгъэ-
цакIэхэрэм пае, тызкIэлъэIурэр къытеты. 23 Мары
иунашъо: Ыкъо Исус Христос ыцIэкIэ шIошъхъуныгъэ
зэрэтиIэнри, Христос унашъо къызэрэтфишIыгъэм фэ-
дэу,* шIу тызэрэзэрэлъэгъунри ары. 24 Тхьэм иунашъохэр
зыгъэцакIэрэ цIыфым ыгу Тхьэр илъ зэпыт, а цIыфри
Тхьэм ыгу илъ зэпыт. Тхьэр тыгу зэрилъ зэпытыр
тэзыгъашIэрэр, ежь ЫпсэЛъапIэу тыгухэм къарилъ-
хьагъэр ары.

---

3:23 Христос унашъо къызэрэтфишIыгъэм фэдэу – еплъ Иуан 13:34; 15:12,17.

# ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

## Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэрэ Антихристос ыпсэрэ

СилъапIэхэр, «Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ сыгу илъ», ыIоу,
хэти зыIорэр шъушIошъ шъумыгъэхъу, ау агухэм ары-
лъыр Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ арымэ жъугъэунэфы, сыда
пIомэ пегъымбар нэпцI Iаджи дунаем къыщылъэгъуагъэх.
[2] Зы цIыф горэм Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ыгу илъмэ, къэ-
шъозыгъэшIэщтыр мары: Исус Христос дунаем цIыфэу
къызэрэкIуагъэр хэтми зыдэрэм ыгу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ
илъ. [3] Хэтми Исус Христос дунаем цIыфэу къызэрэкIуа-
гъэр зымыдэрэми ыгу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ илъэп. А
цIыфым ыгу илъыр Антихристос ыпсэ ары. Ар къызэрэ-
кIощтыр зэхэшъухыгъ. Джы ар дунаем къэкIогъах.
[4] Шъо, сибынхэм афэдэхэр, Тхьэм шъурибын, пе-
гъымбар нэпцIхэми шъуатекIуагъ, сыда пIомэ псэу шъу-
гухэм арылъыр псэу мы дунаем ицIыфхэм агухэм ары-
лъым нахьи нахь ин. [5] А пегъымбар нэпцIхэр мы дунаем
ибыных. Арышъ, мы дунаем иIофхэм атегущыIэх, мы
дунаем ицIыфхэри ахэмэ ядэIух. [6] Ау тэ Тхьэм тырибын.
ЦIыфэу Тхьэр зышIэрэр тэ къытэдэIу, ау Тхьэм ибынэу
щымытыр тэ къытэдэIурэп. Джары шъыпкъагъэм Ыпсэ
зыгу илъыри, гъэпцIэныгъэм ыпсэ зыгу илъыри тэ-
зыгъашIэрэр.

## Тхьэр шIулъэгъуныгъэу щыт

[7] СилъапIэхэр, шIу тызэрэжъугъэлъэгъу, сыда пIомэ
шIулъэгъуныгъэр Тхьэм ыдэжь къекIышъ ары. Хэти шIу-
лъэгъуныгъэ зыгу илъыр Тхьэм ибын ыкIи Тхьэр ешIэ.
[8] ШIулъэгъуныгъэ зыгу имылъым Тхьэр ышIэрэп, сыда
пIомэ Тхьэр шIулъэгъуныгъэу щыт. [9] Тхьэм шIу тызэри-
лъэгъурэр мырэущтэу къыгъэнэфагъ: Ежь Ыкъо закъо
щыIэныгъэ къытитыным пае, Тхьэм дунаем къыгъэ-
кIуагъ. [10] ШIулъэгъуныгъэу зыфаcIорэр мыры: ШIулъэ-
гъуныгъэу Тхьэм фытиIэр арэп, ау тэ Тхьэм шIу тилъэ-
гъуи, типсэкIодхэр тфэзыпщыныжьырэ къурмэныпхъэ
хъунэу ежь Ыкъо къызэригъэкIуагъэр ары. [11] СилъапIэ-
хэр, Тхьэм ащ фэдизэу шIу тызэрилъэгъугъэм пае, тэри

шIу тызэрэлъэгъун фае. 12 Зыми Тхьэр егъашIэми нэкIэ
ылъэгъугъэп, ау шIу тызэрэлъэгъумэ, Тхьэр тыгухэм арылъ
зэпыт, ишIулъэгъуныгъи икъугъэу тыгухэм арылъ.

13 Тхьэм ыгу тызэрилъ зэпытри, ежьыр тыгухэм зэра-
рылъ зэпытри тэзыгъашIэрэр Тхьэм ежь Ыпсэ Лъа-
пIэу тыгухэм къарилъхьагъэр ары. 14 Ты лъапIэм дунаем
ицIыфхэр мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэм пае, ежь Ыкъо
къызэригъэкIуагъэр тлъэгъугъэ ыкIи шыхьат тыфэхъу.
15 Исус Тхьэм Ыкъоу зэрэщытыр зыдэрэ цIыфым ыгу
Тхьэр илъ зэпытыщт, а цIыфри Тхьэм ыгу илъ зэпытыщт.
16 Арэущтэу Тхьэм шIулъэгъуныгъэу къытфыриIэр тшIагъэ,
а шIулъэгъуныгъэми тыщэгугъы.

Тхьэр шIулъэгъуныгъэу щыт. ШIулъэгъуныгъэр зыгу
илъ зэпыт цIыфыр Тхьэм ыгу илъ зэпытыщт, Тхьэри а
цIыфым ыгу илъ зэпытыщт. 17 Ахърэт мафэм гушхоныгъэ
тиIэнэу Тхьэм ишIулъэгъуныгъэ икъугъэу тыгухэм арылъ,
сыда пIомэ Христос зэрэщытым фэдэу, тэри мы дунаем
тыщыщыт. 18 Тхьэм ишIулъэгъуныгъэ зыгу илъыр щынэ-
рэп, шIулъэгъуныгъэу икъугъэми щынагъор хефыжьы.
Щынагъор ахърэт мафэм икъин щэчыныгъэм епхыгъ.
ШIулъэгъуныгъэ икъугъэр щынэрэ цIыфым ыгу илъэп.

19 Тхьэм ыпэ рапшIэу тэ шIу тызэрилъэгъугъэм пае, тэ
тыгухэми шIулъэгъуныгъэ арылъ. 20 Зыгорэм, «Тхьэр шIу
сэлъэгъу», еIо пэтми, ыш ыуджэгъумэ, ар пцIыус. Сыда
пIомэ ышэу нэкIэ ылъэгъугъэр шIу зымылъэгъурэм нэ-
кIэ ымылъэгъугъэ Тхьэр шIу ылъэгъун ылъэкIыщтэп.
21 Тхьэм мы унашъор къытфишIыгъ: Тхьэр шIу зылъэ-
гъурэм ыши шIу ылъэгъун фае.

## ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

### Дунаем текIорэр шIошъхъуныгъэр ары

Хэтми Исус зэрэ–ХристосымкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр
Тхьэм ибын. Хэтми тыр шIу зылъэгъурэм ыкъуи шIу
елъэгъу. 2 Тхьэм ибынхэр шIу зэрэтлъэгъухэрэр тэзы-
гъашIэрэр Тхьэр шIу зэрэтлъэгъурэмрэ иунашъохэр зэ-
рэдгъэцакIэхэрэмрэ ары. 3 Тхьэр шIу тлъэгъоу щытмэ,
иунашъохэр дгъэцэкIэщтых. Иунашъохэри къинхэп. 4 Сыда
пIомэ хэтми Тхьэм ибынэу щытыр дунаем ипсэкIодшIэн

Iофхэм атекIо. Дунаем ипсэкIодшIэн Iофхэм тызэрате-
кIуагъэр тишIошъхъуныгъэ ары. 5 Хэта дунаем текIорэр?
Исус Тхьэм Ыкъоу зэрэщытыр зышIошъ хъурэр ары ныIэп.

## Къо лъапIэм ехьылIэгъэ шыхьатныгъэр

6 Исус Христос ары псырэ лъырэкIэ къэкIуагъэр. Псым*
изакъокIэ къэкIуагъэп, псырэ лъырэкIэ* нахь. Тхьэм
ЫпсэЛъапIэ ары ар къэзыушыхьатырэр, сыда пIомэ
Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ары шъыпкъагъэр. 7 Уашъом шыхьа
тэу щыхъухэрэр щы мэхъу: Ты лъапIэр, Тхьэм игущы-
Iэхэр, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ. Ищыри зы мэхъух. 8 ЧIы-
лъэм шыхьатэу щыхъухэрэр щы мэхъу: Тхьэм Ыпсэ Лъа-
пIэ, псыр, лъыр; ищыми къаIорэр зэтефэ.9 ЦIыфхэм яшы-
хьатныгъэ тэдэ, ау Тхьэм ишыхьатныгъэ нахь ин, сыда
пIомэ ар Тхьэм шыхьатныгъэу ежь Ыкъо фишIагъэр
ары. 10 Тхьэм ЫкъокIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ цIыфым ыгу
шыхьатныгъэр илъ. ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ зимыIэ
цIыфым Тхьэр пцIыусэу ыIуагъэу мэхъу, сыда пIомэ
Тхьэм ежь Ыкъо шыхьатныгъэу фишIагъэр ышIошъ
хъугъэпышъ ары. 11 Шыхьатныгъэр мары: Тхьэм мыкIо-
дыжьын щыIэныгъэ къытитыгъ, а мыкIодыжьын щыIэ-
ныгъэри Тхьэм ежь Ыкъо тэ къытыригъэтыгъ. 12 Къо
лъапIэр зыгу илъ цIыфым а щыIэныгъэр иI. Къо лъапIэр
зыгу имылъым а щыIэныгъэр иIэп.

## МыкIодыжьын щыIэныгъэр

13 Шъо, Тхьэм Ыкъо ыцIэкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм,
мыкIодыжьын щыIэныгъэ шъуиIэ зэрэхъугъэр шъушIэ-
ным пае, мы Iофхэр къышъуфэсэтхых. 14 Тхьэр зэрэфаем
тетэу зыгорэкIэ телъэIумэ, къызэрэтэдэIущтыр тэшIэшъ,
гушхоныгъэкIэ ежьым пэблагъэ тэхъу. 15 Сыд щыщкIи
телъэIумэ, къызэрэтэдэIущтыр тэшIэшъ, тызэрелъэIу-
гъэр тиIэ зэрэхъугъэр тэшIэ.
16 Ыш лIэныгъэ къызхэмыкIырэ псэкIод ышIэу зылъэ-
гъурэр Тхьэм ерэлъэIу, Тхьэми а тшы щыIэныгъэ къы-

5:6 псы – Исус псыкIэ къызыкIуагъэр умэхъэкIо Иуан ежьыр зиумэхъы-
гъэр ары.

5:6 лъы – Исус лъыкIэ къызыкIуагъэр къащым зытелIыхьагъэр ары.

ритыщт – лIэныгъэ къызхэмыкIырэ псэкIод зышIагъэр
ары зыфасIорэр. ЛIэныгъэ къызхэкIырэ псэкIодри щыI.
Ащ фэдэ псэкIодым пае Тхьэм ерэлъэIу сIорэп. 17 Къончагъэ
пстэури псэкIод мэхъу, ау лIэныгъэ къызхэмыкIырэ псэ-
кIоди щыI.

18 Хэтми Тхьэм ибынэу щытым псэкIод ышIэ зэпытэу
зэрэщымытыр тэшIэ; ау Тхьэм ибын зыфэсакъыжьы,*
шэйтанри ащ къынэсыщтэп. 19 Тэ Тхьэм тызэрибыныр
тэшIэ, дунаер зэкIэ шэйтаным ыIэ зэрилъыри тэшIэ.
20 Тхьэм Ыкъо къакIуи, Тхьэ шъыпкъэр тшIэнэу зэхэшIы-
кIыныгъэ къызэрэтитыгъэр тэшIэ. Шъыпкъагъэ ЗиIэр
тыгухэм арылъ – Тхьэм Ыкъоу Исус Христос ары. Ар
Тхьэ шъыпкъэу щыт, цIыфхэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ
язытырэр ежьыри ары.

21 Шъо, сибынхэм афэдэхэр, тхьэ нэпцIхэм защышъуу-
хъум. Амин.

---

5:18 Тхьэм ибын зыфэсакъыжьы – е Тхьэм Ыкъо ар къеухъумэ.



# *АПОСТОЛ ИУАН ЯТІОНЭРЭ ТХЫЛЪЭУ ЫТХЫГЪЭР*

## ШІуфэс ехыныр

Сэ чылыс зэІукІэм инахьыжъхэм сащыщэу,* Тхьэм о
къыхихыгъэ гощэ лъапІэу ыкІи уибынхэу* шъыпкъа-
гъэкІэ шІу слъэгъухэрэм мы тхылъыр къышъуфэ-
сэтхы. Шъо шІу шъузылъэгъурэр сэ сизакъоп, шъып-
къагъэр зэзыгъэшІэгъэ пстэуми шІу шъуалъэгъу.
[2] Шъыпкъагъэу тыгухэм арылъэу, егъашІэми илъыщтым
къыхэкІыкІэ шъо шІу шъутэлъэгъу.
[3] Тхьэу Ты лъапІэмрэ Ты лъапІэм Ыкъоу Зиусхьанэу
Исус Христосрэ тэ шъыпкъагъэр зышІэхэрэми шІу
зэрэлъэгъухэрэми анэшІу къытщафэщт, гукІэгъуныгъэ-
шхуи къытфашІыщт, гупсэфыныгъи къытатыщт.

## Шъыпкъагъэмрэ шІулъэгъуныгъэмрэ

[4] Ты лъапІэм къытфишІыгъэ унашъом фэдэу, уибын-
хэм ащыщэу куп шъыпкъагъэм тетэу зекІохэу зысэлъэ-
гъум, лъэшэу сыгушІуагъ. [5] Джы гощэ лъапІ, сыо-

---

1 Сэ чылыс зэІукІэм инахьыжъхэм сащыщэу – еплъ Якъубэ 5:14.

1 о гощэ лъапІэмрэ уибынхэмрэ – чылыс зэІукІэмрэ чылыс зэІукІэм щыщхэмрэ арын фае.

лъэIу: ШIу тызэрэжъугъэлъэгъу. Ар унэшъуакIэм
фэдэу къыпфэстхырэп, ар апэм къыщегъэжьагъэу ти-
Iэгъэ унашъоу щыт. [6] ШIулъэгъуныгъэу зыфасIорэр
Тхьэм иунашъохэм татетэу тызекIоныр ары. Апэм къы-
щегъэжьагъэу зэхэшъухыгъэ унашъор шIулъэгъуныгъэм
шъутетэу шъузэрэзекIорэр ары.
[7] Исус Христос дунаем цIыфэу къызэрэкIуагъэр зымы-
дэрэ цIыфыбэу нэмыкI цIыфхэр зыгъапцIэхэрэр дунаем
къыщылъэгъуагъэх. Ащ фэдэ цIыфхэр гъэпцIакIохэу
ыкIи Антихристосхэу щытых. [8] Iофэу къэжъугъэхъагъэр
шъумыгъэкIодэу, шъуиIэхьышIу икъугъэу жъугъотыжьы-
ным пае, шъузфэсакъыжь. [9] Хэти Христос тигъэшIэгъэ
Iофхэм атемыт зэпытэу, атекIырэ цIыфым ыгу Тхьэр
илъэп, ау Христос тигъэшIэгъэ Iофхэм атет зэпытым
ыгу Ты лъапIэри Къо лъапIэри илъых. [10] Шъуадэжь зыго-
рэ къакIоу, Исус тигъэшIэгъэ Iофхэм атемытэу шъуигъа-
шIэмэ, ар шъуиунэ къишъумыгъахь, шIуфэси ешъумых.
[11] Сыда пIомэ ащ шIуфэс езыхырэр ащ ибзэджэшIагъэ-
хэмкIи игъусэу щыт.

## Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр

[12] Джыри къышъуфэстхынэу сиIэр бэ, ау тхылъыпIэрэ
мэрчэп къамзийрэкIэ стхынэу сыфаеп. Ау тигушIуагъо
икъугъэу хъуным пае, шъуадэжь сыкъэкIонышъ, тызэ-
дэтIысэу тызэдэгущыIэным сыщэгугъы.
[13] Пшыпхъоу Тхьэм къыхихыгъэм ибынхэм* шIуфэс
къыуахыжьы. Амин.

---

13 Пшыпхъоу Тхьэм къыхихыгъэм ибынхэр – мы тхылъыр зытхыгъэр чылыс зэIукIэу зыщыщым ицIыфхэр арын фае.



# АПОСТОЛ ИУАН
# ЯЩЭНЭРЭ ТХЫЛЪЭУ ЫТХЫГЪЭР

## ШIуфэс ехыныр

Сэ чылыс зэIукIэм инахьыжъхэм сащыщэу,* о Гай
лъапIэу шъыпкъагъэкIэ шIу слъэгъурэм мы тхылъыр
къыпфэсэтхы.
2 СилъапI, упсаоу, пстэумкIи утхъэжьэу ущыIэнэу Тхьэм
селъэIу, угурэ упсэрэ зэрэпсэфырэм фэдэу. 3 Сыда пIомэ
тшы куп заулэ къакIуи, о уишъыпкъагъэ тегущыIэхэзэ,
шъыпкъагъэм тетэу узэрэзекIорэр къызаушыхьатым, лъэ-
шэу сыгушIуагъ. 4 Сибынхэр шъыпкъагъэм тетхэу зэрэзе-
кIохэрэр зызэхэсхыкIэ, ащ нахьи нахь гушIогъошхо зи
сиIэп.
5 СилъапI, тшыхэр хымэхэу щытхэ пэтми, шIоу афапшIэ-
рэмкIэ шъыпкъагъэ уиIэу озекIо. 6 Ахэмэ чылыс зэIукIэм
ыпашъхьэ уишIулъэгъуныгъэ къыщыфаушыхьатыгъ. Тхьэм
ыгу зэреIурэм тетэу, ягъогукIэ ахэмэ IэпыIэгъу уафэхъу-
мэ, шIу пшIагъэу мэхъу. 7 Сыда пIомэ а тшыхэм шIошъ-
хъуныгъэ зимыIэхэм IэпыIэгъу зи къаIамыхэу, Христос
ыцIэ пае гъогум техьагъэх. 8 Арышъ, ащ фэдэ цIыфхэм
IэпыIэгъу тафэхъун фае, Iофэу шъыпкъагъэм фашIэрэм-
кIэ гъусэ тафэхъуным пае.

---

1 Сэ чылыс зэIукIэм инахьыжъхэм сащыщэу – еплъ Якъубэ 5:14.

## Диотрефрэ Димитрыйрэ

[9] Чылыс зэIукIэм тхылъ фэстхыгъ, ау Диотрефэу ахэмэ
пащэу афэхъунэу фаем тидэрэп. [10] Арышъ, сыкъызы-
кIокIэ, Iофхэу ащ ышIэхэрэр къэзгъэнэфэщтых, гущыIэ
IаехэмкIэ къызэрэттегущыIэрэр ары. Ащи къыщымыуцоу
тшыхэр ригъэблагъэхэрэп, езыгъэблэгъэнхэу фаехэми афи-
мыдэу апэуцу, чылыс зэIукIэми чIефыжьых.
[11] СилъапI, ер зышIэрэм илъэужхэм шъуарымыкIоу, шIу-
гъэ зышIэрэм илъэужхэм шъуарыкIо. ШIугъэ зышIэ-
рэр Тхьэм ибын. Ер зышIэрэм шIошъхъуныгъэкIэ Тхьэр
ылъэгъугъэп. [12] ЦIыф пстэури Димитрый шIукIэ шыхьат
къыфэхъух, ежь шъыпкъагъэри шIукIэ ащ шыхьат фэ-
хъу. Тэри шIукIэ шыхьат тыфэхъу, тишыхьатныгъи зэ-
рэшъыпкъэр ошIэ.

## Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр

[13] Къыпфэстхынэу сиIэр бэ, ау джы къэлэмрэ мэрчэп
къамзыйрэкIэ къыпфэстхынэу сыфаеп. [14] ШIэхэу услъэ-
гъунышъ, тызэдэтIысэу тызэдэгущыIэным сыщэгугъы.
[15] Гупсэфыныгъэ уиIэу опсэу. МыщкIэ щыIэ ныбджэ-
гъухэми шIуфэс къыуахыжьы. МодэкIэ щыIэ ныбджэгъу-
хэм ацIэкIи шIуфэс сфяхыжьи, аIапэ сфэубытыжь.
Амин.



# *АПОСТОЛ ИУДЭ ТХЫЛЪЭУ ЫТХЫГЪЭР*

### ШIуфэс ехыныр

Сэ сы Иудэ, Исус Христос сыфэлажьэ, Якъуби* сыриш.
Шъо, Тхьэу Ты лъапIэм ибынхэм ащыщ хъунхэу
къызэджагъэхэу, зыгу ыгъэкъабзэхэу, Исус Христос
къыухъумэхэрэм, мы тхылъыр къышъуфэсэтхы.
2 Тхьэм гукIэгъуныгъэшхо къышъуферэшI зэпыт, гупсэ-
фыныгъэшхуи шIулъэгъуныгъэшхуи къышъуерэт зэпыт.

### Дин гъэсэкIо нэпцIхэр

(2. Пет. 2:1–17)

3 СилъапIэхэр, шъори тэри тымыкIодэу Тхьэм тыкъы-
зэригъэнэжьыгъэм ехьылIагъэу къышъуфэстхынэу лъэ-
шэу сыфэягъ. Ау етIанэ шIошъхъуныгъэу Тхьэм ицIыф
лъапIэхэм аIэ зэ къырилъхьагъэм пытэу шъутетынэу
сышъолъэIуным пае, къышъуфэстхын фаеу слъытагъэ.
4 Сыда пIомэ цIыф заулэм шъумышIахэу зыкъышъуха-

---

1 Якъубэ – Ерусалим щыIэ чылыс зэIукIэм итхьаматэхэм ащыщыгъэр арыщтын. Еплъ Апостол. 15:13; Гал. 1:19.

гъэкIокIагъ. Тхьэм ахэр зэригъэмысэщтхэр игущыIэ тхы-
гъэхэм бэшIагъэу арыт. Тхьэм ищынагъо ахэмэ агухэм
арылъэп. Ти Тхьэ ынэшIу цIыфхэм къызэращифэрэм икъэ-
бар мыхъомышIэ псэукIэм зыратынэу ушъхьагъу ашIы.
Типащэу ыкIи ти Зиусхьан закъоу Исус Христосыр адэрэп.
5 Мыр шъушIэ пэтми, шъугу къэзгъэкIыжьынэу сыфай:
Зиусхьаным ежь ылъэпкъ Мысыр хэгъэгум къырищы-
жьи, мыкIодэу къыгъэнэжьыгъэ пэтми, шIошъхъуныгъэ
зимыIэхэр ащ нэужым ыгъэкIодыгъэх*. 6 МэлэIичхэу зи-
тетыгъо зыщыряIэ чIыпIэр къэзыгъэнагъэхэу, Тхьэм
къафигъэнэфэгъэ чIыпIэм икIыгъэхэр Тхьэм цIыфхэм
хьыкум зыщатришIыхьащт мэфэшхом нэсыфэ, егъашIэм
мыкIодыжьын Iэхъу–лъэхъухэр ателъхэу шIункIыгъэм
хегъэтых. 7 Ащ фэдэу къалэхэу Содомрэ Гоморрэрэ*
яцIыфхэмрэ а къалэхэм яIэгъо–благъохэм арыт къалэ-
хэм яцIыфхэмрэ зинэри, цIыфмэ амышIэпхъэ емыкIу Iоф-
хэри ашIэщтыгъэх. Ныбжьи мыухыжьын машIом икъи-
нышхо Тхьэм ахэмэ аригъэщэчэу, ахэмэ ягъогу тырымы-
кIоным пае, ахэр шапхъэ къытфишIыгъ.
8 Ащ фэдэу мы цIыфхэм пкIыхьапIэхэу алъэгъухэрэм
апае, апкъыхэр аушIоих; тетыгъо зиIэхэр адэхэрэп, уашъом
щытхъушхо щызиIэхэми яхъоных. 9 Апэрэ мэлэIичэу Ми-
хаилымрэ шэйтанымрэ пегъымбар Мусэ ихьадэ зэтырахы
зэхъум, Михаил шэйтаным хъонэн гущыIэкIэ ыгъэмысэ-
нэу тегушхуагъэп, «Зиусхьаным къыпферэмыд!» ыIуи,
риIуагъэ ныIэп. 10 А цIыфхэм зи зэхамышIыкIырэ Iоф-
хэми яхъоных; ау акъыл зимыIэ хьакIэ–къуакIэхэм
ящытыкIэ игъогукIэ Iофхэр зэрэзэхашIыкIхэрэм фэдэу,
а цIыфхэм Iофхэу зэхашIыкIхэрэр ары ахэр зыгъэу-
нэхъухэрэр.
11 Ахэр сыхьатмыгъо ежьагъэх, сыда пIомэ ахэр Каин*
игъогу техьагъэх, Валаами* зэрэзекIуагъэм фэдэу, ахэми
ахъщэм пае бзэджагъэ ашIэ, Корей* фэдэу якъаигъагъэ-
кIэ мэунэхъух.

5 Мысыр хэгъэгум къырищыжьи, мыкIодэу къыгъэнэжьыгъэ пэтми, ыгъэкIодыгъэх – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 12:51; яплIэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 14:26–38.

7 къалэхэу Содомрэ Гоморрэрэ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:1–24.

11 Каин – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 4:3–8.

11 Валаам – еплъ Пегъымбар Мусэ яплIэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 22:1–35.

11 Корей – еплъ Пегъымбар Мусэ яплIэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 16:1–35.

12 Шъузызэдашхэкӏэ, ащ фэдэ цӏыфхэр шъоркӏэ укӏы-
тагъо мэхъух: къыжъудашхэзэ, мыукӏытэхэу загъэшхэ-
кӏын алъэкӏырэп. Ахэр жьыбгъэм зэрифэхэу, псы къыз-
хэмыкӏырэ пщэхэм афэдэх. Бжыхьэм зи къызпымыкӏэхэу,
зылъапсэ ратхъыжьыгъэхэу, тӏо лӏэгъэ чъыгхэр ары зы-
фэдэхэр. 13 Хыорышхохэу зишӏой дэзыдзыехэрэм афэ-
дэх, жъогъо гъощагъэхэу, шӏункӏыгъэм икуупӏэ егъашӏэм
Тхьэм зыфигъэнэфагъэхэм афэдэхэу щытых.
14 Енохоу Адэм зыцӏэм къытехъукӏыгъэ цӏыфхэм ащы-
щэу яхэнэрэм ыгу Тхьэм ежь игущыӏэхэу къырилъхьагъэ-
хэр къыӏохэзэ, а цӏыфхэм яхьылӏагъэу мыщ фэдэу къы-
ӏуагъ: «Шъукъэдаӏу, пчъагъэ зимыӏэ мэлэӏич лъапӏэхэр
игъусэхэу Зиусхьаныр къэкӏощт. 15 Къызфэкӏощтыр цӏыф
пстэуми хьыкум атришӏыхьанэуи ары, ахэмэ ащыщхэу
Тхьэм ищынагъо зыгу имылъ пстэуми ямысэгъэ пстэури
аригъэлъэгъунэуи ары. Тхьэм ищынагъо агухэм арымы-
лъэу, бзэджагъэ ӏофхэу ашӏэгъэ пстэумэ апаий, гущыӏэ
пхъашэхэу Зиусхьаным ехьылӏагъэу аӏогъэ пстэуми апаий
мысэ зэрэхъугъэхэр а псэкӏодышӏэ цӏыфхэу Тхьэм ищы-
нагъо зыгу имылъхэм аригъэлъэгъущт. 16 Ахэр зыкӏи мы-
разэхэу мэтхьаусыхэ зэпытых. Яхъопсэныгъэ ӏаехэм къы-
ращэкӏхэу мэзекӏох. Ажэхэм гущыӏэ пэгагъэхэм анэмыкӏ
къадэкӏырэп. Цӏыфхэм яшӏуагъэ ежьхэм зэрагъэкӏы-
жьыным пае, ащэтхъужьых.

**Теубытэныгъэ зижъугъаӏ**

17 Ау шъо, силъапӏэхэр, ти Зиусхьанэу Исус Христос
иапостолхэм* ӏофхэу къэхъунхэу къаӏощтыгъэхэр шъугу
къэжъугъэкӏыжьых. 18 Къышъуаӏощтыгъэр мыры: «Мы
дунаем иаужьыпкъэрэ уахътэ кӏэнэкӏакӏохэу зихъопсэ-
ныгъэ ӏае мыкъабзэхэм къыращэкӏхэу зекӏохэрэр къэ-
лъэгъощтых». 19 Ащ фэдэ цӏыфхэр ары шъузэгурызымы-
гъаӏохэрэр. Ахэмэ ящытыкӏэ къырищэкӏхэу зэрэщытым
фэдэу мэзекӏох, Тхьэм Ыпсэ Лъапӏи агухэм арылъэп.
20 Ау шъо, силъапӏэхэр, гурэ псэрэкӏэ нахь лъэкӏыны-
гъэ зыфэжъугъотыжьэу, шъуишӏошъхъуныгъэ лъэпӏэ

17 апостолхэр – ыпэ рапшӏэу апостолхэкӏэ зэджагъэхэр апэрэ нэбгырэ пшӏыкӏутӏоу Исус игъогу рыкӏохэрэр ары. Етӏанэ нэмыкӏрэ цӏыфхэу Паул фэдэу, Исус мы дунаем зытетым, игъогу рыкӏохэрэм ащыщхэу щымыӏагъэхэу, етӏанэ игъогу техьагъэхэми апостолхэкӏэ яджэхэу хъугъэ.

дэдэм ишъыпкъагъэ шъузэрэтетыщтым ыуж шъуит.
Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ илъэкIыныгъэкIи Тхьэм шъуелъэIу.
21 Ти Зиусхьанэу Исус Христос гукIэгъу къышъуфишIы-
нышъ, мыкIодыжьын щыIэныгъэ къызэрэшъуитыщтым
шъупаплъэзэ, Тхьэм ишIулъэгъуныгъэ зыхэшъумыгъэн.
22 ЗэхэшIыкIыныгъэ зижъугъаIэзэ, цIыфхэу тишIошъхъу-
ныгъэ ехъырэхъышэхэрэм гукIэгъу афэшъушI. 23 Нэмы-
кIхэри машIом къыхэшъущыжьхи,* мыкIодхэу къэжъу-
гъэнэжьых. ЕтIанэ нэмыкI цIыфхэми щынэкIэ гукIэгъу
афэшъушI.* Апкъымэ агъэушIоигъэ щыгъынхэми за-
щыжъудзый.

## Тхьэм щытхъу фэтэжъугъэшI

24 Игъогу шъутекIыным Тхьэм шъущиухъумэн ылъэ-
кIыщт, лажьи зи шъуимыIэу, гушIогъошхуи шъухэлъэу,
щытхъушхо ЗиIэм ыпашъхьэ шъуригъэуцон ылъэкIыщт.
25 Тхьэ закъоу тымыкIодэу, Исус Христос тыкъезыгъэ-
гъэнэжьыгъэм щытхъушхори, иныгъэри, лъэкIыныгъэ-
шхори, тетыгъошхори иех, лъэхъан пстэумэ апэуи, джы-
ри, егъашIэми. Амин.

---

23 НэмыкIхэри машIом къыхэшъущыжьхи – шъуащыщхэу нэмыкIхэри джэхьнэм машIом хэфэнхэу щытхэр мыкIодхэу къэжъугъэнэжьых.

23 нэмыкI цIыфхэми щынэкIэ гукIэгъу афэшъушI – ахэмэ яшIоигъэ шъухамыгъэфэным пае, шъузфэсакъыжь.



# *АПОСТОЛ ПАУЛ ШIОШЪХЪУНЫГЪЭ ЗИIЭХЭУ РИМ КЪЭЛЭШХОМ ДЭСХЭМ ТХЫЛЪЭУ АФИТХЫГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### ШIуфэс ехыныр

Сэ сы Паул, Исус Христос сыфэлажьэ. Христос иапо-
стол* сыхъунэу Тхьэр къысаджи, ежьым ыдэжь къикIырэ
къэбарышIур* згъэIунэу сигъэнэфагъ. 2 А къэбарышIур
ипегъымбархэм ажэкIэ Тхьэм цIыфхэр ыгъэгугъагъэх,
игущыIэ тхыгъэ лъапIэхэм* зэрарытым фэдэу. 3 А къэ-
барышIур Ыкъо ехьылIагъ. Ар цIыфэу къэхъугъэу, па-
чъыхьэ Даутэ къытехъукIыгъэ цIыфхэм ащыщыгъ. 4 Исус

---

1:1 апостол – нэмыкI цIыф горэм ыцIэкIэ гущыIэнэуи Iоф ышIэнэуи фитыныгъэ зиIэр ары.

1:1 къэбарышIур – Исус Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур ары. Тхьэм пегъымбархэм ажэкIэ цIыфхэр къызэригъэгугъэгъэ Iофхэр къыгъэшъыпкъэжьхэзэ ыгъэхъугъэх, арэущтэуи цIыфхэр мыкIодхэу къызеригъэнэжьынхэ гъогу афишIыгъ.

1:2 Тхьэм игущыIэ тхыгъэ лъапIэхэр – мыщ дэжьым ащ къикIырэр джуртхэм ятхылъ лъапIэхэр ары.

лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэмкIэ Тхьэм ЫIпсэ
ЛъапIэ ар Тхьэм зэри–Къор лъэкIыныгъэкIэ къыгъэнэ-
фагъ. Ежьыр ары Исус Христосэу ти Зиусхьаныр. 5 Тхьэм
Христос ынэшIу сэ къысщыригъафи, Христос ыцIэкIэ
лъэпкъ пстэуми шIошъхъуныгъэ яIэ згъэхъоу, ежьым
езгъэдэIунхэм пае, апостолэу сигъэнэфагъ. 6 Шъори ахэмэ
шъуащыщ, Исус Христос шъори ибынхэм ащыщ шъу-
хъунэу къышъоджагъ.

7 Шъо, Рим* къэлэшхом дэсхэу, Тхьэм шIу ылъэгъухэу,
ицIыф лъапIэхэм ащыщ хъунхэу къызэджагъэхэм, мы
тхылъыр къышъуфэсэтхы.

Тхьэу Тятэ лъапIэмрэ Зиусхьанэу Исус Христосрэ
анэшIу къышъущарэфи, гупсэфыныгъэ къышъуарэт.

## Паул Рим къэлэшхом кIонэу зэрэфэягъэр

8 Ыпэ рапшIэу шъуишIошъхъуныгъэ икъэбар дунаем ты-
дэкIи цIыфхэм зэрэщагъэIурэм пае, Исус Христос ыцIэкIэ
шъо пстэуми пае Тхьэм щытхъу фэсэшIы, 9 сыда пIомэ
Тхьэу Зыкъо ехьылIэгъэ къэбарышIур згъэIузэ, сыгу
етыгъэу сызфэлажьэрэ Тхьэр сишыхьат. Ащ селъэIу зы-
хъукIэ, сыдигъуи зэпымыоу шъуигугъу зэрэсшIырэмкIэ
ар сишыхьат. 10 Тхьэм ыIомэ шъуадэжь аужыпкъэм сы-
къэкIонэу къыздэхъункIэ селъэIу.

11 Сыда пIомэ Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ ыдэжь къыкIэу,
шъугухэр зыгъэпытэн шIугъэ горэ шъозгъэгъотыным
пае, шъуслъэгъунэу инэу сшIоигъу. 12 А зы шIошъхъу-
ныгъэу тиIэмкIэ тызэрэгъэгушхоныр ары зыфасIорэр.
13 Шъуадэжь сыкъэкIонэу бэрэ сыгу зэрэхэлъыгъэр шъу-
шIэн фае, сшыхэр, ау джы нэсыфэ пэрыохъу горэ къыс-
фэхъущтыгъ. НэмыкI лъэпкъхэм адэжь шIугъэ къыз-
хэкIырэ Iоф зэрэщысшIагъэм фэдэу, шъуадэжьи Iоф
щысшIэнэу сыфай.

14 Урымхэми, нэмыкI лъэпкъхэми, зэхэшIыкIыныгъэ
зиIэхэми, зимыIэхэми пшъэрылъ афысиI. 15 Джары шъо
Рим къэлэшхом дэсхэм къэбарышIур шъозгъэIунэу инэу
зыкIысшIоигъор.

---

1:7 Рим – Рум ары.

## КъэбарышIум лъэкIыныгъэу хэлъыр

16 Христос ехьылIэгъэ къэбарышIум сытеукIытыхьэ-
рэп, сыда пIомэ къэбарышIур ары Тхьэм илъэкIыныгъэу
хэти шIошъхъуныгъэ зиIэр мыкIодэу къэзыгъэнэжьырэр,
апэу джуртыр етIанэ мыджуртыр. 17 Сыда пIомэ Тхьэм
ежьым ыдэжькIэ цIыфым шъыпкъагъэ иIэу зэрилъытэрэ
гъогур къэбарышIум къегъэнафэ. Ыпэ къыщегъэжьа-
гъэу ыкIэ нэс а Iофыр зэрэхъурэр шIошъхъуныгъэм
игъогукIэ ары, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым
фэдэу,* «ШIошъхъуныгъэ зэриIэм пае, Тхьэм ыдэжькIэ
шъыпкъагъэ зиIэр псэущт».

## ЦIыф пстэуми Тхьэм ыдэжькIэ лажьэу яIэр

18 Тхьэм ищынагъо цIыфхэм агухэм зэрарымылъым пайй,
ябзэджагъэ пстэуми апайй игубжэу уашъом къехырэр
Тхьэм къегъэнафэ, сыда пIомэ ябзэджагъэкIэ шъыпкъа-
гъэр агъэбылъынэу ыуж итых. 19 Тхьэм ехьылIагъэу цIыфмэ
ашIэшъущтыр ахэмкIэ нафэ, Тхьэм ар къафигъэнэфагъ.
20 Сыда пIомэ Тхьэм дунаер къызигъэхъугъэм щегъэ-
жьагъэу, ежь ищытыкIэу амылъэгъушъурэм Тхьэм къы-
гъэхъугъэхэмкIэ цIыфхэм нафэу гу лъатэн алъэкIы.
ИщытыкIэ амылъэгъушъоу зыфасIорэр илъэкIыныгъэ-
шхоу мыкIодыжьыщтри ары, ежьыр Тхьэу зэрэщытри
ары. Арышъ, цIыфхэм зызэрагъэхыен зи щыIэп.
21 Тхьэр ашIагъэ пэтми, Тхьэм фэшъуашэу лъытэ-
ныгъи щытхъушхуи фашIыгъэп. Ау ягупшысэхэр хьаулыеу
хъугъэх, агухэу зэхэшIыкIыныгъэ зимыIэхэри шIункIы
хъугъэх. 22 ЗэхэшIыкIыныгъэ яIэу зашIошIыжьэу, зэхэ-
шIыкIыныгъэ ямыIэу хъугъэх. 23 ЦIыфхэм щытхъушхо
зиIэ Тхьэу мыкIодыжьыщтыр амыгъэлъапIэу щытыгъэх.
Тхьэм фагъадэхэу, ежьхэм аIэкIэ ашIыгъэ шъо теплъэхэу
кIодыжьыщт цIыфхэм, бзыухэм, лъэкъуиплIкIэ зекIохэ-
рэм, ныбэкIэ цуахъохэрэм афэдэхэр тхьэпIалъэу агъэ-
лъэпIагъэх.
24 Арышъ, ахэмэ агухэр Iоф мыхъунхэм акIэхъопсхэу,
апкъыхэмкIэ мыхъун зэрашIэжьынэу, шIоигъэм хэтхэу
Тхьэм къыгъэнагъэх. 25 Тхьэм ишъыпкъагъэ ычIыпIэ

---

1:17 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Аввакум тхылъэу ытхыгъэм 2:4.

пцIыр рагъэуцуагъ. Тхьэу зэкIэ къэзыгъэхъугъэр амыгъэлъапIэу ыкIи фэмылажьэхэу, Тхьэм къыгъэхъугъэхэр агъэлъэпIагъэх, ахэми афэлэжьагъэх. Ежь Тхьэм мыкIодыжьын щытхъушхор ий. Амин.

26 Арышъ, агу зыкIэхъопсырэ Iоф мыхъунхэм апылъынхэу Тхьэм ахэр къыгъэнагъэх. Ябзылъфыгъэхэри
зэрэщытын фаем текIыхи, зым адрэм мыхъун ришIэ-
жьыгъ. 27 Ащ фэдэу хъулъфыгъэхэри зэрэщытын фаем
текIыхи, яшъузхэм якIолIэжьыныр ханэжьи, зы лIыр адрэ лIым кIэхъопс хъугъэ. Арэущтэу хъулъфыгъэхэми мыхъун зэрашIэжьи, апкъыхэмкIэ язекIокIэ емыкIу ифэшъуашэ агъотыжьыгъ.

28 Ащ нэмыкIэу Тхьэр ашIэнэу зэрамыдагъэм пае, емыкIу Iофхэр ашIэнхэу акъыл къуанчэр яIэу Тхьэм къыгъэна-
гъэх. 29 Мышъыпкъэгъэ пстэури, зинэ пстэури, тхьагъэп-
цIыгъэ пстэури, нэйпсыягъэ пстэури, бзэджагъэ пстэури агухэм арызы хъугъэ. Шъугъонри, цIыф укIынри, зэщыхьанри, пцIы усынри, уджэгъунри агухэм арылъ зэпытых.
30 Ахэр бзэгухьэх, цIыфхэм IэягъэкIэ атегущыIэх, Тхьэр ауджэгъу, цIыфхэм агу хагъэкIы, зыщэтхъужьых, загъэпагэ, бзэджагъэхэр къаугупшысых, ятэ–янэхэми афэIо-
рышIэхэрэп. 31 ЗэхэшIыкIыныгъэ яIэп, ягущыIэхэр агъэ-
цакIэхэрэп, гуфэбагъи яIэп, зэшIужьыныгъэри гукIэгъуныгъэри зыфэдэхэр ашIэрэп. 32 А цIыфхэм Тхьэм иунэшъо
зафэр ашIэ, ащ фэдэ Iофхэр зышIэхэрэм укI зэрафэшъуашэр. Ау щытми, ежьхэм ащ фэдэхэр зэрашIэхэрэм имызакъоу, а Iофхэр зышIэхэрэри адэх.

## ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

### Тхьэм цIыфхэм хьыкум зэратришIыхьэрэр зафэ

О хэт ущыщми, нэмыкI зыгорэ бгъэмысэмэ, зызэрыбгъэхыижьын зи щыIэп. Ар зэрэбгъэмысэрэмкIэ о зыогъэмысэжьы, сыда пIомэ адрэр зэрыбгъэмысэрэ Iофхэр ори ошIэх. 2 Ащ фэдэ Iофхэр зышIэхэрэм Тхьэм шъыпкъагъэм тетэу хьыкум зэратришIыхьащтыр тэшIэ. 3 Ау
а Iофхэр зышIэхэрэр о бгъэмысэхэу щыт пэтми, ори ахэмэ ашIагъэм фэдэу пшIэу, Тхьэм ихьыкум къыптримышIыхьанэу огугъа? 4 Хьауми Тхьэм ишIугъэшхо, игу-

шъэбэгъэшхо, ищыIэгъэшхо зэмыпэсхэу ара? Тхьэм ишIугъэшхокIэ уипсэкIодхэм уафыкIэгъожьынэу игъо къызэрэпфигъафэрэр къыбгурыIорэба?

[5] Ау уигуркъагъэкIи, угукIэ уипсэкIодхэм узэрафыкIэмыгъожьырэмкIи мафэу Тхьэм игубжырэ ихьыкум зафэрэ къызылъэгъощтым дэжь Тхьэм губжэу къыптырилъхьащтым хэогъахъо. [6] Тхьэм хэти Iофхэу ышIагъэхэмяфэшъуашэ ригъэгъотыжьыщт. [7] ШIушIэным ыуж имыкIхэу, щытхъушхом, лъытэныгъэшхом, мылIэныгъэм ауж итхэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ аритыщт. [8] Ау цIыфхэу зызыгъэкъаигъэхэу, шъыпкъагъэм фэмыIорышIэхэу, бзэджагъэм зезытхэрэм Тхьэм игубжышхо къалъигъэсыщт. [9] Тхьэм хэти бзэджагъэ зышIэрэм гузэжъогъурэ гухэкIыгъорэ къылъигъэсыщт, апэу джуртым етIанэ мыджуртым.
[10] Ау Тхьэм хэтэуи шIу зышIэрэм щытхъу, лъытэныгъэ, гупсэфыныгъэ къылъигъэсыщт, апэу джуртым етIанэ мыджуртым. [11] Сыда пIомэ Тхьэр цIыфхэм ятеплъэ емыплъэу, цIыф пстэури изэфэдэхэу щытых.

[12] Пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ зимыIэхэу, псэкIод зышIэгъэ цIыф пстэуми Тэурат хабзэр ямыIагъэ пэтми, кIодыжьыщтых. Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ чIэтхэу, псэкIод зышIэгъэ цIыф пстэури Тэурат хабзэм тетэу Тхьэм ыгъэмысэщтых. [13] Сыда пIомэ Тэурат хабзэм итхэр зэхэзыххэрэр арэп Тхьэм ыдэжькIэ шъыпкъагъэ зиIэхэр, Тэурат хабзэм итхэр зыгъэцакIэхэрэр ары нахь. [14] Хымэ лъэпкъхэм* ащыщхэу Тэурат хабзэр зимыIэхэм гурыIоныгъэу ахэлъымкIэ Тэурат хабзэм итхэр загъэцакIэхэкIэ, Тэурат хабзэр ямыIэ пэтми, хабзэр зыфэдэр зэрашIэрэр къагъэлъагъо, [15] сыда пIомэ Тэурат хабзэм иунашъохэр агухэм арытхагъэхэу зэрарылъхэр а цIыфхэм къагъэлъагъо. Арэущтэу зэрэщытыр агухэми къаушыхьаты, а цIыфхэм ягупшысэхэмкIи зэ загъэмысэ, зэ загъэхые. [16] А Iофыр арэущтэу зэрэщытыр нафэ хъущт, къэбарышIоу згъэIурэм тетэу, цIыфхэм агухэм арылъ шъэфхэм Тхьэм Исус Христос хьыкум зыщатрыригъэшIыхьащт мафэм дэжь.

## Джуртхэмрэ Тэурат хабзэмрэ

[17] «Сэ сыджурт», оIо. Тэурат хабзэм ущэгугъы ыкIи «Тхьэр сэшIэ», пIозэ узщэтхъужьы. [18] Тэурат хабзэм итхэр

2:14 хымэ лъэпкъхэр – мыджуртхэр ары.

зэрэуагъэшIагъэм пае, Тхьэр зыфаер ошIэ, дэгъур зы-
фэдэри зэхэпшIыкIын плъэкIыщт. 19 ШIэныгъэ пстэури
шъыпкъагъэ пстэури зэрыт Тэурат хабзэр о пIэ илъэу,
нэшъухэм уряпэрытэу, шIункIыгъэм хэтхэми урянэфынэу
узщэгугъыжьы. 20 ШIэныгъэ зимыIэхэм агурызыгъэIо-
щтыр орэу, ныбжьыкIэхэми Iофхэр языгъэшIэщтыр орэу
узщэгугъыжьы. 21 НэмыкIрэ цIыфым Iофхэр еогъашIэх,
о пшъхьэ еогъашIа? 22 ЦIыфхэр мытыгъонхэу яоIо, о
пшъхьэкIэ отыгъуа? «Зинэ умышIэ», цIыфхэм яоIо, о
пшъхьэкIэ зинэ ошIа? Тхьэ нэпцIхэм ашъо теплъэхэр
зэппэсхэрэп, тхьэ нэпцIхэм ашъо теплъэхэр зэрыт унэхэр
о пшъхьэкIэ охъункIэха? 23 Тэурат хабзэр зэрэуиIэм пае
узщэтхъужьы, ау Тэурат хабзэм итхэм узэратекIырэмкIэ
Тхьэр огъэпыута? 24 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым
фэдэу,* «Шъощ пае хымэ лъэпкъхэм щыщхэр Тхьэм ыцIэ
ехъоных».

25 Сунэт* уашIыгъэу щытыным пкIэ иI, Тэурат хабзэм
итхэр зыбгъэцакIэхэкIэ. Ау Тэурат хабзэм итхэм уате-
кIымэ, сунэт уашIыгъэу ущыт пэтми, сунэт уамышIыгъэм
уфэд. 26 Сунэт амышIыгъэ цIыфым Тэурат хабзэм иуна-
шъохэр ыгъэцакIэхэмэ, сунэт амышIыгъэу щыт пэтми,
Тхьэм ар сунэт ашIыгъэ цIыфым фэдэу ылъытэнба?
27 Ащыгъум зыпкъымкIэ сунэт амышIыгъэ цIыфэу Тэурат
хабзэм итхэр зыгъэцакIэрэм о сунэт уашIыгъэр уигъэмы-
сэщт. Сыда пIомэ Тэурат хабзэу тхыгъэр о пIэ илъэу
ыкIи сунэт уашIыгъэу ущыт пэтми, Тэурат хабзэм итхэм
уатекIы. 28 Сыда пIомэ итеплъэкIэ джуртым фэдэу къэ-
лъагъорэр арэп джурт шъыпкъэу щытыр, сунэтэу пкъым
къыхэщэу ашIырэри арэп сунэт шъыпкъэу щытыр. 29 Ау
джурт шъыпкъэу щытыр ыгукIэ джуртэу щытыр ары.
Сунэт шъыпкъэу щытыр сунэтэу гум илъыр ары. Ар
зыпкъы къикIырэр тхыгъэ горэу арэп, Тхьэм Ыпсэ Лъа-
пIэ ары нахь. Ащ фэдэ цIыфым ищытхъу цIыфым ыдэжь
къикIырэп, Тхьэм ыдэжь къекIы нахь.

---

2:24 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 52:5.

2:25 сунэт – «обрезание» ары. Еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 17:9–14.

## ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

Ащыгъум джуртэу ущытыныр сыд фэда зэрэнахьышIур? Е сунэт уашIыгъэу ущытыным сыд ишIуагъэу
къакIорэр? 2 Лъэныкъо пстэумкIи ишIуагъэу къакIорэр
бэу ины. Ыпэ рапшIэу, Тхьэм ежь игущыIэхэр къызыIэкIилъхьагъэхэр джуртхэр ары.
3 Ахэмэ ащыщхэу куп мышъыпкъэхэу къычIэкIыгъэхэмэ, ахэмэ ямышъыпкъагъэ Тхьэм ишъыпкъагъэ
ыгъэкIодыжьышъущта? 4 Хьау, ыгъэкIодыжьышъущтэп.
Тхьэр сыдигъуи шъыпкъэ, ау хэтрэ цIыфи пцIыус, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,*

«О Тхьэ, гущыIэхэу къапIохэрэмкIэ узаф,
уагъэмысэми уишъыпкъагъэ нафэ хъущт».

5 Тэ тибзэджагъэ Тхьэр зэрэшъыпкъэр нахь къегъэнафэмэ, сыд тIона? Игубж къызыттрилъхьэкIэ, Тхьэр
мызафэу тIона? ЦIыфхэр къызэрэгущыIэхэрэм фэдэу,
ахэр къэсэIох. 6 Хьау, ар хъухэщтэп. Тхьэр зафэ.
Тхьэр мызафэмэ, дунаем ицIыфхэм сыдэущтэу хьыкум атыришIыхьэшъущта? 7 Зыгорэм мырэущтэу къыIонкIи
мэхъу: «Сэ симышъыпкъагъэ Тхьэр зэрэшъыпкъэр нахь къыгъэнафэу, Тхьэм ищытхъушхо цIыфхэм нахьышIоу къаригъэлъэгъумэ, псэкIод зышIэрэм фэдэу Тхьэм сыда
сызкIигъэмысэщтыр?» 8 ШIугъи къыхэкIыным пае, бзэджагъэ тшIэна? А гущыIэ дэдэхэр тыжэ къыдэкIыгъэхэу аIозэ, цIыф заулэхэр IэягъэкIэ къыттегущыIэх.
Тхьэм ащ фэдэ цIыфхэм яфэшъуашэ аригъэпщыныжьыщт.

### Шъыпкъагъэ зиIэ цIыф зи щыIэп

9 Сыд етIанэ, тэ джуртхэр нэмыкI цIыфхэм анахьи тынахьышIуа? Хьау, тэ зыкIи танахьышIоп. Джурт
пстэури, нэмыкI лъэпкъхэм ащыщ пстэури псэкIодым
ыIэ зэрилъхэр къэдгъэнэфагъ, 10 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,*

---

3:4 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Сэбур (Псалтыр) 51:4 (урыс библиемкIэ 50:6).

3:10–18 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Сэбур (Псалтыр) 14:1–3; 5:9; 140:3; 10:7; (урыс библиемкIэ 13:1–3; 5:10; 139:4; 9:28) Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 59:7–8; Сэбур (Псалтыр) 36:1 (урыс библиемкIэ 35:2).

«Шъыпкъагъэ зиIэ цIыф зи щыIэп.
[11] ЗэхэшIыкIыныгъэ зиIэ цIыфи зи щыIэп,
Тхьэм игъогу лъыхъурэ цIыфи зи щыIэп.
[12] ЗэкIэри Тхьэм игъогу текIыгъэх;
зэкIэми пкIэ ямыIэжь хъугъэ.
ШIу зышIэрэри зи щыIэп.
[13] Ачыйхэр шъхьэ зытемылъ къэ шIоихэм афэдэх.
АбзэгукIэ цIыфхэр агъапцIэх.
Блэм ищэнаут аIупэхэм ателъ.
[14] Ажэхэми хъонэным идыдж адиз.
[15] Ахэмэ цIыфым ылъ агъэчъэным пае лъэчъэх.
[16] Тыдэ зыдакIохэрэми цIыфхэр щагъэкIодых ыкIи
къин щарагъэщэчы.
[17] Зэзэгъыныгъэм игъогу ашIэрэп.
[18] Тхьэм ищынагъуи агухэм арылъэп».
[19] Тэурат хабзэм къыIохэрэр Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ
чIэт цIыфхэм зэрариIохэрэр тэшIэ. Арэущтэу цIыф
пстэуми ажэ аригъэубытыгъэу хъугъэ, дунаем тет цIыф
пстэури Тхьэм ыдэжькIэ мысэхэу хъугъэ, [20] сыда пIомэ
цIыф горэм Тэурат хабзэм итхэр зэригъэцакIэхэрэмкIэ
Тхьэм ыдэжькIэ шъыпкъагъэ иIэ хъущтэп. Ау Тэурат
хабзэм итхэр ары псэкIод зэрэтшIагъэр тэзыгъашIэ-
хэрэр.

## ЦIыфхэм шIошъхъуныгъэмкIэ Тхьэм ыдэжькIэ шъыпкъагъэ яIэ зэрэхъурэр

[21] Ау джы Тэурат хабзэм иIоф хэмылъэу, Тхьэм ежьым
ыдэжькIэ цIыфхэм шъыпкъагъэ яIэу зэрилъытэрэ гъогур
къыгъэнэфагъ. Тэурат хабзэм итхэмрэ пегъымбархэм
къаIуагъэхэмрэ* а гъогум шыхьат фэхъух. [22] Исус Хри-
стоскIэ шIошъхъуныгъэу яIэм игъогу ары Тхьэм ежьым
ыдэжькIэ цIыфхэм шъыпкъагъэ яIэу зэрилъытэрэ гъо-
гур. ХристоскIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ пстэуми шъыпкъа-
гъэ яIэу елъытэ. ЦIыф зэхэдзыныгъэ зи щыIэп, [23] сыда
пIомэ цIыф пстэуми псэкIод ашIагъ, Тхьэм ыдэжь къи-
кIырэ щытхъушхомкIи Iахьэ яIэп. [24] Христос Исус ашъхьэ
зэрищэфыжьыгъэм пае, Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэкIэ

3:21 Тэурат хабзэм итхэмрэ пегъымбархэм къаIуагъэхэмрэ – мыщ дэжьым ащ къикIырэр джуртхэм ятхылъ лъэпIэ пстэури ары.

уасэ амытэу ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ яIэу елъытэх.
[25] ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр ащ ылъэу къащым
щыкIэкIыщтымкIэ Тхьэм ежь ешIужьыгъэхэу ыгъэхъу-
ным пае, Исус къурмэныпхъэу ыгъэнэфагъ. Тхьэм
ишъыпкъагъэ къыгъэшъыпкъэжьынэу ары Исус къур-
мэныпхъэу зыфигъэнэфагъэр. Сыда пIомэ Тхьэм игу-
шъэбагъэкIэ пасэм цIыфхэм япсэкIодшIагъэхэр аригъэ-
пщыныжьыгъагъэхэп. [26] Ащ нэмыкIэу Тхьэм Исус къур-
мэныпхъэу зыфигъэнэфагъэр джырэ лъэхъанэми ежь
ишъыпкъагъэ къыгъэшъыпкъэжьынэу ары: Ежь шъы-
пкъагъэ зэриIэри, ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэми
ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ яIэу зэрилъытэхэрэри
ары Тхьэм ащ фэдэу къыгъэлъагъорэр.
[27] Ащыгъум тызэрызыщытхъужьрэр щыIэжьа? Хьау,
щыIэжьэп. Тара хабзэу ар зыIорэр? Iофхэу тшIэн фае-
хэр зыIорэ хабзэр ара? Хьау, шIошъхъуныгъэм ихабзэ
ары. [28] Сыда пIомэ цIыфым шIошъхъуныгъэ зэриIэм
пае, Тхьэм ежьым ыдэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу зэ-
рилъытэрэр тшIошъ мэхъу. Тэурат хабзэм иIоф ащ
хэлъэп. [29] Тхьэр джурт закъохэм я Тхьэу щыта, хьауми
нэмыкI лъэпкъхэми я Тхьэу щыта? Адэ, нэмыкI лъэ-
пкъхэми я Тхьэу щыт. [30] Сыда пIомэ зы Тхьэ закъо
нахь щыIэп. Сунэт ашIыгъэхэу щытхэм шIошъхъуныгъэ
зэряIэм пае, Тхьэм ежьым ыдэжькIэ ахэмэ шъыпкъагъэ
яIэу ылъытэщтых, сунэт амышIыгъэхэу щытхэми
яшIошъхъуныгъэкIэ Тхьэм ыдэжькIэ шъыпкъагъэ
яIэщт. [31] Арэущтэу тIомэ, шIошъхъуныгъэмкIэ Тэурат
хабзэр тэгъэкIода? Хьау, дгъэкIодырэп, Тэурат хабзэр
тэгъэшъыпкъэжьы нахь.

## ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

### Ибрахьимэ икъэбар шIошъхъуныгъэм къикIырэр къызэригъэнафэрэр

Тятэжъышхо Ибрахьимэ ехьылIагъэу сыда тIощтыр?
Ежь–ежьырэу сыд ыгъэхъагъэр? [2] Ибрахьимэ Iофхэу
ышIагъэхэм апае, Тхьэм ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ
иIэу ылъытагъэмэ, Ибрахьимэ зэрызыщытхъужьынэу зыго-
рэ иIэщтыгъ – ау Тхьэм ыдэжькIэп. [3] Сыда пIомэ Тхьэм

игущыIэ тхыгъэхэм сыда арытыр?* «Ибрахьимэ ТхьэмкIэ
шIошъхъуныгъэ иIэ хъугъэти, Тхьэм ежьым ыдэжькIэ
ащ шъыпкъагъэ иIэу ылъытагъ».
4 Зыгорэм Iоф зишIэкIэ, лэжьапкIэр тынэу къыраты-
рэп, ифэшъуашэшъ къыраты нахь. 5 Ау шIушIагъэхэм
ащымыгугъырэ цIыфэу ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэм
иIоф зытетыр мары. А цIыфым ТхьэмкIэ шIошъхъуны-
гъэ зэриIэм пае, ащ къикIырэр Тхьэу псэкIод зышIэгъэ
цIыфхэм ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ яIэу зылъытэн
зылъэкIырэмкIэ шIошъхъуныгъэ зэриIэм пае, Тхьэм
ежьым ыдэжькIэ а цIыфым шъыпкъагъэ иIэу ылъытэщт.
6 Джары пачъыхьэ Даути зытегущыIагъэр, шIушIагъэ-
хэм яIоф хэмылъэу, Тхьэм ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ
иIэу ылъытэрэ цIыфыр сыхьатмафэ зэрежьагъэр къы-
зеIом:*

7 «ЗибзэджэшIагъэхэр Тхьэм зыфигъэгъугъэхэу,
зипсэкIодхэр зыфигъэкIодыгъэ цIыфхэр сыхьат-
мафэ ежьагъэх.
8 Зиусхьаным зипсэкIодхэр зыфимылъытэрэ цIы-
фыр сыхьатмафэ ежьагъ».

9 А сыхьэтмэфагъэр зыгъотхэрэр сунэт ашIыгъэхэу
щытхэм язакъоу ара, хьауми сунэт амышIыгъэхэу щыт-
хэри ара? Сунэт амышIыгъэхэу щытхэри ары, сыда
пIомэ Ибрахьимэ шIошъхъуныгъэ иIэ зэрэхъугъэм пае,
Тхьэм ежьым ыдэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу зэрилъы-
тагъэр къэтIуагъ. 10 Тхьэм ежьым ыдэжькIэ Ибрахьимэ
шъыпкъагъэ иIэу зилъытагъэр Ибрахьимэ сунэт ашIыным
ыпа, хьаури ыужа? Ыуж арэп, ыпагъ. 11 Ибрахьимэ сунэт
ашIыным ыпэкIэ, шIошъхъуныгъэ зэриIагъэм пае, Тхьэм
ежьым ыдэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу зэрилъытагъэр
къэзыгъэлъагъорэ мыхъурэу* ыкIи тамыгъэу сунэт шIы-
ныр ащ къыфигъэнагъ. А Iофыр ащ фэдэу зыщыткIэ,
Ибрахьимэ сунэт амышIыгъэ цIыфхэу шIошъхъуныгъэ
зиIэхэм ятэ фэдэу афэхъу, Тхьэм ежьым ыдэжькIэ ахэ-
ми шъыпкъагъэ яIэу ылъытэным пае. 12 Ибрахьимэ сунэт
ашIыгъэ цIыфхэми ятэ фэдэу афэхъу. Ахэми ятэ фэдэу

4:3 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытыр – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 15:6.

4:6–8 Даути . . . къызеIом, – еплъ Сэбур (Псалтыр) 32:1–2 (урыс библиемкIэ 31:1–2).

4:11 мыхъур – арапыбзэкIэ «хъытым», тыркубзэкIи «мыхьыр» ары.

зыкIафэхъугъэр сунэт зэрашIыгъэхэм изакъоп, ахэр Ибрахьимэ илъэужхэм атехьагъэхэу, ар сунэт ашIыным ыпэ, шIошъхъуныгъэм игъогоу зэрыкIуагъэм ахэри зэрэрыкIохэрэри ары.

## Ибрахьимэ Тхьэм зэрэщыгугъыгъэм пае, Тхьэм къызэригъэгугъагъэр иIэ хъугъэ

[13] Тхьэм Ибрахьимэрэ ащ къытехъукIыщт цIыфхэмрэ къыгъэгугъагъэх чIылъэр яIэхьышIоу къызэралъысыщтымкIэ. Ибрахьимэ Тэурат хабзэм итхэр ыгъэцэкIагъэхэу арэп Тхьэм а IэхьышIумкIэ зыкIигъэгугъагъэр, ау Ибрахьимэ шIошъхъуныгъэ зэриIагъэм пае, Тхьэм ежьым ыдэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу зэрилъытагъэр ары нахь. [14] Тэурат хабзэм итхэр зыгъэцакIэхэрэр арыгъэмэ, Тхьэм цIыфхэр къызэригъэгугъэгъэ IэхьышIур къызылъысыщтхэр, ащыгъум шIошъхъуныгъэр хьаулыеу хъущтыгъ, Тхьэм къызэригъэгугъагъэми пкIэ иIэщтыгъэп. [15] Сыда пIомэ Тэурат хабзэм Тхьэм игубж къехьы, ау хэбзэ унашъо зыдэщымыIэм хабзэм текIыни щыIэп.

[16] Арышъ, Тхьэм къыгъэгугъагъэхэр шIошъхъуныгъэ зиIэхэр ары. Арэущтэу зыфэхъугъэр Тхьэм тыкъызэригъэгугъэгъэ Iофхэр ынэшIу щыфэныгъэкIэ къызэрэтитырэр нафэ хъунри ары, шIошъхъуныгъэ зиIэхэу, Ибрахьимэ къытехъукIыгъэ цIыф пстэуми Тхьэм къызэригъэгугъэгъэ Iофхэр агъотышъунри ары – Ибрахьимэ къытехъукIыгъэ цIыфхэу зыфасIохэрэр Тэурат хабзэм тетхэу рыкIохэрэм ямызакъоу, Тэурат хабзэм темытхэу Ибрахьимэ шIошъхъуныгъэу иIагъэм фэдэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэри ары. Шъыпкъэ, Ибрахьимэ тэ пстэуми тятэ фэдэу къытфэхъу, [17] Тхьэм Ибрахьимэ риIуагъэу, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,* «Лъэпкъ Iаджыми ты уафэхъунэу узгъэнэфагъ». Тхьэм ыдэжькIэ Ибрахьимэ тэ пстэуми тят. Тхьэр ары Ибрахьимэ шIошъхъуныгъэ зыфыриIагъэр – Тхьэу лIагъэхэр къэзыгъэхъужьрэр, илъэкIыныгъэкIи щымыIэ Iофхэр къэзыгъэхъурэр.

[18] ГугъапIэ зыщэмыIэжьым, Ибрахьимэ Тхьэм щыгугъэу, шIошъхъуныгъэ иIагъ. Арэущтэу, «О къыптехъукIыщт цIыфхэр уашъом ижъуагъохэм фэдизэу бэ хъущтых»,

---

4:17 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 17:5.

ыIуи, Тхьэм ащ къызэрэриIогъагъэм фэдэ къабзэу*
Ибрахьимэ лъэпкъ Iаджыми ты афэхъугъ.
19 ИшIошъ-
хъуныгъэ зи къыщымыкIэу, ыпкъ лIэныгъэм пэблагъэ
зэрэхъугъэм еплъыгъэп, сыда пIомэ илъэсишъэм пэгъу-
нэгъугъэти ары – Сарэ сабый къызэрэхэмыкIыщтми
еплъыгъэп.
20 ШIошъхъуныгъэ иIэу Тхьэм къызэригъэ-
гугъагъэмкIэ гуцафэ ышIыгъэп. ИшIошъхъуныгъэ нахь
пытэу хъуи, Тхьэм щытхъу фишIыгъ.
21 Тхьэм къызэ-
ригъэгугъагъэр ыгъэцэкIэн зэрилъэкIыщтым щыгугъы-
ныгъэшхо иIагъ.
22 ТхьэмкIэ ащ фэдизэу шIошъхъуныгъэ
зэриIагъэм пае, Тхьэм ежьым ыдэжькIэ ащ шъыпкъагъэ
иIэу ылъытагъ.
23 «Тхьэм ежьым ыдэжькIэ ащ шъы-
пкъагъэ иIэу ылъытагъ» зыфаIорэ гущыIэхэр зэхьы-
лIагъэхэр Ибрахьимэ изакъоу арэп,
24 тэри ары. Тхьэм
ежьым ыдэжькIэ тэри шъыпкъагъэ тиIэу тилъытэщт –
тэ, Исус Христосэу ти Зиусхьан лIагъэхэм къахэзы-
гъэтэджыкIыжьыгъэ ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм,
тэри ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ тиIэу тилъытэщт.
25 Тэ псэкIод зэрэтшIагъэм пае, Тхьэм Исус лIэныгъэм
IэкIигъэфагъ, ежьым ыдэжькIэ тэ шъыпкъагъэ тиIэу
тилъытэным пайй, Тхьэм ар лIагъэхэм къахигъэтэджы-
кIыжьыгъ.

## ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

### Тхьэм ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ тиIэу тызэрилъытэрэм шIугъэу къыхэкIырэр

Арышъ, шIошъхъуныгъэ зэрэтиIэм пае, Тхьэм ежьым
ыдэжькIэ шъыпкъагъэ тиIэу телъытэ. Арэущтэу зэрэ-
щытым пае, ти Зиусхьанэу Исус Христос Тхьэм ыдэжь-
кIэ гупсэфыныгъэ къытитыгъэу щыт.
2 Христос ары
шIошъхъуныгъэ зэрэтиIэм пае, Тхьэм ынэшIу къытщи-
фэнэу гъогу къытфыIузыхыгъэр. Тхьэм ынэшIу щыфэ-
ныгъэр къыднегъэс зэпыт, ежь ищытхъушхомкIи Iахьэ
къытлъысыщтым тыщыгугъэу, тызэрэпаплъэрэм пае,
тэгушIо.
3 Ащ нахьи, гузэжъогъухэу тщэчыхэрэми тащэ-
гушIукIы, сыда пIомэ гузэжъогъу щэчыныгъэм теубы-
тэныгъэр къызэрэхэкIырэр тэшIэ.
4 Теубытэныгъэми

4:18 Тхьэм ащ къызэрэриIогъагъэм фэдэ къабзэу – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 15:5.

Тхьэм ыгу зэIурэ шэнышIур къыхэкIы. ШэнышIуми
Тхьэм IэхьышIур къызэрэтитыщтым тызэрэщыгугъырэр
къыхэкIы. [5] А щыгугъыныгъэми тыкIигъэгъожьырэп,
сыда пIомэ Тхьэм ежь Ыпсэ ЛъапIэу къытитыгъэмкIэ
ишIулъэгъуныгъэ инэу тыгухэм къарилъхьагъ.

[6] Тхьэм ыгъэнэфэгъэ уахътэм ыдэжь тэ тшъхьэкIэ
IэпыIэгъу тызфэмыхъужьышъоу, тэ цIыфхэу Тхьэм
ищынагъо зыгу имылъхэм апае Христос лIагъэ.
[7] Шъыпкъагъэ зиIэ цIыфым ычIыпIэкIэ зыгорэ лIэми,
ар бэу хъугъуае. ЦIыфышIум ычIыпIэкIэ зыгорэ лIэн-
кIи мэхъу. [8] Ау шIулъэгъуныгъэу къытфыриIэр Тхьэм
мырэущтэу къыгъэлъэгъуагъ: Тэ тыпсэкIодышIэ пэтызэ,
Христос тэщ пае лIагъэ.

[9] Христос къащым лъэу щыкIэкIыгъэм пае, Тхьэм
ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ тиIэу телъытэ. Арэущтэу
зэрэхъугъэм пае, ащ нахьи бэкIэ нахьыбэу Христос
Тхьэм игубж тыкъыIэкIихыжьыщт. [10] Сыда пIомэ тэ
Тхьэм тырипыеу тызыщэтым, ежь Ыкъо илIэныгъэкIэ
Тхьэм ежьым тешIужьыгъэу тигъэхъугъ. Джы Тхьэм
ежьым тешIужьыгъэу тигъэхъугъэу, Ыкъо ищыIэны-
гъэмкIэ ащ нахьи нахьыбэу тымыкIодэу тыкъигъэнэ-
жьыщт. [11] ТымыкIодэу Тхьэм тыкъызэригъэнэжьыщтым
имызакъоу, ти Зиусхьанэу Исус Христос Тхьэм тыще-
гъэгушIукIы. Христос ары Тхьэм тешIужьыгъэу ты-
зыгъэхъугъэр.

## Христосрэ Адэмрэ зэрэзэфэмыдэхэр

[12] ПсэкIодыр дунаем къытехьанэу зыпкъ къикIыгъэр
зы цIыф.* ПсэкIодым игъусэу лIэныгъэри дунаем къы-
техьагъ. Арэущтэу цIыф пстэуми псэкIод зэрашIагъэм
пае, лIэныгъэр зэралъысырэр яIахьэу хъугъэ. [13] Сыда
пIомэ Тэурат хабзэр къэкIоным ыпэкIэ, псэкIодыр дунаем
тетыгъ. Ау хэбзэ унашъохэр щымыIэхэу, Тхьэм цIыф-
хэм япсэкIодхэр афилъытэхэрэп. [14] АрышъхьакIэ Адэм
зыцIэм имафэхэм къащегъэжьагъэу пегъымбар Мусэ
имафэхэм анэсы, лIэныгъэм цIыфхэм тетыгъо афы-
риIэу щытыгъ. Ахэмэ псэкIодхэу ашIагъэхэр, Адэм
Тхьэм иунашъо зытекIым, псэкIодэу ышIагъэм фэмыдэ-

---

5:12 зы цIыф – Адэм зыцIэр ары.

щтыгъэхэ пэтми, лIэныгъэм тетыгъо афыриIэу щытыгъ.
Ыджы Адэмрэ Христосэу дунаем къэкIонэу щытыгъэмрэ
зэфэтэжъугъэгъад.

[15] Адэм ипсэкIодшIагъэ тынышхоу Тхьэм ынэшIу щы-
фэныгъэкIэ къытитырэм фэдэп. Сыда пIомэ зы нэбгы-
рэ закъом ипсэкIодшIагъэм къыхэкIыкIэ цIыфыбэ лIа-
гъэ. Ау а псэкIодшIагъэм нахьи, Тхьэм ынэшIу щыфэ-
ныгъэ бэкIэ нахь ин, итынышхоу зы нэбгырэу Исус Хри-
стос ынэшIу щыфэныгъэкIэ цIыфыбэмэ аритырэри бэкIэ
нахь ин. [16] Ащ фэдэуи Тхьэм итынышхо къыхэкIырэр а
нэбгырэ закъом ипсэкIодшIагъэ къыхэкIыгъэм фэдэп. Сы-
да пIомэ а нэбгырэ закъом псэкIодэу ышIагъэм къыхэкIы-
гъэр Тхьэм мысэу зэрилъытагъэр ары. Ау цIыфхэм псэ-
кIодыбэ ашIагъэ пэтми, Тхьэм ежьым ыдэжькIэ ахэмэ
шъыпкъагъэ яIэу зэрилъытэхэрэр ары Тхьэм ынэшIу щы-
фэныгъэкIэ тынышхоу аритырэр. [17] Сыда пIомэ зы нэ-
бгырэ закъом ипсэкIодшIагъэ къыхэкIыкIэ лIэныгъэм ду-
наем ицIыфхэм тетыгъо афыриIэ хъугъэ. Ау ащ нахьи бэ-
кIэ нахьыбэу, нэбгырэ закъоу Исус Христос ышIагъэм
пае цIыфхэу Тхьэм ынэшIу инэу зыщифэхэу, уасэ амытэу
ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ яIэу ылъытэхэрэм щыIэ-
ныгъэ агъотынышъ, тетыгъо яIэ хъущт.

[18] Арышъ, зы псэкIодшIэгъэ закъом къыхэкIыгъэр
Тхьэм цIыф пстэури мысэхэу зэрилъытагъэхэр ары. Ащ
фэдэу зы нэбгырэ закъом шъыпкъэгъэ Iофэу ышIагъэм
къыхэкIырэр Тхьэм цIыф пстэуми щыIэныгъэ аритзэ,
ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ яIэу зэрилъытэхэрэр ары.
[19] Сыда пIомэ зы нэбгырэ закъо Тхьэм зэремыдэIугъэм
пае, цIыфыбэ псэкIодышIэхэу хъугъэх. Ащ фэдэу зы
нэбгырэ закъо Тхьэм зэредэIугъэм пайй, Тхьэм ежьым
ыдэжькIэ цIыфыбэми шъыпкъагъэ яIэу ылъытэщтых.

[20] ЕтIанэ Тэурат хабзэр къызэкIом, псэкIодшIагъэхэр
нахьыбэ хъугъэх. Ау псэкIодшIагъэхэр нахьыбэ хъу
зэхъум, Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэри нахь ин хъугъэ.
[21] Арышъ, псэкIодым цIыфхэм тетыгъо афыриIэу, лIэны-
гъэр яIахьэу къызэралъигъэсыгъэм фэдэу, Тхьэм ынэшIу
щыфэныгъэм цIыфхэм тетыгъо афыриIэу, Исус Хри-
стосэу ти Зиусхьан Iофэу ышIагъэм пае, Тхьэм ежьым
ыдэжькIэ цIыфхэм шъыпкъагъэ яIэу ылъытэщтых, мы-
кIодыжьын щыIэныгъи аритыщт.

# ЯХЭНЭРЭШЪХЬ

## ПсэкIодым иIоф къытхэмылъыжьэу, Христос тыгухэм зэрарылъым пае, тэпсэу

Сыд тIона етIанэ? Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэ нахь къы-
днигъэсыным пае, псэкIод тшIэ зэпытына? 2 Хьау, ар
хъухэщтэп. ПсэкIодым иIоф къытхэмылъыжьэу, псэ-
кIодым ыдэжькIэ цIыф лIагъэхэм тафэд. Ащыгъум
псэкIод тшIэ зэпытэу тыпсэушъуна? 3 Христос Исус ты-
гухэм арылъынэу тэ зэкIэ тызаумэхъым, Христос илIэ-
ныгъэ тиIахьэ хэлъынэу тызэраумэхъыгъэр шъошIэба?
4 Тызаумэхъым, Христос тыригъусэу тылIи, ежь тыригъу-
сэу тычIалъхьажьыгъэм фэд, Ты лъапIэм илъэкIыны-
гъэу щытхъушхо зиIэмкIэ Христос лIагъэхэм къызэрахэ-
тэджыкIыжьыгъэм фэдэу, тэри щыIэныгъакIэ тиIэу ты-
псэуным пае.
5 Христос гъусэ тыфэхъуи, ар зэрэлIагъэм фэдэу тэри
тызэрэлIагъэм пае, ар лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIы-
жьыгъэм фэдэу, тэри тыригъусэу лIагъэхэм тыкъахэтэ-
джыкIыжьыщт. 6 Сыда пIомэ тишэныжъ бзаджэ Христос
игъусэу къащым зэрэтыраIулIагъэр тэшIэ, тыгухэм
арылъ псэкIодым илъэкIыныгъэ кIодыным пае. Ащ пае
тэ псэкIодым тырипщылIыжьыщтэп. 7 Сыда пIомэ цIы-
фэу лIагъэр псэкIодым ыIэмычIэ чIэкIыжьыгъ.
8 Христос тыригъусэу тызэрэлIагъэм пае, ежьым ты-
ригъусэу тызэрэщыIэщтри тшIошъ мэхъу. 9 Тхьэм лIа-
гъэхэм къахигъэтэджыкIыжьыгъэу, Христос зэрэмылIэ-
жьыщтыр тэшIэ. ЛIэныгъэм тетыгъо къыфыриIэжьэп.
10 Христос зэлIэм, джыри зэ мылIэжьынэу, псэкIодым
ыдэжькIэ лIагъэ. Джы щыIэныгъэ иIэу Тхьэм фэпсэу.
11 Арэущтэу Христос Исусэу ти Зиусхьан шъугухэм зэ-
рарылъым пае, шъори псэкIодым иIоф къышъухэмылъы-
жьэу, псэкIодым ыдэжькIэ цIыф лIагъэхэм шъуафэдэу,
Тхьэм шъуфэпсэоу зышъулъытэжь. 12 Арышъ, псэкIодым
шъупкъыхэу лIэщтхэми тетыгъо афыриIэу орэмыхъу,
шъуихъопсэныгъэ мыхъунхэм шъуафэмыIорышIэнэу.
13 Шъупкъы щыщхэм псэкIод ашIэнэу бзэджагъэм иIа-
шэхэм афэдэхэу шъумыгъэхъух, лIагъэхэм къахэтэджы-
кIыжьыгъэ цIыфхэми шъуафэдэу Тхьэм зешъут. Шъу-

пкъы щыщхэри шъыпкъагъэм иIашэхэм афэдэхэу Тхьэм
фэжъугъазэх. 14 ПсэкIодым тетыгъо къышъуфыриIэ-
щтэп, сыда пIомэ хэбзэ унашъохэм аIэчIэгъ шъучIэ-
тэп, Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэм ыIэчIэгъ шъучIэт
нахь.

## Шъыпкъагъэр дгъэцэкIэнэу типшъэрылъ

15 Сыд етIанэ? Хабзэм иунашъохэм аIэчIэгъ тычIэмы-
тэу, Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэм ыIэчIэгъ тызэрэчIэ-
тырэм пае, псэкIод тшIэнэу тыфита? Хьау, ар хъухэ-
щтэп. 16 Шъо шъошIэба, зыгорэм ипщылIхэм афэдэу шъу-
едэIунэу зешъутымэ, шъузэдэIурэ цIыфым шъыпкъэу
шъурипщылIэу зэрэхъурэр? ПсэкIодым шъурипщылIмэ,
лIэныгъэм игъогу шъутет, ау Тхьэм шъуедэIумэ, ежьым
ыдэжькIэ шъыпкъагъэ шъуиIэу шъуилъытэщт. 17 Ау Тхьэм
щытхъу фэтэшIы, сыда пIомэ псэкIодым шъурипщылIы-
щтыгъ, ау тишIошъхъуныгъэ тигъашIэрэ Iофхэу зызэ-
шъутыгъэхэм джы шъугу етыгъэу шъуядэIу. 18 Тхьэм
псэкIодым илъэкIыныгъэ шъукъыIэкIихыжьи, шъхьа-
фит шъуишIыжьыгъ, шъыпкъагъэми пщылI шъуфэ-
хъужьыгъ.

19 ШъуигурыIоныгъэ зэримыкъугъэм пае, цIыфхэр
къызэрэгущыIэхэрэм фэдэу, къыжъугурызгъэIонэу мыр
къэсэIо. Шъупкъы щыщхэм бзэджагъэ яжъугъэшIэнэу
шIоигъэмрэ бзэджагъэмрэ пщылIхэу зяшъутэу зэрэщы-
тыгъэм фэдэу, джы гукъэбзагъэм игъогу шъурыкIонэу
шъупкъы щыщхэр шъыпкъагъэм фэпщылIынхэу фэжъу-
гъазэх. 20 Сыда пIомэ псэкIодым шъурипщылIэу шъу-
зыщэтым, шъыпкъагъэр шъозыгъэгъэцэкIэн зи щыIа-
гъэп. 21 Ащ дэжьым сыда шъуишIуагъэу къэкIуагъэр?
ШъуишIуагъэ зи къэкIуагъэп. Ащ фэдэ Iофхэу джы шъу-
зтеукIытыхьажьхэрэм къахэкIырэр лIэныгъэр ары. 22 Ау
джы Тхьэм псэкIодым илъэкIыныгъэ шъукъыIэкIихы-
жьи, шъхьафит шъуишIыжьыгъ, Тхьэми пщылI шъуфэ-
хъугъ. Ащ шIугъэу къыхэкIырэр гукъэбзагъэм игъогу
шъузэрэрыкIорэр ары, Iэхьышlоу къышъулъысыщтри
мыкIодыжьын щыIэныгъэ¨ ары. 23 Сыда пIомэ псэкIодым
къыхэкIырэр лIэныгъэр ары. Ау Исус Христосэу ти Зиус-
хьан тыгухэм зэрарылъым пае, Тхьэм тынышхоу къы-
титырэр мыкIодыжьын щыIэныгъэр ары.

# ЯБЛЭНЭРЭШЪХЬ

## ЗэлI–зэшъузыным ехьылIэгъэ хабзэмрэ Христос тызэрэфыщытынымрэ

Сшыхэр, хабзэм итхэу тхыгъэхэр зышIэрэ цIыфхэу
шъущытышъ, цIыфыр опсэуфэ хабзэм тетыгъо зэрэ-
фыриIэр шъошIэба? [2] ГущыIэм пае, шъузым илI опсэуфэ,
хабзэмкIэ а шъузыр а лIым епхыгъэу щыт. Ау илI зы-
лIэкIэ, хабзэм шъузыр шъхьафит ешIы. [3] Арышъ, илI
псаоу пэтызэ, шъузыр нэмыкIрэ лIы горэм дэпсэумэ, зинэ
ышIагъэу аIощт. Ау илI зылIэкIэ, а унашъом шъузым
тетыгъо фыриIэжьэп. НэмыкIрэ лIы горэм дэкIожьмэ,
зинэ ышIагъэу хъурэп.
[4] Ащ фэдэу, сшыхэр, Христос ыпкъ зэрэлIагъэм пае,
Тэурат хабзэм иIоф къышъухэмылъыжьэу, а хабзэм ыдэ-
жькIэ шъо цIыф лIагъэхэм шъуафэд. Джы Христосэу
Тхьэм лIагъэхэм къахигъэтэджыкIыжьыгъэм ие шъу-
хъугъ, Тхьэм ищытхъукIэ шIугъэ дгъэцэкIэным пае.
[5] Сыда пIомэ типсэкIодышIэ шэныжъ игъогу тыры-
кIо зэхъум, Тэурат хабзэм зэкIигъэплъыхьэгъэ псэкIо-
дышIэ хъопсэныгъэхэр тпкъы щыщхэм ахэлъыгъэх,
лIэныгъэр а хъопсэныгъэхэм къахэкIэу. [6] Ау джы Тэу-
рат хабзэу тызыпхэу щытыгъэм иIоф къытхэмылъыжьэу,
а хабзэм ыдэжькIэ цIыф лIагъэхэм тафэдэу тыхъуи,
Тхьэм Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ тыкъычIихыжьи, шъхьа-
фит тишIыжьыгъ. Арышъ, Тхьэм тызэрэфэлажьэрэ шIы-
кIэр ыпэрэм фэдэу тхыгъэ хабзэм тетэу арэп, Тхьэм
Ыпсэ ЛъапIэ ихэбзакIэ тетэу ары нахь.

## Тэурат хабзэмрэ псэкIодымрэ

[7] Джы сыд тIона? Тэурат хабзэм псэкIод хэлъа? Хьау, ар
хъухэщтэп! Ау Тэурат хабзэм иунашъохэр щымыIагъэ-
хэмэ, псэкIодыр зыфэдэр сшIэщтгъэп, сыда пIомэ Тэу-
рат унашъом «Хъопсэныгъэ мыхъун угу имыгъэлъ»*,
къымыIуагъэмэ, хъопсэныгъэ мыхъуныр зыфэдэр сшIэ-
щтыгъэп. [8] Ау псэкIодым игъо фифи, а унашъомкIэ сыд
щыщырэ хъопсэныгъэ мыхъуныр сыгу къырилъхьагъ;

---

7:7 Хъопсэныгъэ мыхъун угу имыгъэлъ – а унашъор Тхьэм пегъымбар Мусэм къыфигъэнэгъэ унэшъуипшIым щыщэу япшIэнэрэ унашъор ары. Еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 20:17.

сыда пIомэ Тэурат хабзэр щымыIэмэ, псэкIодри лIа-
гъэм фэд. 9 Зэгорэм Тэурат хабзэр сымышIэу сыпсэу-
щтыгъ. Ау Тхьэм иунашъо къызэкIом, псэкIодым кIуа-
чIэ иIэ хъуи, 10 сэри лIагъэм фэдэу сыхъугъ. Арэущтэу
цIыфхэм щыIэныгъэ агъотыным пае, унашъоу Тхьэм
къытфишIыгъэм сигъэлIагъ. 11 Тхьэм иунашъокIэ псэ-
кIодым игъо къыфифи, сигъэпцIагъ, а унашъомкIи си-
гъэлIагъ. 12 Арэущтэу Тэурат хабзэр лъапIэ, унашъори
лъапIэ, зафэ ыкIи дэгъу ыкIи.

13 Ащыгъум зы Iоф дэгъу горэм сигъэлIагъэу ара? Хьау,
ар хъухэщтэп. Ау псэкIодыр зыфэдэр нафэ хъуным пае,
Тэуратым ихэбзэшIукIэ псэкIодым сигъэлIагъ. Арэу-
щтэу унашъомкIэ псэкIодым идэигъэшхо нафэ мэхъу.

14 Тэурат хабзэр Тхьэм ыдэжь къызэрикIыгъэр тэшIэ.
Ау сэ сыцIыф тхьамыкI, псэкIодыми сырипщылI. 15 Iофэу
сэ сшIэрэр къызгурыIорэп; сыда пIомэ Iофэу сшIэнэу
сызыфаер згъэцакIэрэп, ау сыуджэгъурэ Iофыр сэгъэца-
кIэ. 16 Ау Iофэу сшIэнэу сызыфэмыер згъэцакIэмэ, Тэурат
хабзэр дэгъоу зэрэщытыр зэрэздэрэр ары ащ къикIырэр.
17 Арышъ, псэкIод зышIэрэр сэрэп, сыгу илъ псэкIодыр
ары нахь. 18 СипсэкIодышIэ шэныжъ сеплъымэ, шIугъэ
сыгу зэримылъыр сэшIэ; сыда пIомэ шIугъэ сшIэнэу сы-
фаеми, згъэцэкIэнэу скIуачIэ къыхьырэп. 19 ШIугъэу сшIэ-
нэусызыфаер згъэцакIэрэп, ау бзэджагъэу сшIэнэу сызы-
фэмыер сэгъэцакIэ. 20 Ащыгъум Iофэу сшIэнэу сызыфэ-
мыер згъэцакIэмэ, ар зыгъэцакIэрэр сэрэп, сыгу илъ
псэкIодыр ары нахь.

21 Арэущтэу мыщ фэдэ хабзэ мы Iофым хэлъэу сэлъэ-
гъу: ШIугъэ згъэцэкIэнэу сыфаеми, бзэджагъэр сапэ
къысшIуфефэ. 22 Сыда пIомэ сыгукIэ Тхьэм ихабзэ сыщэгу-
шIукIы, 23 ау спкъы щыщхэм нэмыкI хэбзэжъ ахэлъэу
сэлъэгъу. А хэбзэжъыр сиакъыл ыдэрэ хэбзэшIум пэуцу.
А хэбзэжъым спкъы щыщхэм ахэлъ псэкIод хэбзэжъым
сыфегъэпщылIы. 24 Сыдэу сыцIыф тхьамыкIа! Спкъэу
сызыгъэкIодырэм сыкъыхищыжьэу, сымыкIодэу хэт сы-
къэзыгъэнэжьыщтыр? 25 Тхьэм щытхъушхор ий. Ежьыр
ары Исус Христосэу ти Зиусхьан спкъэу сызыгъэкIо-
дырэм сыкъыхыригъэщыжьэу, сымыкIодэу сыкъэзыгъэ-
нэжьыщтыр.

Арэущтэу сиакъылкIэ Тхьэм ихабзэ сырипщылI, ау
сипсэкIодышIэ шэныжъкIэ псэкIодым ихабзэ сыри-
пщылI.

## ЯЕНЭРЭШЪХЬ

### Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ илъэкIыныгъэкIэ тыпсэуныр

Арышъ, зипсэкIодышIэ шэныжъ игъогу рымыкIохэу, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ игъогу нахь рыкIорэ цIыфхэу, Христос Исус зыгу илъхэр Тхьэм зыкIи ыгъэмы-
сэщтхэп. 2 Сыда пIомэ Исус Христос тыгухэм арылъэу,
Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэу щыIэныгъэ шъыпкъэр къытэзытырэм ихабзэ псэкIодымрэ лIэныгъэмрэ яхабзэ ыIэчIэгъ
сыкъычIихыжьи, шъхьафит сишIыжьыгъ. 3 ТипсэкIоды-
шIэ шэныжъ ибзэджагъэ пае, Тэурат хабзэм лъэкIыныгъэ имыIэу ымышIэшъугъэр Тхьэм ышIагъ. Ежь Ыкъо псэкIодышIэ цIыфхэм апкъ фэдэу пкъы иIэу, псэкIодхэм апае къурмэныпхъэ хъунэу Тхьэм къыгъэкIуагъ, арэущтэуи а пкъымкIэ псэкIодыр ыгъэмысагъ.
4 Тхьэм арэущтэу зыфишIагъэр тэ, типсэкIодышIэ шэныжъ игъогу тырымыкIоу, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ игъогу нахь рыкIохэрэм, шъыпкъагъэр дгъэцэкIэныр ары, шъыпкъагъэр дгъэцэкIэн фаеу, Тэурат хабзэм ыIоу зэритым фэдэу.

5 Сыда пIомэ цIыфхэу зипсэкIодышIэ шэныжъ игъогу рыкIохэрэм яшэныжъ зыкIэхъопсырэ Iофхэм ягупшысэ зэпытых, ау Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ игъогу рыкIохэрэр
Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ иIофхэм ягупшысэх. 6 ШъуипсэкIоды-
шIэ шэныжъ зыкIэхъопсырэ Iофхэм шъуягупшысэным Iэягъэу къыхэкIырэр лIэныгъэр ары, ау Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ иIофхэм шъуягупшысэным шIугъэу къыхэкIырэр
щыIэныгъэрэ гупсэфыныгъэрэ ары, 7 сыда пIомэ цIыфэу
зипсэкIодышIэ шэныжъ зыкIэхъопсырэ Iофхэм ягупшысэрэр Тхьэм ипый мэхъу. А цIыфыр Тхьэм ихабзэ иунашъо
едэIурэп, едэIуни ылъэкIырэп. 8 Шъыпкъэ, цIыфхэу зи-
псэкIодышIэ шэныжъым игъогу рыкIохэрэм Тхьэм ыгу яIурэп.

9 АрышъхьакIэ шъо шъуипсэкIодышIэ шэныжъ игъогу шъурыкIоу щытэп, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ шъыпкъэу шъугухэм арылъмэ, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ игъогу шъурэкIо нахь. Христос Ыпсэ ЛъапIэ зыгу имылъыр Христос ицIыф-
хэм ащыщэп. 10 Ау Христос шъугухэм арылъмэ, шъуи-
псэкIодхэм къахэкIыкIэ шъупкъыхэр лIэщтхэми, Тхьэм ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ шъуиIэу шъузэрилъытэрэм пае, шъугурэ шъупсэрэкIэ шъупсаоу шъущыт.

11 Тхьэу Исус лIагъэхэмэ къахэзыгъэтэджыкIыжьыгъэм
ЫIпсэ ЛъапIэ шъугухэм арылъмэ, ащыгъум Тхьэу Христос лIагъэхэм къахэзыгъэтэджыкIыжьыгъэм ЫIпсэ ЛъапIэу шъугухэм арылъым илъэкIыныгъэкIэ шъупкъыхэу лIэщтхэми щыIэныгъэ къаритыщт.
12 Арышъ, тшыхэр, типсэкIодышIэ шэныжъ игъогу тырыкIонэу тпшъэ илъэп. 13 Сыда пIомэ шъуипсэкIодышIэ шэныжъ игъогу шъурыкIомэ, шъукIодыщт, ау Тхьэм
ЫIпсэ ЛъапIэ илъэкIыныгъэкIэ бзэджагъэу шъушIэхэрэр жъугъэкIодхэмэ, щыIэныгъэ шъыпкъэр жъугъотыщт.
14 Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ едэIурэ цIыф пстэури Тхьэм
ибыных. 15 Тхьэм ежь ЫIпсэ ЛъапIэу шъугухэм къарилъхьагъэм шъуигъэпщылIэу ыкIи шъуигъэщынэу щытэп. Ау Тхьэм ежь ЫIпсэ ЛъапIэу шъугухэм къарилъхьагъэм Тхьэм ибын фэдэу шъуедэ. А Псэ ЛъапIэм, «Аввэу* Ты лъапIэ!» тIоу, Тхьэм тырегъаджэ. 16 Тхьэм
ЫIпсэ ЛъапIэ Тхьэм тызэрибынхэр къыIозэ, тыгухэм ягъусэу къеушыхьаты. 17 Тхьэм тызэрибыным пае, Тхьэм
ибынхэм IэхьышIоу къалъысырэр тэри къытлъигъэсыщт. А IэхьышIоу Тхьэм Христос къылъигъэсырэри Христос тыригъусэу тэри къытлъигъэсыщт, сыда пIомэ Христос тыригъусэу къин тщэчмэ, Христос тыригъусэуи Тхьэм щытхъушхо тиIэ ыгъэхъущт.

### Щытхъушхоу къэлъэгъощтыр

18 Мы лъэхъанэм къинхэу тщэчхэрэр щытхъушхоу* Тхьэм джы нэсыфэ цIыфхэм аримыгъэшIагъэу, тиIэ ыгъэхъущтым фэбгъэдэн зэрэфэмышъуашэм сыщэгугъы.
19 Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэури гузажъохэзэ пэплъэх. Зыпаплъэхэрэр Тхьэм ежь ибынхэм а щытхъушхор яIэ къызэригъэхъурэр ежь къыгъэхъугъэ пстэуми къызыщаригъэлъэгъущт мафэр ары. 20 Сыда пIомэ Тхьэм ежь къыгъэхъугъэ пстэуми ягухэлъ амыгъотынэу ыухыгъ. Арэущтэу зыкIэхъугъэр ежьхэр арэущтэу фэягъэхэкIэ арэп, ау ягухэлъ амыгъотынэў зыухэсыгъэ Тхьэр фэя-

---

8:15 аввэ – «ты» ары.

8:18 щытхъушхор – Тхьэм цIыфхэр мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэу лъэкIыныгъэшхо зэриIэр аужыпкъэм къызэригъэлъагъорэр ары.

гъэти ары. 21 Ау Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэури Іофэу
зыщыгугъыхэу зыпалъэхэрэр мыхэр ары: Тхьэм ахэр
кІодыныгъэм ипщылІыныгъэ къыхихыжьхэу, шхьафит
ышІыжьынхэри, Тхьэм ибынхэм яшъхьафитныгъэрэ ящы-
тхъушхорэ ахэми яІэ хъунри ары.

22 Сыда пІомэ Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэури джы нэ-
сыфэ щэІухэзэ, сабыйн къызфэхъущт бзылъфыгъэм къин
зэрищэчрэм фэдэу, къин зэращэчрэр тэшІэ. 23 Ау къин
зыщэчхэрэр Тхьэм къыгъэхъугъэхэм язакъоп. Тхьэм итын
хэм ащыщэу апэрэу ежь Ыпсэ ЛъапІэ тэ, зыгу къырилъ-
хьагъэхэри, тыгукІэ тэщэІу, Тхьэм ибын фэдэу тидэ-
нышъ, тпкъыхэр шъхьафит зыщишІыжьыщт мафэм ти-
шъыпкъэу тыпаплъэу. 24 Сыда пІомэ мы Іофхэм тащы-
гугъэу тызэрапаплъэрэм пае, тымыкІодэу Тхьэм тыкъи-
гъэнэжьыгъ. Ау Іофхэу тызщыгугъыхэу тызпаплъэхэ-
рэр къэлъагъохэмэ, ащыгъум ахэмэ тапэплъэу тыщытэп.
Сыда пІомэ ынэкІэ ылъэгъурэм хэта щыгугъэу паплъэ-
рэр? 25 Ау тэ тынэкІэ тымылъэгъурэм тыщыгугъэу
тыпэплъэшъ, теубытэныгъэ тиІэу тыпэплъэ.

26 Ащ фэдэу тэ, лъэкІыныгъэ зимыІэхэм, Тхьэм Ыпсэ
ЛъапІэ къыддэІэпыІэ; сыда пІомэ Тхьэм тызэрелъэІун
фэе шІыкІэр тшІэрэп. Ау гущыІэхэм къамыІошъурэ щэ-
Іуныгъэхэмкіэ Тхьэм Ыпсэ ЛъапІэ Тхьэм къытфелъэІу.
27 Тхьэу цІыфхэм агухэм арылъыр зыгъэунэфырэм ежьым
Ыпсэ ЛъапІэ ыгу илъыри ешІэ, сыда пІомэ Тхьэр зэ-
рэфаем тетэу Ыпсэ ЛъапІэ Тхьэм ицІыф лъапІэхэм
афелъэІу.

28 Тхьэр шІу зылъэгъурэ цІыфхэу, игухэлъ тетэу ибын-
хэм ащыщ хъунхэу зэджагъэхэм Іоф пстэуми яшІуагъэ
Тхьэм зэраригъэкІырэр тэшІэ. 29 Тхьэм цІыфхэу къы-
хихыгъэхэр ежь Ыкъо фэдэнхэу ыгъэнэфагъэх, Ыкъо
къошыбэ апэ итыным пае. 30 Тхьэм цІыфхэу ыгъэнэфа-
гъэхэр ибынхэм ащыщ хъунхэуи яджагъ. Зэджагъэхэри
ежьым ыдэжькІэ шъыпкъагъэ яІэу ылъытагъэх. Ежьым
ыдэжькІэ шъыпкъагъэ зиІэхэу ылъытагъэхэми щытхъу-
шхо яІэ ыгъэхъугъ.

### Тхьэм шІулъэгъуныгъэу къытфыриІэр

31 Ахэр зытІорэ ужым, джыри сыд тІона? Тхьэр тигъу-
сэмэ, хэта къытпэуцужьын зылъэкІыщтыр? 32 Тхьэу Зыкъо
шъхьамысыжьэу тэ зэпстэуми пае къурмэныпхъэу зы-

шIыгъэм Ыкъо тыригъусэуи шIугъэ пстэури къытитын-
ба? [33] Тхьэм къыхихыгъэ цIыфхэр хэт зыгъэмысэн зы-
лъэкIыщтыр? Тхьэр ары ежьым ыдэжькIэ ахэмэ шъы-
пкъагъэ яIэу зылъытэрэр. [34] Хэта тызыгъэмысэн зылъэ-
кIыщтыр? Сыда пIомэ Христос Исус лIи, лIагъэхэм
къахэтэджыкIыжьыгъ. Джы Тхьэм иджабгъукIэ гос,
Тхьэми къытфелъэIу. [35] Тхьэм шIулъэгъуныгъэу къы-
тфыриIэм хэт тыпызыгъэкIын зылъэкIыщтыр? Гузэжъо-
гъу тыхэтми, гухэкIыгъо тиIэми, къин тагъэщэчми, мэ-
лакIэ тылIэми, зыщытлъэн тимыIэми, щынагъо тыхэтми,
сэшхокIэ тагъэщынэми – мы къэтIуагъэ пстэуми Тхьэм
ишIулъэгъуныгъэ тыпагъэкIын алъэкIырэп. [36] Тхьэм игу-
щыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,*

«(О Тхьэ), ощ пае тызэраукIыщтымкIэ мафэ къэс
щынагъо щыI.
ШIуабзыщт мэлхэм афэдэу талъытэ».

[37] Ау мы Iоф пстэумкIи шIу тызылъэгъугъэм илъэ-
кIыныгъэкIэ текIоныгъэшхор тэтый. [38] Сыда пIомэ хэти
Тхьэм шIулъэгъуныгъэу къытфыриIэм тыпигъэкIын зэри-
мылъэкIыщтым сыщэгугъы; лIэныгъэми, псэуныгъэми,
мэлэIичхэми, джынэ пащэхэми, лъэкIыныгъэ зиIэ джы-
нэхэми, джы Iофхэу щыIэхэми, къэкIощт уахътэм Iоф-
хэу щыIэщтхэми, [39] уашъом сыд щыщ щыIэми, чIылъэ
чIэгъми, сыд щыщ щыIэми* а шIулъэгъуныгъэм тыпызы-
гъэкIын зи щыIэп. Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэуми ащыщэу
зи Тхьэм шIулъэгъуныгъэу Исус Христосэу ти Зиусхьан
къытыригъэгъэлъэгъугъэм тыпигъэкIын ылъэкIыщтэп.

## ЯБГЪОНЭРЭШЪХЬ

### Израил лъэпкъыр

Христос сыгу зэрилъым пае, къэсIощтыр шъыпкъэ,
пцIы сыусырэп. Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ игъусэу сыгуи
ар зэрэшъыпкъэр къысфеушыхьаты. [2] Сэ зыфасIорэр

8:36 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Сэбур (Псалтыр) 44:22 (урыс библиемкIэ 43:23).

8:39 уашъом сыд щыщ щыIэми, чIылъэ чIэгъым сыд щыщ щыIэми – ошъо лъэныкъоми чIылъэ чIэгъыми кIочIэ бзаджэхэу щыIэхэр арын фаех. Еплъ Ефес. 2:2.

мыры: ГухэкIышхорэ зэпымыужьырэ Гукъаорэ сиI.
[3] Сшыхэу слъэпкъ щыщхэм сишIуагъэ якIыщтыгъэмэ,
Тхьэм ынае къысщифэзэ, Христос сызыпигъэкIынэу сэ
сшIоигъощтгъэ. [4] А сшыхэр Израил лъэпкъыр ары. Ахэр
ары ибынхэм афэдэу Тхьэм ыдагъэхэр. Ахэр ары ищытхъушхо зэригъэлъэгъугъэхэр. Тхьэм ежьымрэ ахэмрэ азыфагу зэзэгъыныгъэхэр* дилъхьагъэх. Ахэр ары Тэурат хабзэр зэритыгъэхэр. Ахэри ары ежьыр зэрагъэлъэпIэн фэе шIыкIэр зэригъэлъэгъугъэхэр. Ахэри ары
IэхьышIукIэ къыгъэгугъагъэхэр. [5] Ахэр ары тятэжъышхохэм къатехъукIыгъэ цIыфхэр. ЦIыфым фэдэу ежь Христоси ахэмэ алъэпкъ щыщ. Ежьыр ары зэкIэмэ анахь инэу, мыкIодыжьын щытхъушхор зиIэ Тхьэр. Амин.
[6] Ау Тхьэм игущыIэхэр ымыгъэшъыпкъагъэхэу арэп сIорэр. Сыда пIомэ Израил лъэпкъым щыщ цIыф пстэури арэп Израил цIыф шъыпкъэхэу щытхэр.
[7] Ибрахьимэ къытехъукIыгъэ цIыф пстэури арэп Ибрахьимэ ибын шъыпкъэхэу щытхэр. (Ау Тхьэм Ибрахьимэ къыриIуагъ:)* «Исхьакъ къытехъукIыщт цIыфхэр ары о уибын шъыпкъэхэкIэ зэджэщтхэр».
[8] Ащ къикIырэр, Ибрахьимэ къытехъукIыгъэ бын пстэури арэп Тхьэм ибынхэу щытхэр. Ау бынхэу Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэм тетэу, ащ къытехъукIыгъэхэр* ары Тхьэм Ибрахьимэ къытехъукIыгъэ цIыф шъыпкъэхэу ылъытэхэрэр.
[9] Сыда пIомэ
Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэр* мыры: «Згъэнэфэгъэ лъэхъанэм сыкъызыкIожьыкIэ, Сарэ къо къыфэхъущт».

---

9:4 зэзэгъыныгъэхэр – Тхьэм ежьымрэ пегъэмбар Нухьэрэ (еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 6:18; 9:9), ежьымрэ пегъымбар Ибрахьимэрэ (еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 15:18; 17:2, 7–9), ежьымрэ Израил лъэпкъымрэ (еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:1–8) азыфагу дилъхьэгъэ зэзэгъыныгъэхэр ары.

9:7 Тхьэм къыриIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 21:12.

9:8 бынхэу Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэм тетэу, ащ къытехъукIыгъэхэр – Ибрахьимэ къытехъукIыгъэ бынхэу ыкъо Исхьакъ къыфэхъугъэхэр ары. Еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 17:19–21.

9:9 Тхьэм къызэригъэгугъагъэр – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 18:10.

10 Ащ нэмыкIэу, Ревеккэ Исхьакъ иехэу къуитIу къыфэ-
хъунэу лъэрмыхьэ зэхъум, Iофыр зытетыгъэр ащ фэ-
дагъ. 11,12 КIалэхэр къэмыхъугъэхэу, шIуи бзаджи
амышIагъэу, Тхьэм Ревеккэ къыриIуагъ:* «Нахьыжъыр
нахьыкIэм фэIофтэбгэщт». Тхьэм арэущтэу зыфиIуагъэр
цIыф горэ къызэрэхихырэмкIэ ежь игухэлъ ыгъэцэ-
кIэныр ары. Арэущтэу цIыфым Iофхэу ышIагъэхэм ямы-
лъытыгъэу, цIыфэу зыфаер Тхьэм къыхехы, 13 игущыIэ
тхыгъэхэм арытэу Тхьэм зэриIуагъэм фэдэу,* «Якъубэ
шIу слъэгъугъэ, ау Исав сыуджэгъугъэ».
14 Джы сыд тIона? Тхьэр мызафа? Хьау, ар хъухэщтэп.
15 Сыда пIомэ Тхьэм пегъымбар Мусэ къыриIуагъ:*

«ЦIыф горэм сыгу езгъэгъунэу сыфаемэ, сыгу
егъущт.
Зыгорэм гукIэгъу фэсшIэнэу сыфаеми, гукIэгъу
фэсшIыщт».

16 Арэущтэу Тхьэм цIыф горэ къызэрэхихырэр зэпхы-
гъэр цIыфыр зыфаер, е цIыфым Iофхэу ышIэхэрэр арэп,
Тхьэм игукIэгъуныгъэшху ары нахь а Iофыр зэпхыгъэр.
17 Сыда пIомэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт, Тхьэм
Мысырым ипачъыхьэ Фыраун къызэрэриIуагъэр:* «Мыр
ары пачъыхьэу узфэзгъэуцугъэр цIыфмэ дунэе пстэуми
сцIэ щагъэIунэу силъэкIыныгъэ къэозгъэгъэнэфэныр
ары». 18 Арэущтэу Тхьэм цIыф горэм гукIэгъу къы-
фишIынэу фаемэ, гукIэгъу къыфешIы, цIыф горэ гур-
къэ* ыгъэхъунэу фаеми, гуркъэ егъэхъу.

### Тхьэм игубжрэ игукIэгъуныгъэрэ

19 Ащыгъум о къысэпIонкIи мэхъу: «Арэущтэу щытмэ,
Тхьэм цIыфхэр сыда зыкIигъэмысэхэрэр? Сыда пIомэ
Тхьэм ыIуагъэм пэуцун хэта зылъэкIыщтыр?» 20 Ау, о

---

9:11–12 Тхьэм ... къыриIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 25:23.

9:13 Тхьэм зэриIуагъэм фэдэу – еплъ Пегъымбар Малахие тхылъэу ытхыгъэм 1:2–3.

9:15 Тхьэм ... къыриIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 33:19.

9:17 Тхьэм ... Фыраун къызэрэриIуагъэр – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 9:16.

9:18 гуркъагъэ – къаигъагъэкIэ къыбгурыIонэу умыдэныр ары.

цIыф, о хэта ущыщ, Тхьэм уенэкъокъунэу? Хьакъушы-
къум цIыфэу ар зышIыгъэм, «Сыд мыщ фэдэу сызкIэп-
шIыгъэр?» риIона? 21 АнахьышIу хьакъушыкъури къы-
зэрыкIо хьакъушыкъури къошынышIэм а зы ятIэм хи-
шIыкIынэу фитба?

22 Ау Тхьэм игубж къыгъэнэфэнэуи илъэкIыныгъэшхо
цIыфмэ аригъэшIэнэуи фэягъэти, зыфэгубжырэ цIыфхэу
ыгъэкIодынхэу щытыгъэхэм щыIэгъэшхокIэ ашъхьа-
сыгъ. 23 Тхьэр ахэмэ зыфашъхьасыгъэр гукIэгъу зы-
фишIырэ цIыфхэу щытхъушхо зиIэ хъунхэу ыгъэпсы-
гъэхэм ежьым ищытхъушхо иинагъэ аригъэшIэныр ары.
24 Ибынхэм ащыщ хъунхэу Тхьэр къызэджагъэхэр тэры
– тэ, джуртхэм, тимызакъоу нэмыкIрэ лъэпкъхэми
ащыщхэр. 25 Пегъымбар Осие итхылъ итэу, Тхьэм къы-
зэриIорэм фэдэу,*

«Слъэпкъ щымыщыгъэ цIыфхэм 'сэ слъэпкъкIэ'
сяджэщт;
шIу сымылъэгъугъэ лъэпкъыми 'шIу слъэгъурэ
лъэпкъкIэ' седжэщт.
26 ыкIи «'Шъо слъэпкъэу шъущытэп', ыIуи, Тхьэм
зыщиIогъэ чIыпIэм
'ЩыIэныгъэ къэзытырэ Тхьэм ибынхэкIэ' щяджэ-
щтых».

27 Пегъымбар Исайас Израил лъэпкъым ехьылIагъэу
къыIуагъ:* «Израил лъэпкъым ипчъагъэ хым ипшахъо
фэдизми, ахэмэ ащыщхэу мыкIодхэу Тхьэм къыгъэнэ-
жьыщтхэр макIэ ныIэп. 28 Сыда пIомэ псынкIэу, зи
къэмынэу Тхьэм мы дунаем ицIыфхэм хьыкум атришIы-
хьащт». 29 Пегъымбар Исайас ыпэкIэ къызэриIуагъэм
фэдэу,*

«Зиусхьанэу Сэваоф* бынхэр къытфимыгъэнагъэ-
хэмэ,
къалэхэу Содомрэ Гоморрэрэ* тафэдэщтыгъ».

---

9:25–26 Тхьэм къызэриIорэм фэдэу –еплъ Пегъымбар Осие тхылъэу ытхыгъэм 2:23; 1:10.

9:27–28 пегъымбар Исайас … къыIуагъ – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 10:22–23.

9:29 пегъымбар Исайас … къызэриIуагъэм фэдэу – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 1:9.

9:29 Сэваоф – зэкIэ лъэкIыныгъэшхор ЗиIэр ары.

9:29 къалэхэу Содомрэ Гоморрэрэ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:24–25.

### Израилрэ Христос ехьылIэгъэ къэбарышIумрэ

[30]Джы сыд тIона? Хымэ лъэпкъхэм шъыпкъагъэ зэ-
ряIэщтым ыуж итхэу щымытыгъэхэ пэтми, шIошъхъуны-
гъэ яIэу зэрэщытыгъэхэм пае, Тхьэм ежьым ыдэжькIэ
ахэмэ шъыпкъагъэ яIэу ылъытагъэх. [31]Ау Израил цIыф-
хэу Тхьэм ыдэжькIэ шъыпкъагъэ яIэ зыгъэхъун хабзэм
ыуж итыгъэхэм а хабзэр агъотыгъэп. [32]Сыд зыкIамы-
гъотыгъэр? ШIошъхъуныгъэм игъогу амыдэу, Iофэу
ашIагъэхэм ягъогукIэ Тхьэм ыдэжькIэ шъыпкъагъэ зэ-
ряIэщтым ыуж итхэу щытыгъэхэти ары. ЦIыфхэр зыгъэ-
лъэпаорэ мыжъом елъэпэуагъэх. [33]ИгущыIэ тхыгъэхэм
арытэу Тхьэм къызэриIорэм фэдэу,*

«ЦIыфхэр зыгъэлъэпаорэ мыжъоу,
мыжъошхоу* цIыфхэр чIыгум тезыгъафэхэрэр,
Сион зыцIэ къалэм щэсэгъэтIылъы.
А мыжъошхомкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр кIэгъо-
жьыщтэп».

## ЯПШIЭНЭРЭШЪХЬ

Сшыхэр, сыгу зыкIэхъопсырэри Тхьэм сызэрелъэIу зэ-
пытырэри сэ слъэпкъ Израил мыкIодэу къыгъэнэжьыныр
ары. [2]Агу етыгъэу Тхьэм зэрэфэлажьэхэрэмкIэ сыряшы-
хьат, ау зэхэшIыкIыныгъэм тетхэу лажьэхэрэп. [3]Тхьэм
ежьым ыдэжькIэ цIыфхэм шъыпкъагъэ яIэу зэрилъы-
тэрэ гъогур къагурымыIоу, ежьхэм ягъогукIэ Тхьэм ыдэ-
жькIэ шъыпкъагъэ зэряIэщтым ыуж зэритыгъэхэм пае,
Тхьэм ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ яIэу зэрилъытэрэ
гъогур адагъэп. [4]Сыда пIомэ Тэурат хабзэм игугъапIэ
Христос ары, Тхьэми хэти ХристоскIэ шIошъхъуныгъэ
зиIэм ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ иIэу елъытэ.

### Тхьэм хэти мыкIодэу къыгъэнэжьын ылъэкIыщт

[5]ЦIыфым Тэурат хабзэм итхэр зэригъэцакIэхэрэм пае,
Тхьэм ежьым ыдэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу зэрилъы-

---

9:33 Тхьэм къызэриIорэм фэдэу – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 28:16; 8:14.

9:33 мыжъошхор – Христос ары.

тэрэм ехьылIагъэу пегъымбар Мусэ мырэущтэу ытхыгъ:*
«Тэурат хабзэм итхэр зыгъэцакIэрэм Тэурат хабзэмкIэ
щыIэныгъэ иIэщт». [6] Ау цIыфым шIошъхъуныгъэ зэри-
Iэм пае, Тхьэм ежьым ыдэжькIэ ащ шъыпкъагъэ иIэу зэ-
рилъытэрэм ехьылIагъэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм мы-
рэущтэу арыт:* «Хэта уашъом дэкIоещтыр, угукIэ умыIо»,
(а гущыIэхэм къарыкIырэр уашъом дэкIоеныр ары, Хри-
стосэу цIыфхэр мыкIодхэу къэзыгъэнэжьырэр къырищэ-
хыным пае). [7] Е «Хэта чIылъэм икуупIэ* ехыщтыр?»
умыIо, (Христос лIагъэхэм къахищэным пае, къыдищэ-
ежьыныр ары а гущыIэхэм къарыкIырэр). [8] Ау Тхьэм
игущыIэ тхыгъэхэм сыда арытыр?

«Тхьэм игущыIэхэр къыппэгъунэгъух,
ужи дэлъых, угуи илъых».

А гущыIэхэу шIошъхъуныгъэм ехьылIагъэхэр ары
шъузэдгъэIухэрэр. [9] УжэкIэ цIыфхэм апашъхьэ Исус Зиус-
хьанэу зэрэщытыр къыщыпIомэ, Тхьэм ар лIагъэхэм къы-
зэрахигъэтэджыкIыжьыгъэмкIи угукIэ шIошъхъуныгъэ
уиIэмэ, умыкIодэу Тхьэм укъигъэнэжьыщт. [10] Сыда пIомэ
цIыфэу зыгукIэ шIошъхъуныгъэ зиIэм Тхьэм ежьым
ыдэжькIэ шъыпкъагъэ иIэу ылъытэщт, цIыфмэ апашъхьэ
Исус Зиусхьанэу зэрэщытыр къыщызыIорэри мыкIодэу
Тхьэм къыгъэнэжьыщт. [11] Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм Хри-
стос ехьылIагъэу зэрарытым фэдэу,* «Хэти ежьымкIэ
шIошъхъуныгъэ зиIэр кIэгъожьыщтэп». [12] Джуртми урым-
ми азыфагу зэхэдзыныгъэ зи дэлъэп. А зы Зиусхьаныр
зэкIэми я Зиусхьан, ежьым елъэIурэ пстэуми шIу къа-
фешIэ. [13] Сыда пIомэ «Хэти къыдэIэпыIэнэу ежьым елъэ-
Iурэр мыкIодэу Зиусхьаным къыгъэнэжьыщт».*

[14] Ау ЗиусхьанымкIэ шIошъхъуныгъэ ямыIэмэ, сыдэу-
щтэу елъэIунха? Ащ икъэбари зэхамыхыгъэмэ, сыдэу-
щтэу шIошъхъуныгъэ яIэ хъущта? Икъэбари зыми ари-
мыгъэIумэ, сыдэущтэу зэхахына? [15] Тхьэми цIыфхэр къы-

---

10:5 пегъымбар Мусэ ... ытхыгъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 18:5.

10:6–8 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм ... арыт – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 30:12–14.

10:7 чIылъэм икуупIэ – лIагъэхэм ядунае ары.

10:11 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм ... зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 28:16.

10:13 Еплъ Пегъымбар Иоил тхылъэу ытхыгъэм 2:32.

мыгъакIохэмэ, сыдэущтэу ахэмэ Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур агъэIуна? Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,* «КъэбарышIур зыгъэIурэ цIыфхэм алъакъохэр сыдэу дахэха!»

[16] Ау щытми, къэбарышIум едэIунхэу цIыф пстэуми
адагъэп. Сыда пIомэ пегъымбар Исайас мырэущтэу къыIуагъ:* «Зиусхьан, къэбарышIоу дгъэIугъэр хэта зышIошъ
хъугъэр?» [17] Арэущтэу къэбарышIур зэрэзэхахырэмкIэ
цIыфхэм шIошъхъуныгъэ яIэ мэхъу, зыгорэм Тхьэм игущыIэхэр зэригъэIухэрэмкIи а къэбарышIур зэхахы.
[18] Ау сэ сэупчIэ: КъэбарышIур зэхамыхыгъэу ара? Хьау,
бэу зэхахыгъ, сыда пIомэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,*

«КъэбарышIур зыгъэIугъэмэ амакъэ чIылъэм тыдэкIи цIыфхэм щызэхахыгъ,
ягущыIэхэри чIылъэм ыкъуапэхэм анэсыгъэх».

[19] Джыри зэ сэ сэупчIэ: Израил цIыфхэм къэбарышIур
къагурымыIуагъэу ара? Хьау, бэу къагурыIуагъ, сыда
пIомэ Тхьэм ыцIэкIэ пегъымбар Мусэ апэрэу къыIуагъ:*

«Зы лъэпкъ горэм щымыщхэм шъуязгъэшъугъоущт,
зэхэшIыкIыныгъэ зимыIэ лъэпкъыми шъуфэзгъэгубжыщт».

[20] ЕтIанэ Тхьэм ыцIэкIэ пегъымбар Исайас гушхоныгъэкIэ къыIуагъ:*

«Къыслъымыхъугъэ цIыфхэм сыкъагъотыгъ,
къыскIэмыупчIагъэхэми зязгъэлъэгъугъ».

[21] Ау Израил лъэпкъым ехьылIагъэу мырэущтэу къеIо:*
«КъысэмыдэIурэ лъэпкъ къаигъэр къысэшIужьыным
пае, мэфэ реным сIэхэр фэсщэигъэх».

---

10:15 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 52:7.

10:16 пегъымбар Исайас ... къыIуагъ – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 53:1.

10:18 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Сэбур (Псалтыр) 19:4 (урыс библиемкIэ 18:5).

10:19 пегъымбар Мусэ ... къыIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 32:21.

10:20 пегъымбар Исайас ... къыIуагъ – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 65:1.

10:21 къеIо – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 65:2.

# ЯПШЫКIУЗЭНЭРЭШЪХЬ

## Тхьэм Израил лъэпкъым гукIэгъу къызэрыфишIырэр

ЕтIанэ сэупчIэ: Тхьэр ежь ылъэпкъ фэмыежьэу хъу-
гъа? Хьау, ар хъухэщтэп. Сыда пIомэ сэри Израил
лъэпкъым сыщыщ, Ибрахьимэ къытехъукIыгъэ цIыфхэм
сащыщ, Вениамин иунэгъо лъэпкъ сыщыщ. 2 Шъы-
пкъэ, Тхьэм лъэпкъэу къыхихыгъэм фэмыежьэу хъугъэу
щытэп. Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытэу,* пегъымбар
Иляс икъэбар зэрыт чIыпIэм ыдэжь итыр шъошIэба?
Иляс Израил цIыфхэм яхьылIагъэу Тхьэм ыпашъхьэ мы-
рэущтэу ыIуи щытхьаусхагъ: 3 «Зиусхьан, уипегъэмбархэр
аукIыгъэх, уикъурмэншIыпIэхэри зэхакъутагъэх. Сэ сиза-
къоу сыкъэнагъ, спси ыуж итых». 4 Ау Тхьэм Иляс сыда
къыриIожьыгъэр?* «Тхьэ нэпцIэу Ваал ыпашъхьэ лъэгон-
джэмышъхьэкIэ мытIысыгъэхэу цIыф минибл къызфэзгъэ-
нагъ». 5 Джыри арэущтэу щыт. Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэ-
кIэ ежьым къыхихыгъэхэу, цIыф куп къэнагъэхэу щыIэх.
6 Тхьэм ахэр къызкIыхихыгъэхэр ынэшIу къызэращифэрэр
ары. Ахэмэ IофышIухэу ашIагъэхэм яIоф ащ хэлъэп.
Армырмэ Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэ нэшIу щыфэныгъэ
хъужьрэп.
7 Сыд етIанэ? Израил лъэпкъыр зылъыхъугъэр агъоты-
гъэп, ау Тхьэм къыхихыгъэ цIыф купым агъотыгъ. Къэ-
нагъэхэр гуркъэхэу* хъугъэх. 8 Тхьэм игущыIэ тхыгъэ-
хэм зэрарытым фэдэу,*

«Тхьэм ахэмэ агухэм гулъытэ ямыIэу ыгъэхъугъэх.
Анэхэми амылъэгъоу, атхьакIумэхэми зэхамыхэу
ыгъэхъугъэх,
непэрэ мафэм нэсыфэ».

9 Пачъыхьэ Даути къыIуагъ:*

---

11:2–3 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытэу – еплъ Пачъыхьэхэм якъэбархэр зэрыт апэрэ тхылъым (3–я Царств) 19:10.

11:4 Тхьэм . . . къыриIожьыгъэр – еплъ Пачъыхьэхэм якъэбархэр зэрыт апэрэ тхылъым (3–я Царств) 19:18.

11:7 гуркъагъэ – къаигъагъэкIэ къыбгурыIонэу умыдэныр ары.

11:8 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 29:4; Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 29:10.

11:9–10 пачъыхьэ Даути къыIуагъ – еплъ Сэбур (Псалтыр) 69:22–23 (урыс библиемкIэ 68:23–24).

«Ахэмэ яешхэ–ешъошхо лъахъи, хъытыуи,
ахэр зыгъэлъэпаорэ мыжъуи афэрэхъу.
Тхьэм яфэшъуашэ арерэгъэпщыныжь.
10 Ахэмэ амылъэгъушъунэу Тхьэм анэхэр ерэгъэушIункIых,
егъашIэми атхыцIэхэр ерэуфэх».

**Хымэ лъэпкъхэр мыкIодхэу, Тхьэм къызэригъэнэжьхэрэр**

11 Арышъ сэупчIэ: джуртхэр зэлъэпаохэм, тефэпа-
гъэха? Хьау, ар хъухэщтэп. Ау джуртхэр гъогу занкIэм
зэрэтекIыгъэхэм пае, нэмыкIрэ лъэпкъхэр мыкIодхэу
къэнэжьынхэу Тхьэм гъогу афишIыгъ, джуртхэр ахэмэ
аригъэшъугъунхэм пае. 12 Джуртхэр гъогу занкIэм зэрэ-
текIыгъэхэм пае, дунаем тет нэмыкIрэ цIыфхэм шIубэ
агъотыгъ, джуртхэми яIоф къызэрадэмыхъугъэм пае,
нэмыкIрэ лъэпкъхэм шIубэ агъотыгъ. Арышъ, джуртхэу
мыкIодхэу Тхьэм къыгъэнэжьыщтхэм япчъагъэ зикъукIэ,
сыдэу шIуба ащ къыхэкIыщтыр!
13 Джы шъо, хымэ лъэпкъхэм, сыкъыжъудэгущыIэ: Шъо
хымэ лъэпкъхэм шъуиапостолэу сызэрэхъугъэм пае, си-
Iоф сэгъэлъапIэ. 14 СиIоф зыфэзгъэлъапIэрэр сэ слъэпкъ
щыщхэр шъо хымэ лъэпкъхэм шъуязгъэшъугъунышъ,
ахэмэ ащыщхэу зы куп мыкIодхэу Тхьэм къыгъэнэжьын-
хэу ары. 15 Сыда пIомэ Тхьэм джуртхэр ымыдэхэ
зэхъум, дунаем тет нэмыкI цIыфхэр ежьым ешIужьы-
гъэхэу ыгъэхъугъэх. Ащыгъум Тхьэм джуртхэр джыри
зэ зидэжьхэкIэ, сыд фэдэщт? Ар лIагъэхэм ахэр къызэ-
рахэтэджыкIыжьхэрэм фэдэщт. 16 Тхьацум иапэрэ Iахьэ
Тхьэм ратымэ, тхьацур зэкIэри Тхьэм ий. Чъыгым
ылъапсэ Тхьэм иемэ, чъыг къутамэхэри Тхьэм иех.
17 Хатэм дэт зейтун чъыгым* икъутамэхэм ащыщхэу
заулэ Тхьэм гуикIыкIи, о, шъофым ит зейтун чъыг
къутамэм фэдэр адрэ къутамэхэм ачIыпIэ угуигъэ-
уцуагъ. Хатэм дэт зейтун чъыгым икъутамэхэу къэнагъэ-
хэм урягъусэу а чъыгым ылъапсэми ипсыми яшIуагъэ
къыуагъэкIы. 18 Арышъ, Тхьэм а чъыгым гуикIыкIыгъэ
къутамэхэм апашъхьэ узщыщымытхъужь. Узщытхъужьмэ,
мыр зыщымыгъэгъупш: О уишIуагъэ лъапсэм ебгъэкIы-

11:17 зейтун чъыгыр – «маслинэ» ары.

рэп, лъапсэм ишIуагъэ о къыуегъэкIы нахь. [19] Ащыгъум
о къысэпIонкIи мэхъу: «Чъыгым сэ сыгуигъэуцонэу а
къутамэхэр Тхьэм чъыгым гуикIыкIыгъэх». [20] Шъыпкъэ,
ахэмэ шIошъхъуныгъэ зэрямыIэм пае, Тхьэм чъыгым гуи-
кIыкIыгъэх, ау о шIошъхъуныгъэ зэрэуиIэм пае, пчIы-
пIэ укъенэ. Арышъ, зымыгъэпаг, щынагъуи зигъаI.
[21] Сыда пIомэ хатэм дэт чъыгым икъутамэхэм Тхьэр
ашъхьамысыгъэмэ, о къыпшъхьасыщта?

[22] Мары Тхьэм ишIугъэрэ ипхъэшагъэрэ: игъогу текIы-
гъэхэм афэпхъашэу щыт, ау о Тхьэм ишIугъэ зыхэмы-
гъэнмэ, ишIугъэ къыплъигъэсыщт. Армырмэ, ори а
чъыгым угуикIыкIыщт. [23] Джуртхэми яшIошъмыхъуны-
гъэ ханэжьмэ, Тхьэм ахэри чъыгым гуигъэуцожьыщтых,
сыда пIомэ, Тхьэм ахэр гуигъэуцожьынхэ ылъэкIыщт.
[24] Шъо, (хымэ лъэпкъхэр), шъофым ит зейтун чъыгым
Тхьэм шъугуикIыкIи, хатэм дэт зейтун чъыгым шъу-
гуигъэуцожьыгъ. Ащыгъум хатэм дэт зейтун чъыгым
щыщ къутамэхэр, (джуртхэр ары), ежьхэм ячъыг гуи-
гъэуцожьынхэу ТхьэмкIэ нахь къинына?

### Тхьэм Израил лъэпкъым ежь ыдэжь къызэригъэгъэзэжьырэр

[25] Сшыхэр, Iушыщэу шъузышIомышIыжьыным пае, мы
шъэфыр шъумышIэу шъущытынэу сыфаеп. Хымэ
лъэпкъхэм ащыщхэу Тхьэм игъогу техьащтхэм япчъа-
гъэ екъуфэ, Израил лъэпкъым щыщ купым гуркъагъэ
яIэу Тхьэм ыгъэхъугъэх. [26] Арэущтэу Израил лъэпкъыр
зэкIэ мыкIодэу Тхьэм къыгъэнэжьыщт, игущыIэ тхыгъэ-
хэм зэрарытым фэдэу,*

«ЦIыфхэр мыкIодхэу къэзыгъэнэжьыщтыр Сион
къалэм* къыдэкIыщт.
Ар къызыкIокIэ, бзэджагъэр Якъубэ ылъэпкъ хи-
гъэкIодыкIыжьыщт».

[27] (ЕтIанэ Тхьэм ыIуагъ:)

«Мы зэзэгъыныгъэр ары сэррэ ахэмрэ тазыфагу
дэслъхьащтыр,
япсэкIодхэр затесхыжьхэкIи».

---

11:26–27 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 59:20–21; 27:9.

11:26 Сион къалэр – Ерусалим къалэр ары.

[28]Джуртхэм къэбарышIур зэрамыдагъэм пае, шъо
шъуишIуагъэ а Iофым къыхэкIэу Тхьэм ипый хъугъэх.
Ау Тхьэм джуртхэр къызэрэхихыгъэхэм пае, ахэр шIу
елъэгъух, ятэжъышхохэм яхьатыркIэ. [29]Сыда пIомэ
Тхьэм цIыфхэм тынхэр заритхэкIэ, ибынхэм ащыщ
хъунхэуи зяджэкIэ, арэущтэу зэришIагъэм фыкIэгъо-
жьырэп. [30]Шъо (хымэ лъэпкъхэр), Тхьэм шъуедэIущты-
гъэп, ау Израил лъэпкъыр Тхьэм зэремыдэIугъэм пае,
джы Тхьэм шъо гукIэгъу къышъуфишIыгъ. [31]Ащ фэдэу
джы джуртхэр Тхьэм едэIухэрэп, шъо гукIэгъоу къы-
шъуфишIыгъэмкIэ Тхьэм ахэми гукIэгъу къафишIыным
пае. [32]Сыда пIомэ Тхьэм цIыф пстэури мыдэIоны-
гъэм хэтхэу къыгъэнагъэх, ахэмэ зэкIэмэ гукIэгъу къа-
фишIыным пае.

[33]Тхьэм ишIугъэшхо, изэхэшIыкIыныгъэшхо,
ишIэныгъэшхо сыдэу инха!
Игухэлъышхохэр зыми зэхифын ылъэкIыщтэп.
ИIофхэм аужы зи ихьан ылъэкIыщтэп.
[34]«Хэта Зиусхьаным ыгу илъыр зышIэрэр?
Хэта ащ упчIэгъу фэхъугъэр?
[35]Хэта Тхьэм зыгорэ езытыгъэр
Тхьэм ащ тын къыритыжьынэу?»*
[36]Iоф пстэури Тхьэм ыIэ къикIыгъ.
ИлъэкIыныгъэкIи ищытхъушхо паий Iоф пстэури
щыI.
МыкIодыжьын щытхъушхор Тхьэм ий. Амин.

## ЯПШIЫКIУТIОНЭРЭШЪХЬ

### Христос тыгухэм арылъэу тызэрэзекIон фаер

Арышъ, Тхьэм гукIэгъу къызэрэтфишIыгъэм пае, инэу
сышъолъэIу: Тхьэм ыгу зэIурэ къурмэныпхъэ псаоу,
къурмэныпхъэ лъапIэм фэдэу зешъут. Ары гурэ псэрэкIэ
Тхьэр зэрэжъугъэлъэпIэн фаер. [2]Мы лъэхъанэм ихабзэ-
хэмэ шъукъыращэкIэу шъущымыт. Ау Тхьэм шъугухэм
арылъхэр зэрерэхъокIых, шэнышIу шъуиIэным пае.
Арэущтэу шъушIымэ, Тхьэр зыфаер къыжъугурыIощт,

---

11:34–35 Еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 40:13; Аюбэ икъэ-
бар зэрыт тхылъым (Иов) 41:11.

дэгъур зыфэдэри, Тхьэм ыгу зэIурэри, щыкIагъэ зимыIэ икъугъэр зыфэдэри къыжъугурыIощт.
[3] Тхьэм ынэшIу сэ къызэрэсщифагъэм пае, шъуащыщэу хэти есэIо: узышIомышIыжь ыкIи зымыгъэин, шIошъхъуныгъэу Тхьэм о къыпфигъэшъошагъэм ишапхъэ тетэуи гурыIоныгъэкIэ зэплъыжь.
[4] Сыда пIомэ тпкъы щыщхэр бэ, ау ахэмэ зэкIэмэ Iофхэу ашIэхэрэр зэп.
[5] Джащ фэдэу тэри бэ тэхъу пэтми, Христос тыгухэм зэрарылъым пае, зы зыпкъы закъо тэхъу, хэт пэпчъи адрэхэм ащыщ.
[6] Тхьэм ынэшIу хэти къызэрэщифагъэм елъытыгъэу лъэкIыныгъэ зэфэшъхьафхэр тиIэх. Тхьэм игущыIэхэр зыгорэм ыгу къырилъхьэхэу, ахэр къыIонхэу лъэкIыныгъэ къыритыгъэмэ, а цIыфым шIошъхъуныгъэу иIэм тетэу Тхьэм игущыIэхэр къерэIох.
[7] ЦIыфхэм ишIуагъэ аригъэкIынэу Тхьэм зыгорэм лъэкIыныгъэ къыритыгъэмэ, а цIыфым ахэмэ ишIуагъэ арерэгъэкI. ЦIыфхэм Iофхэр аригъэшIэнхэу Тхьэм зыгорэм лъэкIыныгъэ къыритыгъэмэ, а цIыфым Iофхэр арерэгъашIэх.
[8] ЦIыфхэр ыгъэгушхонхэу Тхьэм зыгорэм лъэкIыныгъэ къыритыгъэмэ, ерэгъэгушхох. ИIэр цIыфхэм адигощынэу Тхьэм зыгорэм лъэкIыныгъэ къыритыгъэмэ, игуапэу адерэгощ. Тхьэмэтэнэу Тхьэм зыгорэм лъэкIыныгъэ къыритыгъэмэ, егугъоу орэтхьамат. ЦIыфхэм гукIэгъу афишIынэу Тхьэм зыгорэм лъэкIыныгъэ къыритыгъэмэ, гушIуагъокIэ гукIэгъу аферэшI.

**ШIулъэгъуныгъэр**

[9] ШъуишIулъэгъуныгъэ шъыпкъэу орэхъу. Бзэджагъэм зыщышъудзый, дэгъугъэм ыуж шъуит.
[10] Зэкъошхэм фэдэу шIу шъузэрэлъэгъу; шъушъхьэ зэрэшъулъытэрэм нахьи, адрэхэр нахь шъулъытэх.
[11] Гуетыныгъэшхо зижъугъэIэ зэпыт, Зиусхьаным шъуфэлэжьэным гурэ псэрэкIэ зешъут.
[12] Iофхэу шъузщыгугъыхэу, шъузпаплъэхэрэм шъуакIэгушIу. Гузэжъогъу шъухафэмэ, теубытэныгъэ зижъугъаI. Тхьэм шъуелъэIу зэпыт.
[13] Тхьэм ицIыф лъапIэхэм щыкIагъэ яIэмэ, шъуадэIэпыI. ХьакIэр жъугъэлъэпIэными шъупылъ.
[14] Къин шъозыгъэщэчхэрэм Тхьэм ынэшIу къащифэнэу шъуелъэIу. Ары, сэIо, ахэмэ шъуямыбгэу, Тхьэм ынэшIу къащифэнэу шъуелъэIу.
[15] ГушIохэрэм шъуадэгушIу, гъыхэрэми шъуадэгъ.
[16] ШъуигупшысакIэ зы орэ-

хъу. Зышъумыгъэпаг, цIыф цIыкIухэми ныбджэгъуныгъэ
адэшъушI. ШъузышIомышIыжь.
[17]Зыгорэм ибзэджагъэ бзэджагъэкIэ шъупэмыгъо-
кIыжь. ЦIыф пстэуми шIоу алъытэрэр зэрэшъушIэным
ыуж шъуит. [18]Амал иIэмэ, шъулъэкIыщтым фэдизкIэ
цIыф пстэуми шъузэрагурыIоным ыуж шъуит. [19]Си-
лъапIэхэр, зыгорэм бзэджагъэ къышъуихмэ, бзэджагъэ
ешъумыхыжь, ау Тхьэм цIыфым ибзэджагъэ рерэгъэ-
пщыныжь, сыда пIомэ Зиусхьаным къызэриIорэр игу-
щыIэ тхыгъэхэм арыт:* «ЦIыфхэм ябзэджагъэ язы-
гъэпщыныжьыщтыр сэры, яфэшъуашэ язгъэгъоты-
жьыщт». [20]Арэущтэу «Уипый мэлакIэ лIэмэ, гъашхэ,
псыфалIэ лIэмэ, егъашъу; сыда пIомэ арэущтэу зы-
пшIырэм, шIомыкI плъыгъэхэр ышъхьэ теплъхьащтых».*
[21]Бзэджагъэр зыптемыгъакIоу, шIушIэнымкIэ бзэджагъэм
текIу.

## ЯПШIЫКIУЩЭНЭРЭШЪХЬ

### Тетыгъо зиIэхэм шъуафэIорышI

Хэти тетыгъо зиIэхэм афэрэIорышI. Сыда пIомэ Тхьэм
ымыдэмэ, зыми тетыгъо иIэ хъущтэп. Тетыгъо зиIэ-
хэу щыIэхэр зыгъэнэфагъэр Тхьэр ары. [2]Арышъ, те-
тыгъо зиIэхэм апэуцурэ цIыфыр Тхьэм ыгъэнэфэгъэ
цIыфхэр ары зыпэуцухэрэр. Арэущтэу зышIэхэрэм мы-
сагъэ зылъагъэсыжьы. [3]Сыда пIомэ шIугъэ зышIэхэрэр
тетыгъо зиIэхэм ащыщынэнхэу ящыкIагъэп, бзэджагъэ
зышIэхэрэр ары ахэмэ ащыщынэн фаехэр. Тетыгъо зиIэм
ущымыщынэнэу уфая? ШIугъэ шIи, ар къыпщытхъу-
жьыщт. [4]Сыда пIомэ тетыгъо зиIэм ишIуагъэ къыуи-
гъэкIынэу Тхьэм фэлажьэ. Ау бзэджагъэ пшIэмэ, ущы-
щынэн фае, сыда пIомэ тетыгъо зиIэм сэшхор хьау-
лыеу ыIыгъырэп. БзэджашIэхэм яфэшъошэ къин атыри-
лъхьанэу Тхьэм фэлажьэ. [5]Арышъ, тетыгъо зиIэхэм
уафэIорышIэн зыкIыфаер уифэшъошэ къиныр Тхьэм къы-
птырилъхьанымкIэ узэрэщыщынэрэ закъор арэп, ахэмэ

---

12:19 Зиусхьаным къызэриIорэр игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 32:35.

12:20 Еплъ ГущыIэжъхэу пачъыхьэ Сэлмэн ытхыгъэхэм (Притчи) 25:21–22.

уафэIорышIэныр зэрэтэрэзыр угукIэ зэрэпшIэрэри ары.
[6] Ары хьакъулахь ахъщэр* ахэмэ зыкIяшъутырэр; сыда
пIомэ тетыгъо зиIэхэр а Iофым пылъхэ зыхъукIэ, Тхьэм
фэлажьэх. [7] Арышъ, цIыф пстэуми яфэшъуашэ яшъутыжь. Хьакъулахьэу цIыфхэм атыралъхьэрэр арыми, ар яшъутыжь; хьакъулахьэу хьапщыпхэм атыралъхьэрэр арыми, ари яшъутыжь; гъэлъэпIэныр арыми, гъэлъэпIэн яшъухыжь, лъытэныгъэр арыми, лъытэныгъэ афэшъушIыжь.

## Зэкъошхэм фэдэу шIу шъузэрэлъэгъу

[8] ШIу шъузэрэлъэгъуным ичIыфэ нэмыкIэу, зыми ичIыфэ зытешъумыгъэлъ; сыда пIомэ зигъунэгъу шIу зылъэгъурэм Тэурат хабзэм итхэр ыгъэцэкIагъэх.
[9] Мы
унашъохэу* «Зинэ умышIэ», «ЦIыф умыукIы», «Умытыгъу», «НэмыкI цIыфхэм пцIы атемылъхь», «Хъопсэныгъэ мыхъун угу имыгъэлъ» зыфаIохэрэмрэ адрэ унэшъо пстэумрэ зэкIэзыубытэрэр мы унашъор ары:* «О пшъхьэ шIу зэрэплъэгъурэм фэдэу, уигъунэгъуи шIу лъэгъу».
[10] Зигъунэгъу шIу зылъэгъурэм ипгъэ ригъэкIырэп.
Арышъ, шIулъэгъуныгъэ уиIэмэ, хабзэм итхэр бгъэцэкIагъэхэу мэхъу.

## Христос дунаем къызыкIожьыщт мафэр къэблэгъагъ

[11] Арышъ, арэущтэу шъузекIу. Уахътэр къызнэсыгъэр шъошIэ, шъукъызыущын фае сыхьатыр къэсыгъ. Сыда пIомэ апэу шIошъхъуныгъэ тиIэ зыхъугъэ мафэм нахьи, тымыкIодэу Тхьэм тыкъызигъэнэжьыщт мафэр джы нахь
къытпэблагъэ хъугъэ. [12] Чэщыр хэкIотагъ, мафэри къэ-
блэгъагъ. Арышъ, шIункIыгъэм иIоф бзаджэхэр хэтэ-

---

13:6 хьакъулахь ахъщэр – цIыфхэр къалэ горэм зыдахьэхэкIэ е зыдэкIхэкIэ, псэуалъэхэу, хьапщыпхэу, лэжьыгъэхэу яIэхэм Рим (Рум) къэралыгъошхом (хьыкумэтым) ахъщэу атралъхьащтыгъэхэр ары.

13:9 Мы унашъохэу – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 20:13–15,17.

13:9 мы унашъор ары – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:18.

жъугъэнэжьых, нэфынэм иӀашэхэри къэтэжъугъаштэх.
13 Мафэм инэфынэ щыпсэурэ цӀыфхэм афэдэу хабзэм
тетэу тыжъугъэзекӀу; шъхьарытӀупщэу ешхэ–ешъошхом-
рэ ешъонымрэ орэмыхъу, зинэ шӀэныр, мыхъомышӀэ псэу-
кӀэр, зэщыхьаныр, шъугъоныр къэрэмыхъух. 14 Ау Зиус-
хьанэу Исус Христос шъуишъуашэ фэдэу орэхъу, шъуи-
псэкӀодышӀэ шэныжъ ихъопсэныгъэ мыхъунхэми шъуафэ-
мыӀорышӀ.

## ЯПШӀЫКӀУПЛӀЭНЭРЭШЪХЬ

### Шъушы шъумыгъэмысэ

ШӀошъхъуныгъэ макӀэ зиӀэр пыдзы шъумышӀы, ишӀо-
шӀхэмкӀэ шъуемынэкъокъоу. 2 Зы нэбгырэм сыд щыщи
ышхынэу зэрэфитымкӀэ шӀошъхъуныгъэ иӀ, ау шӀошъхъу-
ныгъэ макӀэ зиӀэм хатэм къыдакӀэхэрэм анэмыкӀ ышхы-
хэрэп. 3 Шхэрэм мышхэрэр зэримыпэсы хъущтэп. Мы-
шхэрэми шхэрэр ыгъэмысэ хъущтэп, сыда пӀомэ Тхьэм
а цӀыфыри ыдагъ. 4 О хэта ущыщ, нэмыкӀ зыгорэм
фэлажьэрэр бгъэмысэнэу? Ар гъогу тэрэзым тетми,
темытми, ежь и Зиусхьан иӀофба? Ари тетыщт, сыда
пӀомэ Тхьэм тыригъэтын ылъэкӀыщт.

5 Зы цӀыфым мафэ горэ нахь егъэлъапӀэ, адрэ цӀыфми
мафэхэр зэфэдэхэу елъытэх. Хэти ежь ыгукӀэ зэрэтеубы-
тагъэм тетэу зекӀон фае. 6 Мафэ горэ зыгъэлъапӀэрэм
Зиусхьаным лъытэныгъэ фишӀынэу а мафэр егъэлъапӀэ.
ЗымыгъэлъапӀэрэми Зиусхьаным лъытэныгъэ фишӀынэу
арэущтэу ешӀы. Сыд щыщи зышхырэми Зиусхьаным лъы-
тэныгъэ фишӀынэу ешхы, сыда пӀомэ ышхырэм пае
Тхьэм щытхъу фешӀы. Мышхэрэми Зиусхьаным лъытэны-
гъэ фишӀынэу арэущтэу ешӀы, ащи Тхьэм щытхъу фешӀы.
7 ЦӀыф зи ежь ышъхьэ закъо пае псэурэп. Джащ фэдэу,
цӀыф зи ежь ышъхьэ закъо пае лӀэрэп. 8 Тыпсэуми,
Зиусхьаным тыфэпсэу, тылӀэми Зиусхьаным тыфэлӀэ.
Арышъ, тыпсэуми, тылӀэми, Зиусхьаным тырий.

9 Христоси лӀи, лӀагъэхэм къахэтэджыкӀыжьи, псэу-
жьыгъ. Зыфэпсэужьыгъэр псэухэмрэ лӀагъэхэмрэ я Зиус-
хьанэу хъуныр ары. 10 О пшы сыда зыкӀэбгъэмысэрэр?
Е о пшы сыд пае зэмыпэсыра? Тэ пстэури Тхьэм ихьыкум

тIысыпIэ лъапIэ ыпашъхьэ тиуцон фае. [11] Сыда пIомэ
Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт:*

«Сэ сыпсау, къеIо Зиусхьаным,
сапашъхьи цIыф пстэуми алъэгуанджэхэр щауфэщтых.
Сыдрэ бзэгуми сызэрэ–Тхьэр къыIощт».

[12] Арэущтэу тэ пстэури Тхьэм ыпашъхьэ тихьанышъ, ащ
пэгъокI гущыIэ еттын фае.

## Шъо шъуилажьэкIэ шъушы псэкIод ерэмышI

[13] Арышъ, тэ тызэрэгъэмысэн фаеп. Ау зыгъэлъэпаорэ
мыжъо, е псэкIодшIэным фыдэзыхьыхырэ Iоф горэ
шъушы игъогу тешъумылъхьанэу тешъуубытэн фае.
[14] Зиусхьанэу Исус сыгу зэрилъым пае, зы шхын горэ
зэрэмыхьэрамыр сэшIэ, сицыхьи телъ. Ау зыгорэм хьэрамэу
елъытэмэ, ежьымкIэ хьэрамэу мэхъу. [15] О шхынэу
пшхырэм пае пшы ыгу къебгъаомэ, шIулъэгъуныгъэм
тетэу узекIожьрэп. О шхынэу пшхырэмкIэ пшэу Христос
зыфэлIагъэр умыгъэкIоды. [16] Шъо дэгъоу шъулъытэрэр
цIыфхэм дэеу алъытэнэу орэмыхъу. [17] Сыда пIомэ Тхьэм
и Тетыгъошхо иIофхэр зэхьылIагъэхэр шхынымрэ ешъонымрэ
арэп, шъыпкъагъэр, гупсэфыныгъэр, Тхьэм Ыпсэ
ЛъапIэ ыдэжь къикIырэ гушIуагъор ары нахь.
[18] ЦIыфэу Христос арэущтэу фэлажьэрэм Тхьэм ыгу еIу,
цIыфхэми ар ягуапэ.

[19] Арышъ, зэзэгъыныгъэ къэзыхьырэ Iофхэми, гурэ
псэрэкIэ нахь лъэкIыныгъэ зэрыдгъотырэ Iофхэми ауж
тижъугъэт. [20] Шхыным пае Тхьэм иIоф умыгъэкIоды. Шхын
пстэури хьалэл, ау шхынэу о пшхырэмкIэ зыгорэм игъогу
зыгъэлъэпаорэ мыжъо теплъхьамэ, псэкIод мэхъу. [21] Лы
умышхынри, сэнэпс уемышъонри, о пшы игъогу зыгъэлъэпаорэ
мыжъо тезылъхьэрэ Iоф упымылъынри, е
псэкIодшIэным фыдэзыхьыхырэ Iофым упымылъынри
шIу. Ащ фэдэу о пшы ымылъэкIыжьэу зышIырэ Iофым
упымылъынри шIу.

[22] Мы Iофхэм яхьылIагъэу шIошъхъуныгъэу уиIэр
Тхьэмрэ оррэ шъуазыфагу дэлъэу орэхъу. Шхынэу ышхырэм
пае зызымыгъэмысэжьрэр сыхьатмафэ ежьагъ. [23] Ау

---

14:11 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Исайас тхы лъэу ытхыгъэм 49:18; 45:23.

шхынэу ышхырэр зэрэхьалэлымкIэ гуцафэ ышIэу шхэрэм шIошъхъуныгъэ имыIэу зэрэшхэрэм пае, Тхьэм егъэмысэ, сыда пIомэ шIошъхъуныгъэ тимыIэу сыд щыщэу тшIэрэр псэкIод мэхъу.

### Паул Тхьэм щытхъушхо зэрэфишIырэр

24 Сэ сикъэбарышIоу, Исус Христос ехьылIэгъэ къэбарышIоу згъэIурэм тетэу, къэбарэу мыухыжьын лъэхъанэхэм къащегъэжьагъэу Тхьэм шъэфэу къыгъэнагъэу, ау джы къыгъэнэфагъэм тетэу Тхьэм шъугухэр
ыгъэпытэнхэ ылъэкIыщт. 25 Джы Тхьэу мыкIодыжьыщтым иунашъокIэ пегъымбархэм атхыгъэхэм а къэбарыр къагъэнэфагъ, Тхьэм фэлажьэхэрэм лъэпкъ пстэуми ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъунышъ, ежьым едэIунхэм пае, а къэбарыр арагъэIугъ. 26 ЗэхэшIыкIыныгъэшхо зиIэ Тхьэ закъом Исус Христос ышIэгъэ Iофхэм пае щытхъушхор ий. Амин.

## ЯПШIЫКIУТФЭНЭРЭШЪХЬ

### Тэ тшъхьэ изакъо арэп, тигъунэгъуи ары тишIуагъэ зэдгъэкIын фаер

Тэ шIошъхъуныгъэшхо зиIэхэр тишIуагъэ ыуж тимытэу, шIошъхъуныгъэ макIэ зиIэхэм яхьылъэхэмкIэ IэпыIэгъу тафэхъун фае. 2 Тэ тщыщэу хэти игъунэгъу
шIу ригъэгъотызэ ыгъэрэзэн фае, гурэ псэрэкIи нахь лъэкIыныгъэ ригъэгъотын фае. 3 Сыда пIомэ ежь
Христоси ежь ишIуагъэ зэригъэкIыжьыгъэп, ау Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,* «О си Тхьэ, къыохъоныгъэх, ау къаIуагъэхэр сэ къыстефагъэх». 4 Сыда
пIомэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт пстэури зыфатхыгъэр шъыпкъагъэр тагъэшIэныр ары. Арэущтэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм теубытэныгъэрэ гушхоныгъэрэ тиIэ агъэхъузэ, Тхьэм IэхьышIур къызэрэтлъигъэсыщтым тыщагъэгугъы.

---

15:3 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Сэбур (Псалтыр) 69:9 (урыс библиемкIэ 68:10).

[5]Теубытэныгъэрэ гушхоныгъэрэ къытэзытырэ Тхьэм
зы гупшысакIэ шъуиIэу, Христос Исус игъогу шъуры-
кIоу шъуерэгъэпсэу. [6]Арэущтэу Тхьэу ти Зиусхьанэу Исус
Христос Ятэ зыгу–зыпсэу шъужэ къыдэкIызэ щытхъу
фэшъушIыщт.

[7]Арэущтэу шъо Христос шъузэридагъэм фэдэу, шъори
зым зыр ыдэн фае, цIыфхэм Тхьэм ищытхъу ашIыным
пае. [8]Сыда пIомэ сэ сэIо, джуртхэм ишIуагъэ аригъэ-
кIынэу Исус Христос къэкIуагъ. Ахэмэ ишIуагъэ ари-
гъэкIынэу къызфэкIуагъэр тятэжъышхохэр Тхьэм къы-
зэригъэгугъэгъэ Iофхэр Исус къызэригъэшъыпкъэжьхэ-
рэмкIэ Тхьэм ишъыпкъагъэ аригъэлъэгъунэу ары. [9]Ащ
нэмыкIэуи Исус ишIуагъэ ахэмэ аригъэкIынэу къызфэ-
кIуагъэр хымэ лъэпкъхэм* Тхьэм игукIэгъуныгъэ пае
щытхъу фаригъэшIыныр ары, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм
зэрарытым фэдэу,*

«Ащ пае, о си Зиусхьан, хымэ лъэпкъхэм сахэтэу
уищытхъу сшIыщт,
щытхъу орэдхэри о пцIэкIэ къэсIощтых».

[10]Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм мырэущтэуи арыт:*
«Шъо, хымэ лъэпкъхэр, Тхьэм ылъэпкъ шъуригъу-
сэу шъугушIу».

[11]Мырэущтэуи арыт:*
«Шъо, хымэ лъэпкъ пстэуми, Зиусхьан ищытхъу
шъушIы,
шъо, лъэпкъ пстэуми, ищытхъу шъушIы».

[12]Пегъымбар Исайаси мырэущтэу къыIуагъ:*
«Иессе* къытехъукIыщт бын лъапIэр къэ-
кIонышъ,

---

15:9 хымэ лъэпкъхэр – мыджуртхэр ары.

15:9 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Сэбур (Псалтыр) 18:49 (урыс библиемкIэ 17:50).

15:10 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм . . . арыт – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 32:43.

15:11 мырэущтэуи арыт – еплъ Сэбур (Псалтыр) 117:1 (урыс библиемкIэ 116:1).

15:12 пегъымбар Исайаси . . . къыIуагъ – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 11:10.

15:12 Иессе – пачъыхьэ Даутэ ятэ ары. Исус пачъыхьэ Даутэ иунэгъо лъэпкъ щыщыгъ.

хымэ лъэпкъхэмэ тхьаматэ афэхъущт.
Хымэ лъэпкъхэр ащ щыгугъыхэу, пэплъэщтых».
13 ЕжьымкIэ шIошъхъуныгъэ зэрэшъуиIэм пае, Тхьэу
IэхьышIур ежьым къызэрэтлъигъэсыщтым тыщызыгъэ-
гугъырэм гушIогъошхорэ гупсэфыныгъэшхорэ шъугухэм
къарерэлъхьах, ежьым Ыпсэ ЛъапIэ илъэкIыныгъэкIэ
шъугухэм щыгугъыныгъэшхо арыз хъуным пае.

## Паул гушхоныгъэ хэлъэу тхэнэу зыкIэхъурэр

14 Сшыхэр, шъугухэм шIугъэшхо зэрарылъымкIи, шIэ-
ныгъэшхо зэрэшъуиIэмкIи, зым зым Iофхэр ригъэшIэнхэ
зэрилъэкIырэмкIи цыхьэ къышъуфэсэшIы. 15 Ау щытми,
мы Iофхэр шъугу къэзгъэкIыжьынхэу чIыпIэ–чIыпIэу
гушхоныгъэ хэлъэу къышъуфэсэтхы. Гушхоныгъэ хэлъэу
зыкIэстхырэр хымэ лъэпкъхэм адэжь Исус Христос
сыфэлэжьэнэу Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэкIэ сызэригъэ-
нэфагъэр ары. 16 Тхьэм ыдэжь къикIыгъэ къэбарышIур
згъэIузэ, дин пэщэ Iоф сэшIэ. Тхьэм ыдэжь къикIыгъэ
къэбарышIур зыфэзгъэIурэр Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ хымэ
лъэпкъхэм агухэр зэригъэкъэбзэжьыгъэхэм пае, ахэр
Тхьэм ыгу зэIурэ къурмэныпхъэм фэдэу хъунхэр ары.
17 Исус Христос сыгу илъэу Iофэу Тхьэм фэсшIагъэм
сыщэгушIукIы. 18,19 Сэ сигущыIэхэмкIи, Iофхэу сшIагъэ-
хэмкIи, нэшэнэ гъэшIэгъонышхохэмрэ Iофышхо гъэшIэ-
гъонхэмрэ ялъэкIыныгъэкIи, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ илъэ-
кIыныгъэкIи, хымэ лъэпкъхэр Тхьэм езгъэдэIунхэу
Христос Iофхэу сигъэгъэхъагъэхэм анэмыкI сытегущыIэ-
нэу сытегушхурэп. Арэущтэу Ерусалим щегъэжьагъэу
Иллирик хэкум* нэсыфэ, Христос ехьылIэгъэ къэбары-
шIур тыдэкIи цIыфхэм икъугъэу щязгъэIугъ. 20 НэмыкI
цIыф горэм ыгъэуцугъэ лъапсэм сиIоф тесымыгъэуцоу,
Христос ыцIэ зыщамышIэгъэ чIыпIэмэ къэбарышIур зэ-
ращызгъэIуным ренэу ыуж ситыгъ. 21 Тхьэм игущыIэ тхы-
гъэхэм зэрарытым фэдэу,*
«Ежьым икъэбар зынэмысыгъэхэм ежьыр алъэ-
гъущт,
икъэбар зэхэзымыхыгъэхэми зэхашIыкIыщт».

---

15:19 Иллирик хэкур – Адриэхым Iутэу, Рим (Рум) къэралыгъошхом щыщ хэкоу щытыгъ. А хэкур джырэ Югославиер зыдэщыIэм итыгъ.

15:21 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 52:15.

## Рим къэлэшхом кIонэу Паул ыгу зэрэхэлъыгъэр

[22]Джары шъуадэжь сыкъэкIонэу бэрэ ыуж ситыгъэ
пэтми, къызкIыздэмыхъугъэр. [23]Ау джы мы лъэныкъом
сэркIэ Iоф щымыIэжьэу,* илъэсыбэ хъугъэу шъуадэжь
сыкъэкIонэу сызэрэфэягъэм паий, [24]Испание хэгъэгум
сыкIо зыхъукIэ, шъуадэжь сыкъэкIощт. Сыда пIомэ
сигъогукIэ сыкъышъухэхьанышъ, шъуслъэгъунэуи, шъуи-
ныбджэгъугъэ сыгу ыгъэпсэфынышъ, сигъогукIэ Iэпы-
Iэгъу шъукъысфэхъунэуи сыщэгугъы. [25]Джы Тхьэм
ицIыф лъапIэхэм IэпыIэгъу зэрафэхъущт ахъщэр афэ-
схьызэ, Ерусалим сыкIонэу сыгу хэлъ. [26]Сыда пIомэ
хэкухэу Македониерэ Ахаиерэ* ащыпсэурэ шIошъхъуны-
гъэ зиIэхэм Тхьэм ицIыф лъапIэхэу Ерусалим дэсхэм
ахэт тхьамыкIэхэм IэпыIэгъу афэхъухэзэ, ахъщэ зэ-
хадзэнэу ягуапэу аухэсыгъ. [27]IэпыIэгъу афэхъунхэу ягуа-
пэу аухэсыгъ, адэIэпыIэнхэуи япшъэрылъ. Сыда пIомэ
Тхьэм джуртхэр зэригъэгугъэгъэ IэхьышIум щыщ хымэ
лъэпкъхэми яIэ хъугъэ. Арышъ, хымэ лъэпкъхэми мы
дунаем иIэхьышIоу яIэмкIэ яшIуагъэ джуртхэм арагъэ-
кIын фае. [28]А пшъэрылъыр згъэцакIэзэ, ахъщэу зэхадза-
гъэр Ерусалим дэсхэм заIэкIэслъхьэ ужым, шъуадэжькIэ
сикIынышъ, етIанэ Испанием сыкIощт. [29]Шъуадэжь сы-
къызыкIокIэ, Христос ынэшIу щыфэныгъэшхом сыригъу-
сэу сыкъызэрэкIощтыр сэшIэ.

[30]Сшыхэр, мыщкIэ сышъолъэIу: Ти Зиусхьанэу Исус
Христос ыцIэкIи, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ыдэжь къикIы-
рэ шIулъэгъуныгъэм паий, гъусэ шъукъысфэхъуи, шъугу
етыгъэу Тхьэм шъукъысфелъэIу. [31]Иудей хэкум ис
шIошъхъуныгъэ зимыIэхэм Тхьэм сащиухъумэнэуи, Тхьэм
ицIыф лъапIэхэу Ерусалим дэсхэм IэпыIэгъу зэрафэ-
хъун ахъщэу афэсхьыщтым агу еIунэуи шъуелъэIу. [32]Джа-
щыгъум, Тхьэм ыIомэ, гушIуагъокIэ шъуадэжь сыкъэ-
кIонышъ, сышъуигъусэу зызгъэпсэфыжьыщт. [33]Гупсэфы-
ныгъэ къытэзытырэ Тхьэр шъуерэгъус. Амин.

---

15:23 мы лъэныкъом сэркIэ Iоф щымыIэжьэу – нэмыкIрэ цIыфхэм Исус ехьылIэгъэ къэбарышIур зыщамыгъэIугъэм къэбарышIур щигъэ-Iуныр ары Паул ишъэрылъэу щытыгъэр.

15:26 хэкухэу Македониерэ Ахаиерэ – Рим (Рум) къэралыгъошхом щыщ хэкухэу щытыгъэх. А хэкухэр джырэ Грецием (Иунанистаным) итемыр лъэныкъоми икъыблэ лъэныкъоми итыгъэх.

# ЯПШІЫКІУХЭНЭРЭШЪХЬ

## ШІуфэс ехыныр

Тшыпхъоу Фивэ зыцІэу, Кенкрей къалэм* щыІэ чылыс зэІукІэм ІэпыІэгъу фэхъурэм шъуапашъхьэ сыкъыщыщытхъунэу сыфай. [2]Зиусхьаныр ащ ыгу зэрилъым пае, Тхьэм ицІыф лъапІэхэм зэрэрагъэблэгъэн фаем фэдэу ежъугъэблагъи, ищыкІагъэмкІи ІэпыІэгъу шъуфэхъу, сыда пІомэ цІыфыбэмэ сэри сахэтэу, ар ІэпыІэгъу къытфэхъугъ.

[3]Прискиллэрэ Акилэрэ сигъусэхэу Исус Христос фэлажьэхэрэм аІапэхэр сфэшъуубытыжьых. [4]Ахэмэ сэ спсэ мыкІодэу къагъэнэжьыным пае, ежьхэм апсэ шъхьасыжьыгъэхэп. Ахэмэ щытхъу афэзышІырэр сэ сизакъоп, хымэ лъэпкъхэм ячылыс зэІукІэ пстэури ары. ШІошъхъуныгъэ зиІэхэу яунэ щызэрэугъоихэрэм аІапэ сфэшъуубытыжь. [5]ШІу слъэгъурэ Епенет ыІапэ сфэшъуубытыжь. Ахаие хэкум апэрэу ХристоскІэ шІошъхъуныгъэ зиІэ хъугъэр ары.

[6]Мерэмэу бэрэ къытфэлэжьагъэм ыІапэ сфэшъуубытыжь. [7]Сиунэкъощхэу хьапсым къыздычІэсыгъэхэ Андроникрэ Юныйрэ аІапэ сфэшъуубытыжь. Ахэр апостол* цІэрыІохэм ащыщых. Сэ сапэкІэ ахэмэ ХристоскІэ шІошъхъуныгъэ яІэ хъугъэ. [8]Христос зыгу илъэу, шІу слъэгъурэ Амплый ыІапэ сфэшъуубытыжь. [9]Урбанэу тигъусэу Христос фэлэжьагъэмрэ шІу слъэгъурэ Стахыйрэ аІапэ сфэшъуубытыжь. [10]Христос зыгу илъэу, Тхьэм зишъыпкъагъэ ыгъэунэфыгъэ Апеллес ыІапэ сфэшъуубытыжь. Аристовул иунагъо щыщхэм аІапэ сфэшъуубытыжь. [11]Сиунэкъощ Иродион ыІапэ сфэшъуубытыжь. Зиусхьаныр зыгу илъхэу, Наркисс иунагъо щыщхэм аІапэ сфэшъуубытыжь. [12]Зиусхьаным бэу фэлажьэрэ бзылъфыгъэхэу Трифенэрэ Трифосэрэ аІапэ сфэшъуубытыжь. ЕтІани Зиусхьаным бэу фэлэжьэгъэ бзылъфыгъэу Персидэу шІу тлъэгъурэм ыІапэ сфэшъуубытыжь. [13] Руфэу

---

16:1 Кенкрей къалэр – Коринт къалэм епхыгъэу, къухьэуцупІэ иІэу хыІушъом Іутыгъ.

16:7 апостолхэр – еплъ 1:1. Е нэбгырэ пшІыкІутІоу Исус игъогу рыкІонхэу къыхихыгъэхэр, е нэмыкІрэ тхьаматэхэу чылыс зэІукІэхэм агъэнафэхи, къэбарышІур агъэІунэу къагъэкІуагъэхэр.

Зиусхьаным къыхихыгъэмрэ ащ янэу сянэ фэдэу щы-
тымрэ аIапэ сфэшъуубытыжь. [14] Асинкрит, Флегон, Ерм,
Патров, Ермый, ахэмэ ягъусэхэу адрэ шыхэм аIапэ сфэ-
шъуубытыжь. [15] Филолог, бзылъфыгъэ Юлие, Нирей, ащ
ышыпхъу, Олимпан ахэмэ ягъусэхэу Тхьэм ицIыф лъэпIэ
пстэум аIапэ сфэшъуубытыжь. [16] ГукъэбзагъэкIэ IаплI
зэшъущэкIэу, шIуфэс зэшъухыжь. Христос ичылыс зэIу-
кIэ пстэуми шIуфэс къышъуахыжьы.

[17] Сшыхэр, тишIошъхъуныгъэ тигъашIэрэ Iофхэм къа-
пэуцухэзэ, шъузэгурызымыгъаIохэу, цIыфхэу адрэ цIыф-
хэр гъогу занкIэм тезыгъэкIхэрэм защышъуухъумэнэу
сышъолъэIу. Ахэмэ защышъудзый. [18] Сыда пIомэ ащ
фэдэ цIыфхэр ти Зиусхьанэу Исус Христос фэлажьэхэу
щытхэп, ахэр зыфэлажьэхэрэр аныбэхэр ары. ГъэшIуа-
бзэмкIи гущыIэ дахэхэмкIи цIыф къызэрыкIохэр дахыы-
хых. [19] КъэбарышIум шъузэредэIурэм икъэбар цIыф пстэ-
уми зэхахыгъ. Сэ сыкъышъущэгушIукIы, ау шIугъэр
зыфэдэр зэхэшъушIыкIынэуи, бзэджагъэ зи шъушъхьэ
къимыхьанэуи сыфай. [20] Гупсэфыныгъэр къытэзытырэ
Тхьэм бэмышIэу шэйтаныр шъулъэкъо чIэгъ чIышъуи-
гъэщытIыхьащт. Ти Зиусхьанэу Исус ынэшIу къышъу-
щерэф. Амин.

[21] Къыздэлажьэрэ Тимофей, сиунэкъощхэу Луцый, Иасон,
Сосипатрэ шIуфэс къышъуахыжьы. [22] Тертиеу Паул мы
тхылъыр зэригъэтхырэр сэры. Зиусхьаныр сыгу илъэу
шIуфэс къышъосэхыжьы. [23] Гаеу, сэ Паул сибысымыми,
чылыс зэIукIэм зэкIэми ибысымыми, шIуфэс къышъуе-
хыжьы. Къалэм иахъщэ зыIэ илъ Ерастрэ тшы Квартрэ
шIуфэс къышъуахыжьы. [24] Ти Зиусхьанэу Исус Христос
ынэшIу шъо пстэуми къышъущерэф. Амин.



# АПОСТОЛ ПАУЛ ШІОШЪХЪУНЫГЪЭ ЗИІЭХЭУ КОРИНФ КЪАЛЭМ ДЭСХЭМ АПЭРЭ ТХЫЛЪЭУ АФИТХЫГЪЭР

## АПЭРЭШЪХЬ

### ШІуфэс ехынымрэ Тхьэм ищытхъу шІыгъэнымрэ

Сэ сы Паул. Тхьэр фэягъэти, Исус Христос иапостол*
сыхъунэу къысэджагъ. Тэ тшы Сосфен* сигъусэу мы тхы-
лъыр сэтхы.
2 Зыфэстхыхэрэр шъо цІыфхэу Коринф къалэм ичылыс
зэІукІэ щыщхэр ары. Тхьэм Христос Исус шъугухэм
арылъынэу шъуигъэнэфагъ, тыдэкІи ти Зиусхьанэу Исус
Христос елъэІурэ цІыф пстэуми шъурягъусэу, ежьым
ицІыф лъапІэхэм ащыщ шъухъунэу къышъоджагъ.
Христос ахэми тэри ти Зиусхьан.
3 Тхьэу Тятэ лъапІэрэ Зиусхьанэу Исус Христосрэ
анэшІу къышъуіцарэфи, гупсэфыныгъэ къышъуарэт.
4 Христос шъугухэм зэрарылъымкІэ Тхьэм ынэшІу
къызэрэшъуіцифагъэм пае, Тхьэм ищытхъу сэшІы зэпыт.
5 Сыда пІомэ Христос шъугухэм зэрарылъымкІэ лъэны-

1:1 апостол – нэмыкІ цІыф горэм ыцІэкІэ гущыІэнэуи Іоф ышІэнэуи фитыныгъэ зиІэр ары.

1:1 Сосфен – Лука итхылъэу Апостол. 18:17 зигугъу ышІыгъэ лІыр арыщтын.

къо пстэумкIи Тхьэм ынэшIу къышъущифагъ. Лъэны-
къо пстэумкIи зэхэшъушIыкIынэуи, шъукъэгущыIэнэуи
лъэкIыныгъэ къышъуитыгъ, [6]сыда пIомэ тэ шыхьатны-
гъэу Христос фэтшIыгъэм шъугухэм лъапсэ афишIыгъ.
[7]Арэущтэу зэрэщытым пае, ти Зиусхьанэу Исус Хри-
стос къызылъэгъожьыщт мафэм шъупаплъэзэ, тынхэу
Тхьэм ибынхэм аритхэрэм ащыщэу шъуимыIэу зи щыIэп.
[8]Ти Зиусхьанэу Исус Христос къызылъэгъожьыщт мафэм
ыдэжь зыми шъузэригъэмысэн зи щымыIэу, кIэухым нэсы
гъогу занкIэм пытэу шъутыригъэтыщт. [9]Тхьэр шъыпкъэ.
Ежьыр ары Ыкъоу Исус Христосэу ти Зиусхьан гъусэу
шъуфыщытынэу къышъоджагъэр.

## Чылыс зэIукIэм щыщхэр зэрэзэгурымыIуагъэхэр

[10]Сшыхэр, шъо пстэури шъузэгурыIонэуи, куп–купэу
шъузэрэмыгъэхъоу зыгу зыпсэу шъущытынэуи ти Зиус-
хьанэу Исус Христос ыцIэкIэ сышъолъэIу. [11]Сшыхэр,
шъузэрэзэгурымыIорэр бзылъфыгъэу Хлой иунагъо щыщ-
хэм сагъэшIагъэ. [12]Сэ зыфасIорэр мыры: Шъуащыщэу
зыгорэм еIо: «Сэ Паул икуп сыщыщ», нэмыкI горэми еIо:
«Сэ Аполлос* икуп сыщыщ», етIанэ нэмыкI горэми еIо:
«Сэ Кифэ* икуп сыщыщ», етIанэ нэмыкI горэми еIо:
«Сэ Христос икуп сыщыщ».

[13]Христос гощыгъэу хъугъа? Паул ара шъощ пае къа-
щым тыраIулIагъэр? Хьаури, сэ, Паул, сцIэкIэ шъуаумэ-
хъыгъа? [14]Крispрэ* Гайрэ* анэмыкIэу шъуащыщэу зи
зэрэсымыумэхъыгъэмкIэ Тхьэм щытхъу фэсэшIы. [15]Арэу-
щтэу сэ сцIэкIэ шъуаумэхъыгъэу зыми къыIон ылъэ-
кIыщтэп. [16]Шъыпкъэ, Стефан* иунагъо щыщхэри сыумэ-
хъыгъэх. Ащ нэмыкIэу, зыгорэ сыумэхъыгъэмэ сшIэрэп.

---

1:12 Аполлос – христиан тхьаматэу къэбарышIур Коринф къалэм щызыгъэIугъэр ары. Еплъ Апостол. 18:24–19:1.

1:12 Кифэ– КифэкIэ заджэхэрэ Петрэу Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIум ащыщыгъэр ары.

1:14 Крисп – христиан хъугъэ джуртэу Коринф къалэм дэсыгъэр ары. Еплъ Апостол. 18:8.

1:14 Гай – Паул Коринф къалэм зыщэIэм, ибысымэу щытыгъэр арын фае. Еплъ Рим. 16:23.

1:16 Стефан – еплъ 1 Кор. 16:15–16.

[17] Сыда пIомэ Христос сыкъызфигъэкIуагъэр цIыфхэр сы-
умэхъынхэу арэп, къэбарышIур язгъэIунэу ары нахь – ау
цIыфхэм зэхэшIыкIыныгъэу зыфаIорэр зыхэлъ гущыIэхэм-
кIэ арэп. Арэущтэу щымытмэ, Христос къащым зэрэ-
кIэрылIыхьагъэм икъэбар лъэкIыныгъэу хэлъыр кIоды-
жьыщтыгъ.

## Христос ары Тхьэм изэхэшIыкIыныгъэшхори илъэкIыныгъэшхори

[18] Сыда пIомэ кIодыпIэм игъогу тетхэмкIэ къащым
икъэбар делагъэу щыт, ау тэ мыкIодхэу Тхьэм къыгъэ-
нэжьхэрэмкIэ Тхьэм илъэкIыныгъэшхо къащым хэлъ.
[19] Сыда пIомэ Тхьэм къызэриIорэр игущыIэ тхыгъэхэм
арыт:*

«ЗэхэшIыкIыныгъэ зиIэхэм язэхэшIыкIыныгъэу
зыфаIорэр згъэкIодыщт,
Iушыныгъэ зиIэхэми яIушыныгъэу зыфаIорэр
сымыдэу, лъэныкъокIэ езгъэзыщт».

[20] Арэущтэу зэрэщытым пае, цIыфэу зэхэшIыкIыныгъэ
зиIэр тыдэ къэнагъа? Тэурат егъэджэкIо пащэр тыдэ къэ-
нагъа? Мы лъэхъанэм щыщ цIыфэу гущыIэхэмкIэ нэкъо-
къоным фэIазэр тыдэ къэнагъа? Тхьэм мы дунаем изэ-
хэшIыкIыныгъэ делагъэу къыгъэлъэгъуагъэба? [21] Сыда
пIомэ Тхьэм изэхэшIыкIыныгъэшхокIэ зэриухыгъэм те-
тэу, мы дунаем ицIыфхэм язэхэшIыкIыныгъэу зыфаIорэм-
кIэ Тхьэр зыфэдэр ашIагъэп, ау тэ дгъэIурэ къэбары-
шIоу ахэмэ делагъэу къашIошIырэмкIэ ХристоскIэ шIошъ-
хъуныгъэ зиIэхэр мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэу Тхьэм игъоу
ылъытагъ. [22] Джуртхэр нэшэнэ гъэшIэгъонышхохэм афаех,
урымхэри зэхэшIыкIыныгъэм лъэхъух. [23] Ау тэ Христо-
сэу къащым тыраIулIагъэм икъэбар тэгъэIу: джуртхэм-
кIэ ар агу зэмыIун Iоф мэхъу, нэмыкIрэ лъэпкъхэмкIи
делагъэу мэхъу. [24] Ау тэ, Тхьэм ибынхэм ащыщ хъун-
хэу къызэджагъэхэмкIэ, джуртми урымми, Христос ары
Тхьэм илъэкIыныгъэшхори изэхэшIыкIыныгъэшхори.
[25] Сыда пIомэ Тхьэм иделагъэу зыфаIорэм цIыфхэм
язэхэшIыкIыныгъэу зыфаIорэм нахьи нахь зэхэшIыкIы-
ныгъэшхо иI, Тхьэм икIочIэнчъагъэу зыфаIорэри цIыф-
хэм ялъэкIыныгъэ нахьи нахь лъэш.

---

1:19 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Исайас тхы-
лъэу ытхыгъэм 29:14.

26 Сшыхэу Тхьэм ибынхэм ащыщ хъунхэу къы-
зэджагъэхэр шъуззэплъыжь. Мы дунаем ицӀыфхэм зэхэ-
шӀыкӀыныгъэ зиӀэхэу алъытэхэрэри, тетыгъо зиӀэхэри,
унэгъо байхэм ащыщхэри бэу хъухэу къышъухэтхэп. 27 Ау
зэхэшӀыкӀыныгъэ зиӀэ цӀыфхэр ыгъэукӀытэжьынхэм пае,
мы дунаем ицӀыфхэм делэхэу зыфаӀорэ цӀыфхэр Тхьэм
къыхихыгъэх. ЛъэкӀыныгъэ зиӀэхэри ыгъэукӀытэжьынхэм
пае, мы дунаем лъэкӀыныгъэ щызимыӀэхэри Тхьэм къы-
хихыгъэх. 28 Мы дунаем ицӀыфхэм тхьамыкӀэхэу зыфа-
Ӏорэ цӀыфхэри, зэрамыпэсырэ цӀыфхэри Тхьэм къыхи-
хыгъэх. Арэущтэу пкӀэ зимыӀэхэу зыфаӀорэ цӀыфхэр
ары Тхьэм къыхихыгъэхэр, пкӀэ зиӀэхэу зыфаӀорэ цӀыф-
хэр ыгъэцӀыкӀунхэм пае. 29 Тхьэм арэущтэу зыфишӀагъэр
ежьым ыпашъхьэ цӀыф зи зыщыщымытхъужьыныр ары.
30 Христос Исус шъугухэм арылъэу зыгъэхъугъэр Тхьэр
ары. Христос Исус тэркӀэ Тхьэм ыдэжь къикӀыгъэ зэхэ-
шӀыкӀыныгъэшхоу хъугъэ. Ежьыри ары Тхьэм ежьым
ыдэжькӀэ шъыпкъагъэ тиӀэу тэзыгъэлъытэрэр, тыгу-
хэр зыгъэкъэбзэжьырэри, тшъхьэхэр зыщэфыжьыгъэри.
31 Арышъ, Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,*
«Зыгорэ зыгорэм щытхъумэ, Зиусхьаным щэрэтхъу».

# ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

## Христос къащым зэрэкӀэрылӀыхьагъэм икъэбар

Тхьэм ехьылӀэгъэ шыхьатныгъэр шъозгъэӀунэу шъуа-
дэжь сыкъызэкӀом, сшыхэр, гущыӀэ дахэхэр къасӀохэу,
зэхэшӀыкӀыныгъэшхокӀи сыжъудэгущыӀэу арэп а къэба-
рыр зэрэшъозгъэӀугъэр. 2 Шъуадэжь сызыщэӀэм, Исус
Христос икъэбар нэмыкӀэу зи сымышӀэнэу тесыубытагъ,
зэкӀэмэ апэу ежьыр къащым зэрэтыраӀулӀагъэр. 3 КӀуачӀэ
симыӀэу, сыщынэу, сыгуи лъэшэу кӀэзэзэу шъуадэжь
сыщыӀагъ. 4 КъэсӀуагъэхэмрэ къэбарэу згъэӀугъэмрэ цӀы-
фым изэхэшӀыкӀыныгъэ зыхэлъхэу, пшӀошъ зыгъэхъун
гущыӀэхэр ахэлъыгъэхэп, ау сигущыӀэхэр къыгъэшъып-

1:31 Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Иеремие тхылъэу ытхыгъэм 9:24.

къэжьхэзэ, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ илъэкIыныгъэ ахэмэ
ягъусагъ. [5] Арэущтэу зыфэхъугъэр шъуишIошъхъуныгъэ
цIыфым изэхэшIыкIыныгъэ темытэу, Тхьэм илъэкIыны-
гъэ тетыныр ары.

### Тхьэм изэхэшIыкIыныгъэшху

[6] Ау щытми, цIыфхэу Тхьэм иIофхэмкIэ зизэхэшIыкI
икъугъэхэм зэхэшIыкIыныгъэ зыхэлъ къэбар ятэгъэIу,
ау мы лъэхъанэми, мы лъэхъанэм тетыгъо зиIэхэу*
кIодыжьыщтхэми язэхэшIыкIыныгъэ арэп. [7] Ау зэхэ-
шIыкIыныгъэу зикъэбар дгъэIурэр Тхьэм изэхэшIыкIы-
ныгъэшхоу шъэфэу щытыр ары. Тхьэм а зэхэшIыкIыны-
гъэшхор цIыфхэм аримыгъэшIагъэу щытыгъ, ау лъэхъа-
нэхэм апэ Тхьэм зэригъэнэфагъэм тетэу, а зэхэшIыкIы-
ныгъэшхом игъогукIэ тэ щытхъушхо тиIэ хъущт. [8] Мы
лъэхъанэм тетыгъо зиIэхэм ащыщэу зыми а зэхэшIы-
кIыныгъэшхор къышIагъэп. Ахэмэ ашIагъэмэ, щытхъу-
шхо зиIэ Зиусхьаныр* къащым тыраIулIэщтыгъэп. [9] Ау
Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,*

«Iофхэу нэм ымылъэгъугъэхэри,
зы тхьакIумэм зэхимыхыгъэхэри,
цIыфым ыгу къэмыкIыгъэхэри,
а Iофхэр ары Тхьэм цIыфхэу ежьыр шIу
зылъэгъухэрэм афигъэхьазырыгъэхэр».

[10] А Iофхэр Тхьэм ежьым Ыпсэ ЛъапIэкIэ тэ къытфи-
гъэнэфагъэх; сыда пIомэ Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ Iоф пстэу-
ри егъэунэфы, Тхьэм иIофхэм якуупIэхэми анэсы. [11] Сыда
пIомэ цIыфым ыгу илъыр ежь ышъхьэ нэмыкIэу цIыф-
хэм ащыщэу хэт ышIэна? Ащ фэдэ къабзэу Тхьэм ыгу
илъыр Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ нэмыкIэу зыми ышIэрэп. [12] Ау
Тхьэм тэ тыгухэм къарилъхьэгъэ псэр мы дунаем ыпсэ
арэп, ежь Ыпсэ ЛъапI ары, Тхьэм тынхэу къытитыгъэ-
хэр къэтшIэнхэм пае. [13] Арэущтэу цIыфхэу Тхьэм Ыпсэ

---

2:6 мы лъэхъанэм тетыгъо зиIэхэр – джынэ кIочIэ бзаджэхэу ежьхэм ядэIурэ цIыфхэмкIэ дунаем тетыгъо фызиIэхэр ары. Еплъ Ефес. 6:12; Кол. 1:16.

2:8 щытхъушхо зиIэ Зиусхьаныр – Христосэу Тхьэм ишэни илъэкIыныгъэшхуи къэзыгъэлъагъорэр ары.

2:9 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 64:4.

ЛъапIэ зыгу илъхэм Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ иIофхэр зэхя-
дгъэшIыкIхэу, Тхьэм тынхэу къытитыгъэхэм татегущыIэ,
ау тызэрыгущыIэхэрэр цIыфым изэхэшIыкIыныгъэ тигъэ-
шIэгъэ гущыIэхэр арэп, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ тигъэшIэгъэ
гущыIэхэр ары нахь. 14 Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ зыгу имылъ
цIыфым Iофхэу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ыдэжь къикIыхэрэр
ыдэхэрэп. Ахэр ежьымкIэ делагъэу щытых, ахэр зэхишIы-
кIынхэуи ылъэкIыщтэп, сыда пIомэ Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ
закъу ары цIыфхэм ахэр зэхязыгъэшIыкIышъущтыр. 15 Ау
цIыфэу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ зыгу илъым Iоф пстэури зэ-
хешIыкIы, ау зыми а цIыфыр зэхишIыкIын ылъэкIыщтэп.

16 «Зиусхьаным ыгу илъыр хэта зышIагъэр
зыгорэ ащ ригъэшIэнэу?»*

Ау Христос ыгу илъыр тэ тыгухэми арылъ.

## ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

### Тызэгъусэу Тхьэм тыфэлажьэ

Сшыхэр, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ зыгу илъ цIыфхэм сызэра-
дэгущыIэрэм фэдэу, сыкъыжъудэгущыIэн слъэкIыщты-
гъэп, ау мы дунаем ицIыфхэм сызэрадэгущыIэрэм фэ-
дэу сыкъыжъудэгущыIэщтыгъ. Сыда пIомэ Христос иIоф-
хэмкIэ сабый цIыкIухэм шъуафэдэу шъущытыгъ. 2 Сэ
шхын шъозгъэшхыщтыгъэп, щэ шъуезгъашъощтыгъэ
нахь. Шхын шъушхын шъулъэкIыщтыгъэп, джыри шъу-
лъэкIырэп. 3 Сыда пIомэ джыри мы дунаем ицIыфхэм
шъуафэд. Шъугъонымрэ зэщыхьанымрэ шъуазыфагу илъ-
хэшъ, мы дунаем ицIыфхэм шъуафэдэба? Адрэ цIыфхэр
зэрэзекIорэ хабзэм фэдэу, шъори шъузекIорэба? 4 Сыда
пIомэ шъуащыщэу горэм «Сэ Паул икуп сыщыщ», нэмыкI
горэми «Сэ Аполлос икуп сыщыщ», зиIокIэ, мы дунаем
ицIыфхэм шъуафэдэба?

5 Паул хэт щыща? Аполлос хэт щыща? ШIошъхъуныгъэ
шъуиIэ зыгъэхъугъэхэу, Тхьэм фэлажьэрэ цIыфхэу ты-
щытыгъ ныIэп, Зиусхьаным тэ тщыщэу хэти Iофэу

---

2:16 Еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 40:13.

ыпшъэ къызэрэрилъхьагъэм фэдэу. [6] Сэ кIэхэр хэслъ-
хьагъэх, Аполлос псыр кIигъэхъуагъ, ау Тхьэр ары къэ-
зыгъэкIыгъэр. [7] Арэущтэу кIэхэр хэзылъхьэрэми, псыр
кIэзыгъахъорэми пкIэ яIэп, къэзыгъэкIырэ Тхьэ закъор
ары нахь. [8] КIэхэр хэзылъхьэрэри псыр кIэзыгъахъорэ-
ри зэфэдэх. Хэти иIоф фэшъуашэу иIэхьышIу ыгъоты-
жьыщт. [9] Сыда пIомэ тызэгъусэу Тхьэм тыфэлажьэ. Шъо
Тхьэм ихьасэ шъуфэд, Тхьэм ышIырэ унэм шъуфэд.

[10] Тхьэм ынэшIу къызэрэсщифагъэм тетэу, зэхэшIыкIы-
ныгъэ зиIэу унэ зышIырэм фэдэу а унэм лъапсэ фэзгъэу-
цугъ. НэмыкI зыгорэми а лъапсэм тырешIыхьэ. Ау хэтми
а лъапсэм зэрэтыришIыхьэрэ шIыкIэм дэгъоу ерэплъ.
[11] Сыда пIомэ Тхьэм ыгъэуцугъэ лъапсэр Исус Христос
ары. Ащ нэмыкI лъапсэ зыми ыгъэуцун ылъэкIыщтэп.
[12] Зыгорэм дышъэр, тыжьыныр, мыжъо лъапIэхэр, пхъэр,
уцыр, е уарзэр а лъапсэм тыришIыхьэмэ, [13] хэти иIоф
зыфэдэр на́фэ хъущт, сыда пIомэ Зиусхьаныр къэзылъэ-
гъожьыщт мафэм ар къыгъэнэфэщт. А мафэр машIо
игъусэу къэкIощт, машIоми хэти иIоф зыфэдэр къыгъэу-
нэфыщт. [14] Зыгорэм а лъапсэм тыришIыхьагъэр къанэмэ,
ащ ифэшъошэ IэхьышIу ыгъотыжьыщт. [15] Ау зыгорэм лъа-
псэм тыришIыхьагъэр машIокIэ стымэ, ащ иIэхьышIу шIо-
кIодыщт. Ежьыр мыкIодэу къэнэжьыщт, ау машIом къы-
хэкIыжьырэ цIыфыр къызэрэнэжьырэм фэдэу, ерагъэу
къэнэжьыщт.

[16] Тхьэм иунэшхо шъузэрэфэдэри, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ
шъугухэм зэрарылъыри шъошIэба? [17] Зыгорэм Тхьэм
иунэшхо зэхикъутэмэ, Тхьэм а цIыфыр ыгъэкIоды-
жьыщт, сыда пIомэ Тхьэм иунэшхо лъапIэ. А унэшхоми
шъуфэд.

[18] Зыми зерэмыгъэпцIэжь. Шъуащыщэу зыгорэм мы
лъэхъанэм зэхэшIыкIыныгъэ иIэу зелъытэмэ, зэхэшIы-
кIыныгъэ имыIэу орэхъу, шъыпкъэмкIэ зэхэшIыкIыны-
гъэ иIэным пае. [19] Сыда пIомэ мы дунаем ицIыфхэм
зэхэшIыкIыныгъэ зыфаIорэр Тхьэм ыдэжькIэ делагъэ,
Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,* «Зэхэ-
шIыкIыныгъэ зиIэхэм зэхэшIыкIыныгъэу зыфаIорэмкIэ
Тхьэм ыубытыщтых». [20] Мырэущтэуи Тхьэм игущыIэ тхы-

---

3:19 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Аюбэ икъэбар зэрыт тхылъым (Иов) 5:13.

гъэхэм арыт:* «ЗэхэшIыкIыныгъэ зиIэхэм ягухэлъхэм
пкIэ зэрямыIэр Зиусхьаным ешIэ». 21 Арышъ, хэт щыщ
цIыфи зы цIыф горэм щэрэмытхъу, сыда пIомэ зэкIэ
шъошъуий, 22 Паул, Аполлос, Кифэ*, дунаер, щыIэныгъэр,
лIэныгъэр, джы щыIэри щыIэщтри шъошъуиех. 23 Ау шъо
Христос шъурий, Христоси Тхьэм ий.

## ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

### Христос иапостолхэр

Арэущтэу Христос фэлажьэрэ цIыфхэуи, Тхьэм ишъэф-
хэр зыIэ къырилъхьэгъэ цIыфхэуи талъытэн фае.
2 ЦIыфэу Iоф горэ зыIэ иплъхьэрэр узщыгугъышъун
цIыфэу щытын фае. 3 Шъори, нэмыкI цIыфхэри шъукъы-
зэрэсэплъырэм сэркIэ зи хэлъэп. Сэри хьыкум зытес-
шIыхьэжьрэп. 4 Сэ сыгукIэ мыхъун горэ зыдэсшIэжьрэп,
ау ащкIэ зи симылажьэу сыхъугъэп. СиIоф хьыкум тезы-
шIыхьэрэр Зиусхьаныр ары. 5 Арышъ, игъо къэмысы
рапшIэу, Зиусхьаныри къэмыкIоу, Iоф горэм хьыкум
тешъумышIыхь. Зиусхьаным Iофхэу шIункIыгъэм хэгъэ-
былъхьагъэхэр къыгъэнэфэщтых, цIыфхэм агухэм ары-
лъхэри нафэ къышIыщтых. Ащыгъум Тхьэм хэти щы-
тхъоу фэшъуашэр къыритыжьыщт.

6 Сшыхэр, шъуишIуагъэ къэкIоным пае, сIуагъэхэр сэ
сшъхьэрэ Аполлосрэ* сакъыттегущыIэу сIуагъэх, Тхьэм
игущыIэ тхыгъэхэм шъуатемыкIынэу шъодгъэшIэным
пае. Ащыгъум зы цIыфым нэмыплъ рихэу, нэмыкI цIы-
фым рыпагэу шъуащыщэу зи къэнэжьыщтэп. 7 Адрэ цIыф-
хэм анахьи унахь инэу хэт узылъытэрэр? Тхьэм къыуи-
мытыгъэу сыда уиIэр? УиIэр къыозытыгъэр Тхьэр
арышъ, сыд пае узщытхъужьра, Тхьэм ар къыуимыты-
гъэм фэдэу?

8 ЗыжъугъэшхэкIыгъаха? Бай шъухъугъаха? Тэ ты-
шъуимыгъусэу пачъыхьэ шъухъугъа? ШъыпкъэмкIэ па-

---

3:20 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Сэбур (Псалтыр) 94:11 (урыс библиемкIэ 93:11).

3:22 Кифэ – еплъ 1:12.

4:6 Аполлос – еплъ 1:12.

чъыхьэ шъухъугъагъоит, ащыгъум тэри тышъуигъусэу
пачъыхьэ тыхъущтыгъ. 9 Тэ апостолхэм* тиIоф сызэре-
плъырэр мыры: укI зытыралъхьэгъэ цIыфхэм тафэдэу
аужьырэ дэдэ чIыпIэм тэ, апостолхэр, Тхьэм тыщигъэуцу-
гъэм фэд. Дунае пстэури, мэлэIичхэри, цIыфхэри, Iэягъэ-
кIэ къытэплъынхэу зэкIэмэ апашъхьэ тырагъэуцуагъэм
фэд. 10 Христос игъогу тызэрэрыкIорэм пае, зэхэшIыкIы-
ныгъэ зимыIэ цIыфхэм тафэдэу тыщыт, ау шъо Христос
зыгу илъ цIыф Iушхэу зышъолъытэжьы. Тэ лъэкIыны-
гъэ тимыIэу тыщыт, ау шъо лъэкIыныгъэ шъуиI. ЦIыф-
хэм лъытэныгъи къышъуфашIы, ау тэ нэмыплъ къы-
тахы. 11 Мы сыхьат дэдэм нэсыфэ, мэлакIи псыфалIи
тэлIэ. Зыщытлъэн тиIэп, цIыфхэми лые къытахы, уни
тиIэп. 12 Тэ тIэхэмкIэ тылажьэзэ, тэулэу. ЦIыфхэр къы-
зытэхъонхэкIэ, «Тхьэм ынэшIу къышъущерэф», ятэIожьы.
ЦIыфхэм къин зытагъэщэчкIэ, тэщыIэ. 13 ЦIыфхэр Iэя-
гъэкIэ къызыттегущыIэхэкIэ, дахэкIэ ахэмэ тапэгъокIы-
жьы. Дунаем ихэкIэу, чIыгум ишIоим фэдэу тыкъэнэжьыгъ.

14 ШъузгъэукIытэжьынэу арэп мыр зыфэстхырэр, ау
шъо сибын лъапIэхэм шъуафэдэу къыжъугурызгъэIонэу
ары. 15 Христос игъогу ехьылIагъэу шъуагъэшIэнэу цIыф
мин шъуиIэми, ты бэу шъуиIэп. Сыда пIомэ къэба-
рышIур къызышъосэгъэIум, ты фэдэу сыкъышъу-
фэхъугъ, Христос Исус шъугухэм арылъ зэрэхъугъэм
пае. 16 Арышъ, сышъолъэIу, сэ силъэужхэм шъуарыкIу.
17 Ащ пае Зиусхьаныр зыгу илъэу, узщыгугъышъунэу
щыт Тимофееу* сикIэлэ лъапIэм фэдэу щытыр къышъу-
фэсэгъакIо. Чылыс зэIукIэ пстэуми зэрязгъашIэрэм
тетэу, Христос игъогу сытетэу сызэрэзекIорэ шIыкIэр
Тимофей шъугу къыгъэкIыжьыщт.

18 Шъуадэжь сыкъэмыкIонэу гугъэхэу, шъуащыщэу зау-
лэмэ зашIошIыжьы. 19 Ау Зиусхьаным ыIомэ, бэ темышIэу
шъуадэжь сыкъэкIощт. Ащыгъум а зызышIошIыжьхэрэм
ягущыIэхэм ямызакъоу ялъэкIыныгъи згъэунэфыщт,
20 сыда пIомэ Тхьэм и Тетыгъошхо иIоф зыдэщыIэр гу-
щыIэныр арэп, Тхьэм илъэкIыныгъэ ары нахь. 21 Сыда
шъузыфаер? Бэщ сIыгъэу шъуадэжь сыкъэкIонэу ара,
хьауми шIулъэгъуныгъэрэ гушъэбагъэрэкIэ сыкъэкIонэу
ара?

---

4:9 апостолхэр – еплъ 1:1.

4:17 Тимофей – Паул дэлажьэу, игъогогъухэм ащыщыгъ. Еплъ Апостол. 19:22; Фил. 2:19–22.

# ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

## Паул зинэ зышIэгъэ лIыр зэригъэмысагъэр

Зинэ шIэн зэрэшъухэлъыр цIыфхэм къаIотэжьы: Зыгорэм ятэ ишъуз егъэшъузыжьы. Ащ фэдэ зинэ шIэн хабзэ хымэ лъэпкъхэми ахэлъэп.
2 Ау щытми, шъузышIошIыжьы! Арэущтэу шъузышIошIыжьыным ычIыпIэкIэ шъугу къеоу, ар зышIэгъэ лIыр зыхэжъугъэкIын фэягъ.
3 Сэ сшъхьэрэ спкъырэкIэ шъуадэжь сыщымыIэ пэтми, сыгурэ спсэрэкIэ шъуадэжь сыщыI, шъуадэжьи шъыпкъэу сыщыIэм фэдэу, ар зышIагъэр згъэмысэгъахэ.
4 Ти Зиусхьанэу Исус ыцIэкIэ шъузэIукIэу, сэри сыгурэ спсэрэкIэ шъуадэжь сыщыIэ зыхъукIэ, ти Зиусхьанэу Исус Христос илъэкIыныгъэкIэ 5 а лIыр шэйтаным фэжъугъаз, ыпкъ кIодэу, Зиусхьаныр къызыкIожьыщт мафэм ыдэжь ыпсэ мыкIодэу къэнэжьыным пае.

6 Шъузэрэзыщытхъужьырэр дэгъоп. Тэджэпс тIэкIум тхьацур зэкIэ зэригъэшIоIурэр шъошIэба? 7 Арышъ, псэкIодым итэджэпсыжъ* зыхэшъух, тхьацукIэ къабзэм фэдэу шъухъуным пае – джыри тхьацу мышIоIу къабзэу шъузэрэщытым фэдэу. Сыда пIомэ Христос къурмэныпхъэ къытфэхъугъ. Ар шъынэу Пасхъэ мэфэкI мэфэшхохэм* адэжь Тхьэм къурмэныпхъэу фашIыщтыгъэм фэд.
8 Арышъ, мэфэкI мэфэшхор тэжъугъэгъэлъапIэ, ау бзэджагъэмрэ дэигъэмрэ ятэджэпсыжъэу орэмыхъу, ау гукъэбзагъэмрэ шъыпкъагъэмрэ яхьалыгъу мышIоIу къабзэкIэ мэфэкI мэфэшхор тэжъугъэгъэлъапIэ.

9 Зинэ зышIэхэрэм гъусэ шъуафэмыхъунэу къышъуфэстхыгъ. 10 Сэ къезгъэубытыгъэр мы дунаем ицIыфхэм ащыщхэу зинэ зышIэхэрэри, нэйпсыехэри, хъункIакIохэри, тхьэ нэпцIхэр зыгъэлъапIэхэрэри арэп. Арэущтэу

---

5:7 тэджэпсыжъыр – Паул тэджэпсыжъым фигъадэрэр псэкIодэу зезыгъэубгъоу, адрэ цIыфхэм узым фэдэу зэпахырэр ары.

5:7 Пасхъэ зыцIэ мэфэкI мэфэшхохэр – а мэфэкI мэфэшхохэр джуртхэм зыкIагъэмэфэкIырэр пщылIыныгъэм къыхищыжьхэзэ, Тхьэм ахэр Мысырым (Египет) къызэрэригъэкIыжьыгъагъэхэр ары. А мэфэкI мэфэшхохэм апэ тэджэпс зыхэлъ хьалыгъур чIадзыжьы, мэфэшхохэм адэжьи тэджэпс тхьацум халъхьэрэп.

щытыгъэмэ, дунаем шъутекIыжьын фаеу хъущтыгъ.
11 Ау къышъуфэстхыгъэр мыры: Зыгорэ шъушыкIэ зэджэ-
жьэу щытми, зинэ ышIэмэ, е нэйпсыеу щытмэ, е тхьэ
нэпцIхэр егъэлъапIэхэмэ, е нэмыкI цIыфхэм IэягъэкIэ
атегущыIэмэ, е ешъуакIоу щытмэ, е хъункIакIоу щытмэ,
ащ фэдэ цIыфым гъусэ шъуфэмыхъу. Ащ фэдэ цIыфым
ыкIи шъудэмышх.

12 Чылыс зэIукIэм щымыщхэм сэ хьыкум атесшIыхьа-
нэу сиIоф хэлъа? Чылыс зэIукIэм щыщхэр арыба, хьы-
кум зытешъушIыхьан фаер? 13 Чылыс зэIукIэм щымы-
щхэм Тхьэм хьыкум атришIыхьащт. «Арышъ, цIыф бза-
джэр зыхэжъугъэкI».*

# ЯХЭНЭРЭШЪХЬ

## Христианхэр зэдао хъущтэп

Шъуащыщ горэм нэмыкI горэм дэон Iоф фыриIэмэ,
Тхьэм ицIыф лъапIэхэм апашъхьэ римыщэу, хьыкумы-
шIэхэу* ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ зимыIэхэм апашъхьэ
рищэнэу сыдэущтэу гушхора? 2 Тхьэм ицIыф лъапIэхэм
дунаем ицIыфхэм хьыкум зэратырапIыхьащтыр шъошIэ-
ба? Дунаем ицIыфхэм хьыкум атешъушIыхьащтмэ, дэон
Iоф цIыкIухэмкIи хьыкум шъушIынэу шъуифэшъуашэба?
3 МэлэIичхэмэ хьыкум тэ зэратетшIыхьащтыр шъошIэба?
Ащ нахьи нахьыбэу мы дунаем иIофхэмкIэ хьыкум тшIы-
шъунба? 4 Ащ фэдэ дэон Iоф шъуиIэ зыхъукIэ, чылыс
зэIукIэм щыщхэм зэрамыпэсэрэ цIыфхэм а Iофым хьы-
кум тыряшъумыгъэшIыхь. 5 ШъузгъэукIытэжьынэу ар сэ-
Iо. Зэшыхэм язэдэон IофыкIэ хьыкум зышIын зылъэ-
кIынэу, зэхэшIыкIыныгъэ зиIэ зыгорэ къышъухэтба? 6 Ау
джы зэрэхъурэмкIэ, зы къошым адрэ къошыр хьыку-
мышIэм ыпашъхьэ рещэ – шIошъхъуныгъэ зимыIэхэм
апашъхьэ ащ фэдэу ешIэ.

---

5:13 цIыф бзаджэр зыхэжъугъэкI – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 17:7.

6:1 хьыкумышIэр – зы цIыф горэ хыеу е мысэу щытмэ, хабзэм иунашъо тетэу зэхэзыфырэр ары.

[7] Шъыпкъэм шъуфаемэ, шъуащыщэу зыгорэм адрэ къошыр
хьыкумышIэм ыпашъхьэ зэрэрищэрэр шъоркIэ емыкIу.
Арэущтэу шъушIыным нахьи, адрэхэм яягъэ къызяжъу-
гъэгъэкIымэ нахьышIу, зяжъугъэгъапцIэми нахьышIу.
[8] Ау шъо шъушъхьэкIэ шъушы дэдэхэми шъуиягъэ яшъо-
гъэкIы ыкIи къэшъогъапцIэх.

[9] Шъыпкъагъэ зимыIэ цIыфхэм Тхьэм и Тетыгъошхо-
кIэ* Iахьэ къызэралъымысыщтыр шъошIэба? Шъушъхьэ
шъумыгъэпцIэжь: Зинэ зышIэхэрэми, тхьэ нэпцIхэр
зыгъэлъапIэхэрэми, хъулъфыгъэхэм шъузпIалъэу якIуа-
лIэхэрэми, [10] тыгъуакIохэми, нэйпсыехэми, ешъуакIохэ-
ми, нэмыкI цIыфхэм IэягъэкIэ атегущыIэхэрэми, хъун-
кIакIохэми Тхьэм и ТетыгъошхокIэ Iахьэ къалъысы-
щтэп. [11] Шъуащыщ зыгорхэри ахэмэ афэдэ цIыфхэу щыты-
гъэх Ау ти Зиусхьанэу Исус Христос ыцIэкIи, ежь Ыпсэ
ЛъапIэ илъэкIыныгъэкIи Тхьэм шъуипсэкIодхэр шъугу-
хэм ариукъэбзыкIыжьыгъэх, ежь ибынхэуи шъуигъэнэ-
фагъ, ежьым ыдэжькIи шъыпкъагъэ шъуиIэу шъуилъы-
тагъ.

### Шъупкъыхэмк1э Тхьэр жъугъэлъапIэ

[12] «Сыд щыщи сшIэн сыфит», цIыфхэм аIо. Ар шъы-
пкъэ, ау Iоф пстэуми яшIуагъэ къытэкIыщтэп. Сыд
щыщи сшIэн сыфит, ау зы Iоф горэм тетыгъо къы-
сфыриIэ хъущтэп. [13] «Шхыныр ныбэм пае щыI, ныбэри
шхыным пае», цIыфхэм аIо. Ари шъыпкъэ, ау Тхьэм
тIури ыгъэкIодыщт. Ау пкъыр зинэ шIэным пае щы-
Iэп, Зиусхьаным пае нахь. Зиусхьанри пкъым пае щыI.
[14] Тхьэм Зиусхьаныр лIагъэхэм къахигъэтэджыкIыжьыгъ.
ИлъэкIыныгъэкIэ тэри лIагъэхэм тыкъахигъэтэджы-
кIыжьыщт. [15] Шъупкъыхэр Христос ыпкъ щыщхэм зэра-
фэдэхэр шъошIэба? Ащыгъум Христос ыпкъ щыщхэр
бзылъфыгъэ хэтакIом ыпкъ щыщхэу згъэхъуна? Хьау,
ар хъухэщтэп. [16] Зыгорэ бзылъфыгъэ хэтакIо горэм гъусэ
фэхъумэ, а тIур зыпкъ зэрэхъурэр шъушIэрэба? Сыда
пIомэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт:* «ИтIур зыпкъ

---

6:9 Тхьэм и Тетыгъошхо – къэкIорэ дунаем ыдэжь Тхьэм ежь ицIыфхэу иТетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэтхэм ынэшIу къащифэзэ, IофышIухэу къалъигъэсыщтхэр ары.

6:16 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 2:24.

хъущтых». [17] Ау зыгорэ Зиусхьаным гъусэ фэхъумэ,
зыгу–зыпсэу дэхъущт.

[18] Зинэ шӀэным зыщышъудзый! Сыд фэдэрэ нэмыкӀ псэ-
кӀодэу цӀыфым ышӀэрэр ыпкъы епхыгъэп, ау зинэ зы-
шӀэрэм ежь ыпкъы псэкӀод решӀэжьы. [19] Шъупкъыхэр
Тхьэм Ыпсэ ЛъапӀэу шъугухэм арылъым зэриунэ лъапӀэр,
шъупкъыхэри шъошъуиехэу зэрэщымытхэр шъошӀэба?
[20] Тхьэм пкӀэ лъапӀэкӀэ шъуищэфыгъ. Арышъ, шъупкъы-
хэмкӀи шъуипсэхэмкӀи Тхьэр жъугъэлъапӀэ.

## ЯБЛЭНЭРЭШЪХЬ

### ЗэлӀ–зэшъузыныр

Къысфэшъутхыгъэ Іофхэм яхьылӀагъэу мыр къэсэӀо:
ЛӀым шъуз къымыщэныр шӀу.* [2] Ау зинэ шӀэным зыщи-
ухъумэным пае, хэти шъуз ерэӀ, хэтрэ шъузми ежьым
илӀ ерэӀ. [3] ЛӀым шъузым фишӀэн фаер ферэшӀ, шъузыми
лӀым фишӀэн фаер ферэшӀ. [4] Шъузым ежьым ыпкъ теты-
гъо фыриӀэп, тетыгъо фызиӀэр илӀ ары нахь. Ащ фэдэуи,
лӀым ыпкъ тетыгъо фыриӀэп, тетыгъо фызиӀэр ишъуз
ары нахь. [5] ТӀури шъузэгурыӀоу ыкӀи уахътэу жъугъэнэ-
фагъэмкӀэ нэкӀынымрэ тхьэлъэӀунымрэ шъуапылъынэу
мыхъумэ, зыщышъумыдзый. ЕтӀанэ зышъумыщыӀэшъумэ,
шъузэкӀолӀэжь, шэйтаным шъудимыхьыхыным пае. [6] Мыр
унашъоу къышъуфэсшӀырэп, арэущтэу шъушӀэнэу фит
шъусэшӀы нахь. [7] Сэщ фэдэу цӀыфхэр зэкӀэ щытынхэу
сыфаещтыгъ. Ау Тхьэм хэти ежь илъэкӀыныгъэ къыри-
тыгъ, зым зы лъэкӀыныгъэ, адрэми нэмыкӀ лъэкӀыныгъэ
къыритыгъ.

[8] Къэзымыщагъэхэм, дэмыкӀуагъэхэм, шъузабэхэм мыр
ясэӀо: Сэщ фэдэу къамыщэу къанэхэмэ шӀу. [9] Ау за-
щыӀэн амылъэкӀымэ, къарэщ. ХъопсэныгъэмкӀэ
машӀом фэдэу гур стыным нахьи, къащэныр нахьышӀу.

[10] Къэзыщагъэхэмрэ дэкӀуагъэхэмрэ мырэущтэу уна-
шъо афэсэшӀы. Унашъо афэзышӀырэр сэрэп, Зиусхьаныр
ары* нахь: Шъузыр илӀ гокӀыжьы хъущтэп. [11] Ау шъузыр

---

7:1 лӀым шъуз къымыщэныр шӀу – гущыӀэ–гущыӀэу зэдзэкӀыгъэу мы-
рэущтэу мэхъу: лӀыр бзылъфыгъэм бгъодэмыхьаныр шӀу.

7:10 унашъо афэзышӀырэр Зиусхьаныр ары – еплъ Марк 10:2–12.

илI гокIыжьмэ, дэмыкIожьэу къэнэн фае, е илI ешIужьын
фае. Ащ фэдэу лIыми ишъуз ытIупщыжьы хъущтэп.
12 Адрэ къанэрэ цIыфхэм сэ ясэIо, Зиусхьаныр арэп
языIорэр: шъу шы горэм шIошъхъуныгъэ зимыIэ шъуз
иIэмэ, шъузми ащ дэпсэунэу ыдэмэ, ар ытIупщыжьы
хъущтэп. 13 Ащ фэдэу шъуз горэм шIошъхъуныгъэ зимыIэ
лIы иIэмэ, лIыми ащ дэпсэунэу ыдэмэ, шъузыр лIым
гокIыжьы хъущтэп. 14 Сыда пIомэ шIошъхъуныгъэ зи-
мыIэ лIыр, ишъуз ихьатыркIэ, Тхьэм ий. Ащ фэдэуи,
шIошъхъуныгъэ зимыIэ шъузыри, илI ихьатыркIэ, Тхьэм
ий. Армырмэ шъуибынхэр мыкъабзэхэу щытыщтгъэх,
ау джы ахэри Тхьэм иех.
15 Ау шIошъхъуныгъэ зимыIэр ишъхьэгъусэ гокIыжьы-
нэу фаемэ, горэкIыжь. Арэущтэу зыхъукIэ, шIошъхъуны-
гъэ зиIэ шыр е шыпхъур ишъхьэгъусэ епхыгъэу щытэп.
Сыда пIомэ гупсэфыныгъэкIэ тыпсэунэу Тхьэр къытэ-
джагъ. 16 О шъуз, сыдым уигъашIэра – уилI мыкIодэу
къэбгъэнэжьынкIи мэхъу. О лIы, сыдым уигъашIэра – уи-
шъуз мыкIодэу къэбгъэнэжьынкIи мэхъу.

## Хэти Тхьэм щыIакIэу къыфигъэнэфагъэм тетэу зекIон фае

17 Хэти Тхьэм щыIакIэ ащ къызэрэфигъэнэфагъэм фэ-
дэу, Зиусхьаныр ибынхэм ащыщ хъунэу къызеджэм зэ-
рэщытыгъэм фэдэу, зекIон фае. Чылыс зэIукIэ пстэумкIи
ары сиунашъор. 18 Тхьэр цIыф горэм къызеджэм, сунэт
ашIыгъэу* щытыгъэмэ, зэрэщытэу щэрэт. Тхьэр цIыф
горэм къызеджэм, сунэт амышIыгъэу* щытыгъэмэ, ари
зэрэщытэу щэрэт. 19 Сунэт ташIыгъэу тыщытми, тыщы-
мытми, арэп Iофыр зыдэщыIэр. Iофыр зыдэщыIэр Тхьэм
иунашъохэр дгъэцэкIэнхэр ары. 20 Тхьэр хэти къызеджэм
зэрэщытыгъэм фэдэу щэрэт. 21 Тхьэр о къызыоджэм,
пщылIэу ущытыгъэмэ, ащ земыгъэгъэгумэкI. Ау шъхьа-
фит ухъун плъэкIымэ, игъор блэмыгъэкI. 22 Сыда пIомэ
Зиусхьаныр къызеджэм, пщылIэу щытыгъэр шъхьафитэу
хъугъэ, Зиусхьаныр ащ ыгу илъ зэрэхъугъэм пае. Ащ
фэдэуи Зиусхьаныр къызеджэм, шъхьафитэу щыты-
гъэр Христос фэлажьэхэрэм ащыщ хъугъэ. 23 Тхьэм пкIэ

---

7:18 сунэт ашIыгъэр – джуртыр ары.

7:18 сунэт амышIыгъэр – мыджуртыр ары.

лъапIэкIэ шъуищэфыгъ. Арышъ, нэмыкIырэ цIыфхэм
пщылI шъуафэмыхъу. [24] Арэущтэу, сшыхэр, хэти Тхьэр
къызеджэм зэрэщытыгъэм фэдэу, арэущтэу Тхьэм ыпа-
шъхьэ щэрэт.

## Къэзымыщагъэ–дэмыкIуагъэхэмрэ шъузабэхэмрэ

[25] Пшъашъэхэм яхьылIагъэу Зиусхьаным ышIыгъэ уна-
шъо сиIэп. Ау Зиусхьаным ынэшIу щыфэныгъэкIэ узщы-
гугъышъун цIыфэу сызэрэщытым пае, мы Iофым сызэрэ-
хаплъэрэр шъосэIо. [26] Джырэ гузэжъогъоу тызхэтым пае,
шъузэрэщытым фэдэу шъущытыныр нахьышIоу сэлъытэ.
[27] Зы шъуз горэм уепхыгъэмэ, утIупщыжьыным
ыуж уимыт. Шъуз уимыIэмэ, шъуз улъымыхъу. [28] Ау
къапщэмэ, ащкIэ псэкIод пшIагъэ хъурэп; пшъашъэ гори
дакIомэ, ащкIэ псэкIод ышIагъэ хъурэп. Ау къэзыщэхэ-
рэри–дакIохэрэри мы дунаем игузэжъогъу хэфэщтых, ар
къышъомыхъулIэнэуи сыфай.

[29] Сшыхэр, зыфасIорэр мыры: уахътэу къэнэжьырэр
макIэ. Уахътэр макIэу зэрэщытым пае, джы щегъэжьа-
гъэу шъуз зиIэхэр шъуз зимыIэхэм афэдэхэу орэхъух;
[30] гъыхэрэри мыгъыхэрэм афэдэхэу орэхъух; гушIохэрэри
мыгушIохэрэм афэдэхэу орэхъух; зыгорэ къэзыщэфхэрэр
зи зыIэкIэмыхьэхэрэм афэдэхэу орэхъух; [31] мы дунаем
иIофхэм апылъхэрэри а Iофхэм апымылъыщэхэрэм афэ-
дэхэу орэхъух; сыда пIомэ мы дунаем ищытыкIэ мэкIоды
пэтышъ ары.

[32] ГумэкI шъуимыIэнэу сыфай. Къэзымыщагъэм Зиус-
хьаным иIофхэм ынаIэ атырегъэты – Зиусхьаным ыгу
къызэреIуным ыуж ит. [33] Къэзыщагъэми дунаем иIофхэм
ынаIэ атырегъэты – шъузым ыгу къызэреIуным ыуж ит.
Шъузымрэ пшъашъэмрэ яIоф зытетыр зэфэшъхьафы.
[34] ДэмыкIогъэ пшъашъэм Зиусхьаным иIофхэм ынаIэ
атырегъэты, ыпкъырэ ыгурэкIэ зэрэкъэбзэщтым ыуж
ит. ДэкIуагъэм дунэе Iофхэм ынаIэ атырегъэты – илI
ыгу къызэреIуным ыуж ит. [35] Мы Iофхэр къызыфасIорэр
Iэхъу–лъэхъу къышъутеслъхьанэу арэп, ау сишIуагъэ
шъозгъэкIэу, хабзэм тетэу зэпымыоу, зыми шъуимыгъэ-
уцоу Зиусхьаным шъуфэзгъэлэжьэнэу ары.

[36] ЛIы горэм къыщэнэу ыгъэнэфэгъэ пшъашъэу зы-
ныбжь икъугъэр къымыщэу къыгъэнэныр емыкIоу ылъы-
тэмэ, къерэщ, псэкIод ышIагъэ хъурэп. Ахэмэ къа-

рэщ. 37 Ау лIы горэм къымыщэнэу ыгукIэ пытэу тыри-
убытагъэу, зымкIи емыгъэзыгъэу щытынкIи мэхъу.
ИшIоигъоныгъэ ыIэ илъ, ыгъэнэфэгъэ пшъашъэри къы-
мыщэнэу тыриубытэгъах. А лIым пшъашъэр къымыщэ-
мэ, тэрэзэу мэзекIо. 38 Арэущтэу ыгъэнэфэгъэ пшъашъэр
къэзыщэрэр тэрэзэу мэзекIо, ау къэзымыщэрэр нахь тэ-
рэзэу мэзекIо.

39 ИлI псэуфэ шъузыр ащ епхыгъэу щыт. Ау лIыр
лIэмэ, шъузыр хэтми зыфаеми дэкIожьынэу фит, ау
зыдакIорэ лIым ыгу Зиусхьаныр илъын фае. 40 Ау сы-
зэрэхаплъэрэмкIэ, зэрэщытэу къанэмэ, нахь сыхьатмафэ
ежьагъэу щыт – сэ сыгуи Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ илъэу
сэгугъэ.

## ЯЕНЭРЭШЪХЬ

### Къурмэныпхъэу тхьэ нэпцIхэм афашIыгъэм ыл ехьылIагъ

Къурмэныпхъэу тхьэ нэпцIхэм афашIыгъэм ыл* ехьы-
лIагъэу мыр къэсэIо: Тэ зэкIэми шIэныгъэ зэрэтиIэр
тэшIэ. ШIэныгъэм цIыфхэм зашIуегъэшIошIыжьы, ау шIу-
лъэгъуныгъэм цIыфхэм гурэ псэрэкIэ лъэкIыныгъэ аре-
гъэгъоты. 2 Зы цIыф горэм шIэныгъэ иIэу шIошIмэ, зэ-
ришIэн фаем фэдэу джыри ышIэрэп. 3 Ау цIыфэу Тхьэр
шIу зылъэгъурэр Тхьэм къешIэ.

4 Арэущтэу къурмэныпхъэу тхьэ нэпцIхэм афашIы-
гъэм ыл ехьылIагъэу мыр сэIо: А тхьэ нэпцIхэр дунаем
зыкIи зэрэщымыIэхэри, зы Тхьэ закъом нэмыкI Тхьэ зэ-
рэщымыIэри тэшIэ. 5 Уашъоми чIылъэми цIыфхэм тхьэу
алъытэхэрэр щыIэхэми, (цIыфхэм тхьэу алъытэхэрэмрэ
зиусхьанхэу алъытэхэрэмрэ бэу зэрэщыIэхэм фэдэу) 6 тэ
зы Тхьэ закъоу тиIэр Ты лъапIэр ары. ЗэкIэри къэзыгъэ-
хъугъэр ежьыр ары, ежьым пайй тыщыI. Зы Зиусхьан
закъоу тиIэр Исус Христос ары. Тхьэм ащ зэкIэри
къыригъэгъэхъугъ, ащи щыIэныгъэ къытеты.

8:1 Къурмэныпхъэу тхьэ нэпцIхэм афашIыгъэм ыл – бэдзэрхэм щащэ-
гъэ лым щыщыбэ тхьэ нэпцIхэм къурмэныпхъэу афашIыгъэгъэ лэу
щытыгъ. Ащ фэдэ лы ашхымэ, тхьэ нэпцI фэлэжьэнымкIэ мысэ хъун-
хэу христиан горэхэр щыщынэщтыгъэх.

7 Ау зэкIэми а шIэныгъэр яIэп. ЦIыф заули тхьэ нэпцI-
хэм ясагъэхэшъ, ащ фэдэ лы зашхыкIэ, тхьэ нэпцI горэм
къурмэныпхъэу фэхъугъэ шъыпкъэм фэдэу, а лыр ашхы.
Арышъ, а лыр хьалэл е мыхьалэл амышIэу, агухэм-
кIэ еджэнджэшхэу, а лыр зашхыкIэ, агухэр аушIоих.
8 Гъомылапхъэм Тхьэм нахь пэгъунэгъэу тигъэхъурэп.
Тышхэмэ тишIуагъэ къакIорэп, тымышхэми тиягъэ къа-
кIорэп.

9 Ау шIошъхъуныгъэ макIэ зиIэхэм ягъогу шъуифиты-
ныгъэ зыгъэлъэпаорэ мыжъоу щафэмыхъунэу шъуфэсакъ.
10 Сыда пIомэ а лыр хьалэл е мыхьалэл ымышIэу, ыгу-
кIэ еджэнджэшрэм о шIэныгъэ зиIэм тхьэ нэпцIым иунэ-
шхо ащ фэдэ лыр щыпшхэу ылъэгъумэ, а лыр ащи ебгъэ-
шхынба? 11 Арэущтэу уишIэныгъэкIэ шIошъхъуныгъэ ма-
кIэ зиIэ пшэу Христос ыпсэ зыфитыгъэр огъэкIоды.
12 Шъушыхэу а лыр хьалэл е мыхьалэл амышIэу агухэм-
кIэ еджэнджэшхэрэм псэкIод яшъушIэу, агухэмкIэ зяжъу-
гъэгъэмысэмэ, Христос ары псэкIод зашъушIэрэр.
13 Арышъ, шхынэу сшхырэмкIэ сшы псэкIод езгъашIэмэ,
лы сшхыжьыщтэп, сшы псэкIод есымыгъэшIэным пае.

## ЯБГЪОНЭРЭШЪХЬ

### Апостолым фитыныгъэу иIэхэр

Сэ сыапостолба? Сэ сышъхьафитба? Исус Христосэу
ти Зиусхьан слъэгъугъэба? Зиусхьаным Iофэу фэсшIа-
гъэм шIугъэу къыхэкIыгъэр шъорыба? 2 НэмыкI цIыф-
хэмкIэ апостолэу сыщымытми, шъоркIэ сыапостол. Зиус-
хьаныр шъугухэм арылъ зэрэхъугъэм пае, сызэрэ апо-
столыр къэзыгъэшъыпкъэжьырэ мыхъурыр* шъоры.

3 Хьыкум сэ къыстезышIыхьанэу фаехэмэ мыры ясIо-
рэр: 4 Тэри тышхэнэу ыкIи тешъонэу тыфитба? 5 Кифэ*,
адрэ апостолхэм, Зиусхьаным ышхэм* тафэдэу, тэри
шIошъхъуныгъэ зиIэ шъуз гъусэ зыфэтшIынэу тыфитба?

9:2 мыхъур – арапыбзэкIэ «хъытым», тыркубзэкIи «мыхьыр» зыфаIорэр ары.

9:5 Кифэ – еплъ 1:12.

9:5 Зиусхьаным ышхэр – еплъ Марк 6:3.

6 ЗызыIыгъыжьынэу ежь зыIэхэмкIэ лэжьэн фэе закъо-
хэр сэррэ Варнавэрэ* ара?
7 ДзэлIыр ежь иахъщэкIэ мэзауа? Хэта сэнэшъхьэ хатэ
зышIэу сэнашъхьэ зымышхырэр? Ащ фэдэу, щэ емы-
шъоу Iэхъогъур хэта зыгъэхъурэр? 8 ЦIыфхэр зэрэгущы-
Iэхэрэм фэдэу, мы Iофхэр сэIоха? Хьау, Тэурат хабзэм
ащ фэдэ къабзэу итба? 9 Сыда пIомэ пегъымбар Мусэ
и Тэурат хабзэ мырэущтэу ит:* «Цум лэжьыгъэр зиIо-
кIэ, ыжэ зэтемыпх». Арэущтэу зиIокIэ, цухэр ара
Тхьэр зыфэгумэкIырэр? 10 Щэч хэмылъэу Тхьэм зыфи-
Iорэр тэрыба? Ары, тэщ пае ар тхыгъэ; сыда пIомэ лIэу
жъорэми лэжьыгъэр зыIорэми лэжьыгъэм щыщ яIахьэ
къалъысынэу гугъэ ямыIэу лажьэхэ хъущтэп. 11 Ащ фэ-
дэу, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ичылэпхъэшIу шъугухэм ары-
тлъхьагъэшъ, шъо тэ тиIоф шIугъэу къыхэкIырэр зы-
гъотхэрэм мы дунаем тищыкIагъэр къытэшъутымэ, ба-
ща? 12 НэмыкI цIыфхэм ящыкIагъэр зэряшъутыщтым
щыгугъынхэу фитыныгъэ яIэмэ, ахэмэ анахьыбэу тэ бэ-
кIэ нахь фитыныгъэ тиIэба?
Ау а фитыныгъэм ишIуагъэ къызэдгъэкIыгъэп. Ар
мыхъоу, Христос ехьылIэгъэ къэбарышIум пэрыохъу ты-
фэмыхъуным пае, Iоф пстэури тэщыIэ. 13 ЦIыфхэм Тхьэм
иунэшхо пае псапэу атырэм щыщ ащ щылажьэхэрэм
яшхын Iахьэ зэрагъотырэр шъошIэба? Къурмэн шIы-
пIэм щылажьэхэрэми къурмэныпхъэу ащ телъым щыщ
яIахьэ зэрагъотырэр шъошIэба? 14 Ащ фэдэу, къэбары-
шIур* зыгъэIухэрэм зэрыпсэун Iахьэр къэбарышIумкIэ
зэрагъотын фаемкIэ Зиусхьаным унашъо ышIыгъ*.
15 Ащ фэдэ фитыныгъэм ишIуагъэ къызэзгъэкIыгъэп,
а фитыныгъэри къэзгъотынэу арэп мыр зыфэстхырэр.
Сызэрыпагэрэ Iофыр зыгорэм ыгъэкIодыным нахьи, лIэ-

---

9:6 Варнавэ – чылыс зэIукIэм итхьаматэ инхэм ащыщыгъ. Паул иIоф зыщишIэгъэ апэрэ илъэсхэм Варнавэ ащ игъогогъоу щытыгъ. Еплъ Апостол. 4:36; 13:1–15:39; Гал. 2:1.

9:9 пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ ит – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 25:4.

9:14 къэбарышIур – Исус Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур ары. Тхьэм пегъымбархэм ажэкIэ къызэригъэгугъэгъэ Iофхэр Исус Христос Iофэу ышIагъэмкIэ ыгъэшъыпкъэжьхэзэ ыгъэхъугъэх, арэущтэуи цIыфхэр мыкIодхэу къызэригъэнэжьынхэ гъогу афишIыгъ.

9:14 Зиусхьаным унашъо ышIыгъ – еплъ Маттэ 10:10; Лука 10:7.

ныгъэр нахь къэсэштэ. 16 Ау къэбарышIур зэрэзгъэIурэм
сырыпэгэн слъэкIыщтэп, сыда пIомэ къэбарышIур сы-
мыгъэIу хъущтэп. КъэбарышIур сымыгъэIумэ, сыхьат-
мыгъо сежьагъ. 17 Ар сыфаеу сшIэмэ, IэхьышIу згъотыщт.
Ау сыфэмыеу сшIэмэ, Iофэу Тхьэм спшъэ къырилъхьа-
гъэр сэгъэцакIэ ныIэп. 18 Сыда ащыгъум сиIэхьышIу? Си-
IэхьышIу мыры: къэбарышIум сыфэлажьэу, сифитыны-
гъэ ишIуагъэ зэсымыгъэкIэу, уасэ хэмылъэу ар зэрэз-
гъэIурэр ары.

19 Сыда пIомэ зыми тетыгъо къысфыримыIэу, сышъ-
хьафит пэтми, цIыфыбэ Христос игъогу тезгъэхьан-
хэм пае, цIыф пстэуми Iофтабгэ сафэхъугъ. 20 Джуртхэр
Христос игъогу тезгъэхьанхэм пае, джуртхэм сафэдэу
зысшIыгъ. Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ сычIэмыт пэтми,
Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ чIэт цIыфхэр Христос игъогу
тезгъэхьанхэм пае, Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ чIэт цIыф-
хэм афэдэу зысшIыгъ. 21 Ащ фэдэу, Тэурат хабзэм ыIэ-
чIэгъ чIэмыт цIыфхэри Христос игъогу тезгъэхьэнхэм
пае, Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ чIэмыт цIыфхэм афэдэу
зысшIыгъ. Тхьэм ихабзэ ыIэчIэгъ сычIэмытэу арэп ащ
къикIырэр, Христос ихабзэ ыIэчIэгъ сычIэт. 22 ШIошъ-
хъуныгъэ макIэ зиIэхэм сишIуагъэ язгъэкIыным пае,
шIошъхъуныгъэ макIэ зиIэхэм афэдэу зысшIыгъ. Лъэ-
ныкъо пстэумкIи цIыф пстэуми афэдэу зысшIыгъ, зи
мыхъуми цIыф заулэ мыкIодхэу къэнэжьынхэм пае.
23 КъэбарышIум сишIуагъэ езгъэкIыным пае, мы Iоф
пстэури сэшIэ, къэбарышIум шIугъэу къыхэкIырэм
щыщ сиIахьэ згъотыным пае.

24 Зэпачъэхэрэр зэкIэри мачъэх, арышъхьакIэ ахэмэ
ащыщэу зыр ары ныIэп текIоныгъэм итандж къэзы-
хьырэр, ари шъошIэба? Ар къэшъухьыным пае, шъучъ.
25 Хэт чъэми, зэкIэмкIи зещыIэ. Ахэмэ кIодыжьын тандж
къахьыным пае, мачъэх, ау тэ мыкIодыжьын тандж къы-
зэрэтхьыным ыуж тит. 26 Арышъ, сызэрэчъэрэр сыздачъэ-
рэ чIыпIэр сымышIэу арэп. Жьыбгъэм бжымкIэ хаорэм
сыфэдэп. 27 Ау спкъы къин есэгъэщэчы ыкIи сэгъэдаIо,
адрэ цIыфхэм къэбарышIур зязгъэIу ужым, Тхьэм симыдэу
сыкъэмынэным пае.

# ЯПШIЭНЭРЭШЪХЬ

## Тхьэ нэпцIхэм шъуафэсакъ

Сшыхэр, тятэжъхэр пегъымбар Мусэ игъусэхэу пстэури
ошъуапщэ горэ* пащэ афэхъоу, а ошъуапщэм ычIэгъ зэ-
рэщызекIощтыгъэхэри, ахэр зэкIэ хым* зэпырыкIыжьхи,
къызэрэхэкIыжьыгъэхэри шъумышIэу шъущытынэу сы-
фаеп. [2] Ошъуапщэр пащэ афэхъоу, хым зэпырыкIыжьы-
гъэ цIыф пстэури пегъымбар Мусэ игъогу рыкIонхэу зэ-
рагъэумэхъыгъэм фэдэу щытыгъ. [3] Ахэмэ зэкIэми Тхьэм
ыдэжь къикIыгъэ шхыныр* ашхыщтыгъ. [4] Ахэр зэкIэ
Тхьэм зэригъашъощтыгъэ псыми* ешъощтыгъэх, сыда
пIомэ псэу зэшъоштыгъэр къадэкIощтыгъэ мыжъошхом
къыхэкIыщтыгъ. А мыжъошхор Христос арыгъэ. [5] Ау
ахэмэ анахьыбэхэм Тхьэм ыгу яIугъэп. Арэущтэу шъоф
нэкIым щыкIодыгъэх.

[6] Ахэр Iоф бзаджэхэм зэракIэхъопсыщтыгъэхэм фэдэу,
такIэмыхъопсынэу ахэмэ къяхъулIагъэр тэркIэ нэшан.
[7] Ахэмэ ащыщэу купым фэдэу тхьэ нэпцIхэр шъумыгъэ-
лъапIэх, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,*
«ЦIыфхэр шхэнхэу ыкIи ешъонхэу тIысыгъэх. ЕтIанэ
джэгунхэу тэджыжьыгъэх». [8] Ахэмэ ащыщэу купым зэра-
шIэщтыгъэм фэдэу, зинэ* тэшъумыгъашI. Арэущтэу
нэбгырэ мин тIокIырэ щырэ зы мэфэ закъокIэ кIоды-
гъэх. [9] Зиусхьанри тэшъумыгъэгъэунэфы, ахэмэ ащыщэу
купым зэрагъэунэфыщтыгъэм фэдэу. Ахэр блэхэм ау-
кIыгъэх.* [10] Шъумытхьаусых, ахэмэ ащыщэу купым зэра-

---

10:1 ошъуапщэ горэ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 13:21,22.

10:1 хым – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 14:19–29.

10:3 Тхьэм ыдэжь къикIыгъэ шхыныр – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 16:31–35.

10:4 Тхьэм зэригъашъощтыгъэ псым – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 17:3–6 ыкIи яплIэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 20:7–11.

10:7 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 32:6.

10:8 зинэ – еплъ Пегъымбар Мусэ яплIэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 25:1–9.

10:9 блэхэм аукIыгъэх – еплъ Пегъымбар Мусэ яплIэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 21:5–6.

шIэщтыгъэм фэдэу. Ахэр лIэныгъэ къэзыхьырэ мэлэIи-
чым ыгъэкIодыгъэх*.

11 Мы Iофхэр ахэмэ къяхъулIагъэх, цIыфхэм нэшанэу
къафэхъуным пае. Тэ цIыфхэу лъэхъанэхэм якIэух къы-
знэсыгъэхэм къыдгурагъэIоным пае, мы Iофхэр атхыгъэх.
12 Ау цIыфэу пытэу щытэу гугъэрэр темыфэным фэрэ-
сакъ. ЦIыфхэм псэкIод ашIэнэу дэзыхьыхын Iофхэу адрэ
цIыфхэм апэ къифэхэрэм анэмыкI шъуапэ къифагъэхэп.
Тхьэр шъыпкъэ, зэрэшъулъэкIыщтым блэкIэу, псэкIод
шъушIэнэу дэзыхьыхын Iоф горэ шъуапэ къифэнэу фит
ышIыщтэп. Ау псэкIод шъушIэнэу дэзыхьыхын Iоф
горэ шъуапэ къызифэкIэ, ащ шъупэуцужьышъунэу Тхьэм
гъогу къышъуфишIыщт.

14 Арышъ, силъапIэхэр, тхьэ нэпцI гъэлъэпIэным зы-
щышъудзый. 15 Шъо, зэхэшIыкIыныгъэ зиIэхэм, ахэр
шъосэIох. Сэ къасIорэм шъо шъушъхьэкIэ хьыкум
тешъушIыхьажь. 16 Ти Зиусхьан Исус илIэныгъэ тыгу къэ-
дгъэкIыжьэу, тызэгъусэу тызышхэкIэ, сэнэпс шъуалъэм
пае Тхьэм щытхъу фэтэшIы. Сэнэпсым тызешъокIэ,
Христос ылъэу къащым щыкIэкIыгъэмкIэ ежьым гъусэ
тыфэхъуба? Хьалыгъур зызэготчыкIэ, Христос ыпкъ
гъусэ тыфэхъуба? 17 Хьалыгъур зызакъоу зэрэщытым
пае, тэ бэу тыхъуми, зы тэхъу; сыда пIомэ а зы хьа-
лыгъу закъом тиIахьэ хэлъ.

18 Израил лъэпкъым шъуеплъ. Къурмэныпхъэм ыл зы-
шхыхэрэм Тхьэу къурмэн зыфашIырэм гъусэ фэхъу-
хэба? 19 Сэ зыфасIорэр сыда? Къурмэныпхъэм ыл зыгорэ
щытэу, е тхьэ нэпцIыр зыгорэ щытэу сэIуа? 20 Хьау, ар
сIуахэрэп. Ау хымэ лъэпкъхэм къурмэн зашIыкIэ, джы-
напцIэхэм шъыпкъэкIэ къурмэн афашIы нахь, Тхьэм фа-
шIырэп. Ау шъо джынапцIэхэм гъусэ шъуафэхъунэу сы-
фаеп. 21 Зиусхьаным ишъуалъэми джынапцIэхэмэ яшъуа-
лъэми шъурешъо хъущтэп. Зиусхьаным иIанэми джынап-
цIэхэмэ яIанэми шъупэсы хъущтэп. 22 Хьауми Зиусхьаныр
дгъэгубжынэу тыпылъа? Ежьым нахьи тынахь лъэша?

---

10:10 мэлэIичым ыгъэкIодыгъэх – еплъ Пегъымбар Мусэ ятлIэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 16:41–49.

## Сыд шъушIэми, цIыфхэм Тхьэм щытхъу фяжъугъэшIыным пае, ар шъушIэ

[23] «Сыд щыщи тшIэн тыфит», цIыфхэм аIо. Ар шъы-
пкъэ, ау Iоф пстэури IэпыIэгъу къытфэхъухэрэп. Сыд
щыщи тшIэн тыфит, ау Iоф пстэуми яшIуагъэк къытэ-
кIырэп. [24] Хэти ежь ишIуагъэ ыуж ерэмыт, нэмыкI
цIыфхэм яшIуагъэ ыуж ерэт нахь.

[25] Бэдзэрым щащэрэр зэкIэ шъушхы, щэч зи шъугу
къишъумыгъахьэу. [26] Сыда пIомэ «ЧIылъэри чIылъэм тет
пстэури Зиусхьаным ий»*.

[27] ШIошъхъуныгъэ зимыIэ горэм шъуигъэшхэнэу шъу-
ригъэблэгъагъэу щытмэ, шъукIонэуи шъуфаемэ, щэч
шъугу къишъумыгъахьэу, Iанэм къытралъхьэрэри шъу-
шхы. [28] Ау зы цIыф горэм, «Мыр тхьэ нэпцIхэм афашIы-
гъэ къурмэныпхъэм ыл», къышъуиIомэ, къышъозыIуа-
гъэм паерэ гу илъым паерэ ар шъумышхы; сыда пIо-
мэ «ЧIылъэри чIылъэм тет пстэури Зиусхьаным ий».
[29] Гум илъэу зыфасIорэр шъо шъугухэм арылъыр арэп,
къышъозыIуагъэм ыгу илъыр ары нахь; сыда пIомэ нэ-
мыкI цIыф горэм щэчэу ыгу къыригъахьэрэм сифитыны-
гъэ сыд пае ыгъэмысэна? [30] Тхьэм щытхъу сэ фэсшIэу
зыгорэ сшхымэ, зэрэсшхырэмкIэ сыд пае цIыфхэм сагъэ-
мысэщта?

[31] Арышъ, шъушхэми, шъуешъоми е нэмыкI горэ шъу-
шIэми, цIыфмэ Тхьэм щытхъушхо фяжъугъэшIыным те-
тэу ар шъушIэ. [32] Джуртхэми, урымхэми, Тхьэм ичылыс
зэIукIэм щыщхэми ягъогукIэ зыгъэлъэпаорэ мыжъо шъуа-
фэмыхъу. [33] Сэри Iофэу сшIэрэ пстэумкIэ цIыф пстэуми
агу къызэрэсэIуным сыпылъ, сыда пIомэ сэ сишIуагъэ
ыуж ситэп, цIыфыбэмэ яшIуагъэ ыуж сит нахь, ахэр мы-
кIодхэу Тхьэм къыгъэнэжьынхэм пае.

## ЯПШIЫКIУЗЭНЭРЭШЪХЬ

Христос илъэужхэм сызэрарыкIорэм фэдэу, шъори силъэужхэм шъуарыкIу.

---

10:26 Еплъ Сэбур (Псалтыр) 24:1 (урыс библиемкIэ 23:1).

**Бзылъфыгъэхэр Тхьэм елъэIухэ зыхъукIэ, шъхьэтехъо зытырахъон фае**

[2] КъэсIуагъэ пстэури шъугу къызэрэжъугъэкIыжьырэм
пайй, Iофхэу шъозгъэшIагъэхэм шъузэратетым пайй
сышъущэтхъужьы.

[3] Мыр шъушIэнэу сыфай: Хэтрэ лIи ышъхьэ Христо-
сыр ары, хэтрэ шъузи ышъхьэ илI ары, Христос ышъ-
хьэри Тхьэр ары. [4] Хэтрэ хъулъфыгъэу шъхьэтехъо зы-
тезыхъуагъэу Тхьэм елъэIурэм е Тхьэм ежь игущыIэ-
хэр зыгу къырилъхьэхэу, ахэр къэзыIорэм ышъхьэ егъэ-
пыутыжьы*. [5] Ащ фэдэу хэтрэ бзылъфыгъэу шъхьэтехъо
зытезымыхъуагъэу Тхьэм елъэIурэм е Тхьэм ежь игущы-
Iэхэр зыгу къырилъхьэхэу, ахэр къэзыIорэм ышъхьэ егъэ-
пыутыжьы, сыда пIомэ а бзылъфыгъэм ышъхьэ упсы-
гъэм фэд*. [6] Зы бзылъфыгъэ горэм шъхьэтехъо зыты-
рихъонэу фэмыемэ, ышъхьац перэупкI. Ау бзылъфыгъэм-
кIэ ышъхьац пиупкIыныр, е ышъхьэ ыупсыныр емыкIоу
зэрэщытым пае, шъхьэтехъо зытырерэхъу. [7] Хъулъфыгъэм
ышъхьэ техъон фишIын фаеп, сыда пIомэ хъулъфыгъэр
Тхьэм итеплъэ фэдэшъ ары, Тхьэм ищытхъуи къегъэлъа-
гъошъ ары. Ау шъузым илI ищытхъушхо къегъэлъагъо.
[8] Сыда пIомэ хъулъфыгъэр бзылъфыгъэм къыхэкIыгъэп,
бзылъфыгъэр хъулъфыгъэм къыхэкIыгъэ нахь. [9] Тхьэм
хъулъфыгъэри бзылъфыгъэм къыфигъэхъугъэп, бзылъ-
фыгъэр хъулъфыгъэм къыфигъэхъугъ нахь. [10] Ащ пае,
лIым итетыгъо ыIэчIэгъ шъузыр зэрэчIэтым инэшанэу
ыкIи мэлэIичхэм апае*, ышъхьэ шъхьэтехъо тырерэхъу.

[11] Ау щытми, тэ, Зиусхьаныр зыгу илъ цIыфхэмкIэ
бзылъфыгъэри хъулъфыгъэм епхыгъэу щыт, хъулъфы-
гъэри бзылъфыгъэм епхыгъэу щыт. [12] Сыда пIомэ бзылъ-
фыгъэр хъулъфыгъэм къызэрэхэкIыгъэм фэдэу, хъу-
лъфыгъэри бзылъфыгъэм къыхэкIы, ау Iоф пстэури къы-

---

11:4 ышъхьэ егъэпыутыжьы – Христосрэ ежь ышъхьэрэ егъэпыутыжьы.

11:5 ышъхьэ упсыгъэм фэд – бзылъфыгъэ хэтакIохэм ашъхьац паупкIынэу хабзэу яIагъ.

11:10 мэлэIичхэм апае – е мэлэIичышIухэу чылыс зэIукIэм щыщхэр екIоу ыкIи зэгъэзэфагъэу Тхьэм зэрелъэIунхэм анаIэ тырагъэтынхэу зипшъэрылъэу щытхэр ары, е мэлэIич бзаджэхэу бзылъфыгъэхэм акIэхъопсхэрэр ары.

зхэкIырэр Тхьэр ары. [13] Шъори хьыкум тешъушIыхь:
Ышъхьэ зи тыримыхъуагъэу бзылъфыгъэр Тхьэм елъэ-
Iумэ, емыкIоу щытба? [14] ЩIыфым ыгукIэ ешIэба, хъулъ-
фыгъэм ышъхьац кIыхьэмэ, къызэремыкIурэр, [15] ау бзы-
лъфыгъэм ышъхьац кIыхьэмэ къызэрекIурэр? Сыда пIомэ
Тхьэм бзылъфыгъэм шъхьац кIыхьэ ритыгъ, ышъхьэ
тырихъоным пае. [16] Ау зыгорэ мы IофымкIэ къытэ-
нэкъокъунэу фаемэ, тэри Тхьэм ичылыс зэIукIэхэми
нэмыкI хабзэ зэрэтимыIэр ерэшI.

## Зиусхьаным ипчыхьэшъхьашх

(Маттэ 26:26–29; Марк 14:22–25; Лука 22:14–20)

[17] Ау мы унашъохэр сэ къышъуфэсшIыхэу сышъущы-
тхъужьын слъэкIыщтэп. Сыда пIомэ шъузэрэзэIукIэрэм
шIу къыхэкIырэп, Iае къыхэкIы нахь. [18] АпэрэмкIэ, чылы-
сым шъущызэIукIэмэ, куп–купэу шъузэрэзэхэкIырэр зэ-
хэсэхы. Зы лъэныкъокIэ, ар сэ сшIошъ мэхъу. [19] Куп–
купэу шъузэхэкIын фае, шъуащыщхэу шъыпкъагъэ зиIэ-
хэр нафэу хъуным пае. [20] Ащ нэмыкIэу шъушхэнэу шъу-
зызэIукIэкIэ, Зиусхьаным ипчыхьэшъхьашхэ арэп шъу-
шхырэр. [21] Сыда пIомэ шъушхэ зыхъукIэ, шъуащыщэу
хэти адрэм емыжэу, ежьым ишхын ышхэу еублэ. Арэу-
щтэу зыр мэлакIэ лIэу къэнэ, адрэр мэуташъо. [22] Шъу-
щышхэнэу ыкIи шъущешъонэу унэхэр шъуиIэба? Хьауми
Тхьэм ичылыс зэIукIэ зэшъумыпэса, зи зимыIэхэри шъо-
гъэукIытэжьха? Сыда шъосIощтыр? Сэ сышъущытхъу-
жьына? Хьау, сышъущытхъужьынэп.

[23] Сыда пIомэ мы Iофхэу къышъуфэзгъэнагъэхэр ежь
Зиусхьаным къысфигъэнэфагъэх: Зиусхьаныр тетыгъо
зиIэхэм заIэкIэхьэгъэ чэщым хьалыгъур къышти, [24] Тхьэм
щытхъу фишIи, зэгуичи къыIуагъ: «Мы хьалыгъур сэ
спкъэу шъо шъуишIуагъэ къэкIонэу зэгочыщтыр ары.
Шъугу сыкъэжъугъэкIыжьыным пае, мы хьалыгъур шъу-
шхы». [25] Ащ фэдэу, пчыхьэшъхьашхэм ыуж Зиусхьа-
ным шъуалъэр къышти къыIуагъ: «Мы шъуалъэм сэнэ-
псэу итым къикIырэр зэзэгъыныгъакIэу Тхьэм ежьымрэ
шъоррэ шъуазыфагу дилъхьэрэр ары. А зэзэгъыныгъа-
кIэр къэзыгъэшъыпкъэжьырэр лъэу сэ къыскIэкIыщтыр
ары. Мы сэнэпсым шъуешъо къэсми, шъугу сыкъэжъу-
гъэкIыжьыным пае, шъуешъу». [26] Сыда пIомэ Зиусхьа-
ныр къэкIожьыфэ, мы хьалыгъур шъушхы къэсми, мы

шъуалъэм итыми шъуешъо къэсми, Зиусхьаныр зэрэлIагъэм икъэбар шъогъэIу.

27 Арышъ, хэтми фэмышъуашэу Зиусхьаным ихьалыгъу
зышхырэм, е ащ ишъуалъэ итым ешъорэм Зиусхьаным
ыпкъырэ ылъырэ яхьылIагъэу псэкIод ышIагъэу мысэ
мэхъу. 28 Хэтми ежь ыгу илъыр ерэгъэунэфы, етIанэ хьа-
лыгъур ерэшх, шъуалъэм итыми ерэшъу. 29 Хьалыгъур
Зиусхьаным зэрипкъыр зэхимышIыкIэу, фэмышъуашэу ар
зышхэу, сэнэпсыми ешъорэм, зэрэшхэрэмкIи зэрешъорэм-
кIи мысагъэ зылъегъэсыжьы. 30 Ащ пае лъэкIыныгъэ зи-
мыIэу ыкIи сымаджэу цIыфыбэ къышъухэт, лIагъэхэри
макIэхэп. 31 Тэ зыдгъэунэфыжьыгъэмэ, Тхьэм арэущтэу
тигъэпщынэщтыгъэп. 32 Ау мы уахътэм Зиусхьаным
хьыкум къызыттришIыхьэкIэ, тегъэдаIо, дунаем ицIыф-
хэм тырягъусэу мысэ тымыхъуным пае.

33 Арышъ, сшыхэр, шъушхэным пае шъузэIукIэмэ, зыр
зым ерэж. 34 Зыгорэ мэлакIэ лIэмэ, иунэ щэрэшх, шъу-
зызэIукIэкIэ мысэ шъумыхъуным пае.

Адрэ Iофхэу къанэхэрэм яхьылIагъэу сыкъызыкIокIэ, яунашъо сшIыщт.

## ЯПШIЫКIУТIОНЭРЭШЪХЬ

### ЛъэкIыныгъэхэу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ цIыфхэм къаритхэрэр

Сшыхэр, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ цIыфхэм лъэкIыныгъэ-
хэу къаритхэрэр зыфэдэхэр шъумышIэу шъукъэзгъэнэнэу
сыфаеп. 2 Христос шъумышIэу шъузыщэтым, тхьэ нэпцI
бзакохэм шъукъыращэкIэу зэрэщытыгъэм фэдэу, ахэмэ
адэжь шъузэрэкIощтыгъэр шъошIэ. 3 Арышъ, мыр къы-
жъугурызгъэIонэу сыфай: Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ илъэ-
кIыныгъэкIэ къэгущыIэу, хэти Исус ебгын ылъэкIыщтэп,
Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ илъэкIыныгъэкIи мыхъоу, «Исусыр
ары Зиусхьаныр», ыIошъущтэп.

4 Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ цIыфхэм лъэкIыныгъэхэу къа-
ритхэрэр зэфэшъхьафых, ау Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ зы.
5 Iофхэу цIыфхэм Зиусхьаным фашIэхэрэр зэфэшъхьа-
фых, ау а цIыф пстэури зы Зиусхьан дэдэм фэлажьэх.
6 Тхьэм цIыфхэм Iоф ашIэнэу лъэкIыныгъэ зэраритырэр

зэфэмыдэу щыт, ау а Іофхэр зэкІэ цІыф пстэуми ашІэнхэу
лъэкІыныгъэ языгырэ Тхьэр зы.
7 Тхьэм ЫІпсэ ЛъапІэ хэти зэфэмыдэу зыкъырегъэ-
лъагъу, шІошъхъуныгъэ зиІэ пстэуми ишІуагъэ аригъэ-
кІыным пае. 8 Тхьэм ежь ЫІпсэ ЛъапІэ къыбгъодэкІэу,
зэхэшІыкІыныгъэ зиІэ гущыІэхэр къыІонхэу зы цІыф
горэм лъэкІыныгъэ къыреты, нэмыкІ цІыфми Тхьэм ежь
ЫІпсэ ЛъапІэ тетэу, шІэныгъэ зиІэ гущыІэхэр къыІон-
хэу лъэкІыныгъэ къыреты. 9 НэмыкІ цІыфми а Псэ
ЛъэпІэ дэдэм къыбгъодэкІэу, шІошъхъуныгъэ иІэнэу
лъэкІыныгъэ къыреты; нэмыкІ цІыфми а Псэ ЛъэпІэ
дэдэм къыбгъодэкІэу, сымаджэхэр ыгъэхъужьынхэу лъэ-
кІыныгъэхэр къыретых. 10 НэмыкІ цІыфми Іофышхо гъэ-
шІэгъонхэр ышІэнхэу лъэкІыныгъэ къыреты; нэмыкІ
цІыфым ыгу Тхьэм ежь игущыІэхэр къырилъхьэхэу,
ахэр къыІонхэу лъэкІыныгъэ къыреты; нэмыкІ цІыфми
Іоф горэ Тхьэм ЫІпсэ ЛъапІэ ыдэжь къикІымэ, къи-
мыкІымэ, зэхишІыкІынэу лъэкІыныгъэ къыреты; етІанэ
нэмыкІ цІыфми ымышІэрэ бзэхэмкІэ къэгущыІэнэу
лъэкІыныгъэ къыреты; нэмыкІ цІыфми а бзэхэр зэридз-
экІынхэу лъэкІыныгъэ къыреты. 11 А Псэ ЛъэпІэ дэдэр
ары цІыфхэм ахэр ашІэнхэу лъэкІыныгъэхэр къязыты-
рэр. Хэти шъхьафэу, Тхьэм ЫІпсэ ЛъапІэ зэрэфаем тетэу
реты.

## Пкъыр зы, пкъым щыщхэр бэ

12 Пкъым щыщхэр бэ хъухэми, пкъыр зы. Пкъым щыщ
пстэури бэ хъухэми, а зы пкъым щыщых. Христос иІоф
арэущтэу щыт. 13 Сыда пІомэ тэ тыджуртми, тыурымми,
тыпщылІми, тышъхьафитми, тэ зэкІэ а зы Псэ ЛъапІэр
тыгухэм арылъынэу тызаумэхъым, Христос ыпкъ щыщ
тыхъугъ, Христосми а зы Псэ ЛъапІэм тэ пстэуми тиІахьэ
хэлъэу ыгъэхъугъ.
14 Сыда пІомэ пкъым щыщхэр зэп, бэ мэхъух нахь,
15 Лъакъом «Іэу сызэрэщымытым пае, пкъым сыщыщэп»,
ыІомэ, ащ пае пкъым щымыщэу мэхъуа? 16 ТхьакІумэми
«Нэу сызэрэщымытым пае, пкъым сыщыщэп», ыІомэ,
ащ пае пкъым щымыщэу мэхъуа? 17 Пкъыр зэкІэ нэу
щытыгъэмэ, зэхэхыныгъэм иІоф сыдэущтэу хъущтыгъ?
Ащ фэдэуи пкъыр зэкІэ тхьакІумэу щытыгъэмэ, пэмэ-
ныгъэм иІоф сыдэущтэу хъущтыгъ?

18 Ау Тхьэм пкъым щыщ пстэури зэхилъхьагъ, сыд
фэди ежьыр зэрэфаем тетэу. 19 Пкъым щыщхэр зэкIэ зы
закъоу щытыгъэмэ, пкъыр тыдэ къэнэщтыгъа? 20 Ау джы
зэрэщытымкIэ пкъым щыщхэр бэ мэхъух, ау пкъыр
зызакъо.
21 Нэм «Сэ усищыкIагъэп», ыIоу, Iэм риIошъущтэп.
Шъхьэми «Сэ шъусищыкIагъэп», ыIоу, лъакъохэм ари-
Iошъущтэп. 22 Ау пкъым щыщхэу адрэмэ анахьи нахь
кIуачIэ зимыIэхэу къэлъагъохэрэр нахь тищыкIагъэх.
23 Пкъым щыщхэу лъытэныгъэ зифэмышъуашэу тлъы-
тэхэрэми нахь тафысакъы. 24 Пкъым щыщхэу тызтеукIы-
тэхьэхэрэри нахь екIоу тэгъэбылъых. Пкъым щыщхэу
тызтемыукIытыхьэхэрэм ар ящыкIагъэп. Ау пкъым
щыщхэу лъытэныгъэ зимыIэхэм адрэ щыщхэм анахьи
нахь лъытэныгъэ аритэу, Тхьэм пкъыр зэхилъхьагъ.
25 Тхьэм арэущтэу зыфишIагъэр тэ ежь ыпкъ щыщхэр
тызэпэмыуцоу, тызэфэдэу тызэфэсакъыжьыныр ары.
26 Арышъ, пкъым щыщэу зыгорэм къин ыщэчмэ, а
пкъым щыщ пстэуми дащэчы. Ащ фэдэу, пкъым щыщэу
зыгорэм лъытэныгъэ ыгъотымэ, а пкъым щыщ пстэури
дэгушIох.
27 Шъо Христос шъурипкъ, шъуащыщэу хэти а пкъым
шъущыщ. 28 Чылыс зэIукIэм фэлэжьэнхэу Тхьэм апэ-
рэмкIэ цIыф заулэ апостолхэу къыгъэнэфагъэх. ЯтIо-
нэрэмкIи, цIыф заулэ пегъымбархэу къыгъэнэфагъэх.
ЯщэнэрэмкIи, цIыф заулэмэ адрэ цIыфхэм Iофхэр ара-
гъэшIэнхэу къыгъэнэфагъэх. ЕтIанэ Iофышхо гъэшIэ-
гъонхэр ашIэнхэу цIыф заули къыгъэнэфагъэх. ЕтIанэ
сымаджэхэр агъэхъужьынхэм пае, лъэкIыныгъэхэр яIэн-
хэу цIыф заули къыгъэнэфагъэх. НэмыкIхэри адрэ цIыф-
хэм IэпыIэгъу афэхъунхэу, нэмыкIхэри пэрытынхэу, етIа-
нэ нэмыкIхэми ежьхэм амышIэрэ бзэхэмкIэ къэгущыIэн-
хэу къыгъэнэфагъэх. 29 ЦIыф пстэури апостолхэу щытхэп,
арыба? ЦIыф пстэури пегъымбархэу щытхэп, арыба?
ЦIыф пстэуми адрэ цIыфхэм Iофхэр арагъашIэхэрэп,
арыба? ЦIыф пстэуми Iофышхо гъэшIэгъонхэр ашIэ-
хэрэп, арыба? 30 ЦIыф пстэуми сымаджэхэр агъэхъужьын-
хэу лъэкIыныгъэхэр яIэхэп, арыба? АмышIэрэ бзэхэмкIи
цIыф пстэури къэгущыIэхэрэп, арыба? ЦIыф пстэуми ащ
фэдэ бзэхэр зэрадзэкIыхэрэп, арыба?
31 Ау лъэкIыныгъэхэу анахь инхэм ауж шъуит. Джы
гъогоу анахьышIур шъозгъэлъэгъущт.

# ЯПШІЫКІУЩЭНЭРЭШЪХЬ

## ШІулъэгъуныгъэр

ЦІыфхэмрэ мэлэІичхэмрэ абзэхэмкІэ сыгущыІэу, ау шІу-
лъэгъуныгъэ сыгу имылъмэ, жъгъырэу макъэ зыпыІу-
кІырэ гъуаплъэмрэ мэкъае зыпыІукІырэ одджынымрэ са-
фэд. 2 Тхьэм ежь игущыІэхэр сыгу къырилъхьэхэу, ахэр
къэсІонхэу лъэкІыныгъэ къыситыгъэу сиІэми, шъэф
пстэури сэшІэми, шІэныгъэ пстэури сиІэми, къушъхьэхэр
нэмыкІ чІыпІэм згъэкощынхэу шІошъхъуныгъэ сиІэми, ау
шІулъэгъуныгъэ сыгу имылъмэ, зэуи сыщытэп. 3 СиІэр
зэкІэ щыкІагъэ зиІэхэм ястыми, цІыфхэм спкъы.машІо-
кІэ агъэстынэу ястыми, ау шІулъэгъуныгъэ сыгу имылъ-
мэ, ишІуагъэ къысэкІыщтэп.
4 ШІулъэгъуныгъэм щыІагъэ иІ, гукІэгъуныгъэри иІ.
ШІулъэгъуныгъэр шъугъорэп, зыщытхъужьрэп ыкІи зы-
шІошІыжьрэп. 5 ШІулъэгъуныгъэр емыкІоу зекІорэп, ежь
ышъхьэ ишІуагъэ ыуж итэп, зигъэгусэрэп, бзэджагъэм
егупшысэрэп. 6 ШІулъэгъуныгъэр бзэджагъэм фэгушІо-
рэп, шъыпкъагъэм фэгушІо нахь. 7 ШІулъэгъуныгъэм
мыхъун пстэури егъэгъу, ТхьэмкІэ шІошъхъуныгъэ иІэ
зэпыт, Тхьэм щегугъы зэпыт, теубытэныгъэ иІэ зэпыт.
8 ШІулъэгъуныгъэр ныбжьи кІодыжьыщтэп. Тхьэм ежь
игущыІэхэр цІыфхэм агухэм къарилъхьахэу, цІыфхэм
къызэраІохэрэм илъэкІыныгъэ уцужьыщт. ЦІыфхэм
амышІэрэ бзэхэмкІи къызэрэгущыІэхэрэм илъэкІыны-
гъэри зэпыужьыщт. ШІэныгъэри кІодыжьыщт. 9 Арэу-
щтэу зыкІэхъуштыр тишІэныгъэ щыкІэгъэнчъэу, икъу-
гъэу зэрэщымытыр ары, Тхьэм ежь игущыІэхэр цІыф-
хэм агухэм къарилъхьэхэу, цІыфхэм ахэр къызэраІохэ-
рэм илъэкІыныгъи щыкІэгъэнчъэу, икъугъэу зэрэщымы-
тыр ары, 10 Ау щыкІагъэ зимыІэу, икъугъэ Іофыр къы-
зыкІокІэ, щыкІагъэ зиІэу, имыкъугъэ Іофыр кІоды-
жьыщт. 11 Сабыеу сызыщэтым, сабыим фэдэу сыгущыІэ-
щтыгъ, сабыим фэдэу сыгупшысэщтыгъ ыкІи къызгу-
рыІощтыгъ. Ау лІы сызэхъум, а сабыиныгъэр хэсынэ-
жьыгъ. 12 Джы Іоф пстэури мынафэу гъунджэм* тызэри-

13:12 гъунджэ – пасэм гъунджэхэр агъэлыдыгъэ къэлаим хэшІы-
кІыгъэхэу зэрэщытыгъэхэм пае, ахэмэ къапэІут пкъыгъохэр мынафэу
къагъэлъагъощтыгъ.

плъэрэм фэдэу тэлъэгъу, ау а мафэм зэкIэ нафэу тлъэгъущт, зы цIыф горэм тызэрэпэIууцорэм фэдэу. Джы сишIэныгъэ щыкIагъэ иIэу, имыкъугъэу щыт, ау а мафэм зэкIэ сшIэщт, Тхьэм шъыпкъэу сызэришIэрэм фэдэу.
[13] Арэущтэу мы Iофищыр мыкIодыжьынхэу щытых: шIошъхъуныгъэр, Тхьэм IэхьышIур къызэрэтитыщтым щыгугъыгъэныр, шIулъэгъуныгъэр. Ау ахэмэ ащыщэу анахь иныр шIулъэгъуныгъэр ары.

## ЯПШIЫКIУПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

### НэмыкI лъэкIыныгъэхэу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ цIыфхэм къаритхэрэр

ШIулъэгъуныгъэр шъугухэм зэрарылъыщтым шъуишъыпкъэу ыуж шъуит. Тхьэм лъэкIыныгъэхэр къызэрэшъуитыщтхэм ыуж шъуит, анахьэу Тхьэм ежь игущыIэхэр шъугухэм къарилъхьанхэшъ, ахэр къэшъуIонхэу лъэкIыныгъэ къызэрэшъуитыщтым ыуж шъуит.
[2] Сыда пIомэ Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ илъэкIыныгъэкIэ ымышIэрэ бзэкIэ къэгущыIэрэр цIыфмэ адэгущыIэрэп, Тхьэм дэгущыIэ нахь, сыда пIомэ къыIохэрэр зыми къыгурыIохэрэп. Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ илъэкIыныгъэкIэ шъэфхэр къеIох.
[3] Ау Тхьэм ежь игущыIэхэр цIыфэу зыгу къырилъхьэу, ахэр къэзыIорэр цIыфмэ адэгущыIэ, гурэ псэрэкIэ нахь лъэкIыныгъэ арегъэгъоты, агурегъаIо ыкIи егъэгушхох.
[4] ЦIыфэу ымышIэрэ бзэкIэ къэгущыIэрэм гурэ псэрэкIэ нахь лъэкIыныгъэ зыфегъотыжьы, ау Тхьэм ежь игущыIэхэр зыгу къырилъхьэу, ахэр къэзыIорэм чылыс зэIукIэм щыщхэм гурэ псэрэкIэ нахь лъэкIыныгъэ арегъэгъоты.
[5] Шъо зэкIэми шъумышIэрэ бзэхэмкIэ шъукъэгущыIэнэу сыфай, ау ащ нахьи Тхьэм ежь игущыIэхэр шъугухэм къарилъхьанхэшъ, ахэр къызэрэшъуIонхэм илъэкIыныгъэ шъуиIэнэу сыфай. Тхьэм ежь игущыIэхэр зыгу къырилъхьэу, ахэр къэзыIорэр цIыфэу ымышIэрэ бзэкIэ къэгущыIэрэм нахьи нахь ин, а бзэр зыгорэм зэримыдзэкIымэ, чылыс зэIукIэм щыщхэм гурэ псэрэкIэ нахь лъэкIыныгъэ аригъэгъотыным пае.
[6] Джы, сшыхэр, шъуадэжь сыкъакIоу сымышIэрэ бзэкIэ сыкъэгущыIэмэ, сыда сишIуагъэу шъозгъэкIыщтыр?

Тхьэм къысфигъэнэфэгъэ Іофхэр шъосымыІохэу, е шІэ-
ныгъэ къышъосымытэу, е Тхьэм ежь игущыІэхэу сыгу
къырилъхьэхэрэр, къэсымыІохэмэ, е Іоф горэхэр шъо-
сымыгъашІэхэмэ, сишІуагъэ зи шъозгъэкІырэп, арыба?
[7] Ащ фэдэу, шыкІэпщынэрэ, къамылрэ, е адрэ псэ зы-
хэмылъэу макъэ къызпыІукІырэмэ мэкъэ зэфэшъхьаф-
хэр ямыІэмэ, орэдэу къарагъаІорэр сыдэущтэу зэхэпшІы-
кІыщта? [8] Бжъэмыешхом ымакъэ мынафэмэ, хэта заом зы-
фэзыгъэхьазырыщтыр? [9] Шъо шъуиІоф зытетыр ащ фэд.
Шъо шъубзэгукІэ цІыфхэм зэхамышІыкІырэ гущыІэхэр
къашъуІохэмэ, сыдэущтэу къашъуІорэр зэхашІыкІыщта?
Жьыбгъэм шъудэгущыІэщт ныІэп. [10] Дунаем бзэ зэфэшъ-
хьафыбэхэр тетых, зэкІэ ахэми зыгорэ къарэкІы. [11] Ау
бзэм къикІырэр зэхэсымышІыкІымэ, къэгущыІэрэм хы-
мэ сыфэхъущт, ежьыри хымэ къысфэхъущт. [12] Арэущтэу
шъори Тхьэм ежь Ыпсэ ЛъапІэ къыбгъодэкІэу, лъэ-
кІыныгъэхэр къызэрэшъуитыщтхэм ыуж шъуитышъ, чы-
лыс зэІукІэм щыщхэм гурэ псэрэкІэ нахь лъэкІыныгъэ
яжъугъэгъотыным пае, ащ фэдэ лъэкІыныгъэхэр щыкІэ-
гъэнчъэу икъугъэу шъуиІэ зэрэхъущтым ыуж шъуит.

[13] Арышъ, цІыфэу ымышІэрэ бзэкІэ къэгущыІэрэм а
бзэр зэридзэкІынэуи лъэкІыныгъэ къыритынкІэ Тхьэм
ерэлъэІу. [14] Сыда пІомэ сымышІэрэ бзэкІэ Тхьэм селъэ-
Іумэ, спсэкІэ селъэІу, ау сиакъыл лажьэрэп. [15] Сыда ащы-
гъум сшІэщтыр? СпсэкІи сиакъылкІи Тхьэм селъэІущт.
СпсэкІи сиакъылкІи тхьэщытхъу орэдхэр къэсІощтых.
[16] Сыда пІомэ умышІэрэ бзэкІэ Тхьэм Ыпсэ ЛъапІэ
илъэкІыныгъэкІэ Тхьэм ищытхъу пшІымэ, мы Іофхэр
зэхэзымышІыкІырэ цІыфхэм ащыщэу зыгорэм уитхьэ-
щытхъу сыдэущтэу «Амин»* фиІон ылъэкІына? КъапІо-
рэр гурыІорэп, арыба? [17] О дэгъоу Тхьэм ищытхъу ошІы,
ау адрэм ишІуагъэ къакІорэп.

[18] Тхьэм Ыпсэ ЛъапІэ илъэкІыныгъэкІэ сымышІэрэ
бзэкІэ шъо пстэуми анахьи нахьыбэу сызэрэгущыІэрэм-
кІэ Тхьэм щытхъу фэсэшІы. [19] Ау чылыс зэІукІэм сыщы-
Іэу, сымышІэрэ бзэкІэ гущыІэ мин къэсІоным нахьи,
цІыфхэм Іоф горэхэр язгъэшІэнхэм пае, сиакъылкІэ гу-
щыІитф къэсІоныр нахь къэсэштэ.

---

14:16 Амин – джуртыбзэм щыщ гущыІэу «Арэущтэу орэхъу» къы-
зэрыкІырэр ары.

[20] Сшыхэр, шъуигуппысакIэкIэ сабыйхэм шъуафэдэу
шъумыхъу. Ау бзэджагъэмкIэ сабыйхэм лажьэ зэрямы-
Iэм фэдэу, шъори шъухъу, шъуигупшысакIэкIи зыныбжь
икъугъэ цIыфхэм афэдэу шъухъу. [21] Зиусхьаным мырэу-
щтэу къызэриIорэр Тэурат хабзэм ит:*

«ХымабзэхэмкIи хымэхэм абзэгухэмкIи
мы лъэпкъым сыдэгущыIэщт,
ау щытми къысэдэIущтхэп».

[22] Арышъ, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ илъэкIыныгъэкIэ цIыф
горэм ымышIэрэ бзэхэмкIэ гущыIэмэ, ар нэшанэ зыфэ-
хъухэрэр шIошъхъуныгъэ зиIэхэр арэп, шIошъхъуныгъэ
зимыIэхэр ары нахь. Ау Тхьэм ежь игущыIэхэр зыгу
къырилъхьэрэ цIыфым ахэр къызиIохэкIэ, ар нэшанэ
зыфэхъухэрэр шIошъхъуныгъэ зимыIэхэр арэп, шIошъ-
хъуныгъэ зиIэхэр ары нахь. [23] Чылыс зэIукIэм щыщ
пстэури зэрэугъоигъэхэу, шъумышIэрэ бзэхэмкIи шъо
зэкIэ шъугущыIэу, ащ фэдэ Iофхэр зымышIэрэ цIыф
заулэ, е шIошъхъуныгъэ зимыIэ цIыф заулэ а зэIукIэм
къыхахьэмэ, «Шъо шъудел», аIонба? [24] Ау шъо пстэу-
ми Тхьэм ежь игущыIэхэу шъугухэм къарилъхьэхэрэр
къашъуIохэ зыхъукIэ, шIошъхъуныгъэ зимыIэ цIыф
горэ, е ащ фэдэ Iофхэр зымышIэрэ цIыф горэ шъуи-
зэIукIэ къыхахьэмэ, шъо зэкIэми къашъуIорэ гущы-
Iэхэм зэхырагъэшIыкIыщт псэкIодышIэ цIыфэу зэрэщы-
тыр, ыгу илъыри агъэунэфыщт. [25] Арэущтэу а цIыфым
ыгу илъ шъэфхэр нафэ къэхъух. Ыбгъэгукlэ чIыгум
зытыридзэнышъ, Тхьэр ыгъэлъэпIэщт, «ШъыпкъэмкIэ
Тхьэр шъуигъусэ», къыIозэ.

## Чылыс зэIукIэм екIоу ыкIи зэгъэзэфагъэу Тхьэр ыгъэлъэпIэн фае

[26] Сыд етIанэ, сшыхэр? ШъузызэIукIэкIэ, зым тхьэщы-
тхъу орэд къерэIу, адрэм Iоф горэ шъуерэгъашIэ, нэ-
мыкIми Тхьэм къыфигъэнэфэгъэ Iоф горэ къерэIуат,
нэмыкIри ымышIэрэ бзэкIэ орэгущыIэ, нэмыкIми ар зэ-
рерэдзэкI. Мы Iоф пстэуми гурэ псэрэкIэ нахь лъэкIы-
ныгъэ шъуагъэгъотынэу орэхъу. [27] Ежьхэм амыпIэрэ бзэ-
кIэ цIыф горэхэр къэгущыIэхэ хъумэ, нэбгыритIу е нэ-

---

14:21 Тэурат хабзэм ит – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 28:11–12.

бгырищ, нахьыбэ орэмыхъу, зыр зым ыуж итэу орэгу-
щыIэ. НэмыкIми ахэмэ къаIорэр зэрерэдзэкI. [28] Ау зэзы-
дзэкIышъун цIыф горэ щымыIэмэ, ымышIэрэ бзэкIэ къэ-
гущыIэрэм чылыс зэIукIэм зыщерэушъэф. ЫгукIэ орэ-
гущыI, Тхьэми дэрэгущыI.

[29] ЦIыфхэу Тхьэм ежь игущыIэхэр зыгу къырилъхьэхэу,
ахэр къэзыIонхэу лъэкIыныгъэ зэритхэрэм ащыщхэу нэ-
бгыритIу е нэбгырищ шъуизэIукIэ къыщэрэгущыIэх, къа-
Iохэрэри адрэхэм арэгъэунэфых. [30] Тхьэм зэIукIэм хэсхэм
ащыщэу зыгорэм Iоф горэ къыфигъэнафэмэ, апэу къэ-
гущыIэрэм зерэушъэф. [31] Сыда пIомэ шъо зэкIэмэ Тхьэм
ежь игущыIэхэу шъугухэм къарилъхьэхэрэр зыр зым ыуж
итэу къэшъуIонхэ шъулъэкIыщт, адрэ цIыфхэм зэкIэми
зыгорэ зэрагъэшIэным паий, зэкIэри гушхонхэм паий.
[32] ЦIыфхэу Тхьэм ежь игущыIэхэр зыгу къырилъхьэхэу,
ахэр къэзыIонхэу лъэкIыныгъэ зэритыхэрэм аIэ а лъэ-
кIыныгъэр илъ, [33] сыда пIомэ Тхьэр гупсэфыныгъэм и
Тхьэу щыт нахь, зэхэтхъогъэ Iофым и Тхьэу щытэп.
Тхьэм ицIыф лъапIэхэм ячылыс зэIукIэ пстэуми яIоф зы-
тетыр ащ фэд.

[34] Бзылъфыгъэхэм чылыс зэIукIэм зыщарэушъэф. Ахэр
гущыIэнхэу фитхэп, ау Тэурат хабзэм зэритым фэ-
дэу, ялIыхэм афэIорышIэнхэ фае. [35] Зы Iоф горэ зэрагъэ-
шIэнэу фаехэмэ, яшъхьэгъусэмэ унэм щярэупчIых; сыда
пIомэ чылыс зэIукIэм хэсэу бзылъфыгъэр къэгущыIэныр
екIурэп. [36] Тхьэм игущыIэхэр шъуадэжь къикIыгъэха,
сэIо? Хьауми а гущыIэхэр цIыфхэу зынэсыгъэхэр шъо
шъуизакъуа?

[37] ЦIыф горэм ыгу Тхьэм ежь игущыIэхэр къырилъ-
хьэхэу, ахэр къыIонхэу лъэкIыныгъэ иIэу мэгугъэмэ,
е Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ыгу илъэу мэгугъэмэ, мы къышъу-
фэстхырэр Зиусхьаным зэриунашъор къыгурэрэIу. [38] Ар
къызыгурымыIорэ цIыфым къыгурэрэмыIу.

[39] Арышъ, сшыхэр, Тхьэм ежь игущыIэхэр шъугухэм
къарилъхьанхэшъ, ахэр къэшъуIонхэу лъэкIыныгъэ
къызэрэшъуитыщтым ыуж шъуит, амышIэрэ бзэхэмкIи
цIыфхэр къэшъумыгъэгущыIэнхэу шъупымылъ. [40] Ау
Iофхэр зэкIэ екIухэу ыкIи зэгъэзэфагъэхэу орэхъу.

# ЯПШЫКIУТФЭНЭРЭШЪХЬ

## Христос лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэм ехьылIагъ

КъэбарышIоу* къышъозгъэIугъэр шъугу къэзгъэкIы-
жьынэу сыфай. А къэбарышIур шъудагъэу шъуишъы-
пкъэу шъутет. [2] А къэбарышIумкIи шъумыкIодэу Тхьэм
шъукъегъэнэжьы, шъозгъэшIэгъэ Iофхэм пытэу
шъуатетмэ. Армырмэ, хьаулыеу шIошъхъуныгъэ шъуиIэ
хъугъэ.

[3] Сыда пIомэ Iоф пстэуми апэу къэбарышIоу Христос
къысIэкIилъхьагъэр къышъуфэзгъэнагъ: Тхьэм игущыIэ
тхыгъэхэм атетэу, Христос типсэкIодхэр ыпщыныжьын-
хэм пае, лIагъэ. [4] Къэунэм чIалъхьажьыгъ, ау ящэнэрэ
мафэм Тхьэм лIагъэхэм ар къахигъэтэджыкIыжьыгъ,
Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм атетэу. [5] ЕтIанэ Христос
Кифэ* зыкъыригъэлъэгъугъ. Ащ ыуж игъогу рыкIорэ
нэбгырэ пшIыкIутIумэ зыкъаригъэлъэгъугъ. [6] ЕтIанэ зэ
къош шъитфым къехъумэ зыкъаригъэлъэгъугъ. Ахэмэ
ащыщэу анахьыбэр джыри псэух, заули дунаем ехыжьыгъ.
[7] Ащ ыуж Якъуби* зыкъыригъэлъэгъугъ, етIани апостол
пстэуми зыкъаригъэлъэгъугъ. [8] ЗэкIэми аужкIэ сэ сабый-
хэр къызэралъфырэ хабзэм фэмыдэу къалъфыгъэ са-
быим фэдэм* зыкъысигъэлъэгъугъ.

[9] Сыда пIомэ апостолхэм ащыщэу анахь цIыкIур сэры,
апостол къысаIонэуи сифэшъуашэп, сыда пIомэ Тхьэм
ичылыс зэIукIэ щыщхэм къин язгъэщэчыщтыгъэти ары.
[10] Ау Тхьэм ынэшIу къызэрэсщифагъэм пае, джы сызэ-
рэщытым фэдэу сыхъугъ. ЫнэшIу къызэрэсщифагъэр
хьаулыеу хъугъэп. Адрэхэм зэкIэми анахьи нахьыбэу сы-
лэжьагъ, ау сэр–сэрэу сылэжьагъэп, Тхьэм ынэшIу къыс-
щифи, сигъэлэжьагъэ нахь. [11] КъэбарышIур цIыфхэм язы-
гъэIурэр сэрэу щытми, адрэ апостолхэр арэу щытми, а
къэбарышIур ары дгъэIурэр. А къэбарышIумкIэ шъори
шIошъхъуныгъэ шъуиIэ хъугъэ.

---

15:1 къэбарышIу – еплъ 9:14.

15:5 Кифэ – еплъ 1:12.

15:7 Якъубэ – Зиусхьанэу Исус ышэу Ерусалим щыIэ чылыс зэIу-кIэм итхьаматэхэм ащыщыгъэр ары. Еплъ Апостол. 12:17; Гал. 1:19.

15:8 къалъфыгъэ сабыим фэдэм – Паул Исус игъогу техьаныр сабый къалъфыным фегъадэ.

### ЛIагъэхэм якъэтэджыжьыныгъэ

[12] Тхьэм Христос лIагъэхэм къызэрахигъэтэджыкIыжьы-
гъэм икъэбар тэгъэIу пэтми, шъуащыщэу заулэм, «ЛIа-
гъэхэр къэтэджыжьыщтхэп», аIоу, сыдэущтэу аIон алъэ-
кIыра? [13] ЛIагъэхэр къэмытэджыжьыщтхэмэ, ащыгъум
Тхьэм Христоси лIагъэхэм къахимыгъэтэджыкIыжьыгъэу
хъущтыгъэ. [14] Ау Тхьэм Христос лIагъэхэм къахимыгъэ-
тэджыкIыжьыгъэмэ, къэбарышIоу шъодгъэIурэм пкIэ иIэ-
щтыгъэп, тишIошъхъуныгъи пкIэ иIэщтыгэп. [15] Ащ нэмы-
кIэуи, Тхьэм шыхьат нэпцI тыфэхъугъэу къычIэкIы-
щтыгъ, сыда пIомэ Тхьэм Христос лIагъэхэм къызэрахи-
гъэтэджыкIыжьыгъэм шыхьат тыфэхъугъ, ау «Тхьэм лIа-
гъэхэр къыгъэтэджыжьыщтхэп», аIо а цIыфхэм зэраIорэм
тетэу шъыпкъэмэ, Тхьэм Христоси къымыгъэтэджыжьы-
гъэу хъущтыгъэ. [16] Сыда пIомэ Тхьэм лIагъэхэр къымы-
гъэтэджыжьыщтхэмэ, Христоси къымыгъэтэджыжьыгъэу
хъущтыгъэ. [17] Ау Тхьэм Христос лIагъэхэм къахимыгъэ-
тэджыкIыжьыгъэмэ, шъуишIошъхъуныгъэ хьаулыеу хъу-
щтыгъ, шъуипсэкIодхэри джыри къышъутелъыщтыгъэх.
[18] Ащыгъум цIыфхэу ХристоскIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэу
лIагъэхэр кIодыгъэхэу щытыщтыгъэх. [19] Мы дунаем ищыIэ-
ныгъэ закъо пае Христос тыщыгугъымэ, цIыф пстэуми
анахьи нахь сыхьатмыгъо ежьагъэхэр тэры.

[20] Ау зэрэщытымкIэ, Тхьэм Христос лIагъэхэм къахи-
гъэтэджыкIыжьыгъ, Тхьэм адрэ лIагъэхэр къызэригъэ-
тэджыжьыщтхэмкIэ Христос шэсы* къытфэхъуным пае.
[21] Сыда пIомэ лIэныгъэр къызпкъырыкIыгъэр зы цIыф,
ащ фэдэуи лIагъэхэм якъэтэджыжьыныгъэ къызпкъыры-
кIырэри зы цIыф. [22] ЦIыф пстэури Адэм зыцIэм къызэ-
рэтехъукIыгъэхэм пае, мылIэнхэ мыхъунэу зэрэщытым
фэдэу, Христос зыгу илъ цIыф пстэури Тхьэм къыгъэ-
псаужьыщтых. [23] Ау а Iофыр зэрэхъущтыр хэти ичэзыу
тетэу ары: апэу лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэр
Христос ары. ЕтIанэ ащ дунаем къызигъэзэжькIэ, ицIыф-
хэр къэтэджыжьыщтых. [24] Ащ ыуж дунаем икIэух къэ-

15:20 шэсы – зыгорэм ыуасэ щыщ ыпэкIэ бгъэтIылъырэр ары. Гупцы-
Iэм пае, унэ горэ къэпщэфынэу уфаемэ, ыуасэ щыщэу ыпэкIэ бгъэ-
тIылъырэ ахъщэр ары. А бгъэтIылъырэм къегъэшъыпкъэ къанэрэ
уасэр зэряптыщтыр.

сыщт. Ар къызыскIэ, Христос Iэшъхьэтет пстэури, теты-
гъо зиIэ пстэури, лъэкIыныгъэ зиIэ пстэури зегъэкIоды
ужым, ащ Тхьэу Ты лъапIэм тетыгъошхор ритыщт. [25] Сы-
да пIомэ Христос тетыгъор иIэн фае, Тхьэм Христос
ипыйхэр зэкIэ Христос ылъэгу чIэгъ чIигъэуцофэ нэс.
[26] Ыужырэ пыеу Тхьэм ыгъэкIодыжьыщтыр лIэныгъэр
ары; [27] сыда пIомэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым
фэдэу,* «Тхьэм зэкIэри Христос ылъэгу чIэгъ чIигъэ-
уцуагъ». Тхьэм зэкIэри Христос итетыгъо ыIэчIэгъ чIи-
гъэуцуагъэу ыIозэ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытышъ,
зэкIэри Христос итетыгъо ыIэчIэгъ чIэзыгъэуцогъэ Тхьэр
зэрямыгъусэр нафэ. [28] Тхьэм зэкIэри Ыкъоу Христос
итетыгъо ыIэчIэгъ зычIегъэуцо ужым, ыКъуи Тхьэу ыIэ-
чIэгъ зэкIэри чIэзыгъэуцуагъэм ыIэчIэгъ чIэуцожьыщт.
Арэущтэу Тхьэр зэкIэ цIыфхэм адэжькIэ зэкIэ мэхъу.

[29] Тхьэм лIагъэхэр къымыгъэтэджыжьыщтхэмэ, лIагъэ-
хэм ачIыпIэкIэ цIыфхэу диным ехьылIагъэу тетыгъо
зиIэ цIыф горэм зезыгъэумэхъыхэрэм* сыда агу хэлъыр?
Тхьэм лIагъэхэр къымыгъэтэджыжьыщтхэмэ, лIагъэхэм
ачIыпIэкIэ сыд пае зырагъэумэхъыра? [30] Тэри, сыхьат
къэс щынагъом сыд пае зыхэдгъафэра? [31] Сшыхэр, Христос
Исусэу ти Зиусхьан шъугухэм зэрарылъымкIэ сызэрэ-
пагэрэр зэрэшъыпкъэм фэдэу, мафэ къэси лIэныгъэм
сызэрэпэIутри шъыпкъэ. [32] ЦIыфхэм ягупшысакIэ тетэу
сегупшысэщтыгъэмэ, Ефес къалэм сыщыIэу, цIыфхэу хьа-
кIэ–къуакIэхэм афэдэхэм сызябэным, сыда ишIуагъэу къэ-
кIуагъэр? Тхьэм лIагъэхэр къымыгъэтэджыжьыщтхэмэ,

«Тыжъугъашх, ыкIи тешъугъашъу,
сыда пIомэ неущ тылIэщт».*

[33] Арышъ, цIыфхэм зяшъумыгъэгъапцI: Ныбджэгъу
дэихэм шэнышIу зиIэр агъэкIоды. [34] ЕкIоу зэрэщытым
тетэу зышъушIэжь. ПсэкIодшIэным ыуж шъуикI; сыда
пIомэ Тхьэр зымышIэрэ заулэ къышъухэт. Шъузгъэ-
укIытэжьынэу ар сэIо.

---

15:27 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Сэбур (Псалтыр) 8:6 (урыс библиемкIэ 8:7).

15:29 лIагъэхэм ачIыпIэкIэ цIыфхэу диным ехьылIагъэу тетыгъо зиIэ цIыф горэм зезыгъэумэхъыхэрэр – яунагъо щыщхэу лIагъэхэр е яныбджэгъухэу лIагъэхэр къагъэтэджыжьхэу ашIошIэу, зы цIыф горэхэм а лIагъэхэм ачIыпIэкIэ диным ехьылIагъэу тетыгъо зиIэ цIыф горэм зырагъэумэхъыгъ.

15:32 . . . неущ тылIэщт – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 22:13.

**ЛIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэ цIыфхэм апкъ**

[35] Ау зыгорэм къыIонкIи мэхъу: «ЛIагъэхэр сыдэущтэу
къэтэджыжьыщтха? Апкъ сыд фэдэщта?» [36] О гурыIо-
ныгъэ зимыIэ цIыф! ЧIым хаплъхьэрэр мылIэмэ, къэ-
псэужьышъущтэп. [37] Зыгорэ чIым зыхаплъхьэкIэ, къыхэ-
кIыщтым ыпкъ арэп хаплъхьэрэр, чылапхъэ къодые нахь,
коцым ичылапхъи е нэмыкIым ичылапхъи. [38] Тхьэр зэ-
рэфаем тетэу пкъы къыреты, сыдрэ зы чылэпхъэ лъэ-
пкъми ежьым иунаеу пкъы къыреты. [39] Пкъыхэр зэкIэ
зэфэмыдэхэу щытых. ЦIыфым ыпкъ зы, хьакIэ–къуа-
кIэхэм апкъи шъхьафы, бзыухэми апкъ нэмыкI, пцэ-
жъыехэри ары. [40] Уашъом щыIэ пкъыхэр щыIэх. ЧIы-
лъэм щыIэ пкъыхэри щыIэх. Уашъом щыIэ пкъыхэми
ящытхъу шъхьафы, чIылъэм щыIэ пкъыхэми ящытхъу
шъхьафы. [41] Тыгъэм ежь ищытхъу иI, мазэми нэмыкI
щытхъу иI, жъуагъохэри ары. ЯщытхъукIэ жъуагъохэри
зэтекIых.

[42] ЛIагъэхэм якъэтэджыжьыныгъэ иIоф арэущтэу щы-
тыщт. Чылапхъэу чIым халъхьэрэм фэдэу, пкъэу чIа
лъхьэрэр кIодыщт, ау пкъэу къэтэджыжьыщтыр мы-
кIодэу къэнэжьыщт. [43] Зэрамыпэсэу чIым чIалъхьэ, ау
щытхъушхо иIэу къэтэджыжьыщт. ЛъэкIыныгъэ имыIэу
чIалъхьэ, ау лъэкIыныгъэ иIэу къэтэджыжьыщт. [44] ЧIа-
лъхьэрэр лымрэ къупшъхьэмрэ къахэхъукIыгъэ пкъыр
ары, ау къэтэджыжьыщтыр пкъэу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ
цIыфым къыритыщтыр ары.

Лымрэ къупшъхьэмрэ къахэхъукIыгъэ пкъы щыIэмэ,
пкъэу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ цIыфым къыритырэри щыI.
[45] Мырэущтэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт:* «Апэрэ
цIыфэу Адам зыцIэр псэ зыхэлъ цIыфэу хъугъэ»* Ау
ыужыпкъэрэ Адэмыр* мыкIодыжьын щыIэныгъэ къытэ-
зытырэ псэр ары. [46] Апэу къакIорэр пкъэу Тхьэм Ыпсэ
ЛъапIэ цIыфым къыритырэр арэп, лымрэ къупшъхьэм-
рэ къахэхъукIыгъэ пкъыр ары нахь. ЫужкIэ пкъэу Тхьэм
Ыпсэ ЛъапIэ цIыфым къыритырэр къэкIощт. [47] Апэрэ
цIыфыр мы дунаем щыщыгъ, Тхьэм ар ятIэм къыхи-
гъэхъукIыгъ. ЯтIонэрэ цIыфыр уашъом щыщ, Зиусхьа-

---

15:45 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 2:7.

15:45 ыужыпкъэрэ Адэмыр – Исус Христос ары.

ныр ары. [48] Мы дунаем тет цIыфхэр Тхьэм ятIэм къыхи-
гъэхъукIыгъэ цIыфым фэдэх. Ащ фэдэу, уашъом щы-
псэурэ цIыфхэри уашъом щыщым фэдэщтых. [49] Тхьэм
ятIэм къыхигъэхъукIыгъэ цIыфым тызэрэфэдэм фэдэу,
уашъом щыщми тыфэдэщт.

[50] Ау, сшыхэр, мыр шъосэIо: лымрэ лъымрэ къахэхъу-
кIыгъэ цIыфым Тхьэм и Тетыгъошхоклэ* Iахьэ къылъы-
сышъущтэп. Ащ фэдэу кIодын фаем мыкIодыжьын щы-
Iэныгъэ Iэхьышlоу къылъысыщтэп. [51] ШъукъэдаIу, зы
шъэф горэ шъосэIо: Тэ зэкIэ тылIэщтэп,* ау [52] ошIэ–дэ-
мышIэу, нэгъэупIэпIэгъум дунаем икIэух дэжь бжъэмые-
шхом ымакъэ къызыIукIэ, Тхьэм тэ зэкIэ тызэблихъущт.
Сыда пIомэ бжъэмыешхом ымакъэ къэIущт, лIагъэхэ-
ри мыкIодыжьынэу къэтэджыжьыщтых, Тхьэми тызэбли-
хъущт. [53] Сыда пIомэ кIодыжьынэу щыт пкъым мыкIо-
дыныгъэм ишъуашэ зыщилъэн фае, лIэжьынэу щыт
пкъыми мыкIодыжьын щыIэныгъэм ишъуашэ зыщилъэн
фае. [54] ЕтIанэ кIодыжьынэу щыт пкъым мыкIодыныгъэм
ишъуашэ зыщелъэ ужым, лIэжьынэу щыт пкъыми мы-
кIодыжьын щыIэныгъэм ишъуашэ зыщелъэ ужым, ащы-
гъум мы гущыIэхэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр*
къэшъыпкъэжьыщтых: «Тхьэм текIоныгъэр къыхьи, лIэ-
ныгъэр ыгъэкIодыгъ».

[55] «О лIэныгъ, уищэ ыкIуачIэ тыдэ щыIа?
О джэхьнэмы, уитекIоныгъэ тыдэ щыIа?»*

[56] ЛIэныгъэм ищэ псэкIодыр ары, унашъохэмкIи псэ-
кIодым тетыгъо къытфыриI*. [57] Ау Тхьэм щытхъушхор
ий. Ащ ти Зиусхьанэу Исус Христос текIоныгъэр къы-
тыригъэтыгъ.

[58] Арышъ, сшы лъапIэхэр, зыми Тхьэм игъогу зытыре-
шъумыгъэгъэкIэу, шъузытет шъыпкъагъэм шъутет. Шъу-

---

15:50 Тхьэм и Тетыгъошхо – еплъ 6:9.

15:51 Тэ зэкIэ тылIэщтэп – тэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр Исус дунаем къэкIожьыным ыпэкIэ зэкIэри тылIэщтэп.

15:54 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэр – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 25:8.

15:55 . . . уитекIоныгъэ тыдэ щыIа – еплъ Пегъымбар Осие тхылъэу ытхыгъэм 13:14.

15:56 псэкIодым тетыгъо къытфыриI – унашъохэм тызэрямыдэIугъэм пае, псэкIодым тетыгъо къытфыриIэ хъугъэ.

зышъхьамысыжьэу Зиусхьаным иIоф ыуж шъуит зэпыт, сыда пIомэ Зиусхьаным Iофэу фашъушIэрэр хьаулыеу зэрэмыхъущтыр шъошIэшъ ары.

## ЯПШIЫКIУХЭНЭРЭШЪХЬ

### Ахъщэу Тхьэм ицIыф лъапIэхэм апае Коринф цIыфхэм аугъоирэр

Ахъщэу Тхьэм ицIыф лъапIэхэм апае къэшъуугъои-
рэм ехьылIагъэу мыр шъосэIо. Галатие хэкум* щыIэ
чылыс зэIукIэхэм ашIэнэу зэрясIуагъэм фэдэу, шъори
шъушIэ: [2]Хэти къыгъэхъагъэм фэшъуашэу Iахьэ горэ
тхьамафэм иапэрэ мафэ къэс зэIуерэгъакIи, ерэгъэтIылъ.
Сэ сыкъызыкIокIэ, шъумыугъоижьыным пае, арэущтэу
шъушIэ. [3]СыкъызыкIокIэ, къошхэу хэшъухыгъэхэм тхылъ
ястынышъ, шъуитын зыдязгъахьынышъ, Ерусалим згъэ-
кIощтых. [4]Сэри сыкIонэу хъунэу тыхаплъэмэ, ахэр къыз-
дэкIощтых.

### Паул игухэлъхэр

[5]Македоние хэкум* сызыкIоцIырэкIы ужым, шъуадэжь
сыкъэкIощт; сыда пIомэ Македоние хэкум сыкIоцIыры-
кIынэу сыгу хэлъ. [6]Шъуадэжь тIэкIурэ сыкъэнэнкIи е
кIымафэр щызгъэкIонкIи мэхъу. Арэущтэу тыдэ сыкIо-
щтми, сигъогухэмкIэ IэпыIэгъу шъукъысфэхъун. [7]Мы
зэгъогум гузэжъогъукIэ шъуслъэгъоу шъуикъалэ сыблэ-
кIынэу сыфаеп, ау Зиусхьаным ыIомэ, шъуадэжь тIэкIурэ
сыкъэнэн сыгу хэлъ. [8]Пэнтэкост* зыцIэ мэфэкI мэфэ-
шхом нэсы Ефес къалэм сыкъыдэнэщт, [9]сыда пIомэ къэ-
лэпчъэшхоу ыкIи къэлэпчъэ шъуамбгъоу Тхьэм къысфы-
зэIуихыгъ, къыспэуцухэрэри бэ.

[10]Тимофей* къызыкIокIэ, щынагъо имыIэу шъуадэжь
зэрэщыIэным шъупылъ. Сэщ фэдэу ащи Зиусхьаным

---

16:1 Галатие хэкур – Рим (Рум) къэралыгъошхом щыщ хэкоу щытыгъ. А хэкур джырэ Тыркуем итыгъэ къыкъокIыпIэ лъэныкъом итыгъ.

16:5 Македоние хэкур – Рим къэралыгъошхом щыщ хэкоу щытыгъ. А хэкур джырэ Грецием (Иунанистаным) итемыр Iахьэу щытыгъ. Темыр зыфаIорэр арапыбзэкIэ «шэмал», тыркубзэкIи «кузей» ары.

16:8 Пэнтэкост – еплъ Апостол. 2:1.

16:10 Тимофей – еплъ 4:17.

иIоф ешIэ. [11]Зыми пхъэтэпымыхьэу ерэмышI. Разэу са-
дэжь къэкIонэу игъогукIэ IэпыIэгъу шъуфэхъу. Сшыхэр
сигъусэхэу ащ сыпэплъэ.

[12]Тшы Аполлос* ехьылIагъэу мыр шъосэIо. Тшыхэм
ягъусэу шъуадэжь кIонэу инэу селъэIугъ. Ау джы кIонэу
фэягъахэп. Игъо фифэмэ, кIощт.

## Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр

[13]Шъумычъыеу шъусакъ, шIошъхъуныгъэм игъогу
шъутемыкI, лIыгъи пытагъи зыхэжъугъэлъ. [14]ШъушIэ-
рэр зэкIэ шIулъэгъуныгъэкIэ шъушIэ.

[15]Сшыхэр, зы Iоф горэмкIэ сышъолъэIу. ЗэрэшъушIэ-
рэм фэдэу, Ахаие хэкум* ис цIыфхэм ащыщхэу Стефан
иунагъу ары апэу шIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъэр. Тхьэм
ицIыф лъапIэхэм адэIэпыIэнхэм иIоф зыратыгъ. [16]Сы-
шъолъэIу, ащ фэдэ цIыфхэм, хэт ахэмэ адэлажьэми, адэ-
улэуми, шъуафэIорышI. [17]Стефан, Фортунат, Ахаик са-
дэжь къызэкIохэм, сыгушIуагъ. Шъо мо шъузэрэщымы-
Iэм пае, шъучIыпIэ аубытыгъ. [18]Ахэмэ сэ сыгуи шъо
шъугухэри агъэпсэфыжьыгъэх. Ащ фэдэ цIыфмэ лъытэ-
ныгъэ афэшъушI.

[19]Асие хэкум* щыIэ чылыс зэIукIэхэм шIуфэс къы-
шъуахыжьы. Зиусхьаныр шъо шъугухэми ахэмэ агухэми
зэрарылъым пае, Акилэрэ Прискиллэрэ* гуфэба-
гъэкIэ шIуфэс къышъуахыжьы. Ахэмэ яунэ щызэIукIэ-
рэ чылыс зэIукIэм щыщхэми шIуфэс къышъуахыжьы.
[20]Тшы пстэуми шIуфэс къышъуахыжьы. ГукъэбзагъэкIэ
IаплI зэшъущэкIэу, шIуфэс зэшъухыжь.

[21]Сэ Паул сIэкIэ сишIуфэс мыщ дэжьым щэсэтхы.

[22]Зыгорэм Зиусхьаныр шIу ымылъэгъумэ, Тхьэм ынае
ащ къыщерэф. Маранафэ!*

---

16:12 Аполлос – еплъ 1:12.

16:15 Ахаие хэкур – Рим къэралыгъошхом щыщ хэкоу щытыгъ. Ар джырэ Грецием (Йунанистаным) икъыблэ Iахьэу щытыгъ.

16:19 Асие хэкур – Рим къэралыгъошхом щыщ хэкоу щытыгъ. Ар джырэ Тыркуем итыгъэ къохьапIэ лъэныкъом итыгъ. Икъэлэшхоу щытыгъэр Ефес ары.

16:19 Акилэрэ, Прискиллэрэ – христиан зэлI–зэшъузэу, Паул иныбджэгъошхохэу ыкIи зэгъогогъухэу щытыгъэх. Еплъ Апостол. 18:1–19.

16:22 Маранафэ – ащ къикIырэр «Зиусхьаныр шIэхэу къэрэкIожь».

23 Ти Зиусхьан Исус ынэшIу къышъущерэф.
24 Христос Исус шъугухэм зэрарылъым пае, шъо зэ-
кIэри шIу шъусэлъэгъу. Амин.



# *АПОСТОЛ ПАУЛ ШIОШЪХЪУНЫГЪЭ ЗИIЭХЭУ КОРИНФ КЪАЛЭМ ДЭСХЭМ ЯТIОНЭРЭ ТХЫЛЪЭУ АФИТХЫГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### ШIуфэс ехыныр

Сэ сы Паул. Тхьэр фэягъэти, Исус Христос иапостолэу* сыхъугъ. Тшы Тимофей* сигъусэу шъо, Тхьэм ичылыс зэIукIэу Коринф къалэм щыIэм щыщхэмрэ Тхьэм ицIыф лъапIэхэу Ахаие хэкум* зэкIэ щыпсэухэрэмрэ мы тхылъыр къышъуфэсэтхы.
2 Тхьэу Тятэ лъапIэрэ Зиусхьанэу Исус Христосрэ анэшIу къышъущарэфи, гупсэфыныгъэ къышъуарэт.

### Паул Тхьэм щытхъу зэрэфишIырэр

3 Тхьэу ти Зиусхьанэу Исус Христос Ятэ щытхъушхор ий. ГукIэгъуныгъэшхо зиIэ Ты лъапIэу, гъэгушхоны-

---

1:1 апостол – еплъ 1 Кор. 1:1.

1:1 Тимофей – еплъ 1 Кор. 4:17.

1:1 Ахаие хэкур – еплъ 1 Кор. 16:15.

гъэри зэкIэ зыдэжь къикIырэ Тхьэр ары. [4] Сыд фэдэ гу-
зэжъогъу тыхэтми ащ тегъэгушхо. Арэущтэу Тхьэм ты-
зэригъэгушхуагъэм фэдэ къабзэу, тэри сыд фэдэ гузэ-
жъогъу хэтхэри дгъэгушхонхэ тлъэкIыщт. [5] Сыда пIомэ
Христос къинхэу ыщэчыгъэхэм тиIэхьышхо зэрахэлъым
фэдэу, Христос тыгухэм арылъэу Тхьэм инэу тегъэгу-
шхо. [6] Тэ гузэжъогъу тызыхэткIэ, ащ тызыфыхэтыр шъо
Тхьэм шъуигъэгушхонэу ыкIи шъумыкIодэу шъукъигъэ-
нэжьынэу ары. Тхьэм тызигъэгушхокIэ, тызыфигъэгу-
шхорэр тэ къинхэу тщэчхэрэм фэдэ къинхэр теубытэны-
гъэкIэ шъущэчынэу шъуигъэлъэкIызэ, шъуигъэгушхо-
нэу ары. [7] Инэу тыкъышъущэгугъы, сыда пIомэ къинхэу
тщэчхэрэм шъуиIахьэ зэрахэлъым фэдэу, Тхьэм тызэри-
гъэгушхорэм фэдэу, шъори шъузэригъэгушхощтыр тэ-
шIэшъ ары.

[8] Асие хэкум* гузэжъогъоу тызщыхэтыгъэм икъэбар
шъумышIэу щытынэу тыфаеп. Псаоу тыкъэнэжьынэу
гугъапIэ тимыIэжьэу, тфэщэчыщтым нахьи нахьыбэ гу-
зэжъогъушхо дэдэм тыхэтыгъ. [9] Шъыпкъэу, хьыкумы-
шIэм укI хьыкум къыттыралъхьанэу къыIуагъэм фэдэу
къытщыхъугъ. Ар зыфэхъугъэр тэ тшъхьэ тыщымыгу-
гъэу, лIагъэхэр къэзыгъэтэджыжьырэ Тхьэм тыщыгу-
гъыныр ары. [10] Ащ фэдэ лIэныгъэу къытпыщытым Тхьэм
тыкъыIэкIихыжьыгъ, ыкIи тыкъыIэкIихыжьыщт. Шъуи-
тхьэлъэIухэмкIи шъукъыддэIэпыIэзэ, Тхьэм аргорэу ты-
къыIэкIихищыжьынэу ежьым тыщэгугъы. [11] Арэущтэу
цIыфыбэ къытфелъэIунышъ, Тхьэм ынэшIу къытщи-
фэщт, ынэшIу къызэрэтщифагъэм пайй, цIыфыбэмэ тэ
тцIэкIэ Тхьэм ищытхъу ашIыщт.

## Паул игухэлъ зыкIызэблихъугъэр

[12] Мыры тызэрызыщытхъужьырэр: гъэпцIэныгъэ зи
къытхэмылъэу, Тхьэм ыгу зэIурэ гухэлъ къэбзагъэ тиIэу
мы дунаем, пстэуми апэу шъуадэжь, тызэрэщызекIуа-
гъэмкIэ тыгухэр шыхьат къытфэхъух. Тхьэм ынэшIу
къызэрэтщифагъэм тетэу, арэущтэу тызекIуагъ, мы ду-
наем ицIыфхэм язэхэшIыкIыныгъэу зыфаIорэм тетэу
арэп. [13,14] Сыда пIомэ шъузэджэшъуным ыкIи къыжъугу-
рыIошъуным нэмыкI къышъуфэттхырэп. Икъугъэу къы-

---

1:8 Асие хэкур – еплъ 1 Кор. 16:19.

жъугурымыIуагъэри икъугъэу къызэрэжъугурыIощтым
сыщэгугъы. Ащыгъум ти Зиусхьан Исус къызыкIожьыщт
мафэм дэжь тэ шъоркIэ тызэрэзыщытхъужьыщтым фэ-
дэу, шъори тэркIэ шъузщытхъужьыщт.
15 Ащ сыщэгугъыти, апэу шъуадэжь сыкъэкIонэу сы-
фэягъ, тIо ишIуагъэ къышъокIыным пае. 16 Македоние
хэкум* сызыкIокIэ, шъуадэжь дырескIозэ ащ сыкIонэу сы-
гу хэлъыгъ; Македонием сыкъызикIыжькIи, шъуадэжь
къыдырескIозэ Иудей хэкум сыкIоным пае, сигъогукIэ
IэпыIэгъу шъукъысфэхъунэу сыфэягъ. 17 Арэущтэу гу-
хэлъ сиIэ зэхъум, сыгу илъыр сымышIэу сызекIуагъэу
ара? Е мы дунаем ицIыфхэм ягухэлъхэр зэрашIыхэрэм
фэдэу, сигухэлъхэр сэшIыха? Зэ, «Ары», зэ, «Хьау,
арэп», сIонэу сихабза?
18 ГущыIэу къышъотIуагъэр зэ арэу, зэ армырэу зэрэ-
щымытыр, Тхьэм ишъыпкъагъэмкIэ сэIо. 19 Сыда пIомэ
Силуан*, Тимофей, сэры, Тхьэм ыКъоу Исус Христосэу
зикъэбар шъуадэжь щыдгъэIугъэр зэ арэу зэ армырэу
щытэп, ау Исус Христосыр ары Тхьэм тыкъызэригъэ-
гугъэгъэ Iофхэр къэзыгъэхъурэр ыкIи шъыпкъэу зы-
шIырэр. 20 Сыда пIомэ Тхьэм тыкъызэригъэгугъэгъэ
Iоф пстэуми «Ары» ыкIи «Амин»* афэхъоу, ахэр къэзы-
гъэхъурэр ыкIи шъыпкъэу зышIырэр Христос ары, тэ
Тхьэм щытхъушхо фэтшIыным пае. 21 Тхьэр ары шъо-
ри тэри Христос игъогу пытэу тытезыгъэтырэри, тиIоф
тшIэнэу тызыгъэнэфагъэри*. 22 Ежьыр ары ибынхэм тызэ-
ращыщыр тэзыгъашIэрэ мыхъурэу* ыкIи шIугъэ къызэ-
рэтигъэгъотыщтым ищэсэу* ежьым Ыпсэ ЛъапIэ тыгу-
хэм къарызылъхьагъэр.
23 Шъыпкъагъэр сымыIомэ, сэрэкIод. Сыкъышъушъ-
хьасынэу ары Коринф къалэм джырэ нэсы сыкъызкIэ-
мыкIуагъэр, Тхьэр ащкIэ шыхьат къысфэхъунэу зыфэ-
сэгъазэ. 24 Шъо шъуишIошъхъуныгъэ тетыгъо фытиIэнэу
тыфаеп, шъудгъэгушIонэу тыкъыжъудэлажьэ нахь, сыда
пIомэ шIошъхъуныгъэм игъогу пытэу шъутет.

---

1:16 Македоние хэкур – еплъ 1 Кор. 16:5.

1:19 Силуан – Паул дэлажьэу игъогогъухэм ащыщыгъ. Еплъ Апостол. 15:22–18:5.

1:20 Амин – еплъ 1 Кор. 14:16.

1:21 тиIоф тшIэнэу тызыгъэнэфагъэр – гущыIэ-гущыIэу зэдзэкIыгъэу мырэущтэу мэхъу: тиIоф тшIэнэу дагъэ къытщызыгъэфагъэр.

1:22 мыхъур – еплъ 1 Кор. 9:22.

1:22 шэсы – еплъ 1 Кор. 15:20.

# ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

Арышъ, шъугу хэзгъэкIынэу шъуадэжь джыри зэ сыкъэмыкIожьынэу тесыубытагъ. [2] Сыда пIомэ сэ шъугу хэзгъэкIымэ, шъо зыгу хэзгъэкIыхэрэм нэмыкIэу сызыгъэгушIонэу хэта къэнэжьырэр? [3] Шъо сызыгъэгушIон фаехэм сыкъызыкIокIэ сыгу хэшъумыгъэкIынэу ары зэрэстхыгъэм фэдэу къызфышъуфэстхыгъэр. Iофэу сэ сызыгъэгушIорэм шъо зэкIэ шъузэригъэгушIорэм сицыхьэ телъ. [4] Сыда пIомэ гузэжъогъушхорэ гумэкIыгъошхорэ сиIэу, сыгъэуи къышъуфэстхыгъ. Шъугу хэзгъэкIынэу арэп къызфэстхыгъэр шIулъэгъуныгъэшхоу къышъуфысиIэр шъозгъэшIэнэу ары нахь.

## Паул ыгу хэзыгъэкIыгъэм зэрэфигъэгъугъэр

[5] Зыгорэм нэмыкI горэм ыгу хигъэкIыгъэмэ, зыгу хигъэкIыгъэр сэрэп, есымыгъэлыенэу шъо зэкIэми гухэкIыныгъэ Iахьэ къышъуфэхъугъ. [6] Шъуащыщэу нахьыбэмэ ащ фэдэ цIыфым а къинэу тешъулъхьагъэр икъущт. [7] Арышъ, гухэкIыныгъэшхом а цIыфыр ымыгъэкIодыным пае, ащ фэжъугъэгъун ыкIи жъугъэгушхон фае. [8] Арэущтэу зэрэщытым пае, шъуишIулъэгъуныгъэ шъыпкъэу ежъугъэлъэгъунэу сышъолъэIу. [9] Сыкъызфэтхагъэр шъуишъыпкъагъэ зынэсырэр згъэунэфынэуи, сыд щыщымкIэ шъукъысфэIорышIэу шъущытмэ зэзгъэшIэнэуи ары. [10] Шъо зыфэжъугъэгъурэ цIыфым сэри фэсэгъэгъу. Iофэу згъэгъугъэр, згъэгъун Iоф щыIагъэмэ, сишIуагъэ шъозгъэкIыным пае, Христос ыпашъхьэ щызгъэгъугъ, [11] шэйтаным тыкъимыгъэпцIэным пае. Сыда пIомэ ащ игухэлъхэр тэ тымышIэу щытэп.

## Троадэ къалэм Паул гумэкIыныгъэу зыщыIукIагъэр

[12] Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур згъэIунэу Троадэ къалэм* сызэкIом, Зиусхьаным зы пчъэ къысфызэIуихыгъэ пэтми, [13] гупсэфыгъо сиIагъэп, сыда пIомэ сшы Тит* ащ щызгъотыгъэп. Арэущтэу, сшыхэм аIапэ сы-

2:12 Троадэ къалэр – къухьэуцупIэ иIэу, Эгейскэхым Iутэу, Мисие хэкум щыщыгъ.

2:13 Тит – Паул дэлажьэу игъогогъухэм ащыщыгъ. Еплъ Гал. 2:1–3.

убытыжьи, Македоние хэкум* сыкIонэу гъогум сытехьа-
жьыгъ.

## Христос текIоныгъэр къызэрэтигъэхьырэр

14 Тхьэм щытхъушхор ий. Христос тыгухэм арылъэу
Тхьэм текIоныгъэр къытегъэхьы зэпыт, тэ Iофэу тшIэ-
рэмкIи Христос ехьылIэгъэ къэбарэу мэ IэшIум фэдэр
тыдэкIи цIыфхэм ахегъахьэ. 15 Сыда пIомэ цIыфхэу мы-
кIодхэу Тхьэм къыгъэнэжьхэрэми, цIыфхэу кIодыпIэм
игъогу тетхэми тахэтэу, тэ тызфэдэр Христос уцэу мэ
IэшIу къызпихэу, Тхьэм ыпашъхьэ рихьылIэрэр ары. 16 Зы
цIыф горэхэм алъэныкъокIи лIэныгъэ къызхэкIырэ мэ
Iаем тыфэд, адрэ цIыфхэм алъэныкъокIи щыIэныгъэ
къызхэкIырэ мэ IэшIум тыфэд. Ащ фэдэу Iоф ыгъэ-
цэкIэнэу хэта зылъэкIыщтыр? 17 Сыда пIомэ цIыфыбэу
Тхьэм игущыIэхэр зэIызыгъахьэхэрэм тафэдэп. Арэу-
щтэу мыхъоу, Христос тыгухэм арылъэу, шъыпкъагъэ
тиIэу Тхьэм тырилIыкIошъ, ежьым ыпашъхьэ игущыIэ-
хэр тэгъэIух.

# ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

## ЗэзэгъыныгъакIэм икъэбар цIыфхэм ятэгъашIэ

Тызщытхъужьынэу джыри зэ къэтыубла? Хьауми зыго-
рэм къышъуфитхыгъэу е шъо шъутхыгъэу къытщытхъу-
рэ тхылъ горэ тищыкIагъа, цIыф заулэмэ зэрящы-
кIагъэм фэдэу? 2 Шъо къытщытхъурэ тхылъым шъу-
фэд. Ар тыгухэм арытхагъэу щыт. ЦIыф пстэуми а тхы-
лъыр ашIэн ыкIи еджэнхэ алъэкIыщт. 3 ТиIоф шIугъэу
къыхэкIыгъэу, Христос ытхыгъэ тхылъым фэдэу шъузэ-
рэщытыр къэшъогъэлъагъо. А тхылъыр къамзый мэр-
чэпкIэ тхыгъэп, щыIэныгъэ къытэзытырэ Тхьэм Ыпсэ
ЛъапIэкIэ тхыгъэ нахь. Мыжъобгъухэми атетхагъэу
щытэп, цIыфхэм агухэм арытхагъэу щыт нахь.

4 Христос Тхьэм тызэрэщигъэгугъырэм пае, арэущтэу
тэIо. 5 Тэр–тэрэу тилъэкIыныгъэкIэ зыгорэ къэтыгупшы-

---

2:13 Македоние хэкур – еплъ 1 Кор. 16:5.

сын тлъэкIэу тIорэп, ау лъэкIыныгъэ къытэзытырэр
Тхьэр ары. [6] Ащ зэзэгъыныгъакIэм* тыфэлэжьэнэу лъэ-
кIыныгъэ къытитыгъ. А зэзэгъыныгъэр гущыIэ тхыгъэ-
хэм атет зэзэгъыныгъэу щытэп, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ
ыдэжь къикIырэ зэзэгъыныгъэу щыт нахь; сыда пIомэ
гущыIэ тхыгъэм егъалIэ, ау Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ къе-
гъэпсэужьы.

[7] ХьарыфхэмкIэ мыжъобгъухэм атетхэгъэ Тэурат хабзэм
Iофэу ышIагъэм лIэныгъэ цIыфхэм къафигъэкIонэу ары-
гъэ пэтми, щытхъушхо иIэу къэкIуагъ. Арэущтэу пе-
гъымбар Мусэ ынэгу нэфынэшхоу кIэтыр* текIыжьэу
щытыгъэ пэтми, Израил цIыфхэр ынэгу еплъынхэ алъэ-
кIыщтыгъэп. [8] Арэущтэу зэрэщытым пае, Тхьэм Ыпсэ
ЛъапIэ Iофэу ышIэрэм ащ нахьи нахь щытхъушхо иIэн
фаеба? [9] Тэурат хабзэу цIыфхэр зыгъэмысэрэм Iофэу
ышIагъэм щытхъушхо иIагъэмэ, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэу
цIыфхэм Тхьэм ыдэжькIэ шъыпкъагъэ яIэу зыгъэхъу-
рэм Iофэу ышIэрэм ащ нахьи бэкIэ нахь щытхъушхо иIэн
фае. [10] Сыда пIомэ Тэурат хабзэу щытхъушхо иIэу щыты-
гъэм щытхъу зи имыIэжьэу къэнэ, ыужкIэ къэкIогъэ
къэбарышIоу нахь щытхъушхо зиIэм фэбгъадэмэ. [11] Тэу-
рат хабзэу кIодыжьыщтыгъэм щытхъушхо иIагъэмэ, къэ-
барышIоу мыкIодэу къэнэжьырэм ащ нахьи бэкIэ нахь
щытхъушхо иIэн фае.

[12] Арышъ, ащ фэдэ щыгугъыгъэныр зэрэтиIэм пае, тыгу-
шхоу тыкъэгущыIэ. [13] Пегъымбар Мусэ зэрэзекIуагъэм фэ-
дэу тызекIорэп. Израил цIыфхэм ащ ынэгу кIэт нэфынэшхор
зэрэкIодырэр амылъэгъуным пае, ынэгу рихъуагъ*.
[14] Яакъылхэр гуркъэхэу хъугъэх. Непэрэ мафэм нэсы пэ-
сэрэ зэзэгъыныгъэм итхылъхэм* зяджэхэкIэ, яакъылхэр
ихъуагъэхэу къэнэх, сыда пIомэ Христос закъор а нэ-

---

3:6 зэзэгъыныгъакIэр – Тхьэм ежьымрэ ицIыфхэрэ азыфагу дилъхьэ-гъэ зэзэгъыныгъэр ары. Мыщ дэжьым Паул зэзэгъыныгъакIэу Исус Христос ыгъэхъугъэр пэсэрэ зэзэгъыныгъэу пегъымбар Мусэ иТэурат хабзэм зигугъу ышIэу итым фегъадэ.

3:7 пегъымбар Мусэ ынэгу нэфынэшхоу чIэтыр – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 34:29.

3:13 ынэгу рихъуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 34:33.

3:14 пэсэрэ зэзэгъыныгъэм итхылъхэр – джуртхэм ятхылъ лъапIэхэр ары: Тэурат, Сэбур, пегъымбархэм атхыгъэ тхылъхэри, нэмыкIхэри.

кІурыхъор Іузыхыжьын зылъэкІырэр. [15] Израил цІыфхэр
непи пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ зеджэхэкІэ, агу
техъон иІ. [16] Ау зыгорэм Зиусхьаным зызэрэфигъазэу,
а техъуагъэр техыгъэ мэхъу. [17] Зиусхьаныр Тхьэм Ыпсэ
ЛъапІэ ары, ар зыдэщыІэми шъхьафитныгъэри щыІ.
[18] Тэ зэкІэ, зынэгу имыхъуагъэу Зиусхьаным ищытхъу-
шхо гъунджэм къызэрищырэм фэдэу еплъыхэрэм, нахь
щытхъушхо тиІэ хъу зэпытэу, ежьым фэдэ тыхъоу, зэ-
блэхъугъэу тэхъу зэпыт. Ар зэкІэри къызхэкІырэр Зиус-
хьаным Ыпсэ ЛъапІэ ары.

## ЯПЛІЭНЭРЭШЪХЬ

### Мылъкушхоу ятІэм хэшІыкІыгъэ хьакъушыкухэм арылъыр

Арышъ, Тхьэм ынэшІу щыфэныгъэкІэ мы Іофыр тэ
тпшъэ къырилъхьагъэшъ, тыгу дгъэкІодырэп. [2] Гъэбы-
лъыгъэ емыкІу Іофхэми зафэдгъазэрэп. ТхьагъэпцІыгъэ-
кІэ тызекІорэп, Тхьэм игущыІэхэри зэІыдгъахьэхэрэп. Ау
шъыпкъагъэр зэрафэдгъэнафэрэмкІэ цІыф пстэуми агу-
хэмкІэ тызэрадэным Тхьэм ыпашъхьэ тыщыпылъ. [3] Ау къэ-
барышІоу дгъэІурэр мынафэмэ, кІодыпІэм игъогу тетхэр
ары зыфэмынафэр. [4] Шэйтанэу мы дунаем итхьэм шІошъ-
хъуныгъэ зимыІэхэм агухэр нэшъу ышІыгъэх. Арэу-
щтэу зыфишІагъэр Христосэу Тхьэм фэдэ къабзэу щытым
ищытхъушхо ехьылІэгъэ къэбарышІум инэфынэу ахэмэ
къатепсырэр амылъэгъуныр ары. [5] Къэбарэу цІыфхэм
ядгъэІурэр зэхьылІагъэр тэрэп, Исус Христос Зиусхьанэу
зэрэщытыр ары нахь. Тэри Исус игъогу тызэрэрыкІорэм
пае тыкъышъуфэлажьэ. [6] Сыда пІомэ «ШІункІыгъэм нэ-
фынэ къыхэрэкІ»,* ыІоу зыІуагъэ Тхьэм инэфынэ тыгу-
хэм къаридзагъ. А нэфынэм Тхьэм ищытхъушхоу Христос
ынэгу къыхэщырэр зыфэдэр тегъашІэ.

[7] Ау мы мылъкушхор тэ, ятІэм хэшІыкІыгъэ хьакъушы-
къухэм фэдэхэм, тыгухэм арылъэу тиІ. Арэущтэу зыфэ-
хъугъэр лъэкІыныгъэшхо зиІэр Тхьэр арэу, тэрмырэу
нафэу хъуныр ары. [8] Лъэныкъо пстэумкІи чІыпІэ зэжъу
тыраубытагъэм фэд, ау тыдэкъузагъэу щытэп. ТшІэщтыр

4:6 ШІункІыгъэм нэфынэ къыхэрэкІ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 1:3.

тшIахэрэп, ау тыгу дгъэкIодырэп. [9] ЦIыфхэм къин тагъэ-
щэчы, ау Тхьэм тизакъоу тыкъигъанэрэп. ЧIыгуми ты-
тырадзэ, ау тыкIодырэп. [10] Тэ тпкъыхэм ахэлъэу Зиусхьан
Исус илIэныгъэ къетэхьэкIы зэпыт, Исус ищыIэныгъэ
тпкъыхэмкIэ нафэу къэлъэгъоным пае*. [11] Сыда пIо-
мэ тыщыIэ пэтэу Исус тызэрэфэлажьэрэм пае, лIэны-
гъэр къытшъхьащыт зэпыт, Исус ищыIэныгъэ тпкъыхэу
лIэщтхэм зэрахэлъыр нафэу къэлъэгъоным пае. [12] Арэу-
щтэу лIэныгъэр тэ къытхэлъэу Iоф ешIэ, ау щыIэныгъэр
шъо къышъухэлъэу Iоф ешIэ.*

[13] «ШIошъхъуныгъэ сиIэти, сыкъэгущыIагъ», Тхьэм
игущыIэ тхыгъэхэм арыт.* Ащ фэдэ шIошъхъуныгъэ
тэри тиIэу, тыкъэгущыIэ, [14] сыда пIомэ Тхьэу Зиусхьанэу
Исус лIагъэхэм къахэзыгъэтэджыкIыжьыгъэм Исус
тыгухэм арылъэу тэри тыкъигъэтэджыжьынышъ, шъо
тышъуигъусэу ежьым ыпашъхьэ тызэрэригъэуцощтыр
тэшIэ. [15] Мыр зэкIэ зыфэхъурэр ишIуагъэ шъо къышъо-
кIыныр ары. Арэущтэу Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэ цIыф
нахьыбэмэ анэс къэс, цIыф нахьыбэми ищытхъушхо
ашIыщт, илъытэныгъэшхо къагъэлъагъозэ.

## Тыгу дгъэкIодырэп

[16] Арышъ, тыгу дгъэкIодырэп. Тпкъыхэр кIодыхэ зэ-
пытми, Тхьэм мафэ къэс тыгухэм арылъыр егъэкIэжьы
зэпыт. [17] Сыда пIомэ джы гузэжъогъу макIэу ыкIи кIакоу
тызхэтым шIугъэу къыхэкIырэр гузэжъогъоу тызхэтым
фэмыгъэдэшъун щытхъушхоу мыкIодыжьыщтыр ары.
[18] Арэущтэу цIыфхэм Iофэу алъэгъушъухэрэм тяплъырэп,
Iофэу амылъэгъушъухэрэм тяплъы нахь. Сыда пIомэ
Iофэу алъэгъушъухэрэр кIодыжьыщтых, ау Iофэу амы-
лъэгъушъухэрэр мыкIодыжьхэу къэнэжьыщтых.

---

4:10 Исус ищыIэныгъэ тэ тпкъыхэмкIэ нафэу къэлъэгъоным пае – тэ тыпсаоу зэрэщытым Исус псаоу зэрэщытыр къегъэлъагъо.

4:12 лIэныгъэр тэ къытхэлъэу Iоф ешIэ, ау щыIэныгъэр шъо къышъухэлъэу Iоф ешIэ – ащ къикIырэр: тэ апостолхэм Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур зэрэдгъэIурэм пае, таукIынкIи мэхъу, ау шъо а къэбарышIур зэрэшъодгъэIурэм пае, мыкIодыжьын щыIэныгъэ шъогъоты.

4:13 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт– еплъ Сэбур (Псалтыр) 116:10 (урыс библиемкIэ 115:1).

## ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

Мы дунаем тызэрыщыпсэурэ чэтэнгъэIагъэу тпкъы
кIодмэ, Тхьэм къытфишIыгъэ псэупIэу, IэкIэ мышIы-
гъэу, мыкIодыжьын унэ* уашъом зэрэщытиIэщтыр тэ-
шIэ. 2 Ащ нэсыфэ уашъом щыщ унэм тыщыпсэунэу ты-
кIэхъопсэу тыхэщэтыкIы. 3 Арэущтэу тыфэпагъэу пцIа-
нэу тыкъэнэщтэп. 4 Мы тпкъэу чэтэнгъэIагъэм фэдэм
тыщэпсэуфэ, тыхэщэтыкIы, гузэжъогъуи тыхэт, сыда
пIомэ лIэн фэе пкъыр дгъэтIылъынэу тыфэмыеу, уа-
шъом щыщ пкъыр къытхалъхьаным тыфай. Арэущтэу
лIэн фаем ычIыпIэ щыIэныгъэм ыубытыщт. 5 Тхьэр ары
мы Iофым пае тыкъэзыгъэхъугъэр, шэсым* фэдэу Ыпсэ
ЛъапIи тыгухэм къарызылъхьагъэр.

6 Арышъ, сыдигъуи тэгушхо, пкъи тыщэпсэуфэ, Зиус-
хьаным тызэрэпэчыжьэр тэшIэ. 7 Сыда пIомэ шIошъхъу-
ныгъэм тетэу тэзекIо нахь, тлъэгъурэм тетэу тызекIо-
рэп. 8 Тэгушхо ыкIи тпкъыхэм тахэкIынышъ, Зиусхьаным
тыригъусэу тыщыIэныр нахь къатштэщтыгъ. 9 Арышъ,
пкъым тыхэлъми, тыхэмылъми, Зиусхьаным ыгу къызэ-
дгъэIуным лъэшэу ыуж тит. 10 Сыда пIомэ тэ зэкIэми
Христос хьыкум къыттришIыхьанэу итIысыпIэ лъапIэ ыпа-
шъхьэ тиуцон фае, мы дунаем хэти щишIагъэм ифэ-
шъуашэ, шIугъэми бзэджагъэми ыгъотыжьыным пае.

### Тхьэм Христос Iофэу ышIагъэмкIэ ежьым тешIужьыгъэу тызэригъэхъугъэр

11 Зиусхьаным ищынагъо тыгухэм арылъыныр зыфэдэр
зэрэтшIэрэм пае, цIыфхэр ащ игъогу тедгъэхьанхэм
тыпылъ. Тыгухэм арылъыр ТхьэмкIэ нафэ, шъори шъу-
гухэмкIэ тыгухэм арылъыр зэрэшъушIэрэм сыщэгугъы.
12 Шъуапашъхьэ джыри зэ тызщытхъужьрэп, ау цIыф-
хэу зыгухэм арылъым емыплъыхэу, зитеплъэкIэ зыщы-
тхъужьхэрэм зыгорэ яшъодгъэIоным пае, шъутщытхъу-
жьынэу игъо шъуитэгъафэ. 13 Сыда пIомэ тэ тшъхьэ

---

5:1 мыкIодыжьын унэ – адрэ дунаем пкъэу щытиIэщтыр ары.

5:5 шэсы – еплъ 1 Кор. 15:20.

зэкIокIыгъэмэ, ар Тхьэм ищытхъу къэкIоным пае. Тшъхьэ
зэмыкIокIыгъэмэ, шъо шъуишIуагъэ ащ къекIы. [14]Сыда
пIомэ Христос шIулъэгъуныгъэу къытфырилэм тызIэ-
кIиубытагъ. Зы нэбгырэ закъо* цIыф пстэуми зэрафэ-
лIагъэм пае, зэкIэри лIагъэхэм афэдэхэу зэрэщытхэм ты-
щэгугъы. [15]Псэухэр ежьхэм ашъхьэкIэ зыфэмыпсэухэу, ау
ахэмэ апае лIагъэу, лIагъэхэми къахэтэджыкIыжьыгъэм
фэпсэунхэм фэшI, цIыф пстэуми апае Христос лIагъэ.

[16]Арышъ, джы щегъэжьагъэу мы дунаем ицIыфхэр цIыф-
хэм зэряплъыхэрэм фэдэу, тэ зыми теплъыжьрэп. Арэу-
щтэу зэгорэм Христос теплъыщтыгъэми, джы теплъыжь-
рэп. [17]Арышъ, Христос зы цIыф горэм ыгу илъ хъумэ, а
цIыфыр Тхьэм икIэрыкIэу къыгъэхъужьыгъ. А цIыфым
ищыIэкIэжъ блэкIыгъ, щыIэкIакIэр ыублагъ. [18]Ар зэкIэ-
ри Тхьэм ыдэжь къекIы. Ащ Христос Iофэу ригъэшIа-
гъэмкIэ тешIужьыгъэу тигъэхъугъ, цIыфхэр ежьым едгъэ-
шIужьынхэм иIофи тэ тпшъэ къырилъхьагъ. [19]Сэ зыфа-
сIорэр мыры: ЦIыфхэм псэкIод ашIагъэу щыт пэтми,
Тхьэм ежьым ыдэжькIэ ахэр мысэхэу ымылъытэхэзэ,
Iофэу Христос ригъэшIагъэмкIэ дунаем ицIыфхэр ежьым
ешIужьыгъэхэу ыгъэхъугъэх, цIыфхэр ежьым ешIужьы-
гъэхэу зэригъэхъухэрэм икъэбарэри ядгъэIунэу тэ тпшъэ
къырилъхьагъ. [20]Арышъ, тэ Христос тырилIыкIох. Ты-
жэкIэ Тхьэр къышъолъэIу. Христос ыцIэкIэ тышъолъэIу:
Тхьэм шъуешIужь. [21]Сыда пIомэ Христосэу псэкIод зи
зымышIагъэр Тхьэм псэкIодым икъурмэныпхъэу ышIыгъ,
Христос тыгухэм арылъэу Тхьэм ежьым ыдэжькIэ шъы-
пкъагъэ тиIэу тилъытэным пае.

## ЯХЭНЭРЭШЪХЬ

Тхьэм тыдэлажьэу, Тхьэм ынэшIу хьаулыеу къышъущи-
фагъэу къычIэмыкIыным шъуфэсакъынэу тышъолъэIу.
[2]Сыда пIомэ Тхьэм къызэриIорэр игущыIэ тхыгъэхэм
арыт:*

---

5:14 зы нэбгырэ закъо – Христосыр ары.

6:2 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 49:8.

«Игъоу зыслъытэгъэ мафэм сыкъыодэIугъ,
цIыфхэр мыкIодхэу, къызызгъэнэжьырэ мафэми
IэпыIэгъу сыкъыпфэхъугъ».

ШъукъэдаIу, Тхьэм игъоу ылъытэрэ уахътэр джы дэдэр ары, цIыфхэр мыкIодхэу Тхьэм къызигъэнэжьырэ мафэри джы дэдэр ары.

3 ЦIыфхэм Iофэу тшIэрэр ашIомытэрэзыным пае, зыкIи цIыф горэм игъогу зыгъэлъэпаорэ мыжъо тетлъхьанэу
тыфаеп. 4 Арэущтэу зэрэщытым пае, Тхьэм тызэрэфэлажьэрэр лъэныкъо пстэумкIи тэгъэлъагъо: теубытэныгъэшхо зэрэтиIэмкIи, гузэжъогъу тыхэтми, къин тлъэгъуми,
гухэкI тиIэми, 5 къытаохэми, хьапсым тычIадзагъэу тычIэсми, бырсырышхо тыхафэми, тыулэуми, тичъые щыкIагъэ фэхъуми, мэлакIэ тылIэми; 6 гукъэбзагъэкIи, шIэныгъэкIи, щыIагъэкIи, шIугъэкIи; Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ тыгухэм зэрарылъымкIи, пцIы зыхэмылъ шIулъэгъуныгъэмкIи, Тхьэм тызэрэфэлажьэрэр тэгъэлъагъо;
7 шъыпкъагъэр зэрэтIорэмкIи, Тхьэм илъэкIыныгъэшхокIи, Iэ джабгъуми Iэ сэмэгуми арылъэу шъыпкъагъэм иIашэхэмкIи; 8 цIыфхэм лъытэныгъэ къытфашIыми, къытфамышIыми, IэягъэкIэ къыттегущыIэхэми, къытщытхъужьхэми Тхьэм тызэрэфэлажьэрэр тэгъэлъагъо; цIыфхэр тэгъэгъуащэхэу талъытэ, ау шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэу тыщыт; 9 цIыфхэм тамышIапхъэ фэдэу къытэплъых,
ау цIыф пстэуми ташIэ; тылIагъэ фэдэу къытэплъых, ау мары тыщыI; къин къыттралъхьэ, ау таукIырэп; 10 тыгу
хагъэкIы, ау тэгушIо зэпыт; тэ тытхьамыкI, ау цIыфыбэхэр бай тэшIых; зи тимыIэу къэлъагъо, ау зэкIэри тиI.

11 Шъо, Коринф цIыфхэр, нафэу тыкъыжъудэгущыIагъ, тыгухэри къышъуфызэIутхыгъ. 12 Тыгухэр къышъуфэдгъэпытагъэп, ау шъо шъугухэр къытфэжъугъэпытагъ. 13 Ащ ипэгъокI фэдэу, шъори шъугухэр къытфызэIушъухых. Сабыйхэм сызэрадэгущыIэрэм фэдэу сыкъыжъудэгущыIэ.

## ЩыIэныгъэ зиIэ Тхьэм иунэр тэры

14 ШIошъхъуныгъэ зимыIэхэм гъусэ шъуафэхъунэу зыбжь шъуадыкIэмыуцу. Шъыпкъагъэмрэ бзэджагъэмрэ сыдэущтэу гъусэ зэфэхъущтха? Нэфынэмрэ шIункIыгъэмрэ

сыд фэдэ гъусагъа зыфыряIэр? 15 Христосрэ Велиаррэ*
сыд фэдэ зэзэгъыныгъэ азыфагу дэлъына? ШIошъхъуны-
гъэ зиIэмрэ зимыIэмрэ сыдэущтэу яIахьэ зэхэлъына?
16 Тхьэм иунэшхорэ тхьэ нэпцIхэмрэ сыд фэдэ зэзэгъыны-
гъэ азыфагу дэлъына? Сыда пIомэ щыIэныгъэ зиIэ Тхьэм
иунэшхор тэры, Тхьэм къызэриIуагъэм фэдэу:*

«Сэ ахэмэ сахэсыщт ыкIи сахэтыщт.
Сэ ахэмэ я Тхьэу сыщытыщт,
ахэри сэ слъэпкъэу щытыщтых.
17 'Арышъ', къеIо Зиусхьаным,*
'ахэмэ шъуакъыхэкIи, зы лъэныкъоу шъухъу.
Мыкъабзэм шъунэмыси,
ащыгъум сэ шъо шъусштэщт.
18 Сэ Ты сыкъышъуфэхъущт,
шъори къорэ пхъурэ шъукъысфэхъущт',
лъэкIыныгъэшхо пстэури зиIэ Зиусхьаным къеIо».

## ЯБЛЭНЭРЭШЪХЬ

ТилъапIэхэр, а IофхэмкIэ Тхьэм тыкъызэригъэгугъа-
гъэм пае, тпкъыхэмрэ тыгухэмрэ зыгъэушIоирэ пстэури
зыхэтэжъугъэгъэкъэбзыкIыжьи, Тхьэм ищынагъо тыгу-
хэм арылъэу, тыгухэм якъэбзагъэ зэридгъэкъуным ыуж
тижъугъэт.

## Паул зэрэгушIорэр

2 Шъугухэр къытфызэIушъухых: Зыми тиягъэ едгъэ-
кIыгъэп, хэти дгъэунэхъугъэп, зыми ишIуагъэ зэд-
гъэкIыгъэп. 3 Шъо шъузгъэмысэнэу арэп ар зыфасIорэр;
сыда пIомэ ыпэкIэ къызэрэсIогъагъэм фэдэу, тызэгъусэу
тыпсэунэу, тызэгъусэуи тылIэнэу тыгухэм шъуарылъ.
4 Инэу сыкъышъущэгугъы. Бэу сызэрыпагэрэр шъоры.

6:15 Велиар – шэйтаныр ары.

6:16 Тхьэм къызэриIуагъэм фэдэу – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 26:12; Пегъымбар Иезекиил тхылъэу ытхыгъэм 37:27.

6:17–18 къеIо Зиусхьаным – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 52:11; Пегъымбар Самуел икъэбар ээрыт ятIонэрэ тхылъым (2–я Царств) 7:14.

Гузэжъогъу пстэуми тахэтми, гушхоныгъэшхорэ гушIо-
гъошхорэ тиIэх.

[5] Сыда пIомэ Македоние тыкъызэкIом, тэ тпкъыхэмкIэ
гупсэфыгъо дгъотыгъэп, лъэныкъо пстэумкIи гузэжъо-
гъу тыхэтыгъ, зэнэкъокъуныгъэхэми тахэтыгъ, щына-
гъуи тыгухэм арылъыгъ. [6] Ау Тхьэу зыгу кIодыгъэхэр
зыгъэгушхорэм Тит къызэрэкIуагъэмкIэ тигъэгушхуагъ.
[7] Ау ар къызэрэкIуагъэм изакъоу арэп тызыгъэгушхуа-
гъэр, шъо Тит зэрэжъугъэгушхуагъэм икъэбари ары.
Сышъулъэгъунэу инэу зэрэшъушIоигъорэри, шъузэрэ-
гъырэри, шъукъызэрэсфэгумэкIырэри къытиIотэжьыгъ.
Арэущтэу ыпэрэм нахьи нахь сыгушIуагъ.

[8] Тхылъэу къышъуфэстхыгъэмкIэ шъугухэр хэзгъэкIы-
гъэми, ащ сыфыкIэгъожьырэп. СыкIэгъожьын слъэкIы-
щтыгъ; сыда пIомэ а тхылъым шъугухэр зэрэхигъэкIы-
гъэхэр сэлъэгъу, ау шъугухэр хигъэкIыгъэхэу зэрэщы-
тыгъэр зы зэман макIэ ныIэп. [9] Ау джы сэ сэгушIо.
СызыгъэгушIорэр шъугухэр зэрэхэкIыгъэр арэп, шъуи-
гухэкIымкIэ шъуипсэкIодхэм шъузэрафыкIэгъожьыгъэр
ары нахь; сыда пIомэ Тхьэр зыфаем тетэу шъугу хэ-
дгъэкIыгъ. Арэущтэу тиягъэ зи шъодгъэкIыгъэп. [10] Гу-
хэкIэу Тхьэр зыфаем тетым шIугъэу къыхэкIырэр типсэ-
кIодхэм тафыкIэгъожьыныр ары. ТипсэкIодхэм тафы-
кIэгъожьыным шIугъэу къыхэкIырэри тымыкIодэу Тхьэм
тыкъызэригъэнэжьырэр ары. Ащ фэдэ гухэкIым уфыкIэ-
гъожьыщтэп, ау мы дунаем игухэкI Iэягъэу къыхэкIырэр
лIэныгъэр ары. [11] Сыда пIомэ мы гухэкIэу Тхьэр зыфаем
тетым шъоркIэ шIугъэу къыхэкIыгъэм шъуеплъ: Мы
IофымкIэ сыд гузэжъогъушхо шъуиIэ хъугъа, зыжъугъэ-
хыенэу сыд фэдизэ шъупылъыгъа, мысэми сыд фэдизэ
шъуфэгубжыгъа, сыд щынэгъэшхо шъугухэм арылъ хъу-
гъа, сыд фэдизэ шъукъысфэягъа, сыд гуетыныгъэшхо
шъуиIэ хъугъа, мыхъун зышIагъэм ифэшъуашэр ежъу-
гъэпщыныжьыным сыд фэдизэ шъупылъыгъа. Лъэныкъо
пстэумкIи мы IофымкIэ шъузэрэхыер къэжъугъэнэфагъ.
[12] Арышъ, сыкъышъуфэтхагъэми, мыхъун зышIагъэр*, е
мыхъун зэришIагъэр* арэп анахьэу сызэгупшысагъэр, ау

7:12 мыхъун зышIагъэр – Коринф къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм щыщ-хэм ащыщхэу Паул пэуцухэрэм ятхьаматэр ары. Еплъ 2:5–8.

7:12 мыхъун зэришIагъэр – е Паул, е ащ дэлажьэхэрэм ащыщэу зы-горэ ары.

тыкъызэрэшъуфэгумэкIырэр Тхьэм ыпашъхьэ къышъу-
фэзгъэнэфэнэу сыфэягъ. [13] А Iоф пстэуми тагъэгушхуагъ.
Тыгушхоным къыхахъоу шъо Тит ыгу зэрэжъугъэпсэ-
фыжьыгъэм пае, ар зэрэгушIуагъэр зытэлъэгъум, тэри
гушIогъошхо тиIэ хъугъэ. [14] Тит ыпашъхьэ сыкъыщышъу-
щытхъугъ, шъори сыжъугъэукIытэжьыгъэп. Ау шъы-
пкъагъэр зэкIэ къызэрэшъотIуагъэм фэдэу, Тит ыпашъ-
хьэ Iофхэу тыкъызэрэщышъущытхъугъэхэри шъыпкъэу
къычIэкIыжьыгъэх. [15] Шъо зэкIэ ежьым шъузэредэIу-
гъэу ыкIи шъущынэу, шъугухэр кIэзэзхэу шъузэрэпэ-
гъокIыгъэр Тит ыгу къызыкIыжькIэ, ыгукIэ лъэшэу
къышъуфэраз. [16] Сыд щыщымкIи сышъущыгугъынэу
зэрэслъэкIырэр сигуапэ.

## ЯЕНЭРЭШЪХЬ

### ЩыкIагъэ зиIэ къошхэм ахъщэ афаугъоиныр

Джы, сшыхэр, Македоние хэкум щыIэ чылыс зэIукIэхэм
Тхьэм ынэшIу къызэращифагъэр шъодгъэшIэнэу ты-
фай. [2] Гузэжъогъу хэтхэу, яшъыпкъагъэ инэу гъэунэфы-
гъэ зэхъум, тхьамыкIэ дэдэу щытыгъэхэми, ягушIогъошхо-
кIэ ямылъку шъхьамысыжьхэу тшыхэм адэIэпыIагъэх.
[3] АлъэкIыщтыгъэм фэдиз ыкIи нахьыби ежьхэр фаехэу
зэратыгъэмкIэ сыряшыхьат. [4] Тигъусэхэу Тхьэм ицIыф
лъапIэхэм адэIэпыIэнкIэ фит тшIынхэу яшъыпкъэу къы-
тэлъэIугъэх. [5] Тызыщыгугъыгъэм изакъоп къатыгъэр, ау
ыпэрапшIэу Зиусхьаным ежьхэм зырати, етIанэ Тхьэр
зэрэфаем тетэу тэ зыкъытатыжьыгъ. [6] Арэущтэу Тит
ахъщэр шъуугъоин Iофыр ыублагъэти, мы IофышIур
шъуигъэухыжьынэу телъэIугъ. [7] ШIошъхъуныгъэмкIи, гу-
щыIэнымкIи, шIэныгъэмкIи, гуетыныгъэшхо пстэумкIи,
шIулъэгъуныгъэу къытфышъуиIэмкIи, а Iоф пстэумкIэ
шъузэрэбаим фэдэу, мы IофымкIи шъуимылъку шъушъ-
хьамысыжьэу шъупылъ.

[8] Мыр унашъоу сэ къышъуфэсшIырэп, ау нэмыкI-
хэм гуетыныгъэшхоу яIэм фэзгъадэзэ, шIулъэгъуныгъэу
шъуиIэм ишъыпкъагъэ згъэунэфынэу сыфай. [9] Сыда пIо-
мэ ти Зиусхьанэу Исус Христос ынэшIу къызэрэтщи-

фагъэр шъошІэ. Ар баеу щытыгъэми,* тэщ пае тхьамыкІэ
хъугъэ*, итхьэмыкІагъэкІэ бай шъухъуным пае.
10 Ахъщэ шъуугъоин Іофым сызэрэхаплъэрэр шъосэІо;
сыда пІомэ ащ ишІуагъэ къышъокІыщт. БлэкІыгъэ
илъэсым къыщыублагъэу мы Іофыр зэрежъугъэжьагъэм
имызакъоу, цІыфхэу мы Іофыр апэ дэдэу зышІэнхэу
зыгу хэлъ хъугъэхэр шъоры. 11 Джы а Іофыр шъуухы,
шъушІэнэу шъуишъыпкъэу шъузкІэхъопсыгъэр мылъ-
коу шъуиІэм ифэшъуашэу жъугъэцэкІагъэ хъуным пае.
12 Сыда пІомэ цІыфыр тэным фэхьазырмэ, иІэм елъытыгъэу
ары нахь, имыІэм елъытыгъэу арэп, Тхьэм а тыныр зэри-
дэрэр.
13 НэмыкІ цІыфхэм псынкІагъо афэхъоу, шъо гузэжъо-
гъу шъухэфэн фаеу арэп зыфасІорэр, ау шъо шъуитІум
шъузэфэдэу шъузэдэІэпыІэн фае. 14 Джырэ уахътэм шъо
къышъолыжьыгъэ мылъкумкІэ ахэмэ ящыкІагъэр яшъу-
тын фае. ЕтІанэ шъо щыкІагъэ шъуиІэ хъумэ, ахэмэ
къялыжьыгъэ мылъкумкІэ шъо шъуищыкІагъэр къышъуа-
тыщт. Арэущтэу шъо шъуитІум шъузэфэдэщт. 15 Тхьэм
игущыІэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,*

«Бэ зыугъоигъэм къелыжьыгъэ щыІагъэп,
мэкІэ зыугъоигъэми зыфэныкъо иІагъэп».

## Титрэ ащ игъогогъухэмрэ

16 Сэ шъощ пае гумэкІынығъэу сиІэм фэдэ гумэкІыны-
гъэ Тхьэм Тит ыгу къызэрэрилъхьагъэм пае, щытхъу
фэсэшІы. 17 Тит тызэрелъэІугъэр ыдагъэ къодыеп, ау ыгу
лъэшэу етыгъэу ежьыр фаеу шъуадэжь къэкІо. 18 Ащ
игъусэу къэбарышІур зэригъэІурэмкІэ чылыс зэІукІэ
пстэури зыщытхъурэ тшы къэтэгъакІо. 19 Ащ нэмыкІэу
Зиусхьаным щытхъу фэтшІыным пайй, гумэкІынығъэ-
шхоу къышъуфытиІэр шъодгъэлъэгъуным пайй мы
Іофэу зишІуагъэ къакІорэр тшІэ зыхъукІэ, къыддэкІо-
нэу чылыс зэІукІэхэм а тшы къыхахыгъ. 20 Арэущтэу

8:9 баеу щытыгъэми – ежь Ятэ ыдэжь щыІэу, мы дунаем къызщыте-
хьащтым ыпэкІэ ары.

8:9 тхьамыкІэ хъугъэ – цІыфэу зэрэхъугъэр ары. Еплъ Фил. 2:6–8.

8:15 Тхьэм игущыІэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Мусэ
ятІонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 16:18.

мы тынышхомкӀэ тызэрызекӀорэ шӀыкӀэм пае, цӀыфхэм
тызэрагъэмысэщтым зыщытыдзыенэу тыфай. [21] Сыда пӀо-
мэ Зиусхьаным ыдэжькӀи цӀыфмэ адэжькӀи шӀугъэ зэрэ-
тшӀэным тыпылъ.

[22] Ащ нэмыкӀэу тшэу зигуетыныгъэшхо бэрэ ыкӀи лъэ-
ныкъо ӀаджыкӀэ къытфэзыгъэшъыпкъэжьыгъэр адрэхэм
ягъусэу къышъуфэтэгъакӀо. Джы инэу къызэрэшъуцыгу-
гъырэм пае, ыпэрэм нахьи нахь гуетыныгъэшхо иӀэ хъу-
гъэ. [23] ТиткӀэ шъукъысэупчӀымэ, ар сигъусэу къышъуфэ-
лажьэ. Мы тшыхэмкӀэ шъукъысэупчӀымэ, ахэр чылыс зэ-
ӀукӀэхэм ялӀыкӀохэу Христос щытхъу фэзышӀыхэрэр ары.
[24] Арышъ, чылыс зэӀукӀэхэм апашъхьэ шъуишӀулъэгъуны-
гъи шъыпкъагъэм тетэу тыкъызэрэшъуцытхъугъэри мы
тшыхэм къафэжъугъэшъыпкъэжь.

# ЯБГЪОНЭРЭШЪХЬ

## Игуапэу зытырэр ары Тхьэм шӀу ылъэгъурэр

Мы ӀэпыӀэгъоу Тхьэм ицӀыф лъапӀэхэм афядгъэхьы-
рэм ехьылӀагъэу къышъуфэстхынэу сищыкӀагъэп, [2] сыда
пӀомэ шъуигуетыныгъэшхо сэшӀэ. Шъо Ахаие хэкум
исхэм блэкӀыгъэ илъэсым щегъэжьагъэу Тхьэм ицӀыф
лъапӀэхэм ӀэпыӀэгъу шъуафэхъунэу хьазырэу шъущытэу
сӀуи, Македоние хэкум щыщхэм апашъхьэ сыщышъуцы-
тхъугъ. Шъуигуетыныгъэшхо ахэмэ анахьыбэри ӀэпыӀэ-
гъу хъунхэу ыгъэгушхуагъ. [3] Ау мы ӀофымкӀэ шъуищы-
тхъоу сшӀыгъэр пкӀэ имыӀэу къычӀэмыкӀыным ыкӀи зэ-
рэсӀуагъэм фэдэу шъухьазырыным пае, тшыхэр* шъуа-
дэжь къэсэгъакӀох. [4] Сыда пӀомэ Македоние хэкум щыщ-
хэр къызыздакӀохэкӀэ, шъумыхьазырэу къычӀыкӀымэ,
тыкъызэрэшъущыгугъыгъэм пае тыукӀытэжьыщт – шъо
шъузэрэукӀытэжьыщтыр къэсӀонэу ищыкӀагъэп. [5] Ары-
ти, тшыхэр шъуадэжь сапэ итхэу кӀонхэшъ, тыкъызэры-
жъугъэгугъэгъэ тыныр ыпэкӀэ къызэрэжъугъэхьазыры-
ным лъыплъэнхэу сялъэӀун фаеу сэлъытэ. Арэущтэу шъуи-
мыгуапэ хъурэ тынэу мыхъоу, шъуигуапэ хъурэ тынэу ар
хьазырыщт.

---

9:3 тшыхэр – Титрэ (8:16–17) нэмыкӀхэмрэ (8:18,22) ары.

6 Сэ зыфасIорэр мары: МакIэ зыпхъырэм макIэ къыхы-
жьыщт. Бэ зыпхъырэми бэ къыхыжьыщт. 7 Хэти ыгукIэ
зэрэтыриубытагъэм фэдэу ерэт, гухэкI хэмылъэу, емы-
гъэзыгъэу ерэт; сыда пIомэ игуапэу зытырэр ары Тхьэм
шIу ылъэгъурэр. 8 Тхьэм гъунэ имыIэу ынэшIу инэу къы-
шъущифэн ылъэкIыщт. Арэущтэу лъэныкъо пстэумкIи
шъуищыкIагъэр зэкIэ шъуиIэ зэпытыщт, сыд щыщырэ
Iоф дэгъум пайй къэшъутынэу икъуным нахьи нахьыбэ
шъуиIэщт. 9 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэ-
дэу,*

«Бэу тхьамыкIэхэм афигощыгъ.
Ишъыпкъагъэ егъашIэми щыIэщт».

10 Зыпхъырэм чылапхъэ езытырэ Тхьэу, хьалыгъуи
ышхынэу езытырэм чылапхъэ къышъуитынышъ, ыгъэ-
бэгъощт. Шъуишъыпкъагъэ шIугъэу къыхэкIырэри
ыгъэбэгъощт. 11 Сыдигъуи тынкIэ шъуимылъку шъушъ-
хьамысыжьынэу сыдрэмкIи Тхьэм бай шъуишIыщт.
Арэущтэу тынкIэ шъуимылъку шъузэрэшъхьамысыжьы-
рэм пае, а тыныр тшыхэм заIэкIэдгъахьэкIэ, цIыфыбэмэ
Тхьэм ищытхъушхо яжъугъэшIыщт.

12 IэпыIэгъу шъузэрэхъурэмкIэ Тхьэм ицIыф лъапIэхэм
ящыкIагъэмкIэ IэпыIэгъу шъузэрафэхъурэм имыза-
къоу, цIыфыбэми Тхьэм ищытхъушхо инэу яшъогъэшIы.
13 Арэущтэу тшыхэм IэпыIэгъу шъузэрафэхъурэмкIэ шъуи-
шъыпкъагъэ къызыжъугъэшъыпкъэжькIэ, Христос ехьы-
лIэгъэ къэбарышIум шыхьат шъузэрэфэхъурэм ыкIи шъу-
зэредэIурэм пае, тшыхэм Тхьэм ищытхъу ашIыщт. Ащ
нэмыкIэуи шъушъхьамысыжьэу шъуимылъку щыщ ахэми
нэмыкI цIыфхэми зэряшъутырэм пае, тшыхэм Тхьэм ищы-
тхъу ашIыщт. 14 Арэущтэу Тхьэм ынэшIу инэу къызэрэ-
шъущифагъэм пае, гуфэбэныгъэ къышъуфыряIэу Тхьэм
къышъуфелъэIущтых. 15 Тхьэм итынышхоу къэмыIошъущт
иным* пае, Тхьэм щытхъу фэтэжъугъэшI.

---

9:9 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Сэбур (Псалтыр) 112:9 (урыс библиемкIэ 111:9).

9:15 Тхьэм итынышхоу къэмыIошъущт иныр – Тхьэм Ыкъо тымыкIодэу тыкъызэрэригъэгъэнэжьырэр ары.

# ЯПШIЭНЭРЭШЪХЬ

## Паул апостол тетыгъоу иIэр

Сэ, Паул, зэрэшъуIорэмкIэ шъуапашъхьэ сит зыхъукIэ,
сыщынэу сыщыт, ау сыкъышъупэчыжьэ зыхъукIэ, сэгу-
шхо – сэ Христос игушъэбагъэрэ иIэсагъэрэкIэ сышъо-
лъэIу. [2] Мы дунаем ицIыфхэм афэдэу шъозекIо, аIоу
тызыгъэмысэрэ цIыфхэм шъуадэжь сыкъызыкIокIэ, гу-
шхоныгъэ хэлъэу сапэгъокIынэу сыгу зэрэхэлъым фэдэу,
гушхоныгъэ хэлъэу сыкъышъупэгъокIынэу щыкIагъэ щы-
мыIэнэу сышъолъэIу. [3] Сыда пIомэ мы дунаем тытет
пэтми, мы дунаем ицIыфхэм ягухэлъ тыгу хэлъэу ты-
заорэп. [4] Iашэхэу тызэрызаохэрэр мы дунаем иIашэхэп,
ау бзэджагъэм ипытапIэхэр зэхакъутэнхэу Тхьэм ыдэжь
къикIырэ кIуачIэ ахэлъ. Гупшысэ пхэнджхэри, [5] цIыфхэм
Тхьэр зэрашIэным пэуцунэу зыкъэзыIэтырэ пэгэныгъэри
зэкIэ тэгъэкIодых, сыд щыщырэ гухэлъи Христос едэIу-
нэу тэубыты. [6] Шъо шъуидэIоныгъэ щыкIагъэ зи имыIэу,
икъугъэу зэрэхъоу, хэтми мыдаIорэми ифэшъуашэ едгъэ-
пщыныжьынэу тыхьазыр.

[7] Шъунэ къыпэкIафэрэр шъолъэгъу ныIэп. Шъуа-
щыщэу зыгорэм ыгу Христос илъэу ышIошъ хъумэ, ащ
фэдэ къабзэу Христос тэри тыгухэм зэрарылъым ерэгу-
пшыс. [8] ШъусымыгъэкIодынэу, ау гурэ псэрэкIэ нахь лъэ-
кIыныгъэ шъозгъэгъотынэу Зиусхьаным тетыгъоу къы-
ситыгъэм ехьылIагъэу бащэу сызщытхъужьэу сыублэмэ,
сыукIытэрэп. [9] СитхылъхэмкIэ шъузгъэщыным сыпылъ
фэдэу къэлъэгъонэу сыфаеп. [10] Сыда пIомэ зыгорэм мырэу-
щтэу къеIо: «ИтхылъхэмкIэ пхъашэ ыкIи лъэш, ау ежьыр
лъэкIыныгъэ зимыIэ гор, ыIорэри пхъатэ пахьырэп».
[11] Арэущтэу зыIорэм мыр ерэшI: шъуадэжь тыщымыIэу
титхылъхэмкIэ къатIорэр, шъуадэжь тыкъызыкIокIи дгъэ-
цэкIэщт.

[12] Зышъхьэ щытхъужьхэрэм запэтшIыжьынэу е зафэд-
гъэдэнэу тытегушхорэп. Зым адрэм зызыригъэпшэжькIи,
зызыфигъэдэжькIи, зэхэшIыкIыныгъэ яIэп. [13] Гъунэ имы-
Iэу тызщытхъужьынэу тыфаеп, Тхьэм Iофэу къытфигъэ-
нэфагъэм игъунапкъэхэми таблэкIыщтэп. А Iофым игъу-
напкъэхэм акIоцI шъо шъуит. [14] Гъунапкъэхэу тиIэхэм
таблэкIырэп, шъуадэжь тыкъэмыкIогъагъэм фэдэу.

Сыда пIомэ Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур зыгъэIун-
хэу апэрэхэу шъуадэжь къэкIуагъэхэр тэры. [15] Тхьэм
Iофэу къытфигъэнэфагъэм игъунапкъэхэм акIыбкIэ адрэ
цIыфхэм Iофэу ашIагъэмкIэ тызщытхъужьрэп, ау шъуи-
шIошъхъуныгъэ нахь пытэ хъоу, Iофэу шъуадэжь щытшIа-
гъэм зызэриушъобгъуштым тыщэгугъы, Тхьэм гъунап-
къэу къытфигъэнэфагъэхэм атетэу. [16] Арэущтэу нэмыкI
цIыфым гъунапкъэу иIэхэм ягъунапIэ Iофэу щишIагъэм-
кIэ тызщымытхъужьэу, шъуакIыбкIэ щыIэ хэкухэми къэ-
барышIур ащыдгъэIущт. [17] Ау зыгорэ зыгорэм щытхъу-
жьмэ, Зиусхьанымрэ Зиусхьаным ышIагъэмрэ щэрэтхъу.
[18] Сыда пIомэ ышъхьэ щытхъужьрэр арэп Зиусхьаным
ыдэрэр, ежь Зиусхьаныр зыщытхъурэр ары нахь.

## ЯПШIЫКIУЗЭНЭРЭШЪХЬ

### Паул апостол нэпцIхэм зэратегущыIэрэр

Сэ сиделагъэ тIэкIу къысфэшъущыIэгъагъот. Шъо
ар къысфэшъущыIэщт. [2] Тхьэм ыдэжь къикIырэ шъугъо-
ныгъэмкIэ шъо сышъуфэшъугъо, сыда пIомэ шъо пшъэ-
шъэ къабзэм фэдэу, лIы закъоу Христос ыпашъхьэ
шъуизгъэхьанышъ, ащ шъудэкIонэу шъузгъэнэфагъ. [3] Ау
блэжъым итхьагъэпцIыгъэкIэ бзылъфыгъэу Евэ* зыцIэр
зэригъэпцIэгъагъэм фэдэу, шъори шъушъхьэ зэIигъа-
хьэзэ, шъыпкъагъэу Христос фышъуиIэм шъуакIыб фэ-
жъугъэзэнкIэ сэщынэ. [4] Сыда пIомэ зыгорэ шъуадэжь
къакIоу, Исус ехьылIэгъэ къэбарэу тэ шъодгъэIугъэм нэ-
мыкI къэбар ыгъэIумэ, шъуигуапэу ар фэшъощыIэ. Е
Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэу шъугухэм арылъ дгъэхъугъэм нэ-
мыкI псэ горэ шъугухэм арылъ ыгъэхъумэ, ари шъуигуа-
пэу фэшъощыIэ. Е шъушIошъ хъугъэ къэбарышIум нэ-
мыкI къэбарышIоу зыфиIорэр зыгорэм ыгъэIумэ, ари
шъуигуапэу фэшъощыIэ. [5] Ау а апостол джадэхэу зыфа-
шъуIохэрэм анахьи зыкIи сынахь цIыкIоу зыслъытэжь-
рэп. [6] ГущыIэнкIэ сымыIазэми, шIэныгъэм сырыIаз. ШIэ-
ныгъэмкIэ сызэрэIазэр сыдигъуи лъэныкъо пстэумкIи
къышъуфэзгъэнэфагъ.

---

11:3 Евэ – Хьауэ ары. Еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 3:1–5,13.

[7] Уасэ хэмылъэу Тхьэм ыдэжь къикIыгъэ къэбарышIур
къышъозгъэIузэ, шъузгъэиныным пае, зызэрэзгъэцIы-
кIугъэмкIэ емыкIу сшIагъэу хъугъа? [8] НэмыкI чылыс
зэIукIэхэм уасэ къаIысхызэ, сышъуфэлэжьэным пае, ахэмэ
ахъщэ тырязгъэгъэкIодагъ. Шъуадэжь сызыщэIэм, щы-
кIагъэ сиIагъэми, зыми хьылъэ сыфэхъугъэп. [9] Сыда пIо-
мэ сшыхэу Македонием къикIыгъэхэу къэкIуагъэхэм си-
щыкIагъэр рагъэкъугъ. ЗыкIи хьылъэ сызэрэшъуфэмы-
хъуным сыпылъыгъ ыкIи сыпылъыщт. [10] Христос ишъы-
пкъагъэу сыгу илъымкIэ сэIо, Ахаие хэкум зэкIэ исхэм
ащыщэу зыми а щытхъоу сиIэр сIихын ылъэкIыщтэп.
[11] Сыд пае арэущтэу сызекIора? ШIу шъусымылъэгъоу
ара? Хьау, шIу шъузэрэслъэгъурэр Тхьэм ешIэ. [12] Ау сы-
зэрэзекIощтыгъэм фэдэу, сызекIо зэпытыщт. «Паул зэрэ-
лажьэрэм фэдэ къабзэу тэри тэлажьэ», зыIоу зыщыт-
хъужьхэрэр зыщытхъужьынхэу игъо афизгъэфэнэу сы-
фаеп.

[13] Ащ фэдэ цIыфхэр апостол нэпцIых, лэжьэкIо гъэ-
пцIакIох. Христос иапостолхэм афэдэу загъэлъагъо ны-
Iэп. [14] Ар гъэшIэгъонэп. Ежь шэйтанми нэфынэм имэлэ-
Iич фэдэу нэпцIкIэ зегъэлъагъо. [15] Арышъ, шэйтаным
фэлажьэхэрэр шъыпкъагъэм фэлажьэхэрэм афэдэу нэпцI-
кIэ загъэлъагъомэ, ар Iофышхоп. Ау кIэухэу афэхъу-
щтыр Iофэу ашIэхэрэм яхьылIагъэу хъущт.

## Паул апостолэу зэрэщытыгъэм пае къинэу ыщэчыщтыгъэхэр

[16] Джыри сэIо, зыми зэхэшIыкI зимыIэм фэдэу серэмы-
лъыт. Ау арэущтэу сышъолъытэмэ, зэхэшIыкI зимыIэм
шъузэрэпэгъокIырэм фэдэу шъукъыспэгъокI, тIэкIу сыз-
щытхъужьын слъэкIыным пае. [17] Джы сIорэр Зиусхьаныр
арэп къэсэзыгъаIорэр. Арэущтэу сыгушхоу сызщытхъужь-
мэ, зэхэшIыкI зимыIэм фэдэу сэгущыIэ. [18] Мы дунаем
ицIыфхэм яхабзэ фэдэу, цIыфыбэхэр зэрэзщытхъужьхэрэм
пае, сэри сызщытхъужьыщт. [19] Шъо шъузэрэIушым пае,
зэхэшIыкI зимыIэхэр шъуигуапэу шъощыIэх. [20] Зыгорэм
шъуигъэпщылIми, е шъуишхын шъушIуешхыжьми, е
шъуихъункIэми, е шъуапашъхьэ зыщигъэпагэми, е шъунэ-
пашъо къеоми, ар шъощыIэ. [21] СыукIытэзэ сэIо, ащ фэдэ
Iофхэр тшIэнхэу лъэкI тиIагъэп.

ЦIыф горэ Iоф горэмкIэ зыщытхъужьыным тегушхомэ,
сэри а IофымкIэ сызщытхъужьынэу сытегушхо – зэхэ-
шIыкI зимыIэм фэдэу сэгущыIэ. [22] Ахэр джуртха? Сэри сы-
джурт. Ахэр Израил цIыфха? Сэри сы Израил цIыф. Ахэр
Ибрахьимэ къытехъукIыгъэ цIыфхэм ащыщха? Сэри са-
щыщ. [23] Ахэр Христос фэлажьэха? Ахэмэ анахьи нахьыбэу
сыфэлажьэ. Акъыл зимыIэм фэдэу сэгущыIэ. Ахэмэ ана-
хьи нахьыбэу сылэжьагъ, нахьыбэуи хьапсым сычIэсыгъ,
цIыфхэр нахьыбэуи къамыщкIэ къысэуагъэх, нахьыбэуи
лIэныгъэм игъунэгъоу сыхъугъ. [24] Къамыщ огъу тIокIи-
тIум зы щыкIэу джуртхэр гъогогъуитфэ къысэуагъэх.
[25] Гъогогъуищэ Рим тетыгъо зиIэхэр бэщкIэ къысэуагъэх.
Зэ цIыфхэм саукIыным пае, мыжъокIэ къысэуагъэх,
сызэрытIысхьэгъэ къухьэхэм ащыщэу щыр чIихьагъ, зы
чэщрэ зы мафэрэ хыорхэм сахэлъыгъ. [26] Гъогуми бэрэ
сатетыгъ. Псыхъохэм сызазэпырэкIым, щынагъо сыхэ-
фагъ, хъункIакIохэми сахафэу, слъэпкъ щыщхэми сахэ-
тэу, хымэ лъэпкъхэм ащыщхэми сахэтэу щынагъо сыхэ-
фагъ; къалэхэми сащыIэу, шъоф нэкIхэми сарытэу, хыми
сытетэу щынагъо сыхэфагъ; сшы нэпцIхэми сахэтэу щына-
гъо сыхэфагъ. [27] Бэрэ сылажьэзэ зызгъэулэугъ, сымычъыеу
чэщыби исхыгъ; мэлакIи псыфалIи сылIагъ, бэри шхын
сымыгъотэу сыкъэнагъ; чъыIэми щыгъын икъунэу сщы-
мыгъэу къысэкIугъ. [28] Iоф пстэуми анэмыкIэу чылыс зэ-
IукIэ пстэуми сафэгумэкIызэ мафэ къэси сэгузажъо.
[29] Хэти гурэ псэрэкIэ лъэкIыныгъэ зимыIэми, сэ сыри-
гъус. ПсэкIодым хэт зыIэпищэми сыгу машIом ыстырэм
фэдэу мэхъу.

[30] Сызщытхъужьын фаемэ, лъэкIыныгъэ зэрэсимыIэм
пае сызщытхъужьыщт. [31] Тхьэу ти Зиусхьанэу Исус Хри-
стос Ятэу мыкIодыжьын щытхъушхор зием пцIы зэрэ-
сымыусырэр ешIэ. [32] Пачъыхьэ Аретэ фэлажьэрэ Iэшъ-
хьэтетым саригъэубытыным пае, ицIыфхэм Дамаск къалэм
икъэлапчъэхэр аригъэухъумагъэх. [33] Ау къалэ дэпкъым
хэт шъхьангъупчъэ горэмкIэ матэм сисэу синыбжэгъухэм
сыкъыратIупщэхи, Iэшъхьэтетым сыкъыIэпыкIыжьыгъ*.

---

11:33 сыкъыIэпыкIыжьыгъ – еплъ Апостол. 9:23–25.

# ЯПШIЫКIУТIОНЭРЭШЪХЬ

## Зиусхьаным Паул Iофхэу къыригъэлъэгъугъэхэри къыфигъэнэфагъэхэри

ИшIуагъэ къэмыкIощтми, сызщытхъужьын фае. Зиус-
хьаным сигъэлъэгъугъэ Iоф гъэшIэгъонхэми, къысфигъэ-
нэфэгъэ Iоф гъэшIэгъонхэми сакъытегущыIэщт. 2 Христос
зыгу илъ лIы горэ* сэшIэ. Илъэс пшIыкIуплIкIэ узэкIэIэ-
бэжьмэ, Тхьэм ар ящэнэрэ уашъом дихьыягъ. Пкъы хэ-
лъыгъа, хэмылъыгъа, сэ сшIэрэп, Тхьэм ар ешIэ. 3,4 Тхьэм
а лIыр дихьыий, джэнэтым зэрэригъэхьагъэр сэшIэ.
Пкъы хэлъыгъа, хэмылъыгъа сэ сшIэрэп, Тхьэм ар
ешIэ. КъэпIон умылъэкIын гущыIэхэу, цIыфым къыIотэ-
жьынхэу зыфимытхэр а лIым зэхихыгъэх. 5 А лIым сы-
щытхъужьынэу сыфай; сэ сшъхьэкIэ лъэкIыныгъэ зэрэ-
симыIэм нэмыкIкIэ сызщытхъужьынэу сыфаеп. 6 Сызщы-
тхъужьынэу сыфэягъэми, зэхэшIыкI зимыIэм сыфэдэщты-
гъэп, сыда пIомэ шъыпкъагъэр къасIощтыгъ. Ау зысэ-
щыIэ, зыгорэм Iофхэу сшIэхэрэр зилъэгъухэкIэ, е гущы-
Iэхэу сэ къасIохэрэр зызэхихыхэкIэ, сызэрилъытэрэм
нахьи нахьыбэу симылъытэным пае.

7 Тхьэм къысфигъэнэфэгъэ Iофышхохэм апае зысы-
мыгъэиныщэным пае, уз горэу къысхэорэ панэм фэдэр
спкъы хэлъ хъугъэ. Ар шэйтаным иIофтабгэ фэд. Зысы-
мыгъэиныщэным пае, лые къысехы. 8 А панэр хихыжьы-
нэу Зиусхьаным гъогогъуищэ селъэIугъ. 9 Ау Зиусхьаным
къысиIуагъ: «Сэ сынэшIу къызэрэпщысфэрэр оркIэ икъун,
сыда пIомэ о лъэкIыныгъэ уимыIэ зыхъукIэ, силъэкIы-
ныгъэшхо нахь къэлъагъо». Арэущтэу Христос илъэ-
кIыныгъэ къысхэлъыным пае, лъэкIыныгъэ зэрэсимыIэм-
кIэ нахь сигуапэу сызщытхъужьыщт. 10 Арышъ, Хри-
стос сызэрэфэлажьэрэм пае, лъэкIыныгъэ симыIэми, къы-
сэхъонхэми, къин слъэгъуми, къин сагъэщэчми, гухэкI
сиIэми сэгушIо; сыда пIомэ лъэкIыныгъэ симыIэ зыхъу-
кIэ, нахь лъэш сэхъу.

---

12:2 Христос зыгу илъ лIы горэ – Паул зытегущыIэрэр ежь ышъхь ары.

## Паул шIошъхъуныгъэ зиIэ цIыфхэу Коринф дэсхэм зэрафэгумэкIырэр

[11] ЗэхэшIыкI зимыIэм фэдэу сыкъэгущыIагъ, ау арэу-
щтэу сыкъэгущыIэнэу шъо сежъугъэзыгъ. Шъо шъукъы-
сщытхъужьын фэягъ, сыда пIомэ сэ пкIэ симыIэми, а апо-
стол джадэхэу зыфашъуIохэрэм анахьи сэ зыкIи санахь
цIыкIоп. [12] Апостолэу сызэрэщытыр къэзыгъэшъыпкъэ-
жьырэ Iофхэу нэшэнэ гъэшIэгъонышхохэри, Iофышхо
гъэшIэгъонхэри, лъэкIыныгъэ зыхэлъ Iофышхохэри
шъуадэжь теубытэныгъэшхокIэ сэ щысшIагъэх. [13] Сэ хьы-
лъэ сызэрэшъуфэмыхъугъэм нэмыкIэу, адрэ чылыс зэIу-
кIэхэм сызэрадэзекIуагъэм нахьи нахь дэеу сыкъыжъудэ-
зекIуагъа? Хьылъэ сызэрэшъуфэмыхъугъэмкIэ губгъэн
къысфэшъумылъэгъу.

[14] Джы ящэнэрэу шъуадэжь сыкъэкIонэу сыхьазыр, ау
хьылъэ сышъуфэхъущтэп, сыда пIомэ сызыфаер шъуимы-
лъкоп, шъоры нахь. Бынхэм ятэ–янэхэмэ мылъку афа-
угъоинэу апшъэ илъэп, ау ятэ–янэхэр ары зибынхэм афэ-
зыугъоин фаехэр. [15] Сэ инэу шъо шIу шъуслъэгъоу, шъо
нахь макIэу шIу сышъулъэгъужьыми, шъо шъупсэхэмэ
апае зэкIэ сиIэр згъэкIодынэу, сэ сшъхьэкIи зызгъэкIо-
дыжьынэу сигопэщт. [16] Арэущтэуи орэхъу, хьылъэ сы-
шъуфэхъугъэп. Ау тхьагъэпцIыгъэкIэ сыжъудэзекIуи,
шъусыубытыгъэу шъоIо. [17] Шъуадэжь сэ къэзгъэкIогъэ
лIыхэм ащыщэу зыгорэмкIэ шъуишIуагъэ къызэзгъэкIы-
гъа? [18] Тит шъуадэжь кIонэу селъэIугъ, сшыхэм ащыщэуи
зы гъусэ фэсшIыгъ. Тит шъуишIуагъэ къызэригъэкIы-
гъэп, арыба? Зыгу зыпсэкIэ тызекIоу, а зы гъогум тытеты-
гъэба?

[19] Мыщ фэдизэу тызпылъыгъэр шъуапашъхьэ зыщыдгъэ-
хыеныр арэу шъогугъа? Ау Христос тыгухэм арылъэу Тхэм
ыпашъхьэ тыщыгущыIагъ ыкIи, силъапIэхэр, мы Iоф
пстэури зыфатшIэрэр гурэ псэрэкIэ нахь лъэкIыныгъэ
шъодгъэгъотыныр ары. [20] Сыда пIомэ шъуадэжь сыкъы-
зыкIокIэ, сызэрэфаеу шъо шъущымытэу шъузгъотэу,
шъори шъузэрэфаеу сэ сыщымытэу сыжъугъотынкIэ сэ-
щынэ. Зэщыхьаныр, шъугъоныр, губжыныр, зэмызэгъы-
ныр, нэмыкI цIыфхэм IэягъэкIэ атегущыIэныр, бзэгухьа-
ныр, зышIошIыжьыныр, зэхэтхъогъэ Iофхэр къэхъунхэ-
кIэ сэщынэ. [21] Шъуадэжь къызыкIожькIэ, шъуапашъхьэ
Тхьэм аргорэу сыщигъэцIыкIунэу сэщынэ, псэкIод зы-

шӀэгъэ цӀыфыбэу зигумыкъэбзэным, зизинэ шӀэным, зимыхъомышӀэ псэукӀэу зыхэтхэм афыкӀэмыгъожьыгъэхэм сыгу къырагъэонэуи сэщынэ.

## ЯПШІЫКІУЩЭНЭРЭШЪХЬ

### Паул шӀошъхъуныгъэ зиӀэ цӀыфхэу Коринф дэсхэм аужырэ Ӏофхэу агуригъэӀуагъэхэр

ШЪуадэжь сыкъызэрэкӀорэр мыр ящэнэрэу мэхъу. Ащыгъум сыдрэ Ӏофэу шъуащыщэу зыгорэ зэрыжъугъэмысэрэр анахь макӀэми шыхьатитӀум е шыхьатищым къаӀорэмкӀэ гъэшъыпкъагъэу хъун фае.
2 ЯтӀонэрэу шъуадэжь сызыщэӀэм, мыр къышъуфэзгъэпытэгъагъ. Джы шъуадэжь сыщымыӀэу джыри зэ къышъуфэсэгъэпытэ: ЫпэкӀэ псэкӀод зышӀагъэхэмрэ, адрэ къэнэгъэ цӀыф пстэумрэ сыкъызыкӀожькӀэ сашъхьасыщтэп,
3 сыда пӀомэ къасӀохэрэр къэсэзыгъаӀорэр зэрэ–Христосыр къэзгъэшъыпкъэжьынэу шъуфай. Христос къызыжъудэзекӀокӀэ, лъэкӀыныгъэ имыӀэу щытэп. ИлъэкӀыныгъэшхо шъуадэжь къыщегъэлъагъо.
4 ЛъэкӀыныгъэ имыӀэу къащым тыраӀулӀагъэ пэтми, Тхьэм илъэкӀыныгъэкӀэ джыри псау. Ащ фэдэу Христос тыгухэм арылъэу тэри лъэкӀыныгъэ тимыӀэ пэтми, Тхьэм илъэкӀыныгъэкӀэ тэри Христос тигъусэу тыпсэущт, тышъуфэлэжьэным пае.
5 ШъуишӀошъхъуныгъэ шъыпкъэмэ зэжъугъэшӀэным пае зыжъугъэунэфыжь. Шъо шъушъхьэкӀэ Исус Христос шъугухэм зэрарылъыр шъошӀэба! Армырмэ шъузэрэщытын фэем фэдэу шъущымытэу къычӀэкӀыгъ.
6 Тэ тызэрэщытын фаем фэдэу тыщытэу къызэрэчӀэкӀыгъэр зэрэшъушӀэрэм сицыхьэ телъ.
7 МыхъомышӀагъэ горэ шъумыгъэцэкӀэнэу Тхьэм телъэӀу. Арэущтэу тызфелъэӀурэр тызэрэщытын фаем фэдэу тыщытэу къычӀэкӀыныр арэп, тэ тызэрэщытын фаем фэдэу тыщымытэу къычӀэкӀыми, шъо шӀугъэр жъугъэцэкӀэныр ары нахь.
8 Сыда пӀомэ шъыпкъагъэм тыпэуцоу зи тшӀэн тлъэкӀыщтэп, ау шъыпкъагъэм пае зыгорэ тшӀэн тлъэкӀыщт.
9 ЛъэкӀыныгъэ тэ тимыӀэми, шъо лъэкӀыныгъэ шъуиӀэ зыхъукӀэ

тэгушIо. Зишъыпкъагъэ щыкIагъэ зи зимыIэ цIыф икъу-
гъэхэу шъуигъэхъунэу Тхьэм телъэIу. 10 Шъуадэжь сыщы-
мыIэу мы Iофхэр зыфышъуфэстхырэр шъуадэжь сыкъы-
зыкIокIэ, Зиусхьаным къыситыгъэ тетыгъомкIэ пхъашэу
сыкъыжъудэзекIон фаеу мыхъунэу ары. Шъузгъэунэ-
хъунэу арэп, гурэ псэрэкIэ нахь лъэкIыныгъэ шъозгъэ-
гъотынэу ары нахь, Зиусхьаным а тетыгъор къызфыси-
тыгъэр.

## Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр

11 Аужыпкъэм, сшыхэр, шъотхъэжь, зишъыпкъагъэ
щыкIагъэ зи зимыIэ цIыф икъугъэхэу шъухъуным ыуж
шъуит, зысэжъугъэгъэгушху, шъуигупшысакIэ зы орэ-
хъу, гупсэфыныгъэ шъуиIэу шъопсэу. ЕтIанэ Тхьэу
шIулъэгъуныгъэмрэ гупсэфыныгъэмрэ зыдэжь къикIы-
рэр шъуигъусэщт.
12 ГукъэбзагъэкIэ IаплI зэшъущэкIэу шIуфэс зэшъу-
хыжь. Тхьэм ицIыф лъэпIэ пстэуми шIуфэс къышъуа-
хыжьы.
13 Ти Зиусхьанэу Исус Христос ынэшIу щыфэныгъэ,
Тхьэм ишIулъэгъуныгъэ, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ шъо пстэу-
ми шъуерэгъусэх. Амин.



# *АПОСТОЛ ПАУЛ ШIОШЪХЪУНЫГЪЭ ЗИIЭХЭУ ГАЛАТИЕ ХЭКУМ ИСХЭМ ТХЫЛЪЭУ АФИТХЫГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### ШIуфэс ехыныр

Сэ сыапостол* Паул. Апостол сыхъунэу сыкъыхэзыхы-
гъэхэр цIыфхэр арэп, цIыф горэми сыкъигъэкIуагъэп,
сыкъыхэзыхыгъэхэр Исус Христосрэ ар лIагъэхэм къа-
хэзыгъэтэджыкIыжьыгъэ Тхьэу Ты лъапIэмрэ ары.
2 Сэррэ сигъусэ сшы пстэумрэ Галатие хэкум* щыIэ чы-
лыс зэIукIэхэм шIуфэс шъотэхыжьы.
3 Тхьэу Тятэ лъапIэрэ Зиусхьанэу Исус Христосрэ
анэшIу къышъуещарэфи, гупсэфыныгъэ къышъуарэт.
4 Исус Христос ары джырэ дунаем ибзэджагъэ илъэкIы-
ныгъэ тыIэкIихыжьыным пае, ти Тхьэу ыкIи Тятэ лъапIэ
зэрэфэягъэм тетэу, типсэкIодхэр ыпщыныжьынхэм пае,
зыпсэ зытыгъэр. 5 МыкIодыжьын щытхъушхор ий. Амин.

---

1:1 апостол – нэмыкI цIыф горэм ыцIэкIэ гущыIэнэуи Iоф ышIэнэуи фитыныгъэ зиIэр ары.

1:2 Галатие хэкур – Рим (Рум) къэралыгъошхом щыщ хэкоу щытыгъ. А хэкур джырэ Тыркуем итыгъэ къыкъокIыпIэ лъэныкъо итыгъ.

### НэмыкI къэбарышIу зи щыIэп

6 Христос ынэшIу щыфэныгъэкIэ Тхьэу зибынхэм
ащыщ шъухъунхэу къышъоджагъэм игъогу шъутекIэу,
ащ фэдэу псынкIэу нэмыкI къэбарышIоу зыфаIорэм
игъогу шъузэрэтехьагъэр лъэшэу сэгъэшIагъо. 7 НэмыкI
къэбарышIу* зи щыIэп. Ау цIыф заулэмэ шъушъхьэхэр
зэIагъэхьэ, Христос ехьылIэгъэ къэбарышIури зэблахъу-
нэу фаех. 8 КъэбарышIоу тэ шъодгъэIугъэм нэмыкI къэ-
барышIоу зыфиIорэр къышъозыгъэIурэм, тэрми уашъом
щыщ мэлэIичми, Тхьэм ынае къыщерэф. 9 ЫпэкIэ къэтIо-
гъагъэр джыри къэсэIожьы: КъэбарышIоу шъудагъэм
нэмыкI къэбарышIоу зыфиIорэр къышъозыгъэIурэм Тхьэм
ынае къыщерэф.

10 Джы цIыфхэм сызэрадэным сыпылъа, хьауми Тхьэм
сызэридэныр ара сызыпылъыр? Хьауми цIыфхэм агу къы-
зэрэсэIуныр ара сызыпылъыр? Джырэ нэсы цIыфхэм агу
къызэрэсэIуным сыпылъыгъэмэ, Христос сыфэлажьэу
сыщытыщтыгъэп.

### Паул апостолэу зэрэхъугъэр

11 Сшыхэр, сэ шъозгъэIугъэ къэбарышIур цIыфым
ыдэжь къызэримыкIыгъэр шъушIэнэу сыфай. 12 Зы цIыф
горэм а къэбарышIур къыIысхыгъэп, зыми ар сигъэ-
шIагъэп, ау ежь Исус Христос а къэбарышIур къы-
сфигъэнэфагъ.

13 Джурт диным сыпылъэу сищыIакIэу щытыгъэм икъэ-
бар зэхэшъухыгъэ. Тхьэм ичылыс зэIукIэ къин дэдэ
езгъэщэчэу, згъэкIодыным ыуж ситыгъ. 14 Слъэпкъ щыщ-
хэу силэгъубэхэм анахьи, джурт диным сызэрэпылъы-
гъэмкIэ апэ ситыгъ. Тятэжъхэм къытфагъэнэгъэ хабзэ-
хэм сыгу етыгъэу сапылъыгъ. 15,16 Ау сянэ ышъо сы-
хэлъэу Тхьэм сыкъыхихыгъ. ЫнэшIу щыфэныгъэкIи ибын-
хэм ащыщ сыхъунэу къысэджагъ. ЕтIанэ Ыкъо ехьы-
лIэгъэ къэбарышIур хымэ лъэпкъхэм* язгъэIуным пае,
Ыкъо сигъэлъэгъунэу Тхьэм игъоу зелъытэм, зы цIыфи
упчIэгъу сшIыгъэп. 17 Сэ сапэ апостол хъугъэ цIыфхэу

1:7 къэбарышIур – еплъ 1 Кор. 9:14.

1:15–16 хымэ лъэпкъхэр – мыджуртхэр ары.

Ерусалим дэсыгъэхэм адэжь сыкIуагъэп, ау Аравие хэгъэ-
гум* сыкIуи, етIанэ Дамаск къалэм згъэзэжьыгъэ.
18 Илъэсищ зытешIэм ыуж, тызэрэшIэнэу Кифэ* ыдэжь
Ерусалим сыкIуагъ, ащ дэжьи мэфэ пшIыкIутфэ сыщы-
Iагъ. 19 Зиусхьаным ышы Якъубэ* нэмыкIэу, адрэ апостол-
хэм ащыщэу зи слъэгъугъэп. 20 Тхьэ сэIо, къышъуфэс-
тхырэмкIэ пцIы сыусырэп. 21 Ащ ыужым Сириерэ Кили-
киерэ* зыщIэ хэкухэм сащыIагъ. 22 Христос ичылыс зэ-
IукIэхэу Иудей хэкум щыIэхэм сынапэ алъэгъугъэу сашIэ-
щтыгъэп. 23 Ахэмэ цIыфхэм мырэущтэу зэраIорэр зэха-
хыщтыгъ ныIэп: «ЛIэу ыпэкIэ къин тэзыгъэщэчыгъэу,
тишIошъхъуныгъэ зыгъэкIодынэу тауж итыгъэм а шIошъ-
хъуныгъэм икъэбарышIу джы цIыфхэм арегъэIу». 24 Арэу-
щтэу сэщ пае Тхьэм щытхъу фашIыщтыгъ.

# ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

## Адрэ апостолхэм Паул зэрадагъэр

ЕтIанэ илъэс пшIыкIуплI тешIагъэу,* Варнавэ* сигъусэу
Ерусалим сыкIуагъ. Тити* гъусэу зыдэсщагъ. 2 Ерусалим
сыкIон фаеу Тхьэм къызгуригъэIуагъэти, сыкIуагъ. Къэ-
барышIоу хымэ лъэпкъхэм язгъэIурэр тхьаматэхэм яза-
къоу апашъхьэ ислъхьагъ, Iофэу сшIэрэр ыкIи сшIагъэр

---

1:17 Аравие хэгъэгур – ар наватейхэм япачъыхьагъу арын фае. А пачъыхьагъур Палестинэ хэгъэгум икъыблэ тыгъэ къыкъокIыпIэ лъэныкъокIэ итыгъ. А пачъыхьагъум икъэлэшхоу щытыгъэр Петрэ ары.

1:18 Кифэ – КифэкIэ заджэхэрэ Петрэу Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIум ащыщыгъэр ары.

1:19 Зиусхьаным ышы Якъубэ – Ерусалим щыIэ чылыс зэIукIэм итхьаматэхэм ащыщыгъ. Еплъ Апостол. 15:13.

1:21 Киликие зыщIэ хэкур – Рим къэралыгъошхом щыщ хэкоу щытыгъ. А хэкур джырэ Тыркуем икъыблэ тыгъэ къыкъокIыпIэ лъэныкъо итыгъ. А хэкум икъэлэшхоу щытыгъэр Тарс ары. Апостол Паул а къэлэшхом къыщыхъугъ.

2:1 илъэс пшIыкIуплI тешIагъэу – Паул Исус игъогу зытехьагъэм къыщегъэжьагъэу арыщтын.

2:1 Варнавэ – еплъ 1 Кор. 9:6.

2:1 Тит – еплъ 2 Кор. 2:13.

хьаулыеу мыхъуным пае. [3] Титэу сигъусагъэр Урым лъэ-
пкъым щыщ пэтми, сунэт заригъэшIынэу рагъэзыгъэп.
[4] Сыда пIомэ къош нэпцI заулэхэу тшыхэм захэзыгъэ-
кIокIагъэхэр арэущтэу фэягъэх. Христос Исус тыгухэм
зэрарылъым пае, шъхьафитныгъэу тиIэм еплъакIохэу,
ахэмэ Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ тычIагъэуцожьыным ыуж
итыгъэх. [5] Ау къэбарышIум ишъыпкъагъэ мыкIодэу къы-
шъуфэдгъэнэным пае, а цIыфхэм зыкIи тафызэкIэкIуа-
гъэп ыкIи тафэIорышIагъэп.

[6] Тшыхэм тхьаматэхэу алъытэхэрэм – ахэр тхьаматэхэу
щытхэми щымытхэми сизэфэдэ; Тхьэр цIыфхэм ятеплъэ
емыплъэу, цIыф пстэури изэфэдэхэу щытых – ахэмэ
къэбарышIоу сэ згъэIурэм зи хагъэхъуагъэп. [7] Ау сунэт
ашIыгъэхэу щытхэм* къэбарышIур аригъэIунэу Тхьэм
Петрэ ыпшъэ къызэрэрилъхьагъэм фэдэу, сунэт амышIы-
гъэхэу щытхэм* къэбарышIур язгъэIунэу Тхьэм спшъэ
къызэрэрилъхьагъэр агурыIуагъ. [8] Сыда пIомэ Петрэ сунэт
ашIыгъэхэу щытхэм апостол Iофэу афишIэрэмкIэ къы-
дэлажьэу щытыгъэ Тхьэр сэри сунэт амышIыгъэхэу щыт-
хэм апостол Iофэу афасшIэрэмкIэ къыздэлажьэу щытыгъ.
[9] Тшыхэм тхьаматэ пкъэухэу алъытэхэрэ Якъубэ*, Кифэ,
Иуан* Тхьэм ынэшIу къызэрэсщифагъэр ашIагъэти, ахэр,
сэры, Варнавэ тызэрэзэдэлажьэрэм инэшанэ фэдэу тIэ-
хэр аубытыгъэх: Тэ хымэ лъэпкъхэм адэжь тыкIон фэягъ,
ахэри сунэт ашIыгъэхэу щытхэм адэжь кIонхэ фэягъ.
[10] «ТитхьамыкIэхэм шъуадэIэпыIэнэу зыщышъумыгъэ-
гъупш», аIозэ, а зы Iоф закъор ары къызэрытэлъэ-
Iугъэхэр. А Iоф дэдэми сишъыпкъэу сыпылъыгъ.

## Паул Петрэу КифэкIэ заджэхэрэм зэрэпэуцугъэр

[11] Кифэ Антиохие къалэм* къызэкIом, Iоф горэмкIэ
мысэ хъугъэти, ыпашъхьэ сихьи сыпэуцугъ. [12] Сыда

2:7 сунэт ашIыгъэхэу щытхэр – джуртхэр ары.

2:7 сунэт амышIыгъэхэу щытхэр – мыджуртхэр ары.

2:9 Якъубэ – еплъ 1:19.

2:9 Кифэ Иуан – КифэкIэ заджэхэрэр Петрэ ары. ИтIур Исус игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIум ащыщыгъэх.

2:11 Антиохие къалэр – Сирие хэкум итыгъэ Антиохие къалэр ары. Еплъ Апостол. 11:19–26.

пӀомэ Якъубэ ыдэжь лӀы заулэ къимыкӀыхэ рапшӀэу,
Петрэ мыджуртхэм адашхэщтыгъ. Ау а лӀыхэр къызэ-
кӀохэм, сунэт ашӀыгъэхэу щытхэм ащыщынагъэти, Петрэ
зэкӀэкӀожьи, мыджуртхэм ыкӀыб афигъэзагъ. 13 Адрэ
джуртхэри Петрэ инэпитӀугъэкӀэ гъусэ фэхъугъэх. Вар-
нави ахэмэ янэпитӀугъэкӀэ зыӀэпаригъэщагъ.

14 КъэбарышӀум ишъыпкъагъэ темытхэу зэрэзекӀуагъэ-
хэр зысэлъэгъум, зэкӀэмэ апашъхьэ Петрэ щесӀуагъ: «О
уджурт пэтми, джурт хабзэхэм уатемытэу, хымэ лъэпкъ-
хэм яхабзэхэм уатетэу опсэу. Арышъ, сыд паекӀэ джурт
хабзэкӀэ мыджуртхэр бгъэпсэунхэм упылъа?»

## Адрэ лъэпкъхэм афэдэхэу, джуртхэми Исус ХристоскӀэ шӀошъхъуныгъэ яӀэмэ, мыкӀодхэу къэнэжьыщтых

15 Тэ джуртэу тыкъэхъугъ. Хымэхэу псэкӀод зышӀэхэ-
рэм тащыщэп. 16 Ау тэ тыджуртми мыр тэшӀэ: зы цӀыф
горэм Тэурат хабзэм итхэр зэригъэцакӀэхэрэм пае, Тхьэм
ежьым ыдэжькӀэ шъыпкъагъэ иӀэу ылъытэщтэп, Исус
ХристоскӀэ шӀошъхъуныгъэ зэриӀэм пае ары нахь. Арэ-
ущтэу тэри Христос ИсускӀэ шӀошъхъуныгъэ тиӀэ хъугъэ,
ХристоскӀэ шӀошъхъуныгъэ тиӀэ зэрэхъугъэм фэшӀкӀэ,
Тхьэм ежьым ыдэжькӀэ шъыпкъагъэ тиӀэу тилъытэным
пае. Тэурат хабзэм итхэр дгъэцэкӀэным иӀоф ащ хэлъэп,
сыда пӀомэ цӀыф горэм Тэурат хабзэм итхэр зэригъэ-
цакӀэхэрэм пае, Тхьэм ежьым ыдэжькӀэ ащ шъыпкъагъэ
иӀэу ылъытэщтэп.

17 Ау Христос тыгухэм зэрарылъым пае, Тхьэм ежьым
ыдэжькӀэ шъыпкъагъэ тиӀэу тызэрилъытэщтым тыщы-
гугъэу, псэкӀод зытелъ цӀыфхэу тыщытыгъэмэ, Христос
псэкӀод тигъэшӀагъэу хъущтыгъа? Хьау, ар хъухэщтэп.
18 Сыда пӀомэ, зэхэскъутагъэр зэхэзгъэуцожьмэ,* Тхьэм
иунашъохэм сызэратекӀыгъэр ащыгъум къэсэгъэшъыпкъэ-
жьы. 19 Тэурат хабзэм иӀоф къысхэмылъыжьэу, Тэурат
хабзэм ыдэжькӀэ цӀыф лӀагъэм сыфэд – ар къызпкъыры-
кӀыгъэр Тэурат хабзэр ары – Тхьэм сыфэпсэуным пае.
Христос сыригъусэу къащым сытыраӀулӀагъэм фэд.

2:18 зэхэскъутагъэр зэхэзгъэуцожьмэ – ащ къикӀырэр: «Тэурат хабзэм итхэр бгъэцэкӀэнхэмкӀэ Тхьэм ыдэжькӀэ шъыпкъагъэ уиӀэ хъущтэп», сӀуи сӀогъагъэ гущыӀэхэр зэсхъокӀыхэзэ, джы «Тэурат хабзэм итхэр бгъэцэкӀэнхэмкӀэ Тхьэм ыдэжькӀэ шъыпкъагъэ уиӀэ хъущт», сӀомэ, Тхьэм иунашъохэм сатекӀыгъэу мэхъу.

[20] Арышъ, джы псэурэр сэрэп, сыгу илъ Христос ары нахь.
Мы дунаем щыІэныгъэу щысиІэр, Тхьэм ЫкъокІэ шІошъ-
хъуныгъэ сыгу илъэу сиІ. Ащ шІу силъэгъуи, ыпсэ сэщ
пае ытыгъ. [21] Тхьэм ынэшІу щыфэныгъэ сыфэмыеу щы-
тэп, сыда пІомэ Тхьэм ежьым ыдэжькІэ Тэурат хабзэм
итхэр зыгъэцакІэрэ цІыфым шъыпкъагъэ иІэу ылъытагъэ-
мэ, ащыгъум Христос хьаулыеу лІагъэу хъущтыгъ.

# ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

## Тэурат хабзэм игъогу тырыкІона, хьауми шІошъхъуныгъэм игъогу тырыкІона?

Шъо зэхэшІыкІ зимыІэ Галатие цІыфхэр! Хэт шъо шъу-
дэзыхьыхыгъэр? ЗэхэугуфыкІ къышъуфэтІотэжьыгъэба
Исус Христос къащым зэрэтыраІулІагъэр? [2] Мы зы за-
къор сэжъугъэшІэнэу сыфай. Тхьэм Ыпсэ ЛъапІэ шъу-
гухэм арылъ зэрэхъугъэр Тэурат хабзэм итхэр жъугъэ-
цэкІэнхэм игъогукІэ арыгъа, хьауми къэбарышІоу зэхэ-
шъухыгъэмкІэ шІошъхъуныгъэ шъуиІэ хъуным игъогукІэ
арыгъа? [3] Ащ фэдизэу зэхэшІыкІыныгъэ шъуимыІэу шъу-
щыта? Къызышъуублагъэм дэжь Тхьэм Ыпсэ ЛъапІэ шъу-
щыгугъыщтыгъ, джы зишъыпкъагъэ щыкІагъэ зимыІэ
цІыф икъугъэхэу шъузэрэхъуным шъо шъукІуачІэкІэ шъу-
нэсынэу шъуфая? [4] Хьаулыеу ащ фэдиз къиныбэ шъущэчы-
гъа? Хьау, хьаулыеу щытыгъэп, арыба? [5] Тхьэм ежьым
Ыпсэ ЛъапІэ шъугухэм къарелъхьэ, Іофышхо гъэшІэгъон-
хэри шъуадэжь щешІэх. Арэущтэу зыкІишІырэр Тэурат
хабзэм итхэр жъугъэцакІэхэу ара, е къэбарышІоу зэхэ-
шъухыгъэмкІэ шІошъхъуныгъэ шъуиІэ зэрэхъугъэр ара?
[6] Джащ фэд Тхьэм игущыІэ тхыгъэхэм зэрарытым фэ-
дэу,* «Ибрахьимэ ТхьэмкІэ шІошъхъуныгъэ иІэ хъу-
гъэти, Тхьэм ежьым ыдэжькІэ ащ шъыпкъагъэ иІэу
ылъытагъ». [7] Арэущтэу шІошъхъуныгъэ зиІэхэр Ибра-
хьимэ ибын шъыпкъэхэу зэрэщытхэр зэжъугъашІэ. [8] Тхьэм

---

3:6 Тхьэм игущыІэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 15:6.

игущыIэ тхыгъэхэм арыт,* хымэ лъэпкъхэм ащыщхэми
ежьымкIэ шIошъхъуныгъэ зэряIэм пае, ежьым ыдэжь-
кIэ шъыпкъагъэ яIэу Тхьэм зэрилъытэщтхэр. Арэу зы-
хъукIэ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт,* Тхьэм мырэу-
щтэу ыIозэ, Ибрахьимэ къэбарышIур къызэрэриIуагъэр:
«Лъэпкъ пстэуми сынэшIу щыфэныгъэ анэбгъэсынэу
сшIыщт». [9] Арэущтэу Ибрахьимэу ТхьэмкIэ шIошъхъу-
ныгъэ зиIэм Тхьэм ынэшIу къызэрэщифагъэм фэдэу,
ежьымкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ пстэуми ынэшIу къащи-
фэщт.

[10] Тэурат хабзэм итхэр агъэцакIэхэмэ, Тхьэм ежьым
ыдэжькIэ шъыпкъагъэ яIэу зэрилъытэщтхэм щыгугъырэ
пстэуми Тхьэм ынае къащифагъ, сыда пIомэ Тхьэм игу-
щыIэ тхыгъэхэм арыт:* «Тэурат хабзэм итхылъ ит пстэу-
ри сыдигъуи зымыгъэцакIэрэм Тхьэм ынае къыщефэ».
[11] Тэурат хабзэм итхэм ягъэцэкIэн игъогукIэ Тхьэм ыдэжь-
кIэ зыми шъыпкъагъэ зэримыIэр нафэ, сыда пIомэ Тхьэм
игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,* «ШIошъхъуныгъэ
зэриIэм пае, Тхьэм ыдэжькIэ шъыпкъагъэ зиIэр псэущт».
[12] Тэурат хабзэм итхэр бгъэцэкIэнхэм иIоф шIошъхъу-
ныгъэ уиIэным иIоф епхыгъэу щытэп, ау Тхьэм игущыIэ
тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,* «Тэурат хабзэм итхэр зы-
гъэцакIэрэр ащкIэ псэущт». [13] Ау тимысагъэ фэшъошэ къи-
ныр Христос зэрэзытырилъхьагъэмкIэ Тэурат хабзэм тызэ-
ригъэмысэгъэ Iофыр ттырихыжьи, тшъхьэхэр къыщэфы-
жьыгъэх, сыда пIомэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрары-
тым фэдэу,* «Хэтми пкъэум кIэрагъэлIыхьарэм Тхьэм
ынае къыщефэ». [14] Христос тшъхьэхэр къызфищэфыжьы-
гъэхэр Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъэгъэ нэшIу щы-
фэныгъэр ежь Христос Исус хымэ лъэпкъхэми анигъэ-

---

3:8 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 12:3.

3:10 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъэмбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 27:26.

3:11 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Аввакум тхылъэу ытхыгъэм 2:4.

3:12 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 18:5.

3:13 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 21:23.

сынри, шIошъхъуныгъэ зэрэтиIэм пае Тхьэм тызэригъэ-
гугъэгъэ ЫIпсэ ЛъапIи тыгумэ къарилъхьанри ары.

## Тэурат хабзэмрэ Тхьэм игъэгугъэныгъэрэ зэфэмыдэхэу зэрэщытхэр

[15] Сшыхэр, мы дунаем иIофхэм шапхъэ атесэхы: ЦIыфмэ
зэдаштэгъэ зэзэгъыныгъэр къызагъэшъыпкъэжьы ужым,
зыми ар ыгъэкIодын ылъэкIыщтэп, зыми ащ хигъэхъони
ылъэкIыщтэп. [16] Ащ фэдэу Тхьэм Ибрахьимэрэ ащ къы-
техъукIыщт бынымрэ IэхьышIухэмкIэ къыгъэгугъагъэх.
«О къыптехъукIыщт бынын», зы нэбгырэ закъо къыра-
гъэкIэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт.* Ащ къикIы-
рэр Христос ары. «О къыптехъукIыщт цIыфхэр», ыIоу бэ
къырагъэкIэу арытэп. [17] Сэ зыфасIорэр мары: Илъэс шъи-
плIырэ щэкIырэ Тхьэм ежьыррэ Ибрахьимэрэ азыфагу
зэзэгъыныгъэ зыделъхьэ ужым къэлъэгъогъэ Тэурат ха-
бзэм а зэзэгъыныгъэр ыгъэкIодын ылъэкIыщтэп, Тхьэм
IэхьышIоу Ибрахьимэрэ ащ къытехъукIыщт бынымрэ
къызэригъэгугъагъэри ымыгъэхъун ылъэкIыщтэп. [18] Ау
Тхьэм цIыфхэм IэхьышIур къалъигъэсыныр Тэурат ха-
бзэм итхэм ягъэцэкIэн епхыгъэу щытмэ, ащыгъум Тхьэм
IэхьышIур къызэригъэгугъагъэхэм епхыгъэу щытыжьэп.
Ау шъыпкъэу зэрэщытымкIэ, Тхьэм Ибрахьимэ къызэри-
гъэгугъагъэр ары ынэшIу шыфэныгъэкIэ а IэхьышIур
зыкIылъигъэсыгъэр.

[19] Ащыгъум Тэурат хабзэр зыкIыщыIэр сыда? Хабзэм
текIыныр зыфэдэр цIыфмэ агуригъэIоным пае, Тхьэм
Тэурат хабзэр къафыригъэхыгъ. Ибрахьимэ къытехъу-
кIыщт бынэу* Тхьэм къызэригъэгугъагъэр къэкIофэ,
Тэурат хабзэм тетыгъо иIэн фэягъ. Тхьэм Тэурат хаб-
зэр мэлэIичхэм аIэкIилъхьи, ахэми лIыкIо горэм* Iэ-
кIалъхьажьыгъ. [20] Зы нэбгырэ нахь щымыIэмэ, лIыкIо
ищыкIагъэп, ау Тхьэр зы закъу.

---

3:16 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 12:7.

3:19 Ибрахьимэ къытехъукIыщт быныр – Христос ары.

3:19 лIыкIо горэ – пегъымбар Мусэ ары.

## ПщылIхэмрэ къохэмрэ

21 Тэурат хабзэр Тхьэм Ибрахьимэ IэхьышIухэу къызэри-
гъэгугъагъэхэм апэуцуа? Хьау, ар хъухэщтэп. Ау цIыф-
хэм щыIэныгъэ яIэ зыгъэхъун зылъэкIырэ хабзэ щы-
Iагъэмэ, а хабзэмкIэ Тхьэм ыдэжькIэ цIыфхэм шъы-
пкъагъэ яIэ хъущтыгъ. 22 Ау дунаем ицIыф пстэури псэ-
кIодым ыIэ зэрилъхэр Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт.*
Арэущтэу зыфэхъугъэр Исус ХристоскIэ шIошъхъуныгъэ
зиIэхэр Тхьэм IэхьышIоу къызэригъэгугъагъэр а цIыфхэу
шIошъхъуныгъэ зиIэхэм агъотыжьыныр ары.
23 ШIошъхъуныгъэм игъогу щымыIэу, Тэурат хабзэм
тызэкIоцIипхагъэу тиухъумэу тиIыгъыгъ, шIошъхъуны-
гъэм игъогу къэлъэгъофэ. 24 Арэущтэу шIошъхъуныгъэ
зэрэтиIэм фэшI, Тхьэм ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ
тиIэу тилъытэным пае, Тэурат хабзэм Исус Христос дэжь
тищэнэу пащэ къытфэхъугъ. 25 Ау джы шIошъхъуныгъэм
игъогу къызылъагъо ужым, Тэурат хабзэм тетыгъо къы-
тфыриIэжьэп.
26 Сыда пIомэ Христос ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зэрэ-
шъуиIэм пае, шъо пстэури Тхьэм шъурибын. 27 Шъо пстэу-
ри Христос зыгу илъынэу аумэхъыгъэхэу щытхэм Христос
ишэн шъуашэу зэшъущэкIыгъ. 28 Джуртрэ урымрэ, пщы-
лIрэ шъхьафитрэ, хъулъфыгъэрэ бзылъфыгъэрэ пIозэ зэ-
хэбдзынхэу щытыжьэп, сыда пIомэ Христос Исус шъугу-
хэм зэрарылъым пае, шъо зэкIэ зы шъухъугъ. 29 Хри-
стос шъузэрием пае, Ибрахьимэ къытехъукIыгъэ цIыфхэм
шъуащыщ. Ащыгъум Тхьэм Ибрахьимэрэ ащ къытехъу-
кIыгъэ цIыфхэмрэ IэхьышIоу къызэригъэгугъагъэхэр шъо-
ри къышъулъысыщт.

# ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

Сэ зыфасIорэр мары: къоу ятэ имылъку къызIэкIэхьа-
щтыр оцIыкIуфэ, мылъкур зэкIэ къыIэкIэхьащтми, унэ-
Iутым фэдэ къабзэу щыт. 2 ЦIыфхэу зынаIэ ащ къытет-

3:22 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Сэбур (Псалтыр) 14:3 (урыс библиемкIэ 13:3); Рим 3:9–18.

хэмрэ имылъку зезыхьахэрэмрэ афэIорышIэн фае, ятэ
ыгъэнэфэгъэ мафэр къэсыфэ. 3 Джащ фэдэу, тэри Тхьэм
иIофхэмкIэ джыри цIыкIоу тызыщэтым, цIыфхэм мы
дунаем ехьылIагъэу къызэрыкIо гурыIоныгъэу яIэхэм ты-
ряпщылIыщтыгъ. 4 Ау уахътэр икъугъэ зэхъум, Тхьэм
Ыкъо къыгъэкIуагъ. Ар бзылъфыгъэм къыхэкIыгъ, Тэу-
ратым ихабзэ ыIэчIэгъ чIэтыгъ. 5 Тхьэм ар къызфигъэ-
кIуагъэр ащ Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ чIэтыгъэхэр къы-
чIихыжьынхэшъ, ашъхьэ ыщэфыжьынэу арыгъэ, Тхьэм
тэ зэкIэри ибын фэдэу тидэным пае. 6 Тхьэм шъузэрибын-
хэм пае, Ыкъо Ыпсэ ЛъапIэу «Аввэу* Тят!» зыIоу къа-
джэрэр Тхьэм шъугумэ къарилъхьагъ. 7 Арышъ, о уунэ-
Iутыжьэп, къоу ухъугъ нахь. Къоу узэрэхъугъэм пае,
Тхьэм ибынхэм Iэхьыш Iоу къалъигъэсырэр ори къып-
лъигъэсыщт.

**Паул Галатие цIыфхэм зэрафэгумэкIырэр**

8 Пасэм Тхьэр шъумышIэу зыщэтым, тхьэ зыфаIохэу,
ау шъыпкъэмкIэ тхьэхэу щымытхэм шъуафэлажьэщтыгъ.
9 Ау джы Тхьэр шъушIэу хъугъэу, хьауми Тхьэм шъу-
къишIагъэу сIомэ нахьышIуба, а къызэрыкIо гурыIоны-
гъэхэу лъэкIыныгъэ зимыIэхэу ыкIи тхьамыкIэхэмэ за-
фэжъугъэзэжьынэу шъузкIыфаер сыда? Джыри зэ ахэмэ
пщылI шъуафэхъужьынэу ара? 10 Гъэнэфэгъэ мафэр, ма-
зэр, уахътэр, илъэсыр шъогъэлъапIэх. 11 Сэ сышъуфэгу-
мэкIы, хьаулыеу шъощ пае сыулэугъэкIэ сэщынэ.

12 СышъолъэIу, сшыхэр, сэщ фэдэу шъухъу, сыда пIомэ
сэри шъощ фэдэу сыхъугъ. Мыхъун зи къысэшъушIагъэп.
13 Апэ дэдэу къэбарышIур зышъосэгъэIум, сызэрэсымэ-
джагъэр шъошIэ. 14 Сэ сисымэджэныгъэ къин шъуигъэ-
лъэгъугъэ пэтми, нэмыплъ къысэшъухыгъэп, шъукъы-
сфэмыеуи хъугъэп. Тхьэм имэлэIичэу сыщытыгъэм фэдэу,
Христос Исусэу сыщытыгъэм фэдэу, шъукъыспэгъокIыгъ.
15 Бэу шъутхъэжьыщтыгъ. ШъулъэкIынэу щытыгъэмэ,
шъунэхэри къысэшъутынхэу къызэришъутхъыщтыгъэм-
кIэ шъуишыхьат сэхъу. 16 Шъыпкъэр къызэрэшъосIуа-
гъэм пае, пыеу сыкъышъуфэхъугъа?

4:6 аввэ – «ты» ары.

17 А цIыфхэр* шъо къышъогугъух, ау ахэмэ ягухэлъ
шIоп. Тэ шъудбгъодащыным пылъых, шъо ахэмэ шъуя-
гугъужьыным пае. 18 Гухэлъыр дэгъумэ, зыр зым егу-
гъуныр сыдигъуи дэгъу, сэ шъуадэжь сыщымыIэми джары
зытетыр. 19 Сибынхэр, шъощ пае сабый къызфэхъущт
бзылъфыгъэу гугъум хэтым сыфэд, Христос шъугухэм
арылъ охъуфэ. 20 Джы шъуадэжь сыщыIагъэмэ, сымакъэ
мэкъэ шъабэкIэ зэблэсхъумэ сшIоигъуагъ, сыда пIомэ
шъосIон сшIэрэп.

### Хьэджэррэ Сарэрэ

21 КъысашъуIу, шъо, цIыфхэу Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ
чIэтынхэу фаехэм, Тэурат хабзэм итхэр зэхэшъушIы-
кIхэрэба? 22 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт Ибрахьимэ
къуитIу зэриIагъэр, зыр иунэIут бзылъфыгъэмкIэ*, адрэ-
ри унэ шъхьэгъусэмкIэ*. 23 УнэIут бзылъфыгъэм ыкъо
сабый къызэрэхъурэ шIыкIэм фэдэу къэхъугъ, ау ишъхьэ-
гъусэ ыкъо Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэм тетэу
къэхъугъ.

24 А Iофым зы гъэбылъыгъэ Iоф горэ къикIэу хэлъ,
сыда пIомэ а бзылъфыгъитIур зэзэгъыныгъитIум фэб-
гъэдэн плъэкIыщт. УнэIут бзылъфыгъэу Хьэджэр Синай
къушъхьэм Тхьэм ежьыррэ пегъымбар Мусэрэ азыфагу
щыдилъхьэгъэ зэзэгъыныгъэм фэд. А бзылъфыгъэм къы-
фэхъугъэхэр пщылIхэу щытыгъэх. 25 Хьэджэр Аравие хэ-
кум щыIэ Синай къушъхьэм фэбгъэдэн плъэкIыщт. А
бзылъфыгъэр джырэ Ерусалими фэд. Сыда пIомэ Еруса-
лимрэ ащ дэс цIыфхэмрэ пщылIыныгъэм хэтых. 26 Ау
уашъом щыIэ Ерусалим шъхьафит. Ар тэ зэкIэми ны
фэдэу къытфэхъу. 27 Сыда пIомэ Тхьэм игущыIэ тхы-
гъэхэм мырэущтэу арыт:*

«ГушIо, о сабый къызхэмыкIэу, сабый
къызфэмыхъугъэ бзылъфыгъ.

---

4:17 а цIыфхэр – Паул пэуцухэрэр ары. Ахэмэ зэраIуагъэм фэдэу, Исус игъогу утехьаным ыпэкIэ, сунэт уашIын фаеу щытыгъ.

4:22 унэIут бзылъфыгъэр – Хьэджэр ары. Хьэджэр Агар ары. Еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 16:15.

4:22 унэ шъхьэгъусэр – Сарэ ары. Еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 21:2.

4:27 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 54:1.

О, сабый гугъуехьыныр зымышIэрэр, мэкъэшхокIэ гушIо!
Сыда пIомэ лIы зиIэм нахьи лIым ытIупщыжьыгъэ бзылъфыгъэм сабиеу иIэхэр нахьыб».

[28] Сшыхэр, Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэм пае,
Исхьакъ Ибрахьимэ ибын зэрэхъугъэм фэдэкъабзэу, тэри
Тхьэм ибын тыхъугъ. [29] Хьэджэр зыцIэ бзылъфыгъэ унэ-
IутымкIэ Ибрахьимэ къыфэхъугъэ ыкъо, ыкъоу Тхьэм
ЫIпсэ ЛъапIэ Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэм тетэу къэ-
хъугъэм* а уахътэм къин ригъэщэчыгъ. Джыри ащ фэд.
[30] Ау Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытыр* сыда? Мырэу-
щтэу арыт: «Мы унэIут бзылъфыгъэмрэ ащ ыкъорэ Iугъэ-
кIыжьых, сыда пIомэ шъхьэгъусэу шъхьафитэу щытым
ыкъо мылъкоу къыфынэжьырэмкIэ унэIут бзылъфыгъэм
ыкъо Iахьэ къылъысыщтэп». [31] Арышъ, сшыхэр, бзылъ-
фыгъэ унэIутым тырибынэп, шъхьэгъусэу шъхьафитэу
щытым тырибын нахь.

# ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

## Христос шъхьафитныгъэ къызэрэтитыгъэр

Арышъ, шъхьафитныгъэу Христос къышъуитыгъэм
пытэу шъутетэу, джыри зэ пщылIыныгъэм ибжь цIыфхэм
зытряшъумыгъэлъхьажь.

[2] Сэ, Паул, шъуасIорэм шъуедэIу, цIыфхэм сунэт зяжъу-
гъэшIымэ,* Христос ишIуагъэ къышъокIыщтэп. [3] Джыри
сэ къэсэушыхьаты, хэтми сунэт зязыгъэшIырэм Тэурат
хабзэм ит пстэури ыгъэцэкIэн фае. [4] Шъо Тэурат хабзэм
итхэр жъугъэцэкIэнхэм игъогукIэ Тхьэм ежьым ыдэжькIэ
шъыпкъагъэ шъуиIэу шъузэрилъытэщтым ыуж шъуитэу

---

4:29 къоу Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэм тетэу къэхъугъэр – Исхьакъ ары.

4:30 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытыр – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 21:10.

5:2 цIыфхэм сунэт зяжъугъэшIымэ – ащ къикIырэр: цIыфхэм сунэт зядгъэшIыным игъогу ары Христос ицIыфхэм тащыщэу тызэрэхъущтыр шъуIозэ, цIыфхэм сунэт зяжъугъэшIымэ, Христос ишIуагъэ къышъокIыщтэп.

шъущытмэ, Христос шъубгъодэкIыгъ. Тхьэм ынэшIуи
къышъущимыфэжьэуи хъугъэ. [5] Ау тэ шIошъхъуныгъэ
зэрэтиIэм пае, Тхьэм ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ тиIэу
тызэрилъытэщтым тыпэплъэ. Тхьэм Ыпсэ ЛъапIи арэу-
щтэу зэрэхъущтым тыщегъэгугъы. [6] Сыда пIомэ Христос
Исус тыгухэм арылъмэ, сунэт ташIыгъэу тыщытми, тыщы-
мытми, арэп Iофыр зыдэщыIэр. Iофыр зыдэщыIэр ти-
шIошъхъуныгъэ шIулъэгъуныгъэ къызэрэхэкIырэр ары.

[7] Гъогу занкIэм шъутетэу шIоу шъурыкIощтыгъ. Шъы-
пкъагъэм шъуримыгъэдэIоу, хэта пэрыохъу къышъуфэ-
хъугъэр? [8] Арэущтэу шъозыгъэшIагъэр Тхьэу зибынхэм
ащыщ шъухъунэу къышъуаджэрэр арэп. [9] «Тэджэпсыр
макIэми, тхьацур зэкIэ егъэшIоIу». [10] Зиусхьаныр тыгухэм
зэрарылъым пае, Iофхэр сэ къызэрэзгурыIохэрэм фэдэу,
шъори къыжъугурыIонхэм сыщэгугъы. Хэт щыщми шъу-
зыгъэгумэкIырэм имысагъэ фэшъуашэр ыгъотыжьыщт.
[11] Сшыхэр, цIыфхэр сунэт ашIыгъэхэу щытын фаеу джы-
ри ясэгъэIу зэпытмэ, (сэ язгъэIугъэу аIозэ, цIыфхэм
пцIыкIэ зэраIорэм фэдэу), сыд пае цIыфхэм джыри къин
сагъэщэчыра? ЦIыфхэр сунэт ашIыгъэхэу щытын фаеу
джыри язгъэIу зэпытыгъэмэ, ащыгъум Христос къащым
зэрэкIэрылIыхьагъэм икъэбар цIыфхэм агу зэмыIун зи
къыхэнэжьыщтгъэп. [12] ШъузыгъэгумэкIыхэрэр IуагъэкIы-
гъагъэхэмэ!

[13] Сшыхэр, шъхьафитныгъэ шъуиIэнэу Тхьэр къышъо-
джагъ. Ау шъуишъхьафитныгъэ шъуипсэкIодышIэ
шэныжъ зыкIэхъопсырэр шъушIэнэу ушъхьагъоу орэмыхъу.
Ау шIулъэгъуныгъэкIэ зыр зым Iофтабгэ фэрэхъу. [14] Сы-
да пIомэ Тэурат хабзэм ит пстэури мы унэшъо закъом*
къеубыты: «О пшъхьэ шIу зэрэплъэгъурэм фэдэу, уи-
гъунэгъуи шIу лъэгъу». [15] Ау шъузэцакъэу ыкIи шъу-
зэрэшх зэпытмэ, шъузэрэмыгъэкIодыжьыным шъуфэ-
сакъ.

## ШIугъэу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ыдэжь къикIыхэрэмрэ Iэягъэу цIыфым ипсэкIодышIэ шэныжъ къыхэкIыхэрэмрэ

[16] Арышъ, къышъосэIо: Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ къызэрэ-
жъугуригъаIорэм тетэу шъузекIу. Ащыгъум шъуипсэ-

---

5:14 мы унэшъо закъор – еплъ Пегъымбар Мусэ ящэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:18.

кIодышIэ шэныжъ зыкIэхъопсырэр жъугъэцэкIэщтэп.
[17] ЦIыфым ипсэкIодышIэ шэныжъ зыфаер Тхьэм Ыпсэ
ЛъапIэ зыфаем пэуцу. Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ зыфаери цIы-
фым ипсэкIодышIэ шэныжъ зыфаем пэуцужьы. Шъузы-
фаер шъумыгъэцэкIэшъунэу ахэр зэпэуцужьых. [18] Ау Тхьэм
Ыпсэ ЛъапIэ къызэрэжъугуригъаIорэм тетэу шъузекIомэ,
Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ шъучIэтыжьыщтэп.

[19] ЦIыфым ипсэкIодышIэ шэныжъ Iэягъэу къыхэкIыхэ-
рэр нафэх. Мыхэр арых: Зинэ шIэныр, гумыкъэбзагъэр,
мыхъомышIэ псэукIэр, [20] тхьэ нэпцIхэр гъэлъэпIэгъэныр,
ушхъухьаныр, зэпыиныр ыкIи зэщыхьаныр, шъугъоныр,
губжыныр, цIыфым ежьым ышъхьэ нэмыкI шIу ымылъэ-
гъуныр, зэмызэгъыныр, куп–купэу зэхэкIыныр, [21] зэрэуджэ-
гъуныр, цIыф укIыныр, утэшъоныр, шъхьарытIупщэу
ешхэ–ешъошхо шIыныр, ащ фэдэ нэмыкI Iофхэри. Ыпэм
къызэрэшъосIуагъэм фэдэу джыри шъосэIожьы, ащ фэдэ-
хэр зышIэхэрэм Тхьэм и ТетыгъошхокIэ* Iахьэ къалъы-
сыщтэп.

[22] Ау шIугъэу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ыдэжь къикIыхэрэр
мыхэр арых: шIулъэгъуныгъэр, гушIуагъор, гупсэфыны-
гъэр, щыIагъэр, шIугъэр, гукIэгъуныгъэр, шIошъхъуны-
гъэр, [23] гушъэбагъэр, зыщыIэныгъэр. Мы Iофхэм къапэу-
цужьырэ хабзэ зи щыIэп. [24] Христос зыгу илъ цIыфхэм
япсэкIодышIэ шэныжъи, шIу алъэгъугъэ бзэджагъэхэри,
яхъопсэныгъэ мыхъунхэри къащым тыраIулIагъэхэм фэд.
[25] Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ арышъ щыIэныгъэ къытэзытырэр,
ащ къызэрэдгуригъаIорэм тетэу тызекIон фае. [26] Тызы-
шIошIыжьэу, тызэрэгъэгубжэу ыкIи тызэшъугъоу тыщэ-
рэмыт.

## ЯХЭНЭРЭШЪХЬ

### Зым ихьылъэ адрэм ерэIэт

Сшыхэр, зы цIыф горэм псэкIод ышIэмэ, шъо Тхьэм
Ыпсэ ЛъапIэ зыгу илъхэм, гушъэбагъэкIэ ар гъогу
тэрэзым къытежъугъэхьажь. Ау псэкIодшIэным зыде-
шъумыгъэхьыхыным шъуфэсакъ. [2] Зым ихьылъэ адрэм

5:21 Тхьэм и Тетыгъошхо – еплъ 1 Кор. 6:9.

ерэIэт. Арэущтэу шъушIымэ, Христос иунашъо жъу-
гъэцэкIагъэу мэхъу. 3 Зыгорэ цIыкIоу щыт пэтми, инэу
зелъытэжьмэ, ышъхьэ егъэпцIэжьы. 4 Хэти ежь иIоф зы-
тетыр ерэгъэунэфы. А Iофыр дэгъумэ, нэмыкI цIыфым
иIоф емыплъэу ежь иIоф зытетым рыпэгэн ылъэкIыщт,
5 сыда пIомэ хэти ихьылъэ ежь ышъэ илъ.
6 Тхьэм игущыIэхэр зэзыгъашIэрэм шIоу иIэ пстэуми
щыщ езыгъашIэрэм иIахьэу рерэт.
7 ЗышъумыгъэпцIэжь. Тхьэм зышъуигъэгъэпцIэщтэп.
ЦIыфым хьасэм зэрэхилъхьэрэм фэдэу къыгъотыжьыщт.
8 ЦIыфэу зипсэкIодышIэ шэныжъ ихьасэ хэзылъхьэрэм
кIодынығъэр къыгъотыжьыщт. Ау Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ
ихьасэ хэзылъхьэрэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ къыгъо-
тыжьыщт. 9 Темызэщэу шIу тшIэным тыпыжъугъэлъ
зэпыт. Темызэщэу тыпылъмэ, игъо къызыскIэ, шIугъэ
къэдгъотыжьыщт. 10 Арышъ, игъо тыфифэ къэс, цIыф
пстэуми шIу афэтэжъугъашI, зэкIэмэ апэу шIошъхъу-
ныгъэ зиIэхэм яунагъо щыщхэр ары шIу зыфэтшIэн
фаехэр.

## Аужырэ Iофхэу Паул Галатие цIыфхэм агуригъаIохэрэмрэ Тхьэм щытхъу зэрэфишIырэмрэ

11 Сэ хьарыфышхохэу сIэкIэ къызэрышъуфэстхыгъэ-
хэм шъуяплъ.
12 Дунаем ицIыфмэ ящытхъу фэе цIыфхэр ары сунэт
зяжъугъэшIынэу шъуезыгъэзынхэу пылъхэр. Арэущтэу
зыфашIэрэ закъор Христос икъащ пае ежьхэм къин
зэрамыгъэщэчыныр ары. 13 ЦIыфхэу сунэт ашIыгъэ дэ-
дэхэми Тэурат хабзэм итхэр агъэцакIэхэрэп, ау сунэт шъу-
ашIынхэу ыуж итых, сунэт шъузэрашIыгъэмкIэ зыщы-
тхъужьынхэм пае. 14 Ау сэ ти Зиусхьанэу Исус Христос
икъащ нэмыкI сыщытхъужьынэу сыфаеп. Исус къащым
зэрэкIэрылIыхьагъэм пае, мы дунаем иIофхэм пкIэ зи
ямыIэжьэу, садэжькIэ ахэр къащым тыраIулIагъэхэм фэд,
сэри мы дунаем иIофхэм адэжькIэ цIыфхэм къащым сыты-
раIулIагъэм фэд. 15 Сунэт ташIыгъэу тыщытми, тыщымыт-
ми, арэп Iофыр зыдэщыIэр. Iофыр зыдэщыIэр икIэры-
кIэу тыкъалъфыжьыгъэу тыхъуныр ары. 16 Мы унашъом
тет цIыф пстэумрэ Тхьэм и Израил цIыфхэмрэ Тхьэм
гупсэфыныгъэ къарерэт, гукIэгъуныгъэри къаферэшI.

17 Аужыпкъэм зыми серэмыгъэгумэкI, сыда пIомэ уIэгъэ
тыркъохэр сэ спкъы зыкIэтелъхэр Исус сызэрэфэлажьэ-
рэр ары.
18 Сшыхэр, ти Зиусхьанэу Исус Христос ынэшIу шъугу-
хэм къащерэф. Амин.



# *АПОСТОЛ ПАУЛ ШIОШЪХЪУНЫГЪЭ ЗИIЭХЭУ ЕФЕС КЪАЛЭМ ДЭСХЭМ ТХЫЛЪЭУ АФИТХЫГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### ШIуфэс ехыныр

1 Сэ сы Паул. Тхьэр фэягъэти, Исус Христос иапостолэу* сыхъугъ. Шъо, Тхьэм ицIыф лъапIэхэу, Ефес къалэм* дэсхэу, Исус Христос зыгу илъхэу, ежьым фэшъыпкъэхэм, мы тхылъыр къышъуфэсэтхы.
2 Тхьэу Тятэ лъапIэрэ Зиусхьанэу Исус Христосрэ анэшIу къышъущарэфи, гупсэфыныгъэ къышъуарэт.

### Христос тыгухэм зэрарылъым пае, гурэ псэрэкIэ Тхьэм ынэшIу къызэрэтщифэрэр

3 Тхьэу ти Зиусхьанэу Исус Христос Ятэ щытхъушхор
ий. Христос тыгухэм зэрарылъым пае, уашъом епхыгъэу,
лъэныкъо пстэумкIи гурэ псэрэкIэ Тхьэм ынэшIу къыт-

---

1:1 апостол – еплъ Гал. 1:1.

1:1 Ефес къалэр – Асие хэкоу Рим къэралыгъошхом щыщым икъэлэшхоу щытыгъ. А хэкур джырэ Тыркуем итыгъэ къохьапIэ лъэныкъом итыгъ.

щифагъ. [4] Сыда пIомэ Тхьэм дунаер къыгъэхъуным ыпэкIэ,
Христос тыгухэм зэрарылъымкIэ ежь ибынхэм ащыщ
тыхъунэу тыкъыхихыгъ, тыгухэр къабзэхэу, лажьэ зи
тимыIэу, шIулъэгъуныгъэ тыгухэм арылъэу ежь ыпа-
шъхьэ тыщыпсэуным пае. [5] Исус Христос Iофэу ышIэ-
щтым пае, Тхьэм ежь ибынхэм афэдэу тидэнэу бэшIагъэу
тигъэнэфагъ, игъоу зэрилъытагъэм ыкIи ыгу хэлъыгъэм
тетэу. [6] Арэущтэу зыфишIагъэр ищытхъушхо тетэу
ынэшIу къызэрэтщифагъэм пае, тэ щытхъу фэтшIынэу
ары. Сыда пIомэ Тхьэм ежь Ыкъоу шIу ылъэгъурэм
инэу ынэшIу къытщыригъэфагъ. [7] Христос ылъэу къа-
щым щыкIэкIыгъэмкIэ тэ тшъхьэ ыщэфыжьыгъ, типсэ-
кIодхэри къытфигъэгъугъэх Тхьэм ынэшIу щыфэны-
гъэшхом тетэу. [8] ЗэхэшIыкIыныгъэ пстэумрэ гурыIоны-
гъэ пстэумрэ ягъусэу Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэшхор
къытэнигъэсыгъ. [9] Тхьэм игухэлъ шъэфэу Христос ригъэ-
гъэцэкIэнэу ыухыгъэр игъоу зэрилъытагъэм тетэу къы-
дгуригъэIуагъ. [10] Тхьэм игухэлъэу игъо къызыскIэ ыгъэ-
цэкIэщтыр, уашъохэми чIылъэми щыIэр зэкIэ зы ышIы-
хэзэ, Христос итетыгъо ыIэчIэгъ чIигъэуцоныр ары.

[11] Христос тыгухэм зэрарылъым пае, Тхьэм тэри Iэ-
хьышIур къытлъигъэсыгъ. Тхьэм гухэлъэу ыухыгъэм тетэу,
а IэхьышIур къытлъысынэу бэшIагъэу тигъэнэфагъ. Ежьыр
ары игухэлърэ зыфаемрэ атетэу Iоф пстэури зыгъэ-
цакIэрэр. [12] Тхьэм арэущтэу зыфишIагъэр тэ апэрэхэу
Христос щыгугъыхэу, пэплъагъэхэм Тхьэм илъытэны-
гъэшхо щытхъу фэтшIынэу ары. [13] Шъо шъугухэми Христос
арылъ хъугъэ. Христос шъугухэм арылъ зыхъугъэр шъы-
пкъагъэм ехьылIэгъэ къэбарэу, шъумыкIодэу шъукъэ-
зыгъэнэжьырэ къэбарышIур зызэхэшъухыгъэр ары. Хри-
стоскIэ шIошъхъуныгъэ шъуиIэ зэхъум, Тхьэм ежь
Ыпсэ ЛъапIэу тыкъызэригъэгугъагъэр мыхъурым* фэдэу
шъугухэм къарилъхьагъ. [14] Тэ, Тхьэм ицIыфхэу щытхэм,
тшъхьэхэр ыщэфыжьхэфэ, IэхьышIур тэ къызэрэтлъи-
гъэсыщтымкIэ Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ тишэсы*, Тхьэм
илъытэныгъэшхо щытхъу фэтшIыным пае.

---

1:13 мыхъур – арапыбзэкIэ «хъытым», тыркубзэкIи «мыхьыр» зыфаIорэр ары.

1:14 шэсы – зыгорэм ыуасэ щыщэу ыпэкIэ бгъэтIылъырэр ары. ГущыIэм пае, унэ горэ къэпщэфынэу уфаемэ, ыуасэ щыщэу ыпэкIэ бгъэтIылъырэ ахъщэр ары. А бгъэтIылъырэм къегъэшъыпкъэ къанэрэ уасэр зэряптыщтыр.

### Паул Тхьэм зэрелъэIурэр

[15] Арышъ, Зиусхьанэу ИсускIэ шIошъхъуныгъэу шъуи-
Iэмрэ шIулъэгъуныгъэу Тхьэм ицIыф лъапIэхэм афышъуи-
Iэмрэ якъэбар зызэхэсхыгъэм щегъэжьагъэу, [16] Тхьэм
селъэIу зыхъукIэ, шъуигугъу сэшIы ыкIи шъощ пае
Тхьэм щытхъу фэсэшIы зэпыт. [17] Ти Зиусхьанэу Исус Хри-
стос и Тхьэу, щытхъушхо зиIэ Ты лъапIэм сызэрелъэ-
Iурэр, шъо ежьыр нахьышIоу шъушIэным пае, ежь Ыпсэ
ЛъапIэу зэхэшIыкIыныгъэ тиIэу зыгъэхъурэри, Тхьэр
зыфэдэр къытфэзыгъэнафэрэри шъугухэм къарилъхьа-
нэу ары. [18] Шъугухэр къыгъэплъэжьынхэуи Тхьэм селъэIу.
Ащ фэдэу сызфелъэIурэр гугъапIэу Тхьэр къызфышъо-
джагъэр шъушIэнэу ары, ицIыф лъапIэхэм тырягъусэу
щытхъушхо зиIэ Iэхьышхоу къытлъигъэсырэри [19] шъушIэ-
нэу ары, тэ, шIошъхъуныгъэ зиIэхэм, тыгухэм арылъэу,
Тхьэм илъэкIыныгъэшхоу гъунэ зимыIэри шъушIэнэу
ары. [20] А лъэкIыныгъэшхор зыфэдэр лъэкIыныгъэшхоу
Тхьэм Христос лIагъэхэм къызэрахигъэтэджыкIыжьэу,
иджабгъукIэ уашъом зэрыщызыгуигъэтIысхьагъэр ары.
[21] Iэшъхьэтетхэми, тетыгъо зиIэ пстэуми, кIочIэшхо пстэу-
ми, пэщэ пстэуми, мы дунаем имызакъоу къэкIощт ду-
наеми зигугъу щашIырэ цIэ пстэуми Тхьэм Христос апшъэ
ышIыгъ. [22] Тхьэм щыIэ пстэури Христос ылъэгу чIэгъ
чIигъэуцуи, зэкIэми апшъэ щыIэнэуи, чылыс зэIукIэм
ышъхьэу щытынэуи ыгъэнэфагъ. [23] Чылыс зэIукIэр Христос
ыпкъ фэд. Христосэу тыдэкIи щыIэ пстэуми щыкIагъэ
зи ямыIэу, икъугъэу зыгъэхъурэр икъугъэу чылыс зэ-
IукIэм хэлъ.

## ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

### Христос тыгухэм арылъ зэрэхъугъэм пае, икIэрыкIэу тыкъалъфыжьыгъэу тыхъугъ

Шъуибзэджагъэрэ шъуипсэкIодхэмрэ къахэкIыкIэ, лIа-
гъэхэм шъуафэдэу шъущытыгъ. [2] А Iофхэм ягъогу шъу-
рыкIощтыгъ. Мы дунаем ихэбзэжъ Iае шъутетэу, жьы-
бгъэм тетыгъо щызиIэ Iэшъхьэтетэу, джынапцIэу* Тхьэм

---

2:2 жьыбгъэм тетыгъо щызиIэ Iэшъхьэтетэу, джынапцIэу – шэйтаныр ары.

емыдэIухэрэм агухэм арылъыр зэрэфаем тетэу шъузе-
кIощтыгъ. 3 Тэ пстэури а цIыфхэм тахэтэу, типсэкIодышIэ
шэныжъ зыкIэхъопсыщтыгъэ Iоф мыхъунхэм атетэу
тыпсэущтыгъ. ТипсэкIодышIэ шэныжърэ тигупшысэ-
хэмрэ зыкIэхъопсыщтыгъэ Iофхэр дгъэцакIэщтыгъэх.
Тишэныжъ уеплъымэ, нэмыкI цIыфхэм тафэдэу, тэри
Тхьэм игубж ыIэчIэгъ тычIэтыгъ. 4,5 ТипсэкIодхэм къа-
хэкIыкIэ лIагъэхэм тафэдэу тыщытыгъэ пэтми, Тхьэу
гукIэгъуныгъэшхо зиIэм шIулъэгъуныгъэшхоу къытфы-
риIэм пае, Христос тыригъусэу тыкъигъэпсэужьыгъ. Тхьэм
ынэшIу щыфэныгъэкIэ тымыкIодэу тыкъигъэнэжьыгъ.
6 Христос тыгухэм зэрарылъым пае, ащ тыригъусэу Тхьэм
тыкъигъэтэджыжьыгъ, ащ тыригъусэуи уашъом тIысы-
пIэ къыщытитыгъ. 7 Тхьэм арэущтэу зыфишIагъэр Хри-
стос Исус шIугъэу къытфыригъэшIагъэмкIэ ежь ынэшIу
щыфэныгъэшхоу гъунэ зимыIэр къэкIощт лъэхъанэхэм
яцIыфхэми аригъэлъэгъуныр ары. 8 Тхьэм ынэшIу щыфэ-
ныгъэкIэ шъумыкIодэу шъукъигъэнэжьыгъ, шIошъхъуны-
гъэ шъуиIэ зэрэхъугъэм пае. Ар къызпкъырыкIыгъэр
шъорэп, ар Тхьэм итын нахь. 9 ШIу зэрэтшIагъэр арэп
тымыкIодэу Тхьэм тыкъызкIигъэнэжьырэр. ЦIыфыр зы-
щымытхъужьыным пае, Тхьэм а Iофыр арэущтэу ыгъэ-
псыгъ. 10 Сыда пIомэ джы тызэрэщытым фэдэу тызыгъэ-
хъурэр Тхьэр ары. Христос тыгухэм зэрарылъымкIэ
Тхьэм тигъэхъугъ, IофышIухэу Тхьэм къытфигъэпсыгъа-
гъэхэр дгъэцэкIэнхэм пае.

**ХристоскIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр зы лъэпкъ зэрэхъухэрэр**

11 Арышъ, шъо, хымэ лъэпкъэу къалъфыгъэхэр, шъу-
къэдаIу. Сунэт ашIыгъэхэр (IэкIэ сунэт ашIыгъэхэр ары
зыфасIохэрэр) шъо, «сунэт амышIыгъэхэкIэ» заджэхэ-
рэм, мыр шъугу къэжъугъэкIыжьын фае: 12 пасэм Христос
шъугухэм арымылъэу шъупсэущтыгъ. Израил лъэпкъым
шъущымыщэу, Тхьэм а лъэпкъыр къызэригъэгугъэгъэ
Iофхэм атет зэзэгъыныгъэхэмкIэ* Iахьэ шъуимыIэу, хы-
мэхэу шъущытыгъ. ГугъапIэ шъуимыIэу, Тхьэр шъумы-
шIэу мы дунаем шъутетыгъ. 13 Ау джы, Христос шъугухэм
арылъ зэрэхъугъэм пае, шъо, зэгорэм Тхьэм пэчыжьэу
щытыгъэхэр, Христос ылъэу къащым щыкIэкIыгъэмкIэ
джы Тхьэм пэгъунэгъу шъухъугъ.

---

2:12 зэзэгъыныгъэхэр – еплъ Рим. 9:4.

[14] Сыда пIомэ ежь Христос ары тызэзыгъэшIужьыгъэр.
Ежьыр ары итIур* зы зышIыгъэри, ыпкъыкIэ ахэмэ
азыфагу дэлъыгъэ пыиныгъэм идэпкъ зэхэзыгъэуагъэри.
[15] Унашъохэмрэ хабзэхэмрэ зэрыт Тэурат хабзэр лъэны-
къокIэ ригъэзыгъ. Христос арэущтэу зыфишIыгъэр цIыф-
хэр ежьым ешIужьынхэу ыгъэхъузэ, а лъэпкъитIур зы
лъэпкъыкIэу ыгъэхъунэу ары, [16] зэпыиныгъэри къа-
щым щигъэкIодэу, итIур зыпкъы хъугъэу, Христос
къащым зэрэкIэрылIыхьагъэмкIэ ахэр Тхьэм ешIужьы-
гъэхэу ыгъэхъунхэу ары. [17] Христос къакIуи, шъо, Тхьэм
пэчыжьэу щытыгъэ цIыфхэми, пэгъунэгъу щытыгъэ цIыф-
хэми, зэшIужьыныгъэм икъэбар къышъуигъэIугъ. [18] Сыда
пIомэ Христос Iофэу ышIагъэм пае, а зы Псэ ЛъапIэр
тыгухэм арылъэу, тэ титIуи Ты лъапIэм пэгъунэгъу
тыхъун тэлъэкIы.

[19] Арышъ, хымэхэу ыкIи хэхэсхэу шъущытыжьэп, ау
Тхьэм ицIыф лъапIэхэм яхэгърыехэу шъухъугъ, Тхьэм
иунагъо шъущыщэуи шъухъугъ. [20] Апостолхэмрэ пегъым-
бархэмрэ* лъапсэу агъэуцугъэм шъутет. Ежь Христос
Исус ары лъэпсэ мыжъошхор. [21] Зиусхьанэу Исус ары
унэр зэкIэри зэхэзыгъэуцорэр, ежьыри а унэм зэрэщыIэм
пае, Тхьэм иунэшхо лъапIэ хъунэу хэхъо. [22] Шъо Христос
шъугухэм арылъэу мыжъохэм шъуафэдэу, Тхьэм ЫпсэЛъапIэ зэрыс унэм Христос шъори шъухегъэуцо.

## ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

### Паул хымэ лъэпкъхэм Iофэу афишIагъэм къызэрэтегущыIэрэр

Ащ пае, сэ, Паул, Христос Исус сыфэлажьэу, шъо хымэ лъэпкъхэм* къэбарышIур къызэрэшъозгъэIурэм пае, хьапсым сычIадзагъэу сычIэс.

[2] Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэкIэ Iоф къышъуфэсшIэнэу
спшъэ къызэрэрилъхьагъэм икъэбар зэхэшъухыгъэн фае.

2:14 итIур – джуртхэмрэ мыджуртхэмрэ ары.

2:20 пегъымбархэр – христиан пегъымбар купэу Исус ыцIэкIэ къэгущыIагъэхэр ары. Еплъ Апостол. 13:1; 1 Кор. 12:28–29.

3:1 хымэ лъэпкъхэр – мыджуртхэр ары.

3 Тхьэм игухэлъ шъэф къысфигъэнафи, сигъэшІагъэ, кІэ-
кІэу къызэрэшъуфэстхыгъэм фэдэу. 4 Мы тхылъым шъу-
еджэкІэ, Христос ехьылІэгъэ шъэфым зэхэшІыкІыныгъэу
фысиІэм гу лъышъутэн шъулъэкІыщт. 5 А шъэфыр Тхьэм
Ыпсэ ЛъапІэ мы уахътэм апостол лъапІэхэмрэ пегъым-
бар* лъапІэхэмрэ зэрафигъэнэфагъэм фэдэу, ыпэрэ лІэ-
шІэгъухэм* ащыпсэущтыгъэ цІыфхэм Тхьэм аригъэшІэ-
гъагъэп. 6 А шъэфыр мыры: Христос Исус хымэ лъэпкъхэм
агухэм арылъ хъоу, къэбарышІур зэрадэрэмкІэ Тхьэм
Израил лъэпкъым Іэхьыш Іоу къылъигъэсырэр ахэми къа-
лъегъэсы; а лъэпкъхэри Израил игъусэхэу зы пкъым
щыщых, Тхьэм Израил лъэпкъыр ІофышІухэу къызэри-
гъэгугъагъэхэм ахэми яІахьэ ахэлъ.

7 Тхьэм лъэкІыныгъэу къысхилъхьагъэм тетэу, мы Іофыр
згъэцэкІэнэу ынэшІу щыфэныгъэкІэ тынэу къызэрэси-
тыгъэмкІэ мы къэбарышІум сыфэлэжьэнэу сигъэнэфагъ.
8 Тхьэм ицІыф лъапІэхэм анахьи нахь цІыкІоу сыщытми,
Тхьэм ынэшІу щыфэныгъэкІэ мы Іофыр спшъэ къырилъ-
хьагъ: Христос хэлъ баиныгъэшхоу зыми ымыгъэунэфы-
шъущтым икъэбар хымэ лъэпкъхэм язгъэІунри, 9 Тхьэм
игухэлъ шъэф цІыф пстэуми нафэ афэсшІынри ары.
БлэкІыгъэ лъэхъанэхэм ащегъэжьагъэу а гухэлъ шъэ-
фыр Тхьэу зэкІэ къэзыгъэхъугъэм аригъэшІагъэу щыты-
гъэп. 10 Тхьэм арэущтэу зыфишІагъэр чылыс зэІукІэмкІэ
изэхэшІыкІыныгъэ зэмылІэужыгъом икъэбар ошъо лъэ-
ныкъом щыІэ Іэшъхьэтетхэми, тетыгъо зиІэхэми джырэ
уахътэм щаригъэшІэнэу ары. 11 Тхьэм а Іофыр ыгъэцэ-
кІагъ мыкІодыжьын гухэлъэу Тхьэм Христос Исусэу
ти Зиусхьан ригъэгъэцэкІагъэм тетэу. 12 Христос ты-
гухэм арылъэу, ежьымкІэ шІошъхъуныгъэ зэрэтиІэм пае,
тыгушхоу ыкІи ежьым тыщыгугъэу Тхьэм пэблагъэ
тыхъун тэлъэкІы. 13 Арышъ, шъо сишІуагъэ шъозгъэкІы-
нэу къин зэрэсщэчырэм пае, шъугу шъумыгъэкІодынэу
сышъолъэІу. А къинэу сэ сщэчырэм шъоркІэ щытхъу
хэлъ.

---

3:5 пегъымбархэр – еплъ 2:20.

3:5 лІэшІэгъу – илъэсишъэ мэхъу.

### Паул шIошъхъуныгъэ зиIэхэу Ефес дэсхэм Тхьэм зэрафелъэIурэр

[14] Арышъ, ти Зиусхьанэу Исус Христос Ятэ ыпашъхьэ
лъэгонджэмышъхьэкIэ сетIысхьэ. [15] Ежьыр ары Ты лъапIэу
уашъоми чIылъэми ащыIэу, сыдрэ унагъоу зыфаIорэми
ыцIэ къызхэкIырэр. [16] Тхьэм ищытхъушхо тетэу, ежь
Ыпсэ ЛъапIэкIэ шъугухэр лъэкIыныгъэкIэ ыгъэпытэн-
хэу селъэIу, [17] шъушIошъ зэрэхъугъэмкIэ Христос шъу-
гухэм арылъыным пае. [18] ШъулъапсэхэрIулъэгъуныгъэм
хэлъхэу ыкIи ащ шъутетэу, Тхьэм ицIыф лъэпIэ пстэуми
шъурягъусэу, Христос ишIулъэгъуныгъэ ишъомбгъуагъи,
икIыхьагъи, икууагъи, илъэгагъи къыжъугурыIонхэм пае,
лъэкIыныгъэ шъуиIэнэу Тхьэм селъэIу. [19] А шIулъэ-
гъуныгъэу шIэныгъэ пстэури зынэмысырэр шъушIэнэу
орэхъу, Тхьэм ишэн зэкIэ къышъухэлъыным пае.

[20] Тхьэм щытхъушхор ий. Ежь илъэкIыныгъэу къыт-
хэлъымкIэ Iофэу тызэрелъэIушъущтхэмрэ тызэгупшысэ-
шъущтхэмрэ анахьи, егъэлыягъэу нахьыбэ ышIэн елъэкIы.
[21] Тэ Христос Исус зыгухэм арылъэу, чылыс зэIукIэм
щыщхэм мыкIодыжьын лъэхъанэу къэкIощтхэмкIи лIэ-
шIэгъоу къэкIощтхэмкIи щытхъушхор Тхьэм фэтэжъу-
гъэшI. Амин.

## ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

### Зыпкъ закъом фэдэу тызэрэхъурэр

Сэ Зиусхьаным сызэрэфэлажьэрэм пае, хьапсым сычIа-
дзагъэу сычIэсэу сышъолъэIу: псэукIэу шъуиIэнэу Тхьэр
къызфышъоджагъэм тетэу шъузекIу. [2] Мыпэгэныгъэри,
гушъэбагъэри, щыIагъэри шъугухэм арыжъугъэлъхэу,
шIулъэгъуныгъэкIэ зым зыр ерэщыI. [3] Зэзэгъыныгъэу
шъузэзыпхырэмкIэ Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ зы шъуищыты-
ныгъэу шъуигъэгъотырэр зэрэшъуухъумэным ыуж шъуит.
[4] Пкъэу тызщыщыр зы, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIи зы, Iофэу
тызщыгугъэу тызпаплъэу, Тхьэр къызфышъоджагъэри
зы. [5] Зиусхьаныри зы, шIошъхъуныгъэри зы, тызкIаумэ-
хъырэри зы. [6] Тхьэу цIыф пстэуми Ятэ лъапIи зы. Ащ
цIыф пстэуми тетыгъо афыриI, зэкIэмкIи Iоф ешIэ, тэ
зэкIэми ар тыгухэм арылъ.

7 Тэ тщыщэу хэти Христос ынэшIу къыщифагъ, хэти
тынэу къыритынэу зэрэфигъэшъошагъэм тетэу. 8 Джары
Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зыкIарытыр:

«ЫIпшъэкIэ зыдэкIоежьым, гъэрхэри игъусэхэу
зыдыдищэягъэх,
цIыфхэми тынхэр аритыгъэх».

9 (ЫIпшъэкIэ дэкIоежьыгъ зыфиIорэ гущыIэхэм къарыкIырэр
ыпэкIэ чIылъэм ыхэ дэдэм нэс къызэрехыгъэр
ары. 10 Ыхэ дэдэм нэс къехыгъэр ежь дэдэр ары ошъо
пстэуми анахьи нахь лъагэу дэкIоежьыгъэр, щыIэ пстэуми
щыкIагъэ зи ямыIэу, икъугъэу ыгъэхъуным пае.) 11 Христос
цIыфхэм тынхэр зэраритыгъэхэр мары: ежьым цIыф
заулэ апостолхэу* ыгъэнэфагъэх, нэмыкIхэри пегъымбархэу*
ыгъэнэфагъэх, адрэхэри ежьым икъэбарышIу
агъэIунэу ыгъэнэфагъэх, етIани нэмыкIхэри дин пащэхэу
ыкIи дин гъэсакIохэу ыгъэнэфагъэх. 12 Тхьэм ахэр зыфигъэнэфагъэхэр
ицIыф лъапIэхэр ежьым фэлэжьэнхэу
аригъэлъэкIынри, Христос ыпкъ щыщхэм гурэ псэрэкIэ
нахь лъэкIыныгъэ аригъэгъотынри ары. 13 Арэущтэу тэ
зэкIэ Тхьэм ЫкъокIэ шIошъхъуныгъэ тиIэу, ари тшIэу,
зы тыхъущт, Христос зишъыпкъагъэ щыкIагъэ зи зимыIэ
цIыф икъугъэу зэрэщытым фэдэу, тэри зишъыпкъагъэ
щыкIагъэ зи зимыIэ цIыф икъугъэхэу тыхъущт.

14 ЕтIанэ тысабыижьыщтэп, хыорхэм адыкIэ мыдыкIэ
тызэрамыдзэжьэу, цIыф заулэм адрэ цIыфхэм Iофхэу арагъашIэхэрэм
яжьыбгъэ пстэуми тызэрафыжьыщтэп. ЦIыфхэу
адрэ цIыфхэр дахьыхынхэмкIэ фэIазэхэм ятхьагъэпцIыгъэ
тыкъыфэнэжьыщтэп. 15 Арэущтэу мыхъоу, шIулъэгъуныгъэр
тыгухэм арылъэу, шъыпкъагъэр къатIозэ,
сыд фэдэ лъэныкъокIи Христос тыфэдэнэу къытхэхъощт.
Ежьыр ары шъхьэр. 16 Ежь Христос ары пкъым кIуачIэ
езыгъэгъотырэри, пкъыр зэзыпхырэ щыIэ пстэумкIэ
пкъыр зэкIэ зэхэзыгъэуцорэри, зэкIэзыубытэрэри. Арэущтэу
пкъым щыщэу тэдрэ Iахьэр зэрэлэжьэн фаем фэдэу
зылажьэкIэ, пкъым хэхъо, шIулъэгъуныгъэкIи нахь кIуачIэ
егъоты.

4:11 апостолхэр – ыпэ рапшIэу нэбгырэ пшIыкIутIоу Исус игъогу рыкIонхэу къыхихыгъэхэр ары, етIанэ Паул фэдэхэу, нэмыкI цIыфхэу Христос ыгъэнэфагъэхэр ары.

4:11 пегъымбархэр – еплъ 2:20.

## Христос зыгу илъхэм щыIэкIакIэу яIэр

17 Зиусхьаным ыцIэкIэ лъэшэу къышъуфэсэгъэпытэ:
Хымэ лъэпкъхэм яшъхьэнэкIыгъэкIэ зэрэзекIохэрэм фэ-
дэу шъумызекIу. 18 ЯзэхэшIыкIыныгъэ шIункIы, ягуркъа-
гъэ* къыхэкIыкIи зи амышIэу, Тхьэм цIыфхэм къаритырэ
щыIэныгъэм пэчыжьэх. 19 Агухэм гулъытэ зи ямыIэу,
мыхъомышIэ псэукIэм зыратыгъ, загъэшхэкIыни амы-
лъэкIэу, сыд щыщырэ гумыкъэбзагъэм пылъых.

20 Ау Христос икъэбар шъозыгъэшIэгъэ цIыфхэм арэу-
щтэу шъузекIонэу шъуагъэшIагъэп. 21 Сыда пIомэ Христос
икъэбар шъо зэхэшъухыгъ, ежьыри шъугухэм арылъэу,
ежьым хэлъ шъыпкъагъэр зэжъугъэшIагъ. 22 Шъуипсэу-
кIэжъ щыщ шъуишэныжъ бзаджэр хэшъунэжьын зэрэфаер
зэжъугъэшIагъ. Сыда пIомэ шъуишэныжъ бзаджэ ихъо-
псэныгъэ мыхъунхэу шъукъэзыгъапцIэхэрэмкIэ шъуигъэ-
кIоды пэтыгъ. 23 Шъугухэм арылъи шъуигупшысакIи
Тхьэм зэрежъугъэхъокIын зэрэфаери зэжъугъэшIагъэ.
24 Шъыпкъагъэрэ гукъэбзагъэрэ шъыпкъэу шъуиIэнэуи,
ежьым шъуфэдэнэуи, Тхьэм шъукъигъэхъужьыгъэу, шэ-
ныкIэшIур шъуашэу зэшъущэкIын зэрэфаери зэжъугъэ-
шIагъэ.

25 Арышъ, пцIыусыныр хэшъунэжьи, хэти игъунэгъу
шъыпкъагъэр рерэIу, сыда пIомэ тэ зэкIэри зы пкъы за-
къом тыщыщ. 26 Шъугубжыми, псэкIод шъумышIэ. Шъугу-
бжыгъэу, тыгъэр къошъумыгъэхьажь. 27 Шэйтаным гъогу
ешъумыт. 28 ТыгъуакIор орэмытыгъожь, ау орэлажьи,
ыIэхэмкIэ шIу ерэшI, щыкIагъэ зиIэхэм афигощынэу
иIэным пае.

29 ГущыIэ емыкIухэр шъужэхэм къадэшъумыгъэкIых,
ау адрэ цIыфхэм зэрящыкIагъэм фэшъуашэу, гурэ
псэрэкIэ нахь лъэкIыныгъэ яжъугъэгъотызэ, гущыIэ-
шIухэр шъужэхэм къадэжъугъэкIыхэ нахь, цIыфхэу зэхэ-
зыххэрэм шъуишIуагъэ яжъугъэкIыным пае. 30 Тхьэм
Ыпсэ ЛъапIэ ыгу хэшъумыгъэкI. Тхьэм шъушъхьэхэр зищэ-
фыжьыщт мафэм* нэсыфэ, ежь Ыпсэ ЛъапIэ мыхъурым
фэдэу, Тхьэм шъугухэм къарилъхьагъ. 31 Сыд фэдэ гу-

---

4:18 гуркъагъэ – къаигъагъэкIэ къыбгурыIонэу умыдэныр, пIуагъэми утемыкIыныр ары.

4:30 Тхьэм шъо шъушъхьэхэр зищэфыжьыщт мафэр – ахърэт мафэр ары.

жъри, къызэкIэплъыхьанри, губжыни, куохьауни, цIыфхэм
Iэягъэкlэ атегущыIэни, сыд щыщырэ бзэджагъи хэшъунэ-
жьых. [32] Зыр зым шIу фэрэхъу, гукIэгъу зэфэшъушI
ыкIи зэфэжъугъэгъу, Тхьэм Христос шъок къызэрэшъуфы-
ригъэгъэгъугъэм фэдэу.

## ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

Тхьэм шIу ылъэгъурэ бынхэу шъузэрэщытым пае,
ежьым илъэужхэм шъуарыкIу. [2] Христос шIу тилъэгъуи,
мэ IэшIу зыпихырэ тынэуи Тхьэм ыгу зэIурэ къурмэны-
пхъэуи тэщ пае ыпсэ зэритыгъэм фэдэу, шIулъэгъуныгъэ
шъугухэм арылъэу шъузекIу.

[3] Ау Тхьэм ицIыф лъапIэхэм зэряфэшъуашэм фэдэу,
зинэ шIэным, е сыд щыщырэ гумыкъэбзагъэм, е нэй-
псыягъэм ягугъу шъуадэжь щышъушIы хъущтэп. [4] Емы-
кIу гущыIэныр, делагъэ гущыIэныр, мыхъун сэмэр-
къэуныр шъо къышъуфэшъуашэп, Тхьэм ищытхъу шъу-
шIын фае нахь. [5] Сыда пIомэ мы Iофыр зэжъугъашIэ:
Зинэ зышIэрэ цIыфым, е зыгу мыкъабзэ цIыфым, е
нэйпсые цIыфым – ащ фэдэ цIыфым тхьэ нэпцIыр ыгъэ-
лъапIэу мэхъу – Христосрэ Тхьэрэ я ТетыгъошхокIэ
Iахьэ къылъысыщтэп. [6] ГущыIэ мыщыухэкIэ зыми зы-
къешъумыгъэгъапцI, сыда пIомэ ащ фэдэ Iофхэм апае
Тхьэм емыдэIухэрэм игубж къалъигъэсыщт. [7] Арышъ,
ащ фэдэ цIыфхэм гъусэ шъуафэмыхъу.

[8] Сыда пIомэ зэгорэм шIункIыгъэм шъуфэдэу шъущы-
тыгъагъ, ау джы Зиусхьаныр шъугухэм зэрарылъым пае,
нэфынэу шъухъугъ. Нэфынэм ибынхэр зекIонхэ зэрэ-
фаем фэдэу шъузекIу, [9] сыда пIомэ нэфынэм шIугъэу
къыхэкIырэр шIугъэ пстэури, зэфэныгъэ пстэури, шъы-
пкъэгъэ пстэури ары. [10] Зиусхьаным Iофхэу игъоу ылъы-
тэхэрэр жъугъэунэфых ыкIи зэжъугъашIэх. [11] ПкIэ зи-
мыIэ шIункIыгъэ Iофхэм шъуиIоф ахэшъумылъхь, ау а
Iофхэр зыфэдэхэр жъугъэнафэх. [12] Сыда пIомэ ащ фэдэ
цIыфхэм Iофхэу шъэфэу ашIэхэрэм ягугъу пшIынри
емыкIу. [13] Ау нэфынэм Iофхэр зэкIэ къызигъэнафэхэкIэ,
ахэр къэлъагъох, сыда пIомэ къэлъагъорэ пстэури нэ-
фынэу мэхъу. [14] Джары мырэущтэу зыкIаIорэр:

«О, чъыерэр, къэущыжь,
лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьи,
Христос нэфынэр къыптригъэпсэщт».
15 Арышъ, шъузэрэзекIорэм инэу шъуфэсакъ, зэхэшIы-
кIынычгъэ зимыIэхэм шъуафэмыдэу, зэхэшIыкIынычгъэ
зиIэхэм шъуафэдэу шъузекIу. 16 Игъор блэшъумыгъэкI,
сыда пIомэ мы мафэхэр бзаджэхэшъ ары. 17 Арышъ, шъу-
мыгупшысэу шъумызекIу, Зиусхьаныр зыфаери зыгуры-
жъугъаIу. 18 СэнэпсымкIэ зышъумыгъэутащъу. Ащ къы-
хэкIырэр мыхъомышIэ псэукIэр ары. Тхьэм Ыпсэ ЛъапIи
икъугъэу шъугухэм арыжъугъэлъ. 19 ОрэдхэмкIи, тхьэ-
щытху орэдхэмкIи, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ шъугухэм къа-
рилъхьэрэ орэдхэмкIи шъузэдэгущыI. Шъугу етыгъэу
Зиусхьаным щытхъу фэшъушIэу, ежьым пае орэд къа-
шъуIо. 20 Ти Зиусхьанэу Исус Христос ыцIэкIэ Iоф
пстэуми апае Тхьэу Ты лъапIэм щытхъу фэшъушI зэпыт.
21 Христос ищынагъо шъугухэм арылъэу, шъузэфэIо-
рышI.

## Шъузымрэ лIымрэ зэрэзэфыщытынхэ фаер

22 Шъо, шъузхэр, Зиусхьаным шъузэрэфэIорышIэрэм
фэдэу, шъуилIыхэми шъуафэIорышI. 23 Сыда пIомэ Христос
чылыс зэIукIэм ышъхьэу зэрэщытым фэдэу, лIыри ишъуз
ышъхьэу щыт. Чылыс зэIукIэр Христос ыпкъэу щыт,
ежьыри ары а пкъыр мыкIодэу къэзыгъэнэжьырэр. 24 Чы-
лыс зэIукIэр Христос зэрэфэIорышIэрэм фэдэу, шъузыри
сыд щыщымкIи илI фэIорышIэн фае.
25 Христос чылыс зэIукIэр шIу ылъэгъоу, ыпсэ ащ
зэрэфитыгъэм фэдэу, хэтрэ лIи ишъуз шIу ерэлъэгъу.
26 Христос ыпсэ зыфитыгъэр псыкIи* игущыIэхэмкIи
чылыс зэIукIэм щыщхэр ыгъэкъабзэхэу, ахэмэ гукъэ-
бзагъэ яIэ хъунэу ары. 27 Ащ нэмыкIэу, Христос ыпсэ
зыфитыгъэр чылыс зэIукIэм идэхагъэкIэ, бжьыгъэ, е
зэлъагъэ, е ащ фэдэ щыкIагъэ зи имыIэу, гукъэбзагъэ
иIэу, лажьэ зи имыIэу, ежь ыпашъхьэ ригъэуцонэу ары.
28 Ащ фэдэу лIым ыпкъы унае фэдэу ишъуз шIу ылъэгъун
фае. Зишъуз шIу зылъэгъурэм ышъхьэ шIу елъэгъужьы.
29 Зыми ежьым ыпкъ зыкIи ыуджэгъужьыгъэп, ау пкъым
ищыкIагъэр регъэгъоты ыкIи егугъу, Зиусхьаныр чылыс

5:26 псыкIэ – умэхъыныр (еплъ Маттэ 3:1) ары зыфиIорэр.

зэIукIэм зэрегугъурэм фэдэу; 30 сыда пIомэ Христос ыпкъ
тыщыщ, ыл тыщыщ, икъупшъхьэхэми тащыщ. 31 Тхьэм
игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,* «Ащ къыхэкIыкIэ
лIыр ятэ–янэхэм ахэкIынышъ, ишъуз гъусэ фэхъунышъ,
а тIури зыпкъ хъущтых». 32 А гущыIэхэм шъэфэу
ахэлъыр шъэфышху: Сэ къызэрэзгурыIорэмкIэ, а гущы-
Iэхэр зэхьылIагъэхэр Христосрэ чылыс зэIукIэмрэ
ары. 33 Арэущтэу шъуащыщ пэпчъ ежь ышъхьэ шIу
зэрилъэгъурэм фэдэу, ишъузи шIу ерэлъэгъу. Шъузыми
илI лъытэныгъэ ферэшI.

## ЯХЭНЭРЭШЪХЬ

### Ятэ–янэхэмрэ ялъфыгъэхэмрэ зэрэзэфыщытынхэ фаер

Шъо, бынхэр, Зиусхьаныр шъугухэм зэрарылъым пае,
шъуятэ–шъуянэхэм шъуядэIу. Арэущтэу зышъушIыкIэ,
тэрэзэу шъозекIо. 2 «Уятэрэ уянэрэ лъытэныгъэ афэшI»,
ыIуи, джары апэрэ унашъоу* Тхьэм мы гъэгугъэныгъэр
зэрипхыгъэр, мырэущтэу ыIозэ, 3 «шIугъэ къыохъулIэным
ыкIи бэрэ мы дунаем ущыпсэуным пае».

4 Шъо, тыхэри, шъуибынхэр шъумыгъэгубжых, ау Зиус-
хьаныр зэрэфаем тетэу, шъупIух ыкIи агурыжъугъаIу.

### УнэIутхэмрэ тхьаматэхэмрэ зэрэзэфыщытынхэ фаер

5 Шъо, унэIутхэр, мы дунаем шъутетыфэ, шъуитхьама-
тэхэм шъуащыщынэу, шъугухэри кIэзэзхэу шъуядэIу, гу
шъыпкъэкIи Христос шъузэредэIурэм фэдэу, ахэми шъуя-
дэIу. 6 ШъуядэIу сэIо, ау агу къызэдгъэIун шъуIоу,
анэхэмкIэ гъунэ къызэрэшъулъафырэм ыдэжь изакъоп,
ау Христос шъузэрэфэлажьэрэм пае, сыдигъуи шъугу еты-
гъэу шъуядэIузэ, Тхьэр зыфаер жъугъэцакIэ. 7 ЦIыфхэм
шъузэрафэлажьэрэм фэдэу орэмыхъу, Зиусхьаным шъу-
зэрэфэлажьэрэм фэдэу, шъуигуапэу шъуитхьаматэхэм

---

5:31 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 2:24.

6:2–3 унашъор – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 5:16.

шъуафэлажь, [8] сыда пIомэ хэт щыщ цIыфми, унэIутми
шъхьафитми, сыд фэдэ шIугъэ ышIэми, иIэхьышIу Зиус-
хьаным ащ къызэрэлъигъэсыщтыр шъо шъошIэ.
[9] Шъо, тхьаматэхэр, шъори шъуиунэIутхэм джащ фэ-
дэу шъуадэзекIоу, пхъэшагъэкIэ шъуапэмыгъокI, сыда
пIомэ шъо бгъуитIуми а зы Зиусхьаныр уашъом зэрэщы-
шъуиIэр шъошIэшъ ары. Ар цIыфхэм ятеплъэ емыплъэу,
цIыф пстэури изэфэдэхэу щытых.

## Тхьэм иIэшэ-шъуашэхэр

[10] Аужыпкъэм Зиусхьаным илъэкIыныгъэшхокIэ кIуа-
чIэ зижъугъаI. [11] Тхьэм иIэшэ-шъуашэхэмкIэ зэкIэ зы-
шъуфап, шэйтаным итхьагъэпцIыгъэ гухэлъхэм шъуа-
пэуцужьыным пае. [12] Сыда пIомэ тызэзаохэрэр лымрэ
лъымрэ къахэхъукIыгъэ цIыфхэр арэп, ау джынэпцIэ
Iэшъхьэтетхэри, тетыгъо зиIэхэри, мы дунэе шIункIым
ипэщэшхоу джынапцIэхэри, бзэджагъэм иджынапцIэу ошъо
лъэныкъомкIэ щыIэхэри ары. [13] Арышъ, Тхьэм иIэшэ-
шъуашэхэр къэшъуIэтых, мэфаер къызыскIэ, шъузэ-
кIэмыкIожьыным ыкIи зэкIэми шъузатекIо ужым шъу-
лъакъохэм шъуатетыным пае. [14] Джащ фэдэу пытэу
шъущыт; шъыпкъагъэр шъуибгырыпхым фэдэу зижъу-
гъаI; шъыпкъагъэу Тхьэм ыдэжькIэ тиIэри ашъоджанэм
фэдэу зыщышъулъ. [15] Тхьэм ежьым тешIужьыгъэу тызэ-
ригъэхъурэм икъэбарышIу жъугъэIуным ихьазырыни
цуакъэхэм афэдэу зыщышъулъ. [16] Ахэмэ анэмыкIэу, шIошъ-
хъуныгъэр мэIум* фэдэу къэшъуIэт. АщкIэ шэйтаным
ищэу плъыгъэхэр жъугъэкIосэнхэ шъулъэкIыщт. [17] Шъу-
мыкIодэу Тхьэм шъукъызэригъэнэжьырэр танджэм фэдэу
къэшъуIэт. Сэшхоу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ къышъуитырэр
къэшъуIэт. А сэшхор Тхьэм игущыIэхэр ары. [18] Сыдигъуи
Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ илъэкIыныгъэкIэ тхьэлъэIу пстэум-
кIи шъуелъэIу, шъуищыкIагъэмкIи Тхьэм шъуелъэIу.
Шъусакъэу ыкIи шъуемызэщэу Тхьэм ицIыф лъапIэхэм
зэкIэмэ шъуафелъэIу зэпыт.
[19] Сэщ паий, сыжэ зызэтесхыкIэ, къэбарышIум ишъэф
гушхоныгъэкIэ къэсIонхэу гущыIэхэр Тхьэм сыгу къы-

6:16 мэIу – пасэм дзэлIхэм гъучI хъурэешхоу чатэм пэIуадзэу аIыгъы-
щтыгъэр ары.

рилъхьанхэу шъуелъэIу. 20 Iэхъу–лъэхъу къыстыралъхьа-
гъэу, мы къэбарышIум сырилIыкIу. КъэбарышIур гу-
шхоныгъэкIэ къызэрэсIон фаем фэдэу къэсIонэу Тхьэм
шъукъысфелъэIу.

## Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр

21 Шъори сикъэбархэмрэ Iофхэу сшIэхэрэмрэ шъушIэн-
хэм пае, шIу тлъэгъурэ тшы Тихик* зэкIэ шъуигъэшIэщт.
Ар Зиусхьаным иIофкIэ шъыпкъагъэкIэ IэпыIэгъоу щыт.
22 Мы Iоф дэдэу тиIофхэр зытетхэр шъуигъэшIэнри шъуи-
гъэгушхонри ары Тихик шъуадэжь къызфэзгъакIорэр.
23 Тхьэу Ты лъапIэмрэ Зиусхьанэу Исус Христосрэ
тшыхэм гупсэфыныгъэрэ шIулъэгъуныгъэу шIошъхъу-
ныгъэ зигъусэмрэ къарарэт. 24 МыкIодыжьын шIулъэгъу-
ныгъэ зиIэхэу, ти Зиусхьанэу Исус шIу зылъэгъухэрэм
Тхьэм ынэшIу къащерэф. Амин.

---

6:21 Тихик – еплъ Кол. 4:7.



# *АПОСТОЛ ПАУЛ ШIОШЪХЪУНЫГЪЭ ЗИIЭХЭУ ФИЛИППИ КЪАЛЭМ ДЭСХЭМ ТХЫЛЪЭУ АФИТХЫГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### Шlуфэс ехыныр

Сэ сы Паул. Сэррэ Тимофейрэ* Христос Исус тыфэлажьэ. Тимофей сигъусэу шъо, Тхьэм ицlыф лъапlэхэу, Филиппи къалэм* дэсхэу, Исус Христос зыгу илъхэм, шъуичылыс иlэшъхьэтетхэмрэ* иlэпыlэгъухэмрэ* шъуигъусэхэу, мы тхылъыр къышъуфэсэтхы.

2 Тхьэу Тятэ лъапlэрэ Зиусхьанэу Исус Христосрэ анэшlу къышъущарэфи, гупсэфыныгъэ къышъуарэт.

---

1:1 Тимофей – Паул дэлажьэу, игъогогъухэм ащыщыгъ. Еплъ Апостол. 16:1–3.

1:1 Филиппи къалэр – Рим къэралыгъошхом щыщэу Македоние хэкум итыгъ. А хэкур джырэ Грецием (Йунанистаным) итемыр lахьэу щытыгъ. Еплъ Апостол. 16:9–40.

1:1 lэшъхьэтетыр – урымыбзэм щыщ гущыlэу «lэшъхьэтетэу» ыкlи «зынаlэ lофхэм атезыгъэтэу» зыфаlорэм етlанэ мэхьанэу «епископыр» иlэ хъугъэ.

1:1 lэпыlэгъур – етlанэ мы гущыlэм мэхьанэу «диаконыр» иlэ хъугъэ. Еплъ Рим. 16:1; 1 Тим. 3:8,12.

## Паул шIошъхъуныгъэ зиIэхэу Филиппи дэсхэм Тхьэм зэрафелъэIурэр

[3] Сыгу шъукъэкI къэси, си Тхьэ щытхъу фэсэшIы. [4] Сыдигъуи шъо пстэуми пае Тхьэм сызелъэIукIэ, гушIуагъокIэ селъэIу, [5] сыда пIомэ апэрэ мафэм къыщегъэжьагъэу джырэ нэсыфэ, Iофэу къэбарышIум сэ фэсшIагъэмкIэ шъуиIахьэ хэлъыгъэшъ ары. [6] Тхьэм Iофэу шъугухэм ащиублагъэр Исус Христос дунаем къызыкIожьыщт мафэм нэсы зэрэригъэкъущтым сыщэгугъы.

[7] Арэущтэу шъо пстэуми пае сызэрэгупшысэрэр тэрэз, сыда пIомэ Iэхъу–лъэхъу къыстыралъхьагъэу щытми, къэбарышIум пэуцухэрэм пэгъокI ястыми, къэбарышIум ишъыпкъагъэ къэзгъэлъагъоми, сыгу шъуилъ зэпыт, шъо пстэури, сигъусэхэу Тхьэм ынэшIу къызщифэхэрэр.
[8] Исус Христос ишIулъэгъуныгъэ сыгу илъэу шIу шъузэрэслъэгъурэмкIэ Тхьэр сишыхьат.

[9] Тхьэм сызэрелъэIурэр шIэныгъэмрэ зэхэшIыкIыныгъэ пстэумрэ ягъусэу, шIулъэгъуныгъэ нахьыбэ шъуиIэ зэпытыныр ары. [10] ЕтIанэ нахьышIур зыфэдэр зэхэшъушIыкIын шъулъэкIыщт, шъугухэри къабзэхэу, зыми шъузэригъэмысэн зи щымыIэу, Христос дунаем къызыкIожьыщт мафэм дэжь шъущытыщт. [11] Арэущтэу шIугъэу шъыпкъагъэм къыхэкIырэр Исус Христос шъугухэм инэу къарилъхьащт, цIыфмэ Тхьэм щытхъушхо фашIыным ыкIи ежьыр агъэлъэпIэным пае.

## Христос уфэлэжьэныр ары щыIэныгъэ шъыпкъэр

[12] ШъушIэнэу сыфай, сшыхэр, сэ къысэхъулIэгъэ Iофхэм яшIуагъэ къэбарышIу гъэIуным иIоф къызэрэрагъэкIыгъэр. [13] Арэущтэу Кайсарым иунэшхоу преторие иухъумакIохэмрэ адрэ цIыф пстэумрэ нафэ афэхъугъ, Христос сызэрэфэлажьэрэр ары Iэхъу–лъэхъур къызкIыстыралъхьагъэр. [14] Ащ нэмыкIэу, цIыфхэм Iэхъу–лъэхъу къызэрэстыралъхьагъэм пае, сшыхэу Зиусхьаныр зыгу илъхэм янахьыбэхэм агухэм зыкъаIэтызэ, мыщынэхэу Тхьэм игущыIэхэр нахь гушхоныгъэкIэ агъэIухэу аублагъ.

[15] Шъыпкъэ, шъугъонымрэ зэщыхьанымрэ агухэм арылъхэу, Христос икъэбар зыгъэIухэрэри щыIэх, ау нэмыкI цIыфхэм агухэм шIугъэ зэрарылъым пае, Христос икъэ-

бар агъэIу. 16 Апэрэхэм агухэм зэщыхьаныгъэ арылъэу,
гумыкъэбзагъэкIэ Христос икъэбар агъэIу. СиIэхъу–лъэ-
хъу джыри нахь щэчыгъуаеу ашIынэу агу хэлъ. 17 Адрэ-
хэм шIулъэгъуныгъэ агухэм зэрарылъым пае, Христос
икъэбар агъэIу. Христос икъэбарышIу пэуцухэрэм пэ-
гъокI ястыжьынэу Тхьэм сызэригъэнэфагъэр ашIэ. 18 Ар
Iофэп. Арэущтэуми мырэущтэуми, гухэлъ бзаджэкIи
гухэлъышIукIи, Христос икъэбар агъэIу хъумэ, сэгушIо.
ЫкIи сыгушIо зэпытыщт, 19 сыда пIомэ Тхьэм шъу-
зэрелъэIурэм паий, Исус Христос Ыпсэ ЛъапIэ IэпыIэгъу
къызэрэсфэхъурэм паий, мы къиным сыкъызэрэхэкIы-
жьыщтыр сэшIэшъ ары. 20 ЗыкIи сызтеукIытыхьан Iоф
горэ щымыIэу, джыри сыдигъуи, сыпсауми, сылIэми,
спкъыкIэ Христос гушхоныгъэкIэ зэрэзгъэлъэпIэн зэпы-
тыщтым сыкIэхъопсы ыкIи сыщэгугъы. 21 Сыда пIомэ
сэ щыIэныгъэ шъыпкъэу зыфасIорэр Христос сыфэлэ-
жьэныр ары, сылIэми ишIуагъэ къысэкIыщт. 22 Ау мы
пкъым сыщыпсэунэу щытмэ, шIугъэ къызхэкIырэ Iоф
сшIэн слъэкIыщт. Ау а IофитIум язэу къыхэсхыщтыр
сшIэрэп. 23 А IофитIумэ сырагъэзы. Мы дунаем сехы-
жьынышъ, Христос сыригъусэнэу сшIоигъу. Ар бэкIэ
нахьышIу. 24 Ау мы пкъым сыкъыхэнэныр шъоркIэ нахь
щыкIэгъэшхоу щыт. 25 Ащ сыщыгугъэу, мыщ дэжьым
сыкъызэрэнэжьыщтри, гушIуагъо игъусэу шъуишIошъ-
хъуныгъэ нахь пытэ хъу зэпытыным пае, шъуадэжь сы-
зэрэщыIэщтри сэшIэ. 26 Ащыгъум шъуадэжь сыкъызы-
кIожькIэ, Христос Исус къысфишIэгъэ Iофым лъэшэу
шъущыгушIукIын шъулъэкIыщт.
27 ЗэкIэми апэу Христос ехьылIэгъэ къэбарышIум фэ-
шъуашэу шъузекIу. Ащыгъум сыкъакIоу шъуслъэгъумэ,
е сыщымыIэу шъуикъэбар зэхэсхымэ, зыгу–зыпсэу гъогу
занкIэм шъыпкъэу шъурыкIоу, шъузэгурыIоу, къэбары-
шIоу шъушIошъ хъурэм пае инэу шъузэдэлажьэу, 28 къы-
шъупэуцухэрэм зыкIи шъузэращымыщынэрэри сшIэщт.
Ахэр зэрэкIодыжьыщтхэри, шъо шъумыкIодэу шъукъы-
зэрэнэжьыщтри шъуизекIуакIэ нафэу аригъэлъэгъущт.
ШъумыкIодэу шъукъэзыгъэнэжьыщтыр Тхьэр ары. 29 Сыда
пIомэ ХристоскIэ шIошъхъуныгъэ шъуиIэным имыза-
къоу, Христос паий къин шъущэчынэу Тхьэм ынэшIу
щыфэныгъэкIэ фит шъуишIыгъ. 30 Сэ бэнэным сыхэтэу
зэрэшъулъэгъугъэм фэдэу, шъори джы шъухэт, джыри
а бэнэным сызэрэхэтыр зэхэшъухыгъ.

# ЯТІОНЭРЭШЪХЬ

## Христосыр ары Зиусхьаныр

Христосэу шъугухэм арылъым шъуегъэгушхоба? ИшІу-
лъэгъуныгъэ шъуигукъао къышъушъхьэщихырэба? Тхьэм
Ыпсэ ЛъапІэ шъугухэм арылъба? Гуфэбэныгъэри гукІэ-
гъуныгъэри зэфышъуиІэба? 2 Ащыгъум сигушІуагъо ижъу-
гъэкъу: шъуигупшысакІэ зы орэхъу, а зы шІулъэгъуны-
гъэр шъуерэІ, зыгу–зыпсэу шъущыт. 3 Зэщыхьанри зы-
шІошІыжьынри шъугухэм арылъхэу зи шъумышІэ, шъу-
мыпагэуи нэмыкІ цІыфхэр шъушъхьэ зэрэшъулъытэжьы-
рэм нахьи нахь инхэу шъулъытэх. 4 Хэти ежь ышъхьэ
иІоф закъо ерэмыплъ, нэмыкІ цІыфхэм яІофми ерэплъ.
5 ШъуигупшысакІэ Христос Исус игупшысакІэ фэдэу
орэхъу:

6 Христос Исус Тхьэм ищытыкІэ хэлъыгъэ пэтми,
Тхьэм фэдэу зэрэщытым ежь ышъхьэ ишІуагъэ
къырыгъэкІыжьынэу ыуж итыгъэп.
7 Ау ежьым зигъэцІыкІуи, Іофтабгэм ищытыкІэ иІэ
хъугъэ. ЦІыфым фэдэу хъугъэ, итеплъи цІыф-
хэм ятеплъэ фэдэу щытыгъ.
8 Ежьым зигъэцІыкІуи, лІэныгъэм нэсыфэ Тхьэм
фэІорышІагъ, къащым зыщыкІэрылІыхьагъэм
нэс.
9 Арышъ, Тхьэм ар ыгъэини, цІэ пстэуми анахь
цІэшхор* къыритыгъ.
10 Арэущтэу зыфэхъугъэр Исус ыцІэ щытхъу фа-
шІэу, щыІэ пстэури лъэгонджэмышъхьэкІэ тІы-
сынхэр ары, уашъоми, чІылъэми, чІылъэ чІэ-
гъыми* щыІэхэр ары,
11 бзэгу пстэуми Исус Христос зэрэ–Зиусхьаныр зэ-
кІэмэ апашъхьэ къыщаІонри ары. Арэущтэуи
Тхьэу Ты лъапІэм щытхъушхо фашІыщт.

---

2:9 цІэшхор – Зиусхьанэу зыфаІорэ цІэшхор ары.

2:10 чІылъэ чІэгъым – лІагъэхэм ядунае ары.

## Жъуагъохэм шъуафэдэу цІыфхэм шъукъызэрахэлыдыкІыщтыр

[12]Арышъ, силъапІэхэр, шъуадэжь сызыщэІэм, шъу-
къысфэІорышІэу шъузэрэщытыгъэм фэдэу, джы шъуа-
дэжь сызыщымыІэми, ащ нахьи бэкІэ нахь шъукъысфэ-
ІорышІэн фае: Тхьэм ищынагъо шъугухэм арылъэу, шъу-
гухэр кІэзэзхэу, шъумыкІодэу шъукъызэрэнэжьыщтым
лъэшэу ыуж шъуит, [13]сыда пІомэ ежьым игъоу ылъы-
тэрэ Іофхэм шъуафэенэуи жъугъэцэкІэнхэуи шъозыгъэ-
лъэкІырэр Тхьэр ары.
[14]Сыд шъушІэми, шъумытхьаусыхэу ыкІи шъуемыхъы-
рэхъышэу шъушІэ, [15]лажьэ зи шъуимыІэным ыкІи гу-
къэбзагъэ шъуиІэным пае. Ащ фэдэу зыхъукІэ, зыми
шъузэригъэмысэн зи щымыІэу, цІыф къаигъэхэм ыкІи
къуанчэхэм шъуахэтэу, Тхьэм шъурибыныщт. [16]ЩыІэ-
ныгъэр тиІэ зыгъэхъурэ гущыІэхэр шъуІэ илъхэу, дунэе
шІункІым жъуагъохэм шъуафэдэу а цІыфхэм шъукъа-
хэлыдыкІыщт. Арэущтэу зыхъукІэ, хьаулыеу сызэрэмы-
лэжьагъэм ыкІи сызэрэмыулэугъэм Христос дунаем
къызыкІожьыщт мафэм дэжь сырыгушІощт. [17]Шъо Тхьэм
къурмэныпхъэу фэшъушІырэр шъуишІошъхъуныгъ ары.
А къурмэныпхъэм сищыІэныгъэ ылъ текІагъэ хъуми,
сыгушІощт, шъори зэкІэ сышъуигъусэу сыгушІощт.
[18]Арышъ, шъори шъуигопэн фае, шъусигъусэуи шъу-
гушІон фае.

## Тимофейрэ Епафродитрэ

[19]Тимофей* бэ темышІэу къышъуфэзгъэкІонэу Зиус-
хьанэу Исус сыщэгугъы, шъуикъэбархэр зэхэсхыхэмэ
сыгу псэфыжьыным пае. [20]Ишъыпкъэу къышъуфэгумэкІы-
рэр Тимофей нэмыкІ зи сиІэп. [21]ЦІыф пстэури ежь яІоф-
хэм ауж итых нахь, Исус Христос игъоу ылъытэрэ Іоф-
хэм ауж итхэп. [22]Тимофей ишъыпкъагъэ шъо шъошІэ.
Ыкъо ятэ зэрэдэлажьэрэм фэдэу, къэбарышІу гъэІуным
иІофкІэ къыздэІэпыІагъ. [23]СиІофхэр зэрэхъущтхэр зэрэ-
сшІэу, къышъуфэзгъэкІонкІэ сэгугъэ. [24]Сэри бэ темы-
шІэу шъуадэжь сыкъэкІожьынэу Зиусхьаным сыщэгугъы.

---

2:19 Тимофей – еплъ 1:1.

25 Ащ нэмыкIэу, Епафродит* къышъуфэзгъэкIожьын
фаеу сэлъытэ. Ар тэ тшы, ежьыррэ сэррэ тызэдэлэ
жьагъ ыкIи тызэдэулэугъ. Джары шъо шъуилIыкIоу, Iэ-
пыIэгъу сищыкIагъэ зэхъум, къыслъыплъэнэу къысфэ-
жъугъэкIогъагъэр. 26 Шъо зэкIэ шъуилъэгъужьынэу ар
лъэшэу къышъуфэлIэ, зэрэсымэджагъэр зэрэзэхэшъухы-
гъэм пайй мэгумэкIы. 27 Шъыпкъэ, лIэныгъэм нэсыгъэу
сымаджэу щытыгъ. Ау Тхьэм гукIэгъу къыфишIыгъ,
ежьым изакъоп, сэри гукIэгъу къысфишIыгъ, сыгу къе-
мыю зэпытыным пае. 28 КъышъуфэзгъэкIожьынэу сызфэ-
гузажъорэр ар шъулъэгъужьмэ, шъо гушIуагъо шъуиIэ-
нэуи, сэ сигумэкIыныгъэ нахь макIэ хъунэуи ары. 29 Зиус-
хьаныр шъо шъугухэм зэрарылъым фэдэу, ащ ыгуи зэри-
лъым пае, гушIогъо пстэумкIэ шъупэгъокI. Ежьым фэдэ
цIыфхэм лъытэныгъэ афэшъушI, 30 сыда пIомэ Христос
иIоф пае лIэныгъэм пэблагъэ хъугъэ. Шъо сэ къысфэ-
шъушIэн шъумылъэкIыгъэ IэпыIэгъур къысфишIэным
пае, ыпсэ шъхьамысыжьэу лIэныгъэм пэблагъэ хъугъэ.

# ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

## Тхьэм ыдэжь къикIырэ шъыпкъагъэр

Аужыпкъэм, сшыхэр, Зиусхьаныр шъугухэм зэрары-
лъым пае шъугушIу. А Iоф дэдэхэр джыри зэ къы-
шъуфэстхыжьынхэу сэркIэ къинэп, ахэр зэрэстхыжьхэ-
рэми ишIуагъэ къышъокIыщт.
2 Хьэхэм афэдэ цIыфхэу,* бзэджагъэ зышIэхэу, адрэ
цIыфхэр сунэт зышIыхэрэм защышъудзый. 3 Шъыпкъэу
сунэт ашIыгъэу щытхэр тэры, тэ, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ
илъэкIыныгъэкIэ Тхьэм фэлажьэхэу, Христос Исус рыпа-
гэхэу, пкъым епхыгъэ Iофхэм ащымыгугъыхэрэр.
4 Арэущтэу щыт пэтми, сэри ащ фэдэ Iофхэм сащы-
гугъын слъэкIыщтыгъ.

---

2:25 Епафродит – Филиппи къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм щыщхэм ятын Паул фэзыхьыгъэр ары. Джы Епафродит мы тхылъыр зыдиIыгъэу Филиппи къалэм ыгъэзэжьыщт.

3:2 хьэхэм афэдэхэ цIыфхэр – а гущыIэхэмкIэ Паул зыфиIорэр хымэ лъэпкъхэм ащыщхэр христиан хъунхэм пае, ыпэ рапшIэу сунэт ашIынхэ фаеу аIозэ, христиан хъугъэ джуртхэу зыIохэрэр ары.

ЦIыф горэ пкъым епхыгъэ Iофхэм ащыгугъын ылъэ-
кIынэу къышIошIымэ, сэ а цIыфым нахьи а Iофхэм
нахь сащыгугъын слъэкIыщт. [5]Сэ мэфий сыныбжьэу су-
нэт сашIыгъ, Израил лъэпкъым сыщыщ, Вениамин иунэ-
гъо лъэпкъ сыщыщ, джуртмэ сыкъахэкIыгъ, Тэурат ха-
бзэм тетэу сырыкIоу фарисей купым* сыщыщыгъ. [6]Тхьэ
гъэлъэпIэным сыгу етыгъэу сыпылъэу, чылыс зэIукIэм
щыщхэм къин язгъэщэчыщтыгъ. Тэурат хабзэм итхэр
бгъэцэкIэнхэм ягъогукIэ шъыпкъагъэ бгъотыщтыгъэмэ,
зыми сызэригъэмысэн зи щыIэщтыгъэп.

[7]Ау джы Христос зыфэдэр зэзгъэшIэным пае, Iофхэу
сишIуагъэ къэкIощтыгъэхэм пкIэ ямыIэжьэу сэлъытэ.
[8]Шъыпкъэ, Iоф пстэуми пкIэ ямыIэжьэу сэлъытэ. Сыда
пIомэ си Зиусхьанэу Христос Исус зыфэдэр зэзгъэшIэ-
ныр Iофхэу щыIэ пстэуми анахьи нахьышIу. Ежьым сы-
фэлэжьэным пае, зэкIэри хэсынагъ, Iоф пстэуми пкIэ
ямыIэжьэу сэлъытэ, Христос сиIэхьышIоу хъуным ыкIи
[9]ежьыр сыгу илъыным пае. Тхьэм ежьым ыдэжькIэ шъы-
пкъагъэ сиIэу сызкIилъытэрэм сэ IофышIухэу сшIагъэ-
хэм яIоф хэлъэп. Сэ зыфасIорэр Тхьэм ежьым ыдэжькIэ
шъыпкъагъэ сиIэу сызкIилъытэрэр ХристоскIэ шIошъхъу-
ныгъэ зэрэсиIэр ары. Тэурат хабзэм итхэр згъэцэкIэн-
хэм иIоф ащ хэлъэп. А шъыпкъагъэу сиIэр Тхьэм ыдэжь
къекIы, шIошъхъуныгъэми тет. [10]Христос зыфэдэр зэз-
гъэшIэнэу сыфай, ар лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьы-
гъэм ыдэжь къикIырэ лъэкIыныгъэр зыфэдэри зэзгъэшIэ-
нэу сыфай. Христос къинхэу ыщэчыгъэхэм сиIахьэ ахэ-
лъынэу сыфай, ежьыр зэлIэм, зэрэщытыгъэм фэдэуи сы-
хъунэу сыфай. [11]Арэущтэу Тхьэм лIагъэхэм сыкъахигъэ-
тэджыкIыжьыным сыщэгугъы.

## Iофхэу сызщыгугъыхэрэм сызэралъыIэсыным ыуж сит

[12]А Iофхэу сызщыгугъыхэрэм салъыIэсыгъэу, е зишъы-
пкъагъэ щыкIагъэ зи зимыIэ цIыф икъугъэу сыхъугъэу
сIорэп. Ау а Iофхэм сызэралъыIэсыным ыуж сит, Христос

---

3:5 Фарисей купыр – джуртхэм ащыщхэу диным рыкIорэ цIыф купэу щытыгъэх. Ахэр Тэурат хабзэм итхэмрэ ятэжъхэм къакIэныжьыгъэ хабзэхэмрэ агу етыгъэу апылъыщтыгъэх.

Исус ицIыфхэм ащыщ сыхъунэу къызэрэслъыIэсыгъэм
фэдэу. [13] Сшыхэр, Iофхэу сызщыгугъыхэрэм салъыIэсы-
гъэу зыслъытэжьрэп, ау зы Iоф закъо сэшIэ: БлэкIыгъэ
Iофхэр сэ сщыгъупшэжьхэу, сапэкIэ ит Iофхэм сызэ-
ралъыIэсыным ыуж сит. [14] Зэпэчъэным хахьэрэм фэдэу
тыныр къэсхьыным пае, кIэухым сызэрэнэсыным ыуж
сит. А тынэу зыфасIорэр уашъом сыщыпсэуныр ары,
ар къэсхьынри ары, ибынхэм ащыщ сыхъунэу Тхьэм
Исус Христос сызфыригъэджагъэр.

[15] Тэ тщыщэу хэтрэ цIыфэу Христос иIофхэм яхьы-
лIагъэу щыкIагъэ зи зимыIэ цIыф икъугъэу хъугъэр
арэущтэу гупшысэн фае. Iоф горэм ехьылIагъэу нэмыкI
гупшысакIэ шъуиIэмэ, Тхьэм ари нафэ къышъуфи-
шIыщт. [16] Ау тызнэсыгъэм фэшъуашэу тыгупшысэн фае,
ащ тетэуи тызекIон фае.

[17] Сшыхэр, силъэужхэм шъуакъырыкIу. Шъузэрэзе-
кIон фаем ишапхъэу шъодгъэлъэгъугъэм тетэу зекIохэ-
рэм шъуакIырыплъ. [18] Сыда пIомэ бэрэ къызэрэшъо-
сIуагъэм фэдэу, джыри сынэпсхэр къехыхэзэ шъосэIо: ЦIы-
фыбэ Христос икъащ пыеу фэхъугъэх. [19] А цIыфхэм
кIэухэу къалъысыщтыр кIодыныгъэр ары, ятхьэри ныбэр
ары, зэрыпэгэрэ Iофхэри укIытэжьыпхъэх. Мы дунаем
иIофхэм анэмыкIкIэ ягупшысэхэрэп. [20] Ау тэ тихэку
уашъор ары. Зиусхьанэу Исус Христосэу уашъом къехы-
нышъ, тымыкIодэу тыкъэзыгъэнэжьыщтым тежэ. [21] Ежь
илъэкIыныгъэшхоу зэрылажьэу, Iоф пстэури итетыгъо
ыIэчIэгъ зэрычIигъэуцорэмкIи тпкъы тхьамыкIэхэр зэ-
блихъунхэшъ, ежь ыпкъэу щытхъушхо зиIэм фэдэхэу
ыгъэхъущтых.

## ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

Арышъ, шъо, сшыхэу шIу слъэгъухэу, нэкIэ слъэ-
гъунхэу сызфалIэхэрэм, сигушIуагъори ситанджыри*
шъоры. ШIу слъэгъухэрэр, Зиусхьаныр шъугухэм зэрары-
лъым пае, гъогу занкIэм пытэу шъутетын фае.

---

4:1 тандж – зэпэчъэнымкIэ е бэнэнымкIэ текIоныгъэр къэзыхьырэм фагъэшъуашэщтыгъэр ары.

## Аужырэ Iофхэу Паул щIошъхъуныгъэ зиIэхэу Филиппи дэсхэм агуригъаIохэрэр

[2]Зиусхьаныр агухэм зэрарылъым пае, бзылъфыгъэхэу
Еводиерэ Синтихиерэ зы гупшысакIэ хъунхэу сялъэIу.
[3]О, къыздэлажьэрэ ныбджэгъу шъыпкъ, ахэмэ уадэIэпы-
Iэнэу сыолъэIу. Ахэри къэбарышIур цIыфхэм язгъэIу-
нымкIэ къыздэлэжьагъэх, Климентрэ адрэ къыздэлажьэ-
хэрэмрэ ягъусэхэу. Ахэмэ ацIэхэр мыкIодыжьын щыIэ-
ныгъэ зыгъотыщт цIыфхэм ацIэхэр зэрыт тхылъым итых.

[4]Шъо, Зиусхьаныр зыгу илъхэр, шъугушIо зэпыт.
Джыри зэ шъосэIожьы: шъугушIу. [5]Шъуигушъэбагъэ
цIыф пстэуми нафэ афэрэхъу. Зиусхьаныр дунаем къы-
зыкIожьыщт мафэр къэблэгъагъ. [6]Сыд щыщми зешъу-
мыгъэгъап, ау сыд щыщырэ IофкIи Тхьэм шъуелъэIузэ,
щытхъу фэшъушIызэ, шъуиIэпыIэгъу хъунэуи шъуелъэ-
Iузэ, шъуищыкIагъэхэр ежъугъашIэх. [7]ЕтIанэ Тхьэм
ыдэжь къикIырэ гупсэфыныгъэу цIыфхэм къагуры-
Iошъущтым нахьи, бэкIэ нахь иным шъугухэри шъу-
игупшысэхэри Христос Исус шъугухэм зэрарылъым пае
къыухъумэщтых.
[8]Аужыпкъэм, сшыхэр, сыд Iофи шъыпкъэу щытми, сыд
Iофи лъытэныгъэ ифэшъуашэми, сыд Iофи зафэу щыт-
ми, сыд Iофи къабзэу щытми, сыд Iофи шъугу зэIу-
рэми, сыд Iофи гуапэу щытми, сыд Iофи хэбзэшIу хэ-
лъми, сыд Iофи щытхъу ифэшъуашэми, ащ фэдэ Iофхэм
шъуягупшыс. [9]Iофхэу сэ шъозгъэшIагъэхэри, къышъуфэ-
згъэнагъэхэри, сэ къасIохэу зэхэшъухыгъэхэри, сэ сшIэ-
хэу шъулъэгъугъэхэри жъугъэцакIэх. Ащыгъум гупсэфы-
ныгъэ къытэзытырэ Тхьэр шъуигъусэ зэпытыщт.

## ШIошъхъуныгъэ зиIэхэу Филиппи дэсхэм тынэу къыратыгъэм пае, Паул щытхъу зэрафишIырэр

[10]Джыри зэ сэ шъукъызэрэсэгугъужьыгъэм пае, Зиус-
хьаныр сыгу илъэу, лъэшэу гопэшхо сиIэ хъугъэ. Ыпэ-
кIи шъукъысфэгумэкIыщтыгъ, ау шъукъыздэIэпыIэнэу
игъо шъуфифагъэп. [11]ЩыкIагъэ горэ зэрэсиIэр арэп арэу-
щтэу зыкIасIорэр, сыда пIомэ сэ сыд къысэхъулIэми

сырырэзэнэу зызгъэсагъ. [12] ТхьамыкIагъом сыхэтынри,
баиныгъэм сыхэтынри зыфэдэр сэшIэ. СышхэкIыгъэми,
мэлакIэ сэлIэми, сыбаими, сытхьамыкIэми, сыдигъуи,
сыд къысэхъулIэми, сырырэзэнэу зызгъэсагъ. [13] Исус
Христосэу сэзыгъэлъэкIырэм ыкIуачIэкIэ зэкIэ сшIэн
слъэкIыщт.

[14] Ау щытми, гузэжъогъоу сызхэтымкIэ гъусэ шъукъы-
зэрэсфэхъугъэр дэгъоу шъушIагъэ. [15] Шъо, Филипп къа-
лэм дэсхэм, зэрэшъушIэрэмкIэ, къэбарышIур згъэ-
Iунэу сыублагъэу Македоние хэкум* сыкъызекIым, Iэпы-
Iэгъу хъунымрэ IэпыIэгъум ипэгъокI гъотыжьынымрэ
яIофкIэ шъощ нэмыкIэу чылыс зэIукIэмэ ащыщэу зи
гъусэ къысфэхъугъэп. [16] Фессалоникэ къалэм* сызыщэ-
Iэм, сищыкIагъэхэр заулэрэ шъуилIыкIохэм къысфяжъу-
гъэхьыгъэх. [17] Ар зыкIасIорэр шъуитын сехъуапсэу арэп,
ау шъуитын ипэгъокI фэдэу шIу зэрэжъугъотыныр ары.
[18] Шъуитын пстэури къысIэкIэхьагъ, сфырикъуным на-
хьыби сиIэ хъугъэ. Епафродит* къысфежъугъэхьыгъэ
тынхэр къысIэкIэхьагъэхэшъ, щыкIагъэ зи сиIэп. Ахэр
Тхьэм ыдэрэ къурмэныпхъэу, ыгу зэIоу, мэIэшIу къы-
зпихырэм фэдэх. [19] Си Тхьэ ибаиныгъэшхоу щытхъушхо
зиIэм фэшъуашэу шъуищыкIагъэхэр зэкIэ Христос къы-
шъуригъэтыщт.

[20] Тхьэу Тятэ лъапIэ мыкIодыжьын щытхъушхор ий.
Амин.

## Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр

[21] Тхьэм ицIыф лъапIэхэу, Христос Исус зыгу илъхэм
аIапIэ сфэшъуубытыжь. Сигъусэ сшыхэм шIуфэс къышъу-
ахыжьы. [22] Тхьэм ицIыф лъапIэхэм зэкIэмэ шIуфэс къы-
шъуахыжьы, анахьэу Кайсарым иунэшхо щыщхэр ары.
[23] Зиусхьанэу Исус Христос ынэшIу шъо шъугухэм
къащерэф. Амин.

---

4:15 Македоние хэкур – еплъ 1:1.

4:16 Фессалоникэ къалэр – Македоние хэкоу Рим къэралыгъошхом щыщым икъэлэшхоу щытыгъ.

4:18 Епафродит – еплъ 2:25.



# АПОСТОЛ ПАУЛ ШIОШЪХЪУНЫГЪЭ ЗИIЭХЭУ КОЛОССЭ КЪАЛЭМ ДЭСХЭМ ТХЫЛЪЭУ АФИТХЫГЪЭР

## АПЭРЭШЪХЬ

### ШIуфэс ехыныр

1
Сэ сы Паул. Тхьэр фэягъэти, Исус Христос иапостолэу
сыхъугъ. Тшы Тимофей* сигъусэу, 2 шъо, Тхьэм ицIыф
лъапIэхэу, Колоссэ къалэм* дэсхэу, Христос зыгу илъ-
хэу, ежьым фэшъыпкъэу щыт тшыхэм, мы тхылъыр къы-
шъуфэсэтхы.
3 Тхьэу Тятэ лъапIэрэ Зиусхьанэу Исус Христосрэ
анэшIу къышъущарэфи, гупсэфыныгъэ къышъуарэт.

### ШIошъхъуныгъэ зиIэхэу Колоссэ дэсхэм апае Паул Тхьэм щытхъу зэрэфишIырэр

Тхьэм тышъуфелъэIу къэси, Тхьэу ти Зиусхьанэу Исус
Христос Ятэ щытхъу фэтэшIы, 4 сыда пIомэ, Христос
ИсускIэ шIошъхъуныгъэу шъуиIэмрэ, шIулъэгъуныгъэу

---

1:1 Тимофей – Паул дэлажьэу, игъогогъухэм ащыщыгъ. Еплъ Апостол. 16:1–3.

1:2 Колоссэ къалэр – Асие хэкоу Рим къэралыгъоошхом щыщым итыгъ. А хэкур джырэ Тыркуем итыгъэ къохьэпIэ лъэныкъо итыгъ. Колоссэ къалэр а хэкум икъэлэшхоу Ефес зыцIэм километр 175–кIэ пэчыжьэу, итемыр тыгъэ къыкъокIыпIэ лъэныкъокIэ итыгъ.

Тхьэм ицIыф лъэпIэ пстэуми афышъуиIэмрэ якъэбар зэхэ-
тхыгъэ. [5] Ащ фэдэ шIошъхъуныгъэмрэ шIулъэгъуныгъэм-
рэ зыкIышъуиIэр IэхьышIоу Тхьэм уашъом къыщышъу-
фигъэхьазырыгъэр къызэрэшъуитыщтым шъущыгугъэу,
шъузэрэпаплъэрэр ары. КъэбарышIоу къышъонэсыгъэм
игущыIэ шъыпкъэхэмкIэ Тхьэм шIугъэу къышъуфигъэ-
хьазырыгъэм икъэбар зэхэшъухыгъэ. [6] Дунэе пстэумкIи
къэбарышIум шIугъэ къыхэкIы, цIыф нахьыбэми анэсы
зэпыт. Арэущтэу шъуадэжьи щыхъугъ, къэбарышIур зэ-
хэшъухи, Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэр шъыпкъэу къы-
зыжъугурыIогъэ мафэм щегъэжьагъэу. [7] ШIу тлъэгъурэ
Епафрасэу* къыддэлажьэрэм къэбарышIур шъуигъэ-
шIагъ. Ащ ишIуагъэ къышъуигъэкIэу шъыпкъагъэкIэ
Христос фэлажьэ. [8] Ащ шъуишIулъэгъуныгъэу Тхьэм
Ыпсэ ЛъапIэ ыдэжь къикIырэм икъэбари къытиIотагъ.

[9] Арышъ, шъо шъуикъэбар зызэхэтхыгъэ мафэм щегъэ-
жьагъэу, Тхьэм тышъуфелъэIунэу хэтынэжьыгъэп. Тхьэр
зыфаер икъугъэу къыжъугуригъэIонэуи, Ыпсэ ЛъапIэ
ыдэжь къикIырэ зэхэшIыкIыныгъэрэ гулъытэныгъэрэ зэ-
кIэ шъуиIэнэу телъэIу. [10] Ащыгъум лъэныкъо пстэумкIи
Зиусхьаным ыгу къызэжъугъэIоу, ежьым шъуфэшъуа-
шэу шъузекIощт. ШъушIэрэ Iоф дэгъу пстэуми шIугъэ
къахэкIыщт, Тхьэри нахьышIоу шъушIэ зэпытыщт. [11] Сыд
щыщымкIи теубытэныгъэрэ щыIагъэрэ шъуиIэнэу Тхьэм
щытхъушхо зиIэ лъэкIыныгъэу иIэмкIэ зэкIэ шъугухэр
ыгъэпытэнхэу орэхъу. [12] ГушIуагъокIи Тхьэу Ты лъапIэм
щытхъу фэшъушI. Нэфынэр зыдэщыIэ чIыпIэм* Тхьэм
ежь ицIыф лъапIэхэм IэхьышIоу афигъэхьазырыгъэмкIэ
шъори Iахьэ къышъулъысынэу къышъуфигъэшъошагъ.
[13] ШIункIыгъэм итетыгъо ыIэчIэгъ тыкъычIихыжьи,
Ыкъоу шIу ылъэгъурэм итетыгъо ыIэчIэгъ тычIигъэ-
уцуагъ. [14] Ыкъу ары лъэу къащым щыкIэкIыгъэмкIэ тэ
тшъхьэхэр зыщэфыжьыгъэр, типсэкIодхэри къытфэзы-
гъэгъугъэр.

### Христос Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэуми апшъэ щыI

[15] Христос Тхьэу цIыфхэм амылъэгъурэм ишъо теплъэ
иI. Джары Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэуми апшъэ щыIэу

---

1:7 Епафрас – Колоссэ къалэм щыIэ чылыс зэIукIэр зэхэзыщагъэр ары.

1:12 нэфынэр зыдэщыIэ чIыпIэр – Тхьэм и Тетыгъошхо ары.

ЫкъокIэ заджэрэр. [16] Тхьэм Христос зэкIэри къыригъэ-
гъэхъугъ, уашъоми чIылъэми щыIэ пстэури, цIыфхэм
алъэгъурэ Iофхэри, амылъэгъурэ Iофхэри, пачъыхьэ тIы-
сыпIэхэм тетIысхьэхэрэри, пащэхэри, Iэшъхьэтетхэри,
тетыгъо зиIэхэри Тхьэм ежь Ыкъо зэкIэри къыригъэ-
гъэхъугъ, Ыкъо ищытхъушхо паий щыIэх. [17] Ахэр зэкIэ
зыщэмыIэхэм, Къо лъапIэр щыIагъ. Ежьыми зэкIэ зэкIе-
убытэ. [18] Пкъэу чылыс зэIукIэм ышъхьэр ежьыр ары.
Ежьыр ары чылыс зэIукIэр зэтезыгъэуцуагъэр, апэрэу
лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэри ежьыр ары. Арэу-
щтэу зэкIэмкIи апэрэр ежьыр ары. [19] Сыда пIомэ Тхьэм
игъоу ылъытагъэти, ищытыкIэ зэкIэ Ыкъо хэлъ хъугъэ.
[20] Лъэу Ыкъо къащым щыкIэкIыгъэмкIэ Тхьэм зэшIу-
жьыныгъэ ыгъэхъузэ, Iофэу Ыкъо ышIагъэмкIэ чIы-
лъэми уашъоми щыIэр зэкIэ ежьым ешIужьыгъэу ыгъэ-
хъунэу игъоу ылъытагъ.

[21] Пасэм Тхьэм бэу шъупэчыжьэу шъущытыгъагъ. Шъу-
гухэмкIэ шъурипыеу бзэджагъэхэр шъушIэщтыгъэх.
[22] Ау шъугухэр къабзэхэу, лажьэ зи шъуимыIэу, зыми
шъузэригъэмысэн зи щымыIэу, Тхьэм ежь ыпашъхьэ
шъуригъэуцоным пае, Христос лымрэ лъымрэ къахэхъу-
кIыгъэ пкъы иIэу зэрэлIагъэмкIэ джы ежь ышъхьэкIэ
шъуешIужьыгъэу шъуигъэхъугъ. [23] Ау шъуиIэхьышIу
хъун Iофхэу къэбарышIоу зэхэшъухыгъэм шъузщигъэ-
гугъыгъэхэм зыми зыхешъумыгъэгъэнэу, шIошъхъуны-
гъэм игъогу шъутемыкIэу шъыпкъагъэкIэ шъурыкIон
фае. Тхьэм фэлажьэхэрэм а къэбарышIур ошъо чIэгъым
щыпсэурэ цIыф пстэуми арагъэIугъ. Сэ, Паул, а къэ-
барышIум сыфэлажьэ.

### Паул чылыс зэIукIэм зэрэфэлажьэрэр

[24] Джы сэ сишIуагъэ шъозгъэкIызэ, къин сщэчми, сэгу-
шIо, сыда пIомэ гузэжъогъухэу Христос ыпкъэу чылыс
зэIукIэм сишIуагъэ езгъэкIыным пае, сшэчынхэу къыс-
фигъэнэфагъэхэр джы сэ спкъыкIэ исэгъэкъух. [25] Тхьэм
Iофэу спшъэ къырилъхьагъэм тетэу, Тхьэм икъэбарышIу
икъугъэу шъозгъэIуным пае, чылыс зэIукIэхэм сафэ-
лажьэ. [26] А къэбарышIур блэкIыгъэ лъэхъанэхэмрэ лIэ-
шIэгъухэмрэ* ащегъэжьагъэу шъэфым фэдэу Тхьэм цIыф-

---

1:26 лIэшIэгъу – илъэсишъэ мэхъу.

хэм аримыгъэшIагъэу щытыгъ. Мы уахътэм Тхьэм а
шъэфыр ицIыф лъапIэхэм афигъэнэфагъ. 27 Хымэ лъэ-
пкъхэм щытхъушхо гъэшIэгъонэу а шъэфым афыхэ-
лъыр Тхьэм ицIыф лъапIэхэм аригъэшIэнэу игъоу ылъы-
тагъ. А шъэфыр мары: Христос шъугухэм арылъ, ар
шъугухэм зэрарылъым пайй, щытхъушхо шъуиIэ зэрэ-
хъущтым шъущыгугъэу, шъупэплъэ.

28 Арэущтэу Христос ехьылIэгъэ къэбарыр тэгъэIу.
Хэтрэ цIыфи ыгу Христос илъэу, зишъыпкъагъэ щы-
кIагъэ зи зимыIэ цIыф икъугъэу Тхьэм ыпашъхьэ идгъэ-
уцоным пае, зэкIэ зэхэшIыкIынығъэмкIэ гурытэгъаIо
ыкIи етэгъашIэ. 29 Ар згъэцэкIэным пае, Христос зэкIэ
лъэкIынығъэу лъэшэу къысхилъхьагъэмкIэ сишъыпкъэу
сэлажьэ ыкIи сэулэу.

## ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

Шъощ пайй, Лаодикие къалэм* дэсхэу шIошъхъунығъэ
зиIэхэм апайй, сэ сынапэ зымылъэгъугъэ пстэуми апайй
лъэшэу сызэрэлажьэрэр шъозгъэшIэнэу сыфай. 2 Лъэшэу
сызфэлажьэрэр а цIыфхэр згъэгушхонхэуи, шIулъэгъу-
нығъэкIэ зыгу–зыпсэу хъунхэуи ары. Арэущтэу Тхьэм
ишъэфэу Христос къашIэным пае, осэшхо зиIэ зэхэ-
шIыкIынығъэу икъугъэр яIэ хъущт. 3 Осэшхо зиIэ зэхэ-
шIыкIынығъэшхо пстэумрэ шIэнығъэшхо пстэумрэ Хри-
стос хэлъых. 4 Ар къызфышъуасIорэр тхьагъэпцIыгъэ
гущыIэхэмкIэ зыми шъудимыхьыхынэу ары. 5 Сэ спкъы-
кIэ шъуадэжь сыщымыIэми, сыгурэ спсэрэкIэ шъуадэжь
сыщыI. ГъэпсыкIэшIоу шъуиIэри ХристоскIэ шIошъхъуны-
гъэу шъуиIэм ипытагъи зыслъэгъукIэ, сэгушIо.

### Христос щыIэнығъэ икъугъэр къызэрэтитырэр

6 Христос Исус Зиусхьанэу зэрэшъудагъэм пае, ар шъу-
гухэм арылъэу шъузекIу. 7 ШъулъапсэхэрХристос хэжъу-
гъэлъых, шъуищыIэнығъи ащ тежъугъэт. Зэрэшъодгъэ-

---

2:1 Лаодикие къалэр – Колоссэ къалэм километрэ 17–кIэ пэчыжьэу итыгъэ
къохьапIэ лъэныкъомкIэ итыгъ.

шIагъэм фэдэу, ежьымкIэ шIошъхъуныгъэ пытэ шъуиIэу, щытхъу фэшъушI зэпыт.

[8] Шъуфэсакъ, мы дунаем изэхэшIыкIыныгъэ нэкIэу, цIыфхэр зыгъапцIэрэмкIэ зыми зыдешъумыгъэхьых. Ащ фэдэ зэхэшIыкIыныгъэр къызхэкIырэр Христос арэп, тятэжъхэм къакIэныжьыгъэ хабзэхэмрэ мы дунаем ехьылIагъэу цIыфхэм къызэрыкIо гурыIоныгъэхэу яIэхэмрэ ары нахь.

[9] Сыда пIомэ Тхьэм ищытыкIэ зэкIэ Христос ыпкъ
хэлъ. [10] Христос шъугухэм зэрарылъымкIэ ежьым ищы-
Iэныгъэ икъугъэу къышъухэлъ. Ежьыр зэкIэ Iэшъхьэтет-
хэмрэ тетыгъо зиIэхэмрэ апшъэ щыI. [11] Ежьыр шъугу-
хэм зэрарылъым пае, сунэт шъуашIыгъэм фэд. Ар цIыф-
хэм IэкIэ ашIыгъэ сунэтэу щытэп. Ар къызпкъырыкIы-
гъэр Христос ары. Ар зыхъугъэр Христос шъуипсэкIо-
дышIэ шэныжъ зыхышъуигъэнэжьыгъэ мафэр ары. [12] Шъу-
заумэхъым, Христос шъуригъусэу шъучIалъхьажьыгъэм
фэд. Шъузаумэхъым дэжь, Тхьэу Исус лIагъэхэм къа-
хэзыгъэтэджыкIыжьыгъэм илъэкIыныгъэкIэ шIошъхъуны-
гъэ шъуиIэ зэрэхъугъэм пае, Тхьэм Христос шъуригъу-
сэу лIагъэхэм шъукъахигъэтэджыкIыжьыгъэм фэд.

[13] ПсэкIодхэр зэрэшъушIагъэхэм ыкIи шъугухэмкIэ
сунэт шъузэрамышIыгъэм пае, лIагъэхэм шъуафэдэу шъу-
щытыгъагъ, ау Тхьэм Христос шъуригъусэу шъуигъэпсэу-
жьыгъ. Тхьэм типсэкIодхэр зэкIэ къытфигъэгъугъэх.
[14] ТичIыфэхэу унашъохэр зигъусэхэр зэрыт тхылъым илъэ-
кIыныгъэ Тхьэм ыгъэкIодыгъ. А тхылъыр къытпэуцугъ,
ау Тхьэм ар Христос икъащ тыриIулIэу, лъэныкъокIэ ри-
гъэзыгъ. [15] Христос къащым зыкIэрылIыхьэм, джынэ-
пцIэ Iэшъхьэтетхэмрэ джынэпцIэ тетыгъо зиIэхэмрэ
ялъэкIыныгъэ аIихыжьи, ахэмэ зэратекIуагъэр шъхьэ-
ихыгъэу къыщигъэлъагъоу, анапэ тырихыгъ.

[16] Арышъ, шъушхырэмрэ шъузашъорэмрэ яхьылIагъэуи,
мэфэкI мэфэшхом, мэзакIэ мэфэшхом, зыгъэпсэфыгъо
мафэм ягъэлъэпIэным ехьылIагъэуи зыгорэм хьыкум
къышъутыришIыхьанэу фит шъумышIы. [17] А Iоф пстэури
къэкIонэу щытыгъэ Iофхэм яжьау ныIэп, ау жьаур зиер
Христос ары. [18] Шъо шъушъхьэ егъэлыягъэу жъугъэцIы-
кIун фаеуи, мэлэIичхэр жъугъэлъэпIэнхэ фаеуи зыIорэм

зыдешъумыгъэхьых. Ащ фэдэ цIыфым Тхьэм Iофхэу
къыригъэлъэгъугъэу зыфиIохэрэм атегущыIэ зэпытэу,
мы дунаем ицIыфхэм ягупшысакIэ зэриIэм пае, хьаулыеу
зышIошIыжьы. [19] Ащ фэдэ цIыфыр Христосэу шъхьэу
щытым гъусэ фэхъурэп. Шъхьэр ары пкъыр зэзыпхэу,
щыIэхэмкIи фэхыгъэхэмкIи пкъым зэкIэм кIуачIэ езы-
гъэгъотэу, ар зэкIэзыубытэрэр. Арэущтэу Тхьэр зэрэ-
фаем фэдэу пкъым хэхъо.

[20] Христос шъуригъусэу шъулIагъэм фэд, цIыфхэм къы-
зэрыкIо гурыIоныгъэхэу мы дунаем ехьылIагъэу яIэхэми
тетыгъо къышъуфыряIэжьэп. Адэ, Iофыр арэущтэу щы-
тышъ, мы дунаем ицIыфхэм шъуащыщэу шъущытыгъэм
фэдэу шъузекIоу, мыщ фэдэ унашъохэм сыд пае шъу-
ядэIура: [21] «Мы шхыным уемыI!» «Мыр умышхы!» «Мыщ
унэмыс!»? [22] Ащ фэдэ унашъохэр зэхьылIагъэхэр шхын-
хэу цIыфхэм къызэраIэкIахьэу, кIодыжьхэрэр ары. А
унашъохэр цIыфмэ ашIыгъэ унашъохэу, нэмыкI цIыфхэм
арагъашIэхэрэр ары. [23] ЦIыфхэм къин ащэчызэ, Тхьэр
агъэлъэпIэнэуи, ашъхьэ егъэлыягъэу агъэцIыкIунэуи,
апкъыхэм къин арагъэщэчынэуи а унашъохэм зэрэрагъэ-
зхэрэм пае, зэхэшIыкIыныгъэ ахэлъэу теплъэ яI, ау
пкIэ яIэп. Сыда пIомэ Iоф мыхъомышIэхэу цIыфхэм
агу зыкIэхъопсыхэрэм апэуцунхэу IэпыIэгъу афэхъунхэ
алъэкIырэпышъ ары.

## ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

Тхьэм шъо Христос шъуригъусэу лIагъэхэм шъукъа-
хигъэтэджыкIыжьыгъэм фэд. Арышъ, уашъоу Тхьэм иджа-
бгъукIэ госэу Христос зыдэщыIэм иIофхэм ауж шъуит.
[2] Мы дунаем иIофхэм шъуямыгупшысэу, уашъом иIоф-
хэм шъуягупшыс. [3] Сыда пIомэ шъо шъулIагъэм фэд,
шъуищыIэныгъэ шъыпкъи мыкIодэу, Тхьэр зыдэщыIэм
дэжь Христос къышъуфегъэнэжьы. [4] Христосэу тищыIэ-
ныгъэшIу шъыпкъэу щытыр къызылъагъокIэ, шъори ащ
шъуригъусэу щытхъушхо шъуиIэу шъукъэлъэгъощт.

[5] Арышъ, шъуишэныжъ бзаджэ иIофхэр жъугъэкIо-
дых: Зинэ шIэнри, гумыкъэбзагъэри, хъопсэныгъэ мы-
хъомышIэхэри, хъопсэныгъэ Iаехэри, нэйпсыягъэри –

нэйпсыягъэр тхьэ нэпцI гъэлъэпIэным фэдэу мэхъу. [6] Ащ
фэдэ Iофхэм апае Тхьэм емыдэIухэрэм игубж къалъигъэ-
сыщт. [7] А цIыфхэм шъузягъусэм, шъори ащ фэдэ Iофхэм
шъуапылъыщтыгъ. [8] Ау джы мыщ фэдэ Iофхэр зэкIэ
хэжъунэжьынхэ фае: губжынри, къызэкIэплъыхьанри,
бзэджагъэри, нэмыкI цIыфхэм Iэягъэкlэ атегущыIэнри,
емыкIу гущыIэнри. [9] ШъузэрэмыгъэпцIэжь, сыда пIомэ
шъуишэныжъ бзаджэ иIофхэр игъусэхэу хэшъунэжьи,
[10] шэнышIукIэр шъуашэм фэдэу зэшъущэкIыгъ. Тхьэу а
шэнышIур къэзыгъэхъугъэм ежьым ишэн фэдэу хъоу,
ар егъэкIэжьы зэпыт, ежьыр зыфэдэр шъыпкъэу зэ-
жъугъэшIэным пае. [11] Арышъ, цIыф зэхэдзыныгъэ азы-
фагу зи дэмылъэу, урымри, джуртри, сунэт ашIыгъэу
щытри щымытри, хымэри, Скиф* хэкум щыщри, пщы-
лIри, шъхьафитри зэфэдэх. Христос зэкIэмэ апшъэ щыI,
ежьыри шъо зэкIэми шъугухэм арылъ.

[12] Шъо, гукъэбзагъэ зиIэхэу, Тхьэм къыхихыгъэ цIыф-
хэу, ежьым шIу ылъэгъухэрэм, гукIэгъуныгъэри, шIу-
гъэри, мыпэгэныгъэри, гушъэбагъэри, щыIагъэри шъу-
гухэм арыжъугъэлъых. [13] Зым зыр ерэщыI, зым зым
гукъанэ горэ фыриIэмэ, зэфэжъугъэгъу. Христос къы-
зэрэшъуфигъэгъугъэм фэдэу, шъори зэфэжъугъэгъу.
[14] ЗэкIэмэ апэу шIулъэгъуныгъэр шъугухэм арыжъу-
гъэлъ. ШIулъэгъуныгъэр ары зы шъущытынэуи, зишъы-
пкъагъэ щыкIагъэ зи зимыIэ цIыф икъугъэхэу шъухъу-
нэуи шъо зэкIэ шъузэзыпхырэр.

[15] Христос къышъуитырэ гупсэфыныгъэр шъугухэм
тетыгъор ащыриIэнэу орэхъу. Зы пкъым шъуфэдэу а
гупсэфыныгъэр шъуиIэнэу Тхьэр къышъоджагъ. Ежьы-
ми щытхъу фэшъушI. [16] Христос игущыIэхэр шъугухэм
куоу арыжъугъэлъ зэпыт. ЗэхэшIыкIыныгъэмкIэ зэкIэ
зым зым рерэгъашI ыкIи гурерэгъаIу. ШъугухэмкIи Зиус-
хьаным щытхъу фэшъушIэу, орэдхэри, тхьэщытхъу
орэдхэри, Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ шъугухэм къарилъхьэрэ
орэдхэри Тхьэм пае къашъуIох. [17] Зиусхьанэу Исус
ыцIэкIэ Тхьэу Ты лъапIэм щытхъу фэшъушIызэ, сыд шъу-
шIэми, сыд къашъуIоми, Исус ыцIэкIэ ар шъушIэ.

---

3:11 Скиф цIыфхэр – лъэпкъ Iэл гор.

### ШӀошъхъуныгъэ зиӀэ унагъохэм язекӀуакӀ

18 Шъо, шъузхэр, шъуилӀыхэм шъуафэӀорышӀ, Зиусхьаныр зыгу илъ цӀыфхэм зэряфэшъуашэм фэдэу.
19 Шъо, лӀыхэр, шъуащыщэу хэти ишъуз шӀу ылъэгъун фае, фэмыпхъашэуи щытын фае.
20 Шъо, бынхэр, шъуятэ шъуянэхэм зэкӀэмкӀи шъуядэӀу, сыда пӀомэ ар Зиусхьаным игъоу елъытэ.
21 Шъо, тыхэри, шъуибынхэр шъумыгъэгубжых, агу мыкӀодыным пае.
22 Шъо, унэӀутхэр, мы дунаемкӀэ шъуитхьаматэхэм зэкӀэмкӀи шъуядэӀу. ШъуядэӀу сэӀо, ау агу къызэдгъэӀун шъуӀоу, анэхэмкӀэ гъунэ къызэрэшъулъафырэм ыдэжь изакъоп, ау Тхьэм ищынагъо шъугухэм зэрарылъым пае, сыдигъуи шъугу етыгъэу шъуафэлажь. 23 Сыд шъушӀэми, цӀыфхэм зэрафашъушӀэрэм фэдэу орэмыхъу, ау Зиусхьаным зэрэфашъушӀэрэм фэдэу, шъугу етыгъэу шъушӀэ, 24 сыда пӀомэ Зиусхьаным ицӀыфхэм афигъэхьазырыгъэ ӀэхьышӀур шъо Ӏофэу шъушӀагъэм пае, къызэрэшъулъысыщтыр шъошӀэшъ ары. Зиусхьанэу Христос ары шъузфэлажьэрэр. 25 Тхьэм бзэджагъэ зышӀэрэм ибзэджагъэ ригъэпщыныжьыщт; сыда пӀомэ Зиусхьаныр цӀыфхэм ятеплъэ емыплъэу, цӀыф пстэури изэфэдэхэу щытых.

## ЯПЛӀЭНЭРЭШЪХЬ

Шъо, тхьаматэхэр, уашъомкӀэ шъори Зиусхьан зэрэшъуиӀэр шъошӀэшъ, шъуиунэӀутхэм шъузэрадэзекӀон фаем тетэуи зафэуи шъуадэзекӀу.

### Аужырэ Ӏофхэу Паул шӀошъхъуныгъэ зиӀэхэу Колоссэ дэсхэм агуригъаӀохэрэр

2 Тхьэм шъуелъэӀу зэпыт. Тхьэм шъуелъэӀу зыхъукӀэ, шъумычъыеу шъусакъ, Тхьэм ищытхъуи шъушӀы. 3 Тхьэм
тэри шъукъытфелъэӀу. Христос ехьылӀэгъэ Ӏоф шъэф-

хэр* цIыфмэ ядгъэIушъуным фэшI, къэбарышIум пае
пчъэр тфыIуихынэу Тхьэм шъуелъэIу. А къэбарышIур
цIыфхэм зэрязгъэIугъэр ары хьапсым сычIадзагъэу сыз-
кIычIэсыр. [4] ЗэрэзгъэIун фаем фэдэу, а къэбарышIур
цIыфхэм нафэу язгъэIушъунэу Тхьэм шъукъысфелъэIу.
[5] Игъор блъэшъумыгъэкIэу, зэхэшIыкIынығъэкIэ шъу-
щымыщ цIыфхэм шъуадэзекIу. [6] ГущыIэ мыщыухэр ахэ-
мылъхэу, шъуигущыIэхэр орэгуапэх. Хэти пэгъокI зэ-
решъутын фаер зэжъугъашIэ.

## Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр

[7] ШIу тлъэгъурэ тшы Тихик* сикъэбархэр зэкIэ шъуи-
гъэшIэщтых. Ар Зиусхьаным иIофкIэ шъыпкъагъэкIэ
IэпыIэгъоу щыт ыкIи къыддэлажьэ. [8] Мы Iоф дэдэу
тиIофхэр зытетхэр шъуигъэшIэнри шъуигъэгушхонри
ары Тихик шъуадэжь къызфэзгъакIорэр*. [9] Ащ игъусэу
Онесимэу* тызщыгугъышъунэу ыкIи шIу тлъэгъурэ
тшыр къэсэгъакIо. Ар шъуицIыфхэм ащыщ. ИтIум
мыщ дэжьым къыщыхъугъэ Iоф пстэури шъуагъэшIэщт.
[10] Аристархэу* хьапсым къыздычIэсым шIуфэс къышъуе-
хыжьы. Варнавэ* иунэкъощ Марк* шIуфэс къышъуехыжь.
Марк ехьылIагъэу унашъо сэ къышъуфэсшIыгъ: Шъуа-
дэжь къакIомэ, дахэу ежъугъэблагъ. [11] Исусэу ИусткIэ
заджэхэрэми шIуфэс къышъуехыжьы. Тхьэм и Тетыгъо-
шхо пае къыздэлажьэрэ цIыфхэм джуртхэу ахэтхэр ахэр
ары ныIэп. Ахэмэ инэу сагъэгушхуагъ. [12] Епафрасэу*

---

4:3 Христос ехьылIэгъэ Iоф шъэфхэр – еплъ 1:26,27; 2:2.

4:7 Тихик – Паул дэлажьэу, игъогогъухэм ащыщыгъ. Апостол. 20:4 зэритым фэдэу, ар Асие хэкум щыщыгъ. Еплъ Ефес. 6:21; 2 Тим. 4:12; Тит 3:12;

4:8 Тихик шъуадэжь къызфэзгъакIорэр – Тихик мы тхылъэу Паул ытхыгъэр Колоссэ дэсхэу шIошъхъуныгъэ зиIэхэм афихьын фэягъ.

4:9 Онесим – еплъ Филемон.

4:10 Аристарх – Паул дэлажьэу, игъогогъухэм ащыщыгъ. Аристарх Фессалоникэ къалэм щыщыгъ.

4:10 Варнавэ – Христиан тхьаматэ инхэм ащыщыгъ. Паул иIоф зыщишIэгъэ апэрэ илъэсхэм Варнавэ ащ игъогогъоу щытыгъ. Еплъ Апостол. 4:36; 13:1–15:39.

4:10 Марк – Иуанэу МаркkIэ заджэхэу Ерусалим щыщыгъэр ары. Еплъ Апостол. 12:12,25; 13:5,13.

шъуицIыфхэм ащыщэу, Христос Исус фэлажьэрэм шIу-
фэс къышъуехыжьы. Тхьэм игъогу пытэу шъутыригъэ-
тынэуи, сыд фэдэ лъэныкъокIи ежь зыфэе Iоф пстэури
зыфэдэхэр икъугъэу шъуигъэшIэнхэуи Епафрас ишъы-
пкъэу къышъуфелъэIу зэпыт. 13 Епафрас инэу шъо къы-
зэрэшъуфэлажьэрэмкIи, тшыхэу Лаодикиерэ* Иераполрэ*
къалэхэм адэсхэм инэу зэрафэлажьэрэмкIи сыришыхьат.
14 ТиIазэ Лукэу* шIу тлъэгъурэмрэ Димасрэ шIуфэс къы-
шъуахыжьы. 15 Лаодикие дэс тшыхэми, Нимфани, ащ иу-
нэ щызэрэIугъоирэ чылыс зэIукIэм щыщхэми аIапIэ сфэ-
шъуубытыжь.

16 Мы тхылъым шъузеджэрэ ужым, Лаодикие щыIэ чылыс
зэIукIэм щыщхэри мы тхылъым ерэджэх. Шъори Лаоди-
кие щыIэ чылыс зэIукIэм щыщхэм ситхылъэу къышъу-
фарагъэхьыщтым шъуеджь.

17 «Зиусхьаным о пшъэ къырилъхьэгъэ Iофыр гъэца-
кIэ», шъуIуи, Архипп* сфешъуIожь.

18 Сэ, Паул, мы шIуфэс гущыIэхэр сIэкIэ сэтхых.
Мы Iэхъу–лъэхъоу къыстыралъхьагъэр зыщышъумыгъэ-
гъупшэжь. Христос ынэшIу шъо пстэуми къышъущерэф.
Амин.

---

4:12 Епафрас – еплъ 1:7.

4:13 Лаодикие къалэр – еплъ 2:1.

4:13 Иерапол къалэр – Колоссэ къалэм километрэ 20–кIэ пэчыжьэу, итемыр тыгъэ къохьэпIэ лъэныкъокIэ итыгъ.

4:14 Лукъэ – Паул игъогогъоу бэрэ щытыгъ.

4:17 Архипп – еплъ Филемон 2.



# *АПОСТОЛ ПАУЛ ШIОШЪХЪУНЫГЪЭ ЗИIЭХЭУ ФЕССАЛОНИКЭ КЪАЛЭМ ДЭСХЭМ АПЭРЭ ТХЫЛЪЭУ АФИТХЫГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### ШIуфэс ехыныр

Сэ сы Паул. Силуанрэ* Тимофейрэ* сигъусэхэу, шъо, Тхьэу Ты лъапIэмрэ Зиусхьанэу Исус Христосрэ зиехэу, Фессалоникэ къалэм* щыIэ чылыс зэIукIэм щыщхэм, мы тхылъыр къышъуфэсэтхы.

Тхьэу Ты лъапIэмрэ Зиусхьанэу Исус Христосрэ анэшIу къышъущарэфи, гупсэфыныгъэ къышъуарэт.

---

1:1 Силуан – Паул дэлажьэу, игъогогъухэм ащыщыгъ. Еплъ Апостол. 15:22–18:5.

1:1 Тимофей – еплъ Кол. 1:1.

1:1 Фессалоникэ къалэр – Македоние хэкоу Рим къэралыгъошхом щыщым икъэлэшхоу щытыгъ. Апэрэу Паул а къалэм зэрэкIуагъэм икъэбар Апостол. 17:1–9 ит.

**Паул шIошъхъуныгъэ зиIэхэу Фессалоникэ дэсхэм апае Тхьэм щытхъу зэрэфишIырэр**

2 Шъо пстэуми апае Тхьэм щытхъу фэтэшIы зэпыт, Тхьэм
тызелъэIукIи, шъуигугъу тэшIы. 3 Ти Тхьэу Ты лъапIэм
ыпашъхьэ шъуишIошъхъуныгъэ шIушIагъэхэр шъуигъэ-
шIагъэхэу зэрэщытым игугъу щэтэшIы зэпыт. Шъуи-
шIулъэгъуныгъэ инэу шъуигъэлэжьагъэу зэрэщытми,
ти Зиусхьанэу Исус Христос шъущыгугъэу шъузэрэпа-
плъэрэм пае, теубытэныгъэ шъуиIэ зэрэхъугъэми ягугъу
Тхьэм ыпашъхьэ щэтэшIы зэпыт.

4 Шъо, тшыхэу Тхьэм шIу ылъэгъухэрэр, Тхьэм ибын
шъухъунэу шъукъызэрэхихыгъэр тэшIэ, 5 сыда пIомэ
къэбарышIур* къызэрышъодгъэIугъэр гущыIэхэм яза-
къоу арэп, кIуачIэкIи Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ илъэкIы-
ныгъэкIи къэбарышIур къышъодгъэIугъэ нахь. Икъу-
гъэуи къэбарышIур шъушIошъ дгъэхъугъэ. Тызышъухэ-
тым, тишIуагъэ шъодгъэкIэу тызэрэзекIощтыгъэр шъо-
шIэ. 6 Тэ тилъэужхэми Зиусхьаным илъэужхэми шъо
шъуарыкIощтыгъ. Сыда пIомэ гузэжъогъушхо шъухэ-
тыгъэ пэтми, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ гушIуагъоу шъугухэм
къарилъхьагъэмкIэ Тхьэм игущыIэхэр шъудагъэх. 7 Арэу-
щтэу Македоние хэкумрэ* Ахаие хэкумрэ* арысхэу шIошъ-
хъуныгъэ зиIэ цIыф пстэуми шапхъэ шъуафэхъугъ.
8 Сыда пIомэ Зиусхьаным ехьылIэгъэ къэбарышIур шъуа-
дэжь къикIэу зынэсыгъэхэр Македоние хэкумрэ Ахаие
хэкумрэ язакъоп, ау ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ шъуиIэ
зэрэхъугъэм икъэбар тыдэкIи цIыфхэм щашIэ хъугъэ.
Арышъ, а Iофым ехьылIагъэу цIыфхэм ащ нахьи нахьы-
бэ ятIон ищыкIагъэп, 9 сыда пIомэ дахэу тызэрежъугъэ-
блэгъагъэри, щыIэныгъэ зиIэ Тхьэ шъыпкъэм шъуфэлэ-
жьэным пае, тхьэ нэпцIхэм шъуакIыб зэрафэжъугъэза-
гъэри ахэмэ къаIотэжьы. 10 Тхьэм Ыкъоу лIагъэхэм къахи-
гъэтэджыкIыжьыгъэр уашъом къызэрехыжьыщтым шъу-
пэплъэ – Исусэу Тхьэм игубжэу къэкIощтым тыкъы-
IэкIэзыхыжьыщтыр ары.

---

1:5 къэбарышIур – еплъ 1 Кор. 9:14.

1:7 Македоние хэкур – Рим къэралыгъошхом щыщ хэкоу щытыгъ. А хэкур джырэ Грецием (Иунанистаным) итемыр Iахьэу щытыгъ.

1:7 Ахаие хэкур – Рим къэралыгъошхом щыщ хэкоу щытыгъ. Ар джырэ Грецием икъыблэ Iахьэу щытыгъ.

# ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

## Паул Фессалоникэ Iофэу щиш1агъэр

Шъуадэжь тыкъызэрэкIуагъэм пкIэ имыIэу зэрэмы-
хъугъэр шъошIэ. [2] ЗэрэшъушIэрэм фэдэу, Филиппи къа-
лэм* тызыщэIэм, цIыфхэм къиныбэ щытагъэщэчыщты-
гъэми, къыщытэхъоныщтыгъэхэми, шъуадэжь цIыфыби
къыщытпэуцущтыгъэхэми, Тхьэм тигъэгушхуи, ежь ыдэжь
къикIырэ къэбарышIур шъодгъэIугъ. [3] Сыда пIомэ къэ-
барышIур шъо шъушIошъ хъунэу тыкъызкIышъолъэIу-
рэр Тхьэм ар дгъэIунэу тэ тпшъэ къызэрэрилъхьагъэр
ары. Тыгъощагъэу щытэп, тыгухэри мыкъабзэу щыт-
хэп, шъудгъэпцIэнэуи тыпылъэп. [4] Ау Тхьэм а Iофыр
дгъэцэкIэнэу къытфигъэшъуаши, къэбарышIур цIыфмэ
ядгъэIунэу тэ тпшъэ къызэрэрилъхьагъэм пае, къэбары-
шIур къэтэIотэжьы. ЦIыфмэ агу къызэдгъэIунэу тыпы-
лъэп, ау Тхьэу тыгухэм яшъыпкъагъэ зыгъэунэфырэм
ыгу къызэдгъэIуныр ары тызпылъыр. [5] ГъэшIобзэ нэпцI-
кIэ шъо тыкъышъупэгъокIэу зэрэщымытыгъэр шъошIэ,
шъуишIуагъэ тэ къызэдгъэкIынэу гъэбылъыгъэ гухэлъи
тиIагъэп. АщкIэ Тхьэр тишыхьат. [6] Шъорми, нэмыкI цIыф-
хэми щытхъу къызфядгъэшIынэу тыпылъыгъэп.

[7] Христос тыриапостолэу, тетыгъоу тиIэмкIи тыкъы-
шъупэгъокIын тлъэкIыщтыгъэми, ныр исабыйхэм шIукIэ
зэрадэзекIорэм фэдэу, тэри шIукIэ тыкъыжъудэзекIо-
щтыгъ. [8] Ащ фэдизэу шIу шъутлъэгъугъэти, Тхьэм ыдэжь
къикIырэ къэбарышIур шъодгъэIун закъор арэп тыз-
фэягъэр, тпсэ къышъуфэттынэуи тыфэягъ. Ащ фэдизэу
шIу шъутлъэгъугъ. [9] Тшыхэр, зыдгъэулэу зэрэщытыгъэри,
къин тлъэгъоу тылажьэу зэрэщытыгъэри шъугу къэжъу-
гъэкIыжь. Шъуащыщэу зыми хьылъэ тыфэмыхъуным
пае, Тхьэм ыдэжь къикIырэ къэбарышIур къызышъотэ-
гъэIум, чэщи мафи тылажьэщтыгъ.

[10] Зыми тызэригъэмысэн зи щымыIэу, гукъэбзагъэкIи,
шъыпкъагъэкIи, шъо, шIошъхъуныгъэ зиIэхэм, тышъу-
хэтэу зэрэщытыгъэмкIэ шъутишыхьат, Тхьэри тишыхьат.
[11] Тыр ибын зэрэдэзекIорэм фэдэу, шъо шъуащыщэу
хэти тыдэзекIоу зэрэщытыгъэр шъошIэ. [12] Тхьэу зитеты-

---

2:2 Филиппи къалэр – еплъ Фил. 1:1.

гъошхо ыIэчIэгъ шъучIэхьанэуи, зищытхъушхокIэ Iахьэ шъуиIэнэуи къышъоджагъэм шъуфэшъуашэу шъузекIонэу къыжъугурыдгъэIуагъ, шъудгъэгушхуагъ ыкIи тышъолъэIугъ.

[13] Тхьэм щытхъу фэтэшIы зэпыт. Сыда пIомэ Тхьэм игущыIэхэр зышъотэгъэIухэм, цIыфхэм ягущыIэхэм афэмыдэхэу, ау Тхьэм игущыIэхэм афэдэхэу шъудагъэх, Тхьэм игущыIэхэуи шъыпкъэмкIэ щытых ахэр. А гущыIэхэр шъо шIошъхъуныгъэ зиIэхэм шъугухэм арылъхэу, Iоф
щашIэ. [14] Христос Исус зыгу илъэу, Иудей хэкум щыIэ чылыс зэIукIэхэм ащыщ цIыфхэм ялъэужхэм шъуатехьагъ. Сыда пIомэ джуртхэм ахэмэ къин зэрарагъэщэчыщтыгъэм фэдэу, шъулъэпкъ щыщхэм шъо къин
шъуагъэщэчыщтыгъ. [15] Джуртхэм Зиусхьанэу Исусрэ пегъымбархэмрэ аукIыгъэх, тэри къин тагъэщэчыгъ. Ахэр Тхьэм ыгу зэмыIурэ цIыфых, цIыф пстэуми япыих.
[16] Хымэ лъэпкъхэр мыкIодхэу, Тхьэм къыгъэнэжьынхэм пае, къэбарышIур зятэгъэIум, къытпэуцунхэу пылъыгъэх. Арэущтэу япсэкIодхэм япчъагъэ рагъэкъоу, зэтыралъхьахэ зэпыт. Ау Тхьэм игубж аужыпкъэм къатефагъ.

## Паул шIошъхъуныгъэ зиIэхэу Фессалоникэ дэсхэр джыри зэ ылъэгъужьынхэу зэрэфэягъэр

[17] Тыгурэ тпсэрэкIэ шъуадэжь тыщыIэу, тпкъыкIэ зы заулэрэ тыкъызыжъубгъодэкIыжьым, тшыхэр, тыкъышъуфалIэу шъузэдгъэлъэгъуным инэу тыпылъыгъ.
[18] Шъуадэжь тыкъэкIонэу тыфэягъ. Сэ, Паул, мызэу мытIоу сыкъэкIонэу сыпылъыгъ, ау шэйтаным къыддигъэхъугъэп.
[19] ТызыгъэгушIорэри, тиIэхьышIу тыпаплъэзэ, тиIэ зэрэхъущтым тыщызыгъэгугъырэри шъорыба? ТекIоныгъэр къызэрэтхьыгъэр къэзыгъэлъагъорэ танджэу, Зиусхьанэу Исус къызыкIожьыщт мафэм дэжь ежьым ыпашъхьэ щытиIэу тызэрыпэгэщтыр шъорыба?
[20] Шъыпкъэ, тищытхъуи, тигушIуагъуи къызхэкIырэр шъоры.

# ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

Ащ нахьыбэ тфэмыщэчыжьэу, тизакъоу Афинэ къалэм*
тыкъыдэнэнэу тетыубытагъ. 2,3 Тимофей* тэ тшэу щыт,
Тхьэм фэлажьэу, Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур цIыф-
хэм ягъэIун IофымкIи къыддэлажьэ, Ар шъуадэжь къэд-
гъэкIуагъ. Ар къызфэзгъэкIуагъэр мы гузэжъогъухэм
шъуащыщэу хэти гъогу занкIэм тырамыгъэкIыным пае,
шъугухэр ыгъэпытэнхэуи, шъуишIошъхъуныгъэ шъутеты-
нэу шъуигъэгушхонэуи ары. Ащ фэдэ гузэжъогъухэм та-
хэфэн фаеу зэрэщытыр шъо шъошIэ. 4 Шъуадэжь тызы-
щэIэм, гузэжъогъу тызэрэхэфэщтыр шъотIогъагъэ. Шъо
зэрэшъушIэрэм фэдэу, арэущтэуи хъугъэ. 5 Арышъ, ащ
нахьыбэ сфэмыщэчыжьэу, шъуишIошъхъуныгъэ зытетыр
зэзгъэшIэнэу Тимофей шъуадэжь къэзгъэкIуагъ. Шэйта-
нэу цIыфхэм псэкIод языгъэшIэнэу ыуж итым зыгорэ-
кIэ шъудихьыхыгъэу, тиIоф хьаулыеу хъугъэкIэ сыщы-
нэщтыгъ.

6 Джы Тимофей шъуадэжь къикIыжьи, тадэжь къэкIо-
жьи,* шъуишIошъхъуныгъэрэ шъуишIулъэгъуныгъэрэ
якъэбар дахэхэр къытфихьыгъэх. ШIукIэ шъугу тэ
тыкъызэрэкIыжь зэпытри, тэ шъо шъутлъэгъунэу тызэ-
рэкIэхъопсырэм фэдэу, шъори тэ тышъулъэгъунэу шъу-
зэрэкIэхъопсырэри ащ къытиIотэжьыгъ. 7 Тшыхэр, къин
пстэуми гузэжъогъу пстэуми тахэт пэтми, шъуишIошъ-
хъуныгъэ икъэбаркIэ тыжъугъэгушхуагъ. 8 Джы Зиусхьа-
ным игъогу пытэу шъузэрэтетым пае, шъыпкъэу тэпсэу.
9 Шъощ пае гушIуагъоу Тхьэм ыпашъхьэ щытиIэ пстэуми
ипэгъокI фэдэу, икъунэу шъощ пае сыдэущтэу Тхьэм
щытхъу фэтшIына? 10 Шъутлъэгъужьынэуи, шъуишIошъ-
хъуныгъэ ищыкIагъэхэр идгъэкъужьынхэуи чэщи мафи
тыгу етыгъэу Тхьэм телъэIу.

11 Ежь ти Тхьэу Тятэ лъапIэрэ ти Зиусхьанэу Исус
Христорэ шъуадэжь тыкъэкIожьынэу гъогу къытфызэIуа-
рэх. 12 Тэ шIу шъузэрэтлъэгъурэм фэдэу, Зиусхьаным на-
хьышIужьэу шъузэригъэлъэгъужьы зэпытынэуи цIыф пстэу-

---

3:1 Афинэ къалэр – Ахаие хэкум икъэлэшхоу щытыгъ. Еплъ Апостол. 17:15–18:1.

3:2 Тимофей – еплъ 1:1.

3:6 Тимофей тадэжь къэкIожьи – еплъ Апостол, 18:5.

ри шIу шъуигъэлъэгъужь зэпытынхэуи орэхъу.
13 Ти Зиусхьанэу Исус Христос ицIыф лъэпIэ пстэури
игъусэхэу мы дунаем къызыкIожьыкIэ, зыми шъузэри-
гъэмысэн зи щымыIэу, гукъэбзагъэкIэ Тхьэу Тятэ лъа-
пIэ ыпашъхьэ шъуиуцоным пае, шъугухэр ерэгъэпытэх.

## ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

### ЗекIуакIэу Тхьэм ыгу зэIурэр

Аужыпкъэм, тшыхэр, мыр шъосэIо. Тхьэм ыгу къы-
шъоIуным пае, шъузэрэзекIон фаер шъодгъэшIагъ. Арэу-
щтэуи шъозекIо. Арэущтэу шъузекIо зэпытынэу Исус
ыцIэкIэ тышъолъэIу ыкIи къышъуфэтэгъэпытэ. 2 Зиус-
хьанэу Исус ыцIэкIэ унашъохэу тэ къышъуфэтшIыгъэ-
хэр шъошIэх.

3 Тхьэр зыфаер гукъэбзагъэкIэ шъузэрэпсэунри, зинэ
шIэным зызэрэщышъудзыенри ары. 4,5 Ащ нэмыкIэуи
Тхьэр зыфаер ежьыр зымышIэрэ хымэ лъэпкъхэм ащыщ
цIыфхэу зыгукIэ зыкIэхъопсырэ зинэ мыхъун Iофхэм зязыт-
хэрэм шъуафэмыдэу, гукъэбзагъэкIэ щытхъу хэлъэу,
шъуащыщэу хэти ежь ыпкъ тетыгъо зэрэфыриIэщтыр
ары. 6 ЕтIанэ а IофымкIэ зыми ыш мыхъун римышIэнэу
е къымыгъэпцIэнэу Тхьэр фай. Къызэрэшъотlуагъэм
ыкIи къызэрэжъугурыдгъэIуагъэм фэдэу, ащ фэдэ бзэ-
джагъэ зышIэрэ цIыф пстэуми яфэшъуашэ Зиусхьаным
аригъэпщыныжьыщт. 7 Сыда пIомэ тыгухэр мыкъабзэу
тыпсэунэу арэп Тхьэр къызфытэджагъэр, тыгухэр къабзэу
тыпсэунэу ары нахь. 8 Арышъ, мы унашъор зымыдэрэм,
цIыфыр арэп ымыдэрэр, Тхьэу зы Псэ ЛъапIэ тыгу-
хэм къарызылъхьэрэр ары нахь.

9 Зэкъошхэм афэдэу, шIу шъузэрэлъэгъун зэрэфаер
къышъуфэстхынэу ищыкIагъэп. ШIу шъузэрэлъэгъу-
нэу Тхьэм шъуигъэшIагъэ. 10 Македоние хэкум* зэкIэ
ис шы пстэури шIу шъолъэгъух. Ахэр нахьыбэжьэу шIу
шъулъэгъу зэпытынхэу сышъолъэIу.

11 Iасэу шъупсэоу, нэмыкI цIыфхэм яIоф шъуиIоф хэ-
шъумылъхьэу, шъуIэхэмкIэ шъулажьэу шъузэрэпсэущтым

4:10 Македоние хэкур – еплъ 1:7.

ыуж шъуит, унашъо къызэрэшъуфэтшIыгъэм фэдэу.
12 Арэущтэу къышъущымыщ цIыфхэм апашъхьэ хабзэм тетэу шъупсэущт, щыкIагъи зи шъуиIэщтэп.

## Зиусхьанэу Исус мы дунаем къызэрэкIожьыщтыр

13 Тшыхэр, лIагъэхэм яIоф зытетыр шъумышIэу шъу-
къыдгъэнэнэу тыфаеп, нэмыкI цIыфхэу гугъапIэ зимы-
Iэхэм агу къызэреорэм фэдэу, шъугу къемыоным пае.
14 Исус лIи, лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэмкIэ
шIошъхъуныгъэ тиI. Арышъ, ИсускIэ шIошъхъуныгъэ
зиIэхэу лIагъэхэр Исус игъусэхэу Тхьэм ежьым ыдэжь
къызэрищэщтхэр тшIошъ мэхъу. 15 Зиусхьаным игущыIэ-
хэм атетэу мыр къышъотэIо: Зиусхьаныр дунаем къы-
зыкIожькIэ, тэ, псаоу къэнагъэхэр, лIагъэхэм апэ ти-
шъыщтэп. 16 Тхьэм иунашъо хъоу, апэрэ мэлэIичым ыма-
къэрэ Тхьэм ыбжъэмыешхо ымакъэрэ къызыIухэкIэ,
ежь Зиусхьаныр уашъом къехыжьыщт. КъызехыжькIэ,
ХристоскIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэу лIагъэхэр апэу къэ-
тэджыжьыщтых. 17 ЕтIанэ тэ, псаоу къэнагъэхэр, ахэмэ
тырягъусэу Тхьэм тыдихьыещт, ошъуапщэхэм тахэтэу,
жьыбгъэм хэтэу Зиусхьаным тыщыпэгъокIыным пае.
ЕтIанэ Зиусхьаным тыригъусэ зэпытыщт. 18 Мы гущыIэ-
хэмкIэ шъузэрэгъэгушху.

## ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

Тшыхэр, а Iофхэр къызыхъущт лъэхъанэхэми сыхьат-
хэми яхьылIагъэу къышъуфэттхынэу ищыкIагъэп. 2 Ты-
гъуакIор чэщым цIыфхэм амышIахэу къызэрэкIорэм фэ-
дэу, Зиусхьаныр дунаем къызыкIожьыщт мафэм дэжь
къызэрэкIощтыр шъошIэ. 3 «Джы гупсэфыгъо тиI, щына-
гъо зи щыIэп», цIыфхэм заIокIэ, етIанэ амышIахэу къи-
нышхо къафэкIощт, шъуз лъэрмыхьэм къинышхо къы-
зэрэфакIорэм фэдэу. Ащ хэкIыжьыпIэ щыIэщтэп.
4 Ау шъо, тшыхэр, шIункIыгъэм шъухэтэп. Арышъ, а
мафэр тыгъуакIом фэдэу шъумышIахэу къышъуфэкIо-
щтэп. 5 Шъо зэкIэри нэфынэм шъурибын, мафэми шъу-

рибын. Тэ чэщыми шIункIыгъэми ябынхэм тащыщэп.
[6] Арышъ, адрэ цIыфхэр зэрэчъыехэрэм фэдэу, тычъые
хъущтэп, ау тымычъыеу тысакъын фае, зыщыIэныгъи
тиIэн фае. [7] Сыда пIомэ чэщыр ары цIыфхэу чъыехэрэр
зычъыехэрэр, чэщыри ары ешъохэрэр зешъохэрэр. [8] Ау
тэ мафэм ибынхэу тыщытышъ, зыщыIэныгъэ зитэжъу-
гъэгъаI. ШIошъхъуныгъэмрэ шIулъэгъуныгъэмрэ ашъо-
джанэм фэдэу зыщытэжъугъалъ, тымыкIодэу Тхьэм ты-
къызэригъэнэжьыщтыми тыщыгугъэу, тызэрэпаплъэрэр
танджэм фэдэу къэтэжъугъэIэт. [9] Сыда пIомэ Тхьэм
игубж къыттыригъэфэнэу арэп ибын тыхъунэу тызфи-
гъэнэфагъэр, ти Зиусхьанэу Исус Христос тымыкIодэу
тыкъыригъэгъэнэжьынэу ары нахь. [10] Тэщ пае Исус лIа-
гъэ, къызыкIожькIэ тыпсэуми, тылIагъэми ежьым ты-
ригъусэу тыпсэуным пае. [11] Арышъ, шъузэрэгъэгушху,
зым адрэми нахь лъэкIыныгъэ гурэ псэрэкIэ рерэгъэгъот.

## Аужырэ Iофхэу Паул шIошъхъуныгъэ зиIэхэу Фессалоникэ дэсхэм агуригъаIохэрэр

[12] Тшыхэр, къышъуфэлажьэхэу, Зиусхьаным иIофхэм-
кIэ тетыгъо къышъуфызиIэ цIыфхэу къыжъугурызы-
гъаIохэрэм лъытэныгъэ афэшъушIынэу тышъолъэIу.
[13] Ахэмэ Iофэу ашIэрэм пае лъытэныгъэшхо афэшъушI
ыкIи шIу шъулъэгъух. ШъузэгурыIу. [14] Тшыхэр, тышъо-
лъэIу, лэжьэнхэу зымыдэхэрэм агурыжъугъаIу, зыгу кIо-
дыгъэхэр жъугъэгушхох, IэпыIэгъу зищыкIагъэхэми шъуа-
дэIэпыI, щыIагъэкIэ цIыф пстэуми шъуапэгъокI. [15] Хэти
зыгорэм ибзэджагъэ бзэджагъэкIэ пэрэмыгъокIыжь. Ау
шъо шIу зэрэзэфэшъушIэщтым шъупылъ, цIыф пстэуми
шIу зэрафэшъушIэщтыми ыуж шъуит зэпыт.
[16] Сыдигъуи шъугушIу. [17] Зэпымыоу Тхьэм шъуелъэIу.
[18] Сыд къышъохъулIэми, Тхьэм щытхъу фэшъушI, сыда
пIомэ шъо Исус Христос зыгу илъхэм арэущтэу шъузэ-
рэзекIорэр ары Тхьэр зыфаер. [19] Тхьэм ыПсэ ЛъапIэ
имашIо шъумыгъэкIуасэ. [20] Тхьэм ежь игущыIэхэр цIыф-
хэм агухэм къарилъхьэхэу, къызэраригъаIохэрэр пхъэтэ-
пэмыхь шъумышIых. [21] Iоф пстэуми яшъыпкъагъэ жъу-
гъэунэфы, дэгъуми шъутет. [22] Сыд фэдэ бзэджагъэми зы-
щышъудзый!

[23] Гупсэфыныгъэ къытэзытырэ Тхьэм шъугухэр икъу-
кIэ ерэгъэкъэбзэжь, иягъи къышъомыкIэу шъугуи,
шъупси, шъупкъи къерэухъум, Зиусхьанэу Исус Хри-
стос дунаем къызыкIожьыкIэ, зыми шъузэригъэмысэн
зи щымыIэным пае. [24] Тхьэу къышъуаджэрэр шъыпкъэ,
ащи а Iофыр ыгъэцэкIэщт.

[25] Тшыхэр, Тхьэм шъукъытфелъэIу. [26] Тшы пстэуми гу-
къэбзагъэкIэ IаплI яшъущэкIэу шIуфэс сфяшъухыжь.
[27] Мы тхылъым шъушы пстэуми шъукъафеджэнэу Зиус-
хьаным ыцIэкIэ унашъо къышъуфэсэшIы.

[28] Ти Зиусхьанэу Исус Христос ынэшIу къышъущерэф.
Амин.



# *АПОСТОЛ ПАУЛ ШIОШЪХЪУНЫГЪЭ ЗИIЭХЭУ ФЕССАЛОНИКЭ КЪАЛЭМ ДЭСХЭМ ЯТIОНЭРЭ ТХЫЛЪЭУ АФИТХЫГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### Шуфэс ехыныр

Сэ сы Паул. Шъо, Тхьэу Тятэ лъапIэрэ Зиусхьанэу
Исус Христосрэ зиехэу, Фессалоникэ къалэм* щыIэ
чылыс зэIукIэм щыщхэм, Силуанрэ Тимофейрэ* сигъу-
сэхэу мы тхылъыр къышъуфэсэтхы.
2 Тхьэу Тятэ лъапIэрэ Зиусхьанэу Исус Христосрэ
анэшIу къышъущарэфи, гупсэфыныгъэ къышъуарэт.

### Тхьэм зафэу цIыфхэм хьыкум къызэратришIыхьащтыр

3 Тшыхэр, шъощ пае Тхьэм щытхъу фэтшIы зэпытын
фае. Ари тэрэз, сыда пIомэ шъуишIошъхъуныгъэ хэхъо
зэпыт, шъуащыщэу хэти адрэм шIулъэгъуныгъэу фыри-
Iэми хэхъо зэпыт. 4 Арышъ, цIыфхэм сыд фэдиз къин

1:1 Фессалоникэ къалэр – еплъ 1 Фесс. 1:1.

1:1 Силуанрэ Тимофейрэ – еплъ 1 Фесс. 1:1.

шъуагъэщэчми, сыд фэдиз гузэжъогъу шъухэтми, теубытэ-
ныгъэрэ шIошъхъуныгъэрэ зэрэшъуиIэм пае, Тхьэм ичы-
лыс зэIукIэхэм адэжь шъуищытхъу щэтэшIы.
5 А Iоф пстэуми Тхьэм ихьыкум зафэу зэришIырэр къа-
гъэшъыпкъэ, сыда пIомэ теубытэныгъэ шъуиIэу зэрэ-
щытым пае, Тхьэм и Тетыгъошхоу къин зыфэшъушэчырэм
ыIэчIэгъ шъучIэхьанэу къышъуфигъэшъошэщт. 6 ЦIыф-
хэу шъо гузэжъогъу шъухэзыдзэхэрэр гузэжъогъум хи-
дзэжьынхэу Тхьэм зафэу елъытэ. 7 Шъо, гузэжъогъум
хэтхэр, шъутигъусэу гупсэфыныгъэ къышъуитыжьынри
Тхьэм зафэу елъытэ. Ар зыхъущтыр Зиусхьанэу Исус
уашъом къехэу имэлэIичхэу лъэкIыныгъэ зиIэхэр игъу-
сэхэу къызылъэгъожьыщт мафэр ары. 8 Тхьэр зымышIэрэ
цIыфхэу, ти Зиусхьанэу Исус ехьылIэгъэ къэбарышIум
емыдэIухэрэм ябзэджагъэ аригъэпщыныжьыным пае, мэ-
шIошхоу плъыгъэр къыздихьызэ, Зиусхьанэу Исус
дунаем къэкIожьыщт. 9 А цIыфхэр Зиусханым ынапэрэ,
ежь илъэкIыныгъэшхоу щытхъушхо зиIэмрэ апэчыжьэ-
хэу, мыухыжьын кIодыныгъэр Iахьэу Тхьэм атырилъхьащт.
10 Ар къызыхъущтыр Зиусханыр дунаем къызыкIожьыщт
мафэр ары. А мафэм ицIыф лъапIэхэм ежьым щытхъу
къыфашIыщт, ежьымкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъэ
цIыфхэми зэкIэ ежьыр агъэшIэгъощт. Шъори а цIыфхэм
шъуахэтыщт, сыда пIомэ тишыхьатныгъэ шъушIошъ
хъугъэшъ ары.
11 Джары шъощ пае зэпымыоу Тхьэм тызкIелъэIурэр.
Тхьэр къызэрэшъоджагъэм тетэу, ибынхэу шъущытынэу
къышъуфигъэшъошэнэу телъэIу. ИлъэкIыныгъэшхокIи
шIугъэу шъугухэм арылъ пстэури шъуигъэгъэцэкIэнэуи,
шъуишIошъхъуныгъэ къыхэкIырэ IофышIу пстэури ры-
шъуигъэгъэкъунэуи Тхьэм телъэIу. 12 Арэущтэу ти Зиус-
хьанэу Исус ыцIэ цIыфхэм щытхъу фяжъугъэшIыщт,
Зиусханыр шъугухэм зэрарылъым пайй, шъори щытхъу
шъуиIэ хъущт. Ти Тхьэрэ ти Зиусхьанэу Исус Христос-
рэ анэшIу къызэрэшъущафэрэм тетэу арэущтэу хъущт.

# ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

## Бзэджэныгъэм ицIыф

Ти Зиусхьанэу Исус Христос дунаем къызэрэкIожьы-
щтымрэ ежьым ыдэжь тызэрэщызэрэугъоижьыщтымрэ
яхьылIагъэу, тшыхэр, мырэущтэу тышъолъэIу: 2 Христос
дунаем къызыкIожьыщт мафэр къэсыгъэу ыIозэ, цIыф
горэм ежь ыгу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ къырилъхьагъэу
пцIыкIэ къыIоми, е цIыфхэм а мафэр къэсыгъэу аIоми,
е тэ тхылъкIэ арэущтэу ттхыгъэу цIыфхэм пцIыкIэ аIо-
ми, а Iофым псынкIэу зешъумыгъэгъэгумэкI ыкIи зе-
шъумыгъэгъэщын. 3 Хэт щыщми зыкIи зыкъешъумыгъэ-
гъапцI. ЦIыфхэм акIыб Тхьэм фагъазэным ыпэкIэ, бзэджэ-
ныгъэм ицIыфэу Тхьэм ыгъэкIодыжьыщтыр къэлъэгъо-
ными ыпэкIэ, а мафэр къэсыщтэп. 4 А цIыфыр тхьэхэу зы-
фаIохэрэми, цIыфхэм агъэлъапIэрэ Iоф пстэуми апэуцу-
жьыщт, ахэмэ пстэуми анахьи нахь инэу зилъытэжьыщт.
Тхьэм иунэшхуи итIысхьанышъ, «Сэ сы Тхь», ыIощт.

5 Шъуадэжь сызыщэIэм, мы Iофхэр къызэрэшъосIуа-
гъэхэр шъугу къэкIыжьырэба? 6 Бзэджэныгъэм ицIыф
джы гъогу езымытырэри шъо шъошIэ. Ау игъор къы-
зыскIэ, бзэджэныгъэм ицIыф къэлъэгъощт. 7 Сыда пIомэ
бзэджэныгъэм илъэкIыныгъэ шъэф джы Iоф ешIэ.
Ау джы нэсы бзэджэныгъэм ицIыф гъогу езымытыгъэр
ыпэ рапшIэу IукIыжьын фае. 8 ЕтIанэ бзэджэныгъэм
ицIыф къэлъэгъощт. Ау Зиусхьанэу Исус шытхъушхо
иIэу къызыкIожьыкIэ, ыжэкIэ къыщэрэ жьымкIэ ар
ыукIыжьыщт ыкIи ыгъэкIодыжьыпэщт. 9 Бзэджэныгъэм
ицIыф къызыкIокIэ, шэйтаным илъэкIыныгъэ иIэу къэ-
кIощт. ЛъэкIыныгъэ Iофышхо нэпцIхэри зэкIэ, нэшэнэ
гъэшIэгъонышхо нэпцIхэри, Iофышхо гъэшIэгъон нэпцI-
хэри цIыфхэм аригъэлъэгъущтых. 10 Сыд щыщырэ бзэ-
джэныгъэкIи цIыфхэу кIодыпIэм игъогу тетхэр ыгъэпцIэ-
щтых. Ахэр зыкIэкIодхэрэр мыкIодхэу зыкъагъэнэжьы-
ным пае, шъыпкъагъэр шIу алъэгъунэу зэрамыдагъэр
ары. 11 Арышъ, пцIыр ашIошъ хъуным пае, Тхьэм ахэмэ
ягупшысакIэ зэрегъэкIокIы. 12 Арэущтэу шъыпкъагъэр
зышIошъ мыхъугъэхэу бзэджагъэм зыгу еIурэ цIыф
пстэури Тхьэм ыгъэмысэщтых.

**ШъумыкIодэу шъукъигъэнэжьыным пае, Тхьэм шъукъыхихыгъ**

[13] Ау шъо, тшыхэу Зиусхьаным шIу ылъэгъухэрэр,
шъощ пае Тхьэм щытхъу фэтшIы зэпытын фае, сыда пIо-
мэ ублапIэм щегъэжьагъэу шъумыкIодэу шъукъигъэнэ-
жьыным пае, Тхьэм шъукъыхихыгъ. Тхьэм ежь Ыпсэ
ЛъапIэу шъугухэр зыгъэкъэбзэжьырэм илъэкIыныгъэ-
кIи, шъыпкъагъэр шъушIошъ зэрэхъугъэмкIи шъумы-
кIодэу шъукъегъэнэжьы. [14] Тхьэр ибынхэм ащыщ шъу-
хъунэу къызэрэшъоджагъэр къэбарышIоу шъодгъэIу-
гъэр ары. Арэущтэу ти Зиусхьанэу Исус Христос ищы-
тхъушхокIэ Iахьэ къышъулъысыщт. [15] Арышъ, тшы-
хэр, шъукъызэкIэмыкIожьэу, жэкIи тхылъымкIи шъод-
гъэшIэгъэ Iофхэм пытэу шъуатетэу гъогум шъурыкIон
фае.

[16,17] Тхьэу Тятэ лъапIэу шIу тызылъэгъугъэу, зынэшIу
щыфэныгъэмкIэ сыдигъуи тызыгъэгушхорэм шIум
тыщегъэгугъы. Ежьымрэ ти Зиусхьанэу Исус Христосрэ
сыд щыщырэ шIугъэ жъугъэцэкIэным ыкIи шъуIоным
пае шъуарэгъэгушху, шъугухэри арэгъэпытэхэ.

## ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

**Тхьэм шъукъытфелъэIу**

Аужыпкъэм, тшыхэр, шъуадэжь зэрэщыхъугъэм фэ-
дэу, Зиусхьаным икъэбарышIу цIыфхэм тыдэкIи анэсы-
нэуи, цIыфхэм а къэбарышIум щытхъу фашIынэуи Тхьэм
шъуелъэIу. [2] ЦIыф бзэджэ–наджэхэм тэ тащиухъумэнэу
Тхьэм шъуелъэIу, сыда пIомэ зэкIэ цIыфхэм шIошъхъу-
ныгъэ яIэу щытэп. [3] Ау Зиусхьаныр шъыпкъэ. Ащ шъугу-
хэр ыгъэпытэщтых, шэйтанми шъущиухъумэщт. [4] Тиуна-
шъохэр зэрэжъугъэцакIэхэрэмкIи зэрэжъугъэцэкIэщтхэм-
кIи Зиусхьаным тыкъышъущегъэгугъы. [5] Тхьэм ишIулъэ-
гъуныгъэрэ Христос итеубытэныгъэрэ Зиусхьаным шъу-
гухэр аферэгъазэх.

## ШIошъхъуныгъэ зиIэхэр мылажьэхэ хъущтэп

[6] Тшыхэр, хэтрэ шэу лэжьэнэу зымыдэу, къышъуфэд-
гъэнэгъэ унашъохэм атемытым зыщышъудзыенэу ти Зи-
усхьанэу Исус Христос ыцIэкIэ унашъо къышъуфэтэшIы.
[7] Шъор–шъорэу шъошIэ тилъэужхэм шъузэрарыкIон фаер.
Шъуадэжь тызыщэIэм, тымылажьэу тыщытыгъэп. [8] Зыд-
гъэхьакIэу зыми ихьалыгъуи тшхыгъэп. Ау тыулэоу ыкIи
лъэшэу тылажьэу, шъуащыщэу зыми хьылъэ тыфэмыхъу-
ным пае, чэщи мафи Iоф тшIэщтыгъ. [9] Зышъодгъэхьа-
кIэнэу фитыныгъэ тимыIэу щытыгъэп, ау тилъэужхэм
шъуарыкIоным пае, шапхъэу тышъуфэхъунэу тызэрэфэя-
гъэр ары тызкIэлэжьагъэр. [10] Шъуадэжь тызыщэIэм, мы
унашъор къышъуфэтшIыгъ: лэжьэнэу зымыдэрэр
орэмышхэ.

[11] Сыда пIомэ шъуащыщхэу заулэмэ лэжьэнхэкIэ амыдэу
зэхэтхыгъэ. Ахэмэ Iоф зи ашIэрэп, ау яIоф зыхэмылъым
пылъых. [12] Ащ фэдэ цIыфхэр самбырэу лэжьэнхэу, ежь
яхьалыгъуи ашхынэу ти Зиусхьанэу Исус Христос ыцIэ-
кIэ унашъо афэтэшIы ыкIи тялъэIу. [13] Шъо, тшыхэр, мыр
шъотэIо, шъуемызэщэу шIушIэным шъупылъ.

[14] ЦIыф горэ мы тхылъым итхэу шъуатIохэрэм ямыдэ-
Iумэ, а цIыфым гу лъышъут, жъугъэукIытэжьыным
пайй, ащ гъусэ шъуфэмыхъу. [15] Ау шъуипыим фэдэу
шъуемыплъ, шъушы фэдэу гурыжъугъаIо нахь.

## Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр

[16] ЗэкIэ гупсэфыныгъэ къытэзытырэ Зиусхьаным зэ-
кIэмкIи сыдигъуи гупсэфыныгъэ къышъуерэт. Зиусхьа-
ныр шъо пстэуми шъуерэгъусэ.

[17] Сэ, Паул, сэ сIэкIэ мы шIуфэс гущыIэхэр къышъу-
фэсэтхых. Мары къышъуфэстхырэр:

[18] ТиЗиусхьанэу Исус Христос ынэшIу шъо пстэуми
къышъущерэф. Амин.



# *АПОСТОЛ ПАУЛ АПЭРЭ ТХЫЛЪЭУ ТИМОФЕЙ ФИТХЫГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### ШIуфэс ехыныр

Сэ сы Паул. ТымыкIодэу тыкъэзыгъэнэжьырэ Тхьэмрэ
Зиусхьанэу Исус Христосэу тызщыгугъырэмрэ яунашъо-
кIэ Исус Христос иапостолэу* сыхъугъэ. 2 О Тимофееу*,
шIошъхъуныгъэ зэрэуиIэм пае, скъо шъыпкъэм фэдэу
хъугъэм, мы тхылъыр къыпфэсэтхы.
Тхьэу Ты лъапIэмрэ Христос Исусэу ти Зиусхьанрэ анэ-
шIу къыпщарэфи, гукIэгъуныгъэ къыпфарэшIи, гупсэфы-
ныгъэ къыуарэт.

### Дин гъэсэкIо нэпцIхэр

3.4 Сэ Македоние хэкум* сыкIо зэхъум, сыкъызэрэолъэ-
Iугъэм фэдэу, цIыфхэм Iоф пхэнджхэр арамыгъэшIэн-

1:1 апостол – нэмыкI цIыф горэм ыцIэкIэ гущыIэнэуи Iоф ышIэнэуи фитыныгъэ зиIэр ары.

1:2 Тимофей – еплъ Кол. 1:1.

1:3 Македоние хэкур – еплъ 1 Фесс. 1:7.

1:3 Ефес къалэр – еплъ Ефес. 1:1.

хэуи, тхыдэжъхэми, гъунэ зимыІэ унэгъо лъэпкъ зэтекІ-
хэми апымылъынхэуи цІыф заулэмэ унашъо афэпшІыным
пае, Ефес къалэм* къыдан. Ащ фэдэ Іофхэм къарыкІы-
рэр зэнэкъокъуныгъэхэр ары. Тхьэм игухэлъэу шІошъ-
хъуныгъэмкІэ зиІоф зыгъэцакІэрэм а Іофхэм яшІуагъэ
рагъэкІырэп. [5] Мы унашъор зыфэтшІырэр мары: Гу къа-
бзэу мыхъун зи зыдэзымышІэжьырэмрэ шІошъхъуныгъэ
шъыпкъэмрэ къарыкІырэ шІулъэгъуныгъэр тиІэ хъуныр
ары. [6] ЦІыф заулэхэр ахэмэ атекІыгъэхэу, пкІэ зимыІэ
зэнэкъокъуныгъэхэм зафагъэзагъ. [7] Тэурат егъэджэкІо па-
щэхэу залъытэ пэтми, къаІохэрэри гушхоныгъэкІэ зыте-
гущыІэрэ Іофхэри ашІэхэрэп.

[8] Хабзэр* зэрэдэгъур тэшІэ, цІыфыр хабзэм зэрэфыщы-
тын фаем тетэу фыщытмэ. [9] Шъыпкъагъэ зиІэ цІыфхэм
хабзэр зэрафамыгъэуцугъэр тэшІэ, ау хабзэр зыфагъэ-
уцугъэхэр мыхэр арых: хабзэм текІыхэрэри, хабзэм пэ-
уцухэрэри, Тхьэм ищынагъо зыгу имылъхэри, псэкІод зы-
шІэхэрэри, зыгу мыкъабзэхэри, Тхьэр зымыгъэлъапІэхэ-
рэри, яти–яни зыукІыхэрэри, цІыф укІакІохэри, [10,11] зинэ
зышІэхэрэри, хъулъфыгъэхэм шъузпІалъэу якІуалІэхэ-
рэри, цІыфыр зыщэхэрэри, пцІы зыусхэрэри, шыхьат нэпцІ
хъухэрэри, хэт щыщми къэбарышІум тигъашІэрэ Іофхэу
тызщыгугъышъунэу щытхэм атемытхэрэри. А къэбарышІоу
щытхъушхо зиІэр згъэІунэу Тхьэу щытхъушхо зиІэм
спшъэ къырилъхьагъ.

## Паул Тхьэм игукІэгъуныгъэ пае щытхъу зэрэфишІырэр

[12] Исус Христосэу Ти Зиусхьанэу сиІоф сшІэнэу сэзыгъэ-
лъэкІыгъэм щытхъу фэсэшІы. Ащ цыхьэ къысфишІи,
мы Іофыр спшъэ къызэрэрилъхьагъэм пае, щытхъу фэсэ-
шІы. [13] Сэ ежьыр згъапцІэщтыгъ, ицІыфхэми къин
язгъэщэчыщтыгъ, ежьыми сехъоныщтыгъэ пэтми, гукІэ-
гъу къысфишІыгъ, сыда пІомэ шІошъхъуныгъэ симыІэу
Іофхэу сшІэщтыгъэхэр къызгурымыІохэу сызекІощты-
гъэти ары. [14] Ау ти Зиусхьанэу Исус Христос Исус ынэшІу
инэу сэ къысщифагъ, Христос Исус сыгу илъ зэрэхъугъэм
пайй, шІошъхъуныгъэрэ шІулъэгъуныгъэрэ сыгу илъ хъу-
гъэх.

---

1:8 хабзэр – Мусэ и Тэурат хабзэ ары.

15 Мы гущыIэхэр шъыпкъэх, цIыф пстэуми ахэр адэн-
хэуи яфэшъуаш: ПсэкIод зышIэхэрэр мыкIодхэу къыгъэ-
нэжьынхэм пае, Исус Христос мы дунаем къэкIуагъ.
Ахэмэ ащыщэу апэ итыр сэры. 16 Ау Исус Христос зэкIэмэ
апэу сэ гукIэгъу къызфысфишIыгъэр сэ къызэрэздэзе-
кIорэмкIэ ищыIэгъэшхо къыгъэлъэгъонэуи ары, ежьым-
кIэ шIошъхъуныгъэ зиIэ хъун цIыфхэу мыкIодыжьын
щыIэныгъэ зыгъотыщтхэм шапхъэ сафэхъунэуи ары.
17 ЕгъэшIэрэ пачъыхьэу, мылIэжьыщтэу, цIыфхэм амы-
лъэгъоу, Тхьэ закъоу щытым мыкIодыжьын лъытэныгъэ-
шхомрэ щытхъушхомрэ ий. Амин.

18 Скъо Тимофей, Тхьэм ежь игущыIэхэу о къыохьылIа-
гъэу цIыф заулэмэ агухэм къарилъхьэхи, къаригъэIуа-
гъэхэм* атетэу мы унашъор о къыпфэсэшIы. А гущыIэ-
хэм атетэу дзэлI дэгъур шIоу зэрэзаорэм фэдэу, 19 шIошъ-
хъуныгъэ уиIэу, угукIэ мыхъун зи зыдэмышIэжьэу, угу
етыгъэу уиIоф шIэ. ЦIыф заулэмэ агухэмкIэ мыхъун зи
зыдамышIэжьыныр яIэнэу зэрамыдагъэм пае, шIошъ-
хъуныгъэм игъогу текIыжьыгъэх. 20 Именейрэ Алексан-
дрэрэ ащ фэдэ цIыфхэм ащыщых. Ахэр шэйтаным сэ
фэзгъэзагъэх*, Тхьэр амыгъэпцIэнэу зэрагъэшIэным пае.

## ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

### Тхьэм уелъэIуныр

ЗэкIэмэ апэу сышъолъэIу, цIыф пстэуми апае Тхьэм
шъуелъэIу, IэпыIэгъу афэхъунэуи шъуелъэIу, шIугъэ
аригъэгъотынэуи шъуелъэIу, Тхьэми щытхъу фэшъушI.
2 Тхьэм ищынагъо тыгухэм арылъэу, гукъэбзагъэкIи, сам-
бырэу ыкIи гупсэфэу тыпсэушъуным пае, пачъыхьэхэмрэ
тетыгъо зиIэхэмрэ Тхьэм шъуафелъэIу. 3 Ар дэгъу, Тхьэу
тымыкIодэу тыкъэзыгъэнэжьырэми ар игъоу елъытэ.

---

1:18 Тхьэм ежь игущыIэхэу о къыохьылIагъэу цIыф заулэмэ агухэм къарилъхьэхи, къаригъэIуагъэхэр – чылыс зэIукIэм ипегъымбархэм аIэхэр Тимофей ышъхьэ тыралъхьэхэзэ, Тхьэм фэлэжьэнэу загъэнафэм, Тхьэм ахэмэ агухэм а гущыIэхэр къарилъхьэхи, къаригъэIуагъэх.

1:20 Ахэр шэйтаным сэ фэзгъэзагъэх – а лIитIур христианхэм язэкъошныгъэ зэрэхагъэкIыжьыгъэхэм пае, Шэйтаным илъэкIыныгъэу цIыфхэр зыгъэкIодхэрэм ыIэчIэгъ чIэтхэу хъугъэх.

4 Ежьым цӀыф пстэури мыкӀодхэу къыгъэнэжьынхэуи,
шъыпкъагъэр зэрашӀэнэуи фай. 5 Сыда пӀомэ Тхьэр зы,
цӀыфхэр Тхьэм ыдэжь зыщэрэри зы, ар цӀыфэу Христос
Исус ары. 6 Ащ ыпсэ шъхьэщэфыжьэу цӀыф пстэуми
апае ытыгъ. Исус арэущтэу игъо дэдэм тефэу, Тхьэм игу-
хэлъ ыгъэшъыпкъэжьыгъ. 7 Джы мары Христос ехьылӀэ-
гъэ къэбарышӀур згъэӀунэуи, апостол сыхъунэуи Тхьэм
сызфигъэнэфагъэр: шӀошъхъуныгъэмрэ шъыпкъагъэмрэ
якъэбар хымэ лъэпкъхэм язгъэшӀэнэу ары – сэ шъы-
пкъагъэр къэсэӀо, пцӀы сыусырэп.

8 ЛӀыхэр тыдэкӀи Тхьэм елъэӀунхэу сыфай, гукъэбза-
гъэкӀи аӀэхэр аӀэтызэ, мыгубжыхэу, Тхьэми емыхъырэ-
хъышэхэу.

9 Ащ нэмыкӀэу бзылъфыгъэхэри укӀытагъо ахэлъэу,
хэбзэшӀум тетэу, екӀоу зафэпэнэу сыфай. Шъхьац блэны-
гъэкӀи, дышъэмкӀи, налмэс–налкъутэхэмкӀи, щыгъын
лъапӀэхэмкӀи замыгъэкӀэракӀэу, 10 шӀушӀагъэхэмкӀэ зарэ-
гъэкӀэракӀ, «Тхьэм ищынагъо тыгухэм арылъ», зыӀорэ
бзылъфыгъэхэм зэряфэшъуашэм фэдэу.

11 Бзылъфыгъэм зи ымыӀоу, бэу ӀорышӀэу, Тхьэм иӀоф-
хэр зэригъэшӀэнхэ фае. 12 Бзылъфыгъэм Тхьэм иӀофхэр
цӀыфхэм аригъэшӀэнхэуи, лӀы горэм тетыгъо фыриӀэ-
нэуи сыдэрэп. Зи ымыӀоу щытын фае. 13 Сыда пӀомэ
Тхьэм апэу къыгъэхъугъэр Адэм ары, етӀанэ Евэ*.
14 Блэм зыкъезыгъэгъэпцӀагъэри Адэм арэп, бзылъфыгъэр
ары нахь. Арэущтэу бзылъфыгъэр Тхьэм игъогу текӀыгъ.
15 Ау шӀошъхъуныгъэ, шӀулъэгъуныгъэ, къэбзагъэ ыгу
илъ зэпытхэу бзылъфыгъэр хэбзэшӀум тетэу щыӀэмэ, са-
бый къызэрэфэхъурэмкӀэ мыкӀодэу къэнэжьыщт.

## ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

### Чылыс зэӀукӀэм иӀэшъхьэтет ишэн зэрэщытын фаер

Мы гущыӀэхэр шъыпкъэх: чылыс зэӀукӀэм иӀэшъхьэ-
тет* хъунэу зыгорэм шӀоигъомэ, Ӏофэу зыуж итыр Ӏоф

---

13 Евэ – Хьауэ ары.

3:1 Ӏэшъхьэтет – урымыбзэм щыщ гущыӀэу «Ӏэшъхьэтетэу» ыкӀи «зынаӀэ Ӏофхэм атезыгъэтэу» зыфаӀорэм етӀанэ мэхьанэу «епископыр» иӀэ хъугъэ.

дэгъу. [2] Іэшъхьэтетыр зыми зэригъэмысэн зи зыбгъодэ-
мылъэу, зы шъуз нахь зимыІэу,* зыщыІэныгъэри гулъы-
тэри зиІэу, хэбзэшІум тетэу, хьакІэхэр зыгъэлъапІэу,
цІыфхэм шъыпкъагъэр языгъэшІэн зылъэкІырэ лІэу щы-
тын фае. [3] Ащ нэмыкІэуи ешъуакІоу е лІы Іэлэу щыты
хъущтэп, ау Іасэу, мыцІэцІалэу, мылъкум кІэмыхъопсэуи
щытын фае. [4] Иунагъо дэгъоу зэрихьэу, ибынхэм лъытэ-
ныгъэ къызфаригъэшІэу, ыгъэІорышІэнхэ фае. [5] Сыда
пІомэ ежьым иунагъо зезымыхьэшъурэр Тхьэм ичылыс
зэІукІэ сыдэущтэу кІэлъыплъэшъуна? [6] Іэшъхьэтетыр
шІошъхъуныгъэ зиІэ хъугъакІэхэм ащыщэу щыты хъу-
щтэп. Армырмэ зышІошІыжьынышъ, шэйтаныр мысэ
зэрэхъугъэм фэдэу, ари мысэ хъущт. [7] ЦІыфхэр Іэягъэ-
кІэ къытемыгущыІэнхэм ыкІи шэйтаным ихъытыу имы-
фэным пае, чылыс зэІукІэм щымыщхэри шІоу шыхьат зы-
фэхъурэ цІыфэу щытын фае.

### Чылыс зэІукІэм иІэпыІэгъухэм яшэн зэрэщытын фаер

[8] Ащ фэдэу чылыс зэІукІэм иІэпыІэгъухэри* лъытэны-
гъэ зифэшъуашэхэу, бзэгуитІу зыІумылъхэу, сэнэпсым
емынэцІхэу, мылъкуми кІэмыхъопсырэ лІыхэу щытын
фаех. [9] АгухэмкІи мыхъун зи зыдамышІэжьэу, шІошъ-
хъуныгъэм ишъэф аІыгъын фае. [10] Ау ыпэ рапшІэу
яшъыпкъагъэ жъугъэунэфын фае. Ахэр зыми зэригъэ-
мысэнхэ зи щымыІэмэ, ІэпыІэгъухэм ащыщхэу орэхъух.
[11] Ащ фэдэу а ІэпыІэгъухэм яшъузхэри лъытэныгъэ
зифэшъуашэхэу, нэмыкІ цІыфхэм ІэягъэкІэ атемыгущы-
Іэхэу, зыщыІэныгъэ зиІэхэу, лъэныкъо пстэумкІи узщы-
гугъышъун цІыфхэу щытын фаех.
[12] ІэпыІэгъур зы шъуз нахь зимыІэу, ибынхэмрэ иуна-
гъорэ дэгъоу зезыхьэрэ лІэу щытын фае. [13] ІэпыІэгъухэу
зиІоф дэгъоу зыгъэцэкІагъэхэм лъытэныгъэ агъоты, Хри-
стос ИсускІэ шІошъхъуныгъэу яІэм гушхоныгъэкІи тегущы-
Іэнхэ алъэкІыщт.

---

3:2,12 зы шъуз нахь зимыІэу – е зэ нахь къэзымыщагъэу.

3:8 ІэпыІэгъухэр – етІанэ мы гущыІэм мэхьанэу «диаконыр» иІэ хъугъэ.

### Шъэфэу тишIошъхъуныгъэ хэлъыр

[14] Бэ темышIэу уадэжь сыкъэкIонэу сыгугъэу, мы тхы-
лъыр къыпфэсэтхы. [15] Сыкъэгужъомэ, Тхьэм иунагъо
щыщхэр зэрэзекIонхэ фаер мы тхылъым уигъэшIэщт.
Тхьэм иунагъо щыщхэр щыIэныгъэ зиIэ Тхьэм ичылыс зэ-
IукI ары. А чылыс зэIукIэр шъыпкъагъэр зытет пкъэу-
ри лъапсэри ары. [16] ШъыпкъэмкIэ шъэфэу тишIошъхъуны-
гъэ хэлъыр* иныр:

Тхьэр цIыфэу къэлъэгъуагъ.
Тхьэм ыПсэ ЛъапIэ ащ ишъыпкъагъэ къыгъэ-
шъыпкъэжьыгъ.
МэлэIичхэм заригъэлъэгъугъ.
Ежьым фэлажьэхэрэм ежь икъэбар хымэ лъэпкъ-
хэм арагъэIугъ.
Дунаем тет цIыфхэм ежьымкIэ шIошъхъуныгъэ
яIэ хъугъэ.
Щытхъушхо иIэу Тхьэм ар уашъом дихьыежьыгъ.

## ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

### ЦIыфыбэ шIошъхъуныгъэм игъогу зэрэтекIыжьыпэщтхэр

Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ нафэу къеIо, дунаем иаужырэ лъэ-
хъанэхэм цIыфыбэ шIошъхъуныгъэм игъогу зэрэтекIы-
жьыпэщтхэр. ЦIыфхэр дэзыхьыхырэ джынэхэми, Iофхэу
джынапцIэхэм цIыфмэ арагъашIэхэрэми ядэIущтых.
[2] ДжынапцIэхэм Iофхэу цIыфхэм арагъашIэхэрэр къыз-
пкъырыкIхэрэр нэпитIу зиIэ пцIыусхэр ары. ШIури ери
зэхадзыжьын амылъэкIыжьынэу гъучI тамыгъэ плъы-
гъэмкIэ ахагъэстыкIыгъэм фэдэу, ащ фэдэ цIыфхэм агу-
хэр щытыщтых. [3] Къэщэныгъэ–дэкIоныгъэмрэ гъэнэфэгъэ
гъомлапхъэхэм яшхыныгъэмрэ мыхъун Iофхэу щытхэу а
пцIыусхэм цIыфхэм араIо. Ау Тхьэм а гъомлапхъэхэр
къыгъэхъугъэх, шIошъхъуныгъэ зиIэхэу, шъыпкъагъэр
зышIэхэрэм Тхьэм щытхъу фашIэу ахэр ашхынхэм пае

---

3:16 тишIошъхъуныгъэ шъэфэу хэлъыр – тишIошъхъуныгъэ икъэбар-
хэу Тхьэм цIыфхэм пасэм аримыгъэшIагъэхэу, джы къафигъэнэфагъэ-
хэр ары.

пае, [4] сыда пIомэ Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэури шIу.
Тхьэм щытхъу фэпшIэу къапштэмэ, зи хэбдзыжьы хъу-
щтэп, [5] сыда пIомэ, Тхьэм игущыIэхэмрэ Тхьэм узэрелъэ-
IурэмрэкIэ ар къабзэ мэхъу.

## Исус Христос шIоу узэрэфэлэжьэщтыр

[6] Мы Iофхэр тшыхэм агурыбгъаIохэмэ, ащыгъум
шIошъхъуныгъэм игущыIэхэмкIи, тишIошъхъуныгъэ
тигъашIэрэ IофышIухэу узтетхэмкIи лъэкIыныгъэ зэб-
гъэгъотэу, Исус Христос шIоу фэлажьэхэрэм уащыщ.
[7] Тхьэм ищынагъо зыхэмылъ ныожъ тхыдэжъхэм защы-
дзый. Ау Тхьэм ищынагъо угу зэрилъыным ыуж ит.
[8] Пкъыр ебгъэсэным ишIуагъэу къакIорэр щыI, ау Тхьэм
ищынагъо угу зэрилъыным сыд фэдэ лъэныкъокIи ишIуа-
гъэ къэкIо, сыда пIомэ Тхьэм ищынагъо угу илъыным
джырэ щыIэныгъэмрэ къэкIощт щыIэныгъэмрэ апае шIум
ущегъэгугъы.

[9] А гущыIэхэр шъыпкъэх, цIыф пстэуми ахэр адэнхэу
яфэшъуаш. [10] Тыулэузэ, тишъыпкъэу тызкIэлажьэрэр
цIыф пстэури, зэкIэмэ апэу шIошъхъуныгъэ зиIэхэр,
мыкIодхэу къэзыгъэнэжьырэ Тхьэу щыIэныгъэ зиIэм ты-
зэрэщыгугъырэр ары.

[11] Мы IофхэмкIэ цIыфхэм унашъо афэшI, ахэри ягъа-
шIэх. [12] УиныбжьыкIагъэ пае зыми нэмыплъ къызэремы-
гъэт, ау гущыIэхэмкIи, зекIуакIэмкIи, шIулъэгъуныгъэм-
кIи, шIошъхъуныгъэмкIи, гукъэбзагъэмкIи шIошъхъу-
ныгъэ зиIэхэм шапхъэ афэхъу. [13] Сэ сыкъэкIожьыфэ,
Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм* цIыфхэм апашъхьэ укъызэря-
джэщтми, цIыфхэм зэрагурыбгъэIощтми, зэрябгъэшIэщт
ми апылъ. [14] Тхьэм ынэшIу къыпщифэнэу чылыс
зэIукIэм инахьыжъхэм* аIэхэр о пшъхьэ къытыралъхьа-
хэзэ, Тхьэм ежь игущыIэхэр о къыохьылIагъэу ахэмэ
агухэм къарилъхьэхи, къызарегъаIохэ ужым, Тхьэм ыПсэ
ЛъапIэм лъэкIыныгъэу къыуитыгъэм узэрэпылъыщтым
ыуж ит.

---

4:13 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэр – джуртхэм ятхылъ лъапIэхэр ары зыфи-
Iохэрэр: Тэурат, Сэбур, пегъымбархэм атхыгъэ тхылъхэри, нэмыкIхэри.

4:14 нахьыжъхэр – чылыс зэIукIэм фэлажьэрэ тхьаматэхэр ары. Еплъ
Апостол. 11:30.

15 Мы Iофхэм апылъ, уапэкIэ зэребгъэхъурэр зэкIэмэ
нафэ афэхъуным пае, а Iофхэм ауж ит зэпыт. 16 Зыфэса-
къыжь, Iофхэу цIыфхэм ябгъашIэхэрэми афэсакъ. А
Iофхэмэ унаIэ атегъэт зэпыт. Арэущтэу пшIымэ, къыодэ-
Iурэ цIыфхэр мыкIодхэу къэбгъэнэжьыщтых, о пшъхьи
мыкIодэу къэбгъэнэжьыщт.

## ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

### Шъузабэхэр, нахьыжъхэр, унэIутхэр

ЛIыжъым уфэмыгубж, ау тым фэдэу гурыгъаIу; кIалэ-
хэми пшыхэм узэрафыщытым фэдэу афыщыт; 2 бзы-
лъфыгъэ нахьыжъхэми ныхэм узэрафыщытым фэдэу
афыщыт, бзылъфыгъэ ныбжьыкIэхэми шыпхъухэм узэ-
рафыщытым фэдэу зэкIэ гукъэбзагъэкIэ афыщыт.
3 Шъузабэу зизэкъо дэдэхэм лъытэныгъэ афэшI. 4 Зы
шъузабэ горэм ибынхэмрэ ибынхэм къакIэхъуагъэхэмрэ
иIэхэмэ, ежьхэм яунагъо лъытэныгъэ фашIынэу ыпэ ра-
пшIэу зэрарэгъашI, ятэ–янэхэмэ къафашIагъэри афарэ-
шIэжь, сыда пIомэ ар Тхьэм игъоу елъытэ. 5 Шъузабэу
зизэкъо дэдэу къэнагъэр Тхьэм щэгугъы, чэщи мафи
Тхьэр къыдэIэпыIэнэу елъэIу зэпыт. 6 Ау шъузабэу зызэ-
ригъэтхъэжьыным нэмыкI емыгупшысэрэр, псаоу щыт
пэтми, лIагъэм фэд. 7 ШIошъхъуныгъэ зиIэхэр зыми зэри-
гъэмысэнхэ зи щымыIэным пае, мы Iоф пстэумкIи уна-
шъо афэшI. 8 Ау цIыфэу зиунэкъощхэм, зэкIэмэ анахьи
иунэ исхэм, акIэлъымыплъэрэм ишIошъхъуныгъэ ыгъэ-
пцIыгъ. Ар шIошъхъуныгъэ зимыIэм нахьи нахь дэижь.
9 Шъузабэхэм ацIэхэр зэрыт тхылъым шъузабэу зыцIэ
ратхэн фаер зыныбжь тIокIищым нэсыгъэу, зэ нахь дэмы-
кIуагъэу, 10 зишIушIагъэхэмкIэ цIыфхэр шыхьат зыфэ-
хъурэр ары: гущыIэм пае, бын зыпIугъэу, хьакIэхэр
зыгъэлъэпIагъэу, Тхьэм ицIыф лъапIэхэм* алъакъохэр
афэзытхьакIыгъэу, гузэжъогъу хэтхэм адэIэпыIагъэу, шIу-
шIэгъэ пстэуми апылъыгъэ шъузабэр ары.

---

5:10 Тхьэм ицIыф лъапIэхэр – ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр ары.

5:10 алъакъохэр афэзытхьакIыгъэу – а лъэхъанэм хьакIэ горэ унэм къызихьэкIэ, уэIут горэм хьакIэм ылъакъохэр фитхьакIыхэу хабзэу яIагъ.

11 Шъузэбэ ныбжьыкIэхэм ацIэхэр а тхылъым имытхэх.
Сыда пIомэ хъопсэныгъэ агу къихьэмэ, Христос акIыб
къыфагъазэзэ, дэкIожьынхэу фэещтых. 12 Арэущтэу гу-
щыIэ пытэу Христос ратыгъэр* зэрамыгъэцэкIагъэм пае,
мысэхэу мэхъух. 13 Ащ нэмыкIэуи, Iоф амышIэу унэ ихьэ
икIэу къакIухьэу яхабз. Iоф зэрамышIэрэм изакъоп, Iор-
жъорхэу, яIоф зыхэмылъым яIоф халъхьэу, амыIуапхъэ-
хэри аIох. 14 Арышъ, шъузэбэ ныбжьыкIэхэр дэкIожьын-
хэу, быни къакIэхъонэу, яунагъуи зэрахьанэу, джэгъо-
гъоу шэйтаныр IэягъэкIэ атегущыIэнэу игъо рамыгъэ-
фэнэу сыфай. 15 Сыда пIомэ ахэмэ ащыщхэр гъогу зан-
кIэм текIыхи, шэйтаным игъогу техьагъэх.

16 ШIошъхъуныгъэ зиIэ бзылъфыгъэ горэм иунэ шъуза-
бэхэр исхэмэ, ар ахэмэ алъыплъэн фае. Чылыс зэIу-
кIэм ахэр хьылъэ фэрэмыхъух, шъузабэу зизэкъо дэдэхэм
чылыс зэIукIэр алъыплъэшъуным пае.

17 Нахьыжъхэу чылыс зэIукIэр дэгъоу зезыхьэхэрэм
лъытэныгъэ нахьыбэ яфэшъуаш, зэкIэмэ апэу Тхьэм игу-
щыIэхэр цIыфхэм языгъэIухэу, языгъашIэхэрэр ары.
18 Сыда пIомэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт: «Цум
лэжьыгъэр ыIо зыхъукIэ, ыжэ зэтемыпх», ыкIи «Лэжьа-
кIом илэжьапкIэ ыгъотынэу ифэшъуаш». 19 Шыхьати-
тIум, е шыхьатищым къаIорэмкIэ гъэшъыпкъагъэ мы-
хъумэ, зыгорэм чылыс зэIукIэм инахьыжъхэм ащыщ
горэ зэригъэмысэрэр умыдэ. 20 ПсэкIод зышIэхэрэм зэ-
кIэмэ апашъхьэ ащыгурыгъаIу, адрэхэр щынэнхэм пае.

21 Тхьэм, Зиусхьанэу Исус Христос, Тхьэм къыхихыгъэ
мэлэIичхэм апашъхьэ пытэу унашъо къыщыпфэсэшIы,
къыпшIошIырэ пхэнджыгъэ Iоф хэмылъэу, зыгорэм ылъэ-
някъокIи удемыIэу, мы Iоф пстэури гъэцакIэх.

22 ЦIыф горэ Зиусхьаным фэлэжьэнэу бгъэнэфэным
пае, о пIэхэр ышъхьэ теплъхьанхэу Iофым удэмыгузажъу.
НэмыкI цIыфхэм япсэкIодхэм уиIахьэ ахэлъэу умышIы.
Гукъэбзагъэ зигъэIэ зэпыт.

23 Псы къодые уемышъу, ау уныбэрэ бэрэ къыпфа-
кIорэ узхэмрэ апае сэнэпс тIэкIу ешъу.

---

5:12 гущыIэ пытэу Христос ратыгъэр – Христос фэлэжьэнхэм нэмыкI пымылъынхэу гущыIэ пытэу ратыгъэр ары.

24 ЦӀыф заулэмэ япсэкӀодшӀагъэхэр нэрылъэгъух, а цӀыфхэри унэшъо шӀыпӀэм нэмысхэ рапшӀэу мысэу мэхъух. НэмыкӀ цӀыфхэм япсэкӀодшӀагъэхэр ауж итхэу, ыужкӀэ нэрылъэгъу мэхъух.
25 Ащ фэдэу шӀушӀагъэхэри нафэх. ШӀушӀагъэхэу нэрылъэгъоу щымытхэри гъэбылъыгъэу къэнэжьышъущтхэп.

## ЯХЭНЭРЭШЪХЬ

УнэӀутыгъэм ибжь зытелъ пстэуми ятхьаматэхэм лъытэныгъэ зэкӀэ яфэшъуашэу алъытэн фае, цӀыфхэр Тхьэм ыцӀэрэ тишӀошъхъуныгъэ тигъэшӀэрэ Ӏофхэмрэ ямыхъонынхэм пае.
2 УнэӀутхэу шӀошъхъуныгъэ зиӀэ тхьаматэхэр зиӀэхэм зэкъошхэу зэрэщытым пае, ахэмэ нэмыплъ арарэмыт, ау джыри нахьышӀужьэу афэлэжьэнхэ фае. Сыда пӀомэ Ӏофэу ашӀэрэм зишӀуагъэ къекӀырэр шӀошъхъуныгъэ зиӀэхэу шӀу алъэгъухэрэр ары. Мы Ӏофхэр унэӀутхэм ягъашӀэх ыкӀи афэгъэпытэх.

### ЦӀыф заулэм Ӏоф пхэнджхэу адрэ цӀыфхэм арагъашӀэхэрэмрэ мылъку кӀэхъопсынымрэ яхьылӀагъ

3 Зыгорэм Ӏоф пхэнджхэр шъуигъашӀэхэу, ти Зиусхьанэу Исус Христос игущыӀэхэу тызщыгугъышъунэу щытхэм атемытмэ, Тхьэм ищынагъо тыгухэм арылъыным ехьылӀагъэу тишӀошъхъуныгъэ тигъэшӀэрэ Ӏофхэми атемытмэ,
4 а цӀыфыр зышӀошӀыжьы ыкӀи зи зэхишӀыкӀырэп. Ар зэнэкъокъунымрэ гущыӀэхэмкӀэ зэщыхьанымрэ акӀэхъопсы. А Ӏофхэм къарыкӀхэрэр шъугъоныр, зэмызэгъыныр, нэмыкӀ цӀыфхэм ӀэягъэкӀэ атегущыӀэныр, зым зым гуцафэ фишӀыныр,
5 зиакъыл зэщыкъуагъэу, шъыпкъагъэм пэчыжьэ цӀыфхэм язэщыхьаныгъэу пкӀэ зимыӀэр ары. Тхьэ гъэлъэпӀэныгъэр чар къэкӀуапӀэу ашӀошӀы. Ащ фэдэхэм защыдзый.
6 Шъыпкъэ сэӀо, цӀыф горэм иӀэм рыразэу щытмэ, Тхьэм ищынагъуи ыгу илъмэ, шӀуагъэу ащ хэлъыр иных.
7 Сыда пӀомэ дунаем тыкъызытехьэм, зи къыздэттхьыгъэп, дунаем тызытекӀыкӀи зи тетхынэуи тлъэкӀыщтэп.
8 Ау шхынэу тшхыщтымрэ щыгъынхэмрэ тиӀэхэмэ, ахэмэ

тарырэзэщт. [9] Ау баи хъунхэу фаехэр псэкIодшIэным фы-
дэзыхьыхын Iофым хафэх, шэйтанми IэкIэфэх. ПкIэ зи-
мыIэ хъопсэныгъэхэу зиягъэ къакIохэу, цIыфхэри зы-
гъэунэхъухэу, кIодыпIэм зыIэпызыщэхэрэм а цIыфхэр
аубытых. [10] Сыда пIомэ бзэджэныгъэ пстэури къызхэкIы-
рэр ахъщэр шIулъэгъуныгъэр ары. ЦIыф заулэ ахъщэм
кIэхъопсыхэу, шIошъхъуныгъэм игъогу текIыхи, гухэкI
Iаджи къызфахьыжьыгъ.

## ШIошъхъуныгъэм шIоу фэлажьэ

[11] Ау о, Тхьэм ицIыф, а Iофхэм защыдзый. Шъыпкъа-
гъэр, Тхьэм ищынагъор, шIошъхъуныгъэр, шIулъэгъу-
ныгъэр, теубытэныгъэр, гушъэбэныгъэр угу зэрилъын-
хэм ауж ит. [12] ШIошъхъуныгъэм шIоу узэрэфэлэжьэным
пылъ. МыкIодыжьын щыIэныгъэ зэгъэгъот; сыда пIомэ
шыхьатыбэмэ апашъхьэ* шIошъхъуныгъэ зэрэуиIэм шIоу
шыхьат укъызыфэхъум, ар бгъотынэу Тхьэр къыоджагъ.
[13] Тхьэу зэкIэми щыIэныгъэ къязытырэм ыпашъхьэрэ, Хри-
стос Исусэу Понтый Пилат* зэхихэу шъыпкъагъэм шыхьат
дэгъу фэхъугъэм ыпашъхьэрэ, пытэу унашъо къыпфэсэ-
шIы: [14] зи уимылажьэу, зыми узэригъэмысэни зи щымы-
Iэу, тиунашъо гъэцакIэ, ти Зиусхьанэу Исус Христос ду-
наем къызыкIожьыщт мафэм нэсыфэ. [15] Игъо къызыскIэ,
Тхьэм а мафэр къыгъэлъэгъощт – Тхьэу щытхъушхо зиIэу,
лъэкIыныгъэшхо зиIэ закъор, пачъыхьэхэм я Пачъы-
хьэжь, тхьаматэхэм я Тхьэмэтэжь. [16] Ежь Тхьэ закъор ары
мылIэжьыщтыр, узэмыкIолIэшъущт нэфынэми хэтыр.
ЦIыфхэм ащыщэу зыми ар нэкIэ ылъэгъугъэп, ылъэ-
гъуни ылъэкIыщтэп. Лъытэныгъэшхори мыкIодыжьын
лъэкIыныгъэшхори ий. Амин.

[17] Мы дунаем баи щыхъугъэхэр зашIомышIыжьынэуи,
мылъку нэпцIым щымыгугъыхэу, Тхьэм нахь щыгугъын-
хэуи унашъо афэшI. Сыда пIомэ тызыгъэтхъэжьынэу

6:12 шыхьатыбэмэ апашъхьэ – ар зыхъугъэр чылыс зэIукIэм итхьаматэ-
хэм Тимофей Тхьэм фэлэжьэнэу загъэнэфагъэр ары.

6:13 Понтый Пилат – Рим цIыфхэм ащыщэу, Понтый Пилат, Исус къы-
зэхъу нэужым я 26–36 илъэсхэм къакIоцI, хэкухэу Иудей, Самарие,
Идумей яIэшъхьэтетэу щытыгъ. Понтый Пилат ары Исус укI
тезылъхьагъэр.

зэкIэ икъоу къытэзытырэр Тхьэр ары. [18] ШIушIэным пы-
лъынхэуи, шIушIэнымкIэ баи хъунхэуи, ямылъку шъхьа-
мысыжьхэу, яIэм щыщ ягуапэу нэмыкI цIыфмэ аратынэуи
унашъо афэшI. [19] Арэущтэу ашIымэ, мылъкушхо зыфау-
гъоижьыгъэу мэхъу. МыкIодыжьын щыIэныгъэ зэра-
гъэгъотыным пае, а мылъкушхор къэкIощт дунаем лъа-
псэ щафэхъу.

[20] О Тимофей, Iофэу Тхьэм о пшъэ къырилъхьагъэм
фэсакъ. Тхьэм ищынагъо зыхэмылъ гущыIэ мыщыу-
хэмрэ пэгущыIэныгъэу пцIыкIэ шIэныгъэкIэ заджэхэ-
рэмрэ защыдзый. [21] Сыда пIомэ «А шIэныгъэр тиI»,
зыфаIожьэу, цIыф заулэ шIошъхъуныгъэм игъогу текIы-
гъэх.

Тхьэм ынэшIу къыпщерэф. Амин.



# *АПОСТОЛ ПАУЛ ЯТIОНЭРЭ ТХЫЛЪЭУ ТИМОФЕЙ ФИТХЫГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### ШIуфэс ехыныр

Сэ сы Паул. Тхьэр фэягъэти, Исус Христос тыгухэм зэрарылъымкIэ мыкIодыжьын щыIэныгъэ къэдгъотынэу Тхьэм тыкъызэригъэгугъагъэм икъэбар цIыфхэм язгъэIунэу Исус Христос иапостолэу* сыхъугъ. [2] ШIу слъэгъурэ скъоу Тимофеим* мы тхылъыр фэсэтхы.

Тхьэу Ты лъапIэмрэ ти Зиусхьанэу Христос Исусрэ анэшIу къыпщарэфи, гукIэгъуныгъэ къыпфарэшIи, гупсэфыныгъэ къыуарэт.

### Христос икъэбарышIу фэшъыпкъэнэу Паул Тимофей зэригъэгушхуагъэр

[3] Сятэжъхэм сафэдэу сыгукIэ мыхъун зи зыдэсымыпIэжьэу, сызфэлажьэрэ Тхьэм щытхъу фэсэшIы. Тхьэм се-

---

1:1 апостол – еплъ 1 Тим. 1:1.

1:2 Тимофей – еплъ Кол. 1:1.

лъэIузэ, чэщи мафи уигугъу сшIы зэпытэу, Тхьэм щытхъу
фэсэшIы. 4 Унэпсхэр сыгу къэкIыжьхэу, гушIуагъо сыгу
из хъуным пае, услъэгъужьынэу сшIоигъу. 5 УишIошъ-
хъуныгъэ шъыпкъэ сыгу къэкIыжьы. Ащ фэдэ шIошъ-
хъуныгъэ уянэжъэу Лоидэрэ уянэу Евникэрэ агухэм ары-
лъыгъ; джы ар о угуи зэрилъым сыщэгугъы. 6 Арышъ,
сэ сIэхэр о пшъхьэ къызэрэтеслъхьагъэхэмкIэ* Тхьэм
лъэкIыныгъэу къыуитыгъэм имашIо къызэкIэбгъэнэнэу
угу къэсэгъэкIыжьы. 7 Сыда пIомэ Тхьэм ежь Ыпсэ Лъа-
пIэу тыгухэм къарилъхьагъэм щынагъо тыгухэм арылъэу
ыгъэхъурэп, лъэкIыныгъэ, шIулъэгъуныгъэ, зыщыIэны-
гъэ тыгухэм арылъхэу егъэхъу нахь.

8 УмыукIытэу ти Зиусхьан шыхьат фэхъу. Сэри ежьым
сызэрэфэлажьэрэм пае, хьапсым сызэрэчIадзагъэм фэшI,
укъыстемыукIытыхьажь, Тхьэм илъэкIыныгъэкIи къэ-
барышIум пае къин къыздэщэч. 9 Тхьэр ары тымыкIодэу
тыкъэзыгъэнэжьыгъэри, гукъэбзагъэкIэ тыпсэунэу къы-
тэджагъэри. Арэущтэу зыкIишIагъэр ежьым ащ фэдэ
гухэлъ ышIыгъэу, ынэшIу къызэрэтщифагъэр ары. Ти-
шIушIагъэхэм яIоф ащ хэлъэп. Тхьэм Христос Исус ынэ-
шIу къызытщыригъэфагъэр лъэхъан пстэуми апэ ары,
10 ау джы тымыкIодэу тыкъэзыгъэнэжьырэ Исус Христос
къызэрэлъэгъуагъэмкIэ Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэр
нафэ къэхъугъ. Исус Христос лIэныгъэр ыгъэкIодыгъ,
къэбарышIумкIи мыкIодыжьын щыIэныгъэ къытфи-
гъэнэфагъ. 11 А къэбарышIур цIыфхэм язгъэIунэуи, иапо-
стол сыхъунэуи, а къэбарышIур цIыфхэм язгъэшIэнэуи
Тхьэм сыкъигъэнафагъ. 12 Джары мы къиныр зыкIэсщэчы-
рэр; ау сэ сыукIытэрэп, сыда пIомэ Исус Христосэу
шIошъхъуныгъэ зыфысиIэр сэшIэ, ежьыми Iофэу сэ
спшъэ къырилъхьагъэм а мафэм* нэсыфэ къыфэсакъын
зэрилъэкIыщтым сыщэгугъы.

13 Христос Исус угу зэрилъым пае, шIошъхъуныгъэрэ
шIулъэгъуныгъэрэ уиIэхэу, гущыIэхэу сэ къасIохэу
зэхэпхыгъэхэу, узщыгугъышъунэу щытхэр шапхъэм
фэдэу Iыгъхэу уатемыкI. 14 Тхьэм Iофэу о пшъэ къыри-

---

1:6 Сэ сIэхэр о пшъхьэ къызэрэтеслъхьагъэхэмкIэ – Паул зыфиIорэр ежьыррэ адрэ христиан тхьаматэхэмрэ аIэхэр Тимофей ышъхьэ тыралъхьэхэзэ, Тимофей Тхьэм фэлэжьэнэу зэрагъэнэфагъэр ары. Еплъ 1 Тим. 1:18; 4:14;

1:12 а мафэм – ахърэт мафэр ары.

лъхьагъэр Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэу тыгухэм арылъымкIэ
къэухъум.
[15] Асие хэкум* ис пстэури, ахэмэ ащыщэу Фигеллрэ
Ермогенрэ, сызэрэханэжьыгъэр о ошIэ.
[16] Зиусхьаным Онесифор иунагъо гукIэгъу къыферэшI,
сыда пIомэ бэрэ ащ сыгу ыгъэпсэфыжьыгъ, Iэхъу–лъэ-
хъу стелъыгъэ пэтми, къыстеукIытыхьагъэп. [17] Ар Рим
къэлэшхом къызэкIом, сыкъегъотыфэ, емызэщэу
къыслъыхъугъ. [18] Ахърэт мафэм Зиусхьаным ащ гукIэ-
гъуныгъэ ферэшI. Ефес къалэм бэрэ къызэрэщыздэIэпы-
Iагъэр о нахьышIоу ошIэ.

# ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

## Исус Христос шIоу фэбанэрэ дзэлIышIу

Арышъ, о скъо, Христос Исусэу тыгухэм арылъым ынэ-
шIу къызэрэпщифэрэмкIэ угу гъэпытэ. [2] Iофхэу шыхьат
Iаджыхэми апашъхьэ сэ къасIохэу зэхэпхыгъэхэр, узщы-
гугъышъун цIыфхэу нэмыкIхэм ахэр языгъэшIэн зылъэ-
кIыщтхэм апшъэ илъхьэх. [3] Исус Христос идзэлI дэгъу
фэдэу къин къыздэщэч. [4] Дзэм емыпхыгъэ Iофхэм дзэ-
лIым зыдаригъэхьыхрэп – дзэ пащэм ыгу къызэригъэIунэу
шIоигъу. [5] Ащ фэдэу, зэпэчъэныгъэм ихабзэ тетэу мы-
чъэрэм текIоныгъэм итандж къыратырэп. [6] Мэкъумэщы-
шIэу зиIоф къин зышIэрэм лэжьыгъэу къахыжьыгъэм
щыщэу иIахьэ апэу къыратын фае. [7] КъасIорэм егупшыс.
Зиусхьаным Iоф пстэумкIи зэхэшIыкIыныгъэ къыуи-
тыщт.
[8] Исус Христос угу къэгъэкIыжь; ар пачъыхьэ Даутэ
къытехъукIыгъэ цIыфхэм ащыщыгъ, лIагъэхэми Тхьэм
ар къахигъэтэджыкIыжьыгъ. Джары къэбарышIоу згъэ-
Iоу, [9] къин зыфэсщэчэу, бзэджашIэм фэдэу Iэхъу–лъэхъу
къызфыстыралъхьагъэр. Ау Тхьэм игущыIэхэм Iэхъу–лъэ-
хъу атыралъхьан алъэкIыщтэп. [10] Ащ пае, Тхьэм къыхи-

1:15 Асие хэкур – Рим къэралыгъошхом щыщ хэкоу щытыгъ. А хэкум икъэлэшхоу щытыгъэр Ефес ары. Асие хэкур джырэ Тыркуем итыгъэ къохьэпIэ лъэныкъо итыгъ.

хыгъэ цIыфмэ сишIуагъэ язгъэкIыным пае, теубытэны-
гъэкIэ къин пстэури сэщыIэ. Арэущтэу Христос Исус
ахэмэ агухэм зэрарылъым пае, ахэри мыкIодхэу къэнэ-
жьыщтых, мыкIодыжьын щытхъушхуи яIэ хъущт.

11 Мы гущыIэхэр шъыпкъэх:
Христос тыригъусэу тылIагъэмэ,
тыригъусэуи тыщыIэщт.
12 ТеубытэныгъэкIэ къин тщыIэмэ,
ежьым тыригъусэу тетыгъо тиIэщт.
«Ежь игъогу рыкIохэрэм тащыщэп», тIомэ,
ежьыми «Ахэр сигъогу рыкIохэрэм ащыщхэп»,
къытфиIожьыщт.
13 Шъыпкъагъэ тимыIэми,
ежьым шъыпкъагъэ иIэ зэпытыщт,
сыда пIомэ ежьым зигъэпцIэжьын ылъэкIыщтэп.

## Тхьэм фэлажьэрэ цIыфэу ыгу зэIурэр

14 А Iофхэр агу къэгъэкIыжьых. ГущыIэхэм яхьылIа-
гъэу зэмынэкъокъунхэу Зиусхьаным ыпашъхьэ лъэшэу
щагурыгъаIу. Зэнэкъокъуныгъэм ишIуагъэ къакIорэп, ащ
едэIухэрэми иягъэ арегъэкIы. 15 Тхьэм зишъыпкъагъэ
ыгъэунэфыгъэ цIыфэу, Iофэу ышIагъэм теукIытыхьа-
жьынэу зимыщыкIагъэу, шъыпкъагъэм игущыIэхэр тэрэзэу
цIыфмэ языгъашIэрэу Тхьэм ыдэжькIэ узэрэщытыным
ыуж ит. 16 Тхьэм ищынагъо зыхэмылъ гущыIэ мыщыухэм
защыдзый; сыда пIомэ ащ фэдэхэм апылъхэм Тхьэм
нахь пэчыжьэ зашIы зэпыт. 17 Кансэр* зыцIэ узым фэдэу,
Iофхэу ахэмэ цIыфхэм арагъашIэхэрэр анахьыбэмэ анэ-
сыщтых. Именейрэ*Филитрэ а цIыфхэм ащыщых. 18 И-
тIур шъыпкъагъэм игъогу текIыхи, тэ, шIошъхъуныгъэ
зиIэхэр, лIагъэхэм тыкъахэтэджыкIыжьыгъэу аIозэ,
зэраIорэмкIэ цIыф заулэмэ яшIошъхъуныгъэ агъэкIоды.
19 Ау Тхьэм ыгъэуцугъэ лъэпсэ пытэр щыIэ зэпытыщт.
Мыхъурым* фэдэу мырэущтэу ащ тедзагъ: «Зиусхьаным
ежь ицIыфхэр ешIэх», ыкIи «Хэти Зиусхьаным ыцIэ зыдэ-
рэм ыкIыб бзэджэныгъэм игъогу ферэгъаз».

---

2:17 кансэр – урусыбзэкIэ «рак», арапыбзэкIэ «саратан» ары.

2:17 Именей – еплъ 1 Тим. 1:20.

2:19 мыхъур – арапыбзэкIэ «хъытымыр», тыркубзэкIи «мыхьыр» ары.

[20] Унэшхо горэм дышъэмрэ тыжьынымрэ ахэшIыкIыгъэ хьакъушыкъухэм ямызакъоу, пхъэмрэ ятIэмрэ ахэшIыкIыгъэ хьакъушыкъухэри илъых. Хьакъушыкъу шIу дэдэхэр ахэтых, къызэрыкIо хьакъушыкъухэри ары.
[21] Зыгорэм ыгу ыгъэкъэбзэжьэу, мы Iоф бзаджэхэм защидзыемэ, хьакъушыкъу шIу дэдэм фэдэу хъущт. А цIыфым Зиусхьаным зыритыгъэу, ишIуагъэ Зиусхьаными ригъэкIэу, шIушIэгъэ пстэуми афэхьазырэу хъущт.

[22] Ау ныбжьыкIагъэм ихъопсэныгъэ Iаехэм защыдзый. ГукъэбзагъэкIэ Зиусхьаным елъэIухэрэм урягъусэу шъыпкъагъэмрэ, шIошъхъуныгъэмрэ, шIулъэгъуныгъэмрэ, гупсэфыныгъэмрэ ауж ит.
[23] Ау пкIэ зимыIэхэу, шIэныгъэ зыхэмылъ зэнэкъокъуныгъэхэм защыдзый. Ахэмэ зэщыхьаныгъэ къызэрахэкIырэр ошIэшъ ары.
[24] Зиусхьаным фэлажьэрэ цIыфыр зэщыхьаныгъэм пылъ хъущтэп. Ау цIыф пстэуми афэшIоу, цIыфхэм шъыпкъагъэр языгъэшIэн зылъэкIэу, зызымыгъэгусэрэ цIыфэу щытын фае.
[25] Ежьым къыпэуцухэрэм гушъэбагъэкIэ агуригъэIон фае. Шъыпкъагъэр ашIэным пае, Тхьэм ахэри кIигъэгъожьынхэкIи мэхъу.
[26] Арэущтэу хъумэ, зыфаер шэйтаным аригъэшIэнэу зиубытыхэрэ ужым, ащ ихъытыу икIыжьыщтых.

# ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

## Дунаем иаужырэ мафэхэм псэущт цIыфхэм яшэн зыфэдэщтыр

Дунаем иаужырэ мафэхэм уахътэ къинхэр къызэрэкIощтхэр пшIэн фае.
[2] Сыда пIомэ цIыфхэм ежь ашъхьэкIэ шIу залъэгъужьыщт, ахъщэри шIу алъэгъущт, зыщытхъужьыщтых, пэгэщтых, хъонэщтых, ятэ–янэхэм ядэIужьыщтхэп, рэзэныгъэ ахэлъыщтэп, Тхьэр агъэлъэпIэщтэп, шIулъэгъуныгъи ахэлъыщтэп;
[3] зэшIужьыныгъэр зыфэдэр ашIэщтэп, нэмыкI цIыфхэм IэягъэкIэ атегущыIэщтых, зыщыIэныгъэ яIэщтэп, жъалымыщтых, шIугъэр шIу алъэгъущтэп;
[4] уащымыгугъышъунэу щытыщтых, шъхьэпсынкIэу щытыщтых, зашIошIыжьыщт; Тхьэр шIу алъэгъуным нахьи, загъэтхъэжьыныр нахьышIу алъэгъущт;
[5] Тхьэм ищынагъо агухэм арылъым фэдэу зыкъа-

гъэлъэгъощт, ау Тхьэм илъэкIыныгъэ адэщтэп. Ащ фэдэ
цIыфхэм защыдзый.

6 А цIыфхэм ащыщхэу зы заулэ унэмэ арыцIанлъэн-
хэзэ, бзылъфыгъэхэу зипсэкIодхэм ахэкIуадэхэу, зэмы-
лIэужыгъо хъопсэныгъэ мыхъомышIэхэм зыкъырязы-
гъэщэкIыхэрэр дахьыхьых. 7 А бзылъфыгъэхэм сыди-
гъуи Iофхэр зэрагъашIэхэми, шъыпкъагъэр къашIэн
алъэкIырэп. 8 Ианныйрэ Иамврыйрэ* пегъымбар Мусэ
зэрэпэуцугъэхэм фэдэу, мы цIыфхэри шъыпкъагъэм пэ-
уцужьых. Ахэр зиакъыл зэщыкъогъэ цIыфых, зишIуа-
гъэ къэмыкIожьыщт шIошъхъуныгъэ яI. 9 Ау ахэмэ яIоф
бэрэ къадэхъущтэп; сыда пIомэ Ианныйрэ Иамврыйрэ
яделагъэ цIыф пстэумкIи нафэ зэрэхъугъэм фэдэу, мы
цIыфхэм яделагъи цIыф пстэумкIи нафэ хъущт.

## Аужырэ Iофхэу Паул Тимофей фигъэпытэхэрэр

10 Iофхэу сэ цIыфхэм язгъэшIагъэхэри, сизекIуакIи,
сигухэлъи, сишIошъхъуныгъи, сищыIагъи, сишIулъэ-
гъуныгъи, ситеубытэныгъи ошIэх. 11 Къалэхэу Антиохие,
Иконие, Листрэ* цIыфхэм къинэу щысагъэщэчыгъэхэри,
къиныбэу щысщэчыгъэхэри ошIэх. Къинышхохэр сагъэщэ-
чыгъэх, ау Зиусхьаным зэкIэми сыкъахищыжьыгъ. 12 Шъы-
пкъэ, Тхьэм ищынагъуи Христос Исусри хэти зыгу илъ-
хэу псэунэу фаем цIыфхэм къин рагъэщэчыщт. 13 Ау цIыф
бзаджэхэми, гъэпцIакIохэми ябзэджэныгъэ рагъэхъущт;
ахэмэ нэмыкI цIыфхэр дахьыхых, ежь ашъхьэкIи зыда-
хьыхыжьы. 14 Ау о Iофхэу зэбгъэшIагъэхэми, узщыгу-
гъыхэрэми атет зэпыт, сыда пIомэ ахэр озыгъэшIэгъэ
цIыфхэр ошIэх. 15 Ащ нэмыкIэу, уисабыигъо щегъэжьа-
гъэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэ лъапIэхэм* арытхэр зэбгъэ-
шIагъэх. Христос ИсускIэ шIошъхъуныгъэу уиIэмкIэ умы-
кIодэу, укъызэрэнэжьыщтыр а тхылъхэм арытхэм къыбгу-

3:8 Ианныйрэ Иамврыйрэ – Мысырым щыщхэу ушхъухьаныгъэм пылъ нэбгыритIоу пегъымбар Мусэ пэуцущтыгъэхэр ары. Еплъ пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 7:22; 9:11.

3:11 къалэхэу Антиохие, Иконие, Листрэ – еплъ Апостол. 13:14–14:20; 16:1–5.

3:15 Тхьэм игущыIэ тхыгъэ лъапIэхэр – Джуртхэм ятхылъ лъапIэхэр ары зыфиIохэрэр: Тэурат, Сэбур, пегъымбархэм атхыгъэ тхылъхэри, нэмыкIхэри.

рагъэIон алъэкIы. [16]Тхьэм игущыIэтхыгъэ лъэпIэ пстэуми арытхэр Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ыдэжь къикIыгъэх. ЦIыфхэм шъыпкъагъэр ябгъэшIэным, уягыиным, бгъэдэIонхэм ыкIи шъыпкъагъэр зиIэ псэукIэр ябгъэшIэным пае яшIуагъэ къэкIо. [17]Арэущтэу Тхьэм фэлажьэрэ цIыфыр тэдрэ IофышIуи хьазырэу ыкIи фэгъэпсыгъэу щытыщт.

## ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

Тхьэм ыпашъхьи, Исус Христосэу псаухэмрэ лIагъэхэмрэ хьыкум атезышIыхьащтым ыпашъхьи, Христос дунаем къызэрэкIожьыщтымкIи тетыгъоу иIэмкIи инэу унашъо къыщыпфэсэшIы: [2]Тхьэм игущыIэхэр цIыфхэм ягъэIужьых, игъо щытми, щымытми, ахэр ябгъэшIэнхэм пылъ.
АгурыгъаIу, ягыижь, гъэгушхох, зэкIэ щыIагъэмкIэ шъыпкъагъэр ягъашI. [3]Сыда пIомэ тишIошъхъуныгъэ тигъэшIэрэ Iофхэу тызщыгугъышъунэу щытхэр цIыфхэм замыдэщт уахътэр къэкIощт. ЦIыфхэм атхьакIумэхэу хъупцIхэрэм гущыIэ гохьыхэр рагъэIухэу, агухэр зыкIэхъопсырэ
Iофхэр языгъэшIэщт цIыфхэр къызфагъотыжьыщтых. [4]Ау
шъыпкъагъэр зэхахынэу амыдэу, гъощагъэхэу, тхыдэжъ гъэшIэгъонхэм апылъыщтых. [5]Ау сыд хъуми, о зыщыIэныгъэ зигъаI. Къин щэчи, къэбарышIур зыгъэIурэ цIыфым иIоф шIи, уиIоф гъэцакIэ.
[6]Сыда пIомэ сэ къурмэныпхъэ сыхъоу, дунаем сехыжьынэу сиуахътэ къэсыгъ. [7]КъэбарышIум пае дэгъоу сыбэнагъ, сызэрэчъэщтыгъэр сыухыгъэ, шIошъхъуныгъэр сыухъумагъэу сиI. [8]Джы Зиусхьаным шъыпкъагъэм итандж хьазырэу къысфигъэнагъ. А танджыр Зиусхьанэу шъыпкъагъэ зиIэ хьыкум зышIырэм ахърэт мафэм къысфигъэшъошэщт, ау сэ сизакъоу арэп, ежь дунаем къызэрэкIожьыщтым щыгушIукIыгъэ пстэури ары.

### Паулрэ Тимофейрэ ашъхьэкIэ яIофхэм яхьылIагъ

[9]Садэжь шIэхэу укъызэрэкIоным пылъ. [10]Сыда пIомэ
Димас* мы дунаер шIу ылъэгъузэ, сэ сыкъигъани, Фесса-

4:10 Димас – еплъ Кол. 4:14.

лоникэ къалэм* кIуагъэ. Крискент Галатие хэкум кIуагъэ,
Тити* Далматие хэкум* кIуагъэ. Садэжь къэнагъэр Лука*
закъор ары. 11 Марк* къыздащи къакIо, сыда пIомэ си-
IофкIэ ащ иIэпыIэгъу сищыкIагъ. 12 Тихик* Ефес къалэм
згъэкIуагъэ. 13 УкъызыкIокIэ, Троадэ къалэм* Карп ыдэжь
къэзгъэнэгъэ кIакори, тхылъхэри, анахьэу шъом хэшIы-
кIыгъэ тхылъхэр, къыздахьыжьых.

14 ГъоплъашIэ Александр лыешхо къысихыгъ. Зиусхьа-
ным ащ иIофхэм яфэшъуашэ къыригъэпщыныжьыщт.
15 Ори ащ уфэсакъын фае, сыда пIомэ тэ тигущыIэхэм
ар лъэшэу апэуцужьыгъ.

16 ХьыкумышIэм ыпашъхьэ зыщызгъэхыенэу апэ дэдэу
сызыпэлъым,* зы нэбгыри IэпыIэгъу къысфэхъугъэп,
пстэуми гум сыранэжьыгъ. КъысашIагъэм пае Тхьэм аре-
рэмыгъэпщыныжь. 17 Хымэ пстэуми зэхахыным пае, ежь
икъэбарышIу зэкIэ язгъэIунэу Зиусхьан къызбгъодахьи,
кIуачIэ къыситыгъ. Аслъаным ыжэ сыкъыдихыжьыгъэм
фэд. 18 Зиусхьаным бзэджэгъэ пстэуми сахищыжьыщт ыкIи
сиухъумэзэ, ежь и Тетыгъошхоу уашъом щыIэм ыIэчIэгъ
сычIищэщт. МыкIодыжьын щытхъушхор Зиусхьаным ий.
Амин.

## Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр

19 Прискиллэ, Акилэ,* Онесифор иунагъо щыщхэм аIапэ
сфэубытыжь. 20 Ераст Коринф къалэм къддэнагъ Трофим

4:10 Фессалоникэ къалэр – Македоние хэкоу Рим къэралыгъошхом щыщым икъэлэшхоу щытыгъ.

4:10 Тит – Паул дэлажьэу игъогогъухэм ащыщыгъ. Еплъ Гал. 2:1.

4:10 Далматие хэкур – Иллирик хэкум щыщэу икъыблэ Iахьэу щытыгъ. Ар джырэ Кроатие ары.

4:10 Лука – еплъ Кол. 4:14.

4:11 Марк – еплъ Кол. 4:10.

4:12 Тихик – еплъ Кол. 4:7.

4:13 Троадэ къалэр – къухьэуцупIэ иIэу, Эгейскэхым Iутэу, (джырэ Тыркуем итыгъэ къохьэпIэ хыIушъор ары) Мисие хэкум щыщыгъ.

4:16 хьыкумышIэм ыпашъхьэ зыщызгъэхыенэу сызыпэлъым – Рим цIыфхэу тетыгъо зиIэхэм апашъхьэ ары.

4:19 Прискиллэрэ Акилэрэ – еплъ Апостол. 18:2–3, 18–19.

Милит къалэм* сымаджэу къыдэсынагъ. 21 КIымафэр* къэ-
мысызэ укъызэрэкIоным пылъ. Еввул, Пуд, Лин, бзы-
лъфыгъэу Клавдие, зэкIэ тшыхэми шIуфэс къыуахыжьы.
22 Зиусхьаныр ппсэ гъусэ фэрэхъу. Тхьэм ынэшIу къы-
шъущерэф. Амин.

4:20 Милит къалэр – къухьэуцупIэ иIэу, Ефес къалэм икъыблэ лъэныкъокIэ, Эгейскэхым Iутыгъ.

4:21 кIымафэм – кIымафэм къухьэкIэ кIоныр щынагъоу щытыгъ.



# *АПОСТОЛ ПАУЛ ТХЫЛЪЭУ ТИТ ФИТХЫГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### ШIуфэс ехыныр

Сэ сы Паул, Тхьэм сыфэлажьэ, Исус Христос иапосто-
лэуи* сыщыт. Апостол сызфэхъугъэр Тхьэм къыхихыгъэ
цIыфхэм шIошъхъуныгъэ яIэ згъэхъунэуи, Тхьэм игъогу
ехьылIэгъэ шъыпкъагъэр язгъэшIэнэуи ары. 2 Арэущтэу
мыкIодыжьын щыIэныгъэ зэрагъотыщтым щыгугъыхэу,
пэплъэщтых. А мыкIодыжьын щыIэныгъэр цIыфхэм ари-
тынэу шъыпкъагъэ зиIэ Тхьэм лъэхъанэхэм апэ цIыф-
хэр къыгъэгугъагъэх. 3 КъэбарышIоу згъэIурэмкIэ Тхьэм
икъэбар игъо дэдэм нафэ ышIыгъ. ТымыкIодэу тыкъэзы-
гъэнэжьырэ Тхьэм а къэбарышIур сэ спшъэ къырилъхьи,
згъэIунэу унашъо къысфишIыгъ.
4 О, Тит*, мы тхылъыр къыпфэсэтхы. А зы шIошъхъу-
ныгъэр зэрэтиIэм пае, сэ скъо шъыпкъэм фэдэу ухъугъ.
Тхьэу Ты лъапIэмрэ Зиусхьанэу Исус Христосэу тымы-
кIодэу тыкъэзыгъэнэжьырэмрэ анэшIу къыпщарэфи,
гупсэфыныгъэ къыуарэт.

---

1:1 апостол – еплъ 1 Тим. 1:1.

1:4 Тит – еплъ Гал. 2:1.

## Чылыс зэIукIэм фэлажьэрэ тхьаматэхэм яшэн зэрэщытын фаер

[5] Крит* хыгъэхъунэм укъызфэзгъэнагъэр Iофхэу къэна-
гъэхэр уухынхэуи, сэ унашъо къызэрэпфэсшIыгъэм фэ-
дэу, тэдрэ къали нэхьыжъхэр* чылыс зэIукIэхэм афэ-
бгъэнэфэнхэуи ары. [6] Нахьыжъыр зыми зэригъэмысэн зи
зыбгъодэмылъэу, зы шъуз нахь зимыIэ лIэу* щытын фае.
Ибынхэми шIошъхъуныгъэ яIэн фае. Ахэр мыхъомышIэ
псэукIэмкIи мыдэIоныгъэмкIи мысэхэу хъухэ хъущтэп.
[7] Тхьэм иIоф чылыс зэIукIэм иIэшъхьэтет* ыпшъэ зэри-
лъым пае, зыми зэригъэмысэн зи зыбгъодэмылъ лIэу
щытын фае: къаигъэу ыкIи псынкIэу губжэу щыты хъу-
щтэп, ешъуакIоуи, лIы Iэлэуи, мылъкум кIэхъопсэуи
щыты хъущтэп. [8] Ау хьакIэхэр зыгъэлъапIэу, шIур шIу
зылъэгъоу, гулъытэ зиIэу, зафэу, гукъэбзагъэ зиIэу, зы-
щыIэныгъэ зиIэ лIэу щытын фае. [9] ЕтIанэ Iоф шъыпкъэ-
хэу шъодгъэшIагъэхэм пытэу атетын фае. Арэущтэу ти-
шIошъхъуныгъэ тигъашIэрэ Iофхэу тызщыгугъышъунэу
щытхэмкIэ цIыфхэр ыгъэгушхонхэ ылъэкIыщт, а Iофхэм
апэуцухэрэми агуригъэIон ылъэкIыщт.

[10] Сыда пIомэ цIыф мыдаIохэу бэ щыIэх, зэкIэми апэу
сунэт ашIыгъэхэу щытхэм ащыщхэр ары. ПкIэ зимыIэ
гущыIэхэр къаIо зэпытых, нэмыкI цIыфхэри дахьыхых.
[11] Ахэмэ ажэ ябгъэубытын фае. ЦIыфхэм арамыгъэшIа-
пхъэ Iофхэр арагъашIэхэзэ, емыкIу шIыкIэкIэ ахъщэ
къагъэхъэным пае, унагъохэр зэрэунагъохэу агъэкIодых.
[12] Ахэмэ ащыщэу тхакIо горэм* къыIуагъ: «Крит цIыф-
хэм пцIы аусы зэпыт, хьакIэ–къуакIэ бзаджэхэм афэдэх,
фэмыфых ыкIи бэшхых». [13] А тхакIом ишыхьатныгъэ
шъыпкъэ. Арышъ, пхъашэу агурыгъаIу, зишIуагъэ къа-
кIорэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъуным пайй, [14] джуртхэм
ятхыдэжъхэми, шъыпкъагъэм зыкIыб фэзыгъэзагъэхэм
яунашъохэми анаIэ тырамыдзэным пайй. [15] Зыгу къабзэ-
хэм адэжькIэ зэкIэ къабзэ мэхъу, ау зыгу мыкъабзэхэм

---

1:5 Крит – тыркубзэкIэ «Гирит» зыфаIорэр ары.

1:5 нахьыжъхэр – еплъ 1 Тим. 4:14.

1:6 зы шъуз нахь зимыIэ лIэу – е зэ нахь къэзымыщагъэу.

1:7 чылыс зэIукIэм иIэшъхьэтет – еплъ 1 Тим. 3:1.

1:12 тхакIо горэ – Епименид ары.

адэжькІи, ТхьэмкІэ шІошъхъуныгъэ зимыІэхэм адэжькІи
къабзэ зи щыІэп. Яакъыли зэщыкъуагъэ. Агухэми шІури
ери зэхадзыжьын алъэкІырэп. [16] Тхьэр ашІэу аІо, ары-
шъхьакІэ Іофхэу ашІэхэрэмкІэ Тхьэр зэрамышІэрэр
нафэу къагъэлъагъо. Ахэр гущыкІыгъо цІыфых, мыда-
Іох, зыкІи яшІуагъэ къэмыкІоу щыт.

## ЯТІОНЭРЭШЪХЬ

### ТишІошъхъуныгъэ тигъэшІэрэ Іофхэу тызщыгугъышъунэу щытхэр

ТишІошъхъуныгъэ тигъэшІэрэ Іофхэу тызщыгугъы-
шъунэу щытхэм уатетэу цІыфхэм ябгъэшІэн фае.
[2] ЛІыжъхэм ягъашІ, зыщыІэныгъэ яІэнэуи, лъытэныгъэ
ахэлъэу зекІонхэуи, гулъытэ яІэнэуи, зишІуагъэ къакІорэ
шІошъхъуныгъэ, шІулъэгъуныгъэ, теубытэныгъэ къыза-
хагъэфэнхэуи.

[3] Ащ фэдэу ныохэми ягъашІ, Тхьэм ибзылъфыгъэ лъа-
пІэхэм яфэшъуашэу зекІонхэуи, нэмыкІ цІыфхэм Іэя-
гъэкІэ атемыгущыІэнхэуи, сэнэпс ешъоным пщылІ фэ-
мыхъунхэуи, цІыфхэм шІур арагъэшІэнэуи. [4,5] ЕтІанэ
Тхьэм игущыІэхэм хэти ямыхъоныным пае, а ныохэм
бзылъфыгъэ ныбжьыкІэхэм агурагъэІон фае ялІыхэмрэ
ябынхэмрэ шІу алъэгъунхэуи, гулъытэ яІэнэуи, гукъэбза-
гъэкІэ псэунхэуи, яунагъохэм дэгъоу алъыплъэнхэуи,
шІоу щытынхэуи, ялІыхэм афэІорышІэнхэуи.

[6] КІалэхэми гулъытэ яІэнэу агурыгъаІу. [7] ШІу зэрэпшІэ-
рэмкІэ лъэныкъо пстэумкІи цІыфхэм шапхъэ афэхъу.
Угу етыгъэу, лъытэныгъэ къыпфэшъуашэу Тхьэм игу-
щыІэхэр ягъашІэх. [8] Зыми зэригъэмысэн зи зыбгъодэмы-
лъэу, узыщыгугъышъунэу щыт къэбархэр ягъашІэх,
къытфаІон Іае амыгъотэу, о къыппэуцурэ цІыфхэр
укІытэжьынхэм пае.

[9] УнэІутхэри ятхьаматэхэм зэкІэмкІи афэІорышІэн-
хэуи, агу къызэрэзэрагъэІуным пылъынхэуи, апэмы-
гущыІэжьынхэуи ягъашІ. [10] Ащ нэмыкІэу мытыгъонхэуи,
сыдигъуи зэкІэмкІи яшъыпкъагъэ къагъэлъэгъонэуи
ягъашІ. Арэущтэу ахэмэ ашІэрэ Іоф пстэумкІи адрэ цІыф-
хэм Іофхэу тишІошъхъуныгъэ тигъашІэхэрэм щытхъу

афарагъэшIыщт. А Iофхэр Тхьэу тымыкIодэу тыкъэзы-
гъэнэжьырэм ехьылIагъэу щытых.

[11] Сыда пIомэ цIыф пстэури мыкIодхэу къыгъэнэжьын-
хэм пае, Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэ къыгъэлъэгъуагъ.
[12] Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэ тигъэшIэрэ Iофхэр мыхэр
ары: Тхьэм ищынагъо зыхэмылъ псэукIэми, мы дунаем
ихъопсэныгъэ мыхъомышIэхэми такIыб афэдгъэзэнри,
гулъытэрэ шъыпкъагъэрэ тиIэхэу, Тхьэм ищынагъуи
тыгухэм арылъэу, мы лъэхъанэм тыпсэунри ары. [13] Арэу-
щтэу тыпсэун фае, ти Тхьэшхоу, тымыкIодэу тыкъэзы-
гъэнэжьырэ Исус Христос ищытхъушхо къэзылъэ-
гъощт мафэм тыпэплъэфэ. А гушIогъо мафэр къызэрэ-
кIощтым тыщыгугъэу тыпэплъэ. [14] Христос тэщ пае ыпсэ
ытыгъ. Ыпсэ зыфитыгъэр бзэджэныгъэ пстэуми тыкъа-
IэкIихыжьэу, тэ тшъхьэхэр ыщэфынхэуи, шIушIэным
тыгу етыгъэу тыпылъэу, ежь ылъэпкъ тыхъуным пае,
тыгухэр ыгъэкъэбзэжьынхэуи ары.

[15] А Iофхэр ары цIыфхэм ябгъэшIэн фаехэр. Тетыгъоу
зэкIэ уиIэмкIэ цIыфхэр гъэгушхох ыкIи агурыгъаIу. Зы-
ми нэмыплъ къызэремыгъэт.

## ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

### ШIу зэрэпшIэным пылъ

УицIыфхэм агу къэгъэкIыжь, Iэшъхьэтетхэмрэ теты-
гъо зиIэхэмрэ афэIорышIэнхэуи, ядэIунхэуи, сыд фэдэ
шIушIэным фэхьазырынхэуи. [2] Ащ нэмыкIэу агу къэгъэ-
кIыжь, зыми IэягъэкIэ темыгущыIэнхэуи, цIэцIалэу щы-
мытынхэуи, IэсагъэкIи гушъэбагъэкIи зэкIэ цIыфхэм
афыщытынхэуи.

[3] Сыда пIомэ тэри зэхэшIыкIыныгъэ тимыIэу, Тхьэм
темыдэIоу тыпсэущтыгъ. Тыгъощагъэу тыщытыгъ,
тыгухэр зыкIэхъопсыщтыгъэ Iоф мыхъомышIэ зэмы-
лIэужыгъохэмрэ тызыгъатхъэщтыгъэ Iоф мыхъомышIэ
зэмылIэужыгъохэмрэ тыряпщылIыщтыгъ. Бзэджэны-
гъэрэ шъугъоныгъэрэкIэ тыпсэущтыгъ, гущыкIыгъоу
тыщытыгъ, тэзэрэуджэгъущтыгъ. [4] Ау тымыкIодэу ты-
къэзыгъэнэжьырэ Тхьэм ишIугъэрэ шIулъэгъуныгъэу
цIыфхэм афыриIэмрэ къызытфегъэнафэм, [5] тымыкIодэу

тыкъигъэнэжьыгъ. Шъыпкъагъэ зиIэ Iофхэу тэ тшIагъэ-
хэм яIоф ащ хэлъыгъэп. Тхьэм гукIэгъуныгъэ зэриIэр
ары тымыкIодэу тыкъызкIигъэнэжьыгъэр. Тхьэм Ыпсэ
ЛъапIэ тыгухэр къызэригъэкъэбзэжьыгъэмкIэ икIэры-
кIэу тыкъалъфыжьыгъэу тигъэхъугъ, тыгухэм арылъ-
хэри зэрихъокIыгъэх. [6] ТымыкIодэу тыкъэзыгъэнэжьырэ
Исус Христос Тхьэм иунашъокIэ Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ
инэу къытфыригъэхыгъ. [7] ТымыкIодэу Тхьэм тыкъыз-
фигъэнэжьыгъэр ынэшIу щыфэныгъэкIэ ежь ыдэжькIэ
шъыпкъагъэ тиIэу тилъытагъэу, мыкIодыжьын щыIэны-
гъэу тызщыгугъэу, тызпаплъэрэр тиIэхьышIоу къытлъы-
сыныр ары. [8] А гущыIэхэр шъыпкъэх. ТхьэмкIэ шIошъ-
хъуныгъэ зиIэхэр шIушIэным пылъынхэм пае, а Iофхэм
унаIэ бэу атебгъэтынэу сыфай. А Iофхэр дэгъух, яшIуа-
гъэ цIыфхэм якIы.

[9] ПкIэ зимыIэ зэнэкъокъуныгъэм, унэгъо лъэпкъзэтекI-
хэм, Тэурат хабзэм ехьылIэгъэ зэмызэгъыныгъэм, зэщы-
хьаныгъэм защыдзый, сыда пIомэ ащ фэдэ Iофхэм яшIуа-
гъэ зи къакIорэп, пкIи яIэп. [10] ШъузэгурызымыгъаIорэ
цIыфым зэ, тIо еушъый, къыомыдэIумэ зыщыдзый. [11] А
цIыфыр зэщыкъуагъэу, зэрэпсэкIодышIэ цIыфыр ошIэ.
Ежьым ышъхьэкIэ зигъэмысэжьыгъ.

## Аужырэ гущыIэхэр

[12] Артемрэ Тихикрэ* уадэжь къызызгъакIохэкIэ, садэжь
Никопол къалэм* псынкIэу укъызэрэкIоным пылъ.
КIымафэр ащ щызгъэкIонэу сыгу хэлъ. [13] Очыл Зинэ-
рэ Аполлосрэ* ягъогу зытехьэхэкIэ, щыкIагъэ зи ямыIэу
гъогумкIэ IэпыIэгъу афэхъу. [14] ТицIыфхэм шIу зэрашIэ-
щтым пылъынхэу зэрарэгъашI, щыкIэгъэшхо зиIэхэм
IэпыIэгъу афэхъунхэм пае. ЯшIуагъэ къэмыкIоу къэрэ-
мынэх.

[15] Сигъусэ пстэуми шIуфэс къыуахыжьы. ШIошъхъу-
ныгъэ зиIэхэу шIу тызылъэгъухэрэм аIапэхэр сфэубыты-
жьых.

Тхьэм ынэшIу шъо зэкIэми къышъущерэф. Амин.

---

3:12 Тихик – еплъ Кол. 4:7.

3:12 Никопол къалэр – Ахаие хэкум щыщэу, Адриэхым Iутыгъ.

3:13 Аполлос – Апостол. 18:24–19:1 ыкIи 1 Кор. 3:1–9 зигугъу ашIырэр арыщтын.



# *АПОСТОЛ ПАУЛ ТХЫЛЪЭУ ФИЛИМОН ФИТХЫГЪЭР*

## Шlуфэс ехыныр

Сэ сы Паул. Исус Христос сызэрэфэлажьэрэм пае, хьа-
псым сычlадзагъэу сычlэс. Шlу тлъэгъоу къыддэлажьэ-
рэ Филимон, чылыс зэlукlэм щыщхэу уиунэ щызэрэ-
угъоихэрэм, [2] тшыпхъоу Апфие, Христос пае тэ къыд-
дэлажьэрэ Архипп, тшы Тимофей* сигъусэу мы тхылъыр
къышъуфэсэтхы.
[3] Тхьэу Тятэ лъапlэрэ Зиусхьанэу Исус Христосрэ
анэшlу къышъущарэфи, гупсэфыныгъэ къышъуарэт.

## Паул Тхьэм щытхъу зэрэфишlырэмрэ зэрелъэlурэмрэ

[4] Тхьэм селъэlу зыхъукlэ, уигугъу сэшlы зэпыт, си Тхьи
щытхъу фэсэшlы.
[5] Сыда пlомэ Зиусхьанэу Исускlэ шlошъхъуныгъэу уиlэм-
рэ Тхьэм ицlыф лъэпlэ пстэуми шlулъэгъуныгъэу афыуи-
lэмрэ якъэбар зэхэсхыгъэшъ ары. [6] Шlошъхъуныгъэу ти-
lэмкlэ гъусэ укъытфэхъугъ, Христос тыгухэм зэрарылъым

---

2 Тимофей – еплъ Кол. 1:1.

пае, Тхьэм шIоу къытфишIэрэ пстэури а гъусэныгъэу ор-
рэ тэррэ зэфытиIэм нахьыбэ къыдгуригъэIонэу селъэIу.
7 УишIулъэгъуныгъэмкIэ инэу сыбгъэгушIуагъ ыкIи сы-
бгъэгушхуагъ, сыда пIомэ о, сшы, Тхьэм ицIыф лъапIэ-
хэм агу бгъэпсэфыжьыгъ.

## Паул Онесим пае Филимон зэрелъэIурэр

8 Арышъ, Христос тыгухэм зэрарылъым пае, пшIэн
фаер унашъо пфэсшIынэу гушхоныгъэ сиIэ пэтми, 9 шIу-
лъэгъуныгъэкIэ сыкъыолъэIунэу нахь къэсэштэ. Сэ,
Паул, сылIыжъэу ыкIи Исус Христос сызэрэфэлажьэрэм
пае, хьапсым сычIадзагъэу сычIэсэу, 10 скъо Онесим
пае сыолъэIу, сыда пIомэ хьапсым сычIэсэу ар скъо
фэдэу хъугъэ. 11 ЫпэкIэ оркIэ Онесим ишIуагъэ къэкIо-
щтыгъэп*, ау джы оркIи сэркIи ишIуагъэ къэкIо.

12 Ар спсэ фэдэу шIу слъэгъурэр джы къыпфэсэгъэкIо-
жьы. 13 КъэбарышIур зэрэзгъэIурэм пае, хьапсым сычIэ-
сфэ, о пчIыпIэкIэ IэпыIэгъу къысфэхъунэу садэжь щыз-
гъэIэнэу сыфаещтыгъ, 14 ау о умыдэу ар сэ сшIэнэу сы-
фэягъэп, о уишIушIагъэ егъэзыгъэ хэмылъэу, о ар уигуа-
пэу пшIэным пае. 15 Зы уахътэ горэкIэ Онесим къыбгъо-
дэкIыгъэу зыкIэхъугъэр 16 унэIутым фэдэу мыхъужьэу, ау
унэIутым нахьи нахьышIужьэу, шIу плъэгъурэ тшы фэдэу
егъашIэм бгъотыжьынэу къычIэкIынкIи мэхъу. СэркIэ
ар бэу лъапIэу щыт, оркIи ащ нахьи нахь лъэпIэжь, цIыф
фэдэу ыкIи Зиусхьаныр зыгу илъ пшы фэдэу.

17 Сыкъыбдэлажьэу сыолъытэмэ, сэ сызэребгъэблагъэ-
щтыгъэм фэдэу, ари егъэблагъ. 18 ЗыгорэкIэ иягъэ къыо-
кIыгъэмэ, е уичIыфэ телъмэ, сэ ар къысфэгъаз. 19 Сэ,
Паул, ар сэ остыжьыщт, сэ сIэкIэ сэтхы, ау Христос угу
зэрилъым пае, сичIыфэ о зэрэптелъыр къыосIонэу ищы-
кIагъэп. 20 Ары, сшы, Зиусхьаным пае уишIуагъэ къысэ-
гъэкI. Зиусхьаныр угу зэрилъым пае, сыгу гъэпсэфыжь.
21 УкъызэрэсэдэIущтымкIэ сицыхьэ птелъэу къыпфэсэтхы.
СыкъызэрэолъэIурэм нахьи нахьыбэ зэрэпшIэщтри сэшIэ.

22 НэмыкI горэмкIэ сыолъэIу: хьакIэщ горэ къысфэ-
гъэхьазыр; сыда пIомэ Тхьэм шъукъызэрэсфелъэIугъэм
ипэгъокI фэдэу сыкъышъуитыжьынэу сыщэгугъы.

---

11 ишIуагъэ къэкIощтыгъэп – Онесим къикIырэр «зишIуагъэ къакIо-
рэр» ары.

**Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр**

23 Епафрасэу* Христос Исус зэрэфэлажьэрэм пае, си-
гъусэу хьапсым чIадзагъэу чIэсым шIуфэс къыуехыжьы.
24 Сэ къыздэлажьэрэ Марки*, Аристархи, Димаси, Лу-
къи* шIуфэс къыуахыжьы.
25 Зиусхьанэу Исус Христос ынэшIу шъугумэ къа-
щерэф. Амин.

---

23 Епафрас – еплъ Кол. 1:7.

24 Марк – еплъ Кол. 4:10.

24 Лука – еплъ Кол. 4:14.



# *АПОСТОЛ ПАУЛ ЕВРЕЙ ЦIЫФХЭМ ТХЫЛЪЭУ АФИТХЫГЪЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### Ыкъо ыжэкIэ Тхьэр къызэрэгущыIагъэр

Пасэм Тхьэр пегъымбархэм ажэкIэ бэрэ ыкIи зэтефы-
гъэу тятэжъхэм къадэгущыIэщтыгъ. 2 Ау мы уахътэм,
мы дунаем иаужрэ дэдэ мафэхэм, Ыкъо ыжэкIэ тэ
къыддэгущыIагъ. Тхьэм Iоф пстэури Ыкъо иIэхьышIоу
хъунэу ыгъэнэфагъ, ащи дунаер къыригъэгъэхъугъ.
3 Тхьэм ищытхъушхо инэфынэ Ыкъо ыдэжь къикIэу
къепсы; Ыкъо ищытыкIэ Тхьэм ищытыкIэ фэдэкъабз,
игущыIэу лъэкIыныгъэшхо зиIэмкIи щыIэ пстэури ще-
гъаIэ. Ыкъо цIыфмэ агухэм псэкIодхэр зэраригъэкъэбзы-
кIыжьыщт гъогу къафишIыгъ, уашъоми дэкIоежьи, теты-
гъошхор зэкIэ зиIэ Тхьэм иджабгъукIэ готIысхьагъ.
4 Тхьэм «Скъо» ыIозэ ащ къыриIоу, къызэреджэрэ цIэ-
шхор мэлэIичхэм ацIэ зэрэнахь лъапIэм фэдэу, Тхьэм
ежь Ыкъо мэлэIичхэм апшъэ ышIыгъ.

---

1:1 Еврей цIыфхэр – Ебрание цIыфхэр ары.

## Къо лъапIэр мэлэIичхэм апшъэ щыI

5 Сыда пIомэ Тхьэм мэлэIичхэм ащыщэу зыгорэм,
«Оры сКъор, непэ Ты сыпфэхъугъ»,
ыIуи риIуагъа?* Тхьэм мэлэIич горэми ехьылIагъэу,
«Сэ Ты сыфэхъущт, ежьыри Скъо хъущт»,
ыIуи къыIуагъа?*
6 ЕтIани Тхьэм ежь къыхихыгъэ Ыкъо кIасэ дунаем
къызытырегъахьэм, къыIуагъ:
«Тхьэм имэлэIич пстэуми ар арэгъэлъапI».
7 МэлэIичхэм яхьылIагъэу Тхьэм мырэущтэу къы-
Iуагъ:*
«Тхьэм имэлэIичхэр жьыбгъэм фэдэхэу егъэхъух,
а Iофтабгэхэр мэшIотхъуабзэхэм афэдэхэу егъэхъух».
8 Ау ыКъо ехьылIагъэу Тхьэм мырэущтэу къыIуагъ:*
«О Тхьэ, уитетыгъошхо тIысыпIэ егъашIэм
утесыщт.
Уитетыгъошхо ибэщ зэфагъэр ары.
9 Шъыпкъагъэр шIу олъэгъу, бзэджагъэри оуджэ-
гъу.
Ащ пае Тхьэу уи Тхьэ уигъусэхэм анахьи
гушIуагъом идагъэ* о нахь къыпщифагъ».
10 Тхьэм мырэущтэуи къыIуагъ:*
«О Зиусхьан, ублапIэм дэжь
чIылъэм ылъапсэхэр хэбгъэуцуагъэх,
уашъохэри уиIэшIагъэх.
11 Ахэр кIодыжьыщтых, ау о умыкIодэу укъэнэ-
жьыщт.

---

1:5 Тхьэм риIуагъа – еплъ Сэбур (Псалтыр) 2:7;

1:5 къыIуагъа – еплъ Пегъымбар Самуел икъэбар зэрыт ятIонэрэ тхылъым (2-я Царств) 7:14.

1:6 Тхьэм къыIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 32:43; Сэбур (Псалтыр) 97:7 (урыс библиемкIэ 96:7).

1:7 Тхьэм мырэущтэу къыIуагъ – еплъ Сэбур (Псалтыр) 104:4 (урыс библиемкIэ 103:4).

1:8–9 Тхьэм мырэущтэу къыIуагъ – еплъ Сэбур (Псалтыр) 45:6–7 (урыс библиемкIэ 44:7–8).

1:9 гушIуагъом идагъэ – а уахътэм пачъыхьэ хъущтым дэгъэ лъапIэ щафэщтыгъ.

1:10–12 Тхьэм мырэущтэуи къыIуагъ – еплъ Сэбур (Псалтыр) 102:25–27 (урыс библиемкIэ 101:26–27).

Щыгъыным фэдэу ахэр жъы хъущтых.
12 Щыгъыным фэдэу зэкIоцIыпщыхьащтых, зэхъокIыгъэуи хъущтых;
ау о узэрэщытым фэдэу утетэу укъэнэжьыщт,
о уиилъэсхэми кIэух яIэщтэп».
13 Тхьэм мэлэIичхэм ащыщэу зыгорэми,
«О уипыихэр лъэгукIэтын пфэсшIыхэфэ,
сэ сиджабгъукIэ къызготIысхь»,
ыIуи риIуагъа?*
14 Арэущтэу мэлэIичхэр Тхьэм фэлажьэрэ псэхэу щытых, цIыфхэу мыкIодхэу Тхьэм къызэригъэнэжьыщтхэр зиIэхьышIу къызлъысыщтхэм афэIофтэбгэнхэуи Тхьэм ахэр къегъакIох.

# ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

## ТымыкIодэу Тхьэм тыкъызэригъэнэжьырэм икъэбарышIу лъапIэ

Арэущтэу зэрэщытым фэшI Тхьэм игъогу тытемыкIыным пае, гущыIэхэу зэхэтхыгъэхэм лъэшэу тынаIэ атедгъэтын фае.
2 Сыда пIомэ гущыIэхэу мэлэIичхэм къагъэ-
Iугъэхэм* уащыгугъышъунхэу къычIэкIыгъэх, хэти а гущы-
Iэхэм атекIыгъэми, е ямыдэIугъэми Тхьэм ифэшъуашэ
къыригъэпщыныжьыгъ.
3 Арышъ, тымыкIодэу Тхьэм ты-
къызэригъэнэжьырэм икъэбарышIу лъапIэ тимыгъапэмэ,
тэри тифэшъуашэ Тхьэм зэрэтигъэпщыныжьыщтым сыдэу-
щтэу тыIэкIэкIыщта? Ежь Зиусхьаныр ары ыпэ рапшIэу
а къэбарыр къытэзыгъэIугъэр, ащ къыIуагъэхэр зэхэзы-
хыгъэхэми а къэбарыр къытфагъэшъыпкъэжьыгъ.
4 Тхьэ-
ри нэшэнэ гъэшIэгъонышхохэмкIи, Iофышхо гъэшIэгъон-
хэмкIи, лъэкIыныгъэ зыхэлъ Iофышхо зэтефыгъэхэмкIи
а къэбарышIум шыхьат фэхъугъ. Ащ нэмыкIэу Тхьэр зэ-
рэфэягъэм тетэу, ежь Ыпсэ ЛъапIэкIэ Iоф зэфэшъхьаф-
хэр ашIэнхэу цIыфхэм лъэкIыныгъэхэр афигощыгъэх.

---

1:13 Тхьэм . . . риIуагъа – еплъ Сэбур (Псалтыр) 110:1 (урыс библиемкIэ 109:1).

2:2 гущыIэхэу мэлэIичхэм къагъэIугъэхэр – Тэурат хабзэр ары.

## Христос ары пащэ къытфэхъоу, тымыкIодэу тыкъэзыгъэнэжьырэр

[5] КъэкIощт дунаеу джы зигугъу тшIырэр Тхьэм зыIэ
къырилъхьагъэхэр мэлэIичхэр арэп. [6] Ау Тхьэм игущыIэ
тхыгъэхэм арытэу, зы чIыпIэ горэм ыдэжь зыгорэм
мырэущтэу къыщиушыхьатыгъ:*

«О Тхьэ, цIыфыр сыда, ащ уегупшысэнэу,
цIыф лъэпкъым ыкъо сыда, о ащ укIэлъыплъэнэу?
[7] ТIэкIурэ* мэлэIичхэм анахьи нахь цIыкIоу бгъэхъугъ.
ЕтIанэ щытхъушхорэ лъытэныгъэшхорэ фэбгъэшъошагъэх.
[8] ЗэкIэри ежьым ылъэгу чIэгъ чIэбгъэуцуагъ».

Тхьэм зэкIэри цIыфым ылъэгу чIэгъ зычIегъэуцом,
ащ ылъэгу чIэгъ чIэмытэу зи къыгъэнагъэп. Ау джы
пстэури цIыфым ылъэгу чIэгъ чIэтэу тлъэгъурэп.
[9] Ау Исус къин ыщэчэу зэрэлIагъэм пае, Тхьэм ащ
щытхъушхорэ лъытэныгъэшхорэ зэрэфигъэшъошагъэхэр
тэлъэгъу. Сыда пIомэ Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэкIэ
Исус цIыф пстэуми ачIыпIэкIэ лIэныгъэр ылъэгъуным
пае, Тхьэм ар тIэкIурэ мэлэIичхэм анахьи нахь цIыкIоу ыгъэхъугъ.

[10] ЦIыфыбэ ибынхэу хъунхэм ыкIи щытхъушхомкIэ
Iахьэ къалъысыным пае, Тхьэу зэкIэри къэзыгъэхъугъэу,
зэкIэри зыфыщыIэм Исус къинэу ыщэчыгъэмкIэ ифэшъошэ тетыгъор иIэу зэригъэхъугъэр къекIоу щытыгъ.
Сыда пIомэ цIыфхэр мыкIодхэу къызэригъэнэжьырэ
гъогум тезыгъахьэу, пащэ афэхъурэр Исус ары.
[11] Сыда пIомэ Исусэу цIыфхэм агухэр зыгъэкъэбзэжьырэмрэ цIыфхэу зыгу къабзэ хъухэрэмрэ а зы Ты
лъапIэм ибыных. Ащ пае, Исус темыукIытыхьэу ахэмэ
ышыхэкIэ яджэ. [12] Ащ Тхьэм мырэущтэу риIуагъ:*

«Сэ сшыхэм уикъэбар язгъэшIэщт.
УицIыфхэм язэIукIи сыхэтэу сэ щытхъушхо о къыпфэсшIыщт».

---

2:6 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытэу, . . . зыгорэм къыщиушыхьатыгъ – еплъ Сэбур (Псалтыр) 8:4–6 (урыс библиемкIэ 8:5–7).

2:7 тIэкIурэ – Исус мы дунаем зыщыпсэугъэ уахътэр ары.

2:12 Тхьэм мырэущтэу риIуагъ – еплъ Сэбур (Псалтыр) 22:22 (урыс библиемкIэ 21:23).

13 Мырэущтэуи къыIуагъ:*
«Тхьэм сыщыгугъыщт».
ЕтIани къыIуагъ:
«Мары, сэррэ Тхьэм къыситыгъэ бынхэмрэ».
14 А бынхэр лымрэ лъымрэ къахэхъукIыгъэ цIыфых.
Арышъ, Исуси лымрэ лъымрэ къахэхъукIыгъэ цIыф
хъугъэ, илIэныгъэкIэ шэйтанэу лIэныгъэм тетыгъо
фызиIэр ыгъэкIодыным пайй, 15 лIэныгъэм зэрэщыщына-
гъэхэм фэшI, щыIэхэфэ шэйтаным ипщылIхэу щыIагъэ-
хэр шъхьафит ышIынхэм пайй. 16 Сыда пIомэ Исус
зыдэIэпыIэхэрэр мэлэIичхэр арэп, Ибрахьимэ къытехъу-
кIыгъэ цIыфхэр* ары нахь. 17 Арышъ, Тхьэм фэлажьэрэ
дин пэщэшхоу гукIэгъу зиIэу, Тхьэм фэшъыпкъэу
хъуным пае, ышхэм* сыд щыщымкIи афэдэу хъун
фэягъ, цIыфмэ япсэкIодхэр атырихынхэм пае. 18 Шэйтаным
Исус псэкIод ригъэшIэнэу зыпэлъым, Исус къин зэрищэ-
чыгъэм пае, цIыфхэу шэйтаным псэкIод зэригъэшIэнэу
пылъхэм адэIэпыIэн ылъэкIыщт.

## ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

### Исус пегъымбар Мусэ нахьи нахь лъапI

Сшы лъапIэхэр, Тхьэр шъори ежь ибынхэм ащыщ шъу-
хъунэу къышъоджагъ. Арышъ, тишIошъхъуныгъэ идин
эщэшхоу хъунэу Тхьэм къытфигъэкIогъэ Исус шъуегу-
пшыс. 2 Пегъымбар Мусэ Тхьэм иунагъо щыщ цIыф пстэу-
ми шъыпкъагъэ афыриIэу зэрэщытыгъэм фэдэу, Исуси
Тхьэу ежьыр зыгъэнэфагъэм шъыпкъагъэ фыриIэу щы-
тыгъ. 3 Унэм нахьи унэ зышIырэм нахь щытхъу зэриIэм
фэдэу, Мусэ нахьи Исуси нахь щытхъу ифэшъуаш. 4 Сыда
пIомэ цIыф горэм ымышIыгъэ унэ щыIэп, ау пстэури зы-
шIыгъэр Тхьэр ары. 5 Мусэ Тхьэм фэлажьэу Тхьэм иунэ
зэкIэ Iофхэу щишIэщтыгъэхэмкIэ шъыпкъагъэ иIэу

---

2:13 мырэущтэуи къыIуагъ – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 8:17,18.

2:16 Еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 41:8–9.

2:17 ышхэр – Тхьэм ибын хъугъэхэр ары.

щытыгъ, Тхьэм къыIощтхэми шыхьат афэхъугъ. [6] Ау Хри-
стос Тхьэм иунагъо зыIэ илъ Къор ары. Тыгу тымы-
гъэкIодэу Iофхэу тызэрыгушIохэу ыкIи тызщыгугъыхэу
тызпаплъэхэрэм кIэухым нэсы шъыпкъэу тататэу тыры-
кIомэ, тэри ащ иунагъо тыщыщ.

### Тхьэм ицIыфхэм языгъэпсэфыпI

[7] Арышъ, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ зэриIорэм фэдэу,*
«Непэ Тхьэм ымакъэ зэхэшъухымэ,
[8] шъугухэр гуркъэхэу* щышъумыгъэт,
шъуятэжъхэм шъоф нэкIым зэрэщашIэщтыгъэм
фэдэу.*
Ахэр Тхьэм едэIунхэу адэщтыгъэп,
Тхьэм ищыIагъэ зынэсырэр агъэунэфынэуи пылъ-
ыщтыгъэх».
[9] (Тхьэм мырэущтэу еIо:)
«Шъоф нэкIым шъуятэжъхэм сищыIагъэ зынэ-
сырэри
сиIофхэр зыфэдэхэри агъэунэфынхэу пылъыщты-
гъэх.
Илъэс тIокIитIум сиIофхэр алъэгъущтыгъэх.
[10] Ащ пае, а цIыфхэм сафэгубжи мырэущтэу
сIуагъэ:
’Ахэр агухэмкIэ мэгъощэ зэпытых,
сигъогухэр зыфэдэхэри ашIэхэрэп’.
[11] Арэущтэу сафэгубжэу, ’Сэ ахэр сизыгъэпсэфы-
пIэ къизгъэхьащтхэп’,
сIуи, къэсIуагъэр згъэшъыпкъэжьызэ, гущыIэ
пытэкIэ сIуагъэ».
[12] Сшыхэр, шъуащыщэу хэти щыIэныгъэ зиIэ Тхьэм игъо-
гу ыкIыб фигъэзэжьэу, шIошъхъуныгъэ зимыIэ гу бзаджэ
зэримыIэным шъуфэсакъ. [13] Ау псэкIодшIэным итхьагъэ-
пцIыгъэкIэ шъуащыщэу зыгорэм ыгу гуркъэу мыхъуным
пае, мафэ къэси шъузэрэгъэгушху, «Непэ» зыфаIорэ

---

3:7–11 Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ зэриIорэм фэдэу – еплъ Сэбур (Псалтыр) 95:7–11 (урыс библиемкIэ 94:8–11).

3:8 гуркъагъэ – къайгъагъэкIэ къыбгурыIонэу умыдэныр ары.

3:8 Шъуятэжъхэм шъоф нэкIым зэрэщашIэщтыгъэм фэдэу – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 17:1–7 ыкIи ящIэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 20:1–13.

лъэхъанэм тытетыфэ.
[14] Сыда пIомэ Iофхэу ыпэм тызщыгугъыгъэхэм кIэухым нэсы шъыпкъэу татетэу тырыкIомэ, тэ пстэури Христос игъусэхэм тащыщэу тэхъу.
[15] Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу,*

«Непэ Тхьэм ымакъэ зэхэшъухымэ,
шъугухэр гуркъэхэу щышъумыгъэт,
шъуятэжъхэм шъоф нэкIым зэрэщашIэщтыгъэм
фэдэу».

[16] Тхьэм ымакъэ зэхэзыхыгъэхэу, едэIунхэу зымыдагъэхэр хэтха? Пегъымбар Мусэ Мысырым къырищыжьыгъэгъэхэ цIыф пстэури арыба?
[17] Тхьэр илъэс тIокIитIум цIыфхэу зыфэгубжыщтыгъэхэр хэтха? ПсэкIод зышIагъэхэу, зыпкъыхэр шъоф нэкIым къинэжьыгъэхэр арыба?
[18] ЕтIани «Сэ ахэр сизыгъэпсэфыпIэ къизгъэхьащтхэп», ыIуи, къыIуагъэр ыгъэшъыпкъэжьызэ, Тхьэм гущыIэ пытэкIэ зэриIуагъэхэр хэтха? ЕдэIунхэу зымыдагъэхэр арыба?
[19] Арэущтэу ахэмэ шIошъхъуныгъэ яIэу зэрэщымытыгъэм пае, Тхьэм изыгъэпсэфыпIэ ихьанхэу амылъэкIэу къызэрэнагъэхэр тэлъэгъу.

## ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

Тхьэм изыгъэпсэфыпIэ тызэрихьанымкIэ тыкъызэригъэгугъэгъэ Iофыр джыри зэрэщытым тетышъ, шъуащыщэу зыгорэ ащ имыхьагъэу къычIэмыкIыным пае, шъузфэсакъыжь.
[2] А зыгъэпсэфыпIэм икъэбар ахэмэ зэранэсыгъэм фэдэу, тэри къытэнэсыгъ. Ау ахэмэ къэбарышIоу зэхахыгъэм ишIуагъэ къякIыгъэп, сыда пIомэ а къэбарышIур зызэхахым, ашIошъ хъугъэп.
[3] Ау тэ, шIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъэхэр, ары Тхьэм изыгъэпсэфыпIэ ихьащтхэр, Тхьэм къызэриIуагъэм фэдэу,*

«Сафэгубжэу, 'Сэ ахэр сизыгъэпсэфыпIэ къизгъэхьащтхэп',

---

3:15 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Сэбур (Псалтыр) 95:7–8 (урыс библиемкIэ 94:8).

4:3 Тхьэм къызэриIуагъэм фэдэу – еплъ Сэбур (Псалтыр) 95:11 (урыс библиемкIэ 94:11).

сIуи, зыфэсIуагъэр згъэшъыпкъэжьызэ, гущыIэ
пытэкIэ сIуагъэ».

Тхьэм дунаер къызигъэхъугъэм щегъэжьагъэу иIофхэр
ыухыгъэхэу щытыгъэ пэтми, арэущтэу ыIуагъ. 4 Сыда
пIомэ яблэнэрэ мафэм ехьылIагъэу Тхьэм къызэриIорэр
игущыIэ тхыгъэхэм арытэу чIыпIэ горэм ыдэжь ит:*
«Тхьэм иIоф пстэури ыухыгъэхэу, яблэнэрэ мафэм
зигъэпсэфыжьыгъ». 5 А чIыпIэм дэжь Тхьэм къызэриIо-
рэри ит:* «Сэ ахэр сизыгъэпсэфыпIэ къизгъэхьащтхэп».

6 Арэущтэу Тхьэм изыгъэпсэфыпIэ ихьанхэу цIыф заулэ
джыри щыIэх. Ау цIыфхэу пасэм а зыгъэпсэфыпIэм
икъэбар зынэсыгъэхэр Тхьэм едэIунхэу зэрамыдагъэм
пае, изыгъэпсэфыпIэ ихьагъэхэп. 7 Арэущтэу зэрэщытым
пае, ащ нэужым бэ тешIагъэу, Тхьэм мы гущыIэхэр
пегъымбар Даутэ ыгу къырилъхьэхи, къызырегъаIохэм,
нэмыкI мафэу «Непэ» зыфиIуагъэр къыгъэнэфагъ, ыпэкIэ
зэрэтIуагъэм фэдэу,*

«Непэ Тхьэм ымакъэ зэхэшъухымэ,
шъугухэр гуркъэхэу щышъумыгъэт».

8 Сыда пIомэ Исус Навин Тхьэм изыгъэпсэфыпIэ ахэр
ригъэхьагъэхэмэ, Тхьэм нэмыкI мафэу «Непэ» зыфиIуа-
гъэм икъэбар къыIощтыгъэп. 9 Арышъ, Тхьэм яблэнэрэ
мафэм зызэригъэпсэфыжьыгъэм фэдэу, Тхьэм ицIыф-
хэри ежь изыгъэпсэфыпIэ джыри ихьащтых; 10 сыда
пIомэ хэт щыщми Тхьэм изыгъэпсэфыпIэ ихьэрэм
иIоф ыухыгъэу зегъэпсэфыжьы, Тхьэм иIофхэр ыухы-
гъэхэу зызэригъэпсэфыжьыгъэм фэдэу. 11 Арышъ, а
зыгъэпсэфыпIэм тызэрихьащтым ыуж тижъугъэт. Тя-
тэжъхэр Тхьэм едэIунхэу зэрамыдагъэм фэдэу, тэ тщы-
щэу зыгорэ Тхьэм емыдэIоу орэмыхъу. Армырмэ, Тхьэм
изыгъэпсэфыпIэ тихьащтэп.

12 Тхьэм игущыIэхэм щыIэныгъэшхорэ лъэкIыныгъэ-
шхомрэ ахэлъых. Ахэр бгъуитIуцэ сэшхо чаным нахьи
нахь чаных. Псэри, гури, къупшъхьэри, куцIыри зэхадзы-

---

4:4 Тхьэм къызэриIорэр чIыпIэ горэм ыдэжь ит – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 2:2.

4:5 Тхьэм къызэриIорэри ит – еплъ Сэбур (Псалтыр) 95:11 (урыс библиемкIэ 94:11).

4:7 Тхьэм Даутэ мы гущыIэхэр къызырегъаIохэм, . . . ыпэкIэ зэрэтIуагъэм фэдэу – еплъ Сэбур (Псалтыр) 95:7–8 (урыс библиемкIэ 94:8).

жьынхэу цIыфым икуупIэ нэсы пхырэкIых. ЦIыфым
игупшысэхэри игухэлъхэри зэхафых. [13] Тхьэм къыгъэ-
хъугъэ пстэуми ащыщэу зи ежьым ыпашъхьэ гъэбылъы-
гъэу щыIэп. Тхьэм ынэхэм апашъхьэ Iоф пстэури
шъхьэихыгъэу ыкIи нафэу щытых. Ежьыр ары пэгъокIыр
зэттыщтыр.

### Дин пэщэшхоу къытфэхъугъэр Исус ары

[14] Арышъ, уашъом дэкIоежьыгъэу, Исусэу Тхьэм
Ыкъо дин пэщэшхоу тиIэшъ, шIошъхъуныгъэу тиIэм
тытетэу шъыпкъагъэкIэ тырыжъугъакIу. [15] Сыда пIомэ
дин пэщэшхоу тиIэр лъэкIыныгъэ зэрэтимыIэр зыгу-
рыIон зымылъэкIырэ дин пэщэшхоу арэп. Шэйтаным
псэкIод тигъэшIэнэу зэрэпылъым фэдэу, лъэныкъо
пстэумкIи тидин пэщэшхуи псэкIод ригъэшIэнэу пылъэу
щытыгъ, ау псэкIод зи ригъэшIэшъугъэп. [16] Арышъ,
IэпыIэгъу тищыкIагъэ зыхъукIэ, Тхьэм гукIэгъу къытфи-
шIынэу ыкIи ынэшIу къытщифэнэу, гукIэгъуныгъэ
зиIэ Тхьэм итIысыпIэ лъапIэ гушхоныгъэ тиIэу тыIужъу-
гъахь.

## ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

ЦIыфхэм ачIыпIэкIэ ежьым фэлэжьэнэуи, тынхэр
ежьым фихьынхэуи, цIыфхэм япсэкIодхэр ыпщыныжьын-
хэм пае, къурмэнхэр фишIынхэуи Тхьэм хэтрэ дин пэщэ-
шхор цIыфхэм къахехы. [2] Дин пэщэшхор ыгурэ ыпсэрэкIэ
лъэкIыныгъэ зимыIэ цIыфэу зэрэщытым пае, зэхэшIыкIы-
ныгъэ зимыIэхэу, гъощэгъэ цIыфхэм гушъэбэныгъэкIэ
адэзекIон елъэкIы. [3] Арэу зыхъукIэ, дин пэщэшхом ежьым
ипсэкIодхэри цIыфхэм япсэкIодхэри ыпщыныжьынхэм пае,
Тхьэм къурмэн фишIын фае.
[4] Лъытэныгъэу дин пэщэшхоу хъуныр зыми ежь–ежьы-
рэу зыфигъэшъошэшъущтэп. Ау Тхьэр Хьарун* къызэре-
джагъэм фэдэу, дин пэщэшхоми къеджэн фае.

---

5:4 Хьарун – пегъымбар Мусэ ышэу апэрэ дин пэщэшхоу хъугъэр ары. Еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 28:1–2.

5 Арэущтэу Христоси лъытэныгъэу дин пэщэшхоу хъу-
ныр зыфигъэшъошагъэп, ау Тхьэм ащ къыриIуагъ:*
«Оры Скъор, непэ Ты сыпфэхъугъ».
6 Тхьэм къызэриIуагъэри игущыIэ тхыгъэхэм арытэу,
нэмыкI чIыпIэм ыдэжь ит:*
«Мелхиседекъ* фэдэу ори егъашIэм дин пащэу
ущытыщт».
7 Исус дунаем зытетыгъэ мафэхэм мэкъэшхокIэ джэзэ,
ынэпсхэри къеххэу,* Тхьэу лIэныгъэм къыIэкIэзыхы-
шъущтым лъэшэу елъэIугъ. ИдэIоныгъэ пае ащ ымакъэ
Тхьэм зэхихыгъ. 8 Ежьыр Тхьэм Ыкъоу щытыгъэ пэтми,
къинэу ыщэчыгъэхэмкIэ Тхьэр зэрэфаем тетэу, едэIоу
щытыгъ. 9 ИIоф зырегъэкъум, ежьым къедэIурэ цIыф
пстэури сыдигъуи мыкIодхэу къэзыгъэнэжьырэр ежьыр
арэу хъугъэ, 10 Тхьэми ар дин пэщэшхоу, Мелхиседекъ
фэдэу, ыгъэнэфагъ.

## ШIошъхъуныгъэм игъогу шъутемыкI

11 Мы Iофым ехьылIагъэу къэтIон фэягъэр бэ. Ау
шъутхьакIумэхэр жъажъэу хъугъэхэшъ, а Iофхэр зэхэ-
шъозгъэшIыкIыныр къин. 12 Уахътэу блэкIыгъэм шъузе-
плъыкIэ, мы уахътэм шъощ нэмыкI цIыфхэм Христос
ехьылIэгъэ къэбарышIур яжъугъэшIэн фэягъэ, ау Тхьэм
игущыIэхэм яхьылIэгъэ Iофхэу апэ дэдэу зэжъугъэ-
шIагъэхэр зыгорэм шъуигъэшIэжьынхэу шъуищыкIагъ.
ШъуищыкIагъэр шхыныр арэп, быдзыщэр ары нахь!
13 Щэ нахь емышъорэр сабый ныIэп. ШъыпкъагъэмI
иIоф зэхишIыкIырэп. 14 Шхыныр зыныбжь икъугъэхэм
апае. Ахэмэ шIумрэ емрэ агухэмкIэ зэхадзыжьынхэу
есэхи зэрагъэшIагъ.

---

5:5 Тхьэм ащ къыриIуагъ – еплъ Сэбур (Псалтыр) 2:7.

5:6 Тхьэм къызэриIуагъэри . . . нэмыкI чIыпIэм ыдэжь ит – еплъ Сэбур (Псалтыр) 110:4 (урыс библиемкIэ 109:4).

5:6 Мелхиседекъ – еплъ 7:1–19.

5:7 мэкъэшхокIэ джэзэ, ынэпсхэри къеххэу – еплъ Маттэ 26:36–46; Марк14:32–42; Лука 22:41–43.

Христос ехьылIэгъэ Iофхэу апэ дэдэу шъуагъэ-
шIагъэхэм таблэжъугъэкIи, цIыфхэу зыныбжь икъугъэ-
хэмэ зэрагъэшIэн фэе Iофхэм зафэтэжъугъэгъаз. ТишIо-
шъхъуныгъэ ылъапсэхэр джыри зэ зэхэтэшъумыгъэ-
гъэуцожьых. А лъэпсэ Iофхэр мыхэр ары: лIэныгъэ
къызхэкIырэ Iоф мыхъомышIэхэу шъушIагъэхэм шъуа-
фыкIэгъожьынри, ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэ шъуиIэнри;
2 умэхъыныгъэм* ехьылIэгъэ Iофхэу зэжъугъэшIагъэ-
хэри, цIыфхэм атеIэбэнри Тхьэм ынэшIу къащифэным
пае; лIагъэхэм якъэтэджыжьынри, Тхьэм ихьыкумэу
мыкIодыжьыщтыр цIыфхэм атришIыхьанри. 3 Тхьэм ыIо-
мэ, а Iофхэм таблэкIыщт.

4 Сыда пIомэ цIыфхэу зэгорэм Тхьэм инэфынэ хэты-
гъэхэу, етIани зыкIыб Тхьэм фэзыгъэзагъэхэм япсэ-
кIодхэм афыкIэгъожьынхэу къябгъэгъэзэжьын плъэкIы-
щтэп. Ахэмэ уашъом щыIэ Тхьэм итын зыфэдэр ашIэ-
щтыгъ; Тхьэм Ыпсэ ЛъапIи агухэм арылъыгъ; 5 Тхьэм
игущыIэхэм яшIугъэри, къэкIощт дунаем илъэкIыны-
гъэхэри ашIэщтыгъэх. 6 Ау щытми, акIыб Тхьэм фагъэ-
зэжьыгъ. ЯпсэкIодхэм афыкIэгъожьынхэу къябгъэгъэ-
зэжьын плъэкIыщтэп, сыда пIомэ Тхьэм Ыкъо джыри
зэ къащым тыраIулIэрэм фэд, цIыфмэ апашъхьэ ынапэ
щытырахырэми фэд.

7 ЧIыгоу бэрэ ощх къызтещхэу, цIыфхэу ар зылэжьхэ-
рэмкIэ зишIуагъэ къакIорэ лэжьыгъэ къызщыкIырэм
Тхьэм ынэшIу къыщефэ. 8 Ау панэрэ пырэжъыерэ къыз-
щыкIырэ чIыгум пкIэ иIэп. Бэ темышIэу Тхьэм ынае а
чIыгум къыщифэщт. Ыужыпкъэми ар агъэстыжьыщт.

9 СилъапIэхэр, арэущтэу тIо пэтми, шъуиIоф нахьышIоу
зэрэщытми, шъумыкIодэу Тхьэм шъукъызэригъэнэ-
жьыщт гъогум шъузэрэтетми тащэгугъы. 10 Сыда пIомэ
Тхьэр зафэ. Iофэу шъушIагъэр щыгъупшэщтэп. Тхьэм
ицIыф лъапIэхэм IэпыIэгъу шъузэрафэхъугъэмрэ джыри
IэпыIэгъу шъузэрафэхъурэмрэкIэ шIулъэгъуныгъэу Тхьэм
фэжъугъэлъэгъуагъэри щыгъупшэщтэп. 11 Iофхэу шъузщы-
гугъыхэу, шъузпаплъэхэрэр жъугъотынхэм пае, шъуащы-
щэу хэти ыгу етыгъэу кIэухым нэсы Тхьэм иIофхэм емы-
зэщэу апылъымэ тшIоигъу. 12 Фэмыфэу шъущымыт, ау

6:2 умэхъыныгъэр – еплъ Маттэ 3:1.

шIошъхъуныгъэмрэ щыIагъэмрэ зэряIэм пае, Тхьэм Iоф-
хэу къызэригъэгугъагъэхэр цIыфхэу зиIэхьышIу къыз-
лъысыщтхэм ялъэужххэм шъуарыкIу.

## Тхьэм тыкъызэригъэгугъагъэр ыгъэцэкIэжьыщт

[13] Тхьэм игущыIэ Ибрахьимэ къызыретым, ежьым нахьи
нахь ин зэрэщымыIэм пае, къыIуагъэр къыгъэшъыпкъэ-
жьызэ, ежьым ыцIэкIэ гущыIэ пытэкIэ мырэущтэу къы-
Iуагъ:* [14] «Шъыпкъэмкlэ сынэшIу къыпщысфэщт, быныби
къыптезгъэхъукIыщт». [15] Арэущтэу Ибрахьимэ щыIагъэ
зыригъаIи, Тхьэм къызэригъэгугъагъэр иIэ хъугъэ.
[16] ЦIыфмэ ежьхэм анахьи нахь инэу зыгорэмкIэ тхьа-
рыIо ашIэу яхабз. ТхьарыIом къаIогъэ гущыIэхэр
егъэшъыпкъэжьых, зэнэкъокъун Iофми кIэух фешIы.
[17] Арэущтэу Тхьэм Iофхэу къызэригъэгугъагъэхэр зиIэ-
хьышIу къызлъысыщтхэм игухэлъ зэрэзэблимыхъущтыр
аригъэлъэгъунэу фэягъэти, Iофхэу къызэригъэгугъа-
гъэхэр зэригъэцэкIэщтхэр гущыIэ пытэкIэ къафигъэ-
шъыпкъэжьыгъ. [18] Арэущтэу зэблэмыхъушъун Iофитlу*
щыI. Ар Тхьэу зэрэщытым пае, а IофитIур зэримыгъэ-
цэкIэн гъогу щыIэп. Тэ Тхьэр ухъумакIоу къызфэхъунэу,
ежьым пэгъунэгъу хъугъэ цIыфхэр Тхьэм тапэ къыри-
лъхьэгъэ Iофхэу тызщыгугъыхэу, тызпаплъэхэрэр къыз-
нэдгъэсынхэу мы IофитIумэ тагъэгушхо. [19] ГугъапIэу
Христос фытиIэр пытэу ыкIи цыхьэшIэгъоу, гъурзым
фэдэу тыгухэм арылъ. Ащ пае пэIухъоу Тхьэм иунэшхо
ыкIоцI щыIэм тыблэкIызэ, унэ кIоцIэу анахь лъапIэм*
тихьан тлъэкIыщт. [20] Тэщ пае Исус а унэ кIоцIэу анахь
лъапIэм тапэу ихьагъ.* Мелхиседекъ фэдэу егъэшIэрэ
дин пэщэшхоу хъугъэ.

---

6:13–14 мырэущтэу къыIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 22:16–17.

6:18 IофитIу – мыхэр ары: Тхьэм цIыфхэр къызэригъэгугъэгъэ Iофхэмрэ ахэр зэригъэцэкIэщтхэр гущыIэ пытэкIэ къызэригъэшъыпкъэжьыгъэмрэ ары.

6:19 унэ кIоцIэу анахь лъапIэр – мы тхылъыр зытхыгъэм Тхьэм иунэшхо чIэтыгъэ унэ кIоцIэу Тхьэм ищытхъушхо зыдэщыIагъэр уашъом фегъадэ.

6:20 Исус а унэ кIоцIэу анахь лъапIэм ихьагъ – дин пэщэшхор Тхьэм иунэшхо чIэтыгъэ унэ кIоцIэу анахь лъапIэм илъэс къэс зэ чIахьэщтыгъ, къурмэн ышIынэу, цIыфхэм япсэкIодхэр ыпщыныжьынхэм пае. Исус дин пэщэшхоу уашъом Тхьэм ыпашъхьэ щихьагъ.

# ЯБЛЭНЭРЭШЪХЬ

## Дин пащэу Мелхиседекъ

Мелхиседекъ* Салэм къалэм* ипачъыхьэу ыкIи Тхьэу анахь Иным фэлажьэрэ дин пащэу щытыгъ. Ибрахьимэ пачъыхьабэмэ затекIо ужым къызегъэзэжьым, Мелхиседекъ ащ пэгъокIи, Тхьэм ынэшIу къыщыригъэфагъ.
[2] Джащыгъум Ибрахьимэ мылъкоу заомкIэ къыхьыгъэм ызыпшIанэ Мелхиседекъ ритыгъ. Мелхиседекъ ыцIэ къикIырэм тетэу, ыпэ рапшIэу «шъыпкъагъэ зиIэ пачъыхьэу» щыт, етIанэ Салэм ипачъыхьэу щыт, ащ къикIырэр «цIыфхэр зэзыгъэшIурэ пачъыхьэр» ары.
[3] Яти яни имыIэу, унэгъо лъэпкъ зэтекI имыIэу, имафэхэм ублапIэ ямыIэу, ищыIэныгъи ухыпIэ имыIэу, Тхьэм Ыкъо фэдэу Мелхиседекъ егъэшIэрэ дин пащэу щыт.

[4] Мелхиседекъ иинагъэ шъуеплъ: Тятэжъышхоу Ибрахьимэ мылъкоу заомкIэ къыхьыгъэм ызыпшIанэ ащ ритыгъ.
[5] Левый* къытехъукIыгъэ цIыфхэм ащыщхэу дин пащэ хъугъэхэм Израил цIыфхэм къагъахъэрэм ызыпшIанэ къаIахынэу Тэурат хабзэм иунашъо ит. Ащ къикIырэр, а пшIанэр къызыIаххэрэр ашыхэу Ибрахьимэ къытехъукIыгъэ цIыфхэр ары.
[6] Ау Мелхиседекъ, Левый къытехъукIыгъэ цIыфхэм ащыщэу щымытыгъэ пэтми, Ибрахьимэ мылъкоу заомкIэ къыхьыгъэм ызыпшIанэ къыIихыгъ. Ащ нэмыкIэуи Мелхиседекъ Ибрахьимэу Тхьэм IэхьышIукIэ къыгъэгугъагъэм Тхьэм ынэшIу къыщыригъэфагъ.
[7] Щэч хэмылъэу, цIыфэу адрэ цIыфым Тхьэм ынэшIу къыщызыгъафэрэр адрэм нахьи нахь ин.
[8] ЕтIанэ дин пащэхэу цIыфмэ пшIанэр къаIызыххэрэм яIоф ухаплъэмэ, ахэр лIэнхэ фэе цIыфхэу щытых. Ау Мелхиседекъэу Ибрахьимэ пшIанэр къыIызыхыгъэм иIоф ухаплъэмэ, ар зэрэпсэурэмкIэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэр шыхьат фэхъух.
[9] Левый къытехъукIыгъэ цIыфхэм мы лъэхъанэм пшIанэр

---

7:1 Мелхиседекъ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 14:17–20.

7:1 Салэм къалэр – Ерусалим ары.

7:5 Левый – пегъымбар Якъубэ ыкъохэм ащыщыгъ. Дин пэщэ пстэури ащ иунэгъо лъэпкъым щыщыгъэх.

адрэ цIыфхэм къаIахы пэтми, Ибрахьимэ пшIанэр Мелхи-
седекъ зыретым, Левый пшIанэр Мелхиседекъ ритыгъэу
пIоми хъущт, [10] сыда пIомэ Мелхиседекъ Ибрахьимэ зы-
пэгъокIым, Левый къэмыхъугъэу щытыгъэ пэтми, ятэ-
жъышхоу Ибрахьимэ ыпкъ зэрэхэлъыгъэр пIоми хъущт.

[11] Арэущтэу дин пащэхэу Левый иунэгъо лъэпкъ щыщ-
хэм Iофэу ашIагъэмкIэ Тхьэм игухэлъ икъугъэу хъугъэ-
мэ, (сыда пIомэ пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ дин
пащэхэу Левый иунэгъо лъэпкъ щыщхэм яIоф епхыгъэу
щыт), ащыгъум Хьарун фэмыдэу Мелхиседекъ фэдэу, нэ-
мыкI дин пащэ къэкIон фаеу хъущтыгъэп. [12] Сыда пIомэ
Тхьэм дин пэщэ лъэпкъыр зызэблихъукIэ, хабзэри зэблэ-
хъугъэу хъун фае. [13] ЕтIанэ ти Зиусхьан Исусэу мы Iоф-
хэр зэхьылIагъэхэр нэмыкI унэгъо лъэпкъ щыщыгъ. Ежьым
унэгъо лъэпкъ щыщэу зыми дин пащэу къурмэншIыпIэм
Iоф щишIагъэп. [14] Сыда пIомэ ти Зиусхьан Иудэ унэгъо
лъэпкъым зэрэщыщыр нафэ. Пегъымбар Мусэ дин пащэ-
хэм къызатегущыIэм, а унэгъо лъэпкъым игугъу ышIы-
гъэп. [15] Мелхиседекъ фэдэу нэмыкI дин пащэ къызэрэ-
лъэгъуагъэм Iофэу зыфэсIуагъэр нахь нафэу ешIы. [16] Мел-
хиседекъ иунэгъо лъэпкъ зэтекI ехьылIэгъэ хабзэхэмрэ
цIыф унашъохэмрэ арэп ар дин пащэу зыгъэхъугъэхэр,
ау зыми ымыгъэкIодышъун щыIэныгъэм илъэкIыныгъэ
ары дин пащэу зыгъэхъугъэр. [17] Сыда пIомэ Тхьэм игу-
щыIэ тхыгъэхэм мырэущтэу арыт:*

> «Мелхиседекъ фэдэу ори егъашIэм дин пащэу
> ущытыщт».

[18] ЫпэрэхабзэмлъэкIыныгъэ имыIэу зэрэщытыгъэм
ыкIи ишIуагъэ цIыфхэм аримыгъэкIэу зэрэщытыгъэм пае,
Тхьэм ар зы бгъукIэ ригъэзэкIыгъ. [19] Сыда пIомэ
Тэурат хабзэм Iоф ыкIагъэ зи имыIэу, икъугъэу
ыгъэхъун ылъэкIыгъэп. Ау джы Тхьэм тызщигъэгугъырэ
Iофыр нахьышIу, а Iофыми Тхьэм пэблагъэ тыхъунэу
тегъэлъэкIы.

[20] Ащ нэмыкIэу Тхьэм гущыIэ пытэкIэ къыгъэшъы-
пкъэжьыгъ Исус дин пащэу зэрэхъущтыр. [21] НэмыкI
цIыфхэр Тхьэм игущыIэ пытэ хэмылъэу дин пащэхэу

---

7:17 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм мырэущтэу арыт– еплъ Сэбур (Псалтыр) 110:4 (урыс библиемкIэ 109:4).

хъугъэх, ау Исус дин пащэ хъу зэхъум, Тхьэм къыIуагъэр гущыIэ пытэкIэ къыгъэшъыпкъэжьыгъ, сыда пIомэ Тхьэм мырэущтэу къыриIуагъ:*

«Сэ, Зиусхьаныр, къэсIуагъэр згъэшъыпкъэжьызэ,
гущыIэ пытэкIэ сIуагъэ ыкIи сыкIэгъожьыщтэп:
О егъашIэм дин пащэу ущытыщт».

22 Арэущтэу зэзэгъыныгъэу Тхьэм ежьыррэ тэррэ тазыфагу дилъхьагъэр зэрэнахьышIум тыщызыгъэгугъырэр Исус ары.

23 Ащ нэмыкIэуи адрэ дин пащэхэр бэ хъугъэх, сыда пIомэ дин пащэхэу Тхьэм фэлэжьэн зэпытынхэу лIэныгъэм фит ышIыгъэхэп. 24 Ау Исус егъашIэм зэрэщыIэщтым пае, идин пэщэ Iоф нэмыкI горэм къыфигъэнэжьыщтэп. 25 Ащ пайй Тхьэм пэблагъэ хъунхэу Исус зэригъэлъэкIырэ цIыфхэр мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэ сыдигъуи елъэкIы, сыда пIомэ Исус а цIыфхэм Тхьэм афелъэIунэу егъашIэм щыI.

26 Ащ фэдэ дин пэщэшхор ары тищыкIагъэр: зыгу къабзэу, зыми зэригъэмысэн зи зыбгъодэмылъэу, лажьэ зи зимыIэу, псэкIод зышIэрэ цIыфхэм ахэкIыжьыгъэу, уашъохэм апшъэ дэкIоежьыгъэу щыIэ дин пэщэшхор ары. 27 Адрэ дин пэщэшхохэм, ыпэ рапшIэу ежьхэм япсэкIодхэр апщыныжьынхэм пае, етIанэ адрэ цIыфхэм япсэкIодхэри апщыныжьынхэм пае, мафэ къэси къурмэн ашIынэу зэрящыкIагъэм фэдэу, Исус ищыкIагъэп; сыда пIомэ ежь къурмэныпхъэу зызешIым, цIыфхэм япсэкIодхэр ыпщыныжьынхэм пае, джыри зэ къурмэныпхъэу мыхъужьынэу, къурмэныпхъэу хъугъэ. 28 Зыгурэ зыпсэрэкIэ лъэкIыныгъэ зимыIэ цIыфхэр дин пэщэшхохэу хъунхэу Тэурат хабзэм иунашъо егъэнафэх; ау Тэурат хабзэр къызэкIо ужым, Тхьэм къыIуагъэр гущыIэ пытэкIэ къызегъэшъыпкъэжьым, Ыкъоу зишъыпкъагъэ егъашIэм щыкIагъэ зи зимыIэ цIыф икъугъэу щытыр дин пэщэшхоу хъунэу къыгъэнэфагъ.

---

7:21 Тхьэм мырэущтэу къыриIуагъ – еплъ Сэбур (Псалтыр) 110:4 (урыс библиемкIэ 109:4).

# ЯЕНЭРЭШЪХЬ

## Исусэу тидин пэщэшхор

Шъыпкъэу зыфатIорэр мары: Уашъохэм ащыIэу, тетыгъошхор зэкIэ зиIэ Тхьэм итIысыпIэ лъапIэ иджабгъукIэ госэу дин пэщэшхо тиI.
[2]ЧэтэнгъэIэгъэ шъыпкъэу Тхьэр зыдэщыIэм дин пэщэшхоу Iоф щешIэ. А-чэтэнгъэIагъэр зыгъэуцугъэр цIыфхэр арэп, Зиусхьаныр ары нахь.

[3]Тхьэм хэтрэ дин пэщэшхуи тынхэри ежьым фихьынхэуи, къурмэнхэр фишIынхэуи къегъэнафэ. Ащ пае, тидин пэщэшхуи Тхьэм къурмэныпхъэ горэ фишIын фае.
[4]Исус дунаем тетыгъэмэ, дин пащэу щытыщтыгъэп, сыда пIомэ Тэурат хабзэм ит унашъом тетэу, Тхьэм тынхэр фэзыхьырэ дин пащэхэр щыIэх.
[5]Ахэр дин пащэхэу Iоф зыщашIэрэр Тхьэм иунэшхоу уашъо щыIэм ышъо теплъэ е ижьау ныIэп. Сыда пIомэ пегъымбар Мусэ чэтэнгъэIагъэр ыгъэуцоу зыфежьэм, Тхьэм ащ унашъо къыфишIыгъ: «Къушъхьэм утетэу зэкIэ къызэрэозгъэлъэгъугъэм тетэу, зэрэпшIыщтым фэсакъ».
[6]Зэзэгъыныгъэу Исус Тхьэмрэ цIыфхэмрэ азыфагу дэлъэу ыгъэхъугъэр апэрэ зэзэгъыныгъэм нахьи зэрэнахь иным фэдэу, Исус дин пэщэшхо Iофэу ышIэрэр адрэ дин пэщэшхохэм яIоф нахьи нахь Iофышху, сыда пIомэ аужырэ зэзэгъыныгъэмкIэ Iофхэу Тхьэм цIыфхэр къызэригъэгугъагъэхэр нахьышIоу щытых.

[7]Апэрэ зэзэгъыныгъэм* зи щыкIагъэ имыIагъэмэ, нэмыкI зэзэгъыныгъэ ащ ычIыпIэ ихьанэу ищыкIэгъэщтыгъэп.
[8]Ау пегъымбарым цIыфхэр ыгъэмысэхэу къыIуагъ:*

«Зиусхьаным мырэущтэу къеIо:
Сэррэ Израил унэгъо лъэпкъымрэ Иудэ унэгъо лъэпкъымрэ
зэзэгъыныгъакIэ тазыфагу сэ зыдэслъхьащт мафэхэр къэсыщтых.

---

8:7 Апэрэ зэзэгъыныгъэр – апэрэ зэзэгъыныгъэр хъунэу зыгъэхъугъэр пегъымбар Мусэ ары.

8:8–12 пегъымбарым . . . къыIуагъ – еплъ Пегъымбар Иеремие тхылъэу ытхыгъэм 38:31–34.

9 Ау мы зэзэгъыныгъэр зэрэщытыщтыр
ятэжъхэр Мысырым сэ къызесэщыжьхэм,
зэзэгъыныгъэу сэрырэ ахэмрэ тазыфагу дэслъхьагъэр
зэрыщытыгъэм фэдэу арэп,
сыда пIомэ зэзэгъыныгъэу тазыфагу дэслъхьагъэм игъогу
ахэр рыкIо зэпытыгъэхэп.
Арышъ, ахэмэ пхъэтэпэмыхьэу сяплъы хъугъэ,
Зиусхьаным къеIо.
10 А мафэхэм ауж зэзэгъыныгъэу сэрырэ Израил лъэпкъымрэ
тазыфагу дэслъхьащтыр мары:
Сиунашъохэр ахэмэ ашъхьэхэм арыслъхьащтых,
агухэми атестхэщтых.
Сэ ахэмэ я Тхьэу сыщытыщт,
ахэри сэ слъэпкъэу щытыщтых,
Зиусхьаным къеIо.
11 Арэущтэу зыхъукIэ, 'Зиусхьаныр зыфэдэр зэгъашIэ', аIоу,
зэгъунэгъухэми зэшыхэми зэраIожьыщтэп,
сыда пIомэ цIыкIухэм къащегъэжьагъэу инхэр къыхиубытхэу
зэкIэми сашIэщт.
12 БзэджашIэхэми сэ гукIэгъу афэсшIыщт.
ЯпсэкIодхэри, бзэджагъэу ашIагъэхэри
сыгу изгъэлъыжьыщтхэп».
13 Тхьэм «зэзэгъыныгъакIэ» зэриIуагъэмкIэ апэрэ
зэзэгъыныгъэр жъы зэрэхъугъэр къыгъэлъэгъуагъ. Сыд
щыщи жъы хъугъэу, лъэкIыныгъэ зимыIэжьыр бэ
темышIэу кIодыжьыщт.

## ЯБГЪОНЭРЭШЪХЬ

### ЦIыфхэм шъыпкъагъэкIэ Тхьэр зэрагъэлъэпIэн фэе шIыкIэр

Апэрэ зэзэгъыныгъэм тетэу цIыфхэм Тхьэр зэрагъэлъэпIэн фэе шIыкIэм ехьылIэгъэ унашъохэр щыIагъэх. ЦIыфхэм аIэкIэ ашIыгъэу, Тхьэр зыщагъэлъэпIэн чIыпIи

щыIагъ. [2]Сыда пIомэ унитIу зиIэ чэтэнгъэIагъэ горэ
агъэуцугъ. Апэрэ унэу Унэ КIоцI ЛъапIэу зыфаIорэм
ыкIоцIы остыгъэ тетыпIэр, Iанэр, Тхьэм ыпашъхьэ агъэ-
тIылъыгъэ хьалыгъур щыIагъэх. [3]ПэIухъо горэм ыкIыб-
кIэ Унэ КIоцIэу анахь ЛъапIэу зыфаIорэр щыIагъ. [4]Мэ-
IэшIу зыпихырэ уцхэм ягъэстыпIэу дышъэм хэшIыкIы-
гъэмрэ тыдэкIи дышъэ зытебзэгъэ пхъуантэу Тхьэм
ежьыррэ цIыфхэмрэ азыфагу дилъхьэгъэ зэзэгъыныгъэм
ипхъуантэу зыфаIорэмрэ а унэ кIоцIым итыгъэх. Ды-
шъэм хэшIыкIыгъэ хьакъушыкъоу мэнн зыцIэ шхыныр*
зэрылъыр, Хьарун ибэщэу тхьапэхэр къызпыкIагъэр, мы-
жъобгъуитIоу Тхьэм иунашъохэр зэрытхэр а пхъуантэм
дэлъыгъэх. [5]А пхъуантэм ышъхьагъкIэ Тхьэм ищытхъу-
шхо къэзыушыхьатырэ Херувим зыфаIорэ мэлэIичхэр щы-
тыгъэх. Ахэмэ атамэхэмкIэ Тхьэм цIыфхэм япсэкIодхэр
къызщафигъэгъурэ чIыпIэр къаухъумэщтыгъэх. Ау джы
мы Iофхэм зырызэу татегущыIэн тлъэкIыщтэп.

[6]Мы Iофхэр мырэущтэу гъэпсыгъэхэу, яIоф ашIэнэу
дин пащэхэр апэрэ унэ кIоцIым ихьэ зэпытыщтыгъэх.
[7]Ау ятIонэрэ унэ кIоцIым дин пэщэшхом нэмыкI зи
ихьагъэп, ари илъэсым зэ нахьыбэу ихьэщтыгъэп. Ащ
дэжьым къурмэныпхъэм ыл зыдимыхьэу ихьэщтыгъэп. А
къурмэныр ежьым ипсэкIодхэр ыпщыныжьынхэм пайй,
цIыфмэ амышIахэу ашIэгъэ псэкIодхэр ыпщыныжьынхэм
пайй ышIыгъ. [8]Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ а гъэпсыкIэмкIэ къе-
гъэнафэ, Унэу КIоцIэу анахь ЛъапIэу уашъом щыIэм
ыдэжь кIорэ гъогур зэрэIумыхыгъэр, а чэтэнгъэIэгъэ-
жъыр щэтыфэ. [9]А Iоф пстэуми джырэ лъэхъанэм Iо-
фыр зытетыр къагъэлъагъо: цIыфхэм тынхэу Тхьэм фа-
хьыхэрэмрэ къурмэнхэу фашIыхэрэмрэ агухэм якъэбза-
гъэ икъугъэу агъэхъун алъэкIырэп. [10]А тынхэри а къур-
мэнхэри зэпхыгъэ Iоф закъохэр шхэнми ешъонми яIофрэ,
диным ехьылIагъэу зэфэмыдэ шIыкIэхэу цIыфхэм зызэ-
рагъэкъэбзэжьынхэм яIофрэ ары. Ахэр цIыфхэм апкъ
епхыгъэ унашъох; Тхьэм Iофхэр зэкIэ зэблехъужьыфэ,
а унашъохэр щыIэнхэ фэягъэ ныIэп.

9:4 мэнн зыцIэ шхыныр – Израил цIыфхэр Мысырым (Египет) къикIыжьхи, шъоф нэкIым къыщакIухьэу зыщэтым, шхынэу Тхьэм аригъэшхыгъэр ары. Еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 16:4–5.

[11] Ау Христос джы щыIэ IофышIухэр къыздихьыхэзэ,
дин пэщэшхоу къэкIуагъ. Мы дунаем тет чэтэнгъэIагъэм
нахьи нахь чэтэнгъэIэгъэшхоу ыкIи чэтэнгъэIагъэ нахь
икъугъэу щытым ыкIоцI дин пэщэшхоу Iоф щешIэ. А
чэтэнгъэIагъэр цIыфхэм аIэкIэ ашIыгъэ чэтэнгъэагъэу
щытэп, ащ къикIырэр а чэтэнгъэIагъэр мы дунаеу Тхьэм
къыгъэхъугъэм щыщэп. [12] Пчэнымрэ танэмрэ якъурмэны-
пхъэ лъыр зыдимыхьэу, ежьым ылъэу къащым щыкIэкIы-
гъэу, Унэу КIоцIэу анахь ЛъапIэу уашъом щыIэм Хри-
стос, джыри зэ имыхьажьынэу, зэ закъоу ихьагъ. Арэу-
щтэу ежьым ылъкIэ мыкIодыжьын шъхьафитныгъэ тигъэ-
гъотызэ, тэ тшъхьэхэр ыщэфыжьыгъэх. [13] Дин пащэхэм
пчэнхэмрэ шкIэхэмрэ якъурмэныпхъэ лъырэ чэмым иякьэ-
рэ цIыфхэу Тхьэм ыдэжькIэ мыкъабзэхэу щытхэм атырау-
тхэщтыгъэх, ахэр къабзэхэу хъужьынхэм пае. [14] Ащ на-
хьи нахьыбэу лIэныгъэр къызхэкIырэ IофхэмтапыкIы-
жьынэуи, щыIэныгъэрэ шъыпкъагъэрэ зиIэ Тхьэм тыфэ-
лэжьэнэуи Христос ылъ тыгухэр егъэкъэбзэжьых. Хри-
стос щыкIагъэ зи зимыIэ къурмэныпхъэ икъугъэу щы-
тым фэдэу, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэу сыдигъуи щыIэм илъэ-
кIыныгъэкIэ Тхьэм зыритыгъ.

[15] Джащ пайй, Христосыр ары Тхьэмрэ цIыфхэмрэ
азыфагу зэзэгъыныгъакIэр дэлъэу зыгъэхъурэр, Тхьэр
зибынхэм ащыщ хъунхэу къызэджэгъэ цIыфхэм мыкIо-
дыжьынэу щыт IэхьышIоу къызэригъэгугъагъэхэр къа-
лъысынхэм пае. Сыда пIомэ цIыфхэу апэрэ зэзэгъыны-
гъэм ыIэчIэгъ чIэтхэу, псэкIод зышIагъэхэм ашъхьэхэр
Христос илIэныгъэкIэ ыщэфыжьыгъэх.

[16] Осыет щыIэмэ, осыетыр къэзышIыгъэр зэрэлIагъэр
къагъэшъыпкъэжьын фае, [17] сыда пIомэ осыетыр зыб-
гъэцакIэ хъущтыр, ар къэзышIыгъэр зылIэрэ ыужыр ары
ныIэп. КъэзышIыгъэр псаумэ, осыетыр бгъэцакIэ хъущ-
тэп. [18] Ащ пайй, апэрэ зэзэгъыныгъэри бгъэцакIэ хъун
зэзэгъыныгъэу зыгъэхъугъэ закъор лъыр ары. [19] Сыда
пIомэ, пегъымбар Мусэ Тэурат хабзэм иунашъохэр зэ-
кIэ цIыф пстэуми зарегъэIум ыуж, цы плъыжь чIапцIэр
иссоп зыцIэ куандэм икъутамэхэм апишIи, танэхэмрэ
пчэнхэмрэ алъ псы игъусэу ышти, а къутамэхэмкIэ
тхылъымрэ цIыф пстэумрэ атриутхагъ. [20] Мусэ етIанэ

къыIуагъ:* «Мы лъыр ары зэзэгъыныгъэу Тхьэм унашъо
къызэрэшъуфишIыгъэм фэдэу шъуззэредэIун фаер къэзы-
гъэшъыпкъэжьырэр». [21] Ащ фэдэуи чэтэнгъэIагъэмрэ Тхьэр
зэрагъэлъапIэрэ псэуалъэ пстэумрэ лъы атриутхагъ.
[22] Шъыпкъэ, Тэурат хабзэм зэритым фэдэу, сыд щыщри
къэнагъэ шIагъо щымыIэу, лъыкIэ агъэкъэбзэжьы, къур-
мэнылъи хэмылъэу псэкIод гъэгъуныгъэ щыIэп.

## Христос къурмэныпхъэу зишIызэ, цIыфхэм япсэкIодхэр зэратрихыжьрэр

[23] Арэущтэу а Iофхэу сызтегущыIагъэхэу, уашъом щыIэ
Iоф шъыпкъэхэм ашъо теплъэхэу щытхэр мы къурмэн-
хэмкIэ агъэкъэбзэжьын фэягъэ. Ау уашъом щыIэ Iоф-
хэм а къурмэнхэм анахьи нахь къурмэнышIухэр яфэ-
шъуашэх. [24] Сыда пIомэ цIыфмэ ашIыгъэ чэтэнгъэIагъэу
Тхьэр зыдэщыIэ чIыпIэ шъыпкъэм ышъо теплъэу щы-
тыр арэп Христос зэрыхьагъэр, уашъоу Тхьэр зыдэщы-
Iэ чIыпIэ дэдэр ары зэрыхьагъэр, джы тэщ пае Тхьэм
ыпашъхьэ ихьанэу. [25] Дин пэщэшхор Унэ КIоцIэу анахь
ЛъапIэу зыфаIорэм илъэс къэс ежьым ылъ мыхъоу,
къурмэныпхъэм ылъ зыдихьэу ихьащтыгъ. Ау Христос
уашъоу Тхьэр зыдэщыIэ чIыпIэм зыфихьагъэр бэрэ
къурмэныпхъэу зишIыныр арэп, джыри зэ къурмэныпхъэ
зимышIыжьынэу, зэ закъо къурмэныпхъэу зишIыныр
ары нахь. [26] Арэущтэу щымытыгъэмэ, Тхьэм дунаер
къызигъэхъугъэм щегъэжьагъэу Христос бэрэ ыщэчын
фаеу хъущтыгъ. Ау ежьым къурмэныпхъэу зызэришIы-
гъэмкIэ псэкIодыр ыгъэкIодынэу джы лъэхъанэхэм
якIэух дэжь, джыри зэ къэмылъэгъожьынэу, зэ закъо
къэлъэгъуагъ. [27] ЦIыф пстэури зэ лIэжьын фаех, етIанэ
Тхьэм хьыкум атришIыхьащт. [28] Ащ фэдэуи цIыфыбэмэ
япсэкIодхэр атрихыжьынхэу Христоси зэ закъо къур-
мэныпхъэу зишIыгъ. ЕтIани зэ къэлъэгъожьыщт.* Къы-
зылъэгъожькIэ, цIыфхэм япсэкIодхэр атрихыжьынхэу
арэп къызфэкIощтыр, цIыфхэу ежьыр къызэрэкIожьы-
щтым щыгугъыхэу, паплъэхэрэр мыкIодхэу къыгъэнэ-
жьынхэу ары нахь.

---

9:20 Мусэ етIанэ къыIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 24:8.

9:28 ЕтIани зэ къэлъэгъожьыщт – дунаем икIэух ыдэжь ары къызылъэгъожьыщтыр.

## ЯПШIЭНЭРЭШЪХЬ

Тэурат хабзэр IофышIухэу къэкIощтхэм яжьаоу щытыгъэ ныIэп, а IофышIухэр зэрэщытыщтхэри шъыпкъагъэкIэ къыгъэлъэгъон ылъэкIыщтыгъэп. Арышъ, а къурмэн дэдэхэу илъэс къэси ашIы зэпытыщтыгъэхэмкIэ цIыфхэу Тхьэм пэгъунэгъу хъунхэу фаехэр Тэурат хабзэм Тхьэм ыдэжькIэ зишъыпкъагъэ зи щыкIагъэ зимыIэ цIыф икъугъэхэу ыгъэхъунхэ ылъэкIыщтыгъэп.
2 Ар ылъэкIыщтыгъэмэ, цIыфхэм къурмэншIыныр ханэжьыщтыгъ. Сыда пIомэ Тхьэм пэгъунэгъу хъунхэу фаехэр а къурмэнхэмкIэ къабзэу хъущтгъэхэмэ, япсэкIодхэр агухэмкIэ зыдашIэжьыщтыгъэхэп.
3 Ау а къурмэнхэм илъэс къэси япсэкIодхэр агу къагъэкIыжьыщтыгъэх,
4 сыда пIомэ шкIэхэмрэ пчэнхэмрэ алъ цIыфхэм япсэкIодхэр атырихын ылъэкIыщтэп.

5 Арышъ, Христос мы дунаем къытехьанэу зэхъум, ащ Тхьэм мырэущтэу риIуагъ:*

«Къурмэнхэми тынхэми уафэягъэп,
ау пкъы къысфэбгъэхьазырыгъ.
6 ЦIыфхэм машIокIэ агъэстырэ къурмэнхэри,
япсэкIодхэр зытырахынхэм пае ашIырэ къурмэнхэри
игъоу плъытагъэхэп.
7 ЕтIанэ сэ сIуагъэ:
'О Тхьэ, мары, узыфаер згъэцэкIэнэу сыкъэкIуагъ,
уитхылъ сикъэбар зэритым фэдэу'».

8 Христос арэущтэу къызеIом, ыпэ рапшIэу къыIуагъэхэр мыхэр ары: «Къурмэнхэми, тынхэми, цIыфхэм агъэстырэ къурмэнхэми, япсэкIодхэр зытрахынхэм пае, ашIырэ къурмэнхэми уафэягъэп ыкIи игъоу плъытагъэхэп». ЦIыфхэм а къурмэнхэр Тэурат хабзэм иунашъо тетэу ашIыщтыгъэ пэтми, Христос арэущтэу къыIуагъ.
9 ЕтIанэ мырэущтэу къыIуагъ: «О Тхьэ, мары, узыфаер згъэцэкIэнэу сыкъэкIуагъ». Арэущтэу Христос апэрэ Iофхэр* зы бгъукIэ ригъэзэкIыгъэх, ахэмэ ачIыпIэ ятIонэрэ Iофыр* ригъэуцоным пае.
10 Исус Христос Тхьэр зыфэя-

---

10:5–7 Тхьэм мырэущтэу риIуагъ – еплъ Сэбур (Псалтыр) 40:6–8 (урыс библиемкIэ 39:7–9).
10:9 апэрэ Iофхэр – къурмэншIынхэр ары.
10:9 ятIонэрэ Iофыр – Христос къурмэныпхъэу зызэришIырэр ары.

гъэр зэригъэцэкІагъэм пае, ежьым ыпкъ зэзакъо къурмэныпхъэу зэришІыгъэмкІэ, джыри зэ къурмэныпхъэу ымышІыжьынэу, тыгухэр ыгъэкъэбзэжьыгъэх.

11 Хэтрэ дин пащи идин пэщэ Іоф мафэ къэс ешІэ.
А къурмэн дэдэхэу цІыфмэ япсэкІодхэр атезыхын зымылъэкІхэрэр ешІы зэпытых. 12 Ау Христос цІыфмэ
япсэкІодхэр егъашІэм ыпщыныжьыпэнхэм пае, зы къурмэныпхъэ закъоу зешІы ужым, Тхьэм иджабгъукІэ щысынэу готІысхьагъ. 13 А уахътэм къыщегъэжьагъэу
Христос пэплъэ, ипыйхэр Тхьэм ащ лъэгукІэтын* зыфишІыщт мафэм. 14 Арэущтэу зэзакъо къурмэныпхъэу
зызэришІыгъэмкІэ зыгу къабзэ хъухэрэм егъашІэм Тхьэм ыдэжькІэ зишъыпкъагъэ зи щыкІагъэ зимыІэ цІыф икъугъэхэу ыгъэхъугъэх.

15 Тхьэм Ыпсэ ЛъапІи мы ІофымкІэ къытфеушыхьаты; сыда пІомэ ыпэ рапшІэу мырэущтэу къеІо:*

16 «Зиусхьаным къеІо:

А мафэхэм ауж зэзэгъыныгъэу сэррэ ахэмрэ
тазыфагу дэслъхьащтыр мыры:
Сиунашъохэр ахэмэ агухэм арыслъхьащтых,
ашъхьэхэми арыстхэщтых».

17 ЕтІанэ къеІо:*

«ЯпсэкІодхэри бзэджагъэу ашІагъэхэри
сыгу изгъэлъыжьыщтхэп».

18 Тхьэм цІыфмэ япсэкІодхэр зэрафигъэгъугъэхэм пае, ахэр апщыныжьынхэм фэшІ, къурмэн ашІынэу щыкІагъэ яІэжьэп.

## Тхьэм пэблагъэ тыжъугъэхъу

19 Арышъ, тшыхэр, Исус ылъэу къащым щыкІэкІыгъэм
пае, чІыпІэ лъапІэу Тхьэр зыдэщыІэм гушхоныгъэкІэ
тихьан тлъэкІыщт. 20 Сыда пІомэ Исус ыпкъ къурмэныпхъэу зэришІыгъэмкІэ щыІэныгъэ тиІэ зыгъэхъурэ
гъогукІэу пэІухъом блэкІырэр къытфыІуихыгъ. 21 Тхьэм

---

10:13 лъэгукІэтын – еплъ 1:13.

10:15–16 ыпэ рапшІэу мырэущтэу къеІо – еплъ Пегъымбар Иеремие тхылъэу ытхыгъэм 31:33.

10:17 етІанэ къеІо – еплъ Пегъымбар Иеремие тхылъэу ытхыгъэм 31:34.

иунагъо зыIэ илъ дин пэщэшхо тиI. [22] Арышъ, Исус ылъ
тыгухэм атриутхэзэ, тыгухэмкIэ зи мыхъун зыдэтымы-
шIэжьынэу зэригъэкъэбзэжьыгъэхэм паий, тпкъыхэр
псы къабзэкIэ зэрэттхьакIыгъэхэм паий, тыгухэм шъып-
къагъэрэ шIошъхъуныгъэшхорэ арылъхэу, Тхьэм пэгъу-
нэгъу тыжъугъэхъу. [23] Арышъ, тызщыгугъыхэу, тызпа-
плъэрэ IофышIухэу цIыфхэм зигугъу афэтшIыхэрэм ты-
къызэкIэмыкIожьэу татетэу тарыжъугъакIу, сыда пIомэ
а IофышIухэмкIэ тыкъэзыгъэгугъэгъэ Тхьэм шъыпкъа-
гъэ иIэшъ ары. [24] ШIулъэгъуныгъэ тыгухэм арылъынэуи,
шIушIэныгъэхэм тапылъынэуи тызэрэгъэгушхоу тызэ-
кIэлъыжъугъэплъыжь. [25] ЦIыф заулэмэ зэряхабзэ фэдэу
тызэIукIэныр хэтэшъумыгъан, ау тызэрэжъугъэгушху.
Зиусхьаным имафэ* нахь къэблэгъагъэу зэрэшъу-
лъэгъурэм пае, нахьи нахьыбэу шъузэрэгъэгушхон фае.

[26] Шъыпкъагъэр зэдгъэшIагъэу, тыфаеу псэкIодшIэ-
ным тыпылъмэ, типсэкIодхэр ттезыхын къурмэныпхъэ
щыIэжьэп, [27] ау щынэгъо унашъоу Тхьэм къыттыришIы-
хьащтымрэ Тхьэм пэуцухэрэр зыгъэстыщт мэшIошхомрэ
къытпэплъэх. [28] Пегъымбар Мусэ и Тэурат хабзэ едэ-
Iунэу зымыдэрэм шыхьатитIум е шыхьатищым къаIорэм-
кIэ гукIэгъу фамышIэу укI тыралъхьэщтыгъ. [29] Ау цIы-
фэу Тхьэм Ыкъо зыгъэпыутырэм Тхьэм ащ нахьи бэкIэ
нахь къин ригъэпщыныжьыщт. Сыда пIомэ а цIыфым
Христос ылъэу Тхьэм изэзэгъыныгъэ зыгъэшъыпкъэ-
жьыгъэу, а цIыфым ыгу зыгъэкъэбзэжьыгъэм пкIэ имы-
Iэу елъытэ, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэу зынэшIу тэ къытщы-
зыфэрэми ыгу хегъэкIы. [30] Сыда пIомэ Зиусхьанэу мы-
рэущтэу зыIуагъэр* тэшIэ: «ЦIыфхэм ябзэджагъэ я-
зыгъэпщыныжьыщтыр сэры, яфэшъуашэ язгъэгъоты-
жьыщт». ЕтIани къыIуагъ:* «Зиусхьаным ежь ицIыфхэм
хьыкум атыришIыхьащт». [31] МыхъомышIагъэ зэрэпшIа-
гъэм пае, щыIэныгъэ зиIэ Тхьэм ыIэмычIэ уифэныр
сыдэу щынэгъошхуа!

[32] БлэкIыгъэ мафэхэу Тхьэм икъэбар къыжъугуры-
Iонэу инэфынэ къызышъутепсагъэхэр шъугу къэжъугъэ-

10:25 Зиусхьаным имафэ – ахърэт мафэр ары.

10:30 мырэущтэу зыIуагъэр – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхы-
лъэу ытхыгъэм 32:35.

10:30 етIани къыIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу
ытхыгъэм 32:36.

кIыжьых. Игъогу шъукъызэкIэмыкIожьэу шъурыкIоу, а
мафэхэм къинышхуабэхэр шъущэчыщтыгъэх. 33 Загъорэ
цIыфмэ апашъхьэ къыщышъохъоныщтыгъэх, гузэжъо-
гъуми шъухадзэщтыгъ, загъори арэущтэу зыдэзекIуагъэ-
хэм гъусэ шъуафэхъущтыгъ. 34 ХьапсчIэсхэми къин адэ-
шъущэчыщтыгъ. ЦIыфмэ шъуимылъку зэрэшъутырахы-
гъэр шъуигуапэу шъудэщтыгъ, сыда пIомэ ащ нахьи нахь
мылъкушхоу мыкIодыжьыщтыр уашъом зэрэщышъуиIэр
шъушIагъэшъ ары.

35 Арышъ, гушхоныгъэу шъуиIэр хэшъумынэжь, сыда
пIомэ гушхоныгъэ зиIэхэм яIэхьышIу иныщт. 36 Тхьэр
зыфаер зыжъугъэцакIэ ужым, шъукъызэригъэгугъэгъэ Iэ-
хьышIур жъугъотыным пае, теубытэныгъэ шъуиIэн фае.
37 Сыда пIомэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэ-
дэу,*

«Бэ дэдэ темышIэу, къэкIощтыр мыгужъоу къэ-
сыщт.
38 ШIошъхъуныгъэ зэриIэм пае, садэжькIэ шъы-
пкъагъэ зиIэр псэущт.
Ау а цIыфыр къызэкIэкIожьмэ, ащ сыгу еIущтэп».

39 Ау зызыгъэкIодхэу къызэкIэкIожьхэрэм тащыщэп,
шIошъхъуныгъэм игъогу тырэкIо, арэущтэуи зэрэщы-
тым пае, тымыкIодэу Тхьэм тыкъегъэнэжьы.

## ЯПШIЫКIУЗЭНЭРЭШЪХЬ

### Пасэм цIыфхэр Тхьэм щыгугъыхэу зэрэщытыгъэхэр

ШIошъхъуныгъэр зыфэдэр Iофхэу тызщыгугъыхэу,
тызпаплъэхэрэр зэрэдгъотыщтхэр тшIэныр ары, тымы-
лъэгъурэ Iофхэм тицыхьэ ателъынри ары. 2 Пасэм дунаем
щыпсэущтыгъэ цIыфхэм шIошъхъуныгъэ яIэу зэрэщы-
тыгъэм пае, Тхьэр шыхьатышIу афэхъугъ.

3 ШIошъхъуныгъэ зэрэтиIэм пае, Тхьэм дунаер игущы-
IэкIэ къызэригъэхъугъэр зэхэтэшIыкIы. Арэущтэу цIы-
фым ынэкIэ ылъэгъурэр ынэкIэ ымылъэгъурэм къыхэ-
кIыгъ.

---

10:37–38 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу – еплъ Пегъым-
бар Аввакум тхылъэу ытхыгъэм 2:3–4.

4 Авел* шIошъхъуныгъэ иIэу зэрэщытыгъэм пае, Каин
къурмэнэу ышIыгъэм нахьи нахь къурмэнышIу ышIыгъ.
Тхьэм Авел итынхэр зедэхэм, Авел шIошъхъуныгъэ иIэу
зэрэщытыгъэм пае, шъыпкъагъэ иIэу зэрэщытыгъэмкIэ
Тхьэр ащ шыхьат фэхъугъ. Авел дунаем ехыжьыгъ, ау
шIошъхъуныгъэ иIэу зэрэщытыгъэм пае, джыри къэбар
къытфехьы.

5 Енох* шIошъхъуныгъэ иIэу зэрэщытыгъэм пае, Тхьэм
ащ лIэныгъэр римыгъэлъэгъоу уашъом дихьыежьыгъ.
Тхьэм ар уашъом зэрэдихьыежьыгъэм пае, цIыфхэм ар
агъотыжьын алъэкIыгъэп. Енох уашъом дихьыеным ыпэ-
кIэ, Тхьэм ыгу ащ зэреIугъэмкIэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэ-
хэр шыхьат фэхъух. 6 ЦIыфым шIошъхъуныгъэ имыIэмэ,
Тхьэм ыгу ащ къеIущтэп; сыда пIомэ хэти Тхьэм пэ-
благъэ хъунэу фаем Тхьэр зэрэщыIэмкIи, Тхьэм игъогу
лъыхъухэрэм яIэхьышIу зэраритырэмкIи шIошъхъуныгъэ
иIэн фае.

7 КъэкIощт Iофхэу цIыфхэм амылъэгъугъэхэм яхьылIа-
гъэу Тхьэм Нухьэ* зызэхырегъэшIыкIым, Нухьэ шIошъ-
хъуныгъэ иIэу зэрэщытыгъэм пае, Тхьэм щыщыни, иуна-
гъо мыкIодэу къыгъэнэжьыным пае, къухьэр ышIыгъ.
Нухьэ шIошъхъуныгъэу иIэу щытыгъэмкIэ дунаем ицIыф-
хэм ямысагъэ нафэу ышIыгъ. ШIошъхъуныгъэ иIэу зэ-
рэщытыгъэм пайй, Тхьэм ежьым ыдэжькIэ ащ шъыпкъа-
гъэ иIэу зэрилъытагъэр иIэхьышIоу хъугъэ.

8 Тхьэр Ибрахьимэ* иIэхьышIу къылъысыщт хэгъэгум кIо-
нэу къызеджэм, Ибрахьимэ шIошъхъуныгъэ иIэу зэрэщы-
тыгъэм пае, Тхьэм едэIуи, зыдэкIощтыр ымышIэу щы-
тыгъэ пэтми, гъогум техьагъ. 9 ШIошъхъуныгъэ иIэу
зэрэщытыгъэм пае, Тхьэм къыритынэу къызэригъэгугъэ-
гъэ хэгъэгум хымэм фэдэу щыпсэущтыгъ. А хэгъэгум
хымэм фэдэу Ибрахьимэ чэтэнгъэIагъэхэм ачIэсэу щы-
псэущтыгъ. Исхьакъи Якъуби чэтэнгъэIагъэхэм ачIэ-
сыгъэх. Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъэгъэ IэхьышIур
ащ игъусэхэу ахэми къалъысынэу щытыгъ. 10 Арэущтэу
Ибрахьимэ чэтэнгъэIагъэхэм ачIэсыгъ. Сыда пIомэ къэ-

---

11:4 Авел – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 4:3–10.

11:5 Енох – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 5:21–24.

11:7 Нухьэ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 6:13–22.

11:8 Ибрахьим – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 12:1–5.

лэшхоу Тхьэм ыгъэпсыгъэу, ыгъэуцугъэу мыкIодыжьын лъапсэхэр зиIэм паплъэщтыгъ.

[11] Сарэ* сабый хэмыкIэу ыкIи ыныбжь блэкIыгъэу щы-
тыгъэ пэтми, шIошъхъуныгъэ иIэу зэрэщытыгъэм пае,
сабый къыхэкIынэу Тхьэм кIуачIэ къыритыгъ, сыда пIо-
мэ Тхьэу зигущыIэ езытыгъэр зэрэшъыпкъэр Сарэ ышIэ-
щтыгъ. [12] Арэущтэу лIэныгъэм пэгъунэгъу хъугъэ пэтми,
а лIы закъом бынхэу къытехъукIыгъэхэр уашъом ит жъуа-
гъохэм япчъэгъабэ фэдизэу бэ хъущтыгъэх, хыIушъом
Iулъэу, умылъытэшъунэу щыт пшахъоми фэдизэу бэ хъу-
щтыгъэх.

[13] Мы цIыфхэр зэкIэ шIошъхъуныгъэ яIэу лIагъэх.
Тхьэм Iофхэу къызэригъэгугъагъэхэр агъотыгъэхэп, ау
чыжьэкIэ ахэр алъэгъухи, ащыгушIукIыгъэх. «Мы ду-
наем тыхымэхэу ыкIи тыхымэхэсхэу тытет», къаIуагъ.
[14] Арэущтэу зыIохэрэм яхэгъэгу шъыпкъэ ыуж зэритхэ-
рэр къагъэнафэ. [15] Хэгъэгоу зэрыкIыжьыгъэхэр арыгъэмэ
агу илъыгъэр агъэзэжьынэу игъо фифэщтыгъэх. [16] Ау
хэгъэгу нахьышIу горэм кIэхъопсыщтыгъэх – ар уашъом
щыIэ хэгъэгур ары. Арышъ, ежьхэм я ТхьэкIэ зеджэхэ-
кIэ, Тхьэр атеукIытыхьажьырэп, сыда пIомэ ахэмэ зы
къалэ афигъэпсыгъ.

[17] Тхьэм Ибрахьимэ* ишъыпкъагъэ зегъэунэфым, Ибра-
хьимэ шIошъхъуныгъэ иIэу зэрэщытыгъэм пае, Исхьакъ
къурмэныпхъэу къыхьыгъ. [18] «Исхьакъ къытехъукIынэу
цIыфхэр ары о уибын шъыпкъэхэкIэ зэджэщтхэр», ыIо-
зэ, Тхьэм Ибрахьимэ къыгъэгугъагъэ пэтми,* Ибрахьимэ
ыкъо закъор къурмэн ышIынэу хьазырэу щытыгъ. [19] Сыда
пIомэ Тхьэм Исхьакъ лIагъэхэм къахигъэтэджыкIыжьын
зэрилъэкIыщтым Ибрахьимэ щыгугъыщтыгъ, Исхьакъи
лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэу Ибрахьимэ зэригъоты-
жьыгъэр пIоми хъун.

[20] Исхьакъ* шIошъхъуныгъэ иIэу зэрэщытыгъэм пае,

11:11 Сарэ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 18:11–14; 21:2.

11:17 Ибрахьимэ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 22:1–14.

11:18 Тхьэм Ибрахьимэ къыгъэгугъагъэ пэтми – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 21:12.

11:20 Исхьакъ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 27:27–29, 39–40.

Тхьэм къэкIощт уахътэм Якъубэрэ Исаврэ ынэшIу къызэращифэщтыр ариIуагъ.

21 Якъуби* шIошъхъуныгъэ иIэу зэрэщытыгъэм пае, лIэн зэхъум, Юсыф ыкъохэм ащыщэу хэти Тхьэм ынэшIу къызэрэщифэщтыр риIуагъ, ибэщи зытыригъакIэзэ,* Тхьэм щытхъу фишIыгъ.

22 Юсыфи* шIошъхъуныгъэ иIэу зэрэщытыгъэм пае, илIэгъу къызэсым, Израил цIыфхэр Мысырым къызэрикIыжьыщтхэм игугъу къышIыгъ, ихьэдэ–къупшъхьэхэри зычIалъхьажьын фаемкIэ унашъо къышIыгъ.

23 Пегъымбар Мусэ ятэ–янэхэм* шIошъхъуныгъэ яIэу зэрэщытыгъэм пае, Мусэ къызэхъум, мэзищым агъэбылъыгъ, сыда пIомэ сабыир зэрэдахэр алъэгъугъ, пачъыхьэ Фырауным иунашъуи щыщынэщтыгъэхэп.

24 Муси* шIошъхъуныгъэ иIэу зэрэщытыгъэм пае, ины зэхъум, пачъыхьэ Фыраун ипхъурэлъфкIэ къеджэнхэу
ыдэщтыгъэп. 25 ПсэкIодшIэнымкIэ зы охътэ кIакокIэ
зигъэтхъэжьыным нахьи, Тхьэм ицIыфхэм къин адищэчыныр
нахь къыштагъ. 26 Мысырым имылъку пстэуми
анахьи Христос пае ежьыр агъэпыутыныр нахь баиныгъэу
ылъытэщтыгъ, сыда пIомэ IэхьышIоу къылъысыщтым
еплъыщтыгъ. 27 ШIошъхъуныгъэ иIэу зэрэщытыгъэм
пае, пачъыхьэм игубжыныгъэ щымыщынэу Мысырым
икIыжьыгъ. ЦIыфхэм амылъэгъурэ Тхьэр ылъэгъоу зэрэщытыгъэм
фэдэу, теубытэныгъэ ыгу илъыгъ. 28 Мусэ
шIошъхъуныгъэ иIэу зэрэщытыгъэм пае, Израил цIыфмэ Пасхъэ мэфэкI мэфэшхор* апэ дэдэу аригъэгъэлъэпIагъ, япчъэхэми лъы атыраутхэнэу унашъо афишIыгъ, зыгъэкIодырэ мэлэIичым ящыпэрылъфхэр ымыгъэкIодынхэм пае.

29 Израил цIыфхэм* шIошъхъуныгъэ яIэу зэрэщыты-

---

11:21 Якъубэ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 48:1–20.

11:21 ибэщи зытыригъакIэзэ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 47:31.

11:22 Юсыф – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 50:24–25.

11:23 Мусэ ятэ–янэхэр – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 2:2.

11:24 Мусэ –еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 2:10–12.

11:28 Пасхъэ мэфэкI мэфэшхор – еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 12:21–28.

11:29 Израил цIыфхэр – еплъ Пегъэмбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 14:21–31.

гъэм пае, чIыгу гъушъэм рыкIохэрэм фэдэу, Хы Плъы-
жьым зэпырыкIыгъэх, ау Мысыр цIыфхэри зэпырыкIынхэу
зыфежьэхэм, зэкIэри ытхьалагъэх.

30 Израил цIыфхэм шIошъхъуныгъэ яIэу зэрэщыты-
гъэм пае, Ерихон къалэр* мэфиблым къызакIухьэ ужым,
къалэм идэпкъ къызэхэуагъ.

31 Бзылъфыгъэ хэтакIоу Раав* шIошъхъуныгъэ иIэу зэ-
рэщытыгъэм пае, шIошъхъуныгъэ зимыIэхэм адэкIоды-
гъэп, сыда пIомэ пый плъакIохэр игуапэу ригъэблэгъа-
гъэх (нэмыкI гъогукIи къалэм дищыжьыгъэх).

32 Джыри сыд сIона? Гедеон, Варак, Самсон, Иеффэ,
Даутэ, Самуел, адрэ пегъымбархэм якъэбар къэсIонэу
игъо сыфифэрэп. 33 Ахэмэ шIошъхъуныгъэ яIэу зэрэщы-
тыгъэм пае, нэмыкI пачъыхьагъухэм атекIуагъэх, зэфа-
гъэри агъэпсыгъ, Тхьэм къызэригъэгугъэгъэ Iофхэри яIэ
хъугъэх. Аслъанхэм ажэхэр агъэпытагъэх, 34 мэшIошхо-
хэри агъэкIосагъэх, сэшхохэми къаIэпыкIыжьыгъэх. КIуа-
чIэ ямыIэу щытыгъэ пэтми, кIуачIэ яIэ хъугъэ. ЗаомкIэ
лъэкIыныгъэ яIэ хъугъэ, хымэхэм ядзэхэри рафыжьы-
гъэх. 35 Бзылъфыгъэхэм ялIагъэхэр къэхъужьыгъэхэу агъо-
тыжьыгъэх. Тхьэм къызигъэтэджыжьхэкIэ, щыIэныгъэ
нахьышIур агъотыным пае, нэмыкIхэм (Тхьэр агъэпцIы-
нэу зэрамыдагъэм пае), япыихэм атIупщыжьыгъэхэп.
Арэущтэу зэхъум, япыйхэм ахэмэ къин арагъэщэчызэ
аукIыгъэх. 36 ЦIыфхэр ахэмэ ащыщхэм яхъонхэзэ, къа-
мыщкIи яохэзэ къин арагъэщэчыгъ, етIанэ Iэхъу–лъэхъу
атыралъхьи, хьапсым чIадзагъэх. 37 ЦIыф заулэхэми мыжъо-
кIэ яохэзэ аукIыгъэх, заули пхъэм фэдэу зэпахыгъэх,
заули сэшхокIэ аукIыгъэх. ШIошъхъуныгъэ зиIэ цIыфхэм
мэлышъорэ пчэнышъорэ ащыгъхэу къакIухьащтыгъ, щы-
кIагъэ яIэу щытыгъ, гузэжъогъум хэтыщтыгъэх, цIыф-
хэм ахэмэ лые къарахыщтыгъ. 38 Ахэмэ яшIугъэ мы
дунаем ифэшъуашэу щытыгъэп. Шъоф нэкIхэмрэ Iошъ-
хьэхэмрэ къакIухьащтыгъэх, гъочIэгъхэмрэ Iошъхьэ
тIуакIэхэмрэ ащыпсэущтыгъэх.

---

11:30 Ерихон къалэр – еплъ Исус Навин икъэбар зэрыт тхылъым 6:12–21

11:31 Раав – еплъ Исус Навин икъэбар зэрыт тхылъым 2:1–21; 6:22–25.

39 Ау шIошъхъуныгъэ яIэу зэрэщытыгъэм пае, Тхьэр
шыхьатышIу ахэмэ зэкIэ афэхъугъэми, Тхьэм ежь ицIыф-
хэр къызэригъэгугъэгъэ Iофхэр агъотыгъэхэп. 40 Сыда
пIомэ Тхьэм ыгу хэлъыгъэр тэркIэ нахьышIу – ахэр
тимыгъусэхэмэ, ежьым ыдэжькIэ зишъыпкъагъэ зи щы-
кIагъэ зимыIэ цIыф икъугъэхэу зэрэмыхъущтхэр ары.

## ЯПШIЫКIУТIОНЭРЭШЪХЬ

### Тхьэм ибынхэр зэригъэдаIохэрэр

Арышъ, ащ фэдэ шыхьат купышхо тапэ итэу зэрэтиIэм
пае, сыд фэдэрэ хьылъэу ттелъымрэ псэкIодэу тызы-
шIуанэрэмрэ зытетэжъугъэдзыхи, теубытэныгъэ тиIэу,
зэпэчъэныгъэу тапэ илъым тырыжъугъачъ. 2 Исус ты-
нэхэр тетэжъугъэгъэтых. Ежьыр ары шIошъхъуныгъэм
игъогу тытезыгъахьэу, пащэ къытфэхъоу, тишIошъхъу-
ныгъэ зи щыкIагъэ имыIэу, икъугъэу зыгъэхъурэр. Гу-
шIуагъоу ыпашъхьэ илъыгъэм пае, цIыфхэм къащым
зэрэтыраIулIагъэм икъин ащ ыщэчыгъ, къащым иемы-
кIуми еплъэу щытыгъэп, Тхьэм итIысыпIэ лъапIи иджа-
бгъукIэ щыготIысхьагъ. 3 Шъуемызэщыным ыкIи шъугу
шъумыгъэкIодыным пае, Исус шъуегупшыс. ПсэкIодышIэ
цIыфхэу ежьым ыуджэгъущтыгъэхэм сыдэу къиныгъэу
рагъэщэчыгъэр!

4 ПсэкIодым шъуебэныззэ, лъы къышъукIэкIыфэ, шъу-
пэуцужьыгъэгоп. 5 Тхьэм ибынхэкIэ къышъуаджэу шъу-
зэригъэгушхорэр* шъущыгъупшагъ:

«Сибын, Зиусхьаным узигъэдаIокIэ, пхъэтэпэмыхь
умышIы,
ежьыр къызыогыекIи угу умыгъэкIоды,
6 сыда пIомэ Зиусхьаным шIу ылъэгъурэр
егъэдаIо,
хэти ибын фэдэу ыдэрэми къин регъэщэчы».

7 Арышъ, Тхьэм шъузигъэдаIокIэ, теубытэныгъэ зижъу-
гъаI. Ибынхэу шъузэрэщытым пае, Тхьэр арэущтэу къы-
жъудэзекIо. Сыда пIомэ тым ымыгъэдаIорэ бын щыIа?

---

12:5–6 Тхьэм шъузэригъэгушхорэр – еплъ Гущыжъхэу пачъыхьэ Сэлмэн ытхыгъэхэм (Притчи) 3:11–12.

[8] Тхьэм ибын пстэури зэригъэдаIохэрэм фэдэу шъуимы-
гъэдаIомэ, ибынхэм шъуащыщэп, бзэджэрылъфмэ шъуа-
фэдэ нахь. [9] Ащ нэмыкIэу, мы дунаемкIэ тятэхэм та-
гъэдаIомэ, лъытэныгъэ афытиI. ТыщыIэным пае, Тятэ
лъапIэу уашъом щыIэм ащ нахьи нахьыбэу тыфэIорышIэн
фае. [10] Ахэмэ охътэ кIаком пае, игъоу зэралъытагъэм
фэдэу, тагъэдаIощтыгъ. Ау Тхьэм, ежь илъэпIагъэкIэ
Iахьэ тиIэным пае, ишIуагъэ къытигъэкIынэу тегъэдаIо.
[11] Зыгорэм тызигъэдаIокIэ, тигуапэ хъурэп, тигуаоу мэхъу
нахь. Ау ыужкIэ Тхьэм зэригъэдаIохэрэмкIэ ыгъэсэгъэ
цIыфхэм шIоу ащ къафыхэкIырэр шъыпкъагъэмрэ гупсэ-
фыныгъэмрэ ары.

[12] Арышъ, шъо шъуIэхэу къелэлэхыхэрэмрэ лъэкIы-
ныгъэ зыхэмылъыжь лъэгуанджэхэмрэ кIуачIэ ахэжъу-
гъэлъ. [13] ЦIыф лъащэр нахь Iае шъумыгъэхъоу, хъу-
жьыным пае, гъогу занкIэм шъурыкIу.

**Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэр пхъэтэпэмыхь шъумышIы**

[14] ЦIыф пстэуми шъузэрагурыIонми, гукъэбзагъэри зэ-
рэшъуиIэными ыуж шъуит; сыда пIомэ гукъэбзагъэ имы-
Iэу зыми Зиусхьаныр ылъэгъущтэп. [15] Шъуащыщэу зыми
Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэ зэрэзыхимыгъэныным шъуфэ-
сакъ. Зиягъэ къакIорэ лъэпсэ дыджэу цIыфыбэхэр зы-
гъэушIоирэр къышъухэкIынэу орэмыхъу. [16] Шъуащыщэу
зи зинэ зышIэрэ цIыфхэм ащыщэу орэмыхъу, е Исав*
фэдэу, Тхьэм ищынагъо зыгу имылъ цIыфхэм ащыщэу
орэмыхъу. Исав къо нахьыжъым фитыныгъэу иIэу щы-
тыгъэхэр шхын закъом пае ыщагъэх. [17] ЕтIани зэрэ-
шъушIэрэм фэдэу, Тхьэм ынэшIу къыщифэнэу Исав ятэ
Тхьэм ригъэлъэIунэу фэягъ*, ау ятэ фидагъэп. Исав
гъызэ ятэ елъэIугъэми, ащ ыIогъагъэм тыригъэкIышъу-
гъэп.

[18] Шъузынэсын шъулъэкIынэу, машIом ыстырэ къушхьэм
ыдэжь шъукъэкIуагъэп*. ШIункIым, мэзахэм, жьыбгъэ-

12:16 Исав – еплъ Пегъыбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 25:29–34; 27:30–40.

12:17 ятэ Тхьэм ригъэлъэIунэу фэягъ – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 27:30–40.

12:18 машIом ыстырэ къушъхьэм ыдэжь шъукъэкIуагъэп – е, Израил цIыфхэм афэдэу, машIом ыстырэ Синай къушъхьэм ыдэжь шъукъэкIуагъэп. Еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 19:16–22; 20:18–21.

шхом, [19] бжъэмыешхом ымакъэ, гущыIэ макъэм адэжьи
шъукъэкIуагъэп. Тхьэм ымакъэ зэхэзыхыгъэхэр джыри
къадэмыгущыIэжьынэу елъэIугъэх, [20] сыда пIомэ а макъэм
къыIогъэ унашъор ащэчын алъэкIыгъэп: «ХьакIэ-къуакIэ-
ри къушъхьэм нэсымэ, мыжъокIэ е щэбзащэкIэ шъуукIын
фае». [21] Къафэлъэгъуагъэр щынэгъошхуагъэти, пегъымбар
Муси, «Сэщынэ ыкIи сэкIэзэзы», къыIуагъ*.

[22] Ау шъо шъукъыздэкIуагъэр Сион Iуашъхьэр* ары,
щыIэнгъэ зиIэ Тхьэм икъэлэшхоу, уашъом щыIэ Еруса-
лимэу, мин пчъагъэу мэлэIичхэр зыдэщыIэри ары.
[23] Тхьэм иапэрэ бынхэу уашъом щыIэ тхылъым зыцIэ
итхэм ямэфэшхо зэIукIэ шъукъэкIуагъ. Тхьэу цIыф
пстэуми хьыкум атезышIыхьэрэм шъукъэкIуагъ, Тхьэм
ыдэжькIэ зишъыпкъагъэ зи щыкIагъэ зимыIэ цIыф икъу-
гъэу хъугъэхэм апсэхэм адэжьи шъукъэкIуагъ. [24] Исусэу
зэзэгъыныгъакIэр Тхьэмрэ цIыфхэмрэ азыфагу дэлъэу
зыгъэхъугъэмрэ ащ ылъэу къыкIэкIыгъэмрэ адэжь шъу-
къэкIуагъ. Авел ылъ нахьи Исус ылъ Iоф нахьышIум
тыщегъэгугъы.

[25] Шъусакъ, къэгущыIэрэм шъуакIыб фэшъумыгъаз.
Тхьэм ыдэжь къикIыгъэ къэбарыр чIылъэм къыщызы-
Iогъагъэм зыкIыб фэзыгъэзагъэхэм къинэу яфэшъуа-
шэр амыгъотэу къэнэжьыгъэхэп. Арышъ, уашъом къи-
кIэу къыддэгущыIэрэм тэри такIыб фэдгъазэмэ, ащ
нахьи нахь къинэу тфэшъуашэр дгъотыщтба? [26] Джащы-
гъум Тхьэм ымакъэ чIылъэр ыгъэсысыгъ, ау джы
Тхьэм гущыIэ пытэ ытыгъ:* «Джыри зэ чIылъэм имы-
закъоу уашъори згъэсысыжьыщт», ыIоу. [27] «Джыри зэ»
зыфиIорэ гущыIэхэм къагъэнафэ Тхьэм ыгъэсысырэ
пстэури – Тхьэм къыгъэхъугъэхэр ары – ячIыпIэ зэрэ-
ригъэкIыжьыщтхэр. Арэущтэу зыхъукIэ, Тхьэм ымы-
гъэсысырэ Iофхэр ары къэнэжьыщтхэр.

[28] Арэущтэу тетыгъоу зыми ымыгъэсысышъущтыр
Тхьэм къызэрэтитырэм пае, щытхъу фэтэжъугъэшI.

---

12:21 пегъымбар Муси къыIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 9:19.

12:22 Сион зыцIэ Iуашъхьэр – ащ къикIырэр Тхьэм иунэшхоу уашъом щыIэр ары.

12:26 гущыIэ пытэ ытыгъ – еплъ Пегъымбар Аггей тхылъэу ытхыгъэм 2:6.

ДгъэлъапIэу, щынагъо фытиIэу ыгу къызэдгъэIоу, ежьым
тыфэжъугъэлажь, 29 сыда пIомэ ти Тхьэ зэкIэри зыгъэ-
стырэ машIом фэд.

## ЯПШIЫКIУЩЭНЭРЭШЪХЬ

### Тхьэм ыгу къызэрэзэдгъэIун фаер

Зэкъошхэм афэдэу шIу шъузэрэлъэгъу зэпыт. 2 Хьа-
кIэр жъугъэлъэпIэныр зыщышъумыгъэгъупш; сыда пIо-
мэ арэущтэу цIыф заулэмэ амышIахэу мэлэIичхэр агъэ-
хьэкIагъэх*. 3 ХьапсчIэсхэм хьапсым шъузэрадычIэсым фэ-
дэу, къин зыщэчыхэрэми къин зэрадэшъущэчырэм фэ-
дэу, зыщышъумыгъэгъупшэх. Шъори мы дунаем тет
цIыфхэм шъуащыщ.
4 ЗэлI–зэшъузыныр зэкIэми арэгъэлъапI, лIымрэ шъу-
зымрэ япIэ къабзэу щэрэт. Тхьэм зинэ зышIэхэрэр
ыгъэмысэщтых. 5 Ахъщэм шъукIэмыхъопсэу шъущыт,
шъуиIэми разэ шъурыхъу. Сыда пIомэ ежь Тхьэм къы-
Iуагъ:*

«Ныбжьи ухэсынэжьыщтэп, уизакъоуи укъэзгъэ-
нэжьыщтэп».

6 Арышъ, гушхоныгъэкIэ тэIо:*

«Зиусхьаныр сиIэпыIэгъушъ, зыми сыщыщынэ-
щтэп.
ЦIыфхэм сыда къысашIэшъущтыр?»

7 Шъуитхьаматэхэу Тхьэм игущыIэхэр къышъозыIуа-
гъэхэр зыщышъумыгъэгъупшэх. Дунаем зэрехыжьыгъэ-
хэм шъуеплъызэ, яшIошъхъуныгъэ илъэужхэм шъуары-
кIу. 8 Исус Христос тыгъуасэ зэрэщытыгъэм фэдэу, зы-
зэблимыхъоу непи щыт, егъашIэми щытыщт.
9 Iоф гъэшIэгъон зэфэшъхьафхэу цIыфхэм адрэ цIыф-
хэм арагъашIэхэрэм зыдяшъумыгъэхьых. Тхьэм ынэ-
шIу щыфэныгъэкIэ шъугухэр жъугъэпытэхэмэ дэгъу, ау

---

13:2 мэлэIичхэр агъэхьэкIагъэх – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 18:1–8; 19:1–3.

13:5 Тхьэм къыIуагъ – еплъ Пегъымбар Мусэ ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 31:6.

13:6 тэIо – еплъ Сэбур (Псалтыр) 118:6 (урыс библиемкIэ 117:6).

шхынхэм яхьылIэгъэ унашъохэм пкIэ яIэп. А унашъохэм
ахэмэ атетэу рыкIорэ цIыфхэм яшIуагъэ зи арагъэкIы-
рэп. 10 Тэ тикъурмэн шIыпIэ тиI. ЧэтэнгъэIагъэм щы-
лажьэщтыгъэхэм а шIыпIэм икъурмэныпхъэ* щыщ ашх-
ынэу фитхэу щытыгъэхэп.

11 Дин пэщэшхом цIыфхэм япсэкIодхэр ыпщыныжьын-
хэм пае, былымхэм алъ зыдихьызэ, Унэу КIоцIэу
анахь ЛъапIэу зыфаIорэм ихьэщтыгъ, ау былымхэм
апкъыхэр къэлэ кIыбым* щагъэстыщтыгъэх. 12 Ащ пае
Исуси ылъыкIэ цIыфхэм агухэр ыгъэкъэбзэжьынхэм
пае, къэлэпчъэ кIыбым* къин щищэчыгъ. 13 Арэущтэу
емыкIоу къырахыгъэм тиIахьэ хэлъыным пае, Исус
ыдэжь къэлэ кIыбым тыжъугъакIу. 14 Сыда пIомэ мыщ
дэжьым мыкIодыжьын къалэ щытиIэу щытэп, къэкIощт
къалэм тыпэплъэ нахь.

15 Арышъ, Исус ыцIэкIэ Тхьэм щытхъу фэтэжъугъэшI
зэпыт – а щытхъур ары тэ тикъурмэныпхъэ – ыцIэ зы-
гъэлъапIэрэ Iупэхэм къадэкIырэр ары тикъурмэны-
пхъэр. 16 ШIу шъушIэнри зыщышъумыгъэгъупш, шъуиIэри
нэмыкI цIыфхэм адэжъугощынри зыщышъумыгъэ-
гъупш, сыда пIомэ ащ фэдэ къурмэныпхъэхэр Тхьэм
игуапэх.

17 Шъуитхьаматэхэм аIохэрэм шъуядэIу ыкIи шъуафэIо-
рышI, сыда пIомэ Тхьэм пэгъокI ратыжьын фаехэу, шъу-
псэхэм афэсакъхэу алъэплъэх. ЯIоф хэщэтыкIыныгъэкIэ
мыхъоу, гушIохэу ашIэным пае, шъуядэIу. ЯIоф хэщэ-
тыкIыныгъэкIэ ашIэмэ, ащ ишIуагъэ къышъокIырэп.

18 Тхьэм шъукъытфелъэIу. Мыхъун зи тыгухэм арылъэу
зыдэтшIэжьырэп, сыда пIомэ Iоф пстэумкIи шъыпкъа-
гъэ тиIэу, тызекIонэу тыфай. 19 ЗэкIэмэ апэу сышъо-
лъэIу, шIэхэу шъуадэжь Тхьэм къысигъэгъэзэжьынэу
шъуелъэIу.

## ТхьэлъэIу ыкIи аужырэ шIуфэс гущыIэхэр

20 Гупсэфыныгъэ къытэзытырэ Тхьэм ти Зиусхьан Исус
Христосэу мэлхэм ямэлэхъошхор лIагъэхэм къахигъэ-

---

13:10 къурмэныпхъэр – Тхьэм щытхъоу фэтшIырэр ары, еплъ 13:15.

13:12 къэлапчъэм ыкIыб – Ерусалим икъэлапчъэ ары.

тэджыкIыжьыгъ. Исус ылъ ары мыкIодыжьын зэзэгъыныгъэу Тхьэм ежьыррэ тэррэ тазыфагу къыдилъхьагъэр мыхъурым* фэдэу къэзыгъэшъыпкъэжьыгъэр.
21 Тхьэр зыфаер жъугъэцэкIэным пае, шIоу шъуищыкIагъэр зэкIэ шъугухэм къарерэлъхь. Исус Христос илъэкIыныгъэкIэ Тхьэм игъоу ылъытэрэ Iофхэр шъуерэгъэгъэцакIэх. МыкIодыжьын щытхъушхор ий. Амин.

22 Сшыхэр, къызэрыжъугурызгъаIорэ гущыIэхэр шъудэнхэкIэ сышъолъэIу. Бэ къышъуфэстхыгъэп.

23 Тшы Тимофей* шъхьафитэу къызэратIупщыжьыгъэр шъушIэнэу сыфай. Мыгужъоу къакIомэ, ащ сыригъусэу шъуслъэгъунэу сыкъэкIощт.

24 Шъуитхьамэтэ пстэухэмрэ Тхьэм ицIыф лъэпIэ пстэухэмрэ аIапэ сфэшъуубытыжь. Италием щыщ тшыхэм шIуфэс къышъуахыжьы.

25 Шъо пстэуми Тхьэм ынэшIу къышъущерэф. Амин.

---

13:20 мыхъур – арапыбзэкIэ «хъытымыр» ары, тыркубзэкIи «мыхьыр» ары.

13:23 Тимофей – чылыс зэIукIэ тхьаматэу Паул дэлажьэу, игъогогъухэм ащыщыгъэр ары. Еплъ Апостол. 16:1–3.



# *ИСУС ХРИСТОС АПОСТОЛ ИУАН IОФХЭУ КЪЫФИГЪЭНЭФАГЪЭХЭР*

## АПЭРЭШЪХЬ

### ГущыIапэмрэ шIуфэс ехынымрэ

Мы тхылъым итхэр Тхьэм Исус Христос къыфигъэ-
нэфэгъэ Iофхэр ары. Тхьэм ахэр къызфигъэнэфагъэр
Исус Христос цIыфхэу Тхьэм фэлажьэхэрэм бэ темышIэу
къэхъущт Iофхэр аригъэшIэнхэр ары. Арэущтэу Исус
имэлэIич ежьым фэлажьэрэ Иуан ыдэжь ыгъакIуи,
къэхъущт Iофхэр гуригъэIуагъэх. 2 Арэущтэу Иуан ылъэ-
гъугъэ пстэури ыIуатэзэ, Тхьэм игущыIэхэми Исус
Христос ишыхьатныгъи шыхьат афэхъу. 3 Мы гущыIэ-
хэу Тхьэм ыдэжь къикIыгъэхэу къэхъущт Iофхэм яхьы-
лIагъэхэм яджэрэр сыхьатмафэ ежьагъ. Мы гущыIэхэр
зэхэзыххэу, зыгъэцакIэхэрэри сыхьатмафэ ежьагъэх, сы-
да пIомэ уахътэу мы Iофхэр къызщыхъущтыр къэблэ-
гъагъ.

4 Сэ, Иуан, шъо, Асие хэкум* щыIэ чылыс зэIукIи-
блым, шIуфэс шъосэхыжьы. Тхьэу щыIагъэу, щыIэу, къэ-

1:4 Асие хэкур – Рим къэралыгъошхом щыщ хэкоу щытыгъ. Ар джырэ Тыркуем итыгъэ къохьэпIэ лъэныкъо итыгъ. Икъэлэшхоу щытыгъэр Ефес ары.

кІощт мафэхэми щыІэщтым ынэшІу къышъущерэфи,
гупсэфыныгъэ къышъуерэт. Тхьэм ипсиблэу итІысыпІэ
лъапІэ ыпашъхьэ щытхэми Исус Христосми анэшІу
къышъущарэфи, гупсэфыныгъэ къышъуарэт. 5 Исус
Христос ары шыхьат шъыпкъэр, апэу лІагъэхэм къа-
хэтэджыкІыжьыгъэр ежьыр ары, чІылъэм тет пачъы-
хьэмэ япащэр ежьыри ары.

Ащ тэ шІу телъэгъу, лъэу къащым щыкІэкІыгъэм-
кІэ типсэкІодхэм ялъэкІыныгъэ тыкъыІэкІихыжьыгъ.
6 Ежьым игъусэхэу тетыгъо зиІэхэу, Тхьэу ежь Ятэ фэ-
лажьэрэ дин пащэхэу тыхъунэу тигъэнэфагъ. МыкІоды-
жьын щытхъушхомрэ лъэкІыныгъэшхомрэ иех! Амин.

7 Шъукъэдаlу, ошъуапщэхэм ахэтэу ар къэкІо-
жьыщт,
нэ пстэуми ар алъэгъущт,
пчыкІэ* зыугъоныгъэхэми ар алъэгъущт.
Дунаем тет лъэпкъ пстэури ежьым пае гъыхэу
абгъэгу еожьыщтых.
Джары зэрэхъущтыр. Амин.

8 ЛъэкІыныгъэшхор зэкІэ зиІэ Зиусхьан Тхьэу щыІа-
гъэу, щыІэу, къэкІощт мафэхэми щыІэщтым къеІо:
«Алфэрэ Омегэрэ, апэрэри аужырэри сэры».

## Исус Христос Иуан зыкъызэрэригъэлъэгъугъэр

9 Сэ, Иуанэу шъушыр, Исус тыгухэм зэрарылъым пае,
гузэжъогъоу шъузыхэтым сышъуигъус, сышъуигъусэуи
Тхьэм и Тетыгъошхо ыІэчІэгъ сычІэт, сышъуигъусэуи те-
убытэныгъэ сиІэу сэзекІо. Тхьэм игущыІэхэмрэ Исус
Христос ишыхьатныгъэрэ цІыфхэм зэрязгъэІугъэхэм пае,
саубытыгъэу хыгъэхъунэу Патмос* сагъэкІуагъэу сыщы-
Іагъ. 10 Зиусхьаным имафэ* дэжь Тхьэм ЫпсэЛъапІэ
къысфехыгъ. СаужкІэ бжъэмыешхом ымакъэ фэдэ мэкъэ-
шхо горэм къыІоу зэхэсхыгъ: «Алфэрэ Омегэрэ, апэ-

---

1:7 пчы – шыудзэхэм пасэм аІыгъыщтыгъэ пхъэ кІыхьэу, гъучІ пап-
цІэ зыпылъыщтыгъэр ары.

1:9 Патмос – Эгейскэхым ит хыгъэхъунэу Рим цІыфхэм бзэджашІэхэм
пае щыгъэтІысыпІэу щашІыгъэр ары. Патмос хыгъэхъунэр Ефес къалэм
километрэ 100–кІэ пэчыжьэу, икъыблэ тыгъэ къохьэпІэ лъэныкъо-
кІэ ит.

1:10 Зиусхьаным имафэ – тхьаумафэ мафэр ары.

рэри аужырэри сэры. [11]Плъэгъурэр тхылъ горэм итхи,
чылыс зэIукIиблымэ афегъэхь: Къалэхэу Ефес, Смирнэ,
Пергам, Фиатирэ, Сардис, Филаделфие, Лаодикие щыIэ
чылыс зэIукIэхэр ары».

[12]КъыздэгущыIэрэ макъэр зымакъэр слъэгъунэу зыфэ-
згъэзагъ. Зызыфэсэгъазэм, дышъэм хэшIыкIыгъэхэу,
остыгъэ тетыпIибл слъэгъугъэ, [13]остыгъэ тетыпIиблыми
ахэтэу, ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо фэдэу* зыгорэ слъэгъу-
гъэ. Ылъакъомэ анэсэу шъошэ кIыхьэ щыгъыгъ, ды-
шъэм хэшIыкIыгъэ бгъэрылъи илъыгъ. [14]Ышъхьэ
шъхьацэу телъыгъэр цы фыжьым е осым фэдэу фыжьы-
бзагъ. Ынэхэри мэшIотхъуабзэм фэдагъэх. [15]Ылъакъо-
хэри хьакум щагъэплъыгъэ гъуаплъэм фэдэу, лыдхэу
щытыгъэх, ымакъи псы къиугъабэмэ амэкъэшхо фэ-
дагъ. [16]ЫIэ джабгъукIэ жъогъуибл ыIыгъыгъ, бгъуи-
тIуцэ зиIэ сэшхо чан горэ ыжэ къыдэкIыгъ. ЫнэкIуи
лъэшэу къепсырэ тыгъэм фэдагъ.

[17]Ар зысэлъэгъум, ылъакъохэм адэжь лIагъэм фэдэу
сыщытефагъ. Джащыгъум ыIэ джабгъу къыстрилъхьи
къысиIуагъ: «Умыщын, апэрэри аужырэри сэры. [18]ЩыIэ-
ныгъэ зиIэр сэры. СылIагъ, ау джы сыщыI, егъашIэми
сыщыIэщт. Амин. ЛIэныгъэми лIагъэхэм ядунаий яIун-
кIыбзэхэр сIыгъых. [19]Арышъ, Iофхэу плъэгъугъэхэ-
ри, Iофхэу джы щыIэхэри, къэхъущтхэри тхых. [20]СIэ
джабгъукIэ сIыгъыгъэ жъогъуиблымрэ дышъэм хэшIы-
кIыгъэ остыгъэ тетыпIиблымрэ къарыкIырэр мары: Жъо-
гъуиблымэ къарыкIырэр чылыс зэIукIиблымэ ямэлэIич-
хэр* ары. Остыгъэ тетыпIиблымэ къарыкIырэр чылыс
зэIукIиблыр ары».

## ЯТIОНЭРЭШЪХЬ

### Исус Христос Ефес къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм къэбарэу фаригъэхьыгъэр

Ефес къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм имэлэIич мы къэба-
рыр фэтх:

---

1:13 ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо фэдэу – еплъ Пегъымбар Данил икъэбар зэрыт тхылъым 7:13.

1:20 мэлэIичхэр – е чылыс зэIукIэхэм яухъумакIохэр е ялIыкIохэр ары.

ЫIэ джабгъукIэ жъогъуибл зыIыгъэу, дышъэм хэшIы-
кIыгъэхэу остыгъэ тетыпIиблым ахэтэу къэзыкIухьэрэм
мы гущыIэхэр къеIох: 2 Iофхэу жъугъэцакIэхэрэр сэшIэх,
лъэшэу шъузэрэлэжьагъэри, теубытэныгъэ шъуиIэу шъу-
зэрэзекIуагъэри сэшIэ. ЦIыф бзаджэхэр зэрэшъуфэмы-
щэчхэрэри сэшIэ. АпостолхэкIэ зэджэжьхэрэ мыапостол-
хэр жъугъэунэфыгъэх, пцIы зэраусырэри шъулъэгъугъэ.
3 Къиныбэ шъущэчыгъэ, теубытэныгъэ шъуиIэу шъозе-
кIо, сцIэ пае лъэшэу шъулэжьагъ ыкIи шъуезэщыгъэп.

4 Ау шъо зы мыхъун горэ къыжъудэсэлъэгъу: ЫпэкIэ
шIулъэгъуныгъэу къысфышъуиIагъэр зэрэхэшъунэжьы-
гъэр ары. 5 Шъукъызэфэхыгъэр зыфэдизыр зыщышъу-
мыгъэгъупш. ШъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожьи, ыпэ-
кIэ Iофхэр зэрэжъугъэцэкIагъэхэм фэдэу, жъугъэцакIэх.
ШъуипсэкIодхэм шъуафыкIэмыгъожьмэ, сэ сыкъэкIо-
нышъ, шъуиостыгъэ тетыпIэ IузгъэкIотыщт. 6 Ау Iофы-
шIу горэ къыжъудэсэлъэгъу: Николай игъогу рыкIорэ
цIыф купым* Iоф бзаджэхэу ашIэхэрэр шъо шъоуджэгъух,
сэ ахэмэ яIофхэр зэрэсыуджэгъухэрэм фэдэу.

7 ТхьакIумэ зиIэм Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ чылыс зэIукIэ-
хэмэ къариIорэр зэхерэх. ТекIоныгъэр къэзыхьырэм
Тхьэм иджэнэт ит чъыгэу щыIэныгъэ къэзытырэм* къы-
пыкIэрэм щыщ ышхынэу фит сшIыщт.

## Исус Христос Смирнэ къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм къэбарэу фаригъэхьыгъэр

8 Смирнэ къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм имэлэIич мы
къэбарыр фэтх:

Апэрэу ыкIи Аужырэу, лIагъэу щытыгъэу къэхъу-
жьыгъэм мы гущыIэхэр къеIох: 9 Гузэжъогъоу шъузхэ-
тымрэ шъуитхьамыкIагъорэ сэшIэх, ау щытми шъубай.
ДжурткIэ зэджэжьхэрэ мыджуртхэр IэягъэкIэ къызэ-
рэшъутегущыIэхэрэр сэшIэ. Ахэр джуртхэп, ау шэйта-
ным изэIукIэ щыщых. 10 Къинхэу шъущэчыщтхэм шъуа-

---

2:6 Николай игъогу рыкIорэ цIыф купыр – ахэмэ тхьэ нэпцIхэр агъэлъапIэщтыгъэх, зини ашIэщтыгъ.

2:7 чъыгэу щыIэныгъэ къэзытырэр – еплъ Пегъымбар Мусэ апэрэ тхылъэу ытхыгъэм 2:9.

щымыщын. Мыр шъосэIо, шъуигъэунэфыным пае, шэйтаным шъуащыщхэу заулэ хьапсым чIидзэщт, мэфипшIым гузэжъогъум шъухэтыщт. ЛIэныгъэм нэсы шъукъысфэшъыпкъ. Шъукъысфэшъыпкъэмэ, танджэу мыкIодыжьын щыIэныгъэр къышъостыщт.

11 ТхьакIумэ зиIэм Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ чылыс зэIукIэхэм къариIорэр зэхерэх. ЯтIонэрэ лIэныгъэм* текIоныгъэ къэзыхьырэм иягъэ ригъэкIыщтэп.

## Исус Христос Пергам къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм къэбарэу фаригъэхьыгъэр

12 Пергам къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм имэлэIич мы къэбарыр фэтх:

БгъуитIуцэ зиIэ сэшхо чаныр зиIэм мы гущыIэхэр къеIох:
13 Iофхэу жъугъэцакIэхэрэр сэшIэх, шэйтаным итIысыпIэ зыдэщыIэм шъузэрэщыпсэурэри сэшIэ. Сэ сцIэ шъукъыфэшъыпкъ. Шъо шъузыдэщыIэ чIыпIэу шэйтаныр зыдэщыIэм сишыхьат шъыпкъэу Антипэ зыцIэр цIыфхэм заукIыгъэ мафэхэми сэркIэ шIошъхъуныгъэу шъуиIэр хэшъунэжьынэу шъудагъэп.

14 Ау мыхъун Iоф горэхэр къыжъудэсэлъэгъух: Валаам Iофхэу цIыфхэм аригъэшIагъэхэм атет цIыфхэр къышъухэтых. Валаам ары Валак* зыцIэм Израил цIыфхэм псэкIод аригъэшIэнэу езыгъэшIагъэр. Хымэ лъэпкъхэм ащыщхэм тхьэ нэпцIхэм афашIыгъэ къурмэныпхъэм ыл Валак Израил цIыфхэм аригъэшхыгъ, зини аригъэшIагъ.
15 Джащ фэдэу Николай Iофхэу цIыфхэм аригъашIэхэрэм атет цIыфхэр къышъухэтых.
16 Арышъ, шъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожь. Армырмэ, шIэхэу шъуадэжь сыкъэкIонышъ, сыжэ къыдэкIырэ сэшхомкIэ сязэощт.

17 ТхьакIумэ зиIэм Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ чылыс зэIукIэхэм къариIорэр зэхерэх. ТекIоныгъэр къэзыхьырэм гъэбылъыгъэ мэнн шхыным* щыщ естыщт. ЦIакIэ зы-

2:11 ятIонэрэ лIэныгъэр – мыкIодыжьын лIэныгъэу псэр зыгъэкIодрэр ары. Еплъ 20:14; 21:8;

2:14 Валаам . . . Валак – еплъ Пегъымбар Мусэ яплIэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 22:24, 31:16, ыкIи ятфэнэрэ тхылъэу ытхыгъэм 23:4.

2:17 мэнн шхыныр – Израил цIыфхэр Мысырым (Египет) къикIыжьхи, шъоф нэкIым къыщакIухьэу зыщэтым, шхынэу Тхьэм ари-

тетхэгъэ мыжъо фыжьри естыщт. А мыжъор зэстырэ цIыфым нэмыкIэу а цIэр зыми ышIэрэп.

### Исус Христос Фиатирэ къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм къэбарэу фаригъэхьыгъэр

[18] Фиатирэ къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм имэлэIич мы къэбарыр фэтх:

Тхьэм Ыкъоу зынэхэр мэшIотхъуабзэм фэдэхэу, зылъакъохэри гъоплъэ плъыгъэм фэдэу лыдхэу щытхэм мы гущыIэхэр къеIох:
[19] Iофхэу жъугъэцакIэхэрэр сэшIэх,
шъуишIулъэгъуныгъи, шъуишIошъхъуныгъи, IэпыIэгъу
шъузэрэзэфэхъурэри, теубытэныгъэ шъуиIэу шъузэрэзекIорэри сэшIэ. Ыпэм нахьи нахьыбэу шIу зэрэшъушIэрэри сэшIэ.

[20] Ау мыхъун горэ къыжъудэсэлъэгъу: ПегъымбаркIэ зэджэжьырэ бзылъфыгъэу Иезавел шъупэуцурэп. Зинэ ашIэнэуи, хымэ лъэпкъхэм ащыщхэм тхьэ нэпцIхэм афашIыгъэ къурмэныпхъэм ыл ашхынэуи къысфэлажьэрэ цIыфхэм арегъашIэх ыкIи дехьыхых.
[21] Зинэу ышIагъэм фыкIэгъожьынэу игъо физгъэфагъ, ау фыкIэгъожьыгъэп.
[22] Ащ пае, къин ыщэчынэу пIэм хэзгъэлъыщт. Зинэ дэзышIагъэхэри ашIагъэхэм афыкIэмыгъожьхэмэ, гузэжъогъушхо хэзгъэфэщтых.
[23] Ащ ибынхэри згъэлIэщтых. ЕтIанэ цIыфхэм агухэм арылъхэри ягупшысэхэри зыгъэунэфырэр сэрэу зэрэщытыр чылыс зэIукIэ пстэуми ашIэщт. Шъуащыщэу хэти Iофхэу ышIагъэхэм яфэшъуашэ езгъэгъотыжьыщт.
[24] Шъуащыщхэу къэнэгъэ цIыфхэу Фиатирэ къалэм дэсхэу, Иезавел Iофхэу цIыфхэм аригъашIэхэрэм атемытхэу, шэйтаным ишъэфышхохэр зэзымыгъэшIагъэхэм, нэмыкI хьылъэ горэ къызэрэшъутесымылъхьащтыр шъосэIо.
[25] Сэ сыкъэкIофэ, шIошъхъуныгъэу шъуиIэм шъутемыкI.

[26] ТекIоныгъэр къэзыхьэу, кIэухым нэсыфэ сиIофхэр зыгъэцакIэрэм лъэпкъхэм тетыгъо афыриIэнэу згъэхъущт, Сятэ тетыгъо сиIэ зэригъэхъугъэм фэдэу.

[27] «Ащ гъучI бэщкIэ ыгъэIорышIэщтых,
ятIэм хэшIыкIыгъэ хьакъушыкъухэми афэдэу зэхикъутэщтых».

---

гъэшхыгъэр ары. Еплъ Пегъымбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 16:14–15, 31–35.

28 ТекIоныгъэр къэзыхьырэм нэфшъэгъо жъуагъори* естыщт.
29 ТхьакIумэ зиIэм Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ чылыс зэIукIэхэм къариIорэр зэхерэх.

## ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

### Исус Христос Сардис къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм къэбарэу фаригъэхьыгъэр

Сардис къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм имэлэIич мы къэбарыр фэтх:

Тхьэм ипсиблырэ жъогъуиблырэ зыIыгъырэм мы гущыIэхэр къеIох: Iофхэу жъугъэцакIэхэрэр сэшIэх. Шъупсау цIыфхэм аIо, ау шъулIагъ.
2 Шъумычъыеу шъусакъ, къышъуфэнэжьыгъэ щыIэныгъэу лIэныгъэм нэсыгъэм кIуачIэ ежъугъэгъот; сыда пIомэ Iофхэу жъугъэцакIэхэрэр си Тхьэ ыдэжькIэ икъугъэхэу слъытэхэрэп.
3 Арышъ, Iофхэу зэжъугъэшIагъэхэри зэхэшъухыгъэхэри шъугу къэжъугъэкIыжьых. Ахэр жъугъэцакIэх, шъуипсэкIодхэми шъуафыкIэгъожь. Шъучъыеу шъумысакъмэ, шъумышIахэу тыгъуакIом фэдэу сыкъэкIощт. Шъуадэжь сыкъызыкIощт сыхьатри шъушIэщтэп.
4 Ау зищыгъынхэр зымыгъэушIоигъэхэу, цIыф заулэ Сардис къалэм къышъухэтых. Ахэр щыгъын фыжьхэр ащыгъхэу къыздэкIощтых, сыда пIомэ ахэмэ яфэшъуашэшъ ары.
5 ТекIоныгъэр къэзыхьырэм ахэмэ афэдэу щыгъын фыжьхэр щыгъыщтых. МыкIодыжьын щыIэныгъэ зыгъотыщтхэм ацIэхэр зэрыт тхылъым ащ ыцIэ егъашIэм изгъэкIыщтэп. Ащ ыцIэ зэрэсшIэрэр Сятэрэ имэлэIичхэмрэ апашъхьэ къыщысIощт.
6 ТхьакIумэ зиIэм Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ чылыс зэIукIэхэмэ къариIорэр зэхерэх.

### Исус Христос Филаделфие къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм къэбарэу фаригъэхьыгъэр

7 Филаделфие къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм имэлэIич мы къэбарыр фэтх:

---

2:28 нэфшъэгъо жъуагъор – Христос ары. Еплъ 22:16.

ЛъапIэу ыкIи шъыпкъэу щытэу, Даутэ иIункIыбзэ* зы-
Iыгъырэм мы гущыIэхэр къеIох. Ащ зэIуихырэр зыми
ыгъэпытэжьышъурэп, ыгъэпытэрэри зыми Iуихыжьышъу-
рэп. [8] Iофхэу жъугъэцакIэхэрэр сэшIэх. Мары, пчъэу
зыми ымыгъэпытэжьышъурэр шъуапашъхьэ щызэIусхыгъ.
ЛъэкIынығъэшхо шъуиIэп, ау сигущыIэхэр жъугъэцэкIа-
гъэх, сигъогу шъузэрэрыкIорэри цIыфмэ апашъхьэ щы-
шъуушъэфыгъэп. [9] ШъукъэдаIу, шэйтаным изэIукIэ щыщ-
хэу, пцIы зыусхэу, джурткIэ зэджэжьхэрэ мыджуртхэр,
ахэр сэ къэзгъэкIонхэшъ, шъулъакъохэм адэжь лъэгон-
джэмышъхьэкIэ щызгъэтIысыщтых, шIу шъузэрэслъэ-
гъурэри ашIэщт. [10] «Теубытэныгъэ зижъугъаI», зыфэс-
Iогъэ унашъор зэрэжъугъэцэкIагъэм пае, дунаем зэкIэ
тетхэм алъэгъущт гузэжъогъу сыхьатым шъущысыухъу-
мэщт. А гузэжъогъу сыхьатыр дунаем тет цIыфхэм яшъы-
пкъагъэ ыгъэунэфыным пае къэкIощт.

[11] ШIэхэу сыкъэкIощт. Зыми шъуитандж къышъуIимы-
хынэу шIошъхъуныгъэу шъуиIэм шъутемыкI. [12] ТекIоны-
гъэр къэзыхьырэр си Тхьэ иунэшхо пкъэу фэзгъэуцущт,
а унэшхоми ныбжьи чIэкIыжьыщтэп. Си Тхьэ ыцIэрэ, си-
Тхьэ икъэлэшхоу ЕрусалимыкIэм ыцIэрэ а цIыфым ына-
тIэ тестхэщтых. А къалэр си Тхьэу уашъом щыIэм ыдэжь
къикIэу къехыщт. Сэ цIакIэу сиIэри а цIыфым ынатIэ
тестхэщт. [13] ТхьакIумэ зиIэм Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ чылыс
зэIукIэхэм къариIорэр зэхерэх.

## Исус Христос Лаодикие къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм къэбарэу фаригъэхьыгъэр

[14] Лаодикие къалэм щыIэ чылыс зэIукIэм имэлэIич мы
къэбарыр фэтх:

АминкIэ* заджэхэрэ шыхьат шъыпкъэу ыкIи узщыгу-
гъышъун шыхьатэу Тхьэм къыгъэхъугъэ пстэури зыIэ

3:7 Даутэ иIуңкIыбзэ – а IункIыбзэм Мессихьым (Христосым) итетыгъо-шхо къегъэлъагъо. Мессихьыр пачъыхьэу Даутэ къытехъукIыгъэ цIыфхэм ащыщыгъ. Тхьэм пачъыхьэу Даутэ къыгъэгугъагъ бын лъапIэу Тхьэм ицIыфхэм тетыгъо афызиIэщтыр ащ къызэрэтехъукIыщтымкIэ. Еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 22:22; Апостол. 2:20–31.

3:14 Амин – Тхьэм Iофхэу ицIыфхэр къызэригъэгугъагъэхэр зэригъэ-цэкIэщтхэр къэзыгъэшъыпкъэжьрэр Христосыр ары. Еплъ 2 Кор. 1:20. «Амин» къикIырэр «Арэущтэу орэхъу» ары.

къикIыгъэм мы гущыIэхэр къеIох: [15]Iофхэу жъугъэца-
кIэхэрэр сэшIэх. Шъугухэр фабэхэп ыкIи чъыIэхэп ыкIи.
Шъугухэр фэбэгъагъойт е чъыIэгъагъойт! [16]Мыфабэу–мы-
чъыIэу шъузэрэщытым пае, цIыфым ыжэ псыр къызэ-
рэдиутхыкIырэм фэдэу, сыжэ шъукъыдэсыутхыкIы-
жьыщт. [17]Шъо мырэущтэу шъоIо: «Тыбай, бэ тиIэ хъу-
гъэ, зи тищыкIагъэп». Ау сыхьатмыгъо шъуежьагъэу,
шъутхьамыкIэу, гукIэгъу шъуифэшъуашэу, шъунэшъоу
ыкIи шъупцIанэу шъузэрэщытыр шъушIэрэп. [18]Арышъ,
баи шъухъуным пае, машIокIэ гъэкъэбзэжьыгъэ дышъэ
сщышъущэфынэу игъоу къышъуфэсэлъытэ. ШъузэрэпцIа-
нэм пае, шъумыукIытэнэу щыгъын фыжьхэри къэшъу-
щэфых. Шъунэхэми алъэгъуным пае, ащышъуфэнэу да-
гъэри къэшъущэф.

[19]ШIу слъэгъухэрэм агурысэгъаIо ыкIи сэгъэдаIох.
Арышъ, шъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожьи, шъугу еты-
гъэу сигъогу шъурыкIу. [20]Мары, пчъэм сыIутэу сыкъы-
тео. Зыгорэм сымакъэ зэхихэу, пчъэр къыIуихымэ, си-
хьанышъ, сэ ащ сыдэшхэщт, ежьыри сэ къыздэшхэщт.

[21]ТекIоныгъэр къэзыхьырэр ситIысыпIэ лъапIэ
щысынэу къызготIысхьанэу фит сшIыщт, сэри текIоны-
гъэр къэсхьи, Сяти итIысыпIэ лъапIэ щысынэу ежьым
сызэрэготIысхьагъэм фэдэу. [22]ТхьакIумэ зиIэм Тхьэм
Ыпсэ ЛъапIэ чылыс зэIукIэхэм къариIорэр зэхерэх.

# ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

## Уашъом щыIэ тIысыпIэ лъапIэр

Ащ нэужым сызэплъэм, уашъом щыIэ пчъэ горэ зэ-
Iухыгъэу слъэгъугъэ. Бжъэмыешхом ымакъэ фэдэу,
къыздэгущыIэу зэхэсхыгъэгъэ макъэм къыIуагъ: «Мо
къыдэкIуай, Iофхэу джырэ нэуж къэхъун фаехэр озгъэ-
лъэгъущтых». [2]Ардэдэм Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ къысфе-
хыгъ ыкIи сызэплъэм, уашъом тIысыпIэ лъапIэ горэ
щыслъэгъугъ, зыгори ащ тесыгъ. [3]Ащ тесым итеплъэ
мыжъо лъэпIэ фыжьэу яспис зыщIэмрэ мыжъо лъэпIэ
плъыжьэу сардис зыщIэмрэ ятеплъэ фэдагъ. ТIысыпIэ
лъапIэм ихъурэягъэкIэ лэгъупкъопсэу зитеплъэ мыжъо

лъэпIэ уцышъоу смарагд зыцIэм фэдэр щыIагъ. 4 ТIысы-
пIэ лъапIэм ихъурэягъэкIэ къегъэуцокIыгъэхэу нэмыкIрэ
тIысыпIэ лъэпIэ тIокIырэ плIырэ щыIагъ. А тIысыпIэ
лъапIэхэм атесхэу тхьамэтэ нахьыжъхэу нэбгырэ тIо-
кIырэ плIырэмэ щыгъын фыжьхэр ащыгъхэу, ашъхьэхэми
дышъэм хэшIыкIыгъэ танджэхэр ателъхэу слъэгъугъэх.
5 ТIысыпIэ лъапIэм пчыкIэхэр* къикIыгъэх, шыблэ гъо-
гъо мэкъэшхохэри къыпыIукIыгъэх. ТIысыпIэ лъапIэм
ыпашъхьэ остыгъибл щытыгъэх – ахэр Тхьэм ипсибл
ары. 6 А тIысыпIэ лъапIэм ыпашъхьэ апчым хэшIы-
кIыгъэу, кристаллым фэдэу нэфэу ыкIи къабзэу, хым
итеплъэ иIэу зыгорэ слъэгъугъэ.

Гузэгум, тIысыпIэ лъапIэм ихъурэягъэкIэ къеуцокIы-
гъэхэу псэушъхьиплI итыгъэх. АгупэкIи акIыбкIи нэхэр
арызыбзагъэх. 7 Апэрэ псэушъхьэр аслъаным фэдагъ,
ятIонэрэр шкIэм фэдагъ, ящэнэрэм ынэгу цIыфым ынэ-
гу фэдагъ, яплIэнэр быбырэ бгъэжъым фэдагъ. 8 Псэу-
шъхьиплI пэпчъ тэмих иIагъ, тыдэкIи нэхэр арызы-
бзагъэх. Чэщи мафи зэпымыоу мырэущтэу аIо:

«ЛъэкIыныгъэшхор зэкIэ зиIэ Зиусхьанэу Тхьэу,
щыIагъэу, щыIэу, къэкIощт мафэхэми щыIэщтыр
лъапIэу, лъапIэу, лъапIэу щыт».

9 Псэушъхьэхэм щытхъушхуи, лъытэныгъэшхуи, шъхьэ-
кIэфэныгъэшхуи тIысыпIэ лъапIэм тесэу, егъашIэм щы-
Iэщтым 10 фашIы къэс, тхьэмэтэ нахьыжъхэу нэбгырэ
тIокIырэ плIырэми тIысыпIэ лъапIэм тесэу егъашIэм
щыIэщтым ыпашъхьэ зыщырадзыхызэ агъэлъапIэ. ТIы-
сыпIэ лъапIэм ыпашъхьэ ятанджэхэр агъэтIылъхэзэ,
мырэущтэу аIо:

11 «О тиЗиусхьан,
щытхъушхори, лъытэныгъэшхори, лъэкIыныгъэ-
шхори
зифэшъуашэр оры,
сыда пIомэ пстэури къэзыгъэхъугъэр оры,
о уфэягъэти, ахэри къэхъухи, щыIэныгъэ яIэ хъугъэ».

4:5 пчыкIэ – шыблэм инэфынэ ары.

# ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

## Тхылъымрэ Шъынэмрэ

ЕтІанэ тІысыпІэ лъапІэм тесым ыІэ джабгъукІэ тхылъ
горэ ыІыгъэу слъэгъугъэ. Ар ыкІоцІкІи ыкІыбкІи тхы-
гъэу, зэкІоцІыщыхьагъэу, мыхъурибли тедзагъэу щытыгъ.
2 ЛъэкІыныгъэ зиІэ мэлэІич гори слъэгъугъэ мэкъэшхо-
кІэ къыІоу: «Мыхъурыр тезыхынэу, тхылъыр зэгозыхы-
нэу хэта зифэшъуашэр?» 3 Ау уашъоми, чІылъэми, чІы-
лъэм ычІэгъыми а тхылъыр зэгозыхынэу, е ыкІоцІ еплъы-
нэу зылъэкІырэ цІыф зи ащыІагъэп. 4 Тхылъыр зэгозы-
хынэу е ыкІоцІ еплъынэу зифэшъошэ цІыф горэ къызэра-
мыгъотыгъэм пае, лъэшэу сыгъыгъ. 5 Ау тхьамэтэ на-
хьыжъхэм ащыщ зыгорэм къысиІуагъ: «Умыгъ, мо къэ-
даІу! Иудэ унэгъо лъэпкъым щыщ аслъанкІэ заджэхэу,
пачъыхьэ Даутэ къытехъукІыгъэ бын лъапІэм* текІо-
ныгъэр къыхьыгъ. Мыхъуриблыр тырихынышъ, тхылъы-
ри зэгуихын ащ ылъэкІыщт».

6 ЕтІанэ Шъынэ горэ шІуабзыгъэм фэдэу тІысыпІэ лъа-
пІэм ыгузэгу итэу, псэушъхьиплІымрэ тхьамэтэ нахь-
ыжъхэмрэ ихъурэягъэкІэ къеуцокІыгъэхэу слъэгъугъэ.
Бжъэкъуибл тетыгъ, нибли иІагъ. Ниблыр дунаем ты-
дэкІи Тхьэм ыгъэкІогъэ псиблыр ары. 7 А Шъынэр
кІуи, тІысыпІэ лъапІэм тесым ыІэ джэбгъукІэ ыІыгъы-
рэ тхылъыр къыІихыгъ. 8 Ар къызыІехым, псэушъхьи-
плІымрэ тхьэмэтэ нахьыжъхэу нэбгырэ тІокІырэ плІы-
рэмрэ Шъынэм ыпашъхьэ зыщырадзыхыгъ. Хэти шы-
кІэпщынэм фэдэу пщынэ лъэпкъ горэ ыІыгъыгъ, Іэгу-
бжъхэу дышъэм хэшІыкІыгъэхэу, мэ ІэшІу зыпихырэ
уцхэр зэрытхэри аІыгъыгъэх. А уцхэм апихырэ мэ ІэшІур
Тхьэм ицІыф лъапІэхэм ялъэІухэр арыгъэ. 9 ОрэдыкІэ къа-
Іуагъ:

«Тхылъыр пштэнэу, имыхъурхэри тепхынхэу уифэ-
шъуащ,
сыда пІомэ цІыфхэм ушІуабзыгъ,
о плъыкІи унэгъо лъэпкъ пстэуми, бзэ пстэуми,
хэгъэгу пстэуми, лъэпкъ пстэуми ащыщхэу

---

5:5 аслъанкІэ заджэхэу, пачъыхьэ Даутэ къытехъукІыгъэ бын лъапІэр – Исус Христос ары.

цIыфхэм ашъхьэхэр Тхьэм пае къэпщэфыжьыгъэх.
10 О уигъусэхэу тетыгъо зиIэхэу,
ти Тхьэ фэлажьэрэ дин пащэхэу тыхъунэу о тыбгъэнэфагъ;
дунаеми тетыгъо щытиIэщт».
11 ЕтIанэ сызэплъэм, тIысыпIэ лъапIэм, псэушъхьиплIым,
тхьамэтэ нахьыжъхэм яхъурэягъэкIэ къяуцокIыгъэхэу мэ-
лэIич бэ дэдэхэм амакъэ зэхэсхыгъэ, япчъагъи мин бэ дэ-
дэ хъущтыгъ. 12 Ахэмэ мэкъэшхокIэ мырэущтэу аIуагъ:
«ЛъэкIыныгъэшхор, баиныгъэшхор,
зэхэшIыкIыныгъэшхор, кIочIэшхор,
лъытэныгъэшхор, щытхъушхор, шъхьэкIэфэныгъэшхор
Шъынэу цIыфхэм шIуабзыгъэм ифэшъуашэх».
13 ЕтIанэ уашъом, чIым, чIы чIэгъым, хым ахэми ащы-
псэухэу, Тхьэм къыгъэхъугъэ псэ зыхэлъ пстэуми къа-
Iоу зэхэсхыгъ:
«ШъхьэкIэфыныгъэшхор, лъытэныгъэшхор,
щытхъушхор, тетыгъошхор
егъашIэм тIысыпIэ лъапIэм тесымрэ, Шъынэмрэ яй!»
14 ПсэушъхьиплIыми, «Амин» къаIуагъ. Тхьамэтэ нахьы-
ыжъхэу нэбгырэ тIокIырэ плIырэмрэ чIыгум зырадзыхи,
сыдигъуи ЩыIэщтыр агъэлъэпIагъ.

## ЯХЭНЭРЭШЪХЬ

### Мыхъурхэр

ЕтIанэ Шъынэм мыхъуриблымэ* ащыщэу апэрэр зэрэтырихырэр слъэгъугъэ. Джащыгъум псэушъхьиплIым щыщэу зым шыблэ гъуагъом ымакъэ фэдэ макъэкIэ, «КъакIо!» ыIоу зэхэсхыгъэ.
2 ЕтIанэ сызэплъэм, шы фыжь слъэгъугъэ. Шым тесым щабзэ горэ ыIыгъыгъ, мэлэIич горэми тандж къыритыгъ. ТекIоныгъэр къэзыхьырэм фэдэу текIоныгъэр къыхьынэу ежьагъ.

---

6:1 мыхъур – арапыбзэкIэ «хъытым», тыркубзэкIи «мыхьыр» ары.

3 ЕтIанэ Шъынэм ятIонэрэ мыхъурыр зытырехым, ятIо-
нэрэ псэушъхьэм, «КъакIуи еплъ!» къыIоу зэхэсхыгъ.
4 Джащыгъум нэмыкI шы горэ, шы цIэгъоплъэу къы-
дэкIыгъ. Ащ тесым дунаем мамырныгъэр тырихынэуи,
цIыфхэр зэригъэукIынхэуи Тхьэм фитыныгъэ къыри-
тыгъ. МэлэIич горэм ащ сэшхо къыритыгъ.

5 ЕтIанэ Шъынэм ящэнэрэ мыхъурыр зытырехым, ящэ-
нэрэ псэушъхьэм, «КъакIуи еплъ!» къыIоу зэхэсхыгъ.
Сызэплъэм, шы шIуцIэ слъэгъугъэ. Ащ тесым щэчалъэ
горэ ыIыгъыгъ. 6 ЕтIанэ псэушъхьиплIымэ ахэтэу зы ма-
къэ горэ къыдэIукIэу, мырэущтэу къыIоу зэхэсхыгъ:
«Коцэу лэгъищым арылъыр зы мэфапкIэ мэхъу, хьэу*
лэгъибгъум арылъыри зы мэфапкIэ мэхъу. Дагъэми сэ-
нэпсми уиягъэ ямыгъэкI».

7 ЕтIанэ Шъынэм яплIэнэрэ мыхъурыр зытырехым,
яплIэнэрэ псэушъхьэм ымакъэ, «КъакIуи еплъ!» къыIоу
зэхэсхыгъ. 8 Сызэплъэм, шы джэф слъэгъугъэ. Ащ те-
сым ыцIагъэр ЛIэныгъэр ары. ЛIагъэхэм я Дунай зы-
цIэр ащ лъыкIоу щытыгъ. Ахэми сэшхокIи, гъаблэкIи,
зэпахэрэ узхэмкIи, чIылъэм ихьакIэ–къуакIэхэм яIэпыIэ-
гъукIи цIыфхэр агъэлIэнхэу чIылъэм ыплIанэ тетыгъо
фыряIэ хъугъэ.

9 ЕтIанэ Шъынэм ятфэнэрэ мыхъурыр зытырехым, цIыф-
хэу Тхьэм игущыIэхэр къызэрагъэIугъэхэм паий, а
гущыIэхэм шыхьатныгъэ зэрафэхъугъэхэм паий аукIы-
гъэхэм апсэхэр къурмэншIыпIэм ычIэгъ щыIэхэу щыс-
лъэгъугъэх. 10 Ахэр мэкъэшхокIэ къэджагъэх: «О Зиус-
хьан лъапIэ ыкIи шъыпкъагъэр зиIэу Зиусхьан, дунаем тет
цIыфхэу тэ тлъы зыгъэчъагъэхэм хьыкум атепшIыхьа-
нэуи, яфэшъуашэ ябгъэпщыныжьынэуи сыдигъо нэсы
тыпэбгъэплъэщт?» 11 Арэущтэу мэлэIич горэм ахэмэ ащы-
щэу хэти шъошэ кIыхьэ къырити, тIэкIурэ загъэпсэфы-
нэу ариIуагъ, дунаем ицIыфхэм ахэр зэраукIыгъэхэм фэ-
дэу, ахэмэ ягъусэхэу аукIыщт цIыфхэу Тхьэм фэлажьэ-
хэрэмрэ адрэ шыхэу аукIыщтхэмрэ япчъагъэ екъуфэ.

12 ЕтIанэ Шъынэм яхэнэрэ мыхъурыр зэрэтырихырэр
слъэгъугъэ. Джащыгъум чIылъэр лъэшэу къэсысыгъ,
тыгъэри пчэныцым хэшIыкIыгъэ шэкI шIуцIэм фэдэу
ушIункIыгъэ, мазэри лъым фэдэу плъыжьы хъугъэ.

---

6:6 хьэ – арапыбзэкIи, тыркубзэкIи «арпэ» мэхъу.

[13] Уашъом ижъуагъохэри чIылъэм къефэхыгъэх, жьыбгъэшхо къызепщэкIэ, ынджыр чъыгым пытхэр къызэрэпытэкъухэрэм фэдэу. [14] Тхъылъыр зэрэзэкIоцIащыхьэрэм фэдэу, уашъор кIодыгъэ; къушъхьэ пстэури хыгъэхъунэ* пстэури ячIыпIэхэм арыкIыгъэх.

[15] Дунаем ипачъыхьэхэми, тетыгъо зиIэхэми, дзэм ипэщэшхохэми, байхэми, лъэкIыныгъэшхо зиIэхэми, пщылIми, фитми, гъочIэгъхэмрэ къушъхьэ мыжъошхохэм ачIэгърэ защагъэбылъыжьыгъ. [16] Ахэмэ къушъхьэхэмрэ къушъхьэ мыжъошхохэмрэ араIуагъ: «Шъукъыттефи, тIысыпIэ лъапIэм тесым тешъумыгъэлъэгъу, Шъынэм игубжи тыщышъуухъум. [17] Сыда пIомэ ахэр зыгубжырэ мэфэшхор къэсыгъ, ахэми хэта апэуцужьын зылъэкIыщтыр?»

## ЯБЛЭНЭРЭШЪХЬ

### МэлэIичхэм Тхьэм имыхъур цIыф нэбгырэ минишъэрэ тIокIитIурэ плIырэм зэратырадзагъэхэр

Ащ нэужым чIылъэм икъопиплIмэ мэлэIичиплI атетхэу слъэгъугъэ. Жьыбгъэр чIыми хыми къыщемыпщэнэу, чъыгми къемыонэу чIылъэм икъопиплI къикIырэ жьыбгъэхэм апэуцужьыщтыгъэх. [2] ЕтIанэ нэмыкI мэлэIич горэм щыIэныгъэ къыздикIырэ Тхьэм имыхъур ыIыгъэу, тыгъэ къыкъокIыпIэмкIэ къикIэу слъэгъугъэ. ЧIымрэ хымрэ яягъэ арагъэкIынэу фитыныгъэ зиIэ мэлэIичиплIым мэкъэшхокIэ ариIуагъ: [3] «Ти Тхьэ фэлажьэрэ цIыфхэм анатIэ мыхъур тетэдзэфэ, чIым, хым, чъыгхэм шъуиягъэ яжъугъэкIыкъон!» [4] ЕтIанэ цIыфхэу мэлэIичхэм мыхъурыр зытырадзагъэхэм япчъагъэ зэхэсхыгъ: Израил иунэгъо лъэпкъ пстэуми ащыщхэу мэлэIичхэм мыхъурыр зытырадзагъэхэр нэбгырэ минишъэрэ тIокIитIурэ плIырэ хъуущтыгъэх.

[5] Иудэ унэгъо лъэпкъым щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум мыхъурыр атырадзагъ; Рувим унэгъо лъэпкъым щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум мыхъурыр атырадзагъ; Гад унэгъо лъэпкъым щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIу-

6:14 хыгъэхъунэ – чIыгу гъушъэу псы гузэгум итыр ары.

тIум мыхъурыр атырадзагъ; [6] Асир унэгъо лъэпкъым
щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум мыхъурыр атырадзагъ;
Неффалим унэгъо лъэпкъым щыщхэу нэбгырэ мин пшIы-
кIутIум мыхъурыр атырадзагъ; Манассие унэгъо лъэ-
пкъым щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум мыхъурыр аты-
радзагъ; [7] Симеон унэгъо лъэпкъым щыщхэу нэбгырэ
мин пшIыкIутIум мыхъурыр атырадзагъ; Левый унэгъо
лъэпкъым щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум мыхъурыр
атырадзагъ; Иссахар унэгъо лъэпкъым щыщхэу нэбгы-
рэ мин пшIыкIутIум мыхъурыр атырадзагъ; [8] Завулон
унэгъо лъэпкъым щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIутIум мы-
хъурыр атырадзагъ; Юсыф унэгъо лъэпкъым щыщхэу
нэбгырэ мин пшIыкIутIум мыхъурыр атырадзагъ; Вен-
иамин унэгъо лъэпкъым щыщхэу нэбгырэ мин пшIыкIу-
тIум мыхъурыр атырадзагъ;

**Пчъагъэ зимыIэ цIыф купышхом Тхьэр зэригъэлъапIэрэр**

[9] Ащ нэужым сызэплъэм, лъэпкъ пстэуми, унэгъо лъэ-
пкъ пстэуми, хэгъэгу пстэуми, бзэ пстэуми ащыщхэу умы-
лъытэшъун цIыф купышхо слъэгъугъэ. Шъошэ фыжь
кIыхьэхэр ащыгъхэу, палмэ зыцIэ чъыгым* икъутамэхэр
аIыгъхэу, тIысыпIэ лъапIэмрэ Шъынэмрэ апашъхьэ щы-
тыгъэх.

[10] Ахэр мэкъэшхокIэ къэджагъэх:
«Ти Тхьэу тIысыпIэ лъапIэм тесымрэ
Шъынэмрэ ары тымыкIодэу тыкъэзыгъэнэжьы-
гъэхэр».

[11] ТIысыпIэ лъапIэм, тхьамэтэ нахьыжъхэм, псэушъхьи-
плIым къяуцокIыгъэхэу мэлэIич пстэури щытыгъэх. Ахэ-
мэ тIысыпIэ лъапIэм ыпашъхьэ абгъэгукIэ зыщырадзыхи,
Тхьэр агъэлъапIэзэ аIощтыгъ:

[12] «Амин!
ШъхьэкIэфэныгъэшхор, щытхъушхор, зэхэ-
шIыкIыныгъэшхор,
лъытэныгъэшхор, лъэкIыныгъэшхор, кIочIэ-
шхор
егъашIэм тиТхьэ иех. Амин!»

---

7:9 палмэ зыцIэ чъыгыр – хъурмэ чъыгыр ары.

13 ЕтIанэ тхьамэтэ нахьыжъхэм ащыщэу зыгорэ къысэупчIыгъ:

–Мы шъошэ фыжь кIыхьэхэр зыщыгъхэр, хэт щыщха ыкIи тыда къыздикIыгъэхэр?

14 –Тхьаматэ, ахэр о ошIэх,– сIуи есIожьыгъ.

–Мыхэр ары гузэжъогъушхом къыхэкIыгъэхэр,– къысиIуагъ ащ. –Шъынэм ылъыкIэ яшъошэ кIыхьэхэр агъэкъэбзэжьхи, фыжьыбзэу ашIыжьыгъэх.

15 Ащ пае ахэр Тхьэм итIысыпIэ лъапIэ ыпашъхьэ щытых,
чэщи мафи Тхьэм иунэшхо чIэтхэу, Тхьэр агъэлъапIэ.
ТIысыпIэ лъапIэм тесыри адэпсэущт.
16 ЕгъашIэм мэлакIэ лIэжьыщтхэп,
псыфалIи лIэжьыщтхэп.
Тыгъэри фэбэгъэшхори ахэмэ къягоожьыщтхэп.
17 Сыда пIомэ тIысыпIэ лъапIэм ыгузэгу тес Шъынэр
ахэмэ мэлахъо афэхъущт,
щыIэныгъэ къэзытырэ псынэхэм адэжьи ахэр ыщэщтых.
Тхьэм ахэмэ анэхэм нэпс пстэури акIилъэкIыкIыжьыщт.

## ЯЕНЭРЭШЪХЬ

### Яблэнэрэ мыхъурымрэ дышъэм хэшIыкIыгъэ уц гъэстылъэмрэ

Шъынэм яблэнэрэ мыхъурыр зытырехым, сыхьатныкъо фэдизкIэ уашъом кIым–сым щыхъугъ.

2 ЕтIанэ Тхьэм ыпашъхьэ ит мэлэIичиблыр слъэгъугъэх. МэлэIич горэм бжъэмыешхуибл ахэмэ аритыгъэх.

3 НэмыкI мэлэIич горэм мэ Iэшlу зыпихырэ уцхэм апае дышъэм хэшIыкIыгъэ уц гъэстылъэ ыIыгъэу къакIуи, къурмэншIыпIэм ыпашъхьэ къыуцуагъ. НэмыкI мэлэIич горэм мэ IэшIу зыпихырэ уцыбэ а мэлэIичым къыритыгъ, Тхьэм ицIыф лъапIэхэм ятхьэлъэIухэу тIысыпIэ лъапIэм ыпашъхьэ щыт къурмэншIыпIэм телъхэм ахи-

гъэхъоным пае. [4] Мэ IэшIу зыпихырэ уцхэм яIугъо Тхьэм ицIыф лъапIэхэм ятхьэлъэIухэм ягъусэу мэлэIичым ыIэ къикIи, Тхьэм ыдэжь дэкIоягъ. [5] Ащ нэужым мэлэIичым уц гъэстылъэр къышти, къурмэншIыпIэм имашIо щыщ из ышIи, чIылъэм къыридзыхыгъ. Джащыгъум шыблэ гъогъо мэкъэшхохэр къэIугъэх, пчыкIэхэри къэлъэгъуагъэх, чIылъэри къэсысыгъ.

## Бжъэмыешхохэр

[6] ЕтIанэ бжъэмыиешхуибл зыIыгъырэ мэлэIичиблым ахэмэ къяпщэнхэу загъэхьазырыгъ.

[7] Апэрэ мэлэIичыр ибжъэмыешхо къепщагъ. Джащыгъум ошъу, машIо, лъы зэхэкIухьагъэхэу чIылъэм къехыгъэх. ЧIылъэм ызыщанэ хэстыкIыгъ, чъыгмэ азыщани хэстыкIыгъэх, уц шхъонтIэ пстэури стыгъэ.

[8] ЯтIонэрэ мэлэIичыри ибжъэмыешхо къепщагъ. Ащ дэжьым машIор зэкIэнэгъэ къушъхьэшхом фэдэу, зыгорэ хым хэфагъ. Хым ызыщани лъым фэдэу хъугъэ. [9] Хым хэс псэушъхьэхэм азыщани лIагъэх, къухьэхэм азыщани кIодыгъэх.

[10] ЕтIанэ ящэнэрэ мэлэIичыри ибжъэмыешхо къепщагъ. Джащыгъум мэшIо пхъэцIакIэм* фэдэу жъогъошхо горэ стэу уашъом къехи, псыхъохэмрэ псынэхэмрэ ащанэ къыхэфагъ. [11] Жъогъошхом ыцIэ Уц Дыдж. Псыхэм азыщанэ дыджэу хъугъэх, а псы дыджым ешъуагъэхэу цIыфыбэхэри лIагъэх.

[12] ЕтIанэ яплIэнэрэ мэлэIичыри ибжъэмыешхо къепщагъ. Джащыгъум тыгъэм ызыщани, мазэм ызыщани, жъуагъохэм азыщани кIосагъэ. Арэущтэу ахэмэ янэфынэ ызыщанэ шIункIы хъугъэ. Мафэм ызыщани, чэщым ызыщани нэфынагъэхэп.

[13] ЕтIанэ сызэплъэм, ошъогум щыбыбырэ мэлэIич мэкъэшхокIэ къаджэу зэхэсхыгъ: «Къэнагъэ мэлэIичищым ябжъэмыешхохэм къызяпщэхэкIэ, чIылъэм тетхэр сыхьатмыгъо ежьэщтых, сыхьатмыгъо ежьэщтых, сыхьатмыгъо ежьэщтых!»

---

8:10 пхъэцIакIэ – пхъэныкъостэу машIом пэлъыр ары.

# ЯБГЪОНЭРЭШЪХЬ

ЕтIанэ ятфэнэрэ мэлэIичыр ибжъэмыешхо къепщагъ.
Джащыгъум уашъом къикIэу, чIылъэм къехыгъэгъэ
жъуагъор* слъэгъугъэ. ЕтIанэ чIылъэм икуупIэу чIэ
зимыIэм* ичIэхьапIэ иIункIыбзэ мэлэIич горэм а жъуа-
гъом ритыгъ. 2 Жъуагъом чIылъэм икуупIэу чIэ зимыIэм
ичIэхьапIэ Iуихыгъ. ЗыIуехым, хьакушхом иIугъо фэдэ
Iугъо къычIэугъ. А чIэхьапIэм къычIэугъэ Iугъом ты-
гъэри уашъори ыгъэушIункIыгъэх. 3 ЕтIанэ мацIэхэр Iу-
гъом къыхэкIыхи, чIым къытехьагъэх. ЧIым искорпион-
хэм* акIуачIэ фэдэ кIуачIэ яIэнэу мэлэIич горэм а ма-
цIэхэм аритыгъ. 4 ЧIым иуцхэм, ичъыгхэм, чIым икъэ-
кIыгъэхэм яягъэ арамыгъэкIынэу Тхьэм ариIуагъ. Тхьэм
имыхъур зынатIэ темыдзэгъэ цIыф закъохэр ары яягъэ
зэрагъэкIын фэягъэр. 5 МацIэхэм а цIыфхэр агъэлIэн-
хэу фитхэу щытыгъэхэп, мэзитфыкIэ къин арагъэщэчы-
нэу фитхэу щытыгъэ ныIэп. А къинэу арагъэщэчыгъэр
скорпионыр цIыфым зеокIэ, къинэу ригъэщэчрэм фэд.
6 А мафэхэм цIыфхэр лIэныгъэм лъыхъущтых, ау агъо-
тыщтэп. ЛIэнхэуи фэещтых, ау лIэныгъэр аIэпы-
кIыщт.

7 МацIэхэм ятеплъэ цIыфхэм заом фагъэхьазырыгъэ
шыхэм ятеплъэ фэдагъ. Дышъэм хэшIыкIыгъэ тандж-
хэм афэдэхэр ашъхьэхэм ателъыгъэх, анэгухэри цIыф-
хэм анэгухэм афэдагъэх. 8 Ашъхьацхэр бзылъфыгъэ
шъхьацхэм афэдагъэх, ацэхэри аслъаным ыцэхэм афэ-
дагъэх. 9 Яашъоджанэхэр гъучIым хэшIыкIыгъэ ашъо-
джанэхэм афэдагъэх. Атамэхэм макъэу апыIукIыщты-
гъэр заом ежьэхэу шыкубэхэмрэ шыбэхэмрэ апыIукIы-
рэ мэкъэшхом фэдагъ. 10 Скорпионхэми кIэхэр зэряIэм
фэдэу, кIэхэри яIагъэх. КIэхэми щэхэр апытыгъэх. А
мацIэхэм лъэкIыныгъэ яIагъ мэзитфыкIэ цIыфмэ къин
арагъэщэчынэу. 11 Ахэмэ пачъыхьэу яIагъэр чIылъэм
икуупIэу чIэ зимыIэм имэлэIич ары. Ащ ыцIэ джурты-
бзэкIэ Аваддон, урымыбзэкIи Аполлион* ары.

---

9:1 жъуагъор – мэлэIич горэ ары.

9:1 чIылъэм икуупIэу чIэ зимыIэр – джынапцIэхэм яхьапс ары.

9:3 скорпион – акърэб ары.

9:11 Аполлион къикIырэр «ЗыгъэкIодрэр» ары.

12 Арэущтэу апэрэ сыхьатмыгъор блэкIыгъ. Джыри сыхьэтмыгъуитIу къэкIощт.

13 ЕтIанэ яхэнэрэ мэлэIичыр ибжъэмыешхо къепщагъ.
Джащыгъум Тхьэм ыпашъхьэ щыт къурмэншIыпIэу дышъэм хэшIыкIыгъэм икъопIиплIымэ къарыкIэу макъэ
горэ зэхэсхыгъэ.
14 А макъэм бжъэмыешхор зыIыгъырэ
яхэнэрэ мэлэIичым риIуагъ: «Евфрат псыхъошхом* дэжь щырапхыгъэ мэлэIичиплIыр шъхьафит шIыжьхи, тIупщыжьых».
15 Мы сыхьат дэдэм, мы мафэ дэдэм, мы мазэ дэдэм, мы илъэс дэдэм цIыф пстэуми азыщанэ агъэлIэнэу Тхьэм афигъэхьазырыгъэгъэ мэлэIичиплIыр атIупщыжьыгъэх.
16 А шыудзэм хэтыгъэхэм япчъагъэ миллион шъитIу хъущтыгъэх. Япчъагъэ зыфэдизыр зэхэсхыгъэ.

17 Шыхэри шыухэри мырэущтэу къысфэлъэгъуагъэх: ашъоджанэхэр машIом фэдэу плъыжьхэу, шхъуантIэхэу ыкIи гъожьхэу ащыгъыгъэх. Яшыхэм ашъхьэхэр аслъанышъхьэхэм афэдагъэх. Шыхэм ажэхэми машIо, Iугъо, тхъомзашхъо къадэкIыгъэх.
18 МашIоу, Iугъоу, тхъомзашхъоу, а къинышхуищэу а шыхэм ажэхэм къадэкIыгъэхэмкIэ цIыф пстэуми азыщанэ лIагъэ.
19 Шыхэм акIуачIэ ажэхэм адэлъыгъ, акIэхэми ахэлъыгъ; сыда пIомэ акIэхэр блэхэм афэдагъэх; акIэхэм шъхьэхэр апытхэу, ахэмкIэ яягъэ цIыфхэм арагъэкIыгъ.

20 Ау къэнэгъэ цIыфхэу а къинышхохэм ахэмылIыхьагъэхэм аIэкIэ ашIыгъэ тхьэ нэпцI шъо теплъэхэм акIыб афагъэзэжьынэу адагъэп. ДжынапцIэхэр агъэлъэпIэнхэм ауж икIыжьыгъэхэп, дышъэм, тыжьыным, гъуаплъэм, мыжъом, пхъэм ахэшIыкIыгъэ тхьэ нэпцIхэу зылъэгъун, зэхэзыхын ыкIи къэзыкIухьан зымылъэкIхэрэр агъэлъэпIэнхэми ыуж икIыжьыгъэхэп.
21 Джащ фэдэу, Iофхэу зыпылъхэу цIыф укIыным, ушхъухьаным, зинэ шIэным, тыгъоным афыкIэгъожьыгъэхэп.

9:14 Евфрат псыхъошхор – а уахътэм а псыхъор тыгъэ къыкъокIыпIэмкIэ Рим къэралыгъошхом игъунапкъэу щытыгъ.

# ЯПШЭНЭРЭШЪХЬ

## МэлэIичымрэ зэгохыгъэ тхылъ цIыкIумрэ

ЕтIанэ лъэкIыныгъэ зиIэу, нэмыкI мэлэIич горэ уа-
шъом къехэу слъэгъугъэ; ошъуапщэ горэ шъуашэу щы-
гъыгъ; лэгъупкъопсыри шъхьэщытыгъ, ынэгуи тыгъэм
фэдагъ, ылъакъохэри мэшIо пкъэухэм афэдагъэх.
2 Тхылъ цIыкIу горэ зэгохыгъэу ыIэкIэ ыIыгъыгъ. Лъэ-
къо джабгъур хым хигъэуцуагъ, лъэкъо сэмэгури чIым
тыригъэуцуагъ. 3 Аслъанхэр зэрэгъогхэрэм фэдэу, мэкъэ-
шхокIэ къэкууагъ. Ар къызэкуом, ошъо шыблэ гъогъуи-
блымэ амакъэхэр къэIугъэх. 4 Ошъо шыблэ гъогъуиблы-
мэ амакъэхэр къызэIухэ ужым, стхынэу сыублэ пэтыгъ,
ау уашъом къикIэу макъэ горэм къыIоу зэхэсхыгъ:
–Шыблэ гъогъуиблымэ къаIуагъэхэр умытхыхэу ушъэ-
фых.
5 ЕтIанэ мэлэIичэу зылъэкъо лъэныкъор хым хэзыгъэ-
уцуагъэу, адрэ лъэкъо лъэныкъори чIым тезыгъэуцуа-
гъэу слъэгъугъагъэм ыIэ джабгъу уашъом къыдиIэтэягъ.
6 Тхьэу егъашIэм щыIэу, уашъохэмрэ уашъохэм ащыIэ
пстэумрэ, чIымрэ чIым тет пстэумрэ, хымрэ хым хэс пстэум-
рэ къэзыгъэхъугъэм ыцIэкIэ а мэлэIичым тхьарыIо ышIи,
мырэущтэу ыIуагъ:
–Уахътэу бэп къэнэжьыгъэр. 7 Ау яблэнэрэ мэлэIичыр
ибжъэмыешхо къызепщэщт мафэхэм Тхьэм ежьым фэла-
жьэрэ пегъымбархэм къызэраригъэIугъэм фэдэу, игу-
хэлъ шъэф ыгъэцэкIэщт.
8 Уашъом къикIэу зэхэсхыгъэгъэ макъэр джыри зэ къэ-
гущыIэу къысиIуагъ:
–КIуи, мэлэIичэу зылъэкъо лъэныкъо хым хэзыгъэу-
цуагъэу, адрэ лъэкъо лъэныкъори чIым тезыгъэуцуагъэм
ыIыгъырэ тхылъ цIыкIоу зэгохыгъэр къыIых.
9 Арэущтэу мэлэIичым ыдэжь сыкIуи есIуагъ:
–А тхылъ цIыкIур къысэт.
–Ма, къыосэты, шхы,– къысиIуагъ ащ. –УныбэкIэ
дыджыщт, ау ужэкIэ шъоум фэдэу IэшIоу хъущт.
10 Тхылъ цIыкIур мэлэIичым къыIысхи, сшхыгъэ. Сы-
жэкIэ шъоум фэдэу IашIоу щытыгъ, ау зэсэшхым, сы-
ныбэ дыджы щыхъугъ. 11 ЕтIанэ мырэущтэу къысиIуагъ:

–Хэгъэгу Iаджыхэми, лъэпкъ Iаджыхэми, бзэ Iаджыхэми, пачъыхьэ Iаджыхэми яхьылIагъэу Тхьэм ежь игущыIэхэу угу къырилъхьагъэхэу, къэхъущт Iофхэм яхьылIагъэхэр цIыфхэм ябгъэIунхэ фае.

## ЯПШIЫКIУЗЭНЭРЭШЪХЬ

### ШыхьатитIур

ЕтIанэ мэлэIич горэм шапхъэм фэдэу къамыл бэщ къы-
ситыгъ. «КIуи, Тхьэм иунэшхорэ къурмэншIыпIэмрэ къэ-
ши, ащ дэжьым Тхьэр щызыгъэлъапIэхэрэр зыфэдизыр
къызэгъашI», къысиIуагъ. [2]«Ау Тхьэм иунэшхо ыкIыб
щыт щагур къэпшынэу упымылъ, сыда пIомэ Тхьэм а
щагур хымэ лъэпкъхэм къафигъэнагъ. Ахэмэ мэзэ тIо-
кIитIурэ тIурэм* къэлэ лъапIэр* лъэгукIэ аутэщт.
[3]Сэ сишыхьатитIу лъэкIыныгъэ ястыщт, ахэми шъыгъо
щыгъынхэр ащыгъхэу, мэфэ минрэ шъитIурэ тIокIищырэ
Тхьэм ежь игущыIэхэу агухэм къарилъхьэхэу, къэхъущт
Iофхэм яхьылIагъэхэр агъэIущтых».
[4]Мы шыхьатитIур чIылъэм и Зиусхьан ыпашъхьэ ит
зейтун чъыгитIумрэ* остыгъэ тетыпIитIумрэ ары. [5]Зыго-
рэм иягъэ а шыхьатитIум аригъэкIынэу фаемэ, ахэмэ ажэ
машIо къыдэкIызэ, япыйхэр егъэкIодых. Ахэмэ зиягъэ
языгъэкIынэу фаер джары зэрэлIэн фаер. [6]А шыхьати-
тIум уашъор агъэпытэжьынэу тетыгъо яI, Тхьэм ахэмэ
агухэм къарилъхьэрэ гущыIэхэр къызыщагъэIурэ мафэ-
хэм къыщемыщхынэу. Псыр лъы агъэхъунэу псыхэми
тетыгъо афыряI, чIылъэм сыд щыщырэ къиныр рагъэ-
щэчынэуи сыдигъо фаехэми тетыгъо яI.
[7]Ахэмэ яшыхьатныгъэ заухыкIэ, чIылъэм икуупIэу чIэ
зимыIэм къычIэкIырэ хьакIэ–къокIэжъыр* ахэмэ къа-

---

11:2 мэзэ тIокIитIурэ тIурэ – ар мэфэ 1260–рэ е илъэсищрэ ныкъорэ мэхъу. А зэманым шIошъхъуныгъэ зиIэхэм гугъушхо ащэчызэ, Тхьэр зымышIэхэрэм ахэмэ къин арагъэщэчыщт.

11:2 къэлэ лъапIэр – Ерусалим ары.

11:4 зейтун чъыгыр – «маслинэ» ары.

11:7 чIылъэм икуупIэу чIэ зимыIэм къычIэкIырэ хьакIэ–къокIэжъыр – еплъ 13:1–7.

тебэнэнышъ, къатекIонышъ, къыукIыщтых. [8] Ахэмэ
яхьадэхэр къэлэшхоу цIыфхэм ти Зиусхьан къащым зы-
щытыраIулIагъэм иурам телъыщтых. А къэлэшхом* Со-
дом* е Мысыр раIо, нэмыкI мэхьанэ къырагъэкIызэ.
[9] Хэгъэгу пстэуми, унэгъо лъэпкъ пстэуми, бзэ пстэуми,
лъэпкъ пстэуми ащыщхэу цIыфыбэ мэфищырэ ныкъо-
рэм а хьадэхэм яплъыщтых, ау чIалъхьажьынхэу адэ-
щтэп. [10] Дунаем тетхэр итIур зэрэлIагъэхэм пае, гушIо-
щтых ыкIи тхъэжьыщтых. Тынхэр зэфарагъэхьыщтых,
сыда пIомэ а пегъымбэритIумэ дунаем тет цIыфхэм къин
арагъэщэчыщтыгъэх.

[11] Ау мэфищырэ ныкъорэм ыужым Тхьэм ахэмэ щыIэ-
ныгъэм ыпсэ къахилъхьажьи, тIури алъакъохэм къате-
уцожьыгъэх. Ахэр зылъэгъугъэ пстэури щынэгъошхом
хэфагъэх. [12] ЕтIанэ а пегъымбэритIум* уашъом къиIукIы-
рэ макъэ горэм къариIоу зэхахыгъ: «Мо шъукъыдэ-
кIуай», ыIоу. Япыйхэр яплъызэ, ошъуапщэм хэтхэу, ахэр
уашъом дэкIоягъэх.

[13] А сыхьат дэдэм чIылъэр лъэшэу къэсысыгъ, къалэм
ызыпшIани зэхэтэкъуагъ. Арэущтэу чIылъэр зэсысым,
цIыф минибл лIагъэх. МыкIодхэу къэнэжьыгъэхэри щы-
нэгъошхом хэфагъэх, уашъом щыIэ Тхьэм щытхъушхуи
фашIыгъ.

[14] Арэущтэу ятIонэрэ сыхьатмыгъор блэкIыгъ. Ящэнэрэ
сыхьатмыгъори къэкIонкIэ бэп иIэжьыр.

### Яблэнэрэ бжъэмыешхор

[15] ЕтIанэ яблэнэрэ мэлэIичыр ибжъэмыешхо къепщагъ.
Джащыгъум мэкъэшхохэр уашъом къиIукIыхэзэ къа-
Iуагъ:

«Ти Зиусхьанрэ ежьым и Христосрэ
мы дунаем тетыгъошхо фыряIэ хъугъэ.
Тхьэр ары егъашIэм тетыгъошхор зиIэщтыр».

[16] Тхьэмэтэ нахьыжъхэу нэбгырэ тIокIырэ плIырэу
Тхьэм ыпашъхьэ ятIысыпIэхэм атесхэм абгъэгукIэ зы-
радзыхи, Тхьэр агъэлъапIэзэ, мырэущтэу аIуагъ:

---

11:8 къэлэшхор – Ерусалим ары.

11:8 Содом – еплъ Пегъымбар Исайас тхылъэу ытхыгъэм 1:10.

11:12 а пегъымбэритIур – шыхьатитIур ары. Еплъ 11:3.

17 «О лъэкIыныгъэшхо зэкIэ зиIэ Зиусхьан Тхьэу, щыIагъэу,
джыри щыIэм щытхъушхо пфэтэшIы,
сыда пIомэ уилъэкIыныгъэшхо къэпштагъэу,
тетыгъошхо зэрэуиIэр къэбгъэнэфагъ.
18 Хымэ лъэпкъхэр губжыгъэх; о уигубжи къэлъэгъуагъ.
Джы лIагъэхэм хьыкум затепшIыхьащт уахътэр къэсыгъ.
О къыпфэлажьэрэ пегъымбархэми, уицIыф лъапIэхэми,
уищынагъо зыгу илъ цIыфхэм, цIыкIуми инми,
яфэшъошэ Iэхьыгшыр зябгъэгъотыщт уахътэри къэсыгъ.
ЧIылъэр зыгъэкIодырэ цIыфхэр о зыбгъэкIодыщт уахътэри къэсыгъ».
19 Ащ нэужым Тхьэм иунэшхоу уашъом щыIэр зэIухыгъэ хъугъэ, Тхьэм ежьыррэ цIыфхэмрэ азыфагу дилъхьэгъэ зэзэгъыныгъэр къэзыушыхьатырэ пхъуантэри* къэлъэгъуагъ. ЕтIанэ пчыкIэхэр* къэлъэгъуагъэх, мэкъэшхохэри, шыблэм игъогъо мэкъэшхохэри къэIугъэх, чIылъэри къэсысыгъ, ошъушхохэри къехыгъэх.

## ЯПШIЫКIУТIОНЭРЭШЪХЬ

### Бзылъфыгъэмрэ блэгъожъымрэ

ЕтIанэ уашъом нэшэнэ гъэшIэгъонышхо горэ къыщылъэгъуагъ: бзылъфыгъэ горэу тыгъэр шъуашэу зыщыгъэу, зылъакъохэр мазэм тетхэу, зышъхьэ телъ танджым жъогъо пшIыкIутIур тетэу къэлъэгъуагъ. 2 Бзылъфыгъэр лъэрмыхьэу щытыгъ ыкIи сабый къыфэхъу зэхъум, къинышхо хэфагъэти, куощтыгъ. 3 ЕтIанэ нэмыкI нэшэнэ гъэшIэгъон горэ уашъом къыщылъэгъуагъ: блэгъожъ ин плъыжьэу, шъхьибл зыпытэу, бжъэкъуипшIыри зыте-

11:19 зэзэгъыныгъэр къэзыгъэлъагъорэ пхъуантэр – а пхъуантэр Тхьэм иунэшхо чIэт Унэ КIоцIэу анахь ЛъапIэм чIэтыгъ. Еплъ Пачъыхьэхэм якъэбархэр зэрыт апэрэ тхылъым (3–я Царств) 8:1–6.

11:19 пчыкIэ – шыблэм инэфынэ ары.

тыр къэлъэгъуагъ. Шъхьэ пэпчъ зы тандж телъыгъ.
[4] ЫкIэкIэ жъуагъохэм азыщанэ уашъом къыщырилъэ-
шъуажьи, чIылъэм къыридзыхыгъэх. Блэгъожъыри
бзылъфыгъэу сабый къызфэхъущтым ыпашъхьэ къи-
уцуагъ, сабыир къызэрэхъоу ыдырыным пае. [5] Зы кIэлэ-
хъу къыфэхъугъ. Ащ дунаем тет лъэпкъ пстэури гъучI
бэщкIэ ыгъэIорышIэнэу щытыгъ. А сабыир Тхьэмрэ
Тхьэм итIысыпIэ лъапIэрэ адэжь даIэтэягъ. [6] Бзылъфы-
гъэм кIитхъужьи, шъоф нэкIым Тхьэм ащ щыфигъэхьа-
зырыгъэ чIыпIэм кIуагъэ. Ащ мэфэ минрэ шъи-
тIурэ тIокIищырэ щагъэшхэщт.

[7] Уашъом зао щыхъугъ. Михаилрэ* ащ имэлэIичхэмрэ
блъэгъожъым езэуагъэх, блэгъожъыри ащ имэлэIичхэри
ахэмэ къязэожьыгъэх. [8] Блэгъожъыр Михаил пырикъу-
гъэп, уашъомкIи блэгъожъымрэ имэлэIичхэмрэ чIыпIэ
къафэнэжьыгъэп. [9] Блэгъожъ иныр чIылъэм къырадзы-
хыгъ – иблысэу ыкIи шэйтанэу зыфаIорэ блэжъэу ду-
наем тет цIыф пстэури дэзыхьыхырэр ары. Ари ащ имэ-
лэIичхэри чIылъэм къырадзыхыгъэх.

[10] ЕтIанэ уашъом мэкъэшхо горэ къиIукIи, мырэущтэу
къыIоу зэхэсхыгъ:

«Джы тымыкIодэу ти Тхьэ тыкъигъэнэжьыгъ.
Джы ти Тхьэ илъэкIыныгъэшхорэ итетыгъошхо-
рэ къэлъэгъуагъэх,
Тхьэм и Христос ыкIочIэшхуи къэлъэгъуагъ.
Сыда пIомэ тшыхэр зыгъэмысэу,
Тхьэм ыпашъхьэ чэщи мафи ахэр щызыгъэмысэрэр
чIылъэм къырадзыхыгъ.
[11] Тшыхэр Шъынэм лъэу кIэкIыгъэмкIи,
Тхьэм игущыIэхэм шыхьат зэрафэхъугъэхэмкIи,
шэйтаным текIуагъэх.
Ахэр лIэныгъэм игъунэгъу хъугъэхэми,
ежьхэм апсэхэм ашъхьасыгъэхэп.
[12] Арышъ, шъо, уашъохэри,
шъо, уашъохэм ащыпсэухэрэри, шъугушIу!
Ау шъо, чIыри хыри, сыхьатмыгъо шъуежьагъэх,
сыда пIомэ иблысыр къышъуфехыгъ.
Губжыныгъэшхо ыгу илъ,
сыда пIомэ ежь къыфэнэжьырэ уахътэр
зэрэмакIэр ешIэшъ ары».

12:7 Михаил – апэрэ мэлэIичхэм ащыщ.

13 Блэгъожъым ежь чIылъэм къызэрэрадзыхыгъэр зе-
лъэгъум, кIэлэхъур къызфэхъугъэ бзылъфыгъэм ыуж
ихьагъ. 14 Бгъэшхом ытэмитIу бзылъфыгъэм къыраты-
гъэх, блэжъым ыпашъхьэ икIыжьынышъ, Тхьэм шъоф
нэкIым щыфигъэхьазырыгъэ чIыпIэм быбыным пае. Ащ
илъэсищырэ ныкъорэм* а бзылъфыгъэр щагъэшхэщт.
15 Ащ дэжьым бзылъфыгъэр псым ригъэхьыным пае,
псыхъом фэдэу блэжъым ыжэ псыр къыдиутхыгъ. 16 Ау
чIыр бзылъфыгъэм дэIэпыIи, ыжэ зэIуихи, блэгъожъым
ыжэ къыдиутхыгъэ псыхъор ришъугъ. 17 Джащыгъум блэ-
гъожъыр бзылъфыгъэм лъэшэу фэгубжи, бзылъфыгъэм
къытехъукIыгъэ нэмыкI бынхэу иIэхэм язэонэу кIуагъэ,
Тхьэм иунашъохэр зыгъэцакIэхэрэри Исус Христос шыхьат
фэхъухэрэри ары.

## ЯПШIЫКIУЩЭНЭРЭШЪХЬ

### ХьакIэ–къокIэжъитIур

ХыIушъом сыIутэу, хьакIэ–къокIэжъ горэ хым къыхэ-
кIэу слъэгъугъэ. Шъхьибл пытыгъ, бжъэкъуипшIи те-
тыгъ. Ыбжъакъохэми танджипшI ателъыгъ. Ышъхьэхэ-
ми Тхьэм зэрехъонхэрэ цIэхэр ателъыгъэх. 2 ХьакIэ–къо-
кIэжъэу слъэгъугъэр хьашыумышэм* фэдагъ, ау ылъа-
къохэр мышъэ лъакъохэм афэдагъэх, ыжи аслъаным
ыжэ фэдагъ. Блэгъожъым ежь илъэкIыныгъэ, итIысы-
пIэ, итетыгъошхо хьакIэ–къокIэжъым ритыгъэх. 3 Хьа-
кIэ–къокIэжъым ышъхьэхэм язым ежьыр зыгъэлIэн уIа-
гъэм фэдэу иIагъ, ау а уIагъэр хъужьыгъагъэ. ЧIы-
лъэм тет цIыф пстэуми а хьакIэ–къокIэжъыр агъэшIа-
гъоу лъыкIощтыгъэх. ЦIыфхэм блэгъожъыр агъэлъэ-
пIагъ, ащ хьакIэ–къокIэжъым тетыгъо зэрэритыгъэм пае.
4 ХьакIэ–къокIэжъыри агъэлъапIэзэ аIуагъ: «ХьакIэ–къо-
кIэжъым хэта фэдэр? Хэта езэон зылъэкIыщтыр?»

---

12:14 илъэсищырэ ныкъорэ – мэфэ 1260–рэ мэхъу. Еплъ 12:6.

13:2 хьашыумышэ – урысыбзэкIэ «барс», тыркубзэкIи «парс», арапыбзэкIи «фахьэд» ары.

[5] ХьакІэ–къокІэжъым гущыІэ пагэхэр къыІонхэуи,
Тхьэм ехъонынэуи фит хъугъэ, мэзэ тІокІитІурэ тІурэ*
тетыгъо иІэнэуи фит хъугъэ. [6] Тхьэми, Тхьэм ыцІи,
чІыпІэу Тхьэр зыдэщыІэми, уашъом щыІэ пстэуми яхъо-
нынэу ыжэ зэІуихыгъ. [7] Тхьэм ицІыф лъапІэхэми язэонэу
ыкІи атекІонэу фит хъугъэ. Унэгъо лъэпкъ пстэуми, хэ-
гъэгу пстэуми, бзэ пстэуми, лъэпкъ пстэуми тетыгъо
афыриІэнэу фит хъугъэ. [8] Тхьэм дунаер къызигъэхъугъэм
щегъэжьагъэу цІыфхэу зыцІэхэр шІобзыгъэ Шъынэм
итхылъ итхэу, мыкІодыжьын щыІэныгъэ зыгъотыщт
пстэуми анэмыкІэу дунаем тет цІыф пстэуми хьакІэ–къо-
кІэжъыр агъэлъэпІэщт.

[9] ТхьакІумэ зиІэм зэхерэх.

[10] ЦІыфхэр хьапсым чІэзыдзэрэр хьапсыми чІа-
дзэщт.

СэшхокІэ зыукІырэри сэшхокІэ аукІыжьыщт.

Арышъ, Тхьэм ицІыф лъапІэхэмэ теубытэныгъэрэ
шъыпкъагъэрэ ярэІ.

[11] ЕтІанэ нэмыкІ хьакІэ–къокІэжъ горэ чІы чІэгъым
къычІэкІэу слъэгъугъэ. Шъынэм ыбжъакъохэм афэдэу
бжъэкъуитІу тетыгъ, ау блэгъожъым фэдэу къэгущы-
Іагъ. [12] Мы ятІонэрэ хьакІэ–къокІэжъым апэрэ хьакІэ–
къокІэжъым итетыгъо зэкІэ иІэу, ащ ыпашъхьэ Іоф
щишІагъ, чІылъэми чІылъэм тет цІыфхэми зэкІэ апэрэ
хьакІэ–къокІэжъэу зиуІагъэ хъужьыгъагъэр аригъэгъэ-
лъэпІагъ. [13] ЯтІонэрэ хьакІэ–къокІэжъым нэшэнэ гъэ-
шІэгъонышхохэри къыгъэлъэгъуагъэх. ЦІыфмэ апа-
шъхьэ уашъом къикІэу машІо чІылъэм къыщыригъэ-
хыгъ. [14] Апэрэ хьакІэ–къокІэжъым ыпашъхьэ нэшэнэ
гъэшІэгъонышхохэр къыгъэлъэгъонхэу ятІонэрэ хьа-
кІэ–къокІэжъыр фит зэрэхъугъэм пае, дунаем тет цІыф-
хэр дихьыхыгъэх. Апэрэ хьакІэ–къокІэжъэу сэшхо уІа-
гъэ зытелъэу, ау щытми псэугъэр агъэлъэпІэным пае,
ятІонэрэ хьакІэ–къокІэжъым дунаем тет цІыфхэм шъо
теплъэ фаригъэшІыгъ. [15] Апэрэ хьакІэ–къокІэжъым
ышъо теплъэ псэ хилъхьанэу ятІонэрэ хьакІэ–къокІэ-
жъыр фит хъугъэ. Арэущтэу а шъо теплъэр къэгущы-
Іагъ, ежь зыгъэлъэпІэнэу зымыдэхэрэри аукІынхэу а
шъо теплъэм унашъо ышІыгъ. [16] ЯтІонэрэ хьакІэ–къо-
кІэжъым цІыф пстэуми, цІыкІуми инми, байми тхьамы-

---

13:5 мэзэ тІокІитІурэ тІурэ – еплъ 11:2.

кIэми, шъхьафитми пщылIми аIэ джабгъухэм е анатIэхэм тамыгъэ атраригъэдзагъ. [17] А тамыгъэр темыдзагъэмэ, зыми ыщэнэу ыкIи къыщэфынэу фитыгъэп. А тамыгъэм хьакIэ–къокIэжъым ыцIэ е ыцIэ ипчъагъэ итыгъ.

[18] ЦIыфмэ зэхэшIыкIыныгъэ ярэI. Iушыныгъэ зиIэм хьакIэ–къокIэжъым ипчъагъэ ерэлъыт, сыда пIомэ зы цIыфым ипчъагъэ* джары. А пчъагъэр шъихырэ тIокIищырэ хырэ мэхъу.

## ЯПШIЫКIУПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

### Нэбгырэ минишъэрэ тIокIитIурэ плIырэм орэдэу къаIорэр

ЕтIанэ сызэплъэм, Сион Iуашъхьэм* Шъынэр тетэу слъэгъугъэ. Шъынэм ыцIэрэ ащ Ятэ ыцIэрэ зынатIэ тетхагъэхэу нэбгырэ минишъэрэ тIокIитIурэ плIырэ игъусагъэх. [2] ЕтIанэ псышхо къиугъабэмэ амэкъэшхорэ шыблэ гъогъошхом ымэкъэшхорэ афэдэу макъэ горэ уашъом къиIукIэу зэхэсхыгъэ. Мэкъэшхоу зэхэсхыгъэр шыкIэпщынэ еуакIохэм яорэдмакъэ фэдагъ. [3] ТIысыпIэ лъапIэм, псэушъхьиплIым, тхьамэтэ нахьыжъхэм апашъхьэ орэдыкIэ къыщаIуагъ. Нэбгырэ минишъэрэ тIокIитIурэ плIырэм анэмыкIэу а орэдыр зыми зэригъэшIэн ылъэкIыгъэп. Мы дунаем ицIыфхэм ащыщхэу ахэр ары Шъынэм зышъхьэ къыщэфыжьыгъэхэр. [4] Мыхэр ары бзылъфыгъэхэмкIэ зызымыгъэушIоигъэхэр, сыда пIомэ ахэр къэзымыщагъэ–дэмыкIуагъэхэм афэдэх. Шъынэр тыдэ кIоми, лъэкIох. Мыхэр ары апэрэхэу, Шъынэм цIыфхэм къахищыхи, зышъхьэхэр къыщэфыжьыгъэхэу, Тхьэмрэ ежьыррэ апае ыгъэнэфагъэхэр. [5] Ахэмэ ажэ пцIы зыхэлъ гущыIэ зи къыдэкIыгъэп. Лажьэ зи яIэп.

---

13:18 цIыфым ипчъагъэ – урымыбзэмкIи (иунаныбзэмкIи) джуртыбзэмкIи пчъагъэхэр хьарыфхэмкIэ (буквэхэмкIэ) атхых. ДжуртыбзэкIи урымыбзэкIи цIэхэр щыIэх, яхьарыфхэм къарыкIырэ пчъагъэхэр зэхэбгъахъохэмэ, шъихырэ тIокIищырэ хырэ зэхъухэрэр.

14:1 Сион Iуашъхьэр – Ерусалим ары.

### МэлэIичищым къэбархэу къаIохэрэр

6 Ащ нэужым нэмыкI мэлэIич горэ ошъогум щыбыбэу
слъэгъугъэ. Дунаем тет цIыф пстэуми, лъэпкъ пстэуми,
унэгъо лъэпкъ пстэуми, бзэ пстэуми, хэгъэгу пстэуми
аригъэIунэу Тхьэм икъэбарышIоу мыкIодыжьыщтыр а
мэлэIичым къыхьыгъ. 7 МэкъэшхокIэ къыIуагъ:

–Тхьэм шъуещыщын, щытхъушхуи фэшъушI, сыда пIомэ Тхьэм цIыф пстэуми хьыкум затыришIыхьащт сыхьатыр къэсыгъ. Уашъори, чIыри, хыри, псыхэм япсынэхэри къэзыгъэхъугъэр жъугъэлъапIэ.

8 А мэлэIичым нэмыкI мэлэIич кIэлъыкIуи къыIуагъ:

–Къэлэшхор зэхакъутагъ. Къэлэшхоу Вавилон* зэхакъутагъ. А къэлэшхом ихъопсэныгъэ Iаехэмрэ изинэрэ ясэнэпскIэ лъэпкъ пстэури ыгъэутэшъуагъэх.

9 Ящэнэрэ мэлэIич горэ а мэлэIичитIумэ акIэлъыкIуи,
мэкъэшхокIэ мырэущтэу къыIуагъ:

–ЦIыф горэм хьакIэ–къокIэжъымрэ ащ ышъо те-
плъэмрэ ыгъэлъапIэхэу, хьакIэ–къокIэжъым итамыгъэ
ынатIэ, е ыIэ тедзагъэу щытмэ, 10 ари Тхьэм игубж исэ-
нэпс дыджы ешъощт. А сэнэпсэу псы зыхэмытыр Тхьэм
игубж ишъуалъэ хьазырэу ит. МэлэIич лъапIэхэмрэ
Шъынэмрэ апашъхьэ машIомрэ тхъомзашхъомрэ ахэтэу
а цIыфым къинышхо ыщэчыщт. 11 Къинышхо языгъэ-
щэчырэ машIом иIугъо егъашIэм къыпихэу, уашъом дэ-
кIоещт. ЦIыфхэу хьакIэ–къокIэжъри ащ ышъо теплъи
зыгъэлъапIэхэрэм чэщи мафи гъэпсэфыгъо агъотыщтэп.
Ащ фэдэу, хэти хьакIэ–къокIэжъым ыцIэ зэрыт тамыгъэ
зытедзагъэм чэщи мафи гъэпсэфыгъо ыгъотыщтэп.

12 Арышъ, Тхьэм ицIыф лъапIэхэу ежьым иунашъохэр зыгъэцакIэхэу, Исуси шъыпкъагъэ фызиIэхэм теубытэныгъэ ярэI.

13 ЕтIанэ макъэ горэм мырэущтэу къыIоу уашъом къи-
IукIэу зэхэсхыгъ:

–Тхы: Джы щегъэжьагъэу Зиусхьаныр зыгу илъхэу лIэхэрэр сыхьатмафэ ежьагъэх.

–Ар шъыпкъэ,– еIо Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ. –ЯIоф аухыгъэу загъэпсэфыщт, сыда пIомэ яшIушIагъэхэр агъотыжьыщтых.

---

14:8 къэлэшхоу Вавилон – Рим къэлэшхор ары къыригъэкIырэр.

### Хыныгъор къэсыгъэу, мэлэӀичхэм лэжьыгъэр къызэрахырэр

[14] ЕтӀанэ сызэплъэм, ошъопщэ фыжь слъэгъугъэ.
Ошъуапщэм хэсэу «ЦӀыф Лъэпкъым Ыкъо» фэдэу, зыгорэ слъэгъугъэ. Ышъхьэ дышъэм хэшӀыкӀыгъэ тандж телъыгъ, ыӀэкӀи гъупчъэ чан горэ ыӀыгъыгъ.
[15] ЕтӀанэ нэмыкӀ мэлэӀич горэ Тхьэм иунэшхо къычӀэкӀи, ошъуапщэм хэсым мэкъэшхокӀэ риӀуагъ: «Гъупчъэр штэри, хы, сыда пӀомэ чӀылъэм илэжьыгъэ къэхъугъ, хыныгъори къэсыгъ».
[16] ЕтӀанэ ошъуапщэм хэсым игъупчъэкӀэ чӀылъэм щыхи, чӀылъэм илэжьыгъэ ыугъоижьыгъ.
[17] НэмыкӀ мэлэӀич горэ Тхьэм иунэшхоу уашъом щыӀэм къычӀэкӀыгъ. Ащи гъупчъэ чан горэ ыӀэкӀэ ыӀыгъыгъ.
[18] ЕтӀанэ нэмыкӀ мэлэӀичэу машӀом тетыгъо фызиӀагъэр къурмэншӀыпӀэм къыӀукӀи, гъупчъэ чанэр зыӀыгъырэм мэкъэшхокӀэ риӀуагъ: «ЧӀылъэм исэнэ къулэхэм апыт сэнашъхьэхэр къэхъугъэшъ, уигъупчъэ чан штэри, къыпыупкӀых».
[19] ЕтӀанэ мэлэӀичым игъупчъэкӀэ чӀылъэм щыӀэ сэнашъхьэхэр къыпиупкӀыхи, Тхьэм игубж исэнэ фызэлъэшхо ритэкъуагъэх.
[20] Къэлэшхом ыкӀыб щыӀэ сэнэ фызалъэм сэнашъхэхэр щафызыгъэх. Шыхэм яшхоӀумэ анэсэу, стадие* минрэ шъихырэ икӀыхьагъэу сэнэ фызалъэм лъы къыдэкӀыгъ.

## ЯПШӀЫКӀУТФЭНЭРЭШЪХЬ

### МэлэӀичхэм аужырэ къиныгъохэр къызэрахьыхэрэр

Ащ нэужым нэмыкӀ нэшанэ ин ыкӀи гъэшӀэгъон уашъом щыслъэгъугъ: мэлэӀичиблымэ аужырэ къиныгъоиблыр къахьыхэу слъэгъугъэ. АхэмкӀэ Тхьэм игубж ухыгъэ мэхъу.
[2] ЕтӀанэ зэхэкӀухьэгъэ машӀомрэ апчымрэ ахэшӀыкӀыгъэу, хым итеплъэ иӀэу зыгорэ слъэгъугъэ. ХьакӀэ–къокӀэжъым, ащ ышъо теплъэм, ащ ыцӀэ ипчъагъэм* атекӀогъэгъэ цӀыфхэр апчым хэшӀыкӀыгъэ хым Ӏутыгъэх. Тхьэм аритыгъэ шыкӀэпщынэхэр аӀыгъхэу

14:20 стадие – метер 192–рэ мэхъу.

15:2 ыцӀэ ипчъагъэ – еплъ 13:18.

ежъыухэзэ, [3] пегъымбар Мусэу Тхьэм фэлажьэрэмрэ Шъынэмрэ яорэд* къаIощтыгъ.

«О лъэкIыныгъэшхор зэкIэ зиIэ Зиусхьанэу Тхьэр,
Iофхэу бгъэцакIэхэрэр Iофышхох ыкIи Iоф
гъэшIэгъоных.
Уигъогухэри гъогу зафэх ыкIи гъогу шъыпкъэх,
о цIыф лъапIэхэм уряпачъыхь.
[4] О Зиусхьан, къыпщымыщынэрэ цIыфи,
щытхъушхо къыпфэзымышIырэ цIыфи зи щыIэп.
Сыда пIомэ лъэпIэ закъоу щыIэр оры.
ШъыпкъагъэкIэ хьыкум зэрэпшIырэр нафэ зэрэхъугъэм пае,
лъэпкъ пстэури уапашъхьэ ихьанхэшъ, уагъэлъэпIэщт».

[5] ЕтIанэ сызэплъэм, Тхьэм иунэшхоу шыхьатныгъэм
ичэтэнгъэIагъэ Iухыгъэу уашъом щыслъэгъугъ. [6] Мэлэ-
Iичхэу къинышхуиблыр къэзыхьыхэрэр Тхьэм иунэшхо
къычIэкIыгъэх. Щыгъын фыжьыбзэхэр лыдхэу ащыгъы-
гъэх, дышъэм хэшIыкIыгъэ бгъэрылъхэри абгъэхэм ары-
лъыгъэх. [7] ЕтIанэ Iэгубжъиблэу дышъэм хэшIыкIыгъэ-
хэу, Тхьэу егъашIэм щыIэщтым игубж зэрытхэр псэушъ-
хьиплIымэ язырэм мэлэIичиблымэ аритыгъэх. [8] Тхьэм
ищытхъушхорэ илъэкIыныгъэшхорэ яIугъо Тхьэм иунэ-
шхо чIизы хъугъэ. МэлэIичиблымэ къахьырэ къинышхуи-
блыр еухыфэ, цIыф Тхьэм иунэшхо чIэхьан ылъэкIыгъэп.

## ЯПШIЫКIУХЭНЭРЭШЪХЬ

### Iэгубжъэхэу Тхьэм игубж зэрытхэр

ЕтIанэ мэкъэшхо горэ Тхьэм иунэшхо къычIэIукIэу
мэлэIичиблым къариIоу зэхэсхыгъ: «ШъукIуи, Тхьэм игу-
бжэу Iэгубжъиблым арытыр чIылъэм тешъукI».
[2] Апэрэ мэлэIичыр кIуи, иIэгубжъэ итыр чIылъэм ты-
рикIагъ. Джащыгъум хьакIэ–къокIэжъым итамыгъэ

15:3 пегъымбар Мусэу Тхьэм фэлажьэрэмрэ Шъынэмрэ яорэд – еплъ Пегъэмбар Мусэ ятIонэрэ тхылъэу ытхыгъэм 15:1–18.

зынатӀэ тедзэгъэ цӀыфхэу ащ ышъо теплъэ зыгъэлъа-
пӀэхэрэм гущыкӀыгъохэу щын зыхэлъ уӀагъэхэр ателъ
хъугъэ.
[3] ЯтӀонэрэ мэлэӀичыми иӀэгубжъэ итыр хым хикӀагъ.
Ащ дэжьым хыр цӀыф лӀагъэм ылъ фэдэу хъуи, хым
хэсхэу, псэ пыт пстэури лӀагъэ.
[4] Ящэнэрэ мэлэӀичыми иӀэгубжъэ итыр псыхъохэмрэ
псынэхэмрэ ахикӀагъ. Ахэри лъы хъугъэх. [5] ЕтӀанэ псыхэм
тетыгъо афызиӀэ мэлэӀичым мырэущтэу къы-
Ӏоу зэхэсхыгъ:

«О Зиусхьанэу щыӀагъэу ыкӀи щыӀэр,
о узаф ыкӀи улъапӀ
арэущтэу хьыкумхэр зэрэпшӀыгъэхэм пае,
[6] сыда пӀомэ цӀыф бзаджэхэм
уицӀыф лъапӀэхэмрэ уипегъымбархэмрэ алъ
зэрагъэчъагъэм пае, лъы ебгъэшъуагъэх.
Ар ахэмэ яфэшъуаш».

[7] ЕтӀанэ къурмэншӀыпӀэм къиӀукӀэу макъэ горэм къы-
Ӏоу зэхэсхыгъэ:

«Ары, о, лъэкыныгъэшхор зэкӀэ зиӀэ Зиусхьанэу
Тхьэр,
цӀыфхэм хьыкум зэратепшӀыхьэрэр шъыпкъэ ыкӀи
зафэ».

[8] ЯплӀэнэрэ мэлэӀичыми иӀэгубжъэ итыр тыгъэм тыри-
кӀагъ. Тыгъэми машӀокӀэ цӀыфхэр ыгъэстынхэу фит хъу-
гъэ. [9] Арэущтэу зэхъум, тыгъэм цӀыфхэр фэбэгъэшхокӀэ
ыгъэстыгъэх. Ахэр мы къинышхомэ тетыгъо афызиӀэ
Тхьэм ыцӀэ ехъоныгъэх, япсэкӀодшӀагъэхэм афыкӀэмы-
гъожьыгъэхэу, Тхьэм щытхъу фашӀынэуи адагъэп.
[10] ЕтӀанэ ятфэнэрэ мэлэӀичым иӀэгубжъэ итыр хьа-
кӀэ-къокӀэжъым итӀысыпӀэ тырикӀагъ. Джащыгъум хьа-
кӀэ-къокӀэжъым итетыгъо ыӀэчӀэгъ чӀэт цӀыфхэм шӀун-
кӀыгъэ къатехьагъ. Узышхо зэряӀэм пае, цӀыфхэр абзэ-
гухэм яцэкъэжьыщтыгъэх. [11] Къинэу ащэчыгъэхэмрэ уӀа-
гъэхэу ателъыгъэхэмрэ апае уашъом щыӀэ Тхьэм ехъо-
ныгъэх, яӀофхэми афыкӀэгъожьыгъэхэп.
[12] ЕтӀанэ яхэнэрэ мэлэӀичым иӀэгубжъэ итыр Евфрат
псыхъошхом* хикӀагъ. Джащыгъум тыгъэ къыкъокӀыпӀэм-
кӀэ къикӀырэ пачъыхьэхэм гъогу аритынэу псыхъошхор

---

16:12 Евфрат псыхъошхор – еплъ 9:14.

гъугъэ. [13] Ащ нэужым блэгъожъым ыжэ, хьакIэ-къокIэжъым ыжэ, пегъымбар нэпцIым ыжэ хьантIаркъохэм афэдэхэу джынэпцIищ Iае къажэдэкIэу слъэгъугъэ. [14] Мыхэр нэшэнэ гъэшIэгъоныпхохэр къэзыгъэлъагъорэ джынапцIэх. ЛъэкIыныгъэшхор зэкIэ зиIэ Тхьэм имэфэшхо зэонхэу, тыдэкIи дунаем ипачъыхьэхэм адэжь кIохэзэ, аугъоих.

[15] (Исус еIо:) «Мары, амышIахэу тыгъуакIом фэдэу сыкъэкIощт. ЦIыфхэм алъэгъоу, пцIанэу ыкIи укIытэжьэу къымыкIухьаным пае, мычъыеу ыкIи сакъэу зищыгъынхэр зыухъумэрэр сыхьатмафэ ежьагъ».

[16] ЕтIанэ джуртыбзэкIэ Армагеддон* зыцIэ чIыпIэм а джынапцIэхэм пачъыхьэхэр щаугъоигъэх.

[17] ЕтIанэ яблэнэрэ мэлэIичым иIэгубжъэ итыр жьыбгъэм хикIагъ. Джащыгъум Тхьэм иунэшхо чIэт тIысыпIэ лъапIэм мэкъэшхо горэ къиIукIи къыIуагъ: «Iофыр ухыгъэ». [18] ЕтIанэ пчыкIэхэр къэлъэгъуагъэх, шыблэ гъогъо мэкъэшхохэри къэIугъэх, чIылъэри лъэшэу къэсысыгъ. ЦIыфхэр дунаем къызытехьагъэхэм щегъэжьагъэу чIылъэр ащ фэдэу егъашIэми сысыгъэп. [19] Арэущтэу къэлэшхор щэу зэхэкIыгъ, хымэ лъэпкъхэм якъалэхэри зэхэкъутагъэх. Тхьэм къэлэшхоу Вавилон* ицIыфхэр ыгу римыгъэкIыжьхэу ежь ишъуалъэ ит сэнэпсым ригъэшъуагъэх, Тхьэм игубжышхо исэнэпс дыдж ары зэригъэшъуагъэхэр. [20] Хыгъэхъунэ* пстэури кIодыгъэх, Iуашъхьэхэри агъотыжьыгъэхэп. [21] Ошъу цэшхохэр уашъом къехыхи, цIыфмэ къатефагъэх. Зы ошъу цэр килэ шъэныкъо фэдиз ионтэгъугъэу щытыгъ. ОшъухэмцIыфмэ къин зэрарагъэщэчыгъэм пае, цIыфхэр Тхьэм ехъоныгъэх, сыда пIомэ а къиныр бэу къинышхуагъ.

---

16:16 Армагеддон – ащ къикIырэр «Мегиддо къалэм иIуашъхь» ыIоу ары. А Iуашъхьэр Израил хэгъэгум итемыр ит. А чIыпIэм Израил цIыфхэр пыйхэм бэрэ щязаощтыгъэх. Еплъ Пачъыхьэхэм якъэбархэр зэрыт ятIонэрэ тхылъым (4-я Царств) 23:29-30.

16:19 къэлэшхоу Вавилон – еплъ 14:8.

16:20 хыгъэхъунэ – чIыгу гъушъэу псы гузэгум итыр ары.

# ЯПШIЫКIУБЛЭНЭРЭШЪХЬ

## ХьакIэ–къокIэжъым тес бзылъфыгъэр

ЕтIанэ Iэгубжъиблыр зыIыгъырэ мэлэIичиблым язырэр къакIуи, мырэущтэу къысиIуагъ:

–Мо къакIо, Тхьэм бзылъфыгъэ хэтэкIошхоу* псыбэмэ аIутым къинэу тырилъхьащтыр озгъэлъэгъущт.
2 Дунаем ипачъыхьэхэм а бзылъфыгъэм зинэ дашIагъ, ащ
изинэ исэнэпсыкIэ чIылъэм тет цIыфхэри утэшъуагъэх.

3 Ащ нэужым Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ къысфехи, мэлэIичым шъоф нэкIым сищагъ. Ащ дэжьым хьакIэ–къокIэжъ плъыжь чIапцIэм тесэу бзылъфыгъэ горэ щыслъэгъугъ. А хьакIэ–къокIэжъым Тхьэм зэрехъонырэ цIэхэр бэу темыфэжьхэу телъыгъэх, шъхьибли пытыгъ, бжъэкъуипшIи тетыгъ.
4 Бзылъфыгъэм щыгъынхэу щыгъыгъэхэр плъыжьыбзэуи плъыжь чIапцIэуи щытыгъэх. ДышъэмкIи, мыжъо лъапIэхэмкIи, налмэс–налкъутэхэмкIи зигъэкIэрэкIагъэу щытыгъ. ГущыкIыгъохэмрэ изинэ шIоигъэрэ изхэу, дышъэм хэшIыкIыгъэу шъуалъэ горэ ыIыгъыгъ.
5 ЫнатIи цIэ горэ тетхагъ:

Мыр шъэфы.

Мыр Вавилонышхоу бзылъфыгъэ хэтэкIо пстэухэмрэ

чIылъэм игущыкIыгъохэмрэ ян.

6 А бзылъфыгъэр Тхьэм ицIыф лъапIэхэмрэ Исус шыхьат фэхъугъэхэмрэ алъыкIэ утэшъуагъэу слъэгъугъэ.

А бзылъфыгъэр зысэлъэгъум, лъэшэу згъэшIэгъуагъэ.
7 Джащыгъум мэлэIичым мырэущтэу къысиIуагъ:

–Сыда зыкIэбгъэшIагъорэр? Бзылъфыгъэмрэ ар зытес хьакIэ–къокIэжъэу шъхьибл зыпытэу, бжъэкъуипшIи зытетымрэ къарыкIырэр къыосIон.
8 ХьакIэ–къокIэжъэу плъэгъугъэр щыIагъ, ау джы щыIэжьэп. ЧIылъэм икуупIэу чIэ зимыIэм къычIэкIыщт* икIодыпIэ кIоным пае. Дунаем тет цIыфхэу Тхьэм дунаер къызигъэхъугъэм къыщегъэжьагъэу мыкIодыжьын щыIэныгъэ зыгъотыщтхэм ацIэхэр зэрыт тхылъым чIылъэм тет

---

17:1 бзылъфыгъэ хэтэкIошхор – Рим къэлэшхор ары къыригъэкIырэр.

17:8 хьакIэ–къокIэжъыр . . . чIылъэм икуупIэу чIэ зимыIэм къычIэкIыщт – еплъ 11:7.

цIыфхэу зыщIэхэр имытхэм а хьакIэ–къокIэжъыр залъэгъукIэ, агъэшIэгъощт, сыда пIомэ хьакIэ–къокIэжъыр щыIагъ, джы щыIэжьэп, ау къэлъэгъожьыщт.

9 –ЗэхэшIыкIыныгъэ зиIэ акъыл цIыфмэ ярэI. А шъхьиблымэ къарыкIырэр бзылъфыгъэр зытес Iошъхьиблыр
ары. 10 Ащ нэмыкIэу а шъхьиблымэ къарыкIырэр пачъыхьиблыр ары. А пачъыхьэхэм ащыщхэу тфыр къефэхыгъэх, зыр щыI, зыри джыри къэкIуагъэгоп. Ари къызыкIокIэ, тIэкIурэ тетыгъо иIэщт.
11 ХьакIэ–къокIэжъэу щыIагъэу, джы щымыIэжьым къикIырэр яенэрэ пачъыхьэр ары. Ар пачъыхьиблымэ ащыщ, икIодыпIи мэкIожьы.

12 –БжъэкъуипшIэу плъэгъугъэхэм къарыкIырэр джыри тетыгъо зымыгъотыгъэ пачъыхьипшIыр ары. Ахэр хьакIэ–къокIэжъым игъусэхэу зы сыхьат закъокIэ пачъыхьэ тетыгъо агъотыщт.
13 Ахэмэ ягухэлъ зы, ялъэкIыныгъи ятетыгъуи хьакIэ–къокIэжъым ратыщт.
14 Ахэр Шъынэм къезэощтых, ау Шъынэр ахэмэ атекIощт, сыда пIомэ ар зиусхьанхэм я Зиусхьаныжь, пачъыхьэхэми я Пачъыхьэжь. Ежьыр къызэджагъэ цIыфхэу, къыхихыгъэхэу, ежьым фэшъыпкъэхэр игъусэщтых.

15 ЕтIанэ мэлэIичым мырэущтэу къысиIуагъ:

–Бзылъфыгъэ хэтакIор зыдэщыIэрэ псыбэу плъэгъугъэхэм къарыкIырэр цIыф купышхохэри, хэгъэгухэри, лъэпкъхэри, бзэхэри ары.
16 Плъэгъугъэ хьакIэ–къокIэжъымрэ бжъэкъуипшIымрэ бзылъфыгъэ хэтакIор аумыджэгъущт. Ащ иIэ пстэури тырахынхэшъ, пцIанэу къагъэнэщт. Ыпкъи ашхыщт, къэнагъэри машIокIэ агъэстыщт.
17 Сыда пIомэ Тхьэм игухэлъ агъэцэкIэнэу агухэм къарилъхьагъ. Арэущтэу Тхьэм игущыIэхэр къэшъыпкъэжьыфэ, ахэмэ ягухэлъ зы зэдашIэу ятетыгъо хьакIэ–къокIэжъым ратыщт.
18 Бзылъфыгъэу плъэгъугъэм къикIырэр къэлэшхоу дунаем ипачъыхьэхэм тетыгъо афызиIэр ары.

# ЯПШІЫКІОЕНЭРЭШЪХЬ

## Тхьэм Вавилон къэлэшхор зэрэззэхикъутэрэр

Ащ нэужым нэмыкІ мэлэІич горэ уашъом къехэу слъэ-
гъугъэ. Тетыгъошхо иІагъ, нэфынэшхоу къэзыуцухьа-
гъэми дунаер къыгъэнэфыгъ. 2 ЛъэкІыныгъэ зиІэ макъэ-
кІэ мырэущтэу къыІуагъ:
«Къэлэшхор зэхакъутагъ.
Къэлэшхоу Вавилон зэхакъутагъ.
Джынэхэм яунэ хъугъэ,
сыд щыщырэ джынэпцІэ Іаехэми,
гущыкІыгъо бзыу шІойхэми япсэупІэу хъугъэ,
сыда пІомэ а къэлэшхом ихъопсэныгъэ Іаехэмрэ
изинэрэ
ясэнэпскІэ лъэпкъ пстэури ыгъэутэшъуагъэх.
3 Дунаем ипачъыхьэхэми а къэлэшхом зинэ да-
шІагъ.
А къэлэшхор мы дунаем имылъкухэмкІэ нэйпсеу
зэрэщытыгъэм пае,
дунаем ищэн–щэфакІохэр баи хъугъэх».
4 ЕтІанэ уашъом къиІукІэу нэмыкІ макъэ горэм мырэу-
щтэу къыІоу зэхэсхыгъэ:
«Шъо сицІыфхэр, а къэлэшхом ипсэкІодхэмкІэ
Іахьэ шъуимыІэным паий,
къинышхоу ыщэчыщтхэр шъумыщэчынхэм паий,
а къалэм шъукъыдэкІ,
5 сыда пІомэ а къалэм ипсэкІодхэр
зэтелъхьагъэхэу уашъом нэсыгъэх,
бзэджагъэу ышІагъэхэри Тхьэм ыгу икІыжьыщт-
хэп.
6 А къалэр шъо къызэрэжъудэзекІуагъэм фэдэу,
шъори ащ шъудэзекІожь.
Ащ бзэджагъэу ышІагъэхэр фэдитІоу ешъушІэжь.
Сэнэпсэу шъуишъуалъэ къышъуфыригъэхъуа-
гъэм идыджыгъэ
фэдитІоу сэнэпс дыдж ишъуалъэ фижъугъэхъожь.
7 Щытхъушхорэ баиныгъэшхорэ ежь зэрэзыфигъэ-
шъошагъэм фэдэу,
къин щэчыныгъэрэ гукъаорэ ежъугъэгъотыжь.
Сыда пІомэ ыгукІэ мырэущтэу еІо:

’Сэ сыпачъыхьэ бзылъфыгъэу мыщ дэжьым сыщыс.
Сэ шъузабэу сыщытэп, шъыгъоныгъи ныбжьи
слъэгъущтэп’.
8 Ащ пае зы мафэкIэ къинышхохэм ахэфэщт:
лIэныгъи, шъыгъоныгъи, гъабли.
МашIомкIи стыжьыщт,
сыда пIомэ Зиусхьан Тхьэу
а къалэм хьыкум тезышIыхьэрэм лъэкIыныгъэ-
шхо иI».
9 Дунаем ипачъыхьэхэу зинэ дэзышIагъэхэу, ибаиныгъэ-
шхокIэ дэпсэухэрэм а къэлэшхор зыгъэстырэ машIом
иIугъо залъэгъукIэ, гъыщтых ыкIи пыхьащтых. 10 А къэ-
лэшхом къинышхоу ыщэчырэм пае, а пачъыхьэхэр щы-
нагъом хэфэщтых, чыжьэу щытхэу, мырэущтэу къаIощт:
«О Вавилон къэлэшхоу, лъэкIыныгъэ зиIэр,
сыхьатмыгъо уежьагъ, сыхьатмыгъо уежьагъ,
сыда пIомэ зы сыхьаткIэ уифэшъуашэ уагъэ-
пщыныжьыгъ».
11 А къэшхор Тхьэм зэрэзэхикъутагъэм пае, дунаем
ищэн–щэфакIохэр гъыщтых ыкIи шъыгъощтых, сыда
пIомэ ахэмэ ащэхэрэр зыми ыщэфыжьхэрэп. 12 Ядышъи,
ятыжьыни, ямыжъо лъапIэхэри, яналмэс–налкъутэхэри
зыми ыщэфыжьхэрэп; чэтэнхэри, шэкI плъыжьыбзэхэри,
шэкI плъыжь чIапцIэхэри, данэхэри зыми ыщэфыжьхэ-
рэп; мэ IэшIу зыпихырэ пхъэхэри, яIэшIагъэхэу пыл
къупшъхьэм, пхъэ лъапIэм, гъуаплъэм гъучIым, мрамэ-
рым ахашIыкIыгъэхэри зыми ыщэфыжьхэрэп; 13 мэ IэшIу-
зыпихырэ уцхэу синамон, смирнэ, ладан зыщIэхэри, мэ
IэшIу зыпихырэ дагъэри, сэнэпсри, зейтун дагъэри,* хьа-
джьыгъэ дэгъури, коцыри зыми ыщэфыжьхэрэп; былым-
хэри, мэлхэри, шыхэри, кухэри зыми ыщэфыжьхэрэп;
пщылIхэри зыми ыщэфыжьхэрэп.
14 ЕтIанэ щэн–щэфакIохэм а къэлэшхом мырэущтэу
раIощт: «Пхъэшъхьэ–мышъхьэхэу узыкIэхъопсыгъэхэр
о пшIокIодыгъэх. Уимылъкушхорэ уищытхъушхорэ зэ-
кIэ пшIокIодыгъэх, ныбжьи бгъотыжьыщтхэп». 15 Щэн-
щэфакIохэу ахэр къэлэшхом щащэхэзэ, баи хъугъэхэр,
къэлэшхом икъинышхоу ыщэчырэм пае, щынагъом хэ-
фагъэхэу, чыжьэу щытыщтых. Гъыхэзэ, шъыгъохэзэ,
мырэущтэу аIощт:

---

18:13 зейтун дагъэр – оливэ дагъэр ары.

16 «О къэлэшхор, бзылъфыгъэм уфэдэу,
чэтэныр, шэкI плъыжьыбзэр,
шэкI плъыжьэ чIапцIэр пщыгъыхэу,
дышъэкIэ, мыжъо лъапIэхэкIэ,
ыкIи налмас–налкъутэхэмкIэ зыбгъэкIэрэкIагъ,
сыхьатмыгъо уежьагъ, сыхьатмыгъо уежьагъ.
17 Сыда пIомэ а мылъкушхор зэкIэ зы сыхьаткIэ а
къалэм шIокIодыгъ».

Къухьэхэм ятхьамэтэ пстэухэри, къухьэмкIэ зекIорэ
пстэухэри, къухьэмэ ащылажьэрэ пстэухэри чыжьэу щыты-
щтых. 18 А къэлэшхор зыстырэ машIом иIугъо залъэ-
гъукIэ аIощт: «А къэлэшхом фэдэ къэлэшхо зи щыIа-
гъэп». 19 Гъыхэзэ, шъыгъохэзэ ягукъао пае, ашъхьэхэм
сапэ атыратэкъощт ыкIи куощтых:

«О къэлэшхор, сыхьатмыгъо уежьагъ, сыхьатмыгъо
уежьагъ.
О уимылъкукIэ хым къухьэ щызиIэ пстэури баи
хъугъэх.
Зы сыхьаткIэ зэкIэ пшIокIодыгъ.
20 А къэлэшхор Тхьэм зэрэзэхикъутагъэм пае,
шъо уашъори, апостолхэри, пегъымбархэри,
Тхьэм ицIыф лъапIэхэри шъугушIу,
сыда пIомэ бзэджагъэу къышъуишIагъэр
Тхьэм а къалэм ригъэпщыныжьыгъ».

21 ЕтIанэ кIуачIэ зиIэ мэлэIич горэм шъхьал мыжъом
фэдэу, мыжъошхо горэ къыIэти, хым хидзи, мырэущтэу
ыIуагъ:

«Вавилон къэлэшхор ащ фэдэ кIочIэшхокIэ
къырадзыхыщт,
ныбжьи агъотыжьыщтэп.
22 ШыкIэпщынэм, къамылым, бжъэмыем
амакъэхэри,
орэд макъэхэри а къэлэшхом щызэхахыжьыщтхэп.
Сыд щыщырэ IэшIагъэ зиIэри а къэлэшхом щы-
лэжьэжьыщтэп.
Шъхьал мыжъо макъэри а къэлэшхом щызэхахы-
жьыщтэп.
23 Остыгъэ нэфыни а къэлэшхом щыблэжьыщтэп.
Шъаомрэ нысэмрэ амакъэхэри ащ щызэхахыжьы-
щтэп.
А къэлэшхом ищэн–щэфакIохэр
мы дунаем ицIыф инхэм ащыщыгъэх.

Иушхъухьаныгъэ лъэпкъ пстэури ыгъэгъуащэщтыгъ.
[24] Пегъымбархэм алъ,
Тхьэм ицІыф лъапІэхэм алъ,
цІыфхэм чІылъэм щаукІыгъэ цІыф пстэуми алъ
а къэлэшхом щагъотыгъ».

## ЯПШІЫКІУБГЪОНЭРЭШЪХЬ

Ащ нэужым уашъом щыІэ купышхо горэм ымэкъэшхо фэдэ мэкъэшхо горэм къыІоу зэхэсхыгъ:
«Аллилуя! Тхьэр ары тымыкІодэу тыкъэзыгъэнэжьырэр.
Щытхъушхори лъэкІыныгъэшхори ежьым ий.
[2] ЦІыфхэм хьыкум зэратришІыхьарэр шъыпкъэ ыкІи зафэ,
сыда пІомэ бзылъфыгъэ хэтэкІошхоу зизинэ шІэнымкІэ
дунаер зыгъэкІодыщтыгъэр ащ ыгъэмысагъ.
Тхьэм ежьым фэлажьэрэ цІыфхэм алъэу
а бзылъфыгъэ хэтэкІошхом ыгъэчъагъэр ригъэпщыныжьыгъ».
[3] Джыри зэ а купышхор къэджагъ:
«Аллилуя! А къэлэшхор зыстырэ машІом иІугъо
егъашІэм къыпихэу уашъом дэкІоещт».
[4] ЕтІанэ тхьамэтэ нахьыжъхэу тІокІырэ плІырэмрэ
псэушъхьиплІымрэ чІым зырадзыхи, тІысыпІэ лъапІэм
тес Тхьэр агъэлъапІэзэ аІуагъ:
«Амин,* Аллилуя!»
[5] Джащыгъум тІысыпІэ лъапІэм къиІукІэу макъэ горэм
къыІуагъ:
«Шъо Тхьэм фэлэжьэрэ цІыф пстэуми,
шъо Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм,
цІыкІуми инми, ти Тхьэ щытхъушхо фэшъушІ!»
[6] ЕтІанэ цІыф купышхом ымэкъэшхо псышхо къиугъа-
бэмэ амэкъэшхо, шыблэм игъогъэ мэкъэшхомэ афэдэ

---

19:4 Амин – джуртыбзэм щыщ гущыІэу «Арэущтэу орэхъу» къызэрыкІырэр ары.

мэкъэшхохэм мырэущтэу къаIоу зэхэсхыгъ:

«Аллиуя! ЛъэкIыныгъэшхор зэкIэ зиIэу,
ти Зиусхьанэу Тхьэм тетыгъошхо зэриIэр къыгъэнэфагъ.
7 ТыжъугъэгушIу ыкIи тыжъугъэтхъэжь,
шытхъушхуи фэтэжъугъэшI.
Сыда пIомэ Шъынэм икъэщэгъу къэсыгъ,
шъхьэгъусэу хъущт пшъашъэм зигъэхьазырыгъ.
8 Чэтэн лыдэу ыкIи къабзэу зыщилъэнэу
мэлэIич горэм Шъынэм шъхьэгъусэу хъущт пшъашъэм ритыгъ».

(Чэтэным къикIырэр Тхьэм ицIыф лъапIэхэм яшъыпкъагъ ары).

9 ЕтIанэ мэлэIичым къысиIуагъ:

–Мыхэр тхых: «Шъынэм инысащэ къыригъэблэгъагъэхэр сыхьатмафэ ежьагъэх». ЕтIани къысиIуагъ:

–Мыхэр Тхьэм игущыIэ шъыпкъэх.

10 Джащыгъум згъэлъэпIэнэу мэлэIичым ылъакъохэм адэжь зесыдзыхыгъ. Ау ащ къысиIуагъ:

–Арэущтэу умышIы. Оррэ пшыхэу Исус шыхьат фэхъухэрэмрэ сышъуигъусэу сэри Тхьэм сыфэлажьэ. Тхьэр ары бгъэлъэпIэн фаер. Сыда пIомэ Тхьэм игущыIэхэр пегъымбармэ агухэм къарилъхьэхи, къызфаригъэIуагъэхэр Исус ехьылIэгъэ къэбарышIур къаIотэныр ары.

## Шы фыжьым тесыгъэр

11 ЕтIанэ уашъор зэIухыгъэу слъэгъугъэ. Сызэплъэм,
шы фыжь горэ къэлъэгъуагъ. Шым тесым «Шъыпкъагъэ
зиIэ цIыфэу узщыгугъышъунэу щытымкIэ» еджэхэу раIо.
Шъыпкъагъэхэр хьыкум ешIы ыкIи мэзао. 12 Ынэхэри мэ-
шIотхъуабзэм фэдагъэх. Ышъхьи пачъыхьэ тандж Iа-
джи телъыгъэх. Ежь нэмыкI зыми ымышIэу цIэ горэ
ынатIэ тетхагъэу щытыгъ. 13 Лъым хэгъэуагъэу джэнэ
кIыхьэ щыгъыгъ. Ащ ыцIэр: Тхьэм и ГущыI. 14 Шы фы-
жьхэм атесхэу, чэтэн фыжь къабзэхэмкIэ фэпагъэхэу
уашъом идзэхэр ащ лъыкIощтыгъэх. 15 Лъэпкъхэм зэря-
ощт сэшхо ч҄ан ыжэ къыдэкIэу щытыгъ. Лъэпкъхэр
гъучI бэщкIэ ыгъэIорышIэщтых. ЛъэкIыныгъэшхор
зэкIэ зиIэ Тхьэм игубжышхо исэнэ фызалъэм сэнашъхьэ-
хэр рифызэщтых. 16 Пачъыхьэхэм я Пачъыхьэжь, зиус-

хьанхэми я Зиусхьаныжь зыфаIорэ цIэр ишъошэ кIыхьи
ыкохэми атетхагъэу щытыгъ.
17 ЕтIанэ тыгъэм хэтэу зы мэлэIич горэ слъэгъугъэ.
Ошъогум щыбыбырэ бзыу пстэуми мэкъэшхокIэ мырэу-
щтэу ариIуагъ: «Тхьэм иешхэ-ешъошхо пае шъузэрэ-
угъоий, шъукъеблагъ, 18 пачъыхьэхэм ал, дзэ пэщэ-
шхохэм ал, лъэкIыныгъэ зиIэ цIыфхэм ал, шыхэм ал,
шыухэм ал, шъхьафитми, пщылIми, цIыкIуми, инми, цIыф
пстэуми ал шъушхыным пае».
19 ЕтIанэ хьакIэ-къокIэжъыр,* дунаем ипачъыхьэхэр
ядзэхэр слъэгъугъэх. Ахэр шым тесымрэ идзэмрэ язэон
хэу зэрэугъоигъэх. 20 Ау шым тесымрэ идзэрэ хьакIэ-
къокIэжъыри пегъымбар нэпцIэу* ащ ыпашъхьэ нэшэнэ
гъэшIэгъонхэр щызыгъэлъэгъогъагъэри аубытыгъэх. А
нэшанэхэмкIэ хьакIэ-къокIэжъым цIыфхэу ежь итамы-
гъэ зытедзагъэхэу, ышъо теплъи зыгъэлъапIэхэрэр ди-
хьыхыгъагъэх. Шым тесымрэ идзэрэ хьакIэ-къокIэжъри
пегъымбар нэпцIри заубытыхэ ужым, а тIури псаухэу
тхъомзашхъом имашIокIэ стырэ хым* хадзагъэх. 21 Къэ-
нагъэхэри шым тесым ежьым ыжэ къыдэкIырэ сэшхомкIэ
ыукIыгъэх, бзыухэми зэкIэ ахэмэ алкIэ загъэшхэкIыгъ.

## ЯТIОКIЭНЭРЭШЪХЬ

### Илъэс минхэр

ЕтIанэ уашъом къехэу мэлэIич горэ слъэгъугъэ. ЧIы-
лъэм икуупIэу чIэ зимыIэм* иIункIыбзи блэрыпс ин гори
ыIыгъыгъэх. 2 Блэгъожъыр, а блэжъэу иблыскIэ е шэй-
танкIэ заджэхэрэр ыубыти, илъэс минкIэ рипхыгъ. 3 ЧIы-
лъэм икуупIэу чIэ зимыIэм чIидзи, ыгъэпытэжьи, мы-

---

19:19 хьакIэ-къокIэжъыр – апэрэ хьакIэ-къокIэжъэу хым къыхэкIы-
гъэр ары. Еплъ 13:1–10.

19:20 пегъымбар нэпцIыр – ятIонэрэ хьакIэ-къокIэжъэу чIы чIэгъым
къычIэкIыгъэр ары. Еплъ 13:11–15.

19:20 машIокIэ стырэ хыр – джэхьнэмыр ары. Еплъ 14:10; 20:10.

20:1 чIылъэм икуупIэу чIэ зимыIэр – джынапцIэхэм яхьапс ары.

хъури тыридзагъ, илъэс миныр текIыфэ, лъэпкъхэр
ымыгъэпцIэнхэм пае. А илъэс миным ыуж охътэ макIэкIэ
шъхьафитныгъэ иIэнэу атIупщыжьын фае.
[4] ЕтIанэ тхьэмэтэ тIысыпIэхэри, а тIысыпIэхэм атес
цIыфхэу адрей цIыфхэм хьыкум атезышIыхьанхэу Тхьэм
тетыгъо зэритыгъэхэри слъэгъугъэх. Исус шыхьат зэрэ-
фэхъугъэхэм ыкIи Тхьэм игущыIэхэр цIыфхэм зэрара-
гъэIугъэхэм пае, зышъхьэ паупкIыгъэхэм апсэхэри слъэ-
гъугъэх. Ахэмэ хьакIэ–къокIэжъымрэ ышъо теплъэ-
рэ агъэлъэпIэгъагъэхэп, анатIэхэми аIэхэми хьакIэ-
къокIэжъым итамыгъэ* атрадзэнэу адэгъагъэп. Ахэр
къэпсэужьхи, Христос игъусэхэу илъэс миным къыкIоцI
тетыгъо яIэ хъугъэ. [5] А илъэс миныр зэтекIыфэ, адрэ
къэнэгъэ лIагъэхэр къэпсэужьыгъэхэп. Мыхэр ары апэрэ-
хэу лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэхэр. [6] Апэрэхэу лIа-
гъэхэм къахэтэджыкIыжьхэрэр лъапIэх ыкIи сыхьатмафэ
ежьагъэх. ЯтIонэрэ лIэныгъэм* иягъэ ахэмэ аригъэкIы-
нэу лъэкIыныгъэ иIэп. Ахэр Тхьэмрэ Христосрэ афэлажьэ-
рэ дин пащэхэу щытыщтых, Христоси игъусэхэу илъэс
миным къыкIоцI тетыгъо яIэщт.

## Шэйтаным зэрэтекIохэрэр

[7] А илъэс миныр зытешIэхэкIэ, шэйтаныр хьапсым къы-
чIатIупщыкIыжьыщт. Ар кIонышъ, чIылъэм ылъэныкъуи-
плI щыIэ лъэпкъхэу Гогрэ Магогрэ* зыфаIохэрэр ыгъэ-
пцIэщтых. Ахэр зэонхэм пае ыугъоищтых. Ахэмэ япчъа-
гъэ хым ипшахъо фэдизыщт. [8] Арэущтэу чIылъэм ишъом-
бгъуагъэ зэлъаубытызэ кIохи, Тхьэм ицIыф лъапIэхэм
яуцупIэу Тхьэм шIу ылъэгъурэ къэлэшхор* къауцухьагъ.
[9] Ау машIор уашъом къехи, ахэр ыгъэкIодыгъэх. [10] Шэй-
танэу ахэр зыгъэпцIагъэр машIорэ тхъомзашхъорэкIэ сты-
рэ хым хадзагъ. А хым хьакIэ–къокIэжъри пегъымбар
нэпцIри хадзэгъагъэх. А хым чэщи мафи егъашIэм къины-
шхор щащэчыщт.

---

20:4 хьакIэ–къокIэжъым итамыгъэ – еплъ 13:16; 14:9.

20:6 ятIонэрэ лIэныгъэр – еплъ 20:14; 21:8.

20:7 Гогрэ Магогрэ – лъэпкъхэу Тхьэм ицIыфхэм язэонхэу зэрэугъои-
гъэхэр ары. Еплъ Пегъымбар Иезекиил тхылъэу ытхыгъэм 38 ыкIи 39.

20:8 Тхьэм шIу ылъэгъурэ къэлэшхор – Ерусалим ары.

### Тхьэм цIыфхэм хьыкум зэратришIыхьэрэр

[11] ЕтIанэ тIысыпIэ лъэпIэ фыжь инымрэ ащ тесымрэ
слъэгъугъэх. ТIысыпIэ лъапIэм тесым ыпашъхьэ чIы-
лъэри уашъори зэдэкIодыгъэх, чIыпIи къафэнэжьыгъэп.
[12] ЦIыф лIагъэхэр, цIыкIуи, ини, тIысыпIэ лъапIэм ыпа-
шъхьэ щытхэу слъэгъугъэх. МэлэIичхэм тхылъ горэхэр
зэгуахыгъэх. НэмыкI тхылъэу мыкIодыжьын щыIэны-
гъэ зыгъотыщтхэм ацIэхэр зэрытыр зэгуахыгъ. ТIысы-
пIэ лъапIэм тесым лIагъэхэм Iофэу ашIагъэхэу а тхьы-
лъхэм арытхэм атетэу хьыкум атыришIыхьагъ. [13] Хым цIыф
лIагъэхэу хэлъыгъэхэр къытыжьыгъэх. ЛIэныгъэми,
лIагъэхэм ядунаий цIыф лIагъэхэу яIагъэхэр къаты-
жьыгъэх, тIысыпIэ лъапIэм тесым хэти ышIагъэхэм
атетэу хьыкум тыришIыхьагъ. [14] ЕтIанэ мэлэIичхэм лIэ-
ныгъэри, лIагъэхэм ядунаий машIокIэ стырэ хым ха-
дзагъэх. А хэу машIокIэ стырэр ятIонэрэ лIэныгъэр ары.
[15] МыкIодыжьын щыIэныгъэ зыгъотыщтхэм ацIэхэр зэ-
рыт тхылъым цIыфхэу зыщIэхэр рамыгъотагъэхэр ма-
шIокIэ стырэ хым хадзагъэх.

## ЯТIОКIЫРЭ ЗЫНЭРЭШЪХЬ

### ОшъуакIэмрэ чIылъакIэмрэ

ЕтIанэ ошъуакIэри чIылъакIэри слъэгъугъэх, сыда
пIомэ, апэрэ уашъори апэрэ чIылъэри щыIэжьыгъэхэп,
хыри щыIэжьыгъэп. [2] Ащ нэужым къэлэшхо лъапIэу Еру-
салимыкIэр, Тхьэм ыдэжь къикIэу, уашъом къехэу слъэ-
гъугъэ. Шъхьэгъусэу хъущт пшъашъэм кIалэм зызэрэ-
фигъэкIэрэкIагъэм фэдэу, зигъэхьазырыгъэу щытыгъ.
[3] ТIысыпIэ лъапIэм къиIукIэу мэкъэшхо горэ мырэущтэу
къыIоу зэхэсхыгъ:

–Мары Тхьэм ипсэупIэ цIыфмэ ахэт, ежьыри ахэсыщт.
Ахэри ылъэпкъэу хъущтых. Ежь Тхьэри ахэмэ ягъусэщт,
я Тхьэуи щытыщт. [4] Ахэмэ анэхэм нэпс пстэури акIилъэ-
кIыкIыжьыщт. ЛIэныгъэри щыIэжьыщтэп, шъыгъонри,
гъынри, узри щыIэжьыщтхэп, сыда пIомэ ыпэрэ Iоф-
хэр щыIэжьхэп.

[5] ЕтIанэ тIысыпIэ лъапIэм тесым къыIуагъ:

–Мары, Iоф пстэури кIэу сэшIыжьых.

–Мыхэр тхых,– къыпигъэхъожьыгъ етIанэ, –сыда пIомэ мыхэр узщыгугъышъун гущыIэ шъыпкъэх.

[6]–Iофыр ухыгъэ,– къысиIуагъ етIанэ. –Алфэрэ Омегэрэ, ублапIэри кIэухыри сэры. ПсыфалIэ лIэрэр щыIэныгъэ къэзытырэ псынэм ипс щыщ уасэ хэмылъэу езгъэшъощт.
[7]ТекIоныгъэр къэзыхьырэм мы пстэури IэхьышIоу къылъысыщт. Сэ ежьым и Тхьэу сыщытыщт, ежьыри сэ скъоу щытыщт.
[8]Ау щынэ къэрабгъэхэм, шIошъхъуныгъэ зимыIэхэм, зызыгъэушIоигъэхэм, цIыф укIакIохэм, зинэ зышIэхэрэм, ушхъухьаныгъэм пылъхэм, тхьэ нэпцI зыгъэлъапIэхэрэм, пцIыусхэм – ахэмэ яIахьэр машIорэ тхъомзашхъорэкIэ стырэ хыр ары. Ар ятIонэрэ лIэныгъэр ары.

**ЕрусалимыкIэр**

[9]Аужырэ къиныпхуиблыр зэрыт Iэгубжъиблыр зыIыгъырэ мэлэIичиблымэ языр къакIуи къысиIуагъ:

–Мо къакIуи, Шъынэм ишъхьагъусэу хъущт пшъашъэр озгъэлъэгъущт.

[10]Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ къысфехыгъэу, мэлэIичым Iошъхьэ лъэгэшхо горэм сыдищэягъ. Тхьэм ыдэжь къикIэу, уашъом къехэу, къэлэшхо лъапIэу Ерусалим сигъэлъэгъугъэ.
[11]А къэлэшхом Тхьэм ищытхъушхо иIагъ. Кристаллым фэдэ къабзэу, яспис зыцIэ мыжъо лъапIэ фыжьым фэдэу лыдыщтыгъ.
[12]Къалэм дэпкъ лъэгэшхоу къэлэпчъэ пшIыкIутIу зыхэтыр иIагъ. Къэлапчъэхэм мэлэIич пшIыкIутIу аIутыгъэх. Къэлапчъэхэм Израил иунэгъо лъэпкъ пшIыкIутIумэ ацIэхэр атетхагъэхэу щытыгъэх.
[13]Тыгъэ къыкъокIыпIэмкIэ къэлэпчъищ, тыгъэ къохьапIэмкIи къэлэпчъищ, къыблэмкIи къэлэпчъищ, темырымкIи къэлэпчъищ хэтыгъэх.
[14]А къалэм идэпкъ лъэпсэ пшIыкIутIу иIагъ. А лъапсэхэм Шъынэм иапостол пшIыкIутIумэ ацIэхэр атетхагъэхэу щытыгъэх.

[15]МэлэIичэу къыздэгущыIагъэм къалэр, къалэм икъэлапчъэхэр, идэпкъ ышынхэм пае, дышъэм хэшIыкIыгъэ бэщ шапхъэ ыIыгъыгъ.
[16]Къалэм икIыхьагъи ишъомбгъуагъи зэфэдизэу щытыгъ. МэлэIичым ибэщкIэ къалэр ышыгъ. Къалэм икIыхьагъэ стадие* минпшIыкIутIум

---

21:16 стадие – метер 192–рэ мэхъу.

фэдизэу щытыгъ. Ишъомбгъуагъи илъэгагъи ащ фэдизэу щытыгъ. [17] МэлэIичым дэпкъыри ышыгъ. ЦIыфмэ зэрашырэм фэдэу, мэлэIичым зешым, дэпкъым ишъомбгъуагъэ IэнтэгъуишъэрэтIокIитIурэ плIырэ хъугъэ. [18] Дэпкъыри яспис мыжъо лъэпIэ фыжьым хэшIыкIыгъагъ. Къалэри апчым икъэбзагъэ фэдэ къэбзагъэ зиIэ дышъэм хэшIыкIыгъагъ. [19] Къалэм идэпкъ лъапсэхэри зэфэшъхьаф мыжъо лъапIэхэмкIэ агъэкIэрэкIагъэхэу щытыгъэх. Апэрэ лъапсэр яспис зыцIэ мыжъо лъэпIэ фыжьым хэшIыкIыгъ; ятIонэрэри сапфир мыжъо шхъуантIэм хэшIыкIыгъ; ящэнэрэри халкидон мыжъо къолэным хэшIыкIыгъ; яплIэнэрэри смарагд мыжъо уцышъуабзэм хэшIыкIыгъ; [20] ятфэнэрэри сардоникс мыжъо къолэн лыдым хэшIыкIыгъ; яхэнэрэри сердолик мыжъо плъыжь хьаплъым* хэшIыкIыгъ; яблэнэрэри хризолиф мыжъо гъожьым хэшIыкIыгъ; яенэрэри вирил мыжъо уцышъуабзэм хэшIыкIыгъ; ябгъонэрэри топаз мыжъо гъожьыбзэм хэшIыкIыгъ; япшIэнэрэри хрисопрас мыжъо уцышъом хэшIыкIыгъ; япшIыкIузэнэрэри гиацинт мыжъо шхъонтIашъом хэшIыкIыгъ; япшIыкIутIонэрэри аметист мыжъо плъыжь чIапцIэм хэшIыкIыгъ. [21] Къэлэпчъэ пшIыкIутIур налмэс–налкъут пшIыкIутIоу щытыгъэх, къэлапчъэ пэпчъ зы налмэс–налкъутэм хэшIыкIыгъ. Къалэм иурам дышъэ къабзэм хэшIыкIыгъ, апч узыпхырыплъырэм фэдэу.

[22] А къэлэ лъапIэм Тхьэм зыщелъэIун унэшхо горэ щыслъэгъугъэп, сыда пIомэ лъэкIыныгъэшхор зэкIэ зиIэ Зиусхьанэу Тхьэмрэ Шъынэмрэ а къалэм зэрэщыIэхэм пае, а къалэм Тхьэм узыщелъэIун унэшхо горэ ищыкIагъэу щытыгъэп. [23] А къалэр агъэнэфынэу тыгъэри мазэри ищыкIагъэхэп, сыда пIомэ Тхьэм ищытхъушхо а къалэр егъэнэфы, Шъынэри а къалэм нэфынэ фэхъу. [24] Лъэпкъхэри ащ инэфынэ щызекIощтых. Дунаем ипачъыхьэхэми ящытхъушхо а къалэм къыдахьыщт. [25] Мафэрэ ащ икъэлапчъэхэр агъэпытэщтхэп, сыда пIомэ ащ чэщ щыхъущтэп. [26] Лъэпкъхэм ящытхъушхорэ ялъытэныгъэшхорэ а къалэм къыдахьыщт. [27] Къэбзэныгъэ зимыIэр а къалэм дэхьащтэп. ЕмыкIу зышIэрэри пцIыусыри зи дэхьащтэп. ЗыцIэхэр Шъынэм итхылъ итхэу, мыкIодыжьын щыIэныгъэ зыгъотыщтхэм анэмыкIэу, цIыф зи а къалэм дэхьащтэп.

---

21:20 хьаплъы – къахьуашъор ары.

# ЯТIОКIЫРЭ ТIУНЭРЭШЪХЬ

ЕтIанэ мэлэIичым щыIэныгъэ къэзытырэ псым ипсыхъоу кристаллым фэдэу къабзэр къысигъэлъэгъугъ. Тхьэмрэ Шъынэмрэ ятIысыпIэ лъапIэ къикIэу, [2]а къалэм иурам гузэгу итэу ар блэкIы. А псыхъом ыбгъуитIукIэ щыIэныгъэ къэзытырэ чъыгхэри Iутых. Илъэсым пшIыкIутIо къыпыкIэу, мазэ къэси зэ къыпэкIэ. А чъыгым ытхьапэхэм лъэпкъхэм яузхэр агъэхъужьых. [3]Тхьэм ынае зыщифэрэ гори а къалэм щыIэщтэп. Тхьэмрэ Шъынэмрэ ятIысыпIэ лъапIэ а къалэм щыIэщт, Тхьэм фэлажьэхэрэми ежьыр агъэлъэпIэщт.
[4]Ахэмэ Тхьэм ынапэ алъэгъущт, ыцIи анатIэ тетхагъэу щытыщт. [5]Чэщ щыIэжьыщтэп. Остыгъэм инэфыни ящыкIэгъэжьыщтэп, тыгъэм инэфынэри ящыкIэгъэжьыщтэп, сыда пIомэ Зиусхьанэу Тхьэм нэфынэ аритыщт. ЕгъашIэми тетыгъо яIэщт.

## Христос бэ темышIэу къэкIожьыщт

[6]ЕтIанэ мэлэIичым мырэущтэу къысиIуагъ:

–Мыхэр узщыгугъышъун гущыIэ шъыпкъэх. Пегъымбар лъапIэхэм я Зиусхьанэу Тхьэм бэ темышIэу къэхъун фэе Iофхэр ежьым фэлажьэхэрэм аригъэлъэгъунхэм пае, имэлэIич къыгъэкIуагъ.

[7]–КъэдаIу,– къеIо Исус, –бэ темышIэу сыкъэкIожьыщт. Тхьэм ыдэжь къикIыгъэхэу, мы тхылъым ит гущыIэхэу къэхъущт Iофхэм яхьылIагъэхэм ядэIурэр сыхьатмафэ ежьагъ.

[8]Сэ сы Иуан, мы Iофхэр зэхэзыхыгъэу ыкIи зылъэгъугъэр сэры. Мы Iофхэр зэхэсхыхэу, зысэлъэгъухэрэ ужым, ахэр сэзыгъэлъэгъугъэ мэлэIичыр згъэлъэпIэнэу ылъакъомэ адэжь зыщесыдзыхыгъ.

[9]–Арэущтэу умышIы,– къысиIуагъ ащ. –Оррэ пшыхэу пегъымбархэмрэ мы тхылъым итхэр зыгъэцакIэрэ цIыф пстэухэмрэ шъуигъусэу сэри Тхьэм сыфэлажьэ. Тхьэр ары бгъэлъэпIэн фаер.

[10]–Тхьэм ыдэжь къикIыгъэхэу, мы тхылъым ит гущыIэхэу къэхъущт Iофхэм яхьылIагъэхэм мыхъур атемыдз,– къыпигъэхъожьыгъ етIанэ, –сыда пIомэ уахътэр къэблэгъагъ. [11]Бзэджагъэ зышIэрэр бзэджэшIэным джыри

пэрэлъ. ШIоигъэм пылъыри джыри пэрэлъ. Шъыпкъа-
гъэр зыгъэцакIэрэри шъыпкъагъэр ыгъэцэкIэным
джыри пэрэлъ. Зыгу къэбзэ цIыфыми ыгу къэбзэ зэпы-
тынэу орэхъу.
12 –КъэдаIу,– къеIо Исус, –бэ темышIэу сыкъэкIо-
жьыщт! Хэти ифэшъошэ Iахьэ къыздэсэхьы, хэти ышIа-
гъэм фэшъуашэри естыжьыщт. 13 Алфэрэ Омегэрэ, апэ-
рэри аужырэри, ублапIэри кIэухыри сэры.
14 –Чъыгэу щыIэныгъэ къэзытырэм* къыпыкIэрэм щыщ
ашхынэуи, къэлапчъэхэмкIэ къалэм дэхьанхэуи фит хъун-
хэм пае, Тхьэм иунашъохэр зыгъэцакIэхэрэр сыхьатмафэ
ежьагъэх. 15 Ау хьэхэри, ушхъухьаныгъэм пылъхэри, зинэ
зышIэхэрэри, цIыф укIакIохэри, тхьэ нэпцIхэр зыгъэлъа-
пIэхэрэри, хэти мышъыпкъагъэр шIу зылъэгъоу ар зыгъэ-
цакIэрэри а къалэм ыкIыб дэтых.
16 –Сэ, Исус, шъуичылыс зэIукIэхэм апае мы Iофхэр
къышъуфиушыхьатынхэу симэлэIич къэзгъэкIуагъ. Па-
чъыхьэ Даутэ иунэгъо лъэпкъ къытехъукIыгъэ бын
лъапIэр сэры. Нэфшъэгъо жъогъо нэфыри сэры.
17 Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэрэ ишъхьэгъусэу хъугъэмрэ аIо:
«КъакIо». Ар зэхэзыхырэми, «КъакIо» ерэIу. Хэтми псы-
фалIэ лIэрэр къэрэкIу. Хэт фаеми, щыIэныгъэ къэзы-
тырэ псым щыщ уасэ хэмылъэу ерэшъу.
18 Тхьэм ыдэжь къикIыгъэхэу, мы тхылъым ит гущы-
Iэхэу къэхъущт Iофхэм яхьылIагъэхэр хэтми зэхэзыхы-
рэр зыфэсакъыжьынэу есэIо. Зы цIыф горэм мы тхы-
лъым ит гущыIэхэм зыгорэ ахилъхьэмэ, Тхьэм мы тхы-
лъым зикъэбар ит къинышхохэр ащ тырилъхьащтых.
19 Тхьэм ыдэжь къикIыгъэхэу, мы тхылъым ит гущыIэхэу
къэхъущт Iофхэм яхьылIагъэхэм зы цIыф горэм зыгорэ
ахихымэ, Тхьэм а цIыфым иIэхьышIу къыIихыщт. Сыда
пIомэ мыкIодыжьын щыIэныгъэ зыгъотыщтхэм ацIэхэр
зэрыт тхылъымкIи, къэлэ лъапIэмкIи, мы тхылъым зи-
къэбар ит IофхэмкIи Тхьэм а цIыфым Iахьэу иIэр къы-
Iихыщт.
20 Мы Iофхэм шыхьатэу афэхъурэм еIо: «Шъыпкъэ, бэ
темышIэу сыкъэкIожьыщт».
Амин. КъэкIожь, Зиусхьан Исус.
21 Ти Зиусхьанэу Исус Христос ынэшIу шъо пстэуми къы-
шъуещерэф. Амин.

---

22:14 Чъыгэу щыIэныгъэ къэзытырэр – еплъ 2:7.